84 Қар 7
К 24

Қайыпбергенов Т.

Қарақалпақ дәстаны: Екинши ҳәм үшинши китап.—Нөкис: Қарақалпақстан, 1989.—704 б.

Қарақалпақстан халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергенов—«Қарақалпақ дәстаны» эпопеясы ушын СССР Мәмлекетлик сыйлығын алыўға миясар болғанлығы көпшиликке мәлим.

«Қарақалпақ дәстаны» эпопеясының екинши китабында «Әй, қарақалпақ, ата мекаңыз қайсы? десе, жуўабыңыз бар ма?» деген сораўға жуўап излеўшилер тәғдиринде дәўирдиң қыян-кестилиги көрсетиледи.

Ал, эпопеяның үшинши китабында болса Хийўа ханларына қарсы халық азатлық гүресиниң Ерназар алакөз баслаған дәўири кеңнен сүўретленген.

Тулепберген Каипбергенов

ДАСТАН О КАРАКАЛПАКАХ

Несчастные

Книга вторая

Непонятные

Книга третья

На каракалпакском языке

Издательство «Каракалпакстан»

Нукус — 1989.

Редакторы *Е. Каримуллаев.*
Художники *К. Нажимов.*
Худ. редакторы *К. Реипназаров.*
Тех. редакторы *З. Аллямуратов.*
Корректоры *П. Мырзабаева, Г. Абдуллаева.*

ИБ 3318

Теріўге берилген ўақты. 10. 1. 89. Басыўға рухсат етилген ўақты 3.03.89. Қағаз форматы 60x90 1/16. Типографиялық қағаз №2. Әдебий гарнитура, кегель 10. Жоқарғы баспа усылында басылды. Көлеми 44,0 баспа табақ, 44,7 есап баспа табақ. Тиражы 3000. Заказы 793. Баҳасы 3 м 20 т.
«Қарақалпақстан» баспасы, 742000. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

ҚҚАССР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша Мәмлекетлик комитетиниң «Правда» газетасының 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси 9.

К $\frac{4702270201-113}{М-357\ (04)-89}$ пр.—89

ISBN 5-8272-0179-0 (кн.2,3)
ISBN 5—8272-0177-4

© «Қарақалпақстан»—1971

© «Қарақалпақстан»—1989.

Бул китабым балалығымда сырлас достым болған атам Әўез улы Ҳәкимге ақлығынан естелик.
Автор.

Екинши китап

БАХЫТСЫЗЛАР

Үлкен үйге не керек болса,
кишкене үйге сол керек

Халық нақылы.

Гилең бахытлы үйлер бир-бирине усайды, ҳәр бир бахытсыз үй өзинше бахытсыз.

Лев Толстой.

I

...1806-жыл. Даңғаралы «Айдос аўылының» падашыларынан бири Доспан күндеги әдетинше таң ала геўгимде шаңлаққа келип, үйреншикли төбешигине ақ таяғын шаныпты да, оған өзиниң гөне қара қалпағын кийгизип, даўысының барынша сүрен салды:

— Малыңды айдааа!!!

Усы демде арт жағынан әллеким тисленe:

— Әстерек, бахытсыз,—деди. Ол жалт бурылды. Усти албадулба, бетлери алқараған еки адамды бир арқан менен қосақлап, қолларын артына қайырып байлап, айдап киятырған атлыны көрди. Жийи-жийи болып туратуғын бул көриниc жаңалық емес еди. Быйыл ғана жигирмаға шығып, мүшесинде өзгерис пайда болғанына, үлкен адамларға усап даўысының иркилгенине қуўанып жүрген падашы олардың қайсысына жақпағанын билгиси келип аң-таңы шықты.

— Малларыңды жыйнай бер, иним,—деди атлы оның ашыўлы нәзеринен сескенип, өзин ақлағысы келгендей.—Булар урылар. Көрингенге аўзына келгенин айтып, күйдирип киятыр.

Доспан «бахытсыз» деген сөзди талай еситип жүрсе де, өзине тийисли еместей түйинетуғын еди. Өкшелерин ат туяғы шаўып баратырған бийтаныс урылардың аўзынан еситкени ушын ба, бул сөз ҳәм ашшы, ҳәм еки жүзли пышақтай тийди, ызасы келип гүбирленди:

«Аўғанның-талғанға күлгени усы шығар...»

Падасын топлап аўылдан шығып баратырғанда да бул сөз

есинен шықпады. Тилине ерк берген урыларға бир нәрсе деп жуўап қайтармағанына пушайман қылып, бармағын тислеў менен артына бурылып еди, олар қамыс қоралар менен ылашықлардың тасасынан көзге шалынбады. Алыстан болса да көрип, бир сөгип маўқын басқысы келди, иркилди. Ол ҳеш қашан аўылдың сыртынан бүйтип қаран, бүйтип сығаланбаған еди, оның көз алдында шоқ жулдыздай елат турды.

Бул аўылдың басқа аўыллардан айырмасы—узақ сапардан болдырған көрўанның суўға жеткен жерде иркилип жүк түсиргени яқлы, мөлдир суўлы «Көк өзектиң» кәнарына бийреже мәканласқанында емес, еле шөкпеген, жабыўлары таза кәрўан басы нарлар киби бийик, бес отаўды айнала қонысласқан бир гүрең елатлығында. Араларынан қырынлаған адам зорға сыярлық қылып тигилген қыйлы-қыйлы рендеги баў-шуўлары көз тартатуғын бес отаўдан тысқары ҳәр жерде қараўылдай қаңқайысқан, жәми отыз-қырыққа жетпейтуғын қара үйлерди есапламағанда, аўыл өңшең ылашықлардан, қамыс қослардан, гөўмис тышқан инлеўлерин еслететуғын жер төлелерден ибарат. Таң атса, үш жүзлеген дүткештен түтин көтериледи. Доспанды булардың ҳешқайсысы қызықтырмады, еки көзи сол бес отаў таманда, олардың ҳәммеси бас бий Айдосқа дәрек. Күншығар шеткиси онбир қанатлы лабыр отаў Айдостың ата мийрасы, ҳәзир «мәсләҳәт үйи» деп аталады, оннан соңғысы мийманхана, ортанғысы жатақхана, төртинши отаў өзинен тете иниси Бегиске, күн батар шеткисин киши иниси Мыржыққа бағышлап тиктирген. Урыларды ҳәм атлыны ол усы отаўлар әтирапынан изледи, өйткени, олар сөзсиз солкәраға айдап апарылады. «Мәсләҳәт үйинен» түтин көтерилмегенине қарап, «Айдос бий еле келмепти» деп шамалады. «Енди, олкәрада ким даў шешеди? Журттың бәри Бегис пенен Мыржықты ағасы Айдос сызған сызықтан кесе атламайды деседи. Бәлким, олар даўды тыңламай қайтарып жиберген шығар. «Ҳә, найсаплар, ҳәм урысыз, ҳәм өткенди қағытасыз. Көрдиңбе, қатал бийдиң жоғын! Болмаса, түнде шыбынға байлаўлы турған жериңе барып «ким бахытсыз?» дер едим?» Ол усылайынша гүбирлениўи менен, узақлап кеткен паданың изинен жуўырды.

Бул сөзге бирининг ирет шамырқанғаны ушын ба, оның абыржыўға түскен кеўли жайлаўға келген соң да жубанбады. «Ҳешкимниң ҳеш нәрсесин бийорын алып көрмесем, я әкем алмаса, неге бахытсыз екенмен? Мендейлер түўе, күни меннен жүз есе жаманлар мыңсан, сонда неге мен бахытсыз боламан? Ғарға «ғақ, ғақ» етип, өз атын айтармыш. Урлық қылған өзлериңиз, бахытсызсызлар!...»

Жазда өзи үйген бир дийгектиң басына минди. Шеңгел тырнаған жилликлеринен сызатланған қанды қолы менен сыпырып жиберип, нададан көз айырмай, әкеси туўралы еситкенлерин ҳәм өз өмир жолын еследи: Әкеси Жақсылық, уллы Маман бийге атқосшы болып ақыры оның қолынан қаза тапқан Аманлық де-

генниң жалғызы. Пүткил ел Сырдәрья бойларынан посып ашлықтан ҳәр адымда адам өлип атырғанда да урлық етпеген, бирақ тирилик ушын сатылған. Ийесинен қашып кетпей, олар өлгенсоң қалған балаларына ғамхорлық етип елге әкелген, сөйтип дәўжүрек, ўатан сүйер атанған бала болған. Айдос аўылын мәканлап қалғанының себеби бар. Уллылығы ел аўзында әпсанаға айналған Маманның изинде жалғыз атқосшысын да келе қылмай өлтиргенине қарама-қарсы, өз дәўиринің оннан артықлығын ҳәм өзининң кисилерге қайырқомлығын көрсетиў мақсетинде жас Айдос бий жетим Жақсылықты атқосшы қылыўды гөзлеген. Хийўа тәрбиясын алған жас бийдиң ойынша атқосшы әри дуўпыяз, әри дана, әри қарыўлы, шығысы да дәстиярлы болыўы керек екен. Оннан бул белгилердиң бәрин бирден таппай, өз руўласы Әлий дегенди атқосшы қылып, Жақсылықтың тек күшинен пайдаланған. Дийқаны қылып жумсаған. Отыздан асқанда көзлери ләкет, бели қуныш бир қызды әперип шаңырақ қылыпты. Соннан Доспан туўылған. Жақсылық әне усынысы ушын-ақ Айдосқа ырза болып, өзин бахытлы санайды.

Доспан жаңа беске шыққанда елге тырыспай жайылып, анасы қазаланды. Әкеси оны бәрҳә жетелеп, азаннан кешке шекем кисининң хызметин қылса да, бир ирет ҳәм бахтына налынған емес. Базда баласы анасын еслеп жыласа, аўылда өлим шықпаған үй жоқлығын, базы үйлердиң босап қалғанын есине салып:

— Қой, қозым, бахытсызлар жылайды, әкеси менен қалған сен бахытлысаң,—дейтуғын еди. Доспан онекиге шыққанда әкеси бас аўырыўға шатылып, еки көзден масыл болып қалды. Ол сонда да налынбады:

— Сен барсаң, бахтым бар, қозым,—деди ҳәм Айдосқа барып баласына падашылық жумыс әперди. Доспан соннан баслап аўылдың бир шетиндеги отызлаған үйдиң малын бағады. Ҳақысына мал ийелери нәўбет пенен әке-балаға өлмес аўқат папақа береди. Олар буннан артық бахытты ойлап та көрген емес. Падашы болғалы да сегиз жыл, ҳешкимге қол жаймай күн көрип киятыр. Әкеси менен қанша сөйлессе де, бахытсызлығына шағынып, бирине-бири жан түршиткен емес. Ал бүгинлиги әллеснткен уры қорлап кетти. «Ой, нәлетий! Бизиң күнимизге жетпей жүрип күледи-ә! Күнлейди журт...» Оның шеңгел тырнаған жиликлери ашып, бир аяғының табаны менен екиншисин алма-гезек ысқылады, бирден қуяштың сәскеликке тирелгенин сезип, мойнындағы дорбашасынан нан сындырып, аўзына бир тислем салды.

«Көк өзек» таманнан жекке атлы пайда болды. Көк мақпалдан камзол кийип, ат үстинде көгершиндей болып отырған бул атлы—қыз еди. Ол кең жаўрынлы падашының туў сыртынан бираз қарап турғаннан кейин қундыз қыстырғышлы қызыл дегелейин басыңқырап кийип, алдына түскен майда бурымларын артына қайырып таслады да, атын әстен айдап келип, өз ойы менен

бәнт жигиттиң көзлерин басты. Доспан ойламаған бул ҳәдийседен ҳаўлығып жығыла жазлап, қәддин тикледи ҳәм ири саўсақлары менен қол үстинен сыйпалап, нәзик сүйриктей бармақлардағы жүзиклеринен қыз қолы екенин сезип, беккем басып қалды:

— Жибермей тур, өзим табаман!

Сөйдеседе ол бир қыздың-ам атын атай алмады. Қыз мырс етип қолын тартты.

Доспан артына айналып, маржан тислери қуяшқа шағылысып күлип турған перидей сулыў менен дийдарласты.

— Мойынла, Доспан, албырадың ба, жоқ па?

Доспан бул қызды таныйтуғын еди, бирақ, оның «падашы» демей, атын айтқаны айрықша қуўантып, ойында не барын умытты, алдында қыз емес, лаплаған қуяш турған яңлы жүзин төмен алды. Сонда да усынша сулыў, көрикли қыз излеп келип, көзин басып ойнағанына өзин бахытлы сезди, жигитликтиң әллеқандай күши мойнын көтертип, көз астынан сығалаўға мәжбүрледи. Қыпша белин қызыл түрме менен бир қысым қылып буўған, айдай жүзли, қаслары қәлем, оқ кирпикли бул сулыў қарақалпақлардан ең биринши хан мәхреми болып ҳәзир бий дәрежесине түскен ғарры Есенгелдиниң қызы Қумар сулыў еди. Доспан оның Мыржық палўан менен ат жарыстырып баратырғанын бир жола көрген.

— Атымды қалай билесең?—деди Доспан тап жигит алдындағы қыздай уялып.

Қумардың жаўдыр ала көзлери күлимлеп, уялшақ жигитке сүйеў қыла сөйледи:

— Сендей жигитти билмеўге бола ма? Баяғыда Мыржық пенен өтип баратырып сени усы диңгекте көрип, «аты ким?» деп сорағанман. Доспан, айтшы, берекет тап, бүгин бул жағадан Мыржық өтпедиме?

— Көре алмадым.

— Кешир мени, Доспан, болама? Набада оны көрсең, мениң келгенимди туйдырма, болама? Мә, мынаны шайпулы қыларсаң. —Ол Доспанға бир гүмис теңге услатты да, бурымларын қайтадан желкесине қайырып атын бурды.

Доспан түс көрген секилленип, өмиринше алақанына тиймеген гүмис теңгеге бир, қыздың жаўырнын жапқан майда тал киби қара бурымларына бир қараўы менен лал болып турғанында қапталынан биреў:

— Ҳәй, ағаш, анаў албаслы ким?—деди.

Доспан Айдос бийдиң даўысын танып, албырағанынан диңгектен секирип-ақ түсти. Айдос қыздың изинен қарап турып сөйленди:

— Көрикли нәрсе екен. Әттең, сулыў қатын байының маңлайына шыққан шүйел. Ҳәй, неге жуўап бермейсең, ким өзи?

Доспан өтирик дәлил табалмай ким екенин айтып қойды.

— Алжыған ғарры! Улы турып қызын атқа миндирип қойғанына қара.

Айдос өзиниң бийорын сөйлеп падашы алдында әззилигин көрсеткенине пәнтленгендей, қамшысын атының саўрысына шырп еттирип бирден жүрип кетти.

Доспан енди гә оның, гә қамыслыққа әллеқашан сиңип кеткен қыздың изинен алма-гезек қарап, бир гезде теңгесин еследи. Жоқ! Диңгекти ғыр-гөбелек айланып, талай шөптиң түбин түртти. Таппай зер-зебили шығып, кетип баратырғанда ғана, маладай аяғының бармақлары арасында жалтыраған теңгени көрип, қуўанғанынан «Неге бахытсызбан?»—деди өзинен-өзи.—Пүткил қарақалпақтың бас бийи менен тиллессем, оның туўысқан иниси, аты пүткил қарақалпаққа даңғара Мыржық палўанның қалыңлығы Қумар сулыў көзимди басып ойнаса, неге бахытсызбан? Жоқ, жоқ, урылардың өзлери бахытсыз. Өтирик сөйлеп урлық қылғанлар, әлбетте, бахытсыз!...»

Енди ғана кеўли жубаныш таўып, мойнындағы дорбасынан және бир тислем нан алып аўзына сала бергени, күшли бармақлар шығанағынан шырппа тутты, наны қолында қалды.

«Айдос аўылының» туғиянсыз жетимлеринен онлағаны жәмлесип, шеттеги төлелердиң биринде жасайтуғын еди. Олардың ҳәр күни екеўи Доспанның изинен келип, сыйырларды саўып сүт әкетеди. Ҳәзир Доспанның шығанағын тутқан сол жетимлердиң бассшысы «Жәндулла гүрре» деген еди. Қасына тоғыз-он жаслардағы бир баланы ертип келипти. Ҳәрқайсысында жуптан аўызқабақ бар. Доспанның иши ғым етти, азанғы урылардың сөзин еследи: «Усыларға қайырхомлық етип жүргенимди билип айттымекен?»

— Жәндулла, бүгиннен баслап бул әдетти тасланлар.

Жәндулланың тар маңлайы жыйырылып, қойыў қара қаслары бир жерге үйилди.

— Не ушын?

Доспан уңқыл-шуңқылын түсиндирмей:

— Солай!—деди қысқа.

— Ҳа, билдик. Айдос бий қасында гирттей гидирип сөйлескенге қәпелимде көзиң май байлапты.

— Сизлер қайда едиңиз?

— Бизлерди көрсе, сени жазықлы қылар деп, анаў бүкке жасырындық.

— Ал енди, Жәндулла, балларға айтып бар. Баққан сыйырларымның ийелерине енди қылаплық қылмайман.

Жәндулла Доспан менен қатар болса да бойының пәслиги ушын ба, оған күши жетпейтуғынын сезеди. Соннан келген қоразлана аяқларының ушына көтерилип шәтирледи.

— Усыннан бос қайтарсаң, аман жүремен деме. Жыйналып келип он еки мүшеңди онеки төбеге пуштарлатаман. Ойлан, соқыр өкең жылап қалады.

— Өзлериңиз билиңлер.

Жәндулла гүрре ертип келген баласының қуйрығына бергенек берип, алдына салды да қайтты.

Доспан шашылып кеткен падасын топлап суўатқа қайырды.

* *
*

...Айдос ҳәзир Доспанға жолыққанда Хийўадан киятыр еди. Үш айлықта кеткенинен оралып жаңа қайтқаны.

Ол оғыры ашыўлы, орасан ойлы.

Айдос бий болып атқа мингенде әкеси көп ғаррыларды жыйнап пәтиясын алған еди. Олардың қыйлы-қыйлы кеңеслеринен ядында мәңги қалғаны мынаўсы: «Басшы көп сөйлемесе, иши толы сырлы сандыққа усайды. Ҳәмменің ашқысы келеди. Аштырмасаң, абырай да, әпиўайылық та сенде», Тап усы кеңеске ҳамал қылғаны себепли ме, онда булжымас бир мүнез қәлиплести: көп сөйлемейди, ишинде қатлам-қатлам қанша сыр жатырғанын өзгелер түўе, туўысқан инилерине де, атқосшысы Әлийге де туйдырмайды.

Усы сапары Хийўадан шыққан пәтте өз-өзинен бир сарсылды.

— Ханның сарайына толып-тасып киресең, басыңа таяқ тийген буралқы ийттей қалдаўрап шығасаң.

Отыз жылдан аслам ханға салық тасыған Айдостың атын ертлеп, Хийўаның жолын бирге ақтабан қылған атқосшысы ҳәр сапары оның я жүзинен, я көзлеринен, я отырысынан, я қамшы услаўынан ханға ренжигенин билсе де, бүйтип тонқылдағанын ҳеш еситпеген еди. Ҳайран болды, бирақ еситпегенсиди. Айдос оның сөйлемегенине қуўанды. Ол Хийўадан өкпели қайтқан менен, елиниң шегарасына жетиўден қандай ғәплетте киятырғанын умытып, атқосшысына бир нәрсе айтып дәлкек қылатуғын еди. Бул сапары оның ашыўы басылмады, ойы ада болмады. Жолда қонақ жеринде де ашылыспады. Аўылға жақынласқанда, Хийўадан шыққалы шубалған ойларын жалғыз өзи жуўмақлаў мақсетинде атқосшысын Кенегес руўына жумсап, қалың қамыслықтың арасына кирип, аттан түсип отырды.

...Хан қоңсылас елатларға үш ай шабыўыл жасады. Усы үш айда да Айдос елиўликкке бас болып талайлардың әжелине жетти. Бир сәтсизликте ақыл таўып, ханды жеңиске еристирди. Ол былай болды: бир қалапы алыў қыйынға түсти. Нөкерлер бәсип сауаш майданынан кейинирек тигилген хан шатырына тығыла берди. Хан қатты қәҳәрленип, әскер басыларының бирин зыйыққа отырғызды. Бул кәр етпеди. Нөкерлер, алға кетип бир майдан урыс қылды да, қораға қашқан пышықтай шапқыласып келип, және ханның шатырына гүўлеп тығылды.

Хан енди шеннен тыс ғәзепленип:

— Бәрицизди зыйыққа отырғызаман!—деди шатырдан бас шығарып.

Жағдайға түсиниген Айдос тайсалмай келип ханға қол қаўсырып арзы қылды:

— Уллы ханымыз, ийеси қасында болса, пышық қасқыр алады, деген. Туў көтерип изимизден қалмай ерсеңиз, сөзсиз жеңис болады.

— Әй қарақалпақ, усыннан айтқаныц келмесе шәтирлеген тилиңди кесемен,—деп хан ашыў менен атланды.

Туў көтерип бирге киятырған ханын көрген нөкерлер шетинен баўдай қуласа да шегинбей, алға баса берди. Қала ҳәкими ханға бас ийип шықты, Айдос тапқырлық қылғанына қуўанып Хийўаға қайтып келгеннен кейин хан сарайына шақырып жәмәәттиц алдында алғыслар деп дәмеленген еди. Қайтама хан оны ертип барып таза соғылған зинданын көрсетип марапатланды.

— Унай ма?

— Ойыцыздай түпсиз, әжайып екен,—деди Айдос үнилип турып.

— Найсап, адам күтип турыпты. Қарақалпақлардан өнетуғын салық үш айдың ишинде ғәзийнеханаға түспесе сизге яқшы емес.

Айдостың иши тұңлиги бекитилген үйдиң отындай пысқып түтеди, айтылыўға тийисли_небир зулмет сөзлерди тилиниц ушында сақлап қалды.

Салық жөнинде бурынғы ханлардан ҳәм талай дәкки жеп, талай ақырет еситсе де ҳешқайсысы зинданның басына жетелеп бармаған еди. «Пәмсиз дигир» деди ишинен. Буның менен де кеўли жубаныш таппады. «Сениң орнында өзим хан болғанда ма?» —деди ишинен. «Өзим хан болғанда ма?» деген ойын биреў еситип қоятуғындай, қайтып ойламаўға урынып еди, керисинше, есинен шықпады.

Қайтысын да соңғы пикири үстинде ойлай берди, ойлай берди, «Хан болыўдың неси қыйын?» деди ақырында. Енди ғана кеўли қарар тапқандай сезилди.

Буннан еки жыл илгери Хийўаның ханы Абылғазы бесинши гелле қылынып Хорезмдеги сарай сутиплеринен есапланған өзбек Елтузер инах өзин хан деп жәриялады. Бул нәўбеттеги «хан ойыны» емес, Шыңғыстың әўладынан әўладына аўысқан ханлық шынжырын биротала үзиў еди. Адамлардың санасында тәбийий деп есапланбаған өзгерис әўелги гезде ҳәмме кеўиллерге ғулғула салды. Биреўлер заман ағымы кери кетип, жаз бенен қыстың орны аўмасып кетиўинен қорықты, екиншилер әллеқандай көрилмеген жақсылықтан дәметти. Қулласы қыйлы-қыйлы пайғамбарлықлар да даўылдан кейинги теңиздиң бетиндей тынымсыз шайпатылды. Әўелинде Айдос та ғуманланып «Елтузер инах ханлық шығырына қапталдан байланған дигир, жулынып түседи» деген еди. Жулынып түсиў былай турсын, кем-кем бегенлесип, қонсылас халықларға, ханлықларға, ҳәкимликлерге шабыўыл менен қоластының шегарасын кеңейтип баратыр.

Айдос усыларды ойлап отырып, хан болыўдың неси қыйын деген сораўына жуўап тапты. «Ҳеш қыйыншылығы жоқ! Шыңғыс әўлады болыў да шәрт емес!»

Және сораў туўды: «Сонда қәйерге хан боламан?»

Узақ ойдан кейин «қарақалпақларға, өз елиме!—деди бирден ҳәм мыйығында қуўаныш күлкиси пайда болып ырғып кете жазлады.—Ҳо, ҳо, қарақалпақ ханлығы! Қарақалпақ ханлығы! Усыннан елдиң есапсыз руўлары биригип, Хийўадай қала салса, көрўан тоқтаса ҳәм елге, ҳәм маған не деген ығбал! Хийўадан ушып келген гарғаны қаршыға демей, Хийўадан ушып келген шымшықты бүлбил демей, еркин күн көрсек...»

Елине ханлық алыў жөнинде ҳешқашан ойлап көрмеген бий усы ойының қулы болып, және бир сораў менен соқлығысты.—Қалайынша? Кимниң күшли қоллары менен ханлыққа ерисиў мүмкин?

Бул сораў оны қайырлаған кеме қылды. Желкесин қасый-қасый атланды.

...Қамыслықтан енди шыға бергенде жийекликке мал жайып, диңгектиң басында зиңирейген падашыны ҳәм оның қасында иркилип турған атлы қызды көрип қайырылғаны, падашының алдында жеңиллик етип тилине ерк бергени, қайырға шығарған ойларын қуўып шықты, иши басқаша ғымылдап ашыған үстине ашыды. Бас бармағын тиследи:

«Қуда түскениме ярым жыл ғана. Сәлкем ярым жайдан туўысқан келиним... Сол барғанда алдымда от жақтырып жүзин көргенимде, әйтеўир падашыға былшылдап масқара болмас едим. Қандай бийсабыр адамман? Аңламай сөйледим, аўырмай өлдим... Әй Айдос, сенике не, сонша тарығып? Өмириңде неше қәтелеспедиң? Ҳәзир «ханлық» «қарақалпақ ханлығы» деп ҳәм сандырақлайсаң. Буннан алжассаң сени ким дүзетеди? Өзиң! Аўа, өзиң дүзетесең, өзиң умытасаң!....»

Ол аўылға киреркде үстинен бир шолымаса, кеўли кеншимес еди. Ҳәзир де сөйтти. Қыялына аўылы толы табақтай. Қәдимгисинен өзгермеген: шет-шебирдеги ылашықлар менен төлелерде жан жоқ секилли, өли тынышлық, сәл ишкериректе қоралардың қуяшламаларында ылашықлар менен төлелердиң ықтырмаларында балалар ойнап жүр, уршық ийирген кемпирлер, арқан ескен ғаррылар отыр. Қоралардан қораларға ойнақласып шабысқан қозы-ылақлар, бузаўлар көринеди. «Қудаға шүкир, түтин түтеткенлердиң көпшилигинде бир-бирден саўын сыйыры бар. Бул да ғәнийбет. Енди ханлық...» Қайырға шығаратуғын ойынан қутылыў ушын өзиниң отаўлары таманға нәзер таслады. Бегистиң отаўынан түтин шығып тур, екеўи де үйде екен. Әттең, дүньяның бардыкелдисине түсинбейди. Болмаса дым әжайып туўысқанларым бардә!» Шет-шебирдеги дүткешлер үстинен және бир көз жуўыртты. Төлесиниң қасында қус түтеткендей өрим-өрим бөз бешпентиниң шалғайлары самалға елпилдеп сүрмелекленип жүрген Жақ-

сылықты көзи шалды. Оған қарап азғана егленип турды да «байғустың ағашы шығып өлиўге жақынлапты, ҳал сорасып кете қояйын» деп қайрылды.

2

«Сәлемнама!

Усы сәлемнамам қарақалпақ елиниң қос таянышы Бегиске ҳәм Мыржыққа.

Мен сизлерди пәк, ақыллы ғошшақ жигитлер деп еситкенмен. Сол ушын да, бир елдиң қос таянышын «Қос периштем» деп сөйлеў маған илаҳийда зор бахыт!

Қос периштем! Усы хатты жазыўдағы мақсетим: жаныма егеў, жүрегиме найза еки ўақыяны сизлерге билдирип мәнисин ойлап көриңиз деп тилемекшимен.

Биринши: Қарақалпақ даласында бир түптен өнген үш дарақ бар. Дуйым журт олардың тең өсиўине үлкен үмит артыў менен гүзетер еди. Тилекке қарсы, тек биреўи зоррайып екеўи оның көлеңкесинде қалып, сарғайып баратыр.

Екинши: Қоңырат шәҳәриниң аты сиз «Қос периштениң» руўы ның атына қойылған ба ямаса сиз «Қос периштениң» руўы Қоңырат шәҳәриниң атына қойылған ба, буған итибар берип жүргенлер шамалы. «Қоңырат қурып, Хийўа көркейип баратыр» десе ырас. Илажы сизлерден ҳәм ғәрезли... Сәлемнама жазған уллы Қоңырат шәҳәриниң ҳәкими Төремурат суўпы деп билгейсиз»

Бегис даўыслап оқыса да Мыржықтың жүдә тереңирек түсингиси келип хатты өз қолына алды ҳәм аўыл молласынан ашқан саўаты бойынша қайта-қайта иркилип әлленемирде оқып шықты. Еки туўысқанға жумбақ хат әкелген киси Төремурат суўпының ҳәм әскер басысы, ҳәм тәнҳа шабарманы Айтмурат қызыл бет Бегис пенен Мыржықты бирге ҳешқашан көрмеген. Сонлықтан ба олардың шеп қасларының үстиндеги меңлерине шекем усаслығына таңланып, тисиниң суўын сорып еди. Олардың хатқа қызығып ҳәтте мийманды умытқанына жаны ҳәз таўып, мыйық тартты.

Бегис хатты қайтадан алып оқып дизесиниң үстине жайып қойды.

— Ҳа, Қоңыратты көркейтиўге жәрдем сорапты.

— Уллы суўпы «сәлемнаманың мәнисин қос периштем бирден уғатуғынына ийманым кәмил» деген еди,—деди Айтмурат қызыл бет еки туўысқанның дараў-ара ишлей жумбақ шешиўин жеңиллеткиси келип.—Ҳа, солай, ғошшақ жигитлер. Суўпы көп жазғанды, быжықты жақтырмайды.

— Бир түптен өскен үш дарағы Айдос, Бегис, мен,—деди Мыржық.

— Ҳа, бәрекелла.

— Қоңырат ҳәкими қәтелеседи,—деди Мыржық марапатты

жақтырмағандай—Бизлер әжағамның саясында қалып баратырғанымыз жоқ.

Бегистиң жүзинен де Мыржықты мақуллаў белгисин көрген шабарман жүдә даналық кейпике кирип керилди:

— Ақыллылардың сөзиниң дурыслығына киси соң-соң түсинсе керек.—Ол биразға шекем үнсиз отырып, еки туўысқаннан ужыбатлы жуўап алалмайтуғының билди. Писирип әкелген гәплерин айта баслады.—Қоңырат ҳәкиминиң шығысы мәлим. Хийўа ханыша аталас. Сонда да аш-арықты жақсы көреди. Нешше жола: «қарақалпақлар жатсам дастықласым, өлсем әўлийешилигимиз бир халық, сол ушын да олардың Хийўа ханына салық төлеп отырғанын көргим, еситким келмейди» дегенин еситкенмен. Уллы ҳәкимниң сизлерге еситтирме деген бир сырын айтайын. Бир сапары күйинип: «Айдос сияқлы ладанлар өз руўын, руўыныц атындағы өз қаласын умытып, халқын алдап тапқанын тасый берсе, Хийўа көркеймей не қылсын?»—деди. Бир бастырыўлы қазанның қақпағын алдым. Енди бәрин де ашпасам болмас. «Адамзат дүньяға шығып бир иси менен ат қалдырмаса, жасағаны бийкар болады», деди бир отырыспада уллы ҳәким.—Бирақ қарақалпақлардың Айдосы, бири батыр, бири палўан еки инисин қутайтпай қойыпты. Түйениң қулағына минип жыл басылыққа илинген тышқандай, солардың арқасынан ел басы болып жүрипти. Ғошшақ еки иниси нәмәлим қалып баратыр»...деди. Абзалы, елдиц сулыў қызларына бек болыңлар! Айдос ханға сый қылмасын.

Қызыл бет әнгимесин шорта кесип қайтыўға жуўап сорады. Ел арасында тараған сыпсыңнан «Айдос Хийўа ханына сулыў қызлар апарып бериўге ўәде еткенбиш» деген өсек еситкен еди. Оның Қоңырат шаҳәрине жеткенине екеўи де арланды. Хатта оларға әллеқандай абыржы ой салды. Сол ушын ба, енди Айтмурат қызыл беттиң бир майдан иркилиўин унатпай, тез атландырды.

— Қәйтсеңиз де қарақалпақлар Қоңыраттың таянышы, қорғаны,—деди шабарман атланып атырып.—Бул мен сорлының тапқан ақылым емес. Уғыңлар.

Оны узатып салғаннан кейин еки туўысқан өз-ара жәнжеллескендей бир-бири менен сөйлеспей, бир күн өткерди.

Айдос Хийўада кешиккен сайын ойлары тереңлесе берди. Бегис хатты және қайтарып оқыды, Мыржық Айтмурат қызыл беттиң айтқанларын еледи.

— Бул бузық нийет пенен келген адам,—деди Мыржық таң ата Бегистиң қасына келип.—Ўай, жаман тулки екен. Хатты әжағама бериў керек.

Бегис те өз ойлары менен бәнт болып ояў жатыр еди.

— Әлбетте беремиз,—деди салқынлаў.—Аңладың ба, Мыржық, бул тулкиликтен дурыслықтың ийиси де аңқыйды.

— Түсинемен, Бегис. Бирақ, күншиллерге жол бермей, ҳәр

туўысқан бизлердей болып жасаўы керек. Мениңше, әжағам бизлердиң өзи дәрежесинде ойлайтуғынымызға исенеди.

— Әжағамның кеткенине бүгин төртинши айдың жүзи, Хийўаға жаранаман деп-ақ бүлип жүр. Жазатайым оққа ушпағай дейбер.

Бегис түргелип, кийиниўге қолайласты. Мыржық та турды. Олар жаңа от жағып атырғанда, қоңсылас аўылдан биреў сыпетип кирип еки уры айдап келгенин хабарлады.

Бегис те, Мыржық та Айдоссыз даў шешпейтуғын еди, бир-бирине жалтаңласты.

Әжағасының жоқлығын айтып қайтарыў екеўине де бир түрли көринди. Сонда да сыпайылық сақлап, ҳақыйқатлықты айтыўға мәжбүр болды.

— Жолбарыстың үлкени де, ортаншысы да, кишиси де, бәрибир жолбарыс емес пе?—деди урыларды айдап келген киси.— Асығыс едим. Ат та өзимдики емес. Қылмысларын айтайын. Биреўиниң жазасы аўыр. Хийўа жақтан зорға таўып әкелген бир сабаў пахтамды урлады, екиншиси қаўынымды урлап атырған жеринен тутып, қоса айдап келдим.

Еки туўысқан және бир-бирине қарасып «не қыламыз» дегендей ым қағысты.

— Қәне, урыларды көрейик,—деп Бегис шығыўға қолайласты. Жасы үлкенниң сөзин сындырып көрмеген Мыржық та қосыла шықты. Бир арқанға қосақланып, бир-бирине сүйенисип турған урылар көз астыларынан сығаланды, бири неликтен де жымыйып күлди.

— Сизлер әдил жаза береаласыз ба? Үлкен бий қайда?

Мыржықты ашыў қысып, сөйлеген урының ийеги астына тақалып-ақ барды.

— Өзиң урыдан келип ғыжақ бересең-ә! Сен не урладың?

Арық, көсе, ийни қысық, ойып тескендей киши дөңгелек көзлери қыпылықлаған қырқбес жастың шамасындағы уры даўысын әўелгисинен де бәлент көтерип, жуўап берди.

— Сондағы урлағаным бир қаўын!

— Заңғар, урлықты сен емес, биз ислегендей бақырасаң-ә! —деди Бегис.

Мыржық сылқ-сылқ күлди.

Екинши уры толықлаўдан келген кең жаўырынлы, қаралтым жүзи қуяшқа күйреген, алба-дулба кийимлеринен жүнлес көкиреги жалтыраған, буўрыл сақаллы, елиў жаслардағы адам еди. Ол аяғының ушынан көз алмай турып, бир сабаў пахта урлағанын мойынлады.

Еки туўысқан урыларды әкелген кисини жетелеп ишке кирди де, өз-ара мәсләәт салды. Жағдайларды анықлады. Қаўын урысына бурыннан соңғы жаза—бир шаппат! Пахта урысын қалай жазалаў керек? Көп жағдайда Айдос бир сыйыр урлағанды жети күн шыбынға байлатады. Бир сабаў пахтаның баҳасы бир сыйыр.

Бир сабаў пахта пйпирилип тоқылса, бир көйлек-ыштан, ямаса бир көрпеге астар болады. Егер бул мийнетлер сиңгенде бир ҳәпте шыбынға байлаў менен, пан суў бергизбесе, ылайық. Бирақ пахта ийесиниң ол ушын Хийўаға ҳәлек болғаны бар. Бул мийнетлер жазаға үстеме болып қосылыўы тийис.

Олар бираз ойласып қайсысына қандай жаза бериўди келисти. Шықса, қоңсы-қобалардан әдеўир-ақ адамлар жыйналып қалыпты. Көше бийлериниң бири Қәдирберген де киятыр екен.

Бегис алға өтип, жыйналғанларға урылар ҳаққында түсиник берип, жазаларын дағазалады:

— Қаўын урысының шекесине қатты бир шаппат урылсын. Пахта урысын бир жума арбаға байлап суўдан басқа аўқат бериў қадаған етилсин!

— Дурыс жаза!—дести көпшилик.

Мақуллаўларға еки туўысқан теңнен мардыйысып, жазаны тез иске асыртты: қаўын урысының шекесине ийеси керилип бир муш урды, пахта урысы ушын көкиреги сыныҚ гөне арба таўып дегершигине беккем шандылды.

Қаяқтан, қайўақта келсе де аўылға араласқанда, Айдосдың аты бир киснейтуғын еди. Урыларды жазалаўға қатнасқанлар жаңа тарқасып баратырғанда, таныс ат даўысы еситилди, ҳәмме жеткен жеринде табанлары жабысқандай гилт тоқтасып, қоралардың қуўысларына жасырынды.

Аўылласларын ырза қылдық деп ойлаған еки туўысқан енди ағасынан мақуллаў еситкенше асығып, ишке кирмей, шийге сүйенип турды.

Айдос көринди. Мыржық ҳәрқашанғы әдетин қылып жуўырып барып атын жылаўлады.

Бес отаўдың алдындағы жыңғыл қорада қарағай шақлы, ала бел бир ғарры өгиз жататуғын еди. Бул үш туўысқанның ата мийрасы. Әкеси Султангелди Түркстанда жасағанда бар екен. Посқанда алып шыққан. Оның неше жасағанын ҳешким билмейди, бирақ, усы өгизди сыйлаў менен Султангелдиниң сақты сынбаған деген аңыз бар. Сол ушын болса керек, ол өлеринде де балаларына айтқан ўәсиятларына қоса усы өгизди бәрҳә ҳүрмет қылыўды тапсырып, «Бул дәўлет басы өгизге тәрбия қылың, қолдан шығарман, әжели жетсе, адамдай жерлең» деген еди. Әке нәсиятына садық үш перзенттиң қайсысы үйинде болса, бас жумысы сол өгизге тәрбия, ал бир жақтан келгени, алды менен қорага кирип, «Дәўлет басы» өгиздиң от-жемин көрмей ишкерилемес.

Айдос атының дизгинин Мыржыққа услатты да, қораға кирди. «Дәўлет басы»ның шақларынан сыйпалап, алдындағы пишенин өзгертип шыға бергени, арбаға байлаўлы биреўди, аррағырақта қоралардың тасаларына сығаланып турғанларды көрип қалды.

— Бул не ҳәдийсе?

— Уры,—деди Бегис.

— Ҳа азаматлар! Урыны тутыў, жазалаў үлкен ис,—деп Айдос мақуллаўы менен үйине кирип баратыр еди, Мыржық тезпейиллик етти:

— Өзлеримиз жазасын да бердик, әжаға.

— Ҳо, ҳо, бәлелер! Қәне, не жаза бердиңлер?

«Мен жоқта даў шешиўди ким қойыпты?» деп кейир деген ой менен қысына-қымтырыла турған киши туўысқанлар әжағасының кеўилли жуўабына қәнәәт белгиси менен масайрасып, ҳәм еркеленип, жүз берген ҳәдийсе ҳаққында не билсе, не ушын қандай жуўмаққа келген болса, ийнеден сабағын? шекем қалдырмай, бирин екиншиси толықтыра сөйлеп берди.

Айдостың жасы елиўдиң ояқ-буяғында болыўына қарамастан, сақалына, шашына енди ақ түсе баслаған ири, ат жақлы, қызыл шырайлы, шеп қасының үстинде мәштей меңи бар адам. Ҳәммениң ҳайран қалатуғыны усындай меңи үш туўысқанда да бар. Айдос көбинесе басына ақ белбеў орағаны ушын соның сағымынан ба, меңи оған әбден жарасатуғын еди. Бирақ, ҳәзир оның жүзи қубылып, меңи үлкейген секилленди, айбатланды. Еки урыны байлап алдына әкелиўди буйырды.

Қаўын урысы да узаққа кетип үлгермеген екен, ҳәпзаматта олар қайтадан қосақланып, тайын етилди.

Адамлар және жыйналып қалды.

Бегис пенен Мыржық ағасының бул әдетин унатпай бир шетте бултыйысып тур, бирақ екеўи де өз буйрықларының қайта тастыйықланатуғынына исениште.

Тергестириў қайтадан басланды. Айдос бурынғы анықланғанларды тәкирарлатып болғаннан кейин, айыпкерлердиң ҳәрқайсысында нешеўден бала барлығын сорады.

— Жети балам бар,—деди қаўын урысы.

— Алды нешеде?

— Он жетиде.

— Қаўын ектиң бе?

— Жоқ.

— Нәлет саған!—деп Айдос жалындай лап етип, бирден семди ҳәм пахта урысын тергестирди. Оның да баласы жетеў, үлкени он алтыда екен. Дөңеслеў бир жерге терең қарық жарып қаўын египти.

— Шүкир қудаға,—деп жуўмақлады уры.—Балаларымның ас қабақ-түйнеги бар.

Айдос көп ойланбастан Қәдирбергенге қамшысын шошайтты.

— Әўелги буйрық керисинше әмелге асырылсын!

Тыңлаўшылар жым-жырт.

Журтты ҳайран қалдыратуғын бир нәрсе, үш туўысқанның күтә усаслығына қосымша өз-ара бирлиги еди. Қери буйрық киши еки туўысқанның жүзлерине түтин болып урғандай қараўытып, шеп қасларының үстиндеги тарыдай меңлери көринбей қалды. Наразылықтың ғаўқылдысы көтерилди. Үш туўысқанға күн-

шиллердиң бойлары жеңилип жанлары ҳәзлик тапты. Дослары суўық дем алып гүрсинди.

Ағасының бетине тиклениң қарсы сөз айтып көрмеген жас кишилер, алдына бөгет басылған жаптың суўындай ҳеш жерге сыймай, бурқасынлап, адамларды айырыўы менен шетки отаўға сүңгип кетти. Айдос олардың ашыўына албырақламастан, не ушын олай ислетип атырғанының себебин де ҳешкимге түсиндирместен, Қодирбергенге айтқанын ислетип, «Мәсләҳәт үйине» кирди. Адамлардың жүриси басылғаннан кейин Бегис пенен Мыржық тиртеклесип оның үстине кирди.

— Уәжлесиўге келдик,—деди Мыржық бирден.

Айдос шилериниң жүзине сын көзин қаратып мыйық тартты. Ол усы көзери менен-ақ алдарқатып қайтармақшы еди. Бегис қызды:

— Сен, сен деп тилимиз таңлайымызға жабысып кетти. Бул не қылғаның? Ямаса Султангелди көгерткен үш теректиң биреўинен басқасы өспеўи тийис пе?

— Және, және?—деди Айдос кекетип.

— Буннан артық қорлық болмайды,—деди Мыржық кескин даўыс пенен.—Бизин де қуяш көргимиз келеди.

Айдос жазық маңлайын жыйырып алақанына басын қойып бираз отырғаннан кейин тикленди ҳәм қамырдан қыл суўырғандай жай парахат гәп баслады:

— Сизлер мени түсинбепсизлер. Мийнет етпейтуғынларға төмби бергим келди. Байқадыңыз ба, қаўын урысы, урлықты кәсип етип, мийнеттен шығысып кеткен. Болмаса нәм-нәҳән адам қаўынды да урлар ма? Қарақалпақта не көп, жер көп, бәҳәрде балалары менен жабыла мийнет қылып маңлай терлетсе, усылай етип жүрер ме еди? Пахта урысы күтә жапакеш көринеди. Өзлериңиз билесиз, бизде пахта егилмейди, болмаса, пышақ пенен жер тырнап қол сериппе қылып-ақ ол пахта егер еди. Сатып алыўға пул таппаған. Кәммағалшылық. Ондайларды бир сапары кеширийўге болады.

— Жоқ, әжаға,—деп Мыржық басын шайқап гүрсинди.—Сен кем-кемнен бийикке көтерилиўди қәлейтуғын адамсаң. Журт солай дегер еди. Инанбас едик. Енди түсиникли болды. Өзинди сол жоқары көрсетиў ушын бизлердиң басымызды аяғыңның астына және еки қатлам диңгек қылдың.

— Мен де Мыржықтың пикириндемен,—деп Бегис қуўатлады.—Сен бизлерди паш етип бойыңа және еки жапырақ байладың. Жоқ, жоқ айтқан долийлиң келиспейди. Еле сен шигит таўып әкелдиң де, егиўи қалды ма? Япырмай, әжаға, жөги емесписең?

Оларға қарсы сөйлерин ямаса үйден қуўып шығарарын билмей, Айдос бираз шекем тунжырап отырды. Ҳақыйқатында ол илгеригиректе хаппан шигит сорағанында: «Қарақалпақлар баҳалы екен деп машақатлы етиге қол урғанша, күнделикли тамағынан өтетуғынын ете бергенде не қылады?» деп шигит егиўге қайыл-

шылық бермеген еди. Усыны айтса, хан саясатына қарсы даў көтерилип кететуғындай көринди, сонда да айды етеги менен жабыўға ҳәзир имканият қалмағанын байқады:

— Егер билсеңиз мен үлкен бир саясатты қорғадым.

— Не саясат?—деди Бегис.

— Ҳә, сен ханның абырайы ушын үш ай тыныш елатларды шаўып келдиң. Енди Хийўа ханының саясатын қорғадым де. Сөйтип журттың өзинде, ханға наразылығын басыў ушын еки гуўыс қанымды қалқан қылып, сөз найзасына түйреткеним де,—деди Мыржық.

— Қалай түсинсеңиз, солай.

Мыржық Бегис пенен көзлери арқалы сөйлесип алып, түпиригин тисиниң арасынан ошаққа зытып қызды:

— Халыққа сеннен гөре Қоңырат ҳәкими Төремурат суўпының қәдири артып баратырғанын билесең бе? Билмейсең. Халық арасында мынадай гәп тараған. «Есенгелдиден мәҳремликти алып, елдиң лийкинин маған өткергени ушын Хийўа ханы керек десе, салықгой салық, ҳәр ақшамына қарақалпақтан бир қыз жиберип тураман» депсең.

— Сизлер усыған инанасыз ба?

Бегис те, Мыржық та үндемеди.

Айдос ҳәзир дәлиллеспеўдиң изи неге әкелип соғатуғынына ой жибермей, өсекке исенип жүрген инилерине өкпелеп, қайтып тил қатпастан тәкаббирленип жатақханасына кетти.

3.

Аўылдың ең арқа шетиндеги төлелердиң биринде, оты сөнген ошақтың басында умыт қалған бир баў қамыс яңлы созылып Жақсылық жатыр. Ол таң ала геўгимде турып баласы менен бирге ыссы суўға нан жибитип жеп қайта жатқанынан, қасқарайғанша қозғалмас еди. Бүгин күндиз бир шықты. Бахтына Айдос бийдиң көзине шалынып, сәлемлести... Мине, соған-ақ оның ўақты хош. Бас ушындағы орақты алып кир-кир денесин тыр-тыр қасынып атыр.

Доспан мал иесиниң тәбизине қарап базы күнлери кеште әкесин қонақ жерине жетелеп кететуғын еди, бүгин насазлаў үйге дус болды ма, кешигип қуптанға таман бир аўызқабақ қатық әкелди. Бундай ўақытта әкеси қыймылсыз жатып, улы «аға» деп даўыслағанда ғана «қозым» деп бас көтеретуғын еди. Бүгин керисинше, Доспан төлеге кирип киятырғаннан-ақ:

— Қозым, келдиң бе?—деди.

Қумар сулыў менен жолығып теңгели болғанына ма, Айдос иркилип тиллескенине ме, ямаса күнде «сүт» деп мазасын алатуғын саяқларды бос қайтарып қутылғаны ушын ба, Доспан «бахытсыз» сөзин әллеқашан умытып, кеўил сарайы қәдимги қәддине

түскен еди. Әкесиниң даўысынан қуўнақлық сезип, және ўақты хошланды:

— Аға, мен екенимди қайдан билдиң?

— Сеннен басқа бул есикти тек жел ашып жел жабады, қозым.

Доспан шүтик шырапы жаға сала аўыз қабақты аш әкесиниң алдына қойып, қойнынан бир зағара шығарып бережақ болып еди, әкесиниң дастық арасынан жуп пәтир алып атырғанын көрип көзлери аларып кетти: «буң қайдан алған? Сорыма, мен жоқта қайыр сорай ма екен? Нәлетий уры усы ушын мени бахытсыз деген шығар». Сораўға батына алмады.

— Аға, бүгин мен Айдос бий менен сөйлестим.

— Бийбаба менен де, қозым,—деп дүзетти ғарры.—Мен де, ушырастым. Билесең бе, оның бир уллылығы неде? Атланып үйинен қырқ адым шығажақ болса, қоржынына нан салдырады. Хийўадан киятыр екен. Мынаў жуп пәтирди берип кетти.

Доспанның кеўли жай тапты.

Кеште әжик-гүжик болысып сырласатуғын әке-баланың ҳәрекетлери де, даўыслары да, ҳәрқашанғыдан өзгеше. Биринің даўыс толқыны екиншисин қуўантады. Базы күнлери жалғызлықтан зеригип жататуғын ғарры кеште баласына қыйлы-қыйлы нәсият сөзлерди жаўдырып, гейпаралардың қалайынша бай, бий, асқан мәртебели болыў себеплерин, бирпаралардың дәўлети кери кетиўине не себеплигин айтып, қайсысынан қалай ибрат алыў кереклигин ескертип, баласы уйықлап қалса да, ертек сияқлы узын шубай әңгимелерди әстен сөйлеп жататуғын еди. Бүгин гәпке кемсалыйқа сыяқланса да, тыңлаўға иштейли көринди.

Доспан енди «Айдос бийди» «бийбабаға» өзгертип, Қумар сулыў менен қалай ушырасқанын сөйлеп, әкесине гүмис теңгеңи берди. Шүтик шыраның емески жарығында ғаррының езиўинде азғана мыйық тартыў барлығы билинип турды.

— Мениң ойымша, бийбаба инисине Қумарды алдырмайды, —деп жуўмақлады Доспан.

— Жаңылыспас жақ, сүринбес туяқ болмайды, қозым. Өйдеме, бурынғы даналар, тилимнен шыққан сөз маған ҳәким, мен еле айтылмаған сөзиме ҳәкиммен деген екен. Айдос бийдиң алжасып айта салған гәпи басқалардың алдында тилиңе басылмасын. Есиңде болсын, биз билетуғын әлемде Айдос бийден диянатлы бир сөзли, бети қараса, таў қулататуғын күшли адам жоқ. Ол келинин түсиреди. Себеби, әкесиниң нәсияты бар.

— Қандай?

Күни менен шаршағанлықтан базда әңгиме тыңлаўға еринип, уйықлаўға жатып қалатуғын улының қуштарлығы ғаррының сөйлеў ышқысын арттырды.

— Айдослардың әкеси Султангелди бай өлетуғын ақшамда от жаққышы болдым. Соңғы гәплериниң бәрин еситтим. Бийшара,

мен ушын ҳәм көп жақсылық қылды. Есигинде жүргенде күнде «қалайсаң?» дейтуғын еди. Сен туўылғаннан кейин көрген жерде «Дуўматай қалай, өсип атырма?» дейтуғын еди. Миннетдарман! Пай, өзиниңәм минези сынық, әри дийқан, әри шарўа адам еди. Өлеримде асқынламайын деп, Түркстаннан посқандағы гөне шапанын, аяғына орағаң шарығына қоса бул жерге келгенсоң жап қазған белин, жер аўдарған кетпенин, мал айдаған тораңғыл таяғын, маңлайшаға қойдырды. Ийманлы болғыр, күтә ақыллы еди, жан тәслим етерде пүткил аўыл болып жыйылып гүзетти. Мәҳремликтен шығып Айдос пенен мәлеллесип жүрген Есенгелди де келди. Есенгелди менен Айдостың қалай аразласқанын айтпаған шығарман-ә? Әйтеўир нәрсе-аў. Айдос жаслық етип, бир отырыспада сойылған қойдың геллесин Есенгелдиге мирәәт етпей алып бузған екен, оның мәҳремлиги тутып тулланып Айдосты силейте ғарғапты. Соннан көп өтпей-ақ Есенгелдиниң ығбалы тайып, Хийўа ханы ҳамалынан босатады. Буны ол Айдостан көрип, Хийўаның душпаны, Айдос пенен бахталас Қоңырат ҳәкимин жанапайлап, Қоңырат руўын еки бөлди. Әне оның усы қылўаларын жақтырмай, айтқан гәплерин тыңлағанда дуйым журт таңлайын қақты. «Есенгелди,—деди демин зорға алып атырып. Ондай етип өлер алдында айтыў қайсы адамға да мәртлик. Аўа, тап, Есенгелди,—деди Султангелди.—Сен бир көлеңкеси қыйсық тораңғыл едиң. Өлер алдымда сеннен қорқып атырман. Тынық суўға былғалақ салып жүрме. Изимде Айдос, Бегис, Мыржық атлы үш улым қалып баратыр. Айдоста хан ақылы, Бегисте батырлық, Мыржықта күш ҳәм даналық бар. Үш улым бир болса, пүткил қарақалпақтың қазанын көтеретуғын ошақтың үш путы. Бирлиги бузылса, пүткил елдиң қазаны шайпалады, асы төгиледи. Жақсы басшылық қыл. Киши улым Мыржыққа өзбек ҳаялынан туўылған киши қызыңды бер. Қоспақ ақыллы болармыш. Бирликтиң бузылмаўына дәнекер болар». Әне, соның ақыбети. Айдостың өткен жылы Есенгелдиге барып қуда түскенинен хабарың бар. Енди қудамдаллықты бузыўы мүмкин емес.

— Мыржық аға да буздыра қоймас,—деп салды Доспан жас жигитлик қылып.—Наятый сулыў қыз. Ондай сулыў аты қарақалпақта жоқ.

Ғаррының да қызығыўшылығы артып, қыздың мүшелерин тәрийплеўди сорады. Жас жигиттиң тилеги де усы еди, ертеклерде, дәстанларда сулыўлар қалай тәрийпленетуғын болса, мисли соған усатып сөйлеп, аўзының суўы шубырды.

— Жоқ, жоқ, қозым,—деп ғарры бас шайқады.—Сулыўлық сен тәрийплегендей болмайды. Сулыў қыз кең жаўырынлы, дуғыжым палўан билеклери бар, шашлары мийиздей қара ҳәм буйралаў, танаўлары кең, өзи қара торы, сендей жигитке қап қолдаса алатуғын болыўы керек. Ондай сулыў қатын байының маңлайына шүйел емес, бахты. Адамның маңлайына шүйел—өтирик, өсек, урлық болады, қозым. Биз бәрҳә ҳақыйқатлықтың тонын

кийип жасағанбыз. Сол ушын бахытлымыз. Набада дүньяға қызығып өтирик сөйлер, суғанақлық қылар күн туўса, бабаларымның руўхы бар деп ойла, мени ойла, бахытсызбан деп ойла, қозым.

Әке сөзин қат-қәлем қылып үйренген жас падашы азаннан бери кеўилсиз гул-гула салған абыржыўға да жуўап тапты, сулыўлық ҳаққында да бәсекилеспеди.

Ғарры баласының мумиясы шығып тыңлап отырғанына ырза болып қатық жуққан муртларын сыйпап-сыйпап жиберди де, даўам етти:

— Мынаў теңге Султангелдиниң «дәўлетбасы» өгизи қусап илайым саған «дәўлет басы» болғай.—Ол Қумар берген теңгени алақанына салып соқыр көзлерине сүйкеди.—Ертең басқа падашылар менен сөйлес. Үш-төртеўиңиз биригип бир шапан, бир шөгирме алыңлар. Бул заманда бас кийимниң ағласы селкилдек әреби шөгирме болып кетти. Ирети келсе, бир мәдели белбеўге жеткерсеңиз, жүдә жақсы. Алма-гезек той-пойға кийип барсаңыз, қыз қәлейтуғын сыныңыз болар еди. Қозым, неге мырс етпин?

— Қыялпазлығыңа күлемен-аў, аға.

— Өйдеме, қозым. «Қазанға салар асың болмаса да, жақсыны қыял ет» деген бурынғы даналар. Адамның нийети дүзиў болғаны жақсы. Балаға жақсы ат қойыў-әм маба. Заманында жаўгершилик көп болғаны ушын елде аманлық болсын деген нийет пенен менин марҳум әкемниң аты Аманлық қойылған екен. Ол өз нәўбетине елде жақсылық болсын деп менің атымды Жақсылық қойыпты. Жақсы нийет ярым ырыс, қозым. Иске аспаса да жақсы нийет жақсы. Елде адамлардың бир-бирине душпанлығын көрип, сенин атыңды айтқанда, жаўыз душпаның да «доспан» деўге мәжбүр болсын деп, Доспан қойғанман. Қудай нийетиме жеткерсе, адамлар теңлессин, жарлы бай менен теңлессин деген нийет тутып, ақлығымның атын Теңел қояр едим.

— Бинәй өмиринде жарлы байға теңлесе ме, спрә!

— Айттым ғой, қозым, жақсы нийетке сөз жоқ. Болмаса, жарлы менен бай тек ол дүньяда теңлесетуғынын билемен. Мәселен, аты қарақалпаққа әйгили үш ул өсирген Султангелди бай ҳәзир еки аршын жерге ғана ийелик қылып атыр. О дүньяда менің де солқурлы пайым бар. Әне теңлик! Ўай қудай кеширгей, қозым, өлиге де тилим тийди-аў! Султангелди байға, балаларына күтә көп қарызлыман. Сениң иңгәлеген даўысыңды еситкенде-ақ солай дегенмен. Ақ жарылқап күн туўып Айдос бий буннан да абыройлы болғай, хан болғай. Қозым, неге сөйлемей қалдың? Мен бүгин көп сөйледим бе?

Доспанның уйқысы келип көзлери перделенди, бирақ йошып отырған соқыр әкесиниң зейнине тиймей әңгимени қысқартыў ушын сорады:

— Аға, бийбаба Есенгелди атаның қызын инисине алдырмас деген қәўпиң бар ма?

— Жоқ!

— Мениң көзимше мин таққанын еслейди, алдырмайды. Бәслесемиз бе?

Ғаррының бойын зил қылып, тек гәп болып шығып турған өмир елеслери көз алдынан ушты да, баладай күлди:

— Бер, қолыңды. Айтпақшы қайсы сәрсенбиге жип кесискен?

— Алдымыздағыдан соңғы сәрсенбиге.

— Айтпақшы бәске не тигемиз?—деп ғарры бираз ойланып отырып баласының қолын жиберди.—Азанда айтайын.

Доспан сабан тығылған тери дастыққа қыйсайып, тым-тырыс уйықлады.

Азанда бәсти еслеўге әке-баланың имканияты болмай, күндегисинше ыссы суўға қатты нан жибитип жеп, тарқасты. Кеште Жақсылық ғарры жаңалық тапты:

— Еситтиң бе қозым, Айдос кеше инилери менен мәлеллесипти.

Бул жөнинде Доспан дүзде падашылардан, кеште қонақ жерине жыйналысқан бес-алты қонсы-қобаның әңгимелеринен еситип, олардың қыйлы-қыйлы баҳаларына кеўли наразы еди. Әкесине сораў берди:

— Аға, адамлар неге өзинен дәрежеси бийиклерди көп гәп қылады? Биреўлер өзинен дәрежеси бийиктиң көркейгенине қуўанады-әм.

Бүгин де бир майдан қуяшламаға шығып, олай-булай өткенлердиң сөйлесиклеринен аўылдың соңғы жаңалықларын еситип қалған ғарры улы келгенше тақатсыз еди. Оның бийпарўа тынлаўшы болмай сораў бергенине қуўжынлап, ушыўға таярланып қанат қомлаған қустай төсегин қымтастырып отырды:

— Буның мәниси: бул дүнья әзелий текше-текше қылып жаратылған, қозым. Ҳәркимниң өз орны бар. Ханлар, бийлер ең жоқары текшедеги инсанлар. Оларды көп гәп қылыўдың себеби, бизди жаў бәлесинен, даў бәлесинен сақлайтуғын бийик асқар таў— солар. Таўдың баўрайында жасаған халық жоқарының қасықабағына бағып тилегин тилемесе болмайды. Жоқары ләрзем алып, асықтай тас унираса төменге жумалайтуғынын мәлим. Аўа, қозым, жоқарыдан жумалаған асықтай тас, төменге түскен сайын үлкейеди, базда таўға айналып, талайларды мылжалайды. Неге тым-тырыс қалдың? Мениң дилўарым шығып, Аплатун болғанымма қарап «усыларды билсең, неге жарлысаң?» дегиң келип отырма? Өйдеме. Өмир деген көз жас пенен күлкиниң түйини екен, қозым. Оны ким қалай шешсе, солай жасар екен. Мен көз жас тәрепин шешкенмен. Егер сен күлкили жағын тапсаң, ең болмаса екеўимиз бир өмир жасаған болар едик. Солай, қозым.

— Таныслардың тәғдийрине ой жибергенниң өзинде сол түйининиң ләмли жағы басым ғой.

— Ҳә, бәрекелла. Сол ушын да адамзатта күлки аз, көз жас көп.

— Базда дүньяда жасаўды жүдә қыйынлатасаң, аға?

— Қәйтейин, қозым, шынлықты айтаман. Бирақ, бәрин жасап

көргеним жоқ, көбиси сезгеплерим. Жасаў бәрҳә жумбақ шешкен янлы екен. Адамларға ашшы болсаң қашады, душшы болсаң талайды.

Усылайынша күнде жатар алдында, өмир гәрдиши жөниндеги ҳәр қыйлы оңгимелер менен қызығып, олар «бәсеки» түўе, Мыржықтың келиншек түсирип «кеңес той» болатуғын хабарын бир-ақ еситти. Ғарры енди уйықлаўға жатайын деп атырған баласына түртки салды:

— Түргел, қозым. Кеңес тойға бар.

Доспан күлди:

— Ең болмаса, отын пуштарлас деп шақыртса екен?

— Еринбе, қозым. Кисиге көп уйқы да қайғы. Көп уйықлаған адам жақты дүньяның барды-келдисин аз көреди. Аш болсаң да, көп билген, көп көрген қуўаныш. Сәўирлеп қайт, абзалы «Кеңес тойға» отын сындырысып, кәтқудалардан гәп тыңлап қайт.

— Өйтип мен ертең кәтқуда боламан ба?

— Гежирленбе, қозым. Көп тыңлаў-әм өнер. Бабаларымыз жигитке жети өнер аз деген. Билгениң зыян емес.

Әке сөзин жығып көрмеген жигит ериншеклик пенен тикейди.

4.

Урыларды жазалаў үстинде инилери менен тарысқанын Айдос әлле қашан естен шығарды. Оның шубҳаланатуғыны Есенгелди еди. Келисилген сәрсенбиде қызын узатпас-әм деп гүдикленип «Кеңес той» өткермеген еди. Гүманлары надурысқа шықты. Ўәделі күни келин түсирилди.

Мине, ол «Мәсләҳәт үйинде», еки инисиниң ортасында. Атқосшысы Әлий от жағып отыр. Бегис пенен Мыржық өткен дықларын умытқан секилли жайма-шуўақланып ағасының аўзын бағып, той ҳаққында бас пикирин күтиўде, ал Айдостың қыяллары той үстинде турақламай, шартәрепти гезиўде. «Ханлық» деген әрманы және есине түсти: «Той ҳеш жаққа қашпайды, усы әрман жөнинде кеңесиў керек. Жоқ, булар түсинбейди». Елдиң тәғдийри бир өзиниң мойнына артылған жүк, тек, жалғыз өзи ғана узақларға ақыл жуўыртатуғын сыяқланды. Батырлығы менен елге белгили Бегис те, палўанлығы менен ҳәммениң аўзына түскен Мыржық та еле писпеген түйнек. «Буларға айтсам, ал соннан? Айтылмай уғып алыўды талап ететуғын нешше сыр жатпайды кеўилде? Усы жағын уғыўға екеўи де сөлекет, сырласыў бийпайда. Усыннан ел өз алдына ханлыққа ериссе, дүньяға атын жаймай ма? Жаяды. Аўа, солай! Бизлер-әм саўда қылар едик. Хийўа, Иран, Аўған, Ҳинди, Қытай, Мәскеў, Мәкария, Қазан, Орморға кәрўан жиберип, өзимиз де кәрўан қабыл етер едик. Үлкен-үлкен халықлар менен, қалалар менен теңлесип атымыз шығар еди. Ҳәзир не деген қорлықлы күн кеширемиз? Қайсы ханға я қайсы атақлы қалаға бүркит болып барағой, бәрибир зоң ғарғадай көреди, бүлбил болып барағой,

бәрибир, жаў шымшықтай көреди. Буларға түсинетуғын, сырласатуғын ақыл ийелери қәне? Мынаў екеўи ме? Еле аўзының сарысы кетпеген палапанлар! Ханлық жоқтан бар болыўы тийис нәрсе. Бул ушын күшли қоллар, кең көкиреклер керек. Олар қәне? Қайдан табылады?» Ол усы жерге келгенде және тубалады. «Мынаў екеўине ҳәзир айтпаған да, күймеген де мақул». Енди ол ханларға тән қылыў менен ҳәрекет қылып, ертеңги тойдың бәпеси менен ел дәстүрине әллеқандай жаңалық енгизип көриўди ойлаўға өтти. «Қандай жаңалықлар бар? Не болса да, Хийўа ханына жеткерилсе, изи қәреп! Ашыўшақ, қәҳәрли хан қоластында өзинен урықсатсыз ат киснесе, ўәзирлери менен әскербасылардың ишкенин қарақан қылады. Биз кимниң ишкәрасы?...» Ол не жаңалық тапса, мәнисин еки инисине де билдирмеўге қарар қылды.

Жас үлкенниң қандай ойы барлығынан бийхабар еки иниси еле ужыбатлы кеңес күтип отырыпты.

Әлий шыбынның қанаты шелли дыбыс шығармай кирип-шығып, ошаққа томардың шоғын лаплатып қойыпты.

Орта жасқа келгенше ағасының алдында бийўәж сөйлемеўге өдетленген Бегис, оның менен тәлими бир Мыржық усы сапары күтә ишқысталықта, асығыс. Айдостың пәрўайы пәнсери, олардың бары-жоғын сезбеген секилли. Бир гезде оны ой қыстады ма, ямаса үйдиң иши ысыды ма, басына ораған белбеўин шешип тақыяшаңланды. Айдос күтә аз жағдайда усылай жеңилтекленетуғын еди, еки иниси еки шекесиндеги самай шашларына қарап, ҳәм даналықтың, ҳәм пәмсизликтиң уясын көрди, бирақ гәп баслаўға батына алмады. Бир гезде Айдос:

— Той жөнинде әўеле Мыржықты тыңлайық. Әлий, маған көпшик әперши,—деп ат қосшысы жүктен әперген пәр көпшикке жанбаслады.

Үйдиң ҳаўасы тазарғандай, нәпеслер жеңиллескен секилленди, жаслығы ҳәм муртының қаралығы болмаса, үлкен ағаларына усап қалған Мыржықтың шеп қасы үстиндеги мең бир қыймылдап, сөйлеўге нийетленди. Қандай кеңес үстинде сөз берилседе, «әжағам биледи» дейтуғын жигиттиң озбырлығы Айдосқа онша унамады, ал Бегис оң қасын бир қыймылдатып «айта бер» деген ишарат аңлатты.

— Меницше, той үлкен болыўы зәрүр,—деди ол,—Әжағамның алыс-жуўық қалалардағы дос-яранларына қоса, өз елимизден қырық урыўға қонық берилсин.

Айдос ошаққа қараўы менен селк-селк күлди. Ҳешким оннан бундай кейип күтпеген еди, ҳайран болысты.

Көзди ашып жумғанша бий күлкисин басып маңлайын шытты. Шеп қасының үстиндеги мәштей меңи муштай сыяқланды, еки инисинен де, отжаққышлық қылып отырған атқосшыдан да кейип қашты. Бегистиң қәҳәри бетине урып, оның да шеп қасы үстиндеги меңи керисинше, жоқ болып кеткен сыяқланды. Ол бойдақ еди. Буның себеби: атағына буйырып соқтырылған отаў ти-

гилген күни, пәтия оқысқан қалыңлығының суўға кетип өлгени жөнинде хабар келди. Сонда ол: «усы хабар ырас болса, қайтып үйленбеймен, ендиги өмирим урыўдың, озса, пүткил елдиң машқаласына арналады» деп серт еткен еди. Сүйген қызының дәрьяға шомыламан деп шүмип кеткени тастыйықланды... Бегис сертин тутты, киши ининиң қыз алыўына рухсат берди. Ал, Айдостың ҳәзирги кекетиў күлкиси ишин дүткеш қылып жиберди:

— Ғәрежет жетпес деп қәўипленбе,—деди ол күтә нықланқырап.—Бийдиң қалтасы байлар деген гәп бар. Шығынның орны толатуғыны гүмансыз. Абайла, Мыржықтан соң қыз алатуғын иниң жоқ. Мениң сертим-серт. Қорықпа. Ақылы зыят аға менен емес, ақылы өзиме тең ини менен жасаў, маған жеңил.

Бегистиң кескин гәпине Мыржық та, атқосшы Әлий де таңланысты. Айдос сыр бермей, иши толы зерде менен мыйығынан күлип сорады:

— Той не ушын берилетуғынын билесең бе?

— Келин түсиргенимиз ушын,—деди Бегис кекетип.

— Әй, шыйратылмаған арқан,—деп ашыўланды Айдос:—Бил, мийиңе қорғасын қылып қуй, той қуўаныш ушын, қуўанышынды ҳақ кеўилден бөлисетуғын адамлар ушын бериледи. Тойдан адамлар қуўанып кетиўи керек.

— Қуўанышынды ҳақ кеўилден бөлисетуғын атасы басқа түўе, туўысқанын болатуғынына да гүман туўды,—деди Мыржық.

— Ладан күшик, сен сөйлемесе,—деп жекиринди Айдос. Сабырлы бийдиң не ушын шәртимекленип отырғанына түсинбей, шийге қулағын басып турған биреў болмасын деген гүман менен Әлий сыртқа шықты. Отынның арасында қунжыйып отырған Доспан, ай жақтысында Әлийдиң көзине түсип қалмаў ушын, мойнын ишине тартып кирпидей думаланды. Әлий қайтып киреринкирмесин билмей, далада тура берди. Үш туўысқан арасында тартыс күшейди:

— Сен усы қызды алыўға әзелден қарсы едиң,—деди Бегис жеделленип.—Себебине енди түсиндим. Мал қызғанады екенсең.

— Журт мал сақласа, тойға буйырсын дейди. Бизиң маллары-мыз кимниң қарасына сойылады екен?

Жақпаса, өз пикирин айта сала түргелип кететуғын бий, бул сапары бираз жуўасып, тойдың дәбдебесин кемитиўдеги мақсетин түсиндириўге өтти;

— Мен усы жасыма келгенше көп нәрсениң парқына бармаппан. Енди бираз ақыл жыйған сыяқлыман. Бул той үлкен той болыў кереклиги дурыс, лекин, тойып дәстурқанға түпиретуғынларды шақырғым келмейди. Бул тойға ең әўеле ким қуўанады? Усы үшеўимизге қоса, мениң атқосшым қуўанады. Қолдаўлы урыўына келсек, Мыржық қыз алғаны ушын емес, урыўға жаңа шаңырақ қосылғаны ушын қуўанар. Аш-арықларға пай жетип бир тойса, бир қуўанады, ўәссалам! Басқа урыўлар қуўанышынды бөлисиў ушын емес, сынаў ушын келеди. Тойда қанша көп бийорын ысы-

рап қылғанынды көрип қуўаныў ушын келеди.

Ишинен күйинип отырған Мыржық ағасының әңгимени неге тоқсыратуғынын күтпей, шыдамсызлық пенен бөлди:

— Қысқасы, тойды аўылдың қазан садақасына айналдыраман десеш.

— Араласпа дедим ғой, Мыржық. Келинди сен әкелген менен, той ҳәм оның абыройы мениki.

Он еки мүшеси мыстан қуйылғандай нық денели Мыржықтың ала көзлерине қәҳәр толып, ағасына олыя қарады.

— Биз сениң көлеңкеңдеги сары шөп екенбиз дә!

— Сабырлылық қылып тыңлап алың,—деди Айдос жаңбасланған қәддин бузбастан.—Қырық урыўға бийорын сойылатуғын малды руўдың қырқ жетимине бир-бирден жетелетсек, қырық мөмин қуўанатуғынына көзимиз жетеди. «Пәленшениң тойы» деген даңқ сонда болады.

— Ҳәркимниң үйине барып сойып жейтуғын мал үлестирип, ақ үйли болдық па? Ўәй, бул не деген бахытсызлық!

— Мыржық, сен түсинбей қалдың,—деп Бегис оны жубатқан болды.—Оннан да елдиң жетим-жесирин биз тойдырамыз ба, қудай тойдырсын де. Хан тойдырсын де.

— Хан деген-әм биздей қарапайым адам. Биз берсек—ханның бергени!—деди Айдос.

— Ҳа, ханға жаранбақшыман, де! Хийўада хан тухымы жаңарғанға, сениң ақылың жаңарғаны ма бул? Өйтпе, пәмле, Хийўада хан тухымы жаңарғалы пүткил Хорезм шуқырының жәнжағы жыққынлап кетти.

— Ханлық шығырының диңири өзгерген менен керизи гөне, жыққынлары да үйреншикли,—деди Айдос.

Ашыўлар ҳәркимниң өз кеўлин айтқызып, тартыстың избе-излилиги бузылды.

— Журттың ендиги арқа сүйери Қоңырат шәҳәриниң ҳәкими болса керек,—деди Мыржық.

Бетине қарсы даў айттырмай үйренген бий қанша суўық қанлылық тутса да шамырқанып, тикейип отырды.

— Қызы үйге кирмей атырып әкесиниң сөзин сөйледиң бе, шөже қораз? Әттең, ғыйбат қылыў жақсы емес! Бир сапары мейли, Төремурат суўпыники қуры бахталаслық. Көмпек қораздай, кекилин қанатыўдан басқа қолынан түк келмейди! Әлий! Ишкериле! Азанда аўылға той болатуғынын хабарла ҳәм жетим-жесирлердиң есабын алып, алдыма қырқын әкелесең. Ҳәр қайсысына бир мал жетелетемен! Қайт, дем ал.

Әлий кетиўден Бегис пенен Мыржық Айдосқа алма-гезек алып-топылды.

— Сен кеўли соқыр адамсаң!

— Сен тәкаббирсең, даңқпаразсаң!

— Сенде қанхорлық бар!

— Еки жүзлиликтен де қуры алақан емессең!...

Айдос әўелинде қанасына сыймай исинип еди, енди пайдасызлығын туйып, оларды бөлместең, мардыйып отыра берди.

— Дәлил келтирип айтыңлар!—деди тек бир тыныспасында.

Бағанадан берги ашшы сөзлери шыбын шаққан шелли тәсир қылмағанына Бегис әбден ашыўланды:

— Егер көўилсоқыр болмағанында, даңқпараз болмағанында, халықтың ғамын жер едиң, журттың тапқанын жыйып, Хийўаға тасымас едиң...

— Тәкәббир болмағанда бизлер менен санасар едиң,—деп Мыржық та қосып қойды.

— Аңғарасаң ба,—деп даўам етти Бегис.—Пүткил халық түўе туўысқанларыңды аяқ асты қылып жүрсең. Урыўдың тәғдийри былай турсын, еки бирдей қаналасыңның тәғдийрине кеўил бердиң бе? Сен де бир, шақасыз, жапырақсыз, собырайған қуў ағаш та бир. Омырылып сынған күни жанбасына бир урасаң. Билесең бе, Хийўаға жаранаман деп елди балығы көринип ойнайтуғын тынық көлге айландырдың, ким болса сол бир шабақ ушын ылайтып жүр. Бабаларымыз неше ирет мантыққан, бизлер енди неше ирет суў жутамыз? Қеўлиң соқыр болмаса, Хийўаға сонша барып жүрип, қат-қат гүмбезли жайлар, мешит-медиреселер қалай питип атыр деп ойладың ба? Ойлаған емессең. Менин елимде сондай көрикли жайлар неге жоқ деп ойладың ба? Ойлаған емессең! Сорлы халық қанша мийнет қылып, қанша жер аўдарады, қанша мал өсиреди, бәри қайда кетип атыр? Хийўаға ханға апаратуғын ким? Айдос! Мейли, апар, бирақ сеннен биреў: «Әй қарақалпақ, баслы шәҳәриң, мәкан жайың қайсы?» десе, жуўабың бар ма? Жоқ. Хийўадан берман ушқан қусты жыл қусы деп пәмлейсең, ғарғасын қаршыға дейсең, шымшығын бүлбил дейсең.

Бегистиң гәплери, өзинин соңғы күнлердеги кеўил әндийшелерине сәйкес келгени ушын парасатлы мыйық тартып тыңлағаны менен, мойынламады. Себеби, ол Бегисти өзим дәрежесинде көп көрген, өзим дәрежесинде көп биледи, өзим дәрежесинде ел тәғдийрине жан ашытады деп есине де келтирмеген. «Айтып отырғаны—талабы орынланбағанға парты шығатуғын күйгелектиң кисини кемситиў ушын табатуғын сандырағы» деген қыялдан ары кетпеди. Сөйтсе де мийи гүў-гүў еди.

— Әй бирадарлар, мен өз жеримди, өз халқымды ҳешкимнен кем сүймеймен,—деди ол.—Сизлердиң айтып отырғаныңыздың бәри тайын отаўға сән ушын илдиретуғын баў-шуў,—деп ол сабырлылық менен қайта жанбаслады.—Ең баслысы, отаў тигип алыў керек. Бул отаў ханлық, қарақалпақ ханлығы, ладанлар!

— Ерништиң сумы үй-ишин уйқыға жатып атырғанда басын көтере сала: «Ҳәзир қуяш шықса, көп жумыс ислер едим» дейди.

— Не мүддәҳәциз бар?—деп Айдос бирден пәтленди.

— Мүддәҳә сол, елге шигит әкеле алмаған жаманлығыңды бүркеймен деп пахта урыларын көбейттиң. Қаўын урысын...

— Усыннан той кеўилимиздегидей қылып берилмесе, аўылдан көшемиз.

— Мейли, көшиңлер. Қояң менен алысқан қаршығаның еки пәри түскен менен, ушыўына зәлел келмейди.

— Жоқ, жоқ, Айдос бий,—деди Мыржық қызып.—Сен сол қаршыға болып ушсаң, биз еки қанатыңбыз, қанатыңа оқ тийип жорғалар күн туўса, еки аяғыңбыз.

— Сен албыраған үйрек болып, артыңнан суңгип атырсаң, Айдос бий,—деди Бегис.

— Ўаззаҳаны азайтыңлар!!

Жәнжел, Айдостың «Мәсләҳәт үйинен» атлығып шығыўы менен аяқланды.

* *
*

Доспан қайтып келгенде әкеси еле ояў еди, өңменин көтерди:

— Келдиң бе, қозым?

Оның даўысы уяң еситилген менен, билиўге қуштарлығы сезилди.

— Аға, барғаным жақсы болыпты,—деди Доспан шүтик шыраны излеп жүрип.—Бул дүнья текше-текше дегениң ырас екен. Текшелер—тек урыўлардың арасында, бай менен жарлылар арасында десем, ҳәр шаңырақтың арасында, оның ҳәр бир жанының, ҳәр туўысқанның өз тәкшеси болар екен. Бириникин бири қызғанып, бириникин екиншеси ийелер екен.

— Уйықла, қозым.

Доспан шүтик шыраның емески нурында бойраның үстине бир терини жайды да, гөне гүписин айқара жамылып, еки алақаның басына дастық қылып жатты.

— Аға, ҳәзир тыңламасаң, ертеңге шекем жарыламан.

Ғарры бираз жадырап, сергекленди.

— Қулағым сенде, қозым.

Доспан еситкенлеринен түк түсирмей сөйлеп берди. Бийшара ғарры оны тыңлап болып та, бир майдан ойланып жатты.

— Жаман жик ашылған екен,—деп ғарры кеселге шатылғандай сарсылды.—Адамның көргеплери де, еситкенлери де ишкен тамағындай, қозым. Сыртқа шығып турмаса болмайды. Диянатлы адам не ишкенин жәрия қыла бермейди.

— Түсиндим, аға.

— Әлий күтә тымырық адам еди. Үш туўысқанның арасында пайда болған алакөзликти өзгеден түўе өзлеринен де жасырып келген екен дә. Әне, етине сызлаўық шықса, ашыйды деп ўақтында өзегин сығып тасламасаң, изи усылай жараға айланады.

Доспанның әкесинен еситежағы үш туўысқаннан ҳәрқайсысына баҳа еди.

— Менинше, бийбаба ҳақ,—деди ол шыдамай.—Усы тойдан баслап, ҳәр тойда қырқ жетимниң мал жетелеўи дәстүрге айла-

ғып кетсе, оннан артық қандай даңқлы той, олардан артық қандай жомарт, қандай бахытлы туўысқанлар болыўы мүмкин?

— Дурыс түсингенсең, қозым. Бегис күтә қызық жигит... «Әй, қарақалпақ, мәкан жайың, баслы шәҳәриң қайсы десе, жуўабың бар ма?» дермиш. Мәкан—Әмиўдәрьяның аяғы. Биз қусағанға шәҳәрдиң не кереги бар? Гөрдей төледен қутылып, жердиң бетине жаманлаў үй тигетуғын ҳалға жетиссек, әне, шәҳәр сол! Айдос бий усы жағын ойлаған. Ол ақыры, уллы Маман бийден тәлим алып қалғандә! Сендей жигитлерге алма-гезек мал, кийим берип, өжетлсў қызлардың әкелерине өзлери ара түсип шаңырақ қылып жибергенде, заман қандай болар еди. Бийшараның атызына суў ағажақ болса, әйтеўир бир бөгет табылады. Үш туўысқанның алаўызлығына Есенгелдиниң араласы бар ма деген гүдигим бар. Заңғардың дығын инилери әпережақ екен ә! Уйықла, қозым, қудай олардың өзлерине инсап берсин.

— Қайтып жарасарма екен?

— Ели-халқым деп ат шапқан жигитлердиң бәйги сызығы биреў болады деген гәп бар. Нийетлери дүзиў болса, жарасады.

— Аға, неге өзимизден зорларды гәп қылғымыз келе береди?

— Пәстегилер жоқары текшедегиниң қас-қабағын бағып жасайды...

— Ҳа-а, кешир аға, бурын да сорап едим.

Ғарры, баласының уйықлап кеткени менен иси болмады. Сөйлей берди.

— Және қайталайман, қозым. Бизлер бийлердиң қас-қабағын бағамыз. Олар тыныш болса, пухарасы тыныш... Пухара деген ким? Ең пәс текшедегилер. Аўа, қозым, мәңги есинде болсын, бизлер геўде, олар бас, олар геўде болса, бизлер аяқ, олар аяқ болса, бизлер етик, олар етик болса бизлер ултарақ. Дүнья әзелий солай жаралған, биреўден биреў я пәс, я бәлент. Хорезм шуқырында ҳәммениң бийиги хан. Айдос ханлықты күсесе кеўлинде бир әндийше бар шығар. Сыры қупыя адам... Уйықладың ба? Мейли, уйықлай ғой. Көп мыжып мазаңды алдым, уйықла, уйықла...

5

Еки инисиниң қанша шыр-пыры шықса да, Айдос тойды өз ойындағыша өткерди. Тысқарыдан мийман шақыртпады, қырқ мөминге қырқ бас мал жетелетти.

Айдостың бийлик дәўиримдеги таңқаларлық бул ўақыяны минлеўшилер де табылды. «Инилериниң даңқы көтерилиўинен қорқып, оларға шеп ис ислеўге өтипти» деген сыпсың гәне қыслаўға тийген оттай лаўлады.

Той тарқаўдан көп узамай-ақ Бегис пенен Мыржық Айдостан пайлы малын бөлип алып, аўылдан көшти. Оларға қосыла бираз қатар-қурбылары да үй-ылашықларын жықты, ҳәттеки, тойда мал жетелегенлердиң де биразы қозғалаң тапты. Жәндулла гүрреңиң

топары да тойда тийген баспақларын жетелесип көштиң изине ерди.

Айдос инилерине тәўелле қылдырмады, олар менен қоныс өзгерткиси келген аўылласларын да иркпеди.

Сырттан қарағанда толы табақтай көринетуғын аўыл шайпатылып, әдеўир орталанды. Гөне журтлар, гөне ошақлар аўылдың өпшерин қашырды. Айдос буларды көрип дағдарысқа түсти. Қыялына «мәсләҳәт үйиниң» жартысы сынғаннан, суўықта кийген топын биреў зорлық пенен шешип алғаннан кейин емес. Қоз жутқандай ишеклери ашыйды, гүрсинеди, турып тақаты, отырып парасаты жоқ, таң атса, күнниң батыўы, батса, күнниң шығыўы мүшкил.

Жасы қырқтан өтеғаба көрген Ырза, Төре атлы еки улы бар. Үлкени жетиде, кишкенеси бесте. Соларды дизесине миндирсе, күтә заўықланып, барлық мусаллатты умытатуғын еди. Басқаларға сыр алдырмаў ушын оларды қасына шақырып, әжик-гүжик әңгиме қурады, бәри бийпайда! Таң ата сәлем берип келетуғын атқосшысы Әлийге де жумыс тапсырмайды, онша сөйлесип жарымайды.

Есенгелди менен аразласыў ҳәм урыўдың, ҳәм пүткил елдиң бирлик қабын бүйиринен тесиў сыяқлы еди, енди сол бирлик қабының түби биротала ойылып қалған тәризли... «Усыны я Бегис, я Мыржық түсине ме? Түсинбейди, өжет буғалар» деген жуўмаққа келди және.

Кимге сырласыў керек? Ким жаны жай тапқандай кеңес береди? Бул жағада өзинен басқа ҳешким жубата алмайтуғындай көринип, далаға шықты. Қораның қуяшламасында отлап атырған «дәўлет басы» өгизге өзи от салып, шақларын сыйпалап тур еди, «Мәсләҳәт үйиниң» қуяшламасында асық ойнап отырған дасқал еки улына көзи түсти.

Киши улы Төре «алшы!» деп, алақанын жанбасына бир урып еди, бурқ еткен шаң астында тислери жылтырап, күлип қоя берди. Әжағасы Ырза, дәрриў қолларын жерге тиреди де, уртын томпайтып үкесине тутты. Төре қолының күши барынша сарт еткизип лоппық алды ҳәм мәс болып күлди. «Тоқта-а,—деди Айдос өзинше.—Булар-әм бир-бирин утса мәс. Егер Ырза лоппық бермесе, ойыны бузылып Төре кетип қалар еди... Қыялы түспегир қайда баратыр? Бизлер бала емеспиз ғой... Жасы кишиге бас иймеймен!..»

Туўрылап киятырған атқосшысы көринди:

— Әлий, ханға салық апарыў мүддетимиз қашан еди?

— Бир ай бар.

— Олай болса атлан! Аўылларға және жар сал! Адамлар мойнындағы салықларын тез-тез әкелип тапсырсын. Бегис пенен Мыржықтың-әм аўылына бар. Ҳа анаў атланып баратырған Қәдирберген бе? Маған қайтарып кет. Оған да ис бар.

Айдостың ғул-ғулалы кеўли бираз жубаныш таўып: «Жаңа ақыл келди,—деди ишинип.—Ханға бараман, ашық кеңесемен!»

* *
*

Бегис менен Мыржық күтә қолайлы қоныс орнын тапты. Бир жағы балығы мол көл, бир етеги басыў, суўы қайтыўдан арпа-бийдай ексе болады. Қаўын-асқабақ егиўге де ыңғайлы, дәрьяға да тийик, керек болсаң, жап қазыў мүшкили аўыр болмайды. Екиншi жағы кең мал жайлаўы. Үшинши тәрепи жыңғыл менен қамыс аралас сығасқан тоғай, бунысы қыста ҳәм ық, ҳәм отынға қолай. Төртинши тәрепи өркеш-өркеш қум, ашлықтан бәҳәрге жеткенлер гешир орнына көсик излеп-ақ күнелтеди.

Жаңа мәканға қызығып басқа аўыллардан көшип келиўшилер де табылып турды. Еки туўысқан өзлерин еркин тутып, олар менен әбжил сөйлеседи, ҳәрбириниң қәлеўинше қоныс жай көрсетеди, базыларына ирге орын қыршысады.

Дәл толысқан қыздың көкирегин еске салатуғын етип дөңеслеў алаңға тигилген қос отаўдың айналасы кеңейип, үйлер, ылашықлар пайда бола берди, төлелер қазылды, бәҳәрге шекем аўыл бираз ен жайып, жүзлеген түтинге жетти.

Аўыл атақлы адамлардың дыққатынан да шетте қалмады. Гиреўгелер келе баслады. Қоңырат шәҳәриниң ҳәкими бир өгизди бас қылып, ҳәр малдың түринен бос қалдырмай жәми он-онбес қараның басын қосып айдатыпты. Мыржықтың қайнатасы, Есенгелди де жаңа шаңыраққа қарасық деп сол қурлым мал жиберипти. Базылардан сойыслыққа бир қой, я бир тана, болмаса отаўларына жабатуғын үзик, төсенетуғын кийиз келди. Ким гиреўге берсе, оның бул айралыққа қуўанышлы, Айдосқа душпан көзли екенине еки туўысқан да ой жиберместен, «ели-халқымыз мириўбетли» деп қуўаныслы. Көп өтпей-ақ аўылдың атағы «Бегис аўылы», «Мыржық аўылы» болып көп жерге жайылды. Әллеқайдан тойға, я садақаға айтып хабаршы келсе, еки басшыға жолықпай ҳеш түтинге ат бурмайды. Бул жағдай екеўин де қуўантып, бир-бирине ырзалық мыйық тартысларын көбейтти. Екеўи де толысып семирди.

Бегис дем алғысы келсе, я уйқыға жатарда отаўына кирмесе, көбинесе Мыржықтикинде болады.

— Мыржық, — деди бир жола Бегис. —Егер айна болса, шырайыңды көрип таңланар едиң.

— Бизлер бир-биримизге айнамыз, —деди Мыржық марапатлы күлип.—Айта бер, не өзгерис бар?

— Бурын ҳақыйқаттан-әм көлеңкеде өскен тал едик. Самал қағып, қуяш түсип, адамгершилик әпшимиз кирди.

— Ҳә, сен жаңа сезип жүрсең бе? «Бегис аўылы», «Мыржық аўылы» деген сөзлерди қулағым шалғанда-ақ екеўимиз де гүжимге айналғанымызды билгенмен. Ырасында Айдосқа не зыянымыз тийди? «Айдос аўылы» болып өз атағы менен қалды. Ҳәр бир нарт өзинше өсип, гүжим көбейсе зәлели жоқ. Енди қәйин атам

шақыртылса, Қоңырат ҳәкими менен арамызда беккем кепсер болар еди.

Бегис бираз ойлы ишинде отырып кеўли ырзалық пенен мыйық тартты да, үнсиз түргелди.

Қумар сулыў ортаншы қайнағасын да, ерин де тең сыйлайды, ҳеш бирине қабақ шытпай хызмет етеди. Базда иши зәрдеге толып кетсе де, өзин тутып, тисленип қалар еди. Келиншек болыўдан атақлы үш туўысқанның айырылысқанын еске алса қынжылады, тили ашшы биреўдиң «үш айғырды шайқастырған қасаң байтал» деўинен қорқып, қоңсылас келиншеклерге тикленип қарай алмас еди.

— Төрем, — деди ерине налынышлы тилге келип.—Ер жигит қатынының урыўы емес, өз урыўы менен мақтанса арзыйды. Уллы бий қайнағаның өзи араласпаса, Қоңырат ҳәкими менен дослықтың кепсери мәйектиң қабығынан мықлы болмас деп ойлайман.

— Дослықтың мәнисин сең не билесең?

— Билемен, төрем. Сениң есигиңе түсип әбден билетуғын болдым. Егер еки адам дос болғысы келсе, мейли олар туўысқан ба, мейли олар ерли-зайыплы ма, мейли олар бир бирине қол берисип нан усласкан тең-қурбы ма, бәри-бир, биреўи өз пайдасын ойламаўы керек, ҳәтте, өз атынан ўаз кешиўи лазым. Сол ушын да бирликли шаңырақ бир адамның аты менен аталады. Бирликли туўысқанлар да, бирликли аўыл да усы жолдан жүриўи шәрт.

— Мәккарлығына қара заңғардың, — деп кекетти Мыржық.— Өз әкесинен қайнағасын артық көрермиш.

Ҳақ кеўли ғәрремге айналған келиншектиң көзлеринен еки тамшы жас шықты, бирақ, өжет ерине билдирмей, айдыллы халақасының ушы менен сыпырды. Мыржық қайтып тилге келмей-ақ, даладан Бегис шаўқым салды:

— Мыржық, ўәлий екенсең, түргел! Қуданың өзи киятыр.

Ол апыр-топыр далаға шықты. Қумар асықпастан үйдиң төсеклерин қайта салыстырыўға киристи.

Бөлингели бундай сыйлы қонақ күтип көрмеген еки туўысқан күтә албырақласты. Ҳүрметли адам күстаны қылып жүрер деген пәм менен Айдосқа адам жибериўге үйғарып еди. Бул ойласық Есенгелдиниң қулағына тийген екен. Бегисти шақыртып ескертти:

— Қысылмаңлар. Өз туўысқанларын аяқ асты қылған дақпараз биз бенен бир үйге сыймайды.

Гәп кесилди.

Аўыл жигитлери өз-ара хызмет бөлисти.

Ҳәммениң дыққат орайында жалғыз Есенгелди. Әбден қартайып бели бүгилген ғарры қардай аппақ сақалын ара-тура сыйпалап, тислериниң сары-қызғыш туқылын тез-тез көрсетип жолжөнекей көзге илинген нәрселерди гәп қылып отыр. Көп жасап, көпти көрген атақлы ғаррының ҳәрбир гәпинен даналықтың дәнесин излеген хызметкер жигит-желеңлер кирсе, шықса оның әңгимесине қулақ түреди.

Мийман гәптен гәп балалатты

— ...Айдостың базы ислерининң ақырына ой жиберсең, қудыққа үңилгендей боласаң.

Ший сыртында дүрсилдеп жүргенлер тым-тырыс бола қойды. Ғарры буларды сезди ме, сақалын қамтымлап көзлерин сүзип, азғана ойланып алды да, даўам етти:

— Оған көп жәрдем еткенмен. Шыққан пәтте жақсы еди. Жетимлерге қырқ баспақ үлестирип, изин не қылды? Айралыққа әкелди. Бул оның ғарғысқа ушырағаны, кисиге киси берип бай қылалмайды. Ҳәр кимге қудай береди. Қоңырат шәҳәрининң уллы ҳәкими Төремурат суўпы бир әңгимесинде «ҳәркимниң талайына жазылған ығбалы бар, бәри айланып соған келеди» деген еди... Жетимге—жетимлик, байға—байлық әзелий жазылған... Айдос әзелде қытымыр еди. Инилерим табады деп хатамтайлық қылып жүр. Инилерим табады деп Хийўаға қосып апарады.

Есикте бир дизелеп от жағып отырған Қумар әкесининң үш туўысқан арасындағы аразлық жигин кепсерлеў орнына сына қағып отырғанын жақтырмай гәпке араласты.

— Аға, бир нәрсе сорайын ба?

Қутилмеген сораў ҳәммени жым-жырт етти.

Есенгелдиниң Елгелди атлы улынан қызын ақыллы ҳәм қыйын-қыстаўда гәп тапқыр деп ойлайтуғын еди. Сол ушын ҳәм ҳүрметлейди, ҳәм айбынады. Ғарры албыраңқырап, бирден бас көтерди:

— Сора, ерке қызым?

Қумардың айдай жүзи жегдесиндей қаралтым-қызылға дөнип қәлем қаслары бир жерге үйилип, өлпең тил қатты.

— Адам қусқа мегзейдимиш. Ырас па, аға?

— Не зәрүрлиги болып қалды, қызым?

— Адамды қусқа теңгеретуғын қанаты — тили дейди. Соны билмекши едим, аға?

— Солай, қызым, солай.

Қумар бираз ашылысты. Жегдесин сәл түриңкиреп назлы сөйледи:

— Таң азаннан қоңсымыздың қорасына қонақлап шық-шықлайтуғын бир ҳәкке бар еди. Дым жек көретуғын едим, сол үйдиң баласы ҳәккеге желле қурып услап, қанатларын кесип таслаған екен. Әўеле жек көрсем де, енди я аярымды, я аямасымды билмеймен.

Келиншегиниң ҳешнәрсеге қатнасы жоқ гөдектиң гәпин айтқанын жақтырмай:

— Ғаррыға еркелеп қал, әбден, — деди Мыржық муқатыў күлкиси менен.

Есенгелди қызының астарлы гәпине түсинип, тилине пәки таялып қалғандай сезинсе де сыр бермеди.

— Тамаша ўақыя екен, қызым?—деди ҳайран қалған болып.— Және қандай қызық бар? Апаңа айтып бараман, еситсе жүдә мәс болады.

Ақыллы келиншек ақылсыз әңгимеге тойтарыс бериў ушын ай-

тарын айтса да, басқалар алдында әкесиниң мат болыўынан қорқып, оқ кирпиклерин ошақтан айырмай мүләйимсиди.

— Тек сол еди аға, — деди ҳәм қустай ушып турып шығып кетти. Аздан соң есиктен басын көрсетип Мыржыққа «хабарлас» деп ым қақты. Мийман булардың бәрин елестирмегенсип, үзилискe түскен гәпин жалғастырыўға урынды:

— Мине, ақыры айналып Бегис пенен Мыржықтың маңлайына қуданың жазғаны болды. Қуяшқа шықты. Көрдиңиз бе, пәкизе ел ағалары. Айдос наятый сум дә. Қырқ жетимди маллы қылғанда, соларға жаны ашығаннан дейсиз бе? Жоқ, ол биреўге жақсылық етер алдында да, өзине қанша пайдасы барлығына көз жиберип өлшейди. Бир ойлағаны бар екени сөзсиз.

Мыржық қайта кирип, Айдостың атқосшысы келип турғанын хабарлады.

— Түйирли гәпи бар ма? — деди Есенгелди.

— Хан салығын тезирек өндириўди хабарлап жүр.

— Қутқиңиз келсе, оны басқа үйге түсирерсиз.

Қәйин атасының кейпин билген соң Мыржық Әлийге өзи барып жуўап қайтарыўға арланып, ший есиктиң сыртынан, әллекимге «Әлий кете берсин» деп, орнына отырды.

— Ақырзаман жақынласа керек, — деди Есенгелди жүдә пәруўайсыз. — Бул заманда кимди гәп қылсаң сол тайын. Бирақ, Айдостың жөгилиги жақпайды маған. Елге жаранаман деп қырқ баспағын үлестирди. Енди ханға жаранаман деп олардың маңлайын қайтадан қыршыйды. Биз билген әлемде Төремурат суўпыдан алғыры болмаса керек. Елдиң ырысқы деп Хийўа ханына пысқырып қарамайды...

«Киси өмириниң ақырында дана бола ма, я түлкиге айнала ма? — деген ой келди Бегиске. — Бир заманлары өзи де Хийўа хан деп ат шапты, бүгинлиги не деп отыр? Ханға қарсылық — қудайға қарсылық деген усы кисиниң өзи емес пе?... Бәлким, бул бир өсек шығар. Бул киси жаслығында Ғайып ханды өлтирген. Инаныў керек. Жоқ, бул мәртлик емес, «хансыз ел бассыз өли гөўде» деген Мурат шайық».

Ортаншы қудасының бет әлпетинен ишиндегисин оқығандай-ақ, қонақ оған бурылды.

— Бегис, неге ойланып қалдың?

Ол жуўап берип үлгермей, есикке Айтмурат қызыл беттиң аты келип тоқтағаны хабар етилди.

Ҳәмме ушып турды. Есенгелдиге шекем түргелип сәлемлести.

Қызыл бет көп егленбестен жумысын баян етти. Келеси жумада Гөне Үргенч шәҳәринде жүдә үлкен той бар екен. Соған шақырылған Төремурат суўпы Қоңырат шәҳәриниң бас палўаны болсын деп Мыржыққа мирәт салып жиберипти.

Хабар ҳәммеде жанланыў пайда қылды. Мыржық қуўаныштан қуўжынлап қоя берди.

— Тойға уллы ҳәкимниң өзи бара ма? — деди Бегис.

— Барғанда қандай! Сизди қалмасын деди. Айтпақшы, уллы ҳәким сизлерге жүдә ыразы. Сәлем айтты. «Әзелий дана, өз халқына пана болатуғын қос периште саяда жүр еди, енди жүзлеринен қуяш қағатуғын болыпты» деп қуўанды. «Қарақалпақлар енди көркейеди, тап сол екеўиниң аты менен атын әлемге жаяды» деди.

— Алла зият етсин, — деп туўысқанлар ушын Есенгелди жуўап берди. — Жайласып отыр, қонақ ҳақыңды жеп кетесең.

— Бундай жерде сиздей адамлар менен бирге отырыў қанша бахыт! Әттең, бүгиннен қалсам, уллы ҳәкимди бийпарасат қыламан. Егер сиз бул екеўин баслап Қоңыратқа апарсаңыз, уллы ҳәким кутә қуўанады.

— Бәлким, мен баралмаспан, — деди Бегис.

Есенгелди таңланды:

— Неге?

— Салық жыйнаўға көмеклесиў керек. Болмаса, елге пәтеңки келтиреди.

— Ким?

— Хийўа ханы.

— Хийўа ханы? — деп таңланды Айтмурат қызыл бет, тап қараўындағы бир қулы жөнинде гәп қылып атырған секилли менсинбей. — Бизиң уллы ҳәким Хийўа ханы жүрген жерди бир теўип қыршыйды. Аўа. Сондай күшли арқа сүйери бар адам ханнан қорқа ма? Бийғам жүре бер. Керек болса уллы Қоңырат ҳәкими «Хийўа ханына салық төлемеңлер» — деп ертең-ақ елиңе жаршы жибереди.

Сыртта жүргенлердиң бири:

— Бегис, ханға салық төлемейтуғын болсақ, сен де кете бер, — деди.

Ешейинде ҳәмелдарлардың гәпине ший сыртынан араласатуғын дийханларды суғанақ деп жақтырмайтуғын қызыл бет бул даўысты мақуллады.

— Уәж гәп!

Шабарман бир зерен қатық ишти де еки туўысқанның ўәдесин алып атланды.

6.

Бирсыпыралардан күн көриси жақсы деп есапланған Доспан тойда қуралақан қала жазлап еди, әллекимниң «жийенниң жийен ҳақысы бар» деген гәпи менен, бир қызыл баспақлы болды. Қәне енди биреў оның жер төлесиниң пәтигинен бақлап, малдың кимге кереклигин билсе... өмиринше төрт туяқлыдан өз пышығы болмаған соқыр ғаррының қуўанғаны соншелли, ғайыптан көзи ашылып кеткендей ушып тургелди. Баспақтың мойнынан қушақлап узақ жылларғы айралықтан соң дуўшарласқан туўысқанындай, саўтанақ жерин қоймай сыйпалады. Биреў әкетиў ушын даўласып атырғандай «өзимиздики, өзимиздики» деп емиренеди. Гә Айдосты, гә Бегис пенен Мыржықты, гә «елге етеги толы қуўаныш әкелди»

деп Қумарды алғыслайды. Көкиреги шәўкилдеп өз-өзинен сөйленеди.

— ...,Әй, алла, жарылқағаныңның алды болғай... Өзиң бергиң келсе, бийлердиң көкирегине усылай жақсылық нур қуяды екенсең ғой, ырзаман... Аўа... Мендей сорлының өз ҳақысы қолына тийсе, тақырдан теңге тапқаны. Ақыры, мен оның есигин неше жыл сыпырдым, қанша атыз-атыз егинин егистим, ырзаман, аллам! — Ол дастырқының астын қармалап бир шүберектен, Қумар берген теңгени алды. — Бәри мынаў теңгениң шарапаты. Сен әкелгенде «қудайым дәўлет басы болғай» деп едим. Болды, қозым, болды, шарапаты тийди...

Ғаррының бир пикирин екинши пикири қуўып турса да, Доспан оған селтең бермей, жүни уйпа-жуйпа қызыл баспаққа нәше менен қарап күлип тур. Әкеси бир гезде маўқын басып, баспақтың бас жибин өз билегине байлады да:

— Қозым, енди уйықла,— деди. — Азанда баспақты өзим алып қаламан.

Уры-өтириктен қорқып, ғарры түни менен көз илиндирген емес. Улы пада айдап кетерде ғана басын бир көтерип, бирге ҳалқас қылып қайта жататуғын ғарры, бүгин ҳәрқашанғысынан ерте түргелди, баспаққа ерип далаға кетти...

Доспан оларды геўгимде зорға таўып келди. Көзден қалғалы бүйтип аўыр машқала көрмеген ғарры баспақтың жибин билегинен жаздырмай, отласа отырып, бир нәрседен сетемленип үриксе, ерип жуўырыў менен диңкеси қурып, бир ойға жығылған екен. Сонда да жибермепти. Баспақ сүйрей-сүйрей билеги қыпқызыл болған ғарры кешки аўқаттан кейин зорға өзине келди.

— Ўай, қозым, ишкендей тамақ болса, жарлылық шеп емес екен ғой. Көп маллыларға сәддақ!

Доспан мырс етип күлди.

Шаршаған ғарры пыр-пыр уйықлап кетти.

Енди тынышсызлық гезеги Доспанға аўысты. Дала тысыр етсе, уры келип қалған секилли, ямаса баспақ бас жибин үзип ойнақлап шығып баратырған секилли, ақшамы менен көзи илинбеди.

Күндиз пададa жүрип те бир тыпған емес. Қыялына, тосыннан қасқыр шаўып, тап оның жалғыз баспағына аўыз салатуғындай. Сәл отламай турғанын көрсе, жаны төзбей қасына жуўырып-ақ барады. «Шаршағанды» деп шөп жулып аўзына тутады. Гәде қаталап, гәде суйықлаў тезеклесе, «аўырды» деп жаны қалмай-ақ силикпеси шықты. Кеште төленип есигинен, кире сүре жығылды.

— Маңлайым! — деди ғарры бас жипти услата сала уйықлап кеткен улының шашларын сыйпалап. — Не болды? Айдос баспақ емес, бир түрли мусаллат берген екен ғой!

Ол усылай десе де түни менен және уйықламады. Гейде улының, гейде баспақтың дем алысын тыңлайды...

Усылайынша ҳәптелер өтти.

Ақшамы менен уйықламай баспақ қорыйтуғын ғарры шарша-

ған улының арқа-мойнын сыйпалап отырып бирден қорқып кетти.

— Сорым! Азып кетипсең ғой!

Улы уйқыда еди, әкесин еситпеди, азанда ғарры баспақты өзи менен алып қалды.

Баспақ қолға үйренипти. Бурынғыдай көп пәтеңки келтирмеди, кеште ғаррыны жетелеп төлеге өзи келди.

Ғарры бүгин оншелли шаршамаған менен, жаны тәшиўйишли. Буған себеп, аўылдың шетиндеги ойпаңлаў жерге баспағын отлатып отырғанда, Айдос араласқан ғалаўыт қулағына келди де турды. Әлле ким салық төлеўге кеширтмеси көтермейтуғынын сәл бәлентлеў даўыс пенен айтып еди. Айдос қызып заў-заддына нәлет жаўдырды ҳәм шырп-шырп қамшылады. Бийшаранын майда улқызлары ерип жүрсе керек, үў-шуў болып жыласты. Айдос пәсине кайтпады. Ертеңнен қалса, арғы күни арбаға байланатуғынын ескертип, «ҳәй, сен наймыт не дейсен?» деп, және биреўге умтылып, өкшесин ат туяғына «кемирте» қуўғанын сезди. Оның «ағажан» лағаны, Айдостың «үш күнде таппасаң, казанынды сындыраман» деген даўыслары алыслап барып, семди. Жақсылық ғарры олардың қасында өзин бахытлы сезип, жалбарып жылағанларды да, жылатқанды да аяды. Қулағы гүў-гүў еткен усы ўақыяны кеште улына айтып жарылды.

— Буның несине әжепленесең, аға? — деди Доспан таңланып.— Салық өнбесе, бийбабаның бул биринши қәҳәрлениўи емес, адамлардың, биринши ызық-ызық болыўы емес.

— Өйдеме, қозым. Усы сапары Айдостың даўысы күтә басқаша, шамасы ол ханның бир тарпыўына сазыўар болған. Билесең бе, қозым, ханның қәҳәри толайым зәҳәр. Усыннан салық өнбесе, сол зәҳәр тек Айдосқа емес, пүткил елге жайылады. Ханның зәҳәри жайылған елат — өти жарылған балық.

—Бас қатырмайтуғын нәрсеге күйип писпесе, аға!

— Олай емес, қозым. Айдос күтә әндийшели, елге керек адам. Әттең, ўақтында басыма ақыл келмеди. Болмаса...

Жақсылық ғарры изин айтпады. Доспан оған ынтығып жүзине тигилди. Көп күнлерден бери бүйтип карамаған еди, әкесиниң биротала шөп болып азғанын байкады. Неликтен? Бул сораўға ол жуўап излеп таппады.

— Мениңше, усы баспақты Айдостың салығына өткериў керек, — деди ғарры.

— Ҳаў, аға!?

— Солай, қозым. Ел ағасының жүзи төмен болса, пүткил елдиң жүзи төмен.

— Бизлерге салық жоқ емес пе?

— Буның себеби бар. Бизлер түтин түтеткен шаңырақтың есабында жоқпыз. Бул да Айдостың жақсылығы. Есапқа өткергенде не шара қылар едик? Сондай ақыллы, қайырқом Айдос бийди аяйман.

— Және өзгелердің тәғдийри... Жалғыз баспақты берип өз маңлайымызды өзимиз қалай қыршыймыз?

— Ойланба, қозым. Бунысыз да жасадық, еле де жасай беремиз. Жас гезимде уллы Маман бий менен Әмиўдың Аралға қуйған жерине қарап турғанымыз бар. Дәрья қәдимгисинше бурқасынлап, иши толы патаслықты, өликлерди, шөп-шарды Арал теңизине ысырып ағып тур еди. Соншә патаслықты жутып атырса да, баяғысынша турған Арал теңизине қарап уллы Маман бийдиң «...биз теңизбиз де», деп бир гүбирленгени бар. Сонда түсинбеген едим. Енди ой жибересем ишинде ойқан болып атырса да, жәбирин жәрия қылмай шыдап, жасай беретуғын сорлы халқын ҳәм өзин айтқан екен. Аўа, қозым. Аздың, аштың күни солай. Қоқым жутасаң, бирақ, билдирмейсең, шамалаўымша, хан алдында Айдос та солай. Айдостың алдында биз де солаймыз.

Сырттан ат дүрсили шықты. Екеўи де тым-тырыс қалды. Пәтиктен өлпең ҳаўаз еситилди.

— Халайық, халайық, Хийўа ханы ушын салық төлеменлер... Төлеменлер! Қоңырат ҳәкими усылай буйрық етти, буйрық етти! Бегис пенен Мыржық сизлер тәрепинде, соларға ойласынлар...

— Әне, жумбақ, — деди Жақсылық ғарры. — Не дерсең? Бул дүньяда жасаў бәрҳә жумбақ шешиў. Ҳәр адам түўе әлемниң өзи жумбақ. Аўа, қозым. Ойлан. Мениң барлық гәпимди сабан деме, арасында жылт етер дәнеси-әм бар. Саралап ала билгениң өзиңе пайда.

— Сонда да сеннен асып мени қайда барады дейсең, аға. Ең ақыллы перзент атадан ярым батпан кем туўылармыш.

— Вул бийкар. Әкениң қәтесин тәкирарламаған перзент, артық туўылған перзент. Ойлап ис етсең болғаны. Енди жат та, уйықла, қозым. Қудайым, өмир түйиннің күлки жағы ашылғай саған. Бирақ жаңағы жаршының гәпине инанба. Азан менен баспақты өз қолыңнан Айдосқа тапсыр. «Хан салығына қосымта қыл, ата» де.

Ғарры қайтып сөйлемеўге серт еткендей бирден лөм-мийимсиз калып, тери дастығына қыйсайды. Доспан баспақтың бас жибин оның қолынан шешип, өз билегине байлады да, қолын дастық қылып дүс төменине жатты. Азанда баспақты жетелей сала Айдостикине қарай туўрылап еди, жалғыз малын көзи қыймады. Күндеги орнына келип даўысының барынша «Малынды айда а а...» деп бакырды...

Кеште, еле айтқанын қылмағанымды билсе, ағам күйинер деген кәўип пенен баспақты сырттағы бир жынғылдың түбиршигине байлап, ишке кирип еди, ешейинде «келдиң бе, қозым?» дейтуғын әкеси қыймылсыз жатыр. «Уйықлапты, оятып алмайын» деген ой менен аяқларын ғаз-ғаз басып, шүтик шыраны жағып еди, ғаррының қойнынан белсаптай бир жыланның жылысып баратырғанын көзи шалды, жүреги суў етти. Урыўға ҳешкене таппай, жалаң аяғы менен жыланның үстине секирди, ығбалына тап басынан басқан екен, қуйрығы найзадай шаншылды да, бирден қамшы болып Дос-

панның бетине шырп-шырп урылып жерге сылқ етти. Жылдам әкесиниң бетин ашып үңилди. Гүпшектей исик. Дәрманы кетип, бирден өкирип жиберди. Соннан қанша жылағаны өзине нәмәлим, хабар алар киси де болмады. Оған үн қосысқысы келгендей сыртта қалған баспақ ғана мөңиреди. Доспан енди ғана өзине келип, қоңсыларына хабар етти. Олардың бири азанда Доспанның орнына мал бағып кетти.

Қызыл баспақ ғаррының, қарасына сойылды...

Доспан әкесин жерлегеннен соң төлесинде жеке жатып уйықлай алмайтуғын болды, көзи илинсе жылан кирип киятырғандай. Бир күни төлени бузды, ағашларын алып, жердиң бетине ықтырма қос соғып алды. Сонда да әкеси бардағыдай емес. Ол соқыр болса да таяныш еди, жубаныш еди. Базы жетимлер менен тәғдийрин салыстырып күни менен ошақтың күлин суўытпай жататуғын әкеси барлығына қуўанатуғын еди. Еле де уйқысы кем, түсинде сөйленеди, сандырақлайды. Базы кешлерде, әкесин алдағанын еслеп, пушайман етеди. өзине-өзи сораў қойып отырады. «Баспақты бийбабаға апарып бергенде, бундай әжел келмес пе еди? Ямаса ол бийбабаға қарыздар ма екен? Кем ғәрежет болғанымыз ушын айталмай жүрген шығар. Бийшара, о дүньяға қарыз арқалап кетти ме? Сорлы басым, неге ғана апармадым? Әне, әке нәсиятына садық болмаўдың ақыбети. Бийбаба әке нәсиятына қарсы шығыўға нийетленип, еки иниси менен душпанласты, ал мен?...»

7.

Хан салығын инилери, көше бийлери, шабарманлар арқалы жыйнатып, айрықша жағдайларда ғана өзи араласпаса, Айдос жыйналғанның ийеси еди.

Усы сапарғы салықты өндириў күтә қыйынға түсти. Инилери жоқ, көше бийлеринде алаўызлық, шабарманлар аз, барлары әззи. Биразлар Қоңырат ҳәкиминиң шақырығының тәсийрине берилип кеткен. Сол ушын өзи араласты. Кимди қорқытып, кимди сөгип, кимди урып аўыллар арасын қыян-кести қылса да, салықтың ярымы зорға жыйналды. Хан «Жеткересең» деген мүддет те тақалып қалды. Айдос енди гидире алмады. Қалғанларын өндире бериўди Қәдирбергенге тапсырып, бары менен Хийўаға кетти. Усы иретте хан менен тиллесип, соңғы гезде уйқы бермейтуғын базы ойларын ортақласыў нийети де бар еди.

Сапары және сәтсиз болды. Ханды көрип тиллесиў былай турсын, дадқа жайға кириўине урықсат етилмеди. Әкелгенин алып қалыўға ханның жақынларынан Қутлымурат инах деген шықты. Ол да сөйлеспеди. Қоржынын босатып әкелип:

— Пулыңыз аз, — деди қарап қалмай. — Шамасы, ханлықтың арқа шегарасындағы Қоңырат шәҳәриниң ҳәкими менен бирсиз. Бул тәнҳа басыңызға зиян.

Айдос ашыў менен:

— Маған гүнжи сатыппысыз? — деди де, атын бурды. Қутлы-

мурат инах , бир нәрсе деп гүбирленди, бирақ ол еситпеди.

Мине, оның Хийўадан келгенине де үш күннің жүзи. Азанда бир, кеште бир «Дәўлет басы» өгизиниң шақларын сыйпалап, алдындағы пишенин өзгертиўге шықпаса, қозғалмай жатыр. Аратура көзин ашпаса, бәрҳа уйықлап атырғанға мегзейди. Тамақ ишип те жарымайды. Атқосшысына да ис буйырмайтуғын еди, бүгин бираз ойдан кейин еки инисин шақырып келиўге жумсады ҳәм өзинше «келер, — деп ойлады. — Әлбетте келеди. Жасүлкен сынса, олар неге қақая берер екен? Жөн-жосақты, сыйласықты билетуғын жигитлер едиғой... Бәлким, келмес. Бул дүньяда данқ ушын жаратылған мақлуқ тек адам, аўа, тек адам! Базылар гирттей данқ ушын тас шайнаўға, тери жутыўға қайыл. Бегис те Мыржықта адам әўлады. Бүгинлиги пәкизе шаңырақ, бир кәләта аўылдың ийелери. Кимсең «Бегис аға. Мыржық аға!» Айдос басын қасыды. Инилерин кем-кем өзине жақынлатқысы келди. «Егер олар өткен сапарғы гәплерин ашыў менен емес, ойланып айтқан болса, ақыллы. Хийўадағы ханның қылықларын, мениң кейпи- кәрахтымды бәрҳә бақлап жүргени. Ырас, бақлап жүргени, ойларыма ойлары дәлме-дәл. Мыржық күтә ақыллы гәп айтты. Ушсам еки қанатым, жорғаласам еки аяғым... Усыннан келмесе, бәри бийкар болғаны. Көп сөйлеген базы жарымеслердиң-әм аўзынан ақыллы гәплер шығып кетеди...»

Оның усылай отырғанының үстине Қәдирберген келди.

— Қалайсаң? — деди бий сәлеминен кейин.

Қоңырат ҳәкиминен және жаршылар келди. Бир тийин өнбеди. Адамлар айғырласып кеткен.

— Соң сөйлесермиз,—деди Айдос. Қәдирберген бийорын келип, бийжағдай хабар айтқанына пушайман қылып дәрриў түргелди.

Айдос және ой теңизине шүмди. Ол илгери жыллары Хийўадан қиятырғанда Қоңырат ҳәкими жолын тосып. «Маған жәрдем ет, Қоңырат ханлығын дүземен» дегенде, Айдос «Аттан түсип ешекке мингеннен, пиядашылығым артық» деп кеткен еди. Сол сол екен олар ғезлеспеди. Бирақ, Айдосқа ким қарсы болса, Қоңырат ҳәкими бәрин тартып турыпты. Ҳәтте, бурынғы хан мәҳреми Есенгелди де солай аўысты. Айдос буларды сезсе де, оның Хийўа ханлығын жығыўға шамасы келмейтуғынына исенип, «не қылса да, қорадағы пышықтың ийтке абайы шелли-ақ болар» деп, кәрине келтирмес еди. Оған батқаны Қоңырат ҳәкиминиң жаршы жибергени емес, ал Қутлымурат шахтың сол киси менен бирсиз деп гүдиклегени.. Ханға жақын мәртебели адамлар-әм қара тоқпайдан қоя салады екен-аў! Өзиме бахталас дүшпанларымнан дос излеген хәким менен бинай өмирде биригемен бе? Усыны неге инахтың бетине басып кетпедим? Әй, Айдос, Айдос, сақал-шашың ағарғанша неше қәтелеспединг? — Бәрҳә өзиң жол табар едиң, және жол тап! «Қапталына жанбаслағаны сол, және күшлирек ойға берилип қәддин тикледи; «Адамлар айғырласып кеткен! Ҳа-аа, адамлар ай-

ғырласып кеткен,—деп және қайталады.—Тоқтааа! Бармақ бүгіп санайтұғын бұл елдің қасақ байталлары көп еді. Қәне, енді ҳәммеде жылқы миңеллилик пайда болса... Хийўа ханына салық тасыўға мен қумармедим? Жо-жоқ, жоқ! Салық апарған күни дегди ийтке усатып жүўынды қуйғаны болмаса, босағасына жолатпайды. Ойласпайды... Буның неси таң? Жердің асты-үстин сораған Сулайман патшаға шекем қолында алмасы бар даўагердің сөзин сөйлеген емес пе? Қайсы патшаға да, қайсы ханға да берерің болса жағасаң, болмаса, сәлеминди алмайды. Бул неликтен?... Азлықтан!.. Олай емес, бирлик кемликтен, бирлик! Қурттай халық ҳәзир неше бөлик? Бир топары орысят патшасына ғайбана тилеклес, бир топары қазақ ханына, бир топары Бухара әмирине жалбарынып салық тасыйды. Енди Қоңырат ҳәкими деген-әм бәле шықты. Өзимизди өзимиз талап, жыйнағанымызды ҳәр жаққа тасыймыз. Усыны және кимлер түсинеди?... Әй, Айдос, менменлик етпе. Ҳәр апарғанда буўынларым қанша сырқырайтуғынына ҳешким түсинбегени ушын апараман. Енди айғырға айналғанлар сезеди, бул жақсы, аўа, бул наятый жақсы! Ал Бегис пенен Мыржық ким? Оларға айғырлық жараспайды, үйирин табыўы тийис, тек олар емес, ҳәмме бир үйирге бағыныўы керек. Қәне сол үйир? Ол үйир, ол үйир ханлық, қарақалпақ ханлығы! — Ол және орнынан ушып кете жазлап отырды. —Бул ушын әўеле күш керек. Оны бизге ким берип, ким арқа суйеседи? Ҳешким! Орысяттың патшасы азсынып бабаларымызға берген ўәдесин орынламаған, қазақ ханы халық екенимизге шек келтирген. Бухара әмири қарамайды. Хийўа ханы қорқытады... Айдос, сеники бунша не дағдарыс?.. Адамларды жыйна, мәсләҳәт қыл. Сеннен де жүйрик, ақылы барлар табылса тәәжип емес!... Сонда сениң мәсләҳәтиңе ким келеди? Ҳәтте өз туўысқанларын қашырып алған қаралысан! Саған ҳешким инанбайды. Ҳаҳа, бир жол бар, қарақалпақ ханлығын дүзиў ушын мәсләҳәт бар деп жәрия қылыў керек. Буған ҳәрбир қарақалпақтың арқасы қозады... Келеди... Жо-ооқ, бул мүмкин емес, көп таланып жүрек шайды болған бул елде айғырлардан гөре, түлки менен сағал көп! Қуйрық былғап Хийўаға, я Бухараға, я қазақ ханына жеткерсе, ақыбети жаман, ҳәтте, Қоңырат ҳәкими де былғаўыш салады... Шымшықтан қорыққан тары екпейди... Еге бериў керек. Басқашалаў жол менен-ақ бас бийлердің аўызларын ийискеген жөн. Ол ушын алды менен Бегис, Мыржық келсе жақсы болар еди. Ойлары ойыма сәйкес келгенин айтсам, бәлким жуўасыр. Жуўасымағанда не қылады, түби туўысқан, қыя ма? Өз бармағын кесетуғын адам бар ма дүньяда...»

Айдос тәкәббирлик пенен тикейди. Кирип киятырған Әлийди көрди. Шырайынан-ақ инилериниң келмейтуғының уқты.

— Айтпай-ақ қой, Әлий, түсинип турман. Қоңырат шәҳәри тәрепинен самал ессе, ақыбети усылай. Күшли даўыл болса да, налымас едим, бир әўере сарсаңлық. Я қырман сүздирмейди, я тыныш таппайды.

— Дәл таптыңыз, уллы бий, екеўи де Қоңыратқа кетипти. Есенгелди менен кетипти.

Айдостың тасқын қыялына қатты соққы берилгени сонлелли, Әлийди шайнап жибергиси келип бир кесе чай ишим тигилди.

— Олай болса кеўил көтергендей бир қызық ис ойлап тап.

Айдостың барлық минез-қулқына, кейпи-кәрахтына қанық Әлий тап усы демде неқыларын билмей, албыраганынан шикәрға шығыўды усынды.

Айдос шикәрды демалыс машқысы деп түсинбейтуғын еди, оған қызықсынбайтуғын да еди.

— Қартайыпсаң, бирәдар, — деди ол өкинишли. — Бул Қабыл бийдиң кәри еди, мейли, сонда да атларды сазла.

Айдосқа садық Әлий нәбада аўырып қалсам, яки бул дүньядан көз жумсам орнымды басар деген мақсет менен үлкен улы Жәлийди ат миниўге үйреткен еди. «Қартайыпсаң» деген сөз оқтай тийип таярлықлы улын бийге сынатып көргиси келди.

— Үлкен баламды бирге алып жүрсем қәйтеди?

— Не кәри бар?

— Пәкизе ылақшы. Қашқан қоянға қаршыға.

— Шикәрға адам көплик қылмайды, ертип келе ғой.

Айдостың бир әдети, — сын-сымбаты келискен жас жигитлерден биреўи менен ушырасып, оған кеўли толса, қандай болмасын бир сын сораў беретуғын еди. Жәлийдиң ерде ушатуғын бүркиттей болып отырысын көрип кеўли толды.

— Балам, сораўым бар, — деди аўылдан шығып баратырып. — Шикәрдан қайтып тап усыкәраға жетемен дегенше, ойланып жуўап қайтарсаң да болады. Өмир деген не?

Жәлий не қыларын билмей қызарды. Әкесине ҳәм басқаларға алма-гезек қарады. Әкеси баласы ушын қысынып, көз астынан бир сығаланып еди, улы шып-шып терге түскен екен. Оны албыратпаў мақсетинде жымыйып күлди ҳәм «кеўлиндегини айта бер, қысынба» дегендей бир көзин қысты да алға қарай қол сермеп, атын қамшылады.

— Бийбаба, кеширесиз, — деп Жәлий жуўап қайтарыў ушын Айдосқа жақынлады. Баланың батыллығы, ҳәзиржуўаплығы бийге унады. Мүртларын сыйпап, күлиўи менен Жәлийге теңлести.

— Қулағым сенде.

— Өмир, өмир деген жақсы жасап өтиў, кисилер менен жарысып ат шабыў. Өмир — дуўпыязлық, өмир — тентеклик.

Бий Жәлийдиң жуўабына қанаат еткенин де, етпегенин де билдирмей, сораўына жуўап берген жигитлерге айтатуғын бир жуўабын тәкирарлады.

— Саў бол, балам.

Айдостың талай жас жигитлерге усылай деп жуўап қайтарғанын еситип жүрген атқосшысы оннан «қалай екен?» деп сораўға батына алмас, бий болса шын баҳасын сыртқа шығармас еди. Өз орнына баласын таярлап жүрген адамға бул жуўап ҳәрқашанғыдан да жумбақ көринди, мәнисин бурынлары сорамағанына пу-

шайманы артып желкесин ҡасыды, Жәлил үлкен бийдиң «саў бол, балам» деген жуўабына ҡуўанса да, әкесиниң желке ҡасығанын көрип ишинде гүптикей пайда болды. Айдос атҡосшысының ҳәм баласының кейпи түсип кеткенин сезип тынышлықты бузды.

— Әлий, қонс қоян-қырғаўылдың көп жерине басла. Жәлий балам, сени күтә шебер шабандоз дейди, атың жақсы екен, қоян қуўып бир қызық бер.

Әлий де, Жәлий де, кеўилленди. Аўылдан еки-үш шақырым алысламай-ақ ҡамыслықтың арасынан парылдап ушҡан қырғаўыллар, қоянлар көбейди. Жәлий ырастан да, шебер ылақшы еди. Коян қашса болды, атының жалына асыла қунжыйып изине түссе, аман жибермейди. Аты да қайымшыл екен, изинен жеткен қоянын алдыңғы аяғы менен қағып жибереди. Бундай жағдайда Жәлий аттан түсип ҳәлек болмайды, ер үстинен енкейип, қоянның қулағынан көтерип тыпырлатыўы менен әкелип бийге көрсетеди, хәм оннан «азаматсаң!» деген мақтаў еситип, әкесине береди, ол шалады, жормалға илдиреди. Айдос шикәрды онша жақтырмайтуғын болса да, Жәлийдиң ат шабыўына, шаққан ҳәрекетлерине қызығып ўақыттың қалай өткенин елестирмеди.

— Азамат улың бар, — деди атҡосшысына.

Әлий ырзашылық менен атынан түсип, Айдосқа қол қаўсырып зәңгисине маңлайын тийгизди. Жәлий қуўаныштан мыржыйып күлди.

Қайтысын қамыс арасында төбелесип атырған жигитлердиң үстинен шығып қалды. Жақынласқан гезде әллеким, «ўай, бийбаба киятыр» деп еди, ҳәммеси тоғайдың шымшығындай болып, жыңғыллықтың арасына синди де кетти. Жәлий оларды тутыў ушын атына камшы көтерип еди, әкеси «ҳа» деди. Жәлий, аяғынан желлеге түскен шымшықтай, бир талпынды да қалды.

— Излеме, Жәлий балам, — деди Айдос, даўысы жайдары. — Қашқаны сыйлағаны. Анаған қара, биреўи қалыпты. Барып тикейтип жибер.

Төбелестиң орнында сулық болып жатырғанға шаўып барып, бетине үңиле сала:

— Ҳаў, Доспан ғой, — деди де атынан түсип, басын сүйеди.

Доспан бираз есине келип, аўзынан, мурнынан аққан қанды жүнлес билеклери менен сыпырып, тентиреклей тикейди. Көзлериниң алды исик, үстине дөнип турған атлылар арасынан Айдосты емески танып, ҳешнәрсе болып өтпегендей, қәддин дүзетиңкиреди. Айдос Доспанның алдында Қумар туўралы нақолай сөйлегенин әллеқашан умытқан еди.

— Төбелестиңиз бе? — деди ол қуры кеткиси келмей.

Жәндулла гүрре баспақлы болыўыма себепши Мыржық деген түсиник пенен олардың көшине ерип кеткен еди. Доспанға гийнесин умытпады. Әўелги күнлери келейин десе, жеке күши жетпейди, айтқанына жүргендей балалар табыла қоймады. «Айдос аўылы» менен «Бегис — Мыржық аўылы» арасында қарама-қарсылық күшейген сайын, гөнепатлақтан дық излеўшилик көбейди.

Сөйтіп оған төрт жолдас табылды. Олар ҳәзир ғана келип Доспанды қамалап услап сабап атырғаны еди. Доспан бул қылықларды бийден сыр тутқысы келди.

— Мәзи түйе басты ойнап атыр едик, бийбаба.

Иси ериккен бий, бул айтайын десе ҳәр түпте жасырынып атырған балалардан қорқып турмекен деген ой менен, жорта барластырыңқырады:

— Әкеңниң өлгени жақында, аза тутыў орнына ойнасаң, қалай болғаны?

— Әкемниң, дүньяда қайғыдан ўақтыхошлық аз, деген гәпи бар еди. Аздан көбирек пай алажақ болғаным ғой, бийбаба.

Қалдаўрап зорға турған Доспанда әндийше барлығын түсинип және де шуқластырғанды мақул көрди.

— Жерге төбелестиңиз бе, я жайлаўға ма?

— Қарақалпақта не көп, жер көп, жайлаў көп, бийбаба. Ол ушын урыссақ, кең аспанға сыймай таласқан ғарғаға мегзеп кетемиз ғой.

Өз елинде бүйтип бетлесип, бүйтип дәсме-дәс даналық айтысатуғын жасларға гез келмеген бийдиң кеўли бираз жақсылыққа берилди;

— Сыр сақлағыш көринесең?

— Әззиге, ашқа жәбирин жасырыўдан басқа не бар, бийбаба?

— Не дедиң?

— Жәбирин жасырыў тек маған емес, ҳәммеге тән қәсийет болса керек, бийбаба.

Өзи дәрежесинде ойлайтуғынларды шенде-шен деп түсинетуғын бий, хәтте падашының жуўабы өзиниң еле ашық айтылмаған қыялына дәлме-дәл келгенине ҳайран қалып, басын шайқады, мыйығын тартты.

— Әкеңниң және қандай нәсиятлары есиңде?

Үлкен бий адам қусатып сөйлескенге ме, Доспан бираз есин жыйып өзине келди.

— Марҳум әкем «атадан перзент кем туўылады» деген рәўаятты «бийкар» деди. «Ата қәтесин қайталамаған перзент артық» деди. Ең баслысы, ели-халқым деп ат шанқап жигитлердиң бәйги сызығы биреў болады, табысады деди.

Доспанның соңғы жуўабы Айдосқа күтә унады. Алдында бетаўзы қан падашы емес, бир дана турғандай, кеўли жибисип, көп күнлерден берги қайғысы умытылғандай сезилди.

— Ҳо, ҳо, жийен, зор көринесең. Ырас зорлығыңды билейин, мына сораўыма жуўап бер. Өмир деген не?

— Бул дүньяда жасаў бәрҳә жумбақ шешиў, бийбаба,—деди Доспан өзин күтә мәрдана тутып. — Ал, өмир дегенниң өзи көз жас пенен күлкиниң түйини.

— Саў бол, жийен, әкең бийшара бейиште болсын, — деп Айдос атын бурды. Былайрақ шыққаннан кейин азғана ойланып турды да:

— Әлий кеште жаңағы жийенди аллыма әкел, — деди.

* *
*

Әлий кеште падаңың келиўин күтип турып, Доспанды нәўбетли қонақ жерине жибермей Айдостикине ертип киятыр еди, жаршының хабары еситилди.

— Адамлар! Мөминлер! Жаңалық! Жаңалық! Бегис Қоңырат хәкимине әскер басы, Мыржық бас палўан болды. Қимде-ким Қоңырат хәкимин қуўатласа, Хийўа ханына салық төлемейди!

— Бул жақсылық па, Әлий ата?

— Неткен-ә?! Үлкен бийдиң омыртқасына балта урып атыр.

— Жаршыны тутып сабаў керек екен.

— Бийдиң өзинен буйрықсыз хештеңе қылыўға болмайды.

Айдостың шырайы өртең шалғандай түтигип отыр еди, Әлий менен Доспанды көрип бираз босасты.

— Туғырынан адасқан қаршығалардың қәйерге қонғанын еситкенсизди?... — деп олардан жуўап күтпестен Доспанға нәзер аўдарды. — Қәне, бирадар, жасырма, бас әрманың не?

Үлкен бийдиң бурынғысынша «падашы» я «жийен» демей айырым теңлеслерине усатып «бирадар» дегени Доспанның кеўлин өсирди. Хәтте, бийдиң қайғысы жөнинде де умытты.

— Бийбаба, әкемниң басына сақана салыўдан басқа әрманым жоқ.

Айдос оннан бундай жуўап күтпеген еди, таңланып ой басып, бираз отырды.

— Мақул, күтө мақул, — деди гүбирленип. — Әлий, азанда Доспанның орнына падашы қолайла. Өзи сениң үйиңде болсын. Үлкен отаўды бузып «мәсләхәт төбеге» апарып тигиңлер. Шақырылатуғын бийлерге хабаршыларды өзим жиберемен.

— Әжеп!...

8.

«Мәсләхәт төбе» «Айдос аўылының» шетиндеги бир өркеш қум. Руўлар менен көше бийлери арасында түсиниспейтуғын ислер шығып қалса, бийлер гилең жас уллылар сонда жыйналады. Базда узың шубай тарысса, базда еки руў ямаса басқа халықлар менен қудамдалылық жөнининң сырларын шешиседи, базда өзли-өзи тек кеңеседи... Бүйтип бөлеклениўдеги максет, үлкенлердиң анаў-мынаў жаман ислерин бала-шағаларға билиндирмеў.

Мине, сол «мәсләхәт төбенин» басына Айдостың онбир қанатлы отаўы да әкелип тигилди. Айдоста ендиги мақсет пүткиллей баскаша. Тек бир руў емес, пүткил қарақалпақтың ири руў баслықлары, бийлери мәсләхәтлесиўи тийис. Өзинен басқаның халық ғамын ойлайтуғынына исениши кем тәкаббир бий бул жуўмаққа Доспан менен тиллескеннен кейин келди. «Балким, бийлердиң бири ақыллы ой табар, бирликке келер, инилерим қайтар» деп ойлады ҳәм усы ойын сүтин қылып сүйенди. Ал усын-

нан руў баслықларын,бийлерди тиккелей өз үйине шақыртса, бираразларының келмейтуғыны кеўлине аян еди. Сол ушын да отаўын қозғатып «мәсләҳәт төбеге» көширди.

Жәнжаққа шақыртыўшылар кетти.

«Мәсләҳәт төбеде» қонақ күтиў әнжамы қолға алынды.

Усы пайытта күтилмеген жаңалық жүз берди. Елтузер хан өлип, орнына иниси Мухаммед Рахим хан болғаны ҳаққында Хийўадан жаршылар келди.

Әўелги хан ҳаққындағы қыйлы-қыйлы болжаўлар тораңғылдың күлиндей ушып, жасыл киби жалт еткен хабардан және пайғамбарлық болжаўлар лаўлады.

Бул жаңалық Айдосқа шеп түспеди. «Мәсләҳәт төбеге» келиўи гүмилжилер-әм, енди әллеқандай жаңалықлар еситермиз деген ой менен келеди...

Ырасында да солай болды. Белгиленген айдың сәтли бир күни мийманлардың алды көрине баслады.

Таярлық саз. Отаў әтирапына қағылған қазықлардың қапталына ярым қаптан арпа да қойылды. Қассаплар мал сойып, аспазлар қазан асыўға ҳәзирлик көрип атыр. Алдын ойланылмаған ислер шығып қалса, албырамаў ушын бир топар жигит бир гүди беденің тасасына отырғызылды.

Сырттағы жумыслардың сәранжамы Әлий Айдостың тапсырмасы бойынша хызметке қойылғанлардың биринен екиншисине өтип, «тәртип, жигитлер, тәртип» деп, ҳәркимниң ўазыйпасын және бир қайтара ескертип шықты. Аш қозыдай, Әлийден қалмай ерип жүрген, Доспан бир гезеңинде:

— Әлий ата, — деп қойды. — Келген бийлердиң бийноқыясын айтып таныстырыўды умытпайсыз ғой-ә?

— Ғам жеме, балам. Қатықулақ болсаң, бәрин бес саўсағыңдай қыламан.

Сәскеге таман мийманлардың алды көринди...

— Әне, алды менен ең алыстағылар келип қалды, — деди Әлий арқадан киятырған бир шоқ атлыны нусқап. — Дыққатлы бол, Доспан. Алдындағы қос атлының ақбоздағысы оймаўыт Маман бий.

— Бийбаба менен татыў ма?

— Сен мени бөлмей тыңла. Барлығын айтаман. Ырасында бул бийдиң аўылы базда—орыс аўылы депте аталады. Бөлек жүрген бир орыс аўыл менен қатнас қылады. Маманның тәнҳа өзи орыс патшасының тәрепдары. Хийўажақ «қыйт» етсе, аўылын арман қарай көшириўге тайын. Сол ушын да бир жағын қазақларға берип отыр. Әўеле, сен оның аты не ушын Маман болғанын билип ал. Еситкениң бар ма, ертеректе уллы Маман бий, деген өткен. Ол халықтың орысларға қосылмаз деген аҳиднамасын Петербордағы уллы патшасына әкеткен жылы туўылған балаларына журт Маман деп ат қоя берген. Бул да сонда туўылғанлардан. Атына орасан садық адам. Ҳәзир пайғамбар жасының ояқ-буяғында бар

шығар. Басындағы қалпағына сер салдың ба? Қысы-жазы солай, қарасын таңлап киеди. «Бул не?» десең, «халқымыз еле мақсетине жеткен емес, азасы ада болмаған, сол ушын қара қалпақ киемен, уллы Маман бий де қара қалпағын өзгертпеген» дермиш. Ақ боз атқа минбўшиң себеби де уллы Маман бийден көрип қалғаны. Оның менен заңғи теңлестирип киятырған торы атлы—манғыт Орынбай бий. Елдиң Сырдәрья жағаларынан посатуғының алдан сезип көшкен Убайдулла бий дегенниң жалғыз зүрияты. Бизиң уллы Айдосқа ныскырып қарамайды. Бухара әмириниң тәрепдары. Тәрбияны Бухара моллаларынан алған.

— Мына келисинен Маман екеўин араз деп болмайды.

— Бул түўе, олар мерекелес-әм, табақлас-әм болады. Соннан келген хәрқайсысының қойнында бир-бирине атар тасы тайын.

— Екеўиниң минези усас па?

— Киси минези усас пенен татыў болады ғой. Орынбай бәҳәрги бултай адам. Тез өзгереди. Ҳәтте, атын, кийимлерин жийижийи аўмастырып турады. Издеги ат қосшысының жетегиндеги шәўкер атты қайтысын минип қайтады. Қыста хийўалылар усап қураш киеди, гүзли-бәҳәр бухаралыларға усап сәлле орайды. Маман бийге усап қара қалпақ киетуғын күнлери де болады.

— Көзлери шүңиреклеў ме, қалай?

— Исик қабақ, сол ушын көзлери терең көринеди, бирақ, шурт, гәде жақсы көргенин де, жек көргенин де сезбейсең, көп аса күле бермейтуғын адам. Оның изиндеги топарда Маман бийге усап ақбоз ат минген көсенамай кисини көрдиң бе? Атта отырысынанақ Маман бийге еликлейтуғының абайлаған шығарсаң. Қытайдың Ешжан бий дегени сол. Аўызын сыпырып, тилин сәл төсеп сөйлейди, оның менен қатар киятырған жийрен қасқалы Есенгелди сары деген. Урыўы оймаўыт па, кенегес пе, билмеймен. Маманның тәрепдары. Енди сең оның аты не ушын Есенгелди екенин билип қой. Мыржықтың қәйин атасы Есенгелди жас гезинде елдиң бир сатқын ханын өлтирген күни туўылған екен. Әке-шешеси улымыз Есенгелдидей батыр болсын деп, соның атын алған. Соған қарамастан ҳәзир ол Есенгелдиге қарсы. Есенгелди Хийўаға жаранып, ханның мәҳреми болып жүрген жылларында ол «мен атымды өзгертер едим, әттең, ата-анам қулағыма азан айттырып қойған» деп наҳрет шеккен, дейди. Өзи Қоңыратты да, Бухараны да, Хийўаны да менсинбейди. Изгилер Маңлай, Боран, Тоқта полат дегенлер. Олардан сәл бөлек киятырған алабел атлы Атабек. Пүткил Жаңадәрья, Қуўан-дәрьяда арқасы жерге тиймеген палўан. Оның изинде өз-ара сөйлесип, бийғам киятырған қос атлының биреўи Орынбай бийдиң баласы молла Дәўлетназар, екиншиси Ешжан бийдиң баласы Балмухамед. Әкелери оларды мереке, жыйын көрсин, әңгиме еситсин, ис үйренсин деп өзлеринен қалдырмайды. Оннан соңғыларды танып турған шығарсаң, бизлердиң ҳәмкәсиплеслеримиз...

— Түсиникли.

Мийманларды күтип, билек сыбанып ҳәзир турған жигитлер жуўырысып олардың атларын жылаўлап, аттан түсире баслады. Жағдайларды сырттан баклап турған Әлий менен Доспанның хызметкерлерге кеўли питип, бир-бирине жымыңласты.

— Әлий ата, қублаға қараңыз.

— Баслап киятырған кара бедеўли Қабыл бий. Кенегес. Әдети — кеп сөйлемейди, сыры туйық, шикәрды жақсы көреди. Қәлпе. Кисиге пайын жибермейтуғын жезтырнақ. Кенегеслерди «хан аўылы» деп сөйлейди. Басқалардан айырмасы атқосшысына өзиникиниң түринде ат мингизбейди. Көзлери қысықлаў. Бизин Айдос бий менен бирге Хийўада оқыған. Бирақ, иши тарлаў. Бир жаман жери, Айдос бий оның қусын өлтирип қойды.

— Не ушын?

— Хийўадан киятырсақ ол бизиң аўылдың айналасында қус салып жүр екен. Айдос ханнан күтә қәҳәрли қайтып еди. Қәҳәрин Қабылға аўдарып «өз аўылыңның дөгерегинен жылан шықты ма» деди де, қусын қолынан жулып алып, жерге урды. Соннан бери Қабыл қусын емес, әкесин өлтиргендей гийне сақлап жүр. Гирттей колайға келсе, Айдосты аямайды. Соған шекем жүзи жылтырай бериўи мүмкин. Өзи күтә шуғыл, әзәзүлликтен қуры алақан емес.

— Онысын Бийбаба сезе ме?

— Бийхабар.

— Айтпадыңыз ба?

— Уллы бий адам жаманласаң жек көреди.

— Ҳа түсиндим. Ол қайсы ханның тәрепин тутады?

— Қабыл бий писик тары излеген таўық. Оның менен бирге қосылып киятырғанлар аржақлы Асан, Махат бий дегенлер. Жол үсти болған соң қосылысса керек.

— Есенгелди ата неге келмей атыр?

— Коңыратқа кеткен. Келмес, бәлким. Мениң қәўипленип турғаным, Бегис пенен Мыржық. Пай, өжет жигитлердә!

Дүўхат шапанын иўнине желбигей салған Айдос қатты-қатты жүриси менен булардың қасына келди.

— Әлий, бизиң өжет өгизлер кешикти гой?

— Келер, уллы бий. Қәйин атасы менен Коңыратқа кетипти.

Айдос дым үндеместен гырра кейнине бурылды. Отаўдың есиги алдында иркилип Әлий менен Доспанға: «берман жақынлаң» деген ишарат билдирди де, ишке сүңгип кетти.

— Әне, енди мәсләҳәтти баслайын дегени, — деди Әлий. — Ақыры Бегис пенен Мыржық ушын басқаларды иркип отырыў қыйын гой. Жүр.

Олар тиртеклесиўи менен отаўға жақынлап, шийге сүйеўли қапларға арқаларын берип отырды.

Иште бийлердиң ҳал сыпаспасы басланды.

— Бирәдарлар, егер кеширсеңиз, бир тилегим бар, — деди Айдос.

— Айтыңыз, мезбан, айтыңыз.

— Базда бир-биримизди тыңламай кететуғын жағдайларымыз барлығын жасырғым келмейди. Сол ушын бүгинги мәсләҳәттиң жас үлкени белгилепсе, соған жүгиниссек...

— Жаман үйдиң қонағы бийлейди болмасын, — деди Маман.— Өзиниз жас үлкенлик қылып, бүйтип жыйнағандағы мақсетиңизди айта бериниз.

— Бул қоцырат руўыныц шақырығы емес пе? — деди Қабыл бий. Әлий «тыңла әәзәүллик етеди» дегендей, Доспанды түртти. Доспан қылт етпей отыр.—Өз жас үлкениниз Есенгелдини шақырмапсыздә...

— Ол киси Қоцырат шәҳәрине кеткен екен, қартайған адам, шикәсланып қалса керек.

Ҳәмме ләм-мийим.

— Айдос атқосшысын өзгертежақ деген гәп шығып еди. Шамасы, барлап ушқан баба бүркиттен, парлап ушқан бала бүркитти артық көрсеңиз керек.

Бул Орынбай бийдиң даўысы еди.

Ший сыртында Әлий менен Доспан бир-биринен қысынып есит-пегенсиди.

Айдос қодирең гәплерге тезирек тыйым салыў ушын гәп баслады.

— Бирадарлар, — деп ол есик бетте отырса да, сәл бойын жазып, гәпи менен де, еўдеси менен де үстемлик қылыўға талапланды. — Мәлел келмесе, сизлерди жыйнағандағы мақсетимди айтсам?

— Айтыңыз.

— Тыңлаўға келгенбиз...

— Елтузер инах өзин хан деп жәрия қылғанда, «тухымында ханлық жоқ, қара әўлады хан бола алмайды» деген гәп ҳәммениң аўзында бар еди, — деди Айдос күтә салмақлы сөйлеп — Қара өзбек әўлады болса да, бүгинги ханлық оның инниси Мухамед Рахимге аўысты. Талапланған бенде қара болса да, хан тажысын кийе берер екен.

— Бизиң аўылымыз Түркистанда хан аўылы деп аталған.

— Аўа, Қабыл, — деди Орынбай оны илип. — Ғайып хан деген мүрдеше кенегеслердиң арасынан пана тапқан.

Отаў ийесиниң неликтен де, шын кеўлин ақтара алмай отырғанын түсинген Маман гәп сағасын ашып жибериўге урынды.

— Айдос бий, Хийўада хан қарақалпақларсыз өзгерсе де, қарақалпақларсыз беккемлене алмайды. Буған не дейсиз?

Отырғанлардан ҳәммеси Айдостың аўзын бақты.

Айдос жүдә жайлық пенен бас көтерди.

— Өткен өмир жолыма нәзер салсам, бирәдарлар, «Жаслық — тентеклик» деген гәптиң ыраслығына исенишим артады. Сағасы байланған салманың балығындай көзсиз өрлеген киси далада қалады деген қуласаға келдим.

— Сонда өрлемениз, — деди бир даўыс.

— Бир мен емес, бирәдарлар. Ҳәммемиз өрлеп жүрмиз. Я ел, я өзимиз қырға шыққан балық боламыз ба деп қорқаман.

Биразлары усы пикирде жүрсе керек, олардың әстен-әстен дем алғанынан басқа ҳештеңе еситилмей қалды. Үй ийесиниң даўысы ҳүкимлик сүрди:

— Егер, бирәдарлар, тар салмалар қосылып бир дәрья болса, кишигирим шабақтың өрлегени, шоршып түсип суў ылайтқаны, толқын турғызғаны билинбес еди.

— Сиз қандай салмаларды айтып отырсыз?

— Несине түсинбейди екен? — деп сыбырланды Әлий. — Доспан, сен түсинбединг бе?

— Шамалайман, — деди Доспан.

Олар бирден тынышланды.

— Есиниздеме, менин салма дегеним, ҳәр бийдиң тутқан жолы. Мәселен, Орынбай бий басқарған салманың сағасы — Бухарада, Маман бий менен сизлер бийлеген көп салманың сағасы қазақтың ханында, мен бийлеген салманың сағасы — Хийўа ханында. Жақыннан бери бизиң салмадан қулақ ашып, өз алдына жап қаздық деўшилер-әм табылып киятыр...

Орынбай дәсме-дәске келди.

— Өмирбек лаққы базарда қоржының жойтып келип, ҳаялына недерин билмей «бүгин қалада қоржын жойытқан көп болды» деген екен. Сондай, сизиң салманыздың бүйиринен басқа қулақ ашылғаны үшын бизлер айыплы емес шығармыз, Айдос. Ҳәзирше бизлердики аман. Сағасында-әм бәле жоқ.

— Сол үшын да мәсләҳәтке жыйналып отырмыз, Орынбай, — деди Айдос ныққанқырап.—Бир бүйири тесилмеген салма тапсақ, сағасы кең болса, соны дәрья қылайық. Егер Бухарадан алынған салманың сағасы беккем болса, ҳәмме Бухарадан, егер қазақ ханынан алынған салманың сағасы мукият болса сонда барып ҳәммемиз бир саға сорасақ, деген ниййетти айтпақшы едим. Лекин, Орыс патшасынан жәрдем келмей қазақ ханының қысқысына үшырап посқандағы паналаған жеримиз усы Хорезм шуқыры еди. Қалқыдай қалқа бергенше, табан тастай усы Хорезм шуқырына шөксек, Хийўа ханына барып бизге қаратылған салманың тарнаўының ийеси өзимиз болайық деп, арзы қылсақ, шеп болмас еди.

— Айдос бий, тарнаўдың ийеси өзлеримиз болайық дегениң күтә мақул, — деди Маман. — Бирақ тилиңиз Хийўа ханынан басқа жаққа айналмағаны өкпнишли. Ҳәзирше сырттан жаўгершилик кем болғанына қарап, бул жер қолай қолтық, кең шалғай екен деп жүрсеңиз керек. Бәлким, сизге солай шығар. Ҳаслында олай емес. Ләмгершиликли, сасық, батпақлы, шыбын-ширкейли бул мәканға ким қызығады? Жаўға да жақсы жер керек. Егер жақсы болғанда маңлайға сыяр ма еди? Илажсыздан маңлайға жазылғаны усы деп қайыл боласан. Ал енди, биз аталар сөзин қалай бузамыз? Олар болса орыс патшасына арза етип, бир уллы перзен-

ти арқалы хат жоллаған, сол бойынша шаппат урысқан. Соның изин изертлессек, атаға ылайық перзент болар едик. Бизден соңғылар орыс патшасына жазылған сол хатты таўып алса, бизлердиң руўхымызға мәңгилик пәлет оқымайды дейсиз бе?

— Өзлериңиз шешиңиз, бирадарлар. Мениңше, қазақ ханына, Бухара әмирине, я Хийўа ханына бөлип-бөлип төлеп жүргенимизди биреўине төлесек, көп көринер еди, абырайлы болар едик, ҳәтте, жартысын аўыстырып мынаў қарақалпақлардики дегендей қала салар едик, өзлеримиздиң мешит, медиресемиз, саўда қылатуғын карўанларымыз болар еди...

— Хә, Айдос, ханлықтан дәмеңиз бар екен?

— Ханлық бизге миясар емес пе? — деди Айдос зилли ҳәм бирден жуўасыды. — Абайлайсыз ба, нәбада елимизге сырттан биреў кирсе, яки Аўған елинен, яки Қытайға кеткен, яки әлле қайдан қашқан бир қарақалпақ ўатаным деп қайтып келсе, қайерге паналайды?

— Инилериңизди көре алмадық па? — деди және биреў илип.

— Шақыртқанман, бирәдар. Лекин, олардың әдети — ағасы отырған жерде көп көринбейди.

Айдос усылай дерин десе де, өтирик айтып салғаны ушын қулағына шекем қызарды. Себеби, олардың аразласып айрылысқаны ҳәммеге жайылғанына көзи жететуғын еди.

— Айдос, Маман, — деп Орынбай тамағын қырынып қозғалды, — Екеўиңиз-әм жиңишке жыландай жылысып, тар инге тығылмақшысыз. Буныңыз инсанлық-әм емес, бирликке шақырық-әм емес, биз Бухарадан хеш жаққа өзгермеймиз!...

— Әлий ата, бийлердиң бәри дана бола ма десем, суйекке таласқан иитлерден кейин болмайды екен ғой. Ямаса елимиз қунарсыз ба?

— Билмедим, Доспан. Қунарлы жерге қамшының сабын шаныпсанда көгереди деген. Бизиң жеримиз қунарсыз ба, елимиз қунарсызба, билмедим. Бийлеримиз усындай. Ақыбетинде зақшалардай шоқысып тарқаспаса дейбер. Хаў, анаў киятырған жалғыз атлыға қара. Кешигип жүрген қайсы бий екен? Еле буныси мени күтпединиз деп ҳәк ашады.

Доспан күн астына алақанын сая қылып турып:

— Хийўадан келетуғын салықшыларға мегзейди, — деди. — Қарай қойың, Әлий ата, атта отырысы, қурашы хийўалы...

Әлий айыра алмай көп сығаланып, жүдә жақынлаған соң, астыңғы ернин тислеп сыбырланды:

— Ўай, жаман болды, Доспан! Айтқанындай хийўалы екен. Мәсләҳәтти ханға жеткерип барса, изи қәреп болады.

— Бий бабаны сыртқа шақырыў керек.

— Пай, заңғар, ийгиликли истиң белине тепти-дә! — деп Әлий күйип-писип, иштегилерге белги ушын жөтелди. — Ҳоҳо..., — ҳо-ҳо..

Атқосшысының сырына әзелден қанық Айдос тез далаға шық-

ты. Атлы жақынлап қалған еди. Иштегилерди қулақландырыў мақсетинде:

— Ассалаўма әлейкум, кәраматлы, Хийўаның беги, — деди Айдос даўысын созып.

Доспан жуўырып барып хийўалыны аттан түсирди.

Айдос оның алдында қанша қыйпақ-сыйпақ етсе де, сырттан қайтарыўға илаж табылмады, ишкерилеўге мирәт қылды.

Хийўалы сүлингирден келген қара муртлаш екен. Ишке кирер алдында жән-жағына қарап алып, қамшысы менен қонышын сыртылдатты.

— Хә, Айдос бий, түсиникли. Аўылдың сасық ийисинен қашып дем алып атыр екенсиз. Па қыпша белли жаңанлар менен бәзим қуратуғын төбешик екен.

Айдостың жығырданы қайнады, әттең, ол хийўалылығы себепли «ғарға болса да қаршыға, шымшық болса да бүлбил» болып келип тур.

— Меҳман ишке кириңиз!

— Хеҳ ассалаўма әлейкуум! — деди хийўалы иште, толып отырған бийлерди көрип. — Қарақалпақлар хәзликти билмейди дер еди, билер екенсиз дә! Хәммеңизге кәраматлы Хийўадан, уллы Мухаммед Рахим ханнан сәлем болсынлар! Қарақалпақлар қатынларын жанбасына алып чай ишеди дер еди, араңызда бир де қызыл жаўлық жоқ ғой! Ямаса сизлер-әм өзбексизлер ме?

— Төрлеңиз, меҳман, төрлеңиз!

— Биймәлел, биймәлел, — деди хийўалы, есикте қақайыўын даўам етип. — Ха, албырап қалдыңызлар, бас қосқаныңыздың жасырын сыры барға усайды. Не болса да уллы ханға айтып билдиремиз.

— Отырыңыз, меҳман, отырыңыз.

— Жоқ, биймәлел. Мен уллы Мухаммед Рахим ханның жийени, тәнҳә шабарманыман. Уллы хан уллы ис ойлады. Быйыл медиресени питкеретуғын моллабәшелер ҳүрметине уллы ханлықтың есабынан уллы зыяпат бермекши, соған Айдос бийге хабаршы болып келгенмен.

— Отырыңыз, меҳман, отырыңыз, — деп Айдос және жалбарынды. — Уллы ханның зыяпатына, әлбетте, барамыз.

— Айдос бий, биз енди қайтамыз, — деди хан шабарманы ҳәтте, дизе бүкпестен. — Бизиң ислеримиз көп. Қонып кетсек-әм болар еди, әттең, бүлкәра суўықлық қылады.

— Олай болса бизикинде қона қойсын, — деп Қабыл ушып турды. Айдос оған олыя бир қарады, бирақ үндемеди.

— Биз онда кетемиз, — деди хан шабарманы шығыўға мейилленип, — Айдос бий, өзиңиз бенен неше киси апарсаңыз-әм апара бериңиз. Бул адамлардың бәрин апарыңыз.

Шабарман менен Айдос қосыла шықты ҳәм Әлийди шетирек шақырып алып тапсырды:

— Қабыл менен бирге мийманды узатып қайт. Өзиң түсинесең, Әлий, Қабылдың аўылы алыслық қылар. Бизге қәдирли мийманың

жиберген екен десин, туўры Бегистикине, я Мыржықтикине апар. Өкпелеп кетпесин, кеўлин табыңлар.

Айдостың Әлийди қосқандағы ҳәм еки иниснинң үйин силтегендеги мақсети, биринши жағынан, Қабылға исенбесликтен, екинши жағынан, өкпели иниллерине өзиниң ҳүрметли қонағын жиберип исеним билдириў менен кеўлин алыў еди. Әлий бәрине түсинген-ликтен сораў бермеди...

Шақырылмаған қонақты жөнелтип, бийлер тийкарғы мәсләҳәтке жаңа киришкенде, Бегис пенен Мыржық кирди. Айдос ишинен «Қонақты Қабыл үйине әкеткен болды ғой, шамасы», — деп дусмаллады да, олардан ҳештеңе сорамады. Бегис пенен Мыржық хәммеге бир сәлем берип, есиклеў таманға жайласты. Айдос оларды елестирмегенсип, әңгимесин жалғастырды.

— ... Солай бирәдарлар... Хәр ханға бөлшекленгенлерди бир жерге үйсек, көп көринеди. Жартысына мешит, медиресе, қала салар едик. Ойланып көринлер, егер сырттан атасы басқа биреў келип, «әй, қарақалпақ, ата мәканың, баслы шәҳәриң қайсы?» десе жуўабыңыз бар ма? Жоқ. Өзлериңиз айтыңлар, қайсы аўылды көрсетемиз? Маман, сен не дер едиң? Орынбай, бәлким, сен жуўап табарсан? Асан, сен де сөйле! Ямаса Қоңырат шәҳәриниң ҳәкимине еремиз бе?

Бегис Мыржыққа бурылып «баяғы бизиң гәплер ортаға түсипти» дегендей, сәл езиў тартып, бул пикирдиң ҳаслы кимнен шыққаны аян етилмегенине басын шайқады.

Басқалар олардың кейпин байқамай, Айдостың сораўлары үстинде бас қатырып, сам-саз болды. Бет әлпетлеринен ҳәзир-ақ биригип кетиўге келип турғандай...

9

«Мәсләҳәт төбеден» түскеннен кейин хан шабарманы:

— Айдос бий орасан ақыллы адамдә, — деп қойды.

— Дурыс сезгенсиз, меҳман, — деди Қабыл үндемей қалыўдың есабын таппай. — Ҳәзирги қарақалпақлардың гиндиги усы Айдос аўылы болып тур.

Әлий Қабылдың хан шабарманын ертип кетиўге тилек билдиргенин тегин емес деп қәўипленген еди, мынаў гәпине ырза болды: «Айдосқа гийнесин қойыпты»...

Хийўалы мийманды зериктирмеў ушын ба, Қабыл «Айдос аўылының» жақсы жерге қонысласкәнынан баслап, жолаўшының адаспаўы ушын қалың бүклер арасына түйилген түйинлерге шекем гәп қыла баслады. Оның сөзлерин әйтеўир мақуллап «ҳа, жүдә саз, жүдә саз» десе де, хан шабарманының қыялы басқа жақта еди. Еле сыры нәмәлим адамларға кеўлин қалай билдирерин билмей, пышықтың күйрығындай узын қара мүртларын сыйпаў менен, ҳәккедей төрт төрепине тез-тез қаранады.

Қабыл бир аўада өзиниң аўылына апаратуғын жолға қайрылып еди, хийўалы дәрриў сезди.

— Шамамша, Мыржық аўылына былай жүрилсе керек.

— Виледи екенсиз, мехман.

— Ҳа, бүгин сол аўылдың үстинен өткенмен. Қудықтан суў тартып турған бир келиншекти үшыраттым, ондай қәдди-қәўметли нашарды биринши көргеним.

— Ол Мыржықтың келиншеги шығар, — деди Қабыл. — Мен дийдарласқаным жоқ, лекин, жигитлердиң таңлайы түседи.

— Ондай сулыўдың бар екенин биле тура көрмеў, бақыллық болса керек, Қабыл бий. Мен өтеалмай, ат суўғарыўды бәнелеп қасына барып едим, ҳеш гәп-сөзсиз суў толы шекерин атымның аўзына тутты. Өзине ықласым кеткени соншелли, Айдосқа хабар етпей қонып қала жазладым, әттең уллы ханның тапсырмасын бир күн кешиктириўдиң гүналығы тағы бар. Сонда да қайтысын қайырылыўды шөкелеп аты-жөнин сорадым. «Уллы бийдиң палўан инисиниң келиншегимен» деди. Хан жақыны екенимди сезип, «Ел үстине келген мехман екенсиз, аттан түсип чай-суў ишиңиз» деди. «Ериниз үйде ме?» деп едим, «ҳәзир жоқ, кешке қарай келер» деди. Ой, қандай әлпайым сөйлести деңиз! Даўысы... қарағанда көзлери... Қараңғыда, жекке жулдыз, көп жулдыз арасында ай десе болар жүзин. Ўақ, ўақ... Ери жоқта мирәт еткен ҳаялдың сөзин сындырыўға жүрегим жүдә ғана әззи адамман!

— Қумар келин илаҳийда миймандос жан, — деп Әлий гәпке араласты. — Қарақалпақта «ердиң атын ҳаялы шығарады» деген гәп бар. Әне, усы келин сондай, нағыз Бийбипатпанның қызы десе болады.

— Өзиниң өзбеклерге жақынлығы бар емес пе?

— Дурыс сезгенсиз. Есенгелдиниң өзбек ҳаялынан туўылған. Төремурат суўпыларға жийен.

— Қудай бизди де билимсиз етип жаратпаған, — деп хийўалы мақтанышлы көкирек керди. — Қабыл бий, аңғарып киятырған шығарсыз, мен жүдә ашық кеўил адамман. Мухаммед Рахим хан бизикине аш қылыўға келип талай сапар «ашық көңилсиз» деген. Ҳа, солай. Тахтқа отырмастан бурын бирге жигитлик қылып, талай пешаханаларға киргенбиз. Қабыл бий, сиз-әм яхшы адам екенсиз. Ханға айтып барсам, сөзсиз көтерилесиз... Ўах, ўах, Мыржықтың келиншеги не деген сулыў? Сарайда жоқ, ондай сулыў. Қабақ арқалағанда нәзик бели майысып, гүлмыйықлы геўишин сылтылдатып кеткени, еле көз алдымда тур. Бүгин оның қолынан тамақ ишемиз, лекин, ери кеште келмес, мениң ақшамласыўыма имканият туўдырсаңыз, екеўиңиздиң-әм қолыңыз бәлент.

Қабыл не қыларын билмей Әлийге қарады.

— Қәдирли мехманымыз, бизде ондай дәстүр жоқ, — деди Әлий.

— Дәстүр дегенди биреў баслайды, қалғанлар даўам етеди. Өйтпегенше төбеден дәстүр түспейди.

Қабыл атының жылаўын тартты. Хан шабарманы оның Әлий менен сөйлесип алмақшы болғанын түсинип, ҳеш нәрсе аңғармағансып жүре берди.

— Әлий, — деди Қабыл сыбырланып. — Уқтың ба? Бул шабарманның зейнине тийиў — жыланның ордасына аяғында суғып алыў менен барабар. Сен Айдос пенен көп сырлас болған адамсаң. Ол инисиниң үйинде жоқ екенин биле тура силтеўине қарағанда, бул шабарманның кейпи-көрахты, сырын бурыннан билсе керек. Келген потте-ақ сыртқа шыққан Айдосқа «паҳ, қыпша белли жәнаплар менен бәзим қуратуғын жер екен» дегенин еситпедиң бе? Айдос Хийўадан қандай атлы келсе де, кеўлин таўып жиңишкеден алатуғын сум адам! Үйинде жоқ Мыржықдикине силтеп, «өкпелеп кетпесин, кеўлин табыңлар» дегенинде лийкин бар. Усыннан келин айтқанды қылмай өкпелетип алсақ, не болады?

— Бул гәп емес, Қабыл бий.

— Әлий, бул киси меники емес, Айдостың қонағы. Енди атқосшылықтан қалдырады деп Айдостың қонағын өкпелетиўге қудайдан қорық.

— Неке бузыўға қудайдан қорқыў керек. Егер Мыржық үйинде болмаса мийманды сизиң аўылға апарамыз.

— Әй, мәжгүн, — деп Қабыл тақымын қаттырақ қысып, хан шабарманының изинен жетти.

— Қабыл бий, сизде қәлпелик бар дейди? — деди хан шабарманы.

— Билер екенсиз? — деди Қабыл қуўанышлы.

— Ҳа, билемиз. Айдос бий қусыңызды өлтиргенин-әм билемиз. Пүткил хан сарайы биледи. Қуда қәлесе, сизди уллы Мухаммед Рахим хан қус беги қылып алады. Қалай, анаў менен келистиңлер ме? Келиншек бүгин кеште бизики бола ма?

— Несийбеңиз билер, меҳман.

— Уллы ханның жийенлери бийнесип болар ма екен?..

Олар Мыржықтың отаўы алдында тоқтады.

Қызыл ала жаўлығын қыя жамылған Қумар үйинен таўлана шығып, ериниң жоқлығын билдирмей, хийўалы мийманның атын жылаўлады. Усы демде ол, хан шабарманы тәриплеген дәрежеден бирнеше есе артық сулыў көринди. Қабыл таңланып, түпиригин жутынды. Оның кейпин аңлап қалған шабарман бир көзин қысып, күлип қойды.

— Келин, Мыржық келмеди ме? — деди Әлий.

— Ортаншы қайнаға менен уллы бий қайнағаның аўылына кетти. Аттан түсе бериңлер, келип қалар.

— Түс, Әлий, — деди Қабыл. — Айдос оларды қайтарар, бәлким. Қайтармаса-әм, мейли мийманның кеўлин келининиң өзи-ақ табады.

— Қараматлы Хийўадан келген мийман бизиң хызметимизди менсинсе бәс, — деди Қумар.

— Онша кербаз мийман көринбейди, келин. Аянбасаңыз бәс. Қарақалпақ уллы қонақты хызмети менен аўзына қаратады.

— Түсе беринлер, колымыздан келгенин аянбаспыз, — деди де Қумар түйтеңки ҳаялларға усап албырамастан, ериң де келип қа-

лар деген үмит менен қонақ күтүүге киристи. Қоңсысынан бир жигитти шақырып келип, сойыу ушын қорадан қой көрсетти. Өзи от жақты.

Чай қайнады, ишилди, және ишилди. Күн батты, еле келетуғын Мыржық жоқ. Әлий бөриге байланған қозыдай тыпыршылап отыр. Қабылдың пәрүайы пәнсери. Қонақтың көзин алып:

— Әлий, енди пәмиң алысты ма? — деп сыбырлады. — Айдос инисине «үйиңе қонақ кетти» деп қайтармағанында сыр бар. Ақыры, ол инисин жек көреди. Егер усыннан келин көнсе, аўзыңа бек бол.

Сулыў келиншектиң хызметине таңланысып Қабыл да, хан шабарманы да бас шайқап, таңлайларын қағып қояды.

Гә ери орнына, гә өзи орнына шырпылдап жүрген келиншек, қуптанға шамаласқанда барлық ислерин жуўмақластырып, меҳманлардың үстине кирди, есикке жақын төселген кийизге бир дизерледи.

—Ҳүрметли меҳманлар, менің палўан төрем кешикти. Хызметбабында қасыңызда бола алмадым, зеригип қалмадыңыз ба?

Ол ерлерге тән сөйлесе де, жеңи менен қаймақтай еринлерин тасалады.

— Жүдә жақсы отырмыз, келин, — деди Қабыл қуўжыңлап, — Кәраматлы Хийўадан келген меҳманымыз хызметиңизге жүдә ыразы. Алла зыят етсин, келин, меҳманның кеўлин таўып атырсаң. Изи оң болғай, бизлер тилине беккем адамлармыз.

Қумар Қабылдың ең соңғы сөзин жақтырмаса да, мәни бермегенсиди.

— Тамақ тайын еди, әкелинсе мейли ем?—деди сыпайы ғана түргелип.

— Әкеле бериңиз, өзиңиз де келиңиз,— деп жуўқылдады хан шабарманы.

Келиншек ийбе сақлап арты менен бәсип шықты. Қабыл «қалай?» дегендей қопаққа қарады. Ол таңлайын тық еткизип, түпиригин жутты.

— Енди қорықпас, — деди Қабыл және сыбырлап. — Тилимизге беккембиз дедим, бул қалай боптыҳ

— Ҳаялдың қорқатуғынды үшиншi адамның билиўи. Дурыс еттиңиз, — деди хан шабарманы.

Әлий ишинен кирип болып отыр. Хызметкер жигит нәҳән қызыл самар толы гөштиң үстине пискен қой геллесин қойып кирди. Изинен бир табақ толы сорпа менен Қумар көринди.

Қонақтың өтинишин орынлаў ушын кирген келиншек бир қапталда отырып зеренлерге сорпа қуя баслады. Бул хан шабарманын қуўантып, Қабылды таңландырды. Әлийдиң ашыўы ишине сыймай шыдамсызланды.

— Келин, сорпаны өзим қуя қояйын.

— Қуйып болдым, қайнаға.

«Кәпирдиң отырғысы келеди, шынында бәлеси бар», — деген ой келди Әлийге. Геллени алдына алған Қабыл бир қулағын ке-

сип келиншекке, екинши қулағын хан шабарманына услатты. Хан шабарманы ишинен ырза болып, «екеўимизди теңлеп атыр, қалай қарайсаң?» дегендей түйе қаўырсық сүйир шопағындай сарғыш тислерин келиншекке көрсете қолындағы қулақты асады. Қонақтың зейни ашылып ишеги менен асағанына келиншектиң кеўли толды ма, ол да қардай аппақ маржан тислерин сәл көрсетип, өз пайынан бир тиследи. Әлий табаққа үнилсе де, келиншектиң ҳәр бир қыймылын бақлап отыр еди. Бул көринислер жақпай «нашар — қаншық менен теклес» деген гәп ырас болса керек» деди ишинен.

— Ҳәрне барымызға қанәәт етесиз, ҳүрметли меҳманлар, — деп Қумар сорпадан босаған ыдысты алып тикейди. — Кәраматлы Хийўадан келген меҳман, үйде еримиздиң жоқлығын билдирмейсиз.

Қабыл хан шабарманың шығанағы менен түртти.

— Өзимиз-әм бәрҳә асығы алшы жигитлерденбиз, — деп мақтанды ол Қумар шыққаннан кейин. — Мухаммед Рахим хан устазым болады. Қараңғы көшелерге тасаланып турып талай саўдагерлердиң, ҳәкимлердиң сулыў келиншеклерин тутқанбыз. Еркекке жаңа бойы үйренген жас келиншектиң ери бир жақта үш күн иркилсе болды, көзи қапылады. «Жоқ» дейтуғыны болмайды.

— Япырмай-ә? — деди Қабыл таңланып. — Қатын — кисиниң мүлки деген-әм бир раўаят бар.

— «Қатын күшлиниң көлиги» дейди.

Әлий еки пышық ортасындағы тышқанға мегзеди.

Қумар жатар алдында оларға көрпе-төсегин салып бериўге кирди.

— Яқшы уйықлап, яқшы түс көргейсизлер, — деди шығып баратырып.

— Әне, буннан артық мирәт болмайды, — деди хан шабарманы. — Жигиттиң қыйлы-қыйлысы болады. Бири «қарсақ» болса, және бири «барсақ», бири «түлки» болса, және бири «күлки». Биз айтып қоятуғын «барсақ»лардан емес, «қарсақ»ларданбыз, «күлкилерден» емес, «түлки»лерденбиз. Тезирек уйықлаңлар.

Үшеўи бирден тым-тырыс болса да, екинши үйдеги жас келиншектиң қазан-табақ жуўып, анаў-мынаў ислерге гүйменлеп атырғанын тыңлады да жатты. Келиншек соңғы мәртебе далаға шығып, ийтке жуўынды қуйды. Аязлады ма, азлап жөтелип, қайтадан үйине кирди, шыраны үпледи.

Хан шабарманы жыландай жылысып бас көтерди. Аздан кейин үйден шықты...

— Әлий, — деди Қабыл сарсылып, — Мынаў нәлетий қатын елдиң атына дақ түсиретуғын болды ғой.

— Изинен бараман!

— Тыныш, маңлайы қара. Бир ирет қақпақ боларсаң, соң-соң?!...

10.

«... Ойланып көриңлер, егер, сырттан атасы басқа биреў келип, «әй, қарақалпақ, ата мәканың, баслы шәҳәриң қайсы?» десе, жуўабымыз бар ма?...»

Усы пикирди ҳәмме қыялында тәкирарлап отырғаны ушын ба, сырттта қуяш жарқырап турғанына қарамастан, отаўдың ишин геўгим тартқандай, хәмме сам-саз.

Әсиресе, Бегис пенен Мыржықтың жүзлери мынсан қубылыўда. «Саған да, ҳәммеге де ой салатуғын бул баслы сораў, әўеле кимниң тили менен айтылғанын неге жәрияламайсаң, жас үлкен? Усы ўақытқа шекем көлеңкеңде қалып едик, мейли, намысың шыдаса бул пикиримизди-әм пайдалан...»

Әлленемирде Бегис бас көтерди.

— Әнгимелердиң рәмәўзине қарағанда мәсләҳәт бирлик ҳақкында болып атырса керек. Дурыс, дара-дара мың шыбықтан бир қосылып буўылған он шыбық мықлы. Бирақ усы бирлик қаяққа жумсалыўы тийис? Гән, мине, усы жағында. Мениңше, жетим қозыдай ҳәржаққа телиў дәркар емес. Ҳәзир Хорезм ўәлаятында күтә ақыллы, әззиниң ғамхоры бир уллы адам бар. Ол Қоңырат шәҳәриниң ҳәкими — Төремурат суўпы. Ҳаслында бүгинги мәсләҳәт бул жерде емес, әне, сол кисиниң қатнасыўы менен Қоңырат шәҳәринде болыўы керек еди. Мыржық пенен екеўимиз бүгин Қоңыраттан келдик. Уллы адамның бизлерге: «қарақалпақлар жатсам дастықласым, өлсем әўлийешилигимиз бир халық, сол ушын да олардың Хийўа ханына салық төлеп отырғанын көргим, еситким келмейди», деген гәпи бар. Әне, өзи ҳәзирги хан менен уялас руўдан бола тура айтқаны. Наәдилликти көрип өз руўынан безип, жәбиркеш қарақалпақларды артық көрген адамнан не мин табыўға болады?

— Ырас, жас үлкенлер,—деп оны Мыржық толықтырды.— Ҳәзир атланып, алдына барсақ, ҳәммеге қушағын жаяды. Ол кисиниң нийети зор. Хийўа, Бухара, Қазақ ханларынан, Орыс патшасынан бийғәрез Қоңырат ханлығын пайда қылмақшы.

— Туўысқан иниси Хожамурат пенен оңыспай жүрген Төремурат суўпы сизлерге қалай жағын қалғанына ҳайранман, — деди Есенгелди сары.

Өзлериниң арасындағы алаўызлықты айтып атырғандай сезип Бегис те, Мыржық та бурыштай қызарды.

Айдос албырамады.

— Базы бир өзимшил, пассық минезли, қайсар баллар болады. Табағына бир нәрсе түскенше ҳәммеге жалтақлайды. Дийдилеген пайы қолына тийсе, туўысқанына қасық атпай иргеге тығылып, тамағын терис қаран ишеди. Төремурат суўпы-әм сондайлардан.

— Сениңше, не қылыў керек? — деди Мыржық ашыўлы.

— Оныки бир тойыўдың ғамы. Бүгин тойған менен ертең аш қалатуғын болсақ, керек емес, ал бүгин аш болсақ та, ертең тойыўға мүмкиншилиги болса, бул аса ығбал. Соның ушын мен оның

мөлдекшилигин қолемеймен. Қоңсылас уллы ханлықлардың биреўине арқа сүйемей жасаў жоқ.

— Дурыс айтасыз, Айдос,—деп Маман қайтадан жанланды.— Арқа сүйесең күшлиге сүйеў керек. Бабаларымыз дана болған, билген. Сол ушын Орыс патшалығынан қол үзбеўдиң жолын излейик.

— Маман, сизиң айтқаныңызды дурыс дер едим, бирақ, бизди орыслар азсынады, майдасынады. Ақыры, түйеси бар адам ең кеминде сыйыры бар менен ҳәмдам боладыдағы. Оларға етекли ел керек. Бизди қалай азсынбасын, қалай майдасынбасын. Биз ҳәркимниң шалғайына илинген сабақпыз. Ийеси шапанын тартса да, гөнесинип тасласа да илинип қала беремиз...

— Сениң ақыл-ҳуўшың Хийўада, — деп Бегис мурнын жыйыра сөйледи. — Төремурат суўпыныңбир гәпин айтпай-ақ қояйын деп едим, енди болмады. Ол кисиниң «Хийўа неге көркейип баратыр?» деген сораўға «Айдос сыяқлы ладанлар халқының тапқанын тасып турғансоң көркеймей не қылады» деген жуўабы бар. Бул ҳақ гәп! Өз абырайыңды ойласаң, болғаны. Атымыз шыққан ел болайық десең, Қоңыратқа қосыласаң. Қорықпа, бәрибир, сени саямызда қалдырмаймыз, ондай сумлық сенде бар.

— Сонда сен шалғайға илинген сабақ болмаймыз деп отырсаң ба? — деп Айдос сәл қызараңлады. — Қоңырат ханлығы деген не? Үлкен теректиң бир терис путағы. Ҳәзирше саялы көринген менен абайсызда көзиңди шығарады. Сол ушын ондай путақты еси дүзиў киси шаўып таслайды. Оннан да, нарттан шығарып Қарақалпақ ханлығын дүземиз дегенде, тилиң кесиле ме?

— Усы қарақалпақта бирин-бири саяман қылайын деп жүрген ким бар? — деп күйинди Маман.

— Айдостың ҳәзирги ҳамалы азлық етип жүрсе керек, — деп Орынбай бий жеделленди. — Қарақалпақ ханлығы деген не? Заўзаддында, бабанда ханлық жоқ. Оннан да Бухара әмириниң барымына барып, халықты тынышына қойыў керек.

— Елтузер инах хан болды. Оны тахқа узағына ийелик қылалмас деп хәмме күстаны қылып еди, әжели жетип өлди, орнына иниси Мухаммед Рахим хан болды. Бизге де ханлық тәәжип емес. Мәселен, мен көп Хийўа ханларын көрдим. Олардың ҳешқайсысын өзимнен билимли, өзимнен ақыллы деп есапламайман!

— Ҳааа! — деп кекетти Орынбай. — Ханлық қарақалпаққа емес, маған керек десең, Айдос ақ көкирек екен дер едик. Тәсиллик менен хан болмақшымысаң?

Айдос қызып кетип өзин ханларға теңгерип қәте ислегенин түсинди, бирақ, жеңислик бергиси келмей, дүзетиўге урынды.

— Ханлық халыққа да керек, Айдосқа да керек, бирәдар!

Буған бийлердиң биразы түсинбеди, биразы жақтырмады. Ҳәркайсысы кекете баслады.

— Ҳа, еле сизге сарай-әм керек болар?

— Сарайсыз хан — шпиле топан тығылған тулып, бирәдар, — деди Айдос.

— Ҳә, енди ләшкер-әм керек дерсиз?

— Ләшкерсиз хан—ҳәремсиз ҳасыл бағдың бағманы, бирәдар, — деди Айдос.

— Ҳа, оған ылайық қырқ қыз керек дерсиз?

— Ойын-заўықсыз сарай — мазарстан, бирәдар, — деди Айдос.

— Ха, сизге кәрўан-әм керек болар?

— Саўда-сатықсыз хан — атаўда қалған қоян, бирәдар, — деди Айдос.

— . . . . . .

Жатар болды.

Бийлердиң тарысы қызған үстине қызды. Сыртта мал сойып қазан асып-жүрген хызметкерлер олардың үстине киўип аўқат ҳәзир болғанын да айта алмады.

Бийлер шаршаған сайын бирин-бири жеңиўге тырысты, даўыслары ҳөктерек шығарыўға урынып, бир-бирине нәўбет бермеўге қарады. Бас бийлерге қосыла олардың тәрепдарлары да сөзге араласып кетти.

— Қазақ ханы арқалы орыс патшасына барыў керек!

— Жоқ, Бухараға...

— Жоқ, Хийўаға!

Айдос қарақалпақ ханлығы жөнинде және сөз қозғамақшы болса, ҳәмме жыйналып урыберди қылады, аўзын қақпалайды. Сонлықтан ол бул жөнинде қайтып тилине баспады. Соннан келген, олар қанша ашылысып бирин-бири исендириўге урынбасын, баста басланған төрт бағыт биреў түўе үшеўге келмеди.

— Жоқ, Қоңырат ханлығын дүзиў керек!...

Таң алдына қарай базы маўбас бийлер қалғыўға қарады.

— Айдос, бизди бириктириў ушын емес, қырылыстырыў ушын шақырған екенсең! —деп Орынбай бий өрре тургелди.—Қәне, менің жигитлерим, атланыңлар! Бундай пәтиўасыз, ҳәттеки, туўысқанлары менен қандар болған адамның тамағын жеўдиң өзи гүнә, турыңлар!

Қалғып отырғанларға да қозғалаң тийди. Абайсызда жаў келип қалғаны хабар етилгендей, ҳәмме өрре-өрре тургелип, ким қурашын, ким сәллесин, ким қалпағын, ким қамшысын изледи, кеўли сергеклер тез-тез киймнин, үйден шықты. Демнин арасында отаў босады, атлылар шоқ-шоқ болып ҳәр жаққа тарады... Тамақ таярлаған асназлар қайсысына тәўелле қыларын билмей аңырайысып қала берди.

Уйқыдан қабағы қалыққан Айдос аўылласларына сыр бермеў ушын өзин сергек тутып буйырды:

— Қолдаўлылар, отырың!

Өншең қолдаўлы руўының атқа минерлери қайтадан ишкериледи.

Ҳәр руўдың бас бийине атақлап мал сойылған еди. Жалғыз руўдың бийлери ушын аўқат мол-молақай болып қалды. Бирақ ҳешким қуўанышлы емес, жас жигиттиң қарасы үстинде отырғандай тунжырап жести.

— Әне, бирәдарлар, биз сол ушын қарақалпақпыз,—деди Айдос өкинишли. —Көбинесе адам өзиниң бойын билмей төбесин лапламайға тутады. Енди бойыңызға қараңлар!

— Не болыпты?—деди Бегис.

— Халқыңыздың қандай екенин билдиңизлер ме?

— Сеннен басқалар халық ушын деп жүрген жоқ-ә? —деп Мыржық кекесине сөйлеп, қолындағы жиликти қайтып табаққа салды.—Сен еле пүткил қарақалпақ мениқи деп жүр екенсең. Ҳәтте, қолдаўлының сениқи емеслигин бил.

— Қәне, бизлик жигитлер, бөлининлер!—деди Бегис түргелип. Отырғанлардың жарыға шамаласы әстен-әстен тикейе баслады.

— Жигитлер, Орынбай бий дурыс айтты, бундай пәтиўасыз жерде тамақ жеў гүнә! Кеттик!

Мыржық ергенекти сытырлатып асығыс шықты. Жигитлери гүў ерди.

Бул ўақытта таң атып, өйер-бүйердеги адам көринетуғын болған еди. Айдос өз руўынан қалған бес-алты адам менен гилең хызметкерлердиң басын қосып, аўқатқа отырғызды.

— Жеңлер, жигитлер,—деди ол тәрепдарларына руўх бериў ушын. — Бул артық несийбе! Қысынбанлар, жеңлер, аўысқанын бала-шағанызға бөлисип алыңлар!

Ол қанша сыр бермейин деген менен иши түтинге толып кеткендей еди. Шыдамай далаға шыққаны сол, аттан түсип атырған Әлийди көрди. Оның шырайы қаралай өшип қалыпты, Айдос бирден ҳаўлықты.

— Жаў келгеннен аман ба?!

— Уллы бий, ис шатақ,—деди Әлий ентигип ҳәм иштегилер еситип қоймасын деген ой менен сыбырланып сөйледи. —Хан шабарманы өлди.

— Қалайынша?!

— Кумар келин өлтирди!

— Қалайынша?

Әлий дир-дир етип ҳеште не айта алмады.

Айдос өзиниң де қызып турғанын енди түсинип, Әлийдиң қолынан шетирекке жетеледи.

— Ентиге бермей айтшы?!

— Өзи бузық адам екен. Түнде түргелип кетип еди. Бир майданнан кейин үстимизге келин келди. Өзи жүдә парасатлы. «Әй пассық қайнағалар, қәдирли мийманыңызды төсегимнен алып кетиңлер»—деди. Қысылып, қымырылып барсақ, хийўалы өлип атыр.

— Қәйтип өлген?

— Тилим бармайды.

— Соза бермеши!

— Адамгершилигин кесип өз аўзына тығып, үстине пәкини кесе қойыпты.

— Усы тап келиниң иси ме?

— Аўа.

— Келинге басқыншылық етпекши болған шығар?

— Аўа, уллы бий. Оның өзи ханның жийени екен, изи үлкен әдаўат боларма деп қорқаман. Өликти Мыржықтың мал төлесине тығып қойдық.

Хабар еситилген пәтте денеси түршиккен Айдос өзин тутты:

— Ҳеш гәп.

Оның суўыққанлығы Әлийге де өтип парасатланды;

— Келин наятый дурыс ис ислеген—деди Айдос онша асықпай. —Қарақалпақ ханларының дегишпесине түсинбейтуғын қарсақларға тәмби болыпты. Жүдә жақсы, жүдә жақсы! Өлтирилген нәмәрт ханға жийен түўе бир емшек емиссе де, ендиги жуўабын өзим беремен. Қабылға айт, ҳаўлықпасын. Келеси пийшембиге меним менен Хийўаға жүретуғын болсын. Ханның шақырығына барамыз. Лекин бул исти тилине басып екинши жерде ығырыўламасын! Ал, енди өзиңниң не тилегин бар?

— Доспан күтә ақыллы бала шықты. Усы сапары атқосшылыққа оны әкететуғын болсаң.

— Өкпең жоқ па?

— Кеўлимде ийнедей гирбең болса, ийманым күйсин.

— Ғарғанба, Әлий, исенемен. Және қандай тилегиң бар?

— Үлкен улымды тезирек аяқландырып, келин жумсағым келеди.

— Егер баланың шөкелеп жүргени болса, биз келгенше қуда түсип қой. Қалың малына керек десең, «дәўлет басы» қарағай шақлы ала өгизимди де аямайман. Ал ҳәзир тезирек шап. Илажы болса Мыржықлардан бурын жет. Өликти сол жатқан төлесинен шығармай аўзына тезек тығып көмиңлер.

— Яқшы.

* *
*

Бийлер арасындағы жәнжелдиң ақыбетине Доспан ҳайран: «Мине, бизден бийиктегилердиң ҳалы. Пәстегилердиң ғамын жеў былай турсын, тиллерине баспады, ҳәрқайсысына өз баг-дәўлети қайғы. Сонда да қас қабағын бақпасақ, күн жоқ, төбеңе тас түсиреди...» Ол жумбақ қыялларға берилип Айдос пенен Әлий арасындағы гәпти еситпейин десе ыдай алмады, бир қулағы оларда болды.

Айдостың Қумарды мақтағанын еситкенде әне, бийбаба,—деди ишинен,—баягыда оның атлы жүргенин күстаны қылып «Сулыў қатын ериниң мақлайына шүйел» деп еди. Бийкарға шықты. Жоқ, ол мийманды өлтирген гой. Изинен қанша адаўат болады. Ериниң бетине шүйел дегени усымеди-я?...» Бийдиң оны атқосшы қылып әкетиўге қайылшылық билдиргенин еситкенде, есине түскен барлық нәрсени бирден умытты, жерге қарап жымыйып күлди: «Қызық, ырастан-ақ маған өмир түйинининиң күлкили жағы ашылажақпа? Бийшара әкем тири болғанда қанша қуўанар еди. Ол «Айдос күтә әндийшели, елге керек адам, әттең, ўақтында ба-

сыма ақыл келмеди болмаса...» дегенде не айтпақшы еди?... «Сорамағаныма.. Не қылыўым керек? Атқосшылықты келистирс аламан ба? Неге? Әдийшели адам болса, үйретер». Оның ойлары кем-кем бир қолинке түсип, кеўили жақсылыққа исене баслады. Және шаўып кеткен Әлийдиң изинен миннетдарлық пенен «мынмын алғыс саған» деп жағасын услап ҳаяллар сыяқлы көкирегине түпирди. Соның арасында Айдостың атын айтып шақырғанын еситти. Уйқыдан оянғандай селк етип, «лэббай, бий баба» деди де ийегиниң астына тақалып-ақ қалды.

Бий өзин жайдары тутқан менен жүзи өртең шалғандай еди. Доспанның төбесинен аяғына шекем сын көзи менен бир шолып:

— Ҳәзир сейисханаға бар,—деди. Доспанның қуўаныштан ушпаға қанат болмай турғанын көрип, мыйығынан күлди.—Ҳа кеўлиң бир нәрсе аңлап тур ма? Бар да бизиң атқа түслес алаяқ жийренди жапқа апарып жуў, өзиң де шомыл. Бет-аўзында кир-қоң қалмасын...

Доспан «мәсләҳәт төбеден» ойға қулдырап жуўырыўы менен кетти.

11.

Хийўалы шабарманды өли көргенде Қабылдың көзлери уясынан шыға жазлаған еди, еле қәддине түскен жоқ. Басы мензең. Мисли арқанлаўлы баспақ. Отаўды айланып тыпырлап, биресе төлеге киреди, биресе қонақ орнына қайтып келеди. Жүрегине ас батпай лоқсып баратыр. «Сум Айдос еплеп дузағына түсирди,—деди өзине-өзи. —Енди аямайды мени. Ханға тирилей тапсырады. Нәлетийдиң асығы бәрҳә алшылай бере ме?»

Ол Әлийди Айдосқа атландырыўдан қашпақшы да болған еди. Әттең «мәсләҳәт төбеде» қанша адам оларды көрип қалды. Қайда тығылып қутылыў мүмкин? «Ўай-эй,—деп өз жанбасын өзи бурады,—Әлийди жибермеў керек еди. Өлини атына таңып, Әмиўдәрьядан өткерип қайтыў керек еди. Оннан соңғы өлими ушын хан кимге пәтеңки келтирсе келтирсин. Оған мына бийҳая ҳаялләм көнер еди. Ақыры, байы билсе, бунын өзине де жақсы емес!» Ол ойлардың торына шырматылып, жанбаслап жатыр еди, чайнек алып Қумар кирди. Оның пәрўайы пәлек сыяқлы. Жүзинен я күйиниш, я сүйиниш сезилмейди.

— Қумар қызым, буған биз емес, Айдос айыплы,—деди даўысы қалтырап.

— Биресе келин, биресе қызым дейсиз, Қабыл бий, алжыманыз, — деди Қумар чайнекти қойып болғаннан кейин кесепиң ояқбуғын сыпырып турып.—Уллы бий қайнағама жала жаппаныз.

— Сонда мени гүнәкар деп отырсаң ба?—деп Қабыл тикейди. Даўысы ожеп тәўир.—«Тилимизге беккембиз» дегеннен басқа айыбым жоқ. «Кәрамәтли хийўалы мийман, еримиздиң жоғын билдирмейсиз» деген өзиңде бәле бар.

— Өйтип ғаллығалақтай суў шашпаңыз. Уллы бий қайнаға еле сизди суўға жыға қойған жоқ. Ол ақыллы киси, бәлким жықпас. Сонда да суў бетине қалыққан ийнедей шөпти үлкен тамыр билип асыла бериў, сиздей ақыллы адамға жараспайды.

— Усындай гәп айтыўды биле тура, елдиң басына неге қара салдың?

— Қайсындай қара?

— Хийўа ханы бир шабарманының геллеси ушын неше кисини дар астына апармайды?

— Бийғам болыңыз! Сиздей ел ағасы қорықса, биздей қызларыңыз дар арқаның мойнына сала бериўге тайын. Лекин қорлатыў ушын жаралған нашар емесбиз.

— Уллы Маман бий бир гезде, аз санлы әззи халық, ең үлкен теңиз деген. Қойнымызға нендей қоқым сыймайды? Ҳаял адамсаң. Елге келген миймандың бир сыйлағанда не қылатуғын еди?

— Қызлар өзин ҳаял болыўға таярласада, бузық болыўға таярламайды. Сиздей пасаз еркеклер елин ҳәм аз, ҳәм әззи деседе, ҳаяллары мықлы.

— Ҳа сениң тилиңди!

— Қызбаңыз, Қабыл бий,—деди Қумар жүдә суўыққанлылық пенен нықыртып. —Егер сиздей нәмәнтай бийлер өз қызының тилин кесиўге урынбағанда, бул тил аты қарақалпақтың атынан сөйлер тилге қосымша тил болар еди, даўысыңыз күшли шығар еди.

—Әкет чайнегиңизди!

Қабыл өрре турды. Далаға шықты. Аты ақ көбик болған Әлий келип қалды. Оның аттан түсиўине пурсат бермей сорады:

— Айдос не деди?

— Ҳәзир Қабыл,—деп Әлий атынан секирип түсти де, байламастан төлеге қарай жүрди.—Қабыл, анаў белди алып кир.

Қабыл қораға сүйеўли белди алып кирди.

— Айтса, не деди?

— Боқлыққа көмиң, аўзына тезек тығып көмиң деди.

— Изи не болады, изи?

— Хийўаға өзим жуўап бермен деди. Қәне тезлет! Мыржықлар келип қалмастан бурын көмип болыў керек. Оларды жолда көрип, қаймыға шаптым.

Қабыл шуқанақ қазып атырып, және сорады:

— Басқа не жаңалық айтты?

— Сен Айдос бий менен Хийўаға барасаң.

— Өзи жуўабын берсе, мениң нем бар?

— Зыяпатқа барасыз, медпресени тамамлайтуғынлардың зыяпатына.

Қабыл өзине келип манлайының терин сыпырды:

— Ендиги жағын өзиң еплерсең, мен бул жерден кетейин...

Қабыл Әлийдиң жуўабын да күтпестен төледен шықты. Бул ўақытта Мыржық пенен Бегис аттан түсип атыр еди.

Сәлемнен бурын!

— Ағаңыз Айдос айыплы,—деп атына қарай жүре берди.

Қос туўысқан ҳештегеге түсинбей аңырайысып қалды.

Отаўдан Қумар шықты. Ериниң атын жылаўлады:

— Ҳаплықпа, төрем, уллы бий қайнаға емес, мен айыплы. Аттан түс, бәрин түсиндиремен.

Бегис пенен Мыржық аң-таң. Төледен Әлий шықты. Ол өлини көмип, төледе ҳештене жуз бермегендей қылып, үстине самтық шашып шыққан еди. Бегис пенен Мыржықтың келип қалғанын, Қабылдың кетип баратырғанын, салмақлы келин Қумардың бираз тәшўишли ҳалатта албыраңқырап ат байлап отырғанын көрип, тери көзине қуйылды:

— Жигитлер, ҳаплықпаңлар, айып менде.

Еки туўысқан ҳайранлықта ишкериледи.

Енди жасырыўға саңлақ қалмады. Әлий олардың изинен кирди де, болған ўақыяны қысқаша сөйлеп берди.

Ҳалқас таярлаў менен бәнт Қумар киши үйде еди. Табақ алып киргенде жузи ағаштай болып қатып отырған ерин көрип, ишинен азғана қалтыратпа тийди. Сонда да сыр бермеди, қос қоллаўы менен олардың алдына гөш-гүртикли табақ қойды.

— Ырас па?—деди ағаш сүўреттей Мыржық.

— Ырас, төрем. Атқосшы қайнаға қалай айтса, бәри солай.

— Нәлетий, Қабыл!

— Жоқ төрем, ол киси айыплы емес,—деди ол ериниң ҳәзир турып Қабылды қуўып кетиўинен қорқып.

— Айдос па?

— Жоқ төрем! Уллы бий қайнағаға тил тийгизбе, мәгәр болса, душпаны көп.

— Душпаны көпемиш. Душпанынан дос излесе, әлбетте, душпаны көбейеди. Бизлер-әм душпаны. Сен билмейсең. Айт, ырасын, онда Әлий айыплы ма?

— Жоқ, жоқ, бул мүсәпир адам.

— Онда ким?

— Мен ҳәм шабарманның өзи.

— Сеннен оған ым болды ма?

— Мийманы қашқан үй жақсы емес, төрем. Есикке келген мийман кетип қала ма деп қорқып қоныўына мирәт еттим. Ашылысып хызмет қылдым. Хийўалылардың ҳаялы еркекке көринбейди дейди. Мени ашық көрип, бузық десе керек.

— Сен неге ҳәр гәпинде Айдосқа жәм жуўытпайсаң? Әлийдиң айтыўына қарағанда, қонақты бизикине жиберип «кеўлиң табыс» деген ол.

— Өйдегенде Айдостың кеўили ҳақ еди, иним,—деди Әлийдиң шырпыры шығып.

— Ақламаңлар оны! Ол бизге туўысқан болған менен дүнья алдынан шыққан, даңқ ушын жаралған адам. Усы ўақытқа ше-

кем Бегис екеўимизди дингек қылып, өзин бийикте көрсетип кел-ди, енди шыдамай жур. Көрдиң бе, бизлердиң үйде жоқлығымыз-ды биле-тура бузақы хийўалыны жибергенин?

— Кеўилинди қараңғыға берме, төрем.

— Барсаңә, жумысыңа! Еле сен қылар исиңди қылып болып изин бүркегиң келип өлтирдиң бе, бул жумбақ!

Ерининң көзине көринип отыра берсе, күйине беретуғынын сезип Қумар далаға шықты.

Еки туўысқан енди Әлий менен де хабарласпады, хан шабарманының өлими кимге мусаллат, кимге ҳеш гәп, ол жөнин пикирлеспеди де, Әлий кеткеннен кейин екеўи көп ўақыт сөйлеспеди.

Әлленемирде Мыржық үн қатты:

— Ендиги ўазыйпа Айдостың аўылын өзимизге толық қосып алыў болсын.

— Ел бизлерге күлмесе?

— Күлмейди, Бегис. Төремурат суўпының «Қоңыраттың бир шыбығы кесесине сыйбасын» дегенин есле. Қолдаўлы да Қоңырат, аўа, Бегис, Қоңырат!

Бегис ойланып қалды.

12

Хийўаның шаўқымлы базары қызған мәҳәл еди. Аспандағы алағат булт кем-кем топланып, жаўын жаўыў қәўпи дөнип киятыр. Ешейинде ҳаўа сәл ығалланса, кетегине қашқан таўықтай үйли-үйине жуўырысатуғын хийўалылар ҳаўа райының өзгерисин елестирип жүрген жоқ. Көшелерде гирес-гирес халық, ҳәр бәндиргиде шоқ-шоқ адамлар саўда-сатлық ислери менен бәнт.

Базаршыларды айырып киятырған оплаған атлы хан сарайының дәрўазасы алдына келип тоқтады. Айдос атынан түсе сала:

— Бирәдарлар, азғана егленицлер,—деди де, жүўенин Доспанға услатты ҳәм дәрўазаның алдына барып даўрық салды:

— Ашыңлар!

Ғайры пағыллар ойылған сақлақсыз дәрўаза иштен тас камал қылып илинген еди. Оллекимниң өлпең даўысы шықты.

— Ким өзи?

— Айдоспан.

— Танымаймыз.

— Қарақалпақ Айдос.

— Не жумысыңыз бар?

Жаңа ханның дәрўазаманларды өзгерткени оған нәмәлим еди. Бурынлары атын еситиўден жол беретуғын дәрўазаманлардың танымай-шуқластыра бергени, ертип келген адамлары алдында абырайын төгиўге урыныў болып сезилип, Айдос ашыўлы жуўап берди.

— Хан болыўға киятырман.

Иштен әллекимниң мысқыллы күлгени, екинши биреўдиң бәйити еситилди;

«Ҳа, Айдос қарақалпақ,
Басына тайжыға кий малыңды бақ,
Азыўсыз арыслардай айбат шегип,
Хийўаға хан болмаға ҳәддиңе бақ»,

Қоластындағылар алдында кисиден дәкки жеп көрмеген бий, жер жарылса кирип кеткендей ҳалға түсти. Ғырра изине айналды. Жолдаслары оның кеўлин бағып, бәйитти еситпеген кейип сақлады. Айдос «кеттик, бирәдар» деди де атланды. Изден дәрўазаманның муштай басы көринип бақырды

— Айдос, бир өзиңиз кириңиз!

Айдос жуўап бермеди.

Булт лы аспан, тап олардың кейпин күтип турғандай, силпилей баслады.

— Бүгинги жаўын бизлердиң ғайымыз екен,—деди Қабыл.

— Қудай гейде көз жасымызға көз жас қосса да, тыйыўға келгенде умытады,—деди атлылардың бири.

— Бирәдарлар,—Айдостың сарсықлы даўысы ҳәммениң жүрегине ништер суққандай, баўырлары езиле жазлады. —Бирәдарлар, мен ғуналыман, нәлетий шабарманға исенген едим. Кеширерсиз. Жәбирин жасырып жасаўға үйренген халық едик, жүзлериңиз бүгинги аспандай түнерипти, сарайдан қәйтип қайтқанымызды хийўалыларға сездирмей сөйлесип жүриңлер.

Доспанның есине әкесиниң бир нәсияты түсип кетти: «әстапыралла, тек пәстегилер емес, басшыларымыз да жәбирин жасырып, шаппаттан қызарған жүзин тоқлықтың белгиси етип жүреди екенаў...»

— Сол келгенниң өзи шабарман емес, бир буралқы ийт екен-аў, —деди Қабыл. Оның бул сөзи албырап турған Айдосқа әдеўир тиреў болып, кейпи бираз дүзелди.

— Ҳа, солай, Қабыл, дәйексиз бир нәрсе болса керек. Бирәдарлар, егер мақул десеңиз менде және бир ой пайда болып киятыр. Ийт өкпелер, ийеси билмес деген. Биз бул Хийўаға өкпелеп кеткенде, қайсы таўын жығып, қайсы қусын үркитемиз. Ҳәлсизбиз, бирәдарлар. Бир өзим-ақ жаңағы дәрўазаманның шақырығына барайын. Есабын тапсам ханға арзы айтып көремен.

Бул ҳәммеге мақул түсип «барыңыз, барыңыз» деп ғаўырласты.

— Қабыл, мә, мынаны ал,—деп Айдос қалтасынан муштай ақ түйиншик шығарып усынды. —Базардан екеў-ара бир қой менен ишкилик-жегилик алып «Маман шеңгелде» күтиңлер. Ҳаўа да ашылып киятыр.

— «Маман шеңгели» қәйер еди?

— Уллы Маман бий бизлерди ең биринши ирет оқыўға әкелеатырғанда түнеген шеңгеллик-ше?

Хийўаға келгеншe де, келген соң да, хан шабарманының өли-

ми ушын Айдостың тутып бериўинен қәўипленип, бир қысым болып жүрген Қабылдың бойы жеп-жеңил бола қойды.

— Яқшы, Айдос, күтемиз.

Айдос атының басын кейин бурды. Ол сарай дәрўазасына жақынлағанда қудасы Есенгелдиге жолықты. Сақал-шашы қардай ақ мәпилик ғаррының атта тип-тик отырысы Айдосты таңландырып, сәлем бериўди де естен шығарған еди. Алаяқ жийренди алыстан-ақ таныў ыркилип турған ғарры оның сәлем бермегенин күстаны қылып бод урды:

— Хийўаға келсең, жас улкенди умытасаң.

Айдостың кеширим сорағысы келмеди.

— Себебин өзиңиз түсинсеңиз керек.

— Хан шақыртса бәрҳә көзиңниң ети өседи. Ханға қатнайтуғын аяқларыңның тусаўын кесип, усы дәрежеге жеткерген адамға сәлем бермегениң ушын, қудайдан табарсаң.

— Теңлес, замандасларыңнан изде қалып көбирек жасағанда, маған усыны айтыўды мақсет еткен екенсең-дә. Бул жерде не қылып турсаң?

— Сениң абырайыңды көрейин деп келдим. Күшли болсаң өзиң менен сарайға алып кир.

— Қоңырат ҳәкими қайда?

— Шарбақта қалды.

Дәрўаза таманнан сарай сүтинлериниң бири. Қутлымурат инах көринди. Ат жақлы, қара сақал, бирақ балықтай жылысқақ, қайын бул адам асығыс еди.

— Сизлерди күте-күте шаршадық ғой,—деди ол тез-тез сөйлеп. —Қәне, асығыңлар, қарақалпақлар,—деп дәрўазаманлардың бирине олардың атларын бир жерге байлап қойыўды тапсырды да, ишке қарай баслады. Есенгелдиге де «тек» деген бенде болмады. Айдос өзгелер алдында алаўызлық көрсетпеў мақсетинде ғаррыны алдына салды. Инах шийрақ қәдемлер менен асығыс сөйленип киятыр.—Усылайтип-әм кешигеме екең? Хан сизлерди күтип отырама, ақыры. Басланғаны қашшан. Пай, қарақалпақлардың усындай паңлығы бар-дә. Ара алыс екенин билесиз, елден ерте шығыў керек.

Айдос қашшан-ақ келгенин, дәрўазаманлар киргизбей қайтарғанын, сонша жерден ертип келген жолдасларын сыртта қалдырып жалғыз кириўге намысы жетпей, оларды базарға шекем ертип барып алдарқатып қайтарғанын айтпақшы еди. Инахтың кейпикәрахтына қарағанда жағдай айтыў—қатты даўылда өрдеги кисиге сыбырлағандай-ақ болатуғынын билип үндемеди. Инах кирген есиктен булар да уры пышықтай эстен ғана ишкериледи. Босағадан атлаған жердеги бос жайға саққа-саққа жүгинисип, бир-бирине асылыса отырған Айдос пенен Есенгелдини байқап дыққат аўдарған адам болмады.

Инахтың асықтырғанынша бар екен. Зыяпаттың шан-шәўкети питип, адамлар аўқатланып та болыпты, бирақ ҳәркимниң алдын-

да еле жыйналмаған тас бадыялар, шала желинген палаўы менен турыпты. Төрдеги бийик сыпаға төселген қызыл ғалыныңүстине орнатылған тахтта отырған хан қәҳәриниң белгиси сыпағында гүмис айбалтасын жығалы басынан ара тура бир айналдырып жибереди. Ханның жез геўиши қойылған сыпада гилең молла бәщелер отыр. Жаңа қыршылған пияздай суп-сулыў сөлле орағаң жаслар бир ўақытта хан тәрепке бурылып, бир ўақытта төмен қарасады. Бул олардың хан буйрығына таярмыз дегенининң белгиси.

«Қандай бахытлы балалар,—деп ойлады Айдос. —Пүткил Хорезмниң, уллы исламның, кәраматлы Хийўаның ертеңи... Мухаммед Раҳим хан күтә ақыллылардың ақылы, даналардың данасы болса керек. Ертеңгиси менен мейлис қурыў ҳәрбир ығбаллы бенденің басына келе бермейди».

Шәҳәрдиң гүллән қаймақлары ҳәм медиресени быйыл питкериўшилерге лық толы жайдағы жалғыз гүлөнгир қораз болып отырған ханнан саза шықты.

— Молла бәщелер, қулағыңызды кеңирек ашынлар! Уллы ислам әлемге үстемлик етиўи китабый сөз. Бир кәпирди мусылман еткен бендесин қуда отлы гүрсиден сақыт қылады. Әне, сол уллы исламның ошағы кәраматлы Хийўаның даңқын шығарып, әлемге жаршы болыў сизлердиң зиммаңызда. Түрки қәўимлерден қазақ ели уллы кәраматлы исламның ҳәўиринен алыслап баратыр. Оларды қуда дәргайына жақынластырып, ислам ҳәўири менен жылытыў кәраматлы Хийўаның шегине түскен. Биразыңызға шала мусылман қазақлар арасына барып уллы ислам ушын хызмет етиўге туўра келеди.

Жас моллалар самал менен майысқан бир атыздың бийдайындай, жапырылып, «қуллық, уллы ханымыз» дести.

Ханнан:

— Ийшан!—деген саза шығыўы мәттал, басына ақ сәллесин гүдишек қылып ораған ийшан, бийдай атызға шыққан жалғыз айғабағардай, ханға қарай ийилип, алдына бир адым таслады да, түбири шириген пақалдай, шалғайын баса жығылды ҳәм гүбирленди.

— Ләббай, уллы ханымыз...

— Ҳа, ҳа, ҳа...

Ханда пайда болған кеўиллилик ҳәммеге өтип, «ҳа, ҳа ҳалап» күлисти. Қысылып отырғанлар әдеўир жадырап қалды.

Пайттан пайдаланып, бойын тиклеген ийшан сүрмелеклеп хан тахтының туяқларына маңлайын басып, оқ жайдай бүгилди.

— Ҳәр демим, жаным, малы-мүлким сизики, уллы ханымыз. Буйырыңыз.

— Уллы Хорезмниң даңқын көкке көтеретуғын моллалар таярлағаныңыз ушын ғәзийнемнен зер нағыслы шапан инам еттим.

— Қуллық, уллы ханымыз.

Ийшанның қандай тақлетте бүгилип тәжим қылып атырғаны менен ханның иси болмады. Өсик қара каслары астында ойнақ-

шыған көзлериниң бирин қысыңқырап жүдә бийпәрўалық пенен жуўан мойнын бир жағына сәл қыйсайтты.

— Шамалаўымша, бул отырыспаға, кең Хорезмди жайлап бизиң менен тең шабысатуғын қардаш қарақалпақ елиниң Айдосы екенин бир жас үлкени менен келип қосылды. Ара алыс болған соң кеш жеткенди, бәлким. Бизиң молла бәщелеримиздиң қалай сынап өткенин көрмей қалды. Көрсин, анаў шеткиден тете, өзи жуўас болса да, көзлери жаўдыраған бир молла бәще отыр. Соған сөз бер. Уллы қуданың бирлигин, ҳақлығын, даңқ сүймеслиги, уллы исламның ошағын лаплатып отырған кәраматлы Хорезмниң даңқын қарақалпақларға сөйлеп берсин.

Айдос ушып түргелип ханға қол қаўсырды да:

— Мийрим шәпәәтли жүзлериңиз түсип, өткир көзлериңиздиң бир қыйығы менен биздей ғәрип пухараңызды көрип қалғаныңыз ушын, өмиримиз бенен миннетдармыз. уллы ханымыз,—деп қайта орнына отырды.

— Кәраматлы Хийўа шәҳәриниң қаймақлары,—деп Ийшан отырғанларға бурылды. —Ҳәзир ғана алдыңызда мениң шәкиртлерим бәрше сораўларға жуўап берип, қуданың бирлигин, ҳақлығын, даңқ сүймеслигин, уллы кәраматлы исламның ошағын лаплатып отырған кәраматлы Хорезм елиниң уллы таянышы, пүткил ўәлаятымыздың қудадан кейинги жалғыз сүтини болған уллы хан Мухаммед Раҳимниң уллылығы тәрийпленгени ҳәммемизге аяндур. Ҳәзир уллы ханымыздың шарапатлы нәзерине сазўар болған ағла шәкиртим, үш жүз алпыс әўлийели Гөне-Ургенч шәҳәринен келип илим ийелеген Сейилхан әўлады Алламурат мақсумдур. Қәне, шәкиртий—әўлад турсынлар!

Сүўен жақлы, сулыўшық ғана қара торы бала қустай ушып түргеле сала, қолын қаўсырыўы менен ханға үш мәртебе тәжим етип, тахтына маңлайын тийгизди, ханның мәсисин емес, тахтқа жабылған ғалының ақ шашақларын алақанына салып сүйди, соннан кейин устазы ийшанға бурылып келип, ҳәзир ғана хан жаптырған зер жағалы шапанның шалғайына маңлайын сыйпады. Оның ҳәрекетлери күтә шаққан еди. Бақлап отырғанларға ол ортада еркин ойын қылып жүргенге усады. Бир ўақытта ол дизерлеп, еки қолын маңлайына қаўсырып, өзинше пәтия етти де, отырғанларға бурылды.

— Халайық, сөйлеў имканиятын берген уллы ханымызға миннетдарман,—деп баслады ол.

— Жаным менен миннетдарман деп айт,—деди ийшан.

— Жаным менен миннетдарман,—деп қайталады Алламурат мақсым.—Алған билим-тәлимим ушын кәраматлы Хийўаға, уллы ийшанымызға ҳәм миннетдарман. Халайық, айып көрмеңлер, бул жерде уллы исламның күши, қуданың бирлиги, ҳақлығы, даңқты сүймеслиги... ҳаққында, қулласы бәри ҳаққында көп гәп болды. Мен қудайтала ҳаққында гәп болғанда, оның биреўлигинеи шүб-

ҳаланаман, оның паҳақлығын, даңқты сүйетуғынын жасыра алмайман.

— Әй, пәдерине нәлет не дедиң?—деди ийшан.

— Ийшаным, сизиң тилиңиз бенен айтқанда, қудайталаға, ханға қарсы ишинде сыр буккен адам гүнәкар, кеселбент болады. Мен ушбу мәжилисте уллы ханның алдында сырымды төгип гүнадан, кеселден пак болмақшыман. Мениң қолыма бир китаплар түсти. Егер сиз айтқандай, китап сөзи дурыс болса, дүньяда исламнан басқа диндеги инсанлар оғыры көп. Егер оларды жаратқан басқа қудай болса, қуданың бирлигине, әлбетте, шубҳа туўады. Егер қуда биреў болып, ҳәркимге ҳәрқыйлы дин берип, бир-бирине қарсы қойса, әлбетте, наҳақ болғаны. Қудай даңқ сүймегенде, бейишин қалдырып дозағын жоқ қылар еди. Адамзатты қорқытып бәрҳа өзин мақтатыў ушын дозағын шығарып қойыпты.

Хансыз көзлери уясынан атлығыўға кейип берди.

— Мынаў жилли ғой!

Адамлар өрре-өрре түргелип, Алламурат мақсымды жән-жағынан қоршады. Ол албырамастан, даўысын көтерди:

— Әне, халайық, пүткил ўәлаятымыздың қудадан кейинги жалғыз сүтини Мухаммед Раҳим ханның дозағы болмаған менен, зинданы ҳәм дар ағашы бар. Журт солардан қорқып ханды гиршиксиз уллы деўге мәжбүр.

Хан тикейип кетти:

— Таслаң зинданға!

Есиктен атлығып қос жасаўыл кирди. Ийшан шәкирти ушын бир нәрсе деп кеширим сорамақшы болды ма, терис қарап турған ханның аяғына жығылды, сәллеси думалап кетти:

— Уллы ханымыз, уллы ханымыз...

Хан ғарры ийшанның аппақ шашлы басына бир табанын қойып, жасаўылға:

— Шәкирти менен қосып таслаң,—деди де, шыдамы ада болып ҳәммеге ҳәмир етти.—Зияпат тамам! Тарқаңлар!

Бир айға шамалас таярлық көрилип, пүткил Хийўаны тик аяғына миндирип, талайларда ғул-ғула пайда еткен бүгинги салтанатлы зыяпаттың изи ойран болып, көзди ашып-жумғанша тарқатылыўы, қатнасқанлардың гүлләнин бийжағдай қылды. Ең қәдирли адамы өлгендей ҳәмме тунжырасып, бир-бирине сөйлеместен сарайдан шықты.

«Мәсләҳәт төбедеги» мәжилистен жуўмақ шығаралмай хан шақырығына көп үмит артып, ели-халқының тәғдийри жөнинде жаңа хан менен кеңирек сөйлесермен деп келген Айдос та мисли өли қойып қайтқанға мегзес. Бетинде қаны жоқ. Барлық үмити пуш болған секилли. Қасындағы Есенгелдини де умытты.

— Атың сүрниксе, айнадай жолдан ҳәм томар шығады екен, —деди өзинен-өзи.

Айдостың кейпин бағып үнсиз киятырған Есенгелдиге бул түртки көринди, илип алды.

— Қәраматлы Хийўаның атынды ақсатқаны қашшан еди.

— Ҳа, сиз бар екенсиз.

— Ҳа, бармыз.

— Қарақулақ,—деди Айдос тисиниң арасынан.

— Сен де көп оқыдың. Алламурат мақсым медиреседен бүгин шаймий болып шықса, сен әллеқашан шаймий едиң. Қарақулағың не, бәдбақ?

— Төремурат суўпының қарақулағысыз-дә!

— Пайда сонда бар.

— Саңлақ таўып хан дәргайында болдың. Енди Қоңырат ҳәкимине есап бермейсең бе?

— Төремурат суўпыға барыў ар емес, бирақ сениң менен боламан. Айтпақшы, алдымыз кеш, қонақ жериң болмаса маған ер.

— Қайтаман.

— Онда мен де қалмайман.

— Түнги сегбирге шыдасаң, өзиң бил.

Қаладан қарағөрим шыққаннан кейин:

— Айдос, сен тыңла, тыңлама, өзиң бил,—деп гәп баслады Есенгелди.—Меники ўажыбаты ийман. Елди бөлме. Инилериннен айырылма, оларға қосыл. Әкеңниң айтқаны бар еди, сен инилериңнен ажыралсаң, албырайсаң. Сен бир тәреп, инилериң бир тәреп, еки жаға болып баратырсыз. Төремурат суўпы еки жағаны бириктириўши көпир болажақ. Пайдалан. Ханға тил тийгизиў маған ылайық емес. Ал, Алламурат мақсым кеўлиндеги бар гәпин айналдырып Хийўаның тек усы ханы жөнинде айтқан болса, дурыс.

— Ол бала, ырастан да көп оқып шаймий болған.

— Бәлким, солай шығар. Ҳаслында ханның абырайын төгиў ушын Алламуратты оқытқан ийшан Төремурат суўпының адамы болса, тәәжупленбессең.

— Жоқ, ийшан ҳақ. Атызынан бир-еки ийт түйнек шыққаны ушын ҳасылдар бағманды гүнәкарлаў әдилликке жатпайды. Қәйткен менен, хан қатты ғазебетленди. Бийшара ийшанға да қыйын.

— Аўзыңның күйгенин жасырып, кисиниң аўзы күйгенин гәп қылғанша, өзиңди ойла. Ертеңги тәғдириң не болатуғынына көз жибер, Айдос.

— Сен мени Бегис пенен Мыржықтың изинен ертип Төремурат суўпының шалғайына жықпақшымысаң?

— Ол шалғайда напақа бар, Айдос.

— Сол напақаны өзиң шөплей бер, бирақ еки инимди өзиме қайтар.

— Қорланасаң, Айдос. Елди Хийўаға сатпа!

— Мен емес, ең әўеле сен сатқансаң. Мәҳремликтен айырылған күни Хийўаны жаманлап ҳәкке болып шықтың. Суў ишкен қудыққа түпирмеў керек. Ел Түркистаннан посып келгенде пана болған, напақа берген Хорезмге жаманлық қыла алмайман. Бағана ханның бизлерди өкен Хорезмди жайлап, бизиң менен тең

ат шабысатуғын қардаш халық» дегени есиңде ме? Шамасы, бул жақсы хан. Халықты халық деп биледи. Оның менен еле сөйлесемен. Қарақалпақ халқын өз алдына киши ханлық қылдыраман.

— Саған ханлық ҳамал керек екен дә!

— Маған емес, халыққа ханлық керек. Бәлким, сен хан боларсаң.

— Ондай майлы жиликти ақылы зайыллардға услатарсаң, Айдос.

— Сен де түсинбейсен. Хийўа сыяқлы бир шәҳәр салсақ, кәрўаплар тоқтап өтсе, саўда-сатық қылса, мектеп, медресе ашсақ. Хийўа ханы усап биз де жән-жаққа молла таратсақ, қарақалпақ деген халық бар екен деп, бизге де алыс-жуўықтан адам келер еди. Ҳәзир қайда келеди? Кимге келеди? Бил соны, бил, —деп Айдос ер үстинен Есенгелдиге бурылып қолларын жайып, күйип писти. —Билесең бе, биз бар тапқанды Хийўаға тасыймыз. Соннан Хийўа гүлленеди, биз соған қуўанамыз. Келсек, қонақ жер таппаймыз.

— Ҳа, сонда неге ғар қатындай Хийўаға тасынғанынды қоймайсаң?!

— Ҳәр сапары салық әкелгенде сай-сүйегим қақсап қайтатуғынын ким биледи, дейсең? Ҳеш ким! Илажсыз әкелемен! Егер сениң айтқанынды қылып Төремурат суўпыға қосылсақ, ол қарап қала ма? Инахлар гөжектей адамлар. Төрт аяғын тең басқан күни анасының маңлайына теўип кетеди. Ең әўеле, Мухаммед Әмин инах сениң басшылығында қарақалпақтан пайдаланып, изинде не қылды? Есле. Төремурат суўпын да сондай қылады. Бас ийип барыўдан салық салады. Бухара аяй ма? Қазақ ханы аяй ма? Орыс патшасы аяй ма? Негизинде қолымыз жуқа болса, ҳешкимге керек емеспиз.

— Өзинди бас, Айдос. Ырастан да жилли болыўға шамаласқансаң. Гәп Қоңырат ханлығы жөнинде баратыр. Уруўың Қоңырат екенин умытпа!

— Сениң менен биз өз уруўымыздың аты ушын емес, аты қарақалпақ баласының жыламаўын гөзлеўимиз тийис. Сол ушын маған Қоңырат ханлығы емес, қарақалпақ ханлығы керек.

— Усының менен изиңе адам ерсе, мурнымды кесип берейин.

— Уўҳҳҳ!!!

— Женил болсын десең өз уруўынды ойла.

— Сен не ушын сайызға шыққанынды билесең бе? Әўеле хан алдында халық атынан сөйлеп мәҳремлик алдың. Соң тек өз уруўынды маңлайға тутып, аўзынан төри тар ин қазатуғын ғуллы-ғуллыққа усап кеттиң. Сеннен ҳәмме қашты.

— Саған әбден ҳәмме қушақ ашып отырған шығар. «Мәсләҳәт төбеде» не болғанын еситтик.

Айдос ерге жөнленип отырып алып, қайтып сөйлемеди.

13.

«Маман шеңгел» деп аталған жер Өмиўдәрья менен Хийўаның ортасындағы бүктиң арасынан сынаптай жылтырап аққан бир салманың бойы. Мисли еки қабат қора сыпатында өскен шоқ шеңгелликтиң дәл ортасында үлкен бир тораңғыл бар. Қойыў саяманы пайызлы. Уйықлап қалғанға қәўипли емес. Қандай жез тырнақ ҳайўан болса да, шеңгелликке тумсығын батыра алмайды, аўыз табыў ҳайўан түўе бийтаныс адамға мүшкил. Тәбият өзин солай көгерткен, балыққа қурылған қазадай, еки ирет айналып ишке кириледи.

Усыкәраға жеткенше артынан қуўғыншы киятырғандай Қабылдың жүреги улы-дүпилди еди. Келгеннен кейин өзин басты. Ҳаўаның ашылып кеткенине кейпи көтерилип:

— Бүгин ырас маза қылатуғын болдық,—деп жолдасларына жумыс бөлистирди: Ким қой сойды, ким ис жонды, ким от жақты, ким барлық атлардың жабыўларын алып жерге төседи.

Деген менен, Қабылдың Айдосқа деген кеўил түйини еле жазбырылмаған еди. Бир пайтын таўып, ҳештеңе елестирмегенсип гүбирленди:

— Айдос аўылда арыслан, Хийўаға келсе тышқан болады екен ғой.

Доспан оған алакөзлене бурылды. Бул көзқарас Қабылға кәр етпеди. Сойылған қойдың терисин сыйырып атырған Қәдирбергенниң қасына келди.

— Аўылдан бийкар шыққанбыз-ә?

— Өкинетуғыны жоқ, Қабыл аға,—деди Қәдирберген, пышағын қонышына қайрап турып.—Үлкен дем алыс болды. Себеп пенен кәраматлы Хийўаға зыярат еттик. Мынаў Доспанның биринши келиси еди, Айдос ага келген соң атқосшысы ушын жоллық сораймыз.

— Бийбабаның берген бир түйиншик пулы мениң жолашарым,—деди Доспан от жағып атырып.

— Доспан-әм пайын жибермейди,—деди биреў.

— Дана бийдиң атқосшысы-ом дана болмаса бола ма?—деди екинши даўыс.

— Бул суўмурынды дана дегенше тоты қус десеш,—деди Қабыл жақтырмай.

Доспанның зүлмет толы көзлери және қадалған менен Қабылға және кәр етпеди.

— Айдосты бүгин тырнағы жоқ айыўға мегзеттим,—деди және ол өршеленип. —Еки иниси оның усы қәсийетин сезип безген екен дә!

Қәдирбергенде уруў намысы оянды.

— Тил деген буўынсыз. Қабыл аға, ерк берсең кете береди.

— Ҳа, бул жерде қолдаўлылар көп екен, билдик,—деди де, Кабыл төсек төсестирип атырған жигитке барып, ерлердиң үс-

тиндеги көпшиклерди ҳәркимниң жанбаслаўына қолайлап ҳәр жерге қойып шығыўын тапсырды.

Намазлыгер қылтыйған гезде Айдослар жетти. Қабылдан басқаның бәри алдынан шығып, Есенгелди екеўиниң атын жылаўлады.

— Қабыл,—деди Айдос алыстан. —Қалайсызлар? Бәле, ошақтың иййеси болыўға қумарсаң-аў.

Жанбасын бузбай жатырған Қабыл қыйпақ-сыйпақ етип бойын тиклеп отырды. Есенгелди сыртқы шапанын шешип атырып оны иле сөйледи:

— Қабыл бий, Айдостың отжағарлығына жарайды екенсең.

Қоңырат уруўының араз жас үлкенлери бас қосып келгенге ҳәммениң ўақты хош еди. Есенгелдиниң тикенекли гәпи ҳеш қайсысына жақпай, таңланысып қарасты. Қабыл гәп асғарын түсинбегенсип, жайма-шуўақланып, олар жоқта айтылған сүйретки ли пикирлериниң үстине мала басып жибергиси келди.

— Есенгелди аға, биз Айдос пенен бир нанды бөлисип жеп оқығанбыз. Биз оған, ол бизге от жақса айып емес шығар.

— Ҳа, мақул, Қабыл, мақул,—деди Есенгелди найлаж.

Айдостың түнерген жүзи булттан шыққан қуяштай жадырап сала берди. Оның жадыраўы көпшиликте кеўиллилик туўдырды. Есенгелди өз гәпине уялғаны ушын ба, ислениўге таярланып атырған қойдың путин қуйрығын кесип алып, жети түп шеңгелге бөлип-бөлип илдирип шықты.

— Жигитлер, булкәра бүгиннен баслап «Маман шеңгел» емес, «Майлы шеңгел» деп аталсын. —Бул дүзиў тилек.

Иси ериккенлердиң ҳәрқайсысы бир түп шеңгелге май қыстырып «Майлы шеңгел, майлы шеңгел» деп тәкирарлады.

— Әне, бирәдарлар,—деп Айдос тикейди. —Ғаррының қойған аты маған да мақул. Усыкәра Хийўа ханы менен қарақалпақтың шегарасы, Айдос усыннан аркаға бир адым өтсе—бий, қубласына бир адым өтсе,—қул!

Оның шын кеўлин ортаға салғаны ҳәммеге унады. Ортадағы мазлап жанған от әтирапында кеўилли күлкилер, дегишпелер, мәзи-майрамлық ҳүким сүрди.

Төбеде шаңырақ орнына жулдызлы аспан төңкерилип турғаны болмаса, ҳеш отаўдан кем болмады... Есенгелди қоржынынан шатыраш тахтасын қалдырмайтуғын еди. Гөшке тойып, көк чай ишип алғаннан кейин Айдос екеўи шатыраш ойынын баслады, басқалар тамашагөй болып дөгерекледи. Бир ойын тамамланаман дегенше алыстағы аўылда қоразлар шақырысты.

Таң намазынан кейин көпшиклерине қыйсайысып, көзгир алысып, уллы сәскеде атланды.

Айдос алаяқ жийреннің жүўенин тартып, шекшийген басын арқаға бура бергени, өткир көзли бireў хабар тапты:

— Анаў епелеклеген қара адам ба ямаса ҳәйўан ба?

Атлылар қубла тәрепке жалт бурылды

— Ғарры менен кемпир,—деди Доспан маңлайына қолын тутып. —Жүдә асығып киятыр. Ўах, бийшара кемпир сүрнигип жығылды.

Көпшилик тоқтағаны ушын иркилгени болмаса, Айдос бийпарўа тур еди.

— Кимлер болса да күтейик,—деди.

— Мен еле көргеним жоқ,—деди Есенгелди.

— Анаў бир түп ерманының тасасында киятыр, әне шықты.

Ғарры менен кемпир жақынлады. Атлыларды көрип, кеўиллерин әнжамлағандай, жүрислерин тосаңлатты ҳәм егиз бузаўлардың жаласқаны киби биринің маңлайын екиншиси сыпырды.

— Қандай татыў жуптылар,—деди Айдос мыйығынан күлип.

— Татыў едик!—деген ғаррының даўысы еситилди, болғаны, жөтел тутып буўлығып, шыйқылдап қалды. Кемпир ғаррысының басын сүйеп:

— Мийрим жүзли адамлар,—деди сәл ентигип.—Азғана сабыр қылыңлар, ғаррымның дем қыспасы бар еди, тынсын, сонсоң арзын айтсын.

Атлылар шоғыртпақласты. Ғарры әллен ўақыттан соң, тершиген маңлайын ақ қурашы менен сыпырып, көпшиликке сәлем берди ҳәм булардың арасында Айдос бий деген қайсысы екенин сорады. Олар тап Айдостың алаяқ жийренининң омыраўына жақын тур еди.

— Арзыңызды баян етиңиз, мөминлер,—деди Айдос аянышлы. —Айдос бий мен боламан.

— Жүректе жара, баста ғаўға пайда болды,—деди ғарры көкирегин толық жапқан аппақ сақаллы ийегин ҳасасына тиреп, —Қартайғанда қудай ҳасасыз қалдырып, көзден айырар болды, жәрдем сорап келдик.

— Қуда араласқан иске не шара бар?—деди Есенгелди.

— Мөминлер, түсиндирип айтыңлар,—деп Айдос Есенгелдиге ашыўлы буға нәзерин бир таслап жөнелести.

— Бул дүньяға келип артымызда қалдырған бир изимиз бар еди, өзимизден бурын өшежақ. Лўа, аўа, қарақалпақтың бийи. Бул дүньяға келип кемпиримиз бенен келеспеген бир думалақ жибимиз бар еди, тумғыйыққа түсип кетти, бир ушын услап жәрдем берер инсан жоқ.

— Ҳай ғарры, жумбақ қылла бермей айтшы, бийлер асығыс қусайды,—деди кемпири.

— Енди бизлерди бул дүньяға келмеген адамлар десе де болады, —деди ғаррының басы қалтырап, ол көзлериниң жасын жеңи менен сыпырып атырғанда ийегине сүйеген ҳасасы жығылды. Айдос Доспанға ымлады. Ол атынан ғарғып түсти де, ғаррының ҳасасын қолына услатып, қурашын дурыслап кийгизди.

— Жыламаңыз. Кимлер боласыз?—деди Айдос.

— Түркменбиз,—деди ғарры түпиригин жутынып.

Атлылардың биразы бул адамларды түркмен ишине өтип тили

өзгерип кеткен қарақалпақлар шығар, Айдостың атын еситип, әллеқандай жәбири менен келген екен деген уғымда тур еди. Ҳайран болысты: «Түркменлердиң қарақалпақларға қандай арыз айтыўы мүмкин?»

— Айтыңыз, мөмин, сизди қайсы қарақалпақ жәбирледи?

— Қарақалпақтан емес, ханнан жәбиримиз бар, жалғыз улымыз өлимге буйырылды.

Ҳәммеси:

— Ханнан?!—деп таңланысты.

— Лўа, ханнан!...

— Хан бизди тынлар ма екен, мөмин-аў?—деп Айдос сөл сарсық пенен сорады.

— Билмедим, Айдос бий. Шәҳәрдеги адамлар қарақалпақтың Айдос бийине барып көр, дести.

Айдостың шырайында мардыйыўдың изи билинип, өзине исеними артқандай болды.

— Бизден бурын араға адам салғанбысыз?

— Адамлар Қоңырат ҳәкимине бар дегенге, қалада шарбақ қоймай аралап Төремурат суўпы дегенди таўып едик. Ол «яқшы» деп кетип еди. Қайта изин насырға шаптырып алды. Хан оған өшегисип, баламызды зинданнан шығарып, бүгин-ақ дарға асатуғын қылыпты.

— Балаңыз ким? Не жазығы болған?

— Медиреседе оқып атыр еди. Аты—Алламурат. Кеше ғана хан дәргайында жин урыпты. Көп оқыса сөйтип жилли бола ма, билмедим. Бул медиреседе түркмен қутаймайды. Бурынғы жыллары сол медиреседен Махтумқулы деген шайыр бабамыз-әм «жилли сүрей» болып шыққан. Ал, шырағым, көп сөзди қояйық, биз ушын асық. Жилли болса да, өз баламыз өзимизге кисиниң саў баласынан артық. Дарға гириптар қылмай, жәрдем етегөр, Айдос бий. Илайым,өнип-өскейсең.

Айдосты ой басып, басына аўыр мусаллат түскендей көпке дейин үндемеди. Усы демде оның нелерди қыял етип турғаны басқаларға нәмәлим, лийкин көзлери сүзилиўли, оң қолы шекесинде, атының жүўени шеп қолынан жаздырылып түсип кетти.

— Есенгелди қуда, бирәдарларым,—деди ол бир ўақытта есин жыйып, —Сизлер жүре турыңлар. Абзалы, мени күтпеңлер. Тәўекел, ханға бараман.

— Қәтере деген қайрақ тас, Айдос,—деди Есенгелди «қуда» деген сөзге жибискен болып.—Қайрақ тасты жөнсиз пайдалансаң, я желинеди, я морт сынады. Еле өзиңе де кереги болады.

Айдос оған қулақ аспады.

— Доспан, мин атыңа!

— Илая бахтың ашылсын, сапарың оң болсын, Айдос бий,— деп кемпир-гарры теңнен қол көтерип пәтия қылды.

Айдос Доспанды ертип Хийўаға қарай соқпаққа түсти.

14.

Көп жыллар Айдостың атын ертлеп, жумсаса шабарманы, бир жаққа кетсе зәңгилеси болып үйренген Әлий атқосшылықтан қалыўға аңсат келиссе де, аўырманлығын ҳәзир сезип отыр. Қыялына, алға кеткен кәрўаннан адасып қалған нәмәлим саяқ, оны енди ҳешким излемейди, көрискенлер сәлемлеспейди. Үй ишине сыр алдырмаўға тырысып баққан менен ишине шеребе қуйылғандай. Оның бул кейпин үлкен улы байқады.

— Аға, атқосшылықтан биротала қалдың ба?

Ол ойына ужыбатлы жуўап түскенше, баласына таңланған болып, мыйығынан күлди. Ҳаялы жапсақлы еди. Жумысқа жарамайды, бирақ тықылдаған тили бар. Айтып отырса киши улы Омар тамақ писиреди. «Апаңның наўқасы өтип баратырғаны ушын дүзде жүргенди қойдым» демекши болып турды да, жүзи қуяшта қалған қағаздай сарғайған жуптысының зейнине тийип алыўдан қорықты.

Жәлий асығып және сораў берди:

— Адамлар, ағаңды Айдос жек көреди деседи, ырас па?

— Бийкар,—деди Әлий бирден. —Билесең бе, Айдос бий туўысқанларына бермеген «дәўлет басы» өгизин маған инам етти.

— Не ушын?

— Балаңа келин алсаң, қалыңыңның басы қыл деди.

— Ой берекет тапқыр,—деди ана тиришеленип. —Онда Жәлийге келин излеп кел.

Үй ишинин бәри қарағанына қысынып па, Жәлийдин жүзи бурыштай қызарды.

— Шөкелеп жүргениң болса айт, балам,—деди ана бираз кеўилленип. —Есикке келип түсип, Омаржанымның күйеден қутылғанын көрип кетсем, әрманым жоқ.

Бул пикирди әкеси де, иниси де қуўатлап сөйлеп, ошақ басының уңқыл-шуңқылы әдеўирге созылды. Жәлий әдебинде уялса да, соң кимди тәўир көретуғынын айтып салды. Бул Маман бий аўылынан Гүлимбет «сөксанар» дегенниң қызы екен. Келешектеги қуданың «сөксанар» деген лақабына ата-ана азлап мыйық тартқан болды. Ана Жәлийдиң кейпин аңлады.

— Жүдә жақсы екен. Қызы дүнья жыйғыш болады, бул мениң ақкеўил Жәлийимниң несийбеси.

Әлий ҳештеңе демеди. Азан менен атланып «Сөксанар» менен қуда түсиўге кетти.

Тап усылай болыўын күтип турғандай-ақ көшеде бийжағдай ат дүрсили еситилди. Жәлий сыртқа жуўырып-ақ шықты. Оны таңландырған нәрсе Бегис пенен Мыржықтың пайда болыўы. Ойланып үлгермей-ақ Мыржық шаўып келди.

— Жәлий, ағаңды сыртынан көрип қалдық. Айдостың пәнтине

шыдамай иши дүткеш болып, самаллаўға баратырған шығар деп иркпедик.

Жәлий үндемеди.

Бегис жақынлады.

— Ҳа, бала, аўызға суў уртлағаннан аманбысаң?

Бегистиң нәзери тек Жәлийде тоқтамай ҳәржаққа аўысып жүр еди.

— Айналаңа көз тасла,—деди Жәлийге.

Жәлий бир өкшеден айналып ҳәр жерден атланып киятырған аўыллас жигитлерин көрди. Түсинбей ийнин қысты.

— Әкеңниң арын қорғайсаң ба?

— Не ар?

— Жәлий, сени ақыллы десек қалай-қалайсаң? Айдос бий ағаның күши барында сүйреп, енди насыбайдай түкирип таслағаны ше?

Бегис пенен Мыржықты көшип кеткели биринши көриўи болса да, туўысқан ағасы туўралы бүйтип сөйлейди деп қыялына да келтирмегени ушын ба, Жәлийдиң аўзы пәнкийди де қалды.

— Қәне, асық, Жәлий,—деди Мыржық.—Жигит болсаң атыңа мин. Мәнисин жолда түсинесең. Еле рахмет айтасаң.

Жәлий анасына, я үкесине ҳештеңе ескертпестен қораға кирип атын ертледи.

...Ол соннан жуўғарада қайтып оралмады.

...Қудалық жумысын бәржай қылып қайтқан әкеси, қалыңның бас малына аталған Айдостың «дәўлетбасы» өгизин әкетерде бир күн егленди, улы сонда да келмеди. Аўылдан жигирмалаған жигит болып кеткенин еситсе де, гүдиксиремеди, өгизди де апарып қайтты. Енди оның кеўил сарайы қарар таўып, наўқас ҳаялы менен әжик-гүжик сөйлесип чай ишип отырғанында ғана Жәлий пайда болды. Онлаған күннің ишинде әдеўир-ақ ержетип қалған ескилли. Еринлери қаязып, бети гөнериңкирегенге усайды. Көзлери де ҳеш жерде турақламайды. Ата-ана бул көринистен тәшўишленип, қайда болғанын қанша сорамасын, дурыслы жуўап бермей уйқыға жатты.

Азанда да сөйлемей, шала-пула аўқатланып, атланып қорадан шығып баратыр еди, әкеси атының жылаўын тутты.

— Қайда?

Жәлий азырақ гидирип турды да:

— Әскерий машқыға,—деди.

— Мақсет?

— Айдостан өш алыў.

— Бийбаба де, оңбаған!

— Сатқынға ҳүрмет жараспайды.

— Не дейсең, тили кесилгир?

— Туўысқанлары сөйдегенде сеники не аға.

— Түс аттан!

Жәлий өжетленип атын бурып кетпекши болды. Әкеси ашыў

менен оның аярын көтерип жиберди. Бундай қылады деп ойламаған ансыз жигит аттың аржағына шүйтөбесинен қулады.

Ҳеш перзентине муш силтеп көрмеген әке жерде күшендей таўланып атырған улының басын да сүйеместен иши дүткеш болыўы менен үйине кирди.

— Шабазым, неге шырайың қаралай өшип кеткен?

Ол ҳаялына, жуўап орнына Омарға:

— Далаға шық,—деди.

Бир бәле болып қалғанын түсинген ана киши улына жармаса шықты.

Жәлийдиң жылаўға даўысы шықпай, ат басқан ийттей аўзын ашып-жаўып атыр еди. Анасының жүреги суўлап үстине жығылды.

— Келөс, ағасыыууў!!!

Әлийдиң денеси титиркенип кетсе де, қозғалмады. Ана байғус және шарбаяланып, ерин жәрдемге шақырды. Әлий енди ғана тикейди. Келип, Жәлийдиң мойын омыртқасы сынып кеткенин сезди, бирақ ҳаялына сыр бермей, сүйеп ишке киргизди де, ошақтың басына тез төсек салдырып жатқарды.

Түске таман сырттан Бегис даўыслады.

— Жәлий, ўәде қәне? Неге кешиктиң?

Әлий жуўырып-ақ шықты.

— Бул не қылғаныңыз, Бегис? Өз үйимиз өзимизге зиндан болажақ ғой?—деди жыламсырап.

— Айдостан көр. Бизиң аўыл зиндан емес, қуяшлы. Қәлесең көш, арба жибергиземе. Қоңырат ҳәкими салықтан азат етеди.

— Иним-аў, сол Қоңырат ҳәкими ким өзи? Халық пенен халық тең деген гәп бар. Гүллән өзбектиң үсири шелли Қоңыратқа сүйенгенше, Хийўа менен бой теңлестирсеңиз қәйтеди?

— Айдосты да бузған сең маўбас ғой, шамасы,—деп Бегис найзасын көтерип, Әлийди түйреп жибергиси келип турды да, өзине ҳай берип, ғырра изине қайтты.

15.

Айдос қалаға кире берген жерде атқосшысының ҳәр көриниске бир таңланып апалақлай баслағанын жақтырмады.

— Өйтпе, Доспан. Несип болса еле талай келесең. Аттың қуйрығына қарап жибер, шөп жабыспап па? Ҳа, онда мақул. Екиншi ирет есинде болсын, бул қалада тусынан өткерип жиберип, изиннен күлетуғынлар бар.

«Медиресениң әрўағы урған Алламурат» атлы жас молланың дарға асылатуғынын хабарлап баратырған жаршының ҳаўазы шықты.

Дыққатлар солай аўды.

Базар кеше өтип кеткенине қарамастан көшелер лыққа толы. Ешкидей бирин-бири ийтерискен адамлар тар көшеге таласып, алға шапқыласып баратыр.

— Абайладың ба, Доспан?—деди Айдос суўық демин алып. —Жаршыға пул берсең болды. «Пәленшеникинде той бар» дегизсеңде усы ҳаўазы, усы бақырысы, «дарўазшы келди» дегизсең де сол. Мине, дарға адам асылатуғынына қызығып журттың жолға таласып баратырғаны. Ҳайрансаң, биреўге биреўдиң тәғдири қампәтир.

Доспан оны бунша нәзик кеўилли адам деп ойламаған еди. Ҳайран қалды.

— Дүньяға адамның келиўи де, кетиўи де теңдей қызық болса керек, бийбаба. Базылардың өлиўи тирилигинен көбирек ынтық қылады.

Жас атқосшының мисли жүз жасаған ғаррыдай айтқан гәпи Айдосты қуўантты. Бирақ, қуўанышын оған билдиргиси келмеди:

— Ҳә, солай де, Доспан.

— Билмедим, бийбаба, тек айттым. Хан дарға адам асарда не ушын дағаза қылатуғының усы журт түсинбей ме, қалай? Өликтиң ийисин сезген ийттей бәри жуўырысады. Ҳақыйқатында хан «маған қарсы келсең, сениң де күниң усындай болады» деў ушын дағазалай ма?

— Доспаным, даналықтан қуры қол емессең,—деп бий бул сапары хошаметледи. Доспан оны, шебекейине айтты ма деген ой менен, бийўәжлик қылып көп сөйлегенине өкинишли, астынғы ернин тиси менен қырқып ала жазлады, шырайы қызарып кетти.

— Қысынба, Доспан,—деди бий оның кейпин аңғарып.—Атыңды ирикпей айда. Дар майданына туўры киремиз. Меннен бир адым қалсаң, дәрўазаманлар ортамызға кесе найза тутады. Кире алмасаң, мени жекке қалдырасаң.

Айдостың бул гәпи Доспанға: «Сениң ақылың керек болады» дегендей сезилди. Қуўанып, тақымын қысып атына жедел берди. Соннан таўын жаздырмай бий менен қабатласа, дар майданшасынын дәрўазасына өтти.

Дар ағашын қара шор адам қоршап алған еди.

Алламурат мақсымның мойнына шылбыр байланып, аяғы ҳәзир ғана жерден көтерилип баратыр екен. Ызық-ызық болып «тамашаға» қарап турған пыяданы қақ айырып киятырған Айдос ҳеш жерде иркилместен дар ағашына жетип, арқанға қылыш урды. Айыпкер жерге сылқ етти.

Ол қылышын қынабына тығып үлгермей-ақ, сарай жасаўыллары қора болып Айдосты қоршады. Айдос бираз ҳаплығыңқыраған менен албырамады, жасаўыллардың үстинен дар ағашының түбине көз таслап, мойнындағы арқанның гүрмегин шешип атырған Алламуратты көрди.

— Мақсым бала, қорықпай түргеле бер. Ханның ҳәмири бойынша мойнында кесилген арқан екинши ирет мойнына түспейди. Ата-анаңа Айдостан сәлем айт. Қәне, жасаўыллар, енди бизди ханның өзине баслаң,—деди де, атының дизгинин бир жасаўыл-

дың үстине таслады. Айдостың қылықларына таңланып, ҳәрким ҳәржерден;

— «Әлҳаббиз!» «Жүрек болғаныңа!». «Әне батыр!...» десип атыр. «Аңғөдек қарақалпақ»... дескенлер де болды.

Сыпсың-сыпсың гәплерге Айдос қулақ аспады. Бирақ соңғылардың кемситкенин бий еситсе, өкинеди деген ой менен Доспанның жығырданы қайнады.

— Бийбаба, бул Хийўада қатын сөзли еркеклер ҳәм бар екен.

Мәрт атқосшысына ыразы бий оған мардыя бир қарады да, жасаўылдың жетегинде үнсиз бара берди.

Олар датқа жайдың алдында тоқтады. Айдостың мойнына ханнан бийҳүжим шылбыр салалмағанына пәнтқумар жасаўыл асығыс түрде ишке сүнгип кетип еди, бир ет писиримнен соң есиктен бас шығарып қос қолын көтерди. Бул оның «Хан киятыр» деген белгиси екен, жыйналып қалған көп жасаўыл дәлиз болып екиге айрылды. Ай балталы жасаўыллардың қоршаўында Мухаммед Рахим ханның өзи көринди. Ҳәмме даўылға ушырағандай бир жал урықтай ийилди.

— Әй, қарақалпақ!—деди хан қаҳәрли даўыс менен. —Бул не еркелик? Мойнына май питип, көзиниң ети өсти ме?

Ханның бирден буйрық бермей ўәжлесиўге мейилленгени Айдосты өмирден дәмелендирди.

— Қәраматлы Хорезмниң уллы ханы, ат үстинде турғанымды кеширесиз, түсиўге жасаўыллар ерк бермей тур.

Ат жылаўлаған жасаўыл үндемей тислейтуғын ийттей тисларын ақшыйтып, Айдостың қамшылар жақтағы аяғын көтерип үлгермей-ақ бий шаққанлық пенен аттан өзин таслап, ханның аяғына қарай еңбекледи.

— Уллы ханымыз, уллы ханымыз,—деп ол сөйлеп киятыр.— Дар арқанын кескендеги мақсетим, изгилерге сизиң атыңызды қалдырғым келгени еди. Бир ўақытта әўладымыз «Уллы Хорезмде Мухаммед Раҳим атлы уллы хан болды, қарсы келгеннен жан алды, лийкин, өзиниң уллылығы себепли, аз санлы қарақалпақ халқының Айдос атлы бир перзенти еркелик етип, ҳәмирин тәрк еткенинде, уллы хан өлимин кеширди» деген гәп қалсын дедим. Мен болдым, уллы ханымыз. Ҳәмир етсеңиз, мине, уллы басым.

Айдос, басы қайрылып сынған жүўеридей ийилип, қыймылсыз тур. Хан азғана ойланып, екп қапталындағы жасаўылларға алмагезек қарап алып, Айдостың тамырлары шертилген желкесинен көз айырмай:

— Қоңырат ҳәкими қандай адамлығын билесиз бе?—деди.

— Қәраматлы Хийўа уллы Хорезмниң көзи болса, Қоңырат ҳәкими терис кирпик, кәраматлы Хийўа уллы Хорезмниң аўзы болса, Қоңырат ҳәкими сойлақ тис, уллы ханымыз.

— Азатсыз, қарақалпақ!

Хан усыны айтты да, ғырра изине айналды. Бағанадан бери

толқынласып буйрық күтип турған көп жасаўыл, хан қайта кирген есик жабылғанша, және урықтай жапырылып, көзди ашып жумғанша көбиктей тарқап кетти.

Доспан Айдостың қолтығынан көтерип, атына мингизиўге қолайласа бергенде, Қутлымурат инах пайда болды:

— Айдос бий, бүгин бизге мийман боласыз.

Жаңа ғана болып өткен ҳәдийсенің я оны, я түси екенин билмей, Айдостың ар-сары шығыўы менен Қутлымурат инаҳқа ерди. Доспан олардан қалыспай қос атты жетеледи.

16.

Хийўа ханлығының арқа шегарасындағы Қоңырат қаласының ҳәкими Төремурат суўлы тамыры терең ҳәм шақапшалы хан дәрежесинде даңқ шығармаған менен, Хорезм ўәлаятындағы ең бийик шоққылардан бири, қаланы дөгереклеп Арал теңизинің қубласын жағалай қонысласқан елатларға ҳүкимдарлық қылады. Хийўа ханына гийнели Гөне үргенишли түркменлер менен ҳәмдам, қарақалпақлардың бираз уруўлары да оны сағалайтуғын болып қалды.

Қаладан сарай салдырмаған менен ҳәўлиси Хорезмдеги екинши пайызлы орын. Жыл мәўсимлерине қарай көшкилери ҳәм жайлары бар. Жасы елиў-елиўбеслердиң шамасында болыўына қарамастан қатарларынан қуўнақ, шашына жары ақ араласқаны болмаса еле қара сақал. Басына кийетуғын ақ қурашы, көбинесе сәллеси қаралтым жүзине ирең бериў ушын емес, суўпылығының белгиси.

Егер ашыўланса, ақ сәлле астында жүзи өртең шалғандай болып кетер еди. Мине, ҳәзир ол тап сондай кейипте, жалғыз. Алдындағы астақтаға шығанақларын тиреп, кең танаўларынан дем алып отыр. Өсик қаслы қабағы жабылып, жазық маңлайы жыйырылған. Қасына ким келсе де шайнап жиберетуғын ҳалда.

Көп жағдайда өзин әлпайым тутып, қоршаған адамлардың ҳәр қайсысына жыллы сөз табатуғын, «парасатлы» деп ат кеширген адамның бундай кейипке түсиўи тәәжип емес еди. Мухаммед Рахим хан медиресениң зыяпатына шақырмады. Бул да мейли, себеби бурыннан ишли-тыслы адамлар. Ең баслысы, Гөне-үргенишли түркменлерге садықлығын билдире алмай қайтты. Араға түскени ушын Алламурат мақсым дар арқалы өлимге буйырылды...

Өзинен тете иниси Хожамурат аразласып Хийўаға кетип қалған еди. «Бәри соның ылайсаңы ма, деп те ойлады,—туўысқанның шыққан душпан ата душпаннан да өшпенлирек болса керек...»

Оның усы отырысы үстине Айтмурат қызылбет кирип Хийўада қалдырылған атлысының есикке келип турғанын хабар етти.

— Не жаңалығы бар?

— Алламурат мақсым аман қалыпты,—деди Айтмурат қызылбет.

Төремурат суўпы қуўанарын да, қыйналарын да билмеди. Хабаршы сийрек жийрен сақаллы, пәжмүрде биреў екен. Босағадан атлаўдан дизерлеп келип, Ҳәким менен қол алысты ҳәм буйрық күтпей жаңалықларын баян етти.

— Алламурат мақсым өлимнен қутылды...

— Хан ақыры пәсине қайтыптыдағы?

— Олай емес, тақсыр. Айдос бий қутқарды. Дәўжүреклилик етип дар арқанын кести.

— Дар арқанын кести?!

— Кести, тақсыр. Сөйтип өзи өлимге гириптар болажақ еди, жол тапты, қутылды...

— Қалайынша?

— «Кәраматлы Хийўа уллы Хорезмниң көзи болса, Қоңырат ҳәкими терис кирпик, кәраматлы Хийўа уллы Хорезмниң аўзы болса, Қоңырат ҳәкими сойлақ тис» деди, қутылды.

— Қысқарт! Жоғал!

Төремурат суўпы әлленемирге шекем не болғанын билмеди. Айтмурат қызылбет те, хабаршы да шығып кетти. Жаман түстен ҳаўлығып оянғандай, «көрсетермен сен қыйсық көтке,—деди өзөзинен гижинип. —Еки иниңди бир жүўеннің еки қайысы қылып аўзыңа суўлық салмасам, жағыңды айырмасам Төремурат атым қурысын!...»

Уры пышықтай аяқларын ғаз-ғаз басып және Айтмурат қызылбет кирип, Бегис пенен Мыржық келгенин хабарлады. Төремурат суўпы тиқейип бет-қолын жуўды ҳәм оларды ишке жиберийўге ишарат етти.

— Ҳо, ҳо, қос периштем, келиңлер. Сизлерди көрмесем не деген сағынаман, келиңлер. Ғарры Есенгелдиден хабарлымысыз. Тәндар ма?!

— Хийўадан болдырып қайтқан, сизге сәлем айтты,—деп екеўи ушын Бегис жуўап берди.

— Нендей жаңалықлар бар, периштелерим? Еситтиңлер ме, Айдос түркменниң жилли молласын дардан азат етип, өлимге шатылған екен?...

— Ҳәх!

— Ҳа, Бегис периштем, қорқып кеттиң ғой. Туўысқан жаман болса да көзиниң қарашығы, қыймайсаң, Айдос аман қутылған. Айтмурат, сен далаға шығып қонақларға аўқат ғамластырмайсаң ба?... Әне солай, периштелерим. Сөйлеп отырыңлар.

— Тапсырмаларыңыз бәржай етилди.

— «Айдос аўылына» да әдеўир зорлық қылдық,—деп Мыржық толықтырды. —Жигирма жигити бизлерге қосылды.

— Солай, уллы Қоңыраттың ҳәкими,—деди Бегис. —«Салық төлемейсиз» деген соң журт сиз төрепке өтип атыр. Айдостың қоластынан отыз түтин өшип, бизиң аўылға көшти.

— Жаңалықларыңыз күтә жақсы периштелерим, қарақалпақ ели азапланса, сай-сүйегим сырқырайды. Уятсыз Хийўа ханы бәр-

ҳа алады, ал елге жақсылық қылыў түсине енбейди, заңғардың. Ақыры, сизлер ҳәм биркәлата елсиз... Әттең, еле күшим аз...

— Бизиң елде де медиресе қурылып, минәр салынып, шаўқымлы базарлар болармекен?

— Айтпақшы, жыйнаған жигитлериңиз қайда?

Қоңырат ҳәкимниң жуўаптан тайсалғысы келгенине екеўи де мәни бермеди.

— Елгелди менен машқыда қалды.

— Өйдеген ким?—деди ҳәким таңланып.

— Мыржықтың қайнағасы.

— Ҳа, Есенгелдиниң баласы ма? Уқтым. Бирақ, әкеси балам маўбаслаў дейтуғын еди.

— Жәндулла гүрре деген-әм бир көк өжетимиз бар. Жетимнен көтердик. Малақай ал десең, бас алады,—деди Мыржық.

— Ҳәзирги заманда адамларға зор келип, «мынаны айланасаң» деп шаңлаққа қазық қақсаң айлана береди ғой,—деди Бегис.

Төремурат суўпы күтә шад болып, шақалақлап күлди ҳәм есикте саңлақ жоқ па дегендей қәўип пенен бир қарап алып:

— Ўәж, ўәж, периштелерим,—деп күлкиден шыққан көз жасларын сыпырды. —Айдос пенен биригип кеткениңизде, дым жақсы болатуғын еди. Қалай бириктириўди билмей ақылым ҳайран. Бирақ мүйизсиз серке өзин ылақ дер екен.

Туўысқанлардың көзлери жаўтаңласып, ағасы ҳаққындағы жаман хабарды еситиўге қуштарланды. Ҳәким айтпай ойланып қалды. Айтмурат қызылбет дастурхан жайып нан, набат қойып кетти.

— Сүйген халқыңның бабаларына тил тийгизиў, даналықтан емес,—деп Қоңырат ҳәкими сөйлеўге еринип, дастурханға қол узатып, набаттан асықтай бөлегин аўзына салып сорып, әдеўир ынтықтырып гәпин созды. —Қарақалпақлардың бир бабасы —Хожахмет Яссаўийдиң ҳасасын урлап, ғарғысқа ушыраған деген раўят бар еди. Айдостың қылықлары сол жаман раўятты ядқа түсириўге мәжбүрлейди.

Еки туўысқанның намысы қозып бир-бирине қарасты. Төремурат суўпы олардың қытығына тийип алғанына өкинди.

— Билек бир болса да бармақ бөлек, периштелерим. Сизлер оның менен жолы басқа адамларсыз. Мениң жаныма батқаны Айдос ханға барып, Қоңырат ҳәкимине қолқанат болып кеткен еки иним бар, биреўи терис кирпигим, екиншиси сойлақ тисим депти. Бири жулынбаса көзимди шығарады, екиншиси қопарылмаса аўзым қыйсаяды депти.

Бегис пенен Мыржық. «Ҳәким дурыс сөйлеп отыр ма?» деген гүман менен бетине қалша қарасып, самсаз болысты.

— Бәлким, бул гәпимнен шубҳаланарсыз, периштелерим,—деп Төремурат суўпы бирден түйинди.—Бул заманда шубҳа менен жасаў керек. Мурын болмаса, еки көз бирин-бири жеп қояр еди.

Айдостың жас атқосшысын сөйлете алсаңыз, бәрин айтып берер.

Енди исенбесликке саңлақ қалмады.

— Уллы Қоңыраттың ҳәкиминен сора, деген адамлардың өтиниши бар еди,—деди Мыржық жүдә жасқаншақлық пенен ийбе сақлап.

— Халық сора деген сораўды ҳеш сақлап қалма, периштем. Гүна болады ҳәм иште дәрт пайда қылады.

— Бизиң халықтың өмирбаяны сизге бес саўсағыңыз киби. Бабаларымыздың орыс патшасына қол жайып барғаны ҳәм аян, лийкин, усы жақлары қалай болар екен?

— Биз халық пенен ханбыз. Сиз халық пенен батырсыз ҳәм палўансыз. Сол ушын да бәршени Хийўа ханына салық төлеўден азат қылмақтамыз. Өзлериңизге мәлим, халықтың көпшилиги қалай талап қылса, кеменің басын солай бурыў, бизиң парызымыз. Буған не дейсиз?

— «Қоңырат ханлығы халықтан салық алмай жасай ма?»— деген сораў ҳеш қайсысының басына келмеди.

— Сиздей пайғамбар нышанлы адамның жолынан паяндоз болса арзыйды,—деди Бегис. Мыржықтың оны жақтырғаны, жақтырмағаны нәмәлим қалды.

Бурынғы келгенлеринде бүйтип көтермелеп сөйлеўди билмейтуғын жигитлердиң тең жуўап берип бири екиншисине қарсы келмегени Қоңырат ҳәкимин ҳәрқашанғыдан қуўантты. Ханларға тән қылық пенен алақанларын шаппатлап Айтмурат қызылбетти шақырды.

— Батыр периштеме таза семсер, найза, қалқан келтир. Палўан периштеме тон жап.

Айтмурат қызылбет қуўжынлап жүрген менен ҳәкимниң еки туўысқанға берилип, өзине кемсалыйқа болып баратырғанын қызғанатуғын еди. Бети күйген теридей бүристи. Бирақ, найлаж, буйрықты орынлады.

— Қутлы болсын, периштелерим, сизлерге арнаўлы үй бар, барып дем ала турыңлар. Жақадәрьялы қарақалпақлардың жәрдемине мүтәжлик күн туўып қалыўы итимал. Соның жолларын ойласыңлар. Аздан кейин изиңизден бараман.—Төремурат суўпы Айтмурат қызылбеттиң шалғайынан тартып сыбырлады:

— Қоранды қорыған питкe «шырағым» деген менен балаң болып кетпейди. Кеўлиң абыржымай, оларға жақсы хызмет ет. Бар изленинен жет.

17.

Қутлымурат инахтикиие келгенде Айдосты қызықтырған нәрсе, оның кең саяманлы гүжими бар ҳаўызы емес, ҳәрқыйлы жемис ағашлары өскен ҳәўли ҳәреми де емес, есигинде хызмет еткен енапат қуллары да емес, үйинен еки жүз қәдемге созылған паяндозлы қараңғы көшеси де емес. Бундай шараятлар Хийўаның

қоқтасынлы, қолы кирли бираз байларынан да, сарайда хызмет ететуғын базы ўәзирлеринен де табылады. Ҳайран қаларлығы, инахтың мийманға деген дыққаты. Ол базыбир жеңил тәбиятлы байларға усап «анаў жайым анаған, мынаўсы мынаған арналған, анаў ағашты пәлен жақтан әкелдирдим, мынаў жүзим мынадай қәсийетке ийе...» деп мақтанбады.

Инахтикиндей шан-шаўкетли байлық аты қарақалпақ елинде жоқ болса да, Айдос түўе атқосшысы, бундайларды көре-көре жалыққандай беглигин бузбады, ҳеш мүлкине таңланыў нәзерин тасламады.

Инах Лйдосты атқосшысынан бөлеклемей, ғалы гилемнен тыс-қары аяқ басар көздей орын жоқ кең жайға киргизди ҳәм оларды емин-еркин отырып, өз-ара сырласып алсын дегендей шығып кетти.

Доспан есикке жақын отырған еди, әстен мойнын көтерип дийўалға тутылған гилемлерден баслап, маңлайшаға асылған дүўденде ойнап жүрген бөденеге шекем бир шолыў жасады.

— Доспан, бегликти бузба, бундай жайды менсинбеген түр көрсет,—деп сыбырлады, Айдос. —Шыдамасаң, ҳешкимге билдирмей қара.

Неше көз жасларға себепкер, неше бармақларды жеген гөззал ғалылар менен гилемлерди обалсынбай, үстине шыққанына Доспанның кеўли көтерилди ме, сәл қозғалып, кеңирек нәпәс алды да, жым отырды.

Үй ийеси кириўден саўдырап мийманның қалай отырғанын, шаршаған-шаршамағанын сорады, оннан кейин бала-шағасының, ели-халқының аман-есенлигин билиўге өтти. Қулласы, өзин тек тыңлаўшы дәрежесинде тутып отыр.

Айдос та оннан ҳал-жағдай сорамақшы еди, инах өз сораўлары менен оған мүмкиншилик қалдырмағанына ишинен күйинди: «Булар бизиң ҳал сораўымызға мүтәж емес, ханның ҳал сорасыўына мүтәж... пәстегиниң ҳал сорағанынан не пайда, шағынғанда не жәрдем қылады?... Ҳәтте, биз «ҳалыңыз қалай?» десек, кеўлине келтиреди...»

— Уллы ханымыз Сизиң атыңызды бурын да биледи екен, Жүдә унап қалдыңыз, уллы ханымыз жүдә-жүдә кемтар инсандә, —деди бир ўақытта инах.

Айдос «қуллық, қуллық!» деп қайта-қайта қол қаўсырыўдан басқа ҳештеңе демеди.

Өзин бул жайда жоқтай сезип, үнсиз чай ишип отырған атқосшы өз елинде ҳешким қылмайтуғын қылықты бийдиң қалайынша келистирип, қол қаўсыратуғынына таңланып, күлкисин кесениң ернеги менен жасырыўда.

Мезбан кем-кем ашылысты.

— Уллы ханымыз Қоңырат шәҳәриниң ҳәкими Төремураттың Сизге қарсылығын, сәл нәрселерге ала аўызланған инилериңизди айнытып, Сизге қастыянлық етип жүргенине жаны ашыйтуғынын,

кеше ғана айтқан еди. Сиз бүгин ырас бапладыңыз. Қоңырат ҳәкими енди қаласынан қуўылады. Ол ушын ләшкер ҳәм таярланған.

Айдос ҳайран қалды: «онда «мәсләҳәт төбедеги» ойласығымыз дан да хабарлы болды ғой, шамасы... Қалай? Қалайынша?»

— Биз бир айып ислегенбиз,—деди Айдос шыдамай.

«Не айып екен?» дегендей Доспан оған ҳайранлық нәзерин таслады. Бий оны көрмеди.

— Ырасында биз айып ислегенимиз жоқ, ол исле́ди,—деп Айдос өзин-өзи дүзетти.—Сизден барған шабарманды өлтиргенбиз.

Инахтың аяғы астынан жылан шыққандай, көзлери аларып кетти.

— Сиз бе?!

Айдос шоршынбады.

— Аўа, мен өлтирттим. Аўзына тезек тығып көмдирдим,—деп ол бул өлимниң тийкарғы себеби тап усы кәрада қалыўын ескертип, қысқаша сөйлеп берди.

— Сиз мәрт адамсыз, дурыс ислепсиз,—деп инах басын шайқады.—Ханға да билдириўдиң кереги жоқ.

Оның гәпинен өлген шабарманның ханға жийен түўе бийтаныслығы, егер қылған қылықлары жөнинде еситсе ондай бурал-қыны жумсаған адамды хан жазаға дуўшар қылатуғындай астар түйилди ҳәм ол ҳаққында қайтып сөз қозғалмады.

«Бийбаба, пайттан пайдаландың-аў»—деп Доспан ишинен ҳәзетип отыр.

— Сизди ертең Уллы ханымыз дәргаҳына шақыртады. Арзыаўҳалыңыз болса ойланып, бүгин өлшеп-шенеп алыңыз,—деп ескертти инах гәп арасында.

Айдостың шырайында қуўаныш пайда болды. Егер хан менен тиллесер күн туўса, елге салықтың мугдарын азайтыўды, елдиң атын шығарғандай бир қала салыўға жәрдем етиўин, халықтың жары тапқанын жутатуғын қийимди өзлери қолдан ислеўине имканият туўдырып, пахта егиў ушын пигит бериўин ҳәм егис үйретиўге адамлар жибериўин өтинбекши еди. Булардың ҳәммесин хан орынлай ма, орынламай ма деген қәўип пенен, ҳәзир инахқа кеңесип алғанды мақул көрди. Ойларын ортаға салды.

Қутлымурат инах Айдос бийге ырзалық кейип пенен муртларын қыбырлатып, жүдә кеўилли тыңлады.

— Узақты көргиш адам екенсиз, ели-халқым деген инсан сиздей-ақ болар,—деди ақырында, болғаны.

Палаў әкелинди. Изинен кесилген ғарбыз бенен бир ләгенде жүзим, бир ләгенде алма келтирилди.

— Айдос бий, сизде баслы байлық не?—деди инах аўқат үстинде.

— Мине,—деп Айдос алақанын көрсетти. Ол инилеринен бөлеклескеннен кейин дийханшылыққа араласып, алақанын әдеўир қабартқан еди, инах күлди.

— Ўәж, ўәж. Қәне, ат қосшының қолы?

Доспан еки алақанын жайды. Көп мийнеттен күнге күйген жүнлес жуўан билеклер, бәрҳә таяқ услаған сыйқақ алақанлар инахты сүйсиндирди.

—Бул үлкен байлық, Айдос бий. Және неңиз бар?

—Балыққа, қамысқа, мал жайлаўына баймыз. Лийкин, мәканымыз шыбынлы. Шәҳәрли жерден барған мийманлар көнбейди.

— Бас байлық бирлик. Әне, бул жағынан қалайсыз?

Айдостың шыштақ тамырына пәки тийген сораў усы болды. Неқыларын билмеди. Жасырыў керек пе, я ырасынан келген мақул ма? Бийди ойланып алсын дегендей үй ийеси және далаға шығып кетти.

Мухаммед Раҳым хан тахтқа шығыўдан ханлықты беккемлеўдиң бирден-бир баслы жолы, шегараның етегин кеңейтиўден ибарат екенин ескертип, ўәзирлеринен кеңес сорағанда, Қутлымурат инах қарақалпақлар бойынша пикир айтып, бул алааўыз халықты толығы менен ханлыққа қаратып алыўдың усылларын белгилеп бергенинен Айдос бийхабар еди. Оның бийазар сораўларына, жүдә дыққат қойып гәп тыңлаўларына, кеңеслерине, қанаатланыў сезиминде отырғанлықтан ҳәзир де гуманланбады.

— Доспан, қалайсаң, үй ийеси қалай?—деди күлип.

«Билмедим»,—деген еки ушлы жуўапты жек көретуғын ат қосшы:

— Ығыңызға жығылып отырғаны қуўанышлы,—деди.

Айдостың өз ойына исеними артты.

Мезбан қайта келип орнына жайласты.

— Уллы инах, әне, сиз айтқан байлыққа жарлымыз.

— Түсинемен, Айдос. Бурын көргенде де неге байлығыңызды, неге жарлылығыңызды көзлериңизден оқыр едим.

— Кеңесиңиз бар ма, уллы инах?

— Хан неге байлығыңызды биледи. Лийкин, алдына барғанда, ең дәслеп неге жарлылығыңызды айтыңыз, жәрдем сораңыз. Ханның ўақты кем болатуғынын билсеңиз керек. Ең әҳмийетлисин айтып қалған жөн. Пахта егиў ҳәм қала салыў тилегиңизди ханға өзим билдиремен. Шырғазы хан салдырған медиреседен түркменниң қуда бийзар шайыры Мақтумқулыдан кейин алтыс жыл өтпей, және бир қуда бийзар түркмен шыққанына Мухаммед Раҳым ханда қаҳәр күшейди. Маған таза медиресе салыўды кеңес етти. Жақын ўақытта басласам керек. Әне сонда сизиң қалаңызға уста жиберип турыўды өз зиммама аламан. Салықтың мүгдарын анлайтыў жөнин ханның кейпине қарап көрерсиз.

Айдос ата сақалын үстиңги ерни менен жалмап, ойланып қалды. Қанша көп ойланған сайын үй ийесине ҳәм исенимли, ҳәм сүйиспеншилиги арта берди. Инах оның ойына кесент етпей жатыўына төсек салдырып, өз бөлмесине кетти.

Айдос таң намазына оянғанда, үй ийесин келер деп дәмеленген еди. Кешикти.

Жаслығына қарамай муртлары шыйратылған, көзлери кишкене, бирақ дөңгелек, өткир, айбатлы бир жигит кирди. Бул Қутлымурат инахтың улы Мухаммеджан еди, миймanларға өзин таныстырып, Марыға барып ақшам келгенин, оларды биймаза қылмаў ушын кирмегенине кеширим сорады ҳәм әкесиниң ҳәр күни таңнамазын хан менен жәмәәт қылып оқыйтуғынын, соған сәҳәрде кеткенин айтты.

«Бизиң тәғдийримиз ҳаққында да сөйлесетуғын болыпты» деп бий ишинен қуўанып, ол кешиккен сайын сүйсинди.

Инах сәскеде жүдә кеўилли келди, есиктен сөйленип, миймanларды жекке қалдырып кеткенине кеширим соранып кирди:

— Айыпқа буйырмасаңыз, Сизди үйден алып кетемен. Хан дәргаҳына барамыз.

Айдостың көзлери күлип сала берди. Доспан қуўаныштан ушып кетежақ болды.

— Мәлел келмесе, атқосшыңыз қала берсин,—деди инах.

Айдос ишинен «бул не деген ҳүрмет, алла, ақыбетин бер» деп гүбирлениўи менен орынған турды.

Датқа жайда көп күтиўге туўра келмеди.

— Қарақалпақ бийи, димағлар шағма, кейиплер яқшы ма? — деп датқа жайдың қапысы ашылыўдан сөйленип киятырған ханға Айдос ҳүрметтиң барлық түрлерин аз көрип, ийилип тур.

— Болды, турыңыз,—деди хан.—Сизиң бәрше тилеклериңизди Қутлымурат инах маған жеткерди. Ҳәммеси орынлы. Сизиң атыңызға, әлбетте, қала керек. Елиңиз, әлбетте, пахта егиўи керек. Және не тилегиңиз бар?

— Уллы ханымыз, қала қаладан, жай жайдан я пәс, я бәлент, адам адамнан я ақыллы, я ақылсыз болған менен, халық халықтан я пәс, я бәлент, я ақыллы, я ақылсыз болмайды деген раўят бар. Хорезмди жайлаған биз де халық едик. Сизиң шарапатыңыздан өз алдымызға ханлық алсақ деген тилегимиз бар.

Хан ойланып турмады:

— Қарақалпақларға, әлбетте, ханлық керек! Отаў тигетуғын киси әўеле баў-шуў сазлап, қоныс қырыйды. Ханлық-ом солай. Ең әўеле қарақалпақлардың жәми бир ақыллы бийге бойсыныўы керек. Сол ақыллы бий, әлбетте, Сиз. Егер өзиңиз бас болсаңыз, барлық уруўларыңызды Сизге бағындырып бериўге таярмыз. Жаңадәрьялыларды-ом берман көширемиз, сизге моллам дөгерек қоныс қылады. Ҳа, солай. Сиядей ақыл ийесиниң тилегин жерде қалдырмаймыз. Кешеги баҳаңыз бойынша, Қоңырат ҳәкиминиң өкшесине сабын жағылып, қаладан қуўылғанын тез күнде ескерсиз. Және не тилегиңиз бар?

— Елдиң салығы...

Хан Айдосты толық сөйлетпей өзи даўам етти.

— Салықты кескирт қыламыз. Ҳәзир жылына еки мың тилла. Қалаңызға жәрдемди ғәзийнеханадан аласыз,—деп хан есиктеги

жасаўылларға ийек көтерди.—Қарақалпақ бийи жабырып қалыпты. Кеўилин көтерсин.

Айдос басқа ҳештеңе деп үлгермей-ақ, бир есиктен саз жаңлады, екинши есиктен гилең биргелки қызыл көйлек кийген қумырсқа бел қызлар ойын менен кирди.

Ханның ўәделерине, хызметине кеўли толған бий бул ҳүрметти өзинең басқа бир қарақалпақ көрмегенине өкинишли, бирақ, өзиниң тирлигине, ырзашылық пенен йошып: «Бул дүньяда не ҳәзлик жоқ?»—деп гүбирленди. Хан еситсе керек,, инахтың қулағына бир нәрселерди сыбырлағанын байқады. Жаманлық пикир айтылып атыр деп гүдик қылмады. Қоныў ушын сарыққан қуслардай қолларын қанат қылып жайып, жүдә нәзиклик пенен ойнаған қызлардан көз алмай, қыялы әлем гезди, «қала салдырып, елиме ханлық алсам, әлбетте, усындай қызлар жыйнайман, тамашаны өзим менен тең халқыма да көрсетемен. Жабыққан ҳәсиретли халқым мендей жанашыр перзентине ырза болсын».

Бир ет писпримдей ўақыт өткеннен кейин хан қолын шаппатлады. Қызлар үриккен кийиктей дүркиресип, көзден ғайып болды. Әлле қайсы есиктең кирген бireў Айдостың алдына зер жағалы шапан әкелип қойды.

— Уллы ханымыздың сарпайы.

Айдос түргелип, ханға алғыс пенен тәжим бермекши еди, ол кетип баратыр екең, көлеңкесине ийилип үлгерди, болғаны.

—Басыңызға мәңги бахыт қусы қонған адамсыз,—деди Қутлымурат инах қайтысын.—Уллы дәрежели ханымыз бүгингидей зийнетти ҳешбир ўәзирине қылған емес. Буның бәри өзиңиз айтқандай, аз санлы қарақалпақ халқының ерке бийи болғаныңыз ушын.

Айдос жымыйып күлди.

— Көпшилиги Сизиң шарапатыңыздан, уллы инах.

— Уллы дәрежели ханымыздың қулағыма сыбырлағанын абайладыңыз ба?

— Абайладым.

— Қарақалпақлар Хорезм ўәлаятына белли «Гүлайым, Арыслан» дәстанын шығарған ел.Гүлайымның әўладларынан қырқын жыйнаса, бундай ойын-заўық өзлеринде-әм болар еди. Абзалы, бизиң сарайға берсин, ҳәр келгенде көрип турады деди.

— Ханда қырқ кисинин көзи, ақылы болады дегенге енди тақыйық исендим. Уллы хан менің қыялымды оқып қойыпты.

Қутлымурат инах үйине келген соң Айдосқа емес, атқосшысына шапан жапты. Оны да жүдә кемтарлық пенен, уллы дәрежели ханға теңлес Айдостың өзине сарпай жабыўға батылы бармайтуғынын айтып, қысына-қымырыла берди ҳәм бәҳәрги егистең бурын оңлаған батпан шигит жибериўге ўәде етти.

— Айдос бий,—деди инах хошласарда егитилип.—Уллы ханның әдепки жәрдеми Сизге қарсы базы урыўлардың көзлери нен от шығарып қойыў.

— Ҳәрқандай жәрдем ушын қолымыз көксимизде, уллы инах.

Айдостың хан сарайынан қай сүреде келетуғынын асығыс күткен Доспан, оның кейпине күтә қуўанышлы. Сонша ҳүрметтен кейин өзин қалай тутып, атты қалайынша айдар екен деп сынап еди, баяғы бир жүриси болды. Көп сөйлемеди де. Бирақ, ҳайран қаларлық бир иси, «Майлы шеңгелден» бир адым өткен соң атынан түсип, бир қысым топырақ алды да, маңлайына тийгизди.

— Доспан,—деди қайтадан атына минип.— Сен ашшы менен душшыны, қоқым менен тынықты тең жутып, ҳәрқандай жәбирин жасырып үйренген елдиң баласысаң. Бирақ, базда ҳәрқандай күшли адамның-әм кеўли ыдысқа мегзейди. Артық-аспай нәрсе сыймай шырт етип сынады ямаса жарылады. Сен ҳәрқашан көргенлериңди, сезгенлериңди, меннен еситкенлериңди бойына сыйдыра алмай сыныўға, я жарылыўға келсең, мисли жаңалық сыпатында өзиме айт. Түсиниксиз ислер болса, аўлағында сорап ал, жасқанба...

Шын сырға Доспанның кеўили өсти. Пайттан пайдаланып кеўил гүптикейлерин сораўға киристи.

— Бийбаба, жаңа неге бир қысым топырақты маңлайға бастыңыз?

— «Майлы шеңгелден» бер жағы өз топырағымыз, өз жеримиз. Бурын бундай әдетим жоқ еди. Дар арқанын кескеннен кейин мени көмиўге өз топырағым буйырмас деген қәўип туўды. Сол ушын шүкирлигимниң белгиси. Адам қайдан келсе де, өз топырағын әўеле аяғына емес, маңлайына басыўы керек.

— Бағана инах узатарда сизге қарсы базы урыўлардың көзлеринен от шығарыў жөнинде айтқанда, келискен адам менен ҳәзир өз топырағын маңлайына басқан адамның арасында парық бар секилли?

Айдос күлди. Атқосшысының ақыллы сораўына ырза болып күлди.

Ырас, Доспан. Былайынша жүзгөйликке усайды, ҳаслы дәрегинде олай емес. Падашының ҳалы өзиңе мәлим. Бул заманда егиз бүзаўлар-әм жаласпайтуғын болып кетти. Кең далада тебисип, сүзинип жүрген асаўлар бир аранға қамалса ғана бир-бири менен емиренисип, жаласады. Усыған жетиў ушын күш жумсаў керек, таяқ керек.

— Түсиниўимше, бийбаба, урыўлар арасында аўызбирлик, дослық қылмақшымыз. Оннан кейинше?

— Өзи аз халықтың ҳәзирги жағдайы ертеңнен бийүмитлик. Билесең бе, бүгин тойып, ертең аш болғаннан, ертең тоятуғынына көзиң жетсе, бүгин аш жүрген анағурлым абзал. Сол ушын бәри бир жерге топланса ҳешқашан қорланбайды.

— Бийбаба, мийиңизди айналдырдым-аў.

— Сорай бер, бәлким, мениң де сеннен сорайтуғын гезлеримәм болар.

— Өз елимизде қылмайтуғын қылықты қылып ким менен сөйлөссеңиз де, қолыңыз көксиңизден кетпегенине ҳайран болдым.

— Абайладың ба, хийўалылар күтә илим-ҳикметли халық. Илим-ҳикмет дегени не? Әдеп-икрамлық, бир-бириўге мириўбет. Бул Хийўада өзелий орнаған тәртип. Биз саҳрайылық қылып хийўалылардың бир-бирине бундай мунәсибетин жаратпаймыз, бул надурыс. Өгиз сойсаңда суўғарып сойсаң, кеўилдиң тоғы. Аўылға барған соң елде «мириўбет күни» деген күн белгилеў ойымда болып киятыр.

— Өйтсеңиз, болҳим, шеп болмас. Бирақ, бийбаба, Хийўаны ҳәр таманынан қызғандым. Адамлары бир-бирине сыйласықлы қаласы азада...

Айдос және өзинше ойға батты...

Доспан оған селтеп бермеди.

18.

Жаңадәрьялы Маман аўылының өзгешелиги—бир жағы толқынланған көкалай көк теңиз, екинши жағы-жазда көк майса ырғалған, қыста сырдандай дала. Бийтаныс жолаўшылар аўылды гейде теңиз ортасындағы кишкене атаўға, гейде ушы-қыйырсыз даланлықта иркилип калған төбе-төбе қанбақлыққа мегзетеди.

Мыржық кеше кеште теңизди даладан, даланы теңизден парық қылалмай қас қарайғанша бул әжайып көриниетен көз айырмаған еди.

Маман менен сөйлесиги бийнәтийже болмағаны ушын ба, азанда атланар гезинде, және бир қарамаса кеўли кеншимейтуғындай сезилди.

Миймманының шыннан заўықланғанын сыртынан бақлаған аўыл ийеси кеўил шадлығын жасырғысы келгендей төмен қарап жымыйып күлди де, қасына келди;

— Қалай?

— Бундай мәканнан бинай өмирде айырылып болмас, ақсақал.

— Үйренген қолға кирпи де мамықтай тийеди.

Мыржық кеңк-кеңк күлди.

Самал қуўып шапқыласқан ақшыл қара булт ҳеш жерде турақламай, гә қуяшлы жаўын тамшылап, гә тынып турыпты.

— Бултқа қара, күлге былғанған пахтаға усайды,—деди Маман үнсизликти бузып:—Егер және қонсаң, кешке шекем арқа таманларға қыдырар едик

— Рахмет ақсақал. Саў болсақ талай келермиз.

Үйине келген миймманды аўылынан қара гөрим узатыў Маманға әдет еди, атланды. Буған да ырза Мыржық оны хошеметлей гәп баслады;

Ақсақал, Қоңырат ҳәкимин күтә қуўанатуғын қылдыңыз.

— Егер елди орыс елине кайта қосып, қайта жарастыратуғын

басшы табылса, биз жолға таласпаймыз, иним. Қосшылыққа үйренген халықпыз.

— Бизиң Айдос бәрҳә аға болғысы келеди.

— Адамның өз адамгершилигин көмгиси келмегени аға болыўға умтылыў емес, иним. Бул жолда соқырлық пенен-сулыў соқырлықтың парқын айырыў керек.

— Күтә ақыл гәп айттыңыз, ақсақал.

Марапатты сүймейтуғын жылқы минезли бийге Мыржықтың өз туўысқанын сайғаны унамады. «Бундайлардан не жәрдем, қандай мәмлелик күтиўге болады» деген қыял менен, еле де бираз жерге узатыў нийетин тоқтатып, ҳақ жол тиледи де қалатуғынын туйындырды.

Мыржықта оның менен сөйлесиў иштейи және ашыла түсти. Қоңсылас орыс аўылын көрсетиўди өтинди.

Көктеги булт тас төбеге жыйналып және тамшылады. Маман аз ғана ойланып турды да күн батысқа—теңиз таманға атын бурды. Мыржық ерди.

Олардың нәзери таманда, Маман аўылына да «орыс аўылы» деп ат берген орыс аўылы турады. Жәми онлаған қамыс қақырадан ибарат аўыл гүллән жаңа дәрьялылар ушын зыяратханадан кейин емес. Өйткени, бул аўылда елдиң керек-жарағын питкеретуғын баққал—көпес ҳәм темир устасы бар.

Әсиресе, журтты тартатуғын адам Никифоров исмли темирши уста. Бир қарағанда арық көринген менен, булшық етлери тарамыс-тарамыс, отыз беслердиң шамасындағы күтә ири киси. Бәрҳә отқа жақын турғанлықтан ақ келбети қараўытып, зер түсли сақал-мурттының ушлары жалын шарпып шалғандай, келте ғана, өзи кишипейил. Келгенлердиң жумысын питкергенше тынбайтуғын бир жапакеш. Қарақалпақшаны жақсы биледи. Әттең, ерки өзинде емес. Тимофеев деген баққалдың жаллап қойған устасы. Тимофеев устаханаға кирип келгенде басқалардан бурын ол қалтырап, қамшыдан қорқып қалған ябыдай жалтаңлап, Якоб атлы он жасар улын қасына шақырғанын билмей-ақ қалады. Баласы да түсинпаз, келе сала көрик басады. Себеби, келгенлерден көрик басқан, я балға урған адамды көрсе Тимофеев қутырып кете жазлайды.

Тимофеев бир көргенде күтә бәдайбат, ис мурын, аўызы қаяғында дерлик қапасақал. Қарақалпақ аўыллары менен сонша жыл қоңсы болса да «жоқ», «бар» дан басқа қарақалпақша бир сөз үйренген емес, саўда қыларда бармақлары ҳәрекет қылады, болмаса, Никифоровты пайдаланады. Оның өзи барда темиршиге келгенлердиң иси питпес. Ҳәтте, бел епелетпекши адам да үш күн пишен орып бериўге, я қақырасын сыбаўға мәжбүр, ең қурығанда тоғайға отынға жүмсайды, болмаса шубалған аўын тазартыўға отырғызады, ең таппаса есигин сыпыртады...

Бир айлағаннан бери жаңаша ис баслады. Балық сақлайтуғын шолан соқтырыў ушын жер қаздырып атыр. Бир жақсы же-

ри, ол үйинде көп болмайды, кемели кетип, әлле қайлардан қантчай, шыт әкеледи. Оның жоғында устаға ҳәмме үйирсек, ҳәркимниң мыңсап жумысы түсип келеди. Маманның солай жол баслағаны Тимофеевтиң жоқлығын билгенликтен еди. Себеби, олар бир-бирин жақтырмайды. Тимофеевтин қәсийети Маманның бир кәләта елдиң басшысы екенин есапқа алмай мурнын жыйырып «жыңғыл» деп пе, «жүңгил» деп пе сөйлейди, жумсаўға урынады. Маман оны еслесе, пүткил орыс елинен безгиси келип, ал Никифоров ушын барлық зәҳәрге шыдап, жалын болса да үнсиз жута бергиси келетуғын еди. Бул туўралы Мыржыққа тигислик билдирмеди. Устаханаға кирип-шығып жүрген көп аўылласын көрип Маман бир сөйледи:

— Хожайын еле келмесе керек.

Мыржық үндемеди.

Екеўи де атларын жыңғыл түбирлерге байлап ишкерileди.

Никифоров, әдеттегише жаланашланып, төстемирге шақ-шақ шөккиш урып атыр еди. Жүнлес жуўан билеги менен маңлайының терин сыйырып жиберип Маман менен қол алысты. Мыржықты да жақтырмады.

— Хожайын жоқ па?—деди Маман.

— Бар болғанда бизлерге бундай бостанлық қайда?—деп Маманның аўылласларынан бири жуўап қайтарды. Никифоровтың езиўинде сықақтың ба, я бул гәпке ырзашылықтың ба, изи билинип, хожайынның келер ўақты жақынлағанын айтты.

Хабар ҳәммеде әллекандай сескениў ме, сергеклик пе, әйтеўир бир түрли сезим пайда қылды. Маман да албырақлаўға түсти. Бирақ, өзинин басшы бий екенлиги есине түсип, сыр бермеўге урынды ҳәм хожайын Тимофеев ҳаққында хабардан кейин адамларда дөреген шоршыныў сезимин бүркеў мақсетинде ҳәммеге Мыржықты таныстырды.

Мыржық Жаңадәрьяға келип-кетип жүрген менен« Орыс аўылға» қайрылмайтуғын еди. Уста Никифоровтың жүзинен өзине тәбия ысықлық көрсе де, хожайын ҳаққындағы хабардан соң адамлардағы абыржыўды сезип, нақолай жағдайда турыпты.

Есиктен бети қара күйе уп-узын ишектей биреў көринип,, ҳешким менен сәлемлеспестен:

— Уста, әкелдим,—деди.

— Ҳәзир, ҳәзир,—деп Никифоров изинен шықты да, еки ирет еки қап көмир көтерип кирди.

Жаңағы узын ишектей адам есикти және ашып:

— Халайық, жаңалықты еситтиниз бе?—деди.

Ҳәмме оған бет бурды. Әлле ким:

— Ишке кирип айтса, сөксанар,—деп еди.

—Қолымда өгизимниң бас жиби турыпты,—деди ол ашыўланбастан.—Аўыл бетке бир жаршы шаўып баратыр екен. Айдос елге ханлық алармыш. Оның белгиси ушын елде «бир-биреўге миримўбет күни» деген күн белгилермиш.

Әжайып жаңалықтан дәметип аўзы ашылып турғанлар терис бурылды. Биразлар Мыржықтың жүзине қарады.

— Гүлимбет «сөксанар»—деди иштегилерден бири.—Саған ханлық керек пе?

— Мен не билейин? Айдос айтса, керек шығар.

— Бир-биреўге мириўбетке қалай қарайсаң?

—Маған жағады.

— Олай болса ғарры өгизинди бәрҳә жетелеп жүргенше сойып елди тойдырсеш!

— Айдостың жети бабасынан тири маған аўысқан өгизди сойып жиплимен бе?

Мыржықтың иши ғым етип, далаға шықты. Қарағай шақлы алабел «дәўлет басыны» көрип, көзлери уясынан атлығып кете жазлады. Әдети бойынша бара сала өгиздиң узын шақларын сыйпалады.

— Бул өгиз сизиң қолыңызға қалай түсти.

Гүлимбет сөксанар Мыржықтың атын еситкен менен, өзин танымайтуғын еди, бетине тигилип:

— Сени Айдос десем, жассаң, кимсең?—деди ҳәм жуўап күтпестен оның сораўына жуўап қайтарды.—Қызы бардың деми—айдарҳаның деми, бәрибир. Тарттырдым, есигиме байланды.

— Айдос қыз алатуғын болып па?

— Атқосшысының баласына қыз алар екен. Усы өгиз ушын жалғыз қызымды бердим. Айдостың дәўлети маған өтсин дедимде, қошшым.

Мыржық аяғы менен жер сызып ойланып тур еди, бийдай сабандай сары шашы желкилдеп, жуўырып киятырған бир бала. «Хожайын! Хожайын!»—деп устаханаға сүңгип кетти.

Сум хабар адамларға тышқан тесигин мың теңге қылып, есиктен дуркиресе шықты. Албырасқанынан кимниң қойнына жасырған бели, кимниң кетпени, кимниң орағы, кимниң пышағы түсип атыр. Және бәри қайтып ишке кирди. Олар менен Мыржық та ишкериледи.

Кемеден түсип үш-төрт адамға жүк арқалатып киятырған Тимофеевтың екі көзи устаханада еди, әллеқандай нәрседен сезикленип туўры келди де, есиктен басын суқты:

— Никифоров!

Оның даўысы арыслан көрген жолбарыстың даўысына мегзеп кетти.Никифоров изинен жуўырып-ақ шықты. Жыйналғанлардың бири оның босаған балғасын алып, қызып турған төстиң үстиндеги қып-қызыл сол темирге уражақ болып еди, устаның он жасар улы басып турған көригин жиберип, балға услағанды кейин ийтерди.

— Тийме! Хожайын ағамды сабайды.

Тимофеев не ушын усташылыққа Никифоров пенен баласынан басқаны араластырмайтуғынын биразлары енди ўқты:

«қызғанады... өзлери билип алса жалғыбай кетеди... деп қорқады»...

Тимофеевтиң Никофорға жекирингеи сөзлериниң арасында оларға таныс «жүнгил; «жүнгил» деген сөз бир неше мәртебе тәкирарланып турды. Бирақ олар бул сөздиң түп мәнисин бидмейтуғын еди. Никифоров ҳешқашан түсиндирген емес. Қабағы қара бултлы аспандай жабылып келип:

— Тарқаңлар!—деди адамларға—Хожайынның айтыўына қарағанда, иссиз көп адамның бүйтип жыйналыўы гүнә.

Оның тилиниң астында айтылмаған жасырын гәп барлығы сезилди, бирақ ҳешқайсысы сорай алмады. Сораған менен Никифоровтың ырасын айтпайтуғыны аян еди.

— Аўылласларыңызға хабар қылып пул әкелиңлер,—деди Никифоров,—Хожайын бул сапары жүдә ҳасыл чай, қант, оразада жейтуғын қурма әкелипти. Жақсы чайнек-кеселери, мыс табақлары бар қусайды.

Гүлимбет «сөксанар» жалтақлап:

— Никифор, саған да қудай берипти,—деди.

Никифоров Тимофеев таманға қарап алып, әстен жуўап қайтарды.

— Жердиң бетине мақпал жапқанда хожайының тақыялық аўыстыра ма, дессеш.

Адамлар сатып алатуғын затлары ҳаққында айтысып, ғаўырласып, тарқасты.

Мыржық Маман менен хошласып усықәрадан туўры аўылына қайтты.

19

Жаңадәрьяны жайлаған атақлы еки елаттың «Көк өзек» боындағы елатларға баратуғын жолы қалың қамыслықтан кең алаңлыққа шыққан жерде түйисетуғын еди. Мыржық усы бәндиргиге келгенде күн шығыс таманда шоқ шаңғыт көрип, «бәлким, Бегислер шығар» деген ой менен гидирди. Ол алжаспады.

Қоңырат ҳәкиминиң тапсырмасы бойынша жигирма атлыға бас болып Бегис Маңғыт урыўына жиберилген еди. Бүйтиўиниң себеби, ҳәким Орынбай бийдиң минезине қанықлығын айтып «Көп атлы көрсе қорқып ўәде береди, ол ўәдесин орынлайды» деген еди, ал «Орыс тәбиятлы Маманның ҳәзирше рәмәўзин билиў жеткиликли» деп Мыржықты жалғыз жоллады.

Бегис Мыржықтан бир күн илгери кеткен еди. Алдын-ала ойласылмаған, келисилмеген бул гезлесиў еки туўғысқанды да шад етип, аппақ тислери жалтырасып узақтан-ақ күлисип киятыр.

— Қудайдың өзи әзелден тек жолымыз ғана емес, тәғдиримиз түйисетуғын етип жаратқан,—деди Бегис. Ол усыны айтты да изиндеги жигитлерине төпарын бузбай озып жүре турыўды буйырып Мыржықтан сорады.

— Сапарың қутлы болды ма?

Мыржық жуўап орнына ыржыйып күлди.

— Жас үлкен басласын.

—Төремурат суўпы адам танығыш екен ғой, айтқаны келди. Ҳәкимди көрсе жолына шапаның паяндоз қылыўға таяр. Бирақ, Орынбайдың меннен гүманы барлаў. Айдосқа жеткере ме деп қорқып күтә сараң сөйлести.

— Менде гәп көп,—деп Мыржық енди өзи сөйлегеншe асықты.—Әсиресе, маған Жаңадөрьяның кең ҳаўасы унады. Ырасын айтсам өкпем тығылып жабығып қалыпған. Күтә еркин дем алдым.

— «Орыс аўылға» бардың ба?

— Ҳақыйқат. Тимофеев деген хожайыннан тап Хийўа ханның өзинен қорыққандай қорқады екен. Заңғардың сусының басымын. Оны көргенде Маман бий ҳәм қалтырады, Никифоров деген устасы қарақалпақтай қарапайым биреў.

— Пай, Мыржық, тенедиң-аў. Қарақалпақта Тимофеев дегениндей залым жоқ па? Өзимиздиң биримиз ше?

— Маман бийден аңлағаным: Тимофеев дегени ушын гүлли орыстан безип Никифоров дегени ушын гүллий орысты қушақлағысы келеди. Бийшара, от пенен суўдың арасындағы бир жан. Бирақ,оннан бир гәп еситип, сондай ҳайран қалдым дейсең, қоябер. «Биз қосшылыққа үйренген халықпыз» деди ғой әй!

— Дурыстағы. Айдосшылап «карақалпақ ханлығын дүземиз» деп ҳәнкийиўдиң не кереги бар. Саҳрайы халық, әлбетте, қосшы халық.

— Бул пикирди Айдостың есине салған өзиң емес пе?

— Мен Хийўаға төленетуғын салықты нәзерде туттым. «Қарақалпақ ханлығы» деген гәп ҳешбир ақылға уғрас келмейди.

— Қуўыстағы қырқ жыллық өмирден төбедеги бир күнлик өмир абзал, деген ойдан шегинбеснең.

— Айдостың өзи бол-ә!

Мыржық қасарыспады.

Бегис үлкен ағасы жөниндеги пикирин созып, Орынбай аўылына Айдостан шабарман келип «бир биреўге мирнўбет күни» деген күн белгилеўди хабарлап өткенин айтты.

— Өзим көрмедим, бирақ ондай атлы Маман бийдиң аўылына да келипти. Айтпақшы, сол аўылда «дәўлет басы» өгизди көрдим.

Бегистиң үлкен көзлери атласып, Мыржықты алдап тур деген пәм менен бағанадан бери айтқанларының ҳәммесин өтирикке шығарғысы келгендей жекиринди:

— Ойнама!

— Ырас. Әлийдиң баласы қыз алармыш. Соның қалың малының басы қылыпты.

— Онда анаў жигитлерди иркемен. «Дәўлет басыны» алып қайтамыз.

— Қызба, Бегис. Апқайтыўды мен де ойлап турып изинен мы-

надай жуўмаққа келдим. Айдостың ол өгизди ерки менен бергени—бахтынан айырылғаны. Еле бармағын тислеп бизлерге келеди. Сонда бетине басың, ғаңқ етпеўге тәўбе еткиземиз.

Бегистиң өгизди алып қайтыў ийетине тойтарыс берилген менен қыяллары алба-дулба. Сөйлеп жарымады. Мыржық та сөзге сарыласты.

«Көк өзек» бойындағы аўыллардың бирине жақынлай бергенде, алдағы жигирма атлыдан бири:

— Бегис аға,—деди тоқтап.—Анаў аўылдан шығып баратырған Доспан гой, иркейин бе?

— Тез!

Доспан Қутлымурат инах жапқан шапанды кийип жүр еди. Оған әдейи арнап тигилгендей жарасып, әбден азғын жүзине қызғышлық берген қызыл шапан ҳәммениң көз отын алды, қызғаныш сезимлери оянды. Доспан кимде қандай сезим пайда болғанына итибар бермеди. Атынан түсти. Бегис ҳәм Мыржық жүдә әлпайымлық менен қол узатты.

— Қарақулақ, не қылып жүрсең?—деди Бегис. Оған жуўап бериўге үлгертпей, атлылардың бири таңланды.

— Үстиндеги шапанды қайдан алған-әй?

— Сизлер жүре бериң,—деди Бегис атлылардан аўлақ сөйлескиси келип.

Мыржық Доспанды қатал сораўларға тутты. Ол албырамады. Бийбабасының тапсырмасы менен «бир-биреўге мириўбет күнин» белгилеўди аўылдан-аўылларға дағазалап жүргенин, «шапанды» бийбабасының досты Қутлымурат инах жапқанын мойынлады.

— Өзи не алды?

— Бийбабамдики зержағалы шапан. Ханның тәнҳә өзи жағыпты.

Олар қалың қамыслыққа киргеннен Доспанды қашып кетер деп қәўипсингендей ортаға алды.

— Қәне, сөйле. Хийўада не жаңалық көрдиң?—деди Бегис жеделли.—Бир аўыз өтирик қоссаң өлесең.

— Биринширден, мен өтирик сөйлемеймен, екиншиден, сизлер мени өлтирсеңиз айып болады. Үшиншиден, сизлерди не қызықтыратуғыны маған нәмәлим. Аңсаты, сораңлар.

— Ҳо, тили кесилгир,—деди Бегис мысқыллы күлки менен.— Қәне, балтамтап айтыспайық. Айдос ханға кимди жаманлап сарпай алды?

— Өйдеме, Бегис аға. Бийбаба кисиниң сыртынан саятуғын нәмәрт емес.

Мыржық ала көзлерин адырайтып Доспанды шайнап жибережақ кейипке кирди.

— Дурыслап жуўап бер, ханға не деди?

— Кеўилиндегисинен зыят ҳештеңе демеди.

Бегис те, Мыржық та Доспанды бүйтип дәсме-дәске келеди

деп ойламаған еді. Жуўасымаса дурыслы жуўап алалмайтуғынын екеўи де уқты.

— Шыпшан кел, Доспан, бий ағам күтэ шаршаған.

Доспан Мыржықтың бетине қалша қарады.

— Бийбаба анаў-мынаўға шаршайтуғын нәренжан емес!

— Қартайды демекши едим.

— Меңменсиген қос жигитке дадымәлле айтқандай күши бар.

— Әй, дуўаймент, қалайсаң өзиң?—деп Бегис ер үстинен алға еңтерилип айбат шекти.—Айдос саған емес, бизге туўысқан. Адасса жанымыз ашыйды.

— Туўысқанларға жаны ашынатуғынлар сизлердей емес, бийбабаның өзиндей болады.

— Оңлап сөйле, ғәреп боласаң! Ханға жалынып сарпай алды ма?

— Бийбаба ондай қалтыраўық емес.

— Ханды қорқытты ма?

— Бийбаба ондай бийўож емес.

— Мойнына түсежақ дар арқанынан қалай қутылды?

— Даналық менен!

—Айт шынын, кимди сатты?

— Қарабасын өлимге тикти.

— Түсинбей турмысаң, жаңа Бегис не деди? Ол саған емес, бизге туўысқан. Дурыс жол силтемесең қәпелимде бир душпаны жазатайым қылады. Алдын алыўымыз керек.

— Буныңыз мақул, ағалар. Ол кисиниң душпаны көп екен. Хәттеки, сизлер де!

— Не дединг?

— Ол бизлерди душпан деди ме?

—Бийбаба ҳәмме билгенин көринген айтатуғын желпәррик емес.

— Көп тықылдама!

— Ағалар-аў, өсек гәплерге инанбасаңызшы!

— Сен қурымсақ та ақыл үйретеетуғын болдың ба?

— Бийбабаның душпанлары менен сөйлесиў маған гүнә, жиберинлер!

— Ҳа көзи қызыл шайтан! —деп Мыржық оның қолынан жуўанын жулып алып билегине шуўмақлады да, көк желкесине пәнже урып, шапанын етине қосып бир пуқыды. Пәтли қолларда Доспанның көзлеринен от шатпағандай болды.

— Ханға не ўәде еткенин, бизлерди не дегенин айтпасаң, өлесең!

— Өлмеймен. Өлтириўге уялысызлар.

— Ҳа, жуўындықор!—деп Бегис оның қамшылар жағынан келип жанбасын қысты.—Өлимнинди ким сорайды сенің? Билесең бе, жүдә ғана бапланып, қорлықта өлесең. Аяғын зәңгиде, басың аттың артқы еки аяғының арасында кетеди. Бил, өлген ҳеш гәп, ҳәмме өледи, бирақ, өлимиңе киси күлсе жаман. Тақымы бос же-

тимнин ҳалын билмей Айдос атқа мингизип не қылады деп күлиседи. Аўа, бийбабаңа да күлки келтиресең.

— Сизлер соңша жаўызсызларма?

— Көп сөзди қой, ханға Айдос не деди?

— Еситкеңиздеп басқа айтарым жоқ, шаймаламаңлар!

— Лўдар,—деди Бегис.

Мыржық Доспанның әйле-пәйлесине қарамай ер үстинен жулып алды да, атының мицги жағындағы таралқысына бир аяғын өткерип, басып жерге салбыратты. Аттың жүўени Бегистиң қолында еди, ол аттың басынан сыпырып усы қәлпинде, айдап жиберетуғының ескертти де, ишине гүптикей болып жүрген сораўды берди.

— Енди шығыңнан кел, қайсымыз терис кирпик, қайсымыз сойлақ тис?

Доспан қолы менен жер тиреп салбырап турған халында Айдостың сойлақ тиске, терис кирпикке кимди теңгергенин айтты. Еки туўысқан инанбады.

— Арғысында жоқ заңғар екенсең. Усыннан тири қалсаң айтып бар. Айдостың «бир биреўге мириўбет күни» керек деп шақырық қылғаны жалған. Бирақ, бизлер реҳимли адамлармыз. Айдос Қоңырат ҳәкимине бас ийип барса, кеширимбергиземіз.

— Бийбаба Қоңырат ҳәкимине емес, Қоңырат ҳәкими бийбабаға бас ийип келеди. Ағалар, бийбабамның мына баҳасына ҳамал қылыңлар, «нәлетий Төремурат сүўпының иси ериксе, ийттей таластыратуғыны, басына мүшкил түссе, жаў таманына қалқан қылатуғыны гөдек қарақалпақлар».

Мыржық «ҳаҳаҳалап» күлди.

Әй, қурымсақ, билип қой. Нәлетий Хийўа ханының иси ериксе аяғына жип тағып ойнайтуғыны, аш болса ел талататуғыны, басына мүшкил түссе, жаўына қалқан қылатуғыны гөдек Айдос.

Соның арасында қамыслықтың арасын улы-дүрсилди қылып «Ҳа, Бегис аға, ҳа Мыржық аға!» деп ҳаплыққан атлының даўысын еситип Мыржық «бермаан!» деп даўыс берди. Қамыслықты қақ айырып Елгелди жетти.

— Жаманлық! Бегис аға, жаманлық! Хийўа ханы Қоңыратқа көп нөкер жиберипти. Ҳәким сизлердиң атыңызды айтып, зерзебил, қаланың сыртында кашып жүр.

Бегис пенен Мыржықтың Доспанды я қайта атына миндириў, я сол сүйреткисинде атын айдап жибериў еслерипен шығып, озып кеткен жигирма атлының изинен ҳайт қойды. Күтилмеген жаңалыққа олардың басқы таўып, ҳештеңеге қарамай патырақласып шаўып кеткенине ме, я Қоңырат ҳәкиминиң қуўылған хабарына куўаныштан ба, Доспан өз-өзинен мыйық тартып, өнменин көтериўге урынды, шамасы келмеди. Мурнынан қан ақты. Аты ийесине жаўызлық қылынғанын түсингендей қыймылсыз. Доспан еплеп ерди аўдарып, аяғын таралқыдан суўырды. Енди ғана ол

еркин дем алып, сөгинди. «Нәлетий суўпы, шаңырағың қайтып тикленбегей».

Жөнекей оны көп-көп ой басты: «Еки иниси ниң қылған қыйқаңын бийбабаға айтсамбекен, я жоқ па? Жоқ! Еситсе, онысыз да исинип жүрген адам, инилериниң аўылына жарақ пенен атланады. Бәлким, қан төгисиўге себеши боларман, айтпайман».

20

Айдос қай жылы, қай мәҳәлде соңғы сапарғысындай болып Хийўадан кеўили тоғайып қайтқанын еслей алмады. Идаралды қәдеми қутлы жас атқосшысына да ыразы. Ханның ўәделерин, Қутлымурат инахтың ханға қосымша айтқанларын қыялында қайталап, ақыл елегинен талай өткерди. Муҳаммед Рахим хандай түсиниспес, сөйлесиўге жеңил, бир сөзли хан менен ҳешқашан я тиллесип, я дийдарласып көрмеген секилли. Көз алдына ханның пешеси келипкен, миниз жаратылған нағыз инсан болып көринди. Аўылға келиўден-ақ, ойларын биримлеп иске асырыўға кириспи. Қәдирбергенге қоса үш-төрт атлы жыйнатып «бир-биреўге мириўбет күни» деген күп белгилеўди бәрше аўыллар ойланып көрсин деген тапсырма менен ҳәр жаққа жаршы атландырды. Доспанды да қалдырмады.

Ол кеўилин әнжамлаған менен, қос қанаты қулаған отаўда жекке қалып, түпсиз зинданға үңилип турғандай сезине берди. «Бегис, Мыржық қасымда болыўы керек» дейди қыялы. «Барыўым керек,—деген жуўмаққа келди бирден.—Мухаммед Рахимниң адамгершилигин, аз халыққа меҳрин, ўәделерин еситтириўим тийис. Жек көретуғынымды және ескертпесем, ханның оған көз қарасы жаманлығын түсиндирмесем, сайыз суўдың балығындай өрлеген өжет туўысқанларым ханның шаныщқысына илинеди. Қырқ қыз жыйнаў жөнипдеги кеңести тыңлайын. Буның менен нем кетеди? Бәлким, әўеле аштыласармыз..? Жоқ-о! Жас үлкени бас ийип барса, гәрдийин оларға бөле көрипип пе? Өз бармағыңды өзиң кесе алмайсаң әлбетте, гөрдийимейди! Ким менен барсам екен? Хәзирше жалғыз барғаным мақул!».

Ол буннан соң көп иркилмеди, атланды.

Бир түйениң қос өркешиндей жуп отаў алыстан-ақ көзлерине оттай басылды. Аўылдан көз алмай киятыр. Аўыл уллы дүбелейге ушыраған секилли, көшесиниң әпшаны қашқан, олай-булай жүргенлер де қунарсыз. «Жигитлери бәрҳә әскерий машқыда дүзде десетуғын еди, ырасна, қалай?» деди өзине-өзи. Жуп отаўға туўрылады. Жақыплаған гезде Мыржықтың асығыс атланып арқаға қарай кеткенин көрди, бирақ изинен шақырмады. Отаўлардың алдына тоқтап, иште хабарласқандай ким барлығын сорап сүрен салды.

Қызыл жегдесин қыя жамылып Қумар сулыў шықты ҳәм Айдостың атының алдыңғы аяқларына манлайын тийгизип, аттан түсиўин өтинди.

— Еркеклер қайда?

— Ортаншы қайнағам кеше жигирма атлыға бас болып кетип еди, киши аңшыз жаңа атланды.

— Меңи көрсе де көрмегенге салып анаў баратырған Мыржық емес пе?

— Сол, уллы қайнага!—деди Қумар қолларын дизесине қойып, еки бүгилген қолдың өзгертпестен—Жийекте қуяш көринсе, жулдызлар тайсалып батар екен.

— Ах, пасаз туқымлар! Енди жумбақ пенен сөйлесетуғын болдық па?

— Не десеңиз де өз тухымыңыз болдым, ҳақыйқатлықты айттым, уллы қайнага!

— Ержигиттиң жүўенин қатыны алса, ақыбети усылай болар екен да!—деди де, Айдос гырра изине айналды. Қумар бүгилген қолдынен үлкен қайнағасының қарасы шөккенше қылт етпеди.

Айдос артына бурылмады.

Үйинен шықпай ой басып бирнеше күн жатты. Соның арасында бийжағдай ўақыя жүз берди. Жәлийдиң үлкен улы өлди.

Ол бул өлимниң себебин еситкенде, қолларын маңлайына тиреп отырып, үнсиз бир майдан жылады. Үлкен бийдиң басы селкилдеп шыннан жылағаны аўыл адамларының бәриниң кеўлин бузды, үн қосып жыласты.

Доспан келгенде Айдос қара үйдиң сыртында шийге арқасын берип шөп пенен жер сызып отыр еди. Жас атқосшысының жылап киргенин даўысынан билди, бирақ, қасына шақырмады. Доспан өксигин басқаннан кейин, ата-ананың бирине кеўил айтыў ушын көз астынан үй ишине шолыў жасады. Өлим ушын өзин гүналы есаплап Әлий өз маңлайына өзи қос қоллап ура берипти. Бет алды гүпшектей исик. Жапсақлы ҳаялы күйиктен тирнеленип шашларын жайып бетин жыртқан. Он үш жастағы киши улы Омар ҳәмме жыласып атырғаны ушын ба, базда көзлерин басып сынсып, базда өлиге тутылған шымылдықты ашыўға ынғайланып турыпты.

«Әкеси жылап, анасы шашын жайып бетин жыртқан, иниси бетине телмирип турған өлиниң не әрманы бар?»—деп Доспан қыял жүўыртып, солығын басты. Әлийге кеўил айтып тикейди. Шийге сүйенип маңлайына еле қолын тиреп, уўайым менен отырған Айдосқа келип әстен сәлем берди. Ол тек басын ийзеп сәлемин алық алды, тамам. Өйткени ол еле ойларын адақламаған еди: «Мен ушын, ел бирлиги ушын улын өлимге муптала қылған мәрт адамға қандай жақсылық қылса арзыйды. Қәйткенде оның жаралы кеўлине дәри табылады?»

Доспан оған Қоңырат қаласына шабыўыл жөнинде еситкенин айтқысы келди. Бирақ, ҳәзир пайыты емес сыяқлы. Бул шабыўылға байланысты бийбабаның иске асырыўы тийис ойлары бар ма, ким билсин? Ҳәзирден кешиктирсе, ақыбети неге әкеледи? Ол Айдостың қулағына еңкейип, әстен сыбырлады.

— Хийўа ханы Қоңыратқа шабыўыл қылыпты, бийбаба.

Айдос маңлайынан қолын алды. Көзлериниң айналасы қызарып, шырайы бираз сурланып қалған еди. Хабарды еситиўден бетине қан жуўырды. Бирақ аўзына келген биринши сөз, инилериниң атлары болды.

— Бегис, Мыржық тирилмекен?

— Мен соларға келген шабарманнан еситтим.

Әлийдиң үйин айланып ҳәр жерде екеў-үшеў болып отырған адамлар арасында абыржыў, қозғалаң пайда болды.

Айдос енди көп ойланбады. Бир топар адамды ертип шеткери шықты ҳәм Досман әкелген жаңалықты мәлимледи.

— Төремурат суўпы енди жаралы қасқыр,—деди ол аўзын бағып турған аўылласларына.—Жаралы қасқырдың ҳалын билесизлер, бәрше мақлуқат оған душпан көринеди. Ол берман қашыўы итимал. Аўылдың бала-шағасы қорқысып қалмасын. Ҳәзир тарқаплардан, атланыңлар. Қәдирберген, сен бас бол, аўылдағы аты бар жигитлердиң бәри атлансын. «Көк өзекти» жағалап жүре бериңлер. Келсе, аямаңлар. Әлийдиң баласын жайластырыўдан изиңизден жетемен.

Оларды жибергеннен Айдос Әлийди сыртқа шақырып, ел басына дөнежақ қәўипти айтты.

— Тағдирге не илаж бар,—деди Әлийдиң исик бети қуўарып.— Бир мениң қайғымды ортақласыўға жыйналып, ҳәмме қайғыға гириптар болмасын, уллы бий. Сиз де атланың.

— Мәртлигиңе ырзаман, Әлий, бирақ баланы тезирек жерлеўдиң ғамын жейик.

Әлий қарсылық етпеди.

Көп еглепбей өли жерленди.

Айдос атланып «Көк өзек» таманға бет ала бергени, асығыс шаўып киятырған Досманды көрип, ҳаўлыққанынан атын қамшылап алдын кеселеди:

— Қәйерге келди?

— Өтип кетти, «Көк өзектиң» аржағы менен кетти. Жаңадәрья тәрепке баратыр!

— Ушы-қыйырсыз теренде кемеси ғарқ болған балықшыдай суў бетинен норық излеўин заңғардың! Бизиң өгизлер ҳәм бирге баратырған шығар.

— Бегис ағаны таныдым. Мыржық аға жоқ.

— Қәдирбергенлер қайда?

— Ҳәзирше жүре турамыз деп, мени сизди қуўантыўға жиберди.

Еки сезимниң искепжесинде қысылған Айдос бираз босасты.

Намазлыгер қылтыйғанда ол Әлийдиң үйине қайта келди. Ҳәмме тарқап, өзли-өзи қалыпты. Үшеўи үш жерде күшендей таўланысып жатыр. От өшип қалған. Наўқас ананың жөтелден аўзы тынбайды. Алақшынға түпире берипти, жапырақ-жапырақ қаннан алақшынның ярымы көринбейди.

Айдос оларды, өмиринше ҳешкимди аяп көрмеген дәрежеде

аяп, дизесиниң дәрманы кетип жығыла жазлады. Далаға шықты да, бир дәсте отың менен кирди. Ол отты алыстыражақ болып отырғанда ғана, Әлий сырттан адам киргенин сезип басын көтерди. Айдостың ҳәрекетлерин көрип «ҳаў, уллы бий, ҳаў, қойыңыз» деп ошаққа өзи ысырылды. Жайылған шашларының астынан көзлери маржандай жылтыраған ана, түпирген қанын жасырыў мақсетинде ошақтағы ыссы күлге қол урғаны сол «ҳыммм!» деп қалды бийшара ҳәм күйген бармақларын аўзына басты. Анасының әбден ашыпған даўысынан Омар сескенип, көзин ашты. Айдос бийдиң от жағып отырғанын көрип я оны, я түси екенин билмей аңқайды. Әлленемирден сол өли жатқан бос орынға қарады да:

— Әжаға!—деп және талып түсти.

— Бийшара балам әжағасының өлгенин шығарылғаннан кейин билди,—деди Әлий.

Байғус ана бармақларын үплеп-үплеп, баласына қарай жылысып, басын сыйпалады.

Жигит болған баласынан айрылған қаралыларды қәйтип тынышытып кетердиң есабын таппай Айдос бираз отырғаннан кейин:

— Әлий,—деди. Оның даўысынан қамсыққаны билинип тур.— Белинди беккем буў. Өлим тириликтиң ақырғы шеги. Бул шекке ким ерте, ким кеш, әйтеўир жетеди. Көз жастан пайда жоқ. Көрип отырман, ҳаялың әззилепти. Бул бийшара да дем алсын. Үлкен балаға атастырған келинингди енди кишкене балаға түсир.

Жүзи сары қағаздай ананың кеўли бираз жубаныш тапқандай баўырын көтерди:

— Бахтыңыз жатпасын, уллы бий.

— Келиннің әкеси сықмарлаў адам екен, келисе қойса,—деп гүманланды Әлий.

— Өзим араға түсемен.

Әлийдиң де, ҳаялдың да қамсыққаны басылды. Айдосқа көп алғыслар жаўдырды. Ата-анасының даўыслары кеўилли шығып атырғанына он үш жасар Омар көзин ашып, тап әжағасы тирилип киятырғандай еркеленип, ошақтың басына абынды.

Әлий түргелип ошаққа қуман қойды. «Мен чай ишсем бул байғуслар бир нәрсе жутар» деген ой менен Айдос жайласып отырды...

21

Бир ойға шүмсе үкиге усап түнерип, қыймылсыз қалатуғын Орынбайды бурын көрмегенлер қасына жақынлаўдан айбынатуғын еди. Себеби, домбай жүзи оны оғыры ашыўлы көрсетеди. Бундай жағдайда оның менен бетлесиўге сырлас жақын-жуўықлары да шыдай алмайды.

Қоңырат ҳәкиминиң тапсырмасы менен Бегис келип кеткели оның усылай қабағы жабылып, отырыслары жийиленип кетти,

Әкесин ҳәм оның менен сөйлесиўге мәжбүр болғанларды аўыр жағдайдан қутқаратуғын дәлдал улы Дәўлетназар ғана. Ол әўеле әкеси Бухарадан алдырып жаллаған моллада, соң Бухараның өзинде оқыў питкерип, жаслайынан молла Дәўлетназар атанған.

— Аға, қуранған роўнят оқып берейин бе?—дейди.

Идиралды перзентиниң билимлилигин мақтаныш ететуғын әке дәрриў жыйнақласын, жайдарыланады. Бунан кейин үйге киргенлер де, шыққанлар да аяқларын ғаз-ғаз басқаны болмаса, күтә еркин жүреди.

— Ага неге көп ойланасаң?—деди бир аўлағында улы.

— Ойланбастай заман емес, балам. Базда басыма жеккелик келеди.

Улы таңланды.

— Жассаң, балам, жассаң,—деди әкеси оның жүзинен ҳайранлық белгисин көрип.—Баҳ-дәўлети зыят адамға қандай жеккелик келер екен, адам өлер алдында ғана жеккесирейди, демекшимисең? Болким, солай шығар. Ҳәзир бир мениң басыма емес, пүткил урыўға жеккелик келип тур. Айдос урыўы менен Хийўаға кетсе, инилери Қоңырат ҳәкимине кетсе, Маман қазақ ханына кетсе, жекке қалғанымыз емес пе? Бухара әмири биздей жеккени тулға қылар дейсең бе?

— «Мәсләҳәт төбеде» Айдос бий де усыны айтқан жоқ па? Болмаса соған қосылайық.

— Ҳеш мүмкин емес. Айдос мойнымызға минип алады.

— Ким болсада биреў жоқарыда болыўы керек шығар.

— Биз жоқары турыўымыз керек. Қәрәмәт Бухарада. Урыўымыз Айдостың урыўынан кем емес. Айдос ҳәзир ким? Еки инисинен айрылған аяқ-қолсыз гөўде.

— Ол кисиниң Хийўада дарға асылыў орнына сарпайланғаны не болғаны?

— Әне, ол енди қәўипли.

— Қәўипленбе, ага. Бухара әмири қуўатласа, неден қорқамыз?

— Билмедим ,балам, бети тыртықсыз бир де бий қалмады елде.

— Баяғы санары Бегиске де жөнли жуўап бермедиң?

— Төремурат суўының тулкилиги көп ойландырады. Бегисти жигирма атлы менен жибергени—бизди қорқытқаны. Ырас бул заманда сөзге келетуғын адам жоқ, бәри күш көрсетеди.

Әке менен бала бирин-бири түсинисип үлгермей-ақ, отжағар жигит бир дәсте жыңғыл менен жаңалық алып кирди.

— Қубладан шоқ шаңғыт киятыр.

— Әнеқалас,—деп Орынбай бий ушып-ақ турды.—Бегис келип кеткели урыўдан нөкер жыйнап нәмантай жаўларға қалқан ойлап жүр едим. Көрдиң бе, және ғапылда қалдық. Я таярлық

жоқ, я жыйнаўлы нөкер жоқ. Жаў болса қол қаўсырыўдан басқа немиз калды, енди?

Ол улының қолынан жетелеп далаға шықты да, азан минәретине миндирди.

— Көп атлы, жаўға мегзейди,—деди улы.

— Лйдостан келген бөле дей бер.

— Не ушын Лйдос деп тастыйықлайсаң?

— Ляқ-қолдан жуда геўде неқылады десең, қылады, балам. Абайлап қара. Жүрислери тосаң шаршағанларға усай ма, қалай? Атлары мамырлап киятырған жоқ па? Бәлким, қашқындур. Түс! Атланың алдына шық. Жаў болса, мәўлет сора, қашқын болса иркпе, қарасы жуғады. Нийетлери дүзиў өткинши болса, қайыр, бир ақшам қоналқа берейик.

Молла Дәўлетназар минәреттен түсти де, қураның қуяшламасындағы жалаңаш атына гарғып минип шаўып кетти.

Орынбай көзлери талғанша кирпик қақпай тигилип, алдыңғы атлысын таныды. Төремурат суўпының шағаладай ақ аты. Изиндегилердиң арасында басын, қолын, аяғын таңған жарадарлары бар.

«Қудайдан бийүмит заңғар, басына жеккелик түскен елатларды жаўлап киятырса керек,—деп ойлады Орынбай.—Қарсылық етип көп әскерин жаралы қылған қайсы аўыл екен?».

Төремурат суўпыны қоршаған атлылардан екеўи бөлинип, биреўи Дәўлетназардың атын жылаўлады, екиншиси өзин аттан қушақлап түсирди.

«Бул не ҳүрмет?»—Орынбай ҳайранлықтан еле қарап тур. Бир ўақытта Дәўлетназар ер турманлы атқа миндирилди ҳәм Төремурат суўпы менен қатарласты.

«Жақсылыққа киятырса керек» деген ой менен Орынбай минәреттен түспестен, аўылласларына даўрық салды:

— Шығыңлар, елге уллы мийман киятыр!..

Атлылар ел шетине жеткенше минәреттиң дөгерегине әдеўирақ адам жыйналып қалды. Орынбай олардың алдына түсип, киятырғанларға қарсы жүрис қылды.

Төремурат суўпы иркилди.

— Қәдемлериңизге қәсенет!—деп даўыслады Орынбай.—Маңғыт елатына хош келипсиз!—деп аўылласларына бир қол серметди, ҳәмме тез-тез тарап, бир-бирден ат жылаўлады.

Қоңырат ҳәкиминиң жигитлери аўыл адамларына исенсе де, жарақларын услатпастан, Орынбай атаған үйлерге бөлинди.

Төремурат суўпы менен Бегис Орынбайдың өз үйине киргизилди. Ешейинде кем сөзли мезбан мийманларының қас-қабағын бағып, бири сөйлегенше асығыс тыпыршылап отыр.

Күтилмегенде басып келген Хийўа ханының ләшкерине қарсы төтепки бере алмай қаласын таслап қашқан Төремурат суўпы үш күннен бери нәр татпаған еди. Дастурханға қойылған зағараларды бирим-бирим отқа қыздыртып, майға басып жеўден аўзы бо-

самады. Бегис оның кесесине чай құйып, қызған зағараны жеуіне қолайластырып майдалаў менен бәнт.

Орынбайдың улы молла Дәўлетназар хызмет бабында кирип-шығып жүр.

Жегенлери буўынына түскендей Төремурат суўпы қапталындағы көпшикке жанбаслады. Оның сөйлеўге димары да жоқ еди, сонда да сыр алдырмай өзин бийледи.

— Орынбай, периштедей балаң бар екен. Илая суқ көзден, тилден аман болсын.

Үй ийеси қолын көксине қойып «айтқаныңыз келсин» деди әстен ғана, болғаны.

Төремурат суўпы оның не дегенин еситпей, сол жанбаслаған қолдинде пышықтай «пыр-пыр» лағанынан қуптанда көзин ашты хәм қулағындағы әллеқандай шуўылдыдан қутылғысы келгендей басын силкип-силкип, ең биринши ирет Бегисти көрди.

— Периштем, еле отырмысаң? Ҳа, мейли. Жигитлерден хабар алсаң қалай болар екен?

— Айтмурат қызылбетке несипи отырғаным.

— Әжеп, әжеп, периштем. Әскер басының сөзлери нөкерлерге гидиман күш қуўат. Сен болмай усы ҳалға түстиң.

Бегис түргелип, керегеде илдириўли жаў-жарағын асынып шығып кетти.

— Қутә дүзиў, қутә ақыллы жигит-дә,—деп Төремурат суўпы енди ашылысты.—Иниси Мыржық еле жаслаў, болмаса илаҳийда зор жигитлер. Әттең, олар Қоңыратта жоқ еди. Болмаса хийўалыларға башартпас едик.—Бегис пенен Мыржықты мақтаўлары Орынбайға да, оның баласына да жақпағанын суўпы түсине койды.—Орынбай, биз сатқын Айдостың кесапатына гириптар болдық. Билесизбе, Айдос деген тисине қолай сары қаўын излеген ийт! Әпиўайы емес, даңққумар ийт! Мойнына дар арқаны түсейин деп турғанда Хийўа ханына ҳәммемизди сайып, тири қалған наймыт! Аўа, ол жоғи шайтан! Хан оның анарғанын өзинен аясын ба, сарпай ҳәм жапқан, өлотизнага! Ырас, оның еки иниси ҳадалыйдағы, өзи ойнастан болған екен, заңғар...

Қоңырат ҳәкимиңиң буйтип қызын сөйлейтуғынын, жек көрген адамының үстине ылас қоймай жағып жаманлайтуғынын билмейтуғын үй ийелери аўызларын ашып аңырайысып қалды.

Төремурат суўпы жер төлеңиң дүткешиндей түтеди, түтеди... Оның не ушын күйип-пишип сөйлеп атырғанына я Орынбай, я баласы түсинбеген менен, болмеди. Миймаң енди туўрылады.

— Айдостың себебинен Хийўа ханы абайсызда шаўып, бағдәўлеттен айырды.

Шаңырағынан тас түскендей ҳаўлығысып, әке-бала ләм-мийимсиз қалды.

Бегис айланып келди.

— Орынбай,—деди Төремурат суўпы делбеликтен ҳәзир жазылғандай өзин тутып.—Сизге келгендеги мақсетим, Бухара әми-

рине ертип кетпекшимен. Илгери жыллары барып гәплескенимде, уллы Әмир Хийўага тас ылақтырған инсаннан жәрдемин аямайтуғынын айтып еди. Сол сапары сизди де тилге алып мақтағаны бар.

— Барайын, меҳманым, барайын. Хийўа ханына ким жаў болса, сол бизиң достымыз. Маман бий-әм солай.

— Ҳа, оған Мыржықты жибергенмен.

Ол аўзын жыйғанша болған жоқ, кешки сәлем менен Мыржық кирди. Ол бирден-ақ өзине телмирискен көзлерди көрип отырмастан хабар айтты:

— Бул сапары оннан нан писпейди.

Төремурат суўпының жан жерине оқ қадалғандай, маңлайы қырққатланып түнжырады да қалды.

— Маман сондай гүдибузар, меҳманым,—деди Орынбай.— Күтә орыс тәбиятлы. Ол тек Хийўа ханын емес, «Орысты да жек көреди» деп, Бухара әмирин-әм жаратпайды. Сол ушын бизлерди-әм дүшпан санайды.

Төремурат суўпы енди әңгимениң көпке созылғанын жақтырмады.

— Мыржық, шаршадың, периштем, отыр, бир-еки кесе чай ич. Оннан соң Айтмураттың орнына барып, өзин мында жибер. Бегис периштем, жолда ескерткенимди умытпаған шығарсаң. Маманды өзиң барып көр. Қәнбесе, өз обалы өзине. Мыржық пенен өзиң сөйлесерсең. Орынбай өлимнен басқа истиң ертеси жақсы; кетиўге ҳәзирлен. Балан қала берсин. Мениң жарадар жигитлериме көз қулақ болар. Бәлким... Ҳа, Бегистиң өзи айтады.

Қоңырат ҳәкими әўеле мызғып, соң көп сөйлеп сырыққанда, үй ийесиниң буўынлары босасып, дәўлети қайтқан адамға аўқат бергенине ишги жанып, көп әрманларынан гүдер үзген еди. Меҳманының бирден жанланып, ҳәммеге ҳәкимлик қыла баслағанын көрип, еле сақты сынбаған ҳүрметли адам төринде отырғанына мақтаныш пенен көкирек керди ҳәм оның айтқанларының бәрин мақуллаў белгисинде қайта-қайта басийзеў менен болды.

Төремурат суўпы кийимлерин де шешпестен қапталындағы көпшикке және бас қойғаны мәттал, «хор-р» етти, отырғанлар тез-тез сыптырылып шығыў менен болды. Ол қис уйқылы адам еди. Ғарры пышықтай бир майдан пырылдап, бирден көзин ашты да, басын силкип-силкип, жол кийимлерин басына дастанып жана көзи илинген үй ийесин оятты.

— Ҳалқас қылмайсыз ба?—деди Орынбай манаўсыраўы менен көзлерин уўқалап.

— Бөри азығы жолда болады.

Орынбай асығыс киўинди.

* *
*

Бегис сәскеде жаў жарағын асынды да, Мыржық пенен мол-

ла Дәўлетназарды аўлағырақ шығарып, Төремурат суўпының тапсырмаларын айтты:

— Мен бес-алты атлыға бас болып, Мыржық пенен Маманның аўылына жөнеймен. Мыржық соннан арман «Көк өзек» ке қайтады. Ҳәр аўылдан нөкер жыяды. Дәўлетназар, сен биз келгенше аўылыңның жас жигитлериниң басын қурап қой. Сөйлесемиз. Ҳәкимлер Бухарадан жәрдем әкелетуғынын сөзсиз. Соған қосымша нөкерлерди усы аўылдан таярлаў екеўимиздиң мойнымызға.

22.

Маман теңизден бөлинген көлатлықлардың қайсысынан балық аўлаўдың қолайлылығын көрип қайтыў ушын атланып аўылдан шыққан жердеги жаптың көпиринде, әллеқайдан киятырған Есенгелди сары менен Атабек палўанға гезлести. Олардың жүзлери аса тәшўишли еди. Маман ҳаўлығып, сәлемнен бурын ҳал сорады. Есенгелди сары ҳаплығыңқырап тутлығып, ҳәзир ғана Қабылға ушырасып Қоңырат жөнинде жаман хабар еситкенин, оған Айдос себепкер болғанын сөйлеп, сатқын Айдостың ендиги нышанасы биз, жаңадәрьялылар болсақ керек деген гүман менен аяқлады.

Маман сақалын алақаны менен басып, ийегин бираз қысып турды да:

— Еситтим,—деди.—Мыржық келип кетти. Оныки де сен айтқан тақлеттеги жойбар. Бахты тайған ҳәким жәрдем сорағаны екен «еки қасқырдың арашасына таслар қойым жоқ» деп қайтардым.

— Пай...—деп Есенгелди сары гүмилжилеў бир пикир айтпақшы болып еди, бир қанталдан киятырған Тимофеев пенен Никифоровты көзи шалып, сөзлери тилиниң ушында қалды.

Тимофеев аўылларға оғада сийрек шығатуғын еди. Бирақ ҳәрсапары атының жүўенин услаўға ерингенликтен бе, ямаса асаўлығынан қорыққанлықтан ба, Никифоровқа жетелетип келетуғын еди. Ҳәзир пүткиллей басқаша көринис: мингесипти. «Болким, көпестиң ийети дүзилгендиде».

— Хожайынға мениң несипли дилмаш жоқлығын билесизлер,—деди Никифоров бираз кеўилли.—Гүлимбет «сөксанар»дан «бир-биреўге мирийбет күши» деген жаңалық есткенимди айтып едим, хожайынға жүда ұнап қалды. Сол үрдисти ойлап шығарған адамға бас иймей қайтаман деп киятыр.

— Хожайыныңа айт, уста,—деди Маман.—Ондай үрдисти баслайжақ адам Айдос бий. Ол ҳәзир арамызда жоқ. Бирақ, оны биз елге ең жайдырамыз ба, жоқ па, нәмәлим. Себеби, ол Айдостан емес, Хийўаның хан сарайынан шыққан ақыл деген гүдик бар. Хийўа ханы бизге душпан.

Никифоров Маманның сөзлерин хожайынына түсиндирип, оның айтқанларын қарақалпақшалады:

— Хәрҡандай жаҡсы ҡосмәстең дуҫтарҙан үйрәнгән ҙәм даналыҡ. Бизиң орыстың уллы патшаһы Пётр Беренсе күп ғына жаҡсы ҙүрләрҙе, ҡәтте сынайы киймәнүгә шекем европа елләренән үйрәнгән. Сөл гезәк Европаның базы мәмләкәттәре орыстарҙы ҡумырыскадай ҡылып табанында жент ҡылғысы келетуғыны әләмгә аян ҙәй.

Никифоров сөйләп тургәнда Тимофеев Маманҙардың бет әлпетләрен багып, таңланыў ҡәм ырзалыҡ кейемдәрен көрәп өзәнше мардыйҙы.

— Бул көнәс мәниңше бер ой менән шыҡҡан, сорап көр,—деҙи Есенгелди сары.

Никифоров хожайыны менән тиллесеп алып былай деҙи:

— Хожайын Әмиўдәрья арҡалы өрдеги елатларға саўдагершилик ҡылмаҡшы. Соған Атабек палўан ҡусаған ғужырлы жигитлерҙән жигирма салдаўшы керек деп тур.

Ортада жым-жыртлыҡ басланды.

— Никифоров, буларға түсиндир,—деҙи Тимофеев шыдамай. —Мәниң мириўбетимә көз жумып, ҡәҡәримди келтирсә чай, ҡант әкелип сатыў былай турсын, темир дуҡанымды жаўып, жер ислейтуғын ҡурал-жараҡсыз ҡалдыраман. Егер ақыл жуўыртса, салдаўшы алғым келгәни—мәниң мириўбетим. Болмаса, ҡазаҡлардан, ҡалмаҡлардан әкелемен, сораныр жүрген өзбеклер-әм, түркмәнлер-әм көп.

Оның шырайы әбден түперип, аўзынан шашыраған түкириклери ҡана саҡалына ҡыраў болып жабысты. Атабек палўан мыскыллы мыйыҡ тартып:

— Ҙәркимниң бер мириўбәти бар,—дегәни сол, жаҡынлап ҡалған Айдосты көрди.—Әнә, мириўбет күнин тапҡан адам киятыр

Тимофеев атынан ғарғып түсти де, түлки малаҡайын ҡолына алып Айдостың алдында бас ийди.

Орыс көпесинің тәжим бергәнинә Айдостың көзләри күлимледи. Күтилмәгән ушырасыў Маманды бираз ҡыйын жағдайдан ҡутҡарып, Айдосҡа оның не үшын ийилип атырғанын түсиндирди.

— Жүдә саз, жүдә саз,—деҙи Айдос.—Жаҡсы әдеттің ийеси болыў үшын ғайры-ғайры динлер кесент ҡылалмас екән. Маман, мен Гүлимбәт «сөксанарға» келип едим. Сөйлестим, келистик.

— Ол кисиниң ҡалтасына тиймәсең, жанбасынан ет кесип алсаң-әм мыңҡ етпейди. Не гәп еди?

— Олийдиң үлкен улы ҡазаланып еди, келинди кишкәнә баласына сораң келдим.

— Әп-әйдик кисә уялмай он үш жасар балаға он сегиз жасар ҡызды айттырып жүрген-ә?

Тосынһаң есенгелеп даўысҡа ҙәмме бурылды. Бегис пенең Мыржыҡ оңлаған атлыны баслап, ыраштаң көтерилип киятыр екән.

— Ханның сарпайынан кейип бул әп-әйдик кисәнің аяҡлары

менен басы аўмасып түскен,—деди Мыржық атлылардың алдында токтап.

Бегис желкесин қасыған болып мыржыйыўы менен Айдостың бирнәрсе деўин күтти.

Бул нақолай ушырасыўлар Тимофеевти ҳайран қылып, тез атына минди ҳәм соңғы келгенлердиң алдындағы еки жигиттиң шырайынан, туўысқанлар екенине тақыйық исенди де, олардың Айдосқа дәл усаслығын көрип ҳайраны шықты: Бул қалай? Бир-бирине қараслары жаўлардики, ал меңлери де бир жерде — шеп қасларының үстилеринде... Айырмалары: Айдостың меңи маңлайдағы жыйрықтың үстине көтерилип күтә үлкейер екендағы, Бегистиң меңи жыйрықтың арасына жоғалып, Мыржықтың меңи толқындағы қалқыдай гә батып, гә көринип турар екен. Ол Никифоровға сыбырланып, туўысқанлар екенин анықлады ҳәм кеўли тоқлық кейип пенен күлип тура берди.

Айдос еки ининсине бир қырынлап:

— Гөдеклер,—деди орасан зәрдели даўыс пенен.—Төремурат суўпының рәнсек қорғаны пыт-шыт болғанына шыдамай сөздиң аўыр-жецилин билиўден-әм қалынсыз. Жүрт «бир-биреўге мириўбет күнин» өткеремиз десин атыр. Мынаў орыс көпеси де бас ийди, сизлер болса мириўбеттен сыртта қалып баратырсыз, аяйман.

Бул сөзлер Бегиске кәр етпей, селк-селк күлип сорады:

— Ханға қырқ қыз жыйнайман деп ўәде бергенин-әм шын ба?

— Айдос ҳаққында не айтылса, ғәлети жоқ,—деди Айдос кескин.—Мен қыз жыйнағанда оларға ҳәм ис үйретиўди нәзерде тутқанман.

Бегис пенен Мыржық оған айрықша жек көриў нәзерлерин қаратты.

Тимофеев Никифоров арқалы соңғы гәплердиң мәнисин билип:

— Үлкенинде әндийше бар көринеди,—деди оған.—Сен ҳәзир Айдосқа былай де. Егер көп қыз жыйнайтуғын болса, оларға орысша нағыс үйретиў ушын сениң ҳаялыңды басқакил азат қыламан.

Никифоровтың өзи де, ҳаялы да, баласы да Тимофеевке сатылған. Олар өзлериниң басын босатып алыўы ушын еле де бираз жыл ислеўи керек еди. Бирақ болып ҳаялының бостанлыққа пулсыз шығатуғынына қуўанып, хожайыны қалай айтса, солай түсиндирди.

— Рахмет, көпес, рахмет, -деди Айдос ҳәм инилерине қабағын үйип сөйледи.—Аўзыңың сарысы кетпеген палапанлар, түр-түсиңизден «бир гезде орысларды көпир дейтуғын Айдос, нилдиң суўындай айныдың ба» дейтуғыңызды сезип турман. Қызларымызды мусылманшылықтан адастырмай тәлим үйретсе, зәлели жоқ.

Оның пикири Тимофеевтиң Петр Биринши жөнинде айтқан-

лары менен, сабақлас шыққанына Маман қуўанып, пайыттан пайдаланды.

— Айдос бий, бөлким, Хийўадан ўаз кешип, бабалардың ант еткен жолына түсерсиз.

— Хийўадан ўаз кешиў—халыққа қаратылған меҳир шәшмесиниң көзине қум қуйыў, Маман,—деди Айдос.

— Айдос адам емес, қуйын,—деди Бегис.

— Қысқартынлар!

Айдостың қәҳәринен еки иниси сескениў былай турсын, үстине топылыў ийетинде жигитлерине ым қағып, топланысыңқырады.

Айдос айбықәддемлигинен шегинбеди:

— Тартың атыңыздың басларын ҳәм мына нәсиятымды есиңизде сақланлар! Биреўди дос билип қанша мақтасаң да, бир жаманлық күни, екиншини душпан пәмлеп қанша жаманласаң да бир жақсылық күни кери баҳалағандай саңлақ қалсын.

Туўысқанлар арасындағы балтамтап улғайып, аўыл үстинде қан төгиспеге айланып кете ме деген қәўип пенен Маман жас үлкенниң тәрепин тутты:

— Айдос, қызларды жақсы нийет пенен жыйнасаңыз, биз де жәрдем етемиз.

Айдостың, жүзи жадырап сала берди.

Тимофеев үш туўысқанға мирәт қылып, ҳәрқандай тартыста табанлары тирекли болсын деген жақсы тилек пенен үш атқа мут таға қақтырып бергиси келетуғынын айттырды.

Даланлықта, пәл-пәллеп аўылға қарай ушқан қустың изинен жалп-жалп шаўып киятырған Қабыл көринди. Айдос қус салыўға қызыққан киси усап, Тимофеевке басқа ўақытта келетуғынын айтты да, Маман менен хошласып, Қабылға қарай кетти. Топ бүзылды. Тимофеев Бегис, Мыржықты ертип аўылына тартты.

— Көрдиниз бе, не деген әдаўатқа саға ашылғанын,—деди Маман өзи менен қалған еки аўылласына.—Ең жаманы, булар бизиң аўылға үйирсек болып киятыр. Көпес Тимофеев те тонын аўдарып кийипти.

— Никифор уста бир келип хожайынының шын ойын айтып кетпеспекен?—деди Атабек палўан.

— Келеди. Тимофеев ҳәм келеди. Оған салдаўшы жигитлер таўып бериўимиз керек. Мениңше, бәринен де бүгинги көриништиң ақыбети қорқынышлы,—деди Маман.—Абайсызда я Айдос, я Бегис, я Мыржық, я жаралы қасқырдай Қоңырат ҳәкими аўылға топылса, ҳайран қалып та үлгермеймиз. Бизиң жақын жердеги арқа сүйеримиз қазақ ханы екени дүйым журтқа мәлим. Оннан қайғурлым жәрдем сораўды мәсләҳәтлеспесек болмас.

Үшеўи ың-жыңсыз дизилисип аўылына кирди.

Айдостың Қабылды сылтаў қылыўына себеп, өжет инилери менен жолдаслықтан өзин тезирек сақыт тутыў ғана емес, Қабыл менен ушырасыў мақсети де бар еди.

Қабыл оның атын таный сала және қусымды өлтириўге киятыр ма деген қәўип пенен асығып, қусының аяғындағы қоянды сойыўға үлгермей жерге ылақтырып, қолына қондырды. Айдос оның не ойлағанын елестирмеди, бурынырақта қусын өлтиргени есинде де жоқ еди.

— Неге тасладың?—деди алыстан.

— Арық екен.

Шөпликтиң арасында быйқылдап, аўнап-түсип атырған қоян менен хешкимниң иси болмады.

— Дүньяның ҳәзлиги сенде ме деймен, Қабыл. Нешеўин алдырдың?

Бес-алты түп торанғылдың тасасынан қус көтерген еки атлы көринди. Олар Қабылдың жәрдемшилери еди. Жормал тола қоян менен қырғаўылларды тайлап-тайлап бөктергиге таслапты. Қабыл жүўап орнына оларға ийегин нусқап, көзлери күлип, мардыйды.

— Қабыл, қайтасаң ба?

— Мейли, қайтайық, Айдос. Анаў Бегис, Мыржықлардың алдындағы мингескенлер ким?

— Көпес орыс пенен темирши устасы.

Қабыл олар менен қайтып қызықсынбай, қусларын мақтаўға өтти. Сөз арасында артына бурылып, жәрдемшилери көтерген қусларға ҳәм Доспанға қарап қояды.

— Сен көлпеликке күтә шықпаясаң,—деди Айдос оған.— Хийўа ханына неге бир ат жүги қырғаўыл апармайсаң?

Бул ой Қабылдың кеўлинде әллеқашан писип жүрген еди, күўжынлап, және көзлери күлип сала берди.

— Хан буны сый екен деп есаплар ма?

— Қус ети кимге жақпайды? Сенин сыйлар-ам, болким. Хан елден қанша көп адамды таныса елге соншә ырыс, көп иске пайдаң-ам тийер.

— Айтпақшы, Қоңырат ҳәкими Бухараға жәрдем сорап кеткен дейди.

— Хийўаны ким башартады дейсең? Қоңырат ҳәкими бир қуўыршақ.

— Мен ҳәзир-ақ Хийўаға кете берейин бе?

— Жолың болсын.

Оннан айрылысқаннан кейин Айдос Доспанды қапталына теңлестирди.

— Шаршамадың ба?

— Бийбаба, атыңызға неге нәл қақтырмадыңыз?

— Маған көпес орыстың мирәти қақпанның қасына қойылған

жемит сыяқланды. Бир күн болмаса бир күн алдымнан шығып, атынды бийпул тағалағанман десе, яқшы емес.

Доспап жуўанқа қапаатланған түр көрсетти.

Аўылға келип бурынғы атқосшысын қуўантқан менен Айдостың кеўли тынышмады. Жаў-жарақлы онлаған атлыны басҗап жүрген еки шиши көз алдынан кетпеди. Әллеқандай жазықсыз бирсеўдиң қанын төгип, әллекимлерге зорлық етип атырған секилли. Қабылға мәсләҳәт қылып, ханға жибергенине де пушайман қыла баслады; усыннан кеўилиндегисине жетип қайтса жақсы, өйтпесе, және Айдос айыплы, және Айдос алдаған...

Ол шым-шытырық ойларынан қутылыў ушын қайтадан атланды. Бир неше күн қоңсы аўылларға қыдырып қайтты.

Мине ол және үйинде. Жалғыз. Шығанағына қос көпшик қойып, бир қырынлап жатыр. Атқосшысы кирип алақшыныңъ үстине демлеўли бир чайнек пенен бос кесе қойып шығып кетти. Ол дәрпенбеди. Көзлери ошақта мазлаған қып-қызыл шоқта. Өз-өзине есап бере баслады. Әўелги әрманлары бийнәтийже қалған сыяқлы. Ең бас бахталасы—Қоңырат ҳәкиминиң өкшесине сабын жағылды... Хан қалған ўәделерин-әм орынлаўы итимал. Ел таярлықлы ма? Жоқ...

Ол қоңсылас аўылларға барып «мириўбет күни» ҳаққында, қырқ қыз жыйнап тәлим үйретиў ҳаққында сөйлесиклер жүргизгенине, олардың нәтийжелерине қыял жүўыртты: шеп емес, қытай урыўының бир бийи, ҳәтте, жалғыз қызын қырық қызға қосыўға да ўәде етти. «Мириўбет күнине» де қарсылық жоқ усаған. Тек, өткериў керек. Қашан ҳәм қай сүреде?. Бир-биреўге жыллы сөз айтылады. Сөгис ҳәм кейиснамалар болыўы мүмкин емес. Күши барлар әззилерге жәрдем етеди, кемис-қутырын толтырысады. Және?...

Усы сораў үстинде кеше ғана инилеринен келген мыш-мыш хабарлар есине түсти. «Бегис Орынбайдың аўылында көп жигитлерге бас болып, әскерий машқы өткерип атырғанбыш. Мыржық ҳәр аўылға бир соғып, нөкер жыйнап жүргенмиш. Түнде Жаңадәрьядан үш ат әкелип, аўылының жетимлерин миндирип әкеткенбиш.»

«Көзсиз гүбелеклер,—деди ол гүбирленип,—отқа сүңгип кететуғыныңызға пәминиз жетпейди...»

Далада ойнап жүрген еки улы ергенекке таласа кирди.

— Аға, аға, көп атлы, дым көп атлы!...

Айдос ғарғып турды. Алақшындағы чайнек жығылып, ошақ пысқыўы менен қалды.

Аўылдың арқасы менен есапсыз атлы өтип баратыр. Олар Қоңырат ҳәкимине жәрдемге киятырған бухаралылар менен жаңадәрьялылар еди. Айдос Орынбайды сыртынан танып, оның гижгиж бермей қалай тыныш өтип баратырғанына ҳайран болды. «Ҳа, еле жеңиске исениши жоқ, болмаса, ол қайрылып: әй, Айдос, Бухараның күшин көрдиң бе демей, кетпес еди».

Айдос өзин суўпының «еле жеңиске исениши жоқ», деген пикири менен жубатты.

Усынан бир жума өтпей-ақ «Қоңырат ҳәкими өз орнын қайта ийеледи» деген хабар тарқағанда ғана, ол Хийўаға хабар етпей ғапылда қалғанын түсинип, бармағын тиследи...

Оның Орынбай ҳаққында болжаўлары дурыс шықты. Ол Қоңыраттан жеңис пенен салтанатлы киятырып Айдостың отаўының жабығын қамшы менен көтерип даўыслады:

— Айдос! Хийўа ма, Бухара ма? Бай-бай, сен емес, инилериң азамат! Олар саған шыбын қондырғысы келмеди. Болмаса, пириң арқаңа таңылатуғын еди.

Айдос далаға жуўырып шықты.

— Орынбай, жел кекирик шығарып тойдым дегениң қызық-ә?

—Хаҳаҳа... Айдос қарақалпақ...

Хан болмаға ҳәддиңе бақ... ха, ҳа, ҳа. Жигитлер, айдаң, Айдос «ханның» малларын!

Орынбайдан буйрық күтип шоқланып турған отызлаған атлы аўылдың ортасындағы аранға қамаўлы малларды шығарып қуўа баслағаны сол, аўылдың жигит желеңи жер астынан шыққандай, әллекайдан жуўырысып келип, малдың алдын кеселеди.

Атлылар атлылығын қылып жақыплағанларын қамшыға тутты. Пиядалардың саны көп еди. Қалыспай, биразларының зәңгилерине жармасып, ортада қиян-кести төбелес қызды...

Айдос тез атланып қыйқыў салды:

— Аўылласларым, араласпаңлар! Булар,бир ақшамның шыбыны. Қасарысып, қыслаўға от бермеңлер.

Оның суўық қанлылық сақлап усылай дегени аўылласларына тәмби болды. Олар «бир ақшамның шыбынына» жол беристи.

Орынбай атлылары менен алдына түскен малларды айдатып бәдер кетти.

Айдос қанша сыр бермейин деген менен, ишин баўыры өртенип, бүгилип қалды. Енди Хийўаға хабар етиў-ем кеш...

* * *

...Суўық бөлиниш, жылымық басланған күнлердиң биринде, қуяшламада атының жалын тарап тур еди, есигиниң алдында иркилген ғарры Есенгелдиге көзи түсти. Бирақ, бурынғы беглигин бузбай, салқынлаў сәлем берди ҳәм қора тазалап жүрген Доспанға «атынан түсир» деп ымлады.

Есенгелди соңғы көрискели өзин ғаррылыққа әдеўир жендирипти. Қәдди және бираз бүгилген, даўысы әри өлпең, әри қарлыққан, келбетинде қаталлық жоқ.

— Айдосжан, ҳәм шүйиниш сорап, ҳәм тойға мәсләҳәт қылыўға келдим,—деди күтә әлпайым.

Ғарры қанша епелеклеп сөйлеген менен Айдос жибисе қоймаған еди, оның не айтпақшы болғанын түсинбей ийнин қысты.

— Мыржық уллы болды, шырағым.

Бала жанлы Айдос та қаталлық қылмады.

— Ҳа, ҳа, сизге де қутлы болсын. Әстаўпыралла, өмир-әм зымырап баратыр-аў. Демде жылы болып қалғаны-ә?

Ол енди гаррыны көлегөйлеп, ишке киргизди, шешиниўге, отырыўға жәрдемлести. Ғарры жайласып үлгермей-ақ келген жумысын ақтара берди:

— Мени саған Төремурат суўпы жиберди, шырағым. Инилерин менен жарастырмақшы.

— Түлки суўпы қуйрығын ҳәржаққа былғаңлатып көрип атыр екенде.

— Олай емес Айдосжан. Перзент—мурат болады. Енди гүлли гийнени қойыў керек. Төремурат суўпы ҳеш кимге қарыздар болып қалыўды қәлемейди. Мыржық улына уллы той берип, қай жақтан қанша мийман шақырса, ғәрежети мойныма деп отыр.

— Баланың бәнеси менен өзиниң жеңисине той қылмақшы екен-ә, Мейли, мениң араласым жоқ.

— Ол сениң тап усылай дейтуғыныңды билди. Тойға бәлким, бармаспан деди. Бирақ, үш туўысқанды ажыратқым келмейди, тойға Айдос сәренжамлық қылсын, деди.

Айдосты көп жумбақлы ой басты: «Бул қалай? Сыйламаған жасы кишилерге барып, тойын басқарсам? Өзимди өзим қорлайман ба, я туўысқанлық қарызды өтеймен бе?.. Бәри сум суўпының тапқан ылайсаңы. Усыннан барсам да, бармасам да халыққа көзгир қылады. Биринде Айдос оған бас ийдирген болады, екиншисинде Айдос гүдибузар, туўысқанына бийреҳимнен не күтемиз, болады... Қандай жолар менен мени де қалқан қылмақшы? Болмаспан!..»

— Айдосжан, адамның базылары ақтерекке, базылары гүжимге такәббил. Әдепкиси тек аспанды гөзлесе, екиншиси саяманы көп болыўын гөзлейди. Тамырын ләрзем алған күни екеўи де «мен өзиме-өзим не қылдым?» дер-емиш. Баслап өзиңди сыйла, жатлар айбынсын. Бала болып, бесик күсеме, келис, шырағым.

— Ендиги бесигимиз табыт екенине көзим жетеди.

Есенгелди ғарры бир нәрсе демекши болды ма, гене торанғылдың қабығындай жүзи бир қуўарды, бир қызарды, еринлери жыбырласты, сақалы қыбырлады.

Айдос узақ ойдан соң бирден пәсине қайтты:

— Мейли, барайын.

— Әне, бул гәпиң ўәж, шырағым.

Айдос ишки ашыўын зердели мыйық тартыў менен шығарды...

24.

Үш күн қатарына булт қаплаған бәҳәр аспаны сәрсенбиге қараған кеште ашылып азанда қуяш жадырады. Сөскеге жет-

пей-ақ аўыл арасы қумырсқадай өрген аламанға толды. Бәринде той кейпи, жүзлеринде ысықлық, кеўиллилик...

Мыржықтың идиралды улы ушын берилип атырған бул тойдың айрықшалығы: қазақ, түркмен, өзбек аўылларынан, Хийўа, Шаббаз, Гөне-Үргениш, Қоңырат қалаларынан меҳманлар шақырылған.

Бүгингидей жыйын көп жыллардан берли ҳешбир аўылда болмаған еди. Қонақ қонбаған шаңарақ жоқ. Күн қызыўдан өрип, арман-берман ығылысқан топар-топар, шоқ-шоқ аламан, қыйлы-қыйлы әңгимелердиң дузағына оратылып қайсы миллеттен, қай қаладан қанша ҳәм қайсүрейли адам келгенин, немеўринге нелер әкелгенин айтысып, биреўлери ешейин нәрсеге таңланысса, екиншилери арзымас нәрселерге өкинип бас шайқайды, таңлай тақылдатады, және бир топарлар Айдостың бул тойда да жетимлерге мал үлестиретуғынына исеним билдирсе, оған қарсылар Айдостың ғаңқ етпеске тәўбе қылған ғаз екенин дәлиллеседи, қулласы, гәптен гәп балалаўда. Тамашаға ышқыпазлардың түйирли гәпи, бүгин болатуғын жарысларда кимниң, бас байраққа миясарлығына топ пишисиў. Деген менен, баслы әңгиме Айдос ҳәм оның инилери арасындағы қарым-қатнаста еди. Ҳәммени таңландырған бир сораў: қалайынша қайта бириккен?

Ҳақыйқатында Айдос күтә немқурайдылық пенен келген еди, инилериниң қәдимгисинше «әжаға»ласып әбжиллик пенен күтип алғаны, оны әдеўир-ақ босастырды. Урыў жас үлкенлериниң мәсләәтинде ғарры Есенгелди биринши сөйлеп, Айдосты тойдың бас сәренжамлығына усынғаны, басқалардың үнсиз қуўатлағаны оның өзине исенишин беккемледи. Ол ақшамы менен тыныш таппай, қонақ берилген үйлерге бирме-бир кирип, ҳәр топар қонақлар менен күтә әлпайым, тойдың нағыз жанашыр басшысы сыпатында ҳал сорасып шыққа да, инилери менен еле еңисе қоймағаны, душпан көзлерге сезилерлик еди, өтиригине мыйық тартқан менен онша сөйлесип жарымайды.

Уллы сәскеде еки жаршы шығып тамананың орнын дағазалады. Алтақтасында қосық айтысқан қыз-келиншекке толы арбалар, шайқатылған небир жорғалар, спекилер аралас пияда халық ағымы аўылдың арқасындағы алаңлыққа қарай жылысты.

Гүмис сийпементлери жылтылдаған атлы биреў қурды айырып жар салып баратыр:

— Халайық, халайық, бөпеге Ерназар деп ат қойылды! Ерназар!!!...

Бәҳәрдиң елпип ескен жипек самалы, тойшылар үстинде шарықлап ушқан қуслар, киешеккен атларға шекем ҳәмме-ҳәмме «Ер-на-зар!» дескендей, шаўқымлы үн узақ-узақларда жаңғырды.

Тойға қатнасыўшылардың кейпин бағып жүрген Мыржық бир саўасын таўып Бегиске сыбырлады:

— Бизиң Айдос не деген келте қайырым адам. Тойға журттың бәри қуўанбайды деп еди, қуўанбаса бул не? Әзелден усылай еткенде...

— Үндеме. Өзи бармағын шайнап жүрген шығар...

Тамаша майданына атланарда Айдос, неликтенде, кийимин өзгертип, хаппан сыйға жамылған зер нағыслы қызыл шапанын кийип шықты. Изинде Доспаннан басқа үш жаршы ерип жүр.

Көпшиликтің аўзына Айдос ерткен жигитлер емес, хан кийгизген қызыл шапан илинди.

— Лйбат ушын, өзгелерге қыр көрсетиў ушын кийген,—деп уйғарды бирнаралар, Айдосты сөккенлер де болды. Пайдасы не, ҳәрким өз шоғында гүңкилдести. Жаршылар менен атқосшысының қоршаўындағы Айдос жүдә еркин, бийғәрез, басын жоқары көтерип отыр. Алаяқ жийрен ийесине мегзеп, басын кекшийтиўи менен кең қодемлери жерди келеплеп баратыр...

Бир қанталдан Қабыл шықты. Лйдос оның менен ақшам көриссе де, өткен сапарғы мәслаҳәти бойынша Хийўаға барып қайтқанының жуўмағын сорамаған еди, өзи-ақ баслады:

— Лйдос, хан қус етип күтә жақсы көреди екен, күтә жақсы сарпайлады.

— Әжеп болыпты. Кийип шықпапсаңдә!

— Және бирде қусбегиниң шапанын жабыўға ўәде етип еди, сонысын биротала кийип шығарман дедим.

— Ҳа, тезпейиллик қылмағаның-әм ўәж. Ҳа «боз яўмытың» қайда?

— Жигитлерим тамаша майданына әкетти.

— Сайланды атлар-әм көп. Қабыл, ендиги үмит сенде.

— Еле алдына ат салған жоқ. Әлбетте, Айдос, бирдин намысы ҳәмменики.

Айлаўға ат жиберилетуғын бәндиргиге минбер орнатылған еди. Айдос атын Доспанға услатып, елдиң урыў басшылары, қонсылас халықлардан шақырылған мийманлар менен бирге минберге көтерилди.

Жаршылар әўеле онбес айлаўға ат жиберилетуғынын, ҳәр айлаў үш шақырым екенлигин хабарлады.

Биразлар бас бәйгиниң шеги он үш айлаў болсын деп тилек билдирди, Айдос оған қулақ аспады.

Минбердегилердиң өз-ара шаўқымы басылмай-ақ, қашарманда, ерден басы ғана ғаў балалар минген жигирма ат пайда болды. Қайсы ат кимдики екенлиги дағазаланыўдан «ал аўмийин» берилди.

Биринши айлаўда атлардың шоғы бузылмай өтти. Бирақ минбердегилер атларға өзлеринше белги қойып, қайсысы озатуғынына ишинен тон пишип тур.

Атлар үш айланғанда аралары сийрексиди. Енди сейислер, ат қосқан уруў басшылары тыпыршылап, тамашагөйлер ғаўырласа баслады.

Түркменлер қосқан жуп аттың «Айқасқа» қарасы ҳә дегеннен дыққат аўдарды. Ири ҳәм омыраўлы екен. Шабарман бала бәрҳә жүўеннин тартып баратыр. Онпан соңғысы Қабылдың «Боз яўмы-

тысы». Қәдем таслаўларына қарап «Боз яўмыты озады» дести биразлар. Қазақлар қосқан Ала бел ҳәммесинен мықлы көринди. «Еле Ала бел алады» дести және биреўлер...

Төрт... бес... алты... атлардың көбиси мамырлаўға қарады. Түркменлердиң жуп аты қазақлар қосқан Ала бел, жергиликли жүйриклерден «Боз яўмыты» дан тысқары және үшеўи барлығы жети жүйрик алға өтип қабатласа шапты.

— Тоғыз... он... он үш.

Атлар азайған сайын, жаўдыраған көзлер ҳәр жаққа бөлингенди қойды. Тамашагөйлер енди еки бөлинип, тилек тилеўге қарады. Тек еки ат араны ашты. Гүллән мийманлар биржақ түркменлердиң «Ай қасқасының» тилегинде, ешейинде алаўыз жергиликли ел Қабылдың «Боз яўмытысының» тилегин тилеп, бириқти.

...Оптөртиниш. Шабарманлар атларын еки жақлап қамшылаўға қарады. Атлар ақ көбик болып, бир-бирин нуқысыў менен өтти. Енди шешиўши айлаў. Ҳәмме тыпыршылаўда. Ҳәр жерде шаўқымлар, шыдамай ортадан арман-берман шабысқан шөгирмели, қалпақлы сеўислер көбейип кетти.

—Ҳәй, қапталдан ат қосна, есап емес, есап болмайды!—деп, қарлыққан даўысларды тыңлар қулақ жоқ. Қур бирин-бири ысырып, толқындай барып келип тур. Атлар бәйги сызығына жақынлады... Өтти...

Алыстағы тамашагөйлер, қайсы ат озғанын билмей қыйқыўласты.

— Ҳа жаршылар, жаршылар!—деп бақырды Айдос.—Шабынлар, дағазалаңлар, түркменниң «Айқасқасы» биринши. Бас байраққа қазақ ағайынлер әкелген қос нардың биреўи, шабарманға бир мәдели белбеў...

Буйрық күтип минберге жақын турған еки жаршы көзди ашып жумғанша еки жаққа шапты...

Минберден ғаўасат көтерилди.

— Бас байрақ «Боз яўмытыныки» еди.

— Айдос кисиниң аяғынан шалғанын қоймайды,—деп тоқылдады Қабыл.—Он үш айлаўда мудамы бас байрақ алып жүргенимди биле тура,бүгин жорта он бес айлаў қылды.

— Бәйгиге ат таярлаған сеўис күтилмеген әләматқа да таяр жүриўи керек,—деди де Айдос шабарманға бурылып, нәўбеттеги айлаўдың тәртибин дағазалаўды буйырды.

Және атлар шаўып кетти. Бирақ наразы ғаўасат басылмады, ендиги байрақлар минбердегилердиң де биразын қызықтырмай түсип кетти.

Айдос албырамады. Ат шабыў жарысын тамамлап, жаршыларға енди палўанларға гезек берилетуғынын ескертти де, минберден түсип атына минди.

Бәйгиниң жуўмағына наразы тамашагөйлер қызып, шаўқымласып, бақырысып, қур әдеўир бузылған еди. Гүрес ҳаққында-

ғы хабардан кейін бираз басылып, көпшилік солай аўысты, бираздар орнында турып қалды және биреўлер эткөншекке қарай айналды.

Айдос жас гезинде эткөншекке жүдә ышқыпаз еди, жаслай-ақ үлкенлер қатарына қосылғаны оны қызықтан ертерек қол үздирди. Сонда да эткөншек көрсе мойнын бурмай өте алмайды.

Бийиклеў төбешикке қурылған эткөншектиң бир қанатына қызлар, екиншн қанатына жигитлер топланған. Әллекимлер оларды тәртиплеп ала бүйрек қылып ушырып тур. Эткөншек тойда байрақ берилетуғын жарыслардың қатарына есапланбаған еди. Айдос қапталдан өтип баратырып сәл гидирди. Булдырыққа теңлесип, ҳәтте, өтип қайтып турған жигит-қызға нәзер салды. Қыздың айдыллы көйлеги самал менен дирилдеп, тек қушақ ашқаны болмаса, оннан нйнлмейди. Жигит оғыры жеңил ушады екен, бийазар қушақ ашып, бийазар қайтып, қызды алып ушып турыпты.

— Жигит ким?—деди Айдос Доспанға.

— Дағыстаннан келген.

— Ҳо, ҳо, жүдә саз. Дағыстанлылар шетинен дәрўазшы халық. Әй, шабарман, мә, мениң белбеўимди анаў аткөншектеги жигит түскеннен кейін белине буў,—деп Айдос ақ жипек белбеўин шешип берди.

Олар және бир тамашаға ушырады. Көлдиң бир мушындағы атаўға өскен шоқ қамыслықтай бир топ аламан әлленәрсени тамаша қылып тур. Ол айыра алмай узақ серледи. Ортада бир қолына ақ орамал услаған ҳаял ойнап, базда уялғансып бетин сызып, қосық айтып атыр. Даўысы оғада жағымлы, өзи қуўаныслы еди... Екинши қосығында налыныў ырғағы пайда болды. Бийик таўдан төменге қулдырап ярын излеп киятырған қазақ қызының зарын шырқады. Ҳәмме қатып қалды. Буннан кейін келиншек қосығын өзгертти. Мақсети орынланған ерке қыздың ҳәрекетин қылып, қурдың ортасында секирип ойнады... Ҳәмме кеўилленди.

— Бул ким?

— Маманның аўылындағы уста орыстың ҳаялы, бийбаба,— деди Доспан.

— Ҳа, түсиндим. Хожайыны кең пейиллик қылып, күйеўи менен жиберипти. Азаматлар қуры қол емес, ырымға бир бесиги бар. Астаўпыралла! Қарақалпақшаға, қазақшаға суўдай ғойі Анаў шетте ойынға аўзы ашылып қалғанлар ким?

— Қытай уруўының қыз-келинлери.

Айдос желкесин қасыды. Изиндеги бийлерге қарады. Олардың жүзинде бийпарўалық көрип:

— Бирәдарлар,—деди.—Анаў орыс ҳаялдың-әм тойға хызмети көп екен. Жаўлық бергизсем қәйтеди?

Айдос бүгин не қылса да еркли еди. Жолдасларының жуўа-

бын күтпестен, қоржынынан он еки шереклик жаўлық алып Доспанға таслады.

— Мә, апарып бер.

Никифоровтың ҳаялына жаўлық жаўып бийлердиң изинен әстен жүрип киятырған Доспанның қулағы бираз ғыйбат еситти.

— Айдос тойды той қылыў ушын емес, бузыўға жүрсе керек.

— Енди не деп едиң? Өзимшил өжет бийди инилери менен биротала ашым-айырық қылыў ушын Қоңырат ҳәкиминиң тапқан сумлығы.

— Айдос қурлы ақылың болса бий болар едиң, қыссеш!

—Бий болыў ушын ақыл керек емес, шашатуғын дүнья керек.

Доспан олардың арасын айырып шаўып өтти.

— Халайық, өсек айтыў ғарлық болады.

Оған бир нәрсе деп үлгере алмағанлықтан ба ямаса гәп тәсир етти ме, аўзы бослар Доспанның изинен аңырайысып қалды.

Айдос атын Доспанға услата сала қызыл шапанын ийнине желбигей салып, гүреске жыйналған қурдың ортасына кирди.

Тамашагөйлер тәреп-тәреп болып отырған еди. Ҳәр тәрептиң алдында үш-төрт палўан шешинип, қара жерге малдас қурып алған.

Айдос жолдас бийлери ҳәм мийманлары менен белгиленген орынды ийелеўден-ақ, жаршы бас палўанлардың шығыўын дағазалады.

Қоңырат шәҳәринен келгенлердиң шоғынан алашапанлы, дуғыжым бireў арыстай жуўан жүнлес билеклерин сыбанып, талтаңлаўы менен ортаға шықты. Ол «Жолбарыс» палўан деп ат кеширген қоңыратлы палўан еди. Ортаға әкелип қойылған гүжимниң жалғыз геллегиндей болып, бармақларын алма гезек жалап турыпты.

Жаңадәрьялылар отырған тәрептен Атабек палўан түргелип ортаға келди. Көп жыллардан бери жаңадәрьялылардың мақтанышы болып, жас палўан Мыржық шыққалы аты саяда қалыңқыраған Атабек палўанға қур тилек тилеп шуўласты.

Палўанлар қол алысты.

Екеўиниң бойы тең болған менен, жоталарында айырма бар еди. «Жолбарыс палўан» дуғыжым, буға мойын, Атабектиң булшық етлери бөлек-бөлек, еки ийнин кең, қарны ғобыздай тартылған еди.

Тамашагөйлер Атабекке жеңис тилеп бақырысып атыр.

Қоңырат шәҳәринен келген мийманлар жеңисине исенимли еди. Бийпарық бақырысып атырған тамашагөйлердиң үстинен тек күлисти.

Палўанлар көзди ашып жумғанша шарппа тутысты.

«Жолбарыс палўан» ҳәм шаққан, ҳәм мықлы екен. Атабектиң тобығынан қағып жиберди. Атабек, ушып түсти, бирақ, дүс төменине жер асады.

«Жолбарыс палўан» мәртлик қылып ол тикейгенше асылма-

ды. Атабек түпиринип қайтадан умтылды. Бул сапары ол ашыўлы арыслан болып, қушағын жая тарпа баспақшы еди, «Жолбарыс палўан» қолтығының астынан сүңгип шықты. Атабек өз пәти менен абыйын және жер қушақлады.

Тамашагөйлер Атабектиң тамырсыз ағаштай ларс етип қулай бергенине қыйланысып, демлерин ишинен ала баслады.

Атабек енди абайлаңқырап ҳәрекет етиўге тырысты. Еки қолын алдына созып, «Жолбарыс палўанның» бир мүшеси илинсе, жулып алатуғындай, бармақларын жайып айбат шекти. Қоңыратлы палўан еле пыснайтуғын емес, душпанын аңлыған қасқырдай көзлери от жанып жүр. Олардың бир-бирин аңлысыўы узақ даўам етти. Жолбарыс палўан ара-тура жақынлап, бирден бөседи, усы ўақытта тутыўға умтылған Атабек және дүс төменине қулайжақ болып, тептиреклеп барып қоддин дүзейди, және шырпа тутысады. Атабектиң қолайы келип, «Жолбарыс палўанды» қапсыра қушақлады, ықырсын көтерди. Жолбарыс палўанның аяғы жерден көтерилген менен, бир аяғын Атабектиң аяғына тоғанақ қылды да, оның қушағында дем алып тура берди. Енди ҳақыйқат күш сынаспа басланды. Атабек оны түсирмеди. Екшеп-екшеп көтере баслады. Кем-кем булшық етлери тартылып, гүллән денеси қызарған сайын «Жолбарыс палўанның» шырайынан қаны қашып, тоғанақ алған аяғы жаздырыла баслады. Бир ўақытта Атабектиң «ҳап» деп гүцирегени сол, «Жолбарыс палўанның» аяқлары соллеңлеп, көтерилип баратырғаны көринди. Атабек жасы үлкенлерге көрсетип таслаў ушын солай бетин бурып, бир таўлан жерге таслап еди, «жолбарыс палўан» дәл пышық киби аяғынан тик түсти де қайтадан умтылды. Атабек бираз ентигип қалған еди. Таңланып және қарсыласты... Әўелги усыллар тәкирарлана баслады. Олар жағаласпады... Гүрес бир ет писирим даўам етти. Атабек талай услап, талай көтерди. Бирақ «Жолбарыс палўан» пышықтай аяғынан түседи. Екеўиниң де мурны қанады.

Айдос түргелди.

— Тоқтатыңлар!

Еки палўан буйрықты тыңламай, және шырпа алысты.

— Тоқтатыңлар,—деп Айдос жеңисти дағазалады.—Бас байрақ «Жолбарыс палўандики»

— Надурыс!—деди көп даўыс.

Өз тойы болғаны ушын найлаж турған Мыржық ортаға жуўырып-ақ шықты.

Ғәррем қылма Айдос! Болмаса өзим түсемен.

— Гүресте күшке қоса, тәсил ҳәм усыл керек. «Жолбарыс палўанның» усылы сенде де жоқ, Мыржық! Усының өзи жығылыў.

Мыржық Айдостың берген баҳасына келисти ме, ямаса өз тойы болғаны ушын гудибузарлық қылмайын деди ме, кейин бөсип, орнына отырды. Бирақ, қур тынбай улы-шуў болысты. Орта-

ға малақайлар, қалпақлар, тақыялар ылақтырылып жатты. Биреўлери Айдосты өз елиниң даңқын көмиўши адам сыпатында айыплады, биреўлери Атабек болмаса, Мыржықтың күшине тең күш жоқлығын мақтаныш қылысты. Айдос тек қулағын бастыда, ҳештеңеге дыққат аўдармады, албырамады, келеси палўанларға нәўбет берди...

Жаршыларға енди көкмарға таярланыў жөнинде дағазалаўды тапсырды...

Бул өз алдына түр алған ойын болды. Ылақшылардың көплиги сонша, бирикпесе, ортадан ылақ алып шығыў қыйын. Сол ушын атлылар тәреплерге бөлинди. Жергиликли ылақшылардың саны қонақлардикинен асып түспеўи шекленди. Енди бас байраққа илеспесе, жергиликли тамашагөйлердиң мурны төмен қарайды. Сол ушын биртопар атлылар Айдослар турған жерге келип, Бегистиң ылаққа қосылыўын өтинди.

— Имканияты барларды қалдырмаңыз,—деди қазақ бийи Айдосқа.

— Қосыңыз, қосыңыз,—деп өзбеклер менен түркменлерден келген мийманбасылар да қуўатлады.

— Бегиске хабар етиңлер!—деди де, Айдос ылақшылар шоғына көкмар таслады.

Бир кепшиктеги дәнге таласқан жүзлеген таўық киби барлық атлы шоғыртпақланып топ болып қалды. Жоқарысында жүзлеген оқ жыландай таўланған шырп-шырп қамшылар, күшли ыңырсыўлар, «шуў-шуў», «тарт-тарт», «бас-бас». Топлымға киререге саңлақ таппағанлар ат үстине ат айдап жүр...

Әлленемирде бир топар гүллән шоқты алға тартып кетти. Бул үш қаладан келип бириккен өзбек атлылары еди. Олардың Юсупжан шабандоз деген қара атлысы айрылып шықты. Бир жағынан түркменлер, екинши жағынан қазақлар асылып баратыр. Қара атлы кем-кем шоқтан бөлинди. Изинен қазақ атлысы жете бергени, ылақты ол екинши қанталындағы атлыға өткерип жиберди, ол ап-аңсат артына айпалды, қанталласып киятырған түркмен атлысынан бири ылаққа қол соза бергени, ол оң жағындағыға өткерди, бул да өз атлысы екен, оның аты бирден тилт тоқтады, шаўып киятырған атлылар пот пенен өтип кетти. Бул еле ылаққа қолын жеткере алмай киятырған қарақалпақ атлыларына оң түсти. Ҳәмме оған ыңғайлай жабылды. Тап усы демде арт беттен қоңыр атын ойнатып киятырған Бегис көринди. Айдостан баслап, атлардың аяғы арасына араласып ылақты тамаша қылған пиядаларға шекем кеўилленди. Тиркистей таўланысып, биригип қалған қурға Бегис өзин урып, ылаққа жаңа жақынлағанда, және бир атлылар топары сонша қурды сүйреп алға өтти. Бул және өзбек атлылары еди. Қәдимги қара атлы Юсупжан шабандоз және ылақ алды. Аты жүдә үйретилген екен, жылан жүрис қылып, көп ўақытқа шекем туттырмады. Егер ол тек байрақ алыўды ойласа бир-еки айланып қашып, көкмар-

ды минберге әкелип таслағандай шамасы бар еди. Олай қылмайды. Паланларын ушыўға үйреткен ана қустай ақырын айналып шабады, бир жолдасына береди, соны қорғайды. Бослаў биреўинен ылақ қазақ атлыларына аўысты. Және қуўыў басланды. Қашқын ылақты бир жолдасына өткерип үлгерди, ол екиншиге... үшиншиге... әўелги өзбек атлысының усылы менен бираз ойын қурды. Сөйтип жүргенде көкмар шала үйреншик биреўине өтти. Оған, ақ қурашлы түркмен атлысы қапталласып, көкмарын ҳәдемей-ақ жулып алды. Аты жүйрик екен, Айдослар турған төбеге қашатуғын бағытты беклеўли көрип, батысқа қарай қашты. Және ҳомме қуўды, көпшилик және көпке апармады, түркмен атлысы ылақты артта киятырған бир жолдасына таслаўға мәжбүр болды. Ол үшиншиге... төртиншиси ылақты зәңгисине өткергенше, қапталындағылар асылыўынан қорқып, шеттен шаўып, киятырған жолдасына өткерди. Ол әўелги яўмытыға берер гезде, қазақ атлысы жетти. Екп атлы қабатласып, көпке шекем табан жерге тарысып барды, қазақ атлысы жаңа алып шыққанда Бегистиң қолы ылаққа тийди. Бир гезде ол алып шығып еди, қапталында алабел ат минген жаңаләрьялы бир жигит пайда болды. «Ҳә, ағай өткерсе», деди ол Бегиске. «Ала беллиниң» изинде жергиликли атлылар киятыр еди. Бегис өз күшине исенип пе, олардан қаймығып қашқаны сол, қайтадан тутылды.

Айдос мушын түйип тисленди. «Өзлери дараўара ойнап жүргенине қара...». Бир гезде бир бос тақымнан ылақ жерге түсти. Биринши көринис және басланды. Атлылар биригип қайнаған жүўериниң гүртигиндей шоғыртпақланып қалды. Және, үстилеринде жыландай таўланған қамшылар... «шуў-шуў», «тартатарт!...»

Бул көринис онша көпке созылмады, топты алға сүйреп және еки атлы шықты. Олардың бири өзбек атлысы, екиншиси қазақ атлысы еди. Көзди ашып жумғанша өзбек атлысының төрептарлары алға өтип, оны айырып алды. Енди олар биринен-биринe алып басқаларға ылақ аўыстырмады, ылақ әкелип таслана-туғын минберге атлылардың бәри биригип кетти. Минберге жақынлағанда ылақ және тутылды. Бул сапары «Алабеллиниң» қолы ылаққа жетти. «Алабел» оғыры қайымшыл екен, бирден артқа қаймықты. Атлылар қоршап алды, усы гезде Бегис жетип ылақты сорап еди, ол да бермеди. Айдос және тисленди: «Ҳә маңлайы сорлар!»... «Алабелден» ылақ кетти... Қайымын таўып Бегис және ылақ алды. Ол ылақ усласа, өз-өзиңен лепирип «ҳа, ҳа, ҳа» дей берер еди. Оның сол «ҳа, ҳа, ҳа» сын есткен пияда тамашагөйлер ат басады деп ҳаўлықпастан, шоқ атлардың аяқлары менен араласып кетти. Бирақ, бул көпке созылмады. Қапталласын барған тәрепдарларына өткермей көкмарынан және айрылды...

Ылақ және жерге түсти... әўелги көринис қайта басланды... «Алабелли» қызып атынан еңтерилип иле сала, атлардың туяғы арасынан алып шықты. Аты аўзынан көбик шашса, жүдә жедел-

ленер екен. Жеткизбей шетледи. Қуўғын бермей кетти... Енди ол минберге айнала бергени, және қоршаўда қалыў қәўпи туўды... Егер Бегиске өткерсе, минбер жақын еди. Және айрылды... Ылақшылар және үймелести.

Ойын күнбатқанша даўам етти...

Жас үлкенлер турған минберге ылақ таслаў мүмкиншилиги туўмады, бирақ ойынды тоқтатыў керек болды.

Ким биринши?...

Биргезде аламанның еки жағынан айналып еки жаршы шапты...

— Жеңис өзбеклердики! Бас байрақ өзбек ылақшыларынаа!

Наразы тамашагөйлер бас бийлер турған минберге емес, Мыржық пенен Бегис тәрепке аўысып, жәнжел көтерди:

— «Ар-намысыңыз болса Айдосқа ерк бермеңлер!», «Ол сатқын!»—«Ол сизлердиң абыройыңызды төгип жүр!»

Мыржық жақын турған арбаның алтақтасына минип аламанға сораў таслады:

— Байқадыңыз ба, көкмар қайсы атлының қолында көп болды?

«Бегистиң!» «Алабеллиниң!» деп шуўласты көп даўыс. Әллекимлер «ўажыбаты ийман, көкмарды өзбектиң қара атлысында көрдик» дести. Бирақ бул «Бегистиң», «Алабеллиниң!» деген даўыслар астына көмилди.

Мыржық арбадан түсе сала Бегистиң артына мингесип, бас бийлер турған минберге келди. Изинде жүзлеген пияда ҳәрнәрсени айтып уў-шуў.

—Ағалар!—деп Мыржық Бегистиң желкесине сүйенип ат үстинде тикейди.—Болким, меники әнтекдур, бирақ, байрақ орынсыз берилди! Айтың апаў өжет Айдосқа!

— Ҳақыйқатында байрақ бизиң «Алабелге» тийисли.—деди Орынбай минберден.

— Мейли, я Бегис, я «Алабел» алса бос!—деди төменнен көп даўыс.

Айдос қатал ашыў менен алға өтип, маңлайының терин сыпырды:

— Бирадарлар, азғана сабыр қылыңлар. Түсиникли нәрсеге не ушын түсиник талап етесиз? Ҳайранман! Егер мен я Бегиске, я «Алабелге» байрақ берсем, наҳақлық қылған болар едим. Серлединиз бе, олар бир-биринен қызғанып ойнады, дараў-ара ойнады. Өзбек атлылары дараў-ара ойнамады, бир-биринен, ҳәм өз тәрептарларынан ылақ қызғанбады. Өз жолдасларына көп мәртебе көкмар өткерди, бәрҳә жолдасларын ойнатты. Биригип ойнады... Мен бирликке байрақ бердим... Усылға байрақ бердим.

Тамашагөйлердиң көпшилиги қулақ аспай және шуўласты, қас қарайғанша, Айдостың атын ортадан шығармай, аўзына келген бәләәтлерин дөндиристи. Айдос олардың ырабайын жықпай, әри-бери шыдап еди, болмады, жақын турғанларды қамшыға тутып, өзине жол ашты да, изиндеги жаршылардың бирине:

— Қуптаннан кейин шайырлар айтысы болатуғынын хабарла, —деди.

Шайырлар айтысына қазақлардан басқа миймандар таярлықсыз екен. Қазақ шайырының қарақалпақ шайыры менен жарысы далада, от этирапында, даўам етти.

Күни менен тойды өзинше көрип, ҳәр тамашаға бөлинип жүргенлердиң биреўи де бул жарысқа бийпәрўа қарамады, лөк келди.

Әўеле қазақ шайыры домбырасын алып, суўырып салмай қосық пенен елинен елге сәлем тапсырды. Қарақалпақ шайыры өз нәўбетинде «Хош келдиңиз!» деген қосық пенен, елиниң миймандослығын тәрийпледи. Бунан соң олар дәсмедәс айтысқа өтти.

Қазақ шайыры әри сазенде, әри сөзи жупкер бәле екен. Ҳә дегенше-ақ тәрийплеп халқының ең түп бабасынан баслап, ел тарыхын гезеңлерге бөлди, ҳәр гезеңде өткен батырларын, әдил ханларын, сулыўларын, даналарын, жомартларын дизип тәрийплеп, бәрин мақтаныш етти... Оның тәрийплеўи бойынша бурын өткенлер арасында даналары менен батырлары, сулыўлары көп жағынан қазақлардан алға түсетуғын ел бул әлемде шенде шеп... Бүгингисине өтип, сол батырлар менен даналардың әўладларын, жериниң кеңлигин, есапсанақсыз төрт түлик малын, байлығын, ҳәтте қымызына шекем мақтағанда тыңлаўшылар оған ҳәзир-ақ ерип, қазақ елине кетиў кейпине кирди.

Қарақалпақ шайыры да суўырып салып, сөз жупкерлестириўде қазақ шайырынан қалыспаған менен, тәрийпи биринши шайырға қарама-қарсы шықты. Бурын өткен я бир данышпанның, я бир батырдың, я әдил ханның атын тилге алмады. Оның айтыўы бойынша пүткил ел, елеспесиз шуқырларда, базда күшли түбирлердиң ығында азғана күн иркилгени болмаса, самал қуўып мәканнан мәканға аўысқан бийпаян қаңбақ... Шайыр ҳәзирги жағдайды тәрийплегенде, тыңлаўшылардың көз алдында жери кең, суўы аз, шыбын-ширкейи көп, тар қыснақлы мәкан, еле де ушарын жел, қонарын көл билетуғын муңлы ел турды... Биразлардың кеўли елжиреп гүрсинди, биразлары көзге жас алды...

Нәўбет қайтадан қазақ шайырына өтип еди, ол және йошты, және көп батырлар менен даналардың атын тапты, дуйым журтты елине келиўге шақырды.

Қарақалпақ шайыры соңғы гезегинде де белгили дана менен батырдың атын тилге алмады, тыңлаўшылар гә бийикке көтерилип шамаллағандай, гә тымырықта қалып туншыққандай ҳалға түсип отырды... Тан алдында айтыс тоқтатылып, Айдос ортаға шықты.

— Бирадарлар, жеңис қазақ шайырыники!

Ол аўзын жыйнағанша болған жоқ, қурға жыйылған аламан әрре турып, шуў ете қалды:

— Және паҳақлық!

Ҳәржерден ҳорқыплы кейис, сөгислер еситиле баслады.

Ҳәр танаўы шапшақтай ҳәррийген дуғыжым бир жигит Айдостың ийегиниң астына келип:

— Айдос бий!—деди тисленип.—Өз халқыңды сүйе билмейтуғын қандай намыссызсаң? Ақмақлық пенен өз елиңди аяқ асты қылдың ғой!

Айдос сәл имканиятын тапса, жыйынның ақырында «бир биреўге мириўбет күни» ҳаққында айтпақшы еди, ҳәтте, сорсенбисин белгилеп, шәртлерин түсиндирмекши еди. Қарсылықлар ойларын умыттырды. Мийманлардың көзинше ишки зәрдесин шығара алмай, ийбе сақлап тур еди. Ийегиниң астына тақалған кептанаўдың гөши ақылдан адастыра жазлады. Қатал қәҳәр менен оның көкирегине түйип жиберди:

— Жоғал, мурынбоқ, пәмсиз! Мен өз халқымды сүймегенде, тәғдийриңе жаным ашымағанда, усылай қылар ма едим? Бирәдарлар, енди тарқаңлар, бирақ түсиниңлер мен сизлерди алдай алмадым!

Тамашагөйлердиң биразы қызып, алға умтылып, мийманлар менен араласып турған бийлер топарын басып кетежазлап еди, арашаға атлылар түсти...

Айдос бул сапары да албырамады. Айтыс ушын бас байраққа тигилген ер-турманлы бир бедеўди қазақ шайырының алдына өзи кесе тартып:

— Рахмет, шайыр,—деди.—Сен өз халқыңның ҳаққаный даналарын, батырларын, сулыўларын, мәканыңды мақтаныш еттиң, бизиң шайыр тек жылап берди, болғаны... Сеники әўладларға да үлги, жаслар даналықтан, батырлықтан, сулыўлықтан ибрат алады, жақсы мәканың қорғайды, ал бизики өткеннен де, бүгинги мәканнан да түсилтиў, рахмет, қазақ баўырым!

... Тамашагөйлердиң наразылығы ақшамы менен басылмай, Айдос жатқан үйдиң отпанын айландыда жүрди, биреўлериниң сөз-рәмәўзине қарағанда, жатқан орнынан көтерип әкетип көкмар қылажақ. Қудыққа таслайжақ еди, бирақ Айдос аман шықты. Азанда исинип келген инилерине ол хабарласпастан, қайтыўға урықсат сораған мийманларға урықсат қылып, өзи де қайтты.

* *
*

Ең даңғаралы, ең үлкен той тамам болған менен, ол жөниндеги пикирлер тамамланбады. Екеў ара, үшеў ара, топ-топ, шоқшоқ бас қосқанлардың ишинде әллеким билгишсинсе, әллекимлер оған қарсы қызыл кегирдек тарысып атырғаны.

— ...Тойдың уллылығына мин тағыў қыйын.

— Айттыңдә! Қудайдың өзинде де мин бар!

— Айдос тереңнен балық излеп жүр.

— Излей берсин, еле сайыздың шабағына зар болады.

— Айдостың сатқынлығына енди исендим. Бір қарақалпаққа бас байрақ бермегенің, сатқынлығы емей не?

— Сен қайдан білесең, ойлағаны бар шығар.

— Не білгенің бар? Айдос түйеңің жолға түскен бір қумалағы, еле дуйым журт, тайып жығылады.

— Және Айдосты ғажыдың ба?

— Қыссең!...

— Ҳүрметке ким ылайық де?

— Білеміз, Қоцырат ҳәкими.

— Не ушын?

— Мыржықтың улына той бергизип, жалғыз Мыржықтың емес, пүткил елдің атын әлемге жайды.

— Қайсы әлемге?

— Дүньяның төрт бурышынан адам келсе, және қайсы әлем бар?

— Өзиң-әм тығыны жоқ паққылдақсаң дә!

— Ҳаў, қазақ келсе, өзбек келсе, түркмен келсе, Дағыстаннан келсе, орыс-әм болса, оннан артық әлемде ким бар? Бир заманлары бабаларымыз елдің аты шықсын деп үлкен орыс елинен әсир-әм услап отырған.

— Тап усы сапары елдің аты әлемге жайылған болса, маңлайы қара ел болып жайылды.

— Ырас, қарақалпақлар я гүресе алмайды, я атта отыра алмайды, я ылақ шаба алмайды, я ойыны жоқ, я шайырлық-шешенлиги жоқ деп, әлем айтысатуғын болды.

— Жақсылап жылап береди екен деседи дә.

— Жылаў менен күлиў ҳоммеге теңлик.

— Әне, шешен буықтан шықты...

...Усы тақлеттеги бассыз-аяқсыз гәплер, тартыслар даўам ете берди.

Тойға келген мийманлардың да тыныш қайтып баратырғаны жоқ.

...Қазақларды өз аўылларының тусынан өткенше узатып салыў ушын Жаңадәрьялылар бирге қайтқан еди.

— Айдос оғада дурыс иследи, — деди Маман биразлардың пикирлерине қарсы. — Неге дейсиз бе? Бас байрақтың бәрин мийманларға үлестирди.

— Маман, сен еки жүзли адамсаң,—деп бөлди Орынбай.

— Ғарға өз атын айтып бақырады.

— Сен оның орыс қатынға жаўлық жапқанын мақтайсаң. Әй, Маман, сениң Айдос қусап Хийўа ханының геўншин неге жаламай жүргениңе ҳайранман.

— Орынбай, бәслеспе, қызба. Айдостың биргана қәтелиги — бабалардың жолынан шетте жүр. Болмаса, ақыллы адам. Мениңше ол өз халқын шын сүйгенликтен бас байрақты ҳешкимге минәсип көрмеди.

Қазақ бийи араласты.

— Маман, мен де сениң пикириндемен. Байрақты елине бермегени әбден арлансын дегени. Ары келгенлер ендигиден былай жақсы шабайдоз, шаққан ылақшыл, тәсили көп палуан, халқын неге шақырыўды билетуғын шайыр болыўға тырысады. Мен бунысынан үлги алыў керек екен деп киятырман.

— Мийман, кеўлиңизге келмесин. Сиз Маманның гәпин қалай жөнлесеңиз, бухаралықлар-әм мениң гәпимди солқурым жөнлейди.

— Мирияўбетсиз шисан! — деп Маман мурнын жыйырды.

Орынбай енди олар менен көп жолдас болыўды қәлемеди. Жолда мал жайлаўына қайрылып өтетуғынын бәнелеп, атлылары менен изде қалды.

* *
*

Түркменлерди өз аўылының тусынан өткенше узатыў ушын Асан бий бирге шыққан еди. Олардың да бас гәпи — үш туўысқанның арасындағы қатнас.

— Қәйткенменен де, Айдос кең көкирекли адам, — деди түркменли мийман басы.—Егер ол Төремурат суўпы менен анық тил бириктиргенде, Қоңырат ханлығы сөзсиз пайда болар еди, Төремурат сол ушын да усылай той бергизип, оған сәренжамлық қылдырған.

— Хийўа ханына сиз де қарсымысыз?

— Биз ханға емес, хан бизге қарсы. Алламурат деген молламызды жиллисең деп дарға асажақ болғанында, мың жасағыр Айдос қутқарған.

— Айдостың саясы қасына емес, алысқа түседи.

Түркмен Асан бийге сәл наразылық менен көзлерин қосаўыз мылтықтың аўзы қылып еди, ол көрмеди.

Азғана жым-жыртлықтан кейин Айдос ҳаққындағы екі жақтың шәлкем-шалыс пикирлери қайта жаңғырды...

* *
*

Хийўа менен Шаббаздан келгенлерди баслап кеткен Қабыл оларға гезек бермей сөйлеп баратыр.

— ...Айдос сум адам. Оған ҳақ гәп айтыўдан гөре өтирик сөйлеў, әбжиллик қылыў аңсат, Хийўа ханы ,Хийўа ханы дейди, бирақ қолтығынан тасы қалмайды. Бас байрақтың бәри сизлерге тийис еди. Қазақларға, Түркменлерге, Қоңыратқа берип, жағымпазлық қылды. Көп кеменің басын услап, ақырында суўға жығылатуғын найсап ол..,

Мийманлар оның гәпин бөлмеген менен, бир-бирине мурт қыймылдатып, көз қысысып Қабылға туйдырмай өз-ара күлисип киятыр.

* *
*

Ийесиниң ойлы тәбизин сезгендей, алаяқ жийрен ара-тура бир пысқырып, күтә ақырын қәдем таслаўда. Атқосшы да селтеңсиз, ҳәтте, өзиниң бары-жоғын билдиргиси келмегендей, жол шалажақ болған атының басы шекшийгенше жүўен тартып, бийбабасының қыялын өзинше түсиниўди мақсет етип киятыр. «Ырасында, бул қалай-а? Елде бир байлық қалдырмады. Инилерине ашыў менен солай қылды ма? Бийтке өкпелеп тонды отқа салғаны несин? Ямаса бетине тик келип сөз айтқанларға қарсы тасын қойынынан тасламайтуғын адам ба? Түсиниксиз жумбақ.. Өз халқымды сүймегенде, тағдирине жаным ашымағанда усылай қылар ма едим?»... дегени нени аңлатады? Сумлығын көрпешелегени ме ямаса қыларын қылып қалай кеширим сорарын билмей шатқаяқлағаны ма?... Ҳаў, кәраматлы бийбабамды сайып, әсиге кеткеним жоқ па? — Ол астыңғы ернин қымып өз-өзинен қысылып көзин жумды, қыялы бирден өзгерди.—Байрақ бермегени халқын сүйгени болса-ше? «Оздық, жықтық, жеңдик, шешенлик қылдық...» дегенде ел не зыян көреди? Не пайда қылады?... ҳа, ҳа, түсиндим, журт ҳәзирги барына қәнәәтленип, ҳешкеңе үйренбес деп өшегистиргени екен ғой...»

Бир гезде Айдос бас көтерип Доспанға бурылды, мыйығынан күлип сорады:

— Доспан, не ойладың?

— Бийбаба, сизиң бас байрақ үлестиргениңиз маған да түсиниксиз қалды.

— Сениңше, «қарақалпақ озды, жықты, жеңди, шешенлик қылды»... десек не болар еди?

Доспан өз қыялының бий қыялы менен дәлме-дәл келгенине қуўанып батыл жуўап қайтарды.

— Халық ҳәзирги барына қәнәәт қылып ҳешнәрсе үйренбес еди.

— Әне дурыс түсингенсең. Бизиң бирәдарлар аттың жалына асылып шапса мен ылақшыман, мен шабандозбан деп, көкиректине урады. Өзиниң салмағындай жүк көтерсе, палўанман деп ҳәңкийеди, төрт сөзди уйқастырып, тыңлаўшының қытығына тийсе, шайырман деп журтқа даңғара салады. Усылардың ҳәр қайсысында нендей сыр жатыр, үйренбейди, сол ушын усылай қылдым. Намыслансын дедим, көбирек билиўге тырыссын дедим...

Олар суўы тартылған көлдиң ултаны менен баратырып, бир шетте доңыздай жер аўдарып атшоқай терип жүрген аш адамларға дус келди.

Бундай көринислер үйреншикли болыўына қарамастан, Айдос мисли жақтыдан шығып қараңғыға киргендей, көзлерин жумып уўқалады ҳәм ҳешкеңе көрмегенсип жүре берди. Доспан оның кейпин байқамады.

— Пай, бийбаба, тойда «сен же, мен же» болған мут аўқатқа мыналарды жибергенде ме!

Бийдиң жүреги силкинип, атқосшысына көз алартты:

— Бизиң ойлағанымыз усылардың қарны.

Қундақлаўлы баласын көкиретине басып, қол жайып жолда турған бир ҳаялды көрип, Айдос қалтасынан бир гүмис теңге алып таслады. Ҳаял оған қонсот етпегендей, жайған қолын түсирмеди. Айдос және биреўин таслап еди, ҳаял «пан, балама пан!» деди жылапсырап.

Айдос қай жаққа атланса да, қоржынына жуп нан салатуғын әдети. Қоржынының гүржисин шеше бергени, ҳәлсиз ҳаял, баласын қунақлаўы менен келип, оның зәңгилигине басын тиреди. Оған нан узатып атырған Айдостың көзи қундақтағы балаға түсип «Ҳоҳ» дегенин билмей-ақ қалды.

Ҳаял сескенип, баласының бетине үңилгени мәттал, даўысының барынша жылап жиберди, жаңа алған наны жерге жумалап кетти.

Ўақыя түсиникли болды. Аш, анасынан сүт шықпай қундақтағы бала әллеқашан өлген еди. Ҳаялдың зарланғанын еситип атшоқай тергеплердиң арасынан бир егеде киси тентиреклеўи менен келди.

— Не болды?

Ҳаялдың тик қараўға, сөйлеўге шамасы келмей, жүресине отыра сала қундақты ерине усынды.

— О, манлайымаў!

— Әй сен әкеси болсаң, анаў шашылып атырған еки теңгеңи жый. Апаған қара, наннан уллы не бар, ҳаялың аяғына басайын деп тур, ал, мә, мынаны да қосымта қылып баланы жерлеңлер, — деп Айдос және еки теңге берди де, алға жүрип кетти.

Буннан соң екеўи де сөйлемеди.

«Көк өзектиң» бойында кеўпилли сырнай шертип, мал гүзетип турған падашының қасында қосық айтқан қыз даўысы Айдостың жүзин өзине бурды. Қамыстай аппақ арық қыз оларға сырты менен тур еди, Айдос оның кимлигин сорамаса да жүзинен бираз кеўиллилик ушқынын көрип, Досжан тилге кирди.

— Бул қыз анаў падашының туўысқан қарындасы, бийбаба.

— Қыз жыйнағанда сениме саларсаң.

— Қашан баслайсың, бийбаба?

— Ертеңнен қалмай «Мәслаҳәт төбе» деги отаў аўылдың ортасына әкелипсе, қызлардың отаўы болады.

Ешегинен аўған отының тийей алмай, жолды бөгеп турған Әлийге жолығып, Айдос Досжанды жәрдемге қалдырды да:

— Әлий, келин түсприўди тезлетпесең, мүшкилиң қыйын екен, — деп бир өзи кетти.

25

Уллы болған күннен баслап той тарқағанша мийман күтиў менен шаршаған ерли-зайыплы дем алыўға ҳәзир ғана саўа тап-

ғы. Той тарқаудан Бегис Қоңыратқа кеткен еді, енді оларға кесент беретугын ҳеш ким жоқ, екеўи де арқайын. Мыржық оң қапталдағы төсектиң үстине созылып, басын көпшикке мантықтырып дүс төменине жатты. Қумар шеп қапталдағы төсектиң үстине дастық таслап, қырына бир шығанақлады да баласын емизди.

Мыржық дем алыўды мақсет еткени менен, сепсип жүрген базы қыяллары қайта жәмленип, оны аўыр жүк астына басқандай, ҳәрқашангысынан да шаршатып атыр. Барлық қыялы Төремурат суўы жөнипдеги ойлары дөгерегине топланды. «Қандай адам өзи?... Усынпама жақсылық қылып, мен оның кими едим? Қасқырға қақпан қурмаса, ашшы тоғайға етли жилик таслайма?...»

Басына ужыбатлы жуўан келмеди. Жүгине жүк қосылғандай тула бедени аўырласып, буўынлары сырқырады, басын олай-булай бурды.

Қумар әўели оны ҳақыйқаттан да дем алып атыр деген қыялда еди, басын қозғалта бергенине қарап бир сырлы жумбақты шеше алмай атырғанын уқты. Тойға келгенлерден түскен бесиклер төрге қатар қойылған еди. Қумар ерине селтең бермеў ушын соларға көз таслады.

Бөпе әўелги күннен баслап ата мийрас бесикке бөленген еди, оны өзгертип мийманлар әкелген бесиклердиң биреўине салыўды ҳешқайсысы ойлаған да емес. Себеби, ата мийрас бесик әўелинде Айдосқа бағышланып, соң онда Бегис те, Мыржық та жатқан. Байғус ана өлеринде «сүт қуртқан баламда қалсын» деп Мыржыққа мийрас қылған екен...

Қумар қарап жатып ҳәр бесикке өзинше баҳа берди. Ата мийрас бесик бул жағада жоқ, дүньядағы ең беккем ағаштан соғылған, еле мықлы ҳәм шырайлы, әттең, жорғасы аўырлаў. Басқа бесиклер де соған тақаббил, усаслығы бар, бирақ жорғалары жеңил сияқлы. Ал, орыс әкелген бесик, пүткиллей өзгеше, қақпақсыз төрт аяқлы аршаға усайды, қапталлары кереге көз. Түргелип секирмесе, оннан бала жығылмайды.. Тартқы баў да, түбек те, сүмек те керек емес, бир көрпешени астына жайса, бөпе өзи менен өзи болып жата береди. «Әтияж екен» деп, соған салып көриўге қыял етип, «Сен не дейсең» дегендей, уйықлап қалған бөпесиниң бетине үңилди. Оның бүлк-бүлк етип үлбиреген ерине қарап, бираз жатып, өз-өзинен мыйық тартты: «орыс бесикке салсам, орыс болып кетермекенсең?..»

Ата мийрас бесиктиң қаўызларын шығарып қуяшқа жайып келген еди, бөпени тәўекел, орыс бесикке жатқарып көргиси келди. Түргелип, ишине көрпеше жайды.

Мыржық ҳаялының нени қиял етип, не менен шуғылланып атырғанынан бийхабар, еле ойлар қурсаўынан шығалмай жатыр.

— Төрем, — деди Қумар бөпесин бесикке жатқарыўға қолайласып турып, — Ерназарды орыстың бесигине салып атырғаныма қара.

Өз ойы менен бәит әке, басын көтерместен:

— Өзиниң бесиги қайда? — деди.

— Қаўызларын қуяшқа жайып едим.

— Онда сала турасаңдо!

Қумар бул ҳайран қаларлық бесикке идералды перзентин идералды ирет салып атырғанда қарамаған бийпарўа ерине күтә ашыўланды:

— Төрем, сен меннен бир кеңес тыңла, берекет тап.

Мыржық үндемеди.

Қумар орысы бесиктиң бир мушынан услады да аяқ-қолы қыймылдап еркин жатқан бөпесин әстен шайқап тура берди.

— Сен ақыл болсаң, әўели мениң не ойлап отырғанымды бил, — деди Мыржық әлленемирде.

— Көзи ашықлығым жоқ, бирақ шамалайман, төрем.

— Қәне, айт, — деди ол басын көтерместен.

— Ортаншы қайнаға менен екеўиңиз қыйсық жолға түстиңиз.

— Заманымыздың өзи қыйсық.

— Қыйсық жолдан туўры жүриўге болады.

Мыржық өңменин көтерип, ҳаялына жүзин бурды.

— Төремурат суўпы шексиз ақылдың кәни емес пе?

— Ҳәрқандай бийик таўдың төбеси бар, төрем. Өрмелесең шығасаң.

Мыржық тикейип отырды.

Қумар баласының бетине жаўлығын жаўып, бесикке сүйене бир дизерледи:

— Мениң пәмимше, төрем, бий қайнағаны және қалай муқатыўдың жолын ойлап жаттың.

— Па, ақыл екенсең!

— Қалай кекетесең де өзиң бил, төрем. Жас күнимде өкеминиң сизлерди талай сапар гән қылып, ықласы кететуғынын көп еситкенмен. Сонда ол, бий қайнағаны ҳақыйқат көргиш мергенге, ортаншы қайнағаны мылтыққа, сени оққа теңгеретуғын еди. Ҳәзир бирлигиниз қашты, мылтық пенен оқ үйлеспей, оның қолында атылмай қалды...

Мыржық көп төпкиниң астынан шыққандай ворға қыймылдап қантальндағы көпшикке жанбасланды. Еркеклиги тутын ҳаялға жеңислик бергиси келмей, тиленип ашыўлы гүңкилдеди:

— Қойныца хийўалыны киргизбекши болса да Айдосты жақсы көресең-ә?

Қумардың қызыл алмадай жүзи суўға басып сыққан шүберектей солып, ашыў менен түргелип кетежақ болды да, жаман қыялларды қоздырып, изин пасырға шаптырып алыўдан қорықты. Ерине наразылық бас шайқап, көзлери гүңгирт тартты да отырды.

— Айдос түйениң қулағына өрмелеп жыл басы болған тышқан, топан тыққан қап. Усыншa уллы жыйында бир қарақалпақ бас байрақ алмады деген не сумлық? Билесең бе, енди бул әлемге ел қандай ат пенен жайылады?

— Төрем, Қоңырат ҳәкиминиң гәпине кирип, қудықта қалып баратырған яңлысаң. Билесең бе, қудықтағы адамға аспан тар көринеди.

— Қысқартсаңа!

Орысы бесикте уйықлап қалған бөпе шырр етип жылады. Кумар көтерип, баўырына баса сала далаға шығып баратыр еди, Мыржық изинен бақырды:

—Ерназардың арқасын ҳәрқайсысына бир тийгиз де, ата мийрастан басқа бесиклерди үйден шығар.

Қумар бесиклерди аўқат писиретуғын ылашыққа биримлеп тасып жүрип, күн батар тәрептен киятырған шоқ атлыны көрди ҳәм олардың арасынан әкесин танып, ерине хабар етти.

Мыржық зытып-ақ шықты.

— Ҳаў, Қоңырат ҳәкими ғой, баланы ал, үйди төсестир.

Қоңырат ҳәкими жүдә салтанатлы көринди, қәлпе менен жаршыдан тысқары жаў жарақлы он атлының ортасында киятыр. Аўылға араласыўдан ғарры Есенгелди озып келип, ҳүрметли меҳманды қалай күтиўдиң жолларын күйеў баласына тез-тез түсиндирди. Мыржық қоңсы үйге даўыслап өзиндей бир жигитти шақырды да. босағасынан ат байланатуғын қазыққа шекем паяндоз қылып кийиз төсеттирди.

— Қоңыраттың ханын аттан көтерип ал, балам — деп қайын атасы сөйленип жүр. — Көрбазлаў киси, ҳүрметти жақсы көреди, мәсисине мацлайыңды тийгизип, шапанының шалғайынан сүйиўди умытпа.

Буның бәри Мыржыққа күтә қорлықлы көринсе де, қарсы сөз айтпады.

Төремурат суўпы есиктиң алдына келип, ақ шағаладай атының жылаўын шекшийте тартты.

Мыржық сәлем берип қол алысты ҳәм аттан түсиўин өтинди, суўпы дәрпенбестен, сулыў пардозланған сақалын сыйпалады.

— Улың қутлы болсын, — деди ол ат үстинен ерининқиреп.— Қалай периштем, зийнетиме кеўлиң толды ма? Айдос өгиз қалай? деп ол жанланыңқырады. — Тойдың ғәрежетин және үлестиремен демеди ме? Ҳә түсиникли, периштем, айтпаға қысынып турсаң. Бегистен бәрин де еситкенмен. Туўысқанынан сәлем, саған периштем! Пүткил Қоңыраттың лийкини ҳәзир Бегисте, қаланы қорғап қалды. Айдос адам емес. Оған өзгелер түўе, туўысқанлары да, тойға бир кийип баратуғын шапан. Ондай басшы — елиниң қақ мацлайына сары шүйел.

Қоңырат ҳәкиминиң тәрепин тутып келиншеги менен ҳәзир ғана тарысқан жигитке бул гәплер орынсыз көринип, зеңирейиўи менен тур еди, артынан қайын атасы келип түрттп.

— Ҳаў, балам, уллы қонаққа албыран қалдың ба, қәне мәсисине мацлайыңды тийгиз. Ҳә, бәрекелла, енди шалғайын сүй, әне, әне, дым шаршапсаң. Қәне аттан көтерип ал.

Мыржық пайлажлық пенен қайын атасының айтқанларын орынлап, ҳәкимди кийиз паяндозға көтерип түсирди.

Бәҳәрдеги ең қәўипли жаў —суў. Ҳәдден тыс тасыса аўылды ғарқ қылады, ҳәдден тыс қайтса, егис жерлерге жарамайды, қулласы «Көк өзек» тиң ҳәдден тысқары еки қылығы да апат. Сол ушын да ел басшыларының бәҳәрдеги талабы, аўылына жақынлап өткен дәрья жағаларына қараўыл қойыў, қайшы шаптырыў.

Мыржықтың тойындағы жақсы нийетлериниң ақыбети сәтсиз шығып, көпшиликтиң гөзебине дус болғанына Айдос күтә ашынды, енди оған өз аўылы душпан қоршаўында жарақсыз қалған ғәрип ҳал көринди. Бул түсиник есине келсе, жанына егеў еди. Жалғызлыққа берилип, ой қушағында қалып қоймаўдың илажларын қарастырып, ҳәр күнге бир ғалма-ғал тапты. «Мәсләҳәт төбе» деги отаўын аўылдың ортасына көширип тиктирди де, гилең ересек аўылласларын жыйнап бир неше күн «Көк өзектиң» ырашын көтерип шаптырды.

Әлийдиң киши улына келин түсиртти.

Сол тойда утқаны—аўылының қызларын бәне менен онбир қанатлы отаўға киргизди, өзлеринше ойын-заўық қурыўына еркинлик берди. Отаў айналасына еркек әўлады жақынлаўы қадаған етилди. Сол ушын ба, бул отаў, кем-кем қызлардың гештек-ханасына, жумбақ, бәйит айтысатуғын, бир-бири менен сырласатуғын мәканына айналды.

Айдос бир мәҳсетиниң иске асажақлығына қуўанышлы еди.

«Қоңырат ҳәкими Мыржықтың үйинде түсленип кетипти» деген хабар жетти, гүлли кейпи ушты. «Бул—шад күлкисин баспамай отырған адамға жаўыздың пышақ көрсетиўи» деди өзинше ҳәм енди ханға кетиўге уйғарды. Тап усы күни кешке таман есигиниң алдында еки атлы менен еки ешекли пайда болды.

— Сизге уллы ханның ўәдеси бойынша бизлерди Қутлымурат инах жиберди, — деди атлылардың бири.

Айдос өз қулағына, көзине исенбей алақласа да, сорасып, келгенлердиң екеўи ғайры нағыш уста, екеўи егиўге шығит әкелген пахта мамаплары екенин билип, жүзи оўлттан шықкан айдай жадырады. Көзлериндеги ҳәсирет нәлери күлкиге орын берди. Өз дәўиринде өткен ханлардың талай ўәделерине жансыз байланып, талай сапар пышақсыз сойылған бий:

— Ўәдесине опалы ханның буйрығы менен өлиў-әм ығбал,— деп еки түргелип, еки отырды. — Биродарлар, қуўаныңлар, енди бизиң жеримизде қала салынады, енди пахта егемиз!

Ол елдиң келешеги жөнинде қиял етип ақшамы менен уйықламай шықты. Пахта мамапларын тап азаннан оятып, дөгеректен жер аралатты. Бул жағада шығит егисине қолайлы шараят жоқлығы анықланды. Айдостың қабырғалары сөгилгендей ыңырсып, әкелинген шигитти мамаплары менен қосып Қабылдың аўылына жибериўге мәжбүр болды. Енди оның алдында аўылласлары менен мәсләҳәтлесип, қаланың орнын белгилеў ўазыйпасы ғана

қалды. Шешиўи қыйын, пағыз шийеленискен мәселе, әне, усы болды.

Биреўлер Бөрили таўының үстин гөзледи, екиншилерге Қусхананың ығы ушады, үшиншилер Әмиўдәрьяның ғырра жағасы болсын деп, Қаттығардың сағасын усынды. Бестөбе таўлары менен Хожакөлдиң бойлары да гәп болды. Сирә биреўдики биреўге жақпады. Бир жерге суў шығарыў қыйын болса, екинши орынды тасқын суў басады, бир жер сылдыр шеге болса, және бир жери ылғый саз.

— Қала қорўан жолдан жүдә қашық кетсе де болмайды, — деди Айдос,—Жол тазалап, аўқат писирип, бажы пул алыўдан ҳәм көп гөрежет түседи. Оның үстине тири алтынымызды сатыўға имканият туўады.

Бул ҳәммеге унап, арадан күн өткермей сайланды он атлы хийўалы усталардың басшылығында кәрўан жолдың бойларын көриўге, Қызыл-Қумға кетти.

Ол жақтан да қолайлы орын таппады. Арал теңизине кирген ярым атаўлардың бири, бираз кеўилге қапқан еди, биреў «қала пүткил қарақалпақ жерине киндик орынға салыныўы тийис» деп, иреў берди. Қәпелимде ҳәмме усыған тоқтады.

— Өзимиздиң аўылдан өзге киндик бар ма,—деп тили жүйриклеў биреў «Айдос аўылы» жайласқан мәканның қала ушын илаҳийда жаратылған орын екенин дәлилледи.

Өзлери жасаған мәканды еле анық билмейтуғынын енди түсингенлер, аўылға «мәсләҳәт төбениң» басынан қарап көриўди усынды.

Ҳешким «мен билемен» демеди. Қайтама қуўанысып өрре-өрре турып далаға шықты.

Ханның бир сөзлигине, аз санлы ел ушын мийирбанлығына тырнағыйан айдарына шекем ырза Айдостың аяқлары жер илмей гә аўылласларының алдына шығып, гә араласып, гә әлленәрселерди түсиндирип иркилип ҳәр гәпинде Муҳаммед Рахим ханның заўзаддына алғыс жаўдырып киятыр.

«Мәсләҳәт төбениң» басында ҳәрким өз қиялының қулы болып, әлленемирге созылған үнсизликти Айдос бузды:

— Әне, бирәдарлар, анаў бийиклеў алаң — хан сарайының орнына қолай, оң қапталындағы төбешикке азан минәрин, дөгерегин айналдырып жүз өжирелик медресе салса...

— Дәрўаза қаяғында болады?

— Бизиң қаламызға еки дәрўаза керек. Бири Хийўаға қаратылсын, екиншиси дәл арқадан, орысят ҳәм қазақ еллеринен қайтқан көрўан киретуғын дәрўаза болсын. Анаў төлени бузып тегислеттирсек, орны саўда сарайына қолай. Айналасындағы қамыслықты өртеп жиберсек, кәрўан сарайға орын ашылады.

Усталар Айдостың қол шошайтқан жерлериниң бәрин де унатып орыпларды пишиўге мың қулаш шыжым менен төрт-бес жүз қазық кереклигин айтты. Бул хабар аўылға тез таратылды.

Түни менен ҳәрбир үй жип ести, ҳәрбир үй қазық шапты...

Азанда Айдос усталар менен бирге келешектеги қаланың сыртқы дийўалы жүргетуғын орыпларға шыжым тартыўға шығып баратырып, Досжанды аўлағырақ шығарып былай деди:

— Жаңадөрьяға барып барлық жаңалықларды айтып қайт. Маман ел бири болса, қырқ қыз жыйнаўға жәрдем етсин. Жүзикке қыйлы-қыйлы яқуттан қас қондырған сайын сулыў. Қызларымыздың өнер-билими көп болыўы ушын түри бөтен сәренжам керек. Сол себепли мениң атымнан өтиниш қылып, орыс аўылына баслатып бар. Көпестиң ўәдесин есине салып, устаның ҳаялын жибертсин.

Пахта маманларын Қабылдың урыўына баслап кеткен Қәдирберген алыстан сөйленип киятыр:

— Бий аға, елге нәўбет қараса, бийигиңе суў шығып, шуқырың тири алтынға толады деген ырас екен. Қудайтала биздей аз санлы ұмметлерин аяп, қуяшын дәл төбемизге жылжытып өкелейин деген шығар. Қабыл бий күтә қуўанды. Жери пахта егислигине қолай шықты. Енди Айдосқа гүлли өкпемди қойдым деп қалды.

— Қуўаныш қыйлы-қыйлы болса да көплиги жақсы, берекеттап Қәдирберген, — деп Айдос шыжым тартып баратырғанлардың изинен асықты.

27

Бүгин жума базары. Күн сәскеге таман әбден лаплады, бирақ ыссылықты писент ететуғын бенде жоқ сияқлы. Қоныратқа ҳәмме төрепten келетуғын арба жолларда, соқпақларда ярым шақырымлық санлақ көринбейди. Қыйлы-қыйлы сүредеги базаршылар, ининe қайтқан құмырысқадай, дизилисип қалаға сиңип атыр.

Күн түсликке тирелип базар қыза келген пайытта қорадағы қойдай арман-берман ығылысқан базаршылардың ортасына, әллеким қасқыр жетелеп киятырғандай, ҳәмме кейин-кейин серпилип, орайлық гүзар кең ашылды; өзине төбия қала саўдагерлеринен, байлардан, урыў басшыларынан бир топарын ертип Қоныратқ ҳәкими өтти. Ол ҳақыйқый Хийўа ханының тутымын қылып, кең омыраўлы, бийик аң шағаладай өреби атының басын шекшийтип, салтанат менен қаладан шықты. Қаланың құбласындағы ашық майданда өткерилип атырған әскерий машқының нәтийжесин көзден өткериўге баратыр. Бегис пенен ўәдеси сәскеге жетиў еди. Жан сезими бираз төшўишли. Әскер басыны ашыўландырып алыўдан қорқады. Бирақ бунысын жолдасларына түйындырмаў ушын, басына саяман тутқан еки қапталындағы атлыларға бурылмайды, жол бойында жапырылып бас ийип қалып атырғанлардың ҳешбирин көрмейди, дыққаты, еки көзи тек алдында: «ашыў менен Бегис қайтып киятырған болмағай».

Лаўазымнан бир ирет жудаланып аўзы пискен ҳәким қайта орнын алғаннан кейин, қалаға киретуғын жоллардың барлық

бәндиргилерине үшеў-төртеўден атлы сақшылар қойған еди. Олардың екеўи ҳәкимниң алдын кеселеп, бүгин Хийўадан киятырған бийжайдай бир атлыны тутып, тинтиў жүргизгенде, қойнынан бир най қамыс тапқанын, оның ишине шыйратылған қағаз шыққанын хабарлады.

— Қәне?

Қоңырат ҳәкимниң даўысынан асығыслығы сезилди. Сақшының бири қойнынан бир буўын қамыс шығарып, қос қоллап усынды. Ҳәким қамысты пышыр еткизип сындырды да, ишинен үпелектей рапанек қағаз шығарып, ердиң басына жая сала, сәллесиниң бир ушы менен көзлерин сыпырып оқый баслады.

«Периштем Төремурат, хатты көриўден ҳаўлықпа, хан саған қарсы емес, пүткил қарақалпақ елин жаўлап алыўға таярлық көрип атыр.

Әўелге қудай екеўимизди муратқа тең жеткерсин. Ийшалла жетермиз. Аўмийн! Сен маған өкпелесең кешир. Жақында сен түсиме ендиң. Сен уллы байтеректиң басында тур екенсең, әлем аяғың астында. Сендей туўысқанға хызмет қылыў, маған уллы мәртебе. Сол ушын Хийўадағы жағдайларды жазып жибергенди муўапық таптым.

Айдос, хан ҳәмирин тәрк етип бар арқанын кессе, де өлимнен қутылғаны өзиңе аян. Ханның бул озбырлығына қарсы сарай сүйемлериниң уйымы бар екен, бир күни азғантай ғаўға көтерди. Хан оларды жазалаў орнына күлип отырып, «билесизлер ме, Хорезм қарақалпақлары үйиринен бөлинип қалған бир топар жылқы, ким ебин таўып қурық салса, соның мәңги аты» депти, ғаўға тапқанлар суў қуйылған оттай өшти.

Быйыл бәҳәрде еки ешек жүги шигит, «Айдос қала» деген қаланың орнын пишиў ушын еки уста жиберилди. Шигит егилипти, қаланың орны пишилип, ҳәтте, сыртқы дийўалының тырнағын баслапты деген хабар келди. Сарай сүйемлери буған да наразылық кейип билдирди, хан және «билесизлер ме, Әмиўдәрьяның арқасына шигит өнбейди, ал қала, ҳәзирше Айдостың аты менен аталса да, арқа шегарамыздан келетуғын жаўға қалқан қала» деп басыпты.

Жақында ханның күтә исенимли оң қолы—бир мәҳрем менен тиллестим. Хан қарақалпақларды жеңсе, ең арқадағы қазақлар менен қоңсы елатларын да Бөрши таўдан берман көширтпекши. Буны Айдос бийдиң өзине ислетермиш. Қалайынша ислететуғынына анық көзим жетсе, және жазаман.

Сениң не ушын бул «бир топар жылқы» ны сүйениш қылып, Айдостың еки инисиниң жылаўын билегиңе орап алғаныңның мәнисине, енди пәмим алысты. Ақылың атақлы Хийўа ханынан артық екен.

Қосыўыс қарақалпақ ели өз-ара бириге алмай, аңғытқа шаўып жүр. Егер жаңадәрьялылардың бир жағы орыс қоласты деп қазақ ханына, екиниш жағы Бухара әмирине тартып Айдосқа

қарсы шыққа, сенің ығбалың. Имканияты болса Хийўадан бурын ҳүжим қыл. Жеңсе, ҳеш аўылды орнына қойма. Қоңыраттың айналасына жыйнап, моллам дөгерек қоныс бер. Бул ислерди, бәлким, Айдостың еки инисн қолға алар. Оларды қалай пайдаланыўды өзиңнен жақсы билетуғын инсан жоқ. «Ҳәр елдиң таўшанын өзиниң ийти менен аўла» деген нақыл әлемге машқулғой. Ақыл тәрезисине салып көрерсең.

Айтпақшы, «Айдос бир отаўға көп қыз жыйнап атыр» деген-әм жаңалық еситтик. Оның енедәреги неден ибаратлылығына ақылым алыспайды. Бирақ, сен ушын бул да көзгир екенине ийманым кәмил. Хат жазып, бас ийип қалған қаналасың Хожамурат деп билгейсең».

Төремурат суўпының кеўли алғаў-далғаў болып, хат берген сақшыларды изледи ҳәм олардың аңшы ийтлерге усап еки қаптaлдан жортып киятырғанын көрди.

— Оқыдыңыз ба?

Шеп жақтағысы ашөлең арық қара еди, ҳәкимниң алдынан жуўырып шығып, найзасының ушын маңлайына туўрылап ғарғанды:

— Оқысам көзим шықсын!

Оң жақтағысы:

—Әлипти таяқ дегеним ушын мектептен қуўылғанман, — деди

— Буны әкелген адам қәне? — деди ҳәким шеп жақтағысына бурылып.

— Бәндиргидеги бир бүктиң астына байлап қойыппыз.

— Қайтып барып соранлар, егер, оқыған болса, ҳәзир биз баратқан машқы майданына әкелиңлер, нышана қылдырамыз, оқымаған болса, азат етиңлер. Хат жазып жиберген адамға бизден дуўайы сәлем айтсын.

Олар машқы майданына жеткенде Бегистиң еки көзи жолда дилгир еди. Шаўып келип ҳәкимге жай жағдайды баяплап, нөкерлерди күте-күте жалыққанын айтты. Талабы күшли әскер басыға суўпының жығырданы қайнап турды да нөкерлердиң арасында Мыржықты көрип өзин басты.

— Мыржық қашан келди, перишитем?

Сораў Бегисти жаймашуўақландырды.

— Кеше, улыа ҳәким.

— Күтә саз, перишитем, күтә саз.

Жүз танаплық кең даланың ортасына адам сүлдеринде отызлаған қарақшы қойылып, даланлықтың бир жартысында жүзлеген атлы, екинши жартысында жүзлеген пияда нөкерлер турыпты. Ҳәким олардың алдына бир қатар шаўып өтип, машқыны баслай бериўи ушын Бегиске урықсат етти.

Мыржықтың атын қамшылаўы менен нөкерлерди аралап, шаўып, бирден ортадағы қарақшыларға бурылды ҳәм сол пәттен таўын жаздырмай, оларды бирме-бир қылышлады, алаңлықтың арғы басынан және кейин қайтып, қылыштың орнына шоқмар ала

сала, тик қалған қарақшыларды шоқмарлап, ҳәкимниң қасында тоқтады.

— Ўәж, ўәж, — деди ҳәким кеўилли күлип.

Соның арасында пиядалардың бир топары жуўырып келип қарақшыларды қайтадан тикейтти. Бегистиң үлгиси бойынша атлы нөкерлерди бирим-бирим көзден өткериў басланды.

Күн аўа қайтқан базаршылар да иркилип, машқының тамашасын бақлады.

Нөкерлер жақсы таярлықлы екен, әскер басының дәл өзи бола алмаған менен бири екиншисинен өткерип атыр.

Ҳәрбир нөкердиң усылын аса дыққат пенен бақлап турған ҳәким ҳәрқайсысына «яша» «яша» лап базаршылардың жыйналып қалғанына да қуўанып:

—Айбатымыз көп есикти ашатуғын болды, — деди жолдасларына.

Пияда нөкерлер қарақшы менен тез айқасып, тез таяқлап жығыўы керек. Нәўбет оларға берилгенде, нәтийже атлылардикиндей болып шықпады, бул ҳәкимниң кеўлин қабартып:

— Пай, және атлар керек-аў атлар! — деди сарсылып.

Машқыны намазлыгерге тамамлап нөкерлердиң онлыққа бөлинип қалаға қайтыўына урықсат етти де, Бегис ҳәкимниң алдына келип, маңлайының терин сыпырыў менен баҳасын күтти.

— Азаматсаң, периштем, азаматсаң!

Бегис мардыйып қапталындағы Мыржыққа қарады.

Қос қаналастың сыртқы пишинлери қандай усас болса кейпикәрахтлары, ҳәкимге деген көз қараслары сондай усас еди. Бул сапары екеўинде еки түрли минез дөреп, машқының нәтийжеси жөнинде қарама-қарсы пикирлери бар сияқлы сезилди. Ҳәким Мыржықтың кейпин дүзеўге ҳийле тапты:

— Қашан келдиң периштем? Ерназар мәс пе?

Тырнақтай баласын үлкен адамдай көрип сорағанына, Мыржық ырастан да жадырады. Бетине қан жуўырып баласының қылықлары жөнинде сөйледи. Төремурат суўпы оған ықлас қойған тәризде аўзы ашылып тыңлады ҳәм Ерназарды биринши көргенде әкесине усаған боласынлы азамат болып өсежақлығын аңғарғанын айтып, изинде Айдос аўылының өзгерислерин сорады.

Атлардың аяғы арасынан шыққандай пәжмурде бир пияда зоқ етип, ҳәкимниң көзине түсти.

— Уллы ҳәким, Айдос аўылы жөнинде мен айтайын, — деди ол бойының пәслигин билдиргиси келмей аяқ ушына минип.

Бойы ҳәстедей ғана шийкил сарының сөзи унаған менен, ҳәким өзин танымай Бегиске, Мыржыққа алма-гезек қарады.

— Бул жигиттиң исми-тәрийпи Жәндулла гүрре, — деди Бегис. — Мыржық үйленгенде баспақ алған жетимлерден. Сиз қайтып орныңызды аларда, нөкерлик-әм қылды. Мыржық кешиккен соң шақыртыўшы қылып жиберип едим. Өзинен үш күн бурын жетип келди.

— Қәне, хабарын еситейик.

— Қысқа айт, — деди Бегис.

Жәндулла гүрре мисли шөже қораз яңлы аяғының ушынан түспей шиңкилдеди:

—Айдос аўылында жаңа қаланың қурылысы гүжип кетти! Отаўында қызлар бәзими! Маман аўылы да, Қытай урыўы да қызлар жиберипти! Бир орыс ҳаял-әм келип қосылды.

Бул ҳаққында Төремурат суўпы әллеқашан-ақ еситсе де, еле Бегис, Мыржық пенен сырласпаған еди.

— Жәндуллаға ат керек екен. Бара бер, таўып беремиз, — деди де, ол басқа пияда нөкерлерге қосылғанша қояндай қуўанышлы секирип баратырғанын бақлап, жолдасларына «қайтайық» деген ишарат билдирди. Атлылар бурылып жүрип кетти, ол Бегисти, Мыржықты иркип:

— Киши периштем, саған өкпелимен, — деди шағынған кисидей. — Хийўа ханы ийне берсе, пышақ алыў менен-әм қәнәәтленбейди. Менше? Пышақ орнына сеннен ийне көре алмай турман. Мейли, периштелерим, бәрин қояйық, Мен сизлерге бир сыр айтайын. Нөкерлердиң таярлығына шыннан кеўилим толды. Ендиги басшы, сизлер екеўиңиз. Егер, ели-халқым деген мәрт жигитлер болсаңыз, дөгерегиңизге ел жыйнаң. Абзалы, бар нөкер менен аржаққа өтип, гәпке қулақ асатуғынларды берман көшириңлер. Соған шекем ҳәр урыўға мәкан белгилеймен. Аўа, қос периштем, бул Қоңырат сизлердики. Болмаса, Айдос барлық елди Хийўаға қарай көширтеди.

— Айдостың ақылы сарқылып баратыр ма деп қорқаман. — деди Бегис.

— Дурыс айтасаң, периштем. Болмаса, мусылман қызларға орыс ҳаялды қосармеди? Мыржық, сен неге үндемейсең? Ямаса текениң шақына таяқ тийер деп тапаның шақы сырқырап тур ма? Айдос қырқ қызды ҳөкер ушын емес, хапға саўға қылыў ушын жыйнап атыр. Оған нәўт бериў, қызлардың бәрин қолға түсириўимиз керек. Муқаймақлар, бизде жаман нийет жоқ, қәниз қылмаймыз. Бәри бир, нашар деген кетеси кисп баласы. Байларға сатамыз. Атлар кемислик қылып турғанда, бәри пайда. Бегис, қалай қарайсаң?

— Айдостики дозақылық.

— Мен аныық шикирли адамман. Ким дозақыйды өлтирсе, оған дозақ оты ҳарам. Ойланатуғыны жоқ, периштелерим. Жанлы мақлуқ деп жылапды өлтирмеў, неше бийгүна бендеге қылаплық. Мейли, ойласыңлар, нәтийжесин айтарсызлар. Жаңадәрьялылар-әм еки жаққа таран турыпты. Өз елиңизди бириктириў, жәмлеў —тек екеўиңиздиң қолыңызда. Айдостики бузыў. Мен кеттим. Бегис, жетим бийшара шалқысып десең бағанағы гүрре баланы қосшылыққа ал. Ат таўып беремен.

Бегис пенен Мыржық көшпеп адасқандай ләм-мийимсиз узақ тунжырасты.

— Дым түсиниксиз!

Мыржықтың шыдамсызлық қылғаны Бегистің салмағын арттырып, сораўға тутты.

— Не түсиниксиз? Ҳәким бе? Айдос па? Заман ба?

— Бәри!

Бегис инисйниң аспан жийегинде қаўсырылып киятырған қарақғыдай түнере баслаған жүзин жайнатыўдың жолын таппай, сарсық пенен гүрсинди.

— Қане, Мыржық қалаға қайтайық. Бирақ, ойлан, Төремурат суўлы шын мәнисиндеги хан. Сениң менен маған туўысқанымыз Айдостан қайырқом.

— «Ҳәр елдиң таўшанын өз ийти менен аўла» деген нақыл бар. Бул киси усыған ҳамал қылып жүрсе, не қыласаң?

Бегистиң көзлери бир демде аларып, инисйниң гәпине кирип кетежақ болып турды да, өзин тутты.

— Надурыс ойлайсаң, Мыржық. Ҳәким күтә пәк ақылдың ийеси. Оның айтқанын еситтиң ғой. Қоңырат бизлердики, өз халқымызды бириктириў бизлердиң қолымызда. Айдос елди Хийўаға сатып бүлдиреди, жоқ қылады. Оған ханлық ҳамал керек, ал биз екеўимизге елдиң бирлиги керек. Ең баслысы, Ҳәким ушын тойға бир кийилетуғын шапан емеспиз. Әскер басылықты бизге берсе, оннан зият не бар?

— Қорқаман, Бегис. Ҳәким қан шығармай соятуғын қассап па деп қорқаман. Оның «Хийўа ханы ийне берсе пышақ алыў менен-әм қәнәәтленбейди...» дегенине мәни бердиң бе? Бул гәпин бурын да бир еситкенмен. Өзиң билесең, көлеңкеде бетке перде тутып жасай алмаймыз. Айдостан сол ушын айрылыстық. Мениң саған келмей жүргенимниң себебин айтайын. Ҳәкимге кеўлим суўыды. Қутлы болсынға барғанда шапанының шалғайын сүйдирди, мәсисине маңлайымды сүйкедим, аттан көтерип түсирдим. Билесең бе, тойға берген ғәрежетин миллет етип, еле артын сыпыртады. Маған «Пышақтың орнына сеннен ийне көрелмай турман» дегени, және атымның аяғына жығылып, шапанының шалғайын сүймедиң деп өкпелегени, тойға жумсаған ғәрежетиниң орнына басымды алса да, оның алдында пәслик қылғым келмейди. Бул ер жигитке қорлық, Бегис. Саған да қорлық.

— Қәйткен менен ҳәкимниң көкиреги кең адам. Сол той менен сениң уллы болғаныңды қанша жерге мәлим қылды. Соры қайнап қалған адам Айдос дейбер. Ел ештеңеге уқыпсыз деп бақырмаған менен, келгенлердиң кеўлине сондай түйин салып жиберди. Бир қәләта елмиз, миллетпиз. Бас байрақтың биреўин өзимизге қалдырмағаны, не деген масқарашылық! Буны еситкенде ҳәким «Батыры, палўаны көп елди тирилей топыраққа көмипти ғой» деп бир ғәзебетленди дейсең, қоябер.

Мыржық оның шыр-пыры шығып атырғанына мәни бермей, Қоңырат ҳәкимниң оң қолы Айтмурат қызылбеттиң бүгин неге көринбейтуғының сорады.

— Гөне Үргенишке Хорасаннан ат саўдагерлери келеди екен, ҳәким соларға жиберди. Ең әўелги атлар сениң менен маған.

Бағана ҳәкимнің үсти-үстине өксиди. Әлле қайдан сезикленип тың ба?

— Не демекшисең?

— Биз оны өлтирмеймиз. Қолынан барлық лийкинди алып, елге басшы болалмайтуғынлығын дәлиллеймиз.

— Бизлерден айрылғалы қанша өриси тарайғанын өзи де түсинип жүрген шығар. Бегис, көп мылжыңды қояйық. Сен ҳәкимине бар, мен қайтаман.

— Қайда?

— Үйиме. Және ойланаман. Атларға таға қақтырып берген орысты умытпадың ба? Соған жолығып көремен. Соңша кәсипти басқарып, Әмиўдәрья менен жоқары еллерге кеме тарттыражақ адамда ақыл көп болса керек. Бәлким, дурыслы кеңес берер. Болмаса, Маман бийге бараман. Кеўлинде үлкенлиги жоқ «атқосшылыққа үйренген» адам, өзи менен тең көрсе, соларға қосыламан. Әбден болмаса, Айдосқа қайтып бараман, бәлким, саған қайтып келермен. Әйтеўир, ойланыўым керек.

— Келин менен ойласасаң ба?

— Ол да бийақыл көринбейди.

— Өйтип нәмәрттиң исин ислеме, Мыржық. Өзиңниң жоғында қатынына меҳман жиберген туўысқанды туўысқан деме.

— Гөне патлақты қозғап тислеўине қара.

Бул гәп Бегиске аўыр тийип, қынабындағы қылышына қолы барып-ақ қалды да, өзине келип, билдирмей арман ысырыңқыраған болды.

Олар Қоцыратқа жақынлағанда қара үйлерин арбаларға тийип, атларға, ешеклерге, өгизлерге, жүк артып, балаларын ертип, ирили-усақлы мал жетелеген онлаған көш киятырғанын көрди. Бегистиң езиўинде күлки пайда болды:

— Әне ҳәкимниң мәртиясы. Жаман басшыны адам паналай ма? Күнде усылай. Журт Қоцыратқа тығылып атыр. Бизиң аўыллар-әм бержаққа көшиўи керек. Сен де көшип кел.

Мыржық қулақ аспай, ҳәкимниң шардәресине бурылатуғын жерде атын тосаңлатты.

— Хош, Бегис, кеттим.

Бегис оған төўелле қылмады.

28

Әлий келин түсирди де улыпың күйигин умытты.

Есигиниң алдына қамыс қос согып, кемпири менен бөлекленди. Таң атыўдан бас көри — Айдостың үйиниң дөгерегин сыпырыў, қорасын тазалаў, соңнан кейин ғана өз ошағының ғалма-ғалына айналысады. Айдос оның келини ушын қалыңмалдың басы қылып «Дәўлет басы» өгизин бергенине ырза. Базда оны мараппатлап «Бул да бир-биреўге мириўбеттиң бир түри» деп қалады.

Әлий бүгин Айдостикинде халқасланып, сәскерек келди де, қамыс қосының қуяшлама төрепине шыпта төсеттирип, кемпирине

Мыржықтың шыдамсызлық қылғаны Бегистің [illegible] бир жумысқа [illegible] алмаитуғын улы ат суўғарыўға кетти, келини балта алып, отын майдалаўға киристи. Я қәйин ене, я қәйин ата болып елеге шекем келинине тикленип қарамаған еди. Келининиң торс-торс балта урыўы бирден тынып ғарры солай жалт бурылды. Жас келининиң кең жаўырынлы, ийинли бир жигиттиң изинен аңсары аўып турғанын көрди. Атасын сыртымнан көз тигип отыр деп қыялынада келтирмей, келиншек сол қәлпинде ықтыярынан айрылып узақ силейди. Сол жигиттиң қарасы шөгиўден сәл аррағырақтан Доспан өтип еди, келининиң лалы шығып қалды. Ҳәтте, қолынан балтасы жылысып түскенин де сезбеди.

«Кеўли бузылған ба, не керек екен?» дегендей кемпир-ғарры бир бирине жалт-жулт қарасты, бирақ сөйлеспеди. Екеўининиң де көз астыларынан аңлығаны келини болды, ҳақыйқаттан да, келини алағадалыққа түскен секилли. Ойы, нәзери бир жерде турақламай, әллекимди излеўде. Кемпир-ғарры және тиллеспеди, келинге де ескертиў қылмады, бирақ ғаррының кеўлин сумлық жайлады: «пәнт берип қашып кетпесе жақсы». Енди ол келинин аңлыўды мақсет етти.

Ақшам өз жанбасын өзи шымшыў менен көз илиндирмей, қара үйдеги баласы менен келининиң ҳәрекетлерине қулақ салды да жатты. Бир ўақытта келининиң сыңсып жылап атырғанын еситип әстен ғана кемпириниң мурнын шымшып оятты.

Кемпир даўрықсыз оянатуғын еди, басынан көрпени түрип, азғана тым-тырыс жатты да:

— Уял, сорықайнаған, уял, — деди сыбырланып.—Келгели ара-тура усылайтип жылағанын еситкенмен. Әдепки атастырған күйеўин жоқлаўы шәртғой.

— Яғә кемпир, буның кеўилинде әндийше бар.

— Бәлким, төркинин сағынатуғын шығар.

— Қасындағы маўбас оянып, жубатса болады ғой.

— Қойса, ағасы, нәрестени маўбас демеши.

Жасынан жоқшылықтың зәҳәрин бирге татысқан ҳаялына шәтирлеп көрмеген адам не қыларын билмей, бир уўҳледи.

— Биз оны шаңырақ ийеси деп жүрмиз...

— Он үш жасар нәреста нени биледи?

Ата-ана улының жаслығын енди ғана түсингендей, бир неше демлерге үндеспеди. Келин қайта-қайта мурнын тартып, жылағанын күшейтти. Әлийдиң иши дүткешке айналды, басын шайқап және улын айыплады:

— Ҳәй, маўбас, маўбас...

Ҳаял тил қатпады. Қай ўақыт болғаны биймәлим, келин тынышланды, булар да уйқыға кетти.

Келеси күни кеште Әлий кемпирине билдирмей, және уйқысызлыққа таярланды. Ярым ақшамда тап кешеги ҳәдийсе қайтадан тәкирарланды. Келини тикейип отырып па, дастыққа басын

сүйеп пе, сынсыды, үсти-үстине өксиди. Әлле қайдан сезикленип пе ямаса түсинде шоршып па Омар оянды.

— Паршагүл, неге жылап отырсаң?

— Қорқып ояндым , — деди келиншек.

— Еркек бар жерде қызлар қорықпайды дейди ғой.

— Қәне сол еркек?

— Мен не? Мен қыз емеспен, баламан.

— Бөлек жатсаң, қорықпай пе қыламан?

— Сен бала болсаң бирге жатар едим, уяламан, қытығым келеди, — деп бала уйқысын биротала ашып, шиңк-шиңк сөйледи.

— Енди уйықлай ғой, яқшы ма? Мен басында бағып отыраман, бола ма?

— Онда жақын отыр. Пана бол. Биреў қорқытпасын. Өзиң де қорқытпа.

Паршагүл, тым-тырыс болғаны менен, дастығына бетин басып үнсиз жылап атырса керек. Омардың және жалбарынғаны еситилди.

— Қойса, Паршагүл, қорықпаса. Азанда ағам менен апама жылағаныңды айтаман. Ылашыққа бөлинбей бирге жатың, деймен.

Паршагүл көз жасына шақалып, суў қуйылған оттай ысылдап, бирден тынды.

Әлий келиннің нени күсеп, неге жылап отырғанының себебин енди шамалады. Жүреги силкип кетти. Ҳаялын оятпастан бармағын тислеў менен ой қушағында таң атқарды.

Азанда баласын ақылландырып, сумлық үйреткендей жигит излейжақ болып турды да, «жоқ, бул өзгеге даңғара қылынатуғын ис емес» деген жуўмаққа келип, баласын қасына шақырды.

— Улым, сен айсыз түнде оянып, қазық қағыўды үйрениўиң керек.

— Бир уйықласам, таң намаздың азанын еситип оянаман аға.

— Бир үйдиң ийеси сөйтсе бола ма? Сергек уйықлап үйрен.

— Қазықты түнде қақпағанда не қылады?

— Жигитке бул-әм бир ҳөнер.

— Өзиң үйретесең бе?

— Дәстүр бойынша сағап келин үйретиўи тийис. Бирақ, оятыўын мен оятаман.

— Яқшы.

— Яқшы деме, қалай оятасаң де. Түн жарпында мен тураман да, сыйырға қазық қағаман. Тоқылды менен түргел де, келинди оят. «Неўе» десе, «маған қазық қағыўды үйрет» де.

— Яқшы.

Усы күни Әлий ярым ақшамда түргелип далада бир майдан қазық қақты да, үйге және қулақ салды. Улының оянып:

— Паршагүл, — дегенин еситти.

Келини әллеқашан ояў жатырса керек, атын еки тәкирарлатпай-ақ:

— Ләббай, — деди.

— Маған қазық қағыўды үйрет-ә?

Паршагүл оның балалығына сықы-сықы күлди.

— Неге күлесең?

— Атамның тоқпағы босамаса, қараңғыда қазық қағыў қыйын. Шыда, атам жатсын.

Әлий асығыс түрде тоқпақты далаға таслап, қамыс қосына кирди. Әри-бери тыпылап еди, келин де, баласы да дәрпенбеди. «Маўбас бала жоқе уйықлап кетти-аў» деп дусмаллады ҳәм ҳәрқыйлы жумбақ қыяллардың астында қалып, Паршагүлдиң соңғы гөпин тоқырарлады: «атамның тоқпағы босамаса, қараңғыда қазық қағыў қыйын...» «Бул не дегени?»

Ол усыпап баслап, күндизлери гүймең-гүймең пухарашылығына айналып жүрип те, ақшам өли төсекке кирип те «бул не дегени?» дейтуғын болды. Базда келинине көз астынан қарап әлемде болып көрмеген жаслық гөззаллығына ышқы кетиппе лалы шығып турысы. Ҳаялы оның неге өзгерип кеткенин сораса, бир жуўабы тайын: «Бул не дегени?...»

Ҳаялы ҳайран:

— Ағасы, аўма болғаннан аманбысаң?

Әлий дым үндемейди.

Оның көкиреги қараңғылыққа берилип, кеўлин түпсиз сумлық жайлады: «Келинниң қаўындай уўылжып турған пайты, еркек керек бийшараға, еркек. «Теңиңди тап» деп урықсат бериў жибериў керек болар ма? Жо-о-ақ. Араға уллы бий Айдос түсин «дөўлет басы» өгизин берген қудамдалылық бузылса, не болғаны? Журт «Айдос шала истиң арасына түскен екен» деп күстаны қылады... Өмир-өмиринше тистиң суўын сорып, бийдиң атын ертлеп, жер сыпырып жыйнаған малларым ҳарамға шыға ма? Жо-о-оқ, күйдирмеспен... ҳадал малым... «Ҳаял зер толы арша... Кимниң қолына түссе соныки...» Иши-баўырына қоз түсип түтеди, тисленди, жайпаўсыды: «Заманның қызы заманның бағытын түсинеди. Енди бул есиктен шыға алмаслығын биледи. Лўа, аўа... «Атамның тоқпағы болмаса, қараңғыда қазық қағыў қыйын!...» Бул әнейилик пенен айтылған гәп емес.... Ол буратыла, буратыла таң атырды.

Әлийдиң жалғыз ғарры өгизи бар еди. Гүзде денгенеге бериў ушын баққыға қойыпты. Оның от-жеми, тәрбиясы Паршагүлдиң мойнында. Бир жола келининиң туў сыртынан қарап қалып, оның қораға кирип тоңқылдап жүргенин еситти:

— Шуў, шуў деймен! Жанбасын көтере алмайтуғын қандай өгизсең?

Әлий астыңғы ернине ата сақалын қоса тиследи. «Маған тийгизип айтып атыр».

— Келин! — деди ол шыдамай

— Лөббай, ата.

Әлий не дерин билмей сасқалақлағанынан.

— Өгиз шаршап па? — деди.

— Жумыс қылмай шаршай ма, ата, қартайған ғой.

Келининиң бул жуўабы да қайин атаға астарлы түйилди. Қораға қарай жүрди.

— Ата, геўишиңиз ыласланып қалар. — деди Паршагүл. — Өзим түргелтемен.

Әлий ғырра кейин қайтты.

Ол және ақшамы менен уйықламай келининиң аңлыды.

Күни менен үйдиң ғалма-ғалыпа араласып, ойланып үлгермейтуғын келиншек, төсекке киргенсоң ғана өз тәғдирине налынып, еле ҳештеңениң парқын билмейтуғын ойын баласына не ушын келиншек болып түскенине пушайманы артып, ҳақыйқаттан да уйықлай алмайды, гүрсинеди, базда түсинде сандырақлайды. Бүгин де солай болды.

Ояў жатырған қайин ата ишинен және келининиң гәплерин тәкирарлады. «Атамның тоқпағы болмаса, қараңғыда қазық қағыў қыйын», «Өгиз шаршап па?», «Жумыс қылмай шаршай ма ата, қартайған ғой...»

Ол усылардың ҳәммесин бир жипке дизип, бирден қыялы бузылды. «Ўай, ўай, оның сөзлери не деген оқ, тек мени гөзлеп атады-ә? Бийшара қыз енди маған-ақ қайыл болғаны. Аўа, ол мал төлеген есиктен шығалмасын биледи. Қудай кеширсин, мени...» деди де, жыландай жылысып, әўеле көрпесинен, соң қостан шықты. Ишке қулақ салды. Баласының ерни шылп-шылп етип уйықлап атыр. Келин тым-тырыс. «Мениң тикейгенимди билип, келсин деген мақсет пенен жорта жатыр» деди өзинше ҳәм өзин-өзи усыған исендирип, бирмайдан қалт-қалт етип отырды да, киринўге төўекел етти. Ергенек иштен илиўли еди. Еплилик пенен сылт еттирмей бир жағын тайдырды. Жүреги силкинип, диэелери қалшылдап, және азғана тоқтады. Шаңырақтан түскен айдың жақтысына шығылысып, тас түнек отаўдың ортасында түтинсиз жанған жалындай жалтыраған аппақ дене ғарры жүректи қорғасындай балқытты. Ағаштай бармақлар ҳәрекетке кирди. Толық айдың бетиндеги дағындай болып, аппақ дененің үстинде шашылып жатырған бурымларды көтерди. Усы демде барлық ҳуўышы жоғалып, бүлкилден атырған ыссы еринлерге ғаўажақланған муздай ерилер басылды, торанғылдың ербек шақасындай қоллар тастай қос энарды бирден қамтымлады.

Жылан шағып алғандай қыз «ўай, ана!» деп ушып-ақ турды.

— Тыныш, — деди Әлий. — Мен, мен... Неге қалтырайсаң? Қалтырама! Ҳаял зер толы арша...

Еле өзине келип үлгермеген келиншек даўрық салыў орнына:

— Зер толы аршаны көтергендей күшли қол керек! — деди.

— ...Ҳаплықпа, некенди өзиме қыйдыраман...

— Ҳаў, ата, бул сиз бе? Ўай-ўай! Уялмадыңыз ба? — деп Паршагүл қайтадан көрпесине оранды.

— Тынышлан, не болары болды. Муҳаммед пайғамбар-әм

келинин некелеткен. Нөкылайын, маўбас бала... Қалың малың болса толық өтти.

— Адамзат усындай ийлас па? Түргелиң, кетиң...

— Жалынаман, сақалымды сыйла, саған бәрибир емес пе? Еле күшим бар, тыпырлап.

— Ҳәзир жоғалмасаңыз бақыраман.

— Онда ҳәзир өлтиремен.

— Өлим сизден қорқынышлы емес, жоғалың!!

Әлий ырастап да өлтириўге мейилленип, қынынан пышақ изледи.

Истиң насырға шапқанын түсинген келиншек Омардың көрпесине қол созып силкип жиберди:

— Ҳәй, бала, түргел!!!

Омар селк етип бас көтерди.

— Және қорықтың ба?

— Анаған қара!

Баласының еле уйқылы көзин аша алмағанынан пайдаланып Әлий бирден есикке жуўырды. Бир жағы тайып турған ергенек пәт пенен қулап, қамыс қостағы ана оянып даўыслады.

— Ҳа, бул не? Аманлық па?

Үйде даўрық көтерилди. Ана, келин, бала қорқысып бир жерге топланды.

Ана не болғанын сезди ме, қайтып ҳештеңе сорамады. Омардың «несуе өзи, несуе өзи?» деген сораўына Паршагүл «жат, азанда айтаман» деп жубатты, болғаны. Ал, азанда, оның оянығуын күтпестен, түргеле сала, сандықтан жегдесин алып басына бүркенди де, үйден шықты. Байғус ана бәрине түсинди, бирақ, ирке алмады, көзлеринен жас селлеп:

— Алдыңды алла ашсын, биз ғәриплерди аяйгөр, шырағым,— деўи менен қала берди.

* *
*

Айдос соңғы гезде ҳештеңеден дәкки жемеген сыяқлы, шад. Буның себеби, аўылында өмир ушын гүрес ҳәрқашанғыдан ҳәўижли. Көшеде гәллеңлеп жүретуғын иссиз гезенделер, саяқлар, есикпе-есик қол жайып қайыр сорайтуғынлар әдеўир сийрексиди. Лўылласларының биразы келешектеги қаланың тырнағына басатуғын шеңгел, тал шабыў, қәндеклерден ылай аўдарыў машқаласында.

Қызлар отаўы айналасында да әндамлы көринис. Қуяшламаға шығып тигис тигиў менен бәнт болып тым-тырыс отыратуғын қызларға орыс ҳаял келип қосылғалы әдеўир өзгерис пайда болды; отаўдан шынғобыз намалары, қызлардың қосық айтқан ҳаўазлары еситиледи. Олар қанша еркин ҳәрекетке көшкен сайын Айдос ең кемсөзли, қарыўлы, айбатлы, аўыл бо-

йынша ең татыў, бирликли шаңырақ ийелеринен отаўдың бақлаўшыларын көбейтип еди. Анаў-мынаў саяқ еркеклердиң қызлар отаўы таманға изеп басыўы түўе, солай қараўына имканият қалмады. Ата-аналар енди қызларынан қәўипленбейтуғын болды.

Айдос усыларға қуўанып, ишлерин де умытты, шеп қасының үстиндеги мәштей меңниң қаралтым түске өзгергени сезилмейтуғын болып кетти. Бирақ, ара-тура басын қасып: «биздей аз санлы халықтың қызлары атқа миниўди, жарақ асыныўды үйренсе де, шеп емес сыяқлы» деп қояды. Әттең, ҳәзир мүмкиншилик жоқлығына көзи жетеди. Сол ушын ҳешкимге сыр ашпады да.

Жақыннан бери онда бир гүман пайда болды: «Хан ўәдесин бузбас па екен?» Усыннан кейин ол қаланың тырнағын пишиўге жиберилгенлерди, шигит егиўге келген пахта маманларын еслесе, бойы әдеўир жеңил тартады. Барлық ислердиң барысын баянлап қайтыў ушын Хийўаға кетиўди ойлап турады да, шақыртыўсыз ҳәм салықсыз барыўдың есабын таппайды. Ендиги ойы «Мириўбет күнин» тезирек дағазалаў. Ким қалай түсинип қалай өткерсе, мейли, бирақ, сәрсенбини белгилеў керек. Ол таң сәҳәрден усылар жөнинде ойланып, бармақ бүгип, күн санап жатырып, далада сипсениң тықырлысын еситти.

— Әлий!

Тым-тырыс.

Аздан соң сипсе және тықырлады.

— Әлий?

Лзғана тым-тырыслықтан соң және сыпырыў басланды.

— Кимсең?

— Мен, бийбаба, — деди қыз даўысы.

«Отаўдан зорлықка ушыраң шыққан биреў болмасын» деген ой менен Айдос гаргып турды да, шала-пула киинип шықты.

Сипсе услап турған Паршагүлди көрди.

— Ҳа, қызым аманлық па?

Паршагүл басқа биреў жоқ па дегендей жегденің жырмашынан төрт тәрепине қарап алды. Бийге сыр барлығы айқын болды.

— Айта бер, қызым.

Паршагүлдиң қызыл жүзи аңдыз шөпке дөнип, писте мурны қызарған, қабақлары қатып, жаўдыр ала көзлериниң нуры сөне баслағандай еди. Бет-әлпетин бийге көрсетиўге ийбе етип, жегдесин көзине сәл түсиргиккеди де, әстен ғана сөйлеп, болған ҳәдийсениң ушлығын баян қылды, бий бирден-ақ түсинди.

— Өзи қайда кетти?

— Билмедим.

— Және ким биледи?

— Сиз үшинши адамсыз, бийбаба.

Айдостың ақ қуба шырайы өртең шалғандай түнерип, көзлери жерге қадалды да қалды. Паршагүлдиң жаслы көзлери жегде-

ниң жырмашынан жылтырап, бийбабадан қандай төрелик күтетуғының өзи де билмей ҳайран. «Айтпастан ылағып өлиў керек пе еди? Жоқ, дурыс келдим, ел атасы бийбаба билсин...»

Айдос әллеқашан бас көтерди. Қорада атларға жем илип атырған Доспанды көрип қасына барды:

— Атымды ертлеп бол да, мына қыз бенен сөйлес, егер маған пендей арза етип келгенин сеннен жасырса, маған айт. Ҳәзир кийиниў шығаман.

Доспан салмақлы бийбабасының азан менен басқы таўып парасатлы жоғалтып жүргенине аң-таң болып Паршагүлге жақынлады.

— Әлиў атаның орнына есик сыпырыўға келген екен десем, не ўақыя сорыма?

Доспанның албырақлап сөйлеўинен бийбаба исенимли атқосшысына айтқан екен деген ой менен, қыздың көзлеринен жас парлап:

— Өлдим ғой, Доспан, — деди. — Туўысқан келинине қайын атаның қол салыўы, адамзат тарийхында сирә болдымекен? Тирилей өлдим, енди мен өлимен.

Доспанның көзлери уясынан шығып кете жазлап, жүзи бирдемде мыңсан қубылды.

Айдос асығыс шығып, атының шала желинген дорбасын сыйырып ылақтырып жиберди де, зәңги басыўға келип қалған Доспанға қарады.

— Айтты, бийбаба!

— Жаман әдет пахтаға тийген от. Қызды ҳәзир «Көк өзек» тамаңа ертип әкет те, өлтир. Мен Әлийди өлтирип келемен.

Айдос басқа сөзге келместен, атына ғарғып минди де, шапты. Доспанда бийбабасының ҳәмирин тәрк етиўге шара қалмады. Отаўға кире сала керегеге илдириўли пышақты қойнына тығып шықты.

— Қәне жүр Паршагүл, сени «Көк өзек» бетке апарып, сәўирлетейин.

Қыз «мени өлтиреди екен» деп ойына келтирмеди, бирақ, оның жас жигитлигинен қорқып, исенимсизлик пенен жаслы көзлерин қадады.

— Қәне, жүр қыз, — деди Доспан асықтырып. — Журт толық оянбастан бурын кетейик. Болмаса уятқа қаламыз.

Қыз қарсылық билдириўдиң есабын таппай, наилаж ерди.

* *
*

Айдос Әлийдикине гидирип ҳаялынан қай бағытқа кеткенин сорады да, қамшы сүймейтуғын алаяқ жийреннің саўрысына бир шырп еттирип, тоғайға қарай қуйындай ушты.

Соңша асыққаны бир пулға турмады, қәўипленген бүклери-

ниң арасын аралап, арман-берман шапты, таппады. Түс болды. «Өзин суўға тасласа, денеси қалқып шығыўы мүмкин» деген болжаў менен «Көк өзекти» ыққа қарай жағалады. Бунысы да сәтли шықпады. «Бундай уятсыз жанын өлимге қыймайды, бәлким, түнде жолға түсиў ушын бир бүктиң астында ийги шығып буғып атырған шығар» деген ой менен, кейин қайтып жыңғыл аралас шеңгелликтиң арасына кирди. «Мыржықтың аўылынан пана излер ме?» деген ой басына сап еткени сол, жол бойында бир атлыны көзи шалды. Анықлап қараса, Мыржықтың дәл өзи. Қәдимги торысының үстинде, ҳештеңеден бийхабар бояў боп ғана отыр, басында қәдимги қара қалпағы, узын қара муртларының ушы қулағына шыйратылмай жағынан төмен түсипти. Айдосты көрмей ойлы баратыр. Айдос оған үндемей, оң жағындағы бийик тораңғылға қайрыла бергени, бир шақаға асылып, аяқлары сәлленлеп турған Әлийди таныды.

— Мыржық, берман, — деди де, ат туяғына қуўрақ шөплерди пышыр-пышыр жеништириўи менен, тораңғылға жетти. Әлий мойнына белбеўин салып әллекашан жан тәслим етипти.

Мыржық Бегис пенен соңғы ажырасқаннан ҳеш жерге қайрылмай үйине келип, бирнеше күн ойланды. Өзиниң ҳәм еки ағасының түткан жолларынан көз алдына елеслетпеген бир жыйын, бир ўақыя қалдырмады. Бәринде Айдостың жолы туўры сыяқланды. Оны Төремурат суўпы менен салыстырып, базы ислеринен аса артық данышпанлық таппаса да, «туўысқан, қаналас» деген сөзлер үстем шыға берди. Қумардың соңғы гәплери де демеў болды. «Егер Айдос қабағын шытпай, өткенди бетиме баспай, туўысқаным десе, түсинсе, бирге болайын» деген жуўмаққа келди. Сөйтсе де, Айдосқа батыра айтқанлары есине түсип, көрисиўге қалай бети шыдайтуғыны жөнинде ойға шүмип киятырғанда, Айдостың өзине гезлескени, оның шақырғаны қуўантты. Ишинен «ис раўаж тапты» деди де, қайырылды.

Ол қасына келгенде Айдос ат үстинде турып, қылышы менен шақаға байлаўлы белбеўдиң ушын кесип үлгерген еди.

— Қәне, аттан түс, — деди ол Мыржыққа буйырып. — Ийтке ийт өлими келипти. Астын тырнап қаз. Жатқан жерине қаралап кетемиз.

Мыржық Әлийди таныи, Айдостың бетине күтә жек көриўшилик пенен қарады, жағынан төмен салбыраған муртлары ҳәкирейип кеткендей сезилди.

— Қандай напысап адамсаң?—деди ол атынан түспей.—Сонша жыл хызметиңди қылған мөмиңди ийтке неге теңгересең? Сенде меҳир, сенде ҳүждан бар ма өзи?

— Гәпти азайтшеш. Өлиии топырақка қаралаў тирилердиң иси. Түс дедим бе, түс!

— Саған хызмет еткен инсан да, сен кийген гөне шапан да бир екендә! Сен ушын өз баласын урып өлтирди бул адам.

— Мени көргенде сөйлеп қалыў мәр ме, сизлерге?

— Атынды жылаўлағанлар дәртиңе шыдамай асылып өлсе сөйлемей не қылады? Кисиге қуяш аўыстырмайтуғын басшының кимге кереги бар. Усылайте берсең, бир күни сени Доспан-ақ гүм қылады.

— Менде саған сөз айтыў иштейи жоқ, ийни келип тур, сөйлеп қал.

— Гүлдирмама күшли гүмбирлеген сайын жаўыны майда болады. Сен де сондай бир өткинши гүлдирмама. Дабылың күшли, бирақ изиң жаўын орнына көз жас.

— Сөйлей бер, ийни келгенде пышық-әм жолбарыстай кериледи.

— Жоқ, мен емес, Бегис емес, сен пышықсаң. Ҳақыйқатлықтан қорқасаң. Дәлиўл айт, изиң не ушын жасқа толып қала береди?

— Сен бул әлемниң барды-келдилерине түсинбей турып, неге бийиктен сөйлейсең? Қараңғыдан соң не келетуғынын билесең бе?

— Қараңғыдан соң жарық келеди дей жақсаң ба? Өйтип изиңди сыйпалап, журтты алдама! Жарықтың изи және қараңғылық.

— Сениң бул гәпиң қудыққа жығылған бир гиябенттиң жоқары қарап «аспанның мынаў болғаны» дегениндей бир гәп. Өйтип кең аспанды Қоңырат ҳәкимиңиң түсинигине тықпа. Қараңғыдан соң жақтылық болады, тамам!

Айдос оның тиресип тура беретуғынын билди де, атынан түсип, қылышының ушы менен өлиниң астын шуқлап, гөр қаза баслады.

— Мен сениң менен тиллесермен деп киятыр едим. Бийкар қылыппан. Сен бул кисини қаналасларыңнан артық көрер едиң, енди мынаў қорлаўың. Бизлердиң өлимимиз де саған және бир буралқы ийттиң өлими сыяқлы болар екен.

Айдос жуўап бермей, өз иси менен бола берди.

Мыржық та шыдамай аттан түсип, өлини Айдос ойған шуқанаққа аўнатып жибериўге жәрдемлести. Үстине екеўи бирден ширик жапырақ аралас топырақ салып қаралады да, алақанларын тораңғылға сүйкеп-сүйкеп, атларына минди. Былайрак шыққаннан кейин, Мыржықтың шыдамы түўесилди:

— Қәне, сөйле.

— Қурбақа бақылдағанда адамның тыныш турғаны абзал. Өзиң айта бер.

Мыржықтың әбден ызасы келип қызды.

— Хийўаның ханы өтирик қуўатлағанға айдың қасындаман деп менменсиме! Жулдызларға сер сал. Қоңырат ҳәкиминен улги ал. Билесең бе, арқа сүйеген Хийўа ханың тас дийўал емес, мәйектиң қабыршағы. Аўзына ылай сыйпалайды. Журт ҳәзир Қоңыратқа көшип атыр. Халық сен ойлағандай көзсиз емес, жақсыны ,күшлиии паналайды.

Айдос оның айтқанларын күтә бийпарўалық пенен тыңлап, бир аўыз-әм жуўап қайтармады. Мыржық оннан сайын күйип-писти.

— Дәўлетиң қайтып баратырғанына ой жибер. Айналаңды қоршаған өз қорғаныңды өз қолың менен бузып жүрсең. Билип қой, димары кеткен пышықты тышқан талайды.

Ел атына, ата атына нуқсан келтирген Әлийге ғазебетли бийге Мыржықтың сөзлери бурынғысынша «былшыл» болып туйилди, сонда да Әлийдиң не гүнасы болғанын жәрияламай, қабақ үйиўи менен жекиринди:

— Сизлер Қоңырат ҳәкиминиң ҳәм көленкеси, ҳәм тоты қусысыз.

Бул гәп Мыржықтың көкирегине ийтерген найза болып, атының басын кейин бурды.

* *
*

Паршагүлди ертип «Көк өзекке» жеткенше Доспанның жанына жеги болған бир ғана сораў жазықсыз инсанды қалай өлтириў?

Қыз оның сум қыялларынан бийхабар ерип келе берди. «Көк өзектиң» өрине қарай азмаз жағалап жүргеннен кейин Доспан қызды қәндекте қалдырып, ырашқа шықты. Қуяш мисли жалынлап оралған топ болып, қамыслықтың үстинен көтерилип киятыр еди. «Сен ҳәзир бир жас жанды әкетесең» деди қуяшқа. Аўылға поезр таслады. Тип-тик аспанға шығып баратырған суйық түтиннен басқа ҳеш нәрсе көзге шалынбады, азан менен шабаланатуғын қаңшықлардың-әм даўысы еситилмеди.

Қызға бурылды. Оның турған жери бурынырақта жыққынлап көп топырақ алынған күтә ой қондек еди. «Горип, нағыз қолай орында қалған екенсең, бир заман еркин нәпес ал» деди де, артына айналды. «Көк өзек» төпелеме болып, иймрим тартып ағып тур. «Пышақ пенен жаралағанша, көйлегиниң ишин топырақка толтырып суўға ийтерип жибергенде не қылады?..» Ол өз ойларынан өзи сескенди. Қыз ҳеш нәрседен бийхабар. Доспанның ҳәрекетлерин бағып тур еди, бетине тигилген жаўыз көзлер менен тиклесе алмай, жегдесин сәл төмен түсирип, бетин жасырды.

Доспан ырыштың басында арман-берман жүрип, әстен түсти де, қойнындағы пышақтың сабынан оң қолын айырмай, қыздың қасына жақынлады. Ол әлленемеден сезикленип, кейин бәсе баслады.

— Не қәўпиң бар?—деди Доспан қойнынан қолын шығарып. Жуўап орнына жегде астында жылтыраған қара көзлерден азанғы шық яңлы еки тамшы тамды. Доспанның жүреги қанағандай, тулабедени босасып, және артына айналды да, «изимнен

ер» деди сыбырланып. Олар енди ырашқа көтерилди. Қыз Доспанның зердели жүзинен күтилмеген сумлық болатуғынын күтип, араны сәл ашық қалдырып ере берди.

Доспан енди ойға шүмди: «Он екиден бир гүли ашылмаған қызды қалай өлтириў мүмкин! Бийбаба сорағанда ҳештеңе айтпады»—деп қоя салғанда, не болар еди? Жоқ, өтирик сөйлеў мүмкин емес, ата-ананың руўхы бар, өтирик сөйлеген бахытсыз болады...

Ол ой шырмаўығына қанша оратылған сайын, жүриси тосаңлады, қыз оннан сайын қорқып бирден артына қайырылып умтылса, мени жолта қылар деген қәўип пенен жегдесин бүклеп, қолтығына қысты да, өзинше шайқасқа таярланды.

Бир мезгилде жигит гидирип, көз астынан қарап қыздың суў бетине түскен саясынан үш-төрт қәдем қашықлықта, тоқтап қалғанын сезди де, артына айланды. Күтилмеген көринис оның аяқларын ырашқа көмгендей қыймылсыз лал қылды: Алдында марҳум әкеси тәрийплеген сулыў тур. Кең жаўырынлы, дуғыжым, палўан билеклери бар, шашлары мийиздей қара ҳәм буйра, жигитке қап қолдаса алатуғын бир гөззал!

Жигит селк етип сезими қай тәрепке өзгергенин қыз түсинбеди, бирақ, өз кеўлин айтыўдан тартынбады:

— Доспан, — деди даўысы сәл дирилдеп. — Орныңнан қозғалмай тыңла. Азаннан бери мени ертип қалай өлтириўдиң есабын таппай жүргениңди сездим. Қайнатамыз бенен арамыздағы ҳәдийсе елдиң, миллеттиң атына пуқсан, басшының қақ маңлайына жағылған күйе екенин де түсинемен. Буны тистен шығарыў ийстим жоқ еди, бирақ елдиң басшысына билдиргенди мақул таптым. Ҳәр адамның бир сырласы болмаса жарылады, мен сени бийбабаның ҳәм атқосшысы, ҳәм сырласы деп түсиндим. Сөйтип айттым. Өтинемен, сен мени өлтирме, мынаў жегдемди алып қалып, бийбабаға «өлтирдим» деп бир өтирик сөйлесең, қудай кеширер. Қорықпа, елде ҳешкимге көринбей ғайып боламан, Мыржықтың уллы болған тойына келген дағыстанлы жигит пенен аткөншек ушып, бир-еки аўыз тиллескеним бар. Соны излеп кетемен. Болмаса қазақ арасына сыйысарман, бәлким я өзбек, я түркмен арасынан пана табарман, орыс та жат емес екенгой, соларға тап болсам, биреўлериниң кирин жуўсам да күнелтермен. Тек тири қалдырсаң болды, жасағым келеди. Анаў тас төбеден нур шашқан қуяшты, көк көңбек аспанды, аяқ астында ағып турған мынаў мөлдир суўды, анаў кең жазық даланы қалай қияман?! Инан, Доспан, ҳешкимге ҳеш-қашан айтпайман.

Ырашқа қойылған қарақшыдай ҳәрекетсиз қалған Доспанның жүреги, қанаған үстине қанағандай, бойынан димары кетти, қайрақтай булшық етлери жибисип, қара булттай түнерген зәрдели жүзи кем-кем ақ қағазға дөнип, қызға қарай қулады, қойындағы қынлы пышақ жылысып түсти. Қыз «өзин пышақлаған жоқ па?» деген гүман менен, қындағы пышақты алып ояқ-буя-

ғына үңилди де, өз қойнына жасырып, жигиттің үстине жегдесин таслады.

— Хош, Доспан, рахмет. Пышағыңды мен әкеттим.

— Кетпе, Паршагүл, бирге... — деген саза шықты жигиттен.

Бул ҳалатта қалдырыўға қыздың жүреги даўамай, төмен шөгип отырды. Жигит әлленемирде өзине келип түргелди:

— Төменге түсип, азғана дем алайық, Паршагүл. Мен сениң менен бирге кетемен.

Қәндектеги майса шөпликке отырғаннан кейин Доспан ең соңғы айтқанын және тәкирарлады.

— Өйдеме Доспан, Ўатанын таслап кеткен жигитти журт қатын дейди.

— Сениң менен болсам, аспан астының бәри маған ўатан.

Қыз тил қатпады, жигит гәпин езбелемеди.

Олардың узақ созылған үнсизлигин қамыстың тасырлысы бузып, сескене бас көтерди. Айдостың өзи келип қалыпты. Зәррелери қалмай екеўи теңнен ушып түргелди де, қол усласыўы менен алаяқ жийреннің алдыңғы аяқларына жығылды, бирақ, ҳешқайсысы сөйлемеди.

Ғәзепли киятырған бийдиң жаслығы ссине түсти ме, бүккесине қулап ат туяғын қушақлаған еки жасқа меҳри оянды:

— Түргелиңлер, Әлийдиң иси өзине де, келинге де өлим. Лекин сизлер екеўиниз түйген түйиннің мәнги шешилмейтуғынына исенемен. Қәне, қол жайыңлар, аўмийин деңлер, қоса ағаргайсыз, балларым!

— Аўмийин, бийбаба... Аўмийин... Аўмийин.

Көзлеринен жас парлап турған еки жас, ҳәзир я түси, я оның екенин билмей, аспандағы қуяштай ашылысып, күлкиден езиўлери жайылып кетти. Айдостың көзи тасаланыўы мәттәл, түнги аққан жулдызлардай бир-бирине атылды.

29

Үскини қуйылып көўилсиз киятырған Мыржық аўылының алдындағы төбе қумға шығып атының жуўсин тартты ҳәм алдына көз тасланды. Бул аўыл бурын еки адамның атында еди, ал ҳәзирги ата өзи... «Нурды орман еткен менен тәнҳә өзине түссе де жақсы емес, күйдирер екен» деди ишинен. Сөйтсе де кеўли бираз жубанып танқап сыяқланды, бирақ аўылдың уқ-қыл-шуңқылына қанша тиңилген сайын иши ғымлай берди: аўыл бир шети унырап сынған тасқа ма, ҳәр жери геўдиреп тесилген қәлбирге ме, мегзейди; азайған, сийрексиген, адамлардың олай-булай жүрислери қупарсыз, ҳәтте, шаңлақтағы маллар азып кеткен тәризли, бири бири менен сүзиспейди, сүйкелиспейди, тебиспейди. «Әўелин баслап, кейнин усы ҳалға салып кеткен Бегис, саған не дермен? Өзиң көшип қоймай, бираз аўмақайды көширип әкеттиң...»

Ол қумнан түсти. Ҳешким алдын кесселемеди, өзи олай болыўын да қәлемей киятыр. Өйткени, ҳәзирги ашыўы үстинде, аўылласларынан бири ушырасып илме тоғанақлы дегишпе қылса, қызып, өлтириш қойыўы да итимал.

Есигиниң алдына келип тоқтады. Қумар ат дүрсилин алыстан-ақ сезип, ийнеўге арқа берип жолын күтетуғын еди ҳәм атты өзи байлайтуғын еди. «Бүгин мени қайтып келеди деп ойламаса керек» деген қиялға берилсе де, келиншегиниң шықпағаны зәрдесине зәрде жаман, шырайы түтин болды, атын қаңтарды да, ҳаялын көриўден урыў мақсетинде қамшысын оң қолына услаўы менен есик көтерди.

Қумар баласын нәҳән сырлы самарға шомылдырып, сылаўмай жағып отыр еди, ерин көре ушып-ақ турды. Әкесине ере киргән самалдан аязлап па, ямаса анасының қолынан жылысып самарға бир жери тийди ме, бала шырр етип жылады. Мыржықтың Қумарды урыў нийети бирден жоғалып, сыртқы шапанын шешиў менен ашыўы сап болды. Қамшысын керегениң басына илдирип, бөпениң бетине үңилди. Анасының қос алақанында жылағанын қойған нәрестениң үлкен қара көзлери жылтыраң шаңарақка қарап жатыр.

— Саған сәлем берип атыр, — деди Қумар.

Мыржық бөпениң кишкене мурнынан бийазар ғана шымшып, қапталдағы төсекке отырды.

Ериниң жүзинде зәрде көрген келиншек бийтақатланып, баласын бесигине бөлей сала, даладан бир дәсте жыңғыл өкелип, отты лаўлатып жиберди.

Мыржық және көп ойдың астында қалып, чай қайнағанша бас көтермеди, көз алдында еки ағасының бир-биринен өжетлиги, өзимшиллиги...

Қумар гә бесик тербетип, гә чайнек-кесе сыпырып шырпылдап жүр.

Алдына дастурхан жайылып чайнек қойылған гезде Мыржық бир мүшеси сынған арысландай ыңырсыды.

— Құдайталаның адамды өлетуғын етип жаратқанына мыңқәтле шүкир.

Қумар «неге?» деп даўысын шығармаса да, ериниң түр-түсинен қорқып, каса көзлерин сүзе қарады.

Айдос пенен ушырасыўдан күтә ызаланып, қорлығы келип қайтқан Мыржық, «қаналаслардың тири күйигинен гөре, Әлий усап өле қалған жақсы» деген-әм ойға берилген еди, сонысы есине түсип, өз-өзинен және гүрсинди, басын шайқады.

— Киснин ең жаман қыяллардан қутқаратуғын жалғыз усыл — өлим.

— Не ушын өйдедиң, төрем?

— Жаманлар көп бул әлемде.

Ери ашылыса баслағанына келиншектиң кеўли қарар тапса да, сарсықлы гәплеринде тебен кирпиклери ләмленген тәризлен-

ди. Бесикте бети ашық жатырған бөпениң маңлайы жыйырылып, жылаўға мейилленгенин көрди де, тербетип отырып, ерине тәселле айтты.

— Қапаланба, төрем. Егер бул әлемде жаманлар-әм жасамағанда, киси жақсылардың қандайлығын билмес еди.

Мыржық ҳаялына таңлана бир қарап, жаны жай тапқандай, бир жанбаслаған ҳалында, алдындағы чай куйыўлы кесесин де ишпей уйықлап кетти.

Қумар чайнек-кеселерди жыйнады да, үстине көрпе таслап, үйде шырт еттирип шөп сындырмады.

Мыржық соннан азанда оянды.

Жүзинен, көзлеринен шаршағанлықтың изи жоғалған менен, еле бойы жеңилип кете қойған жоқ еди, сонда да өзин тутып, баласын алдына алып отырып, ҳалқасланды.

Қумар ерине не болғанын уқты.

— Жасүлкенлерди кешириў керек, төрем, — деди ол. — Жақсылардан бәрҳа мин тапқысы келген кисиниң жекке қалыўы да тәәжип емес.

Мыржық өзин өззи көрсетпеўге тырысып, мыйығында күлки ойнатты, Қумардың және де айтажақ гәплери бар сыяқлы еди, ери хошаметкөйлик кейип тутқаны ушын ҳештеңе демей, суў әкелиў бәнеси менен қабақ арқалап шықты.

Мыржыққа жеккелик жүги минди. Жасында еситкен бир гәпти еследи. «Үстиниң жыртылғанына өзгени гүналы қылыў нөмәртлик». Ол усыған қоса, «аўылымның жетимсирегенин кисиден көрсем меники нөмәртлик» деп гүбирленгени сол, баласы жылады. Мыржық оның басын олай-булай қыймылдатыўынан, аяқ-қолын жаздыралмай қысылып атыр деп ойлады да, есиктиң алдындағы қостан орысы бесикти әкеле сала, ишин төссестирип, баланы өз бесигинен шешип алып соған салды. Бөпе жубанды. Оны тербетип турып әўкенлеп сөйленди.

— Саған шекем еркинлик күсейсең-ә? Көрдиң бе, ата мийрас бесикте жаңа ғана жылап атыр едиң, тартқы баўсыз кең бесикке түсип, аяқ-қолыңды еркин қыймылдатқаныңа мәссең, енди. Үлкейгенде тағдийриң не болар екен-ә? Сен мени таныйсаң ба? Не қылайын? Кеңес бер. Ҳештеңе айтпайсаң ба? «Өзиң бил, аға» дейсең бе? Мейли. Жоқ, айтшы, балам, кимлик болайын? Хийўа ма... Қоңырат па... Бухара ма... Қазақ ханы ма... Орыслар ма? Ойласпай қойтейин, сөйлесең, балам, бул заманда ҳәркимдики өз көмешине күл тартыў, бир ошақтың басында өскен туўысқанлар-әм үлкейген соң, ата ошағына былғалақ салып, өзине қоз тартады, аўа, балам. Сен «балаға әкениң сақалы да қорған» деген нақылды билесең бе? Сол ушын ҳеш сөйлемей еркин ойнап атырсаң ба? Ҳәзирги бесигиңди берген адамлар тәрепке барайын ба? Қой, балам, маңлайыңды жыйырма, мен ақылсыз емеспен, менмен емеспен. «Екеўимиз де атқосшылыққа үйренген халықтың перзентимиз. Усы гәпти

таўып айтқан адам маған кишипейиллиги менен унайды, соған кетейин бе?...

— Төрем, ким менен сөйлесип атырсаң? — деп Қумар күлиўи менен кирди.

— Бурын балаға оке үйретсе, енди шебекейине айналған заман болып баратыр.

— Қойшы, төрем. Көш баслаўшы адасса, изгилер жолға салар болар.

— Адастың деп Айдостың қулағына ясыйын оқысаң да, болғаны.

— Жаўын мезгилинде жаўса дүр шашады, төрем. Еле де көш емес, жас кишилигиң ушын сен биринши болып пәсиңе қайта бер. Бий қайнаға күтә ақыллы, түсинеди.

— Мен кеше оған күтә тойындым, енди айтсаң, жақсылық күтпе.

— Ҳаў, Ерназарды кең бесикке салғанбысаң? — деди Қумар гәпти бөлип.

Мыржық сөйлеместен төсегине шығып, созылып жатты. Және ойланды, ойланды...

Ҳәптелеп ойланды...

Ол белгили бир шешим табалмай жүргенде Жәндулла гүрре хат әкелип тапсырды:

— Бегис ағадан.

Мыржық тез ашты да ишинен оқыды.

«Дуўайы, сәлем хат. Қарағым. Мыржық, сен анамыздың «сүткүртқан» генжетайысаң. Сол ушын еркелигиңди, әрлигиңди кешириў маған парыз. Соңғы сапары қызбалық қылып, «жасы киши ғой, қайда барады» деген ой менен, сени иркпегениме еле өкинемен.

«Дана кисиниң бир тамшы сиясы қарапайым кисиниң бир қасық қанына тең» деп бабалар бийкар айтпаған. Дана ҳәкимниң қасына келип көп нәрсени үйрендим. Ырасын айтайын, сеннен кеширим сорап хат жазыўды сол дана киси мәсләҳәт етти.

Әлий Айдосқа гийне қылып жаны қаслық пенен өзин торанғылға асып өлипти, келини Доспанға некеленипти деп еситтик. Бәрине Айдос себепкер екенин меннен жақсы билесең. Бахты тайған адамның ешеги адымда сүрнигип, көлеңкесинен жылан шығады. Айдостың бахты тайды, енди ол қорланады. Аты шыққан ағамызды қор қылып қоймай, дурыс жолға салыў керек.

Оны айыплап, қарақалпақта қала жоқлығын айтқаным есиңде ме? Ол бийшара ҳәзир қала салыў ушын әўере. Қоңыраттай тап-тайын өз қаламыз, ертеңги Қоңырат ханлығының пайтахты турғанда, елге сонша бүлгин салатуғын машақаттың не керек бар?

Адам жаслығында қыялпаз болады дейтуғын еди, бизиң

Айдос қартайғанда қылапазлық қылып, қырқ қыз жыйнатып атырғанына ой жиберши. Дым ғана нырққа сыймайды-ау. Енди сол қызларды пайтахт Қоңыратқа келтирмесек болмайды.

Өжет иним, сен Төремурат суўпының шалғайын сүйгенди ар билип, қорлық деп өкпелейсең. Неси ар? Неси қорлық? Маған бир жола Маман «биз қосшылыққа үйренген халықпыз» деп айтты деген өзиң емес пе? Ол күтә дурыс айтқан. Бизге биреўдиң шалғайын сүйип жасаўдан басқа жол жоқ. Тоты қус шырайлы болғаны ушын емес, адамды тәкирарлағаны ушын қәдирли.

Булкәрада мен әскер басыман. Сен ең кеминде бас палўан боласаң. Айдосты ең хүрметли жас үлкен қылып төрге отырғызамыз. Ол ушын Айдостың хәзирги алжасықларына күш пенен тыйым салыў илажларын хәким менен ойласып атырман. Келсең, арасында боласаң.

Айтпақшы, атлы нөкердиң саны еки жүзге жетти. Мен оларды Әмиў дәрьядан қалай тез жүзип өткериў машқысына киристим. Жақында дәрья бойлап көпес Тимофеевтиң кемесин Самарқандқа тартып баратырған Атабеклерди көрдим, «Палўанлық қәне?» десем, «Айдос басқарған елатта белле-сиўден ўаз кештим» деди. Хәким кемени туттырыў нийетинде еди, көпестиң бизлерге бийпул ат тағалатқанын айттым. Ол «жақсылыққа жақсылық» деди, жиберди. Қалаға жән-жақтан халық көшип келип атыр. Хәким оларға мәканжай көрсетиў менен машқул. Айдос аўылынан қашып еки үй көшип келди. Бизиң қолдаўлыға қаланың күнбатысынан ең жақсы жер қойылды.

Ойланыў уллы ис, ойлан. Халқымыздың бахты ушын ойлан. Дослық жиби бир үзилсе, қайтып жалғаған менен түйин қалады.. Үзилмей турып ойлан...

Буны жазған қаналасың Бегис деп билгейсең».

Мыржық хаттан бас көтерди, бирақ мойын омыртқасы сынып кеткендей зорға бас көтерди.

— Қонысқа қаланың қаяғы жақсы?

Мыржықтың сораўы өзине қаратылғанын билсе де Жәндулла гүрре еситтегенсип, көзлери жансыз аларып отыра берди.

— Төрем, мен айтайын ба? — деди Қумар чайнеклерди сыпырып отырып. — Әкемнен жас гезимде еситкеним бойынша, қаланың күнбатысындағы аўылларға қыйын. Базаршылар қалаға баратырсын да, түстен кейин қайтысын да қуяшқа қарсы қарап күнсимер болады.

Мыржық келиншегине, биринши көргендей бир қарады да, кешке шекем қара тары қуўырып сыя соғыўды тапсырды. Өзи қамыстан қәлем қыйып, азанда Бегистиң хатының сыртына мына сөзлерди жазды:

«Хәрбир ийт өз көшесинде арыслан. Хәзир, өз көшемде қаламан. Бирақ, сениң хатыңнан соң бабалардың, «адамға

беденинің, кийимінің тазасы, ал достының ескиси жақсы» деген раўаяты есиме түсти. Орыслар бабаларымыздың ески дослары. Енди Жаңадәрьяға барып, Маманлар менен, орыс көпеси менен дийдарласаман».

Ол хатты бурынғысынша эндамлы бүклеп, Жәндулла гүрреге услатты.

* * *

Усыннан кейин көп кешикпей Мыржық Жанадәрьяға келди.

— Әйне ўақтында көриндиң, иним,—деп қуўанды Маман.— Қазақ ханынан жәрдем сораўға еле кете алмай атырман, Халқы гүреске ышқыпаз. Атабек салдаўшылыққа жалланып кеткели, ақылым ҳайран еди. Бирге жүресең бе?

Көбирек журт көриў ҳәўеслиги басым жас палўанға усыныс күтә унады.

— Маман аға, ояқта орыслар-әм бар ма?

— Қазақлар менен аралас отырған аўыллар-әм табылады.

— Олар-әм бизлер қусап бир-биринен сая қызғанамекен?

— Қайсы халықта, қайсы шаңырақта өзиниң алдына шоқ тартпайтуғын адам жоқ дейсең, иним, барсақ көремиз, бәлким, үлги аларлық бир нәрсе табылып қалар.

Олар ертеңине-ақ жолға түсти.

30

Төремурат суўпының Қоңыратқа қайтадан ҳәким болыўына жәрдем берип, жеңиске ериссе де, Орынбай бийдиң кеўил әнжамы еле шашыранды еди. Буған биринши себеп, қызыў пәт пенен Айдос аўылын талағаны, екинши себеп, қоңсылас Маман бий менен биротала суўысқаны. Оның үстине, «Айдосқа Хийўа ханы жәрдем жиберипти, енди қала салыўды қолға алыпты». деген хабар еситкенде, он еки мүшеси босасып, делбеси шыға жазлады, ҳәзир биреўди урғысы келип кесек излеген соқырдай қармаланды. Найлаж, тәғдийрге тән бериўге туўра келди. Бирақ, оның абыржыған кеўлин жубатқан бир нәрсе, быйыл егинлери зор. Жерге не шашса, бәри өрре турды.

Гүзде ғалмағалы асып, барлық олқылықларын умытты. Ол көп күннен бери изли-изинен қырман сүздириў менен бәнт. Мине, ҳәзир ең үлкен тары гүдисине түйек айдаттырып, бир қапталға шаплап үйилген сабанның үстинде үш-төрт адам менен сөйлесип отыр.

Тарысы орылып жыйналған атызда қойдай жайылып масақшылар жүр.

— Олардың да напақасы бизден, — деп масақшылар тәрепке

бир қарап қойды. Екинши қапталдан бир атлы қыйғырып шаўып өтти:

— Халайық, халайық, қулақ салыңлар! Усы айдың ортасы «бир-биреўге мириўбет күни»...

Жақсылық хабарға ҳомме масақшылар қулақ түрип қалды. Орынбай олардың гүўлеп қырманға бас салыўынан қорқып, әллеқайдан келип атынан түсейин деп атырған улына жаршыны қайырыўды буйырды. Ол ҳәп заматта-ақ қуўып әкелди. Жаршы қуўжақтан келген, сийреклеў сақал-мурты зер түсли, сары биреў екен.

— Қәне, зер мурт, айт, не дағазалап жүрсең?

Жаршы астында ойнақшыған қара атындай өзи де тыпыршылап Айдос тапсырған «мириўбет күни» жөнинде билгенлерин тез-тез түсиндирди.

— Тек бир күн бе?

— Ҳәзирше бир күн, — деди жаршы.

Жаршы кеткеннен кейин Орынбайдың кеўли және абыржып, бир майдан отырды да, улына:

— Маманның аўылынан хабар ал, олар не қылар екен,—деди.

— Маман аўылында жоқ,—деди отырғанлардың бири.—Мыржық пенен қазақ ханына кетипти.

Орынбай астыңғы ернине ата сақалын қоса тислеп алды да, аўылласларына сыр берип қойғанына пәнтленип тикейди.

— Айдослардың төрт туўысқан болмағанына шүкир. Болмаса биреўи бизге келип мийимизге қурт болар еди.

— Оған көпип атырмыз ба? — деди жолдасларынан бири оның не айтажақлығын уғып.

— Айдослар қырқаяққа тақаббил тухымлар. — Ол гәп тыңлай баслаған түйекши жигитти көрди. — Ҳәй, аўзы ашық, өгизлерди оңға қайырасаңа! Сизлер не көрип турсызлар,—деп қасындағыларға жеделлирек бурылды. — Ҳо, ҳо, жаң ашытпайсызлар ә? Айланыў тосаңлаған сайын ҳәр өгиз қанша тары асаң жүр.

Олардан бири жуўырып барып түйектеги өгизлердиң аўызларынан тары сабанларын жулып алып, ең шеткисин шыбықлап-шыбықлап жиберди.

Әкесинде оннан қытымырлық жоқ деп есаплайтугын молла Дәўлетназар оның қасындағылардан уялып, дыққат ҳәм ойды басқа жаққа бурыўға таланланды:

— Ақсақал, Маманның қазақ ханына кеткенин қалай билдиниз?

— Ол аўылға қызым түскен, шырағым. Соған барып қайтып едим.

— Олардың қазақ ханына кеткени гүмансыз, — деп Орынбайдың өзи де тастыйықлады. — Билемен, Маман күтә нақуста. Нақуста мерген ақсақ қоян излейди. — Орынбайдың көзлери жаўтаңлап, әллеқандай күтилмеген жаманлықтан гүдикленсе де, баласының ҳештеңеге сасқалақламағанына ырза болып тур. Мол-

ла Дәүлетназар әкесиниң ишинде не барын айтпай-ақ дусмаллайтуғын еди, оның және бир нәрселерди айтып қойыўынан қорқып, қасындағылардың тарқатыўға себеп ойланып турып, алыстан киятырған жекке атлыны көрип күтти. Ол Қоңырат қаласынан шыққан шабарман екен. Қалтасынан қызыл мақпалдан тигилген үш мүйешли дуўа шығарып, Орынбайға берди. Ол дуўаны услап, ояқ-буятына үңилдирде, маңлайына тийгизип, улына усынды:

— Тигисеңи тисең менен сөтип, ишиндегисин алып оқы.

Молла Дәўлетназар әкесиниң тапсырмасын бәржай қылып, ишинен бир бет қағаз шығарып бир қатар шолыў қылды.

«Орынбай перишем, — делинген еди хатта. — Сиз келип *турмасаңыз да, сыртыңыздан көз-қулақпан. Быйыл егинлериң болық екен. Бул қуда сүйген биз мөминниң шарапаты болғай. Жаман көзден сақласын.*

Қоңырат көркеймекте. Хәр күни көшлер қабыл қыламан. Қаланың айналасы қалың елге айналды. Егинлериңди жыйнап, аўылыңды берман көшириўиңди тилеймен. Қәлеген жериңнен қоныс тайын. Келеси бәҳәрден шигит әкелдириў нийетим бар. Пахта егисин биринши сизге тапсырыўды мийсар көрдим. Қәдирли уруў сеники болады.

Атлы нөкерлерим еки жүзден асты. Сен баяғы нөкерлериңди тарқатқан болсаң қайта жыйна.

Хийўаға қарсы болған менен жаман күни пайдасы тийер деп орыслардың Тимофеев деген көпесин иркпедим. Күстаны қылма. Буны жазған Қоңырат ханы деп билгейсең».

Баласы ишинен оқып болғанша бет-әлпетин бағып турған Орынбай хатты қасындағылардан сыр тутып:

— Ағайинлер,—деди оларға.—Анаў кишкене гүдшекти масақшыларға бөлистирип бериўден артық мириўбет жоқ. Масақшыларды жыйнаң да, тарқатыңлар!

Хәмме қуўжыңласып бираз масақшылардың атларын айтып шақырып, жуўырысып кетти.

Орынбай енди хатты оқытып, кеўли қарар таппады. Наўадағы суўға таласқан баспақлардай бирин-бири ийтерисип бир қысым тары ушын ғыйқтабас болып атырған масақшыларға қызыға қарап турып, шабарманға бет бурды.

— Уллы хәкимге бизден дуўай сәлем деңиз. Бәҳәрге шекем ойланыўға мәўлет берсин.

Ағa, Хәким өкпелеп қалмасбекен?—деди улы аңызлықтың шетинде қулдырап баратырған шабарманның изинен қарап турып. — Қоныўға мирәт болмады. Кеўсен-қулақ-әм бериў керек еди.

— Әжелине асығып арба жолда жататуғын жылан емеспен, балам.

— Үйдеги көмилмей атырған дәнлерди көрип хәкимге жеткерсе, изи әламат болар деп қорықтың ба?

— Хә, бәрекелла, өз улымсаң. Абайладың ба, жазыўына қа-

раганда, ҳоким өзгерген. Анаў гуди соң орылып, дәни де көп төгилген еди, оны үлестиргенимди көрип кеткени-әм жақсы болды.

Орынбай өзиниң ойланбай-ақ ислеген ҳәрекетлериниң тапқырлық болып шыққанына қуўанып, атын алдырып минди.

Тары ашызының қубла жағындағы нәскелтек қамыслықта қыйқыў еситип, улы менен солай кетти. Ол қус салып жүрген Қабыл болып шықты.

— Ҳа, Орынбай, күтә сезимтал адамсаң-аў,—деди Қабыл алыстан. — Енди сизикине қайрылып пуў бөрекке тойып кетиў ойымда бар еди.

Оны ертип әкетпеўге илаж қалмады.

— «Мириўбет күни» жөнинде хабарлымысыз? — деди молла Дәўлетназар.

Қабыл мыйығынан күлди.

— Таярланып атырмыз. Буны Айдос таўып еди. Бирақ шөжениң несийбеси болғанда таўықтың емшеги болар еди дегендей, Айдостың ығбалы болғанда, еки инисинен айырылмас еди. Ҳәрким өзинше «Мириўбет күнин» өткерсе бола береди.

Ол тек жубаныш ушын айтып атырғанын Орынбай уқты. Сонда да тары атызының үстинен айналдырып, көп масақшыны көрсетип, оларға бир гудшек тары үлестиргени менен мақтанды.

— Әне, Қабыл, мириўбет деген усы, — деп жуўмақлады Орынбай. — Жаңа Айдос жөнинде гәп басланды. Мен де айтайын. Данқпаразлық-әм тухым қуўалайтуғын кесел болса керек. Инилери-әм ағасының жолына түсипти. Қеўлиңе келмесин, сен қайсы төрелерсең? Абайла, дәлдәлшының досты болмайды. Яқшы, бәри ойын сөз. Сениңше елдиң бас жаўы ким?

— Оқсыз мылтық еки жақты да қорқытады деген. Тийкарғы жаў оқсыз мылтық услағанлар.

— Онда Айдос, Бегис, Мырзық үшеўи елдиң жаўы десек бола ма?

Улының тапқырлығын мақтанын тутатуғын Орынбай, оның тезиеўиллик қылғанына мәрдыйын, көзлери күлиў менен Қабылдан жуўап күтти. Қабыл жас жигиттиң аралласқанын жақтырмай қарыша қондырған оң қолын сәл көтерип бой жазды, ҳәм бираз иркилип тилге келди.

— Үш туўысқанның арасындағы алаўызлық Хийўа ханы менен Қоңырат ҳәкиминиң арасындағы тәсиллесиў ойыны қалай аяқланыўынан гөрезли.

Орынбай Қабылды сораў менен баспалатып, лақылдатып киятырғанына шәндан еди, енди өзин тутыўға мәжбүр болды.

— Быйыл сени пахта екти деп еди, қалай?

Қабыл пахтасының оңша жаман нәл бермегенин, отыз арбаға шамалас пақал орғызғанын, гөреклер пақалда бойын алғанша жайдырып қойғанын айтты.

— Айдосқа бересең бе?

— Әлбетте. Онбес арбасын жиберемен. Жыйнаған қызларына айыртын алады. Биз де оның аўылына төрт қыз жибергенбиз.

— Хәрким қарабасына ықтырма излейтуғын заман, — деп Орынбай ғәпиниң кейинги айтып үлгерген жоқ, изинен жайдақ ат минген биреўдиң қарлыққан даўысы еситилди.

— Бий ага! Дөўлетназар! Қырманды масақшылар талап кетти!...

Орынбай менен баласы қонақты умытып, ғырра излерине қарай шаўып кетти.

Қабыл кете бериўдиң есабын таппай олардың изинен келсе, көп масақшы түйектеги өгизлерди босатып жиберип, қырманға түскен тарыны жабыла бөлисип атыр. Орынбай менен улына қосыла және бир атлы оларды қамшылап жүр. Ким шекийнесин, ким көйлегин, ким бешпентин, ким қалпағын толтырмағанша дәрпенетуғын түрлери жоқ.

Қабыл Орынбайды ишлей жек көрген менең, мынаў жағдайға қаны қызып, қусын ушырып жиберди де, масақшыларды шетинен қамшылаўға кириспи. Демде-ақ ҳәмме тым-тырақай қашты.

— Ҳо, Қабыл, — деди демиккен Орынбай маңлайының терин сыпырып. — Нөкерлерди тарқатқаным бийкар болған екен.

— Бундайда нөкерлер керек, — деди де, Қабыл ҳаўадағы қусын далбайлап шақырып қолына қондырғаннан кейин, бир суўық демин алды. — Жарлылар бир жерде қырман талап үйренсе, ҳәмме елатқа жуғады... Айдос деген жемей турып пәтиясын таярлайтуғын қаралы. «Мириўбет күни» деген бәлеси адамларға непдей қозғаў салатуғынын қуда билсин, хош, қайттым.

— Хош.

31

Бәҳәр жанлы мақлуқатқа «алғулым» дейтуғын қашарман болған менен, жуўанның созылып, жиңишкениң үзилетуғын мәўсими, ал гүз — бәйги сызығы. Ким гүзге жетсе, бәйги сызығынан өтип писикликке жетискени, ашлар да тойынады. Тоқлық — кеўиллерге рәўшанлық.

Айдостың «Мириўбет күни» ушын гүздиң бир күнин таңлағанының себеби де усы еди. Оның үстине быйылғы гүз зүрәәтли болды, ең баслысы қарақалпақ жеринде биринши мәртебе пахта писти.

Көшеден баслап «Айдос аўылы» ҳайт кейпинде. Ҳәрбир үй өзинше таярланып, писатында барының ең мазалысын қазанға салып, өткен-кеткенди қайырып тойындырыўда. Жолаўшылар, дийўаналар қайрылып, көшелерде мәзи-мәйрам болып жүр. Мисли наўрыз байрамы. Ушырасқанлардың сезиўлеринде күлки, қоллары көксинде, бир-биреўге мириўбетли сәлем, ҳәмдамлық. Ошақ басларында әллеқандай парахатшылық. «Мириўбет күни» жәрияланғалы Айдостың иши улы-дүпилди еди. Азаннан баслап

кеўилли. Халқасына есигиндеги дийқанларды шақырып, бир табақтан аўқатланды. Ол-бул буйымлары, дән марданлары сақланатуғын гөнетоз кишкене үйин хәммениң алдында Доспанға инам қылып, ертең-ақ ылашығының орнына апарып тигиўин ескертти.

Айдостың ойынша «Мириўбет күни» ниң мақсетлери: саҳрайылыққа, еркин сөйлеўге үйренген аўылында «сен» орнына «сиз» ди енгизиў, жаслардың жас үлкенге мәжбүрий сәлеми, аўыл баслылары киятырғанда адамлардың бийтәртип сөйлеп, бийтәртип сөгинбеўи, кимниң кимде ҳақысы болса өндириў...

Ол булар жөнинде аўылға дағаза қылдырған еди. Нәтийжесин көз бенен көриў ушын атлы жүриў-әм мириўбетсизлик деп, атларды «Көк өзектиң» бойындағы ойлаў отлаққа кисенлетип, нияда аўыл аралаўға шықты. «Мириўбет күни» жөнинде түсиниги кемлер табылып, күтилмеген қарсылықлар туўса керек болар деген ой менен, Қәдирберген ҳәм Доспанға еки мықлы жигит қосып ертти.

Ығбалға бүгин күн бираз шымырлаў болған менен ашық. Гезлескенлердиң де жүзлери ашық, сәлем бериўлери, қол қаўсырыўлары, көз қысыўлары, күлисиўлери бурын өзлерине тән емеслиги бирден көзге тасланарлық.

Қуяшламаларда жүн түтип, пахта шигитлеп отырған кемпирлердиң, ғаррылардың гүңкилдилери бир бапта биймәлел ситиледи. Базылары жаңа табысқан жупты қумырыларға тақаббил жуғыр-жуғыр.

Отын қушақлап тоғайдан қабақ арқалап суўаттан киятырған балалар, қызлар ушырасты.

— Қайда балларым?

Айдостың сораўларына балалар таласа жуўап берип, кимлер-кимдикине отын, кимлер-кимдикине суў апаратуғынын айтты. Аты аталғанлардың бәри де бийпәрзент кемпир-ғаррылар, кеселбентлер, мешеллер еди. Айдостың көўлинде және қуўаныш оты алысты. Бирақ, олардың ҳәркайсысын бир иркин «сен» демей «сиз» деп сөйлесиўди ескертип өтти.

Аўылдағы байлардан бири Сарыбай дегенниң есиги алдында анталасып турған дийқанларды көрип, солай бет алды.

— Бирадарлар, бул не?

— Бай ҳақымызды бермейди, — деди, дийханлардан тили жүйрик бири.

Айдос даўыслап үй ийесин далаға шығарып алды.

— Бул адамлар не деп тур?

Сарыбай мурнынан мыңғырлап, «Мириўбет күни» тынышыма қойсын — деп ҳақыларын соң төлейтуғынын айта баслап еди. Айдос изиндегилерге:

— Услаңыз, — деди.

Ири геўдели қос жигиттиң ортасында Сарыбай қос қасқырға тап болған жетим қозыдай дирилдеди. Айдос пәтинен қайтпады.

— Енди көтерип апарып анаў арбаға байлаңыз. Қәне бир-

дарлар, — деп ҳақы талап итеүшилерге бурылды. — Тек инсап менен, еки ийнимизде «жабырайыл» периште тур деп айтыңызлар, Сарыбайда кимниң қандай ҳақысы бар?

Ҳәммеси жабырласты:

— Маған бир батпан жүүери.

— Меники тары...

— Маған онсери қабық.

— Маған ылақ...

— Доспан, қораға кириниз, Қәдирберген, сиз телегине кирип мардаларының аўзын ашыңыз, — деп Айдос ишке даўыслап байдың ҳаялын сыртқа шақырды. — Мына жигитлердиң қасында болыңыз. Дийханлардың ҳақысын төлейди.

Ақ боз жаўлығын қыя жамылған жас ҳаял арбаға байлаўлы ерин көрип мыйығынан күлди де:

— Қәйинлерим, сизлер де инсап менен, — деди.

Аяқ-қолы шандылған Сарыбай есигиниң алдындағы аўҳалға шыдамай бақыра баслады:

— Ҳәй, сен, Қәдирберген, кишкене кепшикти ал. Ҳәй, Доспан, сеники не нәмнаҳан туўшаны берип...

— Жигитлер, Сарыбайдың жағына бир-бир урыңыз!... Ҳә, бәрекелла, енди «Қәдирберген, сиз»,.. «Доспан, сиз» деп даўыслатыңыз.

Қос жигит ҳәлсиз қорқақ байға Айдостың ҳәмирин орынлатты.

Олар қызлар отаўының қапталынан өтип баратырып, Қабыл аўылынан әкелинген ғаўашаның пахалынан горегин айырып отырған қызларға бир нәзер таслады. Бирликли, қыймыллары шаққан.

— Бүгин жумыс қылмаса да болады, — деди Айдос Доспанға. Ол қайрылып қызларға ескертиў қылып келгенде, Айдос ийттей шайнасып атырған еки жас жигиттиң қасында иркилип тур еди.

— Айырыңыз! — деди Айдос, изинен жеткенлерге.

Төбелеспазлардың мурынлары қанаған еди, жигитлерге араша бермей, гә оларды, гә бир-бирин мушлаўға өтти. Айдос биреўиниң желкесинен тартып, түйип жиберди. Жәбиркеш тентиреклеўи менен исик көзлерин алартып, Айдосқа тикленди:

— Усыннан мириўбет болдыма? Неге урасаң?

— «Неге урасыз?» деп айтыңыз!

Жигит өз айтқанында қасарысты;

— «Мириўбет күни» неге урасаң?

Айдос төбелеспазлар менен жай әңгимени соңға қалдырып, ҳәзир секиўин еки түп тораңғылға байлаўды, «неге урасыз?» деп айтқанша урыўды тапсырып, алға жүрди.

Қәдирберген келип қосылды.

— Ҳәммеси ырза болды, бий аға.

Қапталдағы төледен, мисли гөрден тирилгендей, бели бүкирейген, күтә әлжуўаз бир ғарры шықты:

— Айдос, шикерине.

Айдос қайрылды.

Ғаррының уллы, келини өлип, үрпе-шүрпе бес ақлығы менен туратуғын еди. Айдос жетимлердиң ҳәрбириниң басынан бир сыйпаладъ.

— Ҳо, азаматлар, еле атасына қандай-қандай хызмет қылады.

Ғарры сөйлеместен оларға қайта ере шығып, жыламсырап алпыслады:

— Жетимлеримниң басын сыйпағаның мың-мың тилладан абзал болды, өнип өс, Айдос, өзиң мириўбет көргейсең!

— Ғарры, «сиз» деп сөйлеңиз.

— Саҳраўы болып өскен мен айталмаған менен, ақлықларыма айтқызаман Ғам жемеңиз.

— Ийманлы болыңыз.

Және бир байдың есигиниң алдында бир мардан дәннен үлес алып атырғанларды көрип «ҳә, қарызларын төлеп атыр екен» — деп, Айдос мыйығынан күлди де, келеси топарға қайрылды. Орталық мал қораның ығында, көшелери патас болып жататуғын бул шоқта бүгин күтә тазалық. Үйлердиң, қоралардың ығында бир де бос мал жоқ. Жайлаўларға айдап жиберилген.

— Тазалық қандай жақсы, — деп Айдос аўылының ғыр-дөгерегипе келетуғын соқпақларға, гүзарларға бир қатар шолыў жасады. Ҳәр соқпақта, ҳәр гүзарда аўылға жетиўге асыққан дийўапалар, жетелескен, сүйенискен ашлар киятыр. Қәдирберген желкесин қасыды:

— Бий ага, аўылда ас көп, бүгин бизикинде суў бөрек писире баслаған шығар. Келгенлерди тамағы мол үйлерге бөлип жиберип турсам қойтеди?

— Ожеп эйтпе!

Айдос аспанға қарап тас төбеге әллеқандай қара булт жәмленип атырғанын көрди.

— Досжан, жаўмас-ә?

— Жаўмас, бийбаба.

Қызлар отаўының айналасында көрпине әллеқашан өзгерген еди, ийте шалды күлкилер... бир тезде «Жетим қыз»ға шерткен ыңқобызға қоса қосық айтқан қыз ҳаўазы еситилди.

...Жасында ата анасынан жетим қалып, ержеткенде әжағасы менен сүйген жигити жаў қолына бенде болып кеткен жетим қыздың зарын ҳәр еситкенде Айдостың да жүреги липилдеп кетер еди. Аўыл тыныплығын бузған бул ҳәсиретли ески намаға қулақ салып, атқосыпысы менен гилт тоқтады ҳәм намаға берилип, көп атлының аўылға белбеў болып, қысып киятырғанын аңғармады.

Қосық тамам болыўдан қулағының иши гүўилдегендей сезилип бас көтергени сол, шашыла сп жайып, аўылды кийип киятырған елиўлеген атлыны көрип, я түси, я оңы екенин, я қай-

ғылы намадан кейин көз алдында пайда болған елес екенин айырмай аң-таң шықты.

— «Әне, өзи!» — деген таныс дауыс еситти, тамам. Оннан соң биреў урды ма, ямаса өзинен-өзи есинен танды ма, билмеди.

Геўгимде өзине келип, атқосшысы менен бир үңгирде, бир арқанға аяқ-қолы шандыўлы жатырғанын билип, ҳайран болды. Доспан әстен шығырсың, күтә аўырсынып атыр.

— Доспан!

— Бийбаба, қудаға шүкир, көз аштыңыз ба? Меники ҳеш гәп.

— Не болды?

— Қоңыратлылар шапты. Арасында Бегис ағаны көрдим. Сизиң мойнынызға қан кийгизип, «қарақулақ» деп бир урғанын билемен.

Айдос тым-тырыс болды. Доспан сүйеклериниң қақсап, буўынлары солқ-солқ аўырып атырғанын билдирмей, тисленип жатыр.

Тап атты.

— Бийбаба, усы адамлар неге реҳимсиз?

Күтилмеген ҳәдийсе ой-баўырын жеп, ишқысталықта жатырған Айдос жуўап орнына селк-селк күлди. Доспанның кеўли өсти:

— Усы оқпанда өлиў мүмкин бе?

— Халқының тәғдири ушын еле иске аспаған ойлары көп адам бундай болып өлмейди. Ким болса да излеп келеди. Бирақ, билип қой, өлим тириликтиң душпаны. Душпанның атын тилге баса бериў-әм қорқақлықты аңлатады.

Доспан бийбабасын күлдириў нийетинде айтқан гәпиниң үйлесиксиз шыққанына астынғы ернин тиследи.

— Сиз бенен маған ҳештеңе қорқынышлы емес, бийбаба.

Айдос үндемеди. Мойнына кийгизилген қаптың тесиги бар екен, соннан аспанға қарап, узақ жолдан шаршап дем алып атырған секилли, усыннан өлмейтуғынына исеним менен, азанғы самал қуўған дүркин-дүркин бултты тамашалап атыр, қыялы алғаў-далғаў. Қуданың бул не ғарғысы, бул не әламаты? Тек Айдостың аўылы емес, еле әлем «Мириўбет күнин» өткеретуғын болса-ше? Сонда ким ғарғысқа ушырайды. Ўай соқыр күшик Бегис, үриў түўе, ырылдаў билмей жүрип сеники не?...»

Сәскеге таман ат дүрсили еситилди. Доспан қуўанғанынан «мыпдамыз» деп даўрық салды. Айдос оған «тыныш» деп бирнәрселер айтпақшы болып еди, үлгере алмады. Дүрсилди түбине жақынлады ҳәм бирден бой таслады:

— Бий аға!

Бул Қодирберген еди.

— Кеширесиз, кеширесиз, — деп гүбирленип, Айдос менен атқосшысы қоса байланған арқанның түйинин тиси менен тарта баслады. — Пәлетийлер, түйинге суў қуйыпты.

— Күлки менен көз жастан түйилетуғын өмир түйинине уса-тып мийтин қылған екен-дә, — деди Доспан.

— Қәдирберген, қара күшке исенип пышақсыз жүриў қәте, — деди Айдос. — Қаптың тигисин сөтип қынымдағы пышақты ал.

Қәдирберген солайынша қылып оларды босатты.

Айдостың жүзи солғын тартып, үсти-басы, сақалы уйпа-жуйпа болып қалса да, сыр бермей, балдызларының түйебастысынан қутылғандай, күлип түргелди.

— Қәне, Қәдирберген, айт, аўылдың аўҳалы нешик?

— Басқыншылардың дәрти қызларды әкетиў екен, отаўды қамалап, ҳәрқайсысы алдына бир қыз өңгерди, бослары азкем мал айдады. Аўылға ҳәржақтан қаңғымай адамлар жыйналып қалғаны жақсы болған екен. Көп қарсыласты. Биразларымыз Әмиўдәрьяға шекем қуўдық. Қолыма илингени Жәндулла гүрре болды. Орыс ҳаялды сол өңгерип баратыр екен. Ашыў менен Жәндулла гүррени атынан аўдарып, дәрьяға шыңғытып жиберди. Соның арасында бир бос атлы топылып киятыр еди, орыс ҳаял бийшара соннан қашып баратырып, дәрьяның дегиш алып атырған жеринен қулап кетти. Қайтып көринбеди. Бегистиң сиз туўралы әллекимге, «көтерип жүре алмасаң атқосшысы менен қосып байла, адам көрмес жерге тасла, өлетуғын болмасын» дегенин қулағым шалғаны бар еди, сизлерди қутқарыўға асықтым.

Айдос маңлайына алақанын басып, бир майдан отырғаннан кейин:

— Доспан, — деди даўысы бираз қарлығып. — Атлардың кисе-нинин гилти өзинде болса, усы жерге ер-турманлап әкел.

Доспан қалталарын сыйпалап, қалдаўраңқырап түргелди.

— Қәдирберген ини, усыкәрадан Хийўаға кетпў ойында отырман. Жигит-желеңлерди жыйнап, өзиң басшылық қылып, аўылға көз-қулақ бол. Бизиң бала-шағаларға тирилигимди ескерт, қорықпасын. Өўеле қудай, хаққан күш алып, елди бириктиремен. Ел-халықты шала сүйсйтуғынлар менен соң сөйлеесемиз.

Қәдирберген қайылшылық билдирип, қайта-қайта бас иймеди.

* * *

Айдос Хийўаға келгеннен кейин бирден хан сарайына бармай Қутлымурат инахтикине қайрылды.

Инах оның бет әлпетинен тоңўишин уғып, үйге киремен дегенше-ақ не болғанын сөйлетип, таңлайын қайта-қайта қағып өкиниш билдирди.

— Ҳәзир уллы ханның-әм басында бир мисиўбет, — деди ол ишкерилегеннен соң. — Туўысқан қайнағасы бас қазы еди. Пара алғаны мойнына қойылып, хан найлаж зинданға салыўға мәж-

бүр болды. Енди ақыллы биреў параны ҳадаллап қайнағасын шығарыўға жәрдем етпесе, хан кеселге шатылады. Сизди де қабыл ете алмас, болким.

— Қайнағасын қутқарыўға биз тәўекел қыламыз.

Қутлымурат шахтың бойы жеңилленди.

32

Гүздиң ортаңғы айы аяқланса, Жаңадәрьяға қыс кирди десе болады. Гө жаўын буршаққа айналады, гә қар епелеклейди. Самалы да шымыры, шымшып еседи.

Ушы қыйырсыз жазық даланы жайпап ескен самал қанбақларды турақлатпай қуўып, жарылған собықлар менен қамыс үпеликлерине қоса жерден шаң көтерип, көзди аштырмай тур. Думанға мегзес үпилдирик араласқан шаңғытқа үйренискен қос атлы тәбияттың бул зулымлығына ырық бермей, зәңгилери тийе қатарласып, жайпарахат сөйлесип киятыр.

Самал қанша уйытқыған менен олардың туў сыртынан еди. Шаршаған атлардың қуйрықлары желпилдеп, қапталда көрине бергени ушын иркилип, атларының қуйрықларын түйип алды.

— ...Әне, Мыржық иним, қазақ ханын-әм көрдик, — деди Маман атқа қайта мингеннен кейин, — Ҳайранман, ханның бос ўәдесинен басқа устығанлы не гәпин алып қайттық? Усыннан я Қоңырат ҳәкими, я Хийўа ханы, я Бухара елди шаппағай дей бер. Шапса, жуўықта жәрдем келетуғыны гүмилжи. Ханлар бүйтип бир бири менен ҳал сынасып, пухараны қыса бермегенде не қылады екен. Ой жиберсең, әлемде гилең аңлыспа... Биреў-биреўден баталмайды... Билмедим, я ҳәмме тәсилпаз болып баратыр, я ҳәмме өзинше күшли...

Мыржық қазақ аўылларына араласыўдан бурынғы ғалмағалын умытқан еди. Себеби, қайсы аўылға барса да ҳүрмет көрди, талай аўылларда тойға гез келип, ел атынан палўанлық қылды, базы тойларда жығылып қалса да, ели атына нуқсан келтирмей, қазақлар байрақ берди. Соған қарап бул елдиң ханы да жақсы шығар деген пәмде еди, хан менен сөйлесиктен соң шарқы пәлек қыяллары гүзги үпелектей ушты. Ҳәзир ол Маманды тыңлаў менен, бул әлемниң алдамшы ақыбетлерине түсинип жасаўдың қыйынлығы үстинде бас қатырыўда: «Гилең аңлыспа....», «Дурыс баҳа, — деди өзинше. — Тири жандики гилең аңлыспа... Биреўди биреў мүнжип, биреўдиң қолайын биреў излеген заман... Палўанлардың тәсилине уқсайды... «Гилең аңлыспа...», Ырас, биз үш ханалас бир-биримизди аңлыймыз, сонда басқалар-ше? Ҳешкимге күлиўге болмайды...».

Маман оған көз астынан қарап, әлленәрселерге кеўли толып, өзин-өзи алдарқатқанын шырайынан сезди.

— Мыржық иним, ҳеш өкинетуғыны жоқ. Тәсилпазлық ханлықтың бас сүтини болады... Ең баслысы, аўылларынан қанша

дос арттырдық. Басқа мүшкил түссе, хан емес, солар жәрдем етеди. Өзлеримиз қарапайым, сол ушын қарапайымлары менен ҳәмдамлық жақсы... Ҳәс сений, орыс патшасына жетип барармедик? Бабалардың бурынғы арзасын айтқанда, пай, пай, кең елдиң дастурханы да кең, паналық шалғайы да кең,..

— Маман аға, егер, орыс патшасына барсаң, «қарақалпақ халқының саны қанша?» деп сораса, қәйтип тәрийплер едиң?

Маман күлди.

— Қызық сораў бердиң ғой, иним. Егер орыс патшасының сарайына табаным тийсе, ол сораса, «қарақалпақлар уллы дүбелей жылларында шайпатылған бир теңизден бөлинип қалған қолтық көлдиң балығы шелли санаўлы» дер едим.

— Үрп-әдети, әдеп-икрамы, жаўынгерлиги қалай десе, не дер едиң?

— Дүньядағы ең уллы теңизлердиң балығына тән қәсийетлиң ҳәммеси көлдиң балығынан да табылады дер едим.

Уйытқыған самал бираз пәсейсе де, бултсыз аспанды төнкерип қойғандай көк Арал теңизи тамандағы тегис алаңлықта жумалап баратырған бийпаян қаңбақлар көринди.

— Тәғдири анаў қаңбақлардың тәғдирине сәйкеслигин-әм уқтырар ма едиңиз?

— Әлбетте, иним.

— Аўылыңыздағы көпес Тимофеев пенен уста Никифоров жөнинде не дер едиңиз?

— Тимофеев сыяқлылардың базы қылықлары ушын орысят елинен безгимиз келеди, ал қарапайым уста Никифоров сыяқлылар ушын орысят патшасының зәҳәрине де қайылмыз дер едим.

Олар усыллайынша сөйлесиў менен бираз жол өндирди. Бирақ, аўылда ҳәсиретли ўақыя күтип алды. Бириниң ушырасқан надашыдан-ақ, Айдос аўылына қоса бир қатар аўылларға Қоңырат ҳәкиминиң шабыўыл қылғанын сезди. Дегелери жуўласын атларынан жығыла жазлап, Маманның үйине ворға жетти. Бул жерде уста Никифоров баласы Якоб менен отыр екен. Шашлары бийдай сабандай тоғанын жүретуғын кишкене бала қарақалпақшаны бир қарақалпақ балаларындай билгени ушын ба, базда Мамандикине келсе аўыз тыпайтуғын сөйлемшек еди, ҳәзир жүдә солын қалыпты, шашлары да жатық. Әкесинин көзлеринде қайғы-ҳәсирет, Маман олардың қайғысына айттырмайақ түсинди:

— Келмеди ме?

— Келмеди, Маман, Қоңырат ҳәкими гүллән қызларды бенде қылып әкеткен. Мениң сорлы ҳаялым қашаман деп суўға кетип өлген деген өсек бар.

— Барып қайталмадың ба?

— Тимофеев жибермейди. Саған келип айтыўға үш күн жалынғанда, бүгин зорға урықсат етти. Ол суў менен баратырып

Қоңырат ҳәкиминиң күшин көрген екен, «ҳаялыңды излеп бар-саң, зыяны маған тийеди» дейди.

— Уруўымыздан екі қыз-әм жиберген едик. Олар ше?

— Усы хабарды таўып келген сол қызлардың ата-аналары ғой, Маман.

Мыржық жер шуқланды. Маман ат қағып шаршағанын умытып бирден түргелип кетебережақ пишинде отырыпты.

Соңыңарасында Есенгелди сары менен аўыл кәтқудаларынан бир топары кирди. Айдостың отаўына жиберген қызлардың әкелери де пайда болды. Маман оларды сөйлетпестен:

— Айдос не питкерип қалды екен?—деди.

— Биреўлер ол атқосшысы менен қосып өлтирилген дейди, екиншилер жан саўғалап Хийўаға қашқан дейди.

Шаңырақтан қан қуйылғандай ҳәмме ләм-мийимсиз. Мыржықтың иши-баўыры өртенип, шешилмес жумбақ пенен бәнт, Маманның буўынлары балталанған секилли журесине отыра алмай, керегеге арқасын бере қыйсайды.

— Ел ағасы жаман болса, елин жолаўшы шабады деген усы,—деп сарсылды қызы бенде болғанлардан бири.

— Қызларыңызды көре алмадыңыз ба?— деди Маман оларға.

— Көрсетпейди. Қайсы аўылдың қызы бенде болса, сол аўылдың бас бийи келсин дейди. Оларды Хорасанға сатадымыш деген-әм сыпсың бар.

Алба-дулба шапанына таза қан шашырағап Гүлимбет «сөксанар»дың асығыс кириўи, отырғанларды әбден қорқытты.

— Ҳа, аманлық па?—дести ҳәмме бир аўыздан.

«Сөксанарда» сөйлерге ҳал жоқ, еки көзи жаўтаңлап, отырғанларға бирим-бирим қарап шықты ҳәм жылап жиберди.

— Қурыдым, қурыдым, ағайинлер...

— Не болды?

— «Дәўлет басы» өгизим өлди. Тоңға тайып өлгенин қәйтерсең.

— Сол ма?

— Зорға, ҳадаллап, адамларға дәнге дәнгене қылың десем, ғарры өгиздиң шандыр ети кимге дәри деп, ҳешким алмады. Заман бузылған. Адамларда мийрим-шәпәәт жоқ.

Биразларда оған жек көриў нәпрети, биреўлерде оның үстинен сықақ кейпи пайда болды.

— Қызыңнан не хабар бар?—деди Мыржық.

— Сен өзиң қарақалпақтың баласымысаң? Қыздың ерки мал берген адамда болмайма? Мейли, писирип жесин. Өгизимизди айтыңлар!

— Соң көрермиз, шығып тур,—деди Есенгелди сары оған. «Сөксанар» қамыстай қалтырап, көз жасларын сыпырыўы менен сүйретиле шықты.

Қәтқудадан бири Никифоровтың баласын аяп дәстурқаннан нан сындырып берди.

Ҳәмменің бақҡаны Маманның аўзы. Ол қайтадан тиклеңип, алдына қойылған бир кесе чайды бир уртлап, гүрсинди:

— Япырмай, алдымда ойқан бар деп қорқа берсең, алға тасланған қәдемиң тосаңлайды, бир нәрсеге сәл тәўекел етсең, я отқа жығыласаң, я жылыўға батасаң. Атабеклер қайда?

— Тимофеевтиң адамы болып кетти,—деди Есенгелди сары.

— Сонша күн салдаўшы болғанына не алғанын билмейди.

— Еле беремен деп алдап қойыпты,—деди Никифоров. — Бизиң хожайын-әм теңгениң тотын жалаған көпес. Әнейиликте бере қоймас.

— Онда солай,—дёди аўыл кәтқудаларынан бири.—Тимофеевтиң кемеси суўдан шығарылмай, музда қатып қалған екен, соны шығарыўға кетти.

— Мыржық, шаршадың ғой-ә?

— Маман аға, рухсат етсеңиз, мен ҳәзир атлансам деп отырман. Қоңыратқа тартаман. Тири болса, мынаў еки жас үлкенниң қызын, Никофоровтың ҳаялын өз үйлерине қуўыстыраман.

— Қәне, Мыржық, кетейик деўге уялып отыр едим, тур онда.

Маманның ҳаялы демиң арасында нан сорпа тайын етти. Олар әбден аш болса да, аўқат жас жигиттиң қара асынан кейин көринбеди. Шала-пула тийисип атланды.

33

Шабыўылға жиберилгенлер келгенде ҳәкимниң бас итибары нөкерлерге емес, бенде қызларды түўеллеўге қаратылды. Әмиўдәрьядан аман өткеплерден еки қыз кемислигин анықлады. Оларды жасырған нөкерлерди тез таптырып, «ҳарам нийетли гәззаплар» деген айып менен, қаланың ортасындағы жаптың көпирине байлатты, қолеген жолаўшының бир-бирден кесек атып өтиўине рухсат етилди. Ҳәкимниң өзиниң нөкерлерге жазасы әскер басы Беғиске де мақул түсти. Бирақ, оған Айтмурат қызыл беттиң өткен сапары хорасанлы ат саўдагерлерине жолығып неге келиспи қайтқаны қарацғы еди. Усы күни Қоңырат көшелериндеғи бир топар хорасанлылардың пайда болып, Ҳәкимниң олар менен асығыс сөйлесип жүргизип, бенде қырық қыз ен бир атқа аўмастырылатуғынын айтқанда ғана иетиң төркинине түсиниң, ац-таңы шықты.

— Уллы Ҳәким, қызлар Қоңырат ханлығына хызмет ушын алдырылған жоқпеди? деди ацырайып.

Ҳәкимниң жумықлаў көзлеринде жөги налыс, жөги ашыныў излери көринип, Бегистиң кеш пйнине аппақ алақанын қойды да, ашыў менен дирилден турғанын сезип, бир кесе суўық шарап ишкизди. Оның ишки зердеси буныц менен де басылмағанын сезди, шашы әллеқашан ағарса да, енди ғана ақ араласып киятырған сақалын сыйпалады:

— Периштем, ийттиң налысы қудайға жеткенде аспаннан сүйек жаўар еди. Бийшара пашар,—киси перзенти, киси хызметкери. Лекин биз Айдостың игри исин туўрылап атырмыз. Ол Хийўа ханы-

на бийпул саўға қылмақшы еди, биз Хорасан ханына саттық. Қызлар енди елше он бир ат болып хызмет етеди.

Ускини қуйылған әскер басысын жубатыў ушын ҳәким Айтмурат қызылбетти шақырып:

— Төрги жайдағы сеңсең постында әкелип жап,—деп ийеги менен Бегисти көрсетти.

Қызыл бет көзди ашып жумғанша ҳәкимниң буйрығын бәржай қылды.

— Айтмурат, енди өзиң ҳәзирлең,—деди ҳәким тикейип.—Қырқ атлы менен хорасанлыларды Гоне Үргенишке шекем узатасаң. Қайтысың Асан бий аўылына қайрыл, зил бөкселердиң берман көшпўин тезлет, Бегис периштем, түргел, атларды көремиз.

Атлар арнаўлы сейисханада еди. Сырттан қарағанда түркмени «яўмыты» ларынан онша парқ қылмайды. Ҳәкимниң өзи қойған сейистиң айтыўына қарағанда, он бири де қарапайым ат емес, адам билмес қәсийетке ийе он бир тулпар. Минип шыққан батыр гөзлеген төбесин аяқ асты қылады, ең беккем полат та бул атлардың туяғы астында ерийди.

Лапкөйликке Бегистиң езиўинде күлки пайда болды.

— Қәне, периштем, қайсысын қәледиң? — деди ҳәким пайттан пайдаланып.

— Бәри де бирегей екен.

— Сейис, ертең азанда төрдеги ақ туяқ, қайшы қулақ көктиң екеўине де ер сал. Бири маған, бири Бегис периштеме. Егер Айтмурат қызыл бет Асан аўылын көширтип келсе, берги қара торы соныкы болады. Мыржық ырысына теппегенде мынаў арыслан омыраўлы қараны сол минер еди.

Ҳәкимниң ат көриўге шыққанын еситкен қала бийлери, байлар, саўдагерлер топланып жол тосып тур еди, суўпы кеўилсиз күнлерги әдетине салып, олар менен сәлемлесе сала өтип кете бермеди.

— Гилең ығбаллылар жыйналыпсыз, — деди иркилип. — Бәршеңиздиң арзыңызды тыңлайман.

Қутиўшилердиң қурашлы, сәллели баслары ийилип, қуллық қылысты ҳәм көз астыларынан «сен болмағанда айтар едим» дегендей, бир-бирине олыя-олыя қарасты.

— Қәне периштелерим, баян қылыңлар, кимде қандай арзы бар?

Ҳешким «меники тәнҳа арзы» дей алмады.

— Арзы емес, уллы Қоңыраттың ханы, — деп бири зибан берди. — Ысық, ийман жүзли жамалыңыз бенен дийдарласыўға келгенбиз.

— Алла зыят етсин, периштелерим. Әўеле қудай, ығбал самалымыз оңынан есип тур. Айдостың игри ниййет пенен жыйнаған қызларын тек тарқатып ғана қоймадық. Айдосқа пәнт берип Хорасанға саттық. Бул исте периштем Бегистиң аса зыят орны бар. Ығбал самалымыз оңына турғанына және бир мысал, бизиң

уллы шәҳәримизге моллам дөгерек болып, көп еллер қоңысласып атырғаны бәршеңизге мәлим. Жуўықта жаңадәрьялы Орыңбай бий-әм көшип келсе, тәәжип емес. Хийўа қол астына тасланған Асан аўылын көширип келиўге периштем Айтмурат кетти. Бир қуда гүўа, периштем Бегис гүўа, Хорасаннан алынған онбир аттың бирин Айтмурат периштеме ғайбана инам еттим.

Топарласқанлар арасынан сақал-шашы қардай ақ, шырайының андызы шыққан, сәллеси, шапаны, ыштаны, ҳәтте, геўишимәсиси ақ, тирилей кепинге оралғандай арық биреў алға бир адым таслап ийилди:

— Сиздей сақый, сиздей уллы, сиздей ақ көңил, сиздей кишипейил ханды бул әлем көрмеген.

Төремурат суўпы қыйықлана бир қарап алды да:

— Еле бул мақтаўларға арзымасам керек, периштем. Лекин, сиз айтқандай болыўға жаным себил, — деди.

Бегистиң өткир көзлери алысырақта киятырған еки атлыны таныды: бири Маман, екиншиси Мыржық еди. Бирақ көргенлери жөнинде ҳәкимге тиғислик билдирмеди.

Әллеким, ҳәкимниң далада турғанлығынан пайдаланып, алысырақтан даўыслап сорады:

— Көпирге байлаған еки нөкер өлипти, не қылсақ екен?

Ҳәмме ҳәкимниң бетине жалтаңласты. Ол қос атлыны көрип қалды:

— Мыналарға айтыңлар, маған өтинишлери болса, бир жума күтсин. Бегис периштем, егер имканлы деп тапсаң, иниң менен тиллесе бер. Сизлер, төрелер, көпирдеги өлилерди және бир күн қойыңлар. Дүйым журт көрип, ҳарам нийетли гәззапларға ибрет оқысын!

* *
*

Маман менен Мыржық ҳәкимниң қабыл қылмайтуғынын есептип Мыржыққа таныс шарбақта қонды.

Мыржық менен Бегис келеси күни ҳәкимниң жазғы шәрдәресиниң ығында ушырасты.

— Қәне, сөйле, Бегис.

Ҳәкимнен кейинги буйырыўшы болып үйренген әскер-басыға жас кишиниң сәлем-әликтен бурын буйырыўы жақпады, бирақ мәжбүрий мыйық тартып:

— Ҳа, периштем, кел, кел,—деди.

— Тоты қус сулыўлығы ушын емес, биреўди қайталағаны ушын қәдирли, дегенниң мәнисин хатынды оқып-ақ түсингенмен. Сөйлей бер. Қызлар қайда?

— Ел хызметине жумсалды.

— Ойнама.

— Ойын емес, қырққыз он бир атқа айналды.

Мыржықтың тулабеденше шаншыў тийгендей болып гүрсинди.

— Биреўдиң көзи биреўдиң кеўли соқыр, деген усы ма еле?

— Жоқшылық кишиниң пейлин өзгертеди.

Немқурайды жуўанлар Мыржықтың жығырданын қайнатып, туўысқаны болмағанда керилип бир урыўға келип тур. Жас кишиниң көкирегі лепирип, парасаты жоғалған сайын жас үлкенде өзин тутыў күшейди.

— Мыржық, бул жерде жәнжеллесиў уят, бизикине барайық. От жағып, тамақ қылғандай хызметкер бар.

— Уста Никифоровтың ҳаялы қайда? Жуўап бер!

— Әжели жетти, суўға кетип өлди. Бийғам бола бер, орыс көпеске ҳәким сеннен қайырқомырақ .

—Тоты қус, баяғыда Айдосты айыплап «Хийўаға тасып болдың»... дегенлериң есиңде ме, енди өзиң ше? Билип қой, кеўли соқыр батырдың байрағы бир оқ болады.

Бегистиң иши ашыса да, жорта күлди:

— Сен қоян жүрек едиң ғой?

— Егер, жас кишилигиме нуқсан келмесе, сени өзин аспанда көрген ақмақ, сағалдың досты сары ийт дер едим.

— Тили кесилгир, ийтке ерип үриўди үйренипсең-ә?!

— Батырға қатын қарғысы жараспайды.

— Артыңа қара, ҳәкимге зыяратқа жаңадәрьялы Орынбай киятыр.

Мыржық оның хабарына ишинен инанса да, бурылмады:

— Сөйлей бер.

— Мыржық, көк өжет болма, берекет тап, биригип Айдостың жез тырнақларына кеп кийгизип, ҳүрметли жасүлкен қылайық.

— Ол қайда, ҳәзир?

— Қапқа салып әкелдирмекши едим, алып жүриў қыйын болып, адам көрмес жерге таслатып едим, дәрьядан ҳәммени өткерип болып адам жибермесем, орнынан табылмапты.

— Ҳәким саған ай көринип жулдызларға көз жумғаның менен, басқаларға ол бир тамшы ғана шық. Шық шөл қандырмайды, Бегис!

— Даўысыңды көтерме! Шөли қанбасын билсе, ҳеш ким көшип келмес еди. Қоңырат дуйым журттың зыяратханасына айналды. Халық биледи. Халық керек десе, тастан ылай соғады.

— Уят сеники, Бегис, халықтың атынан сөйлегениң уят. Ақыллы бағман ҳәремин емес, жемисин мақтаныш етеди.

— Узын гәп—узын қуйрық. Узын қуйрықтың аяққа басылатуғынын өзиңе мәлим, мени ҳәким күтип қалды, кетемен, Мыржық. Керек десең, ҳәкимниң сизлерди қабыл ететуғын күни туўғанша және көрисермиз.

* *
*

Төремурат суўпының Маманларды қабыл етиўди бир ҳәптеге созыўының себеби, олардың неге шыдамлылығын, сөзиниң басқа қоластындағыларға қанша дәрежеде өтимлилигин барлаттырыў еди. Орынбайға да солқурлым муддет белгилеп, ҳәкимликтиң әдеттеги ғалма-ғалы менен бола берди. Бегистин:

— Орынбайды неге куттирдиниз?—деген сораўына:

— Бәри де бир тоғайдың замаррығы, «қызларды қайтар» деп елшилик қылыўға келген,—деди. Ал, Бегистен «иниң менен сөйлестиң бе?» деп сорамады, ол айтпады. Жаңадәрьялыларды қабыл етиў жағдайында өзин қалай тутыўға таярланды.

Уәдели күни азан менен ҳәкимге сәлемге баратырып, бет-аўзы аппақ қыраў болып, шеп қолын ийнине асып таңған Айтмурат қызыл беттиң қалаға кирип киятырғанын көрди. Жолдасларының биразлары басын, қолын таңған, екн ат жетекте, ийесиз. «Нәлетий хорасанлылар талап жиберген екен-ә» деп қыялынан өткерди де, иркилместен ҳәкимниң есигине сүңгиди.

— Уллы ҳәким, Қызыл бетти көргендей болдым.

Ҳәким оны бул мәҳәлде келеди деп ойламағанлықтан ба, ямаса жаман түс көрип шықты ма, бирден қызып, ишки ҳәўирин шығара баслады:

— Усыннан ол Асан бийдиң аўылын көширип әкелмесе, суў жуқпас жалатай болғаны. Периштем, мен күтә исенгиш, ақ көўил адамман. Исенимимди ақламаса, оннан мутлақа безеймен. Ат қуйрығына байлатып, сүйегин сипсе қыламан...

Есикти самал ийтергендей әстен ашып, мисли уры пышықтай болып Айтмурат қызылбеттиң өзи кирди. Оның түрнен ҳәкимниң жумық көзлери патлыйып, уясынан атылып кете жазлады,

Айтмурат қызылбет сөйлеў орнына пай қамысқа салынған хатты усынды.

Ҳәким қамысты жарып ишин аңқанша шыдамады.

— Не бәле болды?!

— Көштиң алды қозғалғанда хан лошкери жетип келди, шапты. Асан бий пайдасын сындырып, қийўалыларға бас ийди. Айдос басқарып келипти. Еки адамым шейит болды. Мына хатты бир нөкер берип кетти.

Ҳәким хатты ашып, бир қатара көз жуўыртып үлгермей-ақ шырайы түтиғип, кең маңлайы тарайған секилленди.

—Екеўиниз де даладан адам киргизбей турыңлар,—деди ҳәким албырақлап.—Хатты оқып болып, өзим шақыраман.—Ол есикти қаттырақ бекитип келип, бар зейни менен хатқа үңилди:

— «Периштем Төремурат, Қоңыратты дастурхан қылып айланасына моллам-дөгерек ел қондырып атырғанына шадпан, Әўеле қудай, меним баягы түсим келе береди, аймийин! Бул хатымның мағанасын алғыр зейиниң бирден-ақ илер.

Айдос және келді, бийге емес, усланған урыға мегзес, азған, тозған, бет-аўзы тырналған, Бирақ, өзи мәккәр екен. Әдеп Қутлымурат инахтикине түсипти.

Хан шеннен тыс ашыўлы еди. Буған себеп бир саўдайы ийшан, бас қазының еки даўагерден пара алғанын көрип тутып әкелген Билесең, пара—ҳарам. Ҳарам жеген адамның жайы зинданда. Бирақ, қазы ханның туўысқан қайнағасы еди. Сонда да ақлаўға дәлийл таппай, бармағын тислей-тислей зинданға салыўға мәжбүр болған. Қутлымурат инах Айдосты ертип келип, ханға «бир даўды шешиўди қарақалпақ бийине бериңиз» депти. Хан «усыннан дурыс шешим таппаса. зинданға өзим қосып саламан» депти де, арзагөй ийшанды, уламаларды, ўәзирлерин жыйнатып, Айдосқа урықсат етипти. Айдос арзагөй ийшанның өзине мурәжат қылып «Қәдирли ийшаным, сизге бир сораў берейин. Набада тисиңизге ет жабысса, оны я шөп пенен, я тил менен алыўдың ҳадал—ҳарамлығы қалай?» депти. «Шөп пенен алсаңыз.—ҳарам, тил менен алсаңыз жута бересиз,—ҳадал» депти ийшан. «Олай болса, бас қазының алғаны ҳадал, себеби пара тил менен алынады» депти. Отырғанлардың бәри жабырласып Айдосты мақуллапты. Хан сол демде-ақ қазыны зинданнан шығарыўға буйрық берип, Айдостың дадын тыңлапты. Айдос жетим баладай жарылыпты...

Он бир ат ушын қарақалпақтың қырқ қызын хорасанға сатқанын ҳәммеде кек оятыпты.

Хан ийсеген сыйпап көп отырып, ҳәзир Қоңыратқа шабыўылдың байпайдалығын айтыпты-да, бәҳәрге шекем таярланып Айдостың кегин әпериўге ўәде етипти. Өзиниң бәҳәрге шекем қалада жасаўына имканият туўдырып, ақырында «Айдос, жаңа ҳазар келеди, деп зәҳәрли жыланды өлтирмей, нешелерди шақтырып зәлел беретуғыныңды бил. Инилерің-әм зәҳәрли жылан» депти. Айдос бир нәрсе деп түсиниксизлеў миңгирлеген екен, хан оған «Айдос, айдың қасындағы адам жулдызларға сер салмас болар» депти. Сол отырыста, Хожелиниң қасындағы Асан бий аўылының Қоңыратқа көше баслағаны туўралы хабар келди. Хан дәрҳал көшти тоқтатыўға, салық өндириўге еки жүзлеген атлы нөкердиң бир жүзбасысы қылып Айдосты жиберди. Хан оны көзинше өлтирс көтермелегени соншелли, шығып кеткен соң кеңесгөйлери «уллы ханымыз, қарақалпақ бийин мақтаўға күтә сақыйлық еттиңиз», деп наразылық билдирипти. Сонда хан «қулды мақтасаң, төрге төсегин береди» депти. Аржағына өзиң ой жибере бер. Ақылың Хийўа ханынан артық. Бир нәсиятым бир асым балық ушын музлы суўға түсиў зәлел. Усы барған күшке қарсы саўаш қылма, ханның Айдосқа ўәде еткен бәҳәрдеги шабыўылына соққы беріўге таярлан. Күшли шабыўыл болса керек. Қоңыраттан баслайды. Ханның мақсети, ҳәр жердиң аңын, сол жердиң тузысы менен аўлаў. Өз елине шабыўылға Айдостың өзин бас қылады. Айдос қол қаўсырып келискен. Буны ким жазғанын өзиң уқ, перишитем».

Ҳәким безгектей қалтыраса да, еле мүддеттиң узақлығы ушын өз-өзин басты. Бегис пенен Айтмурат қызыл беттиң атын айтып даўыслады ҳәм датханада күтип отырған Маман менен Мыржықты шақыртты.

Олар менен қысқаша сәлемлесип дизесиниң үстине хатты жайды да:

— Ҳәзир мынаны тыңлаңлар, изинен сизлер менен сөйлесемен,—деп, хатты даўыслап оқыўға киристи.

Ҳәмме силтидей тынды.

Ҳәким хатты оқып болып Бегиске өткерди:

— Өз көзиң менен көр, периштем, Мыржыққа да берип ал.

Бегис қағазға көз жуўыртып, Мыржыққа созып еди, ол алмады.

— Әне, периштелерим, Айдос сатқынның қыйқаңы,—деди ҳәким.—Сатқын адамлардың арасында доңыз, доңызлардың арасында адам деген усы. Бундай-әм намыссыз болар екен-ә! Сизлер маған Айдос жыйнаған қырқ қыз қайда деўге келип отырсыз. Мен оларды Айдос Хийўа ханының бағ-ҳәремине бийпул бермесин деп, өз жолы менен байға бердим ҳәм елдиң сатқын жаўларына қарсы мәртлер минетуғын он бир арғымақ алдым. Енди ең кеминде мыңға жетеғаба нөкер таярлаймыз. Жүзбасылыққа «мақул» десеңиз, қарақалпақ елиниң намысы десеңиз, ҳәрқайсыңызға бир арғымақ тайын. Ҳәзир мен дем алайын, сизлер ойласыңлар.

Бегис, Айтмурат түргелип, Маман менен Мыржықты сөйлетпей сүйрегендей қылып жайдан шығарды.

34

Маман менен Мыржық Қоңыратқа жеткеншe күтe кеўилли, анаў-мынаў қарсылық болса ҳәкимди тақымға кекмар қылып кететуғын кейпинте еди. Мой бермес күшке ушыраң, пок маңлайлары тасқа тийгендей күтe мүләйим қайтты. Ишеринде анық сөйлесетуғын адамлар тымырықланып бир бирине талпынып әззилик қылғысы келмей киятыр.

— Бул адам белин беккемлеўге қараған екен,—деди Мыржық, Әмиўдәрьяға жақынлағанда.

Оның Қоңырат ҳәкимин жоқары қойып сөйлеўи Маманға унамады.

— Иним, адам уялмаса ыңқайтуғын шың жоқ. Тек тәсили мол адам екен.

Олар аржақтағы кемени күтип турғанда Орынбай көринди. Оның да атының жалы жатыпты, өзи де шаршаған, мойнын төмен алып, әллеқандай ойға шумып киятыр. Атқосшысы да оны ермеклегендей салпаўсыған.

Орынбайдың шырайында шаршағаннан гөре әлленәрсеге

қәнәәтленбеўшилик бар еди. «Хәкимге өкпелеп қайтса керек» деп ойлады Маман.

Мыржықтың қасты-гәрези Орынбайдың бир сөйлеўи болды. Маман да тыныҳап ашлыған пышықтай көз астынан оның ҳәр бир қыймылын бақты. Орынбай олардан гәрезсиз, ҳәтте қасында адам жоқтай, тым-тырыс отырып, урықтың бир шөби менен насыбай қабағының ишин шуқлап насыбай атты.

Атларды жаллап, өзлери кемеде, дәрьядан өткеннен кейин қуяшламада атларды қурғатты, бунда да сөйлеспеди.

Қоңыратқа киятырсын Маман Мыржықтикинде қонып өткенликтен, енди ол мирәт қылса да қайрылмаў нийетинде еди. Орынбайдың сырлы түнериўи оның жолда қонбаў ойын және күшейтти. «Мыржықсыз, бирге қайтсам маған сөзсиз жарылады» деп ойлады Маман.

Аз ғана жүргеннен кейин Мыржықтың аўылына кететуғын жол бөлинди. Ол жолдасларының қонып кетиўине мирәт қылып еди, Орынбай үндеген де жоқ. Маман рахмет айтып жолдастан қалмай қайта берейин деп өтинди. Оның қыялын түсинди ме, Мыржық көп зорламады.

— Өзиниз билиниз.

Маман аз ғана гидирип, сырын айтты.

— Жүдә аласапыран заман туўды иним. Баяғы келисим бойынша, аўылдан нөкер жыйнайман. Қазақ ханы жәрдем жиберсе, гүлалагүл, сонда да әскер басымыз өзиң боласаң, иним.

— Биреў саған, сен биреўге тас ылақтырған бул заманда буғып қалыў инсаплық емес ғой, Маман аға. Отын әкелеўге жарамаған арбаның өзин отын дейди, әскер басылыққа жарамасам, бир нөкермен, қулласы, жәнжелден тыста болғаннан араласқаным тынышырақ көринеди. Бир айдан кешикпей барып қаларман.

— Мен уста Никифоровқа гөне қазан жыйнатып апарып, пытыра қуйдырыўды келисермен. Хош иним.

Жекме-жек қалғаннан кейин Орынбай жарылады деген Маманның пикири бийкарға шықты. Оның жетип алғаның жақтырмағандай, әўелгисинен де қапылып түнерди. Енди Маманның өзи оған түртки салыўға мәжбүр болды.

— Өз күни жақсыланыўдан мениң менен теңсең дейтуғын адам болмас екен.

Орынбай сиресип қалған мойнын бурып, көзлери қумайлана қарады:

— Күпиң жақсыланса, алды менен өзиң сондай болатуғын қыйлысаң.

Маман оның гәпин бий орын санап шамырқанды;

— Пил көтермегенди тил көтереди деў даналыққа жатпайды.

Олар бир аўылға араласпағанда, бираз илиниси қәўпи бар еди.

Аўыл аралап құбладан арқаға шаўып баратырған жаршының даўысы еситилди;

— Халайық, халайық! Еситпедим демеңлер! Айдос сатқын! Айдос сатқын-ы-н! Хийўадан ләшкер әкелип Асан бийдиң аўылын шапты. Енди ол арқаға өтеди, бек болыңлар. Бек болыңлар...а...а...р!

«Тәсил Төремурат суўпы жаршысын бизлерден-әм оздырып жиберген екен-ә, нәлет» деген ой екеўине де келди, бирақ екеўине де жүй билдирмеди.

Келеси аўылда арқадан құблаға қарай шапқан жаршының даўысы жаңлап баратыр:

— Халайық, халайық! Еситпедим демеңлер, Қоңырат ҳәкимине инанбаңлар! Қарақалпақтың қырқ қызын Хорасанға саттыы-ы... Онбир атқа саттыыы:!! Ҳәкимге инанбаңлар!

— Әне, бул Айдостың иси,—деди Маман.

Орынбай шыдамады.

— Өткен аўылдағы жаршы унамады ма?

— Өз баҳаңды айт?

— Үш туўысқан аразласты да, пүткил елдиң казаны шайпалды. Хийўада бәле жоқ еди. Айдос бузды. Қоңырат ҳәкиминде бәле жоқ еди, Бегис бузыпты. Енди сени Мыржық зәҳәрлеп жүрипти.

Маман кекетиў белгисинде мыйығынан күлди.

— Шын айтаман,—деп Орынбай ашылысты.—Ҳәким Айдос жөнинде бир хатты оқып берип, «Қоңырат дөгерегине көшип келмесең хабарласпайман» деди. Бурын ондайлығы жоқ еди. Бухара әмирине бирге барғанда да, ондайлығын сезбегенмен. Шамамша, Бегис мийине құрт болған.

—Егер урыс болып қалса, қай тәрепин аласаң?

— Айдосқа қарсыман. Барлық оңбағанлықтың уясы сол.

— Қарақалпақтың қырқ қызы Хорасанға сатылғаны намысыңа тиймей ме?

— Айдос-әм сатар еди.

Биринширден сатпас еди, екиншиден, Хийўа менен Хорасанның парқы бар.

— Не менен дәлиллейсең?

Маман ишиндиргендей жуўап табалмай тырылды.

— Әне, сен де алапаға сөйлейсең. Себеби, Мыржықтың тәсири бар. Сағап шығымды айтайын, аўылға барып, епке келген жигитти атқа миндиремен, Айдосқа қарсы.

— Айдосқа қарсы болсаң, барибир, Қоңырат ҳәкимине жәрдем бергениң емес пе?

— Оған жәрдем бермеймен, бирақ, ашық қарсы да шықпайман. Қәне сен ырасыңды айт.

— Мен Қоңырат ҳәкимине қарсыман. Күш болса, ҳәзир шабар едим. Қазақ ханына қайтадан барып жәрдем сорайман. Әкелсем, аямайман.

— Билемен, Маман, ырасын айттың. Күшің молайса, Айдосты да, бизди де аяқ асты қыласаң. Песин жасырайын, күшим молайса, мениң де қасты-горезим сол. Айдос та, Бегис те, Мыржық та сол мақсетте. Туўысқанды туўысқан мүнжиген заманда ким-кимди аяйды? Қеўлиңе келгенин қыла бер. Бирақ, мен енди Бухара өмиринде бармайман. Қолдан ғарбызым түсерде болмаса, жәрдем-ом сорамайман. Ҳәрнәрсеге шаба берип, әмирдиң алдында дым майдаланып баратырман. Майданы ким көзге иледи? Айдос та Хийўаға ири көриниў ушын ел шаўып жүр, Бегис те солай. Мен де сөйтемен. Бухара әмири күшимди көрсе, жәрдем береди. Сен де жолыңнан қалма, қазақ ханына бар, я анабир ырысларың менен тил бириктир. Яқшы... Маман, мениң мынаў аўылда қонақ жерим бар, қайрыламан. Бирге қонсаң жүр, кетсең өзиң бил.

Қуяш батып геўгим түсе баслаған пайыт еди. Орынбай сөйлениўи менен қапталдағы аўылға бурылды, Маман оның сүйеп салды мирәётине ермеди.

Алда еле мүйтен аўылы бар. Әлем ғалма-ғалынан бөлек. Тарыслардың ҳешқайсысына араласы жоқ, пүткил миллеттиң сыншысындай жым-жырт. Бәлким, қозлампақ арасынан пай жаламақшы шығар. Барып сыр анлаў керек. Елимиз десе бир жағына қосылсын.

Маман усыларды ойлап, атының жүрисин сәл тезлетти. Жалғыз ат жүйрик көриниди дегендей, шаршаған ақ боз қамшының күши менен жол танабын қуўыра берди..

35

Жанлы-жәниўарға «алқулым» берген бәҳәр келип, Хийўа айрықша сәнге кирди. Ерик, алма ағашларының ҳәрқыйлы гүллери пүткил шәҳәрди жаўып, жайлар ылай дийўаллардан емес ақ-қызыл липасы шоқ-шоқ ғөззал бағлардан қуралған сыяқлы. Тек минаратлар менен бийик дәрўазалар ғана алыстан көзге тасланып, гүл жамылған қалаға әлленеткен ескилик ҳәм ҳүкимдарлық кейпин берип турыпты.

Дәрўазалардан ғазқатар дизилип шыққан үш жүзлеген атлы лошкер қаланың сыртындағы алаңлықта шоғыртпақланды. Олардың изинен шаўып жеткен ақ боз атлы әскер басы Мухамеджан бек, артына бир айланып, бир бағ атызындай төңкерилген Хийўаға аса сүйиспеншилик менен қарап-қарап алды да:

— Айдос бий,—деп даўыслады.—Кәраматлы қаланың ғөззаллығына бир дуўа қылыңыз да, туўры аўылыңызға баслаңыз.

Хан менен келисим бойынша шабыўыл Қоңыратта басланыўы тийис. еди. Жас әскер басының Сарайдан алыслап үлгермей-ақ, өзинше буйырып тәсил салғанына, Айдостың көнгиси келмей, хайранлық белгиси менен дәлийил сорамақшы тур аңлатты. Әскер басы түсиндириў орнына буйырды.

— Баслаңыз, Айдос бий, соң уғарсыз.

Айдос және ашыўлы, түпсиз ой теңизине шүмип, шырайлы көлдиң суўындай көгериўи менен атының жылаўын бурып, үш жүз нөкердиң алдына түсти.

Мухамеджан бек муртларын сыйпап, еки қапталындағы шабарманларына көз қысып, Айдостың түсинки еңсесин көрсетип, «қорқақ ақылсызға қарап» дегендей ым қақты да, өзи гидирди. Изиректеги топар менен киятырған Доспан қапталласа бергенде:

— Әй, сен дана,—деди мысқыллы күлки менен Айдостың еңсесин ийек нусқап.—Алға қара. Сол ийинлерде не күш бар деп ойлайсаң?

Өзинен сәл ғаў жигиттиң жас үлкен бийдиң сыртынан мазақлағаны Доспанға батып, шырайы гә қызарып, гә бозарды.

Мухамеджан бек өз-өзинен шақалақлап күлди. Әскер басының шад күлкиси ләшкерлерге рухый күш берип, жүрис шыйрақланды. Иши ғымылдап киятырған Доспан бирден бас көтерди.

— Уллы әскербасымыз, сиз бийбабаның не ушын ойлы баратырғанын билгиниз келди ме?

— Ҳә, ҳә, қәне, жорып көр, көз ашық.

— Бийбабаның ойланыўы тәәжип емес, уллы әскер басымыз. Ол кисиниң мойнында пүткил елимиздиң тәғдийри турыпты. Ҳәзир ол тек өз елин емес, пүткил Хорезм олаятының тәғдийрин ойлап баратыр.

Помаштай атқосыны менен сөйлесип пәнт жегени ушын баҳа, әскербасы:

— Хорезм олаятының тәғдийрин қарақалпақтың ойлаўы шәрт емес,—деди де, зоғилинин тебинин алға кетти. Доспан қатар әскербасы жаманлық қылар деп ойына келтирместен, бир қәддинде Айдосты сырттан қараўыллап жүре берди.

Айдос ҳақыйқаттан ойлы еди. Ашыў менен ханға келип, мине, көп ләшкер менен қайтты. Енди пүткил елинде бетине қарсы келетуғын адам шықпайды. Ал ақыбети не болады? Бүргеге өкпелеп қыс кийер тоңды отқа таслағаны ма, ямаса жақсы мақсетлери ешке есып ели бириге ме?...

Ол, ханның мәслаҳәти бойынша халықта Қоңырат ҳәкимине қарсылық оятыў мақсетинде жар салыў ушын Доспанды елге жиберип алған еди. Доспанның таўып келген хабарына қарағанда көп уруўлар Қоңырат ҳәкимиинің тәсиринде, Хийўа ханына қарсылыққа таярланып атыр. «Таярлана берсин,—деди Айдос өзинен-өзи.—Хан ләшкерине төтепки бергендей күш жоқ. Мен билген ел болса, бир-бири менен бириге алмайды... Тоқта, тоқта Айдос, әскер басы ҳәзирден-ақ ханның гәпине өзгерис киргизди. Қоңыратқа емес, бизиң аўылға баслаттырды...» Айтпақшы, «дәўлетиң қайтып баратыр... Өз қорғанынды өз қолың менен бузып жүрсең» деген ким еди. Өз қорғанымды бузыўға

баратырман ба? Жоқ... Бурынғы ханлардың дәўири басқа еди. Мухамед Рахим хан олардың арасында емес, мениң елим ушын кеўлине жақсылық нуры қуйылған инсан. Бөлек-бөлек болып, бир-биримизге жаў болып жасағанымызды жақсы көрмейди, бириктириў тәрепдары. Бул ең ағла инсанлық!».

Ол Қутлымурат инах пенен хан алдына қалай барғанын, бас қазысын зиндана салдырып, найлажлық тонында отырған ханның қалайынша қабыл еткенин көз алдына келтирди.

— Келиң, келиң, Айдос қарақалпақ,—деди сонда хан күтә қайырқомлық түс менен.—Сиз полат сыяқлы единиз, болдырып-сыз. Билесиз бе, адам деген зәҳәрли жылан. Зәҳәрин сыртқа атып турмаса, өзи уўланады. Көрип турыпсан, сиз Қоңырат ҳәкимиңиң зәҳәрине гириптар болғансыз. Сарғайыпсыз. Ҳеш гәп, маўқыңызды басыңыз. Бәрине илаж табаман.

Халықтан бөлиниўди мақсет еткени ушын Қоңыраттың ҳәкимлигинен қуўылған Төремурат суўпы Бухара әмири ҳәм бир-сыпыра қарақалпақ уруўларының жәрдеми менен қайтадан орнын ийелегели оған қарсы ҳүжимге өтиў бәнеси менен, Әмиўдәрьяның арқасындағы пүткил қарақалпақ уруўларына қосымша Жақадәрьяға дейинги қазақ аўылларын жаўлап, қоластына өткериўдиң жол-жобаларын ислеп, астыртын таярланып атырған Хийўа ханы жансызлары арқалы Қоңырат ҳәкиминиң Айдос аўылына шабыўыл жасай жақлығын билгенде, кеңесгөйлерине былай масайрағаны бар:

«Мейли, шоқыссын, шайнассын, ҳәлсиресин...»

Ол усыннан кейин баслайжақ шабылыўының мүддетин кейинирекке созды.

Бундай мақсетлерден бийхабар Айдос бурынлары кем сөзли ханның саўдырап кеўлин алғанына миннетдарлық пенен бас ийип, Қутлымурат инах пенен келисими бойынша, сарайда шешилмей атырған қыйын ислердиң бирине араластырыўын өтинди. Инах жылдам изин алып, қазы мәселесиниң лийкинин эперди. Айдос көп ойланбай-ақ, параны тиске жабысқан етке теңгерип ҳадаллаўы мәттәл, хан қазыны азат қылыўға буйырып, Айдосты марапатлады.

— Гилтиң алтыннан болса ашылмас қулып жоқ, қарақалпақ бийи ,алтынға бермес ақыл таптыңыз.

— Кеширесиз, уллы ханымыз,—деп сонда Айдос тикейип, отырды.—Бир сөз ҳәм пал, ҳәм зәҳәр болар екен. Сизиң қуяшлы мийрим шәпәәтиңиз түсип, гәпим баҳаланғанына миннетдарман, уллы ханымыз.

«... Қоңырат ҳәкими бенде қылған қырқ қызды он бир атқа сатыпты» деген хабар келген күни хан Айдосты және қасына шақырып былай деди:

— Билесиз бе, ақыллы бий, қарақалпақтың қырық қызы Хорасаңға сатылғанына күтә қаҳәрленип отырман. Мусылманды Иран кәпирлерине сатқан Қоңырат ҳәкими жылдам жер менен жексен

болыўы тийис. Ақыры, биз сизиң менен тубимиз бир мусылман-быз, тилимиз түрки, бир ағаштың мийўелеримиз. Лекин, сизлер аз санлы әззи елсиз. Азға қол созыў, әззиге жәрдем бизге парыз, ҳәм қарыз. Әттең, Қоңырат ҳәкиминиң жылаўында кеткен қаналас инилериңизге қарсыласа билмессиз, деп гуманланаман. Ҳәзир асығыў да бийпайда. Бирақ, Хожелиниң қасындағы қарақалпақ Асан аўылы Қоңыратқа көшежақ, соған қалай қарайсыз?

— Оқ атқан адам мылтығын жасырмайды, уллы ханымыз,— деп Айдос шарппа жуўап қайтарды.—Изиме ләшкер ертсеңиз, Асан аўылына бүгин атланаман.

Хан бул өтиниште дәрриў-ақ бәржай қылды. Айдос иркилмей, тапсырманы орынлап қайтты. Буннан кейин хан оны тез-тез шақырып сөйлеспеген менен, бәҳәрге шекем Хийўада жасаўына мүмкинлик туўдырды...

Мине ол, ўәдесинде турып, Айдостың тилеги менен үш жүз нөкер атландырды. Бирақ, олар тикке Қоңыратқа бет алыўы керек еди, қәпелимде бағыт өзгерди. Бул ханның тапсырмасы ма, я Мухамеджан бектиң әңгимеси ме, Айдос еле ҳайран. Сорайўға жас әскербасыны ашыўландырып аламанба деп, жүрексинбеди.

Оның қыялларын түсингендей Мухамеджан бек және изинен жетти:

— Айдос бий, жүдә ойлы көринесиз?

— Муз түсип кетти. Дәрьядан өтиў жөни қалай болар екен?

— Ҳа-ҳа-ҳа-ҳа... Соған бас қатырдыңыз ба? Артыңызға бир қараңыз, өзиңиз сайланды, бирегей жигитлер емес пе? Дәрьяны писент қылмайды. Бирақ мениң ойымша, бағыт өзгергенине наразысыз. Билиң. Бул әскерий сыр. Өйтпесең, Қоңырат ҳәкими биз дәрьядан өтип атырғанда бир ҳийле қылар еди. Ҳа көзлериңизден қаналық көрдим гой. Ырасын айтайын, әўеле, сизиң аўылларды жаўлап, Қоңырат ҳәкимин жалаңашлаймыз. Соннан кейинги жағына ой жиберсеңиз түсинесиз. Төремурат сыўпының аяқ-қолы топырланады. Ҳа-ҳа-ҳа-ҳа,—Мухамеджан бектиң өзине-өзи ырзалығы сезилди.—Айтпақшы, Айдос бий, сизден сорайын десем бәрҳа умытаман. Жаңадәрьялы Маман дегениңиз қәдимги аты әпсана Маман орыстың өзими?

— Ол әллеқашан өлген. Бул Маман сол аты әпсана Маманның орыс патшасына кеткен күни туўылған.

— Бәсе, солай шығар-аў. Уллы ханымыз бир гәпинде, Маман орыстың өлгени гәлет пе деп гумансыраған еди.

«Майлы шеңгел» дың түсына келгенде Айдос атынан түсип, жерден бир қысым топырақ алып маңлайына сүйкеди де, қайта атланды.

Мухамеджан бул қылыққа таңланды:

— Не шарапат таптыңыз?

— Қарақалпақтың шегарасына келдик, уллы әскер басымыз!

— Ҳо-ҳо, тас болмаса, Хийўаны-ом қарақалпақтың ишине киргизе жазланысыз. Мейли, мейли. Ал енди тапсырма: усыныан буяғына алдымыздан ким ушыраса, «кимликсиз» «ханымыз ким?» деп сорайсыз. Егер уллы Мухаммед Рахим ханды билмесе, мен буйыраман, сиз жазалайсыз.

Айдостың төбесинен қуйған музлы суў мәсисиниң ишине толып кеткендей болса да, қарсы ҳештене дей алмады. Ығбалына, Әмиўдәрьяға шекемги ушырасқанлар арасынан Муҳаммед Рахим ханның атын еситпеген киси гезлеспеди.

Ким ат қуйрығына асылып, ким сал менен өлдим азарда Әмиўдәрьядан өтип алғаннан соңғы биринши аўылға араласыўдан Мухамеджан бек айрықша қоразланып, сөзге сараңы шығып қалды. Басшысының кейпине қарай нөкерлер де өзгерип жыйнақласты, ыйрақласты. Бул Айдостың еркинлигин искенжеге алып, аўҳалын қоржынластырды. Әскер басыға жалтақлап, тек ығын шалыўға тырысып бақты.

Әскер басы аўыл бийине елиўлеген нөкер қосып, аўыл еркеклерин сораўға тутыўды, гүдибузар, ҳоккилерин алдына айдап келиўди тапсырды да, Айдосқа бир шекеледи:

— Хорезм шуқыры тораңғылға бай мәкан болған менен, тораңғылға усаған адамларды жек көремен. Тораңғыл жақсы жансада да, қозы болмайды.

Бул гәптиң оның не ушын айтқаны Айдосқа жумбақ болды, бирақ, киши әскер басылардың «даналық, көргишлик» деп жабырласқаны ушын, оған да бас ийзеп мақуллаўдан басқа жол қалмады.

Арадан көп өтпей-ақ нөкерлер бир топар дийқанды айдап келди.

Ноҳой тораңғылдың саясына төсек салдырып аўқатланып отырған әскер басы қәдимги әдетинше Айдосқа бир шекеледи:

— Елат сеники, сорап көр.

Ат алдындағылардың не ушын усындай жағдайға гриптар болғаны Айдосқа белгили: олар Хийўа ханының атын билмеген. Айдос жүдә аўырдан қыймылдап тикейди ҳәм найзаларын алдына кесе өңгерген нөкерлерге үн қатты:

— Баян қылың!

Ағаштай қатпа, бәдайбат, тәкаббыр биреўи найзасының ушын алдындағы дийқанлардың қара муртлас биреўине шошайтты:

— Бунысы нағыз азыўлы доңыз!

Аўылласларының алдында турған муртлас дийқанның көзлери оттай жанып, доңыз деп қорлаған нөкерге емес, Айдосқа аларды. Айдостың өңменине найза тирелгендей сәл шегинип, Мухамеджан бекке бир бурылды. Ол дым үндемей ийегин екшеп «сорай бер, сорай бер» деди, Айдос қәддин дүзеди:

— Қане, сөйлеңлер, кәраматлы Хийўаның ханы ким?

Ҳәрким ҳәр жерден Мухаммед Рахим ханның атын айтып жабырласа баслады. Қабағы жабатуғын бултай түнерген муртлас дийқан;

— Айдос бий!—деди даўысына пәтли күш ендирип.—Халық пенен болсаң қара күпиң-әм байрам деген бабаларымыз. Сен өз халқына қара күн туўдырып ким менен байрамламақшысаң?

Айдос бул қарсылыққа мәни берип үлгермей-ақ әскер басы ушып турды.

— Айдос бий, билесиз бе, ҳәр сөздиң өз салмағы болады.

Жаман сөз дәрриў ийесине қайтарылыўы тийис. Кәраматлы Хийўа ханының жақсылығын қара күн деп түсинген, уллы ханға садық, сиздей жас үлкен бийге қарсы даў айтқан бул ўәжсиздиң сақал-мурты алынсын, қулағы кесилсин.

Қызба әскер басыға Айдос дәлил айтпады, қынынан сүйек саплы қанжарын суўырды.

Муртластың қоллары артына қайырып байланды.

Айдалып келгенлер асығыс ҳәмир еткен жас әскер басыға емес, оның ҳәмирин тез орынлаўға кирискен Айдостың барлық қыймылларын бақлаў менен болды. Өзине отлы көзлер қадалғанына қоллары дирилдесе де, Айдос сөйлеместен турып муртластың оң қулағын кесип таслады да, сақал-муртын алыўды шаштәраз нөкерге тапсырып, қолының қанын қапталындағы бир түп торанғылдың қабығына сыпыра сала кейин шегинди. Оған ырза әскербасы усы аўылдың бийине қылышын шошайтып:

— Әй, ағаш адам, бери жақынла—деди. Түлки тери малақайын сәл көтеринкиреп аўыл бийи Мухамеджан бекке қарай үнсиз еки қәдем атты.

— Қәне, қайтадан айт, кәрәматлы Хийўаның ханы ким?

— Уллы Мухамед Рахим.

— Лўыллаларың менен тәкирарла!

Ол аўыллаларына даўыс қосып:

— Кәраматлы Хийўаның уллы ханы Мухамед Рахим,—деп, бирдиң орнына үш рет қайталады.

— Айдос бий, енди сиз не дейсиз?—деди әскер басы.

Көпшиликтиң алдында қолын қанға боян, өзиниң не ислеп қойғанына түсинбей, лалы шығып қалған Айдос уйқыдан оянғандай бирден селк етти.

— Не ҳаққында?

Мухамеджан бек мыре етип күлди ҳәм қоя берип, шабарманларына нөкерлерди түўелеўди тапсырды да, молласын алға өткерип, аўыл адамларының ҳәрбириме Хийўа ханының пухарасы екенин мойынлатып, қуран услатып шығыўды тапсырды.

Бул биразларға пайлажлықтың иси болған менен, биразларда ғаўға туўдырды. Бирақ ҳешким ҳешжаққа табжыла алмай, көп атлының қоршаўында турып, Хийўа ханының пухаралығын мойынлап қуран услай берди. Саҳрайылығын, кең даланың еркин халқы екенин дәлиллеп сәл қыйқанлық етпекши болғанлары менен ҳешким санаспады, қуран менен бирге Айдостың қанлы пышағы жүрди.

Нөкерлерди түўеллеўге кеткен шабарманлардың бири әскер басының қулағына жақынлап келип сыбырлады.

— Еки нөкерди таныдық. Қатыпурыш бәлелер еди.

Соның арасында шетки бир үйден атлыға шығып, шашы уўдар дуўдар болыўы менен Әмиўдәрьяға бет алған ҳаял көринди. Ҳәмме жалт бурылды.

— Тутыңлар—деди әскер басы шабарманларға.

Айдай жүзинен сызат-сызат қан аққан сулыў жас келиншек Мухамеджан бектиң алдына әкелинди. Айдостың ғазебети қайнап, дирилдеўи менен келиншектиң бетине үңилди.

— Не болды, шырағым?

— Бул не зорлық, бул не бассыныў—деди келиншек Айдосқа емес, Мухамеджан бекке тикке қарап.—Әй, әскербасы, дәрьяға өзип таслап өлгиси келген адамды неге туттырдың? Арзы-аўҳалымды билгиң келдиме? Олай болса айт, сизлердики ел бирлиги ме ямаса әззини талаў ма? Қайда хан теңлиги, қайда хан меҳри? Әй, әскербасы, мениң жүзимниң ашықлығына таңланып турсаң ба? Ақудай тоба де. Өзиңниң ҳаялың я анаң, я сиңлиң бийәдеп хан нөкериниң зорлығына ушыраса не дер едиң?

Қатал әскер басының шырайы қара сыядай дөнип, қулағына жақын турған шабарманның көкирегинен түйип жиберди:

— Гөрге кирсе-әм табың сол еки нөкерди!

Оңлаған нөкер шаўып кетип ең шеттеги бир үйден еки нөкерди айдап келди.

— Ой, келиншек, көтер басыңды, қара мыналар ма?—деди әскер басы.

Келиншек жаўлығын көтерип:

— Усылар,—деди.—Халайық, кәраматлы Хийўа ханының адамлары, болған шынлықтан айтайын. Мынаў еки ҳайўан, кеселбент еримниң көзинше асылды маған. Ерим төсегинен қалдаўрап турып арашаға түсип еди, екеўи урып өлтирди.

— Болды, болды,—деди әскер басы.—Ҳәй, шабарман, ҳәй, Айдостың шабарманы, екеўиңиз бул екеўин атларыңыздың қуўрығына байлаңлар. Сүйеклери парра-парра болып ҳәр жерде қалғанша сүйретиңлер!

Ортаны айырып еки нөкерди сүйретип баратырған атлылардың изинен қарап Айдос қасындағы әскер басыға миннетдаршылық билдирди:

— Бир қолыңыз тикен болған менен бир қолыңыз гүл—әдил екенсиз, паятый әдил екенсиз, әскер басымыз.

Мухамеджан бектиң маңлайы тершип, түнерген қабағы сәл ашылғандай болды. Күни мененги зорлыққа шыдамай қысылып турған аўыл адамлары бираз босасып, жас әскербасыға қаратылған ғазепли нәзерлерин жумсартты. Айдос ғарғып атына мине сала аўыл дийқанларына сүрен салды:

— Халайық, ҳозир ғана көз алдыңызда не деген әдиллик исленди! Кәраматлы Хийўа ханның пытыраңқы қарақалпақлар-

ды бириктирип ел қылыўдан басқа мақсети жоқ. Ҳәй, түлки малақай, бес-алты жаршы сазлап бизиң алдымызға жибер, бул әдилликти журтқа даңғара қылсын! Мақсет—қан төгиў емес, аўыллар уллы кәраматлы хан ләшкериниң алдына бас ийип шықсын! Халайық, енди тарқаңлар да, нөкерлерге аўқат, ат жеми таярлап әкелиңлер!

Мухамеджан бек жас келиншектиң ашшы сөзине шыдамай қызбалық етип жуп нөкеринен айрылғаны ушын ба, ямаса өлгенлердиң әмеңгерлерине жуўап бериў қыйынлығын еследи ме, тунжырап, жеңислерине де кем салыйқалық пенен күтә кем сөзли болып қалды. Енди Айдос шырпылдап барлық аўырманлықты өз қолына алып, ләшкерлерди он-оннан жигирма үйге бөлип қондырып, азанда да барлығын өзи аралап, ҳалқастан кейин арқаға, аўылына қарай жол баслады.

Келеси аўылға жетпей-ақ онлаған атлыны баслап киятырған Қабыл бий көринди. Олар хан ләшкерин таныўдан атларынан түсип, жол шетинде бас ийди. Бул Мухамеджан бектиң кеўилин өсирип азғана жадырады.

— Әне, әскербасымыз, сизиң даналығыңыздың ақыбети,— деди Айдос оны марапатлап.—Арпа ектиңиз, бийдай алдыңыз.

— Уллы ханымыз атланарда «душпан қумырсқа болса да, пилдей көр» деп нәсиятлаған еди, бул адамлардың тасасында жасырынған душпан көзли биреў қалса-әм қәўипли. Гезлескен ҳәр бир шаңырақтан бир адам бас ийип келмесе болмайды.

Әскербасы усы сөзинен кейин сөйлемей, салмақлы болып қалды-дағы, енди буйрықтың лийкинин және Айдос алып:

— Атлан, Қабыл бий,—деди ҳәм оны әскер басысына таныстырды.

Мухамеджан бек оның менен қысқа ғана ҳал сорасты да:

— Неше нөкер менен қосыласыз?—деди.

— Қол астымда тутын түтеткен ҳәр шаңырақ Хийўа ханының отын жағады.

Алда бир гүрең елат көринди. Әскер басы қайтадан жанланып, ләшкерине ең жайын жүриўди буйырды.

Үш жүз атлы аўылға кире бергенде, тегис атызға қаратылған тасқын суўдай жайылып үйлерге, ылаўықларға, төлелерге бөлиниў кетти.

Бул аўылдан да өжетлер табылып, Хийўа ханына бағынғанынан ықрар етиўден алжасқанлар да, егленгенлер де жазаланып, және биреўлердиң қулағы кесилди, екиншилердиң танаўы тилинди, үшиншилердиң өкпелерине дуз себилди, төртиншилер қамшы жеди, ҳәтте, көзлери ойылғанлар да болды...

Усылайынша хан ләшкери жол үстиндеги аўылларды бағындырып «Айдос қалаға» жақынласа берди.

Бундай ҳәдийселер өз аўылында да ҳүким сүретуғынына енди көзи жеткенликтен бе, алға илгерилеген сайын Айдостың қабағы жабылды, оннан сайын Мухамеджан бек ҳалласлап, кем-кемнен үстемлигин арттырып барды.

«Қалаға» қарағөрим қалғанда ғана Айдостың жүзи бултан шыққан айдай жарқ етти, себеби, Қодирбергеннің басшылығында қаланың гүллөп халқы хан лөшкерінің алдынан «нан-дуз» бенен шықты.

Бул көрінпеске эскербасы да шадыман болып, жуўасып, шаршаған лөшкерди үйлерге бөлип, қондырыўдың илажын ойлап көрнўди Айдосқа тапсырыўға оңтала бергени, оның қулағына әлле нәрселерди сыбырлап атырған Қәдирбергенди көрип «қәтер бармаў?» деди. Айдос қулағына ништер тығылған танадай басын силкип жибереди;

— Қоңырат ҳәкими берман өтиўге нийетленипти.

— Мейли, өтеберсин,—деди Мухамеджан бек ҳеш албырамастан.—Бирақ, сиз жаршы таярлаңыз. Биз урысқа емес, сизиң «қаланы» салыўға келгенбиз. Усыны жақын этирапқа тез жайсын.—Ол артына қайрылып өзинен басқалардың бәрин аттан түсирип, зәңгисине ширениў менен найзасын көтерип сөз сөйледи.

— Хорезм арысланлары, қулақ салыңлар! Уллы хийўалылардың зиммасына берилген ис—азға қолқабыс, әззиге жәрдем. Мақсетимиз Айдос бийдиң питпей қалған қаласын салып бериў еди. Әттең, Қоңырат таманынан бизге қарсы лөшкер шыққан деген ғаўасат бар, соған қарамастан өзимиздиң парахат исимизди қыламыз. Бирақ, ҳешбир нөкер жаў-жарағын тасламаўы керек.—Ол усыны айтты да, киши эскер басыларды жыйнап, пүткил аўылға белбеў қылып нөкер қойыўды, олардың ҳәрқайсысы өз орнында бел менен топырақ аўдарыўы зәрүрлигин тапсырды.

— Тикленежақ дийўал уллы Хийўа ушын беккем қорған,— деп рухландырды ол нөкерлерин.—Егер ҳәзир жаў топылса, өзлериңиз ушын гезе.

Лөшкерлер жуп-жуптан тарқатылды.

— Енди мениң билиўим тийис бир ис бар,—деп Мухамеджан бек қасында жекке қалған Айдосқа бурылды.—Набада инилериңиз бенен жүзлесер күн туўса, өзиңизди қалай тутасыз?

Асығыс баратырған киши эскер басылар менен нөкерлердиң изинен нәше етип қарап турған Айдосқа бул күтилмеген сораў болды. Бети бурыштай қызарды, қолын басына апарып, желкесин қасығанын өзи де сезбеди.

— Егер тайсалақлайтуғын болсаңыз, ҳәзир билдириңиз?

— Соқлығысыўдың пайты билер,—деди Айдос исенимсизлик менен.

— Олай болса сиз инилериңиз тәрепине өтип, бизге қарсы келе қойыңыз!

Жас, қатал эскер басының ашыўы Айдосты тез шешим табыўға мәжбүрледи:

— Лямаса аямаспан.

Мухамеджан үндеместен, мисли қурылыстың бас устасы сыпатында, қаланың сыртқы дийўалы ушын қағылған қазықларды бойлап ҳәр топарға көрсетпе берип, «қаланы» ғыр-гөбелек айналып шапты...

Қоңырат ҳәкими қанша ойланған менен Хийўа ханының шабыўылы бәҳәрде басланатуғынына кеўили исене бермеди. «Бул көзаба ушын таратылған өсек,—деди өзинше,—Тәсилпаз хан бүгин-ертең-ақ тонылса, тәәжип емес»—усылайынша күн сайын қорқыныш күтиў менен қаладан шығалмай-ақ қойды. Бул жағдай оның «Ләшкеримди мыңға жеткеремен» деген ўәдесин қуры лап қылып қалдырды. Ол қанша-қанша ақшамларын уйқысыз өткерсе де, сң баслысы өзин тутып сырттан қарағанлардың көзине ҳешқандай қәўипти мисе тутпайтуғын күшли ҳәким болып көринди. Қәйерде туўысқан-туўғанына, ағайинге, урыўына өкпелегенлер жөнинде еситсе, соларға пана болып, жарастырыўға я Қоңыратқа көшириўге атлы қәтқуда жибериўден алжасқан емес. Сондайлардың қоқтасынлары арқасынан атлы ләшкерин бес жүзге шамаластырды, болғаны.

Ол өзин қанша сергек тутып, кеўилли жүрсе де қыстың ҳәрбир күни аманлық пенен артқа тасланған сайын ишегин ийт жыртқандай азды. Бәҳәрдиң жақынлаўы жан алғыш әзирейилдиң қасына жақынлаўынан кейин көринбеди, базда қубладан ескен өлпең жипек самал, оған әзирейилдиң тикепекли жалынлы демі сыяқланып, тула-беденин шаншыўлатып күйдиретуғын еди. Ол сонда да сыр бермеўге тырысып бақты. Жердиң тоңы жибисиўден хан ләшкери топылыс қылатуғын таманнан мисли суў басқынына қарсы шабылған қайшы секилли топырақ қорған салыўды қолға алды.

Усы қорғанда жумыс гүжип атырған күнлердиң биринде «ханның үш жүз лөшкери Эмиўдәрьядан арқаға өтипти» деген хабар келди. Оне, бул хабар оған ҳақыйқат бәҳәр самалы болып бойын бийледи, терисп жайылып қуўанғаны соншелли, топырақ үйиўге келген аўыл адамларын сол заматта тарқатып, лөшкерлериниң бир күн еркин дем алыўына рухсат етип, намазшамын оқый сала дастыўына қыйсайғанынан, ертеңине түске таман оянды. Тула беденн қустай жеңиллесипти. Мәслаҳәткөйлерине қоса Айтмурат қызыл бет пенен Бегисти шақыртып, күтә жайпарахат кеңес баслады.

— Енди не дейсиз, перишгелерим?

— Арқайын болмай жаўдың топылысын күтиў керек,—деди Айтмурат қызыл бет.

— Жаман нийетли хан лөшкери үстимизге келгенше күтиў— зәҳәрли жыланның басынан емес, қуйрығынан услағандай гәп, оралып шағады. Сол ушын тезлик пенен дәрьядан өтип жаўды «Айдос аўылынан» өткермей гүм қылыўымыз тийис.

— Душпанымыздың душпаны достымыз болатуғыны уллы дәрежели ҳәкимге айқынлығы бесседей белгили,—деди кеңесгөйлерден бири.—Мениңше, дәрьяның арқасында қанша елат бизге дос екенин билип алыўымыз ушын хан лөшкериниң урысын асықпай бақлаў керек.

Ҳәкимниң азғын жүзи қубылып, ойшаң кишкене көзлери бир ноқаттан өзгермей әдеўир отырғаннан кейин пикир айтты;

— Хан ләшкерин үстимизге әкелип-әм көргенбиз, периштелерим. Бир түбирге екі сүриниў соқырлық болады. Бегис периштемниң мәслеҳәти дурыс секилли.

— Оғыры дурыс қуласаға келдиниз,—деп жаңа сөйлеген кеңесгөй бирден пикиринен қайтты.—Еркин ашшыға тиймей, душшының парқын билмейди. Жаўды қалаға жолатпай Айдос аўылының үстинде мылжалаў керек.

Айтмурат қызылбет тилин тислеп алғандай аўзын тобарсытты. Бегистиң кеўили өсип шеп қасының үстиндеги мени қызғылт ақ-қуба жүзине айбат берип, қос бармағы менен узын муртларын алма-гезек шыйратып отырып күтә мүләйим сөйледи:

— Аўырыўдың ең соңғы қәўпи өлим екени бәршенизге аян, төрелер. Қысы менен аўырдық. Енди алдымызда еки жол бар, бири—өлим, екиншиси—жазылып қайғысыз жасаў.

Бегис пенен ишлей бахталаслықта жүретуғын Қызыл бет оның үстемлик пенен сөйлегенин жақтырмай;

— Базы ақмақларға басқаның өлими байрам,—деп салды.

Ҳәкимниң көзлери оттай шатнап, Қызылбетти өртеп жибере жазлады.

Ишки зәрдесин шығарып үлгерген Қызылбеттиң шегир көзлериниң нуры өшкендей мөлерди.

— Ақылсыз үш туўысқан киси сүйене алмас тикенекли адамлар екен.

— Тикенекли болса да, бир түп жийде, он түп сыйдам тораңғылдан артық,—деди Бегис.

— Периштелерим, балтамтапты қойынлар енди,—деди ҳәким екеўине де бийазар кейип пенен.—Билесизлер, адамның шырайы қарасынан емес, нийети қарасынан қорқыў керек. Хийўа ханының нийети қара. Бизиң мәқсетимиз Қоныратты шаҳәрин ғана емес, пүткил қарақалпақ елин сол қара нийеттиң қанлы пәнжесине бермеў. Бир жағымызды жаў талап атырғанда бүйтип отырыў-әм наисаплық. Турынлар, пүткил қоластыма, қалаға дабыл қағыңлар да, нөкерлерди топланлар.

Ҳешким тил қатпай асығыс тарқасты.

Екинши күни бес жүз нөкер атқа минди. Муздай болып кийинип, жаў жарағын асынған ҳәким нөкерлерин бирқатара көзден өткерип, төрт жүзин бөлип, қалғанларына Айтмурат қызылбетти басшы қылып тапсырды:

— Қаланы қорғайсызлар.

Ҳәким менен урысқа қатнасып, Бегистен артығырақ батырлығын көрсетиўди нийет етип жүрген Қызылбетке бул күтилмеген соққы болды.

— Бегис қалсын,—деди.

— Периштем, қызба. Ағашты ағаш саплы балта менен кесер болар.

Айтмурат қызыл бет мыйығынан күлип мардыйып, желкесин қасыды.

Ҳәким көп егленбей Бегис пенен төрт жүз атлының алдына түсти.

Әмиўдәрьядан өткенсоң көп жүрмей-ақ олардың алдынан қол қаўсырыўшылар молайды. Тарыслардан өзин сыртта тутатуғын қытай уруўының атақлы бийлеринен бири пайда болып, атынан түсип Қоңыратқа берилгенлигин айтып бас ийгенде, ҳәким мәнгилик жеңиске ерискендей масайрап сала берди.

— Ҳо, периштем, кеше ғана түсиме енип едиң, абыржымай, албырамай көтер басынды. Бизге ермесең, ҳәзир қайтып уруўыңды Қоңыратқа көшире бер. Ең ҳасылдар суўға тийик мәкан сеники.

Ҳәкимниң жеңиске исенишли мирәти ләшкерлерде әллеқандай рухый күш пайда етти.

— Ҳәзир хан ләшкери қәйерде?

— «Айдос аўылына» бағдар алды,—деп қытай бийи ҳәкимге сырын айта баслады.—Айдос, ханның әскер басысына тәжим етип келсин деп атқосшысын жиберген екен, үш қамшы урғызып қайтардым. Изинен ләшкери ғаў басарма деп едим, келмеди, билмедим, яки атқосшысы айтып бармаған, яки ләшкериниң күши әззи.

— Алла зият етсин, периштем, оғыры жақсы хабар айттың. Айдостай сатқынның жүзин көриў—гүлли гүнә! Мениң билиўимше, Хийўаның ләшкери қанша тәсилпаз болған менен өрмекшиниң аўы. Қуда қолесе, пыт-шытын шығарамыз. Периштелерим!—деп ол артындағы көп ләшкерге даўыслады.—Әўели қуда, жеңе сөзсиз бизики. Қуда сүйген Қытай уруўы бизге қосылды. Оның жумықлаў, бирақ өткир көзлери алысырақта қол былғаған төрт атлыны көрип ҳәммеңниң дыққатын солай аўдарыў ушын,— қуда қолесе ҳо, анаўлар әм бизге киятыр!—деди.

Үлкен мақсет пенен баратырған ҳәкимниң үш төрт адам ушын соңына ләшкерди иркиўи, бирәзларда шилей гөзен туўдырған менен, көпшилигине унады. Ҳәкимди «Меҳирлилердиң меҳирлиси» деген сөз аўыздан аўызға өтти.

Күткенлери жетти. Олардың биреўи бетин таңған, тек тиси, көзи жылтырайды, екиншиси ерге байланған ағаштай тип-тик отыр, үшиншисиниң бети гүнтей исик, төртиншисиниң мурны қанап ерининиң үстине қан қатыпты.

— Сөйлең, периштелерим.

Соңғысы алға шықты.

— Биз қорландық, қол жабыңыз, уллы Қоңыраттың ханы. Айдос қорлады. Хийўа ханын билмеймиз, билгимиз келмейди дегенимиз ушын мыпаў қылғаны. Ҳәммеден жеңил қутылғаны мен. Мурнына жуп муш урғызып қутылдым.

— Олар ҳәзир қайда?

— Билмедик, уллы Қоңыраттың ханы. Лийкин елди шегирт-

кедей жайпап, арқаға өтіп кетті. Шамасы «Айдос аўылына» кирди.

— Олай болса периштелерим, бизге қосылыңлар. Биз сизлердей мөминниң арып арлаўға шыққанбыз.

Төремурат суўпы лөшкерди баслап жүрип кетти. Бир ўақытта ол қурысқан мойнын көтерип Бегиске бурылды:

— Егер Айдос пенен жүзлесип қылышласар күн туўса, не қылар екенсең, периштем?

— Бенде қылып бәрҳә қулып астында сақлайман.

— Ол, тутып ал деп, қолын қаўсырып алдында тура қалармa екен?

— Бийазар услап алыўға тийиспен.

Ҳәким кесесине бас шайқап, селк-селк күлди де бир нәрсе деп үлгермей-ақ, көз ушында бир бүйирлеп шаўып баратырған атлыны көрди.

— Тут, периштем!—деди ол артындағы шабарманларынан бирине.

Хорасаннан алынған жүйрик ат қоян көрген қаршығадай ушып, ҳәдемей-ақ жекке атлыны ҳәкимниң алдынан алып шықты.

Лөшкер иркилмей жүрип баратыр. Төремурат суўпы бенденің қаны қашқан жүзине тик қарады:

— Кимсең?

Бенде сөйлемеди.

— Хан лөшкери қәйерде?

— «Айдос қалада»,—деди бенде тилге келип.

— Ылықкан қаншықлар қораға тығылыпты дә? Не қылып атыр?

— Қаланың сыртқы дийўалын қайта салмақшы қусайды.

Төремурат суўпы оған исенерин де, исенбесин де билмей қолын шекесине апарып ойланып турды да:

— Бизден неге қаштың?—деди.

— Аўылымызда бир жас үлкен ғарры өлип, Порлытаў беттеги тамырларына намазға айтып баратыр едим. Сизлерди услап қояр деп қорықтым.

— Бар, жолыңнан қалма.

Бенде атына ийелик етиўден ҳәкимди алғыслап, сонда да қорыққанынан артына қарай-қарай кетти.

Төремурат суўпы екн қапталындағы киши әскер басыларын алма гезек көзден өткерип алып:

— Периштелерим,—деди ҳаяжанлы әлпайымлық пенен.— Олардың қала қурылысын баслап жибергенин қалай түсиндиңиз?

— «Намазшыға» инандыңыз ба?

— Ой, периштем, намазға айтып жүргенди ирксең, бул халық не демейди? Барсын, жаў болғанда да қолынан түк келмейди.

«Наятый көреген, паятай сезгир инсан. Алдында басқа нәрсе ойлаў мүмкин емес!» деди Бегис ишинен.

Төремурат суўпы ҳешкимниң устағанлы жуўап бериўге жүрексинбейтуғынын билген соң ўақытты көп созбады.

— Ханның күнин лошкеринен емес, халықты қалай алдаўынан горезли, перишгелерим. Қаланың тысқы дийўалын салыў—Айдостың ақылы емес, ханның сояқтан айтып жиберген тәсили. Ҳақыйқатында сол дийўал олардың өзлерине қорғаны, өзгеге әжел гезеғин таярлап атырғаны. Көз жумып үстине бара қалыў нөкерлеримизге писпатан наинсаплық болады. Сол ушын «Көк өзектиң» жағасынан биз де гезе қурамыз. Устимизге келсин.

— Пәк ақыл!

Ҳәким нөкерлердеги мәртликти сынаў ушын айтып атыр деп түсинген Бегиске шабарманның шәпиклик қылғаны жақпады.

— Уллы Қоңыраттың ҳәкими, ҳақыйқатлықты айтсам, бул баланың гәпи демессиз, деп ойлайман. Қорқақлық қылыў—жеңистиң гилтин душпанға өз қолыңнан тапсырыў деген сөз. Усы пәттен жаздырмай қаланы қамал қылыў керек.

Төремурат суўпы Бегиске ырза кейип пенен көзлери күлимлеп бир қарады, бирақ сөйлемеди.

Олар қуптанлата «Көк өзекке» жетти. Нөкерлерди қәндекте қалдырып, ҳәким Бегисти ертип ырашқа шықты. Айнала жымжыртлық еди. Жақын-жуўықтағы аўыллардан жекке-сийрек ийт даўысы келип турыпты.

— Бегис периштем, ҳәзир нөкерлер атларынан түсип бир баўдан қамыс орсын да шом буўып, басларына дастық қылып азмаз дем алсын.

Ҳәким жалғыз қалған аш қасқырдай қамыс ишин бир майдан гезип қайтып келди де, жаңа жатқан нөкерлерине даўрық салды:

— Атланыңлар!

Бегис атынан түскен менен еле отырған да жоқ еди, атына ғарғып минип ҳәкимниң алдында пайда болды.

— Шабыўылды баслаймыз ба?

Ҳәким оған жуўап орнына, атлыларды тең еки тонарға бөлип, ҳәрким дастық қылған шомыштың ушына от басып уйқыдағы аўыл үстине тоныльсқа ҳәзирлениўди жоруғынын буйырды.

* * *

Қоңырат ҳәкимине жолыққан «намазшы» Айдослардың жол аңлытып қойған атлыларынан бири еди. Оннан барлық жағдайды билип алып, Мухамеджан бек пенен Айдос та нөкерлерин екиге бөлип гезе тутып отыр еди. Таң атыўға мейилленип, босаңлар жаңа уйқыға мүлгий баслағанда, еки жақтан гүўлеп кийатырған қызыл жалын от көринди.

Еки жерден тикке шаншын даўрық салған Мухамеджан бек пенен Айдостың даўыслары бир-бирине қарысып кетти.

— «Кәраматлы хан жигитлери, жаў, жаў!» «Сақ болыңлар!» «Жақынлатпай, оқ үзбеңлер!...»

Әллеқандай бир қорқақтың бармағы тетик басып, шетиректе бир мылтық гүрс еткени мәлтәл, Қоңырат атлыларының еки топары да тарап, гүў алға басты.

Мухамеджан бек те, Айдос та, бийруқсат оқ үзгенди ишлеринен сөгип наразылық билдирсе де қоңыратлылардың апыр-топыр алға басқанын көрип, буққы таслады. Оқ жетимге келгенде теңпеп тикейди:

— Жигитлер, атыңлар!!

Усти-үстине гүрсилдеген мылтықлардан ысқырған оқлар бираз атларды оммақазан аттырып, күтилмеген соққыдан қоңыратлылар басқы тапты. Жерге түссе де еле жанып атырған шомлардың жақтысында ийесиз қула далаға шаўып баратырған атлар, кейнине қарай пияда зытқыған нөкерлер көринди. Әскер басы оларды қуўыўға буйрық бермеди. Айдос қашқын атлылардың арасында әллекимди излеген қәддинен қайтып отырмады.

Мухамеджан бек оның туў сыртынан шаўып келип кеўилли сөйледи:

— Биз тәрепте онбеси өлди, сиз тәрепте қалай?

— Санамадым,—деди Айдос сәл өлпең даўыс пенен.

— Онда тез адам жибер, өлилерди жыйнасын. Жаў қандайлығын аўыл адамлары көрмесе болмайды.

Айдос мардыйыңқырап, жигитлерине нәзер аўдарды.

— Жигитлер,—деди жас әскер басы қуўанышын тоқтата алмай.—Енди олар бир жерге бекинис қылады, биз сол уясында ғана мыллжалаймыз. Не дейсизлер?

— Жеңдик, жеңемиз,—деди кеўилли хан нөкерлери даўыс қосып.

* *
*

Қоңырат ҳәкими ләшкерин «Көк өзекке» тирелген жерде ирқти.

— Нәлетийлер аңлып отыр екен-ә?

Жарадар биреўди мингестирген Бегис ҳәмменің соңынан жетти. Ол ҳәкимниң не дегенин, кимди айыплағанын еситпегенликтен үндемей, мисли әке алдында гүна қылған баладай басынийип, қапа болып тур. Ҳәким оған мингесигин түсириўди буйырды да:

— Жигитлер!—деп даўыслады.—Биз қорқып шегинбедик деп ойламаңлар. Қоңыратлылардың пәк қанын әдалатсызлардың төккенин көргим келмеди. Ең утқанымыз, душпанның күши қалай, қарсылығы неден ибарат екенин барластырдық. Енди атларыңызды қасларыңызға бийлаңлар да гезе қазыңлар. Олар бизди қашты деп үстимизге топылады, қылғанын алдыларына

келтиремиз.—Ол Бегиске ымлап шетирек шығарып алды.—Сен дәўжүрек жигитсең, бирақ көзсиз екенинди енди билдиңгой-ә?

Бегис үнсиз тыңлап тура берди.

— Урыста еки ақыл басқы таптырады...

Ҳәкимниң не ушын айыплап турғанына Бегистиң пәми алыспай, бойын тиклеп, ашыўлы көзлерин бадырайтты:

— Қандай еки ақыл?

— Есинде ме, ҳүжим тек сениң кеңесиң менен басланды. Екиншн прет-әм терис кеңес берсең, ақыбетине жуўапкер өзиң, периштем.—Ол Бегистиң ашыўға буўлығып қалтырай баслағанын сезип туўрылады.—Периштем, егер жеңиске ерисейик десең, я мен буйыратуғын болайын, я сен мениң айтқан жеримде пышанаға туратуғын бол.

Ашыў менен басының иши гүў-гүў болып кеткен Бегис ҳәкимди шалыс сөйлеп тур деп те ойламады.

— Буйырыўшы тек өзиңиз,—деди.

— Биз қанша парасат сақлап, қаланы қамал қылсақ, олардың соры. Буннан тысқары, ханның тилегиндеги елатларды қол астымызға өткериўдиң ғамын жеўимиз керек. Сонда Айдос аўылы бөлинип, ләшкерлерине азық-аўқат жетпей адам жейтуғын болады. Келистикпе?

— Пәк ақыл.

— Олай болса орыныңды ийеле. Егер үш күнге шекем топылыс қылмаса, өзлеримиз бир илаж қолланамыз.

37

Маман Қоңыраттан киятырып Мыржыққа берген ўәдеси бойынша аўылласлары менен ойласып, жүзлеген атлының басын қурады ҳәм Мыржық келиўден тапсырды:

— Мине, ишим, енди тәғдийиримиз қолыңда.

Бул оны еки ағасынан биротала ашым айрық қылыў ушын сырлы көтермелеўи ме, ямаса жасы қайтқан бийдиң ишиндеғилигине, исенимине ырза болып, кеўли көтерилди, «ақлармыз» деп әстерек жуўап берди, бирақ ишинен «енди ағаларыма ара түсемен, парахатшылық менен айтқанымға көндиремен» деп ойлады.

Көп кешикпей әскерий машқы басланды. Ол бул исте еле тәжирийбесиз еди, Маманның өзи баслап берди.

Соңын ала оның билген усыллары да аз түйилип, атлыларын баслап қазақ аўылларына кетти. Жаслығында ханға хызмет еткен ғарры сарбазларды таўып, олардың басшылығы менен Жаңадәрья алапларында бир айдан аслам машқы қылып қайтты.

Олар кетер алдында көнес Тимофеев пенен сөйлесик жүргизип, уста Никифоровқа пытыра қуйғызып қойыў ушын енапат ийнин буйымлардың сынығын тапсырып кеткен еди. Аўылына бармастан бурын солай қайрылып, үлкен бахытсызлыққа гез келди. «Орыс аўылында» сылт еткен бенде жоқ. Қамыс қақы-

ралардың аңсақ-саңсағы шығып атыр. Қонарылған әйнек, қапы, орынларының бір жағынан ушып кирген ҳәкке екиншi жағынан шығып жүр. Жаңадорьялылардың Мәкке-Мәдийнеси сияқлы устахана берен-зерен, гөпе-қоқсы темир, сынық, қаңылтыр буйымларды демде-ақ тот басып, ҳәр жерде биреўи тоң кесектей домалап жатыр.

Маманның шашпе қоз түскендей болып атынан ғарғып түсти де, Мыржықты ертип устаханаға кирди. Тапсырып кеткен шойын сынықларынан қырғыштай қалманты. Ҳайранлық пенен бири-бирине қарасты. «Я Хийўадан, я Қоңыраттан келген апат» деген ой келди Мыржыққа. Бирақ, ойын ортақласыўға тартынды: «Қайсысынан болса да мениң қаналасларымның араласы бар». Маманның жуқалаң сарғыш жүзи тот басқан темирдей қаралтым-қызғышланып, тили ҳештеңеге гүрмелмеди.

Нөкерлердиң көпшилиги атларынан түсип тасланды қақыраларды, устахананың ишлеринде, дөгереклеринде саўтанақ жер қоймай түрткилеп, сүрилгендей қылып таслады, көмилген пытыра туўе қәдирли ҳештеңеден намыў-нышан таппады.

— Сорлы қарақалпақтың ығбалына не болды екен?—деди Маман күтә аўыр сарсық пенен.

Нөкерлерден тили жүйриклеў бири тоңқылдады:

— Бий аға, орыслардың ўәдеге опадар, сөзлери тири ҳәм ири, меҳрибан, қорқыўды билмейтуғын адамлар болатуғынына исендирген ediңiз.

— Сениki не?—деди Мыржық оның аўзын қақпалан.—Қазақ арасына барып бираз орысларды көрдик. Маман ағаның гәплериниң дурыслығына исендик-әм. Қуда қәлесе, орысят патшасына барып бабаларымыздың «қосып алың, қайырқомлық қылың» деген арзысын жаңартыў нийетинде қайттық-әм.

Нөкер пикиринен қайтпай өршеленди:

— Олай болса бул неси? Көпес Тимофеев күлип турып-ақ жылататуғын, кеспей турып-ақ қанататуғын, көрсетип турып-ақ урлайтуғын найсап еди. Шығысына тартадыдағы. Аққөңил бабаларымыз неше айлық жолдан сегбир тартып барып алақандай сая сорағанда, булардың патшасы «яқшы» дей сала ўәдесин жутқан емес пе? Әўладынан не үмит, не қайыр?

Нөкерлер менен сөйлескенде орыс халқының дүньялық данқын күтә мақтаныш қылып сөйлейтуғын Маман бийдиң мурын тесиги төмен қарады. Буған Мыржықтың жығырданы қайнап нөкерге ашыўлы көзлерин қадап, узын қара мүртларын алма-гезек шыйратты:

— Сен бунша көп сөйледиң-ә? Түсик шелли шетте жүрген еки адамы менен пүткил халыққа баҳа берип болама? Айтыңыз мәселен, Никифоровты ким жек көретуғын еди?

— Сол ушын да айтып атырман,—деди нөкер қалыспай.— Қасқырға қолдан қой сойып берсенде, тоғайға алып қашады деген усы емес пе? Мениң арым келетуғыны, бизлер сияқлы өз

миллетиниң арына тартыўды билмейтуғын халық бар ма бул әлемде?

— Арысланға алысатуғын арыслан керек,—деди Маман.

Мыржық бир-еки жола Никифоров пенен сөйлесип, оның бир сөзлигине, өзи секилли, мөмин, жергиликли халықты сүйип қалғанына исенетуғын еди. Әсиресе онда орысларға биринши сүйиспеншиликти қоздырған усы Маманның өзи еди. Оның соңғы гәпин жақтырмады:

—Маман аға, қараңғыға тас ылақтырмаңыз.

Қасарысыўдың пайдасызлығын енди түсинип, Маман желкесин қасый-қасый үнсизлик пенен жолға түсти. Қазақ сарбазларының басшылығында әскерий көп әдис үйренип қайтқан нөкерлерине ыразы бийдиң ендиги қыялы оларға мылтық аттырыў еди. Көп үмитинин, әрманының ақыбети пуш шыққанына кеўилсиз иши- баўры қамылып, изинде, қайтқан ғаздай дизилискен нөкерлерин де умытқан сыяқлы. Жас үлкенниң кейпи басқаларға жуғып, ҳәммениң әпшанын қашырмаў нийетинде Мыржық жанланды:

— Маман аға, күндиз шыра жаққан ақшам қараңғыда қалады деген гәп барғой. Жақсысы, қазақ сарбазларынан үйренген жақсы қосығыңызды айтып бериниз.

Маман тершиген ақ боз атының саўрысына қамшысын әстерек тийгизип, жүрисин сәл тезлетти де, қара қалпағының алдын көтерицкирең қойып, баслады:

*

Жигитлер, жигитлер, ғошшақ жигитлер,
Ели үшын бас тигер батыр жигитлер.
Жигитлер дөўжүрек, ҳасыл жигитлер.
Елиниң жаўына жасыл жигитлер.

Маманның ҳайран қаларлық ири даўысы бар еди. Анық ғурыжланын қосық айтса, этиран жаңлап, ушқан қус қонады, шапқан қулан тоқтайды. Анығ менен бе, ол усы сапары да ғурыж бенен айтқаны сонлықлы, абыржы өсеклери менен киятырған нөкерлер аўылға қалай келип қалғанларын бир-ақ билди.

Жигитлерди үйли үйине тарқатып Маман менен Мыржық атларынан түсип үлгермей ақ, Есенгелди сары келди. Ол күтә азғын, шырайы саядағы шөптей сарғайыпты. Бетиниң териси де жыбырлайтуғын сыяқланды. Маман оны қыйынлықларға төзимлилиги, бир сөзлилиги, меҳрибанлығы үшын басқалардан артық баҳалайтуғын еди ҳәм ол бар жерде өзин бар деп сезетуғын еди. Бир айдың ишинде не үшын бундай дәрежеге түсип қалғанына таңланды, «аўырмадың ба?» дейжақ болып турды да үндемеди. Ишкерилеген соң Есенгелди сарының өзи жарылып Айдос аўылы үстинде хан лошкери менен қоңыратлылар арасында урыс болып атырғанын хабарлады.

Усындай болатуғынын алдан билгенликтен бе, бирден ҳаўлықпастан сорады:

— Қашаннан бери?

— Он күннен асты.

Мыржық ағаларының аманлығын билиў ушын гәпке қәйтип суғылысардың сәбәбин таппай еки жас үлкенге алма-гезек жалтақлады.

Маманның норўайы пәнсери сыяқланып:

— Көпес Тимофеев көшип кетипти ғой,—деди.

— Қорқып көшипти. Айдос аўылындағы урыс бизиң жаққа жайылатуғынын билип көшти дейди.

— Ким?

— Никифоров менен Атабек айтып келди.

Мыржықта да, Маманда да жанланыў пайда болды. Есенгелди сарының өзи баянлап болғанша да жанлары төзбеди:

— Олар қайда?

— Атабектикинде. Атабек те, Никифоров та тымаў. Әсиресе Никифоровтың баласы Яков—орыс қаталлаў. Азанда көргенимде сандырақлап атыр еди.

— Аўырыў болған соң устаны журтта қалған пышыққа айналдырыпты дә, жаўыз көпес.

— Олай емес қусайды. Көпес уста Никифоровқа, «егер қарақалпақлар менен оңысып жасай алсаң биротала азат етип қалдыраман, бирақ Атабек екеўиниз мен ашық теңизге шыққанша узатып салың», депти. Соннан қайтысын бул бийшараларды қамыс салын самал қуўып, теңизден үш күнде шығыпты. Аўырғанлары да соннан.

— Онда бизлер ғыйбат қылыппыз-аў,—деди Маман сәл өкинишли.—Пытыралар өзлеринде ме?

— Қуйып атырғанда қоңыратлылар әкеткен.

— Не дейди?

—Аўа, солай, Маман. Урыс Айдос аўылында болған менен жәбирин бизлер көрип атырмыз. Қәдирберген онлаған нөкер менен келип хан ләшкериниң азық-аўқатына жәрдем ет деп еди, соннан үш күн соң қоңыратлылар жигирма атлы болып келди. Не деген менен хан ләшкери сыпайылаў еди, қоңыратлылар ҳешкимниң дуў сыйына қарамастан керегин әкетти.

— Көрик қалып па?—деди Мыржық.

Тимофеевтиң көрикти қалдырмайтуғынына кеўли исенген менен Есенгелди сары «аўа қалдырыпты» деп айтатуғын шығар дегендей, Маманның аўызы ашылып, Есенгелди сарының бийпарық өскен муртлары астынан көринген жалақ еринлерине көз тикти.

Есенгелди сары аўзын сыйпап, жуўап берип үлгермей-ақ, сырттан әллеким «жаў!» дегендей болып еди, изи улы-шуў болып кетти:

— Жаў, жаў жаў!..

Олар керегеге илдирилген жаў-жарақларын ала сала, апыр-топыр далаға шықты. Жүзлеген атлы, аўылға араласып қалыпты. Бәрин шәўкер атлы. Орынбай баслап киятыр. Маман оның

нийети бузылса шәүкер ат минетуғынын билетуғын еди, бирақ қара қалпақ кийип, алғанын көрип өзин басты. Себеби, ол албырақлап, Маман аўылынан жәрдем сораўға нийетленсе ғана усылай ететуғын еди. Енди ол Есенгелди сары менен Мыржықтың ортасында өзин алдырмас беккем қоршаўда турғандай сезинип, алысырақтан-ақ бадабат салды:

— Орынбай, аманлық па?

Орынбай жуўап орнына оң қолын жоқары көтерип, нөкерлерин иркти.

Соның арасынша Маманлардың артжағынанда топар-топар атлылар көрине баслады. Олар ҳәзир ғана дем алысқа тарқатылған нөкерлер еди, аўыл арасындағы «жаў-жаў!» деген даўрыққа көтерилип киятырғаны. Бул Маманларға әбден күш берди.

— Еситип атырғансызды, ел талайтуғын саяқлары келип те турған шығар, сатқын Айдос гүм болмай елге тынышлық жоқ екен,—деди Орынбай.

Оның гәпин нөкерлериниң көпшилиги тастыйықлап, Айдостың атына ҳәрқыйлы жаман сөзлер айтып жабырласты.

— Қоңырат ҳәкимине қосылажақсыз ба?

— Онда нийетимиз жоқ, Маман,—деди Орынбай.—Бирақ биз ушын Айдостың нийетин болдырмаў мааба. Егер оның уруўы Төремурат суўпыға бағынып кетежақ болса, жартысын бөлип аламыз. Қәне, жигитлерим, тәкирарлаңлар «Айдос аўылын бөлип аламыз!».

— Айдос аўылын бөлип аламыз... бөлип аламыз!...

— Ойе, Маман,—деди Орынбай мардыйып.—Егер сизлер қосылсаңыз, ишип айтыўдың кереги жоқ. Бирақ мени Қоңырат ҳәкимине қосылады деп ойлама. Көргенмен, ол жеңсе, бизди ҳаўа топ қылады, сонда да оған қарсы урыспайман.

— Биз еле ойламамыз, деди Маман.

Орынбай наразылық менен қолын бир силтеп, ишине айланды, нөкерлери үнсиз ерди.

Пүткил елди титиретип тик аяққа турғызған ўақыяның себепкери еки атасы болғанына Мыржықтың жети пасыры бүгилип, орнына шегелегендей бир майдан лалы ийықты. От лаўлаған шеше жайдан мухаббатқа киргендей тула бедени жуўылдап, тиси тисине сақылдағанын сездирмеўге тырысқан менен, демі тарайып, көзлери патлыйып, албырақлады.

Оның не ушын силейип турғанына дыққат аўдармай жолдаслары былайырақ шығып «Мыржық, жүр» дегенде ғана ол солай бурылды ҳәм оң дуғатына оратылғанын бүркеў мақсетинде яўзына келгенин сорай салды:

— Қаяғы күшли деп ойлайсыз?

— Еки жағы да тулки, оққа қуйрықларын тутады,—деди Маман.

Есенгелди сары «Сен не айттың?» дегендей көз астынан бетине қарады. Еле өз ойы менен бәнт Мыржық бир нәрсе түси-

ниў түўе, еситкен де жоқ. Маман өз жуўабына түсиник берди:

— Оққа тутатуғын қуйрықлар—биз қарақалпақлар ғой.

— Қоңырат ҳөкимине қарағанда Хийўа ханында я тәсил көп, я адамгершиликтиң ийнеи басым,—деди Есенгелди сары.— Қара геллем Қоңырат ҳөкимине наразыман, пүткиллей наразыман. Ол қатал жаўыз. Егер биз урысқа араласатуғын болсақ, соған қарсы турыўымыз керек. Ол жеңсе және қырқ қыз түўе бәримизди сатар деп қорқаман.

Маман кимге қарсы урысыў емес, Айдос пенен Бегисти қалай жарастырыў үстинде ойлай баслаған еди, сонлықтан Есенгелди сарыға жуўап бермеди. Жас үлкен бийдиң қыялын оқыған сыяқланып Мыржық исенимсизлеў гүбирленди.

— Егер олар жарастырылса,..

Буған Есенгелди сары да тил қатпады. Өз ойын шубалтып киятырған Маман Мыржықтың нә ҳаққында айтқанын аңғармастан қалды. Солайынша үшеўи де үндеместен баратыр. Бағыты Атабек палўанның үйи.

Мыржық және шыдамсызланып үйин еследи. Қыялына келиншегин, улын әлленеткен нөкерлер бенде қылып, отаўы Тимофеевтиң қақырасындай қаңрап қалған секилленди.

— Маман аға, үйимнен хабар алып қайтсамбекен?

Атабек палўанның есигине кирер жерде иркилип, Маман Мыржыққа ойлы қарап турды да:

— Қалай барыўдың жөнинде ойланып көрейик,—деди.

Бағанағы даўрық пенен үйлеринен шыққан аўыл жас үлкенлериниң биразы паўқаслардың кеўлин сораўға келген екен. Атабек те, Никифоров та бираз сергек көринди. Тикейип отырыпты. Кишкене Яков—орыс ғана ыңқылдап, еки бети лаплап жатыр.

Үлкен-кишиге әлпайымлығы, ҳүрмети, қалыс хызмети менен «Мақсым келин» атанған Атабек палўанның сулыў келиншеги шырпылдап хызмет қылып жүр.

Ҳал-жағдай сорасылып, бираз нәрселер билисилгеннен кейин Мыржық «көрик қалып па?» деген сораўына Есенгелди сарыдан алалмаған жуўабын Никифоровтың өзинен алды. Көрикти ийеси әкетипти.

— Ҳақыйқатында ол тек байыў ушын келген еди,—деди Никифоров көригин қалдырмаған хожайынына өкпели.—Азғана доккиге шыдамады. Мени аяп қалдырған жоқ. Баламыз екеўимиз кемесине аўырлық ететуғын болдық.

— Қалғаныңыз жүдә жақсы болған,—деп Маман оның кеўлин алды ҳәм қуяш түслес сары шашларын ләм басып тершип атырған кишкене Яковтың басынан сыйпалады.—Қалайсаң, балам?

— Жақсыман.

Баланың жуўабы ҳәммени қанаатландырды. Әкеси ҳәзир-ақ тәўир болып кеткендей күлимлеп, қуўжынлап женил сезинип отырды.

Ел үстине дөнип турған қәўип—урыс ҳаққында қайтадан әңги-

ме басланды. Ҳәрким ҳәртүрли пикир жүритип, аўылының арасында мылтық атылмаўы ғамында ойласып, ортаға салысты.

Ойлы Маман бас көтерди. Аўыл қәтқудалары ол отырған жерде қандай ислер үстинде тарысып пикир айтса да, көбинесе Маманның жуўмақлаў сөзин күтетуғын еди. Усы сапары да солайынша тынышланды.

— Бул урысты Айдос пенен Бегистиң ала аўызлығынан туўған деп қараў қәте,—деп Маман күтә жайпарахат гәп баслады. —Солай болса да, оларды жарастырыў ел тәғдийри ушын әҳмийетли. Ел-халқымыз тәсилқор түлкилердиң қуйрығы болып оққа нышаналықтан қутылады. Ал енди Айдос пенен Бегис бизди тыңлай ма, жоқ па, әне, бул жумбақ мәселе. Мениңше, бизиң ҳеш қайсымызға қулақ аспайды. Себеби Мыржық биз бенен. Екеўи де «неге мен тәрепинде емес» деп Мыржыққа да ашыўлы. Мыржық олардың биреўиниң тәрепин алған менен де, келисим болмайды. Жалғыз жол, бийтәреп бир уруўдың жас үлкенин араға салып, үш туўысқанды сөйлесикке шақырыў керек.

Бул ҳәммеге қонды, бирақ өз елиниң басына мүшкил салған өжетлер кимниң айтқанына турады, қайсы аўыллар бийтәреп, пүткил ел үстине от кетип атырғанда бийтәреп қалыў инсаплық па, ҳақыйқатлық ким тәрепинде... деген пикирлер жөнинде қыйлы-қыйлы ойлар ортаға түсти.

Және Маман сөйледи:

— Бир атыздың шымшығындай өзли-өзи жуғырласып, ҳәзирше бийтәреп отырған мүйтен уруўы бар. Соларға өтиниш қылламыз.

— Бас бийи бундай машақаттан атлы қашады,—деди Есенгелди сары.

— Олай болса, қазақ ағайынлердиң араласыўын өтинемиз.

— Бул жүдә мақул, Маман. Халықтың тәғдийрине халық араласқаны бәринен зыят.

Қарсылық болмады.

Шыққаннан кейин ол Мыржықтың үйинен хабар алып қайтыўына рухсат берип, усы күнлери кимнен өш аларын билмей жүрген саяқлардың тарқалыўына ушыраң қалмаў ушын жигирмалаған атлы ертип кетиўин мәсләҳәт етти.

38

Быйылғы боҳәрдиң өзгешелиги ҳәрқашанғыдан жаўынлы. Базда сондай шелеклейди, далаға адам шығалмайды. Бундай гезде шарўалар да, дийханлар да «ел тәғдийрине аспан жылап тур» деп гәп қылысады. Жаўын қанша молдан шелеклесе, сонша тез ашылып, қуяш жарқырайды, кеше ғана ақтаңлағы шығып қулазыған майданлар көк-шөптен көрпе жамылғандай болады да қалады. Бундай гезде шарўалар да, дийханлар да «быйыл қудай берген бәҳәр еди, әттең әттең»... десип, гә ханның,

гә Қоңырат ҳәкимиңиң, гә Лйдос пенен Бегистиң жети пушпына мыцсан нәлет жаўдырысады.

Хан ләшкери менен қоңыратлылардың бир-бирин аңлыўы узаққа созылып, ҳәр тәреп нөкерлерине азық-түлик ушын топар-топар атлылар бөлип шығарды. Олар ҳәзир тыныш елатлар үстине ойқап салыўда. Атларының әри от, зәҳәрли туяқлары кеше-бүгин ғана қуяш көрген майсаны аяўсыз женшип, жарық дүньяны көрпүге талапланған талай-талай жанды қыршынынан қыйыў менен, излеринде күлирең шаңғыт қалдырып жүр. «Майлы шеңгел» деп Жаңадәрьяға шекемги аралықты мәкан қылған елатлардың тәғдийри усы атлардың туяғына басқылаған нәзик майсаға усап қалды. Күн қуры емес, әллекимниң бийпарық атқан қаңғымай оғынан-ақ талай жан тәслим етилди. Жаўыз нөкерлер қолындағы қылышлар, найзалар, ҳәтте қамшылар қанша-қанша қан төгилиўине себепкер.

Усылайынша, жаўыннан кейин мүңкиген көк шөп ийисине қан ийиси араласып, пүткил қарақалпақ даласында ет түршигерлик кейип туўдырып турыпты. Набада аўыл араларында, жол бойларында, көшелерде ушырасқанларында бир-биринe исеними болмай, жүреклери музға айналған секилли. Үндеспейди. Бир-биринің оңайын излегендей томсырайысады. Мириўбет, ықсықлық, ҳәмдамлық кемип кетти. Таныслар ушырасса, тилге келсе, бас сөзлери—я өлген, я қорланған биреўи жөнинде айтып қамсығыў, бирпаралары исиниген өкпесинен зәрдели нәпес алып гүрсиниў менен бой жеңилтеди.

Және биреўлери:

Адамлары санаўлы елдиң басына бунша саўда салғаны—қудайдың-әм алжығаны,—деп кеўил жубатады, болғаны. Оларда буннан артық дәрамат жоқ сыяқлы. Егер некен-саяқ бас көтергенлер болса, жаў-жарақлы нөкерлердиң я нышанасы болып атылады, я машқы қарақшысы болып мойнына арқан салынып сүйретиледи.

Бир-бирин аңлысқан еки тәреп ләшкердиң азық-аўқаты ушын таланған, қорланған елатлардың қатарында «Мыржық аўылы да» ақпардағы қопалыққа усап, сийрексип қалды. Қоңыратлылардың өзи еки рет шапты. Соңғысы көшелерде жүдә көп қан төгиспеге әкелди. Буған себеп, аўылдан мал айдап баратырған қоңыратлыларға, өзлери де мал әкетиў ушын шыққан хан ләшкеринен бир топарының дусласыўы. Демде «Урыны қарақшы басты» болып аўыл үстинде қыян-кести ат ойнады, қылышлар, найзалар ҳәрекетке кирди, мылтықлар атылды. Соқлығысыўда хан нөкерлери басым келди. Қоңыратлылардан малды қайтарып ийелерине тарқатты. Бирақ, олар бул жақсылығы менен шекленбей, аўылдың ийге тартар ерлерин жыйнап, аты «парахат сөйлесик» болмаса, «хан ләшкериниң азық-аўқатына жәрдем» деп, өзлеринше салғырт белгилеп, баслапқысын өндирип те кетти. Бул да аздай талаўшылардың үшинши қыйлы, Орынбай бийдиң нөкерлери пайда болды. Олар кеше ғана шабыўыл қылып,

анаў-мынаў әкетиў менен қанаатленбей, «хан ләшкерине салғырт төлегениңиздиң ҳақысы» деп талайларды атқа бастырып, талайларды сабап ойқан турғызды, және айланып келгенше «жаңадәрьялы Орынбайларға қосылып Бухара әмириниң қолас-тына өтемиз» деген антнама таярлайсыз деп тапсырып кетти. Әне, сөйтип, басқалардан ҳаллы, қурғын есапланған жаңа аўыл-ҳәмме қатарына түсип, көп қасқырдың қамаўында шопансыз қалған бир дуркин қойдай жан саўғалап, ҳәр жаққа телезиў менен қалды.

Қумар келиншек болып түсиўден бахты жанбай, үш туўыс-қанның бирлиги қашып жаўгершилик молайғанына сырнығып жүргенде жақыннан берги жийи-жийи шабыўылда әллеқандай жаўыз нийетли бир нөкер қызығып қол салар деген қәўип пенен, бетине ғожалақ жағып, өзин бәрҳә төменшик тутатуғын еди. Аўылы үстинде қайталанып турған ала-сапыран түсиниксиз ўақыялар тартыншақ жүрегине қозғаў салды. Таң азаннан аўылға даўрық турғызып кимди «қайнағалап», кимди «мырзағалап» үйине жыйнады.

— Халайық,—деди ол ашыўлы батырларға тән тур менен қабақ үйип,—Тәўиби қыйсық елдиң соқырлары көп болады, деген гәп бар, соған қаран, қатын басқарған елдиң еркеклери қатын қылықлы болып кетер деп қорықпаўыңызды өтинемен. Бир гезде аты әпсана Маман бий «елим бүркитлер мәкәны» деп мақтаныпты деп еситкен едим. Бирақ әўладтан әўлад туўмай, бул ел шымшықлар мәканына айналып баратыр.

Жыйналғанлар жас келиншектиң сөзине жағаларын услап, ишлеринен «олҳоббизлесип» отырды. Қумар айтар гәпин сол тамамлағанынан қайтып сөйлемеди.

— Дурыс айттың, келин,—деди ақсақаллы бир ғарры ҳасасына сүйене түрегелип. —Жолбарыстың еркеги қурлым ургашысы да мал алады. Дәстанларда қарақалпақлардың еркегинен қатынлары көп батыр болған. Басла, еремиз!

— Ырасында бул не қорлық?—деп жас жигитлерден бири басындағы шаршысын қолына алып, төбесин қасып турып уялып-қыран сөйледи. —Енди жаў келсе, жанымды алғанша аўылдан үй талатпайман.

Ерлер кем-кем қызып, гезекпе сөйлеўге өтти. Қимлер қолларын мушлап турып, жаўға қарсы басқаратуғын адам табылса қайтпайтуғынын айтып мақтанды, кимлер аттың, жаў-жарақтың жоқлығынан күшин көрсете алмай жүргенине өкиниш билдирди.

Қумар оларды ашыў менен жыйнаса да, бундай болады деп ойламаған еди. Бирликке, мәртликлерге қуўанып, енди жаў келсе, жаңғырлаўық қағыўдан ҳәммениң қол услап тура қалыўы кереклигин ескертип тарқатты. Деген менен бул бирлик жүзеки, мәртликлер қуры сөз сыяқлы түйилди. Сонда да есигиниң алдына сырық көмдирип, ушына еки бел байлатып жаңғырлаўық соқтырды. Сынаў нийетинде бир ирет жаң урдырмақшы болды да, өтирикшиниң ырас сөзи заяға кетип, ҳақыйқат жаў келгенде ҳеш-

ким шықпас деп қорықты, бирақ, ишинен сәл әззирек жаў келиўин де тиледи.

Ойы сол күш-ақ иске асты. Кеш песинде арқа таманнан қарашор атлы көринди. Ысғыс жаң урылды.

Ҳәр есиктен зоңқ-зоңқ атылып шыққан ерлер ҳәпзаматта-ақ қолларына бел, балта, жаба, гүрек, таяқ алып жаң сырығының түбине жыйналды. Қумар баласын қушақлады да, олардың алдына түсип, атлыларға қарсы бес-алты қәдем таслағаны сол, биреў:

— Мыржықлар гой,—деди қуўанышлы.

Ҳәмме таныў босасты, базылар тарқасыўға мейилленди.

Лўыллында пендей ўақыялар жүз берип турғанын иши билип киятырған Мыржық журттың алдындағы келиншегин көрип мақтаныш пенен қасындағылардың бирине сыбырлады:

— Оне, мениң ҳаялым.

— Мыржық аға, сонша мақтап, сонша сағынып киятырғаның усы жеңгей ме?—деди бир жигит қуўақыланып.—Бетин бинай өмиринде жуўа ма, сирә?

Қумар дегишпеге түсинип, бетиниң ғожалағын жеңи менен сыпырып, аппақ маржандай тислерин көрсете жуўап қайтарды:

— Қәйним, узақтан бад урыўына қарағанда, ҳа дегеннен қашпасаң бәс. Күйе деп қазаннан түңилмес болар, тойдырады.

— Сөйле, шешен, сөйле,—деди атлылардың бири қуўақы нөкерди ғажап. Ол енди Қумардың ғожалақтан тазарған аппақ жүзин көрип, ыптықлық пенен түпиригин жутынды. Оған ҳәмме күлисти.

— Төрем, бир ти:тқа еки хан сыймайды, тахтына ийелик қылып, аўылыңды ба:қар,—деди де, баласын Мыржыққа услатып, кейип бәсти. Тез-тез үйин төсестирди.

Атлылар чай ишип бираз ҳәзлескеннен аўыл жас үлкенлери қайтадан жыйналып келип, Мыржыққа соңғы күнлердиң қыянкестилерин айтып шағынды, парахатшылық орнатыўдың жоллары туўралы кеңес қылып Айдосқа, Бегиске барып қайтыўын өтинди. Мыржық ойланып қалды. Оның жолдасларының аңлығалы Қумардың сөйлеп кеңес бериўи еди. Ол жигитлердиң ойынан шықпады. Ерин көре сала қалай «тахтын» тапсырған болса, қайтып шығыўға қыялланғаны да сезилмеди, өз хызмети менен ерлердиң әҳгимесин тек тыңлағаны болмаса, араласпады. Мыржық оған ара-тура сағынышлы нәзер аўдарып, ҳештеңе сорамастан, бийғәрез отырыпты. Бул көринислер, неликтенде, ерли зайыпты ҳәм күшли, ҳәм татыў, ҳәм ақыллы етип көрсетип қоймастан, ҳәр қайсысында жасырын ақыл мөлдекшиллиги бардай түйиндирди, бирақ бирнәрсе деўге ҳешким жүрексинбеди.

— Лўылласларым,—деди Мыржық бир гезде.—Айдос пенен Бегис мениң айтқаныма жүргенде, бундай болмас еди. Жас кишиге қулақ асса, екеўи де киширейип қалатуғындай. Сол ушын бул ўазыйпаны Маман аға қолға алды. Бийтәреп мүйтен руўы арқалы шешиледи.

Биреўлерде наразылық, екиншилерде қәнәәтлениў, үшиншилерде бийтәреплик кейиплери көринди. Мыржық әңгимесин даўамлады:

— Егер урысса, Маман аға тәрепиндеги Жаңадәрьялылар Қоңырат ҳәкимине қарсы урысады.

— Қазақ арасына, орыс арасына барыпты деп еситтик, бизге олардың көз қарасы қалай?—деди аўыл адамларынан бири.

Сораў ҳәммеге қызық көринип силтидей тынды. Қумар бир дизерлеген ҳалында кең жеңин аўзына басып, ойнақшыған бадана көзлерин ерине тигип, тып-тыныш отыр.

— Биз көрген орыслар да, қазақлар да бири-бирин сыйлайтуғын татыў халықлар екен. Бизлерге көз қараслары да жақсы. Ғарры сарбазлары ҳаслан еринбей көп нәрсе үйретти.

Нелиқтен де бул жуўапқа жалғыз ғана Қумар қәнәәтленбеди. Ери басқа ўақытта айтпай қоятуғындай, ақшам көрпеге кирген соң да уйқы бермей, орыслар, қазақлар жөнинде көп-көп сораўлар берди. Мыржық шаршағанын сездирмей сыбырланып сөйлеп, орыслардың жоқары илим-ҳикмети, жаўдан қайтпас батырлықлары ҳаққында еситкенлерин дизип айтты да жатты. Оны тыңлаў Қумарда қызығыўы үстине қызығыў оятты:

— Ерназарды орыслардың тәрбиясына бергенде ме? Мыржық келиншегиниң шашларынан сыйпалап, ырзалық пенен марапатлады:

— Нағыз анасаң, нағыз жуптымсаң, ақыллым. Маман ағаның айтқаны болса, усы урыс тамамланған соң орысят патшасына кетемен. Елдиң бурынғы арзасын жаңартамыз.

Қумар бир қолын Мыржыққа дастық қылып, екинши қолының нозик бармақлары менен оның тебендей тикирейген узын муртларын екі жаққа айырып тарап жатып жоне сорады.

— Соған шекемги ойларың, төрем?

— Айдос пенен Бегис арасында келиспеим болар, бирақ Хийўа ханы менен Қоңырат ҳәкими арасында ҳаслан келиспеим болмайды. Өзиң айтқандай, бир тахтқа екі хан сыймайды. Хорезм шуқыры екі ханға азлық қылады. Сол ушын ертең қайтып, нокерлерди усы өзимиздиң аўылға әкелиўди Маман ағадан өтиниш қыламан. Қоңырат ҳәкимине қарсы урысамыз. Хийўа ханы ҳәзир тура турсын, оннан орыс патшасының жәрдеми арқалы үлкенирек кек аламыз.

— Нөкерлериңиз күшли ме?

— Аз, Ерназарға бесик әкелген уста орыс аўырып қалыпты. Тәўир болған соң оған көрик таўып берип устаханалы болсақ, әбден күшеймиз.

— Тәәжип заман болды-аў, төрем. Биреў сағап, сен биреўге тас ылақтырмасаң күн жоқ.

— Жақсы қатын бейиш дейди. Бейишим мениң, енди өзиң ҳаққында айтшы...

Азанда ҳалқастан кейин Мыржық аўылда онлаған нөкер қал-

дырып, басқалар менен Жаңадәрьяға қайтыў маңқаласында бо-лып атыр еди, аты қара тер бир шабарман келип, есигиниң алдында тоқтады да, ақшам қәйин атасы Есенгелдиниң қазаланға-нын хабарлады.

Бираз ойлар Қумардың әкесин жоқлап жылаған даўысы ас-тына көмилди.

Енди Мыржық Жаңадәрьяға емес, келиншегин ертип, қәйин атасының намазына кетти.

39

«Айдос қаланың» айналасы адамлар әрман еткен қаланың қорғанына емес, көзлери ләкет, сәўселим бир устаның басшылы-ғында салынып атырған ойыншық-қорғаншаға мегзейди. Ара-лары бес-он адымнан топырақ дүмпешиклер үйилген. Олардың ҳәр биринде жанбаслатып соғылған қамыс қослардан, некенсаяқ шатырлардан кирип-шыққан жарақлы нөкерлерди есапқа алма-ғанда, қорған сырттан қараған көзге зүрәәти жыйналған ғүзги аңызды еслетеди. Базы ақшамлары ҳәр жерден паңқ етип бир мылтық атылады, кимге екени намәлим, бирақ, нөкерлердиң көзге шөп тиреп, уйқысыз таң атыратуғыны журтқа аян болып қалды, басшылардың тез-тез қайталанатуғын сөзлери менен айтқанда «қала» оқ өтпес тас қорған менен қоршалған, бирақ, иште жаса-ған халық жыртық кеме менен аңық теңизде ығып баратырғаннан кем сезинбейди. Күнден күнге қоўын молайыўда. Дөгерекдаштағы аўыллардан азық-түлик жыйнаўға кеткен нөкерлер нобай ғәре-жетли болып келсе жақсы, болмаса, барлық аўырманлық және «қала»лылардың мойнында.

Бир тәрептиң жаўы аздай, жақыннан бери қаланың арқа-шы-ғысынан және бир бийпарасат жаў—Орынбай бийдиң атлылары пайда болды. Жаўыннан соңғы тамшыдай базы ақшамлары ты-ным бермейди. Шет-шебирге шыққан малларды айдап әкетеди, ал «қаладан» сыртқа жекке шыққан адам көрсе, тутып алып я са-байды, я артық-аспайын талайды. Соннан келген оларға соққы беретуғын ләшкер жиберилмей, барлық күш қоңыратлыларға қарсы жәмленди. Булай болыўының себеби Айдостың жаңадәрья-лыларды менсинбей Мухамеджан бекке айтқан мынаў гәпи болды.

— Қоңырат ҳәкими үлкен дәрьяның бир бүйирлеген жыққы-ны. Шорта байланса, әнйер-минйерден сызатланған оқпан өзинен өзи тыйылады.

Соңғы гезде Айдос күтә азды, тамырына қурт түскен жалғыз түп талдай солып азды. Буған қарап журтшылық ҳәрқыйлы тон пиштн: биреўлер, оның пүткил елатты хан ләшкерине талатып, уруўларды бириктиремен деген нийетин болдырмай қарсылықлар молайғанынан дести, екиншилер, елди хан ләшкерине басқылатып жетемен деген данқы кери кетип, «қаласы» қамал жағдайынан босаңа алмағанынан дести. Кимниң пендей баҳа берип, күстаны қылғаны менен иси жоқ секилли, бирақ азып баратыр, сырттан

қарағанда, баўыры пүтин сыяқланып жүретуғын жас үлкен бийдиң ишинде небары бастырыўлы қазан, өзлигинен бендеге тис жармайды. Мухамеджан бектиң өзи сорап қалмаса, оған да усыныс айтқанды тоқтатты. Ол да әўелги пәттен босасқан тәризли, Айдосты қыстамайды. Дөгеректеги аўыллардан азық-түлик өндириўге кеткен нөкерлери түўел келсе, солардың табысларына марапатланған киси усап, муртларын алма-гезек сыйпап сықақ пенен күледи:

— Айдос бий, бизди ҳәз ететуғын мәканға әкелгениң ушын рахмет.

Бул гәп Айдосқа мылтықсыз атылған оқ. Ашыў менен тулабедени шаншыўлап, гәде жығыла жазлайды, гәде ғыжырданы қайнап қоңыратлылардың үстине ат айдағысы келип турады да, бәрине ырқ бермей кейин шегинип шатырына кетеди, болмаса үндеместен үйине барып жатады.

Ол усы жасына келгенше өмирлик жолдасы Айша аналық пенен сырласыў былай турсын, жалғыз өзи, ойға шүмип отырғанда үстине киргенин жақтырмас еди, енди жуўасып қалды, жалғызлықтан қорқып, қасына шақырып отырғызатуғын болды.

Айша аналық ерининң мийнезине жаслайынан-ақ қанық. Ол өзи сорамаса өзлигинен артық-аспай бир сөз айтпастан, кеўлин жубатыўдың барлық илажларын ислеп отырады. Еки улын ҳеш жаққа жибермей әкесининң кеўлин бақтырады.

Бийбабасы азғанға Доспанның да жан-ийнинде от, бул сарсықлы күнлерден қалай қутылыўдың жоллары жөнинде ақыл таўып, бийбабасына тәселле бериўге нийетленеди, ужыбатлы бир ой басына келмейди. Ашыў менен бармағын тислеп, келиншегине:

— Қалайсаң Парпағүл?—деп қояды. Жас келиншек көбинесе Айша аналықтың хызметинде болып, сол үйге түскен мусаллаттың ҳәммесин өзининң ҳәм ерининң мойнында сезетуғын еди. Ерининң найлаж сораўларының мәнисине түсиниў, оны жубатыўға талапланады, базда, Доспанның өсик шаяларын сыйпалап, «маңлай жыйырмашы» деп жалбарынады.

Булардың ҳәммеси бир-бирөўине гирттей сүйсиў көрингени менен ҳәр қайсысының ишки өзиниде тыжлап, өзининше жан тербелисине түсетуғын еди.

Айдос ҳәзир де жан тербелисинде малдас қурыпты, басын еки алақанына сүйеп отырыпты. Айша аналық бир нәрсе деўге баталмай ҳәр ўақта бир иймек көтерип, қасқабағын бағады.

Доспан кирди. Оны Айдос сезген жоқ. Айша аналық ғам-гүмге берилген ерине селтеп бермеў мақсетинде ийеги менен нусқап орын көрсетти. Доспан жым-жырт ғана төсектиң шетине келип отырды.

Айдос әлленемирге дейин өз ойы менен өзи бәнт болып, басын шайқап гүбирленди:

— Заманың көтермесе, ҳақыйқатлық айтыў-ҳәм бахытсызлық. Ерининң өзи жақларын атқосшысы билип қояма деп ҳаялы,

ал бийбабаның әззи жақларын ҳаялы билип қояма деп ағқосшысы қорқатуғын еди. Екеўи бир-бири менен тек көз қарас алмастырғаны болмаса, сөйлемеди, ҳәр бири өзин еситпегенге салды. Далада аяқ дүрсилли еситип Айдос басын тикледи, үйқыдан оянғандай көзлерин уўқалады, оның жүзинде ҳәзир ғана айтып салған гәпи ушын өкингенликтиң изин көрмей, Айша аналық та, Доспан да бийдиң өзи тутқан жолына қайшы ҳеш гәп айтылмаған секилли өзлерин еркин тутып, бир нәрсе деўин күтти, бирақ, Доспанда бийбабадан буның мәнисин сорамасам болмас деген ой қалды.

Қабыл менен Қәдирберген әлле нәрселер үстинде өз-ара таласыўы менен сөйлесе кирди.

Айдостың сырлы айбатынан сескенип мәжбүрий ийбе менен жән-жағына қаранып, сыйпаланып алатуғын адамлардың еркин келиўи тек Доспанға батып, иши ғымылдаў менен маңлайын шыта, бийбабасына бир нәзер таслады. Ол ҳештенени елестирмегенсип, келгенлердиң жайласыўы ушын орнынан сәл жылысты. Айша аналық шығып кетти.

Қабыл бий хан ләшкерине жолдан қосылса да, Мухамеджан бекке бираз унап қалған еди. Ҳәзир азық-түлик жыйнаўшылардың бир топарын басқарып, ислеринде шалалық қалдырмай жүр. Сол ушын ба, тили узын, ҳешкимнен де жасқанбайды. Айдосқа ушырасарда өзин тутатуғын Қәдирбергенди де жорта сөзге айналдырып, шаўқым менен келиўиниң мәниси—үстемлигин көрсетиў еди. Отырар-отырмастан-ақ Айдосты илди:

— Жора, мурның қалыпты ғой!

Айдос оның сумлықлы гәплерине итибар бермес еди, усы сапары ашыўы келип, «саған не керек?» дегендей алара қарады. Шеп қасының үстиндеги мең айбатын асырып, Қабыл бий қыйпақ-сыйпақ етип, Доспанға бурылды:

— Ҳаў, сен де тазыдай болып қалыпсаң-ә?

Қәдирбергенниң ан-таңы шығып Қабылға исенимсиз көзлерин қадады, Доспан шыдамай муң дузағын үзип бас көтерди:

— Қабыл бий, асқынламаңыз,—деди кекли тисленип.—Ким көзиңизге азғын көринсе, ел тәғдирине жан ашытқаны, сиз өликсе семиретуғын қыйлынан болсаңыз керек.

— Түби түскен шелек!

Қабыл бийдиң шамырқанғаны Айдосқа унаса да, изин даўам еттирмей жайпарахат сорады;

— Қабыл, қандай мәсләҳәт пенен келдиң?

Атқосшыдан утылған бий әўелги үстемлигинен пәсейип тисиниң суўын сорып насыбай шақшасын излеп атырып жуўап қайтарды:

— Айдос, мине бәҳәр ҳәм өтип баратыр, ел аш қалыў қәўпи астында. Қайтсам, егин ексем,—деп жүрмен.

— Әнеқалас,—деди Айдос бир гүрсинип ҳәм сүттей ақ белбеўиниң бир ушы менен маңлайын сыпырды.—Күтә ғана мақул

гәп айттың. Тезирек я әри, я бери болыўымыз керек. Жүриңлер әскер басыға хабарласайық.

Мухамеджан бек ҳәр қашанғысынша шатырдың қапталына көмилген қарақшыны туўрымлап шаўып, машқы қылып атыр еди, Айдослардың жеделли киятырғанынан гүдиксиреп, машқысын бирден тоқтатты.

Айдос алысырақтан-ақ шатырдың көлеңкесинде байлап отырғызылған еки бенденi көрди. Бири түркмен, екиншиси жергиликли халықлардан. Мухамеджан бек бенделер тәрепке бир қарап алып:

— Ҳооо, Айдос бий, не жаңалық?—деди.

— Тәўекел қоңыратлыларға өзимиз ҳүжим қылсақ, деген ойда киятырман.

— Сондағы мақсет?

— Егис келди, тезирек я әри, я бери болыў керек.

Әскер басы қылышын қонышына сырт-сырт урып, ғарқ-ғарқ күлди де, суў қуйылған оттай бирден өшип, қабағы үйиле пысқырды.

— Әри болайығың не? Өйтип нөкерлериңе иритки салма!

— Шытайыланбай түсиниңиз!

Әскер басы тынған самалдай бирден басылып жағдай айтыўға өтти:

— Мен уллы ханның тапсырмасына садықлық қылып жүрмен. Билесиз бе, бийорын қан төкпе, лекин, Айдос айтса аўырманлықты мойнына алса, тек алға баса бер, деген еди. Сизиң көзлериңизден нур қашып албырағаныңыз, елди өзиңе бойсындырыў мақсетиңизди шаймалаўға пийстленгениңиз қашшан еди. Енди есиңизге келиңиз. Бирақ билиңиз, барлық обал-саўап сизиң мойныңызға, мен лөшкерге ҳәзир буйрық беремен!

Айдос шеп алақаны менен маңлайының терин сыпырып, көзлеринде отлы ашыў лаўлап, ханның әскер басысына тикленди:

— Бир гәп көп тәкирарланса, юли басылған адамға және иш деп мәжбүрий суў берген менен барабар.

— Бир гәп көп тәкирарланса бир сызықтан қайта-қайта жүрип, изгилерге адаспастай соқпақ салып берген менен барабар.

— Жассыз, қартайғанда Афлатундей файласуф боласыз, Мухамеджан бек!

Мухамеджан бек Айдостың тикенекли гәплерине мәни бермей, шатырдағы атқосшысын шақырып, бенделерди шешиндирип тинтиўди буйырды да;

— Қәне, жақыплап,—деди Айдосларға.—Жаңарақта тутыға әкелинди. Сизлерге адам жибермекши едим.

Айдос жергиликли бенденi биреўге шырамытып, жексурынлық пенен сорады:

— Не қылып жүрсен?

Әскербасының атқосшысы бенденiң қулағына тығылған шүберекти алып таслады. Айдос сораўын және тәкирарлады.

— Намазға айтып келдим,—деди бенде өзине келип.—Есенгелди қудаңыз өлди.

— Усындай күнлери-ам өлемекен?—деп салды Қабыл шалтлық қылып.

Мухамеджан бектиң езиўинен күлки көринди.

Айдос, ашықлықта шекесине шаппат тийген баладай есеңкиреп, хабарын бендеге қадалған күйинде бирмайдан қатып турды. Екинши бенденің тиштиўди даўам етип атырған атқосшы бир тумар таўып Мухамеджан бекке усынды. Ол гүмис тумарды екі айырып, ишинен ширтки қағаз таўып, жылдам аша сала бир қатар көз жуўыртты да Айдосқа өткерди:

— Сизге жазылыпты.

Айдос немқурайдылық пенен қағазды алса да, оқыўға келгенде сам-сазы шығып қалды.

«Ассалаўма әлейкум, Айдос ата,—делинген еди хатта.—*Ғайры бир түркменди өлим пәнжесинен алып қалған сиздей уллы халық перзентине узақ-узақ өмир, бахты-саодат тилеп қалыў-әм аз. Сиз қоллаған ҳақыйқатлықтың және де бийик көтерилиўи ушын басым бир текше болыўға жараса, аяғыңыз астына салыўға таярман.*

Барып дийдарласпақшы едим, еки шалғайыма асылып алған өлеси ата-анамды қыймадым.

Қараздың азанғы шақырығын ақыллылар түсинди дейди. Мендей бир шөже қораз түркменниң даўысына қулақ асыўыңызды тилеймен.

Медреседе оқып жүрген гезимде бир қарақалпақ баласы, халқының азлығына сырығып, бул заманда азлық-бахытсызлық екенине налынғаны есимде. Еситиўиме қарағанда, сиз жаўыз Хийўа ханының тәсийрине берилип, аз санлы халқыңыздың үстине көп ләшкер баслап барғансыз. Бул бизиң шәҳәрде көп ғаўасаг туўдырды. Сизге, хан ләшкерлерине қарсы енапат атлы жыйналып, жолға шығыў алдында тур. Олар Қоңырат ҳәкимине қосылады.

Бизиң бабаларымыздың «Халқы сүйген инсанды әлем сүйеди» деген гәпи бар. Сиз халқы сүйген инсансыз, лекин, кең жериңиздиң нәзик гияларын атлардың отлы туяқлары менен өртеп жүрген хан ләшкерин қыйратыўға жәрдем қылсаңыз, сиз ҳәр қашанғыдан да уллысыз.

Бас ийген бир түркмен улыңыз Алламурат мақсым».

Айдос хаттың ақырына шықты да, ойланып турмай пыррым-пыррым қылып, самалға ушырып жиберди.

Эскер басы онын хат оқығанда қабақ шытыўынан, қалайынша қыймылдағанына шекем бақлап тур еди, самал қуўған ақ гүбелектей ушып баратырған қағазлардың изинен мыйығынан күле қарады.

— Уллы эскер басы,—деди Айдос.—Мынаў түркменди босатыўыңызды өтинемен. Әй, бирадар, Алламурат мақсымға айтып бар, бул дүньяда мениң менен теңсең дейтуғын инсан көрмедим, бәриниң ақылы аўысып жатады, бәри «бағын, бағын» дейди. Және, айтып бар, басқаның бәҳәринен өзимиздиң қысымыз абзал.

Мухамеджан бек те қарап қалмады.

— Әй, түркмен, билип қой, бүркитти ғарға менен қорқытпақ болар.

Айдос намаздың хабаршысын Қәдирбергенге босаттырды. Хабаршы Айдосқа бир нәрсе айтажақ еди, өзимшил әскербасы сөйлесикке мүмкиншилик бермеди.

— Айдос бий,—деди нықыртып.—Буғадай бурқасынлайтуғын жастан өткенсиз.

Айдос мушларын қатты түйип, тамырлары шертилген менен хештене дей алмай, тордағы арысландай және бир гүрсинди, бирақ, тырнағынан жуда болған андай ыңырсып, қайтадан жаймашуўақланды.

— Кеширерсиз, уллы әскер басы. Өлиниң хабаршысын алжасып тутқаныңызды билгенмен. Қәдирберген, биздеги жеңгеңди ертип намазға барып қайт.

Песин намазына азан айтылып, ләшкерлер жапатармақай дәрет алыўға отырғанда, түнги жасылдай жарқ етип бир атлы шаўып өтти;

— Жаў, жаў!...

Шатырлар менен топырақ дүмпешиклер айналасындағы тақырлықта шоңқайысқан пышықлар киби бир неше жүзлеген қуманлар қалдырып, ҳәмме бир демде атланды.

Қоңыратлылардың бекиниси тәрепте жазық дала жатырса да жаў көзге шалына қоймады, бирақ, Айдосқа әллеқандай қалтыратпа тийди. Ҳәзир сөйлесе, көзлеринен жас тамшылайжақ. Сонлықтан ол басқалардан жүзин жасырып, өзин әскер басыдан да аўлағырақ тутыўға тырысты.

Нөкерлери арасында бос белбеўлик сезген Мухамеджан бектиң көзлеринен от ушқынлады:

— Айдос!!!

Ири даўыстың епкини қарақалпақ бийиниң атын теңселтип, багытын өзине бурды:

— Айдос бий, кәсопатың тийсе, атаман!

Айдос эўелинде қуры «қозғалаң» шығар деп ойлаған еди, әскер басының мақлайындағы жыйрықты көрип ҳаўлығайын деди.

— Егер шайтанлық қылып инилериңизге жеңислик берсеңиз, аямайман, аттыраман, туқым теберигиңди аттыраман.

Ешейинде инеклерине шеребе қуйылғандай тула бедени ашып жүретуғын бий бирден дир-дир етип, бир нәрсе деўге оқталды, бирақ, тили гүрмелмей, атынан аўдарылып түсе жазлады. Оның бул ҳалатқа түсиўи—жан саўдасы емес, ал аўылласларының бийгүна төгилетуғын қаны ушын қысылып, демде хештеңе ойлап үлгере алмағанының ақыбети еди. Мухамеджан бек түсинсе де түсинбегенге салды:

— Жан бар жерде қаза бар, Айдос бий. Алдын ала ескертким ушын ҳаққыма дуўа қылыңыз, инилериңиз алға шықса, алды менен атпасаңыз, еңсеңиздеп көп мылтықтың түтеси қарап турағуғынын умытпаңыз.

— Мухамеджан бек, усы жасқа шекем сизсиз жасағанман. Шегиниңиз, өзим билемен!

Алда, бир жал қамыслықтың аржағында, бир бөлек булттай басып киятырған қоңыратлыларды көрген Айдос атын қамшылаўы менен лэшкердиң алдына түсти...

...Ағасының алаяқ жийренин танып Бегис Төремурат суўпыға өтинин қылды:

— Уллы Қоңыраттың ханы, бул урыс үш туўысқанның урысы деген гәпиниз бар еди. Айдосқа қарсы жекме-жек бараман.

— Қолың қалтыраўық, периштем,

— Усы сапары аямаспан.

— Бүгинги урыстың ақыбети екеўиниздиң қалай алысыўыңыздан гәрезли. Лўа, периштем, Айдосты гелле қылсаң, тамам!

— Өлтирмеймен, лекин, тирилей бенде қыламан.

Қоңырат ҳәкими алдағы айбатлы жаўдан сескенип киятырса да селк-селк күлди.

— Периштем, баласаң...

Ол аўзын жыйғанша болған жоқ. Айдостың изгилерге «тез-тез!» деген даўысы еситилип, лэшкер гүў алға басты, қоңыратлылар да қалыспай «алла» лап ат қамшылады. Көзди ашып жумғанша тақырлықтың үстинде шаңғыт шаңғытқа уласып, еки тәреп араласып кетти. Ҳешбир буйрықсыз жуп-жуптан қылышласыў, найзаласыў басланды.

Оңлаған атлысы менен бир бийнклеў төбеге көтерилген Мухамеджан бек урысқа толық шолыў қылып Айдостың ҳәрекетлерин бақлады, Төремурат суўпы да урыстың барысын толық бақлайтуғын орын тапты. Оның көзлери Бегисте.

Бегистиң қоңыры, алаяқ жийреннен пәскелтеклеў көринген менен ылақшыл еди, Айдосты жақынлатпай қаймығып, көпшиликке сүңгип кетеди де, хан лэшкерининң бирин аўдарып, ортаны айыра шыға келеди. Атынан аўдарылып баратырған биреў:

— Айдос, алдастырып инине қырғызып болдың ғой,—деди.

Өзлигинен ҳешкимге қылыш силтемей, я найза урмай Бегисти тутып алыў машқаласында жүрген Айдос айрықша ашыў менен жеделленди.

Мухамеджан бектиң «Ҳа, Айдос бий, Айдос бий, ур, ур!...» деген даўысы менен, Төремурат суўпының «Бегис периштем, Айдосты ур, ол жүз нөкерге татыйды...» деген даўысқа араласып, екеўиниң де басын ғуўлатты.

— Тоқта, Бегис!—деди Айдос бир айланбада. Бегис оның өлтириў ийети жоқлығын түсинип, «айда, қуў, майдан келди» деп, гө күлип, гө ашыўлы ойын қурып жүр.

Бир гезде Айдостың атының жоны қызып Бегистиң изине шуқшыйып түсип алды.

— Тоқтамасаң түйреймен, Бегис!

— Өзиңди бас, Айдос бий!

— Бегис, қызба, жас кишисең, бас ий, кеширемен, болмаса, болмаса...

— Жас үлкенлигиңе сөзим жоқ, бирақ, жолың қыйсық. Хан менен қаўын жеўден қашаман, пошағын етегиңе салады. Сен усыны бил!...—Бегис бир түп ерманыны айналып қашып жүр. Айдос оның өзи берилетуғынынан үмитин үзбей изинен қуўып, сөйленип баратыр:

— Бегис, түсин! Төремурат суўпыға сениң өлимиң де, менің өлимим де байрам.

— Хийўа ханына да солай.

— Бегис, маған қарақалпақтың бас қаласы, мешит-медиресеси жөнинде айтқаның есинде ме? Мен басладым, ал сен, сенше? Бузып жүрсең...

— Хийўа ханының ўәдеси муз үстиндеги жазыў, соны бил...

— Жоқ, жаным, өйдеме. Ҳәзирги хан ондай емес. Елге ханлық береди, қарақалпақ ханлығы болады! Сендеги мақсет-әм сол емес пе! Елдиң аты шықса бәс! Тоқта, Мухамеджан бекке қарай шап, жас болса да, ақыллы. Кешир де!

— Сен Төремурат суўпыға бас ий. Бир сыр айтайын, Бизге түркменлерден ҳәм жәрдем келеди. Оннан кейин бас ийсең, кеңшилик қылады.

— Ойлан, мине, арамыз найза созым, түйремей турман, ойлан! Ой сорлы, қаймығып қаш, болмаса, бақлап турыпты. Қалай көзим қыяды? Өлтиремен!

— Сен де абайла, усыннан гилт тоқтап өңмениңе найза тутсам, тил тартпайсаң. Мени де бақлап турыпты.

— Мыржық қайда?

— Билмеймен!

— Үш қапалас елди тоздырдық. Мениң жасыма барғанда өзиң өкинесең! Қой, тоқта, болмаса, болмаса... Бегис, түсин, ақылсыз туўысқаннан ақыллы душпан артық...

— Мейли, өлтир! Ҳақыйқатлық мен тәрепте, ҳақыйқатлық ушын өлим—батырлық! Айдос, өзиң түсин, ел ушын ханлық күсеген сең де, мен де ханға душпанбыз! Мени өлтирсең, хан жыланның басын душпанының қолы менен сеген болады.

Үлкен бир түп ерманыны айланып бирин-бири қуўып, демигип сөйлесип жүрген туўысқанлардың қайсысы жеңиўши бақлап турған Мухамеджан бек пенен бир қолай кетирдек келгенде де, Айдостың талай мәртебе жерге найза силтегенин сезип шабарманын жиберди. Оны көрип Төремурат суўпының да бир шабарманы қос туўысқан жүрген ерманыға қарай шапты. Екеўи бир жерде гезлесип, олар да бир-бирине найза силтесип, ҳәр қайсысы өз басшысының буйрығын туўысқанларға жеткере алмай, бири-бириниң найзасынан тутып, мисли ылықкан пйтлердей илинисип қалды.

Айдос олардың неге киятырғанын уққан еди, енди ыраслап Бегиске найза силтеди. Бегис оның қәҳәрленгенин түсинип, найзасының сабын найзасы менен урып сындырыўға ҳәм ат үстинен қапсыра қушақлап алыў нийетинде ҳүжимге өтти. Деген менен Бегис жаслық қылып, күши басым келди. Айдос оны өлтиреди деп ҳаўлықпады.

— Бегис, түсин баўырым. Қумырысқаға бир тамшы суў ҳәм теңиз. Төремурат суўы мисли қумырсқа. Оған Қоңырат қаласы ҳәм ханлық!

— Қәпәт жақсы!

— Олай емес! Оныки кимге болса да тек ҳүкимдарлық қылыў. Ханлық халыққа керек. Халық аз ба, көп пе, парқы жоқ, өз алдына ханлық алыўы лазым. Журт күсеген қала, мешит-медиресе, гөззал жайлар сонда болады...

Өз-ара қырқысып жүрген шабарманлардың хийўалысы жеңип, Қоңырат ҳөкиминиң нөкерлерине қыйқыў салып, ўақытша қорғанына қашып баратырғанын көрип, Бегис олардың изинен ҳайт қойды, дүзлў жолға келгенде Айдостың аты оны қутайтпайтуғын еди. Соңлықтан ол жылан из салып қашты.

Қоңыратлылар Көк өзекке тақалғанда ғаз қатар гезелерден мылтықлар атылып, хан ләшкерлериниң алдыңғыларынан биразы аттан ушты. Қоңырат ҳәкими өнши мергенлерин гезеде қалдырып, атлылары менен жорта шабыўылға шыққанының мәниси енди түсиникли болды. Мухамеджан бек ләшкердиң алға басыўына буйрық бериўге жүрексинбеди. Күн бата изге қайтты.

«Қалаға» жақынлағанда изинен Айдос жетти. Сақал-шашының терине шаң қатып батпаққа аўнағандай еди. Мухамеджан бек оның келбетине толық шолыў қылып тисиниң арасынан гижинди:

— Сатқын!

Еки иймисип дем алып болдырып киятырған бийге жас әскер басының сөзи ишиндеги қадалса да нәйлаж кеширим сорады.

— Жөги! Мен кеширген менен аттан ушып жан тәслим қылғанлардың руўхы кешире ме?

— От орнында күл қалыўы шәрт, уллы әскер басы.

Мухамеджан бектиң делебеси қозып, оң қолын Айдосқа найзадай шошайтты:

— Қойыңыз, астарлы гәпти! Аңлығаным сиз болды. Бәрин жорта қылдыңыз. Ининиз өлгенде барлық қоңыратлылар басқы табатуғын еди, аўа, басқы табатуғын еди.—Ол артына бурылып, киши әскер басылардың жақынлап, шабарманларының Айдосты қоршап жүриўин буйырды.—Билесизлер ме, бул адамда мен қарақалпақлардың ертеңги ханыман деген көкирек бар. Ҳә, Айдос, бийкарма, исте бетиме қарадыңыз? Ханға тил тийгизиў гүна ма? Кәраматлы хан ләшкериниң өлимин қумырсқаның өлими шелли көрмей, есиўас инициздi аясаңыз, ханлық алыў түўе, еки ийнимде басым турмайды, деп ойлаңыз. Мейли, бир сапарға кеширемен, лекин, усы жасқа келгенше писпеген ылай екенсиз, писиртемен! Әй, дүррешилер, шатырға барған сон Айдосты жатқарып үш, отырғызып үш, тургызып үш, жәми тоққыз дүрре урасыз. Ҳә, Айдос бий, мениқи натуўры ма? Гүнаңыз жоқ көрине ме? Ақыллы адамсыз, көнесиз, саўаш тәртибин усылай! Бир адам буйырыўы зәрүр. Егер және тәжирарласаңыз, дүрре менен писиртип отырмайман, денеңизди пытпыт қылып дағыттыраман!

Айдостың иши оты алыспаған тандырдай пысқыса да, «иллә» деп аўзын ашпады.

«Қала» ға кире бергенде күншығыс-арқадан геўгимлете басып киятырған елиў-алпыс атлы көринди. Өткир көзли биреў алдыңғының аты шымшықтың мәйегиндей шубар екенин айтыўдан-ақ, ҳәмме «Орынбайдың атлылары» деп тастыйықлады.

Айдостың жығырданы қайнап Орынбайға тәп бермекши болып турды да, әскер басы алдында «айыбын» және улғайтып алыўдан қорыққандай буйрық күтти.

Ҳәм парасатлы, ҳәм ойшыл, ҳәр демде тапқыр бийбабасының салпаўсып, бос арқаны шығып қалғаны Доспанға батты, бирақ оған күш беретуғын ужыбатлы кеңеси болмағаны ушын, тек астыңғы ернин тислей берди. Буны Қәдирберген сезди.

— Доспан, не демекши едиң? Билерсең, кемеге минген киси дарға менен кериспейди.

Олардың гүңкилдиси Мухаммеджан бектиң қулағына сап етти.

— Айдос бий,—деди ол бираз жайма-шуўақланып. —Суўықтағы көз жастай анаў бийтақат атлыларды гүм қылып келесиз. Қәне, ғошшақ жигитлерим, онша шаршамадым, хан хызметине садықпан десеңиз, елиў атлы Айдосқа ериңлер!

Көпшилик бир неше демге қыймылсыз қалды. Әскер басы ҳәммеге аларып турыпты. Бир ўақытта ҳәржерден, мисли уймадан суўырылып атырғандай, жекке сийрек атлылар бөлине баслады. Олар елиўге жеткенде тоқтатылды.

— Әне, Айдос бий,—деди Мухаммеджан бек.—Усылар жеткиликли, кеше алынған хабарға қарағанда, мүйтен уруўы Қоңыратқа көшиўди қәлермиш. Соларды берман қаратасыз. Сонда, бәлким, сизди тоққыз дүрреден азат қыларман.

— Және қандай тапсырма бар?

— Абайлаңыз, ҳешким менен сөйлесик жүргиземе деп ойламаңыз. Сизиң геллеңизге аңықлар көп. Оларға жараныў жолын излеймен деп, геллеңизди кәраматлы Хийўа ханының әскер басысы қоржынына салып жүрмесин.

Айдос оның менен дәлиллесип турмады. Пайына тийген атлылар менен Орынбай бийдиң алдын кескеследи. Қарацыда бир мылтық гүрс етти. Айдостың атының ериниң басы гүлопат болды. Енди Айдос қызып бир қолына қамшысын, екиншн қолына қылышын көтерип сүренледи:

— Кәраматлы хан жигитлери, шаққанласыңлар!

Сайланды атлылар тапырақласыўы менен шабысып, Орынбай бийдиң жигитлерин қуўып кетти...

* *
*

Хан ләшкериниң онлаған нөкерди саўаш майданында қалдырып кейин қашқанына мәзимайрам Төремурат суўпы өншең жүз басыларын жыйнап йошты:

— Әне, периштелерим, бул күтә жақсы табылған ақыл болды. Еликтирип әкелдик, оның оққа ушырдық. Енди бизден бәрҳа қорқады. Бегистей батырым барлығына әзелден қуўанышлы едим, бүгин де өзин көрсетти. Оттең, Айдос шайтанлық қылды, болмаса, Бегис периштем аяған жоқ.

Бегис Айдос менен қылған алыпқашпайларымыз ушын дәкки жеймен деп ойлаған еди, ҳәкимниң сәл қабағы түнерсе де, өзиўинде шадлық күлкисин ойнатып турғанын көрип, «нәрестедей ақ көңил пенгнин адам-аў» деди ишинен... Сонда да марапатланбай, бираз қысылғанлық түр аңлатты.

— Бегис периштем наятый өткир әскер басы, шыны қарақалпақ,—деди және ҳәким Бегистиң де баладай аўзы аңырайып турғанына сүйсинип.—Бүгин ҳәм исенимди, ҳәм дузымды ақлап, орасан мәртлик көрсетти. Айдос менен алысты. Ҳақыйқатында, Айдос қолға түсе тамам, жеңис дабылын қаға берсек болады.

«Айдос қаланы» сырттан бақлаў ушын қалдырылған бир жансызы шаўып келип атынан ғарғып түсти де, Ҳәкимниң атының алдыңғы аяқларын қушақлай ҳаплығып, жаңалықларды баян қылды:

— Уллы Қоңыраттың ханы, сизге қудай жәрдем жиберипти, билмепсиз, билмеппиз! Хан ләшкери қашып «Айдос қалаға» кире бергенде, қудайдың көп ләшкери екинши жағынан тийисип атыр еди... Аўа, көзиңиз жақсылық көрсин, солай!

— Неше атлы?

— Нобай, жүдә нобай.

Төремурат суўны биймәлим шабыўылшылардың Орынбайлар екенин сорамай-ақ билди. Себеби Орынбай бийдиң «Айдос қалаңы» таламшайлап бөлисиўде пай алыў ушын өз алдына бир төбе болып қолайлы пайт аңлып жүргенинен хабарлы еди. «Ҳа, бизге енди қосылажақ екен, сәл кешигипти» деп ойлап турды да, ҳәммеге буйрық берди.

— Периштелерим, аттан түспеңлер!

Күтә шаршаған нөкерлерине жансыздың хабарында жаң барын, хан ләшкерининң күши бөлинип турған усы демде ҳүжим қылынса, жеңис аңсатқа түсетуғынын қысқа ғана түсиндирди де, Бегиске «басла, периштем!» деп «Айдос қалаға» қайта шабыўыл жасаўға бет бурды...

...Нөкерлериниң бир топарын Айдосқа ертип жиберген менен Мухаммеджан бек қоңыратлылардың және оралыўынан қәўипленип, тортинти бурынғыдан да қатал тутып, ҳәрбир дингек түбине жуўан мерген қойып шыққан еди. Айдың жақтысында пәтли шабысын киятырған қоңыратлыларды танып, атына ғарғып минди де, дингеклерди аралап шаўып, мергенлердиң сақ болыўын ескертип өтти.

Көп-көп саўашларды бастан кеширген хан мергенлери қоңыратлыларды күтә жақынлатып оққа тутты. Алдыңғы қатар толайым сулады, изгилер серпиле шегинди.

Төремурат суўының өзине оқ тиймесе де, жүрегине найза қа-

далғаннан кейин болмай, артқа қашқан нөкерлериниң алдын тоқтатып, аш жолбарыстай ашыўлы шамырқанды:

— Табыңлар, бағанағы суўқуйдыны!

«Айдос қалаға» намәлим нобай атлы шабыўыл баслағанын айтып келген жансыз ҳәкимниң алдына таяр етилди.

— Гүржи қылыңлар!

Ашыўлы анталасып турған нөкерлер оның дуў-сыйына қаратпай, аттан аўдарды да, ким аяғына, ким қолына таласып, демнин арасында парра-паррасын шығарып, ҳәр мүшесин ҳәр жерде қалдырды.

Ҳәкимниң жаны енди ғана жай тапқандай суўық демин алып, изге, «Көк өзек» бойындағы бекинис қорғанға қарай баслады.

— Уллы Қоңыраттың ханы,—деди Бегис ҳәким менен шатырға киргеннен кейин,—Мәгәр болса, сол бизиң изимизден шабыўыл қылғанлар Орынбайлар! Атлыларыңыз бенен бизге жүз басы болып қосылыңыз деп хат жазсаңыз қалай болар екен?

— Ҳайранман сағаң, периштем. Орынбай деген уры. Қәне, ол хан ләшкериниң тарпыўына ушырап қорланса, таланса! Ол сонда ғана бизди табады. Ҳәзир көзиниң ети өсип жүрипти. Оның үстине сөзсиз биз жеңетуғынымызды билесең. Жеңиске ерискен ўақытта Орынбай тайын дастурханнан пай аламан деп жәнжеллеседи. Тоты қус биреўден сөз үйренсе, кимнен үйренгенине тили келмейтуғынын билесең. Орынбай ҳәм мисли тоты қус. Жеңиске ким арқалы жеткенин билмейди.

Бегис бул болжаўлардың ҳәзир әҳмийети жоқлығына исенсе де, сөз қоспай мәзи тыңлады. Ҳәким оның шаршаған турпатынан бийпарўалық сезип, түсиндириўин даўам етти.

— Орынбай күтә парықсыз. Қолтықтың жүнине тығылған бүргедей кем-кем өриш, бир күни болмаса бир күни сениң менен зоңғи таластырады. Ондай адам маған керек емес, периштем.

— Олай болса оның қамалын бузып, күш пенен қосып алыўымыз керек.

— Өйтсек және душпанымыз көбейип, Айдосларға қолайлы шараят туўады, периштем. Ҳәзир жүре бериш. Азда болса хан ләшкериниң күшин бөледи.

Олар оны-буны сөйлесиў менен таң алдында күтилмеген басқыға ушырады. Қырқ-елиў атлы келип, шеттеги қамыс гезелерге от басып, оңлаған атты айдап қашып кетти. Бул келгенлер Маманға дәрек жаңадорьялылар еди. Ҳәким олардың изинен қуўыў ушын буйрық беремен десе, Мухамеджан бектиң былайырақ шығарып қырып таслайжақ болған төсеп шығар, деген қәўип пенен, қалған нөкерлерине сақ болыўды қатал ескертип, жүзбасыларын елиўликлерин жыйнап шатырында қайтадан мәсләҳәт қурды:

— Бизге қарсы шабыўыл, бизди бүгинги алдаў Айдостың иси емес, оның бундай сумлықларға пәми алыспайды.

Ҳәкимниң ҳәрбир гәпинде қорғасынлы салмақ сезетуғын Бегис, бул сапары оның тек Айдосты муқатыў ушын ядтан таўып отырғанын сезип күтә аяды: «қанша дана болса да түби адам-

дә! Албыраганынан тарының кенегиндей қылып сөйлеп отыр. Болмаса, Айдоста да ақыл барлығын жақсы биледи».

Жүзбасылардан бири шыдамай ортаға сораў таслады:

— «Айдос қалаһы» қойткенде ийелеймиз?

Уйқысызлықтан баслары меңзең әскербасылардың ҳәрбири тилине не келсе, соны усыныс қылып айтып атыр... Түйирли жуўмақ табылмады. Ҳәмме отырған орынларында мызғып қалды. Қус уйқылы ҳәким ушын оянып былай деди:

— Елаттың көпшилиги бизди қуўатлайтуғыны даўсыз. Айдостан Бегис перишитемнин ақылын да, күшин де, ел сүйерлигин де артық көретуғын халық изимизге еретуғыны даўсыз. Сол ушын ендиги шабыўыл халық пенен бирге болсын. Алдымызға балашаға, кемпир-гаррыларды салып изинен жүремиз.

Бул кеңес базыларда ҳәкимге деген жеккөриўшилик оятқан менен бири:

— Ағла ақыл?—деп салды.

Ҳешким қарсы пикир айтпай, қалғып отыра берди.

Ҳәким ҳәзир тапқан ақылының қандай жеңиске әкелетуғынын түсиндириўге өтти...

40.

Мәңги ашылмас думан түсип жол табылмай қалған секилли, аўылларды аўыллар менен бирсўди және бireў менен соқлығыстырған қаралы күйлер созылған сайын, сай-сүйеги сырқырамаған киси жоқ. Адамлар бир бап жүрислеринен ҳәм жаңылысты. Буўынларына қурт түскендей я жуўырысады, я аяқларын ҳәр көтергенде ыңырсын, гүрсинген сеслери еситиледи. Ҳешкимнен ақыллы кеңес шықпайтуғынына кеўли қаўып па, адамларда бир-бireўге исеним жоғалып, ҳәмме шытайыланып баратыр.

Жоллар қуры емес, я арман қарай, я берман қарай арқаланып жетелескен жетим-жесирлердиң, саяқ-гезенделердиң саны күн сайын нобайласыўда. Ҳешбир аўылда парасат жоқ. Бирли-ярымлар ылашық соғып атырса, оның есесине бес-алты жерден үйлер, ылашықлар, қослар бузылып, көликлерге тийелип атырғаны. Пүткил елат гүйзелиске түсти.

Бул жағдайларға жүрек-баўыры езилетуғынлардың да найлаж көз жумып, тислериниң суўын сорып, бармағын тислеўден басқа күши жоқтай. Небир дилўар бийлер, урыў баслықлары, кәткудалар журтты жубатқандай тыянақлы бир ойға ақыл уғрастыра алмай, барлық қыянетлер ушын үш қаналастың биреўин көбирек айыплаў менен өз кеўлин алдарқатады, аўыр тәғдийрине палыс етип келгенлерге де сорлы үш қаналастың гүнәкарлығын айтып, кеўил алған болады.

Жақадәрьялы Маман менен Есенгелди елдеги қыян-кестиликтиң гүзетшиси болып қалмаў ушын ҳәр күни азаннан кешке шекем мәслаҳәтлеседи. Атабек палўан менен Никифоров кеселинен айығып оларға бас қосты, және аўылдағы если жасы үлкен қарыя-

лар менен биргелесип, гөде түни менен отырысады, сиро кеўилге қонымлы ақыл табылмайды. Орынбайдың аўылына адам жиберип ҳәм көрди. Ол жигитлери менен атланған бағдарынан қайтпайтуғынын, егер елде тынышлық орнатыўды қәлесе жигитлери менен урыс майданына шыққаны абзал болатуғынын айтып жиберипти. Бул оларда өз алдына ғаўға туўдырып, терең-терең қыялларға былғалақ салды.

— Үлкен күшсиз парахатшылық болмайды,—деди Маман, ҳәм сол үлкен күш орыс патшасы екенин қайтадан жаңғыртты.

Әллеким көпес Тимофеевтиң наҳақ ислерин ортаға салды, екинши биреў оған қарсы шықса да, орыс патшасына барыўдың қыйынлығын, жолдың алыслығын айтып сарсылды, үшинши биреў орыс патшасынан жәрдем жетемен дегенше ел гүзги үпелектей тозаңып, жоқ болатуғынын дәлилледи.

— Бериңиз босқа шөллейсиз,—деди Есенгелди сары. —Егер орыс патшасы ақыл менен ғужырға минсе, үпелекти гүлге айналдырады. Баслысы, оған барғанда сөзиң таўып айтатуғын ким бар?

Ҳәрқыйлы атлар, адамлар, минез-қулықлар ортаға түсти. Аўыл ағалары ҳәр қыялға гүрмек таслап көрген менен, ҳешқайсысы башартпай, бир тоқтамға келмеди. Никифоров әллеқандай ойлар менен бәнт сыяқлы еди, қозғалды:

— Патшамызға адам жиберсеңиз жолбаслаўшысы болайын.

Гейбиреўлерде оның араласыўына ырзашылық кейип оянса да, бирпаралар «себеп пенен елиңе барып қалмақшысаң-ә»—деген шубҳа менен оған алакөзлене қарасты.

— Қарақалпақ елиниң атынан келдим десем, патша маған исенбес, бәлким,—деди Никифоров. —Болмаса өзим-ақ кетер едим. Алакөзден келген қус тумсық биреўи оны жақтырмады.

— Патшаңа аўеле өз тәғдиріңди айтып көр.

Маман менен Есенгелди сарыға қосыла жас үлкенлердиң бәри дерлик қус тумсыққа жекиринип «биййож, биййож» дести.

Нақолайлықларға тыйым салып гөнти өз дийдине бурыў ушын Маман сөйледи:

— Патшаға кимди жоллаймақ та, жол баслаўды Никифоровтан соранатуғынымыз даўсыз. Ал кимди жиберемиз? —Ол өз сораўына өзи жуўап берди. — Меңиңше я Айдос, я Бегис, я Мырзық барыўы тийис.

Никифоровты жақтырмаған қус тумсық және шаңшыўланды.

— Ел бүлдиршўшилерди-ә?

Қарсылық отырғанларға жағып қалған секилли, ҳешқайсысы оған соққы бермеди. Маман сабырлылық пенен даўам етти:

— Олар ҳәзирше ел бүлдиршўши болған менен, ел ағалары екенин умытыў қәте. Ырасын айтсам, оларды мен де жек көремен, бирақ үшеўиниң да абырайы меңнен зыятлығын, халық оларға көп исенетуғынын ишимде қупыялап қалыўға ҳақым жоқ.

— Ырас айттың, Маман,—деди жас үлкен ғаррылардан бири. —Үш туўысқанның баслы-басына төп елге ышқы-муҳаббети бар. Ал, енди ели-халқым деп ат шапқанда қашарманыңыз айырым-

айырым болса да, бойғи сызғыңыз биреў. Сол ушын әўели үш туўысқанның тәрезесин аўдармаўдың жолын қылып, Орынбайлар Айдос тәрепине қарсы шабыўыл қылса, биз Бегис тәрепине қарсы шабыўыл жасаўымыз тийис. Соңнан соң олар менен сөйлесиў хәм, айтқанға көндириў хәм оңай.

Бир заманлық жым-жыртлықтан кейин Маман жас үлкен ғаррының созын жөнледи. Қалғанлары да даў көтермеди. Ертеңнен қалмай қоңыратлыларға қарсы шабыўыл басланыў зәрүрлигин, оған Атабек палўан басшы болыўы мақсетке муўапықлығы жөнинде усыныс ортаға түсип оны бәри қуўатлады.

Солайынша, келеси күни Атабек палўанларды жолға салып, Маман менен Есенгелди сары мүйтен урыўына атланды. Бунысы сәтсиз сапар болды. Олардан бурын Айдос шабыўыл қылып, бас бийин ханның әскербасысына бас ийдирип, Хийўа пухаралығын қабыл етиўге ант еттириў ушын әкетипти.

Изге қайтып киятырып «Көк өзек» жаққа кететуғын жолдың дәрбентинде күтилмеген қуўанышлы көриниске дусласты; киши жүз қазақларының атақлы адамы жүдә мәпилик ғарры ата бий Сеңет керей бийик нар үстинде баладай болып отыр. Ала бел ат минген киши улы Айтуўған батыр қайда бурыларын билмей абыржып турыпты.

Маман Мыржықты ертип қазақ аўылларын аралағанда усы тақыўа ғаррының үйинде бир хәпте болып, қазақ халқының өтмиши түўе, өз халқының өтмиши жөнинде көп әңгимелер тынлап, батыр баласы Айтуўғаннан бираз әскерий усыллар менен гүресиў әдислерин үйренип қайтқан еди. Көриўден атынан ғарғып түсип ата бийге сәлем берди, дәстүр бойынша жол болсын сорады. Қартайғанлықтан киширейип пәкене болып қалған ата бий өсик қасларын бармақлары менен көтерип, еки жолаўшыға алмагезек қарап алып, Маманды таныды:

— Маман, сенбисең шырағым? Аўылыңнан таппай изиңнен киятырғанымыз.

— Изге қайтамыз, бий аға!

— Енди олай болмасын, шырағым. Бизди Айдос бийге басла,— деп ата бий узын ишигининң ишки қалтасынан қардай ақсуп орамал алып көзлерин сыпырды.

Маман ҳәзир «Айдос аўылын» ләшкер қамап, урыс баратырғанлығын қалай билдирердиң есабын таппай екилене баслап еди, Айтуўған батыр араласты.

— Жасүлкен, жасырманыз, атама бәри аян.

— Маман шырағым!—деди ата бий даўысын созып. Геўдесине қарағанда оның даўысы ҳәм ири, ҳәм айбатлы еди. Ҳәмме таңланыў менен қулақ түрди. —Басыңызға аўыр мүшкил түскенин ешитип, жәрдем қолын узатар деген нийет менен ханымызға барып едим. Шырағым, аўыр мүшкил дегеним кеўлиңе келмесин. Урыўдың урыўға, туўысқанның туўысқанға қылыш көтергени—оң қол сол қолды, я сол қол оң қолды кескени. Бул наятый аўыр мүшкил, солай шырағым. Ал, ханымыз не айтты де? «Қарақалпаққа қол

жабар хан мен емес,—деп қоя салды. Сизлер еситтиңлер ме, болмаса өткен сапары барғаныңызда байқаған шығарсыз, бизиң ел со анаў орысларға бир тобия жақынласқалы, қарапайым халық падалы қойдан үйирли айғырға аўысып баратыр. Хан менен ақыл-адам-гершилик жарыстырып, жолға таласып жүргенлер де аз емес. Ал, енди бизиң ақыллы қысқа хан байғус сондайлардан қорқыў орнына, өзге елге бўлгин салып атырған Хийўа ханынан қорқады, шамасы.

— Сырттан душпан келсе—бахытсызбыз, деп налынып жүргенде бир-биримизге алып-топылып әлемге әшкара болдық.

— Маман шырағым, аз болсын, көп болсын ғаўғасыз ел, сырсыз тоғай жоқ. Налынбаңлар. Мыржық қайда?

— Қәйин атасы қазаланып еди...

Ата бий Есенгелди ҳаққында көп билетуғын еди, бул жарық дүньядағы және бир теңлес заманласынан айрылғанына қапалық менен таңлайын тықылдатты, өсик қаслар жаўған көзлери астынан жас жылтырады:

— Бийшара жайсаң ақыллы еди... Қәне, Маман, бизди көп егремей Айдосқа жолықтыр.

Маман менен Есенгелди олардың алдына түсип туўры Айдос аўылына жол баслады. Түйе үстинде баладай болып отырған, бирақ, ири даўыслы ата бий жолды қысқартыў мақсетинде ме ямаса жол баслаўшылардың өткендеги дана, халықшыл батыр бабалары менен мақтанышын арттырып, ҳешқашан мунаймай жүриўин мақсет етти ме, сөйлеп, орыс патшасына арыз етип Петербургқа барған уллы Маманды жүдә көп мақтаў менен тәрипледи.

— Халқы ушын ең жақты шыра еди,—деди соңында.

...«Айдос аўылының» қарасы көринбўден ата бий қойнынан еки ақ орамал шығарып, бирин улына, екиншисин Маманға таслады ҳәм ҳәр қайсысы бир таяққа байлап алда көтерип жүриў керекли-гин ескертти. Соның арасында аўыл тәрептен қос атлы шаўып келип, буларды ирқти ҳәм бийтаныслардың ишке кириўи қадаған екенлигин ескертти.

— Бизге тек Айдос керек, деди ата бий түйе үстинен.

Атлылардың бири Досман еди, таныйтуғынларынан өзгелердиң түри-түсинен ийнетлери дүзиў адамлар екенин көрип, жолдасын олар менен қалдырды да, ишке қулдыраўы менен шаўып кетти.

Көп кешикпей-ақ үш нөкер менен Айдостың өзи пайда болды. Маман менен Есенгелдиниң көзине Айдос бурынғы Айдос емес, қандай да бийпарасат, шытайы, шырайы өртең шалғандай қараўытып көринди. Қазақтың ата бийи оны бундай адам деп көз алдына келтирмегенликтен бе, өзиниң жөн-жосағын айтып болып, «сиз ырастан да Айдос биймисиз?» деп еки рет сорады.

Айдос олар менен аралықта он қәдемдей ашықлық қалдырып тоқтаған еди, бийик нар үстинде баладай болып ишикке оранған пәжмүрде ғаррының даўысы бәлентлигине таңланып, оның нықырт-

қан сыяқлы сораўына ашыўланбай еки ретте де өзиниң Айдос бий екенин тастыйықлап жуўап берди.

— Айдос бий,—деди ата бий қасларын қолы менен көтерип. —Сизиң елиңиздиң басына түскен мусаллатты жеңилтиў ушын қандай жәрдемге мүтәжлығыңызды билиўге шыққан едик.

— Маман оймаўыт пенен Есенгелди сарының қол асты азлық етип, өрис кеңейтпекши екенсиз-дә!

Ендигәрдей ири геўдели, бирақ, мүртлары тышқанның қуйрығындай жиңишке, көсенамай Айтуўған батырдың қара пәйрек жүзинде Айдосты жек көриў қәҳәри пайда болып, әкеси ушын бир пәрсе деўге оқланып турды да ийбе сақлады. Ата бий онша қызбай, сол ойланғаны болмаса, пайын жибермеди.

— Бул азаматлардың-әм уруўлары қарақалпақтың бир қолы, Айдос бий. Бир қол бир қолдың түйинин шешсе, таажип емес!

— Бир қолды бир қол кессе ҳәм таажип емес!

Енди ата бийди ашыў қысып ийниндеги ишигин артына серипти.

— Айдос, мен сизди бий деп еситкенмен. Даналықтың бир белгиси адамларға қалыс исенимнен ибарат.

— Сиз меним нийетим дүзиўлигине, халқымның тәғдийрине орасан керекли ис баслағаныма исенесиз бе?

— Даналар халқының тәғдийрин ханның ләшкерине тапсырмайды. Ҳәзир сиз халқыңыз бенен еки жаға болып турсыз.

— Гәплериме саўаш кейпинен дуз себилип кетсе кеширесиз. Ҳақыйқатында, меннен басқа биреў бизиң еки жағалығымыз бенен не исиңиз бар, деген болар еди. Мен өйдемеймен. Аўылымда даман. Ким өз аўылласлары, ели менен болса, оған қаралы күнлери ҳәм байрам.

Ата бий Айдостың сөйлесиў ушын ийкемге келмейтуғынын байқады, «бул не болғаны?» дегендей өз жолдасларына қарады. Әкесин қәстерлеп үйренген Айтуўған батыр оның гәплери сынғанына бели майысқандай ашыў менен Айдосқа, оның қасындағы еки нөкерине жүдә жеккөриўшилик көз алартып, ҳәзир-ақ қылышласыў кейпине кирди. Улының кейпи-көрахтына қанық әке күтә босасты.

— Маман,—деди ишигин қайта жамылып.—Айдос бий өзи түйген түйинди өзи шешпекши екен, қайтайық.

— Айдос, сизлердей өжет үш туўысқанды, бәримизди жарастырыўға келген уллы қазақ елиниң ата бийин сыйлаў керек еди, —деди Маман атын изге бурыўға мейилленип. —Бир қол менен түйин шешилмейтуғынына ақылың уғраспады, шамасы.

— Этшөк неге гөкеклей беретуғынын билесең бе? Өзине өзиң уя салалмағанына налып гөкеклейди.

Ишикке бүркенген ата бий Айдосты еситпеди.

Әкеси минген нарды кейин қарай жетелеп баратырған Айтуўған батыр соңғы гәплерге қулақ аспады. Маман менен Есенгелди сары сол гидирип, Айдос пенен еле де дәлиллеспекши еди, ҳәзир ўақыт смес, деген ой менен қазақ бийиниң изинен ерди.

Ата бий былайрақ шыққаннан кейин енди қоңыратлыларға ба-

рып көриў жөнинде пикир айтып еди, Маман ҳәзир қоңыратлылар менен сөйлесиў Айдос пенен сөйлесиўден анағурлым аўырлығын, буған себеп, оларды шабыў ушын бир топар атлы жиберилгенин айтты.

— Бул исиңиз жүдә әптек болыпты,—деп ата бий шошақ баслы тумағын шешип, киршиксиз пахтадай аппақ басын биразға шекем қасып турды.—Ҳәр урыў бир бармақ болсақ халық билек болады. Ең баслысы билектиң мажықпаўы ушын ғам жеў. Биз де қарақалпақ деп аталған билектиң мажықпаўы ушын келген едик...

Көз ушында жекке атлы көринди. Бул Мыржық екен. Қысқа ғана амаплық-есенликтен соң ата бий Мыржыққа қәйин атасының өлиў миңәсибети менен кеўил айтып, оның не кеселден қаза тапқаны менен, изинде улдан кими қалғаны менен қызықсынды.

Мыржық Қумарды үйинде қалдырып, буларды излеп шыққан еди. Ата бийдиң сораўларына асықпай жуўап берип киятырып, онда әллекимге ашыў, әллеқандай бийпарўалық сезди.

Басқа елдиң басына түскен мүшкилге жаны ашып сонша жерден сапар шегип келген ата бийдиң гийнели кеўлин қалай жубатыўдың жоллары үстинде ой менен киятырған Маман Айтуўған батырға қатарласып, нардың жетегин өз қолына алды да, туўры аўылына тартты ҳәм нар үстиндеги ата бийге бетин бурып сөйледи:

— Бий аға, Айдостың өжетлиги кеўлиңизге келмесин. Ағасы болмаса иниси биз бенен. Бәрибир, Айдос өз бармағын өзи кесе алмайды. Сиздей көп жасап, көпти көрген адамның мәсләҳәтине биз мутәжбиз...

* *
*

Ханның әскербасысы Айдосты қазақ бийиниң шақырығына жиберсе де бармағын тислеўи менен кутә тақатсызланған еди. Атақлы қарақалпақ бийлеринен Қабыл ҳәм Айдостың қуўғынында Хийўа пухаралығын қабыл етиўге ант етиў ушын келген басқада бийлерменен болғаны ушын сыр алдырмай, жеңис ҳаққында, Хийўа ханлығының бахыты, келешеги ҳаққында сөз қылып отыр.

Айдостың көзинше ҳеш нәрсе деп алмайтуғын Қабыл бий қыйпақ-сыйпақ етип, әскербасыға жағымлы бир нәрселерди айтпақшы болады да, тап аўыстырмайтуғын жас әскербасының түсимсизлигине куйиниў, оның гәплерине бас ийзеп мақуллаўдан арман кетпейди.

«Айдос киятыр» деген хабар еситкенде, жас әскербасы шыдамай ушып-ақ турды ҳәм бийлердиң, әскербасылардың қоршаўында шатырдан шығып, ол аттан түсип үлгермей-ақ, қазақтың ата бийи менен қай сүреде ҳәм не ҳаққында сөйлескен болса—сол туўрысында баян қылыўды талап етти. Айдостың өзинде де сыр бүгиў нийети жоқ еди, тук түсирмей сөйлеп берди. Жас әскербасы оған исенбей қосқан еки нөкерине алма-гезек көз жуўыртып,

олардың «дурыс айтты» деген қас кериўлерин көрип, мыйығынан күлди.

— Азаматсыз, нағыз азаматсыз, кәраматлы Хийўаның нағыз перзентисиз, Айдос бий. Уллы ханымыз сизге жәрдем етиўде алжаспаған. — Ол көзлерин қыпылықлатып, жуқа еринлерин баладай шүртийтип бир жалап алды да, сын кейпинде басын шайқалтып турып жөгиленди:—Қазақ бийинен жәрдем сораганда, не уттырар едиңиз?

Айдос әскербасының жасына тән емес жөгилигин жақтырмады:

— Қойыңызшы, Мухамеджан бек.

Әскер басы бурыштай қызарды, бирақ қарсы даў айта алмады.

— Егер маған үш нөкер шабарман берсеңиз, еки ининме ҳәм Есенгелдиниң улы Елгелдиге дуўадай хат жазып жиберер едим.

— Қай мазмунда?

Ханның әскер басысына шын көўил айтылмаса, дийдилеген ойы иске аспайтуғынына қаныҡ Айдос оның менен шатырға кирди.

41.

Намазшам азаны еситилди.

«Айдос қалаға» соңғы сәтсиз шабыўылынан кейин азық-аўқат жыйнаўшы атлыларын да ҳешқандай сепситпей, ҳәрдемде тосыннан топылыс болыўын күтиў менен шаршаған Төремурат суўпы шатырға арқасын берип, нөкерлериниң ертеңги ҳалқасы жоқлығына не дәлил табарын билмей ойланып, өгиз қуйрық желпиўиши менен желпинип тур еди, азан диңгегине жалт бурылды. Еки қолы менен еки қулағын услап, ғарры текениң сақалындай ақ сақаллы ийегин қайқайтып азан айтып атырған қатпа арық, мисли шапан жабылған ағаштай сын-сымбатсыз молланы унатпай сөгинди: «сыйқы келиспеген заңғар, намазлыгер оқыганымыз жаңа емеспе?... Ҳаў, оның не жазығы бар? Усы еки намаздың арасын тығыз қылып шығарған пайғамбардың заў-заддына нәлет айтыларма еди?...»

Өзин исламның күшиги санап, намазды қаза қылыўдың зияны жөнинде мыңсан дәлийлли әңгимелер айтып, тыңлаўшылардың басын айландыратуғын атақлы суўпы қудайға әси сөгингени ушын өзинен-өзи кеширместей ҳалға түсти ме, тула бойы жуўлады, аўызының ўадўасылы бар бир нәлет еситип қоймадыма деген қәўип пенен, албырап жән-жағына айналып қарады. Атын жалаңашлап арқа-баўырын ысқылап атырған Бегисти көрди. Оннан жақын аралықта ҳешким жоқлығына кеўли әнжамланып:

— Периштем!—деди кеўилли.—Намазшамға дәретиң бузылмады ма?

Бегис атының беденин ысқылаған бир қысым шөбин таслап, алақанына шаңпатлаўы менен артына айналды:

— Уллы ханымыз, усындай қыстаў күнлери намазды еки бөлип оқыўға раўаят жоқпа екен?

Өз айтқанларына қарсы келе алмай бармағын тислеў менен жүрген суўпы жадырап сала берди.

— Дурыс айттың, периштем. Ҳәмме намазға уйыған гезде кәпир топы менен жаў келсе,—жүдә жаман. Бүгин ақшам, әлбетте, китап қарайман, раўаят-әм табаман.

— Ғәзетеңизде жазылса...

— Раўаятлар сақкыздай, периштем. Сөзсиз табылады.

Соңғы сотсизликлерден бери шыдамы кемейип, шыртылдақлығы артып баратырған суўпы астыңғы ернине ата сақалын қосып тислеп, намазшамға жыйналып атырған жәмәәтке қарай жүрди.

Ҳәмменің шәждеге бас қойыўы мәттал, тап усы пайытты аңлып турғандай, арқа тәрептен бир топар атлы басып келди де, намаз оқып атырған нөкерлерге зәлел келтирместен, қамыс гезелердің ҳәр жерден биреўине от таслап, бир шетте ертлеўли турған онбеслеген атты қосақлап байлап, алдыларына сала айдаўы менен апыр-топыр шаўып кетти.

Ҳәким намазды буздырмады.

Қеўиллер абыржып, ҳәзир атланыўға мейинленген әскер басыларын да иркти.

— Қызбаң, периштелерим. Намазды бузған ханның әскербасына, сатқын Айдосқа қуда ғарғысы жаўады.

Ол усы дәлили менен нөкерлерин ғана емес, өзин де тыншытпақшы еди, бәрибир ишки ҳәўири басылмады. Бегисти аўлағырақ шығарып кеўлиндегисин айтты.

— Билесең бе, периштем, бул ҳәдийсе ханның әскербасысы ойлаған тәсил. Қуўса қырып салармыз деп бир жерде гезе тутып жатырса таажип емес. Лўа, периштем, ләшкерди бийпайда қырғызыў-әм дозақыйлық.

Бегистің наразылығын байқап, бирден өзгерди.

— Сенің намазшамға қайылпылығың жоқ еди, сезиппедиң? Ырасын неге айтпадың? Саўаш пайтында сыр бүгиў-әм дозақыйлық!

Ҳәкимниң албырап турғанын түсинип Бегис үндемеди, соның арасында жүзбасылардан бири жуўырып келди.

— Уллы Қоңыраттың ханы, бизиң атты, қараўыллыққа қойған бир нөкеримизди тирилей әкеткен қусайды, ҳеш жерде жоқ.

— Нийети дүзиў нөкермеди?

— Сизге орасан садық нөкер еди.

— Орасан садық нөкер, садық нөкер,—деп кек етти ҳәким мурнын жыйырып ҳәм бирден өзгерди. —Сол садық нөкерди әкеткени, жақсы болыпты. Душпанның сырын әкеледи.

Жүзбасы ҳәкимнен кейиспама еситермен деген қәўипте еди. Суўық демин алып бойын жеп-жеңил сезди.

Тосыннан болатуғын топылысқа таярлық бурынғыдан да күшейтилип: ҳәрбир нөкер гезесине тарқатылып, олардың уйықлап қалмаўы ушын бир қараўылдың изинен бақлаўшы қойылды.

Күн ысығалы шыбын, сона побайласып кеткен еди, өзлери үшинши қараўыл болып уйқыны тежеди.

Қус уйқылы ҳәким ер үстинде мызғып ақшамы менен аттан түскен емес, таң атыўға мейиллегенде күнбатыстан жигирмаларан атлының қарасы көринип, гезелерден гезелерге қулдырай шапты:

— Жаў, жаў, перштелерим!...

Таң алдында қалғый баслағанлар ҳәм өз денелерин өзлери шымшылап, кими атларына минди, кими шала уйқыда мылтық көширип, қонелимде басабас бола қалды.

Бийтаныс атлылар түркмен атлылары болып шықты.

Жағын бир ен қара шүберек пенен таңып қойғандай, қалың қара сақалын күтә сулыў пәрдозлаған дәпең түркмен аттан түсип, қоңырат ҳәкимине сәлем берди ҳәм Хийўа ханына душпан қоңыратлыларға жәрдем ушын Гөне-Үргениш шәҳәринен киятырғанын баян қылды.

Бул Қоңырат ҳәкими ушын күтилмеген қуўаныш болды, ол ҳәкимликке қайта отырғызылғанда да бүйтип қуўанбаған еди, сөйлеўге сөз таппай тығылып, еки көзинен жас парлап қоя берди.

Түркмен атлыларында азық-аўқат мол екен, бөктериўлерин, қоржынларын шешип, жерге жайылған ат жабыўларының үстине сөкли шекийнелер менен зағараларды үйип таслады, ҳәмме ләшкер жыйналып бир адамның баласындай әжик-гүжик ҳалқас қылысты.

Енди жеңиске исенимли Қоңырат ҳәкими түске шекем арқайын уйықлап алған соң, түркмен әскер басысы менен Бегисти қасына шақыртып урыстың келешеги ҳаққында мәсләҳәтлесип, азық-аўқат жыйнаўшы топарды қайта жолға салды ҳәм «Айдос қалаға» тосыннан шабыўыл қылыўдың әнжамына киристи..

Бир күни түсте ҳәкимниң шатыры алдында «Намазшамдағы шабыўылында» онбес ат пенен бенделикке түсип кеткен «садық» нөкер пайда болды. Бет-аўзы қақпаштай тырысқан, ҳәсте бойлы бул нөкерди ҳәким қыс күнлери ошақтан таўып алып тәрбиялатып, атқа миндирген еди. Ол жоғалғанда жүзбасының айтыўы менен бир рет көз алдына келтире алған емес, ал, ҳәзир көриўден-ақ таныды.

— Ҳә жол болсын, Айдостан нендей сәлемиң бар?

Нөкер әбден болдырған еди, сөйлеўге диңкеси жетпей сүйретиле шатырдың босағасына жығылып суў сорады.

Түркмен әскербасысы ушып түргелип нөкерге суў усынды. Бегис оның Айдос ҳаққында жаман хабарларды ағыл-тегил қылатуғынын, оннан кейин ҳәкимниң бираз исеними кемийтуғынын ойлап нөкердиң сөйлемегенин тилеп, көзлери әлле-пәлле болып албырақлап тур.

— Уллы Қоңыраттың ханы, уллы хан,—деп нөкер қалшылдап тилге келди.— Мен Айдосты көрмедим. Сол атлылар Атабек палўан басқарған жаңадәрьялылар екен.

Қәдди бойы дуўтардың тарындай тартылып турған Бегис бираз жайпаўсыды. Астына көпшик қойып жүресине отырған ҳә-

қимның аўзы жабылмай лалы шықты. Түркмен әскер басысы ҳештеңеге түспибей, есиктеги нөкерди өллеқайда барып қайтқан жансыз екен деген пам менен, және де сөйлетиў ушын қолтығынан сүйеп төсекке отырғызды. Ҳәким түркмен әскербасысының қайырқомлығын жақтырмай, «арман-арман» дегендей қол сермеди. Бегис нөкердиң көкирегинен кейин ийтерип, шатырдың жиплери тартылған ағашлардың бирине арқасын сүйеди.

Ҳәким оллеқемирде өзине келип нөкерге сығаланды:

— Ой нөмерз пйтлер! Орынбай оларды, Маман—Мыржық бизлерди қолайлап жүр екен дә! Көрдиңизлерме, ақылы қысқалар қысқа ойлайды. Енди, журтқа жаңадәрьялылар ҳүкимдарлық қылармекен? Орынбай неге келип қосылмайды десем тахтан дәмели екенде! Гарғыс урсын оны! Ҳәй, сен ҳақ сөйле, қалай аман жибердиң?

— Қашып шықтым, уллы ҳәким.

Оның «хан» демей «ҳәким» дегенине Төремурат суўпының қәҳәри келсе де, ашыўын ишинде сақлап, нөкерден көрген-билгенин усағына шекем қалдырмай сөйлеўин талап етти.

«Садық» нөкер Қоңырат ҳәкимине ҳақыйқаттан ҳәм садық нөкерлерден еди. Сөйлеў алдында жүз басысын шақырыўды өтинип, ол келгеннен кейин асықпай-албырамай баслады:

— Қатықулақлығым себепли намазымды яддан билетуғын едим. Сол ушын жүзбасымыз мени жәмәәтке қоспай, «намаз гезинде жаў келеди» деп, бәрҳа атлардың арасында мени жасырын қалдыратуғын еди.

— Ҳақ гәп,—деп жүзбасы оны мақуллады. —Себеби, жаў өззи пайытты пәлейди, ишимпен бес ўақлы намазға да қарсы едим.

— Шының айтқан нөкердиң, жүзбасының басына гүлден таж кийгизсе арзыйды,—деп ҳәким түркмен әскербасысына марапат пенен көз қыйығын таслап,—сөйлей бер, садық периштем,—деди нөкерине.

— Не шара, жаў бирден келип қалды, бири басыма қап кийгизип, бақырсам даўысым шықпады. Сөйтип бир жолдың дәрбентинде мени қаптан алды. Атлылардың басшысы Атабек палўанды бирден-ақ таныдым. Өзи қызық жигит екен, бетиме қарап мурты таўлап күлди...

Ҳәкимниң түси бузылып сала берди. Бегис оған қарамай, нөкердиң енди Мыржық ҳаққында хабар айтыўын күтип отыр. Түркмен әскербасысы ҳәким менен Бегистиң кейиплерин баққаны болмаса, ҳешнәрсеге түспибей жанбаслады. Нөкер даўамлады:

— Мен керисинше палўанға ашыўландым, «пәс жаўсыз, урысыз» дедим.

— Ҳә соннан?—деп ҳәким қайта мардыйды.

— ...Олардың тоқтағанының, мени қәпестен шығарғанының мәниси бар екен. Екинши жолдан Маман, Есенгелди сары дегенлер менен Мыржық киятыр екен. Танымайман, түйели бир қазақ бий бар. Күтә қартайған мәпилик шал. Арғымақ атта сутини келискен, сыйқы батырға мегзес қазақ жигити бар. Атабек палўан

мени қоя берип, олардың талабы бойынша, қылған шабыўылының бийноқыясын сөйлеп берди.

— Сен жерде тыңлап жаттың-ә?—деди Бегис.

— Аўа, көзимди жумған болып, тыңлап жата бердим. Қазақтың ата бийи Атабек палўанға «надурыс қылыпсаң, дым надурыс» деп көйинди. Маман бий Атабек палўанды әри-бери ақлаған болды. Қазақтың ата бийи бир гезде мени көрсе керек, «анаў жатқан ким?» деди. «Бенде» деди Атабек палўан. Ата бий мени түргелтип, бос атлардың бирине миндириўди ҳәмир етти. Сөйтип мени алдарқатқысы келди ме, сиз туўралы, сизиң күшиңиз туўралы сорай баслады. Мен түк еситпейтуғын болдым да, аўзымды ашып тура бердим. Нан писпейтуғынын билип, олар жолға түсти. Әдгимелерипен байқағаным бойынша, қазақ бийи бизиң урыслы урыўларға жаны ашып, жарастырыўға келген. Айдос бийди, Бегисти, Мыржықты, Орынбай, Қабыл бийлерди көп-көп әңгиме қылды. Ата бий бир гезде ғәзебетленип, «елиңизде соқырлар көбейипти, билесизбе, елде соқыр көбейсе, тәўиптиң қыйсық болғаны» деди. Тыңлаўшылар ләммийимсиз қалды. Соннан кейин орыс патшалығы туўралы гәп қозғады.

— Ким баслады?—деди ҳәким шыдамай.

— Аңғармай қалдым. Бирақ қазақ бийи орысларды мақтады. Оны Маман-әм жөнледи. Мыржық-әм қосылды. «Елши жибериў керек», дести. Маман бийдиң «аўылымызда орыс киси бар, сол жол баслайды, Мыржық пенен Атабек палўанды ертемиз» дегенин еситтим. Олар жақадәрьяда Мамандикинде қонды. Мени ол үйге киргизбеди, қамыс қоста жаттым. Аўылындағы Никифоров деген орыс киси солар менен болды. Орынбайға да атлы жиберий керек десип атыр еди, изи не болғанын билмедим. Бир жола Қазақ бийи, саралаўға шыққанында, мени көрип: «сен анакүнги бендемисең?»—деди. «Аўа» дедим. Қасындағы Маман менен Есенгелди сарыға қарап турып, мениң пәжмурделигим, сыйқым жөнинде бирнәрселерди айтып күлисти. Маман маған, «Әй шымшық, сен бизге хызмет етсең, азат боласаң» деди. Мен не хызмет деп, үлгермей-ақ: «шымыр көринесең, орысят елине баратуғынларға атқосшылық қыласаң, қарыўлы адамлар болмаса узақ жолға жарамайды»—деди. Мениң аўзым ашылып қалған қусайды. «Аўзың неге аңқайып қалды? Сөйле, —деди. Мен оған «шымшыққа алтын тордан бир қуў шақа абзалырақ»—дедим. Қазақ бийи үндеместен келип басымды сыйпады да, Маманға «буны еркине жибериңлер»—деди. Сөйтип, азат болдым, бирақ пияда қайтарды. Соннан усы жеткеним.

Ҳәким оны жүзбасысына ертип кетиўди буйырып, жағын таянып бир заман отырғаннан кейин «қандай мәсләҳәтиңиз бар?» дегендей түркмен әскербасысына бурылды. Оның мәсләҳәт бериў ойы жоқлығын түсинип «меннен артық ақыл таппаслығын өзи билгени жақсы» деген ой менен жанбаслап қуўанышлы көзлерин перделеди.

— Бул әлемде ең тәсилпаз түлки хан,—Хийўа ханы, мехма-

ным. Сиздей ғардашлар жәрдемге келгени—дәўир қусы бизиң басымызға қонады деген сөз. Биз сизлер менен қолға қол усласып жасаймыз, ислам нуры әлемге Қоңыраттан тарайтуғын болады. Бирақ, бир қәдигимди жасырмайман. Қоңырат ҳәзир дуйым қарақалпақ пенен Гөне-Үргенчтиң арқасындағы түркменлердиң моллам дөгерек отырып напақа табатуғын, ең берекетли әдиўли дастурханы. Тәсилпаз хан бизиң бул жақта жүргенимизден пайдаланып, қаласында қалған нөкерлери менен әдиўли дастурханға қол салмаса, дей беринлер.

Өз болжаўына өзи исенгенликтен бе, ҳәкимниң көзлери уясынан атлыға жазлап, шығанағына ис қадалғандай, шапшып түргелип отырды. Түркмен әскербасысы оның Қоңыратты түркменлерге де нур таратыў орайы қылажақлығын жақтырмады ма, марапатлағанларын да, өз-өзинен шапшығанларын да кәрине келтирмеди. Бегис оның бийпаруалығына таңланып, ҳәким менен екеўине алма-гезек қараў менен болды. Ҳәким бийорын сөйлеп өзиниң ойлайтуғынын ашық айтып салғанына өкинишли түрде желкесин қасыды:

— Периштелерим, қараўылларды көбейтиңлер де, дем алыңлар!

Ҳәкимде енди түркмен әскербасысына да исеним жоғалып, өлле қандай жаманлықтан қорықты. Ҳәтте, оң қолы саналған Айтмурат қызылбет сатқынлық қылып, хабар жибергизбей, Қоңыратты түркменлер талап атырғандай туйылды. Нөкерлерине Қоңыратқа қайтыў жөнинде буйрық қылыўды да ойлап турып, «Айдослардан қорықты» деген пасаққа қалыўдан тартынды. Әскербасыларының сақшы қараўыл қойыўларына исенбей, өзи атланып, исенимли жүзбасыларынан биреўин еки нөкери менен Қоңыратқа астыртын жоллап, Айтмурат қызылбеттиң ишки дүньясын билип қайтыўды тапсырды. Ол буның менен де тынышмай гезелерден гезелерге өтип, «Көкөзектиң» ырашына көтерилип жоп-жақтан жол қарап, күн шыға киятырған жалғыз атлыны көзи шалып, оны айландыра қоршаўға бес атлы жиберди де, қызығып бақлап тура берди. Жалғыз атлы өзин қоршаған бес атлыдан қашпай, олардың бирине қол созғанын көрди.

Жалғыз атлының қол созып узатқаны Айдостың Бегиске жазған хаты еди, бес атлы оның ҳәйле-пәйлесине қаратпай ҳәкимниң алдына айдап әкелип, хатты ҳәкимге тапсырды.

— Аттан аўдарыңлар да, өзин байлап жағаға жатқарыңлар. Изин соң айтаман!—деди ҳәким ойланып турмастан, усыған-ақ жаны парасат тапқан киби шатырына келе сала, басқаларды шығарып жиберип хатты ашты.

«Қаналасым Бегиске сәлемнама. Әўели силпилеп, изи абылайсаңның нөсерине айналажақ қанлы булт ел төбесине шоғыртпақланып турған пайтта жазған бул сәлемнамамды қорқыныштан

туўған деп ойлама, мәсләҳәт ушын саған ой салмақшыман, сеннен ҳәм кеңес сорамақшыман.

Биз, қарақалпақлар, аўзы алалығымыз себепли ушы-қыйырсыз есапсыз пададан қасқыр бөлген бир топар қойдай санаўлы ел едик. Енди қасқырлар емес, ақыллы атлылар сүйреп ойнайтуғын көкмарға айналып турыппыз. Жақында қазақтың атақлы бир бийи ара түспекши болып келипти. Маман, Есенгелди сарылар маған жолықтырды. Мениң пәмимше, олардың ҳәм нийети дүзиў емес, Орынбай болса шапқан аттың аяғы арасында шабаланған күшиктей, бир жағымыздан тислеўге урынып жүр. Сизлер тәрепке Маман, Есенгелдилер атлы жиберип шабыўыл қылдырғанын еситтим. Ел басына түскен бул не деген әлеўмет, не деген жапа, не деген бахытсызлық? Сениң ҳәкимиң болса, Қоңыраттың даңқы ушын емес, өз даңқы ушын туўылған инсан. Билесең бе. тәсилпаз басшыларды бир-биринен айырыўға қыйын, еки түри бар. Бири халқының атын шығарыўға хызмет етеди, екиншиси халықтың аты менен өз атын шығарыўға хызмет етеди. Төремурат суўпы екиншилерге жатады. Оның «халық», «халық» деген шаўқымы көп, ал айналып келгенде бәри пуш гәп. Мендеги мақсет—халықтың атын шығарыў. Қарақалпақ ханлығы пайда болса, ҳәмме жерде гәп қарақалпақ ханлығы атынан жүргизилсе... Әне усыған түсин! Және ескертемен. Төремурат суўпы халықтың ханлығы емес, халықтың атын атап өз атынан гәп жүргизиўди ғана әрман етеди. Бәлким, мен еледе рала түсиндирип атырған шығарман, бирақ ҳәр сөзге дурыс мәни бер. Базда бир сөз ҳәм пал ҳәм зәҳәр болып кетеди.

Мыржық екеўиниз әўели маған өкпелеп, изинде бир-бириңизге жақпай қалыпсыз. Бизлер бир билектен шыққан бармақлар едик. Ҳәр бармақтың аты, орны, хызмети бар. Бирақ бәри мушқа бириксе, хызмети теңлеседи. Уруўлар да мисли бизлердей. Халық билек болса, ҳәр уруў өзинше аты, жолы, орны бар бармақ. Бириксе бир муш болады, бәриниң хызмети теңлеседи. Ҳәзир ҳәр бармақ өзинше кетпей мушқа биригип, хызметин теңлестиретуғын, билекти мажықтырып алмайтуғын күн туўып турыпты. Бул ушын әлемниң кәраматлы ошағынан бири Хийўа ханы бизди қуўатлап турыпты. Сизлер жас кишисиз. Жас кишиниң кеширим сораўы, жас үлкенниң кешириўи ҳәм қарыз, ҳәм парыз. Мыржыққа да усы тақлетте хат жазаман Соңғы тилегим, ели-халқым деп ат шапқан жигитлердиң бәйги сызығы биреў болады, бул бәйги сызығы— қарақалпақ ханлығы. Әне соған, бирге келиўимиз керек.

«Аған Айдос».

Төремурат суўпының шырайы сурланып, «бул хаттың мазмуны хан сарайында ойласылған, Айдос бүйтип жазалмайды» деген ойға өзин исендирмекши болса да, көкиреги ярый бермеди. Қолындағы қағаз жерге түсти. Ол соннан хаттың мазмунына сүңгип, биразға шекем отырды да, сырттан дүрсилдеп киятырған аяқ сестин еситип, хатты ала сала жумбаршақлаўы менен отқа таслады.

Бегис кирди. Ҳәким оның келисине аң-таң болып, недерин билмей бетине қарап турды да:

— Периштем,—деп жол тапты,—«Көк өзектиң» жағасына байланған бендени сол турысында суўға таслатыўға буйрық бер.

Ҳештеңеден бийхабар Бегис ҳәкимниң ҳәмирин тәрк етпей, кейин бәсип, шатырдың есигинде иркилди;

— Уллы Қоңыраттың ханы, мениң бир тилегим, сол бендени тири қойып түркмен әскербасысынан атлылары менен узатып салыўды өтиниңиз. Ғардаш түркменлерден қанша жәрдем келгенин айтып барсын. Сонда көп күштен сескенип нөкерлеринде ханға, Айдосқа шубҳа туўады.

Ҳәкимге бул усыныс унады, бирақ, еки сөйлеўди өзине миясар көрмей «тамам!» деген ишаратта қол сермеди. Бегис үнсиз шығып кетти.

Ҳәким оның садықлығына ишинен ыразы болса да, хатты көрсетпей отқа таслағанының ақыбети неге әкелетуғынын ойланып, хаттың мазмунын және есине түсириў менен жатты.

Песин намазынан кейин сақшы—қараўыллардың екеўи және бир атлыны камаштаған айдаўы менен әкелип ҳәкимниң шатыры алдында тоқтады.

Тутып әкелинген атлы—марҳум Есенгелди мәҳремниң улы Елгелди еди. Өз ерки менен Қоңырат ҳәкимин излеп киятырып,, ҳәзир оның алдында «тутқын» аты менен турғанына көзлери жаўтаңлап, өзин танытқандай биреўди изледи. Оның ыңбалына бир қапталдан Бегис пайда болды:

— Уллы Қоңыраттың ханы, бул Елгелди ғой!

Бегис бурын әлжуўазы шығып, гүлше жүзи андыздай болып жүретуғын жигиттиң бираз толысып, бетине қан жуўырып, шырайланып қалғанын аңғарды. Түркмен әскербасына усап сақалын күтә сулыўлап пардозлапты.

— Елгелди, әкең уллы адам еди. Әке өлмей мусылманлық жоқ, енди нағыз мусылмансаң, шырайың ҳәм шығып қалыпты. Аттан түс, ҳаққына дуўа қылайық.

Марҳумның ҳаққына ҳәкимниң өзи ҳаят оқыды. Ҳәким суўғы атағын алғанына қарамастан, урыста жан төслим қылған ең садық нөкерлериниң де, жақын жуўықларының да ҳаққына ҳаятты басқа биреўге оқытатуғын еди. Ҳәзирги ҳаяты өлиге ең аса ҳүрмети ғана емес, оның ең уллы адам болып жасағанының үлкен дәлили сыяқланып, ҳәмме оған ырзашылық кейип аңлатты. Елгелди түргелип қойнынан төрт бүкленген қағаз шығарып Төремурат суўпыға қос қолы менен тапсырды. «Әкесиниң маған жазып кеткен естелик-намасы шығар» деген ой менен, ҳәким хатты жүдә кеўилли қабыл қылып алса да, ашып, таныс қол жазбаға түсинип Елгелдиге тикленди:

— Оқыдың ба?

— Сизди де оқысын деп әдейи әкиятырман.

Хаттың мазмуны ҳәммени қызықтырды. Бегис ҳәкимниң қа-

сына жақынлап, «оқыңыз» деп айталмаған менен түринен соны аңлатты.

Ҳәким хатты бир қайтара көзи менен шолыды да, қапталындағы моллаға өткерди.

— Даўыслап оқы!

— *«Елгелди ниме сәлемнама!*

Ел үстин жапқан қанлы думаннан жол таппай, уллы инсан әкеңниң намазына бара алмағаныма ижизат бергейсең. Мениң еки ниме тәғдийр қосқан үшинши иним едиң, яғный сен де бизиң менен бир билектен шыққан бармақ болдың. Бирақ, инилерим буны ескермей кеткени өзиңе аян. Бармақлар орны-орнына қарай үлкен-кишки ат алған менен бир мушқа түйилсе, ўазыйпасы теңлеседи. Ел тәғдийри усыны талап етип турыпты. Сол ушын өзиңе дәрек ағайин-туўғанларың менен бизге қосылып «Қарақалпақ мушы» дегендей, бирлиги беккем муш дүзийге үлес қосыўыңды өтинемен. Мыржық қәйин атасын күтә сыйлайтуғын еди, оның менен сөйлес, оған да, Бегиске де хат жаздым.

Жуўабы — өзиң жигитлериңди баслап бизге келисиң.

Ағаң Айдос».

Ҳәким селк-селк күлди де, бирден тынды;

— Жаны жәннетте болғыр периште Есенгелди мәҳрем қоңырат еди, уруўының атындағы қалаңың даңқы ушын жан бериўге тайын еди, әкеңниң жолын тутқаныңа ыразыман, Елгелди периштем.

Бегис өзине хат жазылғанын ҳәзир еситип, ала көзлери жаўтаңлап, әллекимниң «мә, саған да хат» деўин күтти. Ҳешкимнен саза болмады.

— Елгелди периштем? — деди ҳәким бирнеше демлик жымжыртлықты бузып. — Марҳум әкең өлеринде бизге тийисли ҳеш-нәрсе айтпады ма?

— Айтты, — деп Елгелди ушып түргелди.

— Отыр, отырып сөйлейбер, периштем.

— Өмириниң соңғы демлеринде сизди, Қоңыратты аўзынан түсирмеди. Айдосты алдарқатып қойған Хийўа ханына көп гижинип, «Айдос қаладағы» хан ләшкерин қуўыўдың жалғыз жолы, баўырынан жел өткен бендени үстине апарып қамал қылыў керек деди.

Бегистиң ашыўы келип ишинен «ғарры Есенгелди нағыз қыйсық тораңғыл екен ғой» десе де, ҳәкимниң шырайында кеўли тоқлық көргенликтен үндей алмады.

Азаннан бери шатырдан шықпай ҳәр қыялға бир берилип жатырған ҳәким енди ойын жуўмақлап, тек Бегис пенен Елгелдиден басқаларын ҳәр иске жумсап жиберди де, жары нөкерди ертип өзи Қоңыратқа қайтыўы зәрүрлигин, бул жерде қалғанларға екеўи бас болып қалатуғынын, Айтмурат қызылбеттен азық жибергизетуғынын айтты.

— Түркмен атлылары ше?

— Олар ҳәм мениң менен кетеди, периштем. Бас дастурхан — Қоңырат қорғанылыўы тийис.

Бул жерде қалатуғын күштиң азлығы жөнинде айтыўға оңланып отырған Бегисти сөйлетпей-ақ, ҳәкимниң өзи жуўап берди.

— Өлини сыйлаған тири байыйды, бахытлы болады. Марҳум Есенгелдиниң тапсырмасына ылайық дөгерек-даштан елат жыйнап «Айдос қаланы» қамал қылыңлар. Бегис периштем, бир нәрсени қәлиймс қылып ядла. Айдос ҳәзир қәҳәрли. Ол сениң геллеңе мүтәж. Геллениң бизге де зәрүрлиги туўып қалмасын, Қоңыратқа жеңис пенен, Айдосты я гелле, я бенде қылып келсең, бул дүньяда адамзат көрмеген ҳүрмет те, ләззет те сеники. Бизиң кеткенимизди сизлер менен қалатуғын нөкерлердиң сезбегени мақул...

42

Күн өткен сайын қуяш шыжғырып, Хорезм шуқырындағы барлық жанлы мақлуқаттың диңкеси қурып баратыр. Жазық-жазық далаларда, қумлықларда өскен бираз түрли шөпликлердиң шыйқылдаўықларынан ығал жетиспегенликтен бе, сона-шыбынлар менен ҳәррелердиң-ақ қанат епкинлерине сырт-сырт сынып турыпты.

Тәбияттың бул апаты да адамлардың жан сезимлеринде өмирге тиксиниў пайда қылып уруўлар, аўыллар арасындағы қатнаслар үзилиске түсти. Тосаттан дийдарласқанлар да бир-бирине гүдикленип қарайды. Әйтеўир епкинге морт сынған илең-әзик шөплерге мегзеп, адамлар күтә нәзикленип, шыртылдақ болып кетти. Тиккелей өзлерине қаратылған жыллы сөзди-ақ зәҳәрге айналдырып түсинип сәл нәрсеге-ақ ашыўланысады.

Бул кейиплер «Айдос қаладағы» нөкерлерге де, әскербасыларға да өтти.

Азық-аўқат жыйнаўшылардың қандай дәске менен келгенине де гилең бийпарўалық. Оларды балық менен тәмийин етиўге ўәде еткен мүйтен уруўының бас бийи ўәдесине гиперат жуқтырмай, айтқанын жиберип турыпты. Оған да бир аўыз марапат беретуғын киси жоқ, барлық нәрсе ҳешкимнен бийғарез өз-өзинен иске асып атырғанға усайды.

Айдос былай-былай шықпайтуғын болып қалды. Излеген киси я үйинде созылып, я шатырдың саясында ер дастанып жатқан жеринен табады. Инилерине ҳәм Елгелдиге жазған хатларына енапат үмит артқан еди. Бегиске кеткен нөкер еле қайтқан жоқ. «Өлтирилипти» деген ызың-сызың хабар келди. Бул ушын Мухамеджан бек оны ҳәркүни мүнжийди, ҳәрқыйлы шеңгелли сөзлер менен түйрейди. Елгелди болса хатты алыпты да «Сатқын Айдос керек емес», деп жиберипти. Оның аўызеки жуўабын хат тасыўшы нөкер Айдосқа әскер басының көзинше айтты. Мухамеджан бектиң Айдосты көрген жерде муқатыўына

бул да үлкен бир көзгір, Мыржық хат пенен жуўап қайтарыпты. Оның қайсы сөзин қай мәнисде түсинерин билмей, алақандай қағазға жазылған сөзлерди күнине неше-неше мәртебе тәкирарлап оқыйды, сиро кеўлин жубатқандай жуўмаққа келе алмай, иши ийт жыртқандай.

Ҳәзир де ол шатырдың саясына атжабыў төсетип, ерди дастанын жатыр. Қыялында Мыржықтың хаты: *«Айдос аға, ең әўелге сәлемнамаңыз ушын рахмет. Жақында өлгө келген қазақ бийи Төремурат суўпыдан бенделикке түскен нөкерге жоқарылаў дәреже инам етилгенде, ол өзин шымшыққа теңгерип, «шымшыққа алтын тордан бир қуў шақа абзалырақ» дегени ушын, тутқыннан азат қылыўды мәсләҳәт етти. Ҳәзир сиз де Хийўа ханының алтын торына түскен шымшықсыз. Ой жуўыртсаңыз, сол алтын тордан сизге де бир қуў шақа абзалырақ емес пе? Халық даналығы «ели сүйген инсанды әлем сүйеди» дейди. Ал сизди аўылыңыз жақсы көргени, ел сүйгени емес, «аўылдың урысын ийт қаппайды» деген ҳәм гәп бар. Буны жазған киши қаналасыңыз Мыржық».*

Жас киши тәрепинен жазылған соңғы гәпти ол талай дөндирип, «аўылдың урысын ийт қаппайды...» деп мыңсан мәртебе қайталады. Гә ашыўланды, гә мыйығынан күлди, гә жазық маңлайы тершиди, гә тула бойы тоңып қалтырады.

Қорғанды айланып қайтқан Мухамеджан бек Айдосты шатырдың саясында көрип, және илди:

— Айдос бий, ийтке көлеңке бермейтуғын ҳалға түстиңиз-ә?

Ашыўы үстине ашыў жамалып, Айдостың тамағына сүйек кеткендей қылғынып буўлықты, бирақ, ундемеди, сонда да жаны төзбей ерден басын көтерди, сәл көкирегин кеңейте керилди.

— Кәрийизге келетуғын ҳештеңе жоқ-ә.

Жас әскербасының гәпти минберлетип, ойыншыққа айналдыра бергенине шыдамай ишегинен шеңгел сүйрелгендей қабағын шытты.

— Уллы ханның әскербасысы, ҳәрўақ-ҳәрўақ өзиңизди жойтатуғын болдыңыз.

— Ҳә, солай ма? Сиз үш туўысқанның ылайсаңы тек қарақалпақларды ғана емес, пәкизе хорезмди теңселтип, толыны төгип, ортаны шайпалтып турыпты. Ийттиң қулағын кеспей қабаған болмайды. Астыртын адам жиберип, еки иниңизди өлтиртсек қәйтеди?

Айдостың тас төбесине балта урылғандай мийи аўылжып тептиреклеўи менен шатырға асылып тикейди де, әскербасының изинен ишке кирди.

Ашыўлы әскербасы Айдостың кейпи-кәрақтың, аяқ басыўын көрип, мыйығынан сәл жымыйды, бирақ, сәйлемеди.

— Мухамеджан бек, — деди Айдос ашыўлы. Оның қасы үстиндеги меңи огыры үлкейип, бир түрли айбат пайда етип турыпты. Мухамеджан бек бурылмастан иргеге тақалып жыйнал-

ғаң көрпеге басын қойып, шатырдың түтин шығарынан аспанға қарап жатты.

— Сиз мениң жас үлкенлигимди ҳәм аяқ асты қылып баратырсыз. Сонда да мен өзиме не тилесем, сизге соны тилеймен, — деп даўамлады Айдос. — Жас жигитликке, қызбалыққа салып умытшақлық қылмаңыз. Ҳәрнәрсе өз орны менен сыйлы, гейде ешектиң орнына пил жарамайтуғын ҳәм пайытлар болады.

Мухамеджан бек бирден жыйнақласып қәддин тикледи ҳәм үймекара қасларының арасы қосылып, Айдосты жеп жиберетуғын кейипке кирди.

Айдос кейин бәсип шатырдан шықты.

Мухамеджан бекти қанша ашыў қысса да, бул сәпары өзин тутты, үнсиз қалды.

Усы күннен баслап олардың арасындағы сөйлесиклерге бираз шек қойылып, сырлы төмен қарасыўлар, бир-биреўге сырт көрсетиўлер басланды. Олардың ығбалына сырттан болатуғын шабыўыллар да сийрексиди, үстилерине дөнип турған әжел қәўпи босасқаны себепли бири-бирине ашылыспады да. Жәнжаққа жиберилетуғын жансызлары да олардың алаўызлығын сезип, жартыўлы ислемеди, ал өзлери сезгенин бири-бирине айтпады. Сол себепли Төремурат суўпы ләшкерининң жартысын алып Қоңыратқа кеткени жөниндеги хабар екеўине де өсек көринип, кеўиллерине исеним дәнесин екпеди. Бир қорада үйренискен ийт пенен пышық киби еплеп ўақыт өткере берди.

Тас төбеге көтерилген қуяш пүткил «Айдос қалада» мыс қайнатып, сақшылықтағы нөкерлерге шекем қараўыл диңгегиниң көлеңкесине таўықтай тығыла баслаған бир күни «Көк өзек» тәрептен қаплап киятырған сан-мың аламанның шаңғыты көринди. Соңғы гезде тек Айдосқа ғана емес, жүзбасыларының да биразына исенимси кемиген жас әскербасы тез-тез жол қарап, «қаланы» қыр дөгерек айланып шаўып өте беретуғын еди. Жаңа атқа мингенде көзине түскен думандай шаңғыттан қоўипсинип даўысының барынша қыйқыў салды:

— Жигитлер жаў келди, жаў!!...

Дабылшылар дабыл қағып қәпелимде уў-шуў көтерилди, ҳәрким өз орнын ийелеп, оқлы мылтықлардың аўызлары шаңғыт шыққан тәрепке қаратылды.

Дабылға шыдамай тез атланған Айдос Қәдирберген менен Доспанды ертип келип әскербасының шатыры алдында қолларын маңлайына көйлеңке қылып, жаў тәрепке қарап тур.

Әллеким «дүркин-дүркин малға мегзейди» деп еди. Мухамеджан бек қатты жекиринди.

— Соқырлық етпеңиз! — Ол сол пәти менен даўысының барынша сөйлениўде. — Атлы нөкерлер сансыз пыяданы айдап киятыр! Айдос бий, аңғардыңыз ба? Алдыңғы пыядалар өңшең кемпир-ғаррылар, балалар! Қәраматлы хан ләшкери, қулақ салыңлар. Ҳаўлықпаңлар, оқ жетимге келгенше буйрығымды

күтиңлер! Аямаңлар! Пишендей баўланлар! Қылыш ийелери тайын турыңлар!...

— Бийбаба, алдыңғы атлы Бегис!

Айдостың өзи де таныў, ишки жанып тур еди. Доспанға «қысқарт» дегендей ашыўлы қолын сермеп, Мухамеджан бекке:

— Уллы кораматлы ханның әскербасысы, — деди өтинип, — Урықсат бериңиз, мен олардың басшысы менен сөйлесип көрейин.

— Қыбырламаңыз, жаў тәрепке еки адым жылыссаңыз, көк желкеңизден өзим атаман!

— Жаў-жарақсыз бийгүна халықты қалай аттырасыз?

— Мен айыплы емеспен, кораматлы Хийўа ханы ҳәм гүналы емес! Обал-саўабы анаў атлыларына.

— Мухамеджан бек, ҳәзир қаныңыз қызып тур, маған урықсат бериңиз.

— Парасат, парасат, Айдос бий. Түсинемен, оларға жаныңыз ашыйды, себеби, өз ағайинлериңиз. Алдынан шығып маған сатқынлық қылмақшысыз. Егер ханлықтан дәмеңиз болса, мылтығыңызды өңгерип, оларды нышанаға алыңыз.

— Бир ақмақ қудыққа тезек тасласа, мың дана алалмайды. Мен анаў алдыңғы атлы ақмақ пенен жекме-жек сөйлесемен.

— Айдос бий, сиз алдайтуғын бала еле-туўылған жоқ, — деп Мухамеджан бек мылтығын алдына өңгерип, Айдос сәл алға өтсе атыўға ыңғайласты.

Айдос еки жағына жалтақлап, ләшкерлердиң атыўға қолайласып, мылтықларының қараўылларынан көз айырмай турғанын көрди. Бегис баслаған аламан сескениўди билмейди. Жайлым суўдай кең көлемди енлеп, алға басып киятыр.

Мухамеджан бек болса жаў тәрепке, гә өз нөкерлериниң ҳәрекетлерине алма-гезек көз таслап атыўға буйрық бериўге қолайлы пайыт күтип, шыр-пыры шығып турыпты. Қапталындағы Айдостың, жүзине қарамастан және гүбирленди:

— Мылтығыңызды қолайлаңыз. Билесизбе, оларға ең әўели сизиң геллеңиз керек, усыннан сәл басқы табыўға себепкер болсаңыз, геллеңиз бизге де керек. Хан сарайының алдындағы бағқа сатқынның қуў геллесин илдириў, ендиги әўладқа да тәмби...

Оның не деп турғаны Айдостың көрине де келмей, жарақсыз халықты баслап киятырған Бегиске жығырданы қайнады. Шыдамады:

— Әй, тоқтаңлар!

Мухамеджан бек не болғанын түсинбей оған жалт бурылғанда, ол атының бас көзине қарамай қамшылап, алға шаўып баратыр еди, қаҳәрленип изинен бир оқ үзип үлгерди, бирақ тийгизе алмады. Жаў еле оқ жетпес қашықлықта болғаны ушын оқлар зая болыўынан қорқып, басқалардың атыўына рухсат қылмай мылтығын қайта оқлатыў ушын шеп қапталындағы жәрдемшисине созып, Айдостың ҳәрекетлерин бақлады.

Айдос Мухамеджан бектиң атқанын билсе де, артына қарамады, шаўып баратырып басына сәлле қылып оралған сүттей ақ белбеўди шешип, бир қолына жалаў қылып желбиретти. Бул оның қарсы тәрептен әллекимниң жазатайым атып салмаўы ушын жөнекей тапқан тәсили еди...

Қоңырат ҳәкиминиң тапсырмасын бәржай келтирип, Хийўа ханына ҳәм Айдосқа қарсы аўыллардың адамларын жыйнап киятырған Бегис Айдосты бирден-ақ таныды. Оның изинше мылтық гүрс еткенин еситсе де, Айдосқа атылды деп ойламастан, әскер басысы тәрепинен парахат сөйлесикке жиберилген деген пәм менен бир шетке қыялай берди. Оннан еки көзин айырмай қуйынлатып киятырған Айдос пиядаларға жақынлап:

— Әй, бирәдарлар, халайық, тоқтаңлар, тоқтаңлар! — деп ат дизгинин жибериўи менен бақырып өтип баратыр. — Тоқтаңлар, халайық, алдыңызда мылтық гезеп хан ләшкери тур. Не ушын гүбелектей әжел ошағына урынасыз?...

— Айдос, әй, Айдос! — деп Бегис оның изинен шапты. — Парахат сөйлесикке келсең шық былай?! Әй, Елгелди, нөкерлерди гидирип тур. Халайық, азмаз егленицлер, Айдосқа ес енсе керек.

Айдос инисиниң сөзлерине итибар бермей, ақ белбеўин сүйретип желбиретиўи менен аламанның алдынан және бир қайтара шаўып өтти:

— ...бирадәрлар... халайық... тоқтаңлар!...

Бегистиң яўмытысы күтә жүйрик еди, Айдостың изинен жетип, артында аппақ жалындай лаўлап баратырған белбеўдиң бир ушын услады:

— Тоқта. Айдос!

Айдос оның менен қосарласып, атының басын бир шетке бурды да, абай ушып ба, қамшысын ердиң басына илдирип, қынабынан қылышын суўырып, оң қолына тутты ҳәм сөйлей берди:

— Бегис, сеники бул не жаўызлық? Жарақсыз адамларды қырыўға бола ма? Сенде мий бар ма? Я жинли болдың ба? Үш туўысқан жыйналып елдиң бахтын ашыў орнына, маңлайына қан-қара шүйел болдық гой. Нөкерлериңе айт, жарақларын таслап хан ләшкерлерине бас ийип, дизе бүксин! Қоңырат ҳәкими сени алдап жүр. Хийўа ханы алдамайды. Бил, хан бийгүна қол байламайды! Мынаў аламанды өзим тоқтатаман! Сен меним хатымды алдың ба? Сонда жазғанман. Жас кишиниң кеширимсораўы, жас үлкенниң кешириўи ҳәм қарыз, ҳәм парыз. Кеширимсора. Елдиң ырбалына кес болма! Билесең бе, мен қарақалпақ деген атақ — аттың полаттан қомланып қуйылыўы ушын өз атымды қурбан етпекшимен, Қоңырат ҳәкими «Төремурат» деген аттың бир жалт етиўи ушын «қарақалпақ» деген атты жоқ етип жибермекши. Түсин, баўырым, түсин! Ханның шыдамсыз әскер басысы шыбыжынлап күтип турған шығар! Мынаў жарақсыз аламан қырылмасын. Ертең бул халық керек. Төремурат суўпыға керек болмаса, қарақалпақ ханлығына керек, маған керек!

Неге сөйлемейсең? Ҳәзир ҳәр дем бир неше адамның өмиринe тең! Сөйле, сөйле, дейменг!

— Ешек ақырғанда бүлбил сайрамайтуғынын билмейсең бе?

Қаны қызып турған Айдос зәңгисине ширене берип оң қолына тутқан қылыш менен Бегистиң көк желкесине қойып салды.

Оның бүйтетуғынын есине келмеген Бегис «Ҳа, сатқын...» деп аң үлгерди, болғаны. Геллеси алдына ентерилип, терисине илинип салбыраўы менен бираз қәдем барды да, аты бир нәрседен сетемленип бурылған гезде, геўдеси жерге сылқ етти.

Айдос шисин өлди деп-ҳәм есине келтирместен, аламанның алдынан және қыйғырып баратыр:

— Бирадарлар, халайық, үйли-үйлериңе тарқаңлар, халайық...

Бегистиң аттан қулағанын көрген нөкерлер өзли-өзинен басқы таўып кейин серпилди, әўелинде ар-сары шығып турған аламан бирден жанланып, топ-тобы менен Айдостың изинен жуўырысты.

— Меҳримсиз...

— Сатқын!...

Бул ҳәдийселерди сырттан бақлап турған Мухамеджан бек жуўасып бир топар мылтықлы нөкерлер менен илгерилеп, пиядалардың алдын кеселеди.

— Ҳаў, мөмин сорлылар, бунша не алданып? Уллы исламның ҳәўирли ошағы — Хийўа ханының ләшкерине бетлеп бола ма? Қырылып қаласыз. Көрдиңизбе, Төремурат суўпы жоқ, нөкерлери қашып баратыр, сизлер де қайтынлар. Егер сизлерди Айдос қорғамағанда туңғыйыққа кетер единиз.

Қызба жас әскер басыдан бундай адамгершилик күтпегенликтен бе, Айдостың кеўли елжиреп, гүңгиртленген көзлерине Бегистиң қула дүзде қаңғып баратырған жайдақ аты шалынды да, не болғанын енди ғана уғып, ой баўыры езилип кетти. Ерде отыра алмай бир қапталына аўып, көк шөпти қоса жер тиследи, еки көзинен тынбай жас парлады.

Еле нениң не екенине, не болып атырғанына пәми алыспай аң-таңы шығып қалған Доспан атын бирден қамшылап, бийбабасының үстине қаршығадай атылды.

Айдостың даўысы шықпайды. Тек ғана тирилигинен белги сыпатында денеси гә дирилдеп, гә солқылдап жатыр.

Әлленемирден соң оған Мухамеджан бек жақынлады, Айдостың мурнынан зирек-зирек қан жосып, топыраққа араласып атырғанын көрди де, бул да өлген екен, деген ой менен қапталындағы еки нөкерге ийек қақты.

— Көтерисип үйине апарыңлар!

43

Мыржық аўылының әпшаны қаша баслағаны қашшан. Қолы жеткенлер таламшай қылған пишен гүдилерге мегзеп қалды. Немкетти биреўлер ҳәр мүшинан сүйреп тартып, шашып тасла-

ған баў-баў пишенлер яңлы дәстеленип, ҳәр жерде бузылып атырған қамыс қослар, сүтини тайып қулаған ылашықлар...

Жулдызлар арасында айдай көзге тасланып, аўылдың көрки, журтлардың әрманы есапланған Мыржықтың отаўы да тозды. Қып-қызыл баў-шуўлар, жез шийлер жыллар самалына, ашшы қуяшқа төтепки бере алмай түрпиленип ағарып кетти. Аппақ түнлик, үзиклерди ыс басып қараўытты.

Мыржық, атақлы қазақ бийин елине узатып салып, бала-шағасын көрип кетиўге киятырғанда, аўылына сырттан нәзер тасланып бақлағанларын келиншегине усылай тәриплегени бар.

Қумар келиншек болып түсиўден ығбалым жанбай үш туўысқанды айра салыўға себепши болдым деген уғым менен бираз иске қол урыўға батыллық көрсете алмас еди. Ен болмаса, отаўының сыртқы тутыўларын жаңартыў ушын ший тоқып алыўға мүмкиншилик жоқлығын, бийесап атлылар изинен атлылар дүбеп, базы ақшамлары тыныш уйқы бермейтуғынын дәлил қылып жуўап бермекши болды да, ерине белгили ўақыяларды жаңғыртып мазасын алмағанды мақул көрди. Ишинен қынжылып әне, бираз әптадалыққа мен айыплыман деген түр көрсетти.

Оның мүләйимсиўи Мыржықта аяныш оятты. Халықтың тағдийрине тийисли әҳмийетлерди оның менен ортақласыўды қәлемейтуғын адам сол сапары әбден ашылысты.

Жас басып узақ жолларға шығыўдан қалғанына қарамастан, қоңсы қарақалпақ елатының аўыз бирлиги қашқанына жаны төзбей улы менен хабар алыўға келген атақлы қазақ бийи, сапарының бийнәтийже болып, алаўызлыққа тыйым салалмағанына көп-көп өкинсе де, қайтарда жаңадәрьялыларды тынышландыратуғын кеңес берип кеткен еди.

— Күтә мөмин адамларсыз, шырақларым, көрдим. Бул саўдаларға ким айыплылығына көзим жетти, — деди ол — Хийўа ханы менен Қоңырат ҳәкиминен басқа биреўге мин тағыў қыйын. Ең баслысы, өзлериңизди тутыңлар, агайинлериңизге шабыўыл қылып, оң қол менен сол қолды шаншаңлар. Егер хан ләшкери үстиңизге де топылыс қылса, тез хабар жеткерипдер, писатымызда барымызды аямаймыз. Усыннан барған соң хан дәргайына және кирип көремен. Сизлердей мөмин туўысқанлардан жәрдемин қызғанса, улым Айтуўғанды өз жигитлери менен жиберемен.

Мыржық усы ата бийди селесе, көкиреги тасып, әжайып күшке ийе, жаман күни арқа сүйерлик бир ағаны көз алдына келтиретуғын еди. Келиншегине усы қазақ бийи ҳаққында да күтә мақтаныш пенен сөйлеп берди. Оның қоңыратлы бенде нөкерди түсинип, азат қылыўға мәслаҳәт бергенин еситкенде:

— Қандай жақсы табылған ақыл, төрем, — деди Қумар күтә ҳайран қалып. — Есиңдеме, «шымшыққа» қуў шақа артық». Бул бәримизге тийисли гәп. Усының мәнисине ой жиберген бий, әлбетте, дана бий.

Усы күни Айдостан келген хатқа жуўап берерде, Мыржық кисиниң гәпинен пайдаланыўды жек көретуғын болса да, Қумар

жалбарынып, сол бенде нөкердиң айтқанын жаздырған еди.

Мыржық сонан соң жоне Жаңадәрьяға кетти.

Хаттың изи де жым-жырт.

Бир жақсы жери, аўылды пәтенге келтирип дүбей беретуғын атлыларға әдеўир тыйым салынған секилли.

Қумар енди отаўдың сыртқы тутыўын жаңартыў ушын қамыс орып окелип үйиниң саясында ший тоқып тур еди, есиктиң алдында тым-тырыс аттан түсип атырған Мыржықты көзи шалды.

Ери бир жақтан келсе дәрриў қас-қабағына бағып, қандай кейипте екенлигин уғыўға тырысатуғын келиншек, оның хәрекетлеринен-ақ әлле нәрселерге кеўли тоқлығын, бирақ, асығыслығын аңғарды. Бурынғыдай атын жылаўлаўға шығыў орнына ишке кире сала, жылдам үйди төсестирип, ошаққа от жақты.

Мыржық хәрқашанғы әдетине салып төрде уйықлап жатырған улын оятып алдына алды.

Қумар әжик-гүжик болып табысқан әке-балаға көз астынан сығаланып, бойы жеңилленди хәм ерине сағынышын туйындырыў ушын мыйық тартты.

Мыржықтың кеўил тоқлығының мәниси — жаңадәрьялылар көп күнлер ойласып, елге апатшылық дарытып атырған хан ләшкери менен хәким ләшкериниң қан төгиспесине тыйым салыў мәселесин шешти, яғный уллы орыс патшасының уллы Маман бийге берген ўәде ықырарын жаңартып жәрдем сораў керек деген келиспмге тоқтады. Бул қыйын хәм узақ сапарға Мыржық пенен Атабек палўанды жибериў мақулланды. Жол баслаўға Никифоровтың өзи келисти. Мыржықтың асығыслығының мәниси — келеси сәрсенбиде жолға шығыўы тийис. Оған шейин жол азық таярланады.

Соңғы жыллардың аўырманлығы, еки түрли жаўға әскербасылық қылған ағаларының ала аўызлылығы жүрегине ништер болып Мыржық кем күле шырайланатуғын еди. Мүләйим мыйық тартқан келиншеги хәркашанғыдан гөззаллырақ көринип, сөйлесиўге тақаты шыдамай, қайда жоллана жақлығын қысаламады.

Орыслардың көп батырлары, патшасының есапсыз байлығы ҳаққында жаслығында талай әпсаналар еситкен келиншек, өз елиниң тәрдийрин айтысып сол уллы елге кетежақ ери ушын кеўли масайрап, мардыйып, мерўерттей аппақ тислерин көрсетип және күлди хәм хақ сапар тиледи.

Мыржық баласын муртлары менен қытықлап ойнап отыр. Ишексизси қатып шақалақ атқан бөпе ушын өзиде мәс. Күлекүле көзлери жасаўрап кетти. Неликтен де бирден өзин иркип, баласының жаўдырағап ала көзлерине көз тикти:

— Балам, күтә қызық дүньяға келдиң. Жумбақлы. сырлы дүньяға келдиң. Ким болар екенсең?

— Сен боласы, сен!

Баласы ушын анасының жуўабы әкеге күтә унады. Муртла-

рын алма-гезек сыйпалап, бөпениң шүртийген еринлерине өзиниң ғаўажақ еринлерин басып сүйип, маңлайына маңлайын, мурнына мурнын теңлестирип өлшеп, Қумардың қуўанышлы, бираў. тым-тырыс күлкисин әбден молайтты.

Ерли-зайып әлленемирде басылып бир-бирине ынтықлық пенен көз тигисти. Биринің жигит, екиншисиниң қыз ўақтындағы отырыспада чай алысыў пайытларын еске салып, алма-гезек қас керисти де және шақалақлап күлисти.

Мыржық Ерназарды рәпийдадай қос алақанына жатқарып, бирнеше мәртебе екшеп қақшыды да, және бетин бетине тийгизип, баланы жылатты. Усының менен күлкиси тыйылды.

— Киси әкеси менен емес, баласы менен мақтаныўы тийис деп неге айтылды екен?

Қумар оның не ушын сорап отырғанына терең ой жибермей, кеўлиндегисин айтты:

— Жақсы тәрбияла, ел сүйер қылық тәрбияла деген гәптә, төрем.

— Жуўабың күтә дурыс, шабазым. Лекин, ойлап отырсаң бизиң халық аздан келип, соңша шаўқымшыл!.. Ҳайран қаласаң! Ҳаслында тек сайыз дәрьялар шуўылдап ағады-аў! Егер меним баламның заманында халық терең дәрьяға айланатуғынына көзим жетсе, ҳәзир мақтанар едим. Терең дәрья өзине мәлим, тыныш ағады.

Ериниң узақ сапардан аман қайтпайтуғындай болып гәплерин тереңлетип отырғанынан Қумар қорқайын деди.

— Тек күлип отыршы, төрем. Сонда үйдиң ишине гәўҳар қойғандай жақтырады.

Мыржық оның тилегин жықпай күлки араластырып:

— Базда заманның салмағы да сырықтырады, — деп қойды.

Олар және әжик-гүжик болысып, орыслар мәканы туўралы ҳәрким өз еситкенин айтысыў менен өзлериниң, халқының келешегине қыйлы-қыйлы тон пишисти...

Төсекке әлле қашан кирсе де, ярым ақшам аўғанша уйықламай қумыры қустай ғуғырласып жатырған ерли-зайыптың ҳәзлиги бузылды.

— Мыржық, ҳа Мыржық! Қумар!...

Биймезгил, бийжағдай бақырып турған бул адам Елгелди еди. Даўысынан екеўи де таныды ушып-ушып тургеле сала, өрли-ғурлы кийимлерин изледи.

Елгелди күтип турмай ситиге босағадан атлап, сөйлей алмай еки ийнинен дем алып, бираз турғаннан кейин тилге келди:

— Аспан жерге түсти! Бегис өлди! Айдос өлтирди!

Көйлек-ыштанын жаңа кийип болған Мыржық мисли кепини менен тикейтилген өлидей сәррийди де қалды.

Қумар жаман хабар таўып келген ағасына жек көриўшилик пенен олыйғаны соншелли, егер кирпиклери оқжайдың оғы бо-

лып атылғанда, Елгелдиниң саўтапақ жерине қалдырмай қайтқалар еди.

— Қайтала, не дединң?! — деди Мыржық әлленемирде жанланып.

Еле ҳаллығын турған Елгелдиниң аяқларынан димар кетип, керегеге сүйене отырды.

— Аспан жерге түсти...

— Қәйерде?! Қәйтип?

— Айдос алдады!

Лалы шығып еле көйлекшең турған Қумар жыламсырап гүбирленди:

— Мен оны ақыллы, уллы қайнаға десем...

Мыржық ойланып турмастан керегениң басын сыйпалап жаўжарағын алды да, мойнына шала-пула илдирнўи менен есиктен атлыға шықты.

Қумар еле тикейе алмай аяқларын көсилип отырған ағасын ийттеп кейин көрмей, маңлайын жыйырып бир қарады да, ояның жылаған баласын қушақлай ериниң изинен жуўырды:

— Төрем, сәл сабыр қыл! Мылтықты сындырған мерген ашыў үстинде оқты да керек қылмас! Шыда! Азанға дейин шыда!

Мыржық оны қолы менен қағып жиберип атланды да, патырақлап шабыўы менен қараңғыға сиқып көзден ғайып болды.

* *
*

Көп күнлик айралықтан кейин орнын ийелеп, тынығып, қаланы қоршап алған жаў жоқлығын билип, кеўли әнжамланған ҳәким Бегиске жәрдем жибермесе де, оннан қандай да қуўанышлы хабар күтип кеше-күндиз қарайтуғын еди. Таң намазына дәрет алыўға шыққан пайытта дәрўазаға тақалып қалған көп атлыны көрип, жүреги қабынан шыға жазлап, мыс қуманы қолынан түсип кетти. Белдемесин услаўы менен ишке қарай жуўырып, жаў-жарағын асынып шықты. Атлылардың алдында аўзы ашылып, сәллеси бир шекесине аўып турған Айтмурат қызыл бетти көрип қорыққанын билдирмей, айбатлы сорады:

— Бул не шаўқым?!

Нөкерлерди баслап келген жүзбасы атынан секирип түсип, дәрўазаның арасынан басын суғып, ҳәкимге сәлем берди де, жаңалығын айтты.

— Бегис өлди, Айдос өлтирди, алдап өлтирди...

Төремурат суўпы бас бармағын аўзына салып бираз турды да:

— Қызыл бет! — деди аяғын баспақ басқандай ашыўлы.— Ҳәзир буларды аўқатландырып, азғана дем алдыр да, алдына түс. Енди жеңистиң ийеси сен! Бегис гөдек еди, ыгбалың бар, периштем. Билип қой, Айдос енди суўдың бетине шыққан көбик,

суўдың көбиги көп турмайды! Саған жәрдемге түркмен атлыларын-әм жиберемен.

Айтмурат қызыл бет мыс қуманын тасламастан дәрўазадан сыртқа шықты.

* *
*

Қаншама сақлық пенен шабыўыл қылса да хан ләшкерининң тарныўына шыдамай кейин серпилиў менен, және қолайлы пайыт күтип бир қолтықта тығылып жатырған Орынбай бий Айдостың Бегисти өлтиргенин хабарлап, шаўып баратырған жаршыны туттырды. Оны сөйлетип барлық истиң бийноқыясын билип алғаннан кейин желкесине қол апарып, бирақ, қасынбай көп отырды. Тили жүйриклеў бир елиў басысы оны қыйын жағдайдан тез қутқарыўдың жолын таўып сораў берди:

— Еле-әм Қоңырат ҳәкими менен күш бириктирилсе, қалай болады?

— Оған исенбеймен! — деп Орынбай бирден бас көтерди. — Ҳәкимниң тили шийрин, жүреги муз!..

Жүзлеген жигитти баслап, оларды сапанат келешектен дәмелендирип жүрген әкесиниң қорқынышқа берилип, ҳәммени бир қолтыққа тығып қойғаны улы Дәўлетназарға күтә батып, әкеси ушын кисиге тиклене алмайтуғын дәрежеде жүретуғын еди. Шыдамай гәп қосты:

— Аға, қояндай усы жатысымыз-әм гәп пе? Түри-түсимизден бүркитпиз, ушыўға келгенде ғарғамыз.

Орынбайдың домбай жүзи талаққа дөнип, дөңгелек көзлерин қыпылықлатып-қыпылықлатып жиберди де, бирден пәсине қайтты.

— Қәне, атланыңлар! Қоңсыласымыз Маманлар менен дурыслап кеңес қурамыз.

Усыныс биразларға суўықлаў тийсе де, ҳешким қарсы келмеди.

44

Айдос еки улыңың ортасында узынына тасланған дастық болып жатыр. Өкпеси түтинге толып кеткен тәризли, үҳлейди, үҳлейди... сирә бойы жеңил тартар емес. Оның неликтен бундай халатқа түскенинен бийхабар уллары, әкесиниң бетин желпип отыр. Бир гезде ол шалқасына түсип, еки қолы менен еки баласының айдарларын, тулымларын алмагезек сыйпалады:

Хо, жигит болып киятырсыз, дәрманларым.

Дасқал өскен еки бала бир-бирине ийек қағып, майда тислерин сәл көрсетип жымыңласты.

Айдостың қәпесли кеўли жубаныш таппады. Көзлерине жас көлегейленди, ҳәтте, еки шекесине сорғалап жатты. Бунысын

улларына көрсеткиси келмей мойнын бир жағына сәл қыйсайтып, бармақлары менен сыпырып жиберди де:

— Екеўиңиздиң айдар тулымыңызды бир күнде алдыраман, бир күнде той беремен, — деди.

Қиши улы Төре ожағасы Ырзаға «бойым сениң менен тең» дегендей көкирегин көтерип, мардыйыңқырады. Оны көрип Айдос мыйығынан сәл күлип, кеўли жубаныш тапқандай болып еди, бас бармағын тислеп, көзди ашып жумғанша өзгерип, және булт арасына сүңгип кеткен айдай, улларының көзлерин гиреўгелендирди.

Есик сәл етип ашылғандай болды. Бегисти шыннан өлтирип қойғанына базда кеўли ярый бермей, «ол тири екен» деген хабар экелетуғын биреўди күтип жатырған Айдос мойнын есикке бурды. Аяқларын ғаз-ғаз басып киятырған ҳаялын көрип және дүзиўленип жатты. Сонда да тақаты жетпеди:

— Не жақсылық бар, шабазым?

— Сени көриўге адамлар келип тур.

— Неге кире бермейди?

— Өзиң түнде қасымда Ырза, Төреден басқа ҳешким болмасын деп един.

Бегистиң аты қуладүзге қаңғып баратырғанын көриўден ҳуўшы кетип қулағалы, жаңа ғана еси енгенин енди түсинди. Ата сақалын тислеп өкинишли бас шайқады. Көзлерин сүзип аз ғана жатты да, сыртта күтип отырғанлардың келе бериўине рухсат етти.

Қабыл, Қәдирберген, Доспан кирди.

Апа еки улын ертип шығып кетти.

Қабыл Айдостың бас ушына шығып саққа жүгинди. Қәдирберген оннан тетерек, ошаққа жақын жайласты. Доспан бийбабасының аяқ ушына шығып, бетине үңиле отырды.

Олардың изинше сыртта ат дүрсили пайда болды да, даўысы таныс нөкер жедел менен бақырды:

— Айдос бий, ҳа Айдос бий, хабарласыңыз! Сизди Мухамеджан бек шақырып атыр!

Келип отырғанлар бири-бирине қарасып аң-таң болысты.

— Доспан, шығып хабарлас, баралмайды, аўырып атыр де, — деди Айдос сыбырланып.

Доспан шақыртыўшы нөкерге жуўап берип қайтып киргенде Қабыл Айдосқа күтә қайырхомлық пенен буўрыл шашларын сыйпалап отыр еди.

— Айдос жора, тәғдирге тәўбе қыл, — деди Қабыл оғыры бийҳазар даўыс пенен. — Жасы үлкен жасы кишиге кейисе, урысса, несн айып? Ашыў менен қамшы орнына қылыш көтерилип, бир жазатайым болғанды. Қәйтсең де, түби өз туўысқаның, ким сорайды? Еплеп бас көтер, самалға шық.

Айдос жумған көзлерин ашпады, бирақ, маңлайы тершиди.

— Бәлким, ол туўылмағанда өлмес еди, — деп Қабыл нәсиятын даўам қылды. — Өлим ҳәммени күтип турыпты. Бийшара

Бегистиң пайманасы толған шығар. Түргел, белинди беккем буў, қайрыланба. Журт, бәри бир, инанбайды. Ырас, өзи қылған өкинбеўи тийис. Ҳаслында, аза кийетуғын да өзиң, қандарың да өзиң, қандардан кек алатуғын да өзиң...

Қадирберген Қабылда Айдосқа деген ысықлық, ҳақыйқый дослық жүрек бар деп ойламайтуғын еди. Нәсиятларынан жақынлық сезип, мен усы ўақытқа дейин қәтелесип жүр екенмен-аў, деген пәм менен ғоған, гә бети ашық жатырған Айдосқа алақлап қарай берди.

Жуўас гәплерге шыдамағанлықтан ба, Айдостың жумық көзлериниң қыйықларынан жас сорғалады. Кең маңлайын жыйырып, тислерин сықырлатты, созыўлы қолларын жыйнақластырып мушлады.

Уруўдың бас бийи өззилеп, басқалар алдында көзлерине жас алғаны ушын Қәдирбергенниң де кеўли бузылып, ийеги кемсеңлеў менен көзлерине қол апарды.

Айдостан саза шықты.

— Доспан, бармысаң?

— Аяқ ушыңызда отырман бийбаба,—деди ол ҳәм менин пикиримди сорап атыр деген ой менен «паўқастың» аяқларын көрпениң сыртынан сыйпалап отырып тилге келди. — Бийбаба сиз Бегисти өлтирип оғыры дурыс қылдыңыз.

— Не ушын? — деди Қабыл Доспанға тикленип. Қәдирбергенниң аң-таңы шығып, көзлери уясынан атлығып кете жазлады. Сөйтсе де, Айдостың өзи не айтар екен дегендей, оған нәзер таслап, көз қыйықларынан сорғалаған жастың изи тыйылғанын байқады. Доспан усылай дер алдында бийбабам теўип жиберер деген қыялда еди, енди жүрегин басып кеўлиндегисин айтты:

— Айыпсыз биреўге қамшы урғаннан айыплы он кисини дарға асыў жеңил екени ҳәммеге аян, бийбаба. Дым ғана қәтелеспедиңиз, бийбаба. Күтә дурыс өлтирдиңиз. Усыны еле-әм ертерек ислегениңизде, күтә жақсы болатуғын еди. Ҳозир-әм әйне ўақты, бийбаба.

— Не деп отырсаң? — деп Айдос көзлерин ашты.

— Еки ининиз де келте қайрымнан ат шабатуғын шабандозлар еди, сизге тусаў еди, ҳәтте, сиз ойлаған жақсы нийеттиң бәрине душпан еди...

— Мени алдарқатпа, Доспан!

— Сизге өтирик сөзлесем, марҳум ата-анамның руўхына қылаплық болады, бийбаба, инанбаңыз, Бегистей туўысқаннан кескир бир қылыш артық. Өзиңизди түсинеди деп ертерек ескертпегениме ғуналыман.

— Сен, бала, мени қатайсын деп яддан тоқып отырған болма!

— Ҳәкке қонған жерин ыласламай қоймайды, бийбаба. Төремурат суўпы ҳәкке еди, еки ининиздиң жүрегин теңнен ыласла-

ды. Ҳәккенің дәрети тийген жерди тек кесип таслаўы тийис еди, бийбаба.

Айдос көзлерин ашып шаңыраққа қараўы менен жата берди. Доспанның батыл гәплерине Қәдирберген ҳайран болып, аўзы ашылып қалды. Қабыл неқыларын билмей, кийиздиң ернегинен шығып атырған шыбаның жийегин тутыў менен машқул. Бийбабасының күтә терең ойға шүмгенинен дәмеленип Доспан нәсиятын даўам етти.

— Қуяшқа көзери түспеген киси биринши көргенде шыра жағып үйиледи дейди, бийбаба. Бегис те солай болды. Қоңырат ҳәкимин қуяш деп пәмледи. Сүзеўик буғаға маңлайының исиги де шақ деп ҳәм айтысады, бийбаба. Бегис бир сүзеўик буға еди. Қоңырат ҳәкими тәрепинен маңлайына түскен исикти шақ деп пәмледи.

Айдос шыдамай тикленип, үстиндеги көрпесин серпип таслады. Басынан түсип қалған жатақмалақайын таўып кийип, сыртынан ақ белбеўин орады:

— Быжықтың гүнасы көп болады, — деди Қабыл Доспанды жақтырмай.

Доспан Қабылды еситпегенсиди:

— Сизиң «ел бирлиги», «қарақалпақ ханлығы» деген ураныңыз дуйым журтқа мәлим, бийбаба. Бегисти әне сол ушын өлтиргениңиз, ҳеш пушайман жемеңиз. Сиз «Қарақалпақ» деген аттың жаҳанға жаңғырып еситилиўи ушын «қарақалпақ ханлығы» деген текшеңи сәл бийик көтериўге басыңызды бир сыйпая қылыўға барсыз, ал Қоңырат ҳәкими «Төремурат суўпы» деген аттың бир жаңғырыўы ушын пүткил қарақалпақ халқын аяқ астына сыйпая қылыўға бар. Бегис, әне сондай адамға хызмет етти.

Айдос еки инисине жазған соңғы хатларын Доспанға оқып бериў былай турсын, айтпаған да еди. Халықтың келешеги жөнинде Төремурат суўпы менен өзи аралығындағы айырманың парқына түсиниклериниң теңлигине ҳайран қалып, атқосшысын тап ҳәзир көргендей, бир заман тикленип қарап отырды да, мыйығынан күле басқаларға бурылды.

— Дурыс па?

Қабыл сәл гидирсе, басқа дәлийл табыўы итимал еди. Ойланып үлгермей Қәдирберген менен үн қосты:

— Дурыс!

— Ырас, Төремурат суўпы кисиге реҳимсиз, даңқ параз,— деп Айдос жаңа ғана қайғылы мусаллатта отырғанын умытты.— Түргел, Қабыл, енди әскербасыға барамыз. Қәдирберген, сен де жүребер. Доспан, сен атымды ертлеп изимнен апарарсан.

Әскербасының шатыры алдында ағашқа байлаўлы Мыржықты алыстан-ақ таныды. Көп қарсыласса керек, бетаўзы тырналып, тислери сынынты. Қып-қызыл қан түпиринип турыпты. Айдостың жүреги суўлап кетти. Бирақ, қапталындағыларға сыр алдырмай, сабырлылық пенен келе берди.

Мухамеджан бек «Айдос келе алмайды» деп хабарланса да

гүдерин үзбей, жол қарап, оның байлаўлы киши ининиң көзи түскенде, қандай болатуғынын сынаў ушын тур еди. Үйинен шыққан пәтинен жүриси өзгермегенин көрип, сабыр-парасатының беккемлигине ҳайран қалды ҳәм Айдостың алдында шексиз әзизилигин мойынлап, ҳештеңе байқамағансыды да, шатырға тасаланды.

Айдос Қәдирбергенге Мыржықты босатыўды буйырды да, әскербасының атын айтып шақырды.

Мухамеджан бек бир демге егленбей далаға шықты.

— Ҳа, Айдос бий, келдиңиз бе?—деди ол жайпарақат еки пешин қағып турып.—Мынаў ининиз сизге ғазебет пенен жинленип киятыр екен. Нөкерлерим тутып алдыма әкелди. Жини басылсын деп байлата сала сизди шақыртқаным еди. Сөйлесиңлер. Ҳа, босаттырып атырсыз ба? Мейли, мейли. Айдос бийдиң еркелигин кәраматлы Хийўа ханы көтере береди.

Айдостың еки қулағы әскер басыда болғаны менен, еки көзи Мыржықта. Ал оның арқан шешилемен дегенше дәти шыдамай қой көрген аш қасқырдай талпынып, еки көзи Айдосты жеп баратыр.

Айдос қаққан қазықтай қылт етпей турыпты. Мыржық азат болыўдан жуўырысы менен Айдостың ийеги астына тақалып, муздан шыққан баспақтай қалш-қалш етип сорады:

— Ырас өлтирдиң бе?

— Ырас!

— Ырас өлтирдиң бе?

— Ырас!

— Ырас өлтирдиң бе?

— Ырас!

— Тифууў, жүзи қара!

Айдос бетинен Мыржықтың түпиригин сыйырып, қабағын үйе қайтадан бетин тутты:

— Және?

— Тифуў, жүзи қара!!

— Және?

— Тифуў, жүзи қара!!

— Енди маўқың басылды ма ямаса және бир нәрсе қыласаң ба?

Мыржық төмен қарады.

Сырттан бақлаўшылар Айдостың шыдамлылығына тәсийин қалып турыпты.

Мыржықтың аты өзи байланған ағаштың қасына қаңтарылып, суўлығы жағын айырғанша басы шекшийтип қойылған еди. Айдос атқа қарай жүрип баратырып:

— Өзиң минесең бе ямаса биреў миндирсин бе?—деди Мыржыққа. Оның лалы шығып қалғанын көрип өзи аттың қаңтарыўын жаздырып, жетелеп келди де, Мыржықтың алдына кесе тутты.

— Мин.

Соның арасында Доспан бийбабасының атын жетелеп жетти. Айдос атына минди де:

— Айда, — деди ат үстинде меңзеги шығып манаўсыраған инисине. — Еле айталмағанларың болса, тартынба. Аўылдан шыққанша өзим узатып қаламан.

Мыржық үндеместен Айдосқа ере берди. Жаңа ғана пәтленисип, бир-бирине қандай кейипте турған еки туўысқанның парахат дизилисин баратырғанына ҳәмме аң-таң.

— Гүзги шыбын ашытып шағады, — деди Айдос адамлардан бөлеклегеннен соң, — Бегис гүзги шыбынға айланғансоң...

— Пададан адасқан қой айыплы ма, ямаса оны жеген қасқыр айыплы ма?

— Қой болсаң қасқыр тайын. Күшлиси болыў керек.

Мыржық және үндемеди.

— Жақадәрьялыларда не жаңалық бар?

— Ата-бабалардың гөне жолы менен орыстың ақ патшасына кетпекшимен.

— Жасымда уллы Маман бий менен көп сөйлескенмен. Орыс елатын мен де жақсы көретуғын едим, соң суўыдым. Абайла, ақ патшаның сарайына кирер есик тар болған менен, шығар есиги кең болады. Соңша узақ жолдан барып зорға кирсең де, гөне шүберектей шыңғытпасын. Уллы Маман бий шыңғытылғанын билмей-ақ «орыс халқы», «орыс патшасы» деў менен дүньядан өтти...

— Сен «Хийўа, хийўа ханы» деў менен халыққа жақсылық көрсете алмай-ақ дүньядан өтетуғыныңа исенесең бе? Сен де абайла, хан сарайы—зиндан, зинданға кирер есик кең болса да, шығар есик тар.

«Зиндан» сөзине Айдостың қуйқасы жуўлап, гәпти енди көп созғысы келмеди.

— Мыржық, енди мен саған ҳақ жол тилеп қаламан. Жалғыз өтинишим, сорлы халқыңды сүй. Төремурат суўпыға ерме. Ол өз атының көтерилип бир жаңғырыўы ушын халық атын аяғының астына диңгек қылмақшы, ал бизлер «қарақалпақ ханлығы» деген сөзлердиң әлемге жаңғырыўы ушын диңгекликке жарасақ, налынбаўымыз керек.

Ол, Мыржық және бирнәрсе айтармекен деп, азғана ерип еди, болмады, атының жүўенин тартты:

— Хош, Мыржық. Ерназарды мен болып сүй. Орыс патшасына кетсең, илая жолың болсын, Ерназарың жетимликке гриптар болмағай.

...Мыржық оған бурылмастан тым-тырыс кете берди. Бир гезде қыялында Айдос еле үнсиз ерип киятырғандай түйилип, өстен бас көтерип артына айналды. Тораңғыллар менен бийик жыңғыллар аралас өскен нуўқарағай қамыслықтан «Айдос аўылды да» көринбеди. Қәпелимде көп ат дурсили, адамлардың шаўқымы еситилип, азғана қулақ салып гидирди де, «Көк өзектин» ырашына шықты. Арғы қәндекте егис жер ашып атырған топ-

топ аўыл адамларының қасында иркилип турған жүзден аса атлыны көрди. Атлылардың басшысы Айтмурат қызыл бетти бирден-ақ таныды. Оның шегир көзлери де буны аңғарса керек, жолдасларына қарамай асығыс шаўып келип, «Көк өзектиң» екинши ырашына көтерилди ҳәм биринши болып сәлем берди. Қайда жол алғанын сорады. Оның жуўап бериўге екиленгенинен-ақ кейпин түсинди.

Биз болсақ Бегистиң геллеси ушын бирнеше жүз гелле алыўға шықтық. Ал, сен «Айдос қаладан» киятырсаң, суўық урған түйнектей мыллыйып киятырсаң. Шамасы, сени алдаған. Мийримсиздиң тилинде палы, қалтасында зәҳәри болады. Сени тап Айдостың өзи алдап қайтарса да, таажип емес. Берман өт, сөйлесемиз.

Айдосқа неге келип, неге кетип баратырғанына ҳайранлықта мийи мең-зең жигит Айтмурат қызыл беттиң «көзи ашықлығына» ҳайраны шығып, атының жүўенин тартып турды да, бирден «Көк өзекке» салып, суўды шамбырлатыўы менен арғы тәрепке өтти. Енди ол Айдосқа қарсы урысады..

* * *

Таңнамазына дәрет алыўға еле ертесинип, таң алдындағы жым-жыртлыққа қулақ салып ояў жатырған Айдос емескилеў даўыс еситти, әллеким атын айтып шақырғандай. Көрпени азғана түрди. Ҳақыйқаттан да бийжағдайлаў даўыс: «Тосаттан жаў келип, сыртта шақырып турған болмасын» деген ой менен басын көтерип, аса дыққат пенен тыңлады, және сол. Шыдамады. Түргелип далаға шықты. Емески таң атып киятыр еди. Изинше зайыбы Айшада шығып, дәрет суў жылытыў ушын сырт-сырт отын пуштарлаўға киристи. Айдосқа бул да кесент етип, жым-жырт турыўға буйырды. Енди тал-тал даўыс еситилди:

— Адамлар, қулақ салыңлар! Айдос сатқын, Айдос сатқын!.. Хийўа ханы ушын Бегисти өлтирди, өз қолы менен өлтирди, ҳамал ушын өлтирди! Хан боламан деп өлтирди!

Айдос «сатқын» деген сөздиң есите-есите қулағы үйренип, кәрине келтирмейтуғын болып қалған еди, зайыбының еситкенине қысынып, жүзи лапламаға тутқандай қызарды. Айша аналық еситкенин де, еситпегенин де билдирмей, қайтадан отын пуштарлаўын даўам етти. Айдос даўыс шыққан тәрепке жуўынкиреп барып қулақ түрди.

— Халайық, «Айдос қаланың» халқы, дыққат қылыңлар!.. Биз, қоңыратлылар, және келдик. Бегистиң өшин аламыз. Жәрдем қылыңлар! Мыржық-әм бизге қосылды, жәрдем қылыңлар! Кимде-ким Айдосты таңнамазы пайытында тутып берсе, я өлтирсе, оған дозақ оты ҳарам! Қоңырат ҳәкими жети әўладына жеткендей сый береди. Бәри Бегистиң ҳақ қаны ушын!..

«Нәлетий суўпы,—деп гүбирленди Айдос. — Нийетиңди қалай

иске асырардың есабын таппай алдауға өтіпсеңә... Мыржық орыс патшасына кетті... Жалақор, енді сенің сумлығыңа инанатуғын Мыржық жоқ шығар...» Бундай ўақытта жатқан нөкер болмайтуғын еди. Ҳәзир жым-жыртлық. Ләшкерлердің төрт тәрепиндеги төрт минберге шаншылған ағаштай қыймылсыз төрт нөкер турыпты. «Қоңыратлылар басқы тапқалы буларға уйқы келди. Бегистің өлими оларға усынша тынышлық берген болса, мейли, уйықласын» деди ишинен... Оның дыққаты және намәлим жаршылардың сестине аўды. Олар аўылдың арқа жийегиндеги шоқ қамыслықтың арасында жасырынып турса керек. Алыстан шақырған атпөк сестине усап тал-тал даўыс келип турыпты.

Ҳәссеңий!—деп Айдос және тисленди, мушын түйди.—Сизлердің тиллериңди жыланның тилиндей қылып жулып алармедиң?... Бунан не пайда? Анаў үйлердің ҳәммеси еситип атыр... Даў жоқ, еситип атыр, бәриниң тиллерин жулып болыў мүмкин бе?...» Ол өзи менен өзи болып, тәўекел сол даўыс шыққан тәрепке жақынлаңқыраў нийетинде алға бир-еки қәдем таслағаны сол, шатырдың екинши тәрепинен зоңқ етип жаў-жарағын асынған Мухамеджан бек шықты.

— Ҳа, Айдос бий, не қылып жүрсең?

— Жайша.

— Жайша? Ҳәзир жоқ едиңиз ғой?

— Шатырдың тасасынан көрмесеңиз керек. Бийжағдай даўыслар сизге де еситиле ме ямаса маған елес пе?

— Бул үлкен бир шабыўылға таярлықтың әламаты ма деп шамалап турман. Бүгин ҳәм парахатшылық болса, Хийўаға қайтыў ийетим бар еди.

Олар сөйлесиўи менен пиядалап алға қарай жүре берди. Күшығар таманнан әўелгиден де күшлирек даўыс еситилди, екеўи де гилт тоқтады.

— Халайық, таңнамазының азанындай қылып тыңлаңлар! Бабаларымыз «аўылдың урысын ийт қаппайды» деген. Билиңлер, Айдос аўылдың урысы, Айдос пүткил елдиң урысы. Тутыңлар, өлтириңлер! Сонда залым Хийўа ханының ләшкерлери кетеди. Қоңырат ҳәкими наятый уллы адам, бәршеңизге қайырхом. Қарақалпақ батыры Бегис ушын өш алыўға шығыңлар! Уллы Төремурат суўпы усылай өтиниш қылды.

Жүдә алыстан айтып турыпты. Дабыл сырнайынан сөйлеп турса керек. Айдос: «енди сениң сумлығыңа көнетуғын Мыржық жоқ...» дегенине пушайман қылып, бармағын тиследи: «Аўылдың урысы» жөнинде маған хат қайтарған тек Мыржық еди... Алдан кетип ырастан да соларға қайта қосылғаны ма? Арсыз ийт... «Жоқ-ә, кеўлим, қайда баратырсаң? Ол ўәдесин шаймалайтуғынлардан емес еди...»

Мухамеджан бек оның ойланып қалғанын туў сыртынан бақлап «бийшара Айдос, өз халқың сендей бүркитти жаў шымшықға айландырып, торыма тығып атырғанына күйиниң турсаң-ә?»

деген ойға берилді және буған кеўли толып, күтә шадлық пенен мыйығынан күлди.

— Айдос бий, усы сандырақларға бас қатырасыз ба?—деди, ол жақынлап келип. — Қойыңыз. Душпан, әлбетте, сөйтеди. Сиз бизге садықсыз. Душпанлар сиз туўралы қанша жаман сөз таратса, бизге соншә садықлығыңыз. Қайтама қуўаныңыз. Жалғыз әнтек исиңиз, кеше киши ишиңизди азат қылғаныңыз. Туўысқанның жаманы ақыллы душпаннан қәўиплирек.

Әскер басының мәдет берип сөйлегенине Айдос ыразы болса да ишинде ғыжлаған от өшпеди.

Азан айтылыўдан пәмәлим жаршылардың даўысы семди. Бирақ аўыл адамлары арасында әллеқандай сыпсың тарқағаны байқалды. Усы күни-ақ түнге қарай, шет-жебирдеги қоралардан жекке-сийрек ҳаўаз еситилип, таң азанғы жаршылардың «Айдос-аўыл урысы... Лўыл урысын ийт қаппайды...» дегенлери тәкирарланды. Келеси күни бул жағдайлар және өткирлести. Жаршылар жийилести, оннан соңғы ақшамға қарай ҳәрбир қалалы «Айдос сатқын», «Айдос аўыл урысы...» деп бақырыўға қарады.

Айдос ушын ҳәрқандай азадан аўыры усы болды. Еки күнниң ишинде-ақ еттен сылынып, кишиниң бетине қарай алмай қалды. Мыржық ҳәзир қолына түссе, мойнын таўықтың мойнындай таўлап таслаў кейпине кирди. Бийбабасына тәселле айтыўға дәлийл таппай, Доспан да сарғайды.

Аўыл адамларының көз қараслары Мухамеджан бекке де жақпады. Бар ләшкерин атландырып, топар-топарға бөлди де, үйинен шықпай жатып алған Айдосқа келди.

— Қарақалпақ бийи, сизди жаўдың отына таслайтуғын биз емес, атланып маған жолығыңыз.

Айдос далаға шыққанда, ол Айдосқа қарсы сөйлеўшилерди үйме-үй излеп табыў ушын ләшкерин аўылға дағытып үлгерген еди. Мухамеджан бекти шатырының қасында дар ағашын көмдирип атырған жеринен тапты. Истиң ақыбети неге тоқсырылғанын сорамай-ақ түсинди.

— Мине, Айдос бий, — деди Мухамеджан бек айтпаўға шыдамай. — Қамысты бос усласаң қолыңды қыяр екен. Енди сиз жөнинде жаман гән таратқан кишини журт усы дар ағашының астынан табады.

Бул Айдосқа және күш берген менен, оның бурынғы лапызы пәсейип, бурынғы көкиреги әдеўир өшкен еди. Өзлигинен көп нәрсе ойлай алмай жас әскер басының анда-мында ылақтыратуғын кесегине айналып қалды. Оның кеўили өссин деп пе, Мухамеджан бек ўәдесин және де беккемлеп, кимде-ким Айдосқа қарсы өсек айтса, өлимдар болатуғынын ескертип жар салдырды.

Ашыўлы Айдос қабағын үйе отырып, өз-өзинен бармақларын шыйраттырды да, бирден муш қылып түйип, тисин сықырлатып тикейип кетти.

— Уллы әскер басы, мен Мыржықтың қоңыратлыларға қосылғанына еле де исенбеймен. Егер ырас болса, ондай қатын

сөзли туўысқанның барынан жоғы, оны да өлтиремен! Билесиз бе, уллы Хийўа ханының қарақалпақларды бириктириў нийетине қарсы келгени ушын деп өлтиремен!

Бетине үш түпиргенде де қаны қызбай, азат қылып жиберген инисине қәҳәрли айдарынан бармағына шекем буўынларын сирестирип турғанын әскер басы бирден-ақ түсинди. Оның ўәдеге сарраслығын да билетуғын еди, гүманланыўға гинарат таппады:

— Туўысқанға пайза урыў-әм оңай саўда емес, Айдос бий!

— Билемен! Уллы Хийўа ханы жәрдем қылып турғанда елдиң бирлигиўине қарсы болғаны ушын деп өлтиремен! Билесиз бе, уллы мақсет ушын, қарақалпақ ханлығы ушын өлтиремен. Билесиз бе, ўәдесин шайғаны ушын өлтиремен!

Қаны қайнап турған Айдос жеделин басып үлгермей-ақ, ләшкерлер «жаў-жаў» деп шуў ете қалды.

Мухамеджан бек Айдосқа қарамай ләшкерине самалдай шаўын келип, ҳешкимди аямаўды, ҳәтте, қарсыласқан пияда дийқан түўе, усы «Айдос аўылынан» бас көтеретуғынлар болса да, ойланбай гелле қылып өте бериўге буйрық берди.

Ол сөйлеп турған менен еки көзи жаў таманда. Қоңыратлылар күтә пәтли еди. Араларында ақ қурашлы түркмен атлылары да бар. Бел, балта, кетпен, жаба, таяқ көтерген пияда дийқанлар атлыларға жарыса жуўырысып киятыр.

Әскерий машқыға таярлықлы хан ләшкери гүў алға басты. Онлаған нөкери менен дәрриў бир дөңеске көтерилген Мухамеджан бек қоңыратлылардың алдыңғы топарын баслап киятырған торы атлы Мыржықты таныды. Қара қалпағы самал менен ушып кетсе керек, жалаңбас. Соған қарап оның жүдә қәҳәрли екенин сезип, усы диңгекке қарай шаўып киятырған Айдосқа даўыслады:

— Айдос бий, Мыржықты таныдыңыз ба? Қалпағына да қарамапты.

Айдос зәңгисине ширенип жаў таманға бир нәзер таслады да, қарағай саплы найзасын алға созыў менен атын солай бурды.

Еки көзи саўаш майданына қаратылған Мухамеджан бек Айдостың не қылғанын ескерместен, гәпиниң таўын жаздырмай қатты-қатты сөйлей берди:

— Айдос бий, Сиз ханымызға керек адамсыз! Мыржық жаслық қылып сизге башартпас? Сәл гидириң, мениң еки жәрдемшим сизди қорғап жүрсин! — деп ол өзин қоршаған атлылардан екеўиниң атын айтып Айдостың изинен тез жетиўге буйырды...

Саўаш бурын көрилмеген дәрежеде қызып, еки тәреп қарма болды...

45

Көп күнлерги кегирдек созыспалары бийнәтийже қалмай орыс патшасына елшилер жоллаўға келискен жаңадәрьялылар Мыржыққа пәтия берип, келиншеги ҳәм баласы менен хошласып

қайтыўға атландыра сала, жалпыламай жол азықтың әнжамына киристи. Түтин түтеткен ҳәрбир шаңарақ халық атынан уллы елдиң патшасына елши емес, мусылманлардың Мәккеге адам узататуғыны сыяқлы, олардың жол азығына бир дәне болса да пай қосыўды саўап деп түсинди: ким сөк салды, ким тақан тартты, ким ақсаўлақ писирди, ким айран жыйнап, қурт қайнатты. Қулласы, елшилерге бир нәрсе берип қалыў ҳәммеге маба көринди.

Қутилмегенде Айдостың Бегисти өз қолы менен өлтиргени жөнинде хабар жетти. Журттың қоллары суўып, кемсалыйқалық пайда болды.

Маман менен Есенгелди сары аўылдың кәтқудаларын Атабек палўандикине жыйнап енди не болатуғыны жөнинде мәсләҳәтке жаңа отырғанда, онлаған атлысы менен Орынбай бий пайда болды. Қайтып жүзлеспестей болып кеткен бийдиң өзи келгенине ҳәрким ишинен таңланса да, ҳешқайсысы тәрепинен кустаны қылынбай, жыллы жүзлилик менен күтип алынды. Әңгимелесиў пайытында өкинишли өтмишлер ортаға салынбаған менен, елдиң бүгинги тәғдийрине, келешегине көз-қараслардың еки қыйлылығы, Бегистиң өлими ушын ҳәртүрли сырғыўлар гәплердиң жүйин бириктирмеди. Деген менен, бир-бирин қуўаласқан пикирлердиң изи түўесилмеди. Аўыл кәтқудаларынан жас үлкен биреўи еки бийдиң ақыл жарыстырыўларын жақтырмай, бүгинги жыйналысқандағы мәқсетке оралыўды, набада қаналасы өлип атырған Мыржық орыс патшасына елши болып қайтыўдан бас тартса я кешиктирсе, не қылыў кереклигин шешиўди жаңартты. Ҳәтте, бул уллы исти белүзди қылмай, Орынбай бийдиң-әм адам қосыўын, дурысырағы, ақыллы улы Дәўлетназарды елшилердиң бирлигине жибериўин өтинди.

— Сонда орыс патшасына пүткил халық атынан жиберилеме? — деди Орынбай.

— Енди не деп ең?

Орынбайдың жанбаслаған көпшигинен жылан шыққандай бирден өңменин көтерди:

— Бул ладаплық, Маман! Алыстағы арбалы байлықтан жақындағы дорбалы байлық жүгимли болатуғынын уғыңыз. Сиз айтқан елшилер пүткил халық атынан Бухара әмирине барса, бәри гүлалагүл. Бизге қарсы Хийўа ханы да, Қоқырат ҳәкими де мыңқ ете алмайды. Солай, кәтқудалар! Ҳа, Есенгелди сары, сөзимди жақтырмай неге гиржийип қалдың? Мени ата-бабалардың жолына бөгет болып отыр деп ойлайсаң ба? Жоқ, жоқ! Орыс патшасының бизди ҳеш қашан көзге илмей киятырғаны дуйым журтқа аян емес пе? Мақлайына бир дүккен ағашқа және дүгиў соқырлық! Кәтқудалар, сизлер-әм унатпайсыз ба? Мен көпшиликке қарсы болмай-ақ қояйын, бирақ, тек Никифоров кете берсин, жол азық аямайық, мен ат тапқызып-әм берейин. Ақпатшаның кеўлине жақсылық салса, бир күни жәрдем қылар,

болмаса, Никифор орыс баласы менен ели-журтына қосылып ҳаққымызға дуўа қылар. Неўе дейсизлер?

— Ҳәр халық өз тағдирин өзи сөйлегени жөн — деди Маман. — Бул иште Никифоров тек жол баслаўшы.

Орынбай пайлаж қайта жанбаслады.

Ҳәрким өз пикирин өзи жөнлеп, тәрепдарларының дәлийл келтириўлери ада болмады. Бир тәреп орыс патшасын, екинши тәреп Бухара әмирин мақтаў менен қәдимгисинше еки жаға бола берди. Маман қызыў гәп арасында Орынбайдың өткен сапары енди Бухара әмиринен жәрдем сорамайман деген сертин есине салды.

— Енди мәжбүрмен! — Орынбай және қәддин тиклеп отырды. — Мен сизлерге келгенде Бухара әмирине қайта барыў ойында емес, Хийўа ханына қарсы биригейик, Айдосты өлтирейик демекши едим. Қашшан умытқан орыс патшасына елши жоллаймыз деп мениң есиме Бухара әмирин салдыңыз. Хош қалыңлар, мен кеттим, аўылға бараман да Бухара әмирине елши жиберемен, соннан соң кимниң күшлилигин көремиз.

Орынбай жигитлери менен өрре-өрре турса да, Маманлар сынын бузбады.

Олардың изин-ала жаман хабар менен бирге атлы пайда болды.

— Айдос Мыржықты-әм өлтирди!.. Қоңыратлылар менен бирге көп түркмен атлылары-әм бар екен, хан ләшкерине төтепки бере алмай басқы тапты, қаштъ...

Отырғанлардың көзлери патлыйысып, бир майдан лал болысты. Баласы Яков пенен бир қапталда отырған Никифоровтың да кейпи қашып, шырайы андыздай болып үскини қуйылды.

— Таўық ғоқақлаған жерине туўмайды, — деди ол ҳәсиретли көзлерин сүзип.—Хийўа ханы-әм сол жол менен енди берман жылысса таажип емес.

Усы қәўип кеўиллерине әллеқашан-ақ орнағанлықтан ба, отырғанлардың бәринде сескениў, жанланыў, пикир айтыўға қуштарлылық сезилди.

— Мыржықтың өшин алыў керек, — деди шыдамсызлаў бири.

— Мыржық ушын өш алыў тил менен емес, қылыш, найза менен иске асырылады. Лекин, түлкиниң қуйрығы көринген жерде қасқырдың аўзы болады, — деди Маман. — Хийўа ханының Айдосқа ўәделери көз қамастыратуғын түлки қуйрығы екенине енди исендим. Көп ойласықтың-әм пайдасы жоқ. Атабек, Никифоров, кийиниңлер, ярым мезгил болса да ертерек жолға түскен утыс.—Ол орнынан түргелди де, қубла таманнан басып келетуғын жаўға қарсылық қылыўдың әнжамын жеў ушын аўылдың гүллән жигитлерине тез хабар жеткериўге кәтқудаларды бөлистирип, Атабектиң келиншегине азық салынған қалталардың аўзын тиге берпўди мәсләҳәт қылды.

Никифоров баласын кийиндирди. Есенгелди сары елшилер ушын белгиленген атларды тез әкелдирип есиктиң алдына байлатты.

Ешейинде орыс патшасына елши атландырыў мәсләҳәти дуўдуў гәпке айпалатуғын еди, ақыбетин аўылдың көпшилиги сезбей-ақ, барлық ис әпиўайы ғана шешилди. Күн аўа Атабек палўан, Никифоров, баласы Яков пенен үш атлы болып ҳеш қандай салтанатсыз-ақ жолға түсти.

Маман ҳәм Есенгелди сары басшылығындағы аўыл жасүлкенлери оларға, жәнекей қазақтың ата бийине жолығыўды, ел үстине дөнежақ болған қәўипти түйилдирип өтиўди зинҳар тапсырып, уллы орыс патшасына ел атынан қайта-қайта дуўайы сәлем айтыў менен, ҳақ сапар тилесип, олардың қарасы шөгиўден Хийўа ханы тәрепинен болатуғын шабыўылдың алдын алыўға өз-ара ис бөлисти...

* * *

Усы күни Орынбай аўылының көтқуда бийлери-әм мәсләҳәтти оңша көпке созбай-ақ, Бухара әмирине елши жибериўге келисти.

Кимлер барыў керек?

Бул сораўға кексе жас үлкенлерден бири мынадай жуўап тапты:

— Бухара әмири күтә тереңнен ойлайтуғын инсан, елдиң келешеги менен сөйлессе, жәрдемин аямаўы даўсыз. Сол ушын жаслар барсын, Орынбайдың улы Дәўлетназар баслап барсын.

Қарсылық болмады.

Солай етип, усы жылдың жазында қарақалпақлардың екі қыйлы урыўы еки жаққа; орыс патшасына ҳәм Бухара әмирине елшилер жоллады...

46

Бегис өлтирилди.

Мыржық өлтирилди...

Ханның әскер басшысы қоцыратлыларды қашырып кеўлин әп жамлап, Хийўаға қайтты.

Айдос енди есеңги, төри ноғалым, уўықлары сынық, шаңарағы түңликсиз отаўда қалған секиллы иелеринде, ҳәрекетлеринде, ҳәтте, сөйлеген сөзлеринде бәрҳа пақолайлық, натуўрылық сезеди.

Бурынлары әллеқайлардан ызыңлаған шаўқымлы даўыл есип мазасын алатуғын еди, даўыл енди мәңгиге тынған тәризли. Үйреншикли даўылдың тыныш қалғаны жаман екен, отырса, үйине, атының қасына барса, қорадан атланып кетсе, кең жазық далаға сыймайды. Мисли бул дүньяға артық жаратылған бир инсан болды да қалды... Тыныш аққан дәрьяның бойындағы та-

мырлары қуўраған жалғыз торағылға да мегзес; пәсте суў шуўылдамайды, жоқарыда жасыл жапырақлар сытырламайды. Өли тынышлық.

Жақадәрьяны жайлаған үлкен еки уруўдың бири орыс патшасына, екиншиси Бухара әмирине елши жибергенин ҳешкимнен еситпеген ушын ба, базы күнлери солар тәрептен топылыс күтеди, олар-әм тым-тырыс.

Өсек сөз — жуўери атызына шыққан жабайы пәшек, тез, ен жаяды. Ол қойерге бармасын, қандай сыпсыңларды қулағы шалмасын, атын еситеди, оған қосылып я «сатқын», я «ҳамалпараз, қанхор» деген сөзлердиң жүргени. Гейде шыдамай өз-өзинен: «Ийттиң басына тааж кийгизсең де ийт аты қалмайды,—деп сарсылады. — Менде бир буралқы ийт болдым. Буйтип жасағаннан бир ашық гөр таўып кирип жата қалған абзал».

Бир демде ашшы болса, бир демде татлы бул дүньядан ўаз кеше қойыў-әм аңсат емес. Базы кешелерде өз жанына өзи егеў салып, қыялдан қыялға өтеди, ойдан-ойға шүмип гүбирленеди:

«Не қылып қойдың, сорлы Айдос?... Ессиз болдың! Питени қойып гүбелекти, жаў шымшықты қойып, қарлығашты өлтирдиң! Суўға жығылсаң асылатуғын қос шақаны өзиң шаптың, тамырынан биротала қулаттың, бир жағың суў, бир жағың от екенин билмей, өз аяғыңның астын өзиң дегиш алдырдың. Өз төбешиңе өзиң от бердиң...»

«Бул неси? — деп және өзине-өзи тәселле береди. — Өкинбе, Айдос! Сен мәртлик қылдың. Еки ининди қандарлықтан емес, ел бирлиги ушын өлтирдиң, ҳамалпаразлықтан емес, өмир бойы бассыз тентекликке түсип ҳәркимге қол жайыў менен жасаған саҳрайы халқына ханлық әпериў ушын өлтирдиң. Дурыс өлтирдиң!... Елде бир-биреўге мириўбет орнатыў ушын өлтирдиң...»

...Жаз-әм өтип кетти.

Гүзги аспандай тез-тез ҳәрмуқамға дөнетуғын хан саясаты әле бир турысында, Хийўа таманнан я жақсылық, я жаманлық хабар келмейди. Ел әллеқандай бир жақсылық күтиўде.

Аўыллар жазлаўдан қыслаўға көшип атырған күнлердиң биринде, Айдос отаўына сүйенип, тас төбеден думанланып ушып баратырған қамыс ҳәм ақбас үпелеклерин тамаша қылып отыр еди, бир қапталынан үш ғарры келип сәлем берди, ойы бөлинди.

— Хоош, ақсақаллар?

Ол усылай жол болсын сораса да «мениң ақылдан адасып, жол таппай жүргенимди сезип, мәсләҳәт бериўге келген жас үлкенлер екен» деген ойда.

— Айдос, иним, — деп ғаррылардың одан басысы гәп баслады. — Бас қосып алдыңызға келгенимиздиң мәнисин аңлап отырған шығарсыз. Ата-бабаның жолына ҳамал қылып, шабылған шақаның орнындағы нарттың тәғдийрин ойласыўға келдик.

— Жудә мақул, ақсақаллар. Нарттың тәғдийри дегениңиз ертеңимиздиң тәғдийри. Бул ушын не мәсләҳәт етпекши едиңиз?

— Есенгелдиниң баласы Елгелди келип Қумар келинди көр-

ширип әкетпекши қусайды. Қолында қолдаўлыдан туяқ бар еди. Жат өсе ме деп соның ғамында келдик.

Хабар Айдосқа жақпай, сөйлеп турған ғаррыға тиксине бир қарады. Соңынан басын төмен салып, ойға шүмди. Бүгинге дейингиси де ҳеш гәп екен, отаўының және бир жапсарын бузып әкететуғындай иши ашыды. Неқылардың есабын таппады. Тақатсызланды.

— Ақсақаллар, ужыбатлы мәсләҳәтиңизди күтип отырман?

— Келинди қапталыңа көширип әкелсең деген ойдамыз.

— Көнермекен?

— Журт оны ақыллы нашар деседи. Әўеле сениң лебизиңди алсақ, келинге неке суў менен барамыз.

Айдостың денеси дирилдеп, бети сурланды. Сөйлеўге тили гүрмелмей тығылып, әлленемирде өзине келди.

— Түсиндим. Ини өлсе келин мийрас демекшисиз екен дә!

— Өзиңиз аңқау ақыл жоқ бизде.

— Жоқ, бирадарлар, бул келиспес. Мен Мыржықка душпан емеспен. Жаман нийет пенен өлтирмедим.

— Сулыў қатын теңиз. Терең-сайызын билдирмей бәрҳә алдар деп қорқасаң ба, Айдос? Оны ыгбалың биледи. Өлген туўысқанның ҳаялын алыў душпанлық болмаса керек.

— Душпанлық! — Айдос ашыў менен қызып, және даўысын пәсейтти. — Ҳаял екинши байға тийсе, әўелгисин умытыўға мәжбүр. Мен келинниң Мыржықты умытқанына қайыл емеспен!...

Ғаррылар кеткеннен кейин Айдос өз-өзинен жеделленди, келинине көшпе деў мақсетинде тез атланды.

Келинниңиң отаў жықтырып атырғанының үстине келди. Қумар еле аза кийимлерин өзгертиў былай турсын, жайылған шашын бурымға өрмеген еди. Туўысқан қайпағасын көрип азғана қамсықты да, алдына нығыш тәжим берди.

— Аттан түсиңиз, қайпаға.

Айдос келерин келсе де, келинниңиң көзлеринен тамған жасты көрип кеўли бузылды, ҳеш нәрсе айта алмай атының жүўенин тартып, бурылыўға мәйилленди.

— Қайпаға, кеўлиңизге түсиниў турыпан, — деди Қумар еки дизесине қойған қолларын жазбырмастан. — Хийўаға барғанымызда хан сарайының дәрўазасын ашатуғын еки шақықыз бар еди, абайсызда, ел бирлиги деп түсиниң, өзиңиз кесип таслаңыз. Енди есиңизге келип, не десеңиз де, бийпайда. Сол ушын маған ҳеш нәрсе айтпағаныңыз мақул. Отыз еки тисим омырылса да марҳум төремниң руўҳына шек келтирип, көзине шөп салмаспан. Лекин, иниңизден қалған туяқтан қәўип етпеңиз. Қолымнан келсе, жесирдиң Ерназары емес, өз слиниң, ең кеминде қолдаўлының Ерназары қыларман, болмаса, заманның ырабайы билер. Азғана күнлик туўысқанлыққа ырза болыңыз, уллы қайнаға.

Қумардың ақыллы гәпине ырза болып Айдос ғырра изине бурылды. Бирақ, көкиреги елжиреп қайтты. Алаяқ жийрен ийе-

синиң кейпин түсингендей адым-адым киятыр. «...Хан сарайының дәрўазасын аңлатуғын екі шақпақыз бар еди... абайсызда ел бирлиги деп түсиниң өзиңиз кесип тасладыңыз...» «Ырастап да солай ма? Солай, солай! Ҳо, ҳо, бул келин не деген ақыл кәни?». «Абайсызда...» — деди. «Ырастап да абайламасам керек. Мине, енди ханға қатерем жоқ сыяқлы. Еле я мақул, я намақул деген гәпин айтпай, я қайтадан жәрдем жибермей атыр... Ямаса, қарсылық қылатуғынлар азайды, енди елин өзи жаўлап алар деп ойлап отырма екен. Жоқ, олай емес. Қарсылық молайды. Келиннен басқа, Доспаннан басқа ҳешким «абайсызда ел бирлиги деп түсиниң...» деген гәпти тилине баспайды...»

Басына жеккелик түскен бий аўылына араласқан соң туўры үйине барыўдың, балаларына қайдан келдим деўдиң есабын таппай, атқошшысының ылашығына қайрылды.

Жас ерли-зайып күнниң суўықлығына қарамай ылашықтың қуяшламасына шығып, бөзден ат жабыў сырып атыр еди, әстеақырын келип тоқтаған бийбабасын аңғармады. Өйткени, олар әдеттегише ат жабыў сырып атырған жоқ, жүн орнына кепек пе, ун ба, бирнәрсе салып сырып атыр.

— Доспан!

Олар шаңарақ болғалы бий бабасы әдейи келмеген еди, екеўи бирден қуўанысып, қустай ушып түргелди, Паршагүл ат жылаўлады, Доспан бийбабасын аттан көтерип түсириўге қолайласып, зәнгилигине ийнин қойды. Айдостың аттан түсиў нийети жоқ еди. Олардың хызметине итибар бермей, ат жабыўды не ушын бүйтип сырып атырғанының мәнисин сорады.

— Әтияждан тары тақан салынып атыр, бий баба! — деди Доспан. Көп айлардан бери қабағы ашылмаған бий сәл-күлимсиреди.

— Кимниң ақылы?

Жаўгершилик көбейип баратыр деп Паршагүлдиң тапқаны, бий баба.

— Жүдә жақсы, деп мақуллады ол. — Селтенсиз тиге бериңлер. Бирақ, басқалар билиўи шәрт емес шығар.

Айдос өз қорасының алдында аттан түсе бергени, оның менен жарысқандай қораның аўзында бийтаныс атлы пайда болып, сәлем бериўден алдын өзиниң Хийўа ханынан киятырғанын баян қылды да, сораў бериўин күтпестен:

— Айдос бий, сиз бахытлысыз, — деди.

Айдос ийнин қысып аң-таң болды, бирақ көкирегинде әлленемеге сүйениўшилик жоқ емес, бәлким, халқына өз алдына ханлық берген шығар.

— Елиңе уллы ханның өзи келеди, — деди шабарман Айдостың шырайындағы өзгерислерге итибар берместен. — Қуўаныңыз, Әмиўдәрьяда муз қатыўдан уллы хан сизиң аўылда болады. Мени ерте жибергендеги мақсети, гүнасыз елди қырмаў. Жән-жақ қа атлы жиберсин деди, қайсы бий уруўы менен даў-жәнжелсиз

мени ханым десе бийлиги өзинде қалады — деди, болмаса, ат астында шиңгирик болады, — деди...

Айдос буған онша қуўанған жоқ, бирақ, ханға исенимин кеўлинен шығармаўға тырысты. Ертеңине аўылының атқа минерлерин жыйнап хан тапсырмасын ортаға салып мәсләҳәтлесип, алыстағы елатларға атлылар жоллады. Сөйтсе де, ол сол ускини қуйылыўынан тез ара өзгере алмады. Ханның келиси не беретуғыны жөнинде қыйлы-қыйлы қыялға қушақ ашса да, ҳешбиринен жумсақлық таппады. Халық аўзында көп тараған мынаў бир нақыл есине түседи де турады:

«Ханның аяғы тийген жерге гия көгермейди».

Деген менен ханды күтти, аўылы менен күтти... жақын-жуўықларына бул нақылды еслетпеўге тырысып, хан ҳаққында ең аўла әдгиме, гүрриңлер ойлап айтыў менен күтти...

Қақаман суўық турып, дәрьядан сең ықты, жер үсти қар жамылды.

Айдос оңлаған атлы менен аўылдың қубла шетиндеги диңгеклердиң ишинде жол қарайтуғын еди, бир күни сәске пайтында қубла тәрептен шоғыртпақланып жылысып киятырған бир бәлә-мат көзге шалынды. Ҳоммениң жан ийнине от түсип, аппақ қарға шағылысқан көзлериниң үстине қолларын тутып, ғаўыр-ғаўыр бола қалды:

— Дем шеккен айдарҳаға усайды.

— Сонда оның маңлайындағы анаў шым қара дақ неси?

— Шүйели...

— Олай емес, айдарҳаның шым қара жалғыз көзи болады дейди, сол. Инанбасаң сер сал, былай-былай қыймылдап бизлерди көрип киятыр.

Олар ҳәрқыйлы болжаған менен қалың қол мыңсан атлы ләшкер екенин ишлеринен туйынып тур. Хан шабарманы олардың алдына шыға сала:

— Пухаралар, пухаралар! — деди даўысы қарлығып. — Бул не сулыў соқырлық? Көзлериңизди кеңирек ашыңлар, бул киятырған айдарҳа емес, көраматлы Хийўаның жеңилмес ләшкери. Алдыңдағы көз дегениңиз, қара атлы, қара тонлы Уллы Мухаммед Раҳым хан!

Адамлар жым-жырт болды. Айдос оларға дыққат берместен дөгерегиндеги атлыларға «ҳозирлениң» деген ишарат билдирип қамшы сермеди де, атынан түсип, қол қаўсырыўы менен алға қарай жүрип кетти. Басқалар да ғабыр-ғубыр атларынан ырғып бас бийдиң изинен ерди.

Таба тутқан есапсыз атлының алдындағы туўшылардың ортасында киятырған Мухаммед Раҳым хан Айдосты танып ләшкерине қол көтерип иркти де:

— Айдас қарақалпақ! — деди өзине тән ҳәм-ири, ҳәм буйрыққа үйренген ҳаўазы менен. — Елиңиз күтә алыс екен! Ҳо, мынаў сизиң аўыл ма, ягә. «Айдос қала» усы ма? Келешеги зор

мәкан екен! Жаңадәрья усынған Хийўа шелли бар ма? — Жуўан кутип турмастан. — Айдос қарақалпақ, болар енди, атыңызға миниңиз, — деди.

Айдос қолын көкеске қойыўы менен изине айналып, атқосшысы жетелеп киятырған яўмыты алаяқ жийренине ғарғып минди. Оның шақшаңлығы ҳәммеде таңланыў туўдырды, ҳәтте, ханның өзи де, ат үстинде тип-тик отырған Айдосқа қызғаныш нәзерин бираз қадап турды да, бирден хан екени есине түсип, қыстың аязындай қәҳәрли кейип тутты.

— Айдос қарақалпақ, бәлким, хабарланғандурсыз. Мен мусылманды биғуна шаппайман, лекин, ким қарсылық қылса көпир болғаны. Көпирди аттың пәлине бастырыў тек бейиший ис. Саҳрайы елиңизден көпир шықса, обал-саўабы сизиң мойныңызға. Және бир гәп, әсиресе сизге пайдалы гәп, кимде-ким бизге ерикли қол қаўсырса, (нийетке жетемиз, әўеле қуда, қол қаўсырады, пайза менен қол қаўсыртамыз) сизиң аўылдан берман өрлеп, кәраматлы Хийўаға жақын көшеди. Алды менен жаңадәрьялыларды көширемиз. Буны қулағыңызға алтын сырға қылыңыз. Ел қанша топланса, сизиң басқарыўыңызға жеңил.

— Қуллық, уллы ханымыз.

— Аўылыңызда бир түнеймиз.

— Қуллық, уллы ханымыз.

...Мухаммед Раҳим хан әскер басыларынан да сақ екен, журтан бурын түргелип, таңнамазына азан айтатуғын молласын өзи ояты.

Кешеден берли уйқы көрмеген Айдос «хан деген-әм, жаның жеп хан болады екен-аў» деди ишинен. Алагеўгимде киятырған Қабылды, Аймурзаны көрип, ол бираз масайрады: «Уруўларды таярлап қойғаным ушын хан алғыслайды...»

Хан ҳақыйқаттан да соңғы бийлерди-әм жыллы қабыл етип, таң намазына мирәт қылды. Буннан кейин әскербасыларына бөлек-бөлек ис тапсырыў менен жеңил-желпи ҳалқаслайдырды да, Айдосқа жол баслатып, Жаңадәрьяға бет алды.

Хийўа ханы менен тең ләшкер басласа да, Айдостың жүреги улы-дуплилди. Өз перзентине әжел әкиятырған әкеге усап, шырайы сыққан бөздей солып киятыр. Артына бурылса болды, жер танабын қуўырып жаҳанды қаплаған оттың үлкен бир буўазақ қара түтини секилли қарашор ләшкерди көрип гә үҳлейди, гә нәпесси жеңилленип, алдында шексиз қуўаныш бардай асығып, атының саўырсынан қамшысын сырғанатады.

Хан азаннан бери бир аўыз сөйлеген емес, пүткил әлемниң ғалма-ғалы жалғыз басында турғандай, қойыў қара қаслы қабағы қара бултай түнерип киятыр. Айдос ара-тура оған көз астынан урланып, ишки дүньясын уққысы келеди, бирақ, дийди жететуғын емес. Бир гезде ол ат туяқлары астында сықырлаған қар менен араласа қуўрақ шөплердиң шырт-шырт сынып атырған сестин еситип қалды. «Ханның аяғы тийген жерге гия көгермейди, деген усы болса керек, — деди ишинен, — мийримсиз

ат туяқлары бәҳәрде жанланатуғын небир шөплердиң-әм тас төбесин зәҳәрлеп, бирим-бирим женшип баратыр. — Ол шыдамай қамшысының сабын тиследи. — Түсимсиз бийлерге өшесемен деп не қылып қойдым-ә? Ырас, хан ләшкери минген атлардың туяқлары уўлы, жүрип өткен жерине гия көгермейди... Ал бул туяқлардың астына адам түссе ше? Ўай ладан басым, аўзы ала сорлы халқымның өжетлери сөзсиз ат астына түседи... Соқыр көзден соқыр жүрек жаман, мениң жүрегим соқырландыма-ә?... Жақсы кийимде жылағаннан, жаман кийим де күлип жүргенге не жетсин? Хан жақсы кийим кийдирип жылатпаса болар еди... Жоқ, жоқ, Айдос бий, өкинбе, сен усы халықтың ертеңи ушын еки ининди өлтирдиң. Егер хан буны түсинбегенде бүйтип өзи келмес еди, бундай бир сөзли хан жоқ дүньяда! Өзи келгени — елиме бағ дәўлет қарағаны. Усыннан жанадәрьялылар қуйысқанға дәрет сындырмай, алдымыздан бас ийип шықса, бәри гүлалагүл. Берман көшеди. Аўыллар топланады. Өз алдына кишкене ханлық болады... Әўеле ханлық! «Бир-биреўге мириўбет күни» сонпан-соң-ақ болады, өнер-билим-әм, қыйлы-қыйлы бәзим-әм сонпан соң болады. Орыс қоластынан Бухараға, пүткил күн шығысқа қатнайтуғын көрўан жолдың бойына қудықлар қаздырамаң, дәрбент қала салдырамаң, бажы өндиремең...»

— Айдос қарақалпақ!

Ханның даўысы Айдостың ыссы денесине муз сүйкегендей қылды, селк етти.

— Ләббәй, уллы ханымыз.

Мухаммед Раҳим хан Бөрши таўының бир төбешигинде зәңгилигине ширенип көз ушындағы жал дөнестиң аржағынан емески көринген шоқ атлыға тикленип тур еди, Айдос атының ери үстине тикейе сала маңлайына қолын сая қылып, қууанышлы кейип пенен ханға сөйледи:

— Уллы ханымыз, бул жанадәрьялы Орынбай бийлер. Ақ жалаў көтерипти. Шамасы урыссыз бағынажақ.

Ол қәтелеспеген еди. Орынбай улы молла Дәўлетназар менен бес атлыны баслап ақ жалаў көтерип киятыр. Айдос бул жаққа алдын-ала Қәдирбергенди жиберген еди, оның өжет Орынбайды усы ҳалға салыў ушын қандай шешеншлик қылғанына таңланып ишинен заў-заддың алғыслады.

— Айдос қарақалпақ, қәне анаўлар менен тиллесип көриңиз, —деди хан бираз жайпаўысып.

Әкесинен бурын улы Дәўлетназар тилге келип, -Айдосқа сәлем берди ҳәм Бухарадан гүдер үзип қайтып, Хийўа ханының пухаралығын қабыл етпўге киятырғанын айтты.

Хан жас жигиттиң шақ-шақ сөйлегенин еситип ләшкеринен бөлинип Айдостың қасына келди.

— Жас бий жүдә ақыллы көринеди, — деди хан тилге келип.— Бул кисилердиң қайсысы Орынбай бий? Ҳә, мәйли, бәршеңиз де өз орныңызда қаласыз. Әмеким, Хийўадан оғыры алыс екенсиз. «Айдос қаладан» арман көшесиз.

Жас Дәўлетназар жоне шопиклик қылды:

— Айтқаныңыз боржай болады, уллы ханымыз.

— Бул не тезсейиллик? — деди экеси жақтырмай сыбырланып.

— Бухара әмирининң шәртинен бул ханның шәрти анағурлым жеңил.

Айдос аязлаған ба, ларс-ларс жөтелип, Орынбайға бир қапталлап келип сыбырлады:

— Бухара не талап қойды?

— Еле өзиң де ҳешнәрсе болғаның жоқ, Айдос. Жығылып атырып сәл қыйсайғанға күлме!

Дәўлетназар әкесининң не айтқанын жартыўлы уқпай қалып:

— Бухара бар болсыныў, әмири курысын, — деди.

— Ҳа, солай улым, — деп Айдос оны жүдә қуўанышлы мақуллады. — Оның шәртлери маған аян. Тилимизге шек келтириўденәм қайтпайды. Орынбай бий, не болса да күтә ақыллы ис исленициз, сизиң менен бизге қарақалпақ баласының жыламағаны маба!

Орынбай бий сақал-муртына қатқан қыраўды сеңсең постының жеңи менен сыпырып турып, тисининң арасынан Айдосқа гижинди.

— Енди төбемизде ойнайсаңғой, шамасы. Әўеле қудай ойнатпаймыз, бизде-әм тил бар, бизде-әм ақыл бар.

Оның менен жақ жарыстырыў Айдосқа нақолай түйилип, әстен ғана «әттеген-ә, жорам-ай...» деп бас шайқады да, ханның бир нәрсе деўин күтип тура берди.

Мухаммед Раҳим хан сәл гидирип, ойланып алды да, қоржынынан алтын пышақ шығарып, молла Дәўлетназарға созды:

— Мине, жас бий сизге саўға.

Ол атынан ғарғып түсти де, ханның атының алдыңғы аяқларын қушақлай жер дизелеп, маңлайын үш мәртебе қарға тийгизди. «Пышақты алып шорп-шорп сүйди.

Орынбай бийдеги жасқаншақлық ада болып, өзин Айдостан да устем сезип ханға жақынлады;

— Уллы ханымыз, мениң улыма қылған саўғаңыз ушын мәңги миннетдармыз.

— Ҳә, бул жақсы жигит сизиң улыңыз ба? Енди усыкәрадан Маман аўылы қанша жер?

— Уллы ханымыз, Орынбайдың аўылына шекем көп аўыллар бар, бириниң устинен өтип, Маман аўылын соңға қалдырсақ деген ойым бар, — деди Айдос.

— Ҳа, Айдос қарақалпақ, биз сизди тыңлаймыз. Енди түсленип алыў керек.

Олар Қара тереңге қарай бурылды, Орынбайдың Айдосқа деген ала көзлиги еле пәсеймей, кем-кем өршеленгени сезилип барады, бирақ ҳәркимниң билгени өз ишинде...

Қәдирберген өзин узатыўға шыққан Маманға еле сөйлеп кия-тыр:

— ...Ақыллы өзин, ақылсыз жолдасын айыплайтуғыны өзиңизге аян. Айдос еки инисин усы елдиң бирлиги деп өлтирди. Ендиги жағында оны аяңлар. Орынбай бий-әм Бухарадан ўаз кешип жөнге келди. Орыс патшасының жәрдеми нағайбыл саўда, ойлап отырсаң аспаннан жаўын жаўады деп тухым сепкен менен бара-бар. Сизге ақыл үйреткеним емес, лекин, орыс патшалығы ушын бизиң ел теңиздиң тамшысы. Теңиз ийесинде бир тамшыға мүтәжлик туўмайды. Биз ушын кәраматлы Хийўа ханынан ағла күш жоқ. Хаңы бир сөзли. Жәрдем беремен десе берип атыр. Жақын арада өзи келермиш. Қарсыласпаңыз. Ханның қәҳәри өзиңизге мәлим, ашыўланса жаўынды қар, қарды қан қылады. Халық бүл-месин...

Маман аўыллас қариялары менен оны бирге тыңлап өзин қа-лай тутқан болса, Қодирбергенниң аўылдан шығып баратырып тәкирар айтқанларын және солай ләм-мийимсиз тыңлады. Кели-сим бериўге көкиреги даўамайды, қарсыласыўға Айдостан елиниликке келген мийманға әдепсизлик болады. Аўылдың қубласында-ғы жолға салып, әстен «хош мийманым» деди де, атының жы-лаўын тартты.

Аўылға алысырақтан нәзер салып, көшеде қар ылақтырысып ойнап жүрген жалаңаяқ балаларды көрип, сарсаңы шығып, басын өкинишли шайқаў менен бираз турды да тақымын қысты, ат алға қәдем таслады.

Ол орыс патшасына елшилерди жибергеннен кейин аўылының жигитлеринен атлы нөкердиң санын үш жүзге жеткерип, олар ме-нен машқы майданынан кеше гана келип, Қодибергенге жолыққан еди. Оның гәплери әўелинде тәсир етпеген менен ойландырды: «Айдос еки инисин усы елдиң бирлиги деп өлтирди... оны аян-лар... Орыс патшасынан жәрдем күтиў аспаннан жаўын жаўады деп қумға тухым сепкен менен барабар... Орыс патшалығы ушын бизиң ел теңиздиң бир тамшысы... Теңиздиң ийесинде бир тамшы-ға мүтәжлик туўмайды...»

«Жаны бар гәплер? Сонда Хийўа ханы ушын кимбиз?... Жоо-оқ бийикке өрмелеген жақсы, жығылсақ биротала жоқ болайық, сүйесе, күтә жоқарыдан орын алайық... Аўа, я ары, я бери болыў керек, ортасы керек емес!...»

Қапталынан өтип баратырған отыншылардың сәлемине жуўап қайтарып бас көтергенде, олардың әптада үсти-басларына жаңы ашып жүреги қайта силкинди, көкирегине ғул-ғула салған ойлары теңизге батқан тастай изсиз жоғалды.

Үлкен тойларда уруў намысы оянып, палўанды керек қылмаса, Атабектиң гөне керегелерден қуралған шаңарақсыз ылашығы елеспесиз қала беретуғынлардан еди. Ийеси халық атынан орыс

патшасына кеткели, бул ылашық, түпги жалғыз жулдыздай дыққат орайына айпалды. Қапталынан ҳешким бийпарўа өтип кете алмайды. Ең кемиде «усы жаман ылашықтан-әм бир елдиң елшиси шыққан ба?» деген мәнеде танланып, бир қарайды, болмаса дос көзлерде бул әпиўайы ылашық емес, жаңа дәрьялылар түўе, путкил қарақалпақлар елатына киндик отаў секилли. Бурынлары олна емеснеси қурый бермейтуғын Маман бий-әм бул ылашықтан хабар алыўды жийилетти... Қәдирбергенди узатып киятырып-әм сол ылашыққа қайрылғысы келип турды да, машқыдағы жигитлерине қайтып келемен деген ўәдесинен кешигетуғыны есине түсип, ылашыққа тақалып өтти. Иштен «мақсым келиннің» тоңқылдысы еситилип тур.

— Ул әкесине тартыўы тийис. Әкеңниң қандай адамлығын умыттың ба? Ол бул дүньяға бир рет келген ең ақыллы, ең қарыўлы, ең ҳақыйқатшыл, ең халық сүйер, ең ағла адам. Аты қарақалпақта ондай адам жоқ, болыўы мүмкин емес. Оның атына шек келтириў маған да, саған да қорлық, ҳәтте өлим. Нәмәнтай биреўлер менен өжетлесерде, оң ийнимде путин халықтың елшиси, аты дүйим журтқа даңғара палўан әкем бар, шеп ийнимде «мақсым келин» атанған мөмин апам бар деп ойла, озбарлық қылма...

Маман адым-адым жүрис пенен «баласы түспегир бир қыңырлық қылса керек, паҳ, ерине садық пебир ҳадалый келинлер бараў мениң елимде...» деген мақтаныш пенен кете берди. Өз үйине де бурылмай аўылдың қақ ортасы менен туўры арқаға шықты. Тақ қаларлық көриниске жолықты, жүзлеген атлы киятыр. «Сорлы жигитлерим өз-ара тарысып тарқасқан ба қалай?» Ҳаўлыққанынан турған жеринде тас болды. Аздан кейин ләкет көзлери алдағанын уғып, жасаўраған көзлерин сыйпап-сыйпап жиберди де: «Ой, Маман, көзлериң гиреўке тартыпты. Қартайдың» деди өзине ҳәм езиўинен қуўаныш күлкиси жыйылмай, сарғыш тислерин көрсетиўи менен атлылардың алдын кеселеди.

Булар Айтуўған батырдың басшылығындағы қазақ жигитлери еди. Маман жас батыр менен қушақласып, жигитлериниң ҳәммесине бас ийип қәдемлерине қәсенет тиледи.

— Атабек палўаннан, Никифоровтан дуўайы сәлем— деди Айтуўған батыр.

Маманның жүзи гүл-гүл жайнап сала берди.

— Қәйерде жолықтыңлар?

— Бизикинде жигирмалаған күн дем алып кетти. Жолда бийбелги қудабийзар жалатайларға дус келип таланыпты. Бизиң атам екп нар миндирди. Олар арман орыс патшасына кетти, бизлер мында шықтық.

Заманның гәрдишине ой жиберип, Маман және бир қудабийзар жалатайлар ҳаққында ойлап, енди ондайларға башартпай таўлардан асып қула майданларда баратырған қос нарды, олардың бирине минтескеп ата-бала Никифоровларды, екиншисинде ашыўлы Атабек палўанды көз алдына елеслетти.

— Бий аға, атам ханға барды — деп Айтуўған және жақалықларын баян ете баслап еди, Маман бирден селк етип, усы жуз атлыны жибергизген қазақ ханы екен деген пәм менен шалтлық етти:

— Ханыңызға рахмет, иним.

— Ханды алғыслаўдың қәжети жоқ, бий аға. Жүдә қыйқым киси екен. Атам екеўмиз барып едик, «қарақалпақларға жәрдем берер жайым жоқ» деп жиберди. Хийўа ханынан қорқады, билемен ханнан қайтысын атам жәнекей ушырасқан аўылларға дағара салып, сизлердиң басыңыздағы қыйыншылықларды айтып еди, «туўысқан қарақалпақлардан аяр жан жоқ» деп мынаў жигитлер өзлериниң аты, жаў-жарағы менен ере берди.

Қуўаныштан Маманның кеўли толықсып, гиреўге тартқан көзлерине жас қуйылды.

— Алла зыят етсин, инилерим, тәкаббыр ханларымыз араға от тасламағанда бир-биреўге қандай меҳрибан еллермиз, журттың мазасын алып, артық-аспай дуньяңды талайтуғын қудабийзар жалатайлар, кимлер болса да хандики.

Кеўлиндеги жыйнытық ойын айтып шерин тарқатқанына Маманның бойы бираз жеңиллести. Айтуўғанларды баслап машқыдағы жигитлерине қосылды.

Нөкерлер гөне таныслар менен гезлескендей апақ-шапақ болысып, демде-ақ енисип кетти.

Парахат күплер көпке бармады.

Қәдирберген қулақ-қағыс қылып кеткен хабар анықланды. Күнбатыстан даўыл есип, жазық далаларды бүркеп атырған қар үргинге айналып көз аштырмай турған аласапыран күнлердиң биринде, қубла таманнан жылысып киятырған ески қум секилли қара шор бир бәламат көринди.

Аўылды айналып жүрген сақшы нөкерлер жән темирлерин урып, жаңғыр-жуңғыр урыс дабылы аўылды тик аяғына көтерди. Алдын ала көринген таярлықлар бойынша үйлерден-үйлерге, ылашықлардан-ылашықларға, төлелерден-төлелерге адамлар шапқыласты. Ғаррылар, кемпирлер, ҳаяллар, ақсақ майыпларға шекем қалмай, аўылдың қубла шетиндеги алдан шабылған қорған қайшының ығына жыйналысты. Ҳәммениң жүзинде ыза, ашыў, өз аўылын жаўдан қорғаў кейпи...

Маман менен Айтуўған аўыл бийлериң — киши эскер басыларды баслап қорған-қайшыға көтерилди. Жаў күтә тақалып қалған еди, жыйналғанларға сөз айтып турыўға үлгермей бир уядан екиге айрыла ушқан ғазлардай дизилип, қайшының үсти менен еки тәрепке тең бөлинип баратырып қыйқыўласты.

— Халайық, жигитлер, албырамаңлар! Бирлик сақланлар! Парасат, парасат!

Қолларына қылыш, найзалар көтериў менен алға шапқан қазақ нөкерлери, пияда аламанға кол былғасып баратыр.

— Саспаңлар, туўысқанлар! Сизге атылған оққа бизлер көкирек тутамыз. Саспаңлар!...

Аламан қол усласыўы менен қорған қайшының басына өрмеледи.

Алға жылысқан жаў атлылары бирден гидирди. Ҳәмме йошланып өз-ара қыйқыў салысты.

— Жаў гидирди, жаў ҳаўлықты!

Соның арасында жаў тәрепинен бес-алты атлы бөлинип шықты. Маманның көзлери қарға шағылысып, бираз сығаланды да, Айдостың алға аяқ жийренин, атта сәл еңкейип отыратуғын Орынбайды таныды, бирақ, олардың ким екенин басқаларға билдирмей, көз ушындағы Айтуўғанға «берман» дегендей қол былғап, Айдослардың алдын кеселей берди.

— Маман, — деди Айдос найза созым жерде тоқтап. — Мухаммед Раҳым ханнан келген елшимиз.

— Ел Мухаммед Раҳым хандики емес еди ғой!

— Көп сөз ириң болады, Маман, созба. Ханның қулағы шалса, изи ойран. Елдиң баласы жыламасын, найзаңның сабын сындыр, қылышыңды тасла, уллы ханға тәжим бер. Ел бириксин!

— Болғаның ба?

— Енди Орынбайды есит!

— Маман, биз Хийўаға бойсындық, — деди Орынбай.

— Мен сизлердей тулки менен тулки болмаспан!

— Маман, көзиңди ашып, изине қара. Хан ләшкери мисли бир бөлек таў, сол алға жылысса, женшип кетеди. Мәнги келеге келмей қаласыз. Бөлинбе, бөри талайды.

— Көзимниң тирисинде бабалардың мақсетин аяқ асты қылмайман. Орыс патшасынан жәрдем күтемиз.

— Маман, сизден басқаларда бабаларға садықлық жоқ дейсиз бе? Бабалар сиздей бир өжет бий әўладларымды өлимге айдасын деген емес, арқа сүйер күш таўып өнип-өссин, халық сепсип жоғалмасын деп пана излеген! Сол пана ҳәзир келип тур! Әззиге аға табылса мәр емеспе?

— Айдос, мен айттым ба, тамам. Биз қазақлар менен қосылып орыс патшасынан дәрамат күтемиз. Хийўа ханына өзиңиз бара бериниз!

— Усы ақырғы сөзиң бе? — деди Айдос.

— Мен хешўақытта гәп шаймаламайман!

— Солай ма, Маман?

— Солай, Айдос!

Ақыўлы Айдос енди сөзге келмей ат үстинен артына бурылды да, туўдың тасасынан көз тигип турған атлы Мухаммед Раҳим ханға «алға басыңлар» деген ишарат билдирип, қол сермеди.

Қамаўдан шыққан аш қасқырлар секилли хан ләшкери жәнжаққа тарап, ҳүжимге өтти.

Маман менен Айтуўған жигитлерине шаўқым сала жаўға бетлести.

Қарлы булағайға араласа урыс басланып, жалт-жулт еткен

қылышлар, қарағай саплы найзалар, жыландай таўланған қамшылар ҳәрекетке кирди.

Хан ләшкерлериниң ярымын ғана жиберип, қалғанларының алдында урысты бақлап турыпты. Арт жағында бир топар адам ханның дем алатуғын ақ шатырын тиклеп атыр.

Урысқа атлары қайымшыл нөкерлердиң қолларында жалтылдаған қылышлардан қан сорғалап базы атлардың үстинен ийелери малақайдай ушып түсиўге қарады. Гейбир атлар қар толған шуқырларға оммақазан атып жығылып, гәйбиреўлердиң аяқлары зәңгиден шықпай өз атының сүйреткисинде баратыр. Демде-ақ қар үсти қараўытып қалды.

Маман менен киши бийлер жигитлерине араласып, базы жеңислерди көрсе «ҳай, бәрекелле» «азамат» десип, душпаны менен теке тиресинде турған жигитине жәрдем ушын жаўдың еңсесинен түйреп өтип жүр.

Есенгелди сары бөрҳә қыйқыўын жеткерип, қашып урысыўда.

Пиядалар атлыларға аралас жуўырып, базы душпан нөкерлерин аттан аўдарыўда.

Әсиресе қазақ нөкерлери шаққан ҳәрекетте. Айтуўған батыр мисли тоғайға кирген отыншыдай жаўға араласып кетти. «Шап, ур» деп сүреңлеўде, бәрҳә қылыш сермеўде, жигитлери де қалысар емес.

Хан оларды көрип екинши топар нөкерлерин алға жиберди. Енди жаңадәрьялылар басқы табыўға қарады. Ҳаўлығысыў, ҳәтте, шегинис басланды.

Ханның капталында урысты бақлап турған Айдос Есенгелди сарының жийрен қасқасын танып қалды. Ол қылышы жалтылдаған ири геўдели бир бедеў атлының алдында қояндай зытып баратыр. Ханға ескертиў есине келмей, олардың изинен ат қойды. Бир бурылыста бедеў атлының алдын кеселеди. Есенгелди сарыға даўыслап шақырды. Есенгелди сарының көзлерине тер қуйылып, жаны көзине көринип қалған еди, маңлайын малақайы менен сыпырып, еринлери дир-дир етиўи менен Айдостың шақырғанына қайырылып келди.

— Не гәп?

— Өлим аңсат емес, жора, Маман есине келе берер, сен өзиңе дәрек жигитлерди бөлип алып урысты тоқтат, биз төрепке өт!

Есенгелдиниң мурнынан бирден қан жосып, ойланып-әм турмады.

— Басла ханына.

Хан Айдостың урықсатысыз кетип бир қарақалпақ әскер басысын арашалағанына ашыўлы еди, оны ертип киятырғанына кеўли толып алыстан-ақ хошамет менен сораў таслады.

— Айдос қарақалпақ, аманлықпа?

— Уллы ханымыз, биз сизликпиз, — деди Есенгелди сары демин бөлип-бөлип. — Шәртиңизди айтыңыз.

— Бул мәканды таслап, «Айдос қаладан» өрге көшесиз.

Есенгелди сары басын қасыды.

— Ҳәзир ойланатуғын ўақыт емес — деди Айдос. — Бир бий үй соқтырса, бир бий үй буздырады. Сен үй соқтыратуғын бий болғың келсе, ҳәзир шеш. Абайлайсаң ба, ҳәрбир ақмақлықтан демде неше адам жан тәслим етип тур? Бол!

— Келистим!

— Онда жигитлерище жар сал, жарағы менен хан ләшкерлерине қосылсын!

Есенгелди сарыға ере Айдос та шаўып кетти.

Жаңадөрьялылар арасында қыйқыў, сүрен, ыдыраў, ала аўызлық хәўпжге минди.

Намазлыгерде булағай да тынды, урыс та тоқтады. Хан ләшкери гөўмис ақ шатырды қоршалай атларынан түсти.

Ақшамы менен хан шатырындағы баслы әңгиме Доспанның ортаға қойылған ат жабыўы болды. Бир ат жабыў сөтилип, тары тақанға айналғанына ҳәмме таңланысты. Ҳәтте ханның өзи де:

— Ҳо, ҳо, қарақалпақ — деп Айдосты көтермеледи. — Бунша пухта елсиз-ә?

— Пухтамыз, уллы ханымыз, лекин, бирлигимиз кемис...

Таң намазынан соң урыс кешегисинше және басланды...

Ханның есапсыз ләшкерине төтепки бере алмай жаңадөрьялылардың және биразы қурал таслап, Айдосқа бас ийип келди...

Бир ўўытында Айтуўған батыр Маманға жақынлады.

— Қандай ойдасаң?

— Хийўа ханына бас ийиўимиз, туўысқан!

Қазақ нөкерлери үшын Маманның мойымағаны жеткиликли еди, күши өзи келиўине қарамастан хан ләшкерине қарсы урысты даўам етти.

Айтуўған батырдың ҳәрекетлери мисли ертеклердегиге усас. Өзин топлымға бир урып, бирден қаймығып қашады да, қуўа жөнелгенлерге қаймығып келип бирим-бирим найзаға илдирип өте береди. Ол, сол тәсили менен ҳәмменің нәзеринде қалды. Бир гезде Есенгелди сарыны қуўып, жанын келиге қамағач дәпеп бедеў атлы оған дусласты. Ханның базы қылықлары адамлар өлген урысты емес, өз ләшкерлериниң жеңисин де емес, мисли ылақ ойынын тамаша қылған кейипте нағыз шебер нөкердің тәрепин тутып күлип тура берер еди. Айтуўған батыр менен бедеў атлының теке тиреслерине қарап, Айдосты найзасы менен түртти.

— Әне қызық!

Айтуўған батыр шаршаған болса керек, найза урып қылыш силтеўлери қунарсыз. Албыраўшылығы сезилерлик.

Айдостың оған реҳими оянды!

— Уллы ханымыз, айырайын ба?

— Ҳо, қарақалпақ, еслер жайында ма?

— Өнерли адам, күшли батыр өлмеўи тийис тә!

Хан оны кек етип селк-селк күлди. Соның арасында Айтуўған аттан қулады.

Басшысының сести шықпай қалғаны қазақ нөкерлеринде абыржыў дөретти, түстен кейинге қарап мақсетлери бирикпей ҳәрким жан сақлаўға өтти.

Олардың тәсийри менен ғана еле урысып жүрген жаңадәрьялылар енди шыдай алмай, пиядаларға тығылып, атларынан бой таслаўға қарады.

Хан ләшкериниң бир жағы жаңадәрьялылардың қорған-қайшысынан арман өтип, артқа бәсти де, бержағындағылары менен бирге, мисли бир бешпенттиң жағасындай қаўсырылып, атлылар аралас есапсыз пияданы ортаға қысып бара берди. Бул қәўипли қуўыстан саңлақ таўып бираз нөкерлер ушы-қыйырсыз қазақ далаларына қарай қаңбақтай қаңғып баратыр...

Бел, балта, жаба, бақан алып жүрген пиядалардың шыр-пыр болыўынан пайда шықпады, қоршалды, олардың арасында Маман да қалды... Қәҳәрли хан ләшкери еле тынар емес. Қоршаўда қалғанлардың тикейип турғанларын қылышлаўды баслады, адамлар шөгип-шөгип қарға отырыўға мәжбүр болды. Маман белбеўин шешип найзасының ушына илдирди де, ханға қарай жүрис қылды...

...Ол ханның Хийўа төрелик және көшиў шәртин еситкенде, төбесинен музлы суў қуйылғандай селк етти:

— Бул қалай, төрелер? Неше қоныс аўмастырамыз? Күшиңизге бас ийдик, лийкин, өз мәканымызда қалдырыңыз!

— Орыс патшасында не мәргия барлығына ҳайранман — деди хан жүдә әстен тоңқылданып. — Нәлетийлер менен тил бириктиргенлер бир-бирине бәрҳә садық болып қалады. Басы кесилсе де, яўмыты аттай бирмайдан аяқ сермеп жатады. Қәне, Айдос қарақалпақ, сөйлес!

Орынбай, Қабыл, Аймурза, Есенгелди ҳәм басқа да жеңилген қарақалпақ бийлериниң қоршаўында Айдос алға өтип, Маманға емес, шоғыртпақланып турған халыққа мүрәжәат қылды?

— Халайық, маған инаның, қулақ салыңлар! Бул қан төгиспе тек бирлик ушын, пүткил қарақалпақлардың бирлиги ушын болды. Кәраматлы Хийўаның уллы ханы Мухаммед Рахим жәрдем етти. Көшемиз деп айтыңлар! Хорезм шуқырына көшемиз деңлер! Халайық, туўысқанларым, сеңсеңлер! Бириңиз қазақ ишине, екиншиңиз орыс елине, үшиншиңиз Бухара қоластына я түркмен ишине кетсеңиз «мынаў қарақалпақтың журты» дегеннен басқа не қалады? Ертеңимиз күтә ожайып күтә жақсы. Жақсылық болады, уллы ханның уллы ўәдеси бар...

— Айдос, сөйлеме!

— Саған ҳамал, бизге мәкан керек!

— Сатқын! Жоғал!

Шаўқым басылғанша Айдос сөйлемеди, бирақ, қызбады. Пайыттан пайдаланып ханның жаршысы алға өтти.

— Халайық, гирттей парасат тутыңлар, уллы Мухаммед Рахим ханның пәрманын дағазалайман.

Журт силтидей тынды. Хан Айдос пенен барлық қарақалпақ

бийлерин алға өткерип жиберип хан кеңесгөйлери менен азғана мәсләҳәтлесип саҳрайы халықты қайта үркитип алмаў мақсетинде, Маман бийден басқалардың барлығын өз ҳамалында қалдырыўға келискен еди. Жарлы уллы хан атынан усы келисимниң жуўмағын дағазалайды.

Жүрттың күткени, бул емес еди, әўелинде аңырайысып, соңынан теңиздей толқынласа баслап еди, пәрман бойынша орнында қалған бийлер оларды тынышландырыў ушын топқа кирди. Айдос және сөйледи.

— Бирадарлар, мени қалай түсинсеңиз де налысым жоқ. Бирақ, бир гезлери дурыс түсинесиз ҳәм алғыслайсыз, буған ийманым, кәмил! Соған шекем нендей ыстанатыңыз болса таға беринлер, қайылман, лекин, ҳәзир әндамлы үйли-үйиңизге тарқасыңлар!

Бул гәплер ханға жақпай, атлыларды айырып өзи аламанға көринди ҳәм қылыш тутқан қолын көтерди.

— Пүткил әлемниң гиндиги уллы Хорезм ханы ҳешкимге жалынбайды, мәмлелик пенен көшпесеңиз, қылыш қынабына салынбайды. Кимде-ким алдын көш басласа, оның ырбалы раўаж...

Аламан күнниң суўықлығын писент етпей қызып тур еди, ханның сөзлеринен кейин бир толқынланып, араларына самал кирди де, ҳәрким ийнин қысып қунжыйыўға қарады...

...Усылайынша қарақалпақлардың ең арқа шегарасындағы аўылларды бағындырыў хан ушын оңша қыйынға түспей-ақ тамамланды.

Енди ол ләшкерине аўылларды аралап ҳәр шаңырақтың Хийўаға қарай көшетүрүн ықрарын алып, өжетлериниң керегелерин ҳәзир-ақ бузыўды буйырды да, Арал теңизин жағалай қоңған елатларды өз көзи менен көрип өтиў ушын Қоңыраттың тәрепине қарай жолға түсти. Қарақалпақ бийлери де бирге атланды. Хан жүрген жерлердиң тепсиңгиси шығып, Хийўа ханлығын мойынлаўдан гирттей бас тартқан елатлар атлардың от-туяқлары астында шала жанып, пысқып, есеңкиреп қалып бара берди. Хан бундай жағдайда да әдис таўып, ҳәр аўылдың бурынғы бийлерине бийлигин қайтарыўы менен, олардың Хийўа шаҳәрине қарай бир гез жылысса да, жылысып көшиўге ықрарын алып, нан услатып өте берди.

Қоңыраттың тусынан Әмиўдәрьяға жеткен жерде хан иркилип енди, қарақалпақ бийлеринен жас Дәўлетназар, Қабыл, Аймурзаларға қоса бес-алты бийлерден басқасының қалыўына мәсләҳәт етти. Биразларда қуўаныш, биразларда наразылық, биразларда оңайсызлық туўды. Ханның еки көзи Айдосты жеп, оның бирге жүргиси келген ынғайын аңлады.

— Қала бериңиз, Айдос қарақалпақ, — деди хан өзин өзи күтә әлпайым тутып. — Биз Қоңыраттың үстинен өтип, сизиң жаўыңыз Төремұрат суўпыны аяқ асты қылмай тынбаймыз. Билиңиз, бәрин сиз ушын қыламыз, сизиң гәпиңиз бенен қыламыз. Жаңа-

дәрьялыларды толық көширип болған хабар менен Хийўаға келиңиз. Сәррас бир жыл мәўлет беремен. Бәҳәрде келиңиз. Сонда сөйлесемиз, ашық сөйлесемиз.

Айдос Төремурат суўының бас ийгенин өз көзи менен көргиси келетуғынын айтып қыйпақ-сыйпақ дәлийил келтирмекши болып еди, хан әўелги әлпайымлығынан қатайыңқырады:

— Айтылды, ўәссалам!

Айдарҳаның жалғыз көзиниң қарашығындай ойнақлаған қара аттың үстиндеги хан үш мың атлы ләшкерди баслап алға түскенде Айдос оған наразылық пенен күтә ашыўлы бир майдан қарап турып, жағада үйилген қамыс суўындай шоғыртпақланып дөгерегин қоршаған бийлерге бурылды да, ханға наразы кейпин жасырды.

— Уллы ханның сапары қайырлы болсын, қәне, бирәдарлар, оның тапсырмаларын бәржай қылыўға қайттық.

* *
*

...Қыстың соңғы күнлеринде, өзиниң ҳақыйқый жанашырларынан онлаған атлы ертип Жаңадәрья менен өз аўылы арасында жансебил қылып ел көшириўди баслап жиберген Айдосқа, изинде елиў атлысы бар қатпа арық, мисли аш ишектей собылық үзын биреў келип, өзин таныстырды ҳәм жаңалықларын баянлады.

— Атым Гедениәз болады, Айдос бий. Уллы Хийўа ханы Қоңыраттың көшелеринен адам қанын суўдай ағызып, халқына толайым бас ийдирди. Бийпарасат ҳәким қаза тапты. Енди Хорезм ўәлаятында парахатшылық!

Айдостың ишинен тыпыршылап күтип жүргени де усы хабар еди. Масайрап мыйық тартқанда, шеп көзи үстиндеги меңи орнына күтә жарасықлы көринди.

— ...Енди Хорезм ўәлаятында парахатшылық!

Оның қуўанышы тез Доспанға өтти:

— Бийбаба, енди бизиң елатларға бийҳесап жақсылық келедиғой ә?

— Бул не гүман?—деди Айдос ҳәрҳәрседен билиўге қумар атқосшысына таңланыў менен. — Уллы Мухаммед Рахим ханның бизге қол жабатуғынына көўлим қанбаса, усы ислердиң басына барармедим? Билип қой, Доспан, жақсылыққа исениў ең үлкен ғәнийбет! Киси көзсиз жасайды, бирақ, наисеним жасаў жоқ!

Бийбабасының зейнине тийип алғанына пәнтленип Доспан астынғы ерниң тислесе де, оның ўақты хошлығына ўақты хош еди, аздан соң:

— Бийбаба, мени бүгин үйге жиберип аларсыз ба? — деди.

Ҳешқашан урықсат сорамайтуғын атқосшысының қандай қыстаў иси барлығы менен қызықсынбай-ақ, азат қылды, бирақ Доспан айтпаўға шыдамады.

— Кеширесиз, бийбаба, келиншегимниң айы-күни толып отыр еди.

— Хо, ең уллы бахыт қаранты, шырағым. Тез қайта бер. Егер уллы болсаң, атың Раҳым қой. Бул уллы ханымыздың аты ҳәм алла рахмети жаўсын деген тилек.

Доспан марҳум әкесиниң «уллы болсаң атын Теңел қой» деген ўәсиятын есине алып турса да, бийбабасына қарсы келе алмады:

— Яқшы, бийбаба.

...Айдостың енди кеўли тоғайды. Ханның елиў атлысына өз тәрепинен сол қурлым қосып алды. Оның ойынша, хан белгилеген елатлардан бир үй я бир ылашық көширилмей қалса, оның қарақалпақларға өз алдына ханлық беретуғын пәрманының шығыўына кесент келеди, аяўсыз ис жүргизиўи керек!

Маманның аўылына қайта келгенинде, оның әллеқашан аттан түсседе зорығиден түспегенин сезди. Ол өз жақынларын кубла тәрепке көшириўден иркиў былай турсын, қазақ арасына көшириўди баслапты.

— Елди сепситпеңиз! — деп қәҳәрленди Айдос. Буннан соң бираз жуўасып Хийўа ханын, оның бир сөзлилигин қайтадан мақтай баслап еди, Маманның жүлынына пышақ урғандай болды.

— Ҳәрбир түлкиге өз қуйрығы гөззал!

Айдос оның күйинип турғанын көрип қәдимгисинше суўық қанлылық тутыўға тырысты:

— Маман, қазақ елин мен-әм душпан деп пәмлемеймен! Бирақ, умытпаңыз. Ханы неге сизге жәрдем бере алмады? Себеби, бири-бирин қоллап жүрген қазақ төреси жоқ. Олар әм уруў-уруў бир боле! Бизлердиң алааўызлығымыз я солардан келген бе, я бизлердики соларға өткен бе, бәрибир сабақлас кесел...!

— Сиз ақыллы адамсыз, Айдос...

Оның менен жайпарахат сөйлесип тура берсе, дәлийли түўесилмейтуғынына көзи жетип Айдос қасындағы атлыларға буйырды:

— Әне, жигитлер, бул быжықтың аяқ-қолын байлаңлар да, қатыны менен қосып, көштиң алдындағы арбаға таслаңлар!

Айдос буннан соң ҳешким менен тиллеспеўге бел байлады. Набада сөйлеп қойса, я аз ғана мыйық тартса, етеги жасқа толы сорлылардың бирине адамгершилик меҳри оянып кетиўинен қорқып қабағын үйип алды. Оның суўық қара тасқа айналған қәҳәрли нәзери алдында төтепки бериў саҳрайы байғуслар ушын аңсатқа түспеди. Қимде екилениў сезилсе, ямаса биреў үйренискен мәканын таслап кетиўге қыймай көзлерин жаслап сәл егленсе, төбесинде қамшы ойнады. Ҳәрким үй бузыў менен, көрпе-төсек тақлаў менен болды... Солай етип, қан тамған қамшылар астында көш изинен көш ерип, Жаңадәрьялы ушын «ақ табан шубырынды» жылларынан парқы жоқ және бир ҳәсиретли посыў басланды... Қазақлар менен шегарадан тап Хожелиге шекемги жазық-жазық далалықлар менен нуў қарағай қамыслықлар, көлатлар, пышық мурны батпастай тоғайлықлар арасындағы қыйыр-шыйыр соқпақлар менен мал сүрдеўлерин бойлап, атқа, ешекке, я өгиз бенен сыйырға жүк артқанлардың, көликсизликтен көрпе-төсегин ийин-

лерине таңып бала жетелегенлердиң, бири-бирине сүйенисип зорға-зорға қәдем таслаған кеселбент адамлардың изи үзилмей шожып, зар үстине зар қосылды. Ҳәрбир шоқ қамыслық, ҳәрбир түп жыңғыл, ҳәрбир түп торақғыл күни-түни посқан халықтың муңына үн қосып тынбай ызыңлады. Ҳәсиретли зарға толы қосықлар дөреди:

Көше-көше көштен әрман қалмады
Жүк көтерер белде дәрман қалмады,
Сирә бузылмаған пәрман қалмады.
Сорлы халық ашыпар ма ығбалын?

Турақлы бир мәкан жайың болмады,
Арқаланбаған бир айың болмады,
Қудай үлесинен пайың болмады,
Карақалпақ ашылар ма ығбалың?

Бул зарға Айдостың да оң еки қабырғасы сөгилгендей, өзин-өзи умытып, гөде атының жүўенине ийелик ете алмай, көзлерине жас қуйылады. Бирақ, ҳешкимге тил қатпайды... Ең баслы ўазыйпасы — хан буйрығын бәржай қылыўы керек. Оның ойынша бул ҳәзирше аўыр ҳәм қайғылы, ал изи қайырлы. Халқы бир даўыллы жыллары шайпатылған үлкен теңиздеги шығып ҳәржердиң шуқанағында көз жасындай жалтыраң қалған шалшық суў. Шалшық суўдың бойында қанша шарықла, бәрибир, даўысың ҳешқайда бармайды. Арықлықтан шөгенлеп қалған қызыл аяқсаң, я қанаты сынған шағаласаң. Ал, енди бул шалшықлар ақыллылық пенен бири-бирине қуйылса, көлге айналатуғыны сөзсиз! Қишкене болса да көлдиң аты көл. Сырттан қарағанларды қорқытады да. Анаў-мынаў жаўларды батырып жибергендей тереңи болады. Оны көргенлер жипә-жиксиз ойқан салыўға жүрексинбейди. Әне бул ығбал! Сонда ғана Хийўа ханы сертин орыплайды, қарақалпақ ханлығы болады!...

Және де оның ойынша, халқы ушы-қыйырсыз кең далада бир-биринен көзжетпес қашықлықта өскен, түбиршиклерге илинип қалған қаңбақлар яңлы ҳәлсиз аўыллардан ибарат. Олар енди топланса күши молаяды, бир-бирине мирнўбети артады. Сонда ғана Хийўа ханы сертин орыплайды, қарақалпақ ханлығы болады. Сонда ғана өмиршиге қоныс өзгертиў менен заманның уўыш жутып, зардабын тартқан аз санлы халық мәдениет мәкан ушын қала салады; илим-ҳикметке жетиў ушын мешит, медреселер, мектеплер ашады, көп-көп еллер менен сауда-сатлық қылып, қарақалпақ ханлығы деген ат әлемге жайылады...

Айдос усындай қыялларға пешим менен, көз алдында нан тилеп жүрген талай-талай жетимлерден, жүгин көтералмай жолда тәслим қылып атырғанлардың бәринен бет бурып өте берди, өз атына айтылған барлық бәдли сөзлерге итибар бермей, қулағын тықты.

Сөйтип тек ел көширди, бәрин де қамшы менен зорлап көширди. Ханның ўәдели күнине жеткенше асығып көширди...

Басындағы орамалы бир шекесине аўғанын серлемей ылашықҳа кирип-шығып жүрген кейўаны ҳаял Доспанның атын алыстан танып, алдына жүўырды.

— Сүйинши, атқосшы жийен, сүйинши! Уллы болдың!

Доспан атынан ғарғып түсти де, Қутлымурат инах сарпай қылған шапанды шеше сала ҳаялға жапты:

— Ҳәзирше усы, жеңге!

Паршагүл көзин ашып есикке қарап жатыр еди, қашаўдай ири тислерин көрсете есик ашқан ерин көрип, туралмағанына уялған секилли еки бети гүл- гүл дөниўи менен, бир қолын көзлерине таса қылып, ҳешқашан болып көрмеген шад кейипте мыйық тартты.

Иште және еки ҳаял отыр еди. Доспан биреўине қамшысын, екиншисине қалтасынан шаққысын шығарып берип, жеке қалған келиншегине жәрдем еткени ушын алғысты қардай боратты.

— Марҳум әкем өмир ҳаққында көп айтып, өмир — көз жас пенен күлкиниң түйини деўши еди, — деди күндақлаўлы бөпени алдына алып. — Бәрине енди түсиндим. Қараңлар, маған шадлық келди. Шадпан. Маған енди өмир түйинининиң күлкили жағы ашылғаны болса керек. Аўа, жеңгейлер, таңланбаңлар, өмир күлкиси перзент қусайды.

— Әлбетте, жийен бала, — деди далада сүйинши алған кейўаны ҳаял. — Адамға бәрҳә көз жаслы жағы тап бола берсе, адам жасаў алмас-әм еди. Оў жиберсең, қудайда әдиллик-әм бар. Аўа, аўа, базда түсинбей әси боламыз. Усы аўылда ким малға жарлы болса, балаға бай, ким балаға мүтәж болса малға бай. Сол жағынан теңлик!

— Ал енди бизлер кетемиз, — деди екинши ҳаял. — Балаңның аты ким болады?

Доспан тығылып астыңғы ерни дир-дир етти. Ҳаяллар оны сезбестен бир-бирине гезек бермей өзлерине унаған атларды дизе баслап еди. Паршагүл әстен ғана сөз қосты.

— Қәйин атамыздың қойып кеткен аты бар емес пе?

— Олай болса дыррықшылығымыз жоқ, — деп ҳаяллар үйли-үйине тарқасты.

Паршагүл бир шығанақлап бойын тиклеп отырды. Ерли-зайып арасындағы бахытлылық, татыўлық ылашықты қысып ҳүўилдеген сүўық самалды сездирмеди. Қайтама, сынық керегелерден қурастырған ылашығы хан сарайына, сыртына тутылған жекен аралас камыс кийизге, төсенген шыпталары мамыққа, өзлери барлық нәрсеге қолы жететуғын байларға мегзеди. Таскеседе сарғайып турған чай, мисли шарап болып ишилди. Ошақта мазлап жанған от ылашықтың ортасына түскен қуяштың бир сынығындай ҳәўир берди, өз-ара көзлери дүгискенде жаңа табысқан ашықлардай шақалақлап күлисти.

— Сен ырбалымызға ырзамысаң, ағасы?

— Ырзаман, Паршагүл. Буннан артық не болыўы мүмкин? Өзиң ырзамысаң?

— Ырзаман, жаным. Қудайға мың қатле шүкир. Заманымызға шүкир.

— Мениң де шүкирлигим көп, жаным. Соннан келген заманымызға қайылшылығы жоқ, бийбабаға наразы адамлар көп. Усындай өмирге адам қәнәәт етпес пе? Бендешиликте тойым болмас екен дә...

Доспан сырттан қуўанышлы кейип тутқан менен ишин шеңгелтыснап атырған секилли, маңлайынан жыйрығы ажыралмағанынан келиншек гүптикейленди:

— Ағасы, бир жериң аўырғаннан аманбысаң? Бөпеге қайтадан қарап көрши, қандай сулыў! Абайладың ба, қаслары меники, көзлери сеники. Бала ата-анасына теңнен усаса мийирман болармыш, бахытлы болармыш.

Доспан келиншегиниң шашларын сыйпалап, дени саўлығын айтып ҳәм оны, ҳәм өзин жубатыўға талапланса да кеўли қарар таппады.

Идиралды улына кимниң усынған атын қойыўы керек? Марҳүм әке нәсиятына қайшы келиў инсанлық-па? Бийбабаның тилегин орынламаў оннан да жаман. Қәйтиў керек? Бүгинги менен жасаў ма, ямаса кешегиге хызмет қылыў ма? Бийбаба бүгини, әкеси кешеги күни. Кешегиси болмаса бүгини болармеди? Бүгинсиз кешеги күн жоқ.

Ол әллеқандай жақсы ой табыларма деген дәме менен далаға шықты. Ызғырық аяз. Ешекли, арқаланған топ-топ көшлер мойынларына дийўаналық қалтасын асынып, жетелескенлердиң биразлары аўылдан шығып баратырса, және сол қыйлылары кирип киятыр. Жиликлери қутанның жилигиндей қып-қызыл болған жалаңаяқ балалар суўықты писент етпей ойнап жүрипти, үсти қус тутқандей алба-далба биреўлер қолларын үплеп отынға баратыр. Қоралардың ықларында бүрсеңлеген маллар тур.

Ҳәзир ғана өз өмирлерине қәнәәт етип заманы ҳәм бийбабасы ушын қудаға мың қотле шүкирлик еткен жигит бул көриниске қынжылды. «Биреў тойып, биреў тоңып секиргени усымекен-ә?...»

Жылдам қайтып кирди.

Түни менен кирпиги айқаспай, талай-талай қияллардан қияларға, болжаўлардан болжаўларға өтти, сирә биреўине бас жиў таўалмады...

Бәҳәрги таң самалы әллеқандай жақсы кеңес беретуғындай түйилип, көрпеден пышықтай жылысып шықты да, шырт уйқыдағы келиншеги менен бөпени оятып алмаў ушын ергенекти де сыртеттирмей ашып, атының қасына барды. «Сен не дейсең?» дегендей жалларын тарап, күтә алысларға нәзер таслады. Әлле нәрселерге шабаланып үрген ийтлердиң даўысы гүллән тынышлықты бузып тур. Некен-саяқ арман-берман жүргенлердиң қарасы көринеди.

Олардың бәри Жаңадәрьядан берман аўысып, еле тоқтам таппағанлар.

Ол ишке және қулақ түрип, қораға арқасын берип аспанға қарады. Өткиншин булт астынан шыққан жулдызлар сулыў өзбек қызларының самал менен ашылған пәренжеси астынан көринген отлы көзлери киби жалт-жулт етип турыпты.

Журт оянбастан бурын азанға суў таярлап қояйын деди де ишеп қабақ алып шығып «Көк өзекке» қарай кетти.

Бир топар көштен қара көрим алда, қандек пенен киятырған еки атлыны көрип, қабақ арқалағанына уялғанынан бир шоқ жыңғылдың тасасына жасырынды. Жолаўшылар әллеқашан баслаған тартысын еле ада қылалмай күтә қызғын сөйлесип баратыр.

— ...Ага, тири бенде әўеле қудайға, қала берсе ханға жараныўы керек емес пе? Өзиң де солай деп мәсләҳәт қылатуғын един. Бухара әмири пәнт берди. Мухаммед Раҳим наятый зор хан болса керек. Алтын пышағын кимге берди? Мен сениң көзлериңниң қарашығы—жалғыз улың емеспен бе? Атамәканды қыймай жылағанына еле ҳайранман. Көшиўди кешиктирсек Айдос бийдиң ығбалы раўаж болар еди, енди бизики раўаж.

— Жаңадәрьяның қулазыған даласын мәкән қылған мийнетлеримиз қараң қалып баратырғанына жаным ашыйды-дә!

— Жеримизди ислеген дыйқанларды аяйсаң ба? Оларды қудай аямағанда, хан аямағанда, Айдос бий аямағанда бизлердики не? Қоңырат халқын дизгеге шөктиргеннен кейин хан жас үлкенлерден Қабыл бийди, жас кишилерден мени аўлақ шығарып «Тоғайда жолбарыс болмаса сағал өзин шаҳ сезеди. Сондай бир сағалға жол бермеспиз. Ертеңги қарақалпақ ели сизлердики» деди. Сағал дегени Айдос бий шығар деп шамаладым. Өзин-әм өмир-өмиринше Айдосқа қарсы едиңғой. Улың жолыңды тутса, әрманыңның иске асқаны емес пе? Қудайтала бир раўаятында «бендеме өзим жаманлық қылмаспан, және бир бендемниң қолы арқалы қылармын» деген. Елди уў-шуў қылған жаў Айдостан сениң орныңа өш алатуғын мен боламан. «Хан алтын саплы пышағын мени баласынып, ойнасын деп бермеген шығар. Қабыл бий менен сырластық, сени көп мақтады. Хан деген изинде тиреги, сүйениши бар кисиден айбынады. Туўысқанларынан айрылған қуў ағаштай Айдосқа қарамайды, елдиң ендиги тәғдийри бизлердиң мойнымызда» деди.

— Ханға хызмет қылғанның жағасы пүтин болмайды деген-әм гәп бар улым.

— Ага, ширик ағашқа шеге қағылмайды. Мен еле жас талман.

Сырымызды биреўлер еситип қояр деп жасқанбай сөйлесип баратырғанлар Орынбай менен улы молла Дәўлетназар еди, Доспанның жығырданы қайнап мушын түйди... «Оңбағанлар! Бийбаба елине жаўмеди? Түсинбейсизлер! Еле өкинип бармағыңызды шайнайсызлар...»

Атлы бийине ерип муңлы қосық айтып әстең сыңсып баратырған көш өтип кеткенше ол қылт етпей, бирден ырашқа көтерилип бергени, шоқ шеңгелдиң қапталында «көк өзектиң» суўына абынып шапан бүркенип отырған биреўге көзи түсти.

Доспан оның таң атпай суўға келген я ҳаял, я еркек екенин айыра алмай, қызықсынып қалша қарап қалды.

«...Әй, қудай наәдил қудай»,—деп палыңған даўысынан Маман бий екенин танып, жүресине отыра сала және тың-тыңлады:

«...Соқыр қудай, не деген әдалатсызсаң! Ҳешкимге бийазар, ақ көнил саҳрайы халықты сонша әптадалыққа салып саған не гүнайы болды? Елдиң маңлайына қара қылып Айдосты бердиң, енди оны шалқытып қойыпсаң. Әдил болсаң, оған неге тәмби бермейсең, неге алмайсаң? Сен дөреткен бул дүнья ойран дүнья... Бир заманлары, Мурат шайық сен жаратқан бул дүньяны көргиси келмей өз көзин өзи ойған екен. Мине әўладлары азды. Заман бузылды. Бузық дүньяны мениң де көргим келмейди. Әттең, әттең бахты тайған соң деп журт қустаны қылады. Болмаса ҳәзир-ҳәзир... Ой жалғаншы дүнья! Адам қәйтип жасайтуғынын емес, қәйтип өлерин билгенде ме?... Әй, түлки қудай, бул мөмин елге аға болсын деп Айдостай ул бердиң, ақылын зайыл қылып бердиң, даңқпараз қылып бердиң. Мине, енди оның елди Хийўа ханына сатысы...

Доспан оның туңғыйық гәплерин тыңлағысы келмей, еңсесинен ийтерип суўға қулатып жибериўге қыялланып турды да, өзине ай берип:

— Маман ата,—деди қасына жақынлап,—дәрет алып отырсыз ба?

Маман селк етип суўға тайып баратырғанында Доспан шақ қанлық пенен желкесинен услап қалды.

— Ҳа, Доспан, Айдос енди сени маған тыңшы қылды ма? Бар, айтып бар. Айдос сатқын, сатқын!

— Ақыллы адам алжыса сәлеми сөгис болар екен-дә, Маман ата!

Маман сақалына соғалаған көз жасларын сыпырып, өзин басты, қәддин дүзеп Доспанға тиклене қарады:

— Әй, бала, пәмиң алыса ма, Айдос елге ажыралмас қыс әкелдиғой.

— Маман ата, бабаларымыз қыстан қорықпа, изинде бәҳәри менен жазы бар деген емес пе? Сабыр-парасатты сиз жоғалтсаңыз ел не болмақшы?

— Айдос елди өзеги сыпған ағашқа айландырды. Шақалары енди қолы жеткенниң отынынан басқа түкке аспайды.

Доспан ләм-мийимсиз қалды.

— Меннен бийғам болаберицлер,—деп Маман үстиниң шаңын қақты.—Айдос мени өзин-өзи өлтирер деп қорқатуғын шығар, базда усылай қысылғаным болмаса, өлмеймен! Орыс патшасынан

жәрдем келгеншe өлмеймен! Бар, қабағыңды суўға толтыр. Уллы болды деп еситтим, қутлы болсын!

Маман қондектен түсти де жөнине кетти. Доспан және ойға шумды: «Жудэ ақыллы адам! Бийбабама берген баҳасы дурыспа?... Жооқ, дурыс емес, дурыс емес! Оның бахтын қызғанады. Кисиге ғәремет аўдарыўдан оңай нәрсе жоқ... Бир қазанда еки қошқардың басы шешейди... Бийбабама мен исенбесем, ким қалады, жооқ... Бийбабам бир гүжим, пүткил елдиң шаңғытын бойына сиңирген шыдамлы гүжим. Бәҳәр келе берсин, саясы пүткил елге пайыз береди... Әкем рухы, кешириң мени, улымның аты Рахим болсын! — Ол суўқабағын арқалап баратырып, ийеси таслап көшип кеткен қамыс қостан жетелесип шыққан ана менен баланы көрди. Бәҳәр кирген менен суўық еле пәсеймегенине қарамастан кийимлери жуқалаң, бир-бирине тығылысып, екеўи де қатты нанды гайзап киятыр. Бундай көринислер көзге үйреншикли болса да Доспанға олар жүдэ таныс сияқланды. Қабағын ийнине сәл көтерген болып иркилип таныды. Атабек палўанның ҳаялы менен улы екен. Иши ғым етти. «Садағаң болайын алла, мениң Паршатүлим менен Рахимимди жетелестирип жетим қалдыра көрме...» Ол және бир нәрселер ойлап үлгермей-ақ бирнәрсе жаўырынына тарс еткендей болды, қабағы панқ айырылып суўы үстине қуйылып, қонышларына толды.

Артына бурылып, анадай жерде тал таяғына сүйенип ҳәккелек атыўы менен шақалақлап күлип баратырған Омарды көрди. Тула бойынан ашыў кетип, оның изинен гижингени болмаса, илаж қылыўға шарасы жоқ. Малпақ-салпағы менен үйине кирди. Паршатүл әллеқашан оянып бөпесин баўырына басып жатыр еди, ериниң қайдан келгенин укты:

— Үйдеги бар суў бүгинге жетеди ғой, үлкен қабақтың өзи сынып тур еди.

Доспан оған қабақты ким сындырғанын айтпай, отты тез-тез алыстырып, дүмшени суўға толтырып қойды да, кептиринди. Ишинен «Омар есейип қалыпты, Паршагүлге я улыма жазатайым жаманлық ойламаса болар еди деп қәўипленди. Басына түскен мүшкилге шыдамаған биреў бийбабадан кек алыўдың жолын мениң шаңарағымнан излемесе», — деп-әм гуманланды. Бирақ гүдигин күшейткендей ўақыя жүз бермеди.

Айдос көштиң басын көриў ушын аўылға бир келгенинде оны қайта ертип әкетти...

Қодымгисинше аяўсыз елат көшириў тынбай даўам еттирилди. Ханның Хийўаға кел деген күни жақынлаған сайын ҳешкимниң көз жасы, наўқаслығы, муңы, көликсизлиги есапқа алынбастан даўам еттирилди...

— Халықтың маңлайынан қуяш қағып ығбалы ашылатуғын ўақыт-әм келди, — деди Айдос бир күни. Сөйтип көп егленбей, уясы бузылған ҳәрредей бири ушып, бири қонып, ызық-ызығы шыққан елаттың, жооқ, уясы бузылған санның қумырсқадай баспана из-

леп шым-шытыры шығып олай-булай жуўырысқан елаттың енди-ги тәғдийрин шешиўге, атқосшысы менен Хийўаға жолланды...

Бул 1812-жылдың бәҳәри еди...

49

Пүткил Хорезмниң гиндиги Хийўа бәҳәр липасын кийип сый-қырлы ҳаялдай обақазланып көзге тасланып тур. Айдос оның сыртқы сулыўлығына нәше етип, бир дөңеслеў жерде атының жүўенин тартты:

— Доспан, қарайғой, әлем таңланарлық не деген гөззал қала!

Сарай дәрўазасы ҳәрқашанғысынша иштен илик еди. Айдостың бадабатына күтә ериншеклик пенен ашылды.

Хан менен дийдарласқанша бийтақат киятырған бий дәрўаза-манлардың семиз муртлашына «уйықламай сергек турыў керек» деп еди, ол.

— Өз шақларын өзи кескен тоқалақ бий, талымсымаңыз,— деп қалды.

Айдос әўелинде мәни бермесе де, датханаға жақынлаған жер-де, «ҳаў ҳаў,— деп желкесин қасып гилт тоқтады. — Жаңағының гәпи Қумар келиниң гәпи менен сабақлас гой»...

Сарай жасаўылларынан бири оған бүлкәрада турыў қадаған екенин айтқанда барып, ол желкесинен қолын алды. «Қоя кеўлим, қалтасы, қарны толы ерке дәрўазаманлар не қуспайды?»... Датқа-нананың есигине қарай қәдем таслай бергени, жасаўыл қылышын кесе тутты:

— Айдос бий, бүгинге урықсат жоқ!

Айдостың ҳалласлап келген өскин көкирегине чай тартқандай болды.

— Қутлымурат инах қайда?

— Сизди әйнектен көрип маған буйрық берген уллы дәрежели инахтың өзи.

— Ҳа? Қайталаңыз?

— Болды, болды, Айдос бий, — деп жасаўыл оны дәрўазаға қарай ийтермелеп баратыр еди, датхананың есигинен Қутлымурат инахтың басы көринди:

— Жасаўыл, берман әкелегой, датханада дем ала турар.

Қутлымурат инахтың сөйлесиўи бурынғыдан пүткиллей өзге, сөзлери де күтә қысқа. Оның менен де турмай дым үндеместен ишки бир қапыға сүңгип кетти. Айдос ханның датханасына арыз етип келген бий сыпатында емес, шар базарда тутылған урыға усап қалды. Олай-булай жүрген хан жасаўыллары сәлемлесиў түўе хабарласыў былай турсын, жаңа услапып байланған қабаған ийттин қасынан өтип баратырғанға мегзеди...

Айдостың жығырданы қайнап, тисин қайраганынан пайда бол-мады, күн батқанша ҳешким оннан жол болсын да сорамады. Шы-

дамай Құтлымурат инах кирген қапыны қатты-қатты урды. Әллеқемирде иштен инах шықты, тислерин ақшыйта күлди.

— Айдос бий, зершесеңиз керек-ә?

— Сырттан қаран хан сарайына кирдим десем, таўықханаға кирген қусайман гой!

Құтлымурат инахтың жүзи суп-сур болып кетти.

— Әкең нияз, ашаң бурын болса керек. Сени гүл болады деген ким екен Айдос?

— Ҳа, ҳа, ха, уллы дәрежели инах! Мени уллы ханның өз дәргәҳына жибермей, неге иркип қойыпсыз?

— Уллы ханның ўақты жоқ, ертең сәскеде келиңиз.

Ол келеси күни ўәдели ўақтында датхананың есиги алдында тайып болды. Құтлымурат инах-әм келди.

— Уллы дәрежели инах, ашшыға тили тиймей мазаның не екенин кеси билмес екен, шынын айтыңыз, түни менен уйықладым.

Инах мыйығынан күлсе де, көзлери қыймылсыз.

— Түйе арық болса да териси бир ешекке жүк деседи, уллы дәрежели инах, жүрегим жарылмайды, бүкпей айтыңыз, уллы ханның не ойы бар?

Инах жуўап берип үлгермей-ақ датхананың есиги ашылып, иштен ханның зер шапаны көринди. Айдос белинен морт сынған қамыстай ийилип сәлем бергени сол, хан сөйледи:

— Айдос қарақалпақ, сизди нендей самал айдап әкелди?

— Уллы ханымыз ўәде бәржай болды, гүлли жаңадәрьялылар берман көширилди...

— Ҳа, Гедениз бершесин баян қылып, сарпайын-әм алды. Сизге де бир шапан пай қойғанбыз. Енди салық жөнине тоқтайық. Сизге пайда болсын деп пүткил елиңизге жигирма мың тилла белгиледим. Кимнен өндириў өз еркиңизде, бизге жигирма мыңды лөк әкелип берсеңиз, сиз ҳақыйқый Айдос қарақалпақсыз.

— Сиз мақул десеңиз, жигирма мың тилладан қашпаймыз...

— Әне, бул ўәж, — деди хан, оған изин айттырмай.

Айдос иркилмеди:

— Кәраматлы Хийўаның уллы ханы, мен сизиң ўәде-ықрарыңызға бинаан Хорезмде енди пайда болатуғын «қарақалпақ ханлығы» жөнинде сөйлесиўге келдим.

— Ҳа, ха... бүгин жерде домалап жатқан мәйек ертең аспанға ушыўы тийис демекшимисиз?

— Дурыс айттыңыз, уллы ханымыз, бул қуда ҳәмири.

— Ҳа, ха... Айдос қарақалпақ, билемиз, сайыз дәрья шуўылдап ағады, гүзги шыбын ашшы шағады. Сиз қайсысы болып келдиңиз? Абайлаңыз, өнешке сыймайтуғын нәрсеге аса-нәпсиқаўлық жаныңызға зоўлым түсетуғынына ой жибериңиз.

— Түсинбей турман, уллы ханымыз.

— Мениң айтып турғаным өмир фалсапасы еди, қәне, инах, бул топас қарақалпаққа өзиңиз түсиндириңиз.

— Айдос бий, сиз ақыллы инсан бола тура, Хорезм шуқырына еки ханлық керек емеслигиңе ой жибермегениңиз қалай?

Айдостың көзлери уясынан атлығып шыға жазлап, шеп қасының үстиндеги меңи оғыры үлкейип кетти. Тула беденине қалтыратпа тийип, сақал-мурты тыпбай жыбырласты.

— Ўәде-ықрар... Ўәде-ықрар... уллы ханның ўәде ықрары.

— Жөгилик пенен жыламсырамаңыз, Айдос бий,—деди Қутлымурат инах. — Адамның айтқан сөзи өзине қайтып оралатуғынын билмейтуғын ба едиңиз? Баяғыда қазының алған парасын ҳадалға шығарғанығыз есиңизде ме? Енди «ўәде-ықрар.., ўәде..» дейсиз. Бул ўәде-ықрар-ам тил менен берилген.

Айдос еки шекесин қысып шөкке түсип отырып қалды.

Хан кирген есигине қайта сүңгип кетти.

Қутлымурат инах Айдостың еңк-еңк жылап отырғанын көрип ағаштай сәрийди. Бираздан соң адамгершилик ҳүжданы оянып тәселле берди:

— Түргел, Айдос бий, ҳәр бир қораз өз кетегинде жаршы, қайт кетегине болмаса...

— Жоқ, уллы дәрежели инах бул әдалатлық емес! Мен сизди ҳақыйқый дос дер едим, дослығыңыз жыртық тон екен.

— Айдос бий, Хийўа қонаққа «кет» демейди, төсегин жыйнайды. Мен сизге гәптиң поселлесин айтып турман.

Хан және есиктен басын көрсетти:

— Айдос қарақалпақ, өз туўысқанларына көмек бермегеннен көмек күтиў ладанлық екенин-әм билмейсиз бе?

Ол үсыны айтты да, Айдостың сөйлеўине қаратпай инахқа ымлап ишкери әкетти.

Мийи аўылжып, ақылы сарсаң болып отырған Айдостың гүўилдеп турған қулағына мынадай сөйлесиўлер шала-пула еситилип турды:

— Қәне, ақыллы инах, отқа бирден суў қуйыў қәўипли, пысқыйды. Бул сада қарақалпақты қырға шыққан балық қылдық, қайта суўға салып жибериўге пендей мәсләҳәтиңиз бар?

— Атындағы қаласының қурылысын қайта тиклеўге ўәде бериңиз.

Хан ойланып қалды.

— Уллы ханымыз, айта бериңиз, күшикке шырағым деген менен балаң болып кетпейди. Қала керек болмаған күни тырнағына ызғар алдырыў қыйын емес, қарақалпақта Айдостан басқа бийлер-әм барғой...

Тыңлай бериўге Айдостың дәти жетпеди. Жүреги қақ жарылажақ болып датханадан шықты.

Датханадан қандай жағдайда шықса да, басқаларға сыр алдырмай, көрингенге бас ийип күлип сәлемлесетуғын бийдиң көзлери жер көрмеди, мийи мең-зең болып, сарайдың дәрўазасына жеткенше бир неше сүрникти. Еситкенлери аздай, муртлаш дәрўазаман оны сыртқа шығарып изинен және ғәзеп илгегин таслады:

«Айдос қарақалпақ
Басыңа тайқылпаңды кийде малыңды бақ,
Еки бирдей ишиңди тең өлтирип,
Хийўалыдай хан болмаға ҳәддиңе бақ!

Айдостың жүзи күйген ағаштай қараўытып, ат тепкен ийттей буратылыўы менен сыртта күтип турған атқосшысының алдына оммақазан атты ҳәм хүўшсыз гүбирленди:

— Пәлетийлер... пәлетийлер! Мени өлтирди... Доспан,,, Улым, Доспан... денемди әкетиңлер... өз жериме, өз топырағыма көмиңлер... «Майлы шеңгелден» өткерип көмиңлер...

50

Жумсақ бәҳәр самалы есип,өрге көксин тутқанға әллеқандай йош берип турыпты. Бәҳәр кейпине мойымай Дәўлетназар ғана онлаған дийханға мал аран қаздырып, үйилген топырақтың үстинде «бол, шаққан» деп, қамшысын гә төбесинен айналдырып, гә қапталдан таўлап, қонышына сарт еткизип айналасына айбат шегеди. Дийханлар күмбыл. Шаң-шаңға уласып атыр.

«Қара нар» лақаплы бири жер астынан шыққандай зоңқ етип араннан тыска секиреди де, кең маңлайының ылайлы терин жүнлес билеклери менен асығыс сыпырып, боталақтай дәпен денесине сәйкес домбай жүзиндеги қара сабақтай кишкене көзлерин қыпылықлатып, Дәўлетназардың қасына келди:

— Болдым, енди қәйерден қазайын?

Қарыўлы, ақ кеўил дийханға жас бийдиң кеўли толып мараппатлады:

— Па, па басқалары-әм сендей болғанда еди.

— «Қара нардың» ишкени ҳадалы болсын. Куда қәлесе, киши-гирим гүреслерге салыў ойым бар...

Қапталдан сөйленип киятырған Орынбай еди. Оның хошемети қулағына майдай жағып, «қара нар» урадай аўзындағы қашаўдай ири сарғыш тислерин көрсетип жымыйды. Дәўлетназар оның бир бүйиринен қамшысының сабы менен түртти.

— Сендей ҳадалый дийханның о дүньясы абат. Әттең, небир сумлар бар-аў! Анаўларға қара, аран қазып турған жоқ, топырақ суўырып турыпты.

«Қара нар» марапатқа шыдамай қапталындағы арнаға секирип түсип, ишиндеги дийханның белин сыртқа шыңғытып, өзин шығарып жиберди де қуллы-перең қазыўға киристи.

— Буған жарманың қойыўын аямаў керек, — деди Орынбай улыма. Дәўлетназар отаўының қасындағы түтин бурқырап атырған қамыс қосқа даўыслап, хызметкер ҳаялдан бир гүзе жарма алдырды. «Қара нар» аранда тикке турып, гүзени басына көтерип, оқпанға қуйғандай тез-тез ишти де, алақанларына түкирининп, әўелгисинен шаққанырақ қазыўға киристи.

— Жарманы кимге бериўди, қашан бериўди билсең, қор болмайсаң, балам, — деди Орынбай мыйығынан күлип.

Дәўлетназар мардыйып оған сораў берди:

— Аға, Айдослардың көп кешигиўин қалай жорыйсаң?

Айдос Хийўаға кеткели ишқысталықтан сүйеги гә қызып, гә суўып, жаңы парасат таппай жүрген ғарры бий баласына емес, алыс Хийўа тәрепке қарап турып жуўап қайтарды:

— Әлемниң бир бийик шоққысы уллы Хийўа ханының алтын саплы пышағы сепде. Егер қарақалпаққа ханлық беретуғын болса, уллы хан сени умытпайды, бас ўәзир қылып Айдосган жарлық берип жибереди. Буған ийманым кәмил. Өзинди таярлап жүргениң мақул, Айдос жөнинде ҳәзирше жаман сөз таратыў саған мийсар емес.

— Ханлық берермекен?

— Аламға бир тил берилген. Хан-әм адам. Пүткил қарақалпақты бүлдириў, постырып кейнин баллардың «қаўын ойынына» айналдырмас. Айдос-ом жезтырнақлы, тилинде ҳәм палы, ҳәм шенгели бар киси. Қуры қайтпайды.

Әкесиниң эцгимеси менен Айдосқа жек көриўшилик көз қарасы қәлиплескен жас бий бирден өзгериўдиң қыйыллығын еслегенде, көзлериниң асты шып-шып терледи. Найлаж, аяғының ушы менен топыракты сызды.

— Аға, бир жола, арысланның қуйрығы болыўдан пышықтың басы болыў абзал деген гәпиниз бар еди.

— Қудайталаның өзи бир жылды төрт мәўсимге бөлип; бәҳәр жаз, гүз, қыс деп ат берип қойыпты. Ҳәр мәўсимниң өз кийими, өз алдына ийип қысыўы бар. Енди уқтың ба?

Орынбай қазылған аранларды аралап баратыр еди, бир қапталынан келип қалған Қабыл бийди көрип гилт тоқтады.

— Дәўлетназар, меҳман!

Еле ой келебин жуўмақлап болалмаған жас бий Қабылды аттан түсириў ушын тапыраклай алға кәдем таслады.

— Орынбай бий, жәрдемге тоққыз сыйыр айдатып киятырман, — деди Қабыл сәлемнен бурын. Онысында пада-шада маллары бар Орынбай жайма-шуўақлана күлип барып, қол алысты:

— Ха, биз ақыры, қоныс озгерткен, бүлген адамбыз. Алла зият етсин. Хийўадан кендей жаңалық бар?

Дәўлетназар Қабыл бийдиң «жәрдемин» ертеңги бас ўәзирге аўызбастырық шығар деген ой менен, жүдә кеўилли еди, әкесиниң сораўына жуўап күтип, қыймылсыз қалды.

— Мениңше, Айдосқа мине ханлық, — деп Қабыл оң қолын мушлап, еки бармағының арасынан бас бармағын көрсетти. Орынбай бир дем сулық болып, баласына көз астынан нәзер қылып, оның лалы шығып қалғанына шыдамай, терлеп сала берди.

Еле аттан түспей турған Қабыл бий, аўылдың күн шығарындағы гүзар менен өтип баратырған арбаға ерген, жүдә салпаўсып

шаршаған, бир топ атлыны көриш қалды. Бири басын ақ шүберек пенен таңыпты. Ортада Айдостың жайдақ атын таныды.

— Әне, Айдос баратыр!

— Мәгәр болса, Айдостың өлигин әкелатыр, — деди Дәўлетназар, аяқларының ушына көтерилип.

Аран қазыўшылардың бәри беллерине сүйене ырғып-ырғып сыртқа шықты.

Қабыл сөйлеместен өткиншилерге ере берди, Орынбай менен баласы аранышларды елестирмей, тез-тез атланып, шабысы менен оларды қуўып жетти.

Айдос арбаға төселген кийизде бир қыялап, алтақтаға басын қойып жатыр. Сақал-мурты өскен, шырайы жер реңинде. Хийўаның түбиндеги «бағлы аўыл» деп атанған аўылдың атақлы бағманы менен бийтаныс бир молла еки қапталында отыр. Басын ақ шүберек пенен таңған сол «бағлы аўылдан» шыққан атақлы Юсупжан шабандоз екен.

Бийлер ҳештеңеге түсинбеди. Атлылар сөйлемейди. Доспан ҳәммеден изиректе. Көп күн уйқы көрмесе керек, қабағы исип қатыпты. Дәўлетназар оның менен қабатласып әстелеп сораўға тутты:

— Сорама, Дәўлетназар... Хан алдады... Бийбабам бул жақты әлемнен ўаз кешип еди, илая берекет тапқыр мынаў адамлар аман апқалды...

Орынбай бий баласының Доспан менен гәпке шуғыл кирискенин көрип, оларға селтең берместен, Қабыл менен қатарласа арбадағы Айдосқа сәлем берди.

— Әдийли бийлер, алдандым, — деди Айдос. Сөйттиде басын алтақтаға урып, сес-семирсиз қалды. Оның бетине үнилип арбадағы бағман менен молланың көзлеринен жас парлап кетти.

Аздан кейин Айдос безгектей қалшылдап, бирден тикейди де, мушы менен өз маңлайына урды:

— Бирәдарлар, кешириңлер! Достыңды мақтасаң, жаманлығы болған күни айтарлықтай, душпаныңды жаманласаң, жақсылығы болған күни айтарлықтай, саңлақ қалдырыў керек екен. Мен Хийўа ханын саңлақсыз, мүлтиксиз мақтар едим,... маңлайы қара болдым, ели-халқымды бахытсыз қылдым...

— Айдос бий, парасат қылыңыз, — деди бағман. — Сиз де, елиниз де бахытсыз емес, ким ўәде-ықрарын бузса, сол бахытсыз. Сиз ўәдеңизде турдыңыз. Хан бахытсыз!...

Қабыл менен Орынбай ҳаўлығысып бир-бирине қарасты. Айдос бирден туўлап, арбадан жығыла жазлады. Бағман менен молла зорға басып қалды. Оның менен Айдос тынышланбады. Аўыллас бийлерин көрген соң шағынғысы келди ме, нағыз делбеси шығып зарлана берди:

— Бирәдарлар, кешириңлер, ханның еки түрли ғәзийнеханасы бар екенин билмедим, ҳеш билмедим... Бири қызылға, бири бос ўәдеге толы екен. Мен соңғысына қәнәәт қылып жүре бериппен...

Маған енди өлим миясар, тек өлим! Келиңлер, өз қолыңыздан өлтириңлер!... Билесизлер, неше адамның көз жасына қалдым... Екі инимди өлтирдим. Бәрин де жақсылық ушын қылып едим, ели-халқыма ханлық алармын деп едим... Құрысын бул жалғаншы дүнья! Көрмейин, қайтып көрмейин, жақынлаңлар! Өзлериңиз өлтириңлер, мен арсызды аяманлар!...

— Айдос бий, — деди және бағман. — Сиз уллы мақсеттиң адамысыз. Уллы мақсети бар адам өлтирилмейди, өзи өлмеўи тийис, тынышланыңыз. Айта бермеңиз, биздей досларыңыздың жүйкесин қуртып, өлимди тилге алабермеңиз. Бизиң өзбеклер сизиң тәрепиңизде. Құрысын хан, керек күни жәрдемге таярмыз, сизлер ушын бас бериўге таярмыз. Лекин әўеле елиңизди тойдырып алыңыз.

Ҳәрқандай қыйынлыққа төзимли, парасатлы бий тыңламай және шапшыды:

— Маған өлим! Мен бахытсызға өлим!...

— Айдос бий, — деди бағман оның шалғайынан басып. — Тынышланыңыз, аўылыңызға жеттиңиз. Өзбеклерде «жесир қатын алған киси тайын балларға әке болады» деген нақыл бар. Сиз пүткил бир елге әкесиз. Өлсеңиз, пүткил қарақалпақ халқы жетим қалады. Ханның тилегени де усы. Сизден кейин өспеп жетимлерге әкемен деп отырмақшы. Өлимди ойлап, елиңизди жесир қатын қылмаңыз. Қарақалпақлар ушын он өгей әке сиздей бир әкеге татымайды. Есиңизди жыйыңыз. Көресиз бе, изиңизде неше хийўалы атлы киятыр. Бәри сизге жәрдемге киятыр. Бағ егисемиз. Айдос аўылы бағлы аўыл болады.

Орынбай атлыларды серлеп, олардың ҳәрқайсысы бир қушактан ағаш нәллерин бөктергилерине таңып алғанын көрди де, Қабыл «не қылайық?» деген назер таслады ҳәм оның бир нәрсе деўин күтпеди:

— Қабыл бий, ақмақ пенен жүрип жол таңқаспа, ақыллы менен адасқан мақул. Тарт атыңның басын.

— Мақул айттың, Орынбай бий. Ақылсызға ақыл айтыў — түпсиз ыдысқа суў қуйған менен бара бар, жүр изге кеттик. Ҳақыйқатында, Айдосқа арсыз өмирден абыройлы өлим артық, екенин билмей, анаўлар қуры зорлап баратыр.

Айдосты Хийўадан экелатырған атлылар изде қалған бийлерге ғәзепли көзлерин бир-бир қадап, алға жүрисин даўам етти. Екі бий оларға итибар берместен, былайырақ шыққаннан кейин Дәўлетназардан Доспан менен не сөйлескенин сорады.

— Япырмай бала, — деди Дәўлетназар тамсанып. — Хийўада Айдос бийге дос жоқ шығар дейтуғын едим, көп екен. Айдос Доспанға башартпай, Сарай дәрўазасына басын урып өлейин деп атырғанда, жаңағы арбадағы бағман менен Юсупжан шабандоз келип қалыпты. Сөйтип Айдостың муңын, зарын еситип, ханға арзы етип кирген екен, хан «пәмәртлер» деп Юсупжан шабандоздың қулағын кесип қайтарыпты.

— Юсупжан шабандоздың басын танып жүргени сол ма екен?

— Сол екен, ага.

— Қайтқанымыз жақсы болды, — деди Қабыл. — Урыны жасырған уры деген раўаят бар. Ханға жаманлыны жасырып, пүткил қарақалпақ халқын жесир қатын қыла жазлаппыз.

— Айдос жеңисиз, жаныраксыз ағаш еди... — деди Орынбай.

Бунан соң олар сөйлеспей, өз ойлары менен үйли-үйлерине тарқасты...

* *
*

Әдиўли оқыўшым, «дәстан» усыкәрада тамамланыўы керек еди, бирақ...

...Айдос үйине келген соң да «өлемен» деп талай қыйқаң салды, әкелискен дослары, жақынлары өзиўине имканият бермеди.

Бағман менен Юсупжан шабандозлар ол өзине келгенше бирге болып, нәсиятлап, тирилик өш алыў ушын керекликгине исендирип, отаўының айналасына, аўыл ортасындағы суўға тийиклеў бир кеңисликке қарық жардырып, әкелген нәлшелерин тигисип қайтты.

Айдос биротала төсек тартып жатып алды. Кисиге көриниўге бети күйиктей, саралаўға шықса, ески қара шапанын басына бүркейди.

Бир жола бастырынып жатып, өзинен-өзи гүбирленди: «...балам, ханның сыры қупия, қыялы—үстине қар жаўған муз...» Буны оған ким айтқан еди? Узақ түнлер бас қатырып, еследи: жас Айдос Хийўада оқып келип, ханды асыра мақтағанына шыдамай, аты әпсана Маман бий айтқан еди. Айдос сонда оның жалғыз атын сойып күтип отырғанына қарамай, ашыўланып кетти. «Ооо, сорлы Айдос, дана бий бәрин алдан көрген екен ғой. Мине, енди саған да көп нәрсе аян... Ханның сыры қупия... усыны айтсам ендиги жаслар инанар ма? Инанбайды. Неге? Солай, инанбайды». Ол усы ойы ушын өзин айыплап, нуқыл тислерин гашырлатты...

Қарыўлы, тынымсыз, ғайбар әке, «кесел» таўып төсек тартқанды , еки улы бурынғыдай ойынды қойды, табанларына қоз басылғандай хызметке машқул, егер, ол сандырақласа, екеўи теңнен бетине үңилип, көзлеринен жас тамшылайды.

— Еки бирдей көзимнің қарашықлары, — деди ол бир сапары алдында мунайысып отырған улларына. — Еледе жақын отырып тыңлаңлар. Бүгинги күн кешеги күннің шәкирти дегең гәп бар. Мен кешегимнен бүгин үйренгенлеримди айтайын. Киси өзи ушын жасаса пысқыйды, балашағасы ушын жасаса жанады, ели ушын жасаса, жақты береди. Аты әпсана Маман бий ели ушын жасап кетти, жыллар өткен сайын ол жақты. Мен де ел ушын жасаў арзыўсында едим, қәтелесип, пысқып атырман, жүдә пысқып атырман. Енди сизлер қәтелеспегейсиз, ел ушын жасап жақты бергейсиз. Бул ушын ең әўеле туўған халқыңды сүйе билиў керек. Халықты еки түрли сүйиў бар. Биринши: барлық исиң менен, ҳәт-

те өлимиң менен болса да, халықтың атын шығарыў. Екиншиси: халықтың атын көзгир қылып, шаўқым салыў менен, өз атыңды шығарыў. Мениң мақсетим биринщиси еди, алжасықтан мойныма екиншиси илдирилип турыпты. Сол пысқытып атыр. Сизлерден өтинишим, ҳәм аталық буйрығым: халыққа шын кеўилден садық болыңлар. Жигит ушын ел нөкери болыўдан ағла қарыз да, парыз да жоқ. Гиндик қан тамған мәкәнды жаў басқыламасын, жигит болсаңыз, өзлериңизди елдиң жаў жағына қалқан тутыңлар!...

Ол улларын еле көп гәпке түсинбес деп ойлайтуғын еди.

Жүзлеринен келисим белгисин аңлап, ишегин өртеген оттың бир буўазақ жалынын сыртқа шығарғандай, бойын сәл жеңил сезди...

...Бәҳәрде «Бағлы аўылдан» бағман менен Юсупжан шабандозлар жигирмалаған болып және келди. Бул сапары Айдос аўылынан Қусқана таўына шекемги аралықта көп жерлерге бағ нәлшелери отырғызылды. Енди Айдостың кеўили азғана сергекленип, анда-санда далаға шығып, жан-жаққа нәзер таслайтуғын болды. Еле баяғы көринис: олай-булай ыққан дийўаналар, жетелескен ғарры-қартаңлар, жетим-жесирлер, арман-берман шапқан атлылар, қыйлы-қыйлы ғаўасатлар, түсиниксиз шаўқымлар...

Ол отаўына сүйенип турып, әлле кимлерди алдына салып жарыспаққа қамшылап айдап, сөгинип баратырған үш атлыны танымай узақ сығаланды. Көзлери жөнинде шағынбайтуғын бийди қапталында турған Қәдирберген де, Доспан да аяды, бирақ, пәленшеғой деспеди. Айдостың кейпи түсип, көзлери жасаўрап тунжырап қалды.

— Қапаланбаңыз, бийбаба, — деди Доспан шыдамай. — Олар Қабыл, Молла Дөўлетназар, Аймурза бийлер. Хан асық берсе, саққа қылыўға нийетленип, атлап-шап болып усы жүриси. Журт еле сизиң тәрепиңизде. Сиз айтпаған соң ҳешким ханға салық төлемей атыр.

— Қой, ақыллым, досты хошаметлеў — душпанлық. Жўрттың салық бермегени — айғырға айналғаны, күшейгени, — деди Айдос.

Доспан қызарды.

Айдос тақыясын алып аппақ шашын қасыды.

— Бир заманлары елдиң аўыз-мурнынан асқан тоқшылық болған екен, — деп ол күтә олиең даўыс менен ҳикаят баслады.— Бир ҳаял баласын тосып болып, қуйрығын сыпырыўға кесек таппай, жарты нан менен сыпырған екен дейди. Әне, тоқшылық! Соннан, қуданың ҳәмири менен, келеси жылы жерге гия көгермей, ийт етин, бийт етин жеген ашлық басланыпты. Сол ҳаял, ашлықтан теңселип, тап өлерге келгенде, баласының қуйрығын сыпырған нан ядына келип, қайерге таслағанын билмей изленти дейди. Тамның жарығына тыққаны есине түсипти. Алайын десе, жарыққа қолы сыймай, диңкеси қурығаң ҳаялдың басына бөтен

ақыл келмей, жарыққа тилін суққан екен, жарықтан жылан шығып, хаялдың тілін шағады. Хаял өледі. Әне соннан кейін ел бұрынғы қолдыне келіп, тоқшылық болыпты дейді. Буның мәнісі— адам неғұрлым қорласа, соның зарын шегеді.

— Мейлің не, сіз ұлықсыз қорлаған жоқсыз, бийбаба.

— Сенің не солай шығар, бірақ, мен қайсысының болса да, зарын тартып атырмап.

Доспан, Қодирберген тым-тырыс қалып, ой тоғайына кірді. Жол ташпай ұзақ сандалысты. Әлленемирде Айдос сөйледі.

— Қылып пенен болса да, шашырап жүрген ел топланып еді. Енді олардан салық жыйнау ауыр емес, бірақ «төлемең» дегім келеді. Әттең, маған халық инанбайды, себебі бәрі ашыўлы, көбісі қопыстан айрылғаны үшын ашыўлы, жетімлер урыста өлген әкелері үшын ашыўлы, аш-әптадалығы үшын ашыўлы... Кімге не деримді, кімнен кешірим сорарымды билмеймен. Арба сынғансоң тегіс жол тапқаннан не пайда? Түсинбеймен. Құдай достына я кесел, я қайғы жибереді дейді, құдай мені дос тутып, о дүньясына тезірек алдырсада, шеп болмас еді. Жүдә қыйын саўда болып тур.

— Жақсы басшы актерек емес, гүжим, саяманлы гүжим, деген гәпиңиз бар еді, бийбаба. Еледе журт паналағандай гүжимсиз, өсеклерге құлақ аспаңыз, бийбаба.

Айдостың жүзінен ашыў изи серпилген сыяқланды да, бірден тамыры қыйылған шөптей солып, әўелги кебине түсти.

— Өсек мисли көмір, Доспан, өртемеген менен үстинди ыласлайды...

...Және жаз кирди. Шыжғырған ыссы күнлердің бирінде, еки ұлы менен бағ нәлшелерине суў қуйып жүрген Айдостың алдында Құтлымурат инақ пайда болды. Айдосқа ҳешқашан қылап қылып көрмегендей, кеўилли. Айдос бул гезлесиўге қуўанышлы болмасада, найлаж үйине меҳман қылды, өтиниши бойынша аўыл кәтқудаларын жыйнап бирге отырғызды.

Құтлымурат инақ отырыспаның гүлтажысына айланып, бир өзи сөйледі, оның гәпи бойынша хан қарақалпақ халқына аса меҳирли, Айдосты еле бийлик лаўазымынан азат қылмаған. Салық жыйнаў тезлетилсе, «Айдос қаланың» қурылысын қайта тиклеўге өнерли қоллар жибереді. Хийўада ким бала оқытқысы келсе, медреселердің дәрўазалары ашық.

Айдос оған әпиўайы меҳмандослықтан басқа мойымады.

— Уллы бий, — деді аўылласлары инахты Хийўаға узатқаннан кейін. — Ийилгенге ийилиў ақыллылардың иси, бир рет тондым деп, бар отынды ошаққа тығыў жақсы емес. Бала жыйнап Хийўага өзің апар. Ханға да хабарлас.

— Оо, бирадарлар! — деп Айдос оларға көзлерін көрсетпей, басын шайқады. — Қыйнамаңлар, көп нәрсеге көзим ашылды. Ханлықтың бас қуралы алдаў екенін уқтым. Ханға қарсы шақы-

рық таслағым келеди, әттең мендей алжыған писаңға ким шапады, ким? Кеше емес пе ханды периштедей мақтап, елди қыйнап салық жыйнағаным?

— Айдос бий, — деди ең мәпилик кәрия. — Бул дүньяның әдийшелерине түсиниў наятый қыйын. Хан деген бәҳәрги нөсер. Жаўса, жоқ жерден замаррық көгереди. Сениң орныңа Қабыл, Орынбайлар көгерип атыр. Олар қопарылса, және нөсер болады, орнына және бир ақшамда көгерген замаррық көресең. Бизиң зәманымыз солай, Айдос бий. Ләшкери бар хан «бермеймен» десең де, алады. Оннан да өз қолың менен салықты жыйнап апарып, жақсы атлы бол, ханның нөкерлерин елге үйирсек қылма. Еле алдымызда дәс жоллар бар емес пе? Дәрьядан өткенше дарға менен жәнжеллесиў қәте екенин өзиңнен еситкенимиз бар, қойныңнан атар тасың қалмасын.

Айдос мыйық тартты. Отаўға қуяш нуры түскендей, отырғанлардың жүзи бираз жадырады. Ҳәркүни келип, есиктеги шыптаның шетине түнжырап отыратуғын Доспанның қабағы ашылды.

— Мәсләҳәтиңиз маған да унап отыр, — деди Айдос әлленемирде. — Хан атлылары жеримизди басқыламағаны мақул, елдин ишки сырын биле бермегени мақул. Қәйтседе өндиретуғын затын өзим-ақ өндирип апара берейин.

Ол қайтадан атқа минди. Дабылы тап бурынғыдай болмаған менен, сырттан аңлыған дүшпанлары сескенгендей айбаты сақланған еди.

Өз ўақтында хан салығын жыйнады...

Хийўаға апарып-әм келди...

Және бир нәўбетинде аўылдың онлаған баласы менен өзиниң Ырза, Төресин Хийўаға оқыўға берип қайтты. Базы сапарларында ханның мирәти менен, оның қоңсы елатларға шабыўылына да қатнасып турды... Бәрибир жүрегинде қатқан муз еримеди, түйилген түйин шешилмеди, қойныңда ханға атар тасы жүрди, бирақ өш алғандай имканият табылмады.

Усылай, аўара сарсаңлықта жыллар изинен жыллар артта қалып бара берди...

1825 жыл келди...

Түнги шақмақтай жүрттың дыққатын аўдарған және бир жаңалық пенен аўыллардан аўылларға жаршылар шапты.

— Дәўир кимниң дәўири, Аллақул ханның дәўири...

Ҳәркимниң өз дийди, өз гумарашылығы. Жаңа ханға ҳәркыйлы баҳа берген халық аўзындағы болжаўлар өрмекшиниң аўындай шымшытырықланып, еки жылға шекем басылмады...

Босқа тон пишиўлердиң ҳеш қайсысы Айдосқа жақпайды. Бурынғысынша хан салығын жыйнайды. Соңғы хан күтә шыдамсызлаў екен, сәл кешиксе, бас салықшысын жибереди. Бас салықшы жүдә биймаза ҳәм зулым. Ҳешкимниң дуў-сыйына қаратпай-

ды. Ғарры Айдосты алдына салып жүрип азаплап, салық жыйнатады.

Айдос быйылғы салықты жыйнаўға күтә кемсалыйқа. Жалғызлыққа берилип өзиниң өмир жолына және бир шолыў қылды. Устағанлы бир исти көз алдына елеслете алмай, суў қысымлаған сыяқланып, төрпеп гөри жуўық көрине берди. «Мен әлле қашан өлгенмен гой, бунан онбес жыл илгери өлгенмен, — деди өзинен-өзи гүбирлеп. — Тек сүлдерим қыймылдайды. Бул сүлдер әнейи сүлдер емес еди. Бир гөрге ларс етип қулайтуғын күн алыс емес. Тири қалып дүньяда не арттырдың? Кимнен өш алдың? Билесең бе? Билесең, Айдос! Хәр жаңа хан әўелгисинен зулым шыға береди. Усының дөўиринде тирилигиңди көрсет! Ха бахытсыз Айдос! Жекке ат шаппақшымысаң? Әўеле елиңди сына, жасларды жыйна, набада өлип кетсең, елиң кимниң қолында қалады? Самалдың ығын ала беретуғын Орынбайдың ба, я Қабылдың ба?... Жоқ, жоқ, олар хешкимге хешўақытта қорған болған емес, болалмайды... Жығылған кийикке таласатуғын тазылар олар. Елдиң ертеңи бүгинги жаслардың қолында қалады. Мениң заманымда жаслар кандай болып өсти екен? Сынап көриўим керек! Бул ата-бабаның жолы, бул уллы Маман бийдиң жолы еди... Егер күштен, ақылдан артықмаш туўылған жаслар табылса, оларға ҳамал бериў, бахытлы қылыў қолымнан келмесе не? Ўай сорлы Айдос, сениң қайсы әрманың иске асты? Несине өкинесең? Жасларды сынап, ақылы, күши зиятлардың атын елге данғара қылыўға хәрекет ет. Егер халқыңды шын сүйген адам болсаң, жаманлық күни халқың кимге сериў тийислигин көр, ондай жигит табылмаса, изле, тәрбияла, соңнан соңғы өлимиң бийәрман, рәҳәт өлим, Айдос!...»

Усылайынша өз өзинен сөйленип отырып, ендигиден былай журтқа өзин түсиндирмесе болмайтуғындай сезди. Бирден Маманды еслеп, оның менең мәсләҳәтлесиў иштейи оянды: «Ақылы мол қусаған еди, шын төреликке туратуғын жақсы қәсийети бар еди. Дийдарласпағанымызға неше жылдың жүзи, шынымды айтып сырласайын. Егер ғаррылық, жарлылық жеңип, ақыл сандығы тозбаған болса, алдына келгенимди күстаны қылмас...»

51.

...Маман барлық дәрежесинең журдай болса да, көп қәдир билислери оны дөгереклеп, Айдос аўылына еки шақырымдай қашықлықтағы бир шоқалақ қамысты арқасында қалдырып қопысласты. Аўылы бойынша бир-биринен байлығы артық шаңырақ жоқ, тек ғарры Маманның ақылын пана билип, аш-әптадалықта да бир-бири менен сыр ушластырып, күш жалғастырып, нан алысып, сыйырлылары сүт қатығын бөлисип отырған ҳаллары бар. Маман быйыл сексен төрт жасқа қарайды. Ҳәсиретке толы жыллар, жоқшылық басқа заманласларына усатып, оның да көзлериниң нурын кемитип, жүзине шым-шытырық торын салды, сақал

шашын қардай ақ бояўға бояды, темир ҳасадай тик бойын оңжай қылып ийди. Жаўгершилик жылларында балаларының үлкенлери урыста, кишилери кеселшиликтен қазаланып, ҳаялы менен перзентсиз қалды. Оның үстине, ол да өзин журтқа өтирикши сезеди: орыс патшалығына кеткен Атабек палўаннан намыў-нышан жоқ. Бул оның гаррылығына және аўыр жүк болып, Орыс патшалығы ҳаққында «ертек» айтқанды тоқтатты. Ғаррылық жене баслаған пайытта елди Хийўа ханы жаўлап, ел көшип, ашлық басланған жылы, жолда өлип атырған ҳаялдың қасында ойнап атырған еки жасар қызды көрип, үйине әкелип, кемпирине тапсырды. Өзлери «Айымгүл» деп ат қойып алды. Әне, сол Айымгүл екеўиниң ең соңғы жалғыз қуўанышы. Қыз ушын жанларын аямай өсирди. Қыз бийыл онжеттиге толтырып, күтә ақыллы, сулыў болып ержетти. Ендиги жағында қыз әлленеткен биреў менен қашып кетип, қартайған ҳалда кемпир менен биротала әменгерсиз қаламыз ба деп қорқады. Жаўшылар келиўинеде қайылшылығы жоқ. Базда қызы жоқта гүрсиниў толғанады:

— Байлық деген қолдың кири, жуўылып кетер бир күни...

Қыз олардың кейпи қорахтың толық түсинеди, өгейменбе деп есине келтириў былай турсын, ҳешбириниң зейнине тиймейди. Хызметке пейпик. Оған ата-анасы ыразы.

Халқастан соң гарры менен кемпир ылаңықтың қуяпламасына шығып, қызы дигирманға кетер алдында жайған бир жайыў жүўеринің таўығын қорып отырып, таза шыпта ушын шылымтал есиўге кирискени, қапталдан биреў сәлем берди.

Олар теңнен жалт бурылып, Айдосты даўысынан таныды. Айдостың есикти изеп баспағанына көп жыл болған еди, келисинен екеўи де жақсылық күтпеди. Бәлким, қызына жаўшы болып киятырған шығар.

— Ғарры, қыз жөнинде болса өзиңе беккем болағөр, — деп сыбырлады кемпир.

Маман Айдосты жақтырмағанын жасырмай, туў сыртын қаратып отырды.

Айдос оның ашыўын сезбегенге салып дегинти:

— Маман, көринбейсең? Аўырған гезлерим-ом болды, ҳал сорамайсаң?

— Жипек дометин жалтаңлықта жасағаннан, шобыт киийип жүзимь жарқын жүргенш абзал.

— Алдыма душпаным келди деп, шеңгел қамшы алып тийисе бериў , ақыллылардың иси болмаса керек, Маман.

— Ай болмаса, адам ақылдан адасып, күн болмаса, кеўилди кир басады, Айдос. Айың, күнің батқансоң келип турсаң.

— Бас ийгенге, бас ийиў бабаларымыздың салты емес пе?

— Суў менен ойнап батып, от пенен ойнап күйип, хан менен ойнап еңсеңде қылыш көрип, албырағаныңнан адасып келгенің, бес саўсағымдай аян, Айдос. Шырайың үзилип түскен жапырақтай солыпты...

— Сен қалай тоң ішсең, сол тоң маған шақ келетуғынын білемен. Келмейін десем-ом келдім.

Маман енді ішіне қайтып, ішкерілеуге мирәәт қылды.

Ең дәслеп Айдосты қызықтырған мәселе Маманның қазақ ханынан, орыс патшасынан қандай хабар билетуғыны болды.

— Жаңыма егеў салайын деп сорадың-ә, Айдос,—деди Маман күйініп,—Мейли, дурысын есит. Патшаның, ханның дәйеклиси болмас екен. Ўәделери гүўлеген самал яңлы болар екен.

Айдостың маңлайында жыйрықлар пайда болып, ошақтағы оттан көз алмай, муңлы кейипке түскен үй ийесине қарады, өзи де қапаланды.

— Мен де бир гүўлеген самалға арқа тиреппен, Маман. Шалқама түстим. Инансаң, гөр аўызында жүрмен.

— Билемен, Айдос. Сол ушын сыртыңнан көп аядым, болмаса, әллеқашан жаның жәҳәннемге кететуғын еди.

— Бундай тириликтен өлим жақсырақ.

Олар узақ ўақыт үнсиз қалысты. Әлленемирде Маман бас көтерди.

— Заңғар Никифор орыс елине жеткен соң Атабекти алдап, барын талап, изин гүм қылдыма деген-ҳәм гүдигим бар. Болмаса, бир жағынан шықпаспеди? Қара, оналты жылдан асып баратыр. Еле жоқ, еле күтемиз найсапты.

— Жайнамазға қонақлаған шымшықтай азғантай елди ел деп келген сизлердей ақылсыз елшилердің тилин кесейин, деп, патшасы өлтирип қойды ма, қайдан билемиз. Заманымыз күтә гәрдишли, булағайлы заманғой... Билмедим, бурынырақ жасап кеткенде бул аўҳалға түспес пе едик. Өйдейин десең, бабаларымыз бир жерде жүз жыл қоныс баспаған елмиз, я ғарғысқа ушырағанбыз ба? Сирә, солай шығар. Буннан жүз жыл соң туўылғанда ма?

— Адам баласының ықласы, көз жасы қуяштан-әм күшли дейди. Қуяш булт астында узақ қалмайтуғыны ҳәммеге аян. Бизлер адам емеспе екенбиз-ә? Адам болсақ, сонша ықласымыз көмилип қала берер ме екен? Жоқ, қалмас! Қыялым Атабеклер орыс патшасынан жақсылық әкелетуғындай.

— Мен шынымды айтсам, дини басқаның сыры да басқа!

— Дини бир Хийўа ханы арқаңнан сыйпады ма еле?

Айдос ата сақалын үстиңги ерини менен қымды. Мезбан менен мийман арасында және үнсизлик ҳүким сүрди.

Олар бас қосқанда ҳаўа ашық сыяқлы еди, демде қуяшты булт басып, жән-жақ түнерди, қәпелимде гүлдирмама гүркиреп, шақмақ шақты. Бирден санмың қол ылашыққа тас ылақтырғандай, тарса-тарс жаўын қуйып кетти. Бул олардың отырысына кесент келтирмеди, қайтама, ошаққа абыныңқырап, бир-бирине жақынласты.

Және түйдек-түйдек гәп басланып, көп гөнепатлақлардың асты үрленип, қайтадан бөрттирилди, гейде қызып, бир-бирине алып топылысты, және суўысты...

Әсиресе, жаңа хан ҳаққында қызғын пикирлести. Өткен ханлардың жолы менен жүрсе, буның әўелгиден қатал, жаўыз, биреҳим болатуғынын екеўиниң де гәпти дәл тийгизген нышанасына айналды, пикирлери түйилисти. Күн және ашылды.

— Қәйткен менен де ханға қарсы таярлық керек,—деди Айдос өзине тән суўық қанлылық пенен.—Нәлетий ханларға тән қәсийет—көлеңкесин алдамақшы болып-әм буғады. Мен Мухаммед Раҳимниң көлеңкесин алдап буққан сумлығын түсинбедим. Бир жағынан түсинбегениме де ырзаман. Себеп пенен ел топланыңқырады. Қалай қарайсаң, енди ел күшли емес пе?

— Мениң пикиримше, елдиң соңғы жылларға кәрахты жаман емес, жәмлеседи, биреў баслай билиўи керек.

Айдос ойға шүмди.

Маман оған еле исенбей, жөгишилик етип отырған жоқпа дегендей, көзиниң астынан бақты да отырды, бирақ гүманланғандай иллет таппады.

Айдос ханға қарсылық жөнинде ойлағанда, биринши гезекте ханның қураллы ләшкерин көз алдына келтирип, оларға төтепки береалғандай бекинис жөнинде ойлайтуғын еди. Буған Сары атаў деп аталған кең қолтықлы атаў қолайлы. Үш тәрепи Арал теңизи менен жалғасқан жайлым суў, сайыз, тереңлиги журттың борине жумбақ, набада жаў басым келип, жан саўғалап тайсалақлар күн туўса, жайлым суўдың ортасы менен Қызыл қумға шығып кететуғын, тереңлиги ат саўырысынан аспайтуғын әййемги жол бар. Оны гүллән балықшы биле бермейди, көп сыр Айдостың тек өзине аян. Атаўға қурғақтан бир ғана аяқ соқпақ ашылған. Еки бойы қалың қамыслық, аз санлы нөкер-ақ сол қамысты жағалап, гезе тутып аңлыса, ханның есапсыз ләшкерин баўдай орыўы турған гәп...

Ол көзлерин перделеп әлленемирде басын көтерди.

— Ел ханның зулымлығына қарсы қайўақтада көтерилмей тынбайды. Биз, ғарры қасқырлар, соның ғамын жеген демекши едим.

Маман еле қорқынышта. «Қызым жөнинде гәп баслаў ушын узақтан қурық таслап отырған болмасын. Оның буидай гәплерди айтыўы онша инанымлы емес, себеби, жаслығы өтип кетти, көтелиги басынан асып атыр... Болким, дурыс көўлип айтып отырған да шығар. Үлкен баласын үйлендирди. Кишкене баласы барғой! Жооо... жоқ... қызымды Айдостың ҳеш баласына бермеймен, биреўге ара түсип келген болса, оған да бермеймен!

Ол ашыўын және елеспелирек қылып, даўысын бәлентлетти.

— Айдос, сен ханға қарсы көп пикир айтып отырсаң, ал көп үрген ийт тислей алмайтуғынын менен жақсы билесеңғой.

— Ақсаққа ақсақсаң дей бериў-әм, қалайынша ақсап жүриўди үйретиў-әм, ақыллылардың иси емес, Маман.

— Қан түпиретуғын адамға алтын ләген тутқаннан пайда бола қоймаса керек.

— Маман, өгизди қалай қарап сойсаңда, қалай сойсаңда, екі тери алалмайсаң. Қызбай тыңла, енди екеўимизде де күш жоқ, тек өткенди еске түспеймиз, болғаны. Аты әпсана уллы Маман бийдиң аты ҳүрметине сениң атың қойылған, оны жақсы билесең, лекин, оның барше даналықларына еле пәмиң алыспаса керек. Есиңдеме, ол, қарақалпақта бәрше ҳаял туўыўы керек, байсыз жесирлер-ом туўыўы керек деп, ҳүким шығарды. Журт түсинбей оны услап сабады да. Лекин, ол пикиринен қайтпады. Бир топар жигитлери менен аўылма-аўыл жүрип, қарсылардың гәсине қамшы жумсады, гәсин тораңғылға асты. Құлласы ҳүкимин орынлата берди. Енди ойласам, ол пүткиллей дурыс ислепти, дурыс ғана емес, әлем үлги алғандай даналық ис ислепти. Көп посып, көп қырылып, биротала жоқ болыўға жақынлаған елди сақлап қалыў ушын оннан артық жол табыў қыйын. Өзиң билесең, соңғы отыз-қырық жылда ел әдеўир толысты. Бирақ гилең бийлер бирикпей, елди төрт жаққа бөлдик. Елин сүйген адам буған шыдаўы мүмкин емес еди. Себеби өзи аз ел төрт ханлықтың қолтығына кирип кетсе, қарақалпақ елиниң мәкан жайы қәйерделигин әлем умытпаса еди? Буны өз ўақтында айтыстық ғой. Жасың нешеде, Маман?

— Сексенниң төртине қарадым.

— Әне, Уллы Маман бий Уллы орыс патшасына барып «Уллы Умит қағазын» алып қайтқанына сексен төрт жыл! Орыс патшасы ўәдесине опадар болса, сексен төрт жылдан бери неге келмейди? Неге елди бириктирип кетпейди? Неге майда-майда ханлықларға талатып қойыпты? Өз ўақтында айтсам, қулақ аспадыңыз. Не қылыў керек? Күн шығыстың ең күшли ханлығы Хорезм ханынан жарақлы нөкер әкелип, бәршени бир мәканға жыйдырдым. Қайда болса да пүткил қарақалпақ бирге болсын, өлсе бир шуқыр, тири болса, бир төбе дедим. Өзиң билесең, бул ансатлыққа түспеди. Көп-көп қан төгилди, көп гелле кесилди. Түсинемен, келеси әўлад кеширмесе, заманласларым алдында гүнам аўыр, наятый аўыр!

Айдос өзгелер алдында көп шағынып сөйлеп, көп налынбайтуғын еди, ҳәзир жүдә ашылысқаны ушын ба, Маманның басына мусаллат түскендей, үнсизлик пенен тынлап, өзинен өзи аўыр гүрсинди, бирақ, Айдосқа өз атынан жеңиллик бериў нийети жоқ.

— Әўелги ойыңа оралшы, Айдос, не деп едиң халық хан зулымлығына қарсы көтерилер күн туўады, соның ғамын жейик деп пе едиң?

— Солай, Маман. Ел көтерилсе, айдаладағы қанбақ болмасын, ай тақырда оққа ушпасын, бир қорған салсаң қәйтеди, демекши едим.

— Қәйерге?

— Сары атаўға.

— Ол қәйерде?

— Уллы Маман бийдиң ўағында Бородин деген сары орыс

уста көп кемелик тахта шығарған атаў ше? Ҳәзир бир жағының суўы қайтып, қурғақтан жол түсти.

— Бул ойын шеп емес, Айдос, бирақ, отаўды сатып, орнына есик алып, қулып урып жатқандай болмас па екен?

— Басың ақыл сандығы сыяқлы еди, Маман, ғаррылықта гилтин жоғалтыпсаң,—деп Айдос ашыў менен түргелип, есиктен шығa бергени, ишке кирип киятырған бийтаныс биреўге маңлайын дүгип, мийи аўылжыңқырап, босағаға шөкти. Сырттан киятырған Бийтаныс албырақлап, Айдостың қолтығынан сүйеди де, бираз бузылған қарақалпақ тилинде қайта-қайта кеширим сораў менен, ишке киргизип, үй ийелери менен қол алысты.

Қийимлери бул жағада жоқ, асынған мылтығы бар, шашлары алтын түслес бул жигиттиң шырайы таныс сыяқлы. Маман еслей алмай, жалтақлап қарай берди, кемпири де аң-таң. Жигит олардың ырастан танымағанын билди.

— Маман ата, мен Яковтан, баяғы уста Никифор орыстың баласы «Яқып орыс» есиңизде ме?

— Ҳооо, шырағымм!—деп Маман оған қайтадан тасланып, мойнынан қушақлап смиренди.—Шырағым, шырағым, ержетипсең, үлкен киси болыпсаң, әкең саў ма? Көп күттирдиңиз ғой, аманлық па?

Мийи аўылжып иргеге жаўырынын берип отырған Айдос көп айралықтан соң ушырасқан әке-бала киби емиренискен Маман менен Яковтың даўрығына көзин ашып, өзине келди.

— Кеширесиз, ата, — деди Яков. —Меннен болды, билмей қалдым.

— Ҳешгәп,—деп Айдос маңлайын сыйпады.

— Қәне кемпиржан, отқа қуман қой, Яқыпжан сөйлеп отыр,— деди Маман.

Айдос кетиў нийетинде еди, Яковты өз қулағы менен тынлағысы келип, иргеге жаўырынын тақаңқырап бегенлести.

— Яқып балам, тап әкең Никофор, Атабек палўан үшеўиңиз аўылдан шыққаныңыздан басла.

Яков узақ жолдан шаршағанына қарамай, еки гаррының жаңалық тынлаўға қумарлығын көрип, бас кийимин шешип қасына қойды.

— Сол жылы аўылдан шыққаннан-ақ самалымыз оңына турмады,—деп ол, мусылман гаррылардың жалаңбасты жақтырмайтуғынын еслеп, малақайын қайта кийди.—Кеште бир далаңлықта дем алып отырғанымызда үстимизге бир топар қарақшылар келип, барымызды сыйырып экетти. Әкем де, Атабек палўан да қарсыласпады, себеби олар көп еди, өлтирип кетиў қәўпи көринди. Кейин қайтпадық. Атабек палўан қайсар өжет екен. «Жолға шыққансоң изге қайтыў ҳаялдың иси» деди. Әкем көнди. Соннан алға жүрип, қазақтың ата-бийининиң үйине келдик.. Ол жүдә жомарт екен. Ҳал жағдайды билип алып, еки түйе менен көп жол ғарежет берди. Және жолға түстик. Бир күнлери және таландық. Енди Москваға жеткенше аўыллар бойлап қайыр сораўға, гә қа-

лаларда айлап жумыс ислеўге туўра келди. Қулласы көп-көп айларда Москваға жеттик. — Яковтың жүзи бирден өзгерип, маңлайында ашыў жыйрықлары пайда болды.—Барсақ, Москваға от тийип атыр.

— Москваға от?... Қалайынша?!

Айдос бийпарўа еди, уйқыдан оянғандай жанланып, әҳгименің изин есткеннен бийтақатлық менен алға еңтерилип, Яковтың бетине үңилди.

— ...Москваны французлар ийелеп атыр екен...

— Олар кимлер?—деди Маман.

— Французлар пүткил Европаны дизе бүктирген мәмлекет. Патшасының аты Напалеон деген.—Яков еки ғаррының да түсинбей аўзы ашылып қалғанын көрип, Европа деген атқа қайсы мәмлекетлер киретуғынын қысқа түсиндирип болып өзлериниң не қылғанына көшти. —Француз ләшкери орыс ләшкеринен көп болып қоймай, тисине шекем қуралланған екен. Ел үстине басып келген душпанларға қарсы пүткил халық урысыўға шығыпты. Москва дөгерегиниң дийханлары Герасим Курин деген бабайдың басшылығында партизанлық қылып жүр екен. Ағам менен Атабек палўан басқа ислерди қойып, соларға қосылды...

— Ҳоо, азаматлар!—деп, Маман қуўанып қоя берди.—Соннан?

— Күшке келсе, ақылға келсе ағам менен Атабек палўанның бир-биринен осаллығы жоқ екен. Ҳәммеге унады. Ҳешким оларды еки миллеттиң адамы деп айырғанын сезген емеспен. Әскер басы «түнде тил өкелиң» деп жумсаса, дизилисип кетип, азанда екеўи еки французды, өлген қойдай қылып, арқалап келип турғаны,.. Соннан Герасим бабай, ағайинли Никифоровлар, «ағайинли батырлар» деп мақтайды, марапатлайды ҳәмме адам оларға сүйсинеди.

Маманның да, Айдостың да жүзлеринен мақтаныш сезимлери көринип турды.

— Бир жола...—Яковтың даўысынан толқынланыў, әлленәрсеге әжеплениў сезилди, көзлерине жас көңгейленген сияқланды. Әҳгиме ақырына шамаласқанын түсинип, еки ғарры дем алмай анталасты.—Жүдә суўық азан еди,—деп даўамлады Яков.—Олар ҳәркашанғысынша түргелип, мени оятпай (мен бәрҳә билип сергек жататуғын едим) маңлайымнан сүйди, адам өлерин алдан сезе ме, олар мени сол сапары жуп-жуптан сүйди... Азанда, Герасим бабайдың бәршени жыйнап атырғанын көрип, ағам менен Атабек палўан солкәрада шығар деп жуўырып бардым. «Жигитлер, бүгин ақшам ағайинли батырлар жаў қолынан қазаланды»... деп атыр екен. Мен гәп кимлер ҳаққында екенин дәрриў уғып, ўай-ўай салып жылап жибергенимди билемен, бир гезде көзимди ашсам, партизанлар екеўин бир табытқа салып, жерлеўге қолайлап атыр екен. Герасим бабай келип басымнан сыйпалап, «эй, мурынбоқ, ербала сөйтип жылаймекен? Түргел! Батыр болып өлген әкеңнің, оның егиздей батыр достының исин даўамла, еле жаў иргелес жүр» —деди. Сөйтти де Әкемниң малақайын басыма кийгизди. Атабек

палўанның бир француз әскер басысын өлтирип әкелген мылтығы бар еди, оны ҳәмме ҳәўес ететуғын еди, әне сол мылтықты Герасим бабай мениң қолыма услатып, «Усла, орыс баласы, өлсең де жаўға бас ийме, көзиңде жас көрсетпе»—деди.

— Па! па!—деп Айдос таңлайын қағып таңланды.—Герасим бабайың күтә ақыллы екен. Сонда сен неше жаста едиң?

— Он бесте.

— Он бесте?

— Мендей көп-көп бала бар еди, ата. Сөйтпесең, жаў жеңилеме? Ақырында французларды бийесап қырғынға ушыратып қашырдық...

Яков сөйлегели ўақыяның ишине кирип, «Орыслар женди» деген хабар еситкенше иши баўыры қамылып, бийтақат отырған ғарры Маманның бойы жеңиллескендей болса да, тийкарғы әҳмийети еситкеншше асықты.

— Сөйтип әкең менен Атабек әкеткен тапсырма аяқсыз қалды ма?

Яков күтә зийрек бала еди. Әкеси менен Атабек палўаннын қандай тапсырма менен келгенин билетуғын еди. Французлар менен урыс ада болыўдан, қарақалпақлардың тилегин айтып патшаға өзи кириўди әрман етти. Патшаның датханасына кириў, әсиресе, Яков Никифоров сияқлылар ушын, мүмкин емес еди. Ойласқан адамлары оның солдатлыққа өтип алыўын, соң ығбалы жүрип кетсе, (биразлар оның шаққанлығына қарап әскерий лаўазымда еле өсетуғынына исендирип) патша сарайына хызметке өтиў имканияты туўатуғынын айтты. Ендиги қыйыны солдатлыққа қабыл етилиў, себеби басы байлылар (крепостнойлар) солдатлыққа алынбайды. Бирақ оның атақлы Герасим Куриннің қолластында болғаны, әкеси Никифоров өз досты менен «ағайинли батырлар» атанып данқ пенен өлгени үлкен жәрдем етти. Солдатлыққа алынды. Патшаға кириў сонда да аңсатқа түспеди... Жыллар өте берди. Кем-кем әскерий дәрежеси де артты. Сөйтип жүргенде әскер басылардың (офицерлердиң) арасында жасырын уйым пайда болды. Жас жигит сол уйымға қосылды...

Яков еки ғаррыға әне усыларды түсиндирип:

— Әскер басылардың жасырын уйымы патшаға қарсы еди,— деди.

— Патшаға қарсы?!—деп таңланды Маман.

— Аўа, ата,—деди Яков.—Патша «менмен» еди. Мен киргенде де арзыма қулақ асыўы нәгүман еди. Уйымымыздың мақсети патшаны өзгертип, басқасын сайлап қойыў еди. Егер патша жаңадан сайлап қойылса, бәршенің арзы-аўҳалын дурыс тыңлар, әдил шешер, қарақалпақ елине биротала жақсылық пенен қайтайын деп жүр едим. Ақыбети ос-ойран болды. Патша жасырын уйымды билип, басшыларымызды туттырды...

— Ҳеҳҳ!—деп қалды Айдос.—Басшыңыз ким деген еди?

— Көп еди, бир сөз бенен айтқанда, Декабрисши делинеди.

— Қайерде адам бар, арасында бәрҳә қуяңқы, ақбайтал бар, —деп сарсылды Айдос.

— Солай болса ытымал,—деди Яков.—Соннан патша бәрше декабристлердиң изине шуқыйып түсип алды. Кимнен шуҳбаланса, услап қамата берди, ақ үйли қыла берди. Маған патшаға кирпў түўе, патша жасаған Петербург қаласында жасаў мүшкилге айналды. Қаштым. Сизлерди еле хабар күтип отырған шығар, ең болмаса, усыларды айтайын, патшамыз әззи халықларға шалғай жабыў түўе, өз тахтын сақлаў ушын мантығып атырғанын айтайын, деп, сизлер тәрепке қаштым

Хабар қуўанышлы емес. Маман сақалын сыйпалап жексурын тәрдийрге қатты қәҳәрленип гүрсинди.

— Бир иллет табылған деп жүр едим-аў!

— Әне, Маман, баяғыда биреў, теңиздиң аржағында адамлар таўық саўады дегенге, сүт сорап кетип, қайтып келгенсоң жилли атанған екен. Әне, уллы орыс-патшасының иси. Уллы Маман бий сарайына барғалы сексен төрт жылдың жүзи. Бийопа ўәдени еле күтемиз, сирә жоқ. Айтшы, Яков балам, елимизге жаман күн туўғанда, орыс патшасына барып, сиз ушын бир палўан қарақалпақ шын кеўилден хызмет етип жүрип қазаланды десек, инана ма? Мениңше, инанбайды! Себеби кишигирим көл шайпатылғанда, анаў-мынаў тамшы билинбейди. Ушы-қыйырсыз теңиздей орыс елаты әлемге даңғара даўылға ушырап, бурқасынлап, толқынлап, шайпатылып атырғанда, Атабек палўан пүткиллей нәмәлим қалған елеспесиз бир тамшы ғой...—Айдос әстен түргелип, Маман менен жайпарахат хошласты да, хабарлары ушын Яковқа рахмет айтып шығып кетти.

Якоб Айдостың гәплериниң лийкинине түсинип, қарақалпақларға берген ўәдесин сонша жылдан берли орынламай киятырған орыс патшаларына да, орысларды бийопа санаған Айдосқа да қәҳәри келди, бирақ ҳәзир биреўден өш алыў қыйын, тек ашыў менен тисленди. «Сонша данғаралы Русь атына жаман ат таққан патшаларды дарға ассанда аз!.. Декабристлер жүдә дурыс ис баслап еди! Егер патша көпшиликтиң тилеги менен қойылғанда, мениң кең пайтах елатымның атына бундай нуқсан келермеди? «Бийопа» деди ә?...» Оның жылағысы келди.

— Маман ата,—деди ол шыдамай.—Жаңағы Айдос ә?

— Аўа.

— Қарақалпақ аўылларының шетине келиўден ол киси жөнинде көп өсек еситтим. Хийўа ханынан жәрдем әкелип, елиңизди шаңтырыпты. Ҳәрекетлерин Наполеонның ҳәрекетлерине мегзеттим.

Маман оннан Наполеон жөнинде сорамады.

— Айдосқа не деп лақап тағылса да жараса береди,—деди ол бираз аянышлы.—Бирақ, базда көбирек ой жиберсең, оның да ислери дурыс секилленеди.

— Маман ата, Атабек палўанның баласы бар ма?—деди Яков Маман менен пикири қайшыласқанын елестирмей.

— Бар, шырағым, бар, ертең көрисерсең,—деди ғарры елжиреп.

Есиктен бир кепшик ун менен Айымгүл кирди. Қыз Айдостың кеткенин билип еди, иште отырған бийтаныс жигитке көзи түсип, албырағанынан қолтығындағы кепшигин түсирип ала жазлады.

Яков та қыздың гөззаллығына аң-таң болып, ләм-мийимсиз қалды. Маман олардың кейиплерин аңғарып, Яковқа қорқыныш нәзерин аўдарды. Қыз бенен жигиттиң бурыннан танысларсекилли қарасқаны ананы да ҳайран етти, бирақ ҳешқайсысы үндемеди.

* * *

Кеште, кемпир менен ғарры төсекте жатып әстен сыбырлысты:

— Кемпир, Яқыпты жасынан билемиз, наятый жақсы бала, әри уста, Айымгүлжанға үйленип қалағой, десек қәйтеди?

— Ҳаў, есиң бар ма? Жигиттиң өзи айтпай турып, қызымды ал, десең қәдири бола ма?

— Ақыллы болса гәрдиймейди. Қызымыз не дер екен?

— Ол сениң менен мениң айтқанымнан шықпайды. Бирақ орыс жигит қой, аўзы ўадыўасыллар күстаны қылмаспекен?

— Оларға салсақ ғарры Маман менен кемпири неге узақ жасап жүр деп-әм күнлейди.

— Өмиримше гәпиңди қайтарып көргеним жоқ еди, ғарры. Өзиң бил. Азанда Яқыпжан менен өзиң сөйлесип көр. Елде қалмайтуғын болса, арадағы гәпти тисинен шығарып жүрмесин.

— Мениңше Яқып жеңил жигитлерден емес.

— Илайым...

52.

Теңиз таманнан ескен самал күтә ожайып. Жийектеги шалшықта шириген қамыс пенен шалаңның ләмли ийисине қоса, балық ийиси мүңкийди. Оған шаңлақ ийиси қосылса, әбден қасып, мурын қышытып, тамақты қымырғытады. Бул ийис Айдосқа унайды. Сонда да Мамандикинен шыққан пәтте бир түшкирди. Үйреншикли ийис қайтып көр етпеди. Ол ширада келген еди, еки аўыл арасындағы қамыслықтың арасы менен жалғыз өзи, әйлы киятыр. Маман менен бир нәрсеге келисип қайтқанын ямаса урысып қайтқанын түсинбейди, бирақ, әлле-нәрсеге ҳәм қуўанышлы, ҳәм өкинишли. Қуўанышы үстем бе я өкиниши үстем бе, өзи де билмейди. Ойлы. Яковтың жаңалықлары көбирек ойландырыўда: «...қызық, орыслар-әм уллы патшасына қарсы»...»

Ярым жолға келгенде алдын кеселеп еки қара өткендей болды да, ашшы шыңғырған бала даўысы еситилди, бирден семди. Ғарры бийдиң кеўли жаман нәрсе сезип, даўыс шыққан шоқ қамысқа қарай асығыс жуўырды.

Көрилмеген, еситилмеген жағдайдың үстине келди: бурынғы атқосшысы Әлийдиң улы Омар менен шырайы әп-әший, билекле-

ри малдың сыйрағындай жүлгес бүреў, кишкене баланы өлтирип, көмип атыр. Олар абайсызда үстине келип қалған Айдостан сескенсе де, жалғызлығын көрип, оңша ҳаўлықпады, бирақ ғарры Айдосқа тутқынлық бермей, кейин-кейин серпилди.

— Айдос бий, — деди Омар арты менен бәсип баратырып.— Қандарым еди. Даўыл айдап, келгениң жақсы болды. Көзиң менен көр. Анаў өлтирилген бала Доспанның үлкен улы Рәхим. Егер сен араласпағанда, Рахим мениң балам болыўы тийис еди. Паршағүл маған туўып беретуғын еди. Уятсыз! Уят әттең түтин емес, болмаса, әллеқашан сен көр болар едиң. Мынаў билекларимге қара, еле сениң төбеңде де ойнайды, сениң балларыңды да өлтиреди. Ҳа, ғарры кесиртке ҳа, ҳа, ҳа, есиме түсти, нағыз кесирткеге мегзейсең. Кесирткениң басы женшилмесе, және жылысын кете береди. Хийўадан алданып бир өлдим деп едиң, және потленип кеттиң.

Ол жолдасы менен қол усласып, ҳәр сөзин тисленип айтып, арасында ҳа-ҳа-ҳалап күлип бәсип баратыр. Айдос бақырған менен еки жағындағы аўылға да даўысы жетпейди. Жығырданы қайнап қуўып киятыр. Пияда ғаррыға жаслар жеткережақ емес, кем-кем қалың қамыслыққа шүмип баратыр. Бир торанғылдың түбинде байлаўлы турған ерли еки ат бар екен, екеўи екеўине минип алып, ғарры бийди қоршады.

— Ҳа-ҳа-ҳа, Айдос бий, қолға түстиң бе? Иймаңды айт, қолыйма қайтар!

— Мени өлтириў ҳеш гәп, балада не гүнә бар еди?—деди Айдостың даўысы дирилдеп.—Меҳирсизлер!

— Ҳа, ҳа!—деп және кекетти Омар.—Сенде меҳир бар ма? Жөги! Жылан! Аўа жылансаң. Жылан түлесе де зәҳәри өзинде қалады,! Сен қартайдың, бирақ зәҳәриң өзиңде! Усыннан аман кетсем, зәҳәримди жаярман деп, ойлап турған шығарсаң? Қал, ойыңды иске асыр. Қолыннан келсе, аяма алжыған! Биз кеттик. Енди көзге түспе, жалғыз жүрме!

Олар атларын қамшылап-қамшылап қамыслықтың арасында зым-ғайып болды.

Нәмәлим күш келип жулынын суўырып, төбесинен шығарып атырғандай тула бедени ҳәлсизленип, дизесинен димар кетип, Айдос қамыслыққа шөкти де, отырды. Әлленемирде диңкесине келип: «...Әстаўпыралла, қудайдың көрсетпегенлери еле көп екен ғой,—деди гүбирленип.—Ос-ўайраны шыққан жалғаншы дүньяда көбирек жасаўдан зулмети жоқ екен ғой, бу қудайға не жаздым? Әҳ, қудай! Нолетий Омар қаяқта тәрбия алып, қандай болып өскен? Әкеси жүдә жақсы адам еди, әкеден бала батпан кем туўылады деген усымекен?...»

Мийи мең-зең болыўы менен қамыслықтан шықты.

Үйиниң қасында Доспан атын жаланашлап, қуйрық жалларын тарап тур еди, оған қараўға бети шыдамай өтип, үйине кирди. Бир майданнан соң Доспанның қасында Паршағүлдиң даўысын еситти.

— Ағасы, азаннан бери Рахим жоқ.

— Қапылтпашы! Ойнап жүрген шығар,—деди Доспан.

Бул Айдосты бурынғыданда қыйнап, «бала қайда екенин айтыў керек пе, жоқ па?» деген сораў оны шып-шып терге шомылдырды.

Ҳәзир айтса, Доспан өзин туталмай Омарды излеп кетеди, қайсы гөрге тығылып жатса да таўып өлтиреди, оннан кейин Омардың әменгерлери Доспанды өлтиреди... Оннан соң қандарлық балаларына өтеди... Туўысқанлардың бир-бирин өлтириў басланады, Айдос еки ат қосшысын қырылыстырыпты десе және жаман... Айтпаў бәринен де аўыр.

Ол ойланып-ойланып, айтпайын, қандарлық бир өлим менен тоқтасын деген шешимге келди. «Ҳаў, сонда Омар басқаға тиймей тынышлана ма? Бәлким, тынышланар, ондай келте пәмлердиң өжетлери бир қойса қояды. Мениң ҳешкимге билдирмегенимди, изинде қуўғыншы жоғын билсе, қойып та кетер Егер исин және жаңартса, туттырыў қашпас...»

Айдос усылайынша өзине-өзи тәселле берип жатыр еди, түнги тынышлықты бөлген Паршагүлдиң даўысы еситилди:

— Раҳиймму ууууу!! ҳааа Раҳимиим!!!

Оттаўдың ҳәрбир керегеси «Рахиймим!» дегендей, тула бедени шаншыўлап, төсегинен атлығып турды да, және өзин басты: «Адаўатты көбейтпейин, ендигилериниң өлимине жол қоймайын...» Ойлағанларына, тоқтаған шешимлерине гө исениң, гө исенбей, ақшамы менен көзи илинбеди, Тан намазына күндегисинен де ерте оянып, далаға шықты. «Бағлы аўылдан» келип Юсупжан шабандозлар егип берип кеткен ағашлардың жапырақларының таң самалына сытырлысы ойын бөлип, дәрет алыўға алып шыққан мысқуманын қасына қойып тур еди, мисли жер астынан шыққандай, көз алдында еки улы Ырза менен Төре пайда болып, сәлем берди.

— Ҳаў, улларым, түни менен қайдан жүрсиз? Парахатшылық па?—деди аң-таңы шығып.

Ырза менен Төре Хийўада медреседе оқып атыр еди. Соңғы күнлери тәләбалар арасында бираз наразылықлар жүз берип, Айдостың Хийўадағы душпанларынан бири тәлебалардың медресе басшыларына нарыйзалығын бөле қылып, Ырза менен Төрени туттырып өш алмаға ийгетлегенин, бир досты айтып келиўден екеўи қашқан еди. Бунысын әкесине ашық билдирмеди. Себеби, ғарры адам өзиниң еки душпанлары балаларына да душпан болып қалғанына қатты қыйналып, дүзеўге болмайтуғын бир ис жүз бериўи мүмкин.

— Аға, Хийўада ҳаўа райы өзгерди,—деди Ырза.—Бурын ықтырмалы қалаға усайтуғын еди, енди дийўалы гөнергенбе, ызғырығы көп. Кийимлерди өзгертип кийип қайтыўға келдик.

Өткен сапары келгенинде үлкен улы Ырзаны үйлендирип жиберген еди, жас жигит жас келинди сағынып қайтқан шығар деген ойға берилип турды да, еки улының да ақылына исенди: «булар онша насаз жигитлер емес еди ғой...» деп Хийўада жаман

ўақиялар пайда болғанын уқты, бирақ қазбарламады. Таңнамазын бирге оқыў ушын ишке дәрет суў алып шығыўды ескертти.

— Улларым,—деди аяқларын жуўып отырып.—Ызғырық аяз жанға ләззем бермесе, ҳеш гәп. Онша аўзы ашық болып та өспедиңиз, улларым. Хийўада тар көше, қараңғы көше көп. Аяқларыңызға қарап, сақ жүрмесеңиз қыйын. Лекин, илим ушын қыйынлыққа шыдаў ҳәм илим. Бул илим ҳәр адамның өзинде болыўы керек.

Ол уллары менен жәмәәт намазға азанды бақырып айтса да, қыялы әлўан әлўаплығы себепли намазды қайта-қайта алжасты. Уллары оны түсинди, бирақ билмегенге салды. Намазды тамамлайтуғын ҳаяттың орнына Айдос және гүбирленди: «киси жасаған сайын жаманлыққа көп дуўшар болар екен, бул жалғаншы дүньяда көбирек жасаў бахытсызлық! Ҳақыйқый бахытсызлық! Тезирек хошаллаяр айтысыў керек... Айдос, өжетлик пенен усынпама жасап един, және азмаз шыда. Бул дүньяға келиў, кетиў ойынлық емес. Сонша жыл ел басқардың, изинди ойран қылып кетпе! Жасларды сыннан өткер! Сорлы елин кимлерге қалып баратырғанын бил! Соннан соң өл! Тез өл!! Сонда әрмансыз боласаң. Елиң Омар сыяқлыларға қалмағай... Қалмас, қалмас... Жақсы нийетлер менен көп ис баслап един, талай жақсы ислердиң тухымларын сеўип един, бәри болмаған менен, биразлары нәтийже бергенди. Олардан жақсы келешек болыўы керек. Жас жигитлерди сынайман деп жар салдырсаң, журт балаларын жиберерме екен? Жибереди... Айтпақшы, елге келген Яков орыстан не кәрамат табылар екен? Уллы патшаға қарсы жаң көтерген жигитте, олбетте, бир нышан бар шығар. Ханға қарсы елди көтерип бер десембекен? Ақыры, ол тәжирийбели ғой... жооқ, Айдос, усы ўақытқа шекемги жолыңнан тайынба. Өзиң...»

Оның ҳаят орнына айтқанларын еки улы да еситти, бирақ кесент жасамады... Ол өз ойларын ҳаятқой, деп тамамлап, қолларын жайып бетине апарғанда, булар да қолларын бетине апарды... Ҳәтте бийтаныс ат «Яков орыс ким» деп те сорамады.

Жайнамаз жыйылған соң да олар бирин бири ойға салатуғын гәп айтыспады. Тек Айдос ғана намаз үстиндеги ойларының бир жуўмағын даңғара қылды:

— Улларым, елдиң жасларын сынап көрмекшимен, не дейсиз?

— Жүдә дурыс,—деди екеўи теңнен.

— Оған тек сизлер екеўиңиз қатнасыўға ҳақылы емессиз.

— Мейли, аға.

53.

Қартайған ҳалда қыздан айрылып қалыўдың қәўпи жөниндеги әңгиме кемпир менен ғаррыны жартыўлы уйықлатпады. Азанда, таңнамазынан соң ҳалқас үстинде Маман гәп баслады.

— Яқып балам, қарақалпақтың дәстүри бойынша қонақтан үш күнге шекем жол болсын сорамайды. Мен болсам, төринен гөри

жуўық адамман. Ҳәр демқыспада енди үшкүнлик өмирим болатуғынынан қәўипленемен. Сол ушын айыпқа буйырма, балам. Сен бизге орыс патшалығынан тек хабар билдирейин деп келдиңбе? Ямаса бизиң жақта жасаў ниятиң бар ма?

Яков бундай сораў болатуғынын күтпесе керек, жуўап орнына ойланып қалды.

Есикте от жағып отырған қызы Айымгүл де әкесиниң сораўына қосылған түр менен Яковқа қарады. Ойлы Яковтың көзлери төмен қарасада, қыз нәзерин аңғарып, және терецирек ойға берилди.

— Балам, мени аўырлады, деп түсинбе, егер қалыў ниятиң болса, үйде бола бер.

Қыз әкесине ҳайран. Ол көп ўақытлардан бери ҳалқас үстинде бундай шыйрақ болмайтуғын еди, бүгин өзгеше.

— Бәлким қаларман, ата, — деди Яков бас көтерип. Нәзери мәжбүрий түрде және қызға түсти.—Атабек палўанның улын қалай көриў имканияты болар екен?

— Асықпай ҳалқасланып алабер, ҳәзир алдыраман. Айымгүлжан, жуўырып Нурлыбекти үйинен шақырып кел, шырағым.

Айымгүл әстен түргелип есиктен суўырыла шығып кетти.

Ортадағы оңгиме Нурлыбек келгенше белүзди болажақ түске енип еди, ғарры оған жол қоймады:

— Рахмет, Яқып балам, еле тилди де умытпапсаң.

— Адам балалығында үйренген тилин умытпайды екен, балалығың өткен мәкан өзине тарта берер екен.

— Солай, шырағым. Жақсыға ҳәмме жер ўатан. Адам баласына адам баласы жасаған мәканның бәри өз ўатаны, шырағым. Ең қыйыны адамлардың бир-бири менен тил табысыўы.

— Яқып балам,—деп кемпир де гәпке араласты.—Ол жаққа барып Атабек палўан да тил билип кеткен шығар?

— Билгенде қандай, ана! Москваға жетемен дегенше-ақ үйренип, бизлерди жаңылыстырды-ә!

— Герасим бабайдың «ағайинли Никифоровлар» деп жүргени де соннан!—деп мақуллады ғарры.

Яков үй ийелериниң көп билиўге умтылыў тәбиятына кеўилли мыйығын тартты.

— Ким менен сөйлессең болсаң оның мийез-қулқына қарап сөйлесиў жақсы, балам,—деди ғарры елжиреп.—Ҳәзир сен шақыртып жиберген Нурлыбек әкеси Атабектей ири сүйекли, палўан билекли болып өсти. Адамға да меҳрибан. Бизлердиң отырымыз түўесилгенин көрсе, қандай ҳалда болсада, тоғайға шабады, жүдә ғана меҳирли. Бирақ сол өжетлиги бар. Үлкейсе, қойып кетердағы. Байғус жесир анасы да, үлкейсе қойып кетер деп дәметеди...

— Әкеси туўралы бирден айтқаным қалай болар екен?

— Ески дәстүр бойынша тири ғайыпты жети жыл күтеди. Жети жылдан соң өлдиге шығарып, ас-абаты беріледі. Атабектиң де асы берилген. Ашық сөйлесе берсең болады.

Көп күттирмей Нурлыбек кирди. Ол ғарры Маман айтқандай

ири сүйекли, 18-19 жаслардағы нәўше жигит еди. Дәл айнымаған әкеси.

— Ҳа, Нурлыбек, айналайын — деп, Яков ушып тургелип қушақлады.—Саў жүрсең бе? Аңақ саў ма?

Нурлыбекте еле адамлар менен емиренип ҳал сорасыў әдети қәлиплеспеген еди. Яковтың сораўларына «шүкир», «шүкир» дегеннен басқа ҳеш нәрсе айтпады.

— Иним, жигит деген бәрше исте мәрт болады. Сол ушын жигитти жигит дейди,—деп Яков оны қапталына отырғызды.— Мен әкеңниң орыс ели ушын орыс жеринде мәртлик пенен қазаланғанының гүўасы болған едим... Мениң әкем менен бир ўақытта қайтыс болды, бир қәбирге жерленди.

Әкесиниң өлгенин өз көзи менен көрмей туғыянсыз жоқ болғанына асабат берилсе де, қыялына әкеси еле тири сияқланатуғын еди, Нурлыбек көзлеринен жас төкпеген менен қамсықты.

— Әкеңниң өлимине қуўан, улым!—деди Маман.—Бир өзи бир халық болып өлген. Буның мәниси, енди бәрше қарақалпақ «орыс ели ушын, орыс жери ушын бизиң қарақалпақ-әм шейит болған» деп, мәңги мақтанады. Әне, балам, батыр өлмейди, халқы менен жасайды, демектиң мәниси де усы.

Еле нәўше, ақ көңил Нурлыбекте әкеси ушын мақтаныш сезими оянды. Яков қалтасынан гүмис саплы еки тилли шаққы шығарды.

— Мынаны әкең французлардан түсирип, «балама естеликке апараман» деп жүр еди. Өлгеннесең мен алдым. Қарақалпақларға қайтаман деген нийет пенен әкеңниң усы естелигин онбес жыл сақладым, иним.

— Раҳмет, аға.

Маман оннан шаққыны сорап алды да, шаңарақтан түскен нурға тутып, жән-жағына үңилди.

— Па, па, уста болғаныңа! Көп өмирге кететуғын мүлик екен! Марҳум Никифор да шебер уста еди...

Ғарры менен кемпирдиң түнги ойласығын еситкендей Яков есикте от ысырып отырған қызға көз астынан және бир қарап еди, оның қап-қара кирпиклери атылып, жүрегине қадалғандай, тула бедени дирилдегендей болды да, бойына күш кирип, әлленәрселерге туўлап кете жазлады. Әкелген естелик шаққысын, әкесин мақтаўлар қулағына кирмеди.

— Нурлыбек иним,—деди ол.—Маман атама отын әкелиўге ертип барасаң ба?

Күтилмеген усынысқа ҳәмме таңланды. Нурлыбек әкеси жөнинде қайғысын умытып:

— Хо-о! Яқып аға,—деди, таңланып.—Сендей меҳманды отынға жумсаў, мендей жас кишиниз ушын бийәдеплик болады.

— Жоқ, иним, ҳеш айып емес. Булақтан суў ишетуғын болсаңәм ийлиў керек...

Мийманды жумсаўға қанша қысынысқан менен де онын ҳақыйқый кеўли әкесине исенген соң, үй ийелери де қарсылық бил-

дирмеди, түстен кейин Яков Нурлыбек пенен арқаламай отынға барып келди...

Яковтың қайырхомлығына Маман да, кемпир де, қызы да шад. Жақын қоңсылары келип «Ҳоҳо!, орыслар күтә мийнеткеш, кишипейил, меҳрибан болады екенғой» десип таңланысты.

Маманның ылашығын айналдырып тутқан қорасы ансақ-саңсақ еди, келеси күни соны бузып, қайта дүзетиўге киристи.

Қызы писирген аўқатты зорға түргелип жейтуғын Маманда әллеқандай күш пайда болып, қуўнақласып оған жәрдемлесиўге тикейди...

Сәскеге таман Қәдирберген жар салып өтти:

— Халайық, халайық! Еситпедим демеңлер! Қулақ салыңлар! Айдос баба уллы ис ойлады, Айдос баба уллы ис ойлады! Кимде-кимниң жасы он алты менен жигирма бестиң арасында болса, сәрсенби күни «Айдос қалаға» келсин! Айдос баба сыннан өткереди, Айдос баба сыннан өткереди... Ақыллыларға, мықлыларға пәтия береди. Халайық... халайық!...

Маман Яков пенен көўилли сөйлесип, қора қыспалаўға қабық берип тур еди, дизесинен дорманы кетип, қораға сүйенип, ишинен өкинди: «...эй, соқыр қудай!... Ең болмаса, киши улымды қалдырғанында, усы жарыстың ағласы қылмасна едим?,,,,»

Яков жаршыны тыңлап Маманның ҳәлсирегенине ишинен ҳайран болып сорады:

— Маман ата, Айдос баба жасларды не ушын сыннан өткермекши?

— Бизиң елимизде бурыннан сондай дәстүр бар, балам. Бас бийлер гилең ғаррыларды жыйнап, жаслардың ақылын, күшин сынайды, сөйтип биреўине бийлик пәтия береди.

— Хан урықсат ете ме?

— Кимде-ким пәтия алса, халықтың өзи-ақ оны бий деп, жутинеди. Бир иси болса, мәсләҳәтке де соған бара береди. Ужжетли жигит сөйтип жүрип-ақ бийлик етеди. Соң ханның газнасына бир нәрсе апарып салып, бийлик пәрман-ом экеледи.

— Мен-әм қатнассам бола ма?

— Умыттым, жасың неше еди?

— Отызда.

— Онда қыйын. Алдаўға болмайды.

— Қарақалпақлардан басқалар қатнаса ала ма?

— Тек қарақалпақ балалары көзерде тутылады, бирақ, сынаў пайытында ҳешкимниң миллетине қаралмайды, ақыл, күш жеңеди. Тек жасы сәйкес келиўи керек.

Яков жасы ушын басын өкиншили шайқап тамсанды.

Ол жөнинде қайтып гәп қозғалмады.

Ҳәптеге жетпей-ақ Маманның ылашығының айналасына таза қора тутылып, ойлы-дөңеслер тегисленип, жигити бар үйге усап қалды. Әкелери тағдирлес болғаны ушын ба ямаса Яков қызық-қызық әңгимелер менен өзине қаратып алды ма, Нурлыбек бул

үйге жүдо үйирсек болып қалды, күнде келеди, Яков пенен әжик-гүжик сөйлеседи.

Нурлыбек бүгин декабрышилер жөнинде қайтадан сорап, әңгимеге қушылып отырғанда және бир атлы жар салып өтти.

— Адамлар! Кориматлы Хийўа ханының пухаралары! Хан салығын тез төлеңлер! Ханның бас салықшысы келди. Адамлар!!....

— Ханның бас салықшысы бир оңбаған адам дә!—деди Маман.—Айдос және кешиктирген соң келгени. Ҳаў, қурғыр басым бүгин сөресинбигей,—деп Маман бирден түргелди,—Бүгин Айдостың сапақ өткеретуғын күни ғой...

— Барайық, ата,—деди Яков асығып.

— Мен үйге кетемен,—деп Нурлыбек ушып түргелди.

— Ҳа, сен жарысқа түсип бахтыңды сынап көрмейсең бе?

— Кеширің, Яқып аға. Ханның бас салықшысы бийреҳим, қатты қол биреў. Салық жыйнаса қазанындағыны төгип, көзине не түссе, бәрин әпкетеди. Ағамның қалып жүрген бир садақасын өткериўге бир жан алармыз деп, сатыў ушын жыйнап қойған бесалты түйдек торқа бар еди. Соларды жасырмасам болмайды. Бәлким, изиңизден жетермен!...

* *
*

Олар «Айдос қалаға» киргенде қур әллеқашан топланып, ортада еки палўан гүресип атыр екен. Маманды сыйлағанлықтан ба ямаса қасындағы өзге түсли жигитти сыйлағанлықтан ба, олар кирежақ жердегилер сөтилип, жол ашты. Мисли аталы-балалы болып дизилисип, алдыңғы қатарға шығып отырды.

Теке тиресин салысып атырған палўанлардың бири орта жасларға барған, муртлаш, кескен геллектей дуғыжым палўан қурға да, Маманға да бурыннан таныс қазақ палўаны Есет. Екиншиси оннан гүрес үйренип жүрген шәкирти, бойшаннан келген, өгиз қабырғалы, арыслан омыраўлы, еле сақал мурты онша шығып жарымаған жас палўан Ерназар—Айдостың өзи өлтирген бир ниниси Мыржықтың баласы Ерназар.

Маман маңлайына қолын сая қылып, сығаланып отырып, палўанлар жөнинде Яковқа қысқаша түсиник берди.

— Мусылманларда устаз бенен шәкирт гүреске түспейди емес пе?—деди Яков.

— Буның алдында Ерназар өзи теңлес еки жигитти паллақтан ушырды,—деди қапталында отырған буўрыл сақаллы бир тамашагөй сыбырланып.—Үшинши болып ҳешким қарсы шықпаған соң, Айдос оны устазына салды.

— Әстағырралла, найсап!

Усы гезде палўанлар шырпа-шырпа алысып, тамашагөйлер шаўқымласты.

«Ҳа, Ерназар, иштен шал!:,» жанбас ур!: «Неге илметоғанақ

салмайсаң?» «Устазының белбеўин қаттырақ буўыў керек!» «Сөйт песе, және қолы шығып кетеди».

Ҳәммеден бийигиректе, көп ғаррылардың қоршаўында отырған Айдос зер жағалы шапанын ийнине желбегей салыўы менен түргелип, ортаға шықты да, палўанларды тоқтатты. Журтқа айғақ қылып зер жағалы шапанын ийнинен алды ҳәм қурға бетин бурып сөйледи.

— Бирадарлар! Халық дәстүрин бузып, устазы менен шәкиртин гүрестиргеним ушын әфиў етиңлер! Мениң бундағы мақсетим —устаз бенен шәкирт бир-биринен не үйренгенин, қалай үйренгенин көриў еди. Көрдим. Сизлер де көрдиңиз! Булардың жығысыўы шәрт емес, устазы шәкиртке, шәкирти устазға ылайық екен! Мынаў шапанды, биргезде маған Хийўа ханы сарпай қылып жапқан еди, мен буны енди Есет палўанға жабаман. Қутлы болсын айтыңлар, бирадарлар!

Қур гүў шуўлады:

— Есет палўанға қутлы болсын!

— Ерназардай палўан тәрбиялаған Есет палўанға узақ өмир тилеңлер, бирадарлар!

— Қудай Есетке узақ өмир бергей!—десип адамлар және даўыс қосып гүўледи.

— Бирадарлар!—деди Айдос аяғының ушына минип.—Енди жаслардың ақылын сынаймыз. Және ескертемен, оналты менен жигирма бестиң арасындағылар жуўап береди... Биреўге биреў сыбырламағайлы...

Қур бираз қозғалаңға түсип, биреўлер алға өтип, екиншилер кейин шықты. Пайыттан пайдаланып тамашагөйлер өз-ара ғаўырлы көтерип атыр.

— Ерназар күшли екен,—деди Яков. — Егер ырасласа, устазын жыққандай түри де бар.

— Устазды жықпағаны ақыллылығы,—деди Маман.—Аўа балам, жаслық етип қызып, устазын жығып салғанда, оны барше адам ғарғар еди. Көпшиликтиң ғарғысын алған адам қутаймайды.

— Бирадарлар,—деди Айдос әўелги отырған жерине барып,— және ескертемен! Биреўге-биреў сыбырламағайлы, ғаўырласпағайлы, Дыққат, дыққат! Биринши сораў «Елде ким кимнен не қарыздар?»

Мыш-мыш басланды, ал жаслардың ҳешқайсысы орнынан қозғала қоймайды. Бир даўыс бәлент еситилди:

— Сиз жас гезиңизде бул сораўға жуўап бергенсиз.

Қур даўысты мақуллап шуўласты. Олардан көбиси Айдостың қайтарған жуўабын ҳәрқыйлы қылып айтысатуғын еди. Жән-жағына апалақлаңқырап қарапып, Ерназар тикейди. Адамлар силтидей тынып қалды.

— Сөйле, балам, сөйле,—деди Айдос.

— Адамлар дурыс айтып атыр,—деди Ерназар жүдә салдамлылық пенен.—Сиз жас гезиңизде, аты әпсана Маман бийдиң «елде ким кимнен қарыздар, ким қарызын өтеп атыр, ким қарыз

берип атыр?» деген сораўына «елдеги қарыздар барлық балалар, буның мәниси-барлық бала ата-анасына қарыздар...» дегенсиз. «Кимде-ким ата-аналыққа ерисип, бала өсирип тәрбиялап атырса, қарыз берип атырғаны» дегенсиз. Ал мениң сиз айтқан сораўға берер жуўабым «дүньядағы барше адам бир-биринен тек ҳүрмет иззет қарыздар, достық қарыздар».

Айдос орнынан ушып түргелип, шыйрақ қәдемлер менен келип, Ерназардың жазық пешанасынан сүйди. Қур Ерназардың атына қоса «Дана палуан, Дана палуан» деп шуўласты.

— Бирадарлар! Дыққат! Екинши сораўым:... Ханның, патшаның бас қуралы неден ибарат?

Шыдамай Ырза түргелди.

— Отыр улым,—деди Айдос.—Айтпадым ба, Төре екеўиңиз лом-мийим демейсиз.

Тамашагөйлерде қайылшылық болмаған менен, көп қарсыласпады.

— Маман ата, мен айтар едим, — деди Яков сыбырланып.

— Қәне, тек өзиме сыбырла, соң сынап көремиз.

Яков Маманның қулағына аўзын басып «мениңше патшаның бас қуралы—алдаў ҳәм хошамет» деди.

Биреў еситпедиме деп, Маман қапталындағыларға қарады. Оларға ҳешким дыққат аўдармай, ортаға ким шығады десип жан-жаққа телмириў менен болт екен.

Қарсы төрептен бир новше жигит түргелип, жуўап қайтарды:

— Айдос ата, ханның, патшаның бас қуралы—ләшкери болады.

— Мениңше олай емес,—деп екинши муштан және бир жигит тикейди.—Мениңше ханның бас қуралы—пилтели мылтығы, ататугын тобы.

Еки жигиттиң де жуўабын мақуллаўшылар ҳәржерден сес берип, даўыслар екиге бөлине баслап еди, журт және Ерназардың тикейгенин көрип суў серпкендей басылды.

— Айдос ата,—деди ол,—мениңше, ханның, патшаның бас қуралы—алдаў!

Көпшилик оны қуўатлап және бирден гүў етти.

— Ерназар дурыс айтты!!!

Маман қапталындағы Яковтың қолын алып сүйди.

— Яша, орыс пенен қарақалпақ тең шешти.

Айдос Ерназардың жуўабын мақуллап, үшинши сораўын жәриялады:

— Қандай өмирди, қандай өлимди үлгили дейсиз?

Тахияшақ, боз көйлек, дамбалын шала жабатуғын тарлаў қара камзол кийген, бойы сымға тартқандай сыйдам, илаҳәзиклеў бир жигит қарлығаштың қанатындай сулыў пардозланған муртларын қолы менен сыйпап-сыйпап, орнынан түргелди. Бул Айдостың өз балаларына қосып Хийўаға оқыўға киргизип қайтқан жасларынан бири—Жийемурат атлы шайыр жигит. Ҳәзирше өз қур-

былары арасында лақабы Күнхожа. Ол тургелиўден ҳәммеде мақ-
қуллаў белгилери көринди, Күнхожа уяңлаў қыймылдады.

— Жийемурат балам, қысынба,—деди ғаррылардан бири.

— Мениңше, өмир бәҳәрге усаса үлгили, өлим көп зүрәҳәти жыйналмай қалған гүзге усаса үлгили.

Тыңлаўшылар аң-таң.

— Жуўабың дурыс, кеңирек мәни бер,—деди Айдос.

Күнхожа аўзын сыйпалап шып-шып терге түсе баслады. Тамашагөйлер ҳәржақтан және шаўқымласыўға қарады.

— Бирадарлар!—деди Айдос.—Адамда усындай пайытлар болады. Түсинесең, жүдә терең түсинесең, бирақ түсиндире алмайсаң. Жийемураттың жуўабына ким мәни береди?

Және Ерназар тикейди.

— Ерназаржан,—деди Айдос.—Еситиўимше үлкен бир қаланың мектеп-медресесинде оқымағансаң, бирақ бундай даналықларды қайдан үйрендиң?

— Мениң мектебим, медресем—анам болады, ата.

— Ерназаржан, енди бир сораўыма бирден жуўап берип көр,—деди Айдос.—Елде ең өзин адам кимлигин билесеңбе?

— Елдеги ең өзи адам—ел сырын сақлай алмаған адам, ата.

Айдос оның басынан сыйпалады:

— Жуўапларыңа ырзаман, балам. Еле жассаң, барлық нәрсе алдында. Өз басымнан өткен нәсиятымды саған да айтайын, Ырза менен Төреге де айтып едим. Есинде тут. Киси өзи ушын жасаса пысқыйды, бала-шағасы ушын жасаса, жанады, ели-халқы ушын жасаса жулдыз болып, жақты береди. Қалғанын өзиң түсинесең. Енди жуўабыңды даўам ете бер.

— Өмир бәҳәрге усасын демектиң мәниси—адам бәрҳа өнип-өсиў жолында болыўы керек. Бул аты әпсана Маман бийдиң ҳәм буйрығы ҳәм нәсияты. Адам жаңалықлар ойлап табыў менен жерин гүллентип, аўыл-аймағын, елин, жерин тоқ қылыў жолында тынбаса, өмири бәҳәр болғаны. Адам көп ойлап, көп ислеп, көп егип, олардан зүрәәт жыйнап үлгермесе, өлими ерте түскен гүзге усағаны. Бул өкинишли болсада үлгили өлим, себеби изиндегилер тайын зүрәәт жыйнайды, ҳаққына бәрҳә дуўа қылады.

Ерназар анасынан еситкени бойынша бул усатыўлардың мысалы етип әкеси Мыржықтың өлерин, өлимин айтпақшы еди, орынсыз көрди. Айдос оның гәп баслаўынан, «бул балалық етип көпшиликтиң алдында әкесин мысалға келтириў менен гөне жараның аўзын тырнамаса жақсы», деп, гүдиксиреген еди, қуўанды.

— Отырағой, Ерназаржан,—деп қурға даўыслады.—Сизлер не айтасызлар?

Ҳәмме және шуў ете қалды:

— Күшли де Ерназар, ақыллы да Ерназар.... Күшли де Ерназар! Ақыллы да Ерназар!!.

Айдостың кеўли йошып, шайыр Күнхожаны ортаға шақырды:

— Жийемурат балам, енди сағаң еки сораў беремен, тикке ту-

рып жуўап қайтар. Биринши «жарлылықтың төркини неде?», екинши «үйдиң бахытсызлығы неде?»

— Жарлылықтың төркини исжақпаслық, ата. Үйдиң бахытсызлығы—қонақтың қапыўы, ата.

— Мақул айттың, балам. Енди шайырлығыңды көрсет.

Күнхожа оң алақаны менен аўзын желпип, шеп алақанын шежесине басты да, қысса даўысына салып ядтан оқыды:

Ата-журтым Түркистаннан келгели,
Ата-бабам қоныс басқан жайлаўым!..

Шайыр күтә жағымлы жипек даўыслы еди, қосығының ҳәр бәндиргисинде «жайлаўым» деген сөз қайталанған сайын, маңлайындағы жыйрық жаздырылып, және йошқа минеди. Гейбиреўлерди шайырдың қандай тақлетте турысы, гейбиреўлерди қосықтың мазмуны сиқтирип, журт силтидей тынды.

Жас шайырдың тәрийплеўи бойынша қарақалпақ халқының ҳәзирги жайлаўындай илаҳида гөззал мәкан бул кең әлемниң ҳеш бурышынан табылмайды,.. жерине бирди шашсаң, мынды аласаң... Суўы бальзам, тоғайы бағ, торанғылы отаў, қумы кепрен, жынғылы садақ, қамысы оқ... қәлеген қарақалпақ көзсиз жасаўға қайыл болады, бул жайлаўсыз жасай алмайды...

Тыңлаўшылардың бәршесинде айрықша йош, өз мәканына деген және бир үстеме муҳаббет пайда болған сыяқланды. Яков Маманға:

— Шубҳасыз елин сүйген шайыр екен,—деди.

Қуўаныштан Айдостың көзлери жасаўран, дүнья ләззетин бүтин түсингендей, гө кең нәпес алып, гө нәпеси жетпей, аң-таңы шығып, бирден түргелип бара сала Күнхожаның маңлайынан сүйип алды:

— Көп жаса, балам. Ата мәканын сүйип тәрийплеп, басқаларға мақтаныш ете алатуғын шайырды енди көрдим. Қудайым...

Ол гәпиниң изин айта алмай гилт тоқтады. Тамашагөйлер ҳайран болып, оның нәзери түскен жаққа бурылып еди, алдына биреўди кесе өңгерип киятырған атлы Нурлыбекти таныды.

Нурлыбек атын пәтли айдаўы менен қурды бөлип, Айдостың алдында тоқтады. Атты ҳәмме таныды. Ханнын бас салық жыйнаўшысиники. Алғында ерге кесе жатқарылған ким? Еки қулағы кесилип, соннан аққан қаннан танып болмайды. «Салығын төлемеген бир сорлыны бас салық жыйнаўшы туттырып, Нурлыбекке, «қурға көрсет» дегенгой. Реҳимсиз салықшының тарпыўына ушыраған ким екен?» деп ҳәмме үрпейисти.

— Айдос баба, танымадыңыз ба, бул ханнан бас салық жыйнаўшысының өзи.—деди Нурлыбек.

— Бас салық жыйнаўшының өзи?!

— Бас салық жыйнаўшы?!

Қур бузылып, Нурлыбекти қоршады. Яков Нурлыбекти ғәрип-ҳал бала көретугын еди, онын батыллығына ҳайран қалып тур.

Маман да ҳайран болып, «Сен үйреттиң бе?» дегендей Яковқа қарады. Ол ғарры бийдиң көз қарасына түсинди:

— Мен оның менен басқа бағытта сөйлесетуғын едим. Тек хан-лар, патшалар ҳаққында сөйлесетуғын едик, Маман ата.

— Не болсада Нурлыбек ерлик ислепти.

Нурлыбек ханның бас салықшысын ер үстинен сыпқанатып жиберди.

— Не ушын?—деди Айдос ҳайранлықта.—Басқаның есигин қамшыласаң, ол сенің есигине тоқпақ уратуғынын түсинбедиң бе?

— Түсиндим, Айдос баба. Буның өзи еекиклерге қамшы емес, бирден тоқпақ урып жүр. Солайма, халайық?

— Солай, солай,—деп шуўласты көпшилик.

— Бул нәлетий салған жерден қыз сөкти, Айдос баба. Мөмин қонсымызды сөкти, билесең, оның қызлары бар.

— Бәрҳә сөгеди, бул нәлет! Ҳәзир сарсаң кесек қылынсын!— деди бир даўыс.

Бас салық жыйнаўшы қуўсүйек арық киси еди. Күнхожа қарап турып:

— Бундай арсыз ипласқа муш көтерип, қолды ыласлаўға арзымайды,—деди.—Өзи де арық екен, пияда кетсе, Хийўаның жолында өзи-ақ өледи.

Айдос желкесин қасыды: «Не қылыў керек? Изи не болады? Елге бахытсызлық әкелмесе екен? «...»

— Қәне босатып көриңлер, бирадарлар!

Бас салықшы өзин қоршаған лардан қутыла алмасына көзи жетип тур еди, Айдостың буйрығы соңғы буйрық болатуғынына исенип, тири қалғанына қуўаныш пенен, аяқларын ғаз-ғаз басып, өзин шетке алды. Көпшилик, бир жуқпалы кесел киятырғандай, айырылып жол берди.

Усы демде, қайдан келип қалғаны нәмәлим, онлаған атлы пайда болып, пияда аламанды шетинен қамшыға тутты да, бир-еўи бас салықшыны таўып алып, атына мингестириўден бәри қублаға қарай ҳайт қойды.

Айдос сарсаңлықта: «Салықтан күйген бийшаралар пайыттан пайдаланып, көкмар қылып ойнамақшымекен? Мейли, заңғарды парра-парра қылсын...»

— Айдос баба,—деп биреў аягын атбасқандай бақырды,— Анаўлар Бас салықшыны Хийўаға апқашып баратыр. Арасында Молла Доўлетназарды таныдым.

— Нурлыбек, қуў! Доспан, атымды әкел!—деди Айдос.

Бүгингидей жағдайда бийбабасы пияда жүрген менен, Доспан оның атын бәрҳә жетелеп, изинен бақлап туратуғын еди. Жылдам атты әкелип, Айдосқа кеселетти.

Жүйрикликте алаяқ жийренге теңлесетуғын ат ҳешбир бийде-жоқ еди. Ийеси отырыўы мәттал, аң көрген аш бүркиттей уша жөнелди. Айдостың жасына қарап, бурынғыдай атта отыралмайды, шаўа алмайды, деўшилердиң аўызлары пәнкийисип қалды.

Қәпелимде жүзберген бул ҳәдийсе ҳәммени сарсаң етти.

— Жаңағы апқашқанлар-әм хан атлылары ма? — деди Яков Маманға.

— Өзимиздиң бийлер.

Яков «түспиксиз» дегендей иймиң қысты...

— Ерназар, кеттик, шым,—деди Есет палўан.—Бундай ишки аласапыран, алаўызлық бизиң елде де болып турады. Жўр, сени анаңа аман тапсырайын.

Ерназар гаўғаның ишинде болғысы келип «пай, Есет аға, пай...» деп, ори-бери мойыштаўлық қылыўға урынып еди, устазы жол бермеди.

— Жўр, Ерназар, бул деңгенениң соңы емес. Ҳәр урыўдың көмешке күл тартыўы қалмаса, алдыңнан еле талай деңгене табылады.

Айдослардың изинен қарап турған аламан, ҳәзир ғана дыққат орайы болған Есет палўан менен Ерназардың аға-инилердей дизилисип, бөлингенин байқамады.

Қарай-қарай көзлер талғанда Айдос пенен Нурлыбек көринди. Нурлыбек алдыныраң шаўып келиси менен, алдына кесе өңгерген бас салықшының өли денесин көкмар қылып жерге таслады.

— Әне, бирадарлар,—деди Айдос жетип.—Енди буны «Қаланың» дәрўазасына асыңлар! Хан салығын енди төлемеңлер!

Төрт жигит бөлинип, өлини көтерип барып, дәрўазаға аяғынан шегеледи. Бас салықшыға деген ғәзебетлердиң көплигинен бе, ҳешкимде аяныш сезилмеди. Керисинше, жаслар Бас салықшының денесине кесек ылақтырысты, ғаррылар оларды иркпеди.

— Бирадарлар,—деди Айдос бираз ойлы.—Билесизлер, хан өзиниң бас салықшысы ушын қатты қаҳәрленеди, енди елде ылғал күни туўады.

— Ханға қарсы урысамыз, өзиң баслай аласаң ба?—деди көпшиликтен бир дийхан.

Айдос бундай мирәәт, бундай исеним болар деп ойламаған еди.

— Исенсеңиз, баслайман,—деди қуўанышлы.

Бәршениң күткени усы екен, шуўласты:

— Басла, Айдос баба, исенемиз!!!

Халықтың исенимине көкиреги толып, қуўаныштан жылап жибергиси келген Айдостың ҳәрекетин, кейнинде байқап турған Маман шығанағы менен Яковты түртти.

— Қалай?

— Дурыс!

Көпшиликтиң ҳақыйқый исеним билдирип, бағыты өзине аўғанына Айдос еледе наисенимликте. «Ой, сорлы Айдос,—деди ишинен,— бул халықты неге ертерек түсинбегенсең? Әўелден неге исенбединиң?..» Ол аламанның ужыбатлы мәсләҳәт, ҳешким өз басына кете алмайтуғын буйрық күтип турғанын сезип зәңгисине ширенди.

— Бирадарлар, енди шын ылғал күни туўады. Асығыс таярлық керек. Хан елес-қәпесте басып келеди. «Айдос қала» Хийўа ханы ушын қолайлы мәкән екен. Бизге қолайлысы «Сары атаў». Елин сүйген, көкиреги қуртлы адам ҳәзирден баслап, «Сары атаўға» жыйналсын! Ҳәрким өз жаў-жарағы менен жыйналсын! Бала-

ларды қалдырмаңлар! «Сары атаўға» бәри жайласады, жақсы мәкән! Қамал болса, үш жағы балықлы теңиз. Ҳәзир тарқалыңда, «Сары атаўдан» мәкан басыңлар!

— Тийкарғы мақсет не?—деди бир даўыс.

— Жаңа өзлериңиз айттыңыз, мақсет—ханға қарсы урысыў, бирадар! Ханның зулымлығына қарсы, ханның салығына қарсы урысамыз. Өзимизди өзимиз басқарыў ушын, қарақалпақ ханлығы ушын урысамыз... Халайық, бирадарлар, ҳәзир тарқалыңларда, «Сары атаўға» бет алыңлар! Қабыл, молла Дәўлетназарлар Хийўаға жетиўден хан ләшкери берман шығады. Ғапылда қалмайық, бирадарлар!

Ханның қысыўметлерине тойынып, әллеқашан-ақ жүреклеринде ғәзеп оты жанған аламан теңнеи гүўледи:

— Мақул, Айдос бий, мақул!!

Топланған аламан буйрықты тәрк етпей тез-тез тарқады. Айдос әбден ыразы болып, кеткенлерди сырттан бақлап тур еди, Маман менен Яков дизилисип келип алдына тоқтады.

— Ханға қарсы көтеретуғын қылышыңа кескирлик тилеймен.—деди Маман.

— Аўмийин! Ҳа, Яқып орыс, қалай аўҳаллар? Үйренисип атырсаң ба?

Айдостың өзин биййк тутыңқыран сөйлегени Яковқа онша жақпасада, сыр бермеди.

— Аўҳалларым жақсы, Айдос баба. Бүгинги сынағыңыз унады,—деди суўықлаў.

Адамлардың кейпине йошлы Айдос өзин үстем тутып, ат үстинде турғанында, Яковтың жуўабы суўықлығын да ескермеди. Атын әстен айдап, алға жүрди, Маман менен Яков қапталлап ере берди.

— Яқып балам,—деди Айдос.—Елдиң кәрахтын көрдиң ғой, баҳан қалай?

— Бир қарағанда халық бирликли, бирақ, таза келген адам, халықтың ишки ойлы-бәлентин бирден түсиниўи қыйын ғой.

Айдос оның жуўабына онша қәнәәтленбеседе, ишиндегисин жасырмады.

— Мен шынымды айтсам, заманымыз—күшли өзинин мүнжиген заман. Сол ушын биздей аз саплы халыққа ийи ағалық етеетуғын көп саплы, бирликли халық, күшли патша я хан керек. Сол ушын да күшли орыс патшасына да, Хийўа ханына да қарсы емес едим. Себеби биз көп шабылып, көп мәкан өзгертип, көптен азайған халықпыз. Ким туўысқанлық жәрдем қолын созып, ел бирлигин бузбаса, ҳешкимге «сен тур» демеймиз. Биз сорлыға сениң елиңнен де жәрдем келе қоймады. Сол ушын Хийўа ханына елди өзим өткердим. Өз ара жаўласып тарап кеткенше, азап көрсекте бир жерде жасаўымыз керек болды. Енди көрип турсан, сол Хийўа ханына қарсы шықпақпыман. Себеби елди көп азаплайды, салығы аўыр. Журттың элпетин көрдиң ғой, ханның зулымлығына бәри наразы. Енди сеннен бир нәрсе сорасам?

— Сораңыз.

— Ушықыйырсыз кең пайтах орыс елиниң уллы патшасын қулатыўға не деген күш керек? Ойласам, сен айтқан декабршилердиң жүрегиниң түги бар жигитлер екен. Саллат болсаң, Әскер басы болсаң, сен де осал емессең, Яқып, балам. Мениң сорайын дегеним, адамларды өзлериңизге исендириў ушын не иследиңиз? Бизге үлги керегин сезип турған шығарсаң. Қыпсалама, балам.

— Анық керек болса, айтайын,—деди Яков асықпай. — Бизде «Орыс ҳақыйқаты» деген жаңа конституция жазылды. (Бизинше «конституция» — сизиңше «шәрият»). Сол «орыс ҳақыйқаты» қол жазба китап еди. Онда жерге ҳәммениң ийелик қылыўы, крепостной дийханларды (сизиңше, басы байлы дийханларды) сатыў, сатып алыў, соқтаға уттырыўға шекем баратырын оңбаған қуллыққа тыйым салып, орыс адамын азат қылыў, патшаны ақыллы адамлардан сайлап қойыў усаған мәселелер жазылған еди...

— Олай болса, бизиң исимизди аўыз еки «қарақалпақ ҳақыйқаты» десек болар екендағы.

Яков бираз жибисседе. Айдос жөниндеги еситкенлерине қарағанда, оның тутқан жолын «қарақалпақ ҳақыйқаты» деп атаўы шырыққа сыймайды. Айдосты еледе еленкиреп көргиси келди.

— Айдос баба, кеўлиңизге келмесин, мен сизиң от болып қызып, жол таппай турған гезиңизге тап болған шығарман. Мен қарақалпақ жерине қәдем қойыўдан сиз туўралы оңлы гәп еситпегенмен. Сол гәплерге қарап, мен сизде, «пүткил дүньяны бағындырып халқымның атын шығараман» деп, изинде өз елин апатқа ушыратқан Наполеонның базы белгилерин сездим.

Айдос Наполеонның атын тек бир еситип, соң умытқанына қарамастан, ол жөнинде сорамай, өзиниң буннан он алты жыл илгерги ҳәрекетлерин көз алдына келтирди, елиниң даңқын шығараман деп жүрип бүлдирип алған өзиндей биреўди көз алдына келтирди.

— Бурын алдым менен жүрдим бе, я артым менен жүрдим бе, ҳәзир қалай жүриппен, буған баҳа бериў өзгелердиң иси. Бағда қыз пайда болса, қуяш шыққаны дегендей, мениң баслайжақ, бирақ изи қараңғы ислериме сениң араласқанын, сондай қуяш болып тур, Яқып балам. Кеңесиң менен жәрдем бер.

— Әне, бул гәпиң ўәж гәп, Айдос!—деди Маман.—Яқыпжанды өзиңе жәрдемши қыл.

Маманның тилеги Айдосты гирттей ойланыўға мәжбүрледи. «Япырмай ә?? Күшлилерде бир жаман әдет бар, егер тегаран қол қабысып тийгизсе, саған пәлен жәрдем еттик, деп, өмир өмиринше бетиңе басып, жүзиңди бәрҳа төмен етип қояды. Өзимиз бенен өзимиз болып жеңилсек те, жеңсек те қара жерди қайра-қайра басып, жүзимиз жарқын жүргени жақсы емес пе?...»

— Маман, Яқыпжанның ғайры диңлиги халықта абыржыў туўдырмаса...

Айдостың гүманы Маманға жақпады, себеби биразларда ғайры диңдегилерге алакөзлик туўдырыўда оның да үлеси бар.

— Айдос баба, — деди Яков Маманның келбетинен Айдосты жақтырмағанын түсинип.—Халықлар қыйлы-қыйлы динде ме, азба я көп пе, өмир сүрип күн кешириўи, өз ишиндеги қарапайымлары менен басшыларын, шайырлары менен даналарын баҳалаўы, бир-бирине сәйкес келеди. Бүгин Күнхожа деген шайырыңызды аламанның унатып қалғанын көргенимде, бизиң Пушкин деген атақлы шайырымыз есиме түсти...

Ол гәпин ада қылып үлгермей-ақ, Айдос үйине келип қалғанын ескертип, әҗгимени даўамлаў ушын, олардың ишкерилеўине мирәәт етти ҳәм атын жылаўлаўға келген еки улына буйрық берди.

— Ырҳа, үйди жылдам төсестир де, қорадағы алабаспақты сойдыр. Төре, сен Нурлыбекти шақырып кел, жөнекей аўылдың жас үлкенлерине хабар берип өт. Доспан, сен Ерназарды устазы менен ертип қайт,—деди де бирден ойланып, Ерназардың өкпели анасы жибермей, және өкпелесермиз деген қәўип пенен тапсырмасын өзгертти.—Ерназар устазы менен бүгинги жеңиси ушын үйинде мейлис қурып атырған шығар. Ҳәзирин бузбай турайық. Тез Шаббазға шап; «Баҳлы аўылға », Юсупжан шабандозларға хабар жеткер. Қарақалпақ ели ханға қарсы көтерилежақ де!

54

..Таң алдында, Маман менен Яков Айдостың миймандослығынан күтә кеўилли қайтты. Әсиресе оларды қуўандырған нәрсе, Айдос шақырған жас үлкенлери менен, елдиң барлық жасларын нөкерликке атландырыўды келисип болып Яковты сөйлетти. Орыслардың ағла әскерий тәжирийбелери жөнинде көп сораўлар берди. Узатарда, қуры қол жибермей, бир ала ат миндирди. Ҳәзир сол атқа Маман екеўи мингесип, хан салықшысынан ат басып алған Нурлыбек пенен қатар киятыр.

Саратанның азанғы жипек самалы үшеўин де уйқыға тартажақ, бирақ, олар өз-ара сөйлесик пенен, уйқыға мой бермейди.

— Нурлыбек, — деди Яков.—Өжетлик пенен бираз пақолай ис иследим деп ойлайсаң ба?

— Неге? Устасы келген соң, балта сапланды деп ойлайман.

Ол кимди нәзерде тутып турғанын Яков түсинип, мардыйып мыйық тартты.

Маман Нурлыбекти бундай тужырымлы ҳәм терең мәнили жуўап береди деп ойламаған еди.

— Ҳо, балам, гөшиң дүзиў шықты. Ханның бас салықшысын өлтиргениң де дурыс,—деди.—Енди қудай ақыбетин бергей.

Ханның бас салықшысын өлтиргени ушын адамлардан мақуллаў алғысын алып, күтилмегенде, ҳәммениң ханға қарсы көтерилиске шығажақ болып муш түйнскенине Нурлыбектиң ишинде мақтаныш сезими болса да, ханның күшли ләшкерин көз алдына келтириў менен, үйиниң тусында, жолдасларына «бирге ҳалқасланыңлар» деп айтыўды есинен шығарып, қалды.

Ҳәркүнги әдети бойынша Айымгүл ерте турып, ылашықтың айналасын сыпырып жүр екен. Маман алыстан мақтанды.

— Айымгүл, атты байла, қызым. Яқыпжанға Айдос миндирди, Яқыпжан қарақалпақ нөкери болды...

Әкесиниң Айдосты мақтағын тутып, қуўнақ сөйлегенин көрмеген қыз өз қулағына исенерин я исенбесин билмесе де, сипсесин таслай сала, ат жылаўлаўға қолайласып еди, Яков жылаўын бермей өзи байлады.

— Ат ҳәм нөкерлик қутлы болсын, Яқып,—деди қыз, әкесине еситтирмей сыбырланып.

— Сағаң да қутлы болсын, Айымгүл,—деп Яков та сыбырланды.

Жуўан қызға жағымлы еситилгени соншелли, еки бетиниң алмасы лалаптай қызарып, жигиттиң және бир гәп айтыўын күтип қасында лал болды. Жигит оған енди бир нәрсе деўге қолайлы сөз таппай, көз астынан артына бурылып, ғаррының әллекашан ишке кирип кеткенин көрди де:

— Айымгүл, дымғана жақсы қызсаң,—деди.

— Асықпа, Яқып,—деди қыз бул сапары бираз батыллық пенен.—Болким жаман қыз шығарман.

Жигит қызға тикленип, оның қызыл алмадай қызарған жүзинде пайда болған сулыў шуқырға күтә ҳәўеслик пенен қарап тура бериў нийетинде еди. Қыз қысынып изине айналды.

Яков асығыс ишке кирсе, Маман кемпирине төсек салдырып уйықлаўға жатып атыр еди.

— Яқыпжан, сен де азып аўлақ мызғып ала ғой,—деди.

— Ата, адамлар «Сары атаўға» ығылып баратыр, сиз оянғанша мен де көрип қайтайын.

— Түни менен уйықламадың ғой, шаршап қаласаң, балам.

— Ҳеш гәп болмас, ата.

* *
*

Жергиликли халықтың қамыслықтан жол белгилеўлерине еле үйреншпеген Яков ҳәржердеги түйиншиклерди шатастырыңқырап «Сары атаўға» түске таман жетти. Ол келсе «Сары атаўға» көп халық жыйналып қалыпты, жүзден аслам атлы жигитлер топланысып турыпты. Айдос еки баласы менен Нурлыбекти ертип арман берман шапқыласып жүрипти. «Демде қалай жетип үлгерген?»

— Ҳа, Яқып балам кел, кел,—деди Айдос алыстан даўыслап. —Жалғыз өзиң қалай таўып келдиң? Азамат, азамат!

Яков уялыңқырап күлди.

— Яқып аға, уйықлап қалдымекен деп қайрылмап едим,—деди Нурлыбек. Өзи кеширим сораған жигитти ол айыпламады.

Бесеў болып атаўды аралады. Атаў Яковқа ұнады. Бундай жерде аз санлы нөкер менен-ақ көп санлы ләшкерди қырғынға ушыратып, жеңиўи мүмкин.

— Яқып балам, серлеген шығарсаң, бизде жарақ жетиспейди,

— Қапаланбаңыз, Айдос баба, — деди Яков.—Ең баслысы, бирлик керек, адамлардың сизге, жеңиске исеними керек. Сонда жарақ жаўдың өзинен алынады...

Яковтың жуўабы Айдостың белине кәмар буўғандай болған менен кеўли жубанбады: жаўдың өзинен жарақты басып алыў— айтыўға аңсат. Айдос бурынғы жеңилислерин есине келтирип пе, солғынлаў жүзинде налыныў белгисин көрсетти.

— Жеңисти эрман еткен киси өлимди ойламайды, Айдос баба, —деди Яков ҳәм өткен ақшамда оның үйинде көп жас үлкенлер менен отырып, өз әкеси ҳәм Атабек палўан менен басқалардың жаў французлардан қалай жарақ тартып алғаны жөниндеги айтқанларын қайтадан еске салды.—Айдос баба, французларға қарсы урыста орыслада-ҳәм жарақ аз еди...

Айдос оларды баслап, топарласып турған жүзлеген атлының қасына келди.

— Мине, Яқып балам, усыл үйретесең, бәрше қарақалпақ нөкери сениң еркинде. Солайғой, жигитлер-ә?

— Үйренемиз!—деди жигитлер.

Яков Маманларды Сары атаўға көшириў ушын қайтыўы керек еди, Айдос орнына басқа биреўди көлик пенен жиберди. Яков асығыслық пенен әскерий машқы баслады.

Орыс ләшкерлериниң тәжирийбеси ҳәммеге қызық көринип, келеси күни үйрениўши нөкерлердиң саны еки жүзден асты. Ел ғаўғасынан бөлеклене алмай келиўшилердиң изи үзилмейди. Есет палўан менен Ерназар да пайда болды. Дийханлар топ-топ болып, бала-шағалары, маллары менен келип «Сары атаўды» паналай берди. Яков қанша күтседе, Маманлар көшип келмеди. «Бизлер жаўға керек емеспиз»,—деп жиберипти. «Жаў Айымгүлди әкетип қалмаса» деп қорықты Яков, бирақ ашып айта алмады. Көшириўге кеткен адам оның ишиндегисин түсингендей «Айымгүл қартайған ата-анасын қыймаса керек, болмаса усы жаққа аңсары аўды» деди. Усының өзи Яковқа әдеўир күш берди, машқыны асығыс даўам етти.

Хабар кеткеннен үш күн өтпей-ақ Шаббазлы өзбек дийханлардан елиў ешекли азық-түлик жетти, оларға қабатласа, Юсупжан шабандоз жаў-жарақлы жигирма атлысы менен келип қосылды.

Келиўшилердиң саны молайған сайын көтерилиспилер өзлерин көп нәрсеге исенимли сезип, қыспақта ашлық жатып жаў ләшкеринен қалай жарақ басып алыў, қалай мылтық атыў, қалай пышақ силтеў әдислерин, үйрене берди. Күн өткен сайын жаўдың басып кириў қәўпи асып баратыр. Сақлық ушын нөкерлер күнитүни нәўбетлесип жол тосады.

Думанлы күнлердиң биринде, күн батар алдында, қоңыр аты ақ көбик бийтаныс шабарман пайда болды. Ҳалықлап шабысы менен ҳешкимге хабарласпай, Айдосты таўып атынан бойын таслады.

— Айдос баба, бийбаба,—дей берди ҳаплығып, басқа сөйлеўге

димәри жоқ. Шабыстан өкпеси ишип кеткен аты қорғанға жеткен жерде жығылып, төрт аягы аспанға қарап қалды.

Жағдай ҳаммеңди шорпыдырды. Яков оның тур-түсинен көз алмай, гүмәнсырайды.

Шабарман есеп-есеп өзине келе сөйледи:

— Бийбаба, мен Қабыл бийдиң атқосшысыман. Ол құрысын, сатқын екен! Дәўлетназар-әм құрысын!.. Бәри бас қосып, ханға сизди жамандлады, елди жаманлады. Сөйтип Хийўадан мың ләшкер шықты, олар бүгин күндиз Қоңырат қаласында дем алады. Түнде Әмиўдәрьядан өтип, сизлерге топылады. Аямайды, сизди алды менен дарға асажақ, балларыңызды зыйыққа отырғызажақ... Аўа, соларды билип шыдамадым. Ат отыны сылтаў қылып, берман қарай қаптым. Анам қолдаўлы Қоңырат, сизге жийенмен. Тәңҳә сизге әзелий тилеклес едим, енди илаж табынлар, ғамланыңлар. Ешке келсе, жаўыз хан ләшкери Әмиўдәрьядан берман саў өтпесин.

Айдостың ар-сары шығып, ҳәккедей жан-жағына аналақлап қараўы менен тикейди.

— Яқып,—деди ол ҳешкимге ойласпастан.—Әне, ең қолай пайт, ең қолай жеңис! Доспан, жийенди шатырға апар, тойдыр, —деп алысырақта шоқланып турған атлылар тәрепке нәзер таслап Ырзаның, Төрениң, Нурлыбектиң атын айтып шақырды.—Ҳәзир Яқып пенен өңшең жаў-жарақлы атлыларды баслап, Қоңыраттың түсындағы Әмиўдәрьяның ығанағына жетесизлер...

— Не ушын? — деди Яков түсинбей.

Айдос қызып тур еди, оның ашыўлы сораўын еситпеди, буйрығын тәкирарлап түсиндирди:

— Әмиўдәрьяның ғырра жағасындағы урықлықта жасырынып жатып, жүзип өткен хан нөкерин биримлеп өлтирип, жарағын ала бересиз. Бул жүдә-жүдә ғана жақсы усыл. Рахмет, мың рахмет жийенге!... Ханның мың нөкеринен жарақ түсирип алсақ, Хийўаның өзин-әм басып алыў қыйын емес. Яқыпжан, уғып турсаң ба, енди «қарақалпақ ҳақыйқаты» иске асады, сен де енди қәдеми қутлы, ығбаллы жигит болдың...

— Айдос баба, асықпаңыз,—деди Яков күтә салдамлы.—Мениңше бул шабарман өтирикши!

— Өйдеме, Яқып!

Ырза менен Төре әкесиниң асығыс буйрық бергенине тунжырасып, Яковтың оны исендиргендей дәлийл табыўын күтип тур.

Айдоста да гүмилжи гүптикей пайда болып, ғорбаңлап жүриси менен қоста жатқан Қабылдың шабарманына келди.

— Ой, өтирикши, хабарыңның ыраслығына не дәлийлиң бар?

Шабарман асықпады, албырамады, дәстурханнан қос қоллап нан алып, маңлайына тийгизди.

— Өтирик сөйлесем, заў-заддымды нан урсын!

— Әне, бирәдар,—деди Айдос Яковқа бурылып. — Қудайға әси болсам-әм айтайын, бул дүньяның қудайдан-әм күшли гиндиги

нан. Қуяш-әм нан ушын шығып турыпты, қарақалпақлар нан услап ант етсе, сол жерде өлгени.

— Айдос баба, мен хабаршыға исенбеймен. Орыстың атақлы бир әскер басысының мынандай гәпи бар. «Жеңис бул жабайы қус, бос усласаң ушып кетеди». Ҳәзир сиз нөкерлерди Қоныратқа жиберип күшти бөлсеңиз, жаўдың тәсилине жол ашасыз. Шыдаңыз. Жаў үстимизге келсин.

— Бирәдар, сен бармай-ақ қой. Қәне, Ырза, Төре таярланыңлар! Жигитлер, Ерназар!—деп ҳәммеге даўырық салды—Ылғал күни туўып турыпты. Елдиң ертеңи сизлерден ғәрезли, қәне шабыңлар, улларым! Юсупжан, сизлер не айтасыз?

— Биз сизге жәрдемге келгенбиз, не десеңиз, соны қыламыз.

— Мың алғыс, туўысқанлар! Сизлер-әм бизиң атлы жигитлерге қосылыңлар!

Әкесиниң буйрығын унатпай Ырза ар-сар. Төре шыдамады:

— Аға, Яқып ағаның мәсләҳәтин ал, оны тәжирийбели деген өзиниз ғой.

— Әй, ширик ғумалақлар!—деп Айдос бирден қызды.—Айдостың уллары нәмәртлик қылып, иргеге тығылған тышқанға айналса, бул сорлы елди ким қорғайды? Атланыңлар! Урыс пайытында буйрық бирсеў болады, атланыңлар! Үш жүз атлының алдында жүриңлер! Әмиўдәрьядан жүзип шаршап шыққан хан ләшкери ҳәрқайсыңызға тек үшеўден-ақ келеди. Бул күтә аз, сизлер жеңесизлер! Қәне, тез шабыңлар, тез! Тез! Тез!

Қатал айбатлы әкеге қайтып бетлеспей, Ырза менен Төре үш жүз атлыны баслап, қылышларын көтериў менен Әмиўдәрья таманға шаба жөнелди.

Яков Нурлыбекти иркип қалды.

Айдос оларға хабарласпай шатырына кетти.

Ярым ақшамнан аўғанда ғана көзи илинген Айдосты өтирапта жалтылдаған от сағымы менен «Сары атаўды» паналаған халықтың уў-шуўы оятты. Атаўдың қамысына от басылыпты. Пышырлап жанып атыр. Жаў ләшкери жүдә жақын, ғаўырлысы еситиледи. Айдос шала-пула кийинип, жуўырысы менен Яковтың қосына келди. Ол жоқ. Орнына үңилип, түнде жатпағанын билди. Изинен атларды жетелеп киятырған атқосшысын да көрмей, ҳаўлығын, биресе «Доспанлап» биресе, «Яқыпжанлап!» мылтық атылып атырған таманға жуўырды.

Яков бир қыспаққа согылған гезеде буғып, алға шыққан жаў атлыларын терип атып тур еди, жанған қамыслықтың гүўилдишуўылдысына, мылтық сестине араласа «Яқыпжанлап» жүрген Айдостың даўысын еситип, сес берди.

Ол келе сала:

— Яқыпжан, және алдандым, шырағым, кешир мени, енди өзиң буйыр,—деди жыламсырап.

— Айдос баба,көз жасты тоқтатыңыз!—деди Яков буйрық даўысы менен.—Мени мақул тыңлаңыз. Кеткен нөкерлерди қайтарыў қыйын, жол жоқ. Сол ушын атқосшыңыз бенен төрт-бес

бийге бас болып атланыңызда, мынаў суўдан кешип, қазақ елине жол алыңыз. Бурын да айтқанман, қазақлардың сизге таныс ата бийиниң аўылы қарақалпақларға күтә жанашыр. Жетип аўҳалды баянласаңыз, сөзсиз жәрдем береди. Тез ойлап, тез шешиңиз, тез болыңыз. Қорықпаңыз, сизлер суўдан шығып кеткенше, изиңизден жаў жибермеймен. Қәне, тез, тез пәмлеңиз, урыс пайтында буйырығыўшы биреў болады.

Қарсы төрептеги қамыс арасынан ири даўыс еситилди:

— Халайық, бизге өтиңлер!. Болмаса, зая боласыз! Айдосты ким гелле қылса, байрағы мың тилла.., Орысты ким тири тутып берсе, байрағы мың тилла!

— Әне, тәғдийримиз де теңлести,—деди Яков.

Айдос ернин тислей гилт тоқтап, «Яқшы Яқыпжан, өзиңе бекким бол, елге әскер басы өзиң, хош!» деди де, алдына кесе тартылған атына ғарғып минип, «айда» деди Доспанға.

Яков оның изинен «бийбаба, мен қарақалпақларға ҳамал излеп келмедим» дейжақ еди, ҳәзирше ғаррының зейнине тиймегенди ҳәм даўыслап, душпанға сыр алдырмағанды мақул тапты.

Айдостың арттағы халыққа араласып әллекимлерге, ҳештенени түсиндирмей-ақ «тез атланың, жәрдем излеп кетемиз» деп атырғанын еситти.

Алда жаў нөкерлери менен, аралары жүз қәдемнен алыс емес еди, олардың бир-бирине кейигенлерине, буйрықларына дыққат берип, Айдослардың қалай кеткенин биле алмады.

Жаўлар, Айдостың нөкерлери буққы таслап, жақынлатып атыўды күтип атырған деп, ойласа керек, алға тез-тезден жеккежекке шаққан атлыларын жиберип, сынап турыпты. Қайсысы қанша шаққан болса да, Яковтың нышанасынан қашып қутыла алмай, оққа ушып, тек жайдақ атлар қамыслыққа сиңип атыр.

— Уллы әскер басы!—деген даўыс еситти Яков арт жағынан.—Алға басыңлар! Барлық нөкер Қоңырат таманға кетти! Айдос төрт-бес тәрептары менен қашты!

Бул бақырған Қабылдың атқосшысыман деп келген сатқын шабарман еди. Оны ҳәмме умытыпты. Яков алды менен соны гүм қылыў ушын қәйерден бақырғанын излеп, тикейе бергени, шашлары жайылып, үстиндеги көйлеги еле жанып киятырған биреўди көрип, «және бир жансыз ба?» деген қәўип пенен, нышанаға алғаны сол, бирден таныды, Айымгүл!

— Айымгүл!!!

Қызда сөйлеўге дәрман жоқ, ҳалықлап, қаратерге шомылыпты. Келди де, гезеге қулады. Яков оның жанған көйлегин жырта сала орнына өз көйлегин кийдирип, арқасын бир баў қамысқа сүйеп отырғызды.

— Яқыпжан аға, Яқыпжан аға,—дейди қыз болғаны.

Соның арасында, алдағы қалың қамыслықтан жаў атлыларының бир топары шықты. Оларға қарсы жуўырып:

— Иркилмеңлер! Бул жерде бир орыс пенен Нурлыбектен басқада жарақ жоқ!—деп, сөйленип баратырған сатқын шабар-

манды көзи шалды да, жылдам нышанаға алды. Ол мисли қалпақ болып оққа ушты. Буны көрген хан нөкерлери гүў алға басты. Неликтенде Нурлыбектен дыбыс шықпай қалды. «Тутылған я оққа ушқан» деп ойлады Яков. Қыялына Айдослар да еле алыслап кете алмай атырған секилли. Арт жақтағы жарақсыз халық дөнин киятырған хан лөшкерин көрип, шуўласып қоя берди. Бул жагдай Яковты бираз албыратса да, Айымгүлге сыр уқтырмаўға тырысты. Бир жаман жери—ең соңғы оғы қалып тур. Енди ол орыс нөкерининң әдетин қылып, гезесинен «ураааа-лап» шығып, шуўласқан қарапайым халыққа шақырық тасламақшы болды, эттең, олар буны түсинбеўи мүмкин. Үйретилген нөкерлер болса Қоңыратқа кетти. Соңша мүшкилли жолдан азап шегип келип отырған Айымгүлди қыйып кетиў де қыйын. Тири қолға түспеўи де лазым. Сонда соңғы оқты өзине сақлаўы керекпе? Жоқ. бул нәмәртлик! Жақсысы қалған оқты жаўдың бир әйдигине жумсаў керек. Ол усыннан басқаға ақыл жуўыртпай, алдынан өтип атырған жаў нөкерлеринен көз алмастан, сыбырланды.

— Айымгүл, кемпир-гаррың аманба?

— Аман. Яқынжанның қасында бол деп, мени солар жиберди. Жолды жаў нөкерлери иўелеп алған екен олар отбасқан қамыслықтың арасынан айланып өттим. Сени көрүге асықтым.

— Жүдә батыр қыз екенсең, сүйген, жигитиң бар ма?

— Бар.

— Қаяқта? Я Қоныратқа кеткен нөкерлердиң арасында ма?

— Жоқ, усы атаўда...

Бирден бәдәйбат тулғалы бир жүз басы көзге шалынды. Ол сүренлеп, тусынан өтип баратыр:

— Ҳәй, Қабыл. Дәўлетпазар... жылдам суўдан жол табыңлар! Айдостың изинен қуўатуғын атлыларды баслап барасыз. Есте тутыңлар, Айдостың геллесин ким алса, байрағы мың тилла Орысты тири тутқанға да мың тилла!

Яковтың қаны қызып, өзин де, оны сүйгеннен ызлеп келип отырған Айымгүлди де умытып, мылтығының тетигине бармағын тийгизгени мәттал, жаў атынан аўдарылды. Оның изинде топарласып киятырған нөкерлер гилт тоқтап, түтин бурқ еткен гезеге қарай мылтықларының аўзын тутып, бәри жапа-тармақай оқ үзди.

55.

...Айдослар суўдан шыққан соң да атларына бир заман дем алдырмай, күнди түнге, түнди күнге уластырып қамшыға зор берди... Асығыслықта оған үш бий ерген еди. Айдос ҳештеңени ашып айтпағанлықтан қайда бағдар алғанын билмегенликтен бе ямаса енди жеңис жоқлығына исенгенликтен бе ҳәржерде атларын ақсатып, иркилип қала берди.

— Тез жетин!—дейди де Айдос алға баслайды.

Үшинши күни, Доспанның аты да узақ сегбирге төтепки бере

алмай, Қызыл-Қумның бир асыўында тоқтады, жетекке алынды. Узын-шубай есе қумды омбалап, шыядадан озалмай мамырлап киятырған Айдостың алаяқ жийрени Ширик-Рабатқа келгенде, дегиш алған ыраштай оммақазан атты.

Найлаж дем алыс шўбети кирди. Ийелери атлары менен қапталласып жатты. Уйықлады. Песин пайтында бирин-бири оятып, тиркелесиўи менен төбешик қумға көтерилди. Екеўи теңнен күн астынан қарадаг көрди. Оны қуўғын шығар деп, гуманланып, бирин-бири ҳаўлықтырмаўға тырысты.

Доспан маңлайына қолын сая қылып, узақ қарады да, нағыз қуўғыншылар екенин абайлады:

— Бийбаба, бир пада кийик жайылып киятыр.

— Па, қуўғанда ма?—деп, Айдос пәсте жатырған атларға бир нәзер таслады.—Қартайдым. Шаршадым, Доспан, қашшан өлиўим керек еди, қурығыр бул дүнья бир сулыў қыз янлы бәрҳа өзине тартты, тартты.—Ол күн астына және қарады, ғаррылықтан эззилеген көзлерине ҳештеңе илинбеди. Және атлар таманға бурылып олардың бүгин түргелмеслигине көзи жетти.—Қыял шарлап қайда кетпейди, дейсең, Доспан.Шайыр болғым келип тур. Қырдөгерекке бир қарашы, Доспан, қандай гөззал жайлаўымыз бар. Күнхожа көп оқыса, көп көрсе, мен қусап көп нәрселер менен дүгиссе қандай жақсы шайыр болар еди... Билесең бе, мен орыс көрип жүрип Яқыптай жақсысына жолықпасам керек. Наятый киши пейил! «Мен сизлерге пәлен қылдым» деп ҳештеңени миллет етпейди. Қатты келмейди... Уста әкеси де сондай еди. Уллы Маман бий усындай орысларды мақтайды екен дә! Сонша жаўға қалқан болып, бизлерди қашырды. Аман болғай, қудайым аман сақлағай!.. Маманға, қызынды Яқыпқа бер, деўим керек еди, үлгермедим. Қайтып барғансоң айтаман.

Доспан Айдостың сөзлерине онша итибар бермей, узақтан көринген атлылардың кейпин бақлаў менен, олардың ҳақыйқат қуўғыншылар екенине исенди де, астын дегиш алып ийримге қулап баратырғандай Айдостың ийнине жармасты...

— Бийбаба...

— Ҳа, қарақурт көрдиң бе?

— Қуўғыншылар!...

Ғарры бийдиң ақ сақалының сағымында қызғыш көринетуғын жүзи қумдай бозарып, бир неше демлерге лал болып, өзин зорға бийледи:

— Заңғарлар, Яқыпты өлтирмесе болғаны!...

Асығып атларына қарай жуўырысты.

Әсиресе, алаяқ жийреннің көзлери қанталап, барып-келип атыр еди, Айдос оған бир заман үңилип турып, қынабынан қылышын алды да, Доспанды шақырды.

Оның даўыс дирилдисинен қыялы бузықлығын түсинсе де, Доспан жалтармады, алдына келди.

— Ат пенен қатар жат!

Доспан аш қасқырға тап болған жетим қозыдай, сес шыға-

рыўға ҳалы келмей, иши-баўыры қалтыраўы менен дүс төмениис жатты.

Айдостың қабағы жабылып, бар күши менен кериле қылышын көтерип, жийрен қасқасының мойнына қойып салды. Аттың төрт аяғы селтеңлеўи менен геллеси бөлинип түсти. Енди ол көзлеринен тынбай сорғалаған жасларын жеңи менен сыпырыўға үлгермей, атқосшысының еңсесинен көтерди:

— Түргел, сүйикли бирәдарым, түргел, улым. Душпан жақынлап, ақырғы демде турғанымда ҳәмиримди тәрк қылар ма деп ойдым, қылмадың. Мә, қылышымды сен иске сал. Мениң геллем мың тиллаға кесилген, өзиң-әм еситтиң. Оны жаў алмасын, сен ал. Сениң маған қылған сонша хызметлериңе буннан артық берерим қалмады, улым.

Доспанның еринлери дирилдеп, аўзы кемсеңледи.

— Жыламсырама, улым, усла қылышты!

— Бийбаба, мен сиз бенен...

— Түсинемен, Доспан, гәпти көп созба! Нәлетий қуўғыншылардан дастық алыўым керек еди, оның енди пайдасы не, изинен екеўимиз де өлемиз. Сен тири қалыўың керек, улым. Есиңде ме, мен жөнинде қанша қосықлар, қанша өсеклер бар. Ең болмаса, сен анығын билип қал, мен ели-халқыма қылап ойлаған емеспен. Ҳешқашан сатқын болмадым. Өтирик сөйлемедим. Сен тири қалсаң, әне усы ҳақыйқатлық бурмаланбай қалады...

— Бийбаба...

— Тыңла улым... Мен тек аталардың қәтесин тәкирарламаў жолында, өзимше қәтелестим. Ҳеш исиме ат қоя алмадым. Яқып орыс ат таўып берген «қарақалпақ ҳақыйқаты» ушын жасадым, әттең, иске асыралмадым. Адамлардан алға кеткен алдыңғы емес, адамларды изине ерткен алдыңғы екен. Усыны мениң қос бүркитим Ырза менен Төреге жеткер, Ерназар да еситсин... Бәрине тек сен гуўасаң! Оларға ескерт, елге әскер басылықты орысқа қалдырдым. Оған бағынсын...

— Бийбаба..

— ...Мен сениң алдында гүналыман, Доспан. Улың Раҳимди Омар өлтирди. Мен көрдим, бирақ сеннен жасырдым. Ағайинди ағайиннің өлтириўи басланбасын дедим. Лайдос бурынғы атқосшысын өзи торағылға асып, соңғы ат қосшысына келиннин зорлап өперген, деген өсек бар еди, сол қайта жаңармасын дедим. Мә, балам, қылышты усла! Сен ҳешкимди ҳешқашан алдамаған едиң, мен болсам қартайдым, сен жассаң, енди өмир ушын, келин ушын, қалған улың ушын бир рет жаўға өтирик сөйлейғой, қудай кеширер. Айдосты өзим өлтирдим де, әўеле атынан айырып, өлтирдим де! Анаған қара, сениң атың басын көтерди, бул жүдә жақсы, улым... Мен себепли өлген улыңды есле. Мә... мә... мени аяма, қыйнама, улым...

Доспанның қоллары қалтыраң қылышты алды.

— Қос қоллап усла, улым... мен қашқан болайын...

Қуўғыншылардың ат дүсирлиси, өз-ара сөйлескенлери еситилди.

— Асық, улым. «Улым Рахимниң ҳаққына» деп ур, қыйнама, бар күшиң менен қос қоллап ур, улым...

Доспанның тулабөдени жуўлады, жуўлады, қылыш силтеўге бийбабасын қыймады. Ғарры бий көк желкесин тутып қазығын айналған аттай атқоспысын айлана жуўырып, буйырды.

— Ур, ҳәмиримди терк етсең, ғарғайман, ур, ур... қатты силте...

Қуўғыншылардың сөйлесиклери және жақынлап қалды, Доспан асығыс қозғорленип, қылышты қос қоллап көтерди де, төмен қарап турған бийбабасының жалаңаш желкесине салып жиберди...

Қуўғыншылардың алдыңғысы төбешик қумның сыртынан зоңқ етип шықты:

— Ҳа, мында!—деди изгилерине ҳәм еле лалы шығып ҳуўшсыз турған Доспанның алдында басы денесинен бөлек жатырған Айдосты көрип:

— Ўай, нәлет?—деди тисленип,—Өлтирип қойыпсаңғой!

Доспан енди ғана есин жыйды. Қылышының қанын жанбасына сыпырып бурылды:

— Бул гелленің мың тиллаға кесилгенине хабарлы едим, пайты жаңа табылды.

Изгилер жетти.

— Ҳә, нәркелле қарақалпақ!—деп жумық көзли елиў басы Айдостың Доспанды айланып жуўырған излерин жолдасларына көрсетти.—Мынаў излерди көрдиңизлерме, ел-халқына қайыр саҳаўатсыз, сатқын бийди қуўып жүрип өлтирипти. О-о-о, азаматсаң!

Аты сол ақсаңқырап, изде қалған Омар келе сала Доспанды көрип үстине бирден атылды:

— О, нәлетий қандарым! Айдосты мен өлтириўим керек еди, және сен несийбеме асылдың ба?

Қызып турған Доспан Омардың қылыш сермеўине имканият бермей, еле қаны тамып турған қылышын оған қарсы силтеп қалды. Омар «ўаыйй» деп үлгерди, болғаны, басы терисине илинип, артына сылқ етти. Доспанның көзлери қызарып, жеңил нәпес алды...

Бул көринис ҳәммени бир демге лал етти. Қызба бир нөкер ашыў менен Доспанды атыўға қолайласып атыр еди, елиў басы мылтығына асылды.

— Тоқтат! Өлтириссе, қандарлар өлтирисип атыр!

Нөкерлерден бири елиў басыға мүрәжәт қылып шағынды:

— Ҳүрметли елиў басымыз, сиз буны марапатламаңыз. Мың тилла оған емес, өзлеримизге тийисли.

Елиўбасы оның сөзине итибарсызлық пенен, ат үстинде турып, Қабыл менен Дәўлетназарға Айдостың геллесин алып қоржынына салыўды буйырды, Доспанға шуқыр қаздырып, Айдос пенен Омардың денесин көмдирди.

Доспан атланар пайытта Қабыл менен Дәўлетназарға урла-

нып қарап, шырайларында шаршағанлықтан өзге өкпенің изин сезбеди. «Нәлетийлер» деди тисининң арасынан.

Кеўли тасқын, парасатлы елиўбасы Доспанды қапталына шақырып, сораўға тутты:

— Басқа бийлер қайда?

— Атлары жарамай жолда қалды.

— Қайда бет алып едиңиз?

— Қазақ елине. Солкөрада орыслар-әм бар дейди...

— Усыннан елге жеткенсоң, Айдосты сорағанларға не дейсең?

— Өлтирдим деймен.

— Мен сенің мәртлигиңе, кәраматлы Хийўаның уллы ханына садықлығыңа исенемен, лекин, мениң саған айтажақ нәсиятым бар, оған қылап қылсаң, бир дем жасайман деп ойлама, туқым-теберигиңиңен тири инсан қалмайды.

— Уллы елиў басымыз,—деди нөкерлерден бири қапталласып келип,—Айдосты атқосшысы өлтирди десеңиз хан «сизлер қайда болдыңыз?» деп, шан-шуҳратыңызға нуқсан келтирмеспекен?

— Бос кейип, ладан!—деп елиў басы оған жекиринди.—Қарақалпақлардың бир бирин өлтиретуғын алаўызлығына гүўалыққа ким қуўанбайды. Ол даўысын пәсейтип Доспанға бурылды.—Ҳәй маңбас, Айдос орысларды ызлеп қашты десең, елиң және бүлинеди, қозғалаң таўып бүлинеди. Елиңди бүлдирме! Бул пәнди нәсиятым, оннан соң, қалған бийлер жөнинде бүйде: олар Айдостың сатқынлығын билип қалып қойды, ал, Айдос болса, бала-шағасын таслап, Бухараға әмиринен баспана сораўға қашты, ҳәммеге емес, жалғыз өзине баспана сорайжақ еди, сол ушын өлтирдим» деп жәрия қыласаң, «әзелден ҳәмелпараз сатқын еди» дейсең... және ескертемен, «Айдос Бухараға қашты...» ханға бизлер-әм сөйдеймиз...

* *
*

... Олар елге араласқанда, хан лошкерлериниң қалғанлары, Ырза, Төре, Юсупжан басшылығында Қоңыратқа кеткен атлыларды набыт қылып, аўылларды айпап-жайпап жүр еди.

Жеңистен кейин «Мәсләҳәт төбеге» қурылған мыңбасының ақ шатырын ап қасқырлардың уясынан кейин көрмей, тез-тез топланысып, ийессиз бир пада қойдай айбат шегисип, үрпейисетуғын «Айдос қаланың» халқы елиўлеген атлының ортасында киятырған Доспанды танып, изинен ерди. Доспанда олар менен хабарласыў имканияты жоқ еди, сол ушын телмирип қарай бермеди де.

«Мәсләҳәт төбеге» ски жүз қәдемдей қалғанда, елиў басы атын бир нөкерине услатып, Айдостың геллеси салынған дорба менен ақ шатырға пияда жүрис қылды.

Мыңбасы ҳәзир ғана уйқыдан оянып, қатық ишип атыр еди, елиўбасының шырайынан кеўиллилигин сезди де, муртларын еки жаққа айырып, қарнын сыйпалады:

— Шамалаўымша исиң раўаж?

— Аўа, раўнж, мыңбасымыз,—деп елиўбасы Айдостың қанлы басын дорбадан шығарды да, қалайынша түсприлгенин баянлады.

— Азаматеңе! Биллер-әм оларды дорьяға қаман қырдық. Болмаса, бираз орысша хоперлери бар екен. Ырза менен Төре кеўилимиздегидей болып жоҳэшемге жолланды. Нәлетийлер оғыры батыр екен, лекин, Хийўа нөкерлерине төтепки беретуғын күш барма? Юсупжан шабандозды Хийўаға сатқынсаң деп, тәнҳә өзим атып, тепизге таслаттым. Ең өкинишлиси, орыс нөкер тири қолға түседи. Ол тири керек еди. Уллы ханымыздың бир жәмәәтте, «орыслар жүдо урысқыш, жақсы әскер басысы қолға түссе, қопесте сақлап, орыслардың әскерий сырларын ләшкеримизге үйретер едик», деген гәпи бар еди. Хан буны еситпегей! Нәлетий орыс тан усыны билгендей, өзине оқ шақырып, ақыллы бир жүзбасыны соңғы оғы менен өлтирди. Сорлы нөкерлеримиз жүзбасы өлгенге албырасып, оның гезесине бәри бирден оқ жаўдырыпты. Барсам, бир қарақалпақ қыз бенен өлип атыр.—Ол шатырға қарай жылысын киятырған «Айдос қала» халқын көрди—Ҳаў, анаў арсызларды тоқтат, мен кийинемен де шығаман!

Мыңбасының өз жағдайларын ашық айтып сөйлегенинен-ақ, елиўбасы өз ислериниң туўрылығына исенип, шаршағанын да умытты, жуўырысы менен изге қайтып, атына мине сала нөкерлерин баслап, халықтың алдын кеселеди. Доспаннын түри-түсинен-ақ жаманлық сезип, «қала» халқы бийүмит тунжырасып тур.

Мыңбасы жетти.

— Туўысқанлар!—деди ол келе сала.—Бала-шағаңызды аямай не ушын буйтип топланатуғыныңызға ҳайранман! Сезесизлер ме, Айдос бәршеңизди алдап, қандай ҳалға түсирген? Шынында ол ҳамал ушын туўылған ақылсыз түйе еди. Журтқа «қарақалпақ ханлығы» ушын деп пәзне басып, өзи болғысы келди. Есиңиздеме, ол еки инисин өлтирди, елиниң даңқы ушын емес, өзиниң даңқы ушын өлтирди. Қара басын сақытлаў ушын еки баласын нөкер қылып жумсады. Ақырында айналып, қара басының аманлығын гөзлеп, Бухара әмирине қашты. Сизлерди таслап қашты, заңғар! Еле-әм мынаў ат қосшысына рахмет айта бериңлер, барлық сумлықларын билип, өз қолынан атын, өзин өлтирип, бизге қосылды.

— Өтирик, өтирик!—деп шуўласты «қала» халқы.

Мыңбасы қасқырлықтан түлкиликке аўысып, мыйығынан күлиўи менен сәл кейин бәсти:

— Инанбасаңыз, атқосшысының өзи сөйлесин!

Доспанды қоршап турғанлар оны жән-жақтан қамшылап, алға өткерип жиберди.

— Айт, Доспан!

— Шынлықты айт!

Доспан көпшиликке бетлей алмай, артына бурылып еди, жумық көз елиўбасының қынабынан жылт еткен қанжарын ҳәм оның қанжарды өз алқымына апарып «айнысаң, өлесең» деген белгисин көзи шалды. Мойны сиресип қалғандай, зорға-зорға қәддин тиклеп, алдына қарады. Көпшиликтиң арасында, Раҳим-

нен соңғы бөпесин баўырына басып, көзлеринен тынбай жас сорғалап турған Паршагүлди көрип қалды, Қонышынан жылан шығып, көйлегиниң иши менен мойын омыртқасын жағалап, басының ишине сиңип баратырғандай, мийи аўылжып әлленемирде өзине келди.

Халық тым-тырыс.

Атлылар сыбыр-сыбыр буйырып, Доспанның жанын келиге қамап атыр...

Елиўбасы шыдамай, Доспанның артына келип, қанжарының ушы менен бүйиринен түртти:

— Сөйлесеш!?

Доспанға дем жетпей қылғынып, түпиригин жутынып, жыламсырап, өсик қара сақал-муртын қайта-қайта сыйпалаў менен кеўип кеткен еринлерин ҳәрекетке келтире алмай «өмир ушын, Паршагүл ушын, балам ушын...» деп гүбирленди. Айдос шылап:

— Бирадарлар, бирадарлар...—деди ҳәм уйқыдан шоршып оянғандай бирден ғалаўытлы сөйлеп кетти.—Мыңбасы дурыс айтты! Айдос бий ҳамалпараз, сатқын еди! Ол ели-халқына қарамай, бала-шағасына қарамай Бухара әмирине өзине баспана излеп қашты. Ширик-Рабатта өзим өлтирдим!...

Жыйналғанлардың төбесинен таслы буршақ жаўғандай, бийтақатлық пенен әсте-ақырынлап жөн-жөнине тарқасты.

Мыңбасы елиў басыға ымлап, қасына шақырып, басқаларға еситтирмей сыбырлады:

— Ақылың пайда берди, азаматсаң! Енди Хийўа ләшкериниң даңқын ойлаў керек. Сарайға барып, Айдосты атқосшысы өлтирди деў, өзлеримиз ушын да, даңқлы хан ләшкери ушын да ағлаис емес. Нөкерлериң менен аўызша тас қуй, бул ислерди ханға қалай жеткериў мениң мойнима.

— Абайладыңызба, Доспанды қорқытып зорға көйлеттик ғой.

— Ол биз ушын бул дүньядағы парызын питкерди, енди бейишке жоллаў керек.

Елиў басы тек мақуллап бас ийзеди. Мыңбасы үнсизлик пенен «мәслоҳәт төбедеги» шатырына қарай шегинди, нөкерлери изинен жүрди. Жумық көзли елиў басы өз нөкерлери менен арқадағы шоқ қамыслыққа қарай бөлинди, Қабыл, Дәўлетназарлар соларға ерди...

Доспанның қулағы ҳеш теңе еситпей, атының аяқлары сол турған орнына шегелегендей қозғалмай, жалғыз қалды.

Жас Ерназар көпшиликтен айырылып келип Доспанның алдында иркилди:

— Доспан аға, анамнан еситкенлерим бойынша Айдос атам сиз тәрийплегендей болмаўы керек, Меннен жасырмаңыз, аға, ҳақыйқый болған шынлықты айттыңызба?

— Булар Ырза, Төрени өлтирип, сени қалай тири қалдырды?

— Әкеси ушын Айдосбийге душпан деп. өзлерине дос билсе

керек, бирақ устазым Есет палўанды өлтирди. Көп адамды бүгин Хийўаға айдатты. Арасында Пурлыбекти де көрдим.

Доспан аты менен бирге ағашқа айналғандай, бир кесе чай ишим қылт етпеди. Қақ маңлайынан қызыл жалын қарпып есип турғандай, еки бети жанып баратыр. Әллеким қулағына тақалып, «әй, бахытсыз Доспан, өзиң менен турмай және биреўлерди бахытсыз қылыў ушын неге өтирик сөйлейсең?» дегендей болды, неликтен де, бул сапары кәрине келтирмеди. Әстен үн қатты:

— Иним, жумбаққа толы бул дүньяда айтылатуғын да, айтылмайтуғын да ҳақыйқатлық бар...

Ерназар «Ох, сорлы ҳақыйқатлық!—деп гүрсинди де, аяқлары қағыса тентиреклеп, изине қайрылды...

— Иним, Ерназар, Айдос бабаның балаларына ҳәм сағаң айт деген бир нәсиятын тыңла. Ол өлер алдында «Адамлардан алға кеткен алдыңғы емес, адамларды изине ерткен алдыңғы екен...» деди.

Ерназар төмен қарап жаңа еситкенлерин ишинен тәкирарлаў менен «...адамлардан алға кеткен алдыңғы емес...» деп баратыр еди, туў сыртынан мылтық даўысы гүрп етти. Жалт бурылды. Доспан атынан қулап жатыр. Бирден жуўырып барса, оның өңешинен қан лоқылдап, еринлери жыбыр-жыбыр сөйленип атыр. Ерназар Доспанның басын сүйеп отырып ақырғы деминде айтқан тек еки сөзин айқын түсинди:

— ...Мен де бахытсызбан!..

* * *

Мине, ҳәсиретли «Қарақалпақ дәстанының» екинши китабы да адаланды, үшиншисин күт, әдиўли оқыўшым!

Үшинши китап

ТҮСИНИКСИЗЛЕР

Россия биэлерсиз-ақ жасай береди, ал биэлердиң ҳешқайсымыз Россиясыз жасай алмаймыз.
(Тургенев И. С.)
—Әлемдеги гүллән урыс-қағыстың, көз жастың анасы—адамлардың бирине-биринің түсиниксизлиги...
—Бирақ адамлардың бирине-биринің түсиниксизлигине тиллердиң ҳәрқыйлылығы баслы себеп емес.
(Қарақалпақ тили бойынша илимпаз Е. Бердимуратов пенен англичан тили бойынша илимпаз Ж. Алламуратовтың сөйлесиўинен.)

БИРИНШИ БӨЛИМ

I

Бул жақты дүнья сан-санақсыз сырлы, сыйқырлы қулп. Инсан оған гилт болып туўылады, кими ашты, кими ашалмады, буны өзлери де анық билмейди, бирақ ҳәр қайсысы «мен ғана ашып жүриппен» деген ойға өзин исендирип жасайды, өйтпегенде, өмир сүриў күтә мүшкилли.

Қарақалпақлардың Хийўа ханлығына қарсы Айдос баба басшылығындағы 1827-жылғы көтерилиси де бул жақты дүньяның сан санақсыз сырлы, сыйқырлы қулпын жәмлесип ашыўдың өзинше бир жолы еди. Бирлик болмады, күш таппай, сол қулпты ашыўдың зәҳметли ғалма-ғалы тыпымсыз даўам етти.

...Қуяш дүньяның ҳәр жеринде ҳәрқыйлы ўақытта шығып батқаны сыяқлы, жыл мәўсимлери ҳәржерде ҳәрқыйлы болып келгени сыяқлы, ҳәр дөўирдиң, ҳәр халықтың, ҳәр аўылдың, ҳәтте ҳәр кисиниң өзи ушын қол жетпес биик шоққысы, өзи ушын айрықша даңғаралы ҳәдийселер бар. Олар басқалар ушын, келешек ушын биик шоққы ҳәм даңғаралы ҳәдийсе болып хызмет ете ала ма, жоқ па, ол жөнинде өз ўақтында ойлайтуғынлар шенде-шен. Деген менен, сол биик шоққылар, сол даңғаралы ҳәдийселер өз заманласларын илгери алға умтылдырса, ақылларды олай-булай қозғап теңселдирсе, бәс!

Он тоғызыншы әсирдиң қырқыншы жылларында исламның шығыстағы белгили шоққыларының бири Хийўа ханлығына қарсы «Үш жүз алпыс әўлийели қала» атанған Гөне Үргениште өткерилген тойлардың даңқын белгилейтуғын бас жарыс—гүрес пайытында, тамашагөйлер күтпеген бир ҳәдийсе жүз берди: қала әтирапында жаўырыны жерге тиймей «Пил палўан» атанған

палўан жыгылды. Буған жағасын услап «Әлҳаббиз» демеғенлер шамалы. Таңланыўды күшейткен жағдай «Пил палўанды» шалқасына салған жигиттиң қарар көзге турпатының әпиўайылығы, жаслығы ямаса атының дуйым журтқа еле намәлимлиги ғана емес, Әмиўдәрьяның аяғында, Арал теңизинин балығын напақа қылған аз саплы қарақалпақ халқынан шыққаны болды.

Ол, той сорапжамының алдына барып, маңлай терин қайта-қайта сыпырыў менен, бас байраққа қойылған алаяқ яўмытыны жетелеп, ортадан шығып баратыр еди, өзи қатарлы бир түркмен жигити қапталлап келип сыбырланды:

— Жеңиўиң қутлы болсын, палўан! Оғыры күшли екенсең! Исмиң ким?

— Ерназар.

— Яшуллылар сени қаладан тез шығып кетсин, деди.

Ерназар «неге?» деп сораў орнына оған жуўан мойнын бурды.

— Ерназар, көп қумырысқа бириксе, ҳәтте арысланды өлтиреди. Сениң жығылған палўанның тәрепдарлары қумырысқадай. Көрининп қашпа, қуўады. Намазлыгер-намазшамда, өте елеспесиз пайытта кет!

Ерназар оның шын дослық менен ескертип турғанын сезди де, байраққа алған атының ерине қыстырыўлы ақ сүйек саплы қамшыны алып берди:

— Мениң естелик. Атың ким?

— Аппамурат.

— Аппамурат, қалаңызда басқа елатлардан саяхатшылар бар ма?

— Хийўада бар деседи.

— Сени маған жиберген досларға, яшуллыларға сәлем айтарсаң, көрискенше хош.

Ерназардың бул сапары аўылынан шыққандағы мақсети, Хийўа ҳәм Гөне Үргениш қалаларына және бир барып, олардың не ушын Хийўа, не ушын Гөне Үргениш болып даңқ шығарғанын жетигирек билиў менен Хорезм шуқырындағы бул даңғаралы қалаға басқа елатлардан келген сәўдегерлер, саяхатшылар болса көриў, илажын тапса базылар менен тиллесиў, сөйтип өз елиниң әдди-үддисине, ҳал-жағдайына ой жибериў еди.

Мәнекей, тосыннан, тойға тап болып, арқасы қозып гүреске түскенин өзине пайда бермеди, тез кетиўге мәжбүр.

Күн батыўға мейилленип, жас үлкенлер намаз бенен, басқалар кешки аўқаттың ғалма-ғалы менен бәнт ўақытта, Ерназар алаяқ яўмытыны минип, өзиниң атын жетегине алып жолға түсти.

Түни менен тынбай сегбир тартып, күншыға Хийўаға кирди. Бурылары келип жүргенине қарамастан, шық астында мүлгиген қала оған ҳәркашанғысынан да әжайып, кәраматлы ҳәм күшли көринди, қаланың батысынан киретуғын жолды кесип өткен кишкене жаптың көпиршине минген соң, артына бир қарап қойып, барлық бәлеқададан қутылғандай, абыржыған кеўли тынышыды.

Қарамы ылаңықтай отын арқалаған биреўдиң маңлайынан

шып-шып тери тамшылап, қапталынан үнсіз өтіп баратырғанына көзи түсіп өз-өзінен гүбірленді: «найсап, күтә күшли қул екен. Усындай он мың қулы болғанда пүткил қарақалпақ ели аўыр мийнеттен қутылар еди, байыр еди...»

— Ҳа, жолаўшы, ассаламу әлейкум!

Ерназар артына жалт бурылды. Мүсинінен талыб-илим уламаларға мегзес муртын қырдырып, қара сақалын сулыўлап пардозлаған, отыз-отызбес жаслардағы биреў мешит таманнан келип қалыпты. Ерназар оның сәлемин әлик алып өз гезегине сәлем берди.

— Қулға ҳәўесиңиз кеткенин айладым, ким боласыз?

— Қарақалпақ Ерназар налўан дегенмен.

— Ҳә еситкенмен. Мен Хорезмге келген түркий ахунман.

Ерназар атынан түсип, оның менен қайта сәлемлести.

— Ҳа, азаматсаң, Ерназар. Сен туўралы, сен баслаған аға бий туўралы да еткенмен.

— Қайдан?

— Хорезмниң дузын тең татып, Омўдәрьяның суўын бөлисип ишип отырып қарақалпақларды билмеў, ҳәрбир хийўалы ушын гүллий гүна.

— Қалаға бөтен еллерден келген сизден басқа-әм бар ма?

— Айрықша кимлер қызықтырады?

— Орыслар бар ма?

— Түри-түсиннен ҳаўлыққаның, сезилип турыпты, қорықтың ба?

— Бир басқа бир өлим бар, оннан қашып қутылыў жоқ, бирақ халқым ушын жақсы-жақсы нийетлерим бар, сол ушын жасағым келеди.

— Ақыллы жигитлигиңди жаңа гүбирлиңнен-ақ байқадым. Ырастан да, қарақалпақларға көп мың қул керек. Бахтың болсын, бул көпир көп қарақалпақ жигитлерине бахыт келтирген.

— Қалайынша? — деди Ерназар бул сөзшил адамға таң қалып.

— Еситпегенбисең? Бир жола сизиң елден Мамыт, Сайыпназар исмли еки жас жигит әкелериниң орнына хан салығын әкиятырғанда, тап усы көпир үстинде шикәрға баратырған ханға тап болады. Ол ерикken хан оларды иркип: «қарақалпақлар бизге ким болады?» деген сораў қояды. Сонда Мамыт: «қарақалпақлар хан тахтының туятын көтерпўши қураллары» — дейди. Хан ойланбастан: «сен бала урыўыңа бийсең» — дейди. Сөйтип Сайыпназарға қаран: ҳей бала ендей тағам мазалы?—дейди. «Мәйек мазалы», — дейди Сайыпназар иркилмей. Хан үндеместен оны шикәрға ертип кетеди. Еки күннен соң қайтып киятырып және усы көпирге келгенде хан: «не менен?» — дейди. Сайыпназар «дуз бенен»—дейди. Уллы хан оның қатықулақ дилўарлығын мақтап: «сен-әм өз урыўыңа бийсең» — дейди.

Ол аўылласлары Мамыт ҳәм Сайыпназардың усылайынша бий болғаны жөнинде ҳақыйқатлықты бурыннан билсе де, жаңа еситу-

кенге қусап, үлкен көзлери менен күлип, ҳайран қалған тур көрсетти.

— Ахун ага, бир сораўыма жуўап бере алмадыңыз?

— Шырайыңнан көп нәрселерди аңлап турыппан, тамырынды көрейин бе?

Ерназар жуўан билегин тўринип оған усынды. Ахун оның жүнли билегиниң үстине өзиниң солыған геширдей еки бармағын қойып үнсиз тыңлады да:

— Уйықламағансаң, — деди. — Тамырың күшли соғып турыпты. Айтшы иним, сен түсиңде жалаңаш жүресең бе?

— Базда сондай болады, базда қолларымды қанат қылып аспанда ушып-ом жүремен.

— Сениң келешекте үлкен бахыт күтип турыпты. Оның үстине жас ғана бир нәўше қыз сыртыннан ашық.

Наятый шуқыр билими бар ахунлар кәрамат пенен ишиндегини оқыйды, гейпаралары жаптың суўын терсекейине ағызып көрсетеди, дегенди Ерназар көп еситкен еди. Ҳайран қалып шаршағаны басылды, уйқысы ашылды.

— Аммо,—деди ахун оның билегинен бармақларын алмай.— Түсиңде жалаңашлық жаман. Я ҳаялың ғар, я ағайинлериниң жек көргени.

Ағайинлерининң унатпайтуғыны ырас. Ҳәтте, әкеси Мыржықты оның туўысқан ағасы Айдос баба өлтирген. Ҳәзирги «аға бийде» де оны урыўласлары ғана онша қуўатламайды, келиншеги Рабийби болса Мамыт бийдиң ҳаял үстине алыўға қолайлап жүрген қызы еди, сонлықтан, Мамыттың оны жақтырмай, аға бийге өз тоғарынан жигит қостырмай қойғанының себеби усыннан деп билетуғын еди.

«Неликтен Рабийби бузық?..»

Ерназардың шүй төбесине батпан тас тасланғандай, мийи абыржып, ойлары алғаў-далғаўланды. Биресе түркий ахун менен тереңирек мәсләҳәтлескиси келди, биресе турған жеринде оның мойнын бурап, көпирдиң астына тығып кеткиси келди.

Түркий ахун көп гидирмей:

— Адам баласына ең кереги: биринши—тамақ, екинши —зайыбының пәклиги, — деди де жөнине кетти.

Ерназардың дизелери қалтырап бундай ништерли жаңалық еситкенше «Пил палўанның» адамлары тәрепинен өлтирилгени анағурлым абзалырақ түйилди. Жүрек-баўырына зәҳәр сүйкелегендей ашып, еңсеси жаңа ғана өзи көрген қулдың отыны артылғандай, атына зорға минип, салпаўсыўы менен алға жүрип, келеси көшениң бәндиргисинен өте бергенде, оның аты айтылғандай болды, әллеқандай таныс даўыс жыламсырады. Тек елес шығар деп үнсиз кетип баратыр еди, даўыс және еситилди. Гилт тоқтап бир қапталына қараса, үш адам оның аўылласы Қасым деген жигитти ортаға алып, ҳәрқайсысы бир түйгишлеп баратыр. Ол бирден асығып, үстилерине дөнип-ақ қалды. Қасымның бет-аўызы әдеўир-ақ исипти.

— Ҳа, бул не?

— Ерназар аға, мыналар мени талайжақ, — деди Қасым жыламсырап, — Кешеги базарға мал әкелип сатып, бүгин баққаллардан ол-пул алайын деп азан менен шыққаным, мынаўлар тап болды.

— Өтирик сөйлеме! — деди оны тутыўшылардың бири. — Әй, қарақалпақ, — деп ол Ерназарға мурәжат қылды. — Сен ара түспе! Бул уры! Кеше базарға салған сыйырын арзанлаў көрип мен сатып алып едим, ол мынаў кисиники болып шықты.

— Аўа, аўа,—деди екиншиси.—Биз Әмиўдәрьяның жағасындағы елаттанбыз. Сыйырым жоғалған соң из қуўып келсем, мынаў киси сатып алдым деп жетелеп баратыр. Туттым.

— Егер маған қудай берип қарақалпақ урысының өзи табылмағанда, пулымнан айрылғаным менен турмай, өзим уры болады екенмен.

— Өтирик, Ерназар аға, өтирик! — деп Қасым қайта жыламсырады. — Булар сеннен қорқып маған жала жаўып атыр. Сенней бурып қалтамды тинтип атыр еди.

Қасымның жыламсыраған даўысында әлем ҳақыйқатлығы бүркенип атырғандай, Ерназар бирден қызып, оны қоршаған үшеўдиң шетинен қамшыға тутты. Күшли ҳәм апыўлы палўанның қолындағы қамшыға төтепки бере алмай үшеўи үш жаққа серпилип қашты.

— Мынаған мин! — деп Ерназар жетегиндеги атты Қасымға услатты. — Қаш!

Қасым басқа сөздиң басына бармай атқа пышықтай ғарғып минип, алды-артына қарамай арқаға қарай қустай ушты.

Ерназар апаў үш адамды бир-бирине қоспай және қамшылап:

— Нәлетий жалақорлар! — деди де оннан асықпай жөнине кетеберди.

Қаратаўдың тусындағы Әмиўдәрья қыспағынан атын жүздирип, қуйрығына асылып өтти. Арғы жағада өзин басып, қуяшламада кептиринип отырып еди, уйқысызлығы, шаршағанлығы тула бедениң қурсап буйықтырды. Кеш пешиде оянып көзин ашты да таў үстинде әлле кимлердиң тасқа шақ-шуқ балға урып атырғаның еситти, қуўғыншылар қамалаған екен деген ой менен ушып-ақ түрегелди. Қараса, төрт киси таўдан тас қопарып атыр. Бир орыс адамы тахта үстине тас қыйқымларын жайып, әлле қандай әжайып әсбап менен үгилип, ара-тура бир нәрселерди қағазға жазып отыр. Ол атын жетелеп соларға қарай жүрди.

Орыс адамы Ерназарға сығалаңқырап, түр-түсинен узақ жолдан ашырқап ҳәм әлленәрседен қойетер менен албыраңқырап киятырғанын сезгендей, тас қопарыўшылар таманға бурылып даўыслады:

— Әбдирахман, түслик!

Орыс адамының өзбекше сөйлегени Ерназарды қуўантты.

Тас қопарыўшылардан Ерназар қатарлы, кең жаўырынлы,

қара муртлы сулыўшық жигит үш аяқлы ошаққа мосы қазанды илдире сала от жағып жиберди.

— Мениң атым Грушин, — деди орыс адамы Ерназардың жолдасларына еписе алмай үнсиз отырғанына шыдамай.—Өзбекше Алмурт десе де болады, ал сениң ше?

— Ерназар қарақалпақпан.

— Ооо, жүдә жақсы, Қарақалпақлар ҳаққында көп еситкенмен.

— Бул таслардан не соғып атырсыз?

— Ҳәзирше, ҳештеңе,—деди Грушин.—Тек изертлеп көрип атырмыз.

— Хан билеме?

— Хан маған мынаў жигитлерди қосып усы таўды изертлеўге урықсат етти. Мийнетимиз еш болмай, алтын гүмис ямаса шырамай тасақ хаплыққа пайда, байлығы артады.

—Даңқ пенен байлық бар жерде қызғаныш өте күшли болады-дә!

— Бизде, қой көп жерди қасқырдың өзи табады дейди. Адамзаттың ийгилиги ушын исте қой болыў жарамайды.

Ерназар сөзден утылып, аўқаттан кейин оларға тас қопарысты. Ийети Грушин айтқан я алтын, я гүмис, я шырамай қалай табылатуғынын көрнў еди. Қаратерге шомылып, кешке дейин тынбай қара тастан от шығарып балға урса да, Грушин бир де тас қыйқымынан үмитли нәрсе барып айта алмады. Кеште, ашық аспанды түнлик қылып жулдызларды киинз үзиктиң тесиклери деп түсинип, таў үстинде ашық ҳаўада желинген аўқат, ҳәммесине шийрин көрининп айрықша иштей арттырды.

— Сиз, қарақалпақлар туўралы көп еситкенмен деген ediңиз? — деди Ерназар аўқат желинип болғанша шыдамай.

—Аз санлы халықлар өзлерин мөмин санайды, олар ҳаққында басқалар дым билмейтуғындай көреди. Солай ғой-ә.

Ерназардың көзлери күлип, мақуллаў белгиси менен бас ийзеди.

— Мен бул жаққа шығарда Россия менен Орта Азия халықларының қарым-қатнаслары ҳаққында бираз нәрсе оқып, қатықулақ қарыялардан-әм сорағанман. Қарақалпақлар туўралы гәп көп. Буннан жети-сегиз жүз жыл бурын бабаларыңыз «Черные клобуки» деген ат пенен Россияның шығыс шегарасын қорғаған халықсыз. Дәўир даўылы қуўып азайғансыз. Маған күтә қызық көрингени—буннан саррас жүз жылдай илгери сизиң халықтың елшилери Маман батыр деген сәрдарының басшылығында уллы патша Елизавета Петровнаға арза менен келипти. Түсинесиз, патшалар, ханлар әўеле өз тахтын ойлайды, тек ақыллысы ғана өз орнын халқының тәғдири менен байланыстырып ойлаўға ҳәрекет қылады. Патша Елизавета Петровна Маманды қабыл еткен, қарақалпақларды қол астына алатуғыны жөнинде жарлық-әм берген. Бирақ, сарай ишиндеги әдаўатты басып, тахтымды қорғайман деў менен бәнт болып ўәдесин умытқан секилли.

Орыс адамының патшасын мақтамай, ҳақыйқатлықты айтқаны тыңлаўшылардың бәрине унады. Әсиресе, Ерназарды көбирек үйирди...

2.

Қазақдәрьяны жағалай қонған елаттың қубла шетиндеги, шоқ үйлерге онша дыққат аўдарылмас еди. Күн аўа аўылға жан енди, жәп-жақтан киятырған атлылар көрине баслады. Олардың бәри усы аўылдағы бас көтерген қоқтасынлы жаслардың бири Мәўлен сарыныкине баратыр. Оның бүгин «аға бий» зияпатын бериў нәўбети.

«Аға бий»—ертеректеги ата-бабалардың умыт болыўға қараған «аға бий» ойыны. Оның қайтадан тиклениўиниң мәниси былай еди: 1827-жылғы Айдос баба басшылығындағы көтерилисинен сабақ алған Хийўа ханы қарақалпақ урыўларының қайтып бириғиўине имканият туўдырмаў ушын, аўыллардан, аўыллар бөлшеклеп көширип, бир урыўды екинши урыўға араластырып қарма қылып былғастырды да, ҳәр аўылдың ишинде алаўызлықтың тухымын сеўип, биреўди екиншиге тынышы қылып үлгерди .Айдос бабаның жақын-жуўықлары, дос-яраплары түўе, оған бир мәртебе түслик берген, қондырған бийлерди, урыў баслықларын өзгертип, жаңаларын қойып шықты, көп аўылларға Хийўадан моллалар жиберилди. Бул ўақыялар Ерназардың анасы Қумар аналыққа тап жүрек тамырлары үстинде болып атырғандай сезилип, және көтерилис болыўы тийислигине көзи жететуғын еди.

Сол ушын барлық билгенин жалғыз улы Ерназарға бериўге тырысты. Ерназар, ҳақыйқаттан да оның кеўлиндегидей болып өсти: ири, сүбе қабырғалы, дуғыжым билекли, айбатлы палўан, әри ақыллы. Үлкен-үлкен тойларда гүреслерге түсип, жеңип алған байрақларын анасына әкелип тапсырады. Епли ана олардың ҳәммесин орны-орнына пайдаланып, бурын «Қумар жесирдиң шаңырағы» атанған үйди «Ерназар палўанның шаңырағына» айландырды. Қоңсылас аўылдағы бир суўлыдан қалған жесирдиң Рабийби атлы сулыў қызын келин етип түсирди. Рабийби етекли келин болып, Қумар аналықты ақлықлы қылды. Ана аўылының жас үлкенлерин жыйнап ақылығына Ерназардың атына уйқас Хожаназар деп ат қойдырды. Рабийби Хожаназардан соң да көз жарды. Қызалақлы болды.

Қумар аналықты булар қоңсотлендирмеди. Бас әрманы — Ерназарға аты онсаға Маман бийден қалған, Айдос баба жыққан туўды тиклеў. Ананың ойынша: бул түў — бабалар туўы, бул туў—еркинлик туўы, бул туў—халықтың халық атын алыў ушын гүрес туўы, бул туў уллы орыс патшалығына қосылып, уллы халық пенен бир тоғдырлес болыў туўы. Бул туўды тиклеў ушын журтты аўзына қаратқандай жигитке ҳүжжет ҳәм ҳамал керек. Ерназарда ҳүжжет бар, ал ҳамал? Ҳамалды тек Хийўа ханы береди. Бир ҳайран қаларлығы: хан Айдос бабаның тәрепдарларына жаман көз менен қарап атырғанда, жас палўан-

ға жаман көзде болмады ,себеби оның әкеси Мыржықты Айдос бабаның өзи өлтиргенлиги есапқа алынды, ал Айдос бабаның душпанларына ҳамал берилип атырғанда Ерназар жорта умытылды, себеби Мыржық Айдос бабаның туўысқан иниси екени есапқа алынды.

Ерназар Хийўа ханыма бас ийип барып ҳамал сораўы керек пе? Жоқ. Ким ҳамал берип, жарақ услатса, сол оған өз туўын көтереди, оның қорғап қылады. Ҳамалға өзи ериссин, сонда қылялы қысылмайды, ҳәрекети еркин болады. Сол ушын ендиги жалғыз усыл—«аға бий ойынын» жаңартыў. Оны ким баслап ким мегерсе, оның отырапына жас жигитлер топланады, жигитлер қорғағаны — абырайы артып, өз-өзинен ҳамал келгени, «Аға бий» бир аўылдың ғана емес, бир неше аўылдың жаслары қосылып, алма-гезек зияпат бериў ойыны. Гилең жарлы-жақыбайдың балалары гүриш, май шығарыспақ қылып өткеретуғын «Гештек»-тен айырмасы—«Аға бийге» оншең қоқтасынлы шаңырақлардың он алтыдан отыз жасқа шекемги бозбалалары менен жас жигитлер қатнасады. Ким қосылса, оның басқалардан ғәрежет алмай қырқ-елиў жигитке зияпат бериўге шамасы келетуғын болыўы шәрт.

«Аға бийдиң» өз заңы бар, сол бузылмаса, жыл бойына ҳәтте бирнеше жыллар даўам ете береди. Ойынның усылай аталыўының себеби, бир басшы сайланады, ол «аға бий» яғный «бий ағасы» деп аталады. Аға бийдиң қазысы, жасаўыллары болады. Олардан тысқары ҳәр зияпатта жаңа дүррешилер белгиленеди. Қазының ҳүкимин тек Аға бий ғана буза алады. Ескиден киятырған бул ойынның және бир тамаңы—бардамлы үйлердиң балаларын бирликке, тәртипке, жасаўыллыққа, қазылыққа, бийликке үйренеди. Жаслардың көбирек қызығыўына және бир себеп: «аға бийде» ҳәрқыйлы ойын-заўықлар болады. Жаңылтпашлар, данагылықлар айтылады, қыссаханлар қысса оқыйды, шайырлар, бақсылар қосық айтады, сазенделер саз шертеди, гүрес тутылады, ҳәрбир зияпатта ахбаратшы белгиленип, ол әлемде не болып атырғаны жөнинде жолаўшылардан, саяхатшылардан, кәрўанлардан еситкенлери бойынша хабар айтады. Зияпаттың күнин, нәўбетин Аға бий белгилейди. Ол бүгинги зияпатта кимге биринши тамақ асатса, сол келеси нәўбетке сөзсиз таярланады. Аға бий ескерткен муддетте ҳешким қосымша хабар күтпей келиўи тийис. Егер тазадан қосылыўшылар болса, зияпат ўақтында Аға бийге жолығып, арзын айтады. Ол көпшиликтиң мәсләҳәти бойынша қабыл етиледи.

Ата-бабалардың бул ойынын жаңартыў ушын Қумар аналық улының тең құрбы-жораларын үйине шақыртып зияпат берип, «аға бий» жөнинде айтып оның тәртиплерин түсиндирди де:

— Бул жүдә керекли дәстүр, — деди ол соңында. — Қудай жоқ деген жерде отырсанда, ағасы жоқ деген жерде отырмаған жақсы. Арақызда аға болыўы дәркар.

Бул жигитлерге күтә унады. Аға бийге кимди көрсетиўде еки-

лениў болмай, бирден-ақ палўан Ерназардың аты аталды. Бунан соң Ерназар жигитлер арасында ҳәрқыйлы даналық, жумбақ айтысын баслап, оларға жақсы жуўап берген бай балаларының бири Фазыл деген жигитти қазылыққа усынды. Асан, Артық деген жигитлерди жасаўыл қылып белгиледи. Дүррешилер ҳәр зыяпатта өзгертилип турылыўы тийис болды.

Айдос баба көтерилиснен кейин еркин ойын-заўық қура алмай жабырып қалған жасларға ,бул оғада жақсы тапқырлық болып, келеси зыяпат өз ўақтында жүдә интизамлы өтти.

Бара-бара «аға бийдиң» ғалаўыты қоңсы аўылларға да тарады. Қосылыўшылар көбейген сайын тәртип қатайып арнаўлы түрде «Аға бийдиң шортпамасы» белгиленди. Бул бирликти жәнеде беккемлеп, ағабий Ерназардың абыройын арттырды.

Бүгинги «аға бий» зыяпатының ийеси Мәўлен сары атақлы бай улы еди. Бирақ өкеси ертеректе марҳум болып, Рүстем атлы иниси менен қалады. Жаслығы себепли ме, я инисиниң насазлығынан ба, шаңырағы демде-ақ орташалар қатарына түсип баратырғаны ушын ба, «Аға бий» ойыны басланғанда, қуўана қуўатлағанлардың бири.

Ол бүгин азаннан баслап жаны төзбей, кирип шығып, тамшыдай аратура келип атырған атлыларды қабыл етип жүрипти. Өзин қанша әлпайым тутыўға тырысса да, ишинде бир гүптикей жатыр. Кеше кеште Ерназардикине барып еди, бир айлықта кеткенинен еле келмепти. Бирақ Қасым Ерназардың Хийўадан қайтқанын айтып, анасына оның байраққа алған атын тапсырып кеткенин көргени ушын, азан менен малын сойып таярлықты баслады.

Ерназар сәскеде де жоқ. Шыдамай иниси Рүстемди қайта жиберди.

«Мениң талабым бир келиспеди! — деп ара-тура мурны астынан тоңқылданды. — Соңша гарежетим күйсе...»,

Рүстем ат минбеге қорқып, бәрҳа ешекли жүретуғын еди. Ол да көринбейди. Арадан дем өткермей оның жолына көз таслап, ашыў менен қапталына түпирипеди де сөгипеди: «Ҳассенай, усындай насаз туўысқанның басын шаўып гене тасласаң!»

Әллепемирде Рүстемниң ешеги ақырды. Мәўлен алыстан даўыслады:

— Бар ма?

— Жоқ! — деди Рүстем.

— Өлим!

Ол ашыў менен артына айланға бергени, аттан түсип атырған Ерназарды көрип, қуўанышынан жуўырып барып атын жылаўлады.

Ерназар Мәўлен сары менен кеўилли сәлемлести де, ҳалжағдайын, зыяпатқа таярлығын, жигитлердиң келип болған-болмағанын сорап алып, ишкериледи.

Зыяпаттың басы гүрестен басланатуғын еди. Көбинесе гүрести өзи баслайды. Онда да оның менен тай келетуғын жалғыз ғана Нурлыбек еди. Ол Айдос бабадан соңғы атақлы Асқар бийдиң

есигиндеги дийханы. Ҳор зыяпат сайын Ерназардың өзи барып Асқар бийден сораң ертип келетуғын еди.

— Уллы аға бий, — деди «аға бий» қазысы Фазыл Ерназардың алакөзлери не күсегенин уғып. — Асқар бий Нурлыбекти Хийўаға өзи менен экетипти.

— Зыяпат бир сапарға гүрессиз-ақ өтеди, — деди де Ерназар «аға бий» ўазыйпасына өтип, сәл жыйнақласыңқырап, ҳәр сапарғы әдети бойынша саққа жүгингенде бәрше жигитлер тәртип сақлап, саққа-саққа жүгинисти. Үй ийеси аға бийдиң алдына чайнек экелип қойды да, қол қаўсырып буйрығыңызға тайынбыз деген ишарат билдирди.

Мәўлен сары өзин күтә көтериңки көрсетиўге урынып, қанша қоразланса да, ямаса өзин күтә кишипейил көрсетиўге урынып, мойнын төмен тартса да, барлық қылықлары өзине қонбай, күлкили ишге беретуғын еди. Ерназар оның қунжыйған турпатына узағырақ тиккилип, бетинде тазадан пайда болған тыртық изин абайлады.

— Мәўлен, танымалы болайын деп бетиңди сызғанбысаң?

Жигитлер күлкиге таярланып қуўжыңласты.

— Уллы «аға бий», дурыс сездиңиз. Мен бул тыртық менен мақтанаман, себеби ҳаялым салды.

Ҳәмме дуў күлисти.

— Не менен? — деди Ерназар езиўин жыймай.

— Уллы аға бий әпиў стицз, усы зыяпатқа таярлық үстинде ҳаялым ашыўланып, пайзаны жиберип қалғаны, туп-туўры бетиме тийди.

— Пайзаны?!

—Лўа. Мен еркек болғаным ушын пайзаны жақсы көремен, ҳаялым ҳаял болғаны ушын қазан пышақты жақсы көреди. Өзиңиз билесиз, пайза менен қазан пышақтың атасы бир аға-үке. Сол ушын да үкеси емес ағасының атын айтып пайзасын жиберип қалды деп турыппан, болмаса, қазан пышақты! Ҳа ашыў менен жиберип қалды! Ҳа, неге мыржыйдыңыз? Бул айып па? Айып емес. Ҳаялым мени сүйгенликтен пайзаның иниси пышақты жүдә қәдирлейди де! Өзинде мергенлик-әм бар. Сонысын мақтаныш тутаман-дә.

Отырғанлар және дуў күлисти. Ерназар оған хызметти еледе жақсылаўды тапсырып, еки жағына алма-гезек қарап алды да, оң жағындағы сулыўшық молласымақ жигитке ийегин көтерди:

— Қәне, Фазыл қазы, тазадан қосылыўға келгенлер бар ма?

Фазыл орнынан сәл алға жылысты.

— Ҳәр қашанғысынша кириўшилер көп, бирақ бүгинге екеўи бар. Бири ҳа аңаў есиктеги бозбала, жасы онжетиде, кепегес Қабыл бийдиң улы Ерназар.

— Берекет тап, ҳеш кимди урыўы менен атама!

— Журт оны сизиң менен шатастырмаў ушын айтып атырман. Қәлесеңиз, бала Ерназар деп атасақ болады.

— Аға бий, мен де бир сөз қосайын, — деди Мәўлен сары

есиктен қайта кирип. — Адамды урыўы менен атаўға мен-әм қарсыман. Халқымның пайдасын ойласам, туўысқан иним Рүстем көзиме шыбын шелли көринбейди. Мени журт Мәўлен қәндекли дейди, буған онша қарсы болмадым, ырасында да гейпара жаман-жәўтик ағайинлердиң кеўлинше гүптикей келмесин деп жүриппен. Ҳамал, атақ өзим ушын керек емес, сол жаман ағайинлерге азмаз кереклеў қусайды...

— Мәўлен, жорғалай бермеши, қолыңнан ҳамал жүритиў келмейди, — деп Ерназар, бул гәпиниң пендей ақыбетке әкелетуғынына итибар бермей, бала Ерназардың түргелиўин өтинди.

Мәўленниң жүрегин оқ тесип өткендей шырайы өзгерип, көкирегине қол басыўы менен үнсиз қалды. Журт оған емес, бала Ерназарға көз тикти..

Ол арық-торыдан келген әлжуўаз бала екен. Басқалардан өзгешелиги—үстинги ерни астыңғы ерниң жабыңқырайды, көзлери өз теңлесиниң емес, егеделерге тән, ойнақшымайды, ойшыл, шырайы да солығандай. Отырыс турысын бақлағанлар әллеқандай жасырын ақылдың изин сезди, бирәзларда «бул ержетсе, Ерназар аға бийге башартпас-ом» деген қыял туўды, бирақ ҳешким ҳештеңе демеди.

Бала Ерназар өзине сын көзлер қадалғанын сезип, гәпти неден басларын билмей, айналасын көз астынан бир шолып, аға бийге ийилди:

—Буйрығыңызға тайынман, Уллы аға бий.

—Бала Ерназар уллы ханымыздың Сейтмухаммед атлы иниси менен бир медреседе оқыған, — деп қосып қойды Артық жасаўыл.

Жаңалық отырғанлардың бала Ерназарға деген көз қарасын өзгертип сүйиспеншилик туўдырды.

—«Аға бийдиң шәртнамасын» төкирарла, — деди Ерназар суўықлаў.

—«...Пүткил қарақалпақ жасларының басқоспа мейлиси «аға бийдиң» тәртибин бузсам, халқыма қарсы жаман ниййетте ис ислесем, уллы аға бийдиң буйрығын боржай етпесем, мени қуда ғәзебети урсын, уллы аға бий өз қолы менен көзлеримди ойсын...»—деди бала Ерназар ыркынбесе.

Аға бий қасында, жасаўылларға, дүррешилерге қарады, олардың бас ийзеп мақуллаўын көрип, бала Ерназардың бүгиннен баслап қатарға қосылғанын жәрия қылды.

— Уллы Аға бий, жигитлер! — деди бала Ерназар отырар алдында, — Келеси мейлисти бизикинде өткериўиңизди тилеймен.

Тәртип бойынша келеси мейлисти Аға бий белгилейтуғынынан хабарлы болса да, өзиншиллик еткенин Ерназар аға бий унатпады, сөйтседе оның жаслығын есапқа алып, палаў тайын болыўын күтпей, алдына шақырды да, ыссы нан асатты.

Аға бий не ушын оның ығына жығылғаны бәршеге түсиниксиз қалды.

— Бүгинги «аға бийге» екиниши талабан Мәдирейим. Қытай

урыўынан марҳум Рейим молланың улы, аўылымыздағы Шәрип молланың қарын бөлеси, жасы отызда, — деди Фазыл отырыслардың барысын иркпей. — Қәне Мәдирейим қара бала, қозғал!

Тырысқақ арық, күйген талдай қара жигит ҳәмменің алдына шықты. Жигитлердің бири Ерназардың урықсаты менен оннан усы ўақытқа шекем «аға бийге» неге қосылмағанының мәнисин сорады. Мәдирейим айыплы кисидей төмен қараўы менен мурнынан миңгирледи.

— Уллы Аға бий Ерназар менен бир үйде отырыўға мен мийәсип емес шығарман, себеби ақылына ылайық ақылым жоқ деп ойладым.

Ерназар аға бий оған гәпти көп создырмай «аға бийдің шәртнамасын» тәкирарлаўды буйырды.

Мәдирейим бала Ерназардан дилўарлаў, шешенлеў қусады. Шәртнаманың ҳәрбир сөзи оның аўзынан әри салмақлы, әри айрықша мәнили болып еситилди. Деген менен бала Ерназарға берилген ишки баҳалар берилмеди. Буның себеби Мәдирейимниң оннан пәс жуўап бергенинде емес, жас үлкенлигинде еди. Бул жаста, бәрше жаслар сондай ақыллы болыўы шәрт.

— Ерназар аға бий, — деди қазы. — «Аға бийге» қосылыўға тилек билдирген және бир инсан бар еди ,миллети басқа болғаны ушын қабыл етилмейтуғынын айтсамда, кетпей, Мәўленниң ылашығында отыр.

— Ким өзи?

— Қоңсы қазақ аўылдың жылқыманы Зарлық деген жигит. Төре тукымынан екен.

Ерназар аға бий азғана ойланып, жигитлерине қарады. Көпшилигинде өзге миллеттиң адамын жатырқағанлық сезилмеген сыяқлы.

— Қәне, Артық жасаўыл, Зарлықты келтир.

Жасаўыл тез шығып, кең жазық маңлайлы, бирақ көзлери киширектен келген қара муртлы сулыўшық жигитти ертип кирди.

— Өзиңди таныстыр,—деди Ерназар аға бий.

—Атым Зарлық, жасым отызда. Батық байдың жылқысын бағаман. Бай сизлердің «аға бийиңиз» туўралы еситип, өз балаларын, жылқыманларын, шопанларын сыннан өткерип, орталықтан мени сизлерге қосыўға уйғарды. Қәлеген ўақытта зыяпатым, сыйым тайын; деп айтып жиберди.

— Шәртнаманы үйрендиңиз бе?

— Үйрендим. «Пүткил қарақалпақ жасларының басқоспа мейлиси «аға бийдің» тәртибин бузсам, халқыма қарсы жаман нийетте ис ислесем, Уллы аға бийдің буйрығын бәржай етпесем, мени қуда ғәзебети урсын, уллы аға бий өз қолы менен көзлеримди ойсын...»

— Жигитлер, қағысып Зарлыққа орын беринлер!

Зарлық төрпректен ашылған орынға жүдә мүләйимлилик пенен шығып, басқалар тақлетте саққа жүгинди.

— Және ким бар?

— Айдос бабаға атқосшы болған Доспаннан бір қыз, бір ул қалған еді. Қызы он алтыға, улы он үшке шығыпты. Қыз үкесин ертіп әкелген еді, «аға бийге» аш-арық жетімлерді қосып абыройын төге алмаймыз деп, қайтарып жібердім.

— Ой, қыз оғыры сулыў екен ,әшкенеге теңеп болмайды, — деп жигитлерден бири қапталдан сөз қосып еді, Ерназар оған көзлерин алартып, қазы Фазылға бет бурды.

— Үкең еле жас десеңде болады екең.

Фазыл асықтай мурнын гиржийтип, оған бирнәрсе дейжақ болды да өзин иркти.

Үнсиз шай ишиў даўам етилди.

— Жигитлер, — деп бир кезде Ерназар аға бий көкиректи керди. Оның ел тәғдирине, жаслардың өмир жолына тийисли көп-көп даналық әңгимелер ойлап табатуғынына үйренискен жаслар, күнге баққан айғабағардай, оған жүзлерин бурды. — Бир адам о дүньяға барған екең, дейди. Бейиштиң бир қанасы бос турғанбыш. «Адамларыңыз қайда?» — деп сорапты. Бейиштиң бағманы «бул қарақалпақларға арналған жай еди» депти. «Соншақарақалпақлар өлип атыр, сиз биреўиңе бейиш миңеўиң емес пе» —деп сорапты. «Билесизбе олар бир-бирине бейиш түўе жақты дүньяны да қызғанып, таласып үйренген. Өлген соңда әдети қалмай, қыл көпирдиң үстинде бир бирине жол бермеўге қыранпыш болып, бос бейишке жете алмай, қыл көпирдиң астындағы дозаққа томп-томп құлай береди» депти.

Кимде әллеқандай сезим пайда болып ойланды. Кими әңгименің төркинине терең ой жибермей, «ақылсыз өлилердің» үстинен мыйық тартып күлди.

Ерназар жәмәәтқа астарлырақ әңгиме таўып айтса, тыңлаўшылардың узағырақ ойланыўына саңлақ қалдыратуғын еди.

— Жигитлер, енди жумбақ сораўлардан баслаймыз, — деди ол бираз иркилистен кейин. — Ойланыңлар, дүньядағы ең жаман мәкан қәйер?

Аға бийшилер өзлерин еркин тутып, өз-ара сыбырласатуғын пайыт таўып, ҳәрким ишинен гүбирленип, биреў-биреўине қарасты.

«Аға бий» басланғалы әдети бойынша Фазыл жуўанқа тайынлығын билдирди.

— Айт, қазы, — деди Ерназар аға бий.

— Дүньядағы ең жаман мәкан суўсыз жер болады.

Хәммеден есикте, қамыстай болып отырған жиңишке арық жигит:

— Ерназар аға, — деди көзлерин сыпырып-сыпырып. — Мен сизге сораў берсем, мейли ме?

— Мейли, Мухаммедкәрим.

— Дүньядағы ең күшли нәрсе не?

— Биринши нан, екинши бирлик, — деди Ерназар аға бий ойланбастан.—Ал дүньядағы ең жаман мәкан—достың жоқ мәкан.

Соңғы жуўапқа Фазылдың ренжигени арықлаў жүзинен көринип, от жақтысында бети гүлгиртленген сыяқланды. Оны елестирмей Мухамметкәримниң және бир нәрсе дегиси келгенин Ерназар сезди де, «сөйле» деген ишарат менен ийек көтерди.

— Мен Мәдирейимге бир сораў бережақпан, — деди Мухаммедкәрим.

— Мәдирейим, жуўапқа таярлан.

— Ақыллы менен ақылсызды қалай айырамыз?

— Ақылсыздың белгиси—үйрете береди, ақыллылықтың белгиси—үйрене береди, — деди Мәдирейим.

— Уллы Ага бий, — деди Мәўлен сары. — Мениң бала Ерназарға бир сораўым бар. Ол ханның иниси менен оқыған болса айтсын, хан қандай тағам жейди екен?

— Хан жүзимниң суўынан геширдиң суўын абзалырақ көреди.

Мәўленниң ойы бала Ерназар ҳәзир таярланып атырған тағамларға усаған тағамларды айтар, деп ойлаған еди, пуш болды, бирақ өзине тән әдети бойынша сыр уқтырмаўға тырысып, және бир ой тапты

— Бала Ерназар, өзиңди кимниң қулыман дейсең?

— Қуданың қулы-дә,—деди кеўили өскен Мухаммедкәрим.

Ерназар аға бий орынсыз сөйлегени ушын Мухамметкәримге алара бир қарап еди, оған усы көз қарас-ақ жеткиликли түйилип, кирпидей жыйрылды да, қайтып үн қатпасқа тәўбе ҳалға түсти. Фазыл пайыттан пайдаланып көкирек көтерди.

— Мәўлен, шынлықты билгиң келсе айтайын, ҳәр киси ең өўеле, өз сырының қулы.

Қазының жуўабына ҳәмме ишлерин тартты.

— Ерназар, саған бир сораў,—деди Ерназар аға бий бала Ерназарға. — Адамдағы ең ағла қәсийет не?

Бала Ерназар ойланып, бираз дағдарыстан кейин тилге келди:

— Қолынан келсе кисиге тегин дастурхан жайып, өзгенин дастурханынан тегинге ҳештене жемеў.

Ерназар аға бий мыйығынан күлиў менен жуўапқа қәнәәтленгенин аңлатты.

Гәпке араласпай отырған Асан жасаўыл аға бийге мураҗат қылып, төре тухымы Зарлыққа сораў бериў ушын урықсат алды.

— Зарлық аға, бул жақты дүньяда ҳүким қылыўшы хан менен патшалардың тахты, тажы, бас қуралы не екенин айта аласыз ба?

Сораў көпшиликке гүмилжи түйилди, Асан жасаўылдың өзи де сораўына онша түсинбейтуғыны белгили болып турды. Буны сезген Ерназар аға бий, егер Зарлық дурыслап жуўап бере алмаса, жуўап бериў ушын ойлы пишинге кирди.

— Меншше,—деп Зарлық көп иркилип ҳәр сөзин салмақлап жуўап қайтарды.—Хан менен патшалардың тахты—халық, тажы—ләшкери, бас қуралы—мылтық-оқ-дәриси.

— Сонда халықтың тахты, тажы, бас қуралы не болар екен? — деди есикте турған үй ийеси.

Бундай сораў болмайды дегендей, оны унатпағанлық кейиплер көрсетилип ҳәмме биринши демге тым-тырыс қалып еди, үй сыртынан әллеким үн қатты:

— Халықтың тахты — өнип-өскен жери, тажы — аспандағы қуяш, бас қуралы — бел, кетпени. Ханлардың бас қуралы халықтың исеними болыўы тийис.

Қутилмеген жуўап «аға бийшилерди» таңландырып, бәри бирден аға бийдиң не деўин кутти. Ол ойланбастан далаға даўыслады:

— Ким болсаң да, кир ишке.

Мухаммедкәрим кеширим сораў белгиси менен Аға бийге қыйылды:

— Мениң дийханым еди. Атыма қарап турыў ушын ертип шыққанман. Өзиниң претсиз сөйлеп салатуғын әдети бар.

— Аты ким?

— Билесизғой, жарлылар балларын жүдә көтермелеп ат қояды. Аты Бектөре. Кирмей-ақ қойсын.

— Мухаммедкәримниң дийханын билемиз, кирип кейпимизди қашырмасын, — деди есикке таман отырғанлардан бири.

Ерназар аға бий енди өжетлесип сыртта даналық айтқан жигитти умытқан секилледи.

— Уллы аға бий бир сораў, — деди Бектөрениң ишкерилеўин қәлемеген жигит. — Басшы қандай болыўы керек?

— Басшы бәрҳа бултыйып жүриўи керек, — деди үй ийеси нәўбет күтпей.

— Жоқ, кем сөзли болғаны дурыс, — деди Фазыл қазы, — Қол астындағылар менен көп араласа бермеўи де керек.

Ерназар оларды жақтырмаған кейип көрсетти:

— Басшы халқын сүйиўи, халқы ушын өлимнен де тайынбаўы керек.

— Аға бий, — деп үнсиз Мәдирейим омыраў көтерди. — Бәршеге ортақ бир сораў берсем мейли ме?

— Сора.

— Елдиң атақ-абыройын не көтереди?

Биразға шекем жым-жыртлық ҳүким сүрди де, бирден ҳәркимге ретсиз, жуўап бериўге өтти:

— Байлық.

— Шайырлар...

— Жигитлер, парасат тутыңлар, — деди Ерназар аға бий. — Байлықты айтпаңлар, байлық бир ширик зәңги, бирде болмаса, бирде морт сынады. Елдиң атақ-абырайын көтеретуғын нәрсе илим-ҳикмети, даналығы.

— Оғада дурыс жуўап, — деди Фазыл.

Ерназар аға бий қазысының мақтаў сөзлерин қалай қабыл еткенин изсиз қалдырып:

— Генжемурат, енди нәўбет саған, — деди.

Генжемурат Ерназардың көп жыллардан бери сырлас жораларының бири. Оны Қумар аналық та унатады, сол ушын олар-

дың үйине жийи-жийи келип туратуғын еди. Биржола еле жасырақ гезинде әңгимеден әңгиме баслап, Айдос бабаның шаўқымлы көтерилисинен кейин ел арасы жым-жырт болып қалғанына кеўли толмай, «биз бир оўладтық көленкесинде жойтылып баратырған оўладыз» деген еди. Бул Қумар аналықтың «аға бийди» жаңартыўына қосымша бир қамшы да болды.

Сонлан бери Қумар аналық оны әбден жақсы көреди. Ерназар оған көп иснеди. Өткен сапарда Генжемуратқа усы бүгинги зыяратқа ахбаратшы болыў тапсырылған еди. Оған «аға бий» дүзилгели бул биринши тапсырма да еди. Ол қойнынан қуран шығарып, дизесиниң үстине қойды. Усылай етиў, барлық ахбаратшылар ушын әдет, сонда ол өтирик сөйлемейди. Бир аўыз өтирик сөз бөршеш туўры жолдан адастыратуғыны да аға бийдиң шәртнамесинде жазылған.

— Уллы Аға бий, дос-яранлар,—деп дизесиндеги қуранды қос қоллап услап маңлайына тийгизди де, орнына қайта қойып, хабарын баслады. — Өткен бир ай ишинде, елимиздиң ишки шараяты менен бирге қоңсы-қоба елатларда, имканияты барынша пүткил әлемде не болып атырғанын билиўди мақсет еттим. Мен дийдарласып сөйлескен жолаўшылардың, саўдагерлердиң, көрўаңлардың әңгимелерине қарағанда, пүткил әлем бир түрли шайпалыста турыпты.

«Аға бий» шилердиң көбиси Генжемураттан әлем ҳаққында хабар еситемиз деп ойламаған еди. Ерназар аға бийдиң өзи де таңланып айрықша дыққат менен қулақ қойды. Сырттағылар да жым-жыртлығын, ортада жанған жас жыңғылдың ысылдысы азғана билинип турды.

— Арқадағы қазақ ағайинлердиң ҳалы жүдә қыйын,—деди Генжемурат аз иркилистен соң.—Аўылларында күтә түсиниксиз урыс қағыс бар. Бөкей ханлығында Исатай батыр менен шайыр Махамбеттиң басшылығында орыс төрелерине қарсы көтерилис жүрип атыр. Илгери жыллары Бөкей ханлығының қазақлары Оренбургтың генерал-губернаторына хат жазып «бизде өз бийлеримиз, султанларымыз көп азаплайды. Жәрдем етиңиз» деп сораңған екен, сол қазақларға жәрдем етиў бәнеси менен орыс төрелери де көтерилген. Ақыбети не болатуғыны еле намәлим. Қарапайым халық ким тәрепинде ҳақыйқатлық барын билмей арсар. Ал енди қубла жағымызға өтсек, онда да урыс бар. Персия шахы Афганистанның Герат қаласына басып киргели бир жыл болыпты. Бул бәләмәтқа орыс патшалығы себепкер деген гәп тарқаған. Гераттан бир саўдагердиң айтыўы бойынша, Герат қәзир орыслар емес — инглислер көбейип кеткен. Соған қарағанда, орыслардың басқыншылығы жөнинде гәп өсекке усайды. Инглислер жалғыз Герат қаласы түўе пүткил Афганистанды аўзына қаратыў мақсетин иске асырып атырған көринеди.

— Әлҳаббиз. — деди әллеким.

— Ал, енди күшығыс шегарамыз да парахат емес. Бухараға Ҳиндистан арқалы бир дәрўиш келген екен, Буҳара ҳәмири он-

нан шубҳаланып, изине адам салыпты, ол инглис жансызы болып шығыпты. Айыбын мойнына қойып, тутқын қылыпты. Айтпақшы, Оренбургта орыс төрелери де бир ингилис жансызын тутып, қаласынан қуўып жиберипти.

Урыўына бий; болса да «аға бийге» тиленип қосылған Сайыпназар ҳешбир гәпке араласпай, өзинше бир төбе болып отыр еди, шыдамады:

— Генжемурат мүйтен, айтыўыңа қарағанда, инглис жансызлары бәрше жақта жайылып жүрген бе?

— Айтажағын тамам қылсын, — деди Ерназар аға бий.

— Күн батысымыздағы Дағыстан, Эзер, Эрман, Гүржистан[1] еллеринде де ҳәрқыйлы қыян-кестилер болып атырғанбыш. Дағыстанда имам Шамиль елиниң өзин-өзи басқарыўы ушын көтерилис етип атырыпты. Барып қайтыўға бир айланып келиў қыйын. Ал енди өткен хабарда гәп болған Орта жүздиң ханы Сержан Қасым улы жөнинде билесиз. Ол Орта жүзди орыс патшасының қоластынан шығараман деп урыс қылып жүр еди, оны Ташкент Қусбегиси өлтирип қойыпты. Орнына туўысқан иниси Кенесары бас көтерипти. Оның да мақсети Орта жүзди орыс патшасынан шығарып алып хан болмақшы. Бул исинме жәрдем берсин деп, Хийўа ханынан жәрдем соранты, атлылар жиберген екен. Олар екі күнликте бизиң аўылда қонып Хийўаға Асқар бийди ертип әкетти... Ал енди, Хорезм шуқырында да қыйлы-қыйлы мақсетте бир-бирин түсиниспей әлемежуўалықта жүрген топарлар көп. Қоңсылас түркмен елаты да қарап жатырған жоқ. Гөне Ургенчтен Аннамурат деген жигит изине жаслардың бир тобын жәмлеп, Хийўа ханына қарсы урысқа астыртын таярлық көрип атырғанбыш.

Ерназар аға бийдиң қулағы ербеңлеп ишинен «ўай әттегене, бас аманлығын излеп қашқанша, Аннамурат пенен ашылысып сөйлессем болар екен-дә» деп қойды.

— Ханға қарсы Хийўаның ишинде де, Шаббаз өзбеклери арасында да жасырын топарлар бар дейди, бирақ аныгын жетик билиўге мүмкиншиликлер кем болды. Және бир жаңалық: он тоғыз жасар Николай Ханыков деген орысты көрдим. Хийўада болып Бухараға баратыр. «Орта Азия қалаларында халықты басқарыў усылы» деген бе, бир китап жазыў ушын жүрген қусайды. Ең ҳайран қалардығы: Грушин деген орыс алымы. Ол Қаратаўдан ҳәрқыйлы байлық табаман деп, тасларын изертлеп атырыпты. Қызық алым. Эмиўдәрьяның астына сүңгип жүрип-әм изертлеў ислепти.

Отырғанларды бул жаңалықлар және толқытып, ҳәркимде сораў бериў иштейи оянды.

— Өз елимиздиң ишине өтпестен бурын сырттағы аўҳал, бо-

---

[1] Әзербайжан, Әрманстан, Грузия.

йынша сораўларға жуўап қайтар, — деди Ерназар Генжемуратқа.

— Сайыпназардың жаңағы сораўына жуўап — мениң менен сөйлескенлердиң тастыйықлаўы бойынша, инглислер ҳәзир бәрше елде тимискилениў жүр. Бираз еллердиң орысларды жек көриўине де себепши солар. Сөйлескен адамларымнан бири Хиндиядан шығыл Қазань ҳәм Мәскеўге барып киятырған саўдагер еди. Көп елатты көрген. Ол маған «басқасын билмеймен лекин, инглислерден сақ болағорыңлар, олардың бас сыры—мусылман елине мусылман кийиминде, мусылман тилинде келеди, ҳәтте, ахун, ийшан болып келеди,ал орыслар өзимиздей жайдары жапакеш, ақ көкирек халық» деп мақтады. Орыслар өзиниң орыслығын жасырмайды, дослық кеўлин ашып, тикке келе береди, деди.

— Сайыпназар, қәнәәтлендиң бе? — деп Ерназар аға бий, оның үнсиз бас шайқаў менен мақуллағанын көрип. — Енди мен де көргенимди айтайын, — деди. Ол әўелинде Хийўада ушырасқан түркий ахуннан гәп басламақшы еди, ҳәзир оның орны емеслигин уқты. — Мени қуўантқан жағдай, Қаратаўды изертлеп атырған орыс алымы Грушин бизиң ата-бабаларымыз жөнинде өзимизден жақсы биледи.

Ҳәммениң ан-таңы шығып, аға бийдиң аўзына анталасты. Ерназар Грушин менен ушырасып, нелер жөнинде әңгимелескен болса, ийнесинен сабағына шекем сөйлеп берди.

— Егер орыс адамлары сиз айтқан Грушиндей болса, ата-бабалардың жолы менен неге жүрмеймиз? — деди бала Ерназар.

— Сол орысыңды бүгинги зыяпатқа мирәт қылғанында, гүл үстине гүл болады екен-дә... — деп Мәўлен сары масайрады.

— Мирәт салғанман, — деди Ерназар. — Бирақ ол ханның тапсырмаларын бәржай етиў ушын асығыслығын айтып, ендиги зыяпатымызға қатнасыўға ўәде етти.

— Ол жансыз емеспекен? — деди биреў.

— Өзиниң орыс екенин жасырмаса, жансыз бола ма? —деп және биреў оны қайтарып таслады.

— Тынышланыңлар, жигитлер! — деди Ерназар аға бий әңгимениң басын бир тәрепте тутпаўға тырысып,—Грушинди зыяпатымызға шақырып сөйлескен соң көп нәрсени мәсләҳәтлесип шешемиз. Қәне, Генжемурат, ахбаратыңды даўам қыл.

— Өз елимиздиң ишинде айта қалғандай өзгерис аз. «Қара терек» жақтағы аўылда шешек кесели ен жайыпты. Өлиўшилер көп.. Қусхананың түбиндеги көлден балық жүдә көп шығып атыр, ҳәзир қамыс сайын бир адам жүрипти десем лап емес. Хан салығын тек кенегес, маңғыт урыўлары төлеп болды. Басқа урыўлар енди жыйнаўға кириспи. Жүдә озбырлық қылып тәртип бузғанларды, неке бузғанларды ушыратпадым. Бирақ, анаў отырған Қасым уры екен. Өткен базардан еки күн бурын бессары урыўы-

нан бир жесирдиң еки сыйырын урлап, Хожелиге айдап баратырғанында тутылғаннан жалбарынып қутылып еди, кеше Хийўадан Ерназардың атын минип масайрап келди... Хийўаға аманлық пенен бармаса керек.

Жигитлер биресе өзлериниң аға бийине, биресе бир мүйеште пышықтай болып отырған Қасымға қарады. Ерназар ҳайран болып Қасымға жүдә қатал көзерип таслап еди, ол тақат ете алмай, орнынан тикейип, есикке қарай секире бергени, аға бий шақ қанлық пенен шалғайынан тутып қалды.

— Ҳо, антурған, Хийўадағы ырас болды ғой?

Қасым Фазылдың туўысқан дайысы еди, бай ата-анасы бир жылы тырыспайдан өлип, Фазыллар менен бир үйде туратуғын еди, журт енди Фазылға да телмиристи. Оның жүзи бурыштай қызарды.

— Неге сөйлемейсең, шыныңды айтсеш!

— Ендиги зыяпатқа таярланыўым керек еди...

— Жылайманланба, отыр, — деп Ерназар оны орнына қарай ийтерип жиберди. — Бөрсениң қулағына алтын сырға: «аға бий» зыяпатына ҳешқандай ҳарам зат қосылмайды. Бурыннан ата-бабамыз урыны, ийтти тең жазалайды.

— Дурыс, — деди шыдамсыз Моўлен сары.

— Қәне, Генжемурат, даўам қыл.

— Енди мынаў Сайыпназар жөнинде, — деди Генжемурат, — Буның ең жаман әдети мен-мен! Азанда сәлемге келген дийханларға қолын емес, аяғын созады екен.

Дыққатлар Сайыпназарға аўды. Ол Генжемуратқа алара бир қарады да, өз исин мақтаныш билип аяқларын жыйнап қоқырайыңқырады. Генжемурат иркилмеди:

— Аўылдың балалары жыйналып «Шәрип моллаға оқымаймыз» деп маған арза етти, ҳайран қалып неге? десем «молла өзиниң айтқанына өзи түсинбейди, биз базбаягы түсинбеймиз» дести. Онысы аздай, Шәрип молла сабақ ўақтында бақ шегип отырып қубладағы аўылдан ғәрип Шүкирбай ғаррының жалғыз баласының табанын тамашаға тилип, майын қыллыпты. — Генжемурат қуран менен маңлайын үш сыйпалап қазының алдына әкелип қойды. Бул оның «болдым» деген белгиси еди.

Бурынғы ахбаратшылардан ҳешбири усынша көп ҳәм ҳәртәреплеме жаңалық айтпаған еди. Жигитлерде Генжемуратқа ырзалық кейпи туўып, жаўтаңлаған көзлер оны алғыслаў менен Аға бийдиң соңғы гөпин күтти. Ол бираз ойдан кейин үн қатты:

— Генжемураттың гәлетин табыўшылар бар ма?

— Жоқ-жоқ, — дести көпшилик.

— Олай болса, бүгинги айыпкерлерге жазаны Фазыл емес, мен буйыраман. Қасымның қулағы кесилсин, оны Мәдирейим кессин. Сайыпназарға он сегиз дүрре урылсын. Еки дүрреши бөлип урсын, тоққызын бала Ерназар урады. Жасаўыллар, сизлер усықәраға Шәрип молланы жеткересиз, тәңҳә өзим жазалайман. Жасаўыллар асығыс шығып баратыр еди:—Сәл тоқтаңлар,—

деп, — Ерназар аға бий бир қолын көтерип бәршенің жүзин бир шолыды. — Намаз оқығанда не түсинесизлер?

— Құдаға қарыз екенін түсинемиз, — деди Фазыл.

— Ха, солай-солай, — деп басқалары мақуллады.

— Жигитлер, — деди. Ерназар аға бий бираз ашыўлырақ. —Намаз оқысам, не деп атырғанымды мен де түсинбеймен. Себеп пенен Шәрип моллаға намаздың басын қарақалпақшалатыўды буйырмақпыман. Мәселен, жайнамазға мингенде, ең болмаса «қуллығым құдаға, жүзим құблаға» деп айтатуғын болайық.

— Сөйтемиз, жигитлер. Қәне, тәкирарлаңлар, «қуллығым құдаға, жүзим құблаға...»

Ҳәмме гүўырласып тәкирарлады.

— Жасаўыллар, енди Шәрип молланы келтириўиңизге урықсат.

«Аға бийге» қатнаспайтуғынларды жазалаў бурын болмаған еди. Бүгинги жаңалықлар бираз ларды таңландырса да, унамаса да ҳешким Аға бийге қарсы келмеди. Жазалаў тамашасы алдынан бир майдан самаллаўға урықсат етилди.

Ерназар аға бий өзгелерден бөлегирек шығып, аўылдың түнги көринисине кеўилсизлик пенен қарап ойға шүмип тур еди, мисли жерден көгергендей, қарсы алдына таяқтай қақайып биреў пайда болды. Ол өз урыўынан орташа ҳалы бар Шоңқы деген жигит еди, еле шаршаған басылмаған Аға бийдің көзлери гиреўгеленип танымады:

— Кимсең?

— Ерназар аға, мен Шоңқыман ғой, — деди ол тиляге келип, — Ҳәр зыяпат пайтында айтылған ақыллы гәплерден, даналықлардан мен де үйренейин, ең болмаса от жаққышлық ҳамалын бер, деп келдим.

— От жаққышты ҳәр зыяпаттың ийеси табады, ендиги гезек бала Ерназардики, соған жолыға ғой.

— Ерназар аға, өзиңиз айтыңызда, мен қолдаўлыман ғой.

— Ха, қолдаўлы болсаң, арқалап жүриў керек пе?

— Сизиң шарапатыңыз бенен..

— Бәс кейин!

Жасаўыллар Шәрип молланы айдап келди.

Ишкерилеўге тәртип берилди....

3.

Хийўада Ерназар менен ушырасқан түркий ахунның ҳаслы түрк болып, пүткил шығыс мусылманларының бир киндиги Хорезмге мәкан басыў менен, Орта Азия халықларын орысларға бороҳа қарсы қойыўға арнаўлы тапсырма алып келген. Ол бир жыл даўамында сайыл-қәлендер кийиминде ел аралап, жергиликли халықтың ҳал-жағдайын, өмирге көз-қарасын, ишки-тысын, келешекте өзине керекли болатуғын айырым адамлардың бийноқыясын, урыў ҳәм аўыл басшыларының бир-бирине қарым-қатнасын

үйренип шықты. Қол жайып тапқанларын иретинде базы ашларға, ангөдек қәлендерлерге үлестирип, олардан елатлар жөнинде қосымша мағлыўматлар алып мийине тоқыды. Бирақ, буларын ҳешким билген емес. Мақсетиниң биринши басқышынан өтип хан сарайына келип, өзин түркий ахунман деп таныстырып медреседен моллалық лаўазымға урықсат алғаннан кейин де, ҳәтте бурын оны үйинде қондырғанлар, есигиниң алдына келгенде дийўана деп аян қоржынына дән, нан, пул салғанлардың бәри де, оның кеше ҳақлап ел аралаған қәлендер екенин қыялына да келтирмеди.

Бүгинлиги оның иси раўаж. Базда өз-өзинен гүбирленип, елдиң олле қайсы бурышында биреўдиң түсине енгенин айтып отыратуғын «көзинашыққа» айпалды. Оның тийкарғы қиялы Хийўада емес, қарақалпақлар арасында биротала мәканласыў. Буған себеп, Хийўадағы көп ахунлардың бири болғаннан саҳрайы қарақалпақ елатында бир өзи бир төбе болыў ғана емес, ханлықтың арқа шегарасындағы қазақлар, оған қоңсылас татарлар ҳәм башқуртлар менен қарым-қатнастағы бул елаттың, келешекте орыслар менен урыс болып қалғанда, әҳмийети зор.

Сол ушын да қарақалпақ аўылларында да қол жайған қәлендер болып жүргенде, Қумар аналықтың меҳрибан пайдаланып, үйинде еки мәртебе қонды. Сондай-ақ Қумар аналықтың, Ерназардың мақсетлерин, ҳәтте әўелинде Рабийбиниң Мамыт бий ҳаяллыққа алмақшы болғанын, Ерназарды бир қыз жақсы көретуғынына шекем билип алған. Ол Ерназарға көпир үстинде ушырасаман деп ойламай, Бас ўәзирге жолығып Хийўадан жәрдем сораўға келген қазақ елшилерин ханның қабыл етиў мерасимине қатнасыўға урықсат сораўға баратыр еди. Оннан тысқары тәнҳа ханның өзине жорытажақ бир «түси» бар. Бул «түс» Оренбургта тутылған инглис жансызынан алып үлгерген бир хабары—жақын арада Оренбургтың генерал-губернаторының басшылығында Хийўаға қарай атланыс басланады.Оны, усыны ханға ескертип, алдын алдырыў керек, өйтпесе орыс патшалығы таярлықсыз Хийўаны жаўлап алады. Оннан соң Орта Азияның басқа ханлықларына қарай дәрўаза ашылады.

Күтилмегенде оның Ерназарға жолығып, бир уўытып таўып оны мат етсем деген мақсети песке асқанына қуўанып, кеўилли түрде сарайға келсе, бас ўәзир арман-берман гезип жүр екен. Изинен күшиктей ерип, бир аўыз хабарласыўға урықсат сорады.

Ол еле бас ўәзир ушын шешилиўи тийис болған жумбақ еди. Сонда да сөйлескке өзи шақырмай, оның усылайтиўын күтип жүр еди. Бирден тоқтап, тикке бетине тигилди де, сақал пардозлаўына қарап, көкирегиндеги гүдик музы еригендей болды.

— Ҳә, сиз-әм биз болған шаштәрезге барар екенсиз-дә?

— Дуйым журтқа үлги еки иисан бар, бас ўәзир, — деди ахун.

— Биринши хан, екиншиси сиз.

Бас ўәзир оның тапқырлығына масайрады,

— Недемекши едиңиз?

Ол енди бир демге тидирди: «Буган билдириў керек пе, жоқ па? Исенсе? Исендириўим тийис. Түсим екенине исендириўим тийис. Егер бул өзимшил болып, мениң түсимди ханға өз атынан айтса, далада қалмайман ба? Жоқ. Бунда мен емес, «түсим» қәте шықса, жаман ат буныц өзине қалады. Бас ўәзирди жазалар күн туўса, мен ушын бир минбер жыйынлыққа турады. Бәрі жақсы шықса, бағбаяғы бас ўәзирдиң қәдирли адамы боламан».

— Сөйлеңиз.

— Ҳүрметли бас ўәзир, ат өлсе таға қалады, батыр өлсе даңқ қалады. Ал мендей ғәрип ахун өлсе, изинде не қалатуғынына келте пәмим алыспай ойласажақ едим.

— Дурыс айтасыз ахун. Ҳәр инсан, қуданың бул дүньяға шашқан бир дәни. Дән көгериўи керек демекшисиз ғой?

— Ағла ақылыңызға жаным қурбан.

Түркий ахун жортаға көзлерине жас алып, бас ўәзирдиң шалғайын услап маңлайына сүйкеп турыў менен және ойланыңқырап үлгерди;

— Ҳүрметли бас ўәзир, — деди ол қамсыққан болып, — Бул дүньяда қарапайым арасында да кәраматлылары болады десе исенбес едим, лекин, көп түслерим дәлме-дәл келиўине қарап өзиме-өзимниң ҳүрметим артқан сыяқлы.

Оның медиресеге молла болыўдан бурын елде сайыл-қәлендерлик қылып көп сыр билгенинен бийхабар бас ўәзир жыллы жүзлилик пенен сорады:

— Пендей түс көрдиңиз?

Ахун бас ўәзирге күтә жақынлады.

— Түсимде арқа-батыстан бир отлы дүбелей турып туўры Хийўаға киятыр екен, қорқып ояндым.

— Буны не деп жорыйсыз?

— Хийўаға орыс патшалығы атланыс қылмаса деп қәўиплендим.

Жақында Оренбургта болып қайтқан хан жансызы да бас ўәзирге келип, генерал-губернаторының әлле қандай атланысқа таярлық көрип атырғанын айтқанда, ол онша исенбей, ханына билдирмеген еди. Себеби, жасында бир орыстан-әм тәрбия алған хан соңғы гезде орыс илимине қызығып жүр. Сол ушын да орыс алымы Грушинге жәрдемшилер берип, таў, жер изертлетип қойыпты. Және бир жансыз тастыйықламағанша гүмилжи пикирин мәлимлеп, изинен қәте шықса, исти насырға шаптырып аларман деп қорқатуғын еди. Әне, сол хабардың түркий ахунның түсине ениўи бас ўәзирде бираз исеним туўдырса да, «түс түйениң ғумалағы» деген ой менен жүреги даўамады.

— Ахун, егер мен сизди хан менен дийдарластырсам ше?

— Усы түсимди ханға да айтаман. Ақыры, барлық бәлематтың алды алыныўы зәрүр. Мен сол түсти көргели анабир Грушин деген орысты шабыўыл алдынан кол көриўге жиберилген жансыз ба деп-әм пәмлеймен.

Бас ўәзирдиң қыяллары да тап усылай еди, бирақ сабырлылық сақлады.

— Олай болса, — деп сәл гидирди ўәзир. — Мен сизди ханға алып киремен. Бирақ, маған не айтқан болсаңыз, түгин түсирмейсиз. Ис кеўилдегидей бәржай етилсе, сиз сарай мәсләҳәтшиси боласыз. Енди Кенесары елшилери менен ушырасыў мерасимине де сизди қатнастырамаң.

Ахун бас ўәзирдиң шалғайын маңлайына тийгизип ғана қоймай, қайта-қайта сүйди. Сөйтип турып, Ерназар менен жолыққанын еслеп-әм қуўанды.

Оның ойынша Ерназарға жолыққаны да бийнәтийже болмайды. Өжет палўан аўылына жеткеншe қыял сүрип, иши-баўыры от болып бир дәртке шатылады. Ең қурығанда үйине жетиўден зобалаң туўғызып, ханлы менен айрылысады. Бул күтә жақсы, оның анасына берген серти бузылады. Серти бир бузылса, қалған жағы тоқыма дүўендей тарқатылып кетиўи сөзсиз.

—Хой мен-әм бир,—деп қолын бир силкти.—Алдымда үлкен ис турғанда кишкентайлар жөнинде ойлайман? Жоғалсын-ә, сол Ерназар!

— Ҳа, бул не?

— Кешириңиз, бас ўәзир, қыялым пәске түсипти.

— Ериңиз маған!

Ханның кең датханасында тахттан тысқары бас ўәзир менен бас мәсләҳәтгөйлер отыратуғын сыпа бөлек еди, ахунға сол сыпадан жай берилди.

Олардан соң бес адам киритилди. Үшеўиниң түри-түсинен, кийимлеринен Кенесары ханның елшилери екени сорамай-ақ белгили, оларға қосыла киргенлердиң төртиншиси бүркитлердиң арасында қырғыйдай, қырғыйлардың арасында шымшықтай көринген кишкене шоқ қара сақаллы адам қарақалпақ Асқар бий, бесиншиси мурны орақ тақылетте пийлген, ийнили, айбатлы, мурты бар жигит Хийўа ханның кишп әскер басыларынан бири Махмуднияз еди. Соңғы екеўи бөлинип, елшилер менен мәсләҳәтгөйлери жайласқан екен, сыпаның арасына, пәске төселген кишкене гилемге аманат ғана жайласты.

— Ҳо, ҳо!—деп таңланды түркий ахун елшилер менен сәлемлесип болыўдан. — Қазақлар-әм исламның садық күшиклери болған менен, орыслардың тәсиринде, жүрис-турысы, адамларға минәсибети өзгерди дейтуғын еди, ҳеңқандай бузылмаған, мен нағыз мусылманларды көрип отырман!

Батыл ҳәм ашық сөйлеп турған адамға Кенесары елшилери ырзашылық пенен басларын иймеди. Бас ўәзир оларға түркий ахунды таныстырды ҳәм хан киргеншe сөйлесип отырыўды кеңес етип, Махмудниязлан миймандарды қалай күтип атырғанын сорады.

— Жүдә ырзамыз, — деп жәрдем сораўға келген елшилердиң басшысы Маҳмуднияз ушын жуўап берди.

— Енди кәраматлы Хийўадан дәрамат алып кетсек, ханымыз Кенесары өзин жүдә бахытлы деп есаплайды.

— Сиз бенен биз түркий халықлармыз, — деди ахун әўелги пәтинен шаққанырақ болыўға тырысып. — Соннан келип сизлердиң орысларды ай билип бас ийгениңиз жарамайды, бәршемизде шубҳа туўдырады. Билесиз бе, биз сүйенген ислам мәңгилик қуяш. Қуяш барда айдың не кереги бар?

Кенесары елшилериниң басшысы түргелип ахунға бас ийди:

— Жүдә үлкен даналық айттыңыз. Биз саҳрайы болғанымыз ушын орыс төрелери бир гезде ай болып көрингени ырас. Басшыларымызда айға мүтәжлик туўғаны-әм ырас. Енди түсиндик, бизге қуяш керек.

Гәплери мақулланған сайын кеўли өсип, ҳәтте бас ўәзирдиң барлығын умытқысы келетуғын ахун үлкен басын сәл қыймылдатып сөйледи.

— Қудайтала бейиш пенен дозақты шығарғанда, бейишин тек мусылманларға бағышлаған. Егер бир мусылман бир кәпирди мусылман қылса, оның нендей гүнасы болса-әм кешириледи деген қуранда.

«Қудай гилең кәпирди аямайтуғын болса, оларды неге жасатып қойыпты?» деген сораў бираздың қыялына келип турды, бирақ ҳеш қайсысы сораўға батынбады.

Асқар бий әңгимеге араласпағаны менен, сөйлегенлердиң гәплеринен исеним тутқасын көрген сияқлы қоразланып отырыпты. Махмуднияз миймандарының орынлы жуўап қайтарғанына рийзалығын билдирип үлгермей-ақ, еки пащап төрги жайдың қапысын ашып,, хан киятырғанын хабарлады. Ҳәмме өрре-өрре түргелип, қолларын қаўсырыўы менен, басларын хан тәрепке бурып тастан қуйылғандай қатты. Хан өз орнына шығып алақанларын бир-бирине урды, ҳәмме даўыл жыққан қамыстай жапырылып орынларына саққа-саққа жүгинисти.

Хан, жым-жыртлықты көп созбады.

— Меҳманлар!—деп даўысына жүдә өзгеше пәт бериңкиреди.—Мен Сизлердиң келгениңизди еситкенимде, кеўлим шәндан болды. Лекин, илгери жыллары қазақ ханлары орыс төрелери менен ҳәмдам еди.

— Уллы ханымыз, — деп түркий ахун қапталдан гәп қосты. — Кәпир орыслар менен дослық, мисли муз үстине жазылған хат.

— Уллы Хорезм шахы, ахун оғада дурыс айтты, — деди елшилердиң басшысы.

Хан «Не дейсең?» дегендей бас ўәзирине қарады.

— Уллы ханымыз, сиз буларға бурын да жәрдем бергенсиз, енди де аянбассыз.

Бас елши үнсиз түргелип ханның аяқларының ушына маңлайын тийгизип ,қайтадан орнына отырды.

— Ахун, сөйле, — деди хан.

— Уллы ханымыз, мусылманлар,—деп ахун қайта турып хан тахтына маңлайын тийгизип, Кенесарының елшилери таманға бе-

тын бурды. — Бәрше мусылманлар бир қолдан шыққан бармақларымыз ,бир түбирден өнген шыбықлармыз, бир бағда пишкен алмамыз. Қазақ ели орыс төрелерипен жәбир көрген екен, аяпбаў керек. Буны кораматлы Қаба, пүтин түркий қәўимлер, ҳәтте инглислер күтә қоллап-қуўатлайды. — Оның ингилислер деген сөзин ҳешким елестирмей қалса да, ахун өзи-өзинен шоршынып, мурнының ушы терпип салаберди, албырағанынан ханның аяқларына маңлайын тийгизди. — Уллы исламның жақты шырағы ханымыз, билесиз, ислам ушын төгилген қан қутлы қан, ислам ушын қыйылған жан ушпақы. Лекин, кәпирлер, әсиресе орыслар алма бағына шыққан қыйсық тораңғыл болып турыпты, тамырынан қуртыў ушын жәрдемиңиз пүткил мусылманлардың ығбалы.

Ханның кейпи дүзелди.

— Қарақалпақ бийи, Сиз не айтасыз?

— Уллы ханымыз, — деди және ахун. — Қарақалпақлардың мәканы Хорезм ханлығының орыс елатына шабар бас қашарман орны. Ҳа, солай. Бәлким, жәрдемге солар барар.

Хан позер, аўдарғаннан-ақ тикейип турған Асқар бий қайтақайта қуллықлады.

— Уллы ханымыз ,мениң халқым, «душпаныма болысқан достым-ам душпаным» дейди. Сиз кимди душпаным десеңиз, биз оған дос емеспиз.

— Уллы ханымыз, қарақалпақ бийи айтсын, елиндеги «аға бий» ойынының мақсети не екен?—деди ахун.

Ахунның өзин күтә еркин тутқаны бас ўәзирге жағыңқырамады, себеби оны хан көбирек унатып қалса, бас ўәзирди атлап кетип оңласыққа шақыра беріўи мүмкин. Қәйткени менен хан алдында оған тәңіўшін бере алмады.

Асқар бий «аға бийдиң» тийкарғы мақсетин жете түсинбей, жас жигитлердиң мәні зиянаты деп билеўүшін еди. Олай деў, ҳәзир ханды ишендирмейтуғын түри бар, билмеймен деў оны көз көреки отирикшілге айландырады. Не дегенде жуўап беріўи тийис:

— «Аға бийдиң» жигитлери елимиздиң қылышы, уллы ханымыз.

— Оне, сол қылыншларыңыз бенен Кенесарыға жәрдем бересиз, деди хан. Махмудшаға, сиз ойымизден атланатуғын ләшкерди басқарасыз. Меҳманлар, хош болыңыз, ханыңызға бизден дуўайы сәлем айтып барыңыз.

Елшилер тикейди. Бис ўәзир, ахун хан қасында иркилди:

— Ҳә, не гәп?

— Уллы ханымыз, ахун сизге түс айтпақшы.

— Уллы ханымыз, түсиниң алдында бир гәпим бар. Сиз билесиз, ҳәрқандай қылыштың басы төмен қарап илдириледи. Жаңа қарақалпақ бийи айтқан қылыншлардың-әм басын төмен қаратыўды ойлаў керек.

Хан оның кецесин унатқанлық кейип билдирди, бирақ үндемеди.

Түркий ахун «түсин» бас ўәзирге қалай айтып, не мәсләҳәт еткен болса, дәл соны қайталады.

— Уллы ханымыз, — деди Бас ўәзир. — Оренбургтан хабар билиўге жиберген адамымыз да ахунның түсине сәйкес хабар таўып келди. Сол ушын Хийўада орыслардың олай-булай жүриўине тыйым салдырыўға, Қаратаўдағы орыс Грушинди зинданға салыўға сизиң атыңыздан пәрман таярладым.

— Ол, ол... — Хан не қыларын билмей бираз отырғаннан кейин:—Мейли, имзалайман, — деди. — Лекин бир шәрт пенен, егер ахунның түси келмесе ахунды, Оренбургтен жалған хабар таўып келгенди Грушинниң орнына зинданға салдыраман, бәлким екеўин де дарға астыраман.

— Ҳәмириңизге қуллық, уллы ханымыз, — деди ахун қас қақпай.

Оның бул кейпи ханның оған деген исенимин және де арттырды:

— Қисиниң қорасын қорғаймыз деп, өз қорамызды қасқырға талатып алмайық, Асқар бий Кеңесарыға жәрдемди тоқтатып, жигитлерин мында әкелсин.

— Уллы ханымыз, егер орыслардың күшинен қәўипсинсеңиз және бир мәсләҳәтим бар. Өткен жылы Персия шахы Герат қа басып киргени есиңизде. Бул, әлбетте, еки елди жаўластырған орыс патшалығының қуяңқылығы еди. Жаўласқан еки елди жарастырыў ушын инглислер ләшкер әкелген, сол инглис ләшкериниң басшысына мурәжат қылыңыз. Ара алыс десеңиз, Ҳиндстанға жиберсеңиз-әм болады, ол жерде де ҳақыйқатшыл инглис ләшкери бар.

Хан бас ўәзирине нәзер таслады:

— Ойланып үш күннен жуўабын бересиз.

— Уллы ханымыз,—деди ахун және. —Грушинниң өзинен бурын жазыў-сызыўын жоқ қылыў керек. Ол илим ушын емес, келеси шабыўыл ушын жол көрип, сызып жүрипти.

— Япырмай-ә?!

— Дәл солай!

* * *

Хан сарайынан шығыўдан түркий ахун инглислердиң «таўық пенен ғарға жарысса ҳәккениң күлкиси жер жаңғыртады» деген нақылын еслеп, даўысының барынша шақалақлап күлди де биреўдиң ҳәкке деўинен қорқып бирден тым-тырыс болды. Ол Хорезмге келгели бир кеше ғалма-ғалсыз, ойсыз уйықлап көрмеген еди, бүгин ләззет тапқаны соншелли, басы дастыққа тийиўден мисли өли болып уйықлағанынан, үйреншикли тан намазы пайытында ғана көзин ашты. Бурынғыдай аяқлары аўыр емес, мешитке журттан бурын келип, жәмәәтти баслап намаз оқыды.

Ҳалқастан соң бас ўәзир менен және уйырасып қайта мәсләҳәтлескенде де, басқа кеңесгөйлерди шақырып ойласқанда да,

түркий ахунның хан алдында айтқанларын бийкарлайтурын устағанлы никирди ҳешким таппады.

Ахун бул мәселәҳәтине әллекимниң өзгерис киргизиўинен қорқып, ханға қайтадан кириўди өтинсе де, бас ўәзир көнбеди. Себеби, ханның өзи белгиленген муддетте бармасаң, писик ойды да ийкинге шығарып қайтарады.

Олар аслықай Кенесарының елшилерин узатып киятырып, еки атлыға жолықты. Бири Шәрип молла, екиншиси Сайыпназар бий еди. Екеўи де уйықламаған, бетлери исик, атлары да болдырған. Бас ўәзир менен түркий ахунды көрип Шәрип молла жылап жиберди. Сайыпназар бас ўәзирге қайта-қайта бас ийиў менен жүдә шынын киятырғанын билдирди.

— Елде «аға бий» деген бәле шықты,—деп Шәрип молла бирден еситилди. — Қасақ байталдай қуяңқы, бузық, жесир Қумардың харамзадасы Ерназар қолдаўлы басшы болып, бәршениң мәселәсин алып атыр. Мени «аға бий» зыяпатына алдырып, «сен неге балаларды қарақалпақ тилинде оқытпайсаң, неге Хийўаның айтқанын қыласаң» деп көпшиликтың алдында сөкти, азаплады, урды...

— О-ҳоо!—деди ахун масайрап.

— Сайыпназар, нәўбет саған!

Сайыпназар буўлығып сөйлей алмады. Ол ушын және Шәрип молла жымпылдады;

— Генжемурат мүйтенниң жаманлаўы менен Ерназар қолдаўлы буны да ургызды. Хийўаның сөзин сөйлеп жүрсең деп урғызды.

— О-ҳооо! Хайран, бас ўәзирден бийурықсат-ә?—деди және ахун.

Бас ўәзирдиң жыныртаны қайнады:

— Ҳәзиршилик шәрбақта дем ала турыңлар, соң сөйлесемиз.

— Уллы бас ўәзир, деди ахун сарай дәрўазасынан кирер кезде, Хан орысларға қарсы шабыўылға Ерназар қолдаўлы жигитлери менен барады деп пәрман берипти. Ол мойынтаўлық қылса, шыдаңға салыпсың. Қай ўақытта да басқа бәле болатуғын сол. Бир бәле таўып оны әдепт өлтириўдиң жолын-әм қарастырыў керек.

— Ықшы.

4

Ерназар қандай отбырлық иелесе де, өзинен анасына айтып оңай мақуллаў алғанша кеўили жубанып таппас еди. «Аға бий-де» мен-мен Сайыпназарды, соң жыллардың молласы Шәрипти сабатқанын, урғ Қасымның қулағын кестиргенин өзинше дурыс деп есапласа да, азанда анасының не дейтуғынына асықты.

Анасы ақлығы Хожаназарды, теңиз жағасында жуўыртып ойнатыўға алып кеткен екен. Ери түни менен уйқыдан қалған, әри ҳәрқыйлы ислердиң шырмаўығына оратылып, басы мең-зең болып

келген ерин Рабийби аттап түспірсе де, «маған не базарлық әкелдиң?» деп, қоржын-қолаңын, қалталарын қарастырды. Ерназар оған қарамай төсек салыўды буйырды да, жатты.

Рабийби оның аяқ ушына жақын бир дизерледи;

— Лўлағында бир ырасын айтшы, ағасы, мен сизиң үйге бахыт болып келдим гой-ә? Мен келиўден сен «аға бийди» баслап, ағабий болдың. Бахытлы келин етеги менен келеди дейди, оўели ул, пәшпен қыз туўып бердим.

— Ҳәр санары бир нама шертиўге жалықпайсаң ба?

— Оўелс сен мениң сораўларыма жуўап бер?

— Жақсы ҳаялы бар үй бейиш, сен бизиң үйди бейишке айландырдың.

Рабийби марапатланып, өз-өзинен жаңаша наз қылып, қасларын керди, ийинлерин қыймылдатып еснеди. Ериниң бийпарўалығын көрип, оның жүнлес жиликлериниң үстине, таяқтай жиңишке аяқларын кеселеп қойып еркеледи.

— Ағасы, сен неге мени мақтамайсаң? Даналығы менен ханнан бийлик алған Мамытқа тиймей, саған тийдим ғой. Ол мени көрген жерде я иледи, я шийрин-шийрин сөзлер айтады. Бир жола сени «үйинде урысқақ қораз, басқа жерде қашақ мәкийен» деп атады.

Хийўада түркий ахунның түс жорығаны бирден есине түсип, ашыў менен аяғын көтерип жибергени Рабийби шалқасына жығылды.

— Өзиң айлап қыдырып жүрсең, және ойын көтермейсең урысқақ қораз!

— Жоғал антурған!

Ери анық қәҳәрленип есикти иштен илип таслап муш урса, иленәзик сүйеклери парра-парра болыўынан қорқып, Рабийби сыртқа қарай зып берди, маңлайшаға илдирилип қалған орамалына да қарамады. Есик көтерилген гезде үйге жақынлап келип қалған ана менен улын көрип, Ерназар тым-тырыс болды да төсегине бир жанбаслады. Қумар аналық улы ҳәм келин арасында не болып атырғанын анық сезсе де, ҳештеңе билмегенсип сөйлене кирди.

— Ерназаржан, Хожаназар тап айнымаған өзиң. Усының жасында сен де мийзамкеш едиң, бул да сондай. Теңиз бойында жуўырып дым ғана шаршады. Сонда да үйге жеткенше, апа, арқала деген жоқ, шамасы ғаррылығымды түсинеди.

— Әне мениң Ақбөкем,—деди Рабийби отыз еки тиси көрингенше ыржыйып күлип (дәстүрде жас келиншеклер биринши баласының дурыс атын айталмай, өзлеринише ат қойып алады). —Қуда қолесе, ендиги улымды буннан-әм мийзамкеш етип туўаман.

Оның бундай сөзлерине үйренген ана бир нәрсе келеңкиреп:

— Келин, ылашыққа от жағып шай қайнат, жағым. Хожаназар, кишене жәрдемлес,—деди де олар шығып кеткен соң:—Ерна-

заржан,—деди айрықша кеўил тебиренислери менен.—Далаға шық, ҳаўызды көр.

Ол ертерек жыллары бир гүресте жығылғанына арланып келип үйинен шықпай жатып алғанында, анасы түргелип, үйиниң қапталынан жер қазыўды буйырған еди. Ана сүти ушын алақаныңа қуўырдақ қуўырып бериўге де қайыл болып тәрбияланған ғайратлы жигит, буйрықты тәрк етпей, еки ҳәпте тынбай жер қазды. Соң анасы онын қазған жерине суў жибергизди. Бир ҳаўыз пайда болды. Айналасына тереклер тигилди.

Ерназар дийқаншылықтан ҳәм гүрестен саўа гезлеринде аўылласлары менен теңизден балық услайтуғын еди, усы ҳаўыз оның жеўден аўысқан балықларын тири сақлайтуғын әжайып бир ыдысына айналды.

Ерназар анасының мирәтине түсинбей ерип келип ҳаўызға үңилсе, ҳаўыздың суўы кеўип, ултанында көп балық өлип атыр.

— Суўын ким байлаған?—деди Ерназар бул әллекимниң душпанлығы екен деген ой менен.

— Мен! Серлединиң бе, бунда анаў балықлардан бөтен мақлуқатлар жасайтуғын еди?

— Апа, қурбақалардан қутылайын дединиң бе?

— Қәне, суўының сағасын аш!

Ерназар ҳештеңеге ой жибермей, ҳаўызға қуятуғын кишкене салманың қулағын ашты. Ҳаўызға сылдырлап суў қуйылыўдан, жан-жақтан ҳәккелек атып ғарғылдасқан қурбақалар келе басланды, ал өли балықлардың төсликлери ақ қағаздай жалтырап суў бетине қалықты.

— Не уқтың?

— Менде қийл көп, апа.

— Сол мақтанып па? Тек өлилер қиял сүрмейди.

— Түсиндим, апа, бир орынсыз буйрық ҳаўыздың балығын қырып ғарқылдасқан қурбақалар қанын қутылыпты. Суў қайта ағып келип еди, қурбақалар қайта келди, биймара балықлар жоқ.

— Өмирде де сол! Бир орынсыз буйрық момын досларыңды қырады, қурбақадай ғарқылдасқанлар аман қалады. Өмириңе сабақ және бир нәсийатым бар, балам. Адамды үш нәрсе қор етеди: Биринши — отырық сөйлеў, екинши — ғарлық, үшинши — ашкөзлик. Усылардан сақ бол. Ҳаялыңа да орынсыз кейиме.

Және түркий ахунның «түсі» есине түсип, ишеклерине лаўлаған от өтип кеткендей болса да, борып ишке бүкти.

— Яқпы, апа!

— Енди жатып дем ал!

— Апа, билесеңбе, Аўдос баба халықты ертти ме ямаса халық оған ерди ме?

Ҳақыйқатлыққа, ақылға жол жоқ заманға қасақана әри палўан, әри ақыллы ул өспиргениң мақтаныш тутатуғын ана, оның шешиўи қыйын, жүдә терең мәнили сораў бергенине қуўанды:

— Ерназаржан, адам баласы өмиринде үш нәрсениң қәди-

рин жоғалтқан соң биледи: биринщиси—денсаўлығы, екинщиси —жаслығы, үшинщиси—ақыллы, дана басшысының қәдири. Бийбабаны адамлар себерин түсинеди. Мениңше, бийбабаның жеңилиўине себеп бас пенен қолдың бирлиги болмады. Бирақ, сен бундай сораўды қайдан ойлап таптың?

— Ойлап тапқаным жоқ. Қара таўда бир орыс алымы менен гезлестим. Мен оған Лйдос баба көтерилиси ҳаққында айтқанымда, ол усындай сораў берди.

— Өкең орыс елатын көриўге дым ғана интизар еди,—деди ана орыс алымын бурыннан билетуғындай. —Мурадына жетпей дүньядан өтетуғының билдиме, сени орысы бесикке салып, «Ҳоҳэ, балама ата мийрас бесиги тарлық қылады екен» дегени бар еди, мәнисине енди түсиндим.

Барҳа көп билетуғын ананың бирден аз билетуғын болып көриниўи Ерназарды ҳайран қалдырып, гәпти бурды да «аға бийде» жүде шаршағанын айтты.

— Билемен, —деди ана қаталырақ кейип тутып.—Жалғыз адам бейиште де жасай алмайды. Егер ҳәр «аға бий» бейиш болып өткенде, елге не пайда тийгизер еди?

Анасы қанша ашыўлы ҳәм жумбақлы сөйлесе, Ерназар сонша терең ойға шүмер еди, бул сапары онша бас қатырмады. Енди не қылыўы кереклигине маслаҳат сорады.

— Сениң ҳәр муқамға дөнетуғын қыялларыңа қолай мәсләҳәт болмайды, балам. Бир нәрсени есинде тут. Тири адамның өмирлик үш жолдасы бар. Биринши жолдасы—досты, екинщиси—душпаны, үшинщиси—тамашагөйи. Баслаған исиңниң қай дәрежеде алға илгерилеўи я кери кетиўи қайсы жолдасыңның көплигинен ғәрезли. Бирақ, мениң саған бурында да айтқан бир тапсырмам ҳеш қашан өзгермейди. Аты әпсана Маман бийдиң, бий бабаның жығылған туўын қайта тиклеў сениң мойныңда.

Ерназар ақшамғы ахбаратшы Генжемураттың хабарларын еслеп, анасына үлкен көзлерин сүзип телмирди.

— Апа, жән-жақтан еситкенлериме қарағанда бир биз емес, пүткил әлем шайқалыс таўып, ханларға, ел ҳүкимдарларына қарсы көтерилислер көбейген.

— Адамның еситкени билгени емес, билгени көргени емес, не нәрсениң бир тәрепин көргени ел толық көргени емес, улым.

— Олай болса, орыс елатын аралап қайтсамбекен?

— Аты әпсана Маман бий әўеле өз елиниң ойлы-бәлентин билип, оннан соң басқа елатларға барған.

— Түсиндим, апа.

Ана өстен түргелип кетти.

Ерназардың бойы бираз жеңил тартқан секилленип, дастыққа бас қойғаны, далада әлле нәрсеге сөйлеген келиншегиниң даўысын еситип және шоршып түсти. Түни менен де уйықлай алмады. Халқы ушын жақсы-жаман әрманлары түўе, түсиниў менен ушырасқанда пайда болған көтериңки ойларын, «аға бийдеги»

озбырлығының изи неге әкелетуғынын, ҳәтте өз келешегин умытты. Мийнеттиң изин гүўылдап үйлегели бери келиншеги менен арасында қандай сөгисликлер болса, бәрин көз алдына келтире берди, келтире берди. Бирақ Рабийбини бузықлық қылады дегенге кеўли сира ярый бермеди. Ақыры көзлери илинди.

Бирининн қоразның даўысына оянып көзин ашты да, ылашықта анасы менен сөйлесип атырған Шоңқының даўысын таныды.

— ...Моллаға сен неге аз-азлап қарақалпақша қосып оқытпайсаң, ең болмаса намаздың басын «жүзим қублаға, қуллығым қудаға десе болмайма» деди. Ол ашыўланды. Соннан соң Ерназар ага қызын урды...

Әпиме Шәрип молла ҳаққында баратырғаны ушын пәрўайы пүсери болып кийинип, далаға шығып еди, ылашықтың шийи арасынан үлкен үйдеги Ерназардың қыймылын бақлап отырған Шоңқы жуўырып шығып, сәлем берди.

— Ҳа, Шоңқы, аманлық па?—деди Ерназар ерининкирең.

— Жаңа Фазылға жолықтым. Ол сени аяп, Сайыпназар бий менен Шәрип молла түнде «аға бийден» шыға сала Хийўаға кеткенин айтты. Ханға барып арзы етпекши қусайды.

— Не қылыў керек?

Шоңқы Ерназардың даўысынан жақтырмағанлығын аңласа да, мой бермеди.

— Ағайин қолдаўлы болған соң алдын алыўға келгеним.

— Бул ўаққа олар Хийўаға жеткек шығар.

Шоңқы биғарықлық кейип тутып, ийнин қысты. Иштен Қумар аналық шықты.

— Ҳай, балам, молла усы ўақытқа шекем не оқытса сонысын оқыта берип керек еди.

— Әлбетте,—деди Шоңқы. —Молланы путкил ел дүзете алмағанда, сен дүзетесең бе? Ҳәзир аты қолдаўлы ханнан бәле келеди деп дирилдесип жүрипти.

Ана Шоңқының алдында ишки албырақлаўын билдиргиси келмеди.

— Ерназаржан, шай тайын я сүт ишесең бе? Шоңқы, сен де сүт ишип кетебер.

Шоңқының сүт ишиўге де аўыз босамай Шәрип молланы, Сайыпназарды, мырлық күни зыяпат берген деп, Моўлен сарыны жаманлаў менен оз урыўын мақтай берди. Мамыт бийди Ерназардың жақтырмайтуғынын умытқандай, өз урыўласлары қатарында оның аты менен де мақтанды.

Ерназардың жығырданы қайнап Шоңқыны қуўып жибергиси келседе, өзин зорға иркип, жуўас ғана буйырды:

— Болар, Шоңқы!

Шоңқы кетиўден анасы кирди.

— Балам, аға бий қызбаўы керек еди ғой.

— Мен еле адамларды жақсы билмесем керек.

— Билмегенинди билгенің-ом билгенин балам. Енди үйде жата бермей, суў бойын жағалап кеўил көтерип қайт.

Қапалық басқан киси суў бойын жағаласа, асқынлаған киси әўлийешиликти араласа маўқы басылып өзине келеди.

Ерназар соскеге таман далаға шығып, Гөне Үргениште байрақ-қа алған яўмытысын минди.

Лўылдан шығып баратырғанда басына бир ой келди: «Мен ғой аты әпсана Маман бий ҳаққында оғада көп әңгимелер, әпсаналар еситтим, өзиниң өлгенине шама менен жетпис-сексен жылдан аскан жоқ. Не ушын усыншама елатта оны тәңҳа көргенлерден биреўи еле тири емес екен?» Ол ойланып, көп танысларын көз алдына келтирип турды да, пўткил қарақалпақ елатында жасы үлкен ғарры Әбдикәрим жүнсақал дегенди еследи. Ол ҳәзир бир жүз отызға шамаласқан. Баласы, ақлығы өлип, шаўлығы Мухаммедкәрим менен турады. Мухаммедкәрим Ерназар менен қатар, «аға бийге» қосылған палўан жигитлерден.

Ерназар атын солай қарай бурды. Мухаммедкәрим үйинде жоқ екен.

Сақал-шашы қуў пәриндей ақ, бели ғарры тораңғылдай бүкирейген Әбдикерим жүнсақал еле қуўнақ еди. Өсик қасларын қолы менен көтерип Ерназарды таныды-да, тәндар ғана сәлемлести, жол болсын сорады. Ерназар көп иркилгиси келмеседе, азғана отырыўға мәжбүр болды. Сөйтип алысырақтан гәп қозғап, аты әпсана Маман дәўиринен әңгимелер еситиўге келгенин айтты. Ғарры уйпаласқан жүнли арық шекесине қолын басып, бираз ойланды-да үн қатты.

— Мен ондайға ҳеш ўақытта қулақ асқан емеспен. Ел көштикөштим, қонды-қондым. Шаўлығыма да мениң жолымды тут десем қылмай «аға бийге» қосылды. Мениңше басқаларды ойлаўдың, кисининң тәғдийрине араласыўдың кереги жоқ. Бәри саўлық-қа зыян. Адам узақ жасаўы тийис.

Ерназар оған «өзиникинен басқа тесик билмейтуғын гөртышқан болып узақ өмир сүриўдин не кереги бар?» дейжақ бола жазлап, өзин әрең иркти де, ғарры менен тез хошласып атланды.

Оның кеўли теңиздей толқынланып, бурқасынлап барағырып, аўыл шетинде Мамыт бийдиң ат үстинде сөгинип атырғанын еситип, оның атының аяқларын қушақлап жатырған жарлы аўыллласы Ғарғабай менен ҳаялын танып, қайрылды да, Мамыттың қолынан атының жылаўын күш пенен жулып үнсиз жетелеў менен былайырақ шығарып тоқтады.

— Бундай бийшараларды және азаплап, қорлағанынды көрсем, аямай мойнынды үземен.

Әлжуўаз Мамыт бий оның қара күшине төтепки бере алмайтуғынын билседе бос қалмады.

— Ким салығын төлемесе, ким өндириўге қарсы болса, Хийўа ханы сонын мойнын ғана үздиреди.

— Байлар менен барлардан жыйна, өзиңнен ал.

Мамыт қарсыласа алмай, тек басын шайқаў менен қалды.

Ол сол жедели менен қаттырақ ат айдап тоғайға еписе берген гезде, және бир көрпиниске тап болып, мыйық тартты: Сержан бай-

дың хызметкери Рузмет ешек үстинде бир арқа отынды арқасына тырмышлап таңып, қосық айтып киятыр.

— Ерназар аға, ассаламу әлейкум,—деди ол алысырақтан даўыслап. —Күлмеңиз, бул байға жағады. Өткен сапары Мәўлен сарының сәўселим ишеи Рүстем екеўимиз отынға барып едик. Рустем тап усы мендей болып келгени ушын оны ақыллы деп мақтады. Ешекке бастыра отын артып изинен пияда келгеним ушын мени ақылсыз деди. Енди байдан мақтаў сөз еситиў ушын сәўселимниң қылығын етип киятырман.

Ерназар зоҳорлы мырс етти.

— Аға, сиздеи бир өтинишим бар еди, айтайын. Басыңызға мәртебе қараса, мени атқосшылыққа алыңыз-ә?

Рузметти сәўселим деген оғ Ерназарға енди келип, күлкисин әрең басып сөйледи:

— Атқосшылық қара дийқан болыўдан, отыншы болыўдан қыйынлығын билмейсең бе?

— Аға, мен ақмақлар менеи тамақ жегеннен ақыллының тас арқалатқанын артығырақ көремен.

Турпаты келишкен бул жигиттиң гәпи Ерназарды енди ойланыўға мәжбүрлеп, бетине тиғиле қарады.

— Сендей ойлайтуғын, сырласатуғын досларың көппе?

— Көп. Атқа минерлерде дос аз болса керек?

— Ким айтты?

— Өзим. Бектөре деген жорам да усылай дейди.

— Ақылы бар жигит көринесең.

— Аға, мен сиз бенен жүзбе-жүз сөйлесип көрмегенмен. Бирақ, ел арасында тараған гәп-сөзден даналығыңызды билемен. Мениң күшимди де, ақылымды да дурыс пайдаланатуғын адам керек.

— Ақыллының ақыллыман деўи шәрт пе?

— Терең суўға батып баратырғанның ҳалы барында даўыс бериўи шәрт ғой, аға.

Ерназардың тыңлаўға қызықсынғанын билип Рузмет кеўлин ашты:

— Аға, «ағабийде» Бала Ерназар дегенди қатарға қосыпсыз деп еситтим. Ол Сайыпназар бий менеи келип бизиң хожамыздикинде түсленди. Отжаққышы болдым. Бала Ерназар тек бийдиң баласы демесең, еле қам түйнек. Бирақ, Сайыпназар бий муртын таўлап писирип, ертеңги күни оған сени мен ишеирдим деп айтыў ушын жүр ме деп шамаладым. Сиз сол күни «аға-бийде» Сайыпназар бийди сабатыпсыз, егер көрсем сизге усыларды айтайын деп әм жүр едим, жақсы болды жолыққанымыз.

— Сондағы мақсетиң, мени қорғаў ма?

— Қорғаў менің қолымнан келмейди, аға. Бирақ, әкеси соқырлардың бәри Гөруғлы бола бермейди, анасы тамбасында туўғанлардың бәри журттан бийик бола бермейди. Жарлылардың бәри ақылсыз бола бермейди.

«Сырттан қарағанда әпиўайы көрингенлерде де қанша-қанша терең сырлар жатады. Ҳәр бир адам өз алдына санмың сырлы бир

дүнья деп ким айтқан еди. Не деген дурыс даналық?... Әттең буларды қатарға қосып ақылынан пайдаланыў еле қыйын. Ағабийшилер наразылық билдиреди...»

Аўылдан алыслаған сайын ҳәрқыйлы көринислерге тап бола берди. Олай-булай жетелескен жетимлер, қайыр сораған соқырлар, кемпирлер, гаррылар... Күнде көрип жүрседе ҳеш елестирмес еди, усы сапары олар оғыры көбейип кеткен секилли. Бир топ жетимниң арасынан күтә арық, жуқа жүзли, биреўи бөлинип келди де, оның алдын кеселеп, таяқтай узын қолын созып, тарамысланған алақанын жайды.

Ерназар бийпарық өтип кетеалмай, қалталарын тинтинип-тинтипип ҳештеңе таба алмады.

— Палўан аға, қалтасында қара тийини жоқ киси атқа мине ме?

Бул озбыр минезли балаға Ерназардың аң-таңы шықты.

— Атың ким?

— Кимге ҳештеңе бермей кеткениңизди еслегиңиз келсе, умытпаң, атым Қәллибек.

Ол үнсиз жүрип арманырақ барған соң артына бурылып еди, Қәллибекке дәпинип турған дуғыжым денели биреўди көрип, атын изине бурды:

— Ҳәй Қәллибекти урмақшымысаң? Кет ары!

—Ерназар аға, — деди Қәллибек. — Бул Муҳаммедкәримниң дийханы Бектөре ағағой. Урмайды, тек сизге қарсы сөйлегеним ушын кейип атыр.

Бектөре бойынанан келген қара муртлары бар, Ерназар қатарлы жигит еди.

— Бектөре,—деди Ерназар. —Сен туўралы көп еситемен. Қәне, маған айт, қандай даналықлар бнлесең?

— Ҳеш.

— Даналық деген не?

— Даналық деген қарының тоқлығы.

Ерназарға Бектөрениң жуўабы онша унамай дым үндемеўи менен жөнине кетти. Былайырақ шығып әўелги ойларына және оралды. Барлық көринислер жүрек-баўырына пышақ суғып, буўынларын қыйқалап баратырғандай, тула бедени зар қақсап иркилди. Ат үстинен бурылып аўыл тәрепине қайта нәзер таслады. Бирден көзге тасланғаны және сол қоқтасынлы отаўлардың алдында қол жайып турғанлар... Жүреги және сиқылкти. «Бул дийўаналық қашан ада болар екен? Бул әптадалыққа ким айыплы?»

Усы сораўлар үстинде әдеўир-ақ бас қатырды. Теңизди жағалап жүрип те сол жөнинде ойлады: «Бабаларымыздан әллеким «биз жарлылығымызды, ашлығымызды, әззилигимизди жасырып үйренгелбиз...» деп дурыс айтқан. Базда бизди ҳешким аш демесин, деп бар-тапқанды қазанға салып қонақ күтемиз... Ашлығымызға усы себепкер ме?... Хийўа ханы себепкер! Айдос баба сол ушын да оған қарсы урыс баслаған. Егер хан өзимизден болса, өз халқымызды бүйтип қоярмедик?

...Сарайдың ғәзийнеханасын аш-әптадаларға қашшан-ақ бөлип берер едик... Жоқ, Ерназар, хан халықтан жыйнамаса, сарайдың ғәзийнеханасы қайдан толады?

Ол бул сораўларға жуўап табалмай дәрьяның теңизге қуйып атырған жерин тамаша қылып бираз турды. Аты әпсана Маман бийдиң тап усы көрпеше қарап айтқанларын анасынан еситкенин еслеп гүбирленди... «Мине дәрья ҳәм байлық, ҳәм қоқым ысырып әкелип теңизге қуйып атыр. Теңиз таңламайды, не болсаңда баўырына тартып, бойына үнсиз ғана сиңдирип тур. Теңиздиң усы ҳалын ол халқының тәғдирине теңгерген Маман бий не деген көреген, не деген ақыллы! Ырастанда солай, халқымыз мисли теңиз. Заман басына не салса, соған қайыл, жоқарыдан ашы ағып келсе де, дүзинен ағып келсе де қайыл... Пүткил әлем шайпалласқа түсип турғанда усылай бола берерме екен? Уах-әй, Грушин менен пүткил дүнья әламаты жөнинде сөйлесиў керек еди. Жер астында не барын излеген алым, не ушын жер үстинде не болатуғынын билмейди?...

Биледи!...»

Атының басын Қара таў тамаға бурды: «Грушин ханға есап бериўге кеткен болса итимал».

Ол усы ойлары менен зоғалғын қысықыран, атын алға айдап баратыр еди, тосыннан қамыслық арасында даўыс еситилгендей болды. Гилт тоқтады. Тым-тырыс. Және жүрди. Және сол даўыс еситилди. Әлле ким жылаған секилли, жоқ, муңлылаў қосық айтып атырған секилли. Атын қылт еттирмей және қулақ түрди. Қыз даўысы. Сыңсыған усайды. Қай таманда? Самал өрден айдан келип турған даўыс па я жанында-ақ болып, самал өрлетпей турған даўыс па?... Гүбирлеседи, оғада түсиниксиз гүбирлеседи. Қай тәрептен шыққанын билмей бираз шекем сарсаңы шықты. Әллепемирде «Жетим қыз» намасына шыңқобыз шертти. Және бир езде ыңылдап қосық айтты.

Шарқ айрып шалалмадым, жеңгежан,
Оң айымды алалмадым, жеңгежан
Аппаў сүйген балаўшымның атаўы
Жүрегинин баралмадым, жеңгежан!...

Даўыс оғада ноқис, жағымлы. Ерназарға қосылып пүткил әлем тапланғандай, айнала жым-жырт, шарқылдасқан тоғай шымшықларының үни өшти, жағада шырылдасып урып турған дәрья толқыны бирден семди. Бир жерде тоқтаса жер тепсинип, суўлығын ғашыр-ғашыр шайпайтуғын Ерназардың яўмытысы да қайшы қулағын тикирейтип, шекшийип қалды.

Қыздың:

— Хош, жалғыз ермегим, шыңқобызым,—дегени сол, суўға бир нәрсе шомп етти.

Ерназар «Бийшара қыз шыңқобызын неге таслап атыр екен?»

деди де, әллеқандай түсініксіз сырды сырттан бақлағысы келіп, қамыс арасынан сығалады, бирақ ҳештеке көрмеди.

Қыз және зарланды... Гәплерине қарағанда ол жетим, өзинен үлкен ҳәм атақлы жигитти сүйген, сүйген жигити оны түсинбейди, хабар алмайды. Соған аҳ шегип, бул дүньяға нашар қылып жаратқан қудайға палыс қылып жылады, ашықларға ҳүрмет жоқлығына, дүньяда бир-биреўге мириўбет кемлигине, биреўди биреў түсинбейтуғынына күйинди. Және де даўысын күшейтип киреп биреўлерди мудамы жарлы, жетим, екиншилерди мудамы бай етип, биреўлерге күлки, екиншилерге көз жас берип қойған қудайды аямай гаргады, өз сөзлеринен өзи қорыққандай бирден дүнья менен хошласты:

— Хош, дүнья, хош, қуяш! Хош, гүзги жапырақлар, мен де сизлер усаш солыйман! Хош мениң шашларымды желпиген самал, хош, палўаш!

Ол усыларды айтыўы мәттал, суў бирден шамбыр етти...

Ерназар ҳаўлыққанынан атын қамшылап жиберип шамбырлаған жерге келсе, бир қыз қоллары зорға көринип суўға шүмип баратыр. Ол ойланып турмай ат үстинен өзин суўға атты да, қызды тутып бир қолына көтериўи менен бир қыялап жүзип жағаға шығарды.

Суў әллеқашан суўыған еди, қыз жағада тислерин тислерине урып қалшылдап жатты.

Ерназар жас қыздың аязлап кеселге шатылыўынан қорқып, оны ес-түссиз деген пом менен суў-суў көйлегин шешип еди, өмиринше жалаңаш пашарға нозери түспегендей өз үстиниң суўы соргалаған күйинде ағаш болып сәррийди. Қыздың аппақ порықтай сулыў денесине төнкерилген жуп кеседей қос мәммеси, уят бийлеп қымсырылған қоллары астына сыймай, ушлары пискен жигилдик жийдедей қызарып суп сулыў болып атыр. Бул гөззаллыққа Ерназардың тула бедени қызып, оны сүйип-сүйип алғысы келди, бирақ неликтенде күшли бир сезим ҳәм бийҳал жатырған қызға аяныш оны иркти.

Рабийбиниң жонылған таяқтай ақ балтырларына үйренген үлкен көзлер, бул қыздың сийреклеў жүн басқан толық ақ балтырларын көргенде, ҳеш қашан ойламаған бир гөззаллыққа қосымша айрықша ғайбар күш, ҳақыйқый қыз тулғасын сезип, еркин жойытты да, төмен шөгип қыздың балтырларын жүдә әстен сыйпалады. Оған да қәнәәт етпей бирден аўзын басты да аймалап сүйип, бойын қыздырды. Қыз үсти-үстине оғыды да, ҳештеке қуспай ақ көзлерин ашты.

— Уай, не қылып атырсаң? Көйлегим қайда?

— Сулыў екенсең!

Ерназар басқа дәлийл таппай, атының жабыўын сыйырып алды да, қызды соған орап, өз кийимлерин қайта сығып кийди. Ат жабыў арасынан қыздың отлы қара көзлери жылтылдап, өмир ушқыны урқаплап жатырыпты.

— Аға бий, мени неге қутқардың?—деди ол бир гезде.

Ерназар жуўап орнына жалаңаш атына секирип минип, демнің арасында әллекайдан тезекке тутатып қоз әкелди де, айпаласынан қуў жыңғыл терип от жақты. Қыздың кийимлерин отқа өзи кептирди, бирақ қайтып бермеди. Қыз сорамай атжабыў арасында отқа абынып, майда бурымларын тарқатып кептириңкиреп, қайта өрип отырып бағанағы сораўын қайталады.

— Аға бий, мени неге қутқардың?

— Суўға қайтып таслаўың қыйын емес,—деди Ерназар мыйығынан күлип.

Қыз оған жуўап ушын мыйық тартқанда, булт астынан ай шығып әлем жақтыланғандай болды.

— Кимниң қызысаң?

— Әкемниң аты Доспан болған.

Қыздың даўыс толқыны ҳәм ҳақыйқатлығын, ҳәм ҳәсиретлилигин билдирип тур, бирақ сыртқы көриниси қуўанышлы сыяқлы.

Ерназарды әллекандай қыял бийлеп, даўысы қалтыраңқырады:

Өкең өлгенде анаң сени үйине таслап, улы Теңелди көтерип келип еди. Сенің атың Гүлзийба ғой-ә?

— Аўа. Оны қайдан билесең?

— Неге билмейин? Сен шынжырма шынжыр киятырған атқосшылар зўладысаң.

— Сонда неге үкемди «аға бийге» қоспайсыз?

— Үкең еле жас. Гүлзийба, шынынды айт, неге өлмекши болдың?

Қыздың жүзи бурыштай қызарып барып, бирден көзлерин жумды:

— Таң шынымды айтайын ба?

— Аўа.

— Ондайды айтамекем?

— Айта бер, мен тиримнен шығармайман.

— Онда көйлегимди бер.

— Шынынды айтсаң беремен.

— Билесең бе, мен аңықпан.

— Кимге?

— Айтпайман!

— Аңығыңа қосыла алмасаң ба?

— Палкөрге пал аңтырдым. Әдеўир мәпәқат шегесең, арада жақпас биреў өледи, сонан соң қосыласаң, деди.

— Түске шешесең, неге суўға кетип өлгиң келди? Адам бул дүньяға өлиў ушын келмейди ғой.

— Ерназар аға, неге өйдедиң? Адам өлиў ушын туўылады ғой.

Ерназар сөзден утылса да, қыздың сулыў келбетине тойынбай қарап, талшыбықтай қара бурымларын алақанына салып сыйпалады.

— Гүлзийба-аў, өлими мениң киси ҳешкимнен өш алмайды ғой.

— Ашықлық-әм кисиниң душпаны, дейди. Мен сол душпанымнан өлип-ақ қутылайын дедим.

Ерназар селк-селк күлди, қызда әллеқандай кейип пайда етип, өшестириў мақсетинде оның балалығына күлди.

— Ерназар аға, келиншегиң менен сүйип қосылдың ба ямаса ол сүйди ме? Ашықлық деген қандай болады?

Қыздың батыл сораўы ҳайран қалдырса да, ол жуўап бериўге тартылды. Себеби, устағанлы жуўабы жоқ еди. Келиншегин өзи сүйгенин, я ол сүйгенин билмейди, бирақ дурысын айтқанды мақул тапты.

— Онда жас едим, анам үйлен деди, үйлендим.

— Менің ишимнен басқа ҳешкимим жоқ.

— Билемен.

Қыз көйлегине қолын созып атыр еди, еңсесине жабылған ат жабыў жылысып кетип, сулыў денеси және жалтырады. Ерназар енди өзин туталмады...

Олар ымырт жабылған соң ғана атқа мингесип қайтты. Қыз ерге отырар гезде ғана әлленәрсени бир аўырсынып еди, қайтып дыбыс шығармады. Ерназардың да тили байланғандай, үнсиз, бирақ екеўиниң де демлери лаплап, айналаны от алдырып жибергендей, жүрек соғыслары әри жийи, әри қатты. Сонда да бир-бирине ҳештеңе деспеди. Қыз ылашығына жақынлаған соң атты тоқтатыўын өтинди де, рахметтиң орнына Ерназардың тикенеклескен мурт басқан ыссы ернинен шорп еттирип бир сүйди -де, ерден жылысып түсти.

Ылашығының алдында үкеси Теңел күтип тур екен.

— Әжеапа!—деди Теңелдиң даўысына қуўаныш араласа толқынланып.—Бүйтип кешикпейтуғын едиң ғой?

— Қорықтың ба?

— Еки бузаў өристен қайтқан сыйырларға қашып аналарын емип қойды. Ийелери маған бақырды.

Көкиреги қуўанышлы қыз үкесиниң өсик шашлы басынан сыйпалады.

— Саған азап бергенлерди еле Ерназар аға бийге айтамыз. Ол жазалайды.

— Әжеапа, еситтиң бе, Ерназар аға бий Сайыпназар бийдиң адамлар менен қол алысқанында қолының орнына аяғын усынатуғын әдетин билип, урыпты. Шәрип молланы да урыпты, бүгин падашылар айтысты.

— Еситтим, жаным. Ерназар аға бий күтә-күтә жақсы адам, билесең бе, ол сондай күшли, сондай ақыллы, бул әлемде ондай ақыллы, күшли адам жоқ. Теңел, бизлер аты әпсана Маман бийге атқосшы болған адамның әўладымыз. Бабаларымыз шынжырма-шынжыр атқосшы. Сен-әм Ерназар аға бийге атқосшы боласаң.

— Менің ат қосшылыққа алса-дә?

— Алады.

— Бийдиң атқосшылығына көп-көп ақыл керек, дейди ғой.

— Өзим үйретемен саған. Бирақ, сен дым-дым күшли, шыдамлы болыўың керек.

— Қәйтип дым-дым күшли, дым-дым шыдамлы боламан?

— Менің айтқанымды қылсаң, боласаң.

— Айтқаныңнан шықпайман, әжеапа.

— Билесең бе, өмир деген не? Өмир деген биреўдің биреўге ышқысы. Ышқы деген не? Ол адамға сулыўлықты, гөззаллықты ашып қоймай, адамды мисли өзгертетуғын нәрсе.

Ол Теңелдің аўзы ашылып түсинбей отырғанын енди ғана сезип, қысынғанынан және оны қушақлап маңлайынан, ҳәр бетиниң алмасынан, қулақларына шекем сүйип-сүйип алды.—Бул саған ҳәзир керек гәп емес, ойнап айтып атырман. Билип қой, көп киси жақсы көретуғын ийт болғаннан, ҳәмме айбынатуғын арыслан артығырақ, және есте тут, қорқақ нени жоғалтса, ол батыр да болады.

— Бул гәплериниң мәнисин көбирек түсиндирсе, әжеапа.

— Аш болған шығарсаң, баўырым, ҳәзир отын әкел, қазанды атландырып жиберип айтайын. Уйқыға жатқан соң да айтаман.

— Ўай, әжеапа, өкшелериң қанап турыптығой.

Қыз екі жилигин сыңырмай киргепин енди уғып:

— Өйбәйў!—деди де шөкке түсип отырды.—Жаңа анакәрада бир түп шеңгелди басып алдым.

Теңел итибар бермей отын пуштарлаўға киристи.

* * *

Ерназарға Гүлзийбаның сәл ақсаңқырап, қараңғыда көзден ғайып болғаны, көз алдында суўға сүңгип кеткендей-ақ түйилип, ақ-таң. Қыз өзи менен бирге бупың ақыл-ҳуўшы, күш дәрманын қосып әкеткен сыяқлы, я қамшы услаған қолы, я жүўен тутқан қолы ҳәрекетке келмей, әдеўир ўақыт турды да, өзине ҳай берди: «Жаңа жигит болғаннан, жаңа қыз болғаннан сақла деген усы. Бийшара жетим енди қыз болып, балалық ҳәсери менен не қылғанын да билмей кетти-аў»...

Атын изге бурды.

Ол соңғы жыллары, бүгингисиндей бирин-бири қуўған, бирпен бири артықман ҳәр қыйлы жағдайларға дуслассын, бир жағы узилсе, екиниң жағы шым-шытырық болып атырған өрмекшиниң аўындай ойлардың курсаўында қалмаған еди. Тәғдир шатқан қыйлы-қыйлы ҳәдийселер басының ишинде ҳәр жаққа шертилип, ҳеш қайсысы шешим таптырмай оны ериксиз айдап киятыр. Тек яўмыты арғымақ ғана кешеги жем жеген жерин умытпай оны үйине әкелди.

Есигинин алдында байлаўлы үш атты көрип, көп ойлардан мажырасы шыққан жигит бирден қаддин тикледи. Бири Асқар бийдің аты. Ерназарға атақлан жаманлық та, жақсылық та қылмайтуғын бул бий ардақлап келебермейтуғын еди. «Ҳаа,—деди ишинен. —Жақсы болды. Нурлыбекти ертип келген болса, Гүлзийбаны силтеп жиберейин. Оның сандырақлағанында «палўан»

деген сөз бар еди. Менен соңғы атақлы палўан Нурлыбек. Мен ҳаял алғанман, балаларым бар. Нурлыбектиң басы ашық, екн жетим қосылысса, қандай тең жуптылар...»

Усы ойлар менен ишкерилеп, Асқар бийдиң қасындағы түри бөтен кисини көрип, «Ханның салық өндириўшиси шығар» деп уйғарды өзинше ҳәм барлық ойлары умытылды. Қонақлар менен суўықлаў амаплық есенлик сорасылды. Ол үйде не таярланып атырғанын билиў ушын тез шығып ылашыққа кирип еди, анасы әлле қашан-ақ бир қойды сойдырып қазанға салдырып атыр екен. Нурлыбек от жағып отыр еди, Гүлзийбаға жибергиси келип турды да, бирден әллеқандай қызғаныш бойын қурсап, үндеместен қайта ишкериледи.

— Асқар аға, Кенесарының елшилери қайда?

— Қайтты.

— Ислери питти ме?

— Питти, бирақ хан олардың көп нәрсесин бизлерден ғәрезли қылып қайтарды.

Ерназар мыйығынан күлди.

— Шеп емес.

Асқар бий бийтаныс хийўалыны бас ўәзирдиң шабарманы деп таныстырды. Ол ҳақыйқат шабарманларға тән кемгәпли екен. Ханнан пәрмансыз аға бийдиң алдында ханнан бийлик пәрманы бар ғарры бийдиң өзин баладай тутыўын жақтырмасада, пәрўайы пәнсерилик кейип тутып, жанбаслап чай ишип атыр.

Дәстүр бойынша тамақ желиниң болған соң, я үйден узатып баратырғанда қопақтап жол болсын соралады.

Ҳәрқыйлы бағытта майда-шүйде әңгимелер даўам ете берди. Ақыры Асқар бий шыдамады.

— Ерназар иним,—деди ол тамақтан кейин,—елге жәрия қылынбаған бир тапсырма бар. Тәнҳә хан тапсырмасы. Алдын ала сениң менен ойласыўға келдим.

— Үлкен басыңызды киширейтип келгениңиз ушын миннетдарман, бий аға.

— Кенесарының елшилерине жәрдем бериў, бизлердиң зиммамызға түсип еди, соңынан Хийўа ханына қарсы орыс патшалығы шабыўыл қылады деген хабар алыныпты. Әне сол орыс шабылыўына қарсы қарақалпақ ләшкерин топлап өзиң басқарыўың керек. Ләшкерим болмас деп ҳаўлықпа, «аға бийде» бас қосқан жигитлериң ереди, ермегенине жәрдем етемиз.

Ерназар бираз ойланып, хийўалы шабарманға көз астынан нәзер таслады. Оның бул гәплерге сирә қатнасы жоқ секилли, узақ жол жүрип шаршағаны ушын көзлерин перделеп, пышықтай уйықлап отыр.

— Асқар аға, бул сизиң ўәдеңиз бе ямаса ханның тапсырмасы ма?

— Ханның тапсырмасы.

— Екн дигирман тасының арасына түскен дән ун болмай қалмайды ғой, бий аға. Биз болсақ тири халықпыз.

— Ҳәрқыйлы қылып жорый бериўдиң кереги жоқ, иним.

Мезбан хийўалыға және бир урланыңқырап нәзер салды. Оның баз-баяғысы.

— Асқар аға, елимизде қанша ашлық, әптадалық, ырасын айтқанда заманға, ханға көп-көп наразылық бар. Биз орысларға қарсы урысқанда сол ашлықты, сол әптадалықты, заманға, ханға сол наразылықларды қорғап қалыўымыз керек пе?

— Исламды қорғаймыз. Исламның шамшырағы Хийўаны қорғаймыз, иним. Ханды қорғаймыз, өзлеримиз туўылып өскен уллы Хорезм шуқырын қорғаймыз.

— Жоқ, бий аға, өзи аз санлы халыққа бул келиспейтуғын ис. Ең болмаса халқымыздың күн көриси жақсы болса еди, әне соны қорғасақ бир қуп. Қайдан билемиз, орыс патшалығы биз сыяқлы аз санлы халықларға жақсы нийет пенен киятырған шығар. Ҳешнәрсеге көзимиз жетпей турып, алдынан урыс пенен шықпайық.

— Сонда Хийўа ханы менен орыс патшалығының урысқан та машасына қарап отыра беремиз бе?

— Басқа не илаж? Өзи тиймегенге тас атыў да, биреўдиң сақпанына салған тасы болыў да бизге дәркар емес, бий аға. Егер хийўалы меҳман кеўлине аўыр алмаса, арыслан жеп қойсада, түлкиниң артына тығылмайық, деп едим.

Асқар бий Ерназардың бир сөзлилигин билер еди, енди әдгимени қанша созсада, қалай жалбарынып, қалай түсиндирседе хан тапсырмасын оған мақұлдата алмаслығына көзи жетти.

— Өзиң биле, иним. Меники тек ўажыбаты ийман.

Ханда хийўалы күтә қуўжынлап, ақшам ҳешқандай гәп есит пегендей, күтә кемтарлық пенен қысыла-қымтырыла Ерназарға мураҗат қылды.

— Қәдирли мезбан, кеше жолдан шаршаған екенмен, қатты уйқы қысты. Оның үстине Асқар бий менен өз-ара гәплериңизге кесент келтирмейин деп тыныш уйықладым. Өз елиңизде күтә абырай қазанып, шан-шуҳрат алған жигит екенсиз. Сол ушын жолда Асқар бийге де туйдырмаған бир жақалығым бар. Сизди уллы бас ўәзир өз дәргаҳына шақыртып жиберди. Мәгар болса, сизге жақсы нийети бар.

Асқар бий бул хабарды жаңа еситтий атырғанға мегзеди. Жақсылыққа жорыў керек пе ямаса жаманлыққа ма?

Қалай болса да бас ўәзирдиң шақырығына бармай қалыў мүмкин емес.

— Қашан?

— Бүгин жүрсеңиз, мен гәрнити бахытлы етесиз.

Ерназар үйсиз түргелип, анасына ойласыў ушын ылашыққа кирди де, қасына бир дизерлеп отырып хийўалының өтинишин баян қылды.

— Бас ўәзир шақыртқан екен, қалма, балам,—деди ана ойланбастан. —Бирақ, бир нәрсе есиңде болсын, түлкиниң жүни өзгерседе, әдети өзгермейди. Және абайла, сени ертип әкететуғын

шабарман қасқыр болмасын, қасқыр менен жолдас болғанның таяғы қасынан қалмаўы зәрүр.

Ерназар қопағына келип:

— Қәдирли меҳман, мен сизиң еркиниздемен,—деди.

Хийўалы жүдә мүлайимлик пенен рахмет айтып, енди жолға асығыў кереклигин өтинди.

Ат өртлеўге шыққан Ерназар қораға сүйенип баласы менен турған Ғарғабайды көрди.

Ол өзиниң үсти-басы қус түткендей болыўына қарамастан, улын жүдә ықшамлап кийиндирипти.

— Ҳа, Ғарғабай аға, тынышлық па?—деп Ерназар баланың басындағы қара ылақ терисинен қыстырғышланған дегелейин алып айдарынан сыйпалады. —Ҳа, Бердақ, бир жола бет ашар айтқанынды көрдим бе?

— Көргенсиз, Ерназаржан,—деди Ғарғабай уялшақлық пенен көзлерин сыйпалап. —Билмеймен, жети атамыз еситпеген әрўақ бар, усы баламда. Қарап отырып-ақ қосық шығарады. Мектеп көрсе бир нәрсе боларма деген қамдәме. Тап Хийўада оқытқым келеди.

— Хийўада оқытқаның ғой күтә жақсы, тек кеширмең көтерсе.

— Түнде сизиң үйде хийўалы мийман бар деп еситтим. Егер бар тапқанымды сатып-суўып Хийўаға апарсам, жәрдем етермекен дейжақ едим.

Үйден шығып, олардың сөйлесигин тыңлап турған хийўалы:

— Ҳа, күтә қызық адам көринесиз,—деди мысқыллы езиў тартып. —Кимлигиңизди, балаңыздың қандайлығын үсти басыңыз-ақ көрсетип турыпты. Сендейлердиң-әм баласы Хийўаға жайласа берсе...

Ғарғабай менен баласының теңнен қабақ шытып, кеўли бузылған кейпине Ерназардың иши ашып жубатыўға урынды:

— Ғарғабай аға, мен ҳәзир Хийўаға баратырман, бәлким, медресеге кирип сөйлесип қайтарман.

— Сапарың оң болсын, иним!

— Аўмийин!

Хийўалы түнериңкиреп атына қарай жылысты.

* * *

Ерназар менен шабарманның Хийўаға жеткенше сөйлесиклери, жолдың еки бойындағы ҳәр қыйлы өсимликлер, дәрья, ҳаўа райы жөнинен асып түспеди.

Қала ортасындағы көп көшениң бәндиргисинде көпирге таласқан малдай бир-бирине жол беріспей әлле нәрсеге таласа үңилип атырған адамларды көрип, шабарман солай бурылды. Ерназар ат үстинен мойнын созды. Ортада бир өли созылып жатыр. Турпаты таныстай түйилип жақынлады. Гөне үргеништен қашып киятырғанда жолығып, арқасында ылашықтай отыны менен Ерназарды таңландырған қарыўлы қул. Иши ғымылдап, жүреги

силкингендей болды. Ерназардың жолдасы аты менен адамларды айырып барып даўрық салды:

— Бул кимниң қулы?

Асықканынан мелле шапанының белбеўин буўып үлгермей, басындағы сары шалмасының бир ушы арқасына ҳалқа болып түсип, геўишлери салпылдап киятырған, қаптай семиз бай өлини көре сала жанбасына урды:

— Ўай нәлетий-әй! Пәнт бериўин! Халайық, көрдиңизбе, уятсыз қулдың тәсилин? Сатып алғаныма бир ай болған жоқ. Кеше ашыў менен анасын сөккенимде «усы азабың ушын меннен жаманлық кўт» деп еди, қылған жаманлығына қара заңғардың? Күшли деп уш қулдың баҳасына алғанымды қәйтейин? Әстаўыралла, қулдың аршылын биринши көриўим.

— Өлиўге бос ўақыт бермеў керек еди-дә!—деди Ерназар.

Бай оны тыңламай, көпшиликтиң арасынан манлайына қул таңбасы басылған екеўин айырып, семиз қолы менен арқаларынан түйгишледи:

— Ҳа, найсаплар, усының жолына түсип мени зиянда қалдырыў нийетлериңиз бар-ә? Қалдырып бопсыз! Жумыстан кейин аяқ қолыңыздан кисеп айырсам, атамның төли емеспен, аўа, төли емеспен!

— Жүр кеттик, Ерназар, Хийўада бундайларды жийи гезлетесең,—деди шабарман.—Еситтиң гой, ийессине зиян бериў ушын өзин-өзи буўып өлтирген. Арамыл қул екен-дә!

Бул ўақыя енди ғана Ерназардың жүрегине қанжар болып суғылып, сарай дәрўазасына жеткенше бир аўыз сөйлесиўге деми жетпей қысылып, усы өлген қулды тирисинде көрип, сондай он мыңлаған қулды орман өткенине жанын жеди, өкинди...

Дәрўаза алдында оны ертип келген шабарман «иркиле тур» деп ишке кирип кетиўден көп узамай, оплаған жарақлы нөкер пайда болып, Ерназарды қоршады. Ол аналақлап жоп-жағына қаранды. Ертип келген шабарман ҳеш жерде көринбеди. Соның арасында нөкерлердиң екеўи оның атын жылаўлады, қалғанлары еки жақлап келип ерден аўдарып алды. Шабарман, олле қаяқтан сыңғырлатып әкиятырған киселин Ерназардың қолларына кийгизип болғаннан кейин суўық демин алып, нөкерлерге масайрап маңлай терин сыпырды:

— Ҳа, найсаң, Лекар бийге «арыслан жеп қойсада түлкиниң артына тығылмайық» дегениң есиңде шығар... Енди сөйлесемиз. Нөкерлер, зинданға жеткенше бек болыңлар, бул дала жолбарысын тирилей әкелиў, маған аңсатқа түскен жоқ...

5.

Ең биринши пайда болған ышқы муҳаббат сезими кеўилде ҳәксерлик пайда етеди. Ҳәксерли көзлерге дүнья ҳешқашан өз қәлпинде көринбейди, гә гөззаллапады, гә гөнереди.

Гүлзийба Ерназар менен ушырасқанының ақыбети неге әкелетуғынын билмей, дүнья оған биротала гөззалланған киби, жетим-

ликке түскели биринши ирет тыныш уйықлады. Жүдә жақсы түс көрип оянды.

Түсинде Ерназардың келиншеги өлипти. Адамлар жыласып, Гүлзийба менен Ерназар қол усласып, жыласқанлардың үстинен күлисип бир шетте турыпты.

Көзлерин ашса, Теңел ошаққа отын салып, өшип баратырған қозды алыстырыў ушын үплеп атыр екен.

— Теңел, Ерназар аганың ҳаялы өлген бе?—дедй ол ҳәзир ғана түсине енген ўақыя ырастай түйилип.

— Еситпедим.

Гүлзийба ерниңкирип түргелди.

Теңел асығып баспақ бағыўға кетти.

Ылаңықта жалғыз қалған қыз тула беденининң аўырғанын енди сезинсе де, түси ырастай түйилип, қонсысына барып сорап қайтқысы келип турды да, анасының тирисинде айтқан бир нәсиятын еследи. «Қыз бала сырын сақлай билиўи керек».

Бир күнниң ишинде ержетип, еси енип қалған секилли, қонсыларынан ертеңине де сорамады. Усылайынша өзин басып салдамлылық пенен он күн өткерди. Он күни оған он жылдай болып өтти, бирақ хабар алатуғын Ерназар жоқ. Ақыры шыдамай, «әўелин өзим басладым, өзим даўам етейин» деп, Ерназардың аўылына барып қайтыўға бел байлады. Басқалар көрсе, үйинде өзи болмаса, не дейди. Сылтаў керек. «Ҳа, яша»,—деп ол басына келген бир ойға қуўанып ушып түргелди.—Өзи жоқ болса анасы «не қылып жүрсең, қызым» дейди. «Ана, сизиң аўыл тоғырақ, сол ушын көшип кележақ едим», деймен. Бул заманда напақа ушын көшип-қонып, ҳешқандай айып емес. Егер ол мениң өтинишимди шынға айландырып, көшип келеғой десе, көшип-ақ бараман. Қайтама жақсы. Жақсы! Оның төбесин көриўге зар болып жүргеншше аўылында жасап, күнде көремен, ҳаялы өлсе, гүл үстине гүл! Жақын жерден мени үйине киргизеди».

Келеси күни аўыл арасында арман-берман шабысқан атлылар -әм көбейди. Бул Гүлзийбаның кеўлине және де ғул-ғула салды. Гилең жас жигитлер әллеқаяқларға кетиўге жыйналысып атырғанға усайды. Тезирек Ерназарға көринип, күтетуғынын айтып қалыўы керек.

Епке келгендей сыны дүзиў кийимлерин кийди. Айнала оның көзине үйреншикли, күтә әпиўайы болып көринетуғын еди, бүгин жол бойындағы бүршиги түсип үлгермеген жыңғылларға шекем оған усынылып турған буўат-буўат гүл болып, Ерназардың аўылына бас ийип узатты. Самал желбиретип гә қулағын, гә аўзын басқан тулымшақлары менен ойнап, дийдиленген үйине жетип те қалды. Кириўге келгенде енсесинен нәмәлим бир салмақ басып, есик алдында гилт тоқтады. Иштен сөйлесик еситилди:

— Епе, мен балана Хийўадан хан зергери соққан билезик, жүзик әкел дедим.

— Әкелер, шырағым. Қараша ханның тусында, қатын ердиң тусында дейди. Әкелер, бахытлы келиншексең.

— Ене, ырасында да мен сизиң үйге бахыт болып келдимгой-ә?
— Аўа, шырағым.

Гүлзийба ғырра изине айланып кетпекши болып турды да, ишген биреўдиң шығып, «тың-тыңлаған кимсең?» деўинен қорқып тәўекел, жез шиў есикти көтерди.

Ана табақ жуўып, қасында бес алты жасар ақлығы Хожаназар қызыл нағыслы зереннен қатық ишип отыр еди. Албырағанынан төрде бөпесин емизип терис қарап жатырған Рабийбини аңғармай тек ананың қолынан алды. Қумар аналық Гүлзийбаны бурыннан таныйтуғын еди, оның сынын дүзеп, орасан сулыў қыз болғанын көрип, түргеле сала оған төсек салды. Қыз бундай ҳүрмет болады деп ойламаған еди, қысына-қымтырыла төсектиң шетине дизесин басып, аманат ғана отырғаннан кейин, терис қарап бир шығанақлаған ҳалында жатырған Рабийбини енди аңғарып, ишинен қуўанды. «Палкер дурыс айтыпты, аўырыў екен!» деген қыялын еситтирип қойыўдан қорқып, қан қызыл ернин қымды. Ана қызының қысыныспаға түскенин сезди:

— Еркин отырабер, қызым, ҳәзир шай қайнатаман.

Рабийби басын бурды.

Келиниң жиңишкелиги, бет-әлпетиниң сүўен жақлылығы, жүзиниң қаймағы алынған сүттей жуқалығы, мүшелериниң илаңазиклиги менен сулыў көринетуғын келиншек, бир қапталдағы төсекте таўыстай болып отырған Гүлзийбаның толық денелилиги, дөңгелек айға тақәббил бет алмасының қаймағы алынбаған сүттей ақлығы менен оғыры гөззал көринип отырғанын жақтырмай, мурнын гиржийтти.

— Ҳой қыз, ном-ноҳон кемпирге шай қайнаттырғанша, өзиң қайнатып ишсең!

Гүлзийба үнсиз түргелип даладан бир дөсте отынды сулыўлап пуштарлап әкелди.

От мазлап жанған гезде Моўлен сары кирди. Оның шырайында әлле нәрсеге тәшўиш изи бар еди. Ана бир нәрсе деўин күтип бетине телмирди.

— Женге,—деди ол отырып үлгермей-ақ, —Билесиз, мен бир сумлық қылла алмайтуғын жигитпен. Бирақ, бир жаман хабар айтыўға ҳәм өтинип қылыўға келдим.

— Жаман хабарды бөлисермиз, өтинишиңди орынлармыз.

— Асқар бий ҳәзир Фазылға күш берип, «аға бийдиң» жигитлерин жыйнатып атыр. Естиўимше, орыс патшалығына қарсы, урысқа баратуғын қусайды. Ерназар аға бий қайда десем, Хийўаға бас ўәзир шақыртып кетти, деди. Сол ушын сизге асықтым. Орысларға қарсы урысқа барсамбекен? Бәлким, Ерназарды үлкен әскер басы қылыўға я ҳамал бериўге шақыртқан шығар. Қолына лийкин тийсе, мени бир ҳамаллы қылсын, женге.

Қумар аналық оның көзлерине қарап отырып күлди.

— Шыным, Қумар женге,—деди ол егитилип, —Ҳамал маған емес-тә, ағайинлерге керек екен. Солардың алдында абырайын

болады. «Аға бийдиң» ендиги зыяпатында дүрреши болып, Ерназардың жек көргенлерин өлгейлиден ураман.

Ана оның дүзсыз гәплеринде ашығырақ жуўап қайтармақшы еди, өзине ҳай берди. «Ҳәр нәрсениң изине бағыў керек».

— Ерназар келеберсин, көремиз.

Мәўлен сары қайта-қайта миннетдаршылық билдирип үйден шығып кетти.

Ерназар Хийўаға кеткели аўыл арасындағы шаўқымлардан хабарлы ана, әллеқандай күтилмеген ҳәдийсениң жүз беретуғынын сезип, улының тезирек қайтыўын асығыслық пенен күтип жүр еди. Мәўленниң Асқар бийдиң ҳәрекети жөниндеги хабары кеўлин қабартса да, Ерназарға Хийўа ханы ҳамал берер деп болжаўы, оның да болжаўын тастыйықлады. «Қәне, усыннан Ерназаржаным хан нәрманы менен бас бийлик алып қайтса! Бәрибир, ол ҳамалдан пайдаланып ханның емес, ата-бабаларының туўын көтерер еди...»

— Ене,—деди Рабийби оның ойларын бөлип. —Журт дурыс айтысып жүр, балаң усы сапары үлкен бий болып қайтады. Кеше суўға барғанымда Мамыт бийди көрип едим. Ол маған «күйеўиң күшке мисли түйе, әттең ақылсыз түйе, асқынлап, өзине шақ излөймен деп жүрип, басынан айрылатуғын түйе» деди, мен оған «еле көресең, сендейлерди қатарында отырғызбайтуғын ҳамал алады» дедим.

Келининиң пәмсизлигине ишки ашып, қуйқасы жуўлап кеткен ана басқа адамның көзинше сыр бермеў ушын:

— Дурыс айтыпсаң!—деди де, Гүлзийбадан қандай тәғдийир айдан келгенин сорады.

— Ана, үкем екеўимиз сизиң аўылға көшип келиўди әрман этемиз.

Ана жуўап берип үлгермей-ақ, есиктен, басынан бурын узын ақ сақалы көринип Сержанбай кирди. Көп жыллардан бери босағасын атламаған ғарры байдың бул келиси Қумар аналықты күтилмеген тәшўишке салып, орнынан ушып-ақ турды.

Қәдди-қәўмети орақтай ийилген ғарры гилең ҳаяллардың үстине киргени ушын ба, жүдә қуўнақ ҳәрекетлер менен төсекке шықты да, ҳал-жағдайдан бурын:

— Ерназар қайда?—деди.

Бул Гүлзийбаның тили ушында турған сораў еди. Байға ишиси «рахмет» айтып, Қумар аналықтың жуўабын асығып күтти.

— Хийўаға кетип еди.

— Ойласажақ исим бар еди, және бирде келеқояйын,—деп бай түргелиўге мейилленди.

— Бай қурдас, бир өтиниш айтайын ба?

— Өтинбе, буйыр!—деди бай қуўжынлап.

— Мынаў отырған қыз өзимиздиң бийбабаның атқосшысы Доспанның қызы, үкеси менен бизиң аўылға көшип кележақ.

— Түсиндим,—деди бай оған ақырын айтқызбай. —Мен бул қызды да, үкеси Теңелди де таныйман. Жақсы баллар. Мен өз

малларымды бағып, булар кисилердиң баспақларын бағып жүргенде талай көргенмен. Солайма, Гүлзийба?

— Солай, ата.

— Әне, солай болса, Қумар айтты, тамам, аўылға көшип келиўиңизге арба, өгиз түўе үйдиң қасынан қоныс-әм беремен, озса, бир саўын сыйыр-әм берип қояман.

Сержанбай бийперзент еди. Сонша мал-ҳалы турып, журт көп қатын алып атырғанда да, ең болмаса туўмаған ҳаялының устине перзент ушын деп ҳаял алыўға талапланбағаны себепли Қумар аналық оны жас балаларға меҳирли, қайырқом деп ойламаған еди, ҳәзир меҳирин көрип қуўанғанынан қайта-қайта алғыслап, бай ашып шыққан есиктен алысырақта өкирең қағып жуўырып киятырған Шоңқыны көзи шалды да, оны бийтақатлық пенен кутти: «жақсылық хабар әкиятырғанға усаған».

Шоңқы сол пәти менен келип босағаға сүрине жығылды.

— Келин, Шоңқының аўзын майға толтыр.

Ана Рабийбиниң тосаң ҳәрекетине шыдамай өзи ушып түргелип, иргедеги қарыннан бир қасық май алып Шоңқыға асатты.

Шоңқы ашкөзлик пенен майды ғылқ еттирип жутса да, ҳалықлап сөйлей алмай атыр, бирақ келбети аса қуўанышлы.

— Сөйле шырағым!

— Хан Ерназар ағаны зинданға жиберипти!

Гүлзийбаның шай ишип отырған кесеси шайнекке түсип пашақ-пашақ болды. Рабийби жаңалықты еситпей қалды ма, қыздың аңғөдеклигине көз алартты:

— Ҳәй, тәрбия көрмеген!

Қыз тек бурыштай қызарғаны болмаса, үндемеди.

Қумар аналық Шоңқының Ерназарға не ушын усыншама қарсылығының төркинине ой жеткере алмас еди, олардың балалығы бир аўылда өтти, ҳешқашан талласқанын көрген емес, ҳәтте әкелери арасында да есте қаларлық жанжеллесиў болған жоқ. Неликтен менің балам жөнидеги жаман хабарды өлгенше қуўанып келип айтады?

— Қызықсаң-аў, Шоңқы,—деди ол ишин жаныр турса да сабырлылық сақлап.—Бундай хабарды айтыў ушын қуўанып жуўырмайды-ғой.

— Қай хабарды қалай билдириўди билмесем қойтейин,—деп жымыйды Шоңқы.

Ана Гүлзийбаның еле аны ушын, көзлери аларып қалғанын көрди де, қысынбасын деген ой менен алдынан шайнек-кесениң сынығын жыйнап атырып сөйледи:

— Хан өзи менен тең, өзине бахталасларды ғана зинданға салады, Шоңқы. Ерназаржанымның ханға тең болғаны мақтаныш маған!

Ол шәйнек-кесениң сынығын далаға апаратырып, Шоңқының да ийнинен тартып әкетти.

— Енди айт!—деп ол далада Шоңқыға буйрық қылды.—Шаўқым салмай әстен сөйле, кимнен еситтиң?

— Ерназарды ертип әкеткен шабарман қайтып келди.
— Қайда ол?
— Асқар бийдің аўылында. Орыс патшалығынан болажақ шабыўылға қарсы нөкер таярлаў ушын жигитлерди жыйнатып атыр.
— Бир өзи ме?
— Хийўадан сапанат нөкерлер ертип келипти.
— Сен де оған нөкер боласаң ба?
— Билмесем.
— Шоқы, бир пәсият берейин, мудамы есиңде сақла. Батыр жығылса сүйеди, қорқақ жығылса ҳәмме басып кетеди.
— «Аға бийдің» көп жигитлери нөкер болыўға таярланып атыр.
Ана оның менен көп сөйлеспей, қорадағы яўмытыны ийеги менен пусқады.
— Мен кийингенше ертлеп бер.
— Хийўаға кетесең бе?
— Асқар бийдің аўылына.—Ол үйине кире сала қайта кийинип атырып,—Гүлзийба қызым,—деди жүдә жай парахатшылық менен,—Сержанбай ўәдесине опадар киси. Көлик менен хызметкери барғанша күт.
Гүлзийба бул үйге келгели көз алдында жүз берген ҳәр қыйлы ҳәдийселерге, ҳәр қыйлы адамларға, анаға, Рабийбиге ҳайран болыў менен уяңлаў түргелди.

* *
*

Лўылдың шаңлағына қарашор адам топланып, олардың алдында, нөкене бойлы Асқар бий бийик атының ери үстинде тикейип, қызғын сөйлеп тур:

— Биз қарақалпақлар, исламның жер бетиндеги ҳәўирли ошағы Хорезмди, уллы Хийўа ханын жаўдан қорғап қалыўымыз керек. Бул биз ушын ҳүрмет, биз ушын бейиший ис. Қимде-ким кәпирлерге қарсы урыста оқтан ушса, оған дозақ оты ҳарам, жаны жәннетте болады... Ким қәлемесе, әне анаўлардай болып байланып, Хийўа зинданына айдалады.

Қумар аналық үнсизликте олардан көзин алмай адым-адым киятыр. Бир шетте, аранға қамалған малдай бир топар адам үйирилген. Олардың көпшилиги кемпирлер, ғаррылар, арасында жигитлерде бар. Бәриниң де қоллары артына қайырылып байланған. Оларды бағып онлаған хийўалы атлы турыпты. Бул ҳәдийсе Қумар аналықты ҳәм таңландырды, ҳәм қорқытып жүрегин суўлатып атының жүўенин сәл тартыңқырап келе берди. Қызғын сөйлеген Асқар бий Қумар аналықтың арттан келип араласқанын аңғармады. Гүллән дыққатлар, көзлер тек Асқар бийде болғаны ушын басқалар да ескермеди.

— Аға бийимиз—Ерназар қайда?—деди көпшиликтен бир даўыс.

— Халайық,—деп Ерназарды әкеткен хийўалы гәпке араласты,—Уллы ханымыздың сизлерден жасыратуғын сыры жоқ. Қолдаўлы Ерназар усы урысқа барса, уллы ханымыз оған әскер басылық лаўазымын бермекши еди. Ол кесгеллем қарсы турғаны ушын аяқ қолына киеен урылып, зинданға гирипдар етилди...

«Урыс» деген сөзден-ақ басларына аўыр мусаллат түскен бай балаларының көпшилигиниң ускини қуйылып, енди урысқа бармай қалыў мүмкин емеслигин түсинип жерге қарасты.

— Уллы хан жасаўылы, Асқар бий,—деп «аға бий» жасаўылларынан бири Артық атын алдырақ айдады. —Орыс найзасына көкирек тутыўды «аға бийдиң» мәсләҳәти буйырса бир қуп еди...

Асқар бийге жақын турған Фазыл қамшысын көтерди:

— Әй, Артық қытай, аға бийдиң өзи жоқта, ҳәтте барда да буйрық беретуғын қазысы мен! Мени тыңлаңлар! Биз, аға бийшилер, ислам күшиклери, ислам дининдеги аз санлы елимизди өзге диндегилердиң қул қылыўына жол қоймаймыз. Бизиң сүйенишимиз, ғамхорымыз уллы Хийўа ханың қорғаўға бәршемиз атланамыз!

— Ерназар аға бий бул урысқа қарсы болған гой.

— Ерназар елдиң тили, гиндиги емес,—деди Фазыл пәтленип. —Оның орысларға қарсы урыстан бас тартыўы пүткил елге қаслығы, елди қуллыққа түсирейин дегени. Түсиниңлер, биз ҳәр қайсымыз өз алдымызға адамбыз. Ҳәр адам өз дининиң, өз ханының хызметкери.

Ерназар аға бийдиң ығын алып сөйлеп, оң қолы болып жүрген қазысының гәпи жыйналған «аға бийшилерди» сарсаң қылып ойланыўға мәжбүрледи. Пайыттан пайдаланып Фазыл және пәтленди:

— Елиң сүйген жигитлер ойланбасын!

Пиядалардың арасынан орта бойлы, сулыўшық жигит малақайын көтерип, қасындағы бир атлының артына секирип минди де, тышқанның қуйрығындай мүртларын бармақлары менен шыйырып турып сөйледи:

— Мен атсызбан. Асқар бий ат таўып берсе, ислам ушын урысқа барыўға таярман!

— Гам жемеңиз, ат таптырамыз! деди хийўалы.

Пиядалардың бирақында урысқа барыў ынтайы анық көринди.

Қумар аналық уллы Ерназарды аңлық қуўатлаўшыларды тапнай ҳайраны шығып тур еди, бир шеттен Зарлықтың даўысы еситилди:

— Халайық, орысларға қарсы урысқа нөкер болсақ, ақылсызлықтың, жөнсизликтиң қурбаны боламыз! «Аға бийдиң» күшин кемейтип, халық менен байланысымызды үзип аламыз.

Жыйналғанлар қыбырласып, өз-ара абыржыў пайда болды. Әўле пайытты қуры жибермей Қумар аналық сүренледи:

— Азаматлар! Балларым! Абайсызда шахмақ шаққандай ҳәммениң нәзери Қумар аналыққа аўдарылды. —Азаматлар, балларым!—деди және ол еркеклерге тән ғужыр менен. —Зар-

лықжан оғыры дурыс айтты. Халыққа баратуғын дәрўазаны жаппаңлар. Ханға хызмет еткенниң тырнағын тас жонады деген рәўят бар, абайлаңлар!

Хийўалы шабарман Асқар бийди қамшысы менен түртти:

— Байсыз ҳаял—басқарыўсыз кеме, тоқтат!

Жаңарақта сөйлеген орта бойлы пияда қайтадан жеделленип, Фазылдың атына ғарғып мингести де:

— Қумар, бийкар айтасыз,—деди ҳаплығып,—Биз билемиз, ханға хызмет еткен бийлер, әскер басылар, жасаўыллар, нөкерлер бәрҳа ҳәзликте жүрипти. Ханды көрмей, ханға хызмет ете алмай тырнағын тас жонатуғын биздей сорлы халық!

— Ҳақ гәп!—деди бирқанша даўыс.

Асқар бий дөгерегиндегилерге сыбырланды:

— Қумарды көзден ғайып қылыңлар!

Еки жигит айрылып келип, бири Қумардың атын жетелеп, екиншиси қамшылап көпшиликтен бөлип әкетти.

Аламан қыснаққа тығылған сендей соқлығысып, олай-булай абыржыды. Байлаўдағылар Қумар аналыққа ырзалық билдирип бақырысты. Оларды қоршаған Хийўалылардан төрт атлы бөлинип келип, хан жасаўылының ымы бойынша Зарлықты қамалайжақ еди, ол, тутыс бермей Қумар аналықтың изинен шаўып кетти. Генжемурат та көпшиликтен айырылып шығып еди, ярым жолға барғанда атын және изге қайырды. Оған қасақана, Асқар бийдиң алдындағы шоқтан үш атлы бөлинди де, Қумар аналыққа тез жетип, тобы менен арқадағы қазақ аўылына бет алды. Хан жасаўылы оларды қуўдырса адаўат шығатуғынын билип, жарыса қамшысын көтерди:

— Мине, алдымызда ҳақыйқый ислам нөкерлери қалды. Анаў бөлингенлерге қарамаңлар, олар сизлердиң түкиригиңиз. Уллы хан бәршеңизди сарпайлайды...

— Жигитлер!—деп Генжемурат ортаға ат айдады. —Мен Қумар аналықтың алдында өзимди көрсеткен болмайын деп сөйлемедим ҳәм оған ермедим. Лекин, ҳәзирги исимиз сатқынлық!

— Аға бий жоқта буйырыўшы мен!—деп Фазыл атын қамшылап-қамшылап алға өтти де, сол пәти менен барып Генжемуратқа еки қамшы тартты.

Генжемурат қарсыласып, қызып, бас демей, көз демей қамшы силтей баслап еди, Фазылдың тәрепдарлары оны қоршап, бири қолынан қамшысын, екиншиси атының жүўенин жулып алды.

Фазылдың жүреги ҳәўлириў менен кейин бәсип, хийўалы жасаўылдың қасына келди:

— Найсапты гүм қылмай тынбаспан!

Хийўалы қуры қалмады:

— Ойыңыз нағыз аршылдың ойы, қоллап-қуўатлаймыз.

6.

Аспан саған да толық көринбесе, оның кеңлигинен, қуяш саған да толық нур төкпесе, оның өз ўақтында шығып, батқанынан

не қайыр? Бирақ, бул жақты дүньяның барды-келдисине көнип, өлмес аўқат күн кешириўге үйренгенлер бултлы болсада төбесинде аспан барлығына, ысытпасада төбесинде қуяш барлығына шүкирлик әйлейди.

Ушы-қыйырсыз далаға үйренген саҳрайы Ерназар пүткил әлемди жапқан көк-көмбек кең аспанның қәдирин, тегис кең даланың шетиндеги қалың қамыслық үстинен лаўлаған қан-қызыл от болып шығып, ал кеште көгалай көк теңиздиң үстин гә қызылға, гә сарыға дөндирип бататуғын қуяштың қәдирин енди билип атыр.

Оның аспаны зинданның муш сыярлық ғана дөңгелек тесиги. Кең саҳрада мутқа жарқыраған қуяш биротала көриниўден қалды. Бул ҳалға гириптар болғалы неше күн, неше ҳәпте өткенин есаплаўдан да жаңылысты. Ҳешким хабарласып ҳал сорамайды, қыялына оның зинданға тасланғанын тири бенде көрмегендей, пүткил әлемде ҳәрекет тоқтап қалғандай. Өй деўге төбесинен үңилген қараўыл күнине үш мезгил нан, суў берди, намаз пайтын ескертеди.

Ерназардың жанына жеги болып турған нәрсе—зинданға түскени ямаса ҳешкимниң хабар алмағаны ғана емес, не ушын, қандай аўыр жазығы ушын сырттағы адамлар менен тиллестирмей қойылғаны. Жатып ойланады, отырып ойланады, усы ўақытқа шекемги өмир жолын көз алдына қайта-қайта елеслетеди, ҳәр бир ҳәрекетине өзинше баҳа береди, сирә бул дәрежеге сазыўар болғандай гүна ислемеген сыяқлы. Бир жола қараўылдан өтинип, не гүнасы ушын тутқын қылғанын сорап еди:

— Билмедим, мәмин,—деди ол өстен сыбырланып.—Бирақ, бул зинданның артықмашлығы, тақыйық өлимге буйырылғанлар ушын емес.

Қараўыл буннан артық тилге келмеди.

Усылайынша ызғар сорын, ҳәркыйлы қыялларға шүмип жатқан күнлериниң биринде сескеде, күтилмегенде, ол сыртқа шығарылып, қараўылханаға киргизилди. Күтип отырған түркий ахун оның сақал шашы өскенлигин, азғанлығын, қоллары кисепленгенлигин көрип, аяды ма ямаса оның еле мойымаған өткир көзлерине төтепки бере алмады ма, биринши болып сөлемлести. Ерназар оны бирден-ақ танып, қуйқасы жуўлады да, не ушын кишипейиллик етип сәлем бергенинің мәнисин түсинбей, ол иўеги менен нусқаған орында, арқасын ызғардан ұныраўға қарағаң дийўалға бере отырды.

— Хо-о-ош, Ерназар, бунша азап шеккендей не гүнаң болды?

Түркий ахунның биле тура не ушын сорағанына Ерназардың гыжырданы қайнап, көзлериниң қарашығы шатнасада парасат тутты.

— Билмедим.

— Есинде ме, мен сениң түсиңди жорығанман. Енди билсем түсинде жалаңаш жүреберетуғыныңның және бир мәниси—өзиң басқарған «аға бий» жигитлери алдында усы масқарашылығың

екен. Оннан тысқары көзлериңди айтпаппан. Құдайтала үлкен көз бергени, оған ылайық жас бергени. Алдын алмасаң, бәрҳә жылаў менен өтесең. Инан, анаңның-әм көзлери үлкен, сол ушын да жесир.

— Құдай пешанаға не жазса, сол болса мейли, лекин, жыпылғанды тебиў, сиздей уламаға мүнәсип ис емес.

— Ақыллысаң. Аммо, ўақтынан бурын пискен қаўынды ийт жеп кететуғынын ескермегенсең.

Оның тереңирекке үңилип, сөйлесиў иштейин байқап Ерназар басын көтерди:

— Сиз нени нәзерде тутып отырсыз?

— Шәрип молланы. Исламның күшин бийкарлап араб тилине неге қарсы болдыңыз?

— Сиз ана тилиңизге бийҳүрмет көринесиз.

Ахун жорта күлмекши еди, келистире алмай сәл қәҳәрленди.

— Көп сөз қолыңдағы кисенге гилт болмайды, гилтти соғыўға кирисейик. Сен қайдан тәлим алып, қайда оқыдың?

— Анамнан тәлим алдым, анама оқыдым.

— «Аға бийди» қайта жаңартыўды ким кеңес етти?

— Анам.

— Қандай бесикте кәмалға келдиң?

— Анам салған бесикте кәмалға келдим. Лекин, мен туўылғанда өзбек те, қазақ та, түркмен де, орыс та бесик әкелген. Анам бәрине де жаўырнымды тийгизген.

— Орысларға қарсы қол көтермеўди ким үйретти?

— Анам.

— Соншә өжет көринесең. Тап усы минезиң ушын басыңа тас жаўса, қайдан күш аласаң?

— Анамнан.

Ахунның жығырданы қайнаса да өзин мәжбүрлеп күлди:

— Тотыдай «анамнан, анамнан» дегеннен басқаны билмейсең, Тыңла, саған бир парызлы ис айтайын. Сен тақылеттеги бир жигит жесир анасын күтә ҳүрметлейди екен. Бир күни барлық ҳүрметин аз көрип, анасын Мәккеге әкетиўди ойлапты да, төрт аяқлы көликке мингизиўди-әм минәсип көрмей, мойнына отырғызып, жолға раўана болыпты. Алдынан бир шайық шығып «жигит қайда жол алдың» депти. Жигит анасын Мәккеге алып баратырғанын айтыпты. Сонда шайық «Ҳәй амый бенде, ананды Мәккеге апарғанша бир ғарры таўып берсең болады ғой» деген екен, сонда баласының мойнында отырған анасы «өйбей, айтөс шайқым, бул жүўершемек соны билмей жандырды ғой» депти. Сен де анаңа бир ғарры таўып некелеттиргенинде, сени бүйтип дарғазап жолға салатуғын тәрбия бермес еди.

Ерназар жемтик көрген аш қасқырдай бирден көтерилип, ахунды оңмеши менен басып жеңшип таслайжақ болып умтылып еди, аяқ-қолларындағы кисен сыңғырлап қысып, табжылтпағанына тислерин ғышырлатты, ғышырлатты.

— Өзиңди бас,—деди енди ахун суўыққанлылық пенен.—Уллы

ханымыз қулағы кесик ийттиң үргенин қызық көреди. Сол үшын сениң де қулағыңды кестирмекши еди, мен сақлап қалдым.

— Сулайман патша қусларға салық салғанда, жарғанат салықтан қалыў ушын бирде шымшық, бирде тышқан болып есаптан өткенбиш. Сизде жарғанатқа туўысқанлық бар шамасы.

— Аўзың жыланның қордасы екенин сезсем де, қызыў маған минәсип емес. Себеби, сен мусылмансан. Мусылман кешлеў түсинсе де болды. Қарақалпақта «атқа минген соң өзиңди, түскен соң атыңды ойла» деген даналық бар. Көрип турман, сен ананың ақылын ат қылын минер екенсең, сондада оған ғамхорлығың сезилмейди? Анаң ҳәзир Хийўада. Бир-бириңизге дийдар несиплиги екеўиңиздиң сөйлесиўиңизден ғәрезли. Аммо, билип қой, пил босаның биреўдиң атызын ойранласа, оған пил емес, ийеси айыпкер болады. Сениң ислериң ушын енди анаң тутылады.

Ерназар түркий ахунның көз-қарасынан, сөйлесиўлеринен оның аўзеле ғәп пенен женшип, соң билгенин ислеўге талапланатуғын әдетин түсинди. Қызбады.

— Менен не билмекшисиз, не буйырып, не ислетпекшисиз, соны айтыңыз?

— Сен орыслардың тәрепин тутпақшы екенсең?

— Ханымыздың өзи-әм ҳасында бир орыстан тәрбия алған.

— Бул оның душпанды өзиниң жарағы менен урыў ушын тәсили.

— Қысқасы мен орысларға қарсы қылыш көтермеймен. Себеби орысларға дослық ата-бабамыздың жолы.

— Егер орыслар Хийўаны басып алып, халқыңды қыйнаса ше?

— Ҳәзирше ондай болған жоқ.

— Егер анаң келип орысларға қарсы атланысқа бар десе ше?

— Бараман.

— Онда ата бабаларыңның жолы қайда қалады?

— Анам ата-бабалардың жолына садық.

— Өйтип көкке көтергендей анаң ким өзи?

— Айтқанман, анам бәри! Анам халқым!

— Сен еркек емессең! —деди ашыўлы ахуй қолын бир сермеп. Мейли, адамгершилик мениң мойнымда қалсын. Уллы ханға айтып, аның менен тиллестиремен. Билип қой, оннан аржағы өлим.

Ерназар анасын көргенде, оның көўлин бузбаў ушын өзин бекkем тутып, қолымсыншыс күлип ушыраспақшы еди. Зинданға жаңа буйығын бираўырған ғәзде анасының тас төбеден «Ерназаржан!» дегенин есткенде, бәрин умытып, баладай «апа-ай!!» дегенин билмей-ақ қалды. Сыртқа шығарыламан дегенше өзин бийлей үлгерди. Анасы ҳорқанағысынша күшли, ҳүрейи басым ана қолын сақлап, көзлерине жас алыў былай турсын, ҳәтте муңаймады.

Бақлаўшы қараўыллар ана менен улының зиндан басында емес, қудық басында ғәзлескендей, күтә жай-парахат көрискенине, ҳеш бириниң көз жас төкпегенине ҳайран қалысты. Ана улының сораўларын күтпей аўылынан, дос-яранларынан, перзентлери-

нен, келиншеги Рабийбиден сәлем айтты, оның кеўлин көтериў ушын ба, ақлығы Хожекенің соңғы шығарған күлкили қылықларынан да сөйлеп берди.

Иши зәрдеге толы ананың көз жас төкпеў мақсетинде баланың күлкили қылықларынан гәп баслағанын түсинип, Ерназар анасы алдында қорқашаңғы әдетинше әңгимесине дыққат қойып баладай аўзы ашылып тынлады.

— Ерназаржан, жигиттиң гөззаллығы шыдамлылығында,—деп ана улының өсик шашлы басын сыйпалады ҳәм дизесине жатқарды да мойнын, шашларының арасын қасый баслады.

Зиндан басында ушырасқанлардың тек жыласыўына көзи үйренип қалған қос қараўыл олардың мәртлигине ҳайранлықта отыра берипти, бирден жанланды:

— Ҳәй, муддетиңиз питти!

Қумар аналық қойнынан бир түйиншик шығарып улына услатты.

— Мынада теңге бар. Ерназаржан. Зарлық пенен арқадағы қазақ аўылға барып едим, жигитлери усыны жыйнап берди. «Заманымыз зиндан заманы болып баратыр. Хийўадағы зиндан қараўыллары менен танысып қойған-әм шеп емес, буны Ерназарға апарсаң, бир илажын табар» десип қалды.

Ерназар түйиншикти ашып, ишинен төрт теңге алды да, босағадағы ийтке сүйек таслағандай қылып телмирискен қараўыллардың алдына зынды:

— Алыңлар!?

Қараўыллар екеў болғанына пәнт жеп, мисли аш ийтлердей бир-бирине гижиниссе, теңгелерди тарпа басып, ҳәккедей жән-жағына қарасты да, қалталарына емес, қонышларына тықты.

— Тез тарқаңлар,—деди бәдайбат қустумсықлы. —Бизлердиңәм үстимизде адам бар.

— Мә, олардың пайы,—деп Ерназар және төрт теңге таслады. Қараўыллар суў уртлағандай болды.

— Ерназаржан,—деди ана енди бираз жай-парахатланып,—жығылсаң бийиктен жығыл, дейди бабалар. Сени зинданға буйырған ханның тәңҳә өзи екен. Бул-әм бахыт! Тәңҳә ханның душпаны болыў ҳәр бенденің қолынан келмейди. Анаў-мынаў нәмәнтай бийлерди ханның шабарманлары-ақ гүм қылып кете береди. Саған жасаўыл жиберип айдатыў орнына, алдап шақыртқанының өзи сеннен ханның қорыққаны, балам. Ендиги тәғдийриң тек ханның қолында, бул саған көп нәрсе жүклейди.

— Саған ыразыман, апа.

— Ҳәр ана тек мәрт улына, халық сүйген улына ырза болады. Есиңде болсын, Ерназаржан, халқы сүйгенди әлем сүйеди.

— Апа, ханды көрдиң бе?

— Сен ше?

— Еле көргеним жоқ.

Қумар аналық селк-селк күлди.

— Әне қызық. Еле душпанынды көрмегенсен. Бул ханның са-

ған бетлесиўге шыдамағаны. Ерназаржан, мен ханды пүткиллей басқаша сыпатта көз алдыма келтиретуғын едим. Қуўыршақтай кийинип, қолына тутқан айбалтасын ара-тура төбесинен айландырып айбат көрсетип отырады екен. Маған «Ҳәй қатын, балаң Хийўаға кирген жерде бир ақмақ қулдың өз хожасына өшесип, жаныққаслық пенен өлгенин көрипти. Ол өйтип өлмесин. Хорезмнайда келтирип өлсе, бейиший болады, сол ушын орыс ләшкерине қарсы урысқа барсын» деди.

— Болғаны ма?

— Болғаны. Оннан кейин бас ўәзир менен бир түркий ахун мени ортаға алып, «баланды көндир, егерде усы сапары орысларға қарсы урысқа қатнасса, өле-өлгениңше ҳүрметте боласаң», деди. «Жеңемиз», деди.

— Сен не дедин?

— Мен баламды сизлердиң урысыңыз ушын туўмадым, лекин, тиллестирсеңиз өтинишлериңизди жеткеремен, ол ержеткен адам, кеўли нени қәлесе қарсы болмайман дедим.

— Дурыс айтыпсаң, апа, «Аға бийшилерден» нөкерликке қосылғанлары көп пе?

— Ҳәр адамның досты көп болыўы ушын алды менен оның өзи дос бола билиўи керек. Сениң басқаларға өламата дос бола билмегениң сезилди.

Ерназар басын төмен алды.

— Бул да өмирдиң бир сабағы балам,—деп ана Ерназардың маңлайынан көтерди. —Төмен қарама, ҳеш қашан төмен қарама!

Қарағўыллар жоқ жайланып, үсти-үстине қыстастырды. Ерназар олардың бет-олпетинен элле кимнен үркип турғанын сезди де, түргелиўге ыңғайласын, түйиншикте қалған теңгени қайта түйип анасының қалтасына тықты.

— Маған керек емес ана. Егер иўыстыра алсаң кимге жәрдем бериўди айтайын ба?

— Айт.

— Айдос бабаға атқосшы болған Досханның жетимлерине жәрдем ет. Аты Онсана Маман биў олардың бабасы Аманлықты атқосшысы қылған ҳәм халқым деген. Олар тарықса халық тарыққаны.

Ана уллының қарангы зинданда жатып-ақ кисилерге жақсылық ойлаў менен келешектен гүдер үзбегенине қуўанды.

— Олар аўылға көшип-ақ келди.

— Қалай?

— Гүлзийба өтинип еди. Сержанбайға айтып арба әпердим.

Ерназар қуўанышпа ба, қорқыныштан ба, айтарға сөз таппады.

Ана түргелди:

— Хош, шырағым, өкпеңили өтмишиңди емес, гиршиксиз ертеңиңди, өмириңде гезлескен жақсы адамларды еслеп жат.

Түркий ахун жасырынып келип, олардың соңғы сөзлерин тыңлап үлгерген еди. Қумар аналықтың алдынан кеселеп шықты.

— Сизди көрип мениң бир нәрсеге көзим жетти. Ғар қатын ақылгөй болса, нйнесин-әм садақтын оғына айналдырады.

— Тфиў, жүзи қара,—деди де, Қумар аналық ҳешжерге қайрылмай дәрўазадан шығып, сол үнсизлиги менен шарбаққа келди-де, асығыс атланды.

Әмиўдәрьядан өткен жерде бир дүркин бенде айдап киятырған Хийўалыларды көрип, жолдың шетине шықты. Бенделер арасынан әллеким сөйленди:

— Қумар, биз Ерназардың тәрептарымыз, өлсекте, орысларға қарсы урыспаймыз!

— Рахмет, халқым! —деп Қумар аналық аўзын жыйғанша болмай-ақ изиректе. Асқар бий менен Хийўа жасаўылы баслаған еки жүздей атлы нөкерди көрип жүреги суў етти: «Ақыллы басқа ақыллы қоллар табылыўы қыйын болғаны менен ақылсыз бастың ақылсыз қоллары бәрҳә тайын екен.Ғарғыс урғанлар, демде-ақ бас қосып үлгерипти-ә».

Асқар бий алыстан даўыслады:

— Ерназар саў-саламат па?

Ана оның алдына шығып Ерназарды босатыў жөнинде ханға өтиниш қылыўын соранбақшы болып турды да, өзине ҳай берип «хан буйрығы менен орысларға қарсы қан төгиспеге атланғанларға Ерназаржанның өлими бахыт көринер» деди ишинен ҳәм Асқар бийди еситпегенсип, оның изиндеги жигитлерди танымағансып, жаўлығының шетин тислеўи менен өтип кетти. Гешжемурат жолдасларынан бөлинип ананың изине шаўып жетти де:

— Ана, Ерназарға дослығымды ислеримниң жуўмағы менен көрсетемен,—деп изине қайтты.

Қумар аналық оған жуўап бермеди.

Ол аўылға жеткен жерде тикке үйине бармай, алды менен улының тапсырмасын бәржай қылыў ушын Сержанбайдың үйине қарай қайрылды.

Сержанбайды пүткил аўыл күтә тымырық, ақыл ийеси деп түсинетуғын еди. Сырттан қарағанда оның өзин тутыўы солай. Биреў тикке келип бир нәрсе демесе, өзиниң ҳешким менен иси жоқ. Аўылда биреў балалы болса да, биреўдиң баласы өлседе ханпәтир. Аштың да, тоқтың да тәғдийрине араласпайды. Бирақ пайдасына мүстәқ. Хийўадан салықшы келсе, оны аўылының бийи менен қосып үйинде бир рет тамақ береди, изинен басқалар усап салығымды азайт деп қәтере қылмайды, белгиленген салықты ыс-жыңсыз төлеп жибереди. Есигине киси жумсаў-әм үрдис емес. Илгерирек жыллары бир йошланып, көшеде сандалып жүретуғын көп жетимниң арасынан онлаған жасар Рузмат деген баланы таңлап үйине әкелип еди. Ҳәзирги дийханы да, отыншысы да сол. Рузматты асыранды бала қылайын деген нийети бар деўге ыссыда да, суўықта да аямай жумсайды. Олай уйгарыў да қыйын, ол өзин де аямайды. Күни менен өз малын өзи бағады, қораларын, төлелерин өзи тазалайды, оның көбирек исенетуғын, қасынан

қалдырмайтұғын бір жолдасы бар. Ол «Басар» атты пәһәм көнеги. Бай байтал мініп шықса, Басар мисли қулынындай ерін жүреди. Өзі де күтә қабаған. Байдың үйіне түнде түйе, күндіз адам жолатпайды. Жайлаўда өзгелердің малларын қасқыр әкетти деген хабар шықса, «Сержанбайдың Басары қасқыр алыпты» деген хабар тез-тез еситиледи. Сол қабаған Басар себепли ме ямаса ырыстан да кем сөзли тымырықлығы ушын ба, оның есигин ашып қатнас қылатұғын жийени Мәўлен сарыдан басқалар жоқтың қасында.

Сондай тымырық бай өткен сапары Ерназарды не ушын излеп келди? Бир отинишген-ақ не ушын елжиреп жетим Гүлзийбаны көширип әкелиспүге жәрдем етти?

Буның бәри анага жумбақ еди. Оның үлкен отаўы менен киши үйиниң қасында пайда болған киширек ылашықтың жақында ғана согылғанын көрип, Сержанбайға болған базы жаман көз қарасын умытыўға тырысты. «Қартайғанда кисиниң жүреги әззилейди, жумсарады...»

Басардың шабаланып шығыўынан қорқып, үйден алысырақта тоқтады.

— Хабарласқандай ким бар?

Байдың ҳаялы Улбосын шықты.

— Өзиңнен басқа ким бар?

— Ҳа, мен-әм адамман!

— Байда жумысым бар еди.

— Бай мал бағып кетти. Рузмат пишен орақта, Гүлзийба дигирманда, Төтел бузаўларды бағып жүр.

— Гүлзийбаны шақыр.

Байдың ҳаялы мойынтаўлық қылып, мурнын гиржийтип изине айланып, отаўының есигин көтерс бергенде ылашықтағы дигирман сести тынып, Гүлзийба көринди. Оны Қумар аналықтың көзи шалыўы мәттал:

— Ана!—деп жуўырып келди де, аттың алдынғы екі аяғына тусаў болып қушақлады.—Аман қайттыңыз ба? Ерназар ага саў ма?

Ана қыздың ҳәрекетине таңланып, ат үстинен басынан сыйпалады.

— Ерназар солем айтты қызым.

— Соламат болғай, ана, плайым мәңги жасағай.

Ана қалтасынан теңгелерди шығарып, қызға усынды.

— Мине, қызым, Ерназаржан берип жиберди. Үкеңе кийим-кеншек ал.

Гүлзийба теңгелерди қос қоллап алып, кең жазық маңлайына сүйкеп-сүйкеп:

— Ана,—деди ийегин көтерип, —үйиниздиң жумысына қол-қабыс қылып турсам, мәйлиме?

— Жүдә мақул, қызым. Улбосын!—деп даўыслады ана. —Гүлзийбаны ара-арасында бизиң үйге де жиберип ал.

Ана қайтыўға ыңғайласып, атының жүўенин тарта бергени:

— Ана, бир нәрсе сорасам мейлиме?—деди қыз.
— Сора.
— Келиниңиз аўырыў емес пе?
— Мен Хийўаға кеткенде саў еди...
Қыз лал болыўы менен сол көрада қалды.
Жасы отыздан асқан, оның үстине еки перзентли улы Ерназар менен мынаў жас жетим қыз арасында нендей қатнас барлығы жөнинде Қумар аналық ойлап та көрмей, өзинше гүбирлениўи менен кетти:
— Биймара халқым, қандай ғана жақсы. Жетимлерине дейин Ерназаржанымды түсинеди, жанындай көреди..

7.

Анасы менен ушырасыў—Ерназардың руўхын көтергени соншелли, қайтадан қаранғы орнына түсирилседе кеўли қабармады. «Не деген ақыллы анам бар!—деп йошлы гүбирленди. —Я өзи муңаймады, я мени мунайтпады, пүткил ел аты қарақалпақ мениң анам десе арзыйды...»
Оның кеўил йошы узаққа бармай зинданнан қайта шығарылды да, кенлеў бир өжиреге киргизилди. Ол және түркий ахун менен ушырасыўды күтип еди, олай болмады. Жанып кеткен ағаштың өзегиндей қап-қара болып кийинген бес жәллат кирди де, аяқ қолы кисенли Ерназарға айналасын көрсетпей қоршады. Ғырыстай дәпен биреўи бир қапталлап турып Ерназардың шекесине кериле бир шаппат урды. Оның аяқ-қолындағы кисенлери сыңғырлап, бир қапталына сәл аўып барып қәддин дүзеди. Урған жәллат сарайдағы ең күшли жәллат еди, бир шаппатына жағы тайып кетпейтуғын я жығылмайтуғын адамды кем көрген. Ол ҳалықланқырап турып сорады:
— Орысларға қарсы урысқа барасаңба?
— Яқ.
Жәллат екинши жолдасына ым қағып, Ерназардың екинши шекесине екеўи теңнен урды. Ерназар түби гөўленген ағаштай шайқатылып барып және тикленди.
— Ендише?
— Яқ.
Жәллатлардың бесеўи де мушларын Ерназардың көз алдына тутты:
— Сөйле!
Ерназар басын шайқады.
— Ҳәс сений!—деп гижинди бас жәллат. —Сендей қарыўлы адамнан айырылыў Хорезм ушын уят, болмаса,—Ол мушын Ерназардың еки қасының арасына тақап турды да, жолдасларына ҳәмир етти. —Қолтығынан көтерилер!
Төрт жәллат төрт тәрепине шығып, биреўи қолындағы кисеннен услап тартты, екеўи еки қапталынан сүйеп, төртиншиси ар-

қасынан ийтерип, бастырмалы қараңғы көше менен бир жайға киргизип эйнегинен сыртқа қараўды буйырды.

Ерназардың көз алды булдырап, эйнектиң аржағында дар ағашында соллеқлеп турған еки өлини көрди, екеўин де таныслларына мегзетти, бирақ айыра алмады.

— Дар енди сени күтип турыпты,—деди бас жәллат дарды нусқап. - Олар зиндандағы бир жансыз орысты қутқарыў мақсетинде еки қараўылды өлтиргени ушын асылды. .

Ерназар дардағы екеўдиң Қаратаўда Грушин менен болған жигитлер екенин енди билип, жәллатларға «ладанлар-әй» деди. Бас жәллат Ерназардың ийегинен көтерип, ала көзлерине үңилди:

— Мынаў жаўдыр көзлериң өшпестен бурын айт, яқшыма, яқпа?

Ол Ерназарды жиберип қасындағыларға көз аларта бир қарады, олар жабылып Ерназарды жән-жақлап тебиўге өтти, өзи тек төбесине ура берди.

Ерназардың мийи аўылжып, ес-түссиз қулады. Оннан соңғы жағында не қылғанын, қайда жатып, қайда турғанын, арадан неше күн өткенин билмеди. Сәл есин жыйнап жән-жағына қолын сермеп, пүткиллей басқа орында жатқанын сезди. Әлле қандай биреўге қолы тийди де, жәллатлар еле аңлып отыр, деген пом менен оны қос пәнжесине бүрип дийўалға тығып, үстине өңменин атты.

— Ерназар, абайла!

Даўыс бираз таныс түйилип ҳәлсиз бармақлары менен ириңли көзлерин уўқалап ашса да, ҳештеңени көрмеди.

— Кимсең?

— Мен Грушинмен!

— Грушин!—Ерназар ери таңланып, әри қуўанып, қәддин тикленкирей қармаланды да Грушиниң қолларын услап қысты. Ассаламу әлейкум!—Сен қашан түстиң?

Жалғызлықтан ишн түтин толы дүткеш болып жатырған Грушин ҳә дегеннен-ақ ашылысып, бул ҳалға қалайынша гирипдар болғанын баян қылды: Ол Қаратаўдан ҳасыл тас мәрмәр, әжже таўып, соларын ханға айтып, имканияты болса қалаңызды қаратаўға көшириңиз я сол тас пенен әжжени әкелдириўдиң жолын таўып қалаңызды қайта қурыўға таланланыңыз деп мәслаҳәт етиў мақсетинде киятырғанында, Хийўаға киребергенде, бес-алты атлы қамалып услантыда, урып-урып есинен тандырып, усы зинданға әкелип таслапты. Қасындағы жолдасларына не қылғанын билмейди.

— Бир жаман жери, барлық жазыў-сызыўларымды алыпты!— деди Грушин өкинйшли. —Хорезм еллери, жер-суў байлығы жөнинде, китап жазыў ушын топлап жүрген ойларым бар еди.

— Саған ханның өзи урықсат етпегенбеди?

— Бир түркий ахунды көрип едим, соннан келген бәле.

— Мүмкин.

Төбеден аўқат түсирилди. Ерназар ҳайран қалып гүбирленди:

— Бурынғы зиндада көбинесе аш қоятуғын еди, бунда... .
— Бул өлимге буйырылғанлар ушын арнаўлы зиндан.
— Сонда?
— Тамағы тоқ қамеемизлер өлимнен қорқақ келеди. Сол ушын бизлерди де семиреди, соң не буйырсақ та ләббай дейтуғын болсын, деген үмит менен тамақты мол береди.

Ерназар денесиниң сырқырап аўырғанына қарамай, мырс-мырс күлди.

— Ырастанда, оларға сениң илимиң, мениң қара күшим керек.

Екеўи де кеўилленип, иштей менен үнсиз аўқатланды.

Ыдысларды қайтарып, дем алып бираз жатқаннан кейин өзара әңгимеге киристи.

Олар Қаратаўда биринши ушырасқанында бир-бириниң өмирбаяны менен танысып үлгермеген еди, енди барлығына имканият туўды.

Грушин Ерназарға ата-анасы барлығын, әкеси қуслар бойынша алым, яғный зоология магистри екенин түсиндирди.

— Тилекке қарсы, мен әкемниң жолынан жүрмедим,—деди әңгимесин үдетип. —Буған себеп, әкемниң дослары болды. Николай Карелин деген досты да әўеле қуслардың өмирине қызығатуғын адам екен, соң басқа еллерге, олардың тарийхына қызығып Орта Азия еллеринде болған. Ҳәр келген сапары көз әйнегин сыпырып отырып усы жақлар жөнинде көп әпсаналар, әңгимелер айтатуғын еди. Оның әңгимелеринен мени көбирек жексурын Темирлəнниң Самарқанды, ислам динининң ошақлары болған Бухара ҳәм Хийўа қызықтыратуғын еди. Сөйтип жүргенде әкемниң Бичурин деген досты келип Қытайға ең жақсы жүзимниң тухымы Қоқандтан, Хорезмнен апарылғанын айтқанда, бул жақларға жəне ҳəўесим артты.

— Ол жүзим тухымлары жөнинде қайдан билген?

— Айтыўы бойынша, буннан мың ярым жылдай бурын Мухаммед пайғамбардың күйеў баласы Оспан Халифасының елшилери Қытайға барғаны айтылған бир жазыўлардан оқыпты.

— Исенемен, китап өтирик сөйлемесе керек. Ал, өзиң өзбекшени қайдан билдиң?

— Өзимше үйрендим. Қоңсы татар саўдагер бар еди, сол дилмашлыққа үйретиў ушын бир өзбек баласын Ташкенттен əкелген екен, соннан үйрендим.

Ерназар оған недерин билмей аң-таңлықта көп ўақыт үнсиз жатты.

—Енди араб тилин үйрениў ойымда бар.

— Мусылман болмақшымысаң?

Грушин күлди.

— Қызықсаң, Ерназар. Араб тилин билгенлердиң бəри мусылман бола бермейди. Араблардың арасында да динине қарсылар табылады.

Ерназарға бұндай түсінік исенімсіз түйілсе де, қарсыласудың орнына сұрауының бағытын өзгертті:

— Сен орыстың қайсысысаң?

— Костромалыман.

— Кострома майда уруларға бөлине ме?

— Бізде — орыстарда урушылық әллеқашан сап болған. Кострома мен туылған қаланың аты.

Ерназар өзінің, елінің кем білімділігін бүркегісі келгендей түрсінді:

— Бізші жақта ілімге жол жоқ.

Грушин үндемеді.

— Ерназар,—деді әлленемірде ол қайтадан жанданып,— Кеулине келмесе, көкейімде пайда болған бір болжауымды айтқым келеді.

— Көкейіндегі айтылса, еки жаққада жеңіл.

— Білесең бе, мен сені бірінші көргенде-ақ, қазір де түрі-түсіңнен, өзіңді тұтыу қәбиілетеріңнен, сүйек құрылысыңнан әллеқандай бір қызық қәдійсе байқағандаймын. Шын кеулім сізлерде—қарақалпақларда Орта Азияның басқа халықларына қарағанда айырма бар сыяқлы, ашығырағы, сізлерде бізге теклес славян қаны бар сыяқлы.

Ерназар оның болжауларын бір жағынан марапат тутса, екінші жағынан, қоңсылас, бір түбірлес түркий тілде сөйлейтуғын халықлардан айырғанына иші ашыңқырағанын бүркеу ушын мыйық тартты.

— Сенің өзіме жақыплатқаным намысыңа тийди ме?—деді Грушин оның қыялын угып. —Мен буның менен қарақалпақ халқы славяндардан айнығаң бір тийре деуден аулақпан. Бул белги—бабаларымыздың әзелден бір жага бойлы болып, бір дәрьядан суу ишіп, бір қуянтан пәр алғаның, не жайсаң мүшкилдерді бастан тең кешіріп, доўірдің ашығы-дүшпісын бір татысқаның дәреги болса керек. Кешіңдеме, Қаратаўда сөйлескенимиз. Бір гезде қарақалпақлар орыслардың шығыс шегарасын жаўдан қорғаған.

Ерназар әңгімеңи үзіп алмаў ушын, қазіргі ўақыттағы орыслардың ілім-ұлкмети жөнінде сұрау берді.

— Соңғы жыллардағы белгили жаңалық—арбаны ат я өгіз бенен емес, пуўдың күши менен жүргизіўдің әдиси табылды.

— Неўўе?!! Арба атсыз, өгізсіз жүре ме сонда?

— Гәптің өзи сонда-дә,—деді Грушин.—Ертеректе Ползунов деген киси арбаны суўдың күши менен жүргизіўдің әдисин ислеп шыққан еди. Қазір Черепанов деген ағайинли кисилер пуўдың күши менен жүретуғын арба шығарды: арбасы 900 батпан жүк пенен жылысып кетеберди.—Ерназардың үлкен көзлери аларып, кеўли ярый бермей қайранлықта отырғанын байқап, бойын тикленкиреди. —Аўа, Ерназар, инанабер. Ол арба өгізсіз, атсыз саатына онбес-оналты шақырымға жылысады.

Ерназарға саат деген сөз де жаңалық еди. Грушин оның ўақыт өлшейтуғын әсбап екенин, орыс патшалығында қандай саатлар соғылып атырғанын да түсиндирди.

— Зинданнан шыққан соң саған еки-үш бала ертип жиберсем орысша оқыўға киргиздирип, өзиң айтқан тилсимлерди үйреттиресең бе?

— Өзиңе ыңтамлы балалар оқытсаң, елиң пүткил Азияның зияратханасына айналады.

— Егер мениң елим пүткил Азияның зияратханасына айналағуғын болса, оларды өзим баслап бараман.

Грушин оның бул тилегин иске асырыў ушын Москвада, Петербургта көп алымлар менен таныстырыўға да ўәде етти. Грушиниң әңгимелери ертекке усап кетсе де өзи менен қаттылыққа көнип жатырған адамның өтирик сөйлеўге бейим емеслигине исенип, оның жаңалықларына қызыққан үстине қызықты. Орыс патшалары, батырлары жөнинде сораўлар изинен сораўларды жаңбырдай жаўдырды.

Орыслардың сонша көп ҳәм кәрамат күшке ийе халық екенине қарамастан, оның жекке адамлары ҳәм базы әскер басылары жөнинде Грушин әңгиме басласа, Ерназарға мисли бир қарақалпақ адамы ҳаққында айтып атырғандай, тәғдийирлерине қызығып тыңлайды...

Зиндан қараўыллары күнине үш мезгил аўқат бергени болмаса, олар менен иси жоқ. Булар да сыртта басқа дүнья барын умытқандай ҳеш тема сорамайды.

Грушин Александр Невский ҳаққында узақ сөйлеп, оның не ушын Невский атанғанының мәнисин ҳәм ақлығы Иван Калита жөнинде бираз әңгимелер айтты. Күн артынан күнлер өтеберди. Петр I, Суворов менен Кутузов, Пугачев менен Иван Болотников ҳаққында көп-көп гүрриңлесиўлер болды.

Қараңғыда жанған шыра қуяштың орнына жүреди. Өз халқының тарийхын жақсы билетуғын Грушинниң әңгимелери оған әне усындай бир шыра сыяқланып, қайсы орыс патшасы ямаса әскер басысы ҳаққында, болмаса халықты жәмлеп патшаға қарсы көтерилис шығарғанлар ҳаққында әңгиме айтылса Ерназар олардың ҳәр бирин өз халқының өтмиштеги атақлы адамлары менен салыстырыўға тырысады. Аты әпсана Маман бийдиң ислеринде де Петр I ниң көп ислерин көрди. Буны Грушин де мақуллады.

Ўақыт өткен сайын олардың әңгимелери де жалықтырарлық дәрежеге жетип, күни менен үнсиз де жатады.

— Грушин, мениң жасымдағы адамды он алты жасар қыз жақсы көриўи мүмкин бе?—деди бир күни.

— Мен үйленбегенмен, сол ушын дурыс жуўап айтыўым қыйын.

Ҳәр күни әңгимелердиң қызықлы түрлери табылса да, Ерназар Хийўаға айдалып киятырғанында өлип атырған қулды көр-

генин умытқан еди, бир пайытында соны еслеп, сол қул өзин-өзи өлтиргенине қалай қарайтуғынын сорады.

— Егер ол, қумырсқалар бириксе арысланды өлтиретуғынына ой жибергенде, өзин-өзи өлтириўдиң ақылсызлық екенин уғар еди.

— Бул заманда қулларды дурыс ҳәрекетке келтиретуғын ақыллы бас табылыўы да қыйын. Грушин, сен айтқан илим-ҳикметке ким гүзар жол ашыўы мүмкин?

— Патшалар, ханлар ақыллы болыўы тийис.

— Ҳәзир ондай патша, ондай хан қайерде бар?

— Әлемди өңшең жаманлықтың, әдилсизликтиң кири басып тур, Ерназар. Сол ушын да пүткил дүнья, әдил патша менен хан излеп қозғалысқа түсип атыр. Күн батыстың көп-көп мәмлекетлеринде көтерилислер, төңкерислер бар.

Ерназар үнсиз ойға шүмди: «Кир басқан бул әлемде биз қайда барамыз? Я бирлигимиз болмаса, я бәршеге гәпин тыңлатқандай ағамыз болмаса, я әлемге жайылған илим-ҳикметимиз болмаса... Оның үстине кимниң өзгеге айтар арзы болса, ол өзинен өзиниң арзын тыңлай алмайды... Хийўа ханы да, Бухара ҳәмири де арзы тыңлап, өзгеге қол жаба алмайды, өзлериниң ҳалы қудай менен. Гә орыслардың, гә инглислердиң, гә Иран менен Түркия алдында жорғалаған қоян. Бизлер сыяқлы аз санлы өззи халыққа басқа патшалыққа арзы етпей күш ететуғын патшалық ғана жәрдем ете алады. Ол тек орыс патшалығы. Достың болыўы ушын алды менен өзиң дос бола билиўиң керек. Аты әпсана Маман бий дәўиринен бери я биз дос бола билмегенбиз, я орыс патшасы достлықты бәржай келтире алмаған... Усыннан зинданнан шықсам, орыс елине Бердақ пенен Тепелди өзим әкетемен. Патшаға барамын. Биз өзелден досыз. Аты әпсана Маман бийге берген «Уллы умит қағазы» ның түп нусқасын таўып бериўди өтинемен...» Усы ойлары оны қапасына сыйдырмай, зиндаңнан ҳәзир-ақ шығып кеткиси келди. Қараўыллардың бири тесиктен басын суғып тургының көзи шалып:

— Ҳәй ақыллы қараўыл!—деди жүдә қуўанышлы даўыс пенен. — Бизди керек қылыўшылар жоқпа?

— Тирилгиниз, тек түркий ахунга керек қусайды,—деди ол басын пикирлерек суғып. — Ара-тура сол сорайды. Ал изимизден келип жүрген жаныпырларыңыз жөнинде ҳеш нәрсе билмеймен. Булқорага ҳеш ким кирип шықпайды. Үстимизден және қараўыллар бар. Бир жағалық ҳәзир бирлик зиндан адамға толы. Зиндаңнан қорықпайтуғынлардың барлығы урысқа кетти.

— Қандай урыс? — деди Ерназар.

— Орысларға қарсы. Орынборлық генерал-губернаторы менен урыс.

Қараўыл буннан артық сөзге келмей, басын тартып алды да, ушы найзалы балтасын көкирегине басып қушақлаўы менен ағаштай қатты.

— Әне, соңғы ақмақлық,—деп Грушин жүдә аўыр гүрсинди.— Бизиң төрелеримиздиң-әм қудай сүйер қылығы жоқ. Патшамыз

да ақмақ. Болмаса усындай урыстың не кереги бар? Тек илим-ҳикметке жол ашып отыра берсин.

Ерназар үндемеди.

Зинданда түбинде умытылғандай екеуи де сөйлемей, бул урыста ким жеңетуғынын гөп қылып та тарыспады, бирақ екеуинде де әлле қандай үмит ушқынлаған сыяқлы еди, ҳәр қайсысы өз ойын ишинде сақлаў менен, әңгимениң бағытын өзлери билген соңғы жаңалықларға, ҳәр елдиң бала оқытыўлары менен үрп-әдетлерине аўдарды...

Және бир күни қараўыл олардың сораўысыз-ақ күтилмеген хабар айтты:

— Бенделер! Урыс тамам! Хан ләшкери келди, жеңис пенен келди! Орыслардан көп бенде түсирипти!

Жаңалық олардың төбесинен тасланған аўыр мусаллат тасына айналды. Қәйткен менен де, бул мусаллат тасын екеуи де зыянсыз көтериўге тырысып бақты.

— Усы зинданнан шығып, елиме өз алдына ханлық алсам Қаратаўдан қала салдырар едим,—деди Ерназар.

— Мен бас қурылысшың болар едим. Сөйтип Қаратаўдың бийик шоққысына пүткил Хорезмниң ҳаўа райын алдын ала билетуғын әсбап қурар едим.

— Мениң анам ҳақ кеўилден тилеген тилек қабыл болады дер еди, иншалла мақсетке жетермиз.

Группа үнсиз ғана мыйығынан күлди...

8.

Көптен бери үскини қуйылып, жабатуғын бултай түнерген Хийўа қаласы бирден ашылысып, көшелерге жан енди. Ҳәтте зинданда гириптар болғанлардың көбиси азат етилип, айналаға байрам кейпи кирди. Бүгингидей шаўқымлы салтанатты Хийўа ҳешбир наўрыз байрамында басынан кеширмеген сыяқлы. Адамлар ең жақсы липасларын кийип, көшелерди толтырып, кеўилли сейил қылып жүр. Сөйлескенлердиң даўыслары бәлент, биреўден-биреў шадлырақ көриниўге тырысады. Саўдагерлер тусынан өткенлерди иркип, сатыўға жайылған затларына қоса Хийўа ханын, оның жаўынгер ләшкерин бир заман мақтайды. Алыўшылардың қалталары алтынға толы тәризли қымбатшылыққа итибарсыз. Жуўылған кийимлер де, қолдан ҳәрқыйлы бояў араластырылып тоқылған бөз де — услағандики. Әлле қандай байлық, бардамлылық, ўақты хошлық. Дийўаналар да, тиленшилер де кеўилли. Қуўырдақханалардың алдында шоқланысып туратуғын жетимлер бир-бири менен секирип ойнасып қуўырдақшылар таслаған күйик кеспелерге тойынып, аўызлары қап-қара күйе болып жүрипти. Сықмар байларда-әм реҳим оянып, қол жайған соқырлардың тусларында қалталарын тинтинип, ҳәтте асық табылса да берип кетип атыр.

Саўда дәлдалшыларының аўзынан шығатуғыны бир қыйлы сөзлер.

«—Уллы Хорезмниң шан-шәўкети ушын...», «Уллы ханымыздың мәртебеси ушын...» «Уллы Хорезм ләшкериниң күш-қуўаты ушын», «мусылманлар көбейиўи ушын...»

Қаланың сыртында көп атлы нөкер асыр салып ойын қурып жүрипти.

Бул қуўанышларға тийкар болған ўақыя—Хийўа ләшкериниң жеңиси еди. Олар Оренбург генерал-губернаторының жол билмеўинен жақсы пайдаланды-да Устиртте аңлып жатып қырғынға ушыратты. Орыс ләшкери шегиниўге мәжбүр болды.

Әлемге күшли деп даңқы шыққан орыс ләшкериниң кишкене бир тобын жеңгени ушын-ақ, хан пүткил Хорезмде салтанатлы байрам дағазалады, байрамды наўрыз байрамына қосып өткериў ушын алыс-жуўыққа атлылар жоллады.

Бүгинги салтанаттың бәри соныки. Жән-жаққа топ-топ ылақшылар, палўанлар келип атыр. Себеп пенен саўдагерлер-әм көбейди. Афганистанлы, иранлы, ҳиндлер ҳәм түрклер қалаға әдеўир өзгерис киргизди. Той салтанаты гүллән жерде қызғын.

Түркий ахунның «көз ашық» лығы себепли Оренбург генерал-губернаторының атланысының алдын алғанына қуўанышлы хан, тойдың сәренжамлығын бас ўәзир менен екеўине тапсырды.

Түркий ахунның ақыл-ҳуўшын ийелеген бас ўазыйпа—хан пәрманы менен белгиленген тойдың қалай өтиўи емес—Грушинди, Ерназар палўанды қашан ҳәм қәйтип жазалатыў. Ол буны биринши күни-ақ ханның есине салды.

— Ҳәзиршиниң адамлардың кейпи бузылмасын,—деди хан. — Той тарқаған соң қалай мәслеҳәт берсеңиз, солай жазалаймыз.

— Мениңше сол екеўин қаланың арқа дәрўазасына асыў керек.

— Дурыс,—деп мақуллады бас ўәзир. — Қараматлы ахунның айтыўы бойынша Хорезмниң бас жаўы сол дәрўаза тамаңнан келеди, душпанлар көрсин ҳәм күйсин.

Хан көзлерин перделеп мақуллап бас ийзеди.

Той салтанаты басланды...

Хан барлық жарыстың ишинде гүрести жақсы көрер еди, гүрес майданына қурылған шардәресине барғанынан қозғалмай, гүрести тамаша қылып отыр. Гүрестиң екинши күни ханның қабағы жабылды. Усынша даңқлы той берип, соңша салтанат қурып, орыс ләшкерин жеңгенин әлемге жәрия қылыў ушын жүдә узақ елатларға, ханлықларға хабар жиберип, қонақлар алдында Хорезмниң байлығын көрсетиў ушын ҳәмме нәрсени ағыл-тегил қылса да, меҳманларға ең атақлы билгир жигитлерден хызметке қойса да, гүрес пайытында Сарайдың қоңыраўлы палўанларынан бас байраққа илингени болмады. Қайтама, биразлар күшли қолларға төтепки береалмай, гүрес майданында жан тәслим етти. Көпшилиги майрылды.

Хан намыстан қапасына сыймай исинип, арнаўлы шардәресинен түсип, орыс лошкерине қыйрата соққы берген көп бийлер менен әскер басылар отырған топарға келди. Олардың өрре-өрре тикейип, даўыл менен қыйсайған бир қыйтақ бийдайдай жапырыла бас иргенине сыртлай мәзи-майрамлылық кейип тутқаны менен, бети қалқыңқыраған еди, ҳәмме қорқып тур. Бирақ ол бирден ишки зордесин туйдырмаўға тырысып, көзлерин күлимлете ойнақшытып борше бийлер, әскер басылар менен бирим-бирим қол алысты.

Асқар бий өзиниң қақ жыңғылдай бармақларының ханның пахтадай жумсақ бармақларына тийгенине масайрап, бирақ, оны пүткил қарақалпақ елаты көрмегенине ишинен қынжылсада, өз қолын өзи теберик қылып,хан қолына тийген бармақларынан май ағып баратырғандай аўзына алма-гезек салып, сүйди. Сорыды. Бул мәртебесине гүўа излеп, кимниң болсада қарап турғанын көриў ушын көз астынан сығаланып еди, қапталындағы хийўалы бийди көзи шалып сыбырланды:

— Қандай бахытлымыз!

— Неге?—деди ол әстен.

— Уллы ханның кәраматлы пәк қоллары биз мөминниң гүналы қолларына тийди.

— Асқынлама, қарақалпақ!—деди хийўалы бий сыбырлап. —Кәраматлы пәк қоллар көзди ашып-жумғанша геллеңди қағып түсиўи де таажип емес!

Ханға бүйтип тил тийгизетуғын хийўалы бийди көрмеген Асқар бийдиң жүреги суўлап, абайсызда биреў еңсесине қойып салғандай пәти қайтып, жым болды, сөйтсе де кеўли тоқ. «Мен бахытлыман!—деди ишинен, — бул оңбаған айта береди, шексиз бахытлыман! Ханның қолына қолын тийгизиў түўе, сарайға кире алмай неше қарақалпақ өлип кетип атыр. Мен-ше? О-о, маңлайы қара хийўалы, жөнинде тур. Мен сени ханға айтпай-ақ қояйын. Ондай қатын минезлилик менде жоқ. Билесең, ханның қолынан өлиў-әм бахыт! Илая ханның мәртебеси аса бергей».

— Қәўми-ғардашлар!—деди хан жүдә талықсып.—Орыс ләшкерин жеңип исламның, Уллы Хорезмниң даңқын көтерген сиздей мәртлерге мәңгиў шан-шарафлар болсын! Үстиңизге мәңгилик қуда нуры жаўсын! Аўмийин!

— Аўмийин, аўмийин!!!

Ҳәтте, самал да «аўмийин» деп гүўлегендей болды.

— Хорезм шуқыры әзелден ислам нуры менен суўғарылған,— деп хан гәпин даўамлады.—Ғайры динде от ҳәўири болса, исламда қуяш ҳәўири бар. От жанады, өшеди. Суў қуйсаң биротала тамам болады. Қуяш нуры пүткил әлемге жайылады, пүткил әлемди жақтыртады, керек болса пүткил әлемди өртеп-әм жибереди. Буған ийманым кәмил, иншоолла!—Хан ҳәр сөзине мәни берип аса йошлы ҳәсер менен сөйлеседе, орыс ләшкери ҳәзирше женилгени менен қай-ўақ бир ўақ күш топлап, өш алмай қоймай-

туғынын ишинен биледи. Сонлықтан ба, даўыс толқынынан әзизлиги, ертеңги исенимсизлиги байқалып тур. Ханның көлеңкесиндей ерип жүрген түркий ахун оның ишки сырын уқты да, «уллы ханымыз, өзиңизди басыңыз, батыл сөйлеңиз» дегендей шалғайынан тартып қойды. Хан өзи менен өзи болып, оған қарамай қолын қағып жиберди.

Ахун ҳәккедей жән-жағына қаранып, ханды қорғап жүрген балталы жәллатларға «бәсиң» деген ишарат билдирди.

— Қәраматлы Хорезмниң сүтинлери,—деди хан және мураҗат даўысы менен.—Сизлерден жасыратуғын сырым жоқ, барлық исим айнадай. Көрип атырсызлар, палўанларымыз абырай әпермеди. Егер усыннан бас байрақ алалмасақ уллы орыс патшалығының күшин тас-талқан қылған уллы Хорезмниң күшине басқалар исенбейди. Ойланыңлар, қарамағыңызда қандай күшли палўан болса, аты-ҳаўазасын ҳәзир-айтыңлар. Қәйерде жүрседе алдырамыз, Гүресте бас байрақ алмаў—пүткил Хорезм ушын өлим! Ертең гүрестиң соңғы күни.

Ханның өзи келип, өзи мураҗат қылыўы, тыңлаўшыларда бир қыйлы сезим оятып, ҳәрким ойланыўға мәжбүр болды.

Асқар бий желкесин қасып-қасып, бирден көпшиликти айырып алға өтти де, ханға қол қаўсырды:

— Уллы ханымыз, тойға мениң арбамды айдап келген Нурлыбек исмли бир палўаным бар. Өзиңизден пәрман болса, зинданда жатқан Ерназар исмли және бир палўанымыз бар.

— Ертеңге екеўи-әм тайын етилсин!—деди хан ойланбастан...

* *
*

... Келеси күни хан буйрығы менен палўан кийимлерин кийгизгенлердиң арасында Нурлыбек пенен Ерназар да пайда болды. Олар басқалардан өзгеше тулғалы болмағаны менен, тамашагөйлердиң дыққатынан онша шетте де емес. Ерназардың сақалмурты пардозланып, шашы алдырылып үлгерген еди. Журтшылық оның сүбе қабырғалылығына, арыслан көкиреклилигине, ҳәтте желкесинде жалы барлығына қарап пенсе де, арықлығынан қәўипленеди.

Ол зинданнан кеше шыққанға усамайды, әлле нәрсеге исенимли, кеўилли. Неликтенде Гүлзийбаның «палўаным» дегени есине түсип, алдындағы Нурлыбек пенен Гүлзийба көз алдына елеследи. Қыздың суўдан шыққандағы поррықтай ақ денеси.., Ерназардың тула бедени дир-дир етип бир силкинди.

Нурлыбек оған қарағанда анағурлым дуғыжым еди, бәршениң үмити тек сонда.

— Нурлыбек,—деп сыбырлады Ерназар.—Усыннан жеңсең, бир нәрсе айтаман. Қуўанышлы. Бахыт. Қыз.

Нурлыбек қуўжыңлап салаберди:

— Ким еди, аға?

— Аты Гүлзийба, жүдә сулыў қыз, сени сүйеди.

— Ҳа, көргенмен. Гүлзийба ушын дүньяның төрт бурышын гезсе де арзыйды.

— Илайым жыққайсаң!

— Аўмийин!

Ортаға иранлы палўан шығып, қурға жолбарыс қараслар менен назер таслап, арман-берман гезип жүрипти. Ол орта бойлыдан келген, пүткил денеси қорғасыннан қуйылғандай нық. Сарай палўанлары киби аяқ-қолларында қоңыраў тағылмаса да, булшық етлери шертилип, жүрис салтанаты менен-ақ ҳәммениң дыққатын өзине аўдарды. Жаршы оның жаўырыны жерге тиймеген палўан екенин, тойдың бастан ақырына бириншиликти алып киятырғанын дағазалады. Журттың жүреги суўлап, хорезмли палўанлар отырған тәрепке қарап еди, билегин сыбанып түргелген Нурлыбекти көрип, тек қарақалпақлар емес, пүткил хийўалылар оның тилегинде. Нурлыбектиң атын күтә суўық жәриялады. Хан өзинен сәл алысырақта отырған Асқар бийди ийеги менен нусқап қасына шақырды. Нурлыбектиң шығысы жөнинде сорап алып, басын өкинишли шайқады, бирақ пәлен-төлен демеди.

Күтә тәжирийбели иран палўаны ҳә дегеннен-ақ Нурлыбекке ҳәр қыйлы ҳийлелер қылып, оның көп гүресип жүрмеген палўан екенин сезди ме, өўелги поттегисиндей қашпай, бир пайытында мойнынан услап басын қолтығына тығып алып табжылтпай, бир майдан қысып турды да, бирден жиберди. Нурлыбек жерге сылқ етти. Ерназар Нурлыбекке не болғанын билип, жуўырып барды да, иранлыны бир түйди. Иран палўанына ғәзебети оянған тамашагөйлердиң төбелеси көтерилип кетпеўи ушын қурды бақлап турған пашшаплардан онлағаны алға өтип, төртеўи, Нурлыбектиң өли денесин көтерип ортадан экетти, қалғанлары Ерназарды қоршалап сыртқа тартты. Иран палўаны Ерназардың бир мушына исинип, аш жолбарыстай көз алартып изинен қарап тур.

— Пашшаплар, Нурлыбектиң қаны ушын, киндик қаным тамған Хорезм ушын урықсат бериңлер!—деп Ерназар жалбарынып баратыр еди, оның даўысы ханға еситилди.

— Бул ким?—деди ол танланып.

— Уллы ханымыз, зиндандағы Ерназар палўан усы болады,— деди Асқар бий.

— Өзи жүдә арық ғой, өлип қалса ҳешким күлмей ме? Устазы бармеди?

— Устазы қазақ палўаны еди.

— Көп қазақ палўанлары орыстан устаз тутатуғыны мәлим,— деди бас ўәзир.

— Мейли, өз обалы өзине,—деди хан бас ўәзирине.—Бул қурымсақ-әм әжелине асығып турған шығар, салыңлар иранлыға!

Жаршы жылдам қурды бир айналып Ерназардың атын дағазалады.

Өшигип турған иранлы аяқларын бурынғыдан да салмақлы көтерип талтаңлауы менен, жүнлес, темир түсли билеклерин сыбанып, аппақ тислерин көрсете тисленип Ерназарға қарсы жүрип етти. Ерназар оның теңейинде жүдә нәренжан еди. Нурлыбектин өлгенин көргенлер оннан сирә бийдәме.

Ерназар иранлының Нурлыбек пенен гүресинде тәсиллерин бақлап отырған еди, оған тутыў бермеди. Я аяныштан ба, я ўатанласына сүйисленшиликтен бе, тамашагөйлер толайымы менен Ерназардың тәрепинде. Оның шаққанлық етип иранлының бирнеше тарпыўынан аман шыққанына ханның дөгерегиндегилер-әм йошланып, Ерназардың жеңисине тилек тилести. Ҳәтте, ханның «бас, Ерназаржан!» дегени де еситилди.

Палўанлар теке тиресин қылып кешке шекем алысты, жығыса алмады. Ымырт жабылғанда хан жаршыларды шақыртып, гүрес және бир күн даўам ететуғынын дағазалатты.

Бул хабардан соң пүткил қала халқы гүрес майданына ығылып, тамашагөйлер түни менен тарқаспады.

Хийўада тап усы ақшамдағыдай болып «қарақалпақ» «Ерназар» сөзлери тиллерде үзликсиз көп жаңғырған емес. Үлкенниң де, кишиниң де, хийўалының да, қарақалпақтың да пүткил Хорезм шуқырынан жыйналған барлық тамашагөйлердиң тилеги Ерназардың жеңиси. Сол күнги таңнамазының азанына да Ерназардың аты қосылып айтылғандай туйылды дуйым журтқа.

Сәскеде гүрес қайтадан даўам еттирилди. Палўанлардың шаршағаны мәлим болып турса да, ҳәрекетлери жеделли. Иранлы кеше өзине исенимли еди, бүгин әдеўир-ақ басылған, ҳәтте қорқынқырап ҳәрекет етип жүрипти. Ерназар бүгин бираз өзгерген, кешегидей күйинип шырша-шырп асыла бермейди, жүдә ғайбар салмақ пенен умтылып, гейде алыстан-ақ ыңырсып жанбас урады. Ол гүңиренип жанбас урған сайын тамашагөйлер қосыла шуўласып «ҳа Ерназар, ҳа қарақалпақ» десип ыңырсыйды.

Күн түсликке тиреліген мәҳәлде екеўи-әм суўға шомылғандай болды да, көзлерине тер қуйылып, алма-гезек сүрингисиўлерге қарады. Бир ўақытта ҳешкимге елеспеген бир пайытын таўып Ерназардың «ҳаў!» деп бир ғайбарланғаны мәлтал, журт иранлының аяғы жерден көтерилип, Ерназардың қушағында баратырғанын көрди.

Ерназар сол пәти менен кем-кем екшеп иранлыны көкирегине көтерди де, ханның шардәресиниң алдына апарып шүй төбесинен таслады. Иранлы қазықтай қадалып барып қақ арқасынан түсти.

Тамашагөйлер қуўаныштан «Яша Ерназар!» десип шуў ете қалды. Биразлардың бетлерин қуўаныш көз жаслары жуўды, ҳәтте ханның да көзлеринен қуўаныш жасы мәлт етти.

Асқар бий баладай ойнақшып, ийнинен сеңсең постының шеш-

ти де, үстинен пуўы бурқыраң турған Ерназарға жапты. Ол маңлайының терин жуплес билеклери менен алма-гезек сыпырып, Асқар бийдиң тар топын ийнине илдириўи менен ханның алдына ийилди.

— Бийлик шапаны!—деп сүренледи хан.

Бас ўәзир ушып тургелди де, Ерназарға қызыл мөрели шапан әкелип жапты.

— Ҳа, палўан қарақалпақ!—деди хан Ерназардың атын умытып.—Көзлериң ала екен, саған «Алакөз палўан» деген лақап беремен. Алакөз, уллы Хийўаның даңқын көтергениң ушын бүгиннен баслап өз уруўыңа бийсең!

— Қуллық, уллы ханымыз,—деп Ерназар қол қаўсырды: — Сизден киширек бир өтинишим бар?

— Айтыңыз.

— Бийликтиң орнына мениң менен зинданда дуз дәмек болған Грушин исмли орысқа азатлық бериңиз.

Қеўли тасып турған хан ойланбастан:

— Азат етилсин!—деди.

Буйрықтың алдын алып үлгере алмай бас ўәзир менен ахун тек ерinлерин тиследи, бәри бир ахун парасат туталмады:

— Уллы ханымыз, оларды журтқа көз қылып өлтириўше?..

Тула бойын жеңис мақтанышы бийлеген хан оны еситпей «тыныш! Арман тур» деген мәнисде қол сермеди ҳәм Алакөзге берген ўәдесин шаймалай алмай ски жәлладқа ийегин көтерип, буйрықты орынлаўға ишарат билдирди.

Ортада Сержан бай пайда болып ханның алдына келип ийилип маңлайы менен үш рет жер сыйпады:

— Уллы ханымыз, уллы ханымыз, Сизиң қусни-қәўметиңизди мендей бийперзент қулыңызға дийдар несип еттирген палўан Алакөзге сизиң атыңыздан тон жабыўға ижазат бергейсиз?

Хан оның тилегин қабыл еткенин билдирип үнсиз бас ийзеди. Сержан бай еле ҳеш ийинге тартылмаған кең сеңсең постын әкелип Ерназардың ийнине жапты.

— Мине, Ерназаржан, сен ушын үш сыйырдың пулына алғанман. Зинданда жатырғанында апарып бермекши едим. Тоздырмақ несип етсин.

Путкил аўылына сықмар көринетуғын байдың сақыйлығы, бул иске гүўа бәрше қарақалпақлар менен Ерназарды да таң қалдырды.

Сержанбайдың артынан жүдә пәкизе кийинген Теңел көринди, ол жуўырып келе сала қалтасынан аққа қызыл жипектен нағыс оймланған орамал шығарып усынды.

— Ерназар аға, әжапам берип жиберди.

— Рахмет,—деди де, Ерназар оның басынан сыйпалады. Баланың Ерназарға не инам еткенин аңғармай қалған бай оны шақырып атлардың басынан шықпаўды тапсырды да, толып-тасып турған Ерназарға және бир күлип қарап қойды.

Бас ўәзир менен ахун Ерназарға кимниң не инам қылып не десип атырғаны менен иси болмай, бир-бирине көз астыларынан қарасып әлле нәрселерди ымласты.

— Уллы ханымыз,—деди бас ўәзир.—Енди пүткил Хорезм бул палўанды сиз қойған ат пенен Алакөз дейтуғыны даўсыз. Аммо, Алакөз палўан сизиң ағла ҳүрметиңизге қайшы келип, орыслар менен урысып, жеңип, салтанат қурып атырған пайтында не ушын бир орысты азат қылыўды сорады. Бәлким, ол орыста мусылманлық бир қәсийет бардур, датханаға келип тәрийплеп берсин.

— Ҳа, мейли!—деп хан түргелди.

Басқа еллерден шақыртылған ҳүрметли қонақларының ортасында тасып, салтанат пенен кетип баратырған ханның изинен қарап лалы шығып ойланып турған түркий ахунды бас ўәзир түртти.

— Меҳманлар менен қосып әкетпегенине өкпелемеңиз, екеўимиз изиректен барамыз.

— Ооо, бас ўәзир!—деди ахунның үскини қуйылып.—Өкинишли. Жансыз Грушин Хорезмниң барлық бийнөкиясын ядында билип кететуғын болды, ядында!

Бас ўәзирдиң аяқларын ат басқандай бирден сескенди.

— Уллы хан бул жағына ой жибермесе, не қыламыз?

— Уллы Хорезм ушын қашанғы мен күйип писемен?...

Қандай дәрежеде күйип-писсе де, ап-аңсат көз жас төгип сөйлесе де, ҳәккедей айналасынан көз алмайтуғын ахун адамлардан шетирек турған Шәрип молланы бир бармағы менен шақырды.

Түйениң боталағындай гәўмис Шәрип молла орақтай иймек мурнын бир тартып, селдир жийрен сақалын сыйпалаўы менен үлкен геўдесине ҳеш жараспайтуғын шақшадай басын ишке тартыңқырап, мисли қара сабақтай көзлерин қыпылықлатып-қыпылықлатып, уры тазы киби қыйнақлап қасына барды.

— Әй, молла, өгиздиң күши питкенге, өгиздиң ақылы питеди деген гәп бар қарақалпақларда. Сол Алакөз палўанға тийисли ме жоқ па?

— Баҳалы дәл келеди, ахунымыз,—деди молла.—Абайладыңыз ба. Алакөз түси суўық жыланға меңзейди. Қимде ким далада тоңып жатқан жыланды аяп жыллы жерге әкелсе ол алды менен соны шығады.

Бас ўәзир Шәрип молланың кишкене басынан тап қаларлық ақыл шыққанына таңланып, және пендей мазалы гәпи бар екен деген сораў нәзери менен телмирди.

— Бизде мынадай екі даналық бар, айтып кетейин, — деди молла.—Атқа алтын ер салсаң да сол жүриси. Шошқаның азыўын қағып, қулағын кессең де баяғы шошқа. Алакөзге бийлик түўе, алтын тахтқа отырғыз, сол өгиз Алакөз. Егер қарақалпақтан ақыллы жигит керек болса Фазылды дыққат тута билиңиз.

Тойға келген аўылласлары менен сәлемлесип болып киятырған Алакөзди молланың көзи шалып:

— Кешириңиз, уллы бас ўәзир, кәраматлы ахун,—деди де, бир қырынлаўы менен өз топарына қарай жылысты.

Ахун бас ўәзирге сыбырлады:

— Хан алдына барғанда кешеги урыста ерлик көрсеткен Фазылға бийлик сораў керек.

— Есимде.

— Ҳа, бәрекелла!—Ол Ерназардың жақынлағанын көрип бас ўәзирдиң аяқларындағы гүлмыйықлы сары геўишлерин мақтаўға өтип, даўысын көтерди. — Наятый жақсы геўишлер тапқансыз. Бундай геўишлерди уллы ханымыз еле кийген жоқ.—Ахун алақаны менен бас ўәзирдиң геўишлерин сыпырды. Ол өз нәўбетине ахунның арқасының шаңын қақты.

Ерназар ишинен: «ешек-ешекти қарызға қасыйды» деген усы дә! деп, бирақ елестирмеген болып қасына келип тур еди. Бас ўәзир бир қолы менен оның белбеўинен услады.

— Хорезмниң бахты ушын қандай күшлисиз!—Ерназардың тонының ийнинде шаң болмасада бармақлары менен шертип-шертип жиберди.—Алакөз, сиз неге сонша өжетсиз? Сол орыстан не қайыр-сақаўат табаман дейсиз?

— Егер, сизлер де Грушин менен тиллессеңиз, көз ушында жанған бир шырақ көресиз. Ооох... Пүткил Хорезм сол шыраққа бет алса еди...

— Алакөз, өте қыялпазсыз,—деди бас ўәзир жуўасып.—Жасыңызда ертек тыңламағансыз ба? Анаңызды жүдә дилўар ҳаял дейди, талай ертек айтып берген шығар. Ертеклерде көз ушындағы жақтыға бараман дегенлер тисин қайрап отырған жалмаўыз кемпирге тап бола береди.

— Алакөз, басыңызға қонған мәртебеден надурыс пайдаландыңыз,—деди ахун жүдә парасатлы кейипте. Оның бет-әпшеринен Ерназар менең бурын мәлеллескенининң ушқынын-әм табыў мүмкин емес. Керисинше қайырқомлық көринип турыпты. — Қаранғыда қалсаңда қоңсы-қобалар менен, ағайин-туўғанлар менен болыўдан артық нәрсе бар ма? Жоқ! Қоңсыны геўлемеў кереклигин, орыс тутымы бәрше мусылманлар ушын қыс екенин меннен-әм жақсы түсинесиз. Анаңыз түсинеди.

— Қыстың изинен бәрҳә бәҳәр келеди, — деди Ерназар.

Датханаға келгеннен кейин олар Ерназардың күтип отырыўын ескертседе, көп есиклердиң биреўине сүңгип кеткенинен қайтып көринбеди. Ерназар сол отырыстан аўыр жатарға шекем күтти, ҳешким хабарын алмады. Ақыры шыдамай кетиўге ыңғайланып тикейе бергени, әллеқайсы тесиктен:

— Алакөз, күтиңиз, хан келеди,—деди бир даўыс.

Ерназар қайта отырды.

Әлленемирде уйқы қыстап басын дийўалға тиреп буйығып еди, және таныс даўыс еситилди.

— Уйықламаңыз, ханның қәҳәрин келтиресиз.

Ол қәддин тиклеп және күтти.

Сирә келер хан жоқ. Сәл буйығыўға қараса болды, сол дәўыс хан аты менен және оятады. Әлөмә-жуўалық пенен таң атырды. Хан дәргахына уллы сәскеде шақыртылды.

Тахттағы хан онша қатал көринбеди, бирақ қасында қуўыршақтай болып кийинип отырған он алты—он жети жасар улының түси күтә суўық еди. Ерназар оның көз қарасынан қәўиплениңкиреп, хан тахтынан пәстеги сыпада қос ағаштай қатып тикейип турған бас ўәзир менен ахунға онша қарамастан ханға ҳәм улына қол қаўсырды.

Ҳа, Алакөз палўан, кейпиятлар қалай? Шаршамадың ба?

Ханның даўысынан кеўиллилик пенен меҳир сезип, Ерназар және ийилди.

— Қәне, Алакөз шыныңды айт,—деди хан жадыраған түс пенен.—Сен не ушын аўылыңның молласын азапладың? Мусылманлыққа қайшы келип, не ушын намаздың көп сөзлерин қарақалпақшалаўға мәжбүрледиң? Ҳақыйқатлыққа заўал жоқ, бул исиңди гүдибузардың иси деп есаплайсаң ба?

Қабыл етиўди кешеден бери кешиктириўиниң себеби, бас ўәзир менен ахуннан екени, олардың ханды қайта үгитлеп питкепин түсинди.

— Ханымыз, мениң менен сөйлесиўди минәсип көргениңиз ушын уллылығыңыз алдында миннетдарман,—деп Ерназар қос қолын көксине қойып және бас ийди.—Ҳәркимге өз уясы шеңгелден болса-әм мамық. Мәселен, сиз ушын өзбек тили, мынаў ахун ушын түркий тили, мениң достым Грушин ушын орыс тили қандай болса, қарақалпақ тили маған да сондай. Ҳешкимге сыр емес, бир ҳақыйқатлық бар. Игрий биреў өзбек тилинде сөйлесе, сиз қуўанасыз, түркий тилде сөйлесе ахун қуўанады, орыс тилинде сөйлесе Грушин қуўанады. Араблар намаз бенен өз тилин әкелгенде де әне усыны мақсет еткен болса керек, деп ойлайман. Сонда мен неге өз тилимде сөйлеўге еркизбен? Оның үстине, намаз оқып атырып не айтып атырғаныма өзим-әм түсинбеймен. Сол ушын намаздың басламасын «жүзим қублага, қуллығым қудаға» деп қарақалпақшалаттым. Мәниси түсиникли болса ҳәмме намазға умтылады деп ойлайман. Талабалардың Наўайы менен Физулийге көп қызығатуғынының да себеби бизге түсиниксиз араб я парсы тилинде жазбағаны ушын шығар деп ойлайман.

— Ладанлық!—деди ахун сол қызып.—Сиз еле мусылманлықтың шәртлерин-әм билмейсиз!

— Сиз мусылманлықтың бес шәртин айтып турсыз ба?—деди Ерназар салмақлылығын бузбай.—Тыңлаңыз. Биринши сүннет, екинши ораза тутыў, үшиншиси бес ўақлы намаз оқыў, төртиншиси малдан-бастан закат бериў, бесиншиси қудиретиңнен келсе Меккеге барып келиў. Бирақ, алтыншы шәрти барлығын сиз билмейсиз.

— Алтыншысы жоқ! Кәфир болдың, ладан!

— Алтыншысы—адамның адамға ҳүрмети!—деди Ерназар әўелги кейпинен өзгерместен.

Олардың тарысыпа еркинлик берип отырған хан жүдә парасат пенен қыймылдап гәпке араласты.

— Алакөз палўан, өжетлик, тәкәббирлик инсанның ҳәм өзине, ҳәм халқына, ҳәм әўладына зыян. Билесиз, кегей терек жүдә тәкәббир аған. Мийўе орнына бўртик салады, ишин ашсаң шыбын-ширкей шығады. Адам баласының мийўеси оның сөзи, иси. Уғыңыз, Қаратаўдың мың дана тасынан, Хийўаның бир дана жүзими абзалырақ. Сизге болған жақсы көз-қарасым өзгерместен бурын айтыңыз, меннен қандай тилегиңиз бар?

Бас ўәзир менен түркий ахунның мәсләҳәти бойынша хан Ерназардың келешекте нелерди иске асырыўды мақсет ететуғынын билиў ушын сорағанына ол ой жуўыртпай, қәдимгисинше еркин сөйледи.

— Уллы ханымыз, мениң үш тилегим бар: биринщиси—халқыма салықты азайтып бостанлық берсеңиз, екинщиси—өз алдына ханлық болыўына пәрман етсеңиз, үшинщиси—Хийўа медресесинде қарақалпақтан көп бала оқытсаңыз ямаса елге илим-ҳикмет тарататуғын медресе ашып берсеңиз.

Ханның ийинлери селкилдеп күлди.

—Алакөз, парықсыз жесең пал да зәҳәрге айланатуғынын билмейсең бе?

Ханның қандай тереңге қармақ таслағанын түсинбей, улы гәп қосты.

— Алакөз, гүлшедей мәкан жайыңыз, бир қосыўыс халқыңыз бар. Өз алдына ханлықтың не зәрүрлиги туўады? Сизге бийлик ҳамалы-әм миясар емес.

Түркий ахун масайрады. Хан биресе ахунның, биресе улының бетине сүзилип, екеўин де мақуллаған ишарат пенен бас ийзеди де:

— Алакөз палўан, ашығын айтыў керек,—деп оған мойын бурды.—Ҳаққа заўал жоқ. Аңғарасыз ба, орыс патшасы Қазақтың Киши жүзинде ханлықты неге жоқ қылды? Ҳәзир Бөкей ханлығында неге саўашлар баратыр? Булардың бәри бир патшадан басқа киши ханлықларды болдырмаўдың шарасы. Орынбордың генерал-губернаторы бизди жаўлап алғысы келгенде, бир таўда бир төбе болыўды мақсет еткени күндизги қуяштай аян. Мейли, тарийхқа көз таслайық. Темирлан бул әлемде тек Самарканд шамшырақ болып қалыўы ушын аяғы жеткен жериндеги қалаларды не ушын жер менен жексен қылды? Шын ақыл болсаңыз парқына жетерсиз, майда-майда көп жулдыздан бир қуяш артық. Талапланбаңыз.

— Сиздей ҳақ нийетли, ҳаққаный уллы ханды әлем билмеген, —деп ахун ханға қол қаўсырып ийилди.—Алакөздиң мүддәҳәсине кисиниң күлкиси қыстайды. Қарақалпаққа ханлық сорағаны—атты тағалатып атырғанын көрген қурбақаның «мени де тағала» деп табанын тутқанындай бир гәп тә.

Хан менен улының езиўинде кеўилли мыйық тартыўды байқап, бас ўәзир мырс-мырс күлди. Ахун оннан сайын мардыйып, Алакөзге үстемлилик пенен көзлерин күле шырайландыра сөйледи:

— Кишкене балаларға тән бир қәсийет, өз бойын бәрқә пәс санап, аяғының ушынан жүргенди, сөйтип күтә алысқа нәзер таслағанды жақсы көреди. Оларға үлкенлер барлық нәрсени көрип, айтпай турғандай. Мине, усы әдет Алакөзге де тән қусайды. Оның қыялына орыс патшалығында адам билмес қызық болып атырғандай. Ҳаслында ондай қызық жоқ.

Есиктеги жәллат ханға қол қаўсырып, Гераттағы инглислерден жәрдем сораўға жиберилген мәҳремниң келгенин хабарлады.

— Кирсин!

Пияздай ақ сәллеси өзине күп жарасып, көк жапырақ гүлли шапан кийген, шоқ қара сақаллы, бой-сыны да сулыў мәҳрем босағаға маңлай тийгизди.

— Уллы ханымыз, қуўантқандай хабар әкеле алмағаным ушын бир қасық қанымды кешиңиз. Инглислер жәрдем бере алмады...

— Неге?

— Шамалаўымша, олар орыс ләшкерлериниң күшинен қорқады,—деди мәҳрем басын көтермей.—Абырайлырақ бир әскер басысының «Шөлистандағы кишкене Хийўа ханлығы ушын жылан орыслардың қордасына өзимизди урмайық» дегенин еситтим.

— Бар, дем ал!

Мәҳрем арты менен бәсип кетти.

Бас ўәзир оған ере далаға шықты.

Өзин қораз тутып отырған ахун қәпелимде қурық басқан мәкийенге айналды. Хан оның не ушын бундай ҳалатқа түскенин сезди, себеби, Гераттағы инглислерден жәрдем сораўды мәсләҳәт еткен сол еди. Өзи буққан адамның еңсесине жене тас салмайын деди ме, оны елестирмегенсип, хан Ерназарға омыраўы менен бурылды.

— Алакөз палўан, енди сиз биў болыўдан алдын Хорезм ушын нөкер боламан деп тилек билдиресиз,—деп хан Ерназардың жүзинде қорқынышпенен қуўаныштың алма-гезек орын аўмастырғанын сезип жуўасыды. — Ойланыңыз. Анацызды көрмегениңизге көп ўақыт болды, барып қайтыңыз, анацыз бенен мәсләҳәтлесиңиз. Билемен, сиз бир сөзлисиз. Ҳәзир ўәде берсениз, үйиңизге тез қайтасыз.

— Мен бәрҳама өзимди Хорезмниң бир нөкеримен деп санайман.

Бас ўәзир есиктен сүңгип кире сала, Ерназардың не дегенине қарамай, ханға ийилди:

— Уллы ханымыз, енди Алакөз палўан шынын айтсын, ол не ушын ханлықтың душпаны орыс Грушинге бостанлық сорады.

— Уллы ханымыз,—деди Ерназар ойланып турмастан.—Гру-

шинге Қаратаўды изертлеўге урықсат етип, қол астыңызда үлкен илимге жол ашқан екенсиз, лекин...

Ерназардың қас-қабағынан көз алмай, ҳәр бир ҳәрекетин бағып отырған түркий ахун от басын есиктеги ийттен қызғанған пышықтай еңсесин гүжирейтти:

— Уллы ханымыз, тыңлаған күтә киши мақлуқ, аммо өзи зорға сыятуғын шише сиңсе сүйреп апарады. Киши мақлуқлардың пешеси киши халықларға ҳәм тән. Уллы ханымыз, қымбатлы ўақтыңызды алсам үзир.

— Еркин сөйлеңиз.

— Орыслада Петр I деген атақлы патша өткен. Ол патшалықтың сорамын кенейтиўди баслы шәрт деп, бул ушын ең аңсаты, келешекте патшалықтың ғәзийнесин толтыратуғын елатлар қатарында Азияны есаплаған. Қырғыз—қайсақ ордасы, Хийўа ханлығы барлық Азия еллериниң дәрўазасы деп кеткен. Сол дәрўазаның гилти бизде болыўы шәрт, сонда барлық Азия еллери қол астымызға өтеди деген. Орыслардың соңғы патшалары ушын сол Петр I ниң нәсияты алтын ҳаса болып қалды. Алтын ҳаса атадан балаға аўысатуғынын уллы ханымызға ескертиўге әззилик қыламан. Алдыңызда турған Алакөз пайыттан пайдаланып, шалғай жаппақшы болған орыс Грушин сол Петр I ши айтқан дәрўазаның гилти ушын жол излеп шыққан жансыз десем ғүналы емеспен. Оренбург генерал-губернаторының шабыўылы бул болжаўыма гүўалық береди. Грушин зинданға салыпбағанда, жазыў-сызыўлары отқа жағылмағанда орыс ләшкери жол таўып Хийўаға басып кирер-әм еди.

Хан Грушинди азат қылыўға асығып буйрық бергенин енди мойынлап, ишинен қатты қынжылып, тисиниң суўын сорысада, ханларға тән өрлиги тутып оған ырқ бермеди. Ерназарға ийек көтерди.

— Қәне, Алакөз, кәраматлы Хорезмниң даңқы ушын сыр бүкпе, сол орыста бизге пайдалы және не сездиң?

— Грушин наятий ойшыл алым. Зинданда иси еригип жатып, келешекте тастан салынатуғын Хийўаның жойбарын сызды. Мен ғой орыслардың Петербургин көрмедим, бирақ ол «Әмиў бойына салынатуғын бул қалаға Қаратаўдың тасы пайдаланылса, Петербургтай дүньяға машҳур болады» деди. Оның және бир айрықша пайдасы, ҳәзир орыслар суўдың, пуўдың күши менен атсыз жүретуғын арба соққан. Егер Грушинге мураҗат қылып, қасына адам қосып қайтарсаңыз сол илимниң сырын үйретеди.

Ахун күлип жиберди. Ханның бирден қәҳәрли бурылғанынан айбынып, көзлерин қолы менен басты да, назлы келиншеклердиң жолына салып жорта мырс-мырс етти.

— Уллы ханымыз, әдепсизлик етип күлгенимди кешириңиз. Аммо, меннше, тилсимди үйренгенлерден үйрениў, биреўдиң өзине боларлық салмасынан салма тартқан менен барабар.

— Ахун, тийкарғы саға инглислерде демекши шығарсыз, ле-

кин бүгинги тәлабалар ертеңги ахунлар. Уллы ханымыз, бүйтип қуяшты булт астына қойып тарысқанша, өзин алдыңызға шақыртсаңыз исенер едиңиз.

Ханның улы атасының бетине қарап турып, Грушинди ҳәзир шақыртыўын өтинди. Хан оны қуўатлап ҳәмир етти:

— Әкелинсин!

Бас ўәзир еки қолын көзиниң алдына жайып, хан алдында дизерледи.

— Уллы Хорезмниң ийеси, жаман хабарым ушын әпиў етиңиз. Ийтти қалай жуўсаңда батпаққа батып келеди. Мынаў алдыңыздағы Алакөз нағыз ийт екен. Орысты көп мақтаў менен өзин ақлаўға талапланғанын алғыр зейниниз илген шығар. Бул найсап палўанлыққа шығатуғын күни сол орыс пенен тамаққа таласып, оны өлтирипти.

Ерназардың көзлери уясынан атыла жазлап бақырды:

— Грушин өлтирилиўи мүмкин емес. Өлмесин!

Ханның аң-таң болғанын көрип ахун қызды:

— Эй, пәдериңе нәлет, Уллы Хорезмниң бас ўәзирин жалақор деў менен уллы ханымызға бәле-мәтер аўдарып турғаныңызды түсинбейди дейсизбе?

— Жо-ооқ. Грушин өлтирилиўи тийис емес! Ол алым!

— Өлтирмеген болсаң, қуры сыртынан мақтай бергенше бирден-ақ өзин сөйлетиң демейсең бе?—деди ханның улы.

Қандай жағдайда да ханның ҳәрекетинен, бет-әлпетинен көз алмайтуғын ахун, оның бетлери жыбырласып, қыйын аўҳалда турғанына қарап, жақпас ҳүким етиўиниң алдын алыў ушын дәрриў дизерледи де, қос алақанын маңлайына басып жыламсырады:

—Уллы ханымыз, ханзада дурыс айтты, шеңгел басқылап қашқан киси я уры, я адам өлтирген болады. Алакөздиң тикенли орысты мамыққа айналдырып мақтаўы да сондай, өзиниң гүнакарлығын дәлиллейди.

— Жәллат!

Буйрық күтип есиктиң сыртында турған қос жәллат ханның қол ҳәрекетлери бойынша Ерназардың үстинен биллик шапанын сыйырып таслап, өзин есикке қарай сүйреди.

Ашыўлы хан тахттан түсип баласы менен шығып баратыр еди, ахун пышықтай сибеклеп аяқларының арасына кирди:

— Уллы ханымыз, уллы Хорезмниң даңқын әлемге даңғара қылардай бир мәсләҳәтим бар.

— Тез!

— Арқадағы түркий тиллес қазақ, татар, башкурт елатларына бес-алты жүз молла жибертиңиз. Уллы Хорезмниң орыс әскери үстинен жеңисин, даңқын таратып қайтсын.

— Бул ислам ушын-ом шабатлы ис,—деди бас ўәзир.

— Таярланыңлар! Алакөздиң өтиниши бойынша қарақалпақ елине де белгили ахун жибериўге таярланыңлар!

Урыс кимге бахыт әкеледи? Барың бар күйинде, тириң, тири болып қалса ең ағла бахыт.

Оренбург генерал-губернаторының Хийўаға атланысына қарсы урысқа Хийўа ханының ләшкерине нөкер қосқанлардың көп үйлери тирилериниң тири келгенине той берип қуўанысса, базыларында шуўласып жыласқан ҳаяллардың, балалардың даўысы еле басылмай атыр.

Қайғы-ҳәсиретсиз күшли ҳүкимдар болмайды. Басына қайғы-ҳәсирет гамы түскен шаңырақлардың саны онша көп болмағаны менен, көшелер бәрибир матам кейпинде.

Қумар аналық қуўанғанларға қосылып қуўаныссада, жыласқанларға қосылып жыласса да ҳәсирети өз алдына. Хийўаға екиниң барғанында Ерназарды көрсетиў былай турсын, оның қәйерделигин ҳешким айтпады. Оны көриўге нийетленип кеткен Зарлық та дәрек билмей қайтты.

Хийўа ханы жеңиске ерисип, елдиң көп басшылары Хийўаға кеткели ҳайранлықта, әллеким бир дерегин еситип келсе апарып қайтайын деген ой менен Гүлзийбаны Улбосыннан сорап келип, салы түйдирип, ақлығы Хожаназарды қасына алып қуяшламада жүн түтип отыр еди, алысырақта ат дүрсилине қосыла:

— Қумар, ҳа Қумар сүйинши, сүйинши!—деген даўыс еситилди. Гүлзийба келсабына қосылып қатып қалғандай, даўыс шыққан таманға бет бурды:

— Ана, Сержанбай киятыр, сизиң атыңызды айтып сүйиншилеп киятыр!

Қумар аналық ушып түргелди.

Сержанбай жақынлады:

— Қумар, ҳа Қумар! Сүйинши, сүйинши! Ерназар бий болды.

Ғарры байдың торы аты тер менен қараға өзгерип, өзинин даўысы қарлығып қалыпты.

Ана мисли баладай-ақ оған қарай асыға жуўырды. Түтип отырған қой жүни шатыраш көйлегиниң етегин айлана ушып жүр. Ана барлық нәрсени умытып, Сержанбайдың атын жылаўлап, түсиўине жәрдем етип ишке киргизди. Бай сыртқы кийимлерин шешип, керегеге илдирип жүрип, ҳаплығып сөйлеўде:

— Күтә-күтә үлкен ис болды, Қумар. Ерназар зинданнан шығып гүреске түсти. Иранлы палўанды жығып, пүткил Хорезмди қуўантты. Ханның-әм қуўанып, көзлерине жас алғанын көрдим. Хан оған бийлик-әм берди. Бәри қутлы болсын. Қумар, илайым басыңыздан бахыт кетпегей.—Ол төсекке шығанағын таяна отырды.—Дуўаймент Шоңқыға шап десем «соң» деди. Сени қуўантқанша асығып ғарры жанды қыйнап өзим шаптым. Илайым бул саған моңғылық қуўаныш болғай!

— Аўмийин, қудай ҳәммеңизди тең қуўантқай!—деп Қумар аналық аршасын ашты да, ишинен шылт жаңа жүн шекпен шығарып алдына қойды.

Сержан бай суўласқан көзлерин сыпырып, есикке сығаланды да:

— Қумар,—деди қамсығып.—Буны алып қой. Ерназардың өзи кийсин. Мен сорлы өмирди босқа өткерген адамман. Қийим керек емес, маған ҳешқашан қуўаныш жоқ.

— Өйдеме, үмитсиз шайтан.

Бай көзлерин басып бир ентигип жылап алды. Оның бийперзентликке пушайман қылып жылап отырғанына түсинип, Қумар аналықтың да көкиреги босасты, бирақ әллеқандай мәселәҳәт бериўдиң мүмкин емеслигин түсинди.

— Қумар,—деп бай көзлерин орамалы менен сыпырып, басын көтерди. — Өзим ҳаққында өзим айтпай, араға адам салатуғын жас емеспен. Сонда да айтыў қыйын. Ҳәзир әйне пайыты туўып турған секилли, айтсамбекен?

— Айтабер.

— Мениң шын кеўлим, усы елдиң анасын сен деп билемен, усы елдиң ҳәм баласы, ҳәм ағасы Ерназаржан деп билемен. Сол ушын сизлердиң қуўанышыңызды, қайғыңызды тең бөлиспеў, сизлерге ойласпай бир ис қылыў дурыс емес. Ерназаржан зинданда жатқанда саған келин айтайын десем, ғамлы кеўлиме және ой саларман, меники бақыллық болар, деп ойладым. Сөйтип қабырғаларым қайысып жүргенде мынаў ўақыя. Соннан тәўекел Теңелге үш сыйыр айдатып кеттим. Жақсылап пулладым. Мақсетим: Ерназарды зинданда-ақ көрип ойласыў еди. Көктен тилегеним жерден табылды. Қудай Ерназаржанға мәдет берди. Мениң қабырғам дүзелди, Қумар.—Ол ойланып бираз отырды.—Қумар, мен қудайдан бир перзент тилейжақ едим. Сол ушын жас биреўди алсам қәйтеди?

Ана оның кебиртек жердей жүзине аяныслы тикленди ҳәм аппақ сақалы белге усас өскенин бириниң байқап, оны еле ғарры-лыққа жеңислик бере қойғандай сезди.

— Қолайлы биреў табылса?!

Бай оның нәзерине төтепки бере алмай, басын төменийди:

— Қумар, ҳешким емес, Гүлзийба қолайлы. Күтә ақыллы қыз. Қалың мал алатуғын ата-анасы жоқ. Орынға өзиңди шөкелеп жүриппен. Ерназаржан ағасы болады. Ойланба, Қумар. Ерназардың хабарын жеткерип, сени қуўантыў ушын ғарры жанымды қыйнап төрт күнлик жолдан еки күнде жеттим. Сүйиншиң—сениң бир аўыз «мақул» деген сөзиң менен шитеди.

Қумар аналық не деп жуўап қайтарарын билмей узақ ўақыт отырды...

— Сен бир жетим-жесирлерге күтә меҳирли ҳаялсаң, Қумар. Гүлзийбаны күтә бахытлы қыламан. Барлық еркти беремен. Инисине де кеше Хийўадан жақсы кийимлер әпердим. Бала байғус күтә қуўанып қайтты. Изде адамлар менен атлы киятыр. Қуда қәлесе еки туўысқанды айырмай тәрбиялайман. Маған тек бала туўып берсе болды.

Ана узақ-узақ қыялларға берилип байлың ғаррылығын, қыз-

дың жаслығын көз алдына келтирип, келешеклерін ойлады. Куәуаныш үстінде қанша ойланса да, байдың тәрепін тутып, Гүлзийба оған тийсе бахыт табатуғындай болып көрине берди.

— Қылдан нәзик пе айттың,—деди бираз сарсық пенен.—Уәде бере алмайман, бирақ қызға қулақ-қағыс етип көрейин. «Яқшы» десе, маған қалың малың керек емес. Бийшара жетимлердің ығбалын ойла, «яқ» десе мен зорламайман, сен биймәлел гүдер үз.

— Қыз жүдә ақыллы, өйдемес.

— Онда гәп биреў.

Сержанбай асылажақ аўқатты күтпей-ақ хошласты.

Қумар аналық ылашықта уйықлап атырған Рабийбини оятып, жаңалықларды хабарлап, Гүлзийба екеўине жумыс бөлистирди. Гүлзийба қуўанышын кимге ортақласарын билмей, қалтасынан асықтай қант шығарып Хожаназардың аўзына тықты. «Мине, саған сүйиншин!».

Бундай қант тек атақлы баққалларда, байларда болады. Оның жақсы күнди күтип қант гизнеп жүргенине ана ырза болды, бирақ оны айланшықлап Сержанбайдың тилеклерин қулақ-қағыс етиўге қанша ирет оқталса да баталмады.

Ертеңине, оннан соңғы күни де бата алмады.

Төртинши күн түсте бир топ аўылласлары менен Ерназардың өзи келип, үй ўағыр-шағырлыға толды. Ойлар, қайғылар даўыл қуўған бултгай тарқасып кетти.

Басқалар қанша шад кейипте болса да, тек Ерназардың өзи қуўанбай атырған тәризли, жүзи де солғын.

Ол жора-жолдасларын арасында Генжемураттың неге көринбейтуғынын сораң, оның кешеги урыста орыслар тәрепине өтип баратырғанда оққа ушқанын еситтиде, басын шайқап бир қамсықты:

— Азамат елдің қулағы еди, ақыллы еди.

Буннан соң көп сөйлемеди, «көзайдынға» келген қоңсы-қоңаларға сәл жүз жылтыратады.

Кешке таман сабындай жымпылдап Мәўлен сары келди.

— Ҳа, Қумар женге, ҳа Қумар женге, көз айдын!—деди босағаны атлап үлгермей-ақ.—Усы журт сондай бузық, сондай бир шайтан болып баратыр. Басына дәўлеп қусы қонғанын сезсе, шыбындай үймелесип келеди. Көрдиңлерме, мынаў отырғанлардың бәри жүзегөй, бәри жағымпаз. Көбиси әўеле Фазылдикиңде болып ханнан бийлик алып қайтқанына қутлы болсын айтты. Мен еле Фазылдикине бармадым. Өтирик болса айта қойыңлар. Ерназар зинданда жатқанда қайсыңыз бул үйден хабар алдыңыз? Енди бәриңиз бирден қайырқом бола қалыпсыз әбден.— Ол Ерназардың ушып орнынан турғанына еки езиўи жайыла күлди.—Путкил елди қуўанттың, Ерназар,—деп қушағын жайып көристи де, өзинен бурын келгенлердің ийинлеринен қолы менен қағыстырып, төрге бир дизерледи. Оның сөзлери, ҳәрекетлери унамағанлықтан ба, ҳешким оған сөйлемеди. Тынышлықтан пайдаланып Мәўлен сары және сөйледи:

— Қумар жеңге, басым ғамлы. Сенің мәсләҳәтің менен кешеги урысқа нөкер болып бармап едим, енди я ол жақта жоқпан, я бул жақта жоқпан. Ҳәзир Лсқар бийден-әм атақлы болып ханға жағынған Фазыл бийден хабар алмаўымның өзи сизлерге садықлық! Өзиң бузған Мәўленди өзиң дүзет, жеңге. Ырасын айтқанда, душпаным болса да қарақалпақ адамы жеңеберсин дейтуғын жигитпен.

— Мәўлен,—деди Зарлық ашыўлы.—Пышықтың мурнына бүрге кирсе, тула беденин тырнайды. Сиз-әм пышыққа тақаббил көринесиз.

— Бәриңиз-әм жағымпазсыз!—деп Мәўлен сары қолын бир силтеп тикейди.—Мен не, бир жыланды тутып алақаныма түкирип бер деп атырман ба? Жаманлық күни кеңесин алған Қумар жеңгемнен жақсылық күни де кеңес дометемен. Болмаса журтлар усап ханға, бас ўәзирине жағынғанды билмейди дейсиз бе?

— Көпирден ешеңиз өткенше түлкини дайы дейтуғын қыйлыннан болма, Мәўлен.

Мәўлен сары бирден көтерилип Қумар аналықтың отыр дегенине де қарамай, есиктен зып берди.

— Мәўленниң зейнине тиймеў керек еди,—деди Ерназар бираз сарсық менен.—Өзи саўдыраған ақ көңил. Исенсе болады. Дослар арасынан дос табыў қыйын екенин дурыс айтты, бәле.

Бул гәптен кейин биразлардың кейпи ушты. Баласының кеўилсизлигинен кеўли тәшўиш таўып, аўлағын күтип жүрген ана, аўыр жатарда көз айдыншылардың соңы кетип болған соң қасына өтырды:

— Неге қапасаң?

Жуўаптан бурын Рабийби тоқылдады.

— Көзимиз саргайып усы жақсылыққа зорга жеттик, ал буның ускини қуйылғаны қуйылған, көп болса менен сулыўрақ биреўди таўған шығар.

— Ой, келин,—деди Қумар аналық сарсықлы үн менен.—Бүйтип дегишпесе. Ылаңықтағы ошақтың отын өширип кел, шырағым.

Ойлы Ерназардың көзлерине бирден жас қуйылды. Ана оның бүйтип жылағанын ҳеш қашан көрмеген еди, жүрек-баўыры езилди...

— Ана, баягыда Грушин деген алым орысты көрдим деп едим ғой, сол өлтирилди.

— Ҳаў, Сержанбай оны да азат еттирди,—деп келип еди ғой.

— Солай еди. Мени шығыўдан зыңданда өлтирипти.

— Кимлер?

— Айыпкерлер айыбын мойынлаў былай турсын, мениң өзиме асылды.

Рабийби кирди.

Ана улын жубатқандай ужыбатлы сөз таппай, тыныш уйықлаўын тилеп, шығып кетти.

Ерназар тыныш уйықлай алмады. Мыйық тарта сөйлейтуғын Ғрушин көз алдында турды да қойды. Олай аўнайды, былай аўнайды, сиро жаны тыным табар емес, тулабедени қақсап сүйеклери сырқырайды...

Күндиз де сол жатысы: я көзи илинбейди, я тамақ иштейи жоқ.

«Не қылыў керек?».

Ол усы жалғыз сораўға жуўап излейди.

Таппайды.

Ана оны аўлағында және сөйлетип сырларын билседе, дәстиярлы кеңес бере алмады. Бирақ, келиншегиниң писиргенлерин жақтырмай жүрмекен деген ой менен, ол балалығында нени тәўир көрстуғын болса, соларды таярлайды, биресе таўық сорпа, биресе суў бөрек, биресе майбөрек, биресе ләллезий... қулласы қарақалпақта қандай тағамның түри болса, қалдырмай писиреди. Ерназарда баз-баяғы иштей жоқ. Өлмес аўқат нәр татады, болғаны.

Жатып ойланып, турып ойланып «Бийреҳим жаўыз ханға нөкер болып барғанша, бас алып орыс патшасына кетсем қәйтеди» деген сораўға және соқлығысты.

«Кетиўим керек,—деди ол гүбирленип.—Орыс патшасына барып, аты әпсана Маман бий келип кеткен жүз жылдың бержағында халқым сизден жәрдем күтип жүрипти, сизге дослар-достымыз, сизге душпанлар-душпанымыз десем, ҳәркандай дослықта теңлик болыўы шәрт, биз де бир жулдызбыз, азсынбаңлар, кишисинбеңлер десем, үрп-одетимизди, салтымызды сыйлаңыз десем... Кең пайтах жатқан орыс халқына нендей қәсийет тән болса, кишилигимизге қарамастан бизге де сондай халықлық қәсийет тән десем...»

Усы ойлар оны диңкесине ендирип, «биз де бир жулдызбыз» дегени қулағына қайта тәкирарланғандай болды да, Хийўа хамының соңғы айтқанларын еследи:

«Алакөз палўан... аңғарасыз ба, орыс патшасы қазақтың Киши жүзинде ханлықты неге жоқ қылды? Майда-майда көп жулдыздан бир қуяш артық. Талапланбаңыз...»

Ерназардың өкпесине оқ тийгендей деми қысып, бүккесине түсти де, бармақлары менен шашын тырнады.

— Ўай, қудай, неге сонша аз қылып, әззи қылып жараттың? Неге азғана халықты майда-майда урыўға бөлип, алаўыз қылып жараттың?!

— Ерназаржан, және неге?

Ҳалының барында анасына бас көтермей қалмайтуғын жигиттиң диңкеси қурып, ыңырсыды:

— Ишеклерим өртенип баратыр.

Ана усы сапары терең ойға берилди. Ешейинде-ақ дыққатын аўдаратуғын ақлығы Хожеке кирип мойнынан қушақласа да, еркеленип әлле нәрселерди айтса да еситпеди, оны ысырып та жибермеди.

— Жүдә ойланарлық саўда,—деди әлленемирде тилге келип.— —Бүлбил бир қыйлы сайраса да бәрҳама жақсы нама излеп сайрайды. Орыс патшасына сол өзиң мақтаған орыс жораң менен бирге кетсең қуп еди.. Халықта, кисини өзиңе ийилдириў ушын алды менен өзиң ийил деген даналық бар.

Ерназардың қыялы әўелгилеринен пүткиллей басқа жаққа аўысты да, ханға нөкер болып ләшкер басқарыўдың сырларын қалай үйрениў әдислерин көз алдына елеслетти.

— Ханның нөкерлик лаўазымын жақсы атқарып қайтып өзимиздиң жигитлерди жыйнасам, үйренгенлеримди соларға үйретсем. Бәлким, қарақалпақ ләшкерин дүзермиз. Әне, бул ағла ис. Соннан соң өз ләшкерим менен жаўыз Хийўа ханына қарсы саўаш қурып, бәлким, өз алдымызға ханлық-ам аларсмыз. Болмаса, сол ләшкерди ертип орыс патшасына кетемен.

— Мылтық атыўды үйренбестен бурын оның өзиңе ҳәм халқыңа пайда-зыянын ойла, ұлым.

10.

Сержанбай өзиниң алпыс жыллық өмиринде бир күн кемлик көрмегени менен, бир күн жаны ҳөз етип дем алған күнин де еслей алмас еди. Хийўадан келгели жаны мәңгилик ләззет тапқан секилли. Үйдиң анаў-мынаў кемислигин, маллардың қайсысы от жемей, өз ўақтында қайсысы суўғарылмағаны менен де иси жоқ. Үлкен отаўында жатып ҳаялы Үлбосынның көзин алып, Гүлзийбаның ылаңшығы таманға ший есик арасынан нәзер таслайды. Жас қыздың ҳеш нәрсени елестирмей олай-булай доланып әткенин көрсе, жан-жағына қарағын отаў ишине сән берген ғалы-гилемлерине, ҳәр прендеги түркмен кийизлерине рәҳәтленип ҳаялын марапатлайды.

— Қандай жақсы жупты болдың, мынаның бәрин тең жыйыстың.

Үлбосын ериниң дурыс баҳалағанына ырзалық менен, суўы тартылған ески ҳаўыздай дөңгеленген көзлерин ойнатыўға талапланады.

Бай усылай отырғанында Рузматтың Гүлзийбаны иркип бир нәрсе дегенин, оның сыңқ етип бир күлип кеткенин байқады да, ушып түргелип есиктеги белге асылды:

— Ҳаял, мен егинлерди суўғарыўға кетемен. Сен Гүлзийбаны Қумардың үйине жибер, жумысларына жәрдемлесип қайтсын.

Ол далаға шығып Рузматқа қолындағы белин услатып және биреўин таўып еки бел менен атлы бетке барабериўин тапсырды да, өзи атын ертлеў ушын қорага бет бура бергени, Мәўлен сарыны көрди. Ол Ерназар алакөздиң үйине кетип баратырған Гүлзийбаның туў сыртынан қаран тигилип тур еди, қылығын жақтырмады.

— Ҳа, Мәўлен, қайдан киятырсаң?

— Пай, Сержан дайы-әй, жас өтип кетти, болмаса мынаў қыздың аяқларына төсек болсам да, алар едим.

— Саған, қайдан киятырсаң, дедим?

— Соңғы гезде сенің өзгерип, Ерназар алакөзге жағынғаның унайды. Сол ушын елде жүз берип атырған жаңалықлардан-әм хабарлы ма екен деп киятыр едим. Хийўа ханы бес жүз молла жыйнатып, оған Асқар бийди басшы қылып, арқа елатларға жиберетуғын болыпты. Хийўадағы түркий ахунға ийшанлық берип бизиң елге жиберетуғын болыпты.

— Жүдә жақсы, жийеним, мен егинлеримди суўғарыўға асығып турыпман.

— Өлген соң, о дүньядан да егин егемен, мал бағаман дерсең.

Бай үндемей қорасына кирдиде, жүнлес бир байталды ертлеп мининп, қулынындай Басарды ертип, егин атызына қарай кетти.

Жол шетинде—бир торанғылдың көленкесинде, ийнинде бели бар Ерназар алакөз бенен әңгимелесип турған Асқар бийди, Шәрип молланы көзи шалды. Ири даўыслы Ерназар сөйлеп тур:

— Шәрип молла «ҳаял зер толы арша» дейтуғын еди, зер толы аршасын қыйып басқа елатларға қалай кетер екен?

— Моллаға ҳәмме жерде зер толы арша бар,—деди Асқар бий. Шәрип молла селк-селк күлип, олардан бөлинди.

— Асқар аға,—деди Ерназар.—Шәрип молланы көргенлер қарақалпақлар түйе бойлыдан келип, шымшық баслы болады екен демесин.

Асқар бий шақақлап күлди.

Сержан бай олардың әңгимесине мәлел бермей алға жүрип кетти.

Ол Рузматтың басқа еки дийқанға жаптан қулақ ашыўға урықсат берип атырғанын көрди-де, буннан бурынғы ашыўы еки еселенип, жуқа жаўырынына қамшы урды. Жигит желкесин бир сыйпаўы менен анаў еки дийқанның жерине қарағап қулақларды байлаўға кириспи. Атыздағы егини сарғайыўға келген дийқанлар жуўырысып келип Рузматтың қолын тутты, ол байға қарады. Бай ат үстинен үшеўин де қамшылады. Дийқанлар атызларының қулағын бирден байлатқанынан көре оның қамшысын әбзал көрип алдында арман-берман жуўырысты. Усының үстине Ерназар жетип, байдың арт бетинен келип қамшылы қолын тутты.

Кеўли өскен бай оны да урыўға мейилленип, қамшысын көтере бергени, Ерназар оның өзи төрепиндеги аяғын көтерип жиберди, бай аржағына—суўы толы салмаға самбыр етип жығылды. Қасында Рузмат, ери аўған байталы, ийти—Басар қалды.

Ерназар Хийўаға кетер алдында, анасы менен келиншегиниң еккеи еки қыйтақ жүўерисин өз көзи менен көрип, шөллесе суўғарып кетиўге келген еди. Еле суў талап етпейди екен. Алдынғы еки дийқанға ҳешкимнен қорықпай егинлерин суўғара бериўин, байдан және жаманлық шықса, изинен келип айтыўын ескертип, туўры үйине қайтты.

Есигиниң алдында улы Хожаназардың қолларынан услап «ғайың-ғайың гүбелек» ойнатып атырған Гүлзийбаны көзи шалды да, тула беденин бийлеп киятырған ашыўы бирден басылды. Қыздың да оған көзи түсип, гилт тоқтағаны сол, бала қолынан шығып кетти де, сүйретиле жығылды.

Ыңырсып атырған баланы көтерип алыў екиўиниң де есине келмей, бир нешше демге қалша қарасты.

Бала әстен түргелип Гүлзийбаның етегине жармасты. Ерназар қалтасынан нағыслы орамал шығарып бетин сыпырды. Буған өзлери түсинип үнсиз мыйық тартып күлисти де, баланың басынан екеўи де тең сыйпап сәлемлести.

— Гүлзийба, орамалың ушын рахмет. Жағдайларың қалай?

— Өзиңиздиң сәламатлығыңызды айтың?

— Хийўаға нөкерликке кетиў нийетим бар.

— Балаларыңыз, анаңыз, адамлар және сағынып қалмай ма?

— Сен Хожекени жақсы көресең бе?

— Өзиңиз ше?

— Жанымдай.

—Мениң де.

Ерназар үнсиз ойланып қалды.

Ылашықта дем алып жатырған Қумар аналық олардың сөйлесигин еситип, жағасын услаў менен өзиниң тирилигинен белги бермеўге тырысып бақты. Рабийби үлкен үйде отты алыстыра алмай атыр еди, ҳештеңе еситпеди.

Ерназардың ойға шүмгенине қарап, Гүлзийба надурыс сөйледим бе деп сескенгенинен қапталындағы ылашыққа кирип кетиў ушын екі адым атып барып, және изине айналды:

— Ерназар аға, сизден сорайжақ үш сораўым бар еди.

— Сора,

— Ең қыйын жол қайсы жол?

— Ең қыйын жол—өзиң билмеген жол.

— Опасыздың дослығын не менен теңгерсе болады?

— Опасыздың дослығы музға жазылған хат.

— Ерназар аға, қандай адамды жек көресиз?

— Түтинген қорыққан от жағарды жек көремен, шықылдыны жақтырмаған темириниң жек көремен. Енди өзиңе бир сораў. Ақыллы қылай ақыллы болады?

— Ақыллы көп ақылсызлықларынан соң ақыллы болса керек.

Ерназар қызға таң қалды: «Былтыр жүдә жас еди, әдеўир-ақ ержетипти. Маған бир жола Сержанбайдың хызметкери Рузмат та сөзге дилўар көрипти еди, дилўарлық бул қызға да аўысыпты. Өз перзенти болмаған соң сорлы бай өмиринше билген даналықларын жас хызметкерлерине үйрететуғын болса керек, Бәлким, Теңел жүдә ақыллы атқосшы болып ержетер».

Қыз Ерназар менен болғаны ушын кеўлине алып жүрген бас сырын бирден ашты.

— Ерназар аға, мениң әкем оқтан ушып өлип атырғанда басында болғансыз деп еситтим. Ол бахытсыз болып өлди ме?

— Анық айта алмайман. Бирақ, ҳақыйқатлықты бүркеп өлген болса, бахытсыз.

— Мен тек ҳақыйқатлықта жасайман, Ерназар аға. Теңел де сөйтеди. Сонда бахытлы боламызғой-ә? Неге ойландыңыз? Сиз қалай өмир сүр десеңиз солай өмир сүргим келеди.

Ерназар оған жуўап берип үлгермей-ақ, кишкене бөпесин көтерген Рабийбы көринди.

— Гүлзийба, бир қабақ суў әкел!

Қыз тил қатпай ылашыққа сүңгип кирип, қабақ арқалап шықты да, Ерназарға айрықша ысық ҳәм нәмәлимлеў шақырық нәзер таслады. Ерназар баласының басынан сыйпалаўы менен оның изинен қарап қалды: «Қандай ақыллы, қандай сулыў. Үстиндеги сонша жупыны кийимлери менен-ақ не деген гөззал. Үзик-үзик қара булт арасынан жылтылдаған ай киби. Байдың қызы болып жасанармеди? Пүткил Хорезмниң жигитлери жолында тентене болып теңселер еди... Ўақ-әй, жас өтип баратыр. Неге? меннен жасы еки есе үлкен байлар қыз алып атыр. Анама берген сертим болмаса... Анам өз анам ғой, «кешир апа, Гүлзийбаны Рабийбиниң үстине ала қояйын» десем, кеширмеспекен?...»

Гүлзийба көзден ғайып болыўдан баласының желкесинен эстен ийтерип ылашыққа киргизе сала суўатқа қарсы тәрепке қарай тез-тез адымлап кетти де, былайрақ шығып жыңғыллық арасы менен буққышлап суўатқа қарай айналды.

Гүлзийба тынық суўға қарап тулымын таранып отыр еди. Аяқларын газ-ғаз басып урыдай ептигин киятырған Ерназардың дем алысынан-ақ танып, әстен ыраш басына көтерилип, жәнжақты бир серледи де, аш қасқырды аңғармаған аққаў қозыдай оның алдына қарай жүрип, қәндекке түсти. Ҳәзирден басқа қолайлы пайыт хешқашан табылмайтуғындай, тилге де келмей тулабедени босасып, таза саўылған сүттей жүзи ҳәр муқамға дөнип, еринлери түнги шоқтай қызарып, Ерназардың кең қушағына шүмди де, оның ыссы демине буўлықты ҳәм ол қалай тартса солай бурылатуғын сүйексиз., ҳүўышсыз бир денеге айналды.

* *
*

Қумар ана кеше ғана бир уўытын таўып Сержанбайдың тилеклерин Гүлзийбаға қулақ-қағыс қылғанында, ол мүләймлилик менен сөйлесип, анаға мақул түскен нәрсе оған мақул екенин айтып, «бирақ, бир өтинишим усы исти улыңыз Ерназарға билдирсеңиз, ол не десе мен соған қайылман» деген еди. Ана сол ўақытта «қандай бахытлыман, бәршелер Ерназаржанымның кеңесине мүтәж» деген ойда қалған еди, мине олардың ҳәзирги сөйлесиклери пүткил басқаша. Ҳәтте, орамал алысқан. Жылдам алды алыпбаса, изи насырға шабыўы мүмкин.

Ол далаға шыққанда Ерназардың карасы шөккен еди, ишибаўыры от болып, оның тезирек қайтып келиўин күтерин я изи-

нен кетерин билмей тур еди. Атлы келип қалған Сержанбайды көрип, оның кийимлериниң суў екенлигин аңғармай:

— Асықпаса,—деди жүдә жуўаслық пенен.—Еле шешилмей атыр.

— Асықпайман, Қумар, мен тек Ерназаржаннан кеширим сораўға киятыр едим.

— Неге?

— Қәдимги суў таласы дә!

— Ерназар жоқ еди.

— Олай болса, мениң келип кеткенимди айтарсаң.

* * *

...Гүлзийбаның суўға әкеткен қабағын көтерип Ерназар гейгимлете келди де, ҳешким көрмегенинен пайдаланып, қабақты есиктен сыртта қалдырып ҳаялына сөйлене ишкериледи.

— Ҳаў, мынаў қабақ неге далада тур, мал-пал сындырып кетпей ме?

Ерназар ҳеңқандай үй дөскелерине араласпайтуғын еди. Ана оның сумлығын Рабийбиниң түсинип қойыўынан қорқып, далаға шықты да, қабақты ишке киргизди.

— Бийпара қыз Улбосыннан қорқып асыққан ғой.—Ол төрде мардыйын жанбаслап атырған улыпа көз қыйығын таслады.—Ерназаржан, Сержан бай келип кетти.

— Не дейди?

— Ерназаржаннан кеширим сорайжақ едим деди, болғаны. Ерназар муртынан күлди де қойды.

— Ерназаржан, бүгин кейпиятларың қалай?

— Күтә сергекпен, ана.

— Сезип турғынан. Ойланып-ойланып Хийўаға тезирек кеткенинди мақул таптым. Егиндн келип екеўимиз ектик, енди өзлеримиз тәрбиялаймыз. Ханның миротине қашша тез барсаң, соншша исенимин аласаң. Бир кеңесим бар, улым. Кисиниң қолын байламастан бурын өзиңниң ҳәм дос-яранларыңның қолларын ойла.

Ерназар анасының бир нәрседен сезиклегенин уқты да қыялы және шубатылып түни менен әлўан-әлўан дөнди, көбинесе Гүлзийба жөнинде ойлады. Оның суў бойында айрылысар гезде сынсып: «Ерназар, мәңгилик қулың болайын, мени таслап кетпесе»—деп жалбарынғаны есинен шығар емес.

Анасының «Кисиниң қолын байламастан бурын»... деп баслаған нәсияты қайта есине түсти. «Мениң Гүлзийбаға болған нийетлеримеде бул даналықтың не қатнасы бар? Ҳаа, бәлким мениң ең баслы ислеримеде пусыры бар шығар. Анам бәрин сезеди, биледи. Гүлзийбаны көп телевитпей умытқаным жөн болар».

Ол усы тоқтамына қарама-қарсы және бир қыялдың келип қалыўынан қорқып, қайтып ойланбаўға тырысты да, қапталында жатырған ҳаялының дастықтан асырылып түсип атырған узын

бурымларын жыйнап, көкирегине таслады ҳәм үлкен алақаны менен оның жуқа жүзинен нәзик ғана сыйпалап оятты.

— Тургел, Рабийби, тан атты.

Ҳалқас пайытында улын дизесине мингизип отырып:

— Ана, — деди жүзи жадырап.—Түни менен ойландым. Ханға нөкерликке бүгин-ақ кеткеним дурыс сыяқлы.

— Жолың болсын, бирақ кишилеў бир кеңесиң керек еди,— деп ана улының аўзы ашылып қалғанын көрип даўам етти.—Үйге Сержанбай келгишлеп жүр еди, дәмеси зор, бизлерди Гүлзийба менен Теңелдиң ата-анасы орнына санап бас ийежақ.

— Түлки бай хан алдында маған сең-сең тонын бийкарға жаппаған екен-дә! Кеше ол емес, менің оннан кеширим сораўым тийис ис болып еди. Әстаўпыралла! Кимге әпережақ?

— Бийперзент ғой...

Ерназардың ойы бай ҳақ пейиллик етип Гүлзийбаны хызметкери Рузмат менен қосып, еки жетимди шаңырақ қылатуғын шығар деген еди, не дерин билмей иши дузлы шеребе қуйғандай ашыды. «Өзим аламан» деўге де тили айнала жазлады. Көзлери уясынан атлығыўға да сәл қалды.

— Қыз бенен сөйлесип көрдиң бе?—деди ойын анасының сезип қойыўынан қорқып.

— Сөйлестим. Сен не десең, сол болады.

Ерназардың өңи өзгерип, он еки мүшесине шеңгел шаншылғандай болып мийи гүўледи: «бийшара қыз сонша сүйеди-ә? Не ушын екен-ә? Менің атыма, даңқыма қызығама екен?...»

— Балам, қыялыңды оқып турған секиллимен. Өшер алдынан ҳәрқандай шыра жақтырақ көрине баслайды.

Бул нақылды екинши ирет еситкенине ме ямаса қызды анасының кемситкенине ме, Ерназардың жүрегин от тесип өткендей және қас-қабағы жабылды. Ашыў менең ныркқа сыймайтуғын сөз айтып салмаў ушын астыңғы ернин қатты қымды.

— Ерназаржан,—деди ана және оның бийҳуўда ойларға шүмиўине пурса қалдырғысы келмей.—Жетим қыздың бахты ашылыўы керек ғой.

Ана қандай бахытты нәзерде тутып отырғанына Ерназар ой жибермеди.

— Сержанбай бахытлы қыла алама?

— Байға қосылса, жетимниң қолы узарады, сол да бахыт бул заманда.

Ерназардың жуўап бериўи аңсат болмады. Өзиниң некели ҳаялын басқа биреў ерксиз әкетип баратырғандай, он еки мүшеси қақсап гүллән тамырларына от тийди. Маңлайы шып-шып терлеп, ишинен жылады, қәйткен менен анасына қарсы келе алмай, өзин-өзи зорлап зорға тили гүрмелди:

— Оған Сержанбай бахыт беретуғынына анық көзиң жетсе, ықтыярың.

— Ҳә, енеме де қарсы кележақпа едиң?—деди Рабийби.

Ерназар бираз ашыўлы ғужыр менен тезирек ат ертлеуге түр-гелди.

11.

Жаслықтың бир өзгешелиги ҳәмме нәрсеге жеткеншe асығады: балалар тезирек мурт шығыўын күсейди, қызлар барлық көзлердиң тезирек нышанасы болыўын әрман етеди. Жаслықтың және бир белгиси—кишкентай-ақ ўақыя оны қуўантатуғыны сонше лли, дүньяның барлық гөззаллығы оған инам етилип, енди ол оннан ҳешқашан айрылмайтуғындай, ал кишкентай-ақ бир қайғылы ҳәдийсеге дус болса мәңгиге басынан ҳәсирет айрылмайтуғындай.

Гүлзийба Ерназар менен биринши дусласқанынан кейинги айралықтан соң қайтып көриспейтуғын сыяқлы еди, суўат жанында ушырасыўдан кейин дүньяның барлық гөззаллығына ийе болып, адамзат қандай лоззетти күсесе, ол бәрин алғандай, жүдә қуўанышлы қайтты. Киятырып арбаға сүйенип турған Рузматтың қулағын шертип өтип кетти. Рузмат Гүлзийбалар көшип келгели биротала өзгерип, үшлдирик муртлары тез өседи дегенге күнде майлап, қызды сыртынан уятса да, ҳеш теңе айта алмай, көрген жерде төмен қарап кете беретуғын еди. Усыннан кейин оның күткен ормағы тап ҳәзир ғана иске асып қалғандай қуўанып ярым ақшамға дейин тынбай далада ағаш майдалады.

Гүлзийба оны қандай ҳалға түсирип кеткенинен бийхабар ылашығына кире сала үкеси Теңелди қушақлап, ойнаў менен кешки аўқатты шсириўди умытып, аўыр жатар болған гезде қара суўға нан басып жеп жатты. Азанда, ҳәр қашанғысынша, қоразлың биринши даўысы менен түргелди. Бай үйиниң айналасын тил менен жалағандай қылып сыпырып, байдың ҳаялы түргелип шай ишемен дегеншe, барлық сыйырларды саўып болды.

Сәскеде ылашықтағы наҳан қазанға, ҳәмме ыдысларға уйытылған қатықларды қуйып, майын алыў ушын атлаўға жаңа отырғанында, түриўли есиктен Сержанбайды көрип қалды. Ол күтә жақсы киййнип, туўры Ерназардыкине баратыр.

Гүлзийбаның жүреги суў ете қалды: «Сорым қайнамаса болғаны гой. Кеше неге өзине барлық кеўлимди ашып айтпадым? Әй, доқыз гүркесине айналған кеўлим, сен мени қайда жетелейсең? Ерназардай ақыллы адам бар ма? Мен байғустың нелерди мақсет етип, не ушын анасын өзине ойласыққа жибергенимди түсинеди... Ой, сорым!—деди бирден.—Мендейлердиң бахтын ашпай жүрген гилең ақыллылар емес пе? Урықсат берсе не қыламан?...»

Оның кеўли-хошы ада болып, ески алақанына қысылған атлаўын таўларға ҳалы келмей дизелеринен димары кетти, қалтырады, денеси биресе қызды, биресе музлады. Аҳҳ—үҳ-ҳҳ, аҳлаў менен не жумыс қылып отырғанын да умытты. Аяқларын қазанды айналдыра көсилип, көзлерин жумды. «Ол мени умытқысы

келгенде тигип берген орамалымды сақларма еди?... Неге ҳаўлығаман? Узақ-узақ ойлап жүрген сораўларымның бәрине жуўап берди. Ең қыйын жол—өзиң жүрмеген жол дегени—ашықлықтың жолын нәзерде тутқаны... Себеби, мен ушын ашықлық еле жүрилмеген жол. Мени өзиңе берк болсын, абайласын дегени. Опасыздың дослығы музға жазылған хат дегени—опасыздың ышқы муҳаббети музға жазылған хат дегени. Ол опадар. Қандай адамды жек көретуғынын да жасырмады, бул маған исенгени. Ырастан да ол мени жақсы көреди. Бирақ, өзим тәўекелшил емеспен. Сол ушын да тутиннен қорыққан от-жағарды жек көремен деди. Сонда оның айтқан отжағары ким? Ол илгери жыллары бир жесир кемпирдиң бой жеткен жалғыз қызына «ашықлық от, ким ашық болса от жағар болғаны, келистире алмаса, оңлап от жаға алмағаны» деп атырғанын еситкен еди.

«Мине, енди от жағар өзим,—деп сыбырланды.—Дурыслап жага алмай, тутетип жүриппен. Ерназар усыны сезипти... Ҳаў, уў, сонда мен тутиннен қорқаман ба? Бәлким, қорқатуғын шығарман, себеби, ашықлығымды ҳешкимге билдиргим келмейди, ҳәтте, оның өзинен де жасыраман. Надурыс па? Барлық нашар әўлады ашықлығын жасырып жасайды. Жо-оқ, бизлерге ҳешким усамайды. Мен жетиммен, ол болса пүткил Хорезмге аты даңғара палўан. Мениқи сағыйраның аспандағы айды услап көремен деп аяғының ушына көтериле беретуғындай ҳәрекет шығар... Мениқи не сарсаңлық? Кеше, тилим жулынғандай, қушағына киребергенше, «Ерназар, бир нәрсе деши, мен болсам саған ашықпан» деп неге айтпадым? Жо-жоқ, Гүлзийба, айтпағаның жақсы. Сен нашарсаң, жолың позик. Бир жаман жери.. жоқ-ә, бул жақсы әдет шығар, Ерназардың ақыл-ойы, сыры апасында-аў. Ол Сержанбайдың арзасын айтқанда, мен ондай ғарры байға тиймеймен, балаң Ерназарға ашықпан, ана деп айтыўым керек екен дә. Ол күтә ақыллы ана, «онда екинши келиним бола ғой, қызым» дер, еди. Ямаса Рабийбиниң өзи менен жүзме-жүз сөйлесиў керек болармекен? Хызметиңди қылайын, апа, мени үстиңе алдыр десем ше? Жо-оқ, ол кең пейилли ҳаяллардан емес, ақылы да қысқа, үйинен таяқлап қуўады, әлемге жар салып, «Гүлзийба бийҳая» дейди...»

Ол қанша көп ойланса да белгили бир пикирге бас-жип тағалмады, бәри ғумилжи.

Әлленемирде алдындағы иси есине түсип, атлаўын шамбыр еттирип бир таўлады да, ший есиктен және сығалады. Дәлбирекле киятырған Сержанбай көринди. Атлаўының сабын еки алақанына бекем қысты да, оның ҳәрекетлерин бақлады. Рузмат және отын майдалап атыр еди, бай оған жақынлар-жақынламастан даўрық салды.

— Ҳа, Рузмат, Рузмат, бул жумысты тоқтат! Ҳәзир қойнына жуп зағара салып, тоғайдан отын шаўып қайт. Ендигиден соңғы сөрсенбиде той беремен.

Рузмат балтасын аяғына сүйеп, маңлайының терин сыпырды. Гүлзийба оның байға қарсы бир аўыз сөз айтып ямаса буйрығын

тәрк еткенін көрмеген еді, ақкуба жүзі өртең шалғандай қарайўытып, әлде нәрсеге буўлыға ашыўланғаны сезилді.

Қуўанышлы бай оның қасыкан кетип, үлкен үйдегі ҳаялына даўыслады.

— Улбосын, ҳа Улбосын, қуўан шабазым, қуўан!

— Ал, қуўандым, айт,—деди Улбосын жекиринип.

— Барсам, Ерназар Хийўаға атланып кетипти. Бирақ оған Хийўада, көптиң алдында жапқан тоным сөйлепти.

— Не өзи?

— Есинде ме, өзин-әм перзент күсеп, маған биреўди ала ғой деп жүр едиң. Сол келисти. Қумар да, Ерназар да мәрт адамлар. Қалың мал-әм сорамады.

— Олардың саған ылайық қызы бар ма?

Сержанбай ишке кирип әстенирек сыбырлады:

— Бизиң үйдегі Гүлзийба ше? Қайырқомы солар ғой. Мен олырға қалың мал-ом бережақ едим. Жетим қыз жыламаса болды деди. Тұргел, тойға таярланайық. Сен де қуўанса, шабазым. Қырқ жыл қослас болдық ғой, байың қуўанғанда жарқ етип бир ашылса!

— Нете?

— Билесең ғой, Гүлзийба ылаҳийда ақыллы қыз. Саған пайдадан басқа зияны жоқ. Усыншан бала туўып берсе, сен пәкизе кемпир боласаң.

— Ой, алжыған, сеннен бала бола ма?

— Жас денеге сүйкенсем, бир нәрсе болар. Қәне тұргел, мен Мәўленге кеттим. Ол той сөренжамы болсын!

— Мен я сени, я сол қызды өлтирмесем бар ғой!—деп Улбосынның тисленгени сезилди. Бай оған мәни бермей шығып кетти.

Улбосын ҳеш қашан туўмағаны ушын ба, күтә қатал минезли, қоҳарлы, соған қарамастан ҳақыйқый мийнеткеш ҳаял еди. Шашы ағарып, бетин ожим басып белинен қуўат кеткели, көзлери лэкет, қулағы саңыраў, әрши ҳал қыз болса, өзи тил алғыш болса, үстине алдырыў ойында жоқ емес еди. Бул ойын байға да ийкән. Оныға келиспеген жағдайда, сенгиндеги екі хызметкери Рүмат пенен Гүлзийбаны қосып, олардан туўылған баланы алып кетыраў әм ойында бар еди. Сол ҳақ кеўли шебекейине айналғанына Улбосынның ишинде қызғаныш оты алысып лаўлады. «Гүлзийба огыры сулыў, огыры ақыллы қыз, еле есикке түсней атырып мынаў қылып жүргенін, байдың некели ҳаялына айналса, мийнн шыр-гүбелек қылып, менің сонша жыллар мийнет етип, перзентсиз қалтайсам алдымнан шығар деп, тис-тырнақлап жыйнасқан мал-дүньямды аямай шаштырады. Байда ес жоқ, бир күни Гүлзийба «үлкен ҳаялың уйқыма кесент келтиреди» десе көзди ашып жумғанша-ақ мени буралқы ийт қылып үйден қуўып-әм шығады...» Ол соңғы гездеги байдың базы ҳәрекетлерин жақтырмай, «набада бир жаман күн туўа қалса керек бо-

лар» деп бир түйир уў таўып гизнеп қойган еди. Сол есине түсип, сандығын ашты. Бар екен.

«Қайсысына ишкизиў керек?»..

Есикти өлимсирен ашып Гүлзийба кирди. Енди ол гүллән жаман ойларын тек усы қыздың өзине қарсы қоздырды да мисли қурбақаның жаўырынындай сепкилли жалпақ мурнын гиржийтти:

— Ҳә, жылап! Босағама ийретилип кирип төримди ийелеўге қарадың-ә?

Қыз күтә сабырлылық сақлап, босағада жүресине ғана шөкке түсип отырды.

— Улбосын апа, ашыўланбай мен сорлыны нәсиятла.

— Төримде қалай отырыў ушын ба?

— Яқ.

Улбосынның бөздей жүзи қуўарып, мойын омыртқасы мортсының кеткендей, оған тесиле қарап, ағаштай қатып қалды.

12.

Ханның бас әскер басысы Ерназарды күтә хош кеўиллик пенен күтип алып, нөкерлик жарақларды өзи асындырды ҳәм басынан аяқларына, аяқларынан басына шекем қайта-қайта көз жуўыртып, жаўырынан қақты:

— Жарақларың қутлы болсын! Саған бул ҳүрметтиң бәри өз атымнан. Есиңде болсын, ҳүрмет ҳүрмет талап етеди. Мен ханның ең садық адамыман. Бас ўәзир босаса, я өлсе орын меники. Бизде Махмуднияз деген киши әскер басы бар, маған зәңги жарыстырады. Мен сени әне соның қарамағына беремен ҳәм нөкерликке қосымша бир ўазыйпа жүклеймен. Оңлап урыспасаңәм Махмудниязға көз-қулақ бол, терис пикирлерин маған жеткерип тур. Мәртебеңди асырып Махмуднияздың орнына сени әскер басы қылыў, мениң қолымда.

Нөкерлик кийим менен хан сарайының қасынан кетип баратырған Ерназарды бас ўәзир көрип қалып, бир бармағы менен қасына шақырып алды:

— Алакөз палўан, нөкерлик сендей ийинли жигитлерге қуп жарасар екен. Саған бир жаңалық—түркий ахунға ийшан атағы берилди ҳәм сениң өтинишиңе бинаан елиңде оқыў ислерин басқаратуғын бас ийшан қылып жиберилди. Қуўана бер, биреў болса да бирегейи жиберилди.

— Үлкен қалаға, хан сарайына үйренген ахун саҳрайы қарақалпақлар арасында жасаўға көндиме?

— Өзи соранды. Қарақалпақларға ғамхорлық керек деп соранды.

Бас ўәзир көп сөйлесип турыўға ўақты қыстаўлығын ескертип, оның нөкерлик қылышына кескирлик тиледи де, кетти.

Махмуднияз өзи қатарлы болғаны менен, тобы ирилеўден келген шымыры, айбатлы, түси суўықлаў әскер басы еди. Ерназар-

лы онша ықласлы қабыл етпесе де, басқалардан ҳүрметлирек жатақ орын көрсетти.

— Мине, Алакөз, сағаң туўдырылған шараят ҳешкимде жоқ,— деп ол жән-жағына қаранып, шапанының жағасын дүзестирди ҳәм өзине тән болмаған дәрежеде даўысын пәсейтиңкиреди. — Буған себеп: биринши, сени тәңҳа хан биледи, екиншиден мениң оң көзим сенде... үшиншиден, сенде пайғамбарлық бар қусайды, жақында хан тутқындағы барлық орысларды босатты. Яқшы, бул жөнинде соң сөйлесермиз. Мен сени ханға, бас әскербасыға ҳеш қашан жаманламайман. Сағаң туўысқандай исенип, ханға мәлим пөкерлигиңнен пайдаланғым келеди.

— Туўысқандай исенген адамға—мен де туўысқандай болыўым шәрт.

— Бүгин мени бас ўәзир шақырып сырласты. Бас әскер басы екеўи от пенен суў. Ол өстен ғана қулағыма сыбырлап; «хан бас әскер басыға исенбейди, егер босатылса, орны өзиндики»—деди. Усыннан маған бахыт қусы қонса, биринши нәўбетте қолтығыма сени аламан. Булардың айтқанына қаран мени майда гәпли деп түсинбе, бас әскер басыны өзим-әм жек көремен. Бир жола ол, жоқарыдан қысқы көрсем, төмендегилерди қысып ләззетленемен, деди. Не деген ладан, не деген ақмақлық!! Ол қарақалпақларды-әм төмендегилер қатарына жатқарады. Сол ушын, набада бас ўәзир менен ушырасыў имканияты болса, бас әскер басыны жаманлайсаң. Айтар сөзлериң меннен.

«Әстаўлырылла!»—деп таңланды Ерназардың қыялы.—«Қасқыр түлкини, түлки сағалды, сағал түлкини, түлки қасқырды ақлыған заман...».

— Ерназар, неге ойланып қалдың?

— Тапсырмаңызды орынлаўдың ақсатырағын ҳәзир-ақ таппақшы едим.

— Өйдемесеңде ойларың түсиникли, Алакөз. Қусты алтын торға салсаң-әм бәри бир тутқын. Сахрайы елаттың сендей қарыўлы, ақыллы аяматы ушын зиндан-әм зиндан, ҳәзирги пөкерлик-әм зиндан. Илаж қанша? Бизиң өмиримизде ҳеш қандай ақсат жол жоқ.

Ерназардың қыялары және жүўсеңе кетти: «Ханға хызмет еткенлер бәрҳа үсти көрпешели шуқпақ үстинде жүрип күнелтеди екен. Қыйын! Булардың ишинде ақыллы емес, шайтандай сумлықлысы озады. Сол ушын да илим ҳикметке, Грушин айтқан нуў менен жүретуғын арбаны пайдаланыўға ҳешқайсысы қызықпайды... Ҳәссеңий, мақсетим пеке асып, елиме ханлық алсам, басқарсам, бундай тәсилге жол қоймай, илимлиге ерер едим...»

— Сөйле Ерназар?

— Уллы әскер басым, сизди түсиндим.

Уллы деген сөзди ҳешқашан еситпей, бирақ бәрҳа әрманы болып жүрген Махмудниязның кеўли қарар таўып түргелди:

— Жақында Бухараға шабыўыл қыламан, ертең таң азаннан шабыўылдың машқысы.

Ерназар бириниң күшеп баслап жаман атаққа дус болмайын деген ой менен сергек жатып еди, нөкерлер қәдимгисинше таң намазына айтылған азан даўысы менен өрре-өрре түргелди. Бул жерде дәрет алатуғын қуман ушын урда-тут талас басланар екен, нөкерлердиң шаққанлығын әйне усы пайыт белгилейди. Намазға ким кешикпе оған шара, ең кеминде үш дүрре урылады, қайталанса, табаны тилинип дуз қуйылады, ақыры дарға асыў менен тамамланады. Сол ушын тәжирийбелилери суў толы қуманды бас ушына қойып жатады. Ерназар таза болғаны ушын ҳешким менен қуманға таласпай, далаға шығып келди де, дәрет алған киси қусап, ҳәммениң изиреғинен намазға уйыды.

Намаз ада болыўы мәттал, әлле қайдан қоңыраў қағылды. Нөкерлер атханаға жуўырысып, урда-тут атланды да тобы менен күн шығысқа қарай шабысып кетти.

Тоғай арасына кирген соң бир ашық майданда тоқтасып, екеў-ара, үшеў-ара ат жарыстырып шабысты.

Әлле кимниң «ҳалқас!» деген даўысы шығып еди, нөкерлер бир-бирине қарамай патырақласып сол даўыс таманға шабысты.

Тоғай ишине қатара тигилген еки ылашықты айналдыра төселген кийизлердиң үстинде нанға толы дастурханлар жайыўлы екен. Олар асығыс түрде моллам-дөгереклести.

Ҳалқас онша қыстаў болмады. Ким қанша шай ишемен десе ишти, қанша нан жеймен десе жеди. Соннан және түргелип, әўелги ат жарыстырған майданлыққа барып өз-ара бирин-бири ат үстинен жулып жығып ойнаў басланды.

Күн дөл тас төбеге көтерилгенде және сол ылашықларға қайтып түсенди.

Түслик песин намазына шекем созылды. Оннан кейин ҳәр жерге шом тиклеп, оларды найзалаў болды. Намазлығер менен намазшам арасы атларды жуўып, намазшам оқылғаннан кейин ҳәмме қалаға қайтты. Кешки аўқаттан соң көп кешикпей қуптан намазы оқылды да, жатыўға урықсат етилди.

Махмуднияз және Ерназарға келди.

— Машқымыз бүгинги көрген тақлетте тәкирарлана береди. Сен онысыз-әм атта отырыўға, қылыш силтеўге, найза урыўға шебер екенсең. Жақсысы, сен Бухараға шабыўыл ушын жол көрип қайт.

Бухараны көриў—Ерназарға бурыннан әрман еди, азғана ойланыў орнына, бирден-ақ келисип, қашан кететуғынын сорады.

— Ҳәзир.

Ерназар әскербасының қандай тыйтыллар менен жибережақлығына ой жибермей, тез-тез кийинип, оның менен далаға шықса, қарацғыда еки атлы күтип тур екен...

13.

Той дегенде қарақалпақларда қуў басқа жан еңеди. Хабарын қулағы шалғанлар, арнаўлы шақырық күтпей-ақ тойханаға ығыла береди.

Өмиринше дүнья жыйнаў менен машқул байдың жас қыз алып, аўыл-аймаққа даңғаралы той бермекши болғаны көп жерге еситилип, сәрсенби күни аўылдың көшелери атлыларға, ешеклилерге, бық-жық пиядаға толды. Бул сапары бай сықмарлық етпеди. Тойда өткерилетуғын ҳәр қыйлы жарысларға тигилетуғын байрақларға, ҳәттеки қой-ешкини менсинбей, ири қара маллардан тиктирди. Тойға келген жетим-жесирлер ғарқ болып бир тойынсын деп, мол-молақай қазанлар астырып атыр.

Қазанлардағы аўқатлардың тезирек писиўин күтип атланшап болып жүргенлер арасынан елге Хийўадан ийшан киятыр деген гәп шықты. Хабарды ким тапқанын елестирген киси болмады, бирақ аўзы бос ҳаялларға, балаларға шекем еринлери шүртийисия, бул жаңалықты бир-бирине жеткергенше асықты.

— Әне, өзи өтип баратыр,—деп салды биреў.

Лўылға жақын арба жолдан көтерилген шаңғытқа тойшылар жалт-жалт бурылды. Жеңил аяқлылар, жеңил тәбиятлылар шыдап тура алмай, мисли өзге түсли ҳайўан көрген ийтлердей шаўқымласып, топарласыўы менен шаңғыттың изинен жуўырысты.

Ат жегилген арбаны қоршап бир топ пияда моллалар, суўпылар баратыр. Бул демек, арбада сый ҳүрметли адам болғаны.

Тойшылардың арасынан узын биреўи қутанып мойнындай мойнын арбаны қоршағанлардың үстинен созып, жолдасларына хабар айтты:

— Басында қардай ақ сәллеси бар, бирақ сақалы қара, оғыры пақ көринисли, айбатлы киси отыр.

— Әне, сол кәраматлы ийшан,—деди оның мықыры бойлы жолдаслары.

Ырасында да бул арбадағы түркий ахун еди.

Ол артына бурылып, изинен шаўқымласып киятырғанларды көрди де, арбакеште сәл-пәл гидириўди өтинди. Тамашагөйлер арбаға жақынлаўға бата алмай топланысып қалды.

— Анаў узынды бери шақырыңлар!— деди ийшан төмендеги суўпыларына. Олардың бири Узынды арбаның гүшпеги қасына әкелди, оған ерип жолдаслары да жақынлады.

— Ҳой Узын, деп сыбырлады суўпылардың бири.—Уллы ийшанның кеси түскени сизге қудай бергени. Ҳәзир асықпай тыңла, ол сениң зиў зыялыңды айтып береди.

Узын мәртлик етип келсе де, қорқыққаннан, үпилдиригиниң түбинен сынған қамыстай басы ийилип турыпты.

Ийшан мәсиўеклеў ийегин оннан көтере бермей, арбаның қапталл тақтасы үстинен қарап:

— Жигитим, сениң әкең ертеде өлген еди,—деди қас қақпай.— Неге усы ўақытқа дейин жыл садақасын бермей, елге умыттырдың. Үш күн ишинде бир сыйырыңды сойып садақа тарқатпасаң, үйиңдеги екі сыйырың-ом ҳарам өледи.

Ол басқа гәптиң басына бармай алдына бурылды. Арбакеш атқа қамшы көтерди. Арба алға қарай қозғалды.

Ырастанда Узын ертерек жыллары өлген әкесиниң жылына

соятуғын сыйырын соймай, келешекте қыз алыў ушын қалың мал басыға сақлап қалған еди. Сол сыйырдың әўелги баспағы да туўып, ҳәзир сыйыры екеўге жетти. Олар бул сыйырын ҳешкимге билдирмеў ушын қоныс өзгертип, теңиз бойындағы бир аўылға көшкен еди. Мынаў пишан қайдан билген?

Ийшанның илгери жыллары дийўана болып жүрип үйинде бир ирет қонған адам екенине ҳешким ой жибермеди, гуманланбады да.

Ҳәмме Узынды қоршап ғаўырласты.

— Ырас па?

— Сөйле!

Үскиин қуйылып, мойын-омыртқасы үзилип кеткендей болып турған узын жыламсырады:

— Мени қудай кеширгей, ырас еди. Тойдан шығып бизикине келиңлер, бир сыйырымды сояман.

Ол бөлинип үйине қарай кетти. Басқалар тойханаға қайтып, ийшанды көзи ашық деп ғана қойыспай, сөзге шешенлери көп жаңалықлар қосып таратты.

Сержанбайдың тойы жөниндеги жақсы гәплер-әм, ийшан жөниндеги ҳәрқыйлы гәплердиң арасында онша билинбеди.

Салтанатлы тойшылардың дыққатын аўдарған бул жаңалық Сержанбайға унамай, кейпи түсип, өзине тәбияларды бир бөлек үйге жыйнап, көкнар ишип бәзим қурып отыр еди, ярым ақшамға жақынлағанда, үйге айрықша ғаўасатлы жаңалық кирди:

— Келиншек қашып кетипти!

Пәйнекке жаңа қашқан ғарры байдың басы артындағы керегеге сарт етип, сс-түссиз қалды. Егер, той сәрәнжамы Мәўлен сары жетип келип, үстине бир қабақ суўық суўды ақтарып жибермегенде, өлип қалыў қәўпи бар еди.

Оның есин жыйнап, тили гүрмелгени еки сөз болды:

— Өтирик пе, ырас па?

— Қурыдың дайы, масқара болдың, дайы.

Бай Мәўленниң ара-тура ашшы дәлкек қылатуғынына үйренискен болса да, отырған үйиниң ергенегин сарт-сурт урып шығып, гүйзелискен тамашагөйлердиң тобын айырыўы менен Гүлзийбаның ылашығына барды. Көп адамлардың қоршаўында Тенел жылап тур екен, бай келе сала оның шекесине бир шаппат урды.

— Әжапаң қайда?

Байдың жасаўрағаң көзлери Улбосынға түсип, оның тышқан қуйрығындай жиңишке қос бурымынан тартып жиберип жықты да, қарнына ыңқ еттирип бир тепти.

— Бәри сеннен келген бәле!

Ҳаял еки қолы менен ишин басып, кирпидей жыйырылып демиксе де, тили жеңислик бермеди.

— Өлеқал, алжыған! Мени урғанша Рузматты изле! Бүйтип ели-халыққа масқара болғанша, өлеқал, өлеқал!..

Байдың пүткил өмиринде ҳаялы бүйтип бетине келмеген еди,

тикенекли сөзлери Гүлзийбадан айрылған дәртин мың еселенди-рип қосбаўынан пышағын суўырып алабергени, көленкесиндей болып қапталында турған Мәўлен сары шығанағынан тутты.

— Дайы, тоқта. Аңғардың ба, қыз Рузмат пенен қашқан. Бул пышақ әўеле бас қандарың Рузматқа урылыўы керек.

— Онда өзиң бирге жүр, атларды таярла.

Мәўлен сары қалтырап турған байдың қолларын жибермей, адамлардың арасы менен атханаға қарай жетеледи...

* * *

...Хийўадан еки шақырымдай алысырақтан ағатуғын жаптың бойындағы жалғыз туп жабайы гүжимниң астында еки жас жатыр. Бири Гүлзийба, екиншиси Рузмат. Узақ жолдың пияда сегбиринен шаршаса да, қыздың басына дастық қылған билегинин уйығанына жаны ләззет таўып жатырған жигит сирә уйықлар емес. Еки көзи қыздың ай жақтысына шағылысқан аппақ жүзинде.

Рузмат Сержанбайдың есигине келгенде жасғана бала еди. Сыпайы, кем сөзли жигит болып өсти. Қанша қыйналса да, байдың бетине келип мәлеллескен емес. Сол ушын ба бай оны унатып, кеўилли пайытларында қопсытып сөйлеп: «Ҳа, Рузмат, еле сени шақырақ қылып жиберемен» деп қоятуғын еди. Әсиресе биротала есеңип, қой аўзынан шөп алмайтуғын жуўас жигитке айналды. Бул кейин, байдың ўәдеси шынлыққа айналатуғынына исенимнен бетерирек, онда Гүлзийбаға деген әлле қандай нәзик сезимлер пайда болыўынан да еди.

Тоғайдан отын шаўып келгеннен кейин байдың не ушын той бермекши болғанының мәнисин билгенде, жүреги жарыла жазлап, ойласқандай адам таппай турғанында, қасында Улбосын пайда болды.

— Рузмат,—деди ол сыбырланып.—Саған қолай шараят туўып тур, мәткинил қалма. Гүлзийбаны алып қаш.

Жигиттиң жүреги ҳөўлиқпекпен аналақлады:

— Сен оны гарры байдан қутқарсаң, өмиршең табанынды жылайды, ырасын айтайын, оның өзи отинди.

Рузмат қуўанғанынан Улбосынды анасындай көрип, бетинен шорп еткизип сүйди:

— Мың-мың жасең, апа.

Журт тойғалмағалыны мақтығын, биразлардың дыққаты Хийўадан киятырған пўшпаққа аўысқан гезде, Улбосын еки жасты бир жерде ушырастырып, жигиттиң қолына бир түйиншик услатты да:

— Мине, жол ғәрежетиңиз, бахтыңыз ашылғай, тез кетиңлер! —деп екеўиниң де жаўырынларынан ийтерди.

Еле өз бахтына исенбей турған жигит қызға:

— Ырас па? Қайда баслайын?—деди болғаны.

— Ырас. Хийўаға! Ерназар ағаны излеймиз,—деди Гүлзийба.

Жигит қайтып тил қатпады. Сол сөйлеспегенинен олар издеп келетуғын қуўғыншыларға бәрҳа жол таслап қашыў менен, кеше қуптанда тап ҳәзирги жатқан гүжимине жетти де, азанға шекем дем алыўға уйғарысты.

Мине күн шығыс сүттей ағарып киятыр. Жигитте еле уйқы жоқ. Қыз уйқыда. Оның үлбиреген еринлери ҳәр деминде бүлкбүлк етип түнги қоздай қызарып, келешек өмир ошағының оты болып алысыўға сәл қалып турған секилли. Рузматтың тула-бедени жуўлап, сол үлбиреген от еринлерди өзиниң еле пәки тиймеген жипек муртлары менен қытықлағысы келеди де, қыздың татлы уйқысын бузыўға қыймайды. Оны базы жеңилтек жигитлерге тән ҳәрекетлердиң машқысы ҳәр жаққа жетелесе де, ырқына көнбей, өзине берик. Бирақ, еки көзин қыздан алар емес. Қуяш дөңгелек ошақ ишинде алысып лаўлаған от болып жанып көрине баслаған гезде, жигиттиң шыдамы биротала таўсылып, қыздың қарға тамған қандай ақ қызыл еринлерин жипек муртлары менен әстен ғана қытықлады. Қыз шоршып оянды.

— Ҳаў, Рузмат!

— Кешир, Гүлзийба!—деди Рузматтың даўысы нәзик елжиреп.—Қуданың аспандағы қуяшы әлемге нур таратып шығып киятырған соң мениң жердеги қуяшым көз ашсын, маған нур төксин дедим.

Гүлзийба оның жуўан билеги үстинен басын көтермей, тек көзлери менен күлди.

— Рузмат, сен еле усылайтып-әм сөйлей аласаң ба?

— Кеширесең, Гүлзийба, тәўирлеў сөз таппай қалдым.

— Жоқ, жоқ, қысынба, Рузмат. Маған жүдә жақсы сөз айттың. Мен ҳешқашан қуяшқа теңгерилмегенмен.

— Гүлзийба, қуяш шығып киятырғанда тикейип отырып тилек тилеген жақсы болады дейди...

— Буны еситип қудайдан талай-талай тилегенмен, ҳеш қайсысы қабыл болмады.

— Усы сапары кәраматлы Хийўаның қасындамыз, бәлким, қудайтала көрер. Түргел, тең тилейик, қолларыңды жай.

Гүлзийба басын көтерип Рузмат пенен жүзин қублаға қаратып алақанларын жайды:

— Әй, қудай, биз кәраматлы Хийўаның түбинде пәк ҳүждан менен отырмыз. Бүгинги қуяшыңның нуры менен бизлерге мийрим-шәпәәтиңди түсир. Бахытлы қылағөр! Аўмийин!...

— Ҳа, ғарғыс урғырлар!

Тап қудайдың өзи қасақана саза бергендей, Гүлзийба қорыққанынан Рузматқа асылды.

— Ўай, Рузмат!

— Қорықпа, Гүлзийба!—деп Рузмат оны баўырына басты да, үстилерине ат дөндирип қамшы көтерип турған Сержанбай менен Мәўлен сарыдан көз алмай, шабатуғын жолбарыстай түксийди:

— Не керек?!

— Рузмат,—деди қыз сыбырланып.—Сен мени буларға көрсетип сүй, бәлким, неке бузылды деп кетер.

— Қорықпа, жаным, ҳаўлықпа. Өзим өлмей сени ҳешкимге бермеймен.

— Тәғдирим сениң ықтыярында, Рузмат!..

14.

Ызғар ийиси мүңкиген тар бөлмесинде төселген ақ кийиздиң үстинде жанбаслап шай ишип жатырған Махмудниязға келип Ерназар сөйлеп отыр:

— Буйрығыңызды бәржай еттим, уллы әскер басым. Қосқан жигитлериңиз упады. Мен усы жасыма шекем Бухараны көрмегениме пошт жедим, ырастанда үлкен қала екен. Биротала басып алыў сизге несипбетсе, жақсы болар еди.

Махмуднияз оның он үш күнде қайтып келгенине, көп көпшик қойып сөйлегенине қарап онша исенгиси келмей сорады:

— Қалада не жаңалық сездиң?

— Қалада жүздей мешит санадық, алты тас дийўал базары, төрт кәрўан сарайы бар екен. Қаратал дәрьясының еки жеринен тас көпир өтип турыпты. Оқ-дәри өзлеринде исленеди екен. Дәри ушын Чу ҳәм Шимкенттен дуздай зат (селитра) әкелип, қорғасынды Қаратаўдан алдыратуғынын еситтик. Енди Бухарағa дейинги жоллардан қәйтип, қайўақта жүрилсе де алжаспайтуғын болып келдим.

— Өмирди-әм көрдиңиз бе?

— Несипбетти. Бир топар нөкерин баслап қалағa кирип киятырғанда көрдик. Түси суўық, реҳимсиз екен.

Махмуднияз Ерназардың жаңалықларына исенбейин десе, оған дейинде Бухарага жанеме жиберип алған еди, оның хабары менен долме дол.

— Өмирдиң кийимлери қандай?

— Басында қызыл жипек сәллеси бар, тобесиндеги жығасы тик-тик турыпты. Үстинде мен көрмеген мамықтан постыны бар, бир бухаралыдан сорыдым, ең суўық арқада өсетуғын соболь деген ҳайўанның терисин дейди. Белинде алтын қамары бар.

— Бухарада болғанық тақыйық. Лошкериниң күши қалай екен?

— Бир топ лошкерин бухаралы емес биреў басқарады дейди. Шамасы я орыс, я инглис.

Махмудниязның үркини қуйылды.

— Ғам жемеңиз, оларды сөзсиз жеңиўге болады,—деди Ерназар.

Әскербасының ынрайы жоқ жақсыланды.

— Ерназар, сиз маған пағыз дос, ағла нөкерсиз, тақыйық исендим. Ертең дем алыңыз. Побада бас әскер басы тексериўге келсе, сылтаў табыў өз еркиңде.

«Сен» сиреп сөйлейтуғын әскер басының бирден «Сизге» өти-

ўи ғана емес, оның бир күнлик демалыс бережақлығының өзи түлкиниң қуйрығы болмасын деген қәўип пенен тикленди:

— Машқыға бараберейин.

— Сиз күтә өр көкирек, батыр нөкерсиз, аммо, баладай ҳақ қәўилсиз. Буныңыз маған көбирек жағады. Бәри бир, мен сизди уллы инсан көремен, себеби сиз ертеңги болатуғын исти бүгиннақ болжап билиў қабилиятына ийесиз. Неге жүзиңиз өзгерди? Орынсыз мақтады дейсиз бе? Ҳасла олдай емес. Сөзиме дәлил ушын, сиз жоқта сарайда жүз берген, жаңалықлардан ахбарат берейин. Жасыратуғыны жоқ, қуданың бәрше бендесине алжасыў тән қәсийет. Базы пайытларда отқа жылынамыз аммо, сол отты алыстырыў ушын биринши болып ким гүкирт шаққанын еслемейсиз.

Әскер басының тереңнен гәп қозғағанына қуўанып Ерназардың жүзи жадыраң салаберди ҳәм оған берилгенлик көрсетип, тап аўзына үңилди.

— Егерде меннен, Хийўада от ийеси ким десе, әлбетте уллы хан деймен. Сиз-әм сол гәпти айтасыз. Аммо, ҳәр ҳәдийсе, ҳәр ўақыя өз алдына жаңған от. Соңғы күнлери орысларға көз қарастың оты және жанып ўға қарады. Бул оттың-әм ийеси уллы ханымыз. Уллы ханымыздың орыс бенделерин азат қылғаны жөниндеги хабар бойынша орыс патшасы-әм, өз нөўбетинде, қоластында тутылып атырған хорезмли саўдагерлерди қайтарыпты. Енди елимизде кеп-кеп жақсылық жүз бережақ. Ертеңнен баслап қала дүканларында орыс патшалығынан келген затлар сатылады. Мениң гәпимниң арғы төркинин ұғып отырсаңыз керек, тап усы ўақыяға биринши гүкирт шағып, орыс алымы Грушинге азатлық сораған сиз едиңиз.

— Уллы әскер басым, сиз маған доссыз, сол ушын да ең жақсы ислердиң сағасын достыңыздан излеп отырсыз.

— Есиңиздеме, Гераттағы инглислерден жәрдем соратылды, аммо, инглислер орыс патшасының күшинен қорқып жәрдем бере алмады. Инглислер сол қәтесин енди түсинип, ханға елши жиберипти. Қасында Персия шахының-әм елиси бар. Аммо, ханымыз олардың бурын келгенине қарамай күттирип қойып, соң келген орыс елшисин қабыл етти. Мен бүгин орыс елшилерин қабыллаў мерасимине қатнастым.

— Бул ис Хорезм ханлығының жылнамасында жүдә-әм муҳим ис болса керек.

— Уллы ханымыздың өзи-әм әне усыны илаҳийда ҳайт қылып, тап сиздей қуласаға келди. Бир жаман жери, орыс елшиси менен шегара мәселесинде, базы талаплары бойынша келисимге келинбеди. Бул, әлбетте дурыс ис болды. Қатнасқан жәмәәт уллы ханымыздың төрепин тутты. Мен-әм сөйттим.

— Ол қандай талаплар еди?—деди Ерназар билиўге қумар балаларға тән даўыс пенен.

— Орыс елшиси, биринширен, ханлықта қулшылықты ҳәм бенде орысларды қулға айландырыўды тоқтатыўды, ханның қол ас-

тында жеке жүрген орыслардың ҳәм олардың затларының қолайсыз болыўын талап етти; екиншиден, өзин орыс патшалығына қарасты деп есаплаған көшпели халықларға Хийўаның тәсирин шеклеўди талап етти; үшиншиден, орыс саўдагерлериниң Хийўа қол астында еркин саўда етип қәлеген жеринде жүриўин, сатыўға әкелинген затқа бажыны бурынғыдан-әм азайтыўын, яғный жүзден үш бөлектен асырмаўын, Хийўада ҳәм Хийўаға қонсылас ханлықлар менен саўда жүргизиўдиң қәўипсизлигин тәмийинлеўди, орыс патшалығына баражақ саўдагерлерге иркиниш жасамаўды талап етти. Ең соңында орыс патшалығынан қашып келген қозғалаңшыларды көрсе, тутып алып шегарадағы мәкемелерине тапсырыўды өтинди.

— Жүдә, жүдә қатты талаплар қойыпты.

— Күшли патшаның талабы күшли болар екен. Әсиресе шегара мәселеси ҳәммениң жүрегин суўлатты. Егерде бир хийўалы Сыр дәрья бойларына жақынласа, Әмба менен теңиз жағаларына, Барсук қумларына барып орыс патшалығының қол астына өткен қазақларды пәтеңге келтирсе, сораўсыз өлтириледи деп ескертти... Қазақ, татар, башқурт еллерине жиберилген бесжүз молланың елди елге қарсы қоймаўы кереклигин ескертти. Егер олар исламнан басқа душпанлық гәп таратса, ақыбети жақсы болмайды деп-әм қойды. Аммо, уллы хан бул талапларды қабыл етпесе де, еки ортада урыс болдырмаўға өз-ара келисимге келинди.

Махмуднияз орыс елшисиниң талапларын дизип айтып отырған гезде Ерназар: «Әмиўдәрьяның аяғын жайлаған қарақалпақларды пәтеңге келтиргенлерге пәлендей шара қоллаймыз деген бир гәп қосылмаған екен дә» дейжақ болып, өзин зорға тутты да:

— Парахатшылығы күтә уллы ис,—деди.

— Қабыл мерасимине қатнасыўшылардың бәршесин таң қалдырған бир жағдай—орыс елшиси инглис елшисин жақтырмады. Сөйте тура, ол инглис менен бирге жүрген Перция елшисиниң сөзин сөйлеп, Хорезмдеги персиялы бенделерди азат етиў жөнинде талап қойды.

Ерназар ишинен қыял етти: «Пүткиллей басқа жақтағы Персияның сөзин сөйлеп атырған уллы орыс елшиси «аз санлы қарақалпақларды қыспай өз алдына ханлық бериў керек» деп айтыўы да итимал ғой... Оған жолығыў имканиятын тапсам еди.

— Ерназар, сиз күтә көп нәрсени сезиң. билесиз, сизге бир күн азатлық бериўдеги мақсетим былай: ҳеш жасыратуғыны жоқ, пүткил хан сарайына аян бир нәрсе—сиз орысжанлы жигитсиз. Анаңыз Сизди орыс бесигине салған. Сол ушын, сизди орыс елшисине жолығып қалсын деп атырман.

Ерназар оннан және қойынсынып, бетине тигилип еди, әскер басы елестирмей айтажақ мақсетин туўрылады.

— Сарайға кирип жүриң, бас ўәзирге дуўшарласып қалар-сыз, әлбетте. Сонда оған «Бас әскер басы Махмудниязды тыңла-

май, Бухараға шабыўылды жорта иркип атыр, соны айтыўға келдим», дейсиз.

— Көрсем, әлбетте, солай деймен.

— Мени өзиңизге, елиңизге дос деп түсинеберициз. Және бир ис—егер сизиң Хийўада досларыңыз болса, тартынбай айтыңыз, қоллан-қуўатлап, ең болмаса сарайдағы майда-шүйде ислерге орналастырыў қолымнан келеди. Айтпақшы, баяғыда Грушинге ерип, ол зинданға түскенде азат етпекши болғанлардан Әбдирахман дегени тири кетип еди. Гезлессең айт, мениң сөзимди сөйлейтуғын болса, аман қалдыраман.

Ерназарға Зарлықтың «зиндан қараўыллары менен-әм ҳәмдамлық керек» дегени есине түсип, «Әбдирахманды зиндан қараўыллығына алыңыз» дегиси келип турды да, ҳәзирше Махмудниязға исенбегенди мақул көрди.

Ертеңине, ол таң намазы пайтында, бас моллаға еситтирип ыңқылдап, ҳалқасланбай орнына барды да, Гүлзийба берген орамал менен бетин сыпырып жатты. Орамалға анықлап үңилсе, пағыс деп жүргени «палўаным» деген сөз. Арап ҳәриплерин оқыўды жорта қыйынластырып тигипти. «Ўа, саўаты бар қыз екен ғой» деп орамалға узақ үңилип жатты да, сырт тым-тырыс болған гезде ғана далаға шықты. Нөкерлер жататуғын жай хан сарайына жақын еди, туўры дәрўазасына қарай бет алды.

Ығбалына, дәрўазаманлар бийтаныс шығып, оны дәрўазаға жолатпады.

Қайтысын жол-жағынан көзге көрингисиз бир нәрсе қысып тургандай сезилди. «Пәлетиў бул қаланың өзи зиндан секиллиме қалай? Ямаса әлемниң өзи зинданға айланып кетти ме? Бул жүрисим менен зинданда жатқанымның арасында парық шамалы. Бетимди қағып ескен самалдың өзи әдилликтиң отын наҳақлық пенен жуўып былғастырып турыпты».

Жайына қайтып келип қараўылларға бергендей пулды үйинен гизленкирен шықпағанына пушайманы артып, еки қолы менен басын қысып отыр еди, нөкерхананың қараўылы кирди:

— Ерназар алакөз ким? Сыртта бир киси сорайды.

Оның бүгин қалғанын усы қараўыл менен сарай дәрўазаманларынан басқа ҳешким билмейтуғын еди, ҳайран болып изинен жүрди.

Есик алдында күтип турған Мәўлен сарыны танып, оның ентигиўшеп, албырақлап, асығып келгенин сезип ҳаўлықты:

— Аманлық па?

— Қарақалпақ баласы аманлықта Хийўаға келеме?

— Сөйле тез!

— Масқарашылық. Пүткил елге масқарашылық. Сержанбай Гүлзийбаны алып той баслап атыр еди, есигиндеги дийқаны қызды алып қашып кетипти.

Ерназарда қызды жас жигиттен қызғаныш сезими қозып ети түршикти.

— Рузмат па?

— Аты өшсин онын.

— Соннан?

— Хийўаға кирип киятырған жеринде услап алып едик, «Биз лер әллеқашан ерли-зайыппыз, некелескенбиз» деп бир-биринен жаздырылыспады. Елге баз-баяғы қайтпайды. Нәйлаж, бас ўәзирдиң даргаҳына сүйреп апарып, екеўине теңнен өлим жазасын сорап алдық. Егер қыз Рузматтан бездим десе аман қалыўына шараят бар екен.

— Бас ўәзир өлимге буйыра алмайды ғой.

— Бас ўәзир ханнан пәрман әперди.

Ерназар бирден қәҳәрленди.

— Тез сөйле, өлтирилдимс?

— Жәрдемиң керек. Саған мени Сержанбай жиберди. Қалай болмасын қызды аман алып қалыў керек. Қыз өлсе, сорлы байдың көп дүньясы самалға ушады. Қартайғанда дым ғана аянышлы.

— Түс алдыма.

Олар нағыз ҳәсиреттиң үстине келди. Қыз бенен жигиттиң аяқ-қоллары байланып, бетлери қублаға қаратылып қырынына жатқарылыпты. Сержанбайдың көзлеринен жас соргалап, Гүлзийбаның бас ушында отыр. Бир жәллат Рузматтың басына табанын қойып, Сержанбайға қанжар усынып тур.

— Мине, хан пәрманына бинаан қандарыңды өзин шал!

Ерназардың Рузматтан қызды қызғаныш сезими аяныш сезимине аўысты.

— Тоқтаңлар!

Оның ирп даўысы екп «айығкерден» басқаларды селк еттирди.

— Ерназар сен, Рузматқа ара түспе,—деди Маўлен сары,— Киси намысына тийгени ушын өлсин. Ондай сыртыялардан тухым қалмаўы керек.

Сержан байға жан енгип жәллаттан қанжарды алды да:

— Ерназар, қаным қызып турганда кет ары,—деди.—Липақ дузымды ишип, есигимде келе болған мынаў полетий ақмақты аямай шаламан.

Қыз бенен жигит бир-бирининң сөзин еситпеўи ушын қулақларына пахта тығылып қойылған еди. Ерназардың даўысын ҳеш қайсысы еситпеди. Бир гезде оны қыздың көзи шалып:

— Ерназар аға, сиз-ам келдиңиз бе?—деди сыңсып.—Рахмет. Билемен, хан пәрманы алдында сиз-ам әззисиз. Рузмат сизди күтә жақсы көретуғын еди. Қулағы еситпей атыр, алдына шығып, бир көриниңиз. Излеп келгениңиз ушын сизге, сиз арқалы путкил қарақалпақ елине ырза болсын. Оннан сонғы өтинишим: Рузматқа көрсетип мени алды менен шалсын, усыған қәтере қылыңыз. Мынаў бай базда қулағымның пахтасын алып әлле нәрселерди сыбырлап турыпты. Керек емес, мен тири қалмайман. Сизден ең

соңғы өтинишим, пәк кеўилли жигиттиң өлгенин маған көрсетпең.

Ерназар Рузматтың жүзине үңилди. Еки бетиниң алмасы қалқып, көзлери жумыла баслаған екен. Ерназарды әлленемирде танып, қуўанышлы бақырып жиберди:

— Ҳа, Ерназар аға-а!!

Ерназар оның үстиңги қулағының пахтасын суўырып алып таслады.

— Ерназар ағa, енди ырзаман,—деди ол демин бөлиңкиреп.— Қарақалпақтың Гүлзийба атлы мәрт, пәк, сулыў қызын сүйгениме ырзаман. Билемен, Хорезм шуқырында хан пәрманын бузатуғын күш жоқ. Сизден жалғыз өтинишим, мени сүйгенимнен бурын шалыўға қәтере қылыңыз. Жигитсиз, жигит намысын түсинесиз, мен сүйген қызым алдында жигит өлими менен өлейин, усыған себепкер болыңыз, аға.

Ерназар шыдамай жигиттиң аяқ-қолын жаздырыўға мейиллениң атыр еди, бес жәллат бирден оны ғабур-ғубур басты да, қолларын артына қайырып байлап таслады. Бас жәллат Мәўленге «болың» деген ым қақты. Ол бара Сержанбайды жулқылады:

— Ғарры өгиз! Алдында некели ҳаялың менен қандарың жатыр: Неге дәрпенбейсең? Өзиңди шалып ғана жиберейинбе-со. Иркилме, шал! Әлем таңлансын! Шал! Заманның, ханның әдиллигин журт еситсин, шал!

— Қәне, молла, булардың ийманын айт, — деп Сержанбай ышағын жанбасына қайрап-қайрап Рузматтың үстиңги қулағын гөне гөўшиниң кирли ултанына басып, бир қолы менен ийегин көтерди. Рузмат ең соңғы күшин жыйнап ырзаласты.

— Гүлзийба, гүлим, ашығым. Пәк ышқым ырзааа...

Бай ышағының қанын сорғалатыўы менен қыздың бас ушына келип, бир қолын жерге таяна жыламсырады.

— Гүлзийба, оны шалдым, есиңе кел, сен тири қал. — Ол сүйретилип барып молланың аяқларына жығылды. — Хан пәрманын бузғандай раўаят таўып бер. Жас ҳаялымның жаны ушын не сорасаң да аямайман...

* * *

Бес жәллат Ерназарды асаў тайдай туўлатып өлим майданына жаңа алып шыққанда әллеқайдан бас ўәзир тап болып қолларын шештирди де, шығанағынан услап алып кетти.

— Алакөз, сиз биркәлата елдиң ағасы болыўға миясарсыз, бундай қыйқым ислерге араласпаңыз. Өзгениң бахты деп өз бахтыңды ойламаў—жанықаслық. Есте тутыңыз, жанықаслық! Ҳәм дозақыйлық! Бийшара жигитте өзбек қаны болсада, аямадық. Хорезмде бүйтип неке бузыўшылар болмаўы керек. Сиз өз елициздиң тәғдирине тийисли үлкен мәселелерден пәске түспениз.

Есиңиздє ме, елиме билимли, ақыллы адамлар керек дедиңиз. Соны есапқа алып ең саўатлы ахунды елиңизге бас-пүкил жиберди к. Көп орыс бенделерин азат еттик. Ҳәзир орыс патшалығынан келген елши менен жақсы-жақсы сөйлесиклер-әм жүргизилип атыр.

Ерназар, бас ўәзирдиң не ушын бүйтип сөйлеп киятырғанына мәни бермей, тап жаңа ғана көз алдында жүз берген өлим жөнинде ойлап, кеўил сарайы дал-дал еди. Аяқлары шалысыңқырап гүбирленди.

— Бизлер қашан өз айыпкерлеримизди өз халқымыздың талабы бойынша жазалар екенбиз.

Бас ўәзир оны өзинен ийтерип:

— Абайлаң, бул жер қарақалпақтың кең даласы емес, — деди де, бурылып кетти.

Ерназардың жүреги лоқсып, тула бедени лаплап жаныў менен ҳәр жерде бир сүрнигип, нөкерханаға келди де жығылды.

Ҳештеңе еслемейди, өзи менен өзи, тек гүбирленеди.., сөйлеңеди.

«...Егер мен хан болсам, бундай ашықлар жасасын дер едим... Қызық, мен хан болсам.. Қәйтип? Қалайынша?..»

Қыялы әлўан-әлўан дөнип және түрли-түрли тәреплерге ой жиберди. Палўанлық қылған пайытларын, аты әпсана Маман бий ҳәм Айдос баба ҳаққында қарама-қарсы қыйлы-қыйлы әпсаналар менен әңгимелерди, көп адамлардан еситкен дүнья хабарларын, Грүшинди, Хийўа-ханлығына сүтин болып турған адамларды есине түсирди. Дүньядағы барлық елатлықлар озық ойлы, өз-ара бирликли, өз тәғдирин өзлери шешетуғын болып көз алдына келди. Тек оның халқы ғана жүрттың шаңқытын жутын артта қалған секилли. «Буған бас себеп—елдиң билимли данасы, өзинен ханы жоқ. Қудай жоқ деген жерде отырсаңда, ағасы жоқ жәмәәтте отырма» Бабалар усылай ўәсият қалдырсада, неге өзлери ҳештеңе қыла алмаған? ...Ҳа, Ерназар, сениң пәниң неге алысады? Көрип жүргениң жоқ па, хан сарайындағылар-әм бир-бирине қарсы, бирақ көз көрмейтуғын бир сабақ менен өз-ара байлаўлы. Шамасы бул жақты дүньяның өзи кирлеп турса керек. Адамлар ақыл орнына сумлықты ат қылып минип жүр. Әне, Ерназар алакөз, усыны уқ, усыны! Кисиниң айыплаў, сыртынан сайып мин тағыў аңсат, оўсле өзиңди баҳала. Тек қара басыңды қорғап нөкерликте жүрипсең, елиң ағасыз, жас ашықлар жазықсыз өлип атыр...»

Оның жүреги суўыңқыран өзине келди.

Аўзын сыпыражақ болып қалтасына қол суқты. Гүлзийбаның орамалы шықты. Оған үңилип бираз турды да, қайтып пайдаланбай-ақ, майдалап жыртты да, ошаққа тығып жиберди.

Шаўқымласыўы менен нөкерлер келип қалды...

Түркий ахун ийшан атағы менен қарақалпақлар арасына көшип келип, Қарақумның етегине келип арбасын тоқтатқан жерди Хийўа ханы оның ўақым жерине айландырды.

Ол әўелги күнлери, есигине әри паңқылдақ, әри өзгелерге сөзи өтимлирек биреўлер келсе, я көзлерине тикке қарап, я сәлемлескен қолын жаздырмай қысып турып, бурын дийўана болып жүрип билгени бойынша, оның кимлигин, ҳал-жағдайы қандайлығын айтыўын бираз күнге шекем тоқтатпады.

Жергиликли халық арасынан батылырақ биреўлери оның атын, миллетин билиўге қызықсынса, ашыўланбай, кишипейиллик менен жуўап береди.

— Атым Қутлы хожа, лекин Қарақум етегинде жасағаным ушын Қарақум ийшан десеңиз қайылман, миллетим, әлбетте қарақалпақ болады.

Бул биразларға жақты.

Оның тәсиллери саҳрайы халық арасында даңқын асырған үстине асырып, мийзанда бир шыбынның мыңға айналғаны киби көзи ашықлығы, пайғамберлиги жөнинде көп-көп әңгимелер дөреди, әпсаналар тарқады. Ким айтса да бәри оның пайдасына, даңқының артыўына себепкер гәп айтты. Арадан көп ўақыт өтпей-ақ ол қонысласқан мекан қарақалпақлардың бир зыярат орнына айналып, аўыллар шығарысына қылып оған қос отаў тиктирип берди. Суўлылыққа қол бериўшилер де көбейди. Бундай даңқлы адамды өз елатында көриўди әрман етип жүргени ушын ба, қоқтасыплылар пийшемби, жума сайын оның отаўы айналасындағы қум арасында-ақ бәзим қурып кететуғын әдетти шығарды. Базда оларға ийшанның өзи қосыла қойса, жәмәәтке қатнасқанлар өзлерин мисли Меккеге зыярат еткеннен кем сезбейди. Оның менен отырысыўға имканияты жоқлардың биразы есигине бир арқа отын апарып таслап пәтиясын алыўға урынады.

Иранлы палўанды жығып Хийўа ханлығына бир ирет даңқ эперген Ерназар жөниндеги көтеринки гәплер-әм ийшан жөнинде тоқылған әңгимелердиң астына көмилиўге қарады.

Ийшан абырайын қанша өсирген сайын адамларға онша көринбейтуғын, көп сөйлемейтуғын дәрежеге өтти. Бул оның даңқын және бир текше бийикке көтерип, адамлар оған көбирек ынтығатуғын болды.

..Ол бүгин де келиўшилерге көринбеў нийетинде еди, таң намазын жәмәәт болып оқыўдың сылтаўы менен келген Фазылбий, ҳәмме тарқағанда бөлинбей изине ерди. Ийшан оның жасырын сыр айтажақлығын билип, еки суўпысын далаға жумсады. Бул оларға «есикти қараўылла» дегени.

Мине, күн сәскеликке тирелди. Фазыл ийшан менен еле отыр.

— Әне солай Фазылжан, ҳәр ағаш өскен жериники. Инсан мисли ағаш, — деп ийшан шийе есик сыртынан суўпыларына хабарласып атырған биреўди көрди де, гәпти туўарыўға мейиллен-

ди. —Айтқанларыңа түсиндим. Қасым исмли жийеңнди мағлә жибер. Қулағы кесилгенине қарамай, сениң өзиңдей ақыллы, шаққан, түсимпаз ,тилине беккем жигит болса қәддин тиклеп тирип, бир гүзардың патшасы етемен.

— Сөйтсеңиз ол садық қулыңыз болады, мен де басқаларға қарыздар болыўды жақтырмайман.

Есиктиң бир жағынан пышықтай жылысып Сержанбай кирди. Екинши жағынан пышықтай жылысып Фазыл шықты.

Бай Хийўада Рузматты өлтирген соң, көп пул сарыплап Гүлзийбаны тири алып қайтқан еди. Оның барлық ислеринен әлле-қашан-ақ хабарлап болып үлгерген ийшан жымыйып күлип дегишти:

— Ҳа, ақыллы Сержан бай, тәндармысаң? Гүрес қалай? Сен жығып турмысаң я киши ҳаялың жыға ма?

Қарақум ийшанға сәлем бериўде ҳәммеден кеш қалғанына қорқа-қорқа киятырған бай кеўлин басып, белдей сақалын қайта-қайта сыйпалап күлип жуўап қайтарды.

— Тақсыр, жастың аты жас-тә.

Ийшанның еки қолы дизесинде, мырс-мырс күлди де, бирден тоқтады.

— Екеўиңиз де суўпылыққа қол берińлер.

Суўпылықтың баслы шәртлеринен бири, бул дүньяның көп жетпесинликлерине қәнәәтшилик көз бенен қараў, ерли-зайып арасында нәпсини жүўенлеў. Соңғысы ушын келген ғарры байдың териси жайылып, орнынан түргелип отырды.

— Тақсыр, кеўлимдегини тапқаныңыз ушын геўишиңизди қолым менен емес, тисим менен көтерип жүриўге қайылман.

Жан-жағына ҳоккедей қаранатуғын ийшанның бир көзи бәрҳа сыртта болатуғын еди. Суўпылықтың биринше хабарласып атырған Сайыпназарды, Бала Ерназарды, Мәдирейимди ҳәм оларға қосылып үлгерген Фазылды ийиў сепктиң арасынан танып, не ушын киятырғанлықларын ҳәм қайсысында қандай мийез барын, ким кимге қандай көз-қараста екенин есине келтириў менен тың-тыңлыш болып қалды .Өз ойы менен бәнт бай ийиўден тысқа сер салмай, ийшанның ойлы қас-қабағын бағып, жүдә ағлә кеңес айтыўын күтип жым-жырт отырыпты. Ақыры дийкеси қурып тилге келди.

— Ийшаным, суўпылықтың өўелги белгиси болсын деп есиңизге бир сыйыр әкелип байладым.

— Алладан қайтсын. Қуда қолесе, жас ҳаялыңның нәпсисин тыйып беремен. Шынын айтқан жақсы. Үйиңе тезирек жет .

— Неге ийшаным?

— Ери қасынан шығып көрмеген жас ҳаял бир күн аўлақта қалса, еркек күсейди.

Сержанбай бир демде шыдай алмады.

Ийшан узын шапанын бүркенип, оның менен қосыла далаға шықты.

Иште адам болғаны ушын соңғы келгенлерди иркип турған суўпы болеыды:

— Ҳооо, бахтыңыз бар екен, сизлерге уллы ийшанның дийдары несийбетти.

Ийшан оны еситпегенсиди:

— Бул әдиўли адамлар неге ишкерилемейди?

Сайыпназар ийшанға бурынғы келгенлеринде унап, оннан «әдилўәр екенсиз» деген бир мақтаўын еситкен еди. Соған кеўли өскенликтен тартынбай сөз баслады:

— Уллы ийшанымыз, сизге мәсләҳәтлесиў нийетимиз бар еди.

— Меҳманханаға кириңлер?,—деди ийшан ҳәм алысырақта атын жетелеп киятырған Мамытты көзи шалып, суўпысына ым менен «оны да буларға қосып отырғыз» деген белги берди де, отаўына қайта сүңгип кетти.

Ийшан оларды ўзақ күттирип, әбден шаршап көзлери төрт болыўға қарағаң гезде, тәсписин қолына алып үстине кирди.

— Сәламатсызлар ма, әдиўли азаматлар?

— Қәдирли ийшаным, биз исламның күшиклери, сизге күнине неше ирет сәлем бериўге келсек аз, — деди Сайыпназар. — Бул сапары қәдемлеримизге себепкер мынаў жигит, — деп бала Ерназарға мойнын бурды. Ол үстиңги ерни менен үпилдирик ата сақалын қымып, жүдә әлпайымлық пенен қолын көксине қойды:

— Бийўақ келсек, әпиў етесиз ийшаным.

Ийшан ҳәркашанғы әдетин қылып саққа жүгинген ҳалында, еки дизесиниң үстине қолларын қойып тәспи санаған бармақларынан көз алмады.

— Қәдирли ийшаным! — деди және Сайыпназар. — Көкиреги қорыс патшалығын аңсап, өзи Хийўа ханының нөкери болып жүрген Алакөздиң ислерине баҳаңыз қалай?

Ийшан, Хийўа ханын мақтаўшылардың бири болыўына қарамастан, базылардың ашықтан-ашық ханлыққа қарсылығын сезип, өз әңгимеси исенимли шығыўы ушын ханның натуўрылықларын да айтатуғын еди. Басын көтермей бираз отырғаннан кейин, соллеси селк-селк етип әстен ғана күлди. Оның әңгимеге ғана емес, ҳәр сөйлегенде ҳәркыйлы көриниc бериў ушын өз денесин басқарыўға уста екенин ҳешким де аңғармады.

— Бир раўаятта, егер адамның мийи болмаса сүйеги бес жүз жыл жасаў қәбилетине ийе депти. Әне, сол мийге көп зор берип өз өмиримизди өзимиз қысқартамыз дә!

Ийшанның бул раўаяты оның көп айтатуғын диний раўаятларына қарсы шыққаны ушын емес, адамның бес жүз жыллық өмир сүре алатуғыны еситилмеген жаңалық болып ҳәммесиниң аўызлары ашылды.

Еки көзи дизесинде болған менен кирпиклери арасынан айналасындағылардың көзлери, жүзлери қайсы тәрепке қарағанын көретуғын ийшан мойнын көтерип, сораў берген Сайыпназарға емес, Бала Ерназарға аталық көз бенен жымыйды.

Қудадан бийҳужим ис жоқ, сол ушын көп ойланып, бир басқа мың түрли ғалма-ғал сала бермеў керек.

— Уллы ийшаным, хан сарайы ҳаққында ҳаққаный гәпти қәйткенде билиўге болады? Мәселен, Хийўаға келген орыс елшиси әллеқайдағы Персия елшисиниң сөзин сөйлеп, солардан түскен бенделерди азат қылыўды талап еткен-биш.

— Уллы ийшаным, — деп Мәдирейим гәп қосты. —Бир «ғара бийде» Ерназар алакөз «кисиге айтатуғын арзысы жоқ күшли адам ғана әззилердиң атынан сөйлей алады», дегенди айтқан еди.

— Қызық жигитлерсиз, аммо, амыйсызлар, сол ушын бахытлысыз! Аллатаала сиздей амыйлар тәрепинде. Аммо сораўларыңыз қыйлы-қыйлы болған менен жуўабы биреў. Қарақалпақларда мынандай нақыл бар: «Әжелине асыққан ғарға бүркит пенен ойнайды». Билсеңиз, Алакөз палўан әжелине асыққан ғарға. Ал енди хан сарайын тәрийплейин бе? Хан сарайы сырттан ҳәм қызық, ҳәм қорқынышлы. Дурыс пәмлегенге сыртын қуяш емес, алтын перде жақтыртып турыпты. Сол ушын көз қамастырып, өзине тартады ҳәм күшли айбат береди. Алакөз палўан әне соған елиғип жүрипти . Ал, енди орыс елшиси не ушын Персияның сөзин сөйлеп атырғанына жуўап: тислеўге ҳалы келмейтуғын ҳәлсиз көпек, аўылға даўрық салып үретуғынын еслегениңиз кифоя.

— Уллы ийшаным, Ерназар алакөз бир гәпинде «мен орыс Грушин менен ушырасып, булт арасынан шығып киятырған қуяш көргендей болдым» деди.

— Мамыт бий, сен бир қыйсық айнасаң! — деди Сайыпназар оны жақтырмай.

Ийшан қолдың өзгеришей тәспи санаған бармағын бирден иркип, басын кесеснше шайқады.

— Мамыт бий, ақыллысыз, аммо қуяш батып изинен түн келетуғынын неге билмейсиз?

— Қәдирли ийшанымыз, — деди Бала Ерназар. — Және орыслар жөнинде. Сизиңше орыслардың ўәдеси аспандағы ғазды атып асып беремен дегендей гәп, аспандағы ғаздан қолда бар шымшық артық демекшисиз гой-ә?

Ийшан бирден ашыўланып, қызғын жүзи талақтай болып кетти де, және өз қолынше түсти. Екі көзин ийшаннан алмай отырған Бала Ерназар оның кейпилерин сезсе де, жаслық өр көкиреги пәсине қайта қоймады.

— Қәдирли ийшанымыз, — деди ол және. — Өткен урыста сизиң кеңесиңиз бенен инглислердиң Гераттағы әскер басысына барған хан мәхрем-бос келген-биш. Журт инглислер орыслардан қорыққан десин жүр. Биз медреседе оқып жүргенимизде де Хийўа ханы уллы орыс патшасынан бәрҳа айбынып жасайды деген-әм гәп көтерилип еди.

Ийшанның ағаш сүўреттей бир қәлипте отыратуғын кейпи өзгергенине Бала Ерназардан басқалар ҳаўлығайын деди.

— Тилиң өткир көрінеди, аммо, тил ҳешқашан қылышты аўмастыра алмайды. Ал, инглислер болса, дүньяда тек парахат өмир қурыў тәрепдары. Сол ушын урысқа араласпады. Еле инглислер келеди, бәршеге төре болып, аға болып келеди. Ҳәзир Персия елиниң менен жүрген инглис елисининң даўға араласпағаны—жоқ парахатшылықты қоллағаны, ал Персияның даўын қозғаған орыслар жоқ урыс болсын дегени. Оның үстине, әззилер тилине тикенек байлап, күшли көриниўге урынатуғынын умытпаўы лазым.

Ҳәмме тым-тырыс болды-да қалды. Бала Ерназарда ийшанның гөшине песпиштиң отынан кишкене ушқын пайда болды. Ийшан пайыттан пайдаланып әңгимениң бағытын өзгертти:

— Ҳүрметли меҳманларым. Алакөз палўанның бала-шағасы саў-саламат па?

— Ол үйдиң тығыны кемпири,—деди Мамыт. — Әттең, ушырасқан киси ол ишинен жылап, я күлип турғанын уқпайды.

— Кемпири дегенге есиме түседи-аў,—деп ийшан күлимледи. —Алакөз палўан сықыллы бир жигит жесир анасына «мениң әкем қандай адам еди?» деген екен, анасы «балам, сол жылы оғыры аласапыран жыл еди, еслей алмай қалдым» депти.

Дуў күлки көтерилди. Үйде кеўилли кейип пайда еткениңе ийшан мыйығынан күле көзлерин сүзип, ҳештеңе билмегенсиди де, жүдә жуўаслық пенен ортаға сораў таслады:

— Мен Айдос ҳаққында, оның инилери ҳаққында еситкенмен, усы Алакөз палўан Мыржықтан емес, Айдостан болған деген гәп рас па?

Сайыпназардың прецкиндеги шешек дағы қуўаныш кейпи астында қалып, үлкен мурнының шеп қапталындағы мәштей меңи де билинбей, кең танаўлары ҳаррыйып, ийшанға ырзашылықтан кишкене қулақларын алма-гезек услап-услап, жолдасларынан мақуллаў күтти.

— Айдосты инилеринен айырыў қыйын еди,—деди Мамыт.

— Айып болса гүналамассыз, аммо, мениң еситиўиме қарағанда, Айдостың инилери менен аразласыўына себеп ҳәзирги Қумар кемпир болса керек. Жасында пүткил қарақалпақ елиндеги жалғыз сулыў болған дейди. Ел ағасы Айдос сулыўдан бос қалмаған шығар.

Ерназар алакөз туўралы өсек ойлап таба алмай жүргенлерге бул күтә жақсы көзгир болып, мырс-мырс күлисти. Мамыт Ерназар алакөзди қанша жек көриўине қарамастан урыў намысы қысып маңлайынан тер шықты.

— Ийшанымыз, — деди ол ақыры шыдамай. — Сиз айтқанға тақаббил гәп бурын-әм болған. Әттең ондай емес. Айдос баба киси өлгеннен кейин келинин алыўдан-әм ўаз кешти, инимнин төсегине кирип, келиниме оны умыттырыўға ҳаққым жоқ, деди.

— Уллы ийшаным, Мамыттың қолдаўлы екенин билсеңиз керек, — деди Сайыпназар. — Сол ушын қолдаўлыларға дақ түсиргиси келмей атыр, болмаса бәри сиз айтқанның өзи.

— Ер жаңылысса қолға, қус жаңылысса торға түседи, дейдик бундай жағдайда.

— Ийшанымыз, усыннан уллы хан өзгерсе, изи не болар екен?

Ийшан бала Ерназардың еле қәлиплеспеген жаслығына мыйық тартты. Басқалар жүреклерин қоллары менен басып тыптыныш отыр.

— Бул дүньяда адам-адамға меҳман! Шын дүнья—о дүнья! Сол ушын да аллатаала бәршени өлетуғын етип жаратқан. Аммо, ғарры ханның пайманасы толса, орнына улы, я бир туўысқаны хан болады. Аллатаала исламды шығарғанда әне усындай туўрылықтың болыўын есапқа алған. Ең баслысы—ханлық мәнгилик.

Бала Ерназардың кеўили жуўапқа қәнәәт таппаса да, қайтып сораў бермеди.

Жақында Хийўа ханның ләшкери Бухараға шабыўыл қылғаны ҳаққында гәп тараған еди, бул жөнинде Фазыл сораў берди.

— Бухара ҳәм Хийўа исламның еки ошағы, —деди Қарақум ийшан өзиниң барлық ҳәдийседен хабарлы екенине гүдик туўдырмай. — Аммо, бирлик ушын ошақ басында да шағылысыў болып турғаны айып емес. Бирақ, усы сапарғы соқлығысыўда және орыслардың ғыжағы бар. Буны түсиндирип отырыў узақ сәббе. Бир ҳайран қаларлығы, сол урыста Ерназар алакөз жүдә үлкен батырлық ислеген.

— Қандай? — деди Сайыпназар қызғанышлы асығып.

— Урыста батырлық—өлимнен қорықпай душпан үстине барыў. Соңда жаў қашады. Алакөз әне сөйтип ханнан ақпышақ алыпты.

— Ханнан ақ пышақ алыў енди оның тухым тебериги ҳүрметте болады деген сөз, енди ол хан салығынан да азат етиледи.

— Фазыл, бийәдеплик етип жорғаламаңыз, — деди ийшан қанша сабырлылық сақласада шыдамай. - Алакөздиң пиш толы жыланның қордасы болса таажип емес, еле ол геллеси қалған күни исенерсиз.

— Түркменлерден ханға қарсы шыққан Аннамурат дегенди қолға түскен жеринен Алакөз азат етипти деген гәп ырас па? —деди Бала Ерназар.

— Айттым гой, оның пиш толы жыланның қордасы. Исениў де керек, исенбеў де керек.

Қарақум ийшанның бир әдети, елден түсип турған гәрежетти аямастан, үйине келген бийлерди, уруў басыларды жүдә сыйлап, базда дараў-ара, болмаса екеў-үшеў ара қой сойдырып күтетуғын еди, буларға екеў-ара бир қойдың геллеси қойылды. Олар ийшанның ҳүрметине ҳоддеи тыс шадланысып, сөйлесик пайытында болған базы гүмилжи ойларды да естен шығарды.

Қайтыўға урықсат алып ҳомме түргелген гезде, Фазыл геўишлерин аяқларына сыйдыра алмаған болып жолдасларынан изде қалып, әстен сыбырлапып қалыпды:

— Қадирли ийшаным, маған көншилик алдында кейимеңиз. Өзиңиз көз-қулақ болмасаңыз, жаңағылар мени жеп қояды.

— Әўели өз аўзыңа беккем бол. Орысларға қосылажақ болған Генжемуратты сен атқаның ушын мениң саған ҳамал әпергенимди айтып, Қарақум ийшан ханнан ҳамал әперди деп мақтанба!

— Тилимсе жеги шыққай өйдесем. Жақсылығыңызды ҳешқашан умытпайман, мени өз қамшыңыз деп исенеберің.

— Жеткиликли. Қасымды маған тезирек жибер.

16

Гүлзийба қайтып әкелингели бир күн бас көтерген емес. Жылайды, болмаса ыңырсып жатады. Сәл саўасын тапса, өзин өзи өлтириў ийети жоқ емес. Бул Сержан байға күтә аўыр түсти. Үлкен ҳаялы Улбосынға исениў жүдә қыйын. Ол және биреў менен қашырады, я өлтиреди. Азаннан кешке шекем қасынан шықпай бағып отырыў, өзине де аңсат емес, мал-ҳалға қарайтуғын биреў керек. Рузматтың орнын басатуғын хызметкер табыў қыйын болмаған менен исенимли шығыўы гуман. Байдың ойынша, ендиги хызметкер, ол қараны ақ десе—ақ, ал ақты қара десе—қара дейтуғын болыўы тийис. Сол ушын көп ойланып, ондай хызметкерди алыстан емес, өз жақынларынан танты. Ешекке аўырлық салмайын деп отырып «өзи арқалап ешекке минип келгенинде ақыллысаң» дегенге инанған Рустемнен қолайлысы жоқ. Бай бул ойын Моўленге қулақ-қағыс етип еди, ол сәўселим иниси-нің биреўлердиң күнине жарап биймиллет тамақ табатуғынына қуўанды.

— Жумса, дайы, аяма!

Бай Рустемге көп ўазыйпа жүклемеди.

— Бас жумысың Басар менен, — деди ол Рустемди үйине ертип келип. — Басарға сеннен басқа бенде тамақ қуймасын. Үйге өзге биреў жақынласа да босат, егер Гүлзийбаның ишки ссиктен өзи түўе, көйлеги көринсе де босат!

Бай хызметкерден алжаспады. Рустем ҳақыйқаттан да усындай жумыс ушын туўылғанын көрсетти. Азаннан кешке ийттиң қасынан бир адым кетпейди. Бай ийт пенен екеўине суп-сулыў ғана гүрке соғып берди, уйқысы келсе ийтти босатып уйықлайды, болмаса ийттен де сақ, еки көзи үйде. Гүлзийба набада түшкирсе де, ийтти үргизеди. Бул Сержанбайға күтә унады.

— Азаматсаң, Рустем! —деп кетеди ҳәр көргенде.

Деген менен байға бул әдислердиң бәри жеткиликсиз көринип, сәл қолы саўа тапса, бир қапталындағы төсекте ошаққа қарап жататуғын Гүлзийбаның қарсы алдында отырып аладыда, тынбай балта егейди, егеў менен балтаның жүзи ушқынлапғанына қуўанып Гүлзийбаға көз астынан қарап қояды. Егеў сестин жақтырмай Гүлзийба арман қарасада тынбайды. Қоллары талып шаршаған гезде ғана балтаны Гүлзийбаның көзине тутады.

— Мине, ҡаҙаҡ, ҡаҙаҡ ...
болады. Егер көзиме шөп салыўды ойласаң, бул балта сени туурама қылады.

Гүлзийба үндемейди. Бирақ, тириликте өткерген ҳәр бир күни зинданда өткен сыяқлы. Ара-тура қасында Теңел отырып кетеди. Әжапасының түр-түсине, ҳәрекетлерине қарап өзин-өзи өлтирип қояма деп ол да қорқып билген бар нәсиятын есине салып кетеди.

— Әжапа, душпаныңды өлимиң менен жеңиў мүмкин емес!

Гүлзийба ақыллы инисине ыразы, бирақ жәрдем ете алмайтуғын дәрежеде жаслығына, ышқы-муҳаббеттиң не екенине өзлигинен түсинип, туўысқан әжапасы ушын бир жол таўып бере алмайтуғынына иши ашыйды:

— Заман бизики еместей.

Теңел үндемейди.

Гүлзийба және өкинишли ернин тислейди.

— Кетебер, қарағым.

— Енди жылама, әжапа.

— Яқшы.

Ол жақыннан бери және бир нәрсени сезе баслады. Ерназар менен соңғы ушырасқанынан ҳәмеледар болып қалған сыяқлы. Бурынғы уўайымларына қоса бойы да аўыр тартып баратыр. Бул оны гә қорқытады, гә қуўантады.

Гейде өз-өзинен жүреги ҳәўлирип Ерназар ҳаққында, оның үй-ишлери ҳаққында билгиси келеди. Базда палкерге жорытқан бир түсин еслеп, Рабийбиниң денсаўлығы ҳаққында билиўди күсейди, бирақ есигин ашатуғын бир де аўыл адамы жоқ. Бай есигин бәршеге қадаған қылып қойыпты.

Оны Улбосын да аямайды. Керисинше, оның бир қапталды ийелеп қазан-табаққа араласпай жатысын қызғанып базда ғыжақ береди:

— Бундай өмирден өлим әбзал ғой.

Гүлзийба әўелги күнлери шынында өлгиси келетуғын еди, енди оған өшесип, отаўға кирип киятырған аяқ сестин еситсе, тикейип отыратуғын әдетти шығарды.

Оның тикейип отырғанын бир рет көзи шалғалы байдың жаны ийнине от түсти, енди оны қалайынша жуўасытып, барлық барымына барғызыўды ғәзлейди. Ақыры оған да ой тапты. Суўпы қылыў керек. Қарақум ийшанға қол берсе ҳәтте жас кеўли шегип, сезимлери бирден-ақ қартайыўы итимал.

Ол усы ойына беккем иесиниң бир сыйырды аттың жетегине алып, Қарақум ийшанға кетти.

Үйинен алысыраққа кетпейтуғын байдың кеўлин бағып Улбосын да, Рустем де, Басар да шаршаған еди, дала жым-жырт. Сонда да Гүлзийба күндиз сыртқа шықпаға қорқып, анық ымырт жабылған гезде, ең болмаса, еркин нәпес алып, жулдызларға қарайын деп есиктен әстен ғана сыпырылып шығып еди, ҳақыйқаттанда ийт үрмеди. Рустемниң сести еситилмейди. Бәлким,

ұндеспей аңлып, сәл былайырақ шықсам, өз ғобалы өзине деп ийтке талатып өлтирмекши шығар деген қәўип менен отаўға сүйенип бираз турды. Аспан бултлы еди, көзлерин қараңғыға ұйретип жан-жаққа сер салды. Үйдиң арқасында, алысырақтан киятырған жалғыз атлыны көрди де, өзин сәл тасалаңқыраң, ермек ушын оның қайда баратырғанын бақлап еди, ол Сержанбай екен. Таныса да жақынлағанша үнсиз тура берди.

Қарақум ийманның кеўлине қуйып жиберген гүдиғанен мантығын асығып киятырған бай, бурынғысынан өзгеше әдет қылып, алысырақтан атынан түсти де, бир түп жынғыл түбирге байлады ҳәм үйге қарай шыдалап аяқларын ғаз-ғаз басып келеберди.

Гүлзийба оның әллекимнен гүманы барлығын сезди де, жақынлаңқыраған гезде еситетуғындай етип жорта сыбырлады:

— Ҳәй, қорықпай шешине бер, далада ҳешким жоқ.

Бай еситип, енди өзин көрсетип алмаў ушын гилт тоқтады да, тумсығы менен қораны жарып беде жеп турған саяқ ешекти тасалады. Ешектиң бержағына шықса өзи көринеди, аржағында турса ешектен ким кирип, ким шыққанын көз илмеўинен қорқып, бай ешектиң астына кирди.

Гүлзийба оны көп отырғызыў мақсетинде отаўға бурылып және сыбырланды.

— Шыда, жигитим, ҳәзир киремен.

Бай мәтғапылда қалмаў ушын қосбаўынан полат пышағын алып атыр еди, ешек үстине «шажж» еттирди. Бай үнсиз шыдап бағып еди, Гүлзийбаның жаслық кеўили тутыс бермей шақалақ атын күлип жиберди.

Ол Хийўадағы өлимнен қайтарылғалы даўысын шығарып күлиў былай турсын, мыйық тартып көрмеген еди, ғарры бай ешек астынан зоўқ етип көтерилди.

— Ҳа, Гүлзийба, ақыры күлдирдим бе?

Гүлзийба оның дәлилин еситпей, шақалақ атыўы менен барып:

— Ҳәй, ақмақ, гүрреңниң үстин неге ыласладың?—деп ешектиң саўырсынына бир муш урды да, күлеберди, күлеберди...

Бай намысқа буўлықты:

— Рустем!!

Рустем қатты уйқысынан оянып даўыс бериўи менен ийт шабаланып, Гүлзийбаның күлкисин айналаға еситтирмеди.

17

Ерназардың Хийўаға келип нөкерлик жарағын асынғанына ярым жылдан асты. Анық көзи жеткени — хан сарайының сиясаты еки жүзли пышақ екен, егер тағам менен теңгерилсе, онда я дузлы, я дузсыз, я пал салынған, я зәҳәрли бир нәрсе. Абайламасаң күлип отырып-ақ тилкимленесең, тойып отырып-ақ аштан өлесең, я пал жеп отырып-ақ уўланасаң. Бирақ, Ерназар басқа нөкерлерден көре сәл-пәл артықмашлыққа ийе. Бул артықмашлық ираплы палўанды жығып, атын хан билетуғын

болғаны ушын емес, Махмудниязға жағынғаны, Бухарға шабыўылда ерлик көрсетип, Батыр нөкерлер қатарында хаққан ақ пышақ алған еди. Онысына сәл пусыр жеткизип алды. Бир жолы қалада болған түркменлердиң шабыўылында қолына түсип турған бир әскербасыны көз көреки аңқаўлыққа салып, босатып жиберди. Ол босатқаны өзине таныс гөнеүргенчли Аннамурат еди. Сол иси ушын және бираз гүман астында қалса да, Махмудниязоның ел арасындағы даңқын биротала бүркегендей дәлил таппай, оның үстине, баяғысынша, бас ўәзирге жолығып мен ушын сөйлесер деген дәме менен ара-тура бостанлық берип алатуғын еди.

Бәҳәрдиң қуяшлы күнлериниң биринде, Ерназар әскер басыдан және урықсат алып қалып, қуяшламада атының арқа-мойнын қасып тур еди, сарай дәрўазасынан бир топ атлы шыққанын көзи шалды. Абайласа, бас ўәзир ханның үш мәҳреми менен төрт орыс атлысын узатып баратыр. Олардың дыққат аўдармайтуғынын билди де, алдын кеселей жуўырып, Грушиннен үйренген орысшасы бойынша сәлем берди:

— Здраст!

Бийик ақ боз атта ҳәммеден өзгеше сулыў ҳәм салтанатлы кийинген орыс төреси көкирегин көтерип атының жуўенин тартты.

— Сизге два слова арза,— деди Ерназар еки бармағын шошайтып.

Бас ўәзир ҳәм хан мәҳремлери ийт көрген пышықтай үрпейисти. Орыс төреси Ерназардың түри-түсинен Хийўаның жәбирли нөкерлериниң бири шығар, тыңласам мынаўлардың кеўлине мәлел келер дегендей, мезбанларға бир қарап алды да, өз жолдасларының бирине бурылды:

— Михайлов, оның менен сөйлес!

Сақал-шашы алтындай сары атлы Ерназарға қайырылды.

— Ким боласыз?

Ерназар тез-тез сөйлеп атын-жөнин айтты да, олардың өзлери кимлигин сорады.

— Бизлер Хийўа ханы менен уллы орыс патшалығы арасындағы шәртнаманы тастыйықлаўға келгенбиз, деди Михайлов.— Анаў ақ боз атлы басшымыз, ягный Оренбургта үлкен әскербасылардың бири. Оның изиндеги атлы хатшымыз. Қалған екеўмиз оны қорғаўшы солдатлыз. Мен сизиң тиллерге жақын татар тилин билетуғын болғаным ушын дилманлық ўазыйпа менен де келгенмен.

— Шәртнама бузылып па?

— Бизге қоңсылас татар, башқурт, қазақ еллерине моллалар жиберген екен, соларды қайтарыўды келистик. Ал өзиңиздиң тилегиңиз?

— Сиз асығыс болмасаңыз, айтар гәпим көп еди. Биз қарақалпақ деген аз саплы елмиз, кең пайтах орыс патшалығына қосып алыңыз демекши едим.

Михайлов желкесин қасып, алыслап баратырған жолдасларының изинен қарап турды:

— Бизиң патшалықтың мақсети, бир ханлықты бөлшеклеўди, бир халықты екиниш халыққа қарсы қойғанды унатпайды. Бирақ сизиң бизге қосылмақшы болғандағы мақсетиңиз не?

— Ата-бабаларымыз орыс патшалығында болыўды әрман еткенин еске салмағанның өзинде, әззилердиң күшлиге сүйенип бийғам жасағысы келетуғынын түсинерсиз. Оның үстине сизлерде үлкен илим бар, соны үйренип аз болсақта илимли болғымыз келеди.

— Шынын айтсам, буны тап ҳәзир шешиў қыйын. Түркменлерден ам өзиң усаған бир жигит тап сендей арза етип еди, басшы төремиз, Оренбургқа барған соң патшамызға жеткеремен деп ўәде етти.

Ерназардың кейпи түсти:

— Азанда жылытпаған қуяштан кеште дәме етиў қыйын.

— Жоқ, Ерназар, — деди Михайлов. —Қуяшты қуры күтип отырғанша адамның өзи от жағыў керек. Қимниң өз ҳәўири болмаса оны қуяш астында ғарға-ғузғын жем қылады.

— Өз отыңыз дегениңиз өз алдымызға ханлық болыўымыз керек екенин түсинемен, бирақ соған жәрдем керек.

— Ҳәрқандай ханлық ләшкерсиз болмайды. Сен ҳәзир бир нөкерсең, егер, әскер басы болсаң, изинде нөкери жоқ әскер басысаң. — Ол Ерназардың қапа болып төмен қарап қалғанын аяды ма, өзгерди. — Ерназар, заманның рабайына түсинетуғын жигит көринесең, жер ийискеме! Бизиң төрелеримиз көкирегин оққа тута берстуғынлардан емес. Сол ушын есиңди жыйып, өз жигитлериң менен ойлас, сөйтип көп болып я бийлериңнен хат алып Оренбургқа кел. Сенде өзиңе боларлық күш көрсе, төрелеримиз жәрдемлеседи. Бәлким, уллы патшаға өзлери алып кетер.

Мехманларды узатыўшы бас ўәзир мәҳремлери менен изге қайтып олардың тусына келгенде:

— Әй, дилмаш, — деди бираз буйрық даўысы менен. —Сиз қоңсылас елатларыңызға барған бизиң моллаларды қуўасызаў, өзиңиз бизиң қоластымызда бийтәртиплик қыласыз. Бул көргенсизлик емес пе? Кетиң төреңиз күтип қалды.

— Ерназар, — деди Михайлов әстенирек. —Егер Оренбургқа барсаң, изинде күшиң болсын! Патша адамларына айтып жәрдемлесиўге тырысаман. Және ескертемен, жекке барма!

— Сәл асықпасаңыз, мен орыслардың инглислерден айырмасы қандайлығын сорайжақ едим.

— Қай мәниде?

— Мәселен, азларға, әззилерге меҳирлиликте.

— Бул сораўға дәл жуўап бериў қыйын. Меҳирсиз басшылар сизлердиң арақызда да бар. Ал, патшалардың, ханлардың меҳири жөнинде билмекши болсаңыз, олар қоластындағыларды қоллап-қуўатлаўшылар емес, олардың өзлери қоластындағылардың қоллап-қуўатлаўына мүтәж ҳәм солай болыўын талап етеди.

Буннан олар қоластының көп болыўын, халқы көп болыўын күсейди деген жуўмақ шықса әжепленбессиз.

— Рахмет, Михайлов. Соңғы өтинишим, биздей бир халық уллы орыс патшасын қоллап-қуўатлаўға тайын екенин умытпассыз.

— Мен сизди түсиндим. Көрискенше хош!

Ол атын қамшылап-қамшылап бәдер кетти.

Ерназардың аң-таңы шығып, аяқлары Хийўаның тепсеңги кебиртеңине желимленген секилли, лалы шығып мисли түс көргендей, Михайловтың изинен қараў менен қалды.

Ол ҳәр аяғын зорға көтерип жатақханасының алдына жетип еди, төрт жағынан төрт жәллат пайда болып, тутып алды да, тикке сарайға апарып, ханның датханасына киргизди.

Хан оны бурынғыдай күни-түни күтиўге мәжбүрлемей, песин намазынан соң қабыл етип, ол есиктен бас көрсетиўден-ақ жедел менен сөйледи:

— Алакөз, базда тышқан өлтиргенниң даңқы жылан өлтиргеннен-әм асып кетеди. Сен де әйтеўир нәрсе ушын даңққа ерисип, талай өлимнен қалып жүрипсең.

— Уллы ханымыз, мениң есимдеги бир нәрсе—сизге не пайда бергеним емес, енди не бережақлығым еди...

— Алакөз, асығып гөзлеген мылтық дәл тиймейди. Мениң саған айтажақ гәпти ўәзирлерим арқалы емес, көзме-көз өзим айтып атырғанымды өзиңе бахыт деп санап тургелип тахтымның туяғын маңлайыңды тийгиз.

Ерназар хан буйрығын төрк етпеди. Ол орнына қайтып бараман дегенше бас ўәзир гәп қосты.

— Уллы ханымыз, урыны қуўмасаң-әм қаша беретуғын әдетин тасламас екен.

— Кимге әкеси бир тобешик шам етсе, баласы соған өрмелеўи шәрт, бас ўәзир,— деди Ерназар.

Қартайған хан Ерназардың гәпин шала еситти ме ямаса оның ўәзир менен гәп алысыўынан өзин тысырақ тутқысы келди ме, ўақытты созбай, шақыртқандағы мақсетин туўрылады.

— Алакөз, сениң аңан жасырақ гезиңде «аспанда ай болмаса киси жолдың адасады, күн болмаса көўилди кир басады» деген даналық айтқан, деп еситкенмен. Хешким адаспасын, хешкимниң көўлин кир баспасын деп елиңе билимли, мисли ай, мисли шамныраң ийнан жибердим. Ҳәзир ол Қарақумның стегине бегенлесип, өз атын умытып, өзине Қарақум ийшан деген лақап алды. Мен енди сени пөкерликтен азат қылып, баяғыда көпшиликте жәрия қылынған бийлик ҳәмелиң менен елиңе қайтараман. Өз уруўыңа бийсең. Аммо, шамныраң Қарақум ийшаннан биймәслеҳәт исиң болғанын мен еситпейин!

— Уллы ханымыз...

— Тоқта,—деди хан оның сөзиңнай.—Мен жайпарахат сөйлегенге мурныңды көтерме. Қарның өзиңдики, Хийўа жарағын көтерген ийинлериң бәрҳама хандики!

— Уллы ханымыз...
— Тил геллеңиң жаўы, Алакөз, қәне, өкшеңди көтер!
— Уллы ханымыз...
— Журт сени қасқыр дейди, ҳәрекетиң ийттики, ашсаң!
— Түлкилер қасқырдан тоқ жасайды, ханымыз.
— Жоллад!

Қос жоллад Ерназардың еки қолтығынан алып сыртқа тартты. Ол енди тиккелей зинданға апарады деп ойлаған еди, олай болмады, жоллодлар оны дәрўазадан шығарып, кеңес берди:

— Тезирек қаладан кет, палўан. Өзиң мусылман бола тура орыс елиниң менен орысша сәлемлескениң ушын хан мәҳремлери жек көрип қалған. Және өршелессең, жәрдем еле алмаймыз. Есиңде болсын, бизлер саған ештеңе айтпадық.

Ол нөкерликке келгенде, хызмет атқарып жүргенде бундай жағдайда емес, айрықша салтанат пенен, бәлким, ҳешким көрип-билмеген бир жақсылықлар менен қайтарман деп ойлайтуғын еди, барлық үмитиниң пуш шыққаны жанына жеги болып Махмудниязға келди. Ол ҳал сорасыў былай турсын, көзге түсиўден жүзин бурды. Тек бир жақсылығы—оның жатақ орнына барып бир майдан дем алыўына кесент еттирмеди, бирақ таң қуланийек болған гезде еки нөкерине ҳәмир етип, орынан түргелтип, қаладан қуўдырды.

18

Елсиз жер жетим, жерсиз ел жетим, ерсиз үй жетим.

Генжемураттың үйи, есигиниң алдында үш түп гүжими бар, сәнли үйлердиң бири еди. Генжемурат қайтып келмеди— қуты қашты. Гүжимлерге суў жиберилмей жапырақлары солыды, үйине келетуғын соқпақлардың бәрине дерлик шөп шығып, үйдиң этирапы тобарсып, тозаңғып қалды. Зайыбы оның өзине кейип берген, атжақлыдан келген қараторы келиншек еди, еринен жаман хабар еситкели езиўинен күлки жоғалып, жүзи есигиниң алдындағы гүжимлердиң жапырағындай сарғайды, жалғыз қызы шыбықтай болып азды. Ол нөкерликке кетер алдында келиншегиниң айы-күни толысып отыр еди, ул туўды, бирақ оның қуўанышын ери менен тең бөлисе алмай, тәрбиясы ўақтында берилмегени ушын бала нәрежан болып өсип киятыр.

Өлим! Оннан ким қайтып келген? Усы сораўға жуўап табыў мүмкин болмағаны себепли, адам баласы оған да көнеди. Генжемураттың келиншеги де тәғдийирге тән берип, енди оны биротала умытыўға қараған кешелердиң биринде, есик алдына биреў келип аттан түсти.

Бундай мезгилсиз түўе, күндиз есигиниң алдына ат байланыў тоқтатылғанына үйренген ҳаял, шөжелерин қанатына жасырған таўықтай, қызын, улын еки қолтығына алып үйдиң бир мушына тығылды. Атлы далада малақайын қағып қайтадан кийип, қамшысы менен қонышын сартылдатып урып, есикке туўрылады. Бүйтип тек Генжемурат келетуғын еди, оннан мәңгилик гүдер үзген

келиншек, оның қылықларын үйренип жаман нийетте киятырғын қандай еркек екен деген ой менен, түргеле сала үйдің ергенеклерин қаўсырмақшы болып еди, аржағынан биреў ийтерди.

Ҳақыйқат Генжемурат!

Тири Генжемурат!

Ҳаялы, онеки-онүш жастағы қызы өзлериниң көзлерине исенбей лал, лал!

Генжемурат бурынғысынан толысыңқырап, көркейиңкиреген ҳәм егеделениңкиреген.

Келиншегиниң, қызының, өзи жоқта туўылған улының жағабайыланыңқырағанының мәнисин бирден түсинди де, ҳәр қайсысын бир қушақлады, соңынан үшеўин қосып баўырына басты.

— Қорықпаңлар, душпанларым өлди деп келген шығар, жарадар болдым, орыслар арасында емленип келдим.

Ол өзи жоқта туўылған улын қол ушына көтерип ойнатты.

— Аты ким? Толыбай қойдыңба? Елимиз толы бай болсын деп әрман еткенмен, жақсы болыпты.

Ҳаялы енди қуяштай ашылысты. Далаға жуўырып шығып бир дәсте отын әкелди.

— Ҳаў, атың да өзиңниң атыңғой. Қәне шай қайнап, басқа қоңсы-қобалар жыйналғанша сөйле, қайда кеттиң? Қайда жоғалдың? Қалай келдиң?

Генжемураттың астыңғы жуқа ерни мүйешлениңкиреп, көзлери де күлди, оның кейпине қызы да күлди, еле есин билмейтуғын улы да үйдиң кейпине кейип қосып, анасына қарай бақадай секирип, оўылдеди.

— Ал, мен ҳаққында еситкиңиз келсе, қулақ салыңлар, —деп Генжемурат қызын бир дизесине, улын бир дизесине отырғызып, ҳәрқайсысын жуп-жуптан сүйди де, келиншегине сағыныш толы көзлерин сүзип мардыйды. — Урыстың аты урыс. Бирақ, мениң мақсетим—сөзиме қулақ асатуғын жигитлерди баслап орыслар тәрепине өтиў ҳәм Ерназарды зинданнан шығарыслыўға жәрдем сораў болды. Сөйтип орыслардың әскер басысын пийеглеп алға шаўып баратыр едим. Ырас турып арқамнан биреў атты. Хийўалылар атқанын я өзимиздикилер атқанын билмеймен, жығылдым, орыс лөшкерининң арасына келип жығылдым. Тилин билмесемде, орыслар өзлерининң жарадарлары менен қосып бир арбаға мингизип кейин қайтты. Оренбург деген қалада емлеўханасы бар екен, соған апарып жатқарды. Орыстың илимин қоя бер сирә, пытыра алысырақтан шапырап тийип, ҳәржериме сиңип қала берген екен, бәрин кесип алды.

— Қалай жиберди?

— Тәўир боламан дегенше азлап тилин-әм үйрендим. Сөйтип урықсат сорадым. Атымды да бақтырып қойған екен, әкелип берди. Докторларына (бизиншe тәўип) рахметти қардай боратып қайта бердим. Арал теңизине жақынласам Асқар бийлер, Шәрип моллалар жүрипти. «Аманлықпа» десем: қазақ, татар, башқурт

еллерине моллашылық етиўге келип едик, орыслар қайтарып атыр» дейди. Қалған жағында солар менен келебердим.

— Бәри түс көргендей, — деди отқа жүзи қызарған келиншегиниң оймақтай аўзы ашылып.

— Қойтесең? Бирақ орыс докторларының меҳриндей меҳирди ата-анамнан көргенim жоқ шығарман десем, асыра силтеген болмайман.

Олар анақ-шанақ болысып, шайға қанып бола келгенде бир қоңсысы байлаўлы атты танып, ким минип келгенин билиўге келип, бул ойланылмаған, еситилмеген ҳәдийсеге бир заман аңтаң болып, есин жыйнаған соң, аўыл бойлап шаўып кетти...

Үйге жоне бахыт қарады, шөп шығып кеткен соқпақлардың түби менен тепсингиси шығып, арадан еки-үш күн өтпей-ақ, гүрпилдеген ақ соқпаққа айналды.

Бир күни песинде алыстан сөйлеген Ерназар алакөздиң даўысы еситилди.

— Ҳа, Генжемурат, дәрриў-дәрриў о дүньядан ахбарат бер?

Генжемурат даўысты танып, алдынан жуўырып шығып қушақ ашты.

— Кел, достым Ерназар, кел! О дүнья қәдимги өзиң айтқандай, маған бейишинен орын аўмастырмаған соң қайттым.

Олардың кеўилли күлкиси басылмай атырып-ақ, Зарлық кирип келди. Ол әдеўир аўыр минезлилерден еди. Генжемурат пенен Ерназарды бир жерде көргенине қуўаныштан езиўи жыйылмай, ҳәрқайсысы менен шаққан-шаққан ҳал сорасты.

Екеўи де Генжемураттың өзи ҳаққында сөйлеўин күтти. Генжемурат үйине келгели ҳәркимге басынан өткенлерин сөйлей берип, жалықпаслықтан ба, ямаса еки ақыллы досты көп гәплердиң аржағына ой жиберип түсинетуғын болғаны ушын ба қысқа баянлады да, Ерназар жөнинде ҳаялынан сорап билгенин ескертип, қарсы сораў қойды:

— Ханға жаранып нөкерликте жүр деп еди, өзиң қашан келдиң?

— Жақында, — деди Ерназар. — Ханға хызмет еткенниң бармағын тас жонады деген ырас гәп екен, достым, — деп ол асықпай қалай қайтқанының мәнисин түсиндирди. Орыс елшилери жөнинде Махмудинияздан қандай жаңалықлар еситкенин де, оларды көрип Михайлов дегени менен қалай сөйлескенин де айтты.

— Япырмай-әй! — деди Генжемурат Ерназардың Михайлов пенен сөйлескенлерин еситкеннен кейин. — Орыс патшалығы сонша уллы патшалық. Олар жөнинде емлеўханада көп әңгимелер еситтим. Орыс патшалығы десе пүткил әлем титиренеди. Хан алдында инглис елшисине қарсы келип, Персия елшисиниң тилегин қуўатлағаны да дурыс, себеби орыслар аспан астындағы наятый күшли патшалық. Соннан келип Хийўа ханынан тартынып, сол төрелериниң сениң менен ашық сөйлеспегенине ишим жанып отыр.

— Бәри халықтың дастурханынан ғәрезли, — деди Зарлық. — Бизде орыс патшалығын байытқандай не бар?

Бул үшсўине де ой салды.

— Мен де Зарлықтың ойына ҳәзир түсиндим,— деди Ерназар.

— Ырасында да бизде не бар? Өз-ара бирлиги жоқ ағарық халықтың ушы-қыйырсыз меңиреў даласы, жинлилеиин ағатуғын Әмиўдәрьясы бар. Жалғыз үмит — Аралдың балығы. Меиің хан сарайында хызмет етип билгеним: адам-адамға тек пайдалы болса керек болғанындай, бир халық екинши халыққа пайдалы болса, күши болса керек екен. Буны Михайлов та уқтырды.

— Мен барғой, жигитлер, көп жерлерди көрдим. Ең пәтас, батпақлы, шыбынлы, адамларды қызықтырмайтуғын мәкан бизлердикиме деп ойладым. Басқа жақлардың жери таўлық, дөңес-дөңес аўнатпа, соннан келип егинлери көгерип тур, тоғайлары да жап-жасыл.

— Ҳо, шабазым, — деди Генжемураттың келиншеги. —Мәўсимге қарай жигиттиң бас кийими өзгерсе де, басы өзгермеўи тийис.

Есикте бала Ерназар пайда болып сәлем берди. Генжемурат оның әдеўир-ақ ержетип, даўысы ириленип қалғанына таңланды. Бала Ерназардың жаслығына қарамай, оның үлкенлерге тән сораўлары бойынша Генжемурат өзинен және ахбарат берди. Ерназар алакөз оған нөкерлик лаўазымын қалай өтеп қайтқаның айтты. Және гәптен гәп балалап, елдиң тәғдийри жөнинде қайтадан ҳәрқыйлы пикирлер ортаға түсти... Сырттан қарағанда төртеўшиң де ели ушын жан ашытыўы, бир-биринен қалыспайуғын тәризли.

— Бизлер, қолында қамшысы барға, мылтық асынғанға «ләббай» деп үйренген халықпыз,—деди Ерназар алакөз. —Ләббай демеўдиң, басқаларға бирликли күши бар болып көриниўдиң жолы, сиз болмаса, қарақалпақ ләшкери деген ләшкерди дүзиў керек, жигитлер. Соида келеси оўлад ушын даўам етип, қарақалпақ ханлығын дүзип алар еди.

Ерназар алакөздиң бул пикири барынға ой салды.

— Ерназар ата, жасы үлкен болсаңызда гәпиңизге қарсы келемен,— деди бала Ерназар.

— Айтабер, ини, сиз тақалды сыйлап пе сиз болсақ ешкини төрге байлап қойыўымыз керек.

— Елдиң керегиң үлкениң де, жастың да, ромаўзи ҳоммеге мәлим. Басқа киси минетуғын аттың ертлеп, тағалайтуғын, басқа киси отыратуғын жайды салатуғын адам жоқ бизиң арамызда. Сол себептенде, басқа елатлар ушын ата бабамыз салып кеткен бир минбер, бир жай жоқ соиың жеримизде. Сол ушын бизлер ләшкер дүзсек халықты да ойымыз орнатыўымыз керек. Орыс патшалығы менен байланыс туўыпты де өзлеримиз түйип кетиўимиз керек. Халық изимизге соида еседи.

— Дурыс, — деди Зарлық.

Ҳәммеден жас киниңиң ҳоммеден жас үлкенлик пикир айтқанына Генжемурат та таңланып қуўатлады.

Ерназар алакөз бираз ойланып, оның келеси әўлад ушын ҳеш-

теңе таярламаў керек деген пикирине қарсы дәлил айтпақшы болған менен, қарақалпақ ләшкери ҳәзир дүзилсе, изи бәрибир келеси әўладқа қалатуғын болғаны ушын қарсыласпады.

— Олай болса, ертеңге, арғы күнге соза бермей, ләшкер дүзейик. Хийўа усылынан өзим үйретемен, Генжемурат орыслардан көргенин үйретеди.

Және азғана жым-жыртлық ҳүким сүрип еди, Генжемурат сөйледи:

— Мине,мен нөкермен. Зарлық нөкер болса, Ерназар иним нөкер болса,— басланғаны.

Соңғы жыллар қуры тартысып, қуры әрман етип жүрген ләшкерлик үйымы бунша тез ҳәм аңсат дүзиледи деп ойламаған Ерназар алакөз өз-өзинен күлип қояберди.

— Ырасында да усы дүзилгенимиз. Енди басқаларды әтирапымызға топлаймыз. Бирақ жигитлер, антнамамыз болыўы тийис. Әўеле усы төртеўимиз ант етейик, соңынан басқаларға даўам еттиремиз.

Бала Ерназар мыйығынан күлди.

— Аўзы күйген үрлеп ишиўи керек демекшисиз ғой?

— Жоқ, оннан емес, иним, — деди Ерназар алакөз. —Барлық жерде нөкерликке ант пенен қабыл етиледи. Себеби бир әскербасы я бир нөкер сатқынлық етсе, елге оннан аўыр апаты жоқ.

— Орыслар нөкерди солдат дейди, қазақлар сарбаз дейди, Хийўа нөкер дейди, бизлер де өзимизше ат қойыўымыз керек, — деди Генжемурат.

— Бизлер «Қыран», «Қарақалпақ қыраны» деп атайық, — деди Ерназар алакөз ойланбастан.

Ат бәрине де унады.

Бунан соң «Қарақалпақ қыраны» қай тақлетте, қандай кийимде жүриўи тийис?» деген сораў туўды.

— Бәршеге бир қыйлы кийим табыў мүшкил.

— Ким нөкер болса кийимлериниң сыртынан қара шекпен кийетуғын болсын, — деди Ерназар алакөз.

— Бул жүдә ҳәсиретлирек емес пе? Хийўа ханының жаналғыш жәлладларына усап кетпейме?—деди Генжемурат.

— Ерназар ағаның пикири маған да унайды, — деди Бала Ерназар. —Қара ишки ҳәўир, ишки ҳәсирет. Ата-бабалардың ҳәсирети сыртқы кийимде көринип турғаны шеп емес. Бирақ, басқа сәл сарғыш дегелей, я шөгирме кийиў керек. Бул аласапыран дүньяда қудайдан жақсылық күте-күте сарғайғанымыздың белгиси. Бирақ, «қарақалпақ қыраны» қанхор секилли көринбеўи ушын ат үстинде ме, пияда ма, бәрҳа мыйық тартып жүретуғын болыўы тийис.

— Бул көринис маған күтә унап кетти, — деди Генжемурат.— Ал аяқларға ҳәрким тапқанын кийеди-дә.

— Бөтен жол жоқ.

Және бираз үнсиз ойланысқан менен «қарақалпақ қыраны»

ның кийими, өзин тутып жүриси ҳаққында басқа пикир туўмады. Зарлық дастурханнан қос қоллап нан алды.

— Жигитлер, тап ҳәзирги келисимди бузғанды нан урсын деп услап шығыңлар.

Әўелинде сәл албырақлаў кейпи көринседе, биринши болып панды Ерназар алакөз услап. Зарлықтың айтқанын айтып ант етти. Оның изинен басқалар да бирим-бирим услап, бүгинги серги бузбаўға ант етисти.

— Енди «қарақалпақ қыраны» ушын бир қыйлы антнаманың сөзлерин еки Ерназар жазып шықсын,—деди Зарлық.

Буған да келисилди.

— Жигитлер, енди бир ис бар,—деди Ерназар алакөз. —«Қарақалпақ қыранын» дүзгенимиз жөнинде Қарақум ийшан билиўи керек.

— Ол, бирден тарқатыңлар дейтуғыны сөзсиз, — деди Зарлық.

Бала Ерназарда екилениў көринди, Генжемурат ант ҳәзир-ақ бузылғандай көрип, терший баслаған маңлайын сыпырды.

— Жигитлер,— деди Ерназар алакөз. — Өтирик пенен дүньяны гезиў мүмкин, изге қайтыў жоқ. Лекин, мениң Хийўада сезгенимим—хан сарайының дийўалы жерге емес, өтирикке сүйенип турыпты. Душпанды душпанының өз қуралы менен урыў ушын, бизлер-әм бир сапарға өтириктен пайдаланамыз.

— Қалайынша?— деди Бала Ерназар.

— Қарақум ийшанға барып «Қарақалпақ қыраны» сизди, сизиң атыңыз бенен пүткил исламды қорғайды деймиз. Аржағы өзлеримиздиң пешмиз.

— Ийнбис,—деди Генжемурат.

— Ийнбырамыз. Ол өзине «Қарақум ийшан» деген лақап алғанда усы жерлик болғанын, қарақалпақ болғанын дәлиллегиси келип алған. Усы төртеўимиз барып лақабына қутлы болсын айтамыз.

Жигитлердиң және бир ар-сары шығып, ҳәркайсысы өз ойына шүмди.

— Егер Қарақум ийшанның мақуллаўын алсақ, қыраплыққа жибересетуғын улы жоқ байларды, улым олип қалады деп аяған байларды зорлап, үгитлеп ҳәр қайсысынан ең кеминде бир қыран ушын ат, жаў жарақ алыўға ерисемиз...

— Табылған ақыл!

10.

Соңғы күнлери Гүлзийбаны көп қыйнайтуғын нәрсе, бәрҳә ақлыўда турғаны емес, ҳәмледарлығы болып қалды. Ғарры байға еситтирип Улбосын күнде бирнеше мәртебе жанына егеў салады:

— Ишиндеги ҳарамы Рузматтан ба я басқадан ба?

Гүлзийба ырасын мойынлай алмайды. Рузматтан, я байдың өзинен деп өтирик сөйлеўге тили бармайды. Ғарры бай сыр ал-

дырғысы келмегенликтенбе, оның кимнен екенлиги жөнинде гәп қозғамайды. Бирақ, суўғы болып келгели ҳәр жума сайын Гүлзийбаға тасланады. Бундай ақшамлар Гүлзийба ушын ең ҳәсиретли өмир жолындай созылып, айқас пенен таң атырады. Бәрибир оған сорлы ғаррының күши жетпейди, таң атса өзине келип, түнде Гүлзийба қарсылық етпегенде, ҳәр түрли тамаша қуратуғының айтып мақтаныў менен ғарры өзин-өзи алдарқатады. Бундай әдетке Гүлзийба да көнликти. Ғаррының азанда мақтанғанына ишинен мыйық тартып, оның көкиреги емес, тили ғана ҳәрекетке келетуғын болып қалғанына қуўанады.

Усындай жағдайда есине Ерназар түссе, бир күни келе сала бул қонестен қутқарып алатуғындай, өз-өзинен кеўли ҳалласлап йошып кететуғын еди. Жақында, таза ҳаўаға шығып үйиниң ийнеўине сүйенип турғанында, қара шекпенли сары қурашлы Ерназар, оны көрседе қайырылмай өтип кетти. Соннан бери кеўли және бийтахат. Қараңғы азаплы өмир кем-кем өз қушағына қысып, көнликтирип, жақтыға шығаман деген жалынлы әрманына суў қуйылып атырған секилли, көп нәрселерди қыял ете бермейди. «Еле ол өз перзентин мойынламас-әм» деп қорықсада изинен өзин-өзи алдарқатқандай дәлил тапты: «Ол я асығыс өтти, я мени елестирмеди».

Қайтадан көриўди әрман етип және күнде тап сондай ўақытта үйден шығып, шийге сүйенип отыратуғын болды. Сирә қайтып өтер Ерназар жоқ. Аўыл арасында арман-берман шабысып жүретуғын атлылар көбейди, арасында Ерназар көринбейди. Көз житпримдеги гүзар менен Хийўа тәрепке баратырған, я киятырған атлылар арасында да көринбейди. Биреўлерден сораўға, үйине келим-кетим баз баяғы тыртым. Үкесинен сорайын десе, оның кеўлине ғул-ғула түсирмейин деп үндемеди.

Кем-кем аўыл ишиниң көриниси өзгерип, қара шекпен, сары дегелей кийген атлылар пайда бола баслады. Ерназар атын, кийимин өзгерттиме деп соларға сығаланады, сирә ол көзине шалынбайды.

Усылайынша бар парасатынан айрылып, үйиниң қуяшламасына жаңа шығып отырғаны, қара шекпен, сары шөгирме кийген бес атлыны баслап киятырған Ерназарды және көрди. Шыдамай орамалын былғады, Ерназар көз астынан қарап баратыр еди, атын иркип қайырылды.

Олардың ығбалына я Сержан бай, я Улбосын жақын жерде жоқ еди, тек Рүстем Басарды еркине жиберип, Ерназарға шабаландырып үргизип қойды. Ерназар ийт даўысы астында Гүлзийбаға:

— Сен қайтып мени шақырыўшы болма, — деди де, басқа сөздиң басына бармастан кетти.

Бул уяласыў Гүлзийбаның пүткил өмир бойы бастан кеширгенлеринен мың есе көп азап болып, аяқларының димары қурып, арқасын шийе тырнаўы менен жерге қулады.

Ерназар кетиўден ийтин услап нан жеўге кирискен Рүстем

Гүлзийбаның ишкерилемей жатырғанын көрип, Басарды жақыплатып үргизди. Ешейинде тез түргелип кететуғын Гүлзийбаның дәрпенбегени ушын қасына жуўырып келе сала басын сүйеп үйге киргизди. Гүлзийба әлленемирде өзине келип көзин ашты да, бас ушында бағып отырған Рустемге жалыныш пенен телмирди. Қанша көз тиккен сайын көкиреги сан мың қубылып, Ерназарға деген ышқысына бирден түкиргиси келди. «Оның көзине шөп салып, изинен ырасымды өзине билдирейинде асылып өле қояйын» деген ойға берилип, ҳешқашан жибисип нәзер аўдармаған Рустемге күлимсиреди:

— Сениң атың дәстандағы батыр Рустем бола тура неге мәрт емессең?

Үриўден басқаны билмейтуғын ийт пенен үйренискен Рустем өзи менен жас келиншек сөйлескенине қуўанды.

— Қандай мәртлик керек?

— Жас жигит бола тура неге дегишпейсең? Неге сөйлеспейсең?

— Сөйлессем, алдап қашып кетесең.

— Алдамайман.

— Қудай урсын де.

— Қудай урсын алдамайман. Айт, жигит болып көрдиң бе?

— Яқ.

— Тең қурбыларың қыз әкелип атыр. Сен олардан ҳаял алған қандай болады деп-әм сорап көрмедиң бе?

— Сорадым, ҳаял алған жүдә-жүдә қызық дейди.

— Сонда неге биреўди алмайсаң?

— Ожағам әпермейди. Өзим қыз алыўды ҳәм оның менен не қылыўды билмеймен.

— Мен үйретейин бе?

— Алдап қашып кетпейсең бе?

— Айттым гой қашпайман...

Рустемниң жайық аўызы ашылып ацсары аўды.

Гүлзийба басын көтермей оның ири қолларынан услады.

— Бирақ тиспиңиз ишгарма.

— Мен кимге айтаман? Йитке ме? Ол түсинбейди.

— Онда барғой, күнде байды ацлы. Ол бир жаққа кетсе, түнде кел де менің төсегиме кирип жат. Онаң соң ожағаң қыз әперетуғын болады. Балалы боласаң.

— Балалы болсам, қоне? Мойныма мингизип жүреберер-ем! Сонда қасыма келгенде Басарды не қыламан?

— Бос жиберип қойбер.

— Яқшы, Пай ҳәзир-ақ үйретсе ә?

— Бай келип қалады.

— Илайым ол тезирек бир жаққа кеткей-дә.

— Енди ийтиңиз қасына барағой.

Гүлзийба Ерназарға аңыў менен пендей гүналарды ислемекши болғанына биресе ҳайран қалып, биресе Рустемниң ақылсыз

лығына өз-өзинен күлип жатыр еди. байдың кишкене үйдеги ҳаялы Улбосынға ашыўлы сөйлениў атырғанын еситти.

— Антурған Алакөз бәрҳа бир бәле таўып жүреди. Енди «қарақалпақ қыраны» деген бир нәрсе ойлапты. Найсаптың тилинде мәргияси бар ма, сөйлесе душпанлары да оны қуўатлай қалады. Қарақум ишшан-әм қуўатлапты.

— Неўе өзи? — деди Улбосын оның айтқанларына түсинбей.

Гүлзийба оның жуўабын толық еситиў ушын керегеге қулағын тақап, көкирек дүрсилдисин қолы менен басты.

— Қыран болар улымыз жоқ, сол себепли бир қыранның ғәрежетин бериўимиз керек.

— Ол қанша нәрсе?

— Бир нөкердиң аты, жаў-жарағы, ең кеминде он сыйырдың пулы. Бизде тек қырқ сыйыр қалған жоқ па?

— Борин Гүлзийбаның жолында қурттың ғой сорлы,— деди Улбосын. — Берген атың, жаў-жарағың соң өзиңе қайтарылама?

— Өз балам я өз адамым кетсе, ҳеш гәп еди. Мынаў Рустем деген маңбас сирә атқа мине алмайды. Айтпақшы, Теңел қалай болар екен?

— Оны жиберип көр, сақалыңды бирим-бирим жулайын.

— Уҳҳ.

— Уҳҳ.

Олардың аҳыў-зары басылмай атырып Мәўлен сарының даўысы еситилди:

— Қуўан, Сержан дайы, бас ўәзирге керек ўақыя жаңа жүз берди. Енди жийеңиңди аспанда көр.

— Сен не, «қарақалпақ қыранлары» жөнинде айтып турсаң ба?

— Ҳа, енди не?

— Тыныш өмир жақсы ғой.

— Ҳоо, алжыған, қойныңда, жас ҳаял болған соң сөйтесең бе? Рузматқа өлим сорап, Гүлзийбаға өмир сорап аларда бас ўәзир не талап қойды? —Ол Сержанбайдың жерге қарап қалғаны ушын сорлы ғарры умытқан шығар деген пәм менен есине салды. —Қарақалпақ елинде Алакөз не жаңалық ислесе, хабарласып турасыз, болмаса, өзлериңизге де жасаў жоқ дегени ше? Оған қуран услап ўәде еткенсең, айтқанларымыз орынланбады ма? Ал мен Ерназардың мениң үйимдеги «аға бийде» жәнжел көтерип, тап мениң ошағым басында басқаларға азап бергенин умытпайман. Аўа, Мен сонда абырай алыў орнына үйимде масқара болдым.

— Дурыс сөзиң, Мәўлен, — деди бай әлленемирде тилге келип. —Ерназар алакөз пайда болды, елде және аласапыранлық басланды. Бул ҳәдийсе Хийўаға жетсе, үлкен базарлықлы боламыз.

— Тап ҳәзир атланыўымыз тийис.

— Сабыр қыл, ертең азанға шекем таярланайық. Хийўа зер-

герлерине жолығып, киши ҳаялыма алтын әребек буйыртыў ом ойымда бар.

— Жүдә мақул, ҳаялға жылтыраўық зат берсең, тамам.

* * *

...Бай еки ҳаялға да зобалаң туўғызып түни менен жол азық таярлатып, таң ата Мәўлен сары менен жолға раўана болды.

Аўылдан былайырақ шығыўдан-ақ жүреклери шәўкилдесип, апаратырған хабарлары ушын бас ўәзир «не қәлейсең?» десе, бирден алжаспаўдың усылларын ортаға салысты.

— Не қәлейсең десе барғой, дайы, — деди Мәўлен сары. — Мен жорта айталмай тураман. Сол ўақта сен, мениң сөзимди қақшып алып, бизиң жийенге ҳамал керек-де. Бийлик берсин ямаса мураплық берсин.

— Ал меннен сораса, мен де киши пейиллик көрсетейин. Сен сонда мениң дайымның маллары еркин жайылғандай еки мың танап ўақым жер керек-де.

— Ўай, дайы не деген ақыллы адамлармыз-ә! Мениң анам саған туўысқан болғанынан айнанайын. Ер дайысына тартады деген, мен нағыз саған тартқанман-ә!

— Ҳәккениң саз шертип, жыланның қосық айтып баратырғанын қара.

Олар күтилмеген жағымсыз гәп шыққан жаққа жалт бурылды. Жолдың шетиндеги бир дөңеслеў жерге арқасындағы отының қойын шығында дем алып отырған жетим. Бектөреги таныды.

— Ҳой, мәжгүн, өзиң отынды көтере алмай, жин менен сөйлесип отырсаң ба? деди Мәўлен.

— Сизлерге айтып отырман,- деди Бектөре.—Елге ойқан салыў ушын және Хийўаға баратырсыз ғой.

— Мынаў пәлеттиң жалғысына қара,— деп Мәўлен оны қамшылаў ушын атын бура бергени, Бектөре тырмысып жаздырып тикеше сала, қолына отын шыққан балтасын алды.

Сержанбай оның Рузматқа көп келип кететуғын, сөзди кисиден сорап алмайтуғын бала екенин билетуғын еди, сол ушын Мәўленге сыбырлады:

— Жол шалма!

Мәўлен дайысының сөзин сындырғысы келмеди ме ямаса Бектөрениң жуўан қоллары тутқан шойын балтасынан қорықтыма, изине қайтып бай менен қатарласа жолына түсти.

— Ҳәзир адамлар ямаға өзгерип баратыр,—деди Сержанбай былайрақ шыққаннан кейин.—Әсиресе жарлылар, жалаң аяқ жетимлер. Неден екенин түсинбеймен, ҳәр қайсысының танаўында самалы көбейди. Бир нәрсе десең бетиңнен алады. Ҳәркимниң отынын тасып күнелтип жүрген жаңағы жетимниң сендей атақ-

лы атлыға балта көтерпүине қара. Олар өз-ара түсинисип бирикпегей дейбер, буларды Алакөз түсинбегей, құдайым!

— Қорықпа, дайы, заманның өзи базы адамларға ес бере меде деймен. Ҳәзир бизиң сәўселим Рүстемниң де мурнына самал енип есейипти.

— Жақағынықиндей өрлик самалы ма?

— Билмеймен, бүгин азанда атланайын деп атырсам қасыма келип, «ожаға ҳаял алған қызық болады деседи, маған да ҳаял керек» деп сыбырланды.

Бай бул жақалықты мысқыллы күлки менен дегишпе сыпатында тыңласада, Қарақум ийшанның жас ҳаял ҳаққында айтқаны бирден есине түсип, ишин гүман жайлады. Алға жүрген сайын гүманы еңсесине жүк болып минип, диңкесин қурта берди, қурта берди. Бара-бара ол атты емес, ат оны минип киятырғандай терлей баслады. Алда сөйлеп баратырған Мәўлен сары бир гезде артына бир қарап, оның ҳуўышы кеткенлигин байқады.

— Дайы, бир жериң аўырғаннан аманба?

— Ҳақыйқый аўырып киятырман.

— Күн-әм намазлыгерге тақалды, енди аўыл гезлессе қонармыз.

— Яқ, Мәўлен,—деп бай атының жылаўын тартты.—Менде диңке жоқ, изиме қайтып биротала үйге барып қуласамба деген ойдаман.

— Мен не қылайын?

— Сен кете бер. Бирақ, нәпсиқаўлық етпе, яқшы ма? Мениң жолда аўырғанымды айт. Сарпай берсе, жасырып қалмай әкел.

Еки адамға бөлинетуғын инамның бир өзине жетисетуғынына Мәўлен сарының иши қуўанса да, сәл бүркеўге урынды:

— Бирге баслап едик...

— Бас ўәзирге меннен сәлем айт,—деди де бай көп сөйлемей артына бурылды.

Ол әўелинде аўырыў усап адым-адым кетседе, Мәўлен сарының қарасы шөгиўден аўылға жеткенше асығып, атын қамшылаған үстине қамшылады. Баққыдағы жүйрик ат, кең жазық далада ор қояндай секирип, жем жеген қорасына қарай атлыға ылақты. Бай тек аттың жалына асылыў менен болды.

Ярым ақшамнан аўдарыла аўылға жетти. Ҳәмме өли уйқыда. Үйине жақынлап атының жүўенин ерине қаңтарды да, пиядалап аяқларын газ-газ басыў менен тың-тыңлады. Басар қораның аўзында жатыр еди, ерининкиреп еки аяғының арасындағы басын көтерип, ийесин таныды да тыныш жатты. Жүреги улы-дүпилди бай ший сыртынан бираз қулақ түрип, иштен қурылды еситти. Гүлзийба ҳешқашан өйтип қурылдамайтуғын еди, нағыз еркек қурылдысы. Күнде-күнде егеп, қораның қыспасына жасырып қойған, қылғыйбас айбалтасын алдыда, әстен есикти көтерди. Ерге-

неклер иштен илинбепти. «Анаў-мынаў қәўип болса, қашыўға қолайлаған ямаса кишкене үйде уйықлайтуғын үлкен ҳаялға гүман туўдырмаў ушын ергенектиң бекиткенде шыйқылдайтуғынынан қорыққан». Ол айбалтасынының жүзин бир мәртебе сыйпалап көрип, қашса ғапылда қалмаўы ушын урыўға қолайлады да, әстен ғана босағадан атлады. Түнлик, неликтенде ярым бекитилген екен, шаңарақтан түскен ай нуры менен Гүлзийбаның қапталында жатырған Рүстемди таныды. Басы дастықтан асырылып түсип, аўзы ашылыўы менен шалқ ортасына пәнкийип уйықлап атыр. Гүлзийбаның маңлайы жибисип, терлеп атырғанға усайды. Бай оның ҳеш ўақытта бүйтип ҳәз етип уйықлағанын көрмеседе, өзин жүдә сабырлы тутып, ҳеш қайсысын оятпастан Рүстемниң ийегин шеп қолы менен сәл көтерипкиреди де, алқымының түйининe балтаны гирш еттирди, Уйқыда балқып атырған аўыр дене жыландай шыйратылып барып, қаны-аспанға атылыўы менен аздан соң кирпидей қаўсырылып, тып-тыныш болды.

Гүлзийба ҳақыйқаттанда, бул үйге келгели қатты уйықламаған еди, ҳештене сезбеди. Бай күтә сабырлылық сақлап оны ҳәзир емес, азанда, дуйым журттың алдында, өзи бурын ескертип жүргениндей, туўрама қылып өлтириўди, Ерназар алакөзди де ертип келип, соның алдында гүнасын мойнына қойып, қандай азаплы қыйын өлим есине келсе, солай өлтириўди ойлады да, балтаның қанын сыпырмай бас ушына қалдырып, есиктен әстен ғана шықты. Асықпай атына барып қаңтарыўын жаздырып қорағa киргизди де, Ерназарды оятып келиўге кетти.

...Катты уйқыдағы Гүлзийба түсинде әлленәрседен шоршып, бир аўдарылды. Бир қолы қасында жатырған биреўге тийди. Гарры байсыз еркин уйқлап кеткен Гүлзийба, ҳәттеки, Рүстемниң қасына қашан келип жатқанын билмеген де еди. Ҳаўлығын кийиктей секирди. Айдың жақтылығында қабайласа ол ойлап кормеген боледи де жүз берген, Рүстем қанға былғанып өлип атыр, бас ушында қанлы балта жатыр. Гүлзийбаның я жылаўға, я бақырыўға шамасы келмей бир нәше демге үнсиз қалды. Өз басына доретүгин мүнкиллп өлим қәўип оны және өзине келтирип, бирден оны бияледи де, бул болеңиң байдан болғанын ҳәм не ушын оны өлтирмей кеткенинің мәнисин түсинди.

Кейди ашып-жумғанша басына мыңлаған түрли ой келип, бирден шешим тапты. «Өлиги жасырыў керек!».

Өлим қәўип сергезердей жигиттиң өли денесиниң аўырлығын сездирмей, аң-ацсат ғана орынлап қозғалтты. Бар күшин салып сүйреўи менен сыртқа шығарып, мал төлеге киргизди де, жалмажан бел таўып, габыр-губыр жер шуқып, топыраққа араластыра сала, үстине самтық шашты. Қайтадан ишке кирип киятырғанын ийт байқап, ларс етип бир үргени, кишкене үйден Улбосын бақырды.

— Гүлзийба!

Гүлзийбаға және бир ой келди де, қанлы төсекти тез-тез қаўсырып бүклеп, қанлы балтаны жасыра сала даўыс берди.

— Улбосын апа, қасыма келип жат, қорқып атырман.

— Дүрсилдеп далаға шыққан сенбе?

— Сениң қасыңа барып жатажақ едим, ийттен қорықтым. Келмесең уйықлай алмайман.

Улбосын да мақаўсыраўы менен келди. Гүлзийба көрпесиниң бир шетин көтерди.

— Апа, бирге жатайық.

Улбосын ҳештеңеден кәўетерсиз Рүстемниң орнына кирип, тым-тырыс жатты. Гүлзийба шеп қолын оның мойнына дастық қылып астеп сыйпалаған болды да, кегирдегиниң түйини тусында иркилип, оң қолы менен балтаны беккем услап, гөзлеген жерине қойып салды. Ўай! — деп үлгертпей, және бир ирет урды. Улбосынның кегирдегинен қан жосып, қарылдаўы менен демде-ақ жан тәслим етти.

Гүлзийбада және бир түрли қорқыныш пайда болып, албыраўанынан буны да жасырыўға мейилленгенде, сыртта әлле кимге ашыўлы, ҳаплығып сөйлеп киятырған байдың даўысын еситти де, балтаны орнына қойып өли Улбосынның қапталына созылып жата сала, бетине көрпени жаўып көзлерин жумды.

Бай қаҳар менен ергенекти сартылдатып-сартылдатып ашты:

— Жорасының қойнында еле оянбаўына қара қаншықтың!

Ол көрпени көтерип жиберген сол, қыйсық қағылған қазықтай сорийип лал болды да қалды. Гүлзийба, ҳәзир тоңып оянған секиллы аппақ сулыў денесин кирпидей жыйырып, қыпылықлата-қыпылықлата көзлерин ашты да, қапталында қанға батқан Улбосынды биринши көргендей «Ўай сорым!»—деди де жорта естен танды...

Байдың изине ертип келгенлердиң бири Ерназар алакөз еди. Өли менен қатар үсти-басы қанға малынған Гүлзийба оған бурынғыдай гөззал емес, тек аянышлы ҳалдағы әллеким болып көринди. Ашыў қысып байға қолын бир силтеди:

— Алжыған манлайы қара, өзиң жаққан отқа өзиң жылып енди!

Оның шығып баратырғанын сезген Гүлзийба көзлерин ашпастан, сандырақлаған болып жыламсырады.

— Алакөз. Мен гүнасызбаан!

Ол еситпеди.

Сержан бай қыйсық қуўағаш болып еле үнсиз турыпты...

20.

Ханлықта урыс қағыс бираз тыныш тапқалы бас әскер басының жумысы кемейип, көп ўақтын бас ўәзирдиң ханасында өтке-

реди. Бас әскер басы ҳәр сапары, неликтенде, бас ўәзирдиң шалғайына маңлайын бир тийгизип болып отырады. Буған бас ўәзирдиң ўақты хош, ҳәттеки дилўар болып кеткен сияқлы. Насирадин әфандиниң аты менен қызық әңгимелер, ушқыр ләтипалар тоқыўға, айтыўға, ҳәр қашанғысынан шебер. Биреўиң тамам қылса, гирттай ойланып алмастан келесисин баслайды. Бас әскер басы оның айтқанларын саралап отырмайды, күлкиден езиўи жыйылмай, ҳәтте шыны менен көзинен жас аққанша күлетуғын пайытлары да болады, бундай жағдайда марапатлайды.

— Оқымыслысыз, наятый данасыз. Сиздей адам күлдиргишти ҳешбир хан сарайы көрмеген.

Бас ўәзир ушын пүткил хан сарайында ушырма гәплерди түсинетуғын бас әскер басыдан басқа киси жоқтай. Бас әскер басы бүгин де келип, оның күтә қызық бир ләтипасына күлип, көз жасларын сыпыра бергени, қапы сәл ашылғандай болды. Мәўлен сарының дүнкилеў маңлайы көринди. Оның бас ўәзир менен бурынғы келисими бойынша, айтажағы жүдә әҳмийетли болса, ол ким менен отырғанына қарамай урықсатсыз, ың-жыңсыз туп-туўры кириўи зәрүр. Мәўлен сарының есиктен кириси, алға жүре алмай қапыға арқасын берип турысы өз алдына қызық: қапыны уры пышық киби ашады да, төрде отырғанға ыржыйып бир күледи. Оның унатқан тәбиятын аңласа, арты менен қапыны қаттырақ бир ийтерип, алға илгерилей береди. Усы сапарыда тап сол әдетин қылды. Бас ўәзир оның бул көринисине күтә ышқы етип, көзлери күлди. Бас әскер басы әўелинде бийтәртипликке таңланса да, оның ҳәрекетлериниң сорлы тыңшы екенин уқты.

Бас ўәзир Мәўленге ийеси менен орын нусқады да, жаңа әңгиме баслады:

— Бурынғы ханның тусында бала ўәзир едим, датханаға бир кісі келди. Жүріс-турысынан, кийимінен оны есаўас дейсең. Ханға жибермейжақ едим, хан оның шатақласқан даўысын еситип, ишпен ишқты. Бас ўәзир өз-өзинен басын шайқап-шайқап бир тыма күлип алды. Көзлерінің суўын сыпырды.—Соңнан сол есаўас не қылды дейсиңиз? Ой, қызық: Ханға түшпадан туўры қарап, маған күн көргіш ҳамал бер деди. Садағаң кетейин хан жүда зор еди да! Оған, «бир, саған аттың қуйрығы» деди де, күлиўи менен есикти жапты. Соңғы ҳәтте отпей ақ датханаға арзагөй биймлер менен байлар толып кетти дейсең, қоябер. Бул не десем, бәри жабырласып, «бир есаўасқа аттың қуйрығы деген ҳамал жетискен екен, мазамыз кетти. Ишпе төрт-бес -жигитти ертип, ең жүйрик, ең жорға, ең көркли ат көрсе қуйрығын кесип ала береди» деседи. Соңғы хан сол есаўасты сарайға шақыртыўға мәжбүр болды. Ой, пайсан-ай! Көп дүньялы болыпты, ғәзийнеханаға көп пул әкелип-әм берди. Сөйтип ханға тәжим етип, бул ҳамалыңызды қайтып алғыңыз келсе илажым жоқ, басқа күн көргиш бериңиз деди. Садағаң кетейин, топырағы торқа болғыр хан та-

ғы күлип, «бар, саған самалды бердим», деди. Тап гүз кириўден изине және бир топ жигитти ертип, «уллы хан маған самалды берди, менсиз қырман аталмайсыз», деп қырман көрсе, өрине шыптадан қора туттырып кете берипти. Ақыры оны және сарайға шақыртты. Ол бос келмей. ғәзийнеханаға және көп пул инам етти. Оған уллы ханымыз және не қылды деңиз. «Оо, сен нағыз азаматсаң, маған сендей болып, берген ҳамалымды қәдирлейтуғын, жүргизетуғын адамлар керек» деп оған мың танап ўақым жер ажыратып, өз аўылына бийлик ҳамал-әм қосып берип қайтарды.

— Паҳ, паҳ! — деп таңланды бас әскер басы.—Хан, Сиз, сол Есаўас үшеўиңиз де тең ақыллы екенсиз. Ҳамалды тек сондай адамларға бериў керек.

— Олбетте! Ҳамалдар болса хан биреўдиң бас кийимин әкел десе, басын қосып әкелетуғын болсын-дә!

Умтылып отырған Мәўлен сары даўысы қарлыққан күшиктей шиқ-шиқ күлди.

— Мынаў сарының не ҳамалы бар?—деди бас әскер басы.

— Мени ҳешким түсинбейди,—деди Мәўлен сары гәптиң қайымын пайдаланып.—Болмаса, меннен ҳамал жүргизгиш бенде жоқ. Зәрре ҳамалым болса, сол есаўастан өткерип, керегинде Аралдың суўын Әмиўдәрьяға терис қуйғызыў қолымнан келеди. Қайсы ҳамалды-әм тап-туйнақтай қыламан. Уллы ханымыздың, мине сизлердиң, не жен, не ишетуғыныңызды билемен. Геширдиң суўын ишесиз. Ал, ҳамал жүргизиўге көп ақыл емес, азғана ҳүжжет, оған қосымша сумлық керек. Менде сумлық барын еки аяқлы бенде сезбейди. Ақ көкирек болып жүрип-әм қатыраман. Бизиң елде Ерназар алакөз биреўди урыўы менен атағаңды унатпайды. Мен оған урыўды жек көретуғынымды уқтырып, ақ көкирек атаның, Мәўлен қәндекли болып-ақ жүриппен.—Ол бас ўәзирдиң жүзи шамалы қуўарғанын абайлап, бирден өзгерди.— Жо-жоқ, уллы әскербасы, жо-жоқ, дана бас ўәзир, мени ҳамал сорап келди демеңиз. Ҳамал мен ушын емес, таныслырым, ағайинлерим ушын керек, яғный олардың алдында пышақ арқасы абырайым болыўы ушын керек, ханның тапсырмасын булжытпай бәржай қылыўым ушын керек. Өтинемен, мени ҳамалпараз демеңлер! Маған керек емес, оны Ерназар алакөз усағанларға, Сайыпназар сыяқлыларға береберіңлер...

— Сениңше ҳамал деген не?—деди бас әскербасы бийпарўалық пенен оны кек ете күлимлеп.

Мәўлен сары ийинлерин қысып, аўзын қайта-қайта сыпырып алып, ерниң-ерниңе шала-пула тийгизип, қуўаныш пенен түсиндирди:

— Ҳамал—адамның абырайы, даңқы, ҳамал—ханның қылышы. Ҳамал—ханның аты.—Ол қызып орнынан түргелди де, үйренген пешесине салып қапыны және қаттырақ бекитип, орны-

на отырды.—Ҳамал—хан қолына услатқан көк туў. «Ҳамал—жақсы тамақ, ҳамал—пул»...

— Пай дигирледиң-аў!—деди бас ўәзир жақтырмай.

Мәўленниң қуўанышқа толы шийкил сары жүзи қуўарып, жән-жағына қарады, алақанына алақанын басып ширенди, бундай жағдайда шығып кететуғын әдети бар еди. Бас ўәзирге илаж ете алмасын түсинип, қылт етпеди.

— Сөйле!

Бас ўәзир ырастан талап етип отыр ма деген ой менен бирден бас көтерди ҳәм көзи менен «мынаның көзинше сөйлей бериў мүмкин бе?» деген ишарат билдирип, биресе басы төмен ийилген бас әскер басыға, биресе бас ўәзирге жалтақлады. Бас ўәзир қыстады:

— Сөйле!

— Қазақ, татар, башқурт еллерине моллаларды баслап кеткен Асқар бий келди.

— Билемен. Олар қазақларды, татарларды, башқуртларды мақтап келди дейжақсаң. Орыслар менен татыў екен деп айтты дейжақсаң. Орысларда өзи жүретуғын арба шығыпты дейжақсаң. Оны еситкенбиз, басқа жаңалықлар айт.

Көкиреги ҳалласлап, жаңалықлар менен бас ўәзирди таңландыраман деп келген Мәўленниң тар маңлайына бир муш урғаннан кейин болмады, тили тығылды, дөңгелек уры көзлериниң асты тершиди.

— Уллы бас ўәзир, Сиз айтқан жаңалықларды меннен бурын ким жеткергенин биле алармаң ба?

Бас ўәзир Мәўленге қабағын үйип жекиринди.

— Ҳа, қарақалпақ елиндеги сарай сүтиниң бир өзим деп жүрсең бе? Еле сениң шалалығың ҳәм сатқынлығың ҳаққында көп гөплер бар, тилиниң шүйели бар адам көринесең!

Ол бас ўәзирден жасырын тапсырмасы барлығын еки аяқлы бендеге тис жармаған еди, тула бедени жуўлап, тар маңлайына қос қолын тиреп гирттей отырды да бас ўәзир мени сынап жорта айтып отырған шығар деген исенимменен және тиклепди.

— Уллы бас ўәзир, не десеңиз қайылман, бирақ Сиз жөнинде, сарай ислери жөнинде тилиме бассам, қара қантал болайын.

Бас әскер басы бас ўәзирдиң тек қорқытыў ушын жекирингенин түсинип отыр еди. Мәўленниң шыны менен ғарғанғанына күлип жиберди. Бас ўәзир астыңғы ерин тислеў менен күлкисин тыйды.

— Мениң айтайын дегеним, Асқар бийлердиң келгени емес еди,—деди Мәўлен арт жағындағы есикте саңлақ жоқпа дегендей бир сығалап алып.—Хан нөкерлигинен қуўылған Алакөздиң аўылдағы қәдемлеринен аҳбарат бермекши едим.

— Иркилме.

— Баяғы урыста өлди деп ас-абаты берилген Генжемурат мүйтен тири келди. Мақтайтуғыны орыслар. Алакөз бенен бас қосып алды.

— Ошай-әм хабарлымыз. Алакөз жөнинде айт.

— Ол Асқар бий менен көп урыўбасыларды үйине жыйнады. Зарлық төре менен Генжемурат Алакөздиң еки қолына айналыпты. Сөйтип олар бир күн, бир түн мәсләҳәт қурды.

— Өзиң ше?

— Қатнаспайын десем, ўақыяны толық биле алмай қаларман деп қорықтым.

— Яқшы, сөйлейбер.

— Соңнан олар Қарақум ийшанғада барып «қарақалпақ қыраны» деген ат пенен ләшкер дүзиўге келисти. Қайсы бай баласын қыранлыққа жибериўди қәлемесе, я баласы жоқ болса, бир қыран ушын жаў-жарақ, ат таўып бериўге келисилди: бир жаман жери, оған қуўанысып атырғанлар бар.

Бас әскер басының аң-таңы шығып, қыйық көзлери аларып, узын муртлары жыбырласып кетти.

— Ол кимди қорғайды?

— Ҳәзирги гәплери бойынша елди қорғайды, Қарақум ийшанды қорғайды, менің қәўпим—анық күшейсе, Хийўаға қарсы урысқа шығады.

Ерназар алакөз «қарақалпақ қыранын» дүзип келип ханға жаранбақшы шығар деген ойға берилген бас әскербасының абыржыған кеўли жубаныш таўып, бийпарўа тынлаўшы қәддине түсти.

— Шала исти айтпайын деп сизге келмей, олардың не қылатуғынын күттим. Арадан көп өтпей-ақ Алакөздиң изинен ат ойнатып шыққан онлаған жигитти көрдим. Менің ғыжырданымды қайнатқаны, олардың арасында Бала Ерназар-әм бар.

Бас ўәзир ойланып қалды.

— Айтыңыз, Алакөздиң анасы усы ислерге ақыл қостыма?— деди бас әскер басы.

— Қосты. Үйинде болған жыйында, «байға ханлық керек, жарлыларды бағындырып бериўге, жарлыға ханлық керек, байдан теңлик алып бериўге, ханға ханлық керек, тахтын беккемлеп жүртты қорқытыўға» деди. «Сизлер енди қандай ханды қорғамақшысыз»,—деп сорады.

— Жаман ниет—мисли көмир, күйдирмеген менен үстинди күйе қылады.,—деди бас әскербасы.

Бас ўәзир мурнын гиржийтти. Мәўлен және орынсыз сөйледим бе деп қорқып, қырғый алдына байланған шымшық болды да қунжыйды.

— Сөз қазбарламай жасаў керек,—деди бас ўәзир бас әскер басын жақтырмай. —Аммо, бул гәпиме гийне қылмассыз.

— Сиздей ақылгөяның гәпине гийне қылатуғын инсан пүткил Хорезм олаятында болмаса керек. Маған бир нәрсе аян, мен ушын найза қарсылығынан сөз қарсылығы жаман.

— Тили болмаса, кисиниң көзин ғарға шоқыр еди. Аммо, бир нәрсени ескертейин, бүркит шыбын-ширкей аўламайды.

— Қудық қанша терең болса, суўы сонша мол, сиз-әм ақылға терең бир қудықсыз. Алдыңызда биз амыйрақпыз, бизге сөз емес, қылыш берилгенин-әм түсинемиз.

Ханнан соңғы еки үлкен ҳамал ийелери не ушын илимий-тирап пенен гәп алысқанына түсинбей, Мәўлен сары өз басының қорқынышы астында үнсиз. Бас әскер басы оны шымшық ҳалынан қутқарып сөйлеткиси келди.

— Бул кисиге ҳамал бериў керек.

Бас ўәзирди және ашыў қыстап, өзин зорға иркип, Мәўлен сарының далада күтип турыўына буйрық берди. Ол еки аяғына еки батпан тас байланғандай, ийинлери салпаўсып түргелседе, булар маған беретуғын ҳамалдың жөнин келисип алмақшы деген исеним менен бир ийниниң үстинен бас әскер басыға бурылып, көзлерин күлдирип есиктен шықты.

— Сизге қылыш-найзаның лийкини берилген менен, буйырыў кимниң қолында екенин умыттыңыз,—деди бас ўәзир.—Сиз неге оған ҳамал бериў керек деп биринши ғамхорлықтың ийеси болыўға талапландыңыз? Оның пышық шелли ышқысы болсада, күшик шелли опадаршылығы жоқ адам. Еле сынаўымыз керек. Гәп қосыўыңызға қарағанда, сиз маған еле жаман нийетте қусайсыз. Билиниз, бас ўәзирликти сизден алғаным жоқ. Хан сиясатын да, сарай сиясатын да, шаран кесселериниң қайсысына пал, қайсысына зәҳәр салыў тек менің қолымда.

— Уллы бас ўәзир, менің кесеме зәҳәр салмайсыз деп исенемен.

Бас ўәзирдиң ашыўы тарқап, жүзи жибисти.

— Сиз бас әскер басы болғанықыз ушын ұятындырып қояйын. Шараплы кесселердиң зәҳәрлиси өзге ханлықлардан келген елшилерге-әм тутылады. Биз ҳәзир орысларға зәҳәрли кесе усыныўымыз керек.

— Арада жақсылықтың шәртнамасы бар емес пе?

— Уллы ханымыз жасырын мәслаҳәтшилеринен бири—Қарақум ийшанның мәслаҳәти бойынша әлемдеги күшлилер инглислер. Олар бизиң динимизди сыйлап, көкке көтереди, қәлесек жарақ береди.

— Дурыс, ҳәзир ең күшли әскерий жарақ инглислерде. Орыслар өзи жүретуғын арбаны инглислерден үйренген деген-әм гәп бар.

— Ҳә, бәрекелла,—деп бас ўәзир жайма шуўақланып есиктеги жәлладқа даўыслады.—Киргиз қарақалпақты!

Мәўлен қапыны толығырақ ашыўға қорқып, қырынлап кирди де, артына бир қарап алып саққа жүгирди:

— Уллы бас ўәзир, быйыл геширди жүдә көп еккенмен. Жоқ, уллы бас ўәзир, айтажағым бул емес, еле мен сизлерге Ерназар алакөздиң нөкер таңлаўдағы усылын айтыўға умытыппан. «Кимде-ким «қарақалпақ қыраны» деген атты алғысы келсе, душпан қолына түскен жағдайда зинданға тасланатуғынына, аш жататуғынына, қарда жалаң-аяқ, жалаң бас, шыжғырған ыссыда аўыр киийим менен айдалатуғынына қайыл болыўы керек. Халыққа бостанлық берстуғын қарақалпақ ханлығы орнамағанша қылыслар қынабына салынбайды» деген-әм пикир айтып, тыңлаўшыларды уйытты.

— Мәўлен қандекли, абайлаңыз, пуш дәне еккен пушайман жыйнайды. Жаңалықларыңыздың қанша дәрежеде толық дәнлилигин сынап көремиз, ҳәзирше қайтып, өзиңиз айтқан қарақалпақ қыранына нөкер болып қосылыңыз. Соннан кейинги егислериңиз жемислирек болар, бәлким.

Мәўлен сары Хийўаға неге келип, не ис питкерип қайтқанына түсинбей, жол бойынша басының ишинде қыйлы-қыйлы ойлар гөжедей қайнады.

«Той да, садақа да қойдың әжели,—деди бир ойы.—Мен қой болып кетпедим бе? Не қылып жүриппен? Иттен, күнине неше рет таяқ жейсең деп сораса, күнине неше ладанға дус келиўим биледи дейдимиш. Мен иттен бе ямаса бас ўәзир ладанба?»—деди және бир ойы. Гаргыс ургырлардың не дегенине, өңешинде не бүлкилден атырғанына киси түспшбейди. Сонда мен не қылып жүриппен? —Атының жылаўын босқа жиберип, басына таяқ тийген жылан киби мойнын ҳәр жаққа былғаңлатты. Ол қанша ойланбасын, қанша билгишсинбесин, ақыры айналып бир сораўға дүге берди: «Мен не қылып жүриппен?...»

«Ладансаң, Мәўлен қандекли, ақмақсаң!»—деди бир гезде өзине-өзи.—«Өз қазанынды өзиң ыласлап, өз елинди өзиң қорлап жүрипсең... Набада өлип қалсаң, сени ким жерлейди? Бас ўәзир намазыңа келеме? Келмейди. Табытынды көтеретуғын кимлер? Өз елиңиң азаматлары, Ерназар алакөзлер... Ал ҳәзир киммен? Уриў-пириў бир мақлуқпан. Бир жақлы болғаным жақсы. Кимди ели сүйсе, оны әлем сүйеди деп ким айтқан еди? Ким айтсада, дурыс. Сонда мен неге ели сүйетуғын адамға айналмайман? Усыннан типтикке Ерназар алакөзге барып, оған нендей жаманлық ойлап жүргенимди шыннан мойынласам қәйтеди?...

Гилем сатсаң қонсыңа сат, үйине қыдырып барғанында бир шети өзиңдики, дейди. Ерназарларға жақсылық қылыў—алыстағы ханның бас ўәзирине хызмет қылғаннан аңсат ҳәм пайдалырақ. Қанылғыр, көзи ашық болсам, Алакөздиң ертең ким болатуғынын билсем, өзиме көсли жоллар табар едим-аў...»

Әмиўдәрьядан өтип Нөкис елатының арқасындағы таслақта ат

селеўлетиўге ыңғайласа бергени, бир қапталдан:

— Мәўлен қандекли, жолың болсын?—деди бир таныс даўыс.

— Ҳа, Мәдирейим қытай, ямана сум жигитсең-дә! Қайдан киятырғаныңды айтпассаң!

— Анаў Нөкис елатына қара, қандай көрикли. Бас бийиниң қызы оннан-әм көрикли. Соған күйеўлеп жүриппен.

— Ҳа сум, бас бийдиң ул баласы жоқ шығар.

— Жоқ.

— Әне, сен бәрҳә утыўды гөзлейсең! Әкеси өлсе, барлық дүнья сеники екен-ә! Мен-әм ҳешкимниң қойын бағайын деп жүргеним жоқ. Хийўада ханның бас ўәзири менен ҳәмдамман. Тилин таўып жағынып киятырман,еле Мәкенди аспанда көресең.

— Мен ойнап айттым, дайымның аўылынан киятырман,—деди Мәдирейим.

— Сен сум қытай, дурысын айттыңдағы, мен ойнап атырман.

— Мен кеттим.

— Жолларымыз бир емес екен дә,—деди де Мәўлен сары атын қайта жолға салды.

Оның ендиги қорқынышы Мәдирейим болып, оған неге мақтанғанына өкинип жанбасын бураў менен аўылға жетти. Өз үйине, қайрылмай, еки мақсет тутып дайысы Сержанбайдикине бағдар алды: биринщиси—бай оны сөйлетиў ушын жақсы тамақ писиртеди, екинщиси,—өзиниң ишки гуманларын бай менен сырласады.

Бай үйиниң дөгереги, ҳәрекетсиз, бәри қырылып қалғандай жым-жырт. Есик алдында еки жерге ошақ соғылып, қазанлар асылған, күли алынбапты. «Бийшара дайым жолда аўырып қайтқанынан өлдимекен? деп ойлады. Ырзаласып қалмағанымды қарашы. Бул алдамшы дүньядан тезирек өлип кеткен-әм абзал,—деп турды да, өзиниң өлетуғынын есине түсти, бирден қорықты.—Қой, өлмегеймен. Көрдиңбе, өлсең изи ўшыллай тым-тырыс қалады. Өлгенде ағайинлериң уў-шуў болса-дағо! Тек ҳамалы бардың ғана изи шуўлы болады».

Ат үстинен қораға нәзер таслап еди, Басар басын көтерип «ўаф» етти, болғаны. Дегең менен, амалың емес, бул үйде әллеқандай жыйын болып өткенге усайды. Үндемей аттан түсти. «Ўай-ўай салмай киргенім айып болмаса», деп турды да, не болғанын билиў ушын жан-жағына сер салып еди, сорағандай ҳешким көзине түспеди. Атын жыңғыл қораның қыспасына байлап, үлкен үйге кирди. Төрде төсек салдырып жатқан тири байды көрип, даўыс шығармағанына қуўанса да, кейин-кераңғыдан ҳақыйқат кесел екенин уғып, аяқ ушына отырды.

— Ушындың ба, дайы, жүзиң оғыры солыпты.

Байдың көзлеринен жас соғалады.

— Қапаланба, дайы. Душпы ет аўырмақ ушын дейди, тәўир болып кетерсең.

Бир қолына дәстурхан, екинши қолына шайнек көтерип Гүл-

зийба кирди. Үйде не болганын билиў ушын Гүлзийбаның қас-қабағына қарап үлгермей-ақ бай сөйледи:

— Мәўлен, қуран оқы, үлкен ҳаялым өлди.

— Бийпарайың ийманын берсин,—деди Мәўлен сары оның неден өлгенин менен де қызықпай,—Өзи туўмаған қақсал еди. Енди Гүлзийба жеңгеме оң түсипти. Аман-саў көз жарса, той бер, дайы. Гүлзийба жеңге, Рүстемге айтып жиберши, мениң атым суўылған болса, алдына бир баў беде тасласын.

— Рүстем жоқ,—деди бай ыңқылдап жатып.—Мен келсем, ол изимизден Хийўаға кетипти.

— Ол мәжгүнге ақылы енип киятырғаны ырас,—деди Мәўлен.

Гүлзийба үнсиз жүрип дастурхан жайды да, ғарры байдың омыраў көтерип отырыўға мейилленгенин түсинип, жүктиң үстинен үш көзли нағыслы дастық ала сала шығанағына қойды.

Бай көпшикке сүйенип, бойын тиклеген менен көп отыра алмады. Мәўлен сары бир кесе шай усынып еди, ол бир нәрсе жутса жүреги айнып, қусатуғынын билдирип басын шайқады. Енди Мәўлен Хийўа жаңалықларын айтып сырласыў түўе, оның менен бирге отырып сөйлесиўдиң аўырлығын түсинип, узақ жолдан шаршап келгенин сылтаўлады да шығып кетти.

Атхананың қапталынан өтип баратырған Шәрип молланы көзи шалып, өтпиши даўысы менен бақырды.

— Молла, дайымнан хабар алып турағөр.

— Өзиң қайда атланажақсаң?—деди молла гидирип.

— Ериазар алакөзге бараман.

Ҳа, оған жарақ болажақсаң ба?

— Халқының қорғаны болып жарақ асынбаған жигит уятсыз қатын менен тең. Билесиз, уятсыз қатын—дузсыз тамақ. Мен ондайлардан емеспен.

Қасақана және Мәдирейим өтип баратыр еди, ол Мәўлен сарыны және илди:

— Ҳа, Мәўлен, уятсыздан уял дейди, халық, мен сениң қатардан қалғаныңа қатты уялар едим, дүзлессең атыңа мин, бирге әкетейин.

— Енди жолымыз қосылғаныма?

— Еле қосылған жоқ, бирақ нийети дүзиўлердиң жолы бир болады.

— Пай жүдә ғана сумсаң дә, Мәдирейим,—деп Мәўлен сары атлана сала изинен жетти де, көз ушында қалған Шәрип моллаға және бақырды.—Молла, саған мениң дайыма қарап тур деп тапсырғанымды дайымның өзине де айт.

— Заманымыз түлки, жора, оны қуўып жетиў керек.

Гүздиң ақыры. Майда-майда шалшықлар әллеқашан музға айналған. Теңиз шеңбериниң қатыўына имканият бермей бурқасынлаған аязлы самал, кең жазық дала үстинен өткен жолаўшыны өрге бетлетпейди. Бирақ, далада асыр салып бирин-бири қуўып ойын қурған қара шекпенли, сары дегелейли алпыстан аслам атлыға ҳешқандай суўық кәр етер емес. Атларының баўырынан, өзлериниң маңлайларынан бурқасынлаған пуў шығып, шабысыўы менен келип, дәрья жағасына жетип тоқтады.

— Ҳалқасланыңлар!—деген Ерназардың ири даўысы еситилди.

Ҳәммеси атларынан ғарғып-ғарғып түсти де, ҳәрқайсысы бөктергисиндеги қоржынларынан жүўери зағаралар шығарып, үстиқаймақласқан суўға малып, асығыс жей баслады.

Көп шабыстан қара тер болған атлар суўдың үстиндеги қаймақласқан музын бузып, омыраўына шекем түсип суў ишип атыр.

Булар Ерназар алакөз басшылығында дүзилген «қарақалпақ қыранлары» еди. Келешектеги зиндан жағдайына төзимли болыў ушын, теңиз жағасындағы қалың қамыс арасынан қазылған қараңғы, ызғар, суўық төлелерде, күнине бир кесе суў ҳәм бир зағараны нәр қылып, он күн жатқаннан бүгин таң алдында жақтыға шығарыўдан, Ерназар оларды әлле бир жазық далаға баслап кетип, дем алдырмай машқы қылдырып, усы ҳалқасқа келип турғаны.

Қыранлар он-оннан бөлинип, ҳәрбир онға онбасы белгиленген еди, ҳәр топар онбасысы менен биригип, асығыс түрде нан жеп атыр.

Бәрининде шырайлары сарғыш тартып, әдеўир-ақ азған, бирақ езиўлеринен күлки изи жоғалмаған еди. Ерназар бир дөңесте оларды сырттан бақлап, ҳешқайсысының анықтан аныққ наразылық билдирмегенине, буйрықты тәрк етпей жүргенине ыразы.

— Қыранлар,—деди бир гөзде жайпарахат даўысы менен.— Қуяшламаға шығып азғана дем алыңлар.

Ҳәр топар қуяшлама палеп, дәрьяның сыртқы қәндегине түсе баслады. Ол бәршеге сын көзи менен қарап тур еди, қайта-қайта артына бурылып баратырған Маўлен сарыны көрип, қасына шақырғысы келди де, үндемеди. Өйткени төлелерге бөлинип жатар алдында да ол усылай көршине беріп, не айтар екен деп шақырғанында, айтқаны Сержанбайдың ҳаялы Гүлзийбаның ул туўғаны болды.

Енди не айтпақшы?

Соның арасында бир қапталдағы қуяшламаға отырған Генжемураттың топарынан қыранлардың ғаўырлысы еситилди.

— Қәне, айт, адамды уйқлатпайтуғын қандай кесел?

— Күншиллик кесели.

— Дуппа дурыс.

— Қойса ондайды. Қоне үсыннан қудай елге бахыт қаратып, ҳәр ким өз таңқанын өзи шөпшейтуғын заман болса...

— Ҳәрким өз таңқанын жейтуғын заман болса қазылар, ийшанлар, ҳәтте патшалар-әм аштан өлер еди.

Кеўилли күлки көтерилди.

Ерназар қондекти жағалап Зарлық төренің шоғына жақынлады. Ерназар улы Хожаназардың еле жаслығына қарамай қыранлар қатарына қосып қойған еди, мойнын созып, оның қай сүреде отырғанын серлемекши еди, ҳәмме әлле нәрселер үстинде қызғын тарысып атыр екен.

— Меницше Хийўадағы ханның тахтына емес, тәғдирине, халыққа не бережақлығына ой жибериў керек...

— Ырас гәп. Адам қанша өзинше кетпесин, тәғдийир, бәри бир, өз айтқанын ислетеди...

— Өмир деген не?

— Өмир жасаған жасың емес, ислеген исиң.

Оларға жақын топардан:

— Қоңсылар,—деген Мәўлен сарының даўысы еситилди.— Айтыңлар, ийт не ушын ийт деп аталған?

— Себеби көрингенгеде, көринбегенгеде үре берген,—деп бақырды кишкене Хожаназар. Еки топар-ом ўаҳаҳаласып күлисти. Ерназар улының жуўабына қәноҳәтленип мыйығынан мыржыйып күлиўи менен келеси шоққа, бала Ерназардың топарына қарай жүрди. Ол күтө өстеп баратыр еди, бир қапталында қамыс арасынан және Мәўлен сары пайда болды. Ерназардың баласының жуўабына таң қалған ол, «ертеңги күн сөзсиз Ерназардики екен» деген ой менен, басынан өткенлерин оған ашық айтыўға асыққан еди, Ерназар қәдимгисинше жақтырмаған кейип пенен мүртын таўлады:

— Ҳа, Мәўлен жалықтыңба?

— Даналардың «қыстан қорықпа изинен бәҳәри бар» деген рәўияты есиме түсип тур, Ерназар. Ҳәзир өзимиз қыс қылған менен изинен бәҳәр келеди ғой.

— Ҳәзир өзимиз қыс емес, жаз етип жүриппиз, Мәўлен. Жаздың изинен гүз, оннан соң қыс, оннан соң бәҳәр келеди.

— Жалаңашқа жаўын қәўипли емес, қыран болдықпа, көнемиз.

Ерназар оның соңғы гәпин тыңламай, өзине қайрылып қарамай, ҳәтте бала Ерназардың шоғының тусына гидирместен келеси шоққа өтип кетти.

Ерназар қыранларға дем берип, ҳәр шоқты аралап жүрседе, өз қыялы менен бәнт еди:

«Орыс патшалығына қашан кетиў керек? Ҳәзирги бар қыран азлық етеме ямаса жеткиликлиме? Михайлов айтқан Оренбургтағы орыс төрелери не дейди?...

Онбасылардан Генжемурат, Зарлық, бала Ерназар менен орыс патшалығына кетиў жөниндеги тийкарғы мақсетлер бурынан келисилген. Енди басқа онбасылар менен де мәсләҳәтлесиў керекпе, жоқпа, усы жағын билмей бираз жүрип, барлық топарды айналып шықты да, бала Ерназарды қасына шақырды.

— Иним, өңшең онбасыларды анаў дәрья бойындағы, жекке тораңғылдың түбине жыйнап бер.

Ерназар сол өзи айтқан жалғыз түп тораңғылдың астына келип ат жабыўын төсеп, онбасылар келгенше және бираз ойланып алды. Олар жыйналып болыўдай бир демге күттирмеди.

— Он басылар,—деди өз айтажағына өзиниң исеними кемлеў болсада, даўысына айрықша исенимлилик ендирип.—Сизлерден жасыратуғын сыр жоқ, қыранлыққа келиўшилер тоқтады. Енди машқы орнын өзгертип, суўығырақ жақларға кетсек деген ойым бар.—Ол азмаз иркилип, тынлаўшылардың кейпин серледи, еле ҳешқайсысында белгили пикир қәлиплеспеген тәризли болғаны ушын даўам етти.—Қазақ далаларынан өтип Оренбургқа жақынлап барсақ, бәлким, орыс басшыларының көзине түсермиз, сөйтип елге үлкен күш алып қайтармыз.

Ҳешким ләм-мийим демеседе, көбисиниң жүзинде бираз қызығыўшылықтың изи байқалды.

— Егер Оренбургқа жетсек, мени өлимнен арашалап қалған орыс докторлары менен таныстыраман,—деди Генжемурат.

Бала Ерназардың үстинги ерни түсиңкиреп,жекке байыўлыдай тунжырап отыр еди, бирден ашылысты.

— Жигитлер, бул күтә мақсетке муўапық ис. Бирақ, Ерназар аға, айтылмаған бир гәп бар, есиңизде тутыңыз. Қырандағы сыр сырлардың сыры, пүткил ел тәғдийри. Сол ушын бул гәплер усы отырғанлардан басқаларға еситтирилмесин.

— Әлбетте, әлбетте,—дести онбасылар ғаўырласып.

— Олай болса барлық қыранларды бүгин үйлерине тарқатамыз,—деди Алакөз.—Ҳәрким бир айлық азығы менен келсин. Машқы ушын алысыраққа кетемиз дейсизлер.

— Қәйткен менен де Қарақум ишанға ескертиўимиз керек болар,—деди бала Ерназар,—изимиздеи шаўқым шығарыўы мүмкин.

— Бул дурыс,—деди Генжемурат.—Бирақ бизлердиң орыс патшалығына кететуғынымыздан гүдикленбесе?

— Тил табыў керек.

Ийшан менен сөйлесиўге, исениўге Алакөздиң кеўли даўа майтуғын еди, барлық соңғы сапары, қарақалпақ қыранын дүзеймиз, деп барғанында, ол қодимги ийшанлық салмақ пенен ойланып, Ерназар менен арасында бурын болып өткен әңгимелер жөнинде кесгеллем умытқан секилли «Ҳоо, Ерназар, деген еди, халқының даңқы ушын өлимнен де қорықпаған мәртлерди жандай сүйемен, дүзе қойыңлар».

Сол гәп Ерназардың есине кайтадан түсип, жолдасларына қарсыласпады.

Фазылдың басқалардан өзгешелиги, өз урыўын айтып мақтанбайды, Ерназар Алакөзден өзгешелиги басқаларды урыўы менен қосып атағанды жақсы көреди. Үстирттеги урыста өзин көрсетип Хийўадан бийлик алғалы және өзгерди: көп сөйлемейди, басқа бийлер менен араласып елдиң ишки, сыртқы даўларына араласпайды. Көбирек жас қызларға қызығады, оның соңғы гездеги жабайыланыўын зәңгилеслери, әне, усының себебинен деп уйғарды.

Оның халыққа қарсы буза-жара ислери де сезилмейди, басқалардан бөлинип те кетпеген сыяқлы; «қарақалпақ қыранына» урыўынан бир жигит қосып қойыпты. Бирақ хан салығын ҳәммеден бурын өндирип болып Хийўаға биринши жол алатуғын да сол. Сайыпназар оннан қалыспайтуғын дәрежеге жетти. Бир жола екеўи Хийўадан қайтып еди, Сайыпназар ҳәрқашанғысынша көбирек сөйлеп, Ерназар алакөзде дығы барлығын айтып жаманлай баслады. Ол оған әри-бери итибар бермей көрип, еди, шыдамады.

— Сенде еркектиң минези жоғалып баратырса керек.

— Неге?—деди Сайыпназардың бүйирине найза суғылғандай.

— Көбиксең. Алакөз баяғы «аға бийде» сабатқанын еске аласаңда жүресең. Сол сәтсизлик өзиңе абырайма? Ең болмаса, Ерназар алакөз өзин билгиш санап, елди апатқа баслайжақлығын сирә сезбейсең.

— Қандай апат?

Фазыл сөйлемеди. Сайыпназар оннан сайын ынтығып, оны түсингенин билдирди. Усыннан баслап олар ашылысып сөйлесе бермей-ақ, бирин-бири жақын тутып, Хийўаға бирге кетип, бирге қайтатуғын болды.

Екеўи бүгин де дизилисип егинлердиң гүзги зүрәәтинен өнген салық пулларын Хийўаға апарыў ушын, аўылдан жаңа шығып баратыр еди, машқы майданынан асығыс қайтып киятырған қыранларға жолықты.

— Жигитлер,—деп гидирди Сайыпназар.—Түри-түсиңизден мехирсиз Алакөздиң аямай аздырып-тоздырғаны сезиледи, сонда да шад көринесиз?

— Жети күнлик демалысқа қайттық, — деди қыранлардың бири.

— Оннан соң не қыласыз?—деди Фазыл бийпарўа қалмай.

— Бир айлық машқыға кетемиз.

— Қайсы опбасыға дәрексизлер?

— Генжемуратқа.

Асығыс өтип кеткен қыранлардың қысқа жуўапларынан олардың екеўин де мылтықсыз атып, жарадар қылған сыяқланды. Бир-бирине қарасты. Генжемураттың атын еситкенде-ақ тулабеденине шаншыў тийген Фазыл, өткен урыста Генжемуратты ат-

ыўға тетик басқан бармағын аўзына салды: «ҳа антурган бар-мақ-ә».

— Ҳа, Фазыл, неге ойландың?

— Булардың ямана шулғыўына қарағанда, бир бәле бар сме-еспекен?

— Қәйдем.

— Айтпақшы, Қарақум ийшан усы сапарыңызда Хийўаға бирге жолдас болайық деп өтинип еди.

— Ондай көз ашық ийшан менен жолдас болыўдан артық бул дүньяда не бар? Қайттық изге.

Қарақум ийшан, есигиниң алдында, бийтаныс үш қара атлы менен әлле нәрселерге келисе алмай атырғанын алыстан көрди де, ат үстинде бара бериў бассынған болар десип екеўи де атларынан түсип жетеледи.

— Әне, қардар бийлер-әм киятыр,—деди ийшан ҳәм буларға «иркилмей келеберің» деген ишарат менен қол былғады.

Атлылардың үшеўи де қазақ сарбазларынша кийинген еди. Сайыпназар биреўине көбирек тигилип, урлығы ушын «аға бийде» қулағы кесилген Қасымды таныды.

— Фазыл,—деди ол дәлбиреп.—Мынаның биреўи сениң жийениң Қасым ғой, жоғалып кетти деп едиң...

— Қысқартсаңа,—деди Қасым.

Фазыл ҳешқайсысын еситпегенсиди, танымағансыды.

— Ийесине емес, малына сер салыңлар,—деди Ийшан.

Қораның ығында еки орыс адамы бир арқанға гүўенлениўи менен, кирпиклерин зорға-зорға қағып, үсти-үстине оғып жатырыпты.

— Пах, бул орысларды Алакөзге тапсырғанда ма?—деди ақ-қурашы гүдидей бир суўық.—Қамыс баўлап найзалап машқа етекинше мынаўларды найзалап машқа қылар еди.

— Қалай пайдаланыў өз ишиңиз, бизге пулы керек,—деди ғарға түсли қара атлылардан, муртлары тышқанның қуйрығындай биреўи.—Көнбеген соң көп урғанбыз. Полетийлер паятый күшли. Екеўи еки жигитимизди урып жығып өлтирди. Басларына урғанбыз. Бир-күн уйықласа, өзлерине келеди. Күтә қарыўлы қуллар-дә!

— Ийшаным, саўдалассам болама?—деди Фазыл.

— Ҳаў, жыланның қуйрығын басып алмаймыз ба?—деп салды Сайыпназар.

Ийшан да, Фазыл да Сайыпназарға жалт бурылды. Оған адам көзлери емес, әзирейил көзлери тигилгендей тула бедени қалшылдады.

— Сайыпназар,—деп сыбырлады Фазыл.—Мен халқымды Алакөз тутқан жолға қарсы жолдан баслап, келешектеги апаттан қутқаражақлығыма еле түсинбепсең.

— Кешир, енди ғана көп қарақғылық ашылды.

— Бийлер,—деди Ийшан олардың сөйлегенине итибар бермей.—Қасқырдың уясы сүйексиз болмайды. Қасқыр Алакөзди Хий-

Ұада бірінші көргенімде, қарақалпаққа он мың құл керек дегені есімде. Егер ол болғанда еки баҳасына алар еді. Оның үстіне, өз қырапларын дүзген елатқа ормандай көп орыслардан құл жумсаў не деген данқ әкеледи.

— Қәне, Сарбаз, екеўине не сорайсаң?—деди Фазыл.

— Хийўаға апарсақ ҳәр басына ер-турманы менен бир яўмыты ат алар едик, сизлер де соны бересиз.

Фазыл ийшанға қарады, ол «ала бер» деген белги көрсетти.

— Қәне Сайыпназар,—деди Фазыл.—Биреўден тийеди екен.

— Тезирек, бийлер,—деди сол тышқан қуйрық мурты бар сарбаз.—Болмаса жолымыздан қалдырмаңлар. Ҳәзир түргелтсек, ет қызыўы менен жүребереди, бир буйықса, атқа мешеў болады.

Фазыл атының бөктергисинен қоржынын алып, гүржисин жаздырып атырып саўда досының кимлигин билип қалғысы келетуғынын айтты.

— Саўдада дос болмайды—деди ол.—Бизлер Кенесары ханның сарбазларынан боламыз. Ҳаслында сизлер менен досқа да, дүшпанға да ортақпыз. Егин атызымыз, мал жайлаўымыз шерик, аўылларымыз қоңсы болған соң тәғдирлеспиз, оның үстине сизиң бабаларыңыз бурын бизиң бабаларымыз бенен араласып жасаған. Бизиң елде қарақалпақлар, сизиң елде де қазақлар толып жатыр. Ал мен өзим орыс төрелерин унатпайман. Оны ҳешким-нен жасырмаймын. Өйткени, ҳәзир бизге орыс төрелери өте қатты қысым қылып атыр. Киши жүздиң Арынғазы дейтуғын ханы илгери жыллары патша төрепинен Петербургқа шақырылып еди, соннан қайтып келмеди. Соннан бери Киши жүзде хан жоқ. Оның себебин еситкен боларсыз. Арынғазы хан бир гезде Бухара әмири менен биригип, орыс патшасына қарсы урыс қылған еди. Орта жүздиң ханы орыс патшалығынан бөлингиси келип еди, ол да оңбады. Оның исин ҳәзир хан Кенесары даўамлап жүр. Кенесарыға ериўшилер көп.. Ал енди Кенесарының жаман қәсийети—олжа үлестирсе, бизлерге өте аз береди. Сол ушын буларды сатқалы айдадық. Сөйтип ханнан пай алмақшымыз. Ал енди Бөкей ханлығының ҳалын сора. Усы күнлери күтә шатнап турыпты. Буннан жети-сегиз жыл илгери бир топар қара қазақ Оренбург губернаторына хат жазып «бизлерди султанларымыз урады, аямай сабайды, азаплайды» деп жәрдем сораған екен, енди соны сылтаў қылып Оренбург губернаторы Бөкей ханлығын биротала тарқатыў нийетинде ис жүргизип атыр. Ханы—Жәнгирде ерк жоқ, ал ерки болса, ақылы жоқ, япырмай, басым күтә шаршаған. Бирин түўеспей екиншисине өтип кетемен. Бийшара Жәнгирхан қәйтсин, қоластындағы Махамбет деген шайыр қуда бийзар болып шықты. Өңшең ақылсыз қара қазаққа өлең айтқан болып сөзин тыңлатады, ханға қарсы қояды. Махамбет ақырында қара басын сақытлаў ушын бала-шағасын тастап Хийўаға қашып еди, хан «домбыранды ал да, жақсы сөзиң

менен менің дақымды жырла» деген екен, оған келісім бермей, және елге қайтыпты. Ақылсыз демей не дерсең, ханды мақтағанда өлеме, жақсы күн көрсе болғаны емеспе?

Оның басаяқсыз әңгимеси тек Қарақұм ийшанға керек екенін, оларды қулағы кесик уры Қасым, солай сөйлетіп, ийшанға ахбарат бергизиў ушын баслап келгенін, ал Қасымды Қарақұм ийшанның өзи арқадағы көтерилисши Кенесарының қоластында тыңшылыққа жиберип қойғанынан бәри де бийхабар еди.

Фазыл менен Сайыпназар қоржынларын түсирип, қара атлыларға айтқан муғдарда пул санап берип, қайырласып атырғанда еки Ерназар көринди.

— Әне, қулға нағыз қардарлар киятыр,—деди Ийшан.

Еки Ерназар ҳештеңеге түсинбей, алыстан жүзлерин жадырата сәлем берди.

Қасым басшысына ымлап, қашыў кереклигин ескертип еди, ол өжетленип, керисинше, Ерназар алакөздиң .ийеги астына жақынлады.

— Көриңлер, пулын мынаўлардан асырып берсеңиз, сизлерге сатамыз.

— Нени?

— Әне.

Ерназар алакөз қораның ығында байлаўлы жатырғанлардың түри-түсинен бул жағаның қуяшында өскен адамлар емес екенин уғып, дәрриў жақынлап барып, бетлерине үңилип еди, Михайловты таныды да, үлкен көзлери уясынан атыла жазлап, бәршеңи шайнап таслағысы келгендей, артына бурылып, сорады.

— Не қылдыңлар?

Тышқан қуйрық мүртлы оўкилдеген ирғи даўысы менен күлди.

— Қорықпа. Басына урған соң талып атыр, болмаса наятый күшли.

— Қәне, аттан түсиңлер,—деп буйырды Алакөз,—Ерназар, мынаў басшысының атын жылаўла...

Тышқан қуйрық мүртлы бала Ерназарға атың туттырмай, Ерназар алакөздиң үстине дөнди.

Алакөз ойланып турмай тәп берип пәнже урып еди, ол буннан да шаққанлық етип, қылышы менен Алакөздиң басына қойып салды. Ол басынан аққан қанға қарамай.

— Ерназар, екиншисин тут,—деди де, атлының еңсесине жабысқан пәнжесин жаздырмастан жерге аўдарды. Ол аттан қулап баратырып, қылышын бенде орыслардың үстине қарай зынды.

Бала Ерназар екиншн атлыға асылған гезде, Қасым атын үсти-үстине қамшылап, көзден гайып болды.

Алакөз алысқан атлы оғыры күшли екен, аңсатлықта жеңислик бермей, алма-гезек асты-үстине түсип атыр.

Алакөздиң басынан аққан қан көзине сорғалап, тышқан қуй-

рық мүртының үстіне шығып, алқымын езе бастаған кезде Қарақұм ийшан қолын үзады.

— Қой шырағым. Өлтірсең екі ел жаўласады.

Алакөз есіне енді келгендей түргелип, демін үсти-үстіне алып, байлаўда ес-түссіз жатырған бенделерге және нәзер тастады. Біреўінің үстинде тышқан мүртының жаңа зыңған қылышы тикленип тур. Жуўырып барса, қылыш оның дәл алқымын тесіп өтіп ушы жерге қадалып атыр. Алакөздің қайтадан қаны қызып, еле екі ийнинен дем алып, мурнынан аққан қанды билеги менен сыпырып отырған тышқан мүртлыға бүркиттей тасланды да, ҳешкимге араша бермей, алқымынан буўып биротала өлтирип тикейди.

Қарақұм ийшан оған қапталласып, жүдә жаны ашыған түр көрсетип сөйледи:

— Ерназар, дым ғана жаман ис еттиң. Енди екі жақтан-әм жаў келеди.

— Қандай жаў?

— Анаў өлген орысты сорайтуғынлар жоқ дейсең бе? Мынаў өлтирген сарбазың Кенесарыники екенин жаңа айтып еди.

Алакөз бала Ерназар услап турған сарбазды енди көрип, оны да өлтириўге нийетленип умтылғаны, Қарақұм ийшан услап сыбырланды:

— Мейли, өлтирсең өлтир, бирақ изинен анаў тири қалған орысты да өлтир. Көрмеген, билмеген болып қала берейик.

— Үшиншиси қайда?—деди Алакөздің еле дирилдиси басылмай.

— Лйтпақшы,—деп ийшан Фазылға, ол Сайыпназарға қарады.

— Қашып кетти,—деди бала Ерназар.

— Ўай-ўайий!—деди Фазыл ҳештеңе билмегенсип.—Бизиң пулларымыздың бәрин сол әкетипти ғой.

Ийшан жылтыр маңлайын сыпырып, оларға ашыўлы жекиринди.

— Ўай, аўзы ашықлар! Бар, қуўып жетип, апқалыңлар!

Фазыл менен Сайыпназар асығыс түрде атларына мине сала, Қасым қашқан арқа тәрепке ҳайт қойды.

Бала Ерназар услап турған сарбаз ийшанның Алакөзге не деп сыбырлағанын еситип қалған еди, бирден оның аяқларының алдына бойын таслап жыланды:

— Мени тири жиберіңлер. Ҳештеңени тисимнен шығармайман. Олла, биллә, тисимнен шығармайман.

— Мусылман ғой, инана қояйық,—деди ийшан Алакөзге.— Мейли, кетсин. Ақыбети тынышлық болғай илайым. Бирақ, анаў жатқан орысты өлтирип таслай ғой. Ормандай көп орыс елге жаў болса жаман.

Алакөз оған жүдә жеккөриў нәзерин таслап еди, ийшан онған сескене қоймай ашыўланды:

— Өгиздиң күши питкенге, өгиздиң ақылы питеди екен дөй Мен елдиң тынышлығын гөзлеймен, ал сен...

— Орысты булманнан әкетип бир илажын қыларман,—деди Алакөз бираз өзин басып.—Ерназар, мынаў, сарбаздың тәғдийрин саған тапсыраман.

Бала Ерназар ойланып турмай, жылайман сарбаздың желкесин қамтып жоқары көтерди де көз алдына пышақ тутып дириддеўи менен шетке әкетти.

Қарақум ийшан олардың өлтиретуғынына исенбесе де, ҳәзирги пайытта өз айтқанында беккем турып алыўдың ертеңи бийпайдалығын сезди.

— Мениң мусылманлыққа пәкликке толы мәканымда мынаў өлилерди де, тирилерди де қалдырмаңлар!

* * *

Қасым қаракөрим жер асқан соң артына қарай-қарай кетип баратыр еди. Фазыл менен Сайыпназар атларын қатты айдап, үшеўи тутасар пайыты келгенде, олар Қасымды емес, Фазыл Қасым менен биригип, Сайыпназарды тутты. Қасым ҳеш ойланып турмастан Сайыпназардың бир тутам сақалынан қамтымлап, қынабынан пышағын алып, алқымына тақады. Фазыл Қасымның қолын шарпа услады.

— Тоқта, ақмақ! Сайыпназар, сен Қасымды көрдиңбе, жоқпа?

— Яқ—яқ!—деди жаны көзине көринген Сайыпназар.

— Сен Алакөздиң камшысын умыттыңба?—деди Қасым оның баспақтың көзлериндей қызарып аларған көзлери алдынан пышағын алмай.

— Умытпадым.

Қасым оның сақалынан қаттырақ тартып ийегин аспанға көтерди:

— Тапсырма: ҳәзир Хийўаға кетип, Ерназардың бийгүна бир орысты, еки қазақ сарбазын жөнсиз өлтиргенин айтасаң. Қыранлары менен орыс патшалығына қашып кетейин деп атырғанты дейсең!

— Хийўаға барайын. Бирақ, орыс патшалығына қашатуғынын қалай исендиремен?

— Ол сениң жумысың. Егер шаймаласаң, бүгин болмаса ертең өлесең, мынаў пышақтан өлесең!

— Яқшы.

— Ақ түйени көрдиң бе?

— Яқ.

— Бар, үйиңе емес, Хийўаға тарт.

— Салықтың пулы?

— Алакөз басып алды.

— Түсиндим.

Алакөздиң басыпан аққан қаны сорғалаўы менен ҳалсыз, ҳүўышсыз Михайловты атына мингизип, зорға үйине жетти.

Қумар аналық екеўине тең пәрманашылық етип, екеўине екі төсек салып жатқарды-да, улының қан аққан басын көтерип қуўанғанынан жағасына түкирди. Қылыш оның еңбегинен тайып басының терисин оң қасына шекем сыйырыптыдағы, сүйегине өтпепти. Ана дәрриў ғана жыллы суў менен қанды жуўып сыйырылған терини орнына жабыстырды, кийиз күйдирип себеледи. Ерназар тының көз илиндирди. Михайлов еле уйқыдағы ҳалатта еди, әлленемпирде көзлерин ашып, бетине үңилип отырған ананы көрип, мыйығынан күлди. Бул Қумар анаға сәлем ҳәм бас ийиў болып түйилди:

— Улым, қалайсаң?

— Жақсы.

— Татармысаң?

— Орыспан.

Орыслар ҳаққында көп әпсаналар еситкен ана орыс адамының өз төсегинде жатқанына ырзалық пенен көзлери күлимлеп, не ишкиси келетуғынын сорады.

— Суў, ана.

Қумар аналық сүт писирип қанжылым қылып сақлап отыр еди. Суў орнына аўзына сүт тутты. Михайлов бираз есине келди.

— Ана, Ерназар дегенниң үйи узақпа?

— Қайсы Ерназар?

— Хийўада көргенмен, нөкер еди.

— Оне, тап сол Ерназардың үйинде жатырсаң, улым.

Михайлов омыраўын көтерип, басы тайылып жатырған Ерназарға қарап ҳайран болды:

— Не болған!?

— Ерназар оянған соң айтар, улым.

Михайлов және сүт ишти. Аздан кейин Ерназар ояды да, оның қәддин тиклеп отырғанын көрип сәлем берди. Екеўи қол алысты.

— Басына не қылды, Ерназар?

— Бизде әўеле қонақ сөйлейди.

Михайлов көп бой бәнелемеди.

— Хийўада маған жолыққаның есиңдеме?

— Бәри есимде.

— Сондағы мениң басшым топаслаў адам еди. Оренбургқа жеткен соң жүдә ойшыл төрелердиң бирине жолығып, сениң тилегиңди айттым. Ол күтә жақсы көрип мақуллады. «Ондай аз санлы халықларға жәрдем етиўимиз керек», деди. Сөйтип, мениң өзимди сизлерге қайта жумсады.

— Мынандай жаман жағдайға қалай түстиниз?

— Билсең бе, қасымда жолдасым бар еди. Ол саҳрайы қазақ балаларын оқытыўға таярланған муғаллим еди. Төремиз

оны маған әдейи қосып, зейінли балалар болса, [illegible] ескеркен еди. Тап Қарақумда бир топар атлы баспашыларды қолына түстик. Қасымдағы жолдасым қазақшалап босатыўын өтинген еди, қайтама олар, өшесип, екеўи ат үстинен қорғасын ушлы дойырларын көтерип еңсемизге қойып салды. Жығылдық. Сөзлеримизди еситпесин дедиме, қулағымызға пахта тығып, көзлеримизди таңып, қум арасын омбылата қамшылап айдады. Соннан соңғы жағы, мине сеникинде жатырман.

— Сирә самалы оңынан турмаған, асығы алшыламаған халықпызда!—деп гүрсинди Ерназар.

— Неге?

— Муғаллим жолдасың өлди.

Михайловтың теңиз түсли көзлери уясынан шыға жазлап, өңи талақтай болып барып басылды, бирақ ҳештеңе демеди. Ерназардың даўысы қарлығыңқырап отырып, оларға қандай жағдайда гезлескенин, муғаллимниң қалай өлгенин күтә өкиниш пенен қысқаша баян қылды. Буннан соң екеўиде сөйлемей биразға шейин үнсиз отырды.

Қумар аналық еки таўықты асып, писирип үлгерген еди. Бир табаққа әўеле сорпасын қуйып, келини Рабийбиға жиберди.

Рабийби олардың жаң сезимлери менен онша есапласа бермеди.

— Қәне, сорпа, ишиңлер!

Ҳаялының минезине қаныҚ Ерназар оның қонаққа бийәдеп сөз айтып салмаўы ушын табақты алдына алып, бир зеренге толтырып сорпа қуйып Михайловқа усынды.

Рабийби шығып кетип бир табақта гүртик пенен таўықтың шекен гөшин әкелди.

Тири бенде ушын ҳешқандай арды тыңламайтуғын нәрсе тамақ екенин Рабийби қайталамастан бурын, олар бираз сәлкеслеў болсада, қасықларына асылды...

— Михайлов, билесиз бе, кимге өзинен өзгелер бахытлы болып туўылғандай, ал олардың биреўи менен ашылысаң, кери шыға береди,—деди Ерназар аўқаттан соң дем алып жатып.— Қеўлиңизге аўыр алмасаңыз, мен сизиң өмир жолыңыздан бирнәрсе билгим келеди.

Ерназар Михайловқа әри жумбақ, әри жаң сезими жүзине урып турған ашық минезли ҳәм көп билиўге жаңқумар болып көринди.

— Тәғдирги жақынлар тез түсиниўиңиз есапқа алып сорап отырған шығарсаң, Ерназар. Мен сен ҳаққында соң азлап еситкенмен. Мениң сеннен өзгешелигим, он жасымда-ақ ата-анадан тездей жуда болғанман. Әкем сүўрет салыўға қызығатуғын еди, жетим қалсамда әкс жолына садықлық етип, мен де сүўретши болыўға бел байладым. Туўылған қалам Архангельскийди аралап кеўлиме унаған жайларды, сулыў тәбият көринислерин өзимше шыжбайлаўға киристим. Көргенлер маған азлап дыққат аўдара-

туғып болды, сөйтип өзиме напақа таба басладым. Бир күни теңиз жағасында тоқтаған ҳәрқыйлы кораблълерге қызығып сүўретлерин сызып отыр едим, еңсемнен бир офицер (әскербасы) үңилип тур. Ол ислеримди унатып, мени өзи менен Петербургқа әкелди. Сөйтип Петербургта, әскерий орайда сызыўшы—сүўретши қылып белгиледи. Соң билсем, мени Петербургқа әкелген офицер қол астындағы солдатларға жүдә меҳирсиз ҳәм жүдә ғана қатал. Сол ушын бир күни оның сүўретин әжиўалап ислеп, солдатлардың жатақханасының дәрўазасына илдириўим бар ғой. Солдатлар мени қолларына көтерип қуўанысты. Сол офицер болса қатты ызаланып, мени жазалатты ҳәм жер аўдарған есабында мени Оренбургқа жибергизди. Шыжбайлайтуғын кәсибимди Оренбургта да тасламадым. Генерал-губернатор мениң бундай уқыбыма қызығып, қасыма бир татар адамын қосып, татарша үйрениўим кереклигин ескертти. Соң билсем, татар тилин билген киси қазақлар, қырғызлар, өзбеклер, түркменлер, ҳәтте сизлер менен де сөйлесе алады екен. Сөйтип мен Оренбург генерал-губернаторының исенимли ўәкиллери Орта Азияның қай қаласына барса, дилмашы болып еретуғын болдым, соның менен бирге маған барлық өткен жолларымызды сызыўды тапсырып қойды. Жолларды сызыў маған күтә унады, себеби бизден соң жүретуғынлардың мүшкилин жеңиллетемен. Өткен сапары Хийўаға келгенде сол ўазыйпамнан тысқары қандайда бир мәселени өзимше шешиў, әллекимниң сораўына басшысыз жуўап бериў қадаған еди. Сениң менен ушырасып көп сөйлескеним ушын басшымыз мени жазаласа да, Оренбургта мени тыңлайтуғын қулақлар табылып, сизлерге қайта келгеним.

— Мың-мың рахмет, жора. Мен сениң Хийўадағы айтқанларың бойынша бираз жигитлерди өзиме қосып алып, Оренбургқа кетиўге таярланып атыр едик.

— Ооо, Ерназар, қандай жақсы! Сизлерди өзим баслап кетемен. Бирақ, сизлер таярланып болғанша Гөне-Үргенчке барып, қайта аларма екенмен? Өткен сапары бизге Аннамурат деген түркмен жигитиде жолығып еди, айтып қайтар гәплерим бар.

— Әлбетте, үлгересең. Менде жақсы яўмыты ат бар, соны сазлап беремен.

Михайлов ҳәзир-ақ атланғысы келди, бирақ соңғы гездеги, әсиресе Қарақум ийшан пайда болғалы, Хийўа ханлығы менен орыс патшалығы арасында келисим барлығына қарамастан, базы диншиллердиң ҳештеңе ойламай, соқырлық пенен ислейтуғын ҳәрекетлеринен Михайловты сақлаў ушын Ерназар оны кеште, қуптаннан кейин узатып, Әмиўдәрьядан күн шыға өткерип қайтты.

Бийылғы гүздиң өзгешелиги ҳәм ерте, ҳәм суўық еди, ол жолда киятырғанда-ақ суўық самал турып, ҳаўаны булт қаплады да, кешке таман қар жаўыўға қарады.

Түни менен уйқыдан қалғаны, оның үстине басының жарасы

сырқыраңқырап, бир чайник чай ише сала шешинип жатып еди, уйықлады.

Әлленемирде тоңып оянды. Қараса, Рабийби еки қызын еки жағына қорған қылып, ортасында жатқан екен, тоңғанынан көрпени ҳәмменің үстинен тартып алып, уйықлап қалыпты. Балалары аяқларын баўырына алып, топ болып атыр. Тўнлик бекитилмепти. Шаңарақтан жаўған қардың еритинди суўына ошақтағы от сөнип, үйдиң иши музқалаға айланыпты.

Түргеле сала жүктен көрпе алып, ҳәрқайсысының үстине таслап, оятпастан жән-жақларын қымтастырды. Ергенектиң бир жағы қыйсайыңқырап бекитилген екен, қар босағаны көмип таслапты. Әстен барып ергенекти дүзетип атыр еди, сырттан биреў сәл жөтелгендей болды. Тыңлады. Әллеким жүрипти. «Кимсең?» деп үн шығарыўға, бала-шағасын оятып алыўдан қорқып, босағаға жақын жатырған гөне геўишти жалаң аяқларына суғынды да, керегениң басына илдириўли гөне бешпентти басына бүркенип далаға шықты. Қар үйтқып көз аштырмай, еки адымнан аржағын көрсетпей турыпты. Дизеге жақынлаған қарды омбалап биреў арман-берман жүрипти.

— Кимсең?—деди әстен.

— Тецелмен, Ерназар аға,

— Ҳа, буншa не, аманлықпа?

— Сизге атқосшы болғым келеди.

— Азанда хабарласпайсаң ба?

— Сизге атқосшы қыран болатуғын жигит көп даналық билиўи керек, ашлыққа, тоқлыққа, ыссыға, суўыққа бирдей төзимли болыўы керек, сол ушын бәрине таярландым, аға. Оның үстине адамлар арасында сизге қаслар көп. Узақ жақтан келген орыс адамын қондырып ҳүрмет көрсеткениңизди күнлеўшилер-әм аз емес. Солардың биреўи қарлы ақшамнан пайдаланып жаманлық қылмасын деп ойладым. Бүгингидей суўыққа, қарға көпликкенмен, аға.

— Бүйтиўди саған ким айтты?

— Әжапам екеўимиз ойластық.

— Әжапан...

Оның және бир нәрсе деўине үлгертпей, айнала тасыр-тусыр етти де, тап жер астынан шыққандай, оңлаған атлы пайда болып, орап алды. Бәриниң де мылтықлары атыўға қолайланған. Сәл қарсылық сезсе, тетигин басып оқ үзиўге аз қалып тур. Ерназар я түси, я оңы екенин билмей, ар-сары шығып турғанда, арт жағынан мойнына арқанның гүрмеги түсти де, бир атлы тартып жиберди. Ол пәт пенен жығылды. Атлы тикейиўине мүмкинлик берип гидирди де, және алға кетти. Ерназар алқымын қыйған арқанның азарына шыдамай, ат изинен тентиреклей жуўырды. Геўишлери ҳәр жерде түсип қалды. Тецел «ҳаў, ҳаў» деўи менен оған ере жуўырып еди, атлылардың бири гүбирленди:

— Ҳаў, мынаўсы орыс емес ғой?

Және биреуи үйге кирмекши еди, Ерназар:

— Орыс кетти, бирақ бала-шағам оянбасын,—деп өтинди.

Сонда да ол тыңламай пышық жүрис пенен үйге кирип шықты да, басшысына, үйде уйқыдағы ҳаял менен еки баладан басқа адам жоқлығын айтты.

— Онда мынаў биреуи де қалмасын!

Теңелдиң мойнына да қурық тасланды.

* * *

Гүлзийба Ерназардың соңғы ислери бойынша аўыл арасындағы ҳәрқыйлы өсектен қорқып, оны бақлап жүриўге үкесин жиберсе де, оның қарлы үргинде көп иркилип қалғанына жаны төзбей, изинен келгени сол еди, ҳәсиретли ўақыяға жолықты. Аўылға даўрық салыў есине келмей, олардың изинен сөйлене жөнелди:

— Әй, инсапсызлар, тоқтаңлар! Пүткил бир елдиң ағасын қорлап қайда апаратырсызлар?

Оған ҳешким жуўап бермеди. Гүлзийба атлылардың түритүсинен Хийўа пашшаплары екенин танып, олардың ханнан буйрықсыз ҳешнәрсеге көнбейтуғынын билди де етигин шеше сала Теңелге берди:

— Мә қарағым, еплеп кийип ал!

Ол ат сүйреткисинде ҳәккелеп, ҳәр аяғын алма-гезек көтерип, етиклерди қоцылтаяқ кийип үлгерди.

Гүлзийба Ерназардың ҳәр жерде түскен геўишлерин жыйнап, изинен жуўырып жетти де, қайта кийгизбекши болып еңкейе бергенш, Ерназар теўип жиберди.

— Жоғал, қаншық!

Гүлзийба мойымады. Геўишлер оның аяғында турмайтуғын болғаны ушын, сыртқы бешпентин шеше сала жаўырнын тигисинен қақ-қақ айырып, және изинен жетти.

— Аяқларыңды бирим-бирим көтерши, жаным, геўишлерди таңайын!

Ерназар оны және тепти.

Гүлзийба қарға тайып омақазан атып жығылса да, сүрмелеклене тикейип, және изинен жуўырып жетти де, айдынлы көйлегин шешип жыртып-жыртып, Ерназарға қапталласа бойына секирип жүрип басын таңып үлгерди. Ерназар қолларын аямай сермеп урса да, тыңламастан, көйлегиниң жартысын Ерназардың қойнына тықты.

— Таслама, жаным, басыңның жарасы ашылып кетсе, керек болады.

Кийимлерин шешип жыртып, үргин қарда ерип киятырған жалаңаш ҳаялдың меҳри ушын ба пашшаплардың басшысы Ерназардың мойнына арқан салып сүйреп баратырғанға сәл әстелеў жүриўге буйрық берди. Қанша урсада зирдек қағып изинен қалмай киятырған Гүлзийбаны Ерназар аямады. Оның ойынша «усы ўақыяға Гүлзийба себепкер. Сум ҳаял соңғы сәтсиз ўақыя-

лар ушын менен өш алмақшы болып Хийўалылар менен бирикken...» Ол арқан тутқан қолын жаздыра берип, және бир урды, Гүлзийба жығылды да, пышықтай қайта тикейди. Және пәшеп жуўырды. Тебиўге көтерген ҳәр аяғына қос қоллап жабысып жиберместен, басына муш тийип атырғанына қарамай, Ерназарға геўишлерин ҳәм кийгизди, ҳәм сыртын бешпенти менен орап, басындағы жаўлығын қақ-қақ айырып жип қылып шандып та үлгерди.

Ерназар және ат сүйреткисинде, және өңменлеп баратырып, рахмет орнына:

— Бийопа қаншық!—деп тисленийи менен кетти. Сәл арманырақ барып артына даўыслады:

— Ҳей, қаншық, ертең жигитлеримди көрсең айт, мени қуўып қан төгиспе қылмасын! Хан алдынан өзим қайтаман! Ҳәзир ҳешкимди оятпа.

Гүлзийба олардың қарасы шөккенше қарап турды да, әлленемирде, өзиниң жалаңаш қалғанын, аязлағанын сезип, үргин қарға омбылаўы менен, уўылжып пискен жуп алмурттай мәммелерин алақанлары менен басып, үйине қарай жылыслады.

Рүстем ҳәм үлкен ҳаялы өлгели ишқысталық кеселине тап болып, биротала төсек тартып жатып алған Сержанбай, бесиктеги жылап атырған бөпени тербетип отыр еди, даладан зирдек қағыўы менен жалаңаш кирген Гүлзийбаны көрип бирден көтерилди:

— Ўа атаңа нәлет, бул не?!

— Жат орнында!

Ҳал-дарманы қурып атырған ғарры бай оның даўысынан қорқып, сәл пәсине қайтты да, жыламсырады:

— Маған неге шынын айтып бермейсең? Ҳәзир кимниң қасынан келдиң? Өлсем ақ ўалым жумыўлы кетеди, айтса, ол ҳаялы бар адам ба, жоқ па? Неге жалаңаш қаштың?

— Жат, жат!

— Мынаў бөпе меники болмаса да арым ушын меники деп жүрипмен-ғой, ырасын айтса?

— Жат деймен!

— Мен төлеңи тазалап жүрип Рүстемниң сол қорада көмилгенин билдим. Ең болмаса соны ырас деңи, ишқысталықта өлмейин.

— Өлмейсең!

— Өлмей шайтан емеспен ғой. Өлсем барлық жыйған-тергенim саған қалады. Ас абатымды жақсылап бересеңғой-ә?

— Мийимди айландырмай жатасаң ба, я жоқ па?

— Анаң қара өзи ғарлық етип келеди және кейийди. Өйте берсең, азанда дуйым журтқа айыбынды жәрия қыламан.

Ғаррының жеңинде Гүлзийбаға таныс өткир полат балта жалт-жулт етип кетти.

Гүлзийба бирден қәҳәрге минип, бүркит яңлы оның үстине өзин атты да, қалталанған өңешине қос пәнжесин салды...

24.

Үргин аўыр қуптанда қалай басланған болса солайынша, ҳәтте кем-кем күшейип, азанда да тынбады.

Аўқат писиретуғын ылашықта үлкен ақлығы Хожаназар менен уйықлап атырған Қумар аналық ярым ақшамнан аўа бергенде сыртта дүрсилди еситкендей болып еди, бирден басланған қатты аязлы үргинге шыдамай қоралардан ық излеген байлаўсыз маллар шығар деген ой менен көрпесинен басын шығармай ақлығының жән-жағын қымтады да жатты. Сонда да кеўлине гүл-гүла түсип, онша уйықлай алмай, таң әдеўир-ақ ағара баслаған гезде далаға шықты. Үргин тыныш, жапалақлаған қар қуйын тур еди. Үй әтирапында ҳеш из билинбейди. Қораға үңилди, маллар, Ерназардың аты өз орнында.

Келининиң өзи оянғанша я Ерназар далаға шыққанша үстине кирип бармайтуғын еди. Ылашықта суў жылытып таң намазын оқыды. Үлкен үйден еле ҳешким қыбырламайды. Сол ушын ақлығын оятып, қора тазалаўға киристи.

Жапалақлаған қар әдеўир сийрексип, жақын-жуўықтағы үйлер көринетуғын болды да, бираздан кейин қар тынды. Күнниң жүзи көринбеген менен сәскениң шамасы еди, үлкен үйден еле сес-себир жоқлығы ананы бийтақатландырыңқыраў ақлығына сыбырлады:

— Ағаңды оятып кел, қар тазалаўға шықсын.

Мийзамкеш Хожеке аяқларын тепсинип-тепсинип дүрсилдеп кирседе, шығыўы тез болды.

— Ағам жоқ ,ана. Қишем үкемлер менен еле уйықлап атыр екен, ояттым.

Ананың жүреги ашып кеткендей болды, сондағы ойы Ерназарды Гүлзийбадан соң және биреўге байланып жүрмекен деген қәўип еди. Рабийби далаға шықты. Ана оннан Ерназарды сораўға қысынды ,ал ол бирден даўрық салды.

— Ене, сен жөтеллеп, дәрет алыўға шыққанда бир оянып бас көтердим, сонда улың жоқ еди, еле келмепти.

Ана оған не дерин билмеди. Сөйтседе кеўлине әллеқандай жаманлық кирип, үлкен үйге бас суқты: Ерназардың кийимлери өз орнында. «Өз ерки менен кеткенде кийинип кетпеспеди?» Енди түндеги дүрсилдини қайтадан еслеп, неқыларын билмей тур еди, есик алдында Шоңқы пайда болды. Рабийби қарап турмай, оған Ерназардың түни менен жоғалғанын айтты. Шоңқы ананың жүзинде тәшўиш көрип, асығыс кетти-де, жақын жердеги қыранларды түргелтип, ҳәрқайсысын ҳәркимге жумсап келди. Түстиң алдында қар қайтадан күшейип, және жапалақлап жабыўға қарады. Үстибасын аппақ қар басқан қыранлар жән-жақтан келе баслады. Генжемурат менен Зарлық пайда болды да, жыйналған қыранлар енди олардың бирнәрсе деўин күтти. Биреў-биреўге жаман болжаў айтпаған менен, барлық көзлер аларысып, ҳаўлығыспа пайда болып

тур. Улының қандай халатта болсада, тек бузықлық ис үстинде табылмаўын тилеп, ананың еки қолы жағасында.

Епелеклеген қар арасында жылысқан күйик ағаштай қап-қара биреў қараўытты. Ол барлық көзге әп-әший бәле көринип, қыранларды ериксиз телмиртти. Үйине сүйенип турған ана, Рабийби, балалары бир-бирине тығылды. «Күйген ағаш» жақынлаған сайын ананың жүреги жаманлық сезип, жән-жағына асылысқан келинин, ақлықларын өзине қаттырақ қысып, қандай жаманлық еситсе де оларды жылатпаў ушын гүбирленди:

— Ҳаўлықпаңлар, ҳаўлықпаңлар!

Қара кийинип киятырған Гүлзийба еди. Танығаннан кейин бәрше жеңил нәпес алса да, оның қар үстинде қара кийим менен ҳеш қандай тил жетпес гөззаллыққа ийе сулыў көринетуғынына бираз лардың аўзынан суў ақты. Қәдем таслаўларында тил жеткизип айтыўға қыйын ҳәсирет белгисин абайлағанлар көкиреклерине қолларын басып, бир нәрсе деўин күтти. Гүлзийба асықпастан, қәддин сәрўи талдай тик тутып, адамларға бес қәдемдей жерде тоқтады.

— Халайық, түнде ғарры бай қайтыс болды. Жалғыз өзимнен басқа аза тутар бенде жоқ.

— Әй, сен-әм,— деди қыранлардан тезпейиллеў биреўи.— Жаман адам қарлы күни өледи. Ким оған аза тутады.

Бәршеде мысқыллы босасыў пайда болды.

Гүлзийба узын қара көйлегиниң жеңлерин түсирип тикленип киреди:

— Сизлерге қәдирсиз болғаны менен, ел бири еди-дә! Жерлеўге келиңлер!

Моўлеп сары айырылып шықты. Гүлзийба изине айналып еки адым атлады да, тоқтап бурылды:

— Мен ғаррымның қайғысы менен бир нәрсени умытыппан. Ерназар ағаны хийўалы пашшаплар айдап кетти.

— Сен қайдан билесең? Сени!...— десип ҳәмме алға жылысып оны қоршады.

— Кесел баққан адам уйықламайды-дә,— деди ол сынын бузбастан. Гүлзийбаның сонша сабырлы, сонша ҳүкимдар, қара кийсе, сонша гөззал болатуғынын биринши билгеплердиң аўызлары ашылып, лал.

Қумар аналық ыңдамай Гүлзийбаға жақынлады:

— Анықлаңқырап түсиндирши, қатын?

— Ол бир өтинин қылды, орынласаңыз айтаман.

— Орынлаймыз!- деп жабырласты көпшилик.

— Менің үкем Теңел оған атқосшы болыў нийетинде өзин барлық қыйынлықларға таярлап жүр еди. Түнде, үргинли қарда да төзимлилигин көрсетиў ушын шығып кетип еди, ярым ақшамға шекем қайтып келмеген соң, аязлап қалар, әкетейин деп изинен келсем, Хийўа пашшаплары екеўиниң де мойнына арқан салып сүйретип баратыр екен.

Ҳәмме «сен қайда едиң» дегендей Рабийбиге қарады. Рабийби сонша көзлерге төтепки бере алмай жыламсырады:

— Билмеймен, мен оннан бурын уйықлап қалып едим.

— Ал, соңнан?— деп Генжемурат Гүлзийбаның ийеги астына тақалып-ақ қалды.

— Соңнан ол маған «ҳешкимди оятпа, жигитлеримди көрсең, айт, мени қуўып қан төгиспе қылмасын, хан алдынан өзим қайтаман» деди.

— Ах, қаңпық!— деди әллеким.

Гүлзийба қайтып сөйлеместен ғырра изине қайтып, ақ қар үстине шаншылған темир қазықтай тиккесине жылысып кетти.

Жыйналғанлар «енди не қыламыз?»— деген жалғыз сораўға жуўап таппай, бир-бирине қарасып апалақласты.

— Жигитлер, сизлердиң бирлигиңиз, дослығыңыз бир-биреўди алдаў ғана усайды.

Қыранлар жалт-жулт бурылып, өзиндей еки жаланаяқ пенен келип турған Бектөрени көрди. Бектөре олардың нәзеринен айбынбай гәпин даўам етти:

— Сизлерге елдиң атағы, абырайы Ерназар алакөз емес, өз басларыңыз қәдирли. Болмаса бизлерге бир-бирден ат таўып бериңлер, бизлер оны Әмиўдәрьядан өткермей Хийўалылардан алып қайтамыз.

— Ҳә, Мухамедкәрим ,мынаў дийханыңды тәрбияламапсаңда!— деди Мәдирейим.

— Усындай жуўсаңлиги ушын әллеқашан қуўып жиберген-мен.

Бектөрениң сөзлери жаныпа ништер болсада, бала Ерназар сабырлылық сақлап тур еди, шыдамай омыраўын көтерип:

— Жигитлер, хан адамлары ондай ақмақ емес!— деди ҳәркашанғысынан да салмақлырақ даўыс пенен.— Жеткермейди. Мени тынышсызландыратуғыны басқа нәрсе, қасында орыс Михайлов бармекен, я жоқпа екен?

— Бир күн бурын түнде оны әллеқайда узатып қайтып еди,— деди ана.

Шоңқы атына ғарғып минип шаўып кетти де, тез айланып келди.

— Жигитлер, исти пысық қылыў ушын Гүлзийбаға қайтадан бардым. Ерназар аға менен Теңел екеўинен басқа ҳешким жоқ дейди.

— Халайық!

Арттан шыққан даўысқа ҳәмме және жалт бурылды. Дүбелей қарда Фазыл менен Сайыпназардың қай тәрептен қалай келип қалғанын ҳешким аңғармапты.

Барлық нәзер өзлерине аўғаннан кейин Фазыл зәңгилигин қысыцқырап, атын сәл илгерилетти де сөйледи:

— Биз де жаман хабар еситтик, ырас па өзи? Егер ырас болса, ҳа, бала Ерназар ,неге түсиндирмейсең? Анаў күнги ойқанның изи

шығар. Халайық, биз мынаў Сайыпназар екеўимиз хан салығынан өнген пулды Хийўаға апармай еки орыс қул сатып алғанбыз. Бирақ үстимизге еки Ерназар келип бир орысты хәм оларды сатыўға әкелгенлерди өлтирди. Бирақ, биреўи тири қалып салықтың пулын алып қашып кетип еди, усыларды Хийўа билген болыўы мүмкин.

— Бир қуяңқы тап сиз айтқандай бөрттирип, Хийўаға жеткерип үлгерген ғой,— деди бала Ерназар.

Хәмме самсаз болып қалды.

— Менде бир ой бар,— деп Зарлық тынышлықты бузды.— Хан салығы қайта жыйнап апарылса, хан Ерназарды азат етермеди?

— Адамлар, адамлар!— деп Мәўлен сары еки қолын ескек қылып қыранларды айырып алға шықты.— Мениңше, ханның салығын жыйнаў менен бирге, ханға көп пул пара апарыў керек.

Жым-жыртлық басланса да, көпке бармай өз-ара сыпсың көтерилди.

— Мениңше, Мәўлен сарының гәпинде жан бар,— деди, бала Ерназар.— Хан пара алмайды, сол ушын пара демей, пүткил қарақалпақ елиниң сизге сыйы деп апарса болады.

— Аты қалай аталса да, пулға сатып алынбайтуғын зат жоқ, пул жыйналсын!— деди қыранлар арасынан өткир даўыслы бири.

Халық және шаўқымласты:

— Жыйналсын!

— Ерназардан пул аямаймыз.

Мәўлен сары усынысының қуўатланғанына мардыйып жуқа ерининлерин ыржыйтып сойлақлаў сарғыш майда тисленириниң бәрин дегерегиндегилерге көрсетип шықты. Оның бетинде, ҳаялының «найза теклес тыйық» урған, тыртығы суўыққа ашыды ма, үстин бармақлары менен басып, қанталындағы Шоңқыны шығанағы менен түртти.

— Көрдиңбе, Мәкенди. Сен маңбас, қолдаўлының бийлигинен қуры дәметип, көшеде төсек қоймай басып жүребер.

Шоңқы қызып, даўысының барынша жар салды:

— Қәне, ким қолдаўлы болса, өзин көрсетсин, мен ҳәзир еки тилла әкелип беремен.

Ишейинде дөбелек көринетуғын Шоңқының қызыўы Қумар аналыққа унады, бирақ жақ жарыстырмады.

Әллеқашан Мамыт бий де келип, журт таласын сөйлеп, ортаға пикир таслап атырғанда, тили жулынып қалғандай қылт етпей үнсиз тур еди, өстен шоңпрмесин шешип қолына көтерди.

Оның Ерназар менен сенім таласларынан хабарлылар не айтар екен десип, дәрриў бет бурысып, тыныш қулақ түрди. Қумар аналық оның усы жыйынға келгенине паразы еди. Қыранлардың жақсы нийетлерине бөгеў сала ма деген қәўип пенен еситкиси келмей, жүзин төмен алды. Қойын енесиниң қасында көзлеринен жас саўлап турған Рабийбы мурнын бир тартып қойып, Мамыттан үмидиўар тынышланды.

— Бийлер, қарақалпақ қыранлары!— деди ол ҳәр сөзине айрықша сес, күш, салмақлы мәни бериўге тырысып.—Ҳәзир бәрше-

ниң нийети жақсы, Ерназарды қуўатлаў путкил қолдаўлыны қуўатлаў. Қайыр етсең пүтин ет, деген нақыл бар елде. Ерназарға пүтин қайыр етейик. Көрип турсыз ба, Ерназардың отаўы тозған, бул әкеси Мыржыққа Айдос баба тиктирип берген отаў еди, сол ушын және бир отаўдың пулын қосып жыйнайық, Ерназар азат болып келсин хәм жаңа отаўға кирсин.

— Дурыс гән,—деп шуўылдасты қыранлар топары. Бийлер шоғы пеликтенде үндеспей бир-бирине қарасты. Қумар аналық оның қандай тыйтыл менен айтып отырғанын билгиси келип, адамлардың арасынан сығаланды, бирақ шубҳаланғандай белги аңғармады. Сонда да кеўлин сумлық жайлады: «ишинде бир бүкленип жылап жатқан болмаса жақсы! Ким билсин, дүзелген шығар, түби ағайин, оның үстине ол да, мениң балам да, әллеқашан бала-шағалы болып кетти...»

— Халайық, ели-халқым!—деди ана қолларын көксине қойып. —Жақсы нийетлериңиз ушын, қайырхомлығыңыз ушын жаным менен миннетдарман. Дүнья басқа жыйналады, егер Ерназаржанды мынаў гөне отаўына аман қуўыстырсаңыз, бизге таза отаў түўе, төбемизге пүткиллей жаңаша аспан әкелип төңкергениңиз.

Генжемурат пул жыйнаўдың, оны ханға апарып бериўдиң қыйыншылығын ишинен түсинип, анаў-мынаў адамның тәўекел етип сарайға кириўге батынбайтуғынлығын көз алдына келтирсе де, усы турғанлардың арасынан ҳәзир тайынатуғынлар барын дәлиллеў ушын усыныс қылып көргиси келди:

— Халайық, хан салығына тийисли пулды да, оннан тыс Ерназар ушын анарылатуғын пулды да Сайыпназар бий менен Мамыт бий жыйнасын.

— Өзлери қәлеймекен?

— Ҳа, әйтеўир нәрсени кек тутатуғын қатын емеспиз,—деди Сайыпназар. —Баяғыда, Хийўада гүрес болғанда, мәңгиге қандарымыз болып кетседе аты қарақалпақ жыққай дегенбиз.

— Жигитлер!—деди Артық жасаўыл. —Сайыпназар менен Мамыт өкпелемесе бир тилек айтайын. —Оның пикирин күтип ҳәмме жым-жырт турды. —«Аға бийде» Ерназардан соңғы дилўар Фазыл еди, ол ҳәзир де Хийўаға абырайлы. Еки бий пул жыйнаған менен ханға бериў қыйын. Әне буны тек Фазыл келистирер деп ойлайман.

Енди ҳәмме Фазылдың сөйлеўин күтти.

— Онда пул жыйнаўшыларға жеңил аяқлы Мәўлен менен Шоққы қосылсын,—деди және әлле ким.

— Ах, адамлар!—деп гүбирленди Бектөре. —Пулды урыға тапсыр деген усы шығар.

Оған мәни берген ҳешким болмады.

Пул жыйнаў усылының келешегине онша исенбегенликтен бе, ямаса өзлериниң қолы тазалықтан ба, Алакөздиң басқа дослары пикир таластырмады, бирақ Зарлық сәл кеўилсизлеў:

— Ханға Қарақум ийшан қәтере қылып қайтса шеп болмас еди,—деп еди, көп даўыс қуўатлай жөнелди:

— Дурыс, дурыс.

Мәўлен сары және сөйледи:

— Досларым, «пул ҳәммени ойнатады», «алтын көрсе периште жолдан шығады» деген еки даналықты билесиз. Мәселе шешилди: Енди қолдаўлы Мамыттикине я Шоқыникине емес тап бизикине де емес, Сайыпназардикине, кеўлиңизден шыққанын әкелеберіңлер. Ал, ҳәзир жүриңлер, Сержан байды жерлейик.

Қар еле таслап тур, Алакөздиң үйиниң қасында топланғанлар сийрексиди.

— Жигитлер,—деп Генжемурат қалғанларды әтирапына топлады. —Еки мақлуқатқа исенбе деген рәўият бар, биринши хан, екинши жылан. Ханның пулға кеўли жибимесе, Қарақум ийшанның қәтересине көнбесе не қыламыз?

— Зиндан айналасы тасқамал, бийик дийўал,—деп қойды Зарлық.

— Генжемурат,—деди бағанадан бери бәрин тыңлап үнсиз турған Бектөре. —Мине бизлер үш жигитпиз, керек десеңиз көбейе беремиз. Әттең палўан Ерназарды сатып алыўға берер пулымыз жоқ, бирақ сол тасқамал қорғанды басыңыз бенен буз десеңиз бузыўға таярмыз.

— Бөктөре, ақыллылардың ойласығына шөп таслай бермей тоқташы.—деди бала Ерназар.—Ана, ол Михайловты қай тәрепке узатып еди?

— Былай, деп аға қубла-күн батысты силтеди.

Бала Ерназар аға қол шошайтқан тәрепке қарай атының басын бурып, алға жылысты. Басқалар да ақырынлап ерди.

— Генжеке,—деди бала Ерназар былайырақ шыққаннан кейин. —Орыс арасында болып келген атың бар еди. Хан зинданының қорғанын бузып Ерназар ағаны қутқарғандай орысша ақыл таппайсаң ба?

Генжемурат мисли уйқыдағы қустай көзлерин жумып бираз ойланды да жуўап берди:

— Орыслардың улыы әскер басысы Суворовтың солдатларын дийўалдан секиріўге үйретип Намайл қорғанын алған усылын шалалаў еситкен едим.

— Жигитлер, қалай болмасын, Михайловтың өзин таппасақ болмас,—деди Зарлық.

Бул бәршесине унады.

Қар қуптанға шекем тыпбады, бирақ олар бөлинбестен Михайловты излеп Әмиўдәрьяның Қоңырат тусындағы өткелине қарай кетти.

Бир нәрсени күтсең, излесең, ол тосаттан табылса, оның қуўанышына не жетсин. Олар үшинши күни сәскеде Қоңырат қаласына жақын жерде, Аннамуратларға гезлесип, олардың арасында

түркменше ақ қураш кийген Михайловты танып, қуўанышларының шеги болмады.

25

Арадан көп ўақыт өтпей-ақ, Сайыпназардың үйи пүткил қарақалпақ аўылларының Мәккесине айланды. Питегене бардамлылар, қой, ешки жетелеп киятырғаны, бир кесе гүриш, бир қадақ майға халы жеткенлер де бул үлестен қуры қалмады. Жарлы дийханлар қысқа таярлаған өрим-өрим қаўын қақларын да әкелип «мынаны Хийўада пулға өткерерсең» деп тапсырып кетип атыр. Хешгеңеси жоқлар ең жақсы нийет пенен Сайыпназардикине бир арқа отын әкелип таслайды...

Мәўлен сарының ишитарлығы қозып ҳәр сапары гүбирленеди:

— Япырмай, бундай-әм еси жоқ адамлар болады екен, я туўысқаны емес, я ағайини емес, әкиятыр, әкиятыр. Ерназар алакөз-әм сум екен-аў, көрдиң бе, изин қандай дәрежеге жеткерди...

Ханға апарылатуғын ғәрежет топланып болса да, жыйнаўшылар қәнәәтленбей, ең қыйыр шеттеги аўыллардан да адамлар келип болыўын күтти.

Әмиўдәрьяны жағалаған шаббазлы өзбек аўылы бир арба гүриш пенен еки сыйыр, Гөне Үргенишке жақын түркмен аўылы қырқлаған қабақ зығыр майы менен қос яўмыты ат, арқадағы қазақ аўылы қос пар менен елпүлеген қой айдап әкелип берди.

Тек ертеклерде, дәстанларда, жыраўлардың толғаўларында айтылатуғын бул дослыққа, ҳәмме аң-таң. Шоңқы Мәўлен сарының ҳәр сапары шымшыйды. Мәўлен оған айтқандай сөз таппай тубалап тур еди, аўылдың арқа таманынан атына бастыра жүк артып жетелеп киятырған биреўди көзи илди:

— Анаған қара, балықшы орыс!

Орыс жақынлап, шалалаў қазақ тилинде сөйлеп, Сайыпназар бий дегенниң үйин сорады.

Сайыпназар Мамыт пенен далаға шығып уйпа-жуйпаланған келте сақалын сыйпалады:

— Не жумысыңыз бар еди?

— Мен де өз үлесимди әкиятырман.

— Не үлес?

— Биз де Аралды қазан билип, төрт қулағының бирине асылған балықшыларымыз. Қазанлас елимиздиң атақлы бир жигити ханға жаманлы болыпты, оны сатып алып қайтыў ушын Сайыпназар бий ғәрежет жыйнап атыр деп еситтик. Сөйтип аўылымыз үлестен қалмай мени жиберди. Бир ат жүги бекирем бар, шылт жаңа торқа жылымым бар.

— Биз орыстан зат алмаймыз,—деди Сайыпназар. —Хан еситсе,Қарақум ийшан билсе, жыйналған затымыздың бәрин мәкириўге айналдырады.

— Билемен,—деди орыс балықшысы. —Мен доңыздың гөшин

емес, Аралдың таза балығын әкелдим, мусылманлар балықты бейиштен шыққан дейди. Жылымым еле тутылмаған.

Сайыпназар оның әкелгенлерин алмайын десе де, көзи қыймады. Торқа жылым ең кеминде он сыйыр турады, оғыры баҳалы әли дүнья. Басқалары да жылым жөнинде ойлап, сөз қосалмай тислериниң суўын сорысты.

Орыс балықшысы атының аўзына бир тутам қуў беде тутып:

— Алыңлар!—деди. —Адамның адамға қайырқомлығында, адамның адамға бергенинде қылаплық, мәкириўлик болмайды.

— Олай болса, балығыңды өзиң түсирип анаў отының үстине тасла. Жылымның ораўын жаздырмай қасына қойып кетебер.

Жылым жөнинде төртеўи де ойланып, қалай ийемленердиң есабын таппай, ҳәрқайсысы қызғаныш сезиминде тур еди, орыс балықшысының қарасы шөгиўден пикирлери дүгисип, бири екиншисин, ол үшиншисин... отқа ысырып, я суўға ийтерип жибергендей ҳалда бир-бирине урлана қарасты. Сайыпназар жолдасларының нәпси ашылғанын уғып, алдын алды.

— Жигитлер, жылым бизики болсын.

— Сайыпназар, сизге гүна болады,—деди Мәўлен сары қәдимгисинше ийнин қыса кишипейилленик,—себеби сиз уллы адамсыз, бийсиз. Бизлерде онысыз-әм гүнә көп. Гүнаны гүпасы көп адамға арта бериниз.

Шоңқы оларды тыңламай, үйиўли жыңғылдың үстине көтерилип баратырған болып, түйдекли жылымды өзи менен жоқары сүйреди.

— Әй жыртып аласаң,—деди Мамыт.

— Орыслар бир нәрсе ислесе, әбден муқыятлайды.

Мәўлен сары шыдай алмай оның изинен жетип, жылымның бир шетин услап өзине тартты.

— Жаманларға жақсылық қылыў қумға тухым сепкендей екен-ә!—деди ол ширенип. —Усы ақылды таўып, ханға пул жыйнап апарыў керек деген ким? Мен. Мен болмағанда бул жоқ еди, гой. Еле Ерназар алакөз бул исти мениң баслағанымды билмей-әм күйдирер.

— Журтты биелап екі тилли берген өзим,—деди Шоңқы.

— Тап аталарыңа жуз мың нолет!—деди Мамыт.

— Ҳәримы ийтлер! деп Сайыпназар Мамыттың шалғайынан тартып ишке кирип кетти.

Мәўлен Шоңқының қолтығына түртти:

— Мақлайы қара, жылымға талақтай жабысқанша, ийниндеги муштай басыңды нолет. Көрдиң бе, бийлердиң сумлығын? Ҳәссеңий, екеўиниң-әм сазайын бер дейди?

— Ондай нәрсе сениң қолыңнан келе ме?

— Ашыўым келсе, пүткил қарақалпақты суўға батыраман, отқа өртеймен. Әттең, ҳамалды жақсы көрмеймен. Бирақ, ағайинлерим сум, соларға көзаба, абай-саясат ушын ғана маған ҳамал керек. Сен қолдаўлыңың бийи болыў ушын көйлекли туўылған жигитсең. Әттең мынаў Мамыт сыяқлы ҳамалпараз сумлар!—

деп Мәўлен сары түкиригин жутынды. —Әй, Шоңқы,—деди уры көзлерин ойнақшытып, —Ойлан, мынаў еки ҳамалпараз неге жасырынды? Абайладың ба, жүдә қупыя ойласығы бар. Олар мынаў жыйылған гәрежеттен жасырып апқалады. Көресең, бизлерге пай аўыстырмайды. Бундай сумлар дүньяға келмеген. Сен жылымға тарса қата бермей берман жүр.

Олар қораның ығында гүйсеп жатырған еки сыйырды шыбықлап жиберип орнын ийеледи.

— Жақағы еки боқ қарын ийтке сүйек таслағандай қылып, жылымды бизлерге жорға таслап кетти. Буны екеўимиз де алмайық, оларға да бермейик.

— Фазыл алсын ба ямаса оған да аўыстырмай Орыстики деп өртейик пе?

— Асықпа, тыңла, бул жылымды ханның бас ўәзирине саўға қылайық. Оған ат, түйе апарсаң, журт көрип қояды деп алмайды. Жыйналған пулдың да ерки бизлерде емес. Мынаў жылым, жүдә қымбатлы мүлик. Бас ўәзир қуўана-қуўана алады.

— Соннан кейин?

— Усы гәплер усы жерге көмилетуғын болса, сыр айтаман.

— Сыр ашсам көзимди өлген ғарға шоқысын, белимди сынық арба бассын.

— Олай болса, тыңла. Мен бас ўәзир менен тил табысқанман, әўеле қудай тил табыса беремен. Ол ҳамал бережақ, қәлемей жүрмен. Себеби ,алды менен ҳамал жоқта душпанынды билип алып пабыт етпў керек. Ҳамал сонда байтеректей шақалайды, жапырақлайды, гүллейди. Мине, өзиң гүўасаң, екеўимиздиң еки душпанымыз көз алдымызда қырға шыққан балық болды. Мениң қас душпаным Сайыпназар, сеники Мамыт.

— Қалайынша?

— Ҳәзир бизлерге билдирмей пул жасырып атыр ма? Жасырып атыр. Душпан деген басына шақ байлап жүрмейди, тап усылардай болады. Енди буларды тухымқурт қылыў керек.

— Қалайынша?

— «Қалайынша», «қалайынша?» Бас ўәзирге жылымды берип, Сайыпназар менен Мамыт уллы Хийўа ханының душпаны Ерназар алакөзди қутқарыў ушын елден пул жыйнап атыр, оларды Фазыл бий баслап келеди деймиз ҳәм қанша жыйналғанын айтамыз. Егер бизлер айтқаннан кемис қылып апарса, оларды уры деп зинданға таслатады. Егер түўел апарса, хан, душпанын қутқармақшы болып пул апарғаны ушын, үшеўин де зинданға салады. Соннан кейин дуйым журт екеўимиздиң аяғымызға бас урмаса, маған кел.

— Онда тап ҳәзир кетейик.

Мәўлен сары бирден шоршынды.

— Ой, ғарғыс урған. Шоңқы, мениң ақылым менен жақсы атлы болғың келип тур-ә Ой, сум! Көрдиң бе, журттың бәри сум. Биреўдиң арқасынан күн көреди. «Қалай алдарқатып таслап кетер

екенмен-ә? Жоқ-ә буның талақтай жабысқаны жабысқан шығар, қалса сыр ашады...»

— Жылымды ким алып жүреді?—деді Мәүлен ойын тоқтатып.

— Мейли, сенде-ақ болсын.

Мәүлен және қәүипленип, оған тиклене қарады.

— Менің атыма аўырлық етсин дедің ғой-ә?

— Онда мен-ақ бөктергиге басаман.

— Мейли, өзим-өзим...

Шоңқы жыңғыл түбирге бир сүрнигип, ҳәккелеўи менен атына қарай жуўырды.

26

Гүлзийба Ерназар менен Теңелдиң айдалып кеткен күйигине иши от болып, үйине келиўден мийине қурт болып түсе баслаған ғарры байды өзи буўып өлтирседе, сонша ўақытлар ерли-зайып атанған адамының өлисин жайғастырмаў қоңсы-қобалары алдында, аўыл алдында, дүньяда тири жүрсе бетине ширкеў түсиретуғынын есапқа алып дуйым журтқа көрсетип ҳақыйқый аза тутты. Байдың жыйған-тергенлерин аямай шашып қарасын да, жетисин де берди.

Үй бөпеси менен екеўине күтә кеңлик болып қалды. Енди ойлары да еркин, отырып-турыў да еркин. Бир кешеде таң атқанша уйықламай Ерназар туўралы, келешеги туўралы ойланып шығып, изында жүдә жақсылап кийиндиде, Ерназардан хабар билиў нийетинде үйине барды.

Ғарры бай өлгели еркеклер түўе, ҳаяллардың көзлериниң отын алатуғын болып жасанып, сулыўланып кеткен келиншекти Рабийби ҳәр қашанғысынша жақтырмай, сулыў ғана писте мурынын жыйырып қабыл етип, әлле нәрсеге жумсаўға мейилленди. Ол неге жумсасада, Гүлзийбаның тил қайырыў ойында жоқ, бирақ Рабийби баталмады. Оның сулыўлығына өзин салыстырып отыра бергиси келмей, қолына кепшигин алып ылашықта дигирман тартыўға кетти.

Шоқы-муҳаббат от емес, бирақ бир алысса өшириў қыйын. Гүлзийба келеринде келип, өзин қаншама ирккиси келсе де, күши жетпеди. Түни менен қыялында мыңсан қубылтып писирген ойларын ашта ҳәзир-ақ айтқанды мақул көрип, ыштығып елжиреди.

Ана соңғы гезлери оны жақтырмайтуғын болып қалған еди. Суўықлаў үн қатты:

— Неге келип едиң?

— Қарсылық етпессеңиз, сизиң үйге үйди қосып екинши келиниңиз болғым келеди.

Ана бирден ашыўға минип қораздай үрпейди:

— Жөнине жүр, өзи бахтықара адам өзге кисини бахытлы қылалмайды.

Гүлзийба бундай жуўап аламан деп ойламаған еди. Басқа сөздиң басына бармай үйден әстен ғана сыптырылып шықты.

Оның қапа кеўлин жубатқысы келгендей, есиғиниң алдында Мәдирейим күтип тур екен, бирге ишкериледи. Мәдирейим бир шәйнек шай ишкеннен соң гәп баслады.

— Гүлзийба, сениң ғарры байға аза тутыўың, хызметиң дуйым журтты таңландырады. Себеби, ҳәрбир еркек өзи өлгеннен кейин сендей болып қара кийип аза тутатуғын, барын шашып ас-абат беретуғын ҳаялды күсейди. Басқалардан бетерирек мен сондай ҳаялды күсеймен. Сол әрманымды айтыўға келдим.

Гүлзийбаға оның жүдә қыйылып, ойланып, аўзын толтырып айтқанлары шыбын ызылдысы шелли еситилмеседе, өзин бираз кеўилли тутты.

— Әрманың зор екен.

— Сыналмаған қызларға исенбеймен.

— Ол ушын әўеле өзиң өлип көриў керек-тә!

Мәдирейим келте ғана муртларын алма-гезек сыйпалап мырс-мырс, күлди.

— Утылдым, Гүлзийба, утылдым. Деген менен, ҳаялсыз үй—қолсыз дене екен.

— Бәлким, еркексиз үй денесиз қол шығар, еле парқына жете алмай атырман.

— Ҳе, ҳе, ҳе, ҳе, Гүлзийба, және утылдым. Егер, утып болып маған ийилсең, орнына атқа мингизип, өзим жетелеп жүргендей ойым бар.

Гүлзийба оның бөрттирме сөзлерине қарап жорта сөйлеп атырғандай көрип еди, онша тиклене бермей өзин мүләйим тутыўына қарап,алдын ала көп ойланып писирген шын қыяллары шығар деген исенимге берилди де, өз кеўлин айтты.

— Ҳаялды көз бенен емес—қулақ пенен алыў керек болады.

Бесиктеги бөпе шырр етип жылап, Гүлзийба оны тербетти. Мәдирейим қапталындағы көпшикке жанбаслады.

27

Әмиўдәрьяның арқасында қандай боран болса да, онша сезине бермейтуғын Хийўада быйылғы гүз ҳәр жылғысынан ерте басланды. Суўық күннен күнге өршеленип бир жерде турып ислейтуғынларға, соның ишинде зиндан қараўыллары ушын сарсықлы жағдай туўдырыўда, етин шымшыған аяз алды-артына ерксиз теңселтип, тындырмай жер тепкилегенде, олар иштегилердиң тонлы ызғар ийисине, өзлеринен шыққан ийис қосылып, сүйеклерине шекем қақсап, демлери қысылып атырғанына ой жибермейди, дүньяның барлық рәҳәти тек зинданда сыяқлы көринеди. Таң алдындағы суўыққа шыдамай зирдек қағып, денеси жуўлаған сайын қолларын үплеп гүбирленеди, сөгинеди.

Пәтли ат сүйреткисине жетип жүре алмай, омба қарға бирнеше мәртебе жығылып Ерназардың басының таңыўы шешилип, жарасы қанады. Оны иркиўге илаж қолланбақшы болған Теңелге

де пурсат берилмей, мумкинчилиги барынша Хийўаға жетиў ушын пашшаплар тутқан узын қамшылар көп жола ҳәрекетке кирди.

Ерназардан көп қан ағып Хийўаға кирген жерде еси танды, бирақ оған қарамай ат сүйреткисине сүйенип, әдеўир аяқ басыў менен зинданға ысырылып тасланғаннан кейин ғана жаны рәҳәт тапты, уйықлады. Теңел Ерназар менен қатар айдалғанына маралатқа берилгенликтен бе, ямаса балалықтың ҳәксеринен бе, жол бойы қанша шаршаса да күн-түнги тыныш уйқыдан кейин, бойын кутә жеңил сезип, көзлерин ашты. Ерназардың қойнына Гүлзийба тыққан жарты көйлекти алып, жарасын әндамлап сыпырды да, қайтадан таңды. Ерназардың көзлери гиреўленип, үшинши күни тилге келди.

— Қалайсаң, бала?

— Ҳәзир босансам дүньяны төрт айланғандай шамам бар, аға.

— Босатар, ўазыйпаң питти ғой.

— Не ўазыйпа, аға?

— Иним,—деди демин бөлиңкиреп алып, —киси менен урыссаң қайтып жарасқандай саңлақ қалдырыўды жақсы үйренипсең.

— Ерназар аға, жетимлер кисиниң есигинде көзи мөлерип аўқат жегени ушын ырайшыл болады, тәбиз үйренеди. Буннан тысқары мениң әжапам өз алдына бир қыз, ақыллы. Не қылсам бәрин әжапам үйретти.

— Мени алдамадың ба? Ырасынан кел.

— Мениң Аманлық деген бабам аты әпсана Маман бийге, өкем Доспан Айдос бабаға атқосшы болған. Солардың руўхы ушын өтирик сөйлсўге ҳақым жоқ. Әжапам болса, мени сизге сыртыңыздан туўысқандай дос қылып үйретти, достын бир алдағанның өмиринше алданатуғынын да үйретти.

Ерназар кең көкиректин толтыра дем алып гүрсинди.

— Инандырдың.

Теңел бойын жеңил сезип, сулыўшық қаралтым жүзи әдеўир босасын, ишинен масайрады:

— Мен өзимди Хорезмде ең бахытлы жетиммен деп есаплаймап.

— Не ушын?

— Аллаў-мыллаў бенде уллы хан менен тиллесип, уллы ханның өз аўзынан шыққан буйрық менен зинданға салынбайды. Мен болсам, сиз бенен қатар уллы ханды көрдим.

— Қашан?

— Хийўаға кирген жерде шикарға баратырған ханға дуслас-тық.

— Есимде жоқ. Ҳештеңе деспедик пе?

— Дестиниз, Ерназар ага,—деп Теңел балаларға тән даўысын көтерип ҳәм мақтаныш сезими менен Ерназардың жумыўлы көзлерине үңилип, еки қолын қанат қылып сермейди. —Хан шикарға баратыр екен. Айдап киятырған пашшап сизге «хан киятыр қол қаўсырып өт»—деп, өзлери атынан түсип ийилип, оған жол берди.

Сиз ийилмедиңиз, қол қаўсырмадыңыз. Сонда хан сизди қамшысы менен түртип: «Ҳа, Алакөз, ханнан қорықпайсыз ба?» деди. Сиз «Бизиң аўылда ханнан, Сержан байдың ийтинен қорықпайтуғын адам жоқ» дедиңиз.

Ерназар басының таңыўын услап күлип жиберди.

— Жүдә қыялпаз бала екенсең-ә?

— Жоқ, аға, дәл сөйдедиңиз.

— Онда жүдә жақсы болыпты,—деп Ерназар бираз жанланып өңмеңин көтерди. —Ырасғой-ә?

— Бабам руўхы урсын ырас. Оннан соң, Ерназар аға, мен атлының пайыў пияда айдалғаннан, қолында жарағы бардың қолы кисенлиден қорыққанын биринши рет көргениме де бахытлыман.

— Ҳа, бул не?

— Айдап келгенлердиң бизлерди зинданға таслатып болып әллекимге, «әбден силикпемиз шықты, шаршадық, жол бойынша биз буларды емес, булар бизлерди айдап келгендей болды» дегенин еситтим.

Ерназар және күлип, Теңелдиң өсик шашлы басынан сыйпалады.

Екеўиниң де бетлери исик, қамшы тилген көйлеклери өрим-өрим еди. Бир-бирине айналық қылса да, кимниң денесинде қандай исик, қанша қамшы изи барын айтыспады. Ҳәптеден соң ғана, ҳалқас алдында берилген музлы суўға бетлерин жуўып, берилген бир шөректиң азлығын билдирмей, ҳәр қайсысы жолдасының көбирек жеўине талапланып, мирәт салысыў менен түўести. Бир-бирине сүйенисип жаца жатқаны, төбеден және еки кесек муз түсти.

— Көп тойды деп берип атырған суўымекен, аға?

— Терлеп атыр, салқынласын деп жиберген суўығы,—деди Ерназар. Теңел аспанға қарап әстен мырс етти.

Сол жатыстан олар менен қызықсынған адам болмады. Бир жола Ерназар шыдамай, қараўылдан неге ҳешким хабар алмайтуғынының себебин сорап еди:

— Ҳүким ететуғын хан шикарда жүрипти,—деди қараўыл.

Бир күни түске таман Ерназардың сыртқа шығарылыўына буйрық болды. Ол Теңелди өзинен қалдырмаўды талап етип бирге алып шықты.

Қараўылханада, және баяғысынша, Қарақум ийшан отыр. Ол Ерназарды көриўден қараўылларға жекиринди.

— Бәдбақлар, көз алдымнан жоғалыңлар!

Ийшанның бул сапары ашыўлы көрингенине қарап, Ерназар оның менен күтилмеген әлле қандай тартысқа таярланды. Керисинше, қараўыллардың қарасы шөгиўден ийшанның жүзинде сүйкимлилик пайда болып жумсарды.

— Ерназар, өзиң билесең, ақыллылар алыстағы ағайиннің аты озғанынан аўылластың тайы озғанын абзал көреди. Сениң бундай иске және сазыўар болғаныңа жаным төзбеди. Аўыллас-

пыз, өўлийе шерикпиз, биз өлсек сен, сен өлсең биз жайғастырамыз. Гүнайынды ескерткен шығар?

— Айтпады.

— Мен билип алдым. Гүнайың —хан ғәзийнесине түсетуғын салықтың пулына алынған орысты ҳәм еки қазақ сарбазын өлтиргениңе үстеме, ханды Сержанбайдың ийтине теңгергениң.

Ерназар өзинен-өзи бурқ етип күлди.

Ийшанның ашыўы қыстап маңлайы қырққатланды:

— Мынаў бала ким?

— Бул мениң халқым!

— Ҳе, ҳе, ҳе, Ерназар, гәпке устасаң-дә! Аммо, маған келгенлер «халқың» жөнинде ҳештеңе айтпады, тек сениң гелленди қорғаўды өтинди.

— Геллем аман болса, халқыма ғамхорлық етиў—мениң жумысым.

— Ерназар, мен саған бир кеңес айтайын. Бәлким, көбирек жатарсаң, бәлким, хан шикардан келсе сорап аларман. Соған шейин саған берилетуғын тамақ жөнинде бас ўәзирге сөйлестим. Тек бир қыйлы тамақ береди, бирақ қәлегенинди береди. Сен тек геллеңниң гөшин сора. Ҳешқашан қайт болмайсаң.

Ол басындағы сәллесин мушына кийдирип, жән-жағын дүзестире баслады.

— Ийшаным, қарақалпақта «айнанайын сәллем сеннен, ҳешким гүман етпес меннен» деген нақыл бар.

— Қызықсаң, Ерназар, дым қызықсаң. Өзиң зиндандасаң, бунша соң дар арқаны күтип тур. Соннан келип дәлкек қыласаң. Мейли, мейли, жалықкан шығарсаң. «Халқың» гәпиңе түсинбесе де усылай жалығасаң.

— Мен түсинемен,—деди Теңел.

— Яқшы, дәлкек өз жайына турсын, тағдийир жөнинде, өмир жөнинде сөйлесейик,—деди ийшан сәллесин қайта кийип.

— Сиз не мақсет пенен келгенсиз?

— Өзиң бурыннан билесең, бир мусылман бир мусылманды азапласа, мүжисе, мийимде мыс қайнады. Хийўаға усы сапары тек сен ушын келдим. Өтирик сөйлей алмайман. Асқар бий маған өтинип қылды. Аммо, жақсы дос қуяштан бурын көринеди. Ҳешким арага түспегенде де кележақ едим. Мениң кеңесим, гүнаңды мойынлап, уллы ханнан кеширим сора.

— Мен ханға ийнеңиң ушындай да гүна қылмадым, қайтама орыс патшалығы алдында оның бир сөзлилигин, ўәдеге опадарлығын тастыйықлаўды ийнет еттим.

— Ерназар, кисиге еткен жаманлығың мойнына кийип, еткен жақсылығын тез умытатуғын адамлар тайпасынан едиң. Гежирликтиң, өжетликтиң пайдасы жоқ. Өзи тар әлемде инсан көбирек жасап кетиўи керек ғой.

— Әлем тар емес, тек бизиң Хорезм сорамы тар. Оны сиз де тарайтыңқырап баратырсыз.

Ийшанның мийине биз суққандай болса да, сабырлылық сақ-

лайжақ еди, усы демде базы умытшақ, ушқалақ суўпыларға усаўы дурыслығын бирден сезеди.

— Әстаўыралла, әстаўыралла!—Ол оң қулағын услап көзлерин перделеди. — Ҳаслан өйтеди демеген едим. — Ол және өзин басып, қамырдан қыл суўырғандай әлпайымлық пенен сөйледи.

— Ерназар, сен өз халқыңды сүйесең, оған қалыўсыз хызмет қылғың келеди. Әлемге машқур үлкен-үлкен елатлардан дос тапқың келеди. Еситиўиңше, бабаларың Маман, Айдослар-әм сөйткен. Айтшы, олардың қайсысы орыслардан пайда етти? Мениң еситиўиңше, тап ҳәзирги ўақытта бәрше мусылманлар ингилислер менен ҳәмдамласыў талабында. Олар менен пүткил Персия, пүткил Жазайыр, пүткил араб еллери ҳәмдамласып кетти. Орыслардың өзлери инглислер менен тил табысыўға жалынып жүрген халық. Илим-ҳикметти орыслар инглислерден үйренеди. Кенесиме қулақ ассаң, мен, қарақалпақ елиниң бир ақсақалы иретинде, саған, өззи ылашыққа арқа сүйеўге талапланғанша, отаўға кир дер едим. Уллы ҳәм мықлы отаў инглислердиң қол асты.

— Бул кенесиңиз маған таныс.

— Егер түсинсең инглислер дүньядағы ең үлкен, ең бийик таў.

— Таў тек тышқан туўады дейди халық.

Ийшанның өңи талаққа дөнсе де, сүўыққанлылығын сақлады.

— Ойлан, адам дүньяда жалғыз нәрсеге умтылады, ол тек тирилик.

— Жоқ, адам дүньяда жалғыз нәрсеге умтылады. Ол тек адамгершилик!

Ийшан сөз таппай тубалап, өрре түргелди. Ол Ерназарға ара түсиўге келискенде, кеўли әллеқайларға шарықлап, және үлкен бир есиктиң қулып-гилтине ийе болатуғынына қалыс исенип, өзине тәбия бир мүрийдине былай мақтанғаны бар еди.

— Пышыққа бир тислем нан тасласаң, маңлайына бир шертип қойыў керек, өйтпесең, нанды ким берип атырғанын умытады. Усыннан уллы ханды айтқаныма турғызып, Ерназарды босаттырсам, ғайбар пышықлы емес, арысланлы болғаным. Қолдағы арыслан анаў-мынаўды сезбейди, ҳәр сапары маңлайына шертиў түўе, қатты-қатты ураман.

Мине, енди бәри керисинше болып шықты. «Тезден өлтириў керек!»—деди қыялы. Бас ўәзирге жеткенше асықты.

Ол жыллы терис әйўанындағы сыпада бир кәнизекке аяқларын жуўдырып, жудырықтай қызыл алманың шетинен тислеп жеп отыр еди. Ийшанға кел деў орнына, алмасының шетинен және бир тислеп атырып, көзлери менен күлди. Ашыўлы ийшанға бас ўәзирдиң қылықлары жақпаса да, ҳештеңе дей алмай, қабағы жабылыўы менен сыпаның бир шетине аманат ғана жайласты.

Бас ўәзир аяқларын ләгеннен шығарып, сүлги менен ыстырып отырып, алмасының соңғы бөлегин асығыслаў шайнап, қылғынақылғына жутты.

— Ийшаным, жүрисиңиз бийжағдайлаў.

Ийшан қанша қөҳәрли болса да кәнизек кеткенше шыдап, соң сөйледи:

— Алакөз сизге тисин қайрап отыр. Тез көзин жоймасаңыз, қыйлы-қыйлы жаласы бар. Ханды көремен дейди, ямаса аўылы пул жыйнап қутқарып алыўға келетуғынын еситтимекен?

— Сиз сақлықта ҳәккесиз. Жақсырағы сизге оларды жүзлестирейин, — деп кеўилли бас ўәзир қолларын шаппатлап, есиктен бас көрсеткен жәлладқа буйырды. — Ҳәзир усы кәрадан шыққан еки қарақалпақты қайтар.

Көп узамай Мәўлен менен Шоңқы кирди. Ийшан жумсақ ғана мыйық тартты. Олар ийшан алдында мүридлерге тән жасқаншақлық пенен ийбе сақлап, теңнен түргелип, теңнен отырды.

— Уллы ийшанымыз, периштели дәргаҳыңызға сазаўар болғанымызға бахытлымыз, — деди Мәўлен сары.

— Рахмет, ақыллы мусылманлар!

Мәўленнің тула бедени босасып, әкесиниң алдындағы баладай еркеленкирип, алақанын алақанына уўқалады. Шоңқыны ийшанның сусы басып сөйлемеди. Бас ўәзир ийек көтерди:

— Мәўлен қәндекли, сөйлеңиз, маған айтқанларыңызды ийшан өз қулағы менен еситсин.

Қарақум ийшан менен бас ўәзирдиң бир-бирине исенбейтуғынынан бийхабар Мәўлен сары, мени еки қыйлы сөйлерме екен, деп сынап отырған шығар деген ой менен, бас ўәзирге қай тақылетте не деген болса, сол тұрысына есине келтиргенше гирттай гидирди. Ийшан оның гәптн бурыўынан гүманланды.

— Бул хандада өтирик сөйлеў гүна, еки ийниндеги периштелер қалдырмай жазады, таңла маҳшерде алдыңнан шығады.

Шоңқы қалтыраңқырады.

— Олай болса тыңлаңыз, — деп Мәўлен сары өзине тән әдети бойынша ийинлерин қысты. — Пүткил елди дузсыз майдай айныпып, қәпир ийис пенен сасытпақшы болған Алакөз оғада дурыс тутылды. Бул ушын аты қарақалпақ уллы ханымызға оның ақыллы бас ўәзирине миннетдар. Бизиң бул жерге келгендеги мақсетимиз — және бир оңбағанлықты айтыў. Сайыпназар, Мамыт деген бийсымақлар Алакөзди босатыў ушын елди алдап, пул жыйнап атыр. Енеўинде салығын төлемейтуғын халық қазанына салайын деп отырғанын әкелип берип атыр. Алакөз тири жер басып жүрсе, бизиң халықтың Хийўа ханы түўе жалғыз алланы умытыў қәўпи де жоқ емес.

— Ҳақ гәп! — деди ийшан.

— Адамларда мий жоқ, — деди Мәўленниң кеўли өсип, — Ақмақлардың бәри балықтың мийин жейди. Сол ушын ба, балық мийин жеген орыслар-әм бир торқа жылым әкелип берди.

— Оны ким алып қалды?

— Сайыпназар менен Мамыт, — деди Шоңқы.

— Жылым болғанда қандай? — деп Мәўлен сары басын шайқап-шайқап таңлайын тықылдатты. — Ондай жылым тек ханлық-

қа миясар. Сол ушын сүк қоллы Сайыпназар менен Мамытқа сиңдирмей бунда әкелдик, бас ўәзирге инам еттик.

— Хеҳҳ! — деп қалды бас ўәзир.

Бул бас ўәзирдиң жасырын сыры екенин енди түсинип, Мәўлен ернин тиследи, Шоңқы лал болды.

Торқа жылымды меншиклейжақ нийети менен алған бас ўәзир ашкөзлигимди бети қара ийшан ханға жеткерип, масқара қылар деген қәўип пенен дәрриў түргелди де, төрги жайдан жылымды алып шықты.

— Мине, ийшаным, буны мен Сиз ушын алып қалғанман. Тек из жағасындасыз, мүридлериңизге балық аўлатасыз, бизди де бос қалдырмайсыз, әлбетте.

Ийшан солыған геширге тақаббил жиңишке бармақларын жылымның көзлерине өткерип, жиплерин сыйпалады.

— Мейли, алайын, ешектиң ети ҳарам болса да, күши ҳадал. Қоне қарақалпақ азаматлары, сизлер ҳадалын айтыңлар. Ерназар алакөзге қарсымысыз?

— Ийшаным, — деди Мәўлен сары. — Бизлер амый адамлармыз, сизге кеңес бериў қыйын, болмаса сизиң ара түсип Хийўаға келгениңизге аты қарақалпақ наразы екенин де айтар едик.

Ийшан ишки қуўанышын жасырыўға тырысып, қуяшламадағы пышықтай көзлерин перделеди.

Бас ўәзир масайрақсыраң, қарсы алдында есик аңлыған егиз күшиктей аўыз аңлып, көзлери мөлерискен Мәўлен менен Шоңқының шығып кетебериўине урықсат етти.

— Бирақ, — деди бас ўәзир, найлажлық пенен түргелисип, артларына қарай-қарай күтилмеген жақсылықтан үмитленип баратырған екеўге. — Еркекти гөззал қылатуғын нәрсе — шыдамлылық болады, бул жаңалықларыңыз ушын сарпайды соң аласыз.

— Қай күни? — деди Мәўлен.

— Сайыпназар, Мамытты баслап Фазыл бий келген күни. Бәлким олардың орнына екеўиңиз бий болып-әм қайтарсыз.

— Оо, дана бас ўәзир, устасыз,—деди ийшан Мәўлен менен Шоңқының қуўжыңласып есикти жүдә абайлап жапқанына ырзалық пенен. — Енди ырасын айтыңыз, мынаў жылымды өзиниз иймемлепиў мақсетинде ediңиз гой-ә? Жаман ойым жоқ, тек болжаўларымның дурыс шығатуғынына қуўанбақшыман.

— Онда қуўана бериңиз.

— Уллы бас ўәзир, олай болса мә, сизге минәсип болсын.

Ийшан бас ўәзирге ҳеш ўақытта уллы демеген еди, иши қуўанышқа толып, ҳешқашан жибимес тамырлары босасып салаберди.

— Ийшаным, сиз қәлесеңиз оны ертең-ақ өлтиремен.

Ол аўзын жыйғанша болмай-ақ, сарай дәрўазаманларынан би-

ри үш қарақалпақ бийи датханаға урықсат сорап турғанын хабарлады.

Бас ўәзир олардың аты-жөнин сорап билип алды да, қос жолладына Мәўлен менен Шоңқыны қайтадан таўып келиўди буйырды.

Ийшан шапанының жағасын, сәллесин дүзетиңкиреп, ояқ-буяғына қаранып, қарақалпақ бийлери алдында ҳәрқашанғысынша әри азада, әри жүмбақ болыў кейпине кирди. Есиктен биринши болып Фазыл бий кирди, оның мәрдана қәдемлери отырғанлардың шекесине басылғандай болсада үнсиз, изин ала көринген Сайыпназар, Мамыт пысылдаўы менен босағаны атлаған жерде толы қоржынларын ийинлеринен түсирди де, маңлайларының терин сыпырмай-ақ бас ўәзирге қарай жарыса еңбекледи.

Бас ўәзир ийшанның сыншыллығын ҳәўес ететуғын еди, «ақмақлықларды» сездиңиз бе? дегендей мыржыйып, бир көзин қысты. Ийшан абайламағансыды.

Фазыл бас ўәзирдиң алдына келип қол қаўсырды;

— Сизге пүткил қарақалпақ халқының тилегин әкелдик, бәршеси қоржында. — Оның даўысы қалтырап, жылаўына сәл қалып тур. Ешейинде тықылдап сөйлейтуғын дилўар Фазылдың не ушын бүйткенине Сайыпназар менен Мамыт ишинең таңланды, бирақ гәп қоспады.

Бас ўәзирдиң қабағы бултай түнерди:

— Және қандай тилек?

— Уллы бас ўәзир, гинаратлы исим болса, бир қасық қаным нан кешиўиңизди өтинемен...

— Созбаң!

— Пүткил ел Ерназар алакөзди қайтып көргиси келмейди, сол ушын Уллы ханымызға, сизге алғыс пенен азын-аўлақ базарлық жыйнап, бизлерди жиберди.

Қарақум ийшан өз қулағына өзи исенбей, мурнын тартып-тартып:

— Уллы бас ўәзир, булар алжасқан болмасын, — деди.

Фазыл сарайда не дейтуғынын жолдасларына алдын-ала ескертпеген еди, көўилли Сайыпназардың ири гөўдеси кирпидей жыйырылды, оның колецкесиндей қыймылсыз Мамыт үнсиз бу ғынықырады.

— Ғәшиңизди және тоқтарлаң!

Бас ўәзирдиң ашыўлы өткир даўысы Фазылды қорқытып, омыраўын көтерди:

— Бизиң келгенимиз пүткил елдиң тилеги...

— Пүткил ел қасқыр ала көзден биймар, — деди Мамыт асығып. — Қасқырды аямаңлар, сәл рәҳим қылсаңыз, қойларды қырасыз.

Қарақум ийшанның дөңгелек қой көзлери жумылыңқырап, қара желпиўишке усас сақалын қамтылады да ишки қуўанышын сыртқа шығармаўға ҳәрекет қылды...

Есиктен мурны менен көзин көрсетип сығаланған биреўге бас ўәзир бас ийзегени мәттал, босағада Мәўлен менен Шоңқы пайда болды.

Сайыпназар бирден тиришеленди;

— Ҳа, тутылыпсыз дә!

Бас ўәзир олардың сөйлеўине пурсат бермей Сайыпназарға:

— Не ушын? — деди.

— Булар аса жеңил тәбиятлы, жүдә нәпсиқаў жигитлер. Бир орыстан наятый жақсы жылым түсип еди, тек ханлыққа ылайық деп жүрсек булар урлап кетипти. Ондай жақсы заттың қарақалпаққа питпейтуғынын билип, базардан туттырған шығарсызлар-ә?

Мәўлен бас ўәзир алдында өзин мәрдана тутып, сықақлы күлди:

— Еситтиңлер ме, өзи ел бузыўшы жалатай ҳәм жалахор! — Сайыпназардың көз аларта ҳүкимдарлық пенен қарағанына Мәўлен шыдамады. — Ҳа, ҳа, Сайыпназар, саған буға қарас жараспайды, түлки қарас қыл, ендиги жайың зиндан!

Оның еркинсиўи Сайыпназарды албыратты, Мамыт олардың неңдей бәле таўып келгенине түсинбей аң-таң.

— Фазыл бий, бизге не ушын пул әкелгенинди қайтала, — деди бас ўәзир.

— Диннен айныған, ел бузар Алакөзди зинданнан шығармай гүм қылсын деп пүткил елимиз өтиниш қылды ҳәм сол өтиништиң инанымы ушын пул жыйнап берди, соны әкелдик.

Мәўленниң қыйық көзлери аларып, бир қапталына аўып түсе жазлады. Шоңқының жайық езиўи тартылып-тартылып, бети жыбырласты.

— Қарақалпақтың ағла азаматлары, — деди ийшан олардың рухын көтериў ушын.—Бизди Асқар бий алдапты-дә!

— Күши кеткен ғаррылар тек қыял өтеди, халас, — деди бий енди әбден еркинсип. — Қыялда диянат болмайды. Билесиз, қыял мисли самал. Ҳәзир арқадан ессе, бир заманнан қублағa, я батысқа аўысады.

Көкиреги қайтадан ҳалласлай баслаған Мәўленниң биротала тили байланды.

— Фазыл бий, — деди бас ўәзир жүдә әлпайымлық пенен. — Мынаў еки жолдасың өзлериниң Алакөзге нағыз душпан екенин не менен дәлиллейди?

Сайыпназар белбеўин шеше сала бир ийнин жалаңашлады:

— Мине! Бул тыртық өгиз Алакөздиң иси. Ҳәр сапары шешинип отырғанда балаларым «бул не?» десе, жети насырым бүгиледи. Қалай урғызды дейжақсыз ба? Аға бий ойыны гезинде. Жаңылмасам, бурын да бир айтқан боларман.

— Түсиникли.

— Мынаў Мамыт Алакөзге отаў тиктириў керек деди ғой, — деди Мәўлен ең болмаса бир шынлықты услағысы келип.

— Уллы бас ўәзир, ийшаным, бул ырас гәп, — деди Мамыт-

гың сулыўшық жумалақ жүзи қызғыш дөнип.—Алакөздиң ҳаял-лы Рабийбини салланған қыз гезинде мен алмақшы едим. Ол өзи-ниң жуўҳа анасын ортаға салып, жас қыздың басын айналдыр-ды. Мен Алакөзге өшимди жибермеймен. Азлап дүньяға қызық-пайтуғын инсан болмайды ғой. Алакөз усыннан өлтирилсе, жеси-ри маған таза отаўы менен қалсын деген ойда болғаным шын.

Ийшан Мамытқа жақын барып жаўырынан қақты:

— Дүньядағы ең бахытлы инсан ким? Сиздей ҳақ көўил! Ен-ди мен де сизликпен!

Мәўленниң қызғанышы қозып, қасындағы Шоңқыны шымшып алды. Шоңқы секирип түсти. Бас ўәзир Мәўленниң сөйлеўине урықсат берди.

— Мен бир даналық айтайын, — деди Мәўлен, — Ким ерте жылт етсе, ерте өшеди. Алакөз ерте жылт еткен еди.

— Өлер алдында қумырсқаға қанат питермиш, Алакөз қу-мырсқадай қанатланып кетип еди, — деди Сайыпназар қалысқы-сы келмей.

— Бадбах Алакөз бахыт табыўдың қыйынлығына, жоғалтыў-дың аңсатлығына ой жибермеди, — деди Мамыт.

— Уллы бас ўәзир, бул мөминлерди қууантып жибериңиз, — деди Фазыл. — Еккисине сиз шапан жапсаңыз, еккисине ийшаны-мыз жайнамаз берсин.

— Сарпайларыңызды ертең таң намазына жыйналған жәмәәт алдында, салтанат пенен аласыз, — деп бас ўәзир оларды тарқат-ты.

— Оо, берекет тапқыр Фазыл бий, — деди Сайыпназар дала-ға шыққаннан кейин. — Өзиң жол таппағанда Алакөз ушын өлим-ге келген екенбиз ғой.

— Нәлетий Мәўленлер пәнт жеди-ә! — деди Мамыт.

— Мен емес, сизлер дана екенсизлер, — деди Фазыл киши-пейилленип,—бас ўәзир алдында жақсы дәлил табыўыңыз, үлкен ис болды!

— Жан таласыдә! — деди Мамыт.

...Таң намазына жыйналған жәмәәт төрт қарақалпаққа сарпай жабылатуғын салтанаттың орнына ҳәсиретли хабар тарады:

— Туни менен сарайды түркмен атлылары қамалады. Сақшы нөкерлерден өлтирилгенлери бар ..

Сарайға матам кеби жабылғандай хан мөҳремлериниң бәри түнжырасып қалды. Биреўдиң биреўге исеними жоғалып, олар-дың арасындағы гүман оты бурынғыдан да бетер ҳәўиж бенен лаўлады. Көшелерде жүрислер, күлкилер өзгерди.

Бас ўәзирдиң басына аўыр күш-мийтик түсти. «Не қылыў керек? Елде адаўат көтерилсе, бас әскер басының иси раўаж, най-мыт өлгир, ханға әллеқашан-ақ кирип ақылын ийелеп отырған шығар. Ханға не деў керек?...»

Ол дәрҳал Қарақум ийшанды таптырды ҳәм албырап турға-нын жасырмай, мәсләҳат сорады. Ийшан, ҳештеңеден бийхабар

секилли еди, бул жағдай бас ўәзирди гә қуўантты, гә қорқытты. Қәйтседе усы сапары бос сөз менен көп жорғаламай оны жымжырт тыңлаўға мәжбүр.

— Ақшамғы ўақыя түркменлердиң әдеттеги наразылық билдириўи емес, — деди ийшан узақ ойланғаннан кейин. — Бул Алакөзге жәрдем атланысы. Егер хан ләшкери түркменлердиң изинен қуўса, қала босайды, оннан соң Алакөзди алып қашады. Бул тәсил түркменлерден-әм, қарақалпақлардан-әм, сарайдағы гейпара сатқынлардан-әм шыққан емес, орыс тәсили. Ханға усыны жеткериңиз...

Бас ўәзир ханның оң жағында бас әскер басыны көрип урқанаты үшса да, сыр алдырмады. Күндеги жүрис-турысын өзгертпей, өз орнын ийеледи.

— Мәсләҳәтиңиз? — Ханның даўысы әри ашыўлы, әри жек көринишли шықты.

— Уллы ханымыз, ўақыяның рәмәўзине қарағанда, түркменлердиң изинен қуўмай турыў керек, — деп ол Қарақум ийшанның болжаўларын өз атынан баянлап еди, бас әскер басы ханға қол қаўсырып тикейди:

— Уллы ханымыз, жақсының әўели сөзи, соңынан өзи тозады. Бас ўәзирдиң сөзи де, өзи де тозыпты. Болмаса, қалаға шабыўыл қылған саяқларды қуўмаў керек дермеди? Уллы ханымыз, маған урықсат берсеңиз, шабыўылшыларды таўып нышқырт қыламан.

—Нышқыртла!

Бас ўәзир қылт ете алмады.

28.

Ызғар зинданның самалсыз тымырықлығына үйренискен жаралы Ерназар Қарақум ийшан менен суўық қараўылханада сөйлесип отырғанда аязлап қалыпты. Орнына жатқаннан кейин жөтелип басы аўырды. Буның бәрин жараның қаны уйысып қалғанынан көрип, Теңелге басының таңыўын жаздыртып еди, жараның үстинги қатыўашы шүберекке жабысып түсип, орнынан және қан шықты. Ерназар және азлап талықсыды. Теңел оның аўырсынғанына қарамай азанғы халқасқа берилген суўық суўдан аўыстырып қойғаны менен, қайтадан жуўып, жаңа таңып болғанда, зиндан қараўылының сыбырлағаны еситилди:

— Алакөз, тиримисең?

— Тиримиз, — деп алакөз үшын Теңел жуўап берди.

— Алакөз қулақ сал!—деди және ол әўелгисинен де әстерек.—Жарлылық отлы көйлек екен, үрпе-шүрпе тоғыз балам үшын отлы көйлек кийиўге қайыл болдым.

— Неге? — деди Ерназар.

— Алакөз, әстенирек, жер астындағы даўыс гүңгирлеп кетеди. Енди сен азат боласаң.

— Қалайынша?

— Ҳаялың бас қараўылға көп пул әкелип берипти. Бас қараўыл маған енапат пул менен егеў берди. Мә, егеў! Қисеплериңизди кесиңлер! Болған соң айтыңлар. Бирақ, шыңғырлатпай кесиңлер:

Олар басқа сөздиң басына бармай егеўди иске салды. Ҳәлсиз Ерназардың қоллары егеўди услап тек қыйқалағаны болмаса, жуўан полат кисенге батыра алмады. Теңел де өндирип жарымады, бирақ тыным таппады.

— Алакөз, — деди және бир гезде қараўыл. — Қисенлериңиз бирден түсип қалмасын. Биреў тексерип келсе қорқамаа-а-а-ан. Қарақум ийшан жамаа-ан.

Кисен аңсатлықта қыйылмай, екеўи де шып-шып терге түсип, қараўылға қулақ аспады.

Қараўыл азан менен және сыбырланды:

— Алакөөөз, болдыңлармааа? Бүгин ақшам қалаға түркменлер шабыўыл қылды. Аласапыранда қашсаңыз, жақсы болар еди.

Кешеден бери еле жартысы кесилмеген кисенди шаршаған қоллардың және бир күнсиз кесип болыўы күшмийтик көринип, Ерназар ашыўлы гүбирленди:

— Хәй, әттегене, шабыўыл жақсы емес, барлық жерде қараўыл көбейеди.

Бул гәп Теңелдиң кейпин қашыратуғынын түсинип пе, аспанға қарады.

— Бүгин кесип боламыз.

— Алакөөөз, — деди және қараўыл. — Шықсаң мени жақсылап байлап кет. Ҳөр жериме урып-урып истир, көгерт. Қолы күшли бәлесең, абайла. Өлип қалмайын... Үрпе-шүрпе тоғыз балам бар.

Ерназар терге аралас қан сорғалап турғанын сезбей, ҳәтте кеште берилген аўқатқа қарамай, егеў менен қумбыл болып атырғанда сырт ала-тасырлы бола қалды. Ол албырақлап егеўин дәриў астына тықты. Сырттағы әламат, еле басылар емес. Бир ўақытта таныс даўыс еситилди.

— Ерназар, усындамысаң?

Генжемураттың сәл қырылданқырайтуғын даўысы Ерназарға қанат бағышлап, Теңелдиң қолтығынан көтере, ушып турғелди.

— Мындамыз!.

Ол бирден бойына енген күш менен қолларын еки жаққа айырып жибергенде шаңғыррр етип кисеплер жерге түсти. Қараңғыда Генжемураттың қасындағының ким екенлигин билмей, оған қолын берип сыртқа шыққан соң таныды:

— Ҳаў, Михайлов!.

— Соң, соң,—деди Михайлов,—Генжемуратқа ер. Дийўалдың сыртында жигитлер күтип турыпты.

— Қараўылды...

Генжемурат жуўап орнына Ерназарды қорғанның төрине қа-

рай жетелеп биик дийўалға келгенде, қолларын жерге тирең текше болды.

— Арқама минициздер?

Оның сестине қосыла дийўал үстинен биреў қол созып, әўеле Ерназарды, соңынан Теңелди тартып алды. Екеўи жалма-жан еки атқа миндирилди. Бул жерде Ерназар бала Ерназар менен Зарлықты таныды, олар атларын қамшылады.

— Михайлов пенен Генжемурат қалды ғой.

— Олар бизлердиң анық алыслап кеткенимизге көзи жеткен соң қашады.

Қаладан шығып баратырғанда, Ерназар бир сораў берди.

— Бизиң ҳаял қайда?

Зарлық жуўап орнына Ерназардың да, Теңелдиң де атларын үсти-үстине қамшылап, өзи басқа жаққа бурылып кетти.

— Ерназар аға, — деди алда баслап баратырған бала Ерназар. — Берман айдайбер. Михайловтың кенеси бойынша қаладан сегиз жаққа бөлинип қашыўға келискенбиз. Бәримиз «орыс дийўалда» табысамыз.

Алакөз ҳешқашан еситпеген «орыс дийўалға» ҳайран болса да, үнсиз ат қамшылады...

* * *

Ханға мәсләҳәти унамағаны ушын бас ўәзирдиң жан-ийнине от түсип, сол күни кешке шекем жүрегине ас батпай, ақшам өли төсекке кирген соң да жаныш қоярға жер таппай, кирпиклери айқаспастан тан атырып еди, ығбалына тан намазына айтылған азан киби сарай бойлап және жаңа хабар тарқады.

— Алакөз қашыпты!

Ол көкирегин толтыра непес алды:

— Ҳа, қуда!

Сарайға келсе, хан барлық мәҳремлерин жыйнапты, биреўден биреў гүманланып, ҳәмме гүйзелиске түсип тур екен.

— Ҳешким табылмағанба?

— Биреўи тутылыпты.

Бас ўәзир бир демге гидирмей, мәҳремлерди, Қарақум ийшанды баслап зинданханаға келди.

Аяқ-қолы қылшылбыр менен байланып, кирпиклерин зорға қатып жатырған қараўылдың көкирегине бас ўәзир аяғын қойып турып сорады:

— Кимлер?

Қараўыл жыламсырап үнсиз бас шайқады.

— Ҳәй, пашшап, мынаны сыртқы дәрўазаға ас, бәрше халық көрсин! Тутылған бенде қәйерде?

Пашшап жуўырып барып, зинданның есигин ашты.

Бендениң бет-аўзы исип, шырайы адам танығысыз еди. Бас ўәзир оны дийўалға сүйеп отырғызыўды буйырды да бендеге жекиринип атын сорады.

— Бектөре! — деди бенде.

Жыйналғанлар бенденің атына күлисейин десе Бас ўәзирден айбынып турыпты. Бас ўәзир оған атын қайталаўды буйырды.

— Бектөре! — деди бенде қаттырақ.

— Өтирик сөйлеме, сен егер шыннан Бектөре болғанында жолдасларың таслап қашпайды.

Бектөре үндемеди.

— Сизлерди ким баслап келди?

— ...

— Нешеў ediңиз?

— Бир өзим.

— Орыс бар ма, аты ким?

— Бир өзим.

— Абайладыңызба, Бас ўәзир, — деди Қарақум ийшан. — Қарақалпақлар усындай маңбастан келип жүдә беккем халық, ислесиў оңай емес!

— Халқым беккем болмағанда сизлөр әллеқашан жоқ қылар ediңиз, — деди Бектөре.

— Ой, бийшара, өлим ҳалында да ҳалқым дейди-аў. Сен қайсы байдың я бийдиң баласысаң?—деди мәҳремлерден бири.

— Өзи жетим, — деди Қарақум ийшан.

Бектөре исик қабағын қоллары менен уўқалап көзлерин гиртийтип ашты:

— Сен кимсең? Баяғыда бизиң аўылларды гезетуғын бир дийўана, соң көринбей кетип еди, даўысың соған усайды. Бул дәрежеге қалай көтерилгенсең?

Қарақум ийшан селк-селк күлди де:

— Көзлери гиреўленип, қулағы гүўилдеп турса керек, — деди әстен.—Еле Бас ўәзиримизди өзиниң бир жорасына усатса да тәәжип емес.

— Ҳәй бенде! — деди Бас ўәзир. — Жаның қәдирли болса сөйле! Бир күн бурын атлылар жиберип ләшкерлердиң дыққатын аўдарыўды, екинши күни буйтиўды ким кеңес етти?

— Мен!

— Көрдиңбе, мәрт көринбекши, — деди жәнебир мәҳрем. — Ҳәй бенде, алдыңдағы ким екенин билесеңбе? Уллы Бас ўәзирдиң өзи! Халқың сүйетуғын жигит көринесең, сол ушын тирилигиң халқыңа керекгой, ырасынан келебер.

— Мен халқын жақсы көретуғынларды жақсы көремен.

— Ой, өжет сорлы!

— Ҳәй, пашшап, буныда жаңағы қараўылдың қасына апарып дарға илдир. Мойнына арқан саларда және сорап көр, ырасын айтса, өмири өзине саўға!

Бас ўәзир асығып қорғанның иши, сыртын айналып шықты. Быжнаған ат излери. Ҳәрқайсысын қуўалап көрди, қаладан шығып сегиз тәрепке бөлинипти. Алакөз қайсы топарда қашқанын ҳешким болжай алмады.

— Ладан әскер басы, қалада ләшкер қалдырмады-ә!—деп

Бас ўәзир ханға дурыслы кеңес пенен кириў ушын мәхремлерден бөлинип жайына келди де және Қарақум ийшанды шақыртты.

Бас ўәзирге айтқан болжаўларының дурыс шыққанына ийшанның көкирегин қодық жайлап: «Япырмай, хан сарайында устине гуман батпағы жағылса, тамам. Бул ўақыяға өзиниң қатнасың бар деп айтпламаса болар еди» деген қорқыныш пенен, Бас ўәзирдиң аяқшылы ҳәм жалынышлырақ келбетин көрди де, бойы жеңиллести.

— Мениң алжаспағаныма исенген боларсыз.

— Исендим. Ҳәзирги жағдай ушын мәсләҳәт керек...

— Уллы ханға кешеги буйрығыңыз қәте болды деў, дар астына барып өз мойнына өзиң арқан салыў. Түргел, мениң өзимди ханға басла.

— Не ушын? Қарақалпақлардың бул исинде де, хан дәрежесинде ақыл көрдиңиз бе?

— Оннан-әм жоқары! Орыс ақылы!

Бас ўәзирде қорқынышлы титиркениў пайда болғанын ийшан сезбеди, сонша ўақыттан бери орыс ақылын пәске таслап жүргени де есинен шығып, мийин жеп турған ең соңғы ойын ғарры ханға айтқанша асықты. Оның дәпиниңкирегенине шаршаған Бас ўәзир төтепки бере алмай, албыраңқырап тикейди:

— Қойға жолбарыс териси жабылғаны менен, жолбарыс болалама?

— Болалмайды, аммо қорқытады. Балта кеспейди, уста кеседи. Тезирек ханға жүриңиз.

29

«Орыс дийўалы» дегени зиндан қоршалған дийўалдың бийиклигинде, қалыңлығында салынған узынша дийўал, оның усылай аталыўына себеп: «Суворов усылын» дөретиў ушын орыс Михайловтың қарлы аязға қарамай салдырған дийўалы.

«Орыс дийўалға» жақын тоғайға үлкен қос соғылған еди, иши байлардың анаў-мынаў отаўынан жыллы. Қийизлер, түркмени ғалылар төселипти. Алакөзге «Орыс дийўалы» деген аты да, мәканы да унады.

— Ғалыларды Аннамуратлар әкелди, — деп түсиндирди бала Ерназар.

Алакөздиң үлкен көзлери перделенип, уйқы басып отырғанын сезди де, барлық әңгимелерди қыранлар жыйналып келгеннен соң сөйлесиўди ескертип, төсекке жатыўды усынды.

Ол ертеңине азанда әдеўир-ақ өзине келип оянды. Бала Ерназар чай демлеп те үлгерген еди. Чайдан бурын, басқалардың еле келмегенине Алакөздиң кеўлинде азғана ҳаўлығыў пайда болды.

— Олар қәйерлерде иркиледи?

— Тоғайларда. Қуўғыншылардың жолын тосады.

— Ендиги жағында иске асыўы тийис қандай ойлар бар?

— Сиз жоқта басшымыз Михайлов аға болды, — деди бала

Ерназар шайлы кесесин жерге қойып. — Орасан ақыллы, көп билгир адам екен. Хан ләшкери менен салыстырғанда күшимиздиң азлығын есапқа алып, көп ақыллы нәрселер ойлап тапты. Бизлер Ерназарды шығарыўға барғанда қалада көп ләшкер болмаўы керек деп, бир күн бурын Аннамуратларды онбеслеген атлысы менен қалаға топылыс қылып, ханды өшиктириўге жиберди. Олар да екеўден сегиз жаққа бөлинип қашты. Бизлердиң де сегиз жаққа қашыўымыз кереклигин тапқан өзи. Келешектеги ойларымыз ҳаққында ҳештеңе писириспедик, бирақ оның бир айтқаны, Ерназар зинданнан шықса қалған жағы өзлериңиздиң исиңиз, деди.

Алакөз алақанындағы кесесин услаўы менен жоқары көтерместен ойланып қалды.

Әлле қашан оянса да түргелмеге еринип, барлық әңгимени мақул тыңлап жатырған Теңел үн қатты:

— Ерназар аға, зинданнан шықсақ орыс патшалығына кетемиз деген гәпиңиз бар едиғой?

— Умытқаным жоқ.

Қостың сыртын тысырлатып келип, онтөрт-онбес жаслардағы бир бала есиктен сәлем берди. Үсти алба-далба бул баланың келиўи ҳеш күтилмеген еди. Бала Ерназардың көзлери апалақлап, оны қуўыў ушын Алакөздиң буйрығын күтип, бетине жалт қарады. Теңел еки Ерназардан айбыныңқырап есикке өтти де:

— Ҳаў, Қәллибек!—деп оның менен тап үлкен адамлардай қол алысты. Ерназар алакөз Қәллибекти енди еследи: бир жола алдынан шығып қол жайған, бирақ оның берер нәрсеси болмағаны ушын сөзден утқан жетим.

Бала Ерназар Қәллибектиң Алакөзге таныслығын сезседе, оны жансыз емеспекен деген қәўип пенен еле кеўил алағадасы басылмай сораў берди:

— Сен бала бул жақта не қылып жүрсең?

Қәллибектиң сарғыштан келген жуқа жүзи өзгермей, қыйық қара көзлери бала Ерназарға тик қарады:

— Аўылда «Орыс дийўал» ҳаққында көп гәплер таралған еди, өз көзим менен көриў ушын излеп шықтым.

— Жолдасларың қайда? Ким дегенниң улысаң?

— Бундай сырлы нәрсени көп болып излемейди, бир өзиммен. Әкем Бекжан исмли жарлы дийҳан болған.

— Уруўың нели?

— Биз жетимлер бир-биримизден урыў түўе миллет сораспаймыз.

Жуўап Алакөзге бирден ушап, мыйық тартты.

— Қәллибек, мен саған сораў берсем шеше аласаң ба?

Жас үлкенлер, ел ағалары өзлерине унаған жасларды сынаў ушын сораўлар беретуғыны бурыннан дәстүр. Бирақ жетимлерге сораў бериў жүдә некен-саяқ, олардан даналық шығады деп дыққат беретуғынлар болмайды. Қәллибек жақсы пайытқа гез келгени ушын мардыйыңқырап, ушыўға ҳәзирленген қустай жый-

нақласты. Алакөз оның ҳешқандай қысыныспаға түспегенин және унатыңқырап, тикленип отырды:

— Қәне, айт, тилимиздеги ең жаман сөз қайсы сөз?

— Тилимиздеги ең жаман сөз, кисини мақтандыратуғын сөз.

Бала Ерназар да аң-таң болды. Алакөз жуўапқа қәнәәт тапқанын туйдырмаўға тырысып және бир сораў берди:

— Елде кимлерди бахытлы, кимлерди бахытсыз деп ойлайсаң?

Қәллибектиң жуқа еринлери жыбырласып жерге қарап аз-маз ойланып алды да тағы сөйледи:

— Бул сораўыңызға дәл жуўап бериў оғада қыйын, Ерназар аға. Себеби бахытты, бахытсызлықты ҳәрким ҳәрқыйлы түсинеди, биреўлерге тоқ үй бахытлы. Мениңше өмирди, басқаларды, ким көп билсе сол бахытлы. Ал, айырым үйлер жөнинде айтсам, қайсы үйдиң еркеги жаман болса, сол үй ярым бахытсыз, қайсы үйдиң ҳаялы жаман болса толық бахытсыз.

Жас жетимниң ғарры тақыўаларға усап сөйлеўи ғана емес, жуўабы жасына қарағанда исенимсиз шықса да, Алакөз ҳайран болды. Бала Ерназар шыдамады:

— Буны сен қайдан билесең?

— Жетим бир үйден тамақ ишпейди, аға. Усы жасыма шейин пүткил елимизде есигине мен ұнилмеген шаңарақ жоқ десем, өтирикши болмайман. Қолыма бир тислем нан услатқанлар да, услатпағанлар да тендей, кеўил сандығыма бир нәрсе тығып жиберетуғын еди.

Ерназардың ойы, орыс патшалығына қыранларын баслап кеткенде Теңел менен Бердақты қосып әкетип, Оренбургта оқыўда қалдырыў еди. Оған Қәллибек бирден унап қалды.

— Егер сени бөтен елге жиберсем барасаңба?

— Басқа елатларда болып, бул жақты дүньяның барды-келдисин ҳәм адамларды көбирек түсинип жасаўдан артық бахыт жоқ деп ойлайман, Ерназар аға.

— Ерназар, — деди Алакөз. — Орыс патшалығына кетиў нийетиңе өзгерис кирмеди ме?

— Меники баяғы бир гәп.

Алакөздиң асығып күткени Михайлов пенен басқа қыранлардың тезирек келиўи болды. Баяғы келискен онбасылар да айнымаған болса, усы сапары олар менен ашық сөйлесип, тобын бузбастан орыс патшалығына жол алыўы керек.

Түнге қарай Мәдирейим, Мухаммедкәрим қайтып келди.

— Сизлер үшеў емеспедиңлер? — деди Бала Ерназар ҳаплығыққырап.

— Бектөре тутылып қалды.

— Не дейди? — Бала Ерназардың кейпи ушып, шырайынан қан қашты. — Қәйерде?

— Бизлерди дийўалдан шығарысып, өзи көтерилежақ еди, аяғынан әллекимлер тартып алып қалды, бизлер қаштық.

— Ол қурымсақ Хийўа ләшкерин усы жерге баслап келеди десеш.

—Ендиги жалғыз жол орынды өзгертиў керек, — деди Алакөз. — Михайлов пенен Генжемуратлар неге кешигип атыр екен?

— Олар Түйе мойыннан, Зарлықлар Хожелиден жол таслап қайтыўы керек еди.

Жайда суўықлық пайда болды. Үлкенлердиң сөзлерине онша қулақ қоймай, бир қуўыста Қәллибек пенен Тенел әжик-гүжик сөйлесип отыр еди.

— Қәллибек, — деди Алакөз. —Сен Бектөре дегенди жақсы билетуғынба едиң?

— Билемен. Бирақ ол соңғы гезде жоғалып кетти.

— Қандай еди?

— Ақыллы. Сабырлы.

— Сыр сақлағышпеди?

— Өзине беккем еди. Гейде биз, жетимлер менен ушырасқанда, биреўлер тоқлардың мийримсизлигине шағынса «аш болып көрмеген адам аштың жағдайын түсинбейди, шыда, пүткил халқымызға шыдамлылық тән екенин ҳәммеге көрсет» дейтуғын еди.

— Далада шамаллап келеқойыңлар.

Тенел менен Қәллибек дизилисип қостан шықты.

— Жигитлер, енди ҳәмме жыйналып болғанша уйқы мәкириў, — деди Алакөз. — Сөйлесип отырайық. Мәдирейим, айт, келешекте не ойың бар?

— Ел парахатшылық болса қайта шаңарақ қурыў.

— Жасың-әм өтип баратыр, — деп қойды Мухаммедкәрим.

— Шөкелегениң бар ма сирә?

Мәдирейим журттан айрықша бир нәрсени ҳәзир көрип қалғандай бирден қуўанышлы сөйледи:

— Билесиз, жигит жақсы ҳаял алса пүтин қайғысы ярым болады, ярым қуўанышы пүтин болады. Әне, мен сондай жақсы ҳаял болатуғынына исенбес едим, жақында исендим.

Мәдирейим йошып таңлайын қақты, басын шайқады.—Еситсеңиз, сол гөззалдың аты Гүлзийба, — деп тисиниң суўын сорыды.— Ырасын айтсам, бәршеден қызғанаман.

Мухаммедкәрим оны шығанағы менен түртти.

— Ешнде тут, сорлы, ерли-зайыплы арасындағы қызғаныш— қутырған ийт ийесин қабады, урыны үйге киргизеди.

Мәдирейимниң қуўанышлы жүзинде бирден өзгерис пайда болды, суўысты. Мухаммедкәримде оған аяның сезими оянды.

— Ериназар ага, секермейди екенсиз, Сержанбай ақыллы екен, аз күн болса да жақсы ҳаял менен дәўран сүрип өтти.

— Өлди ме?

— Өлди. Сизлерди айдап өткен күни өлипти. Барлық қыраңлар сизиң үйдиң алдына жыйналысып мәсләҳәт қурып атырсақ, аза кийиминде Гүлзийба келди. Аза кийиминде сонша гөззал ҳаялды өмирим туўып көрмегенмен. Кирпиклери ийнедей шаншылып, ғарры байының өлгенин айтып, изинен сизлердиң айдалып кеткениңизди хабарлады.

— Ҳа, ол ақыллы ҳаял, — деди Алакөз суўықлаў. — Мине Мә-

дирейимниң ойлары түсиниклп. Мухаммедкәрим, сениң қыялларың?

— Әтшөктиң ҳәр уяға қонғаны емес, өзине уя салып алғаны таңландырады деген екен. Мен ҳәзир әтшөкпен.

Бала Ерназар өзи ҳаққында сөйлемей елдиң бирлиги жөнинде әңгиме баслап. Ерназар алакөзди қутқарыў ушын ҳәмме үлес қосыўға тырысқанын, жыйналған пулларды Фазыл бийдиң басшылығында Сайыпназар, Мамытлардың Хийўаға әкеткенин, олар таң ҳәзир де Хийўада екенин айтты.

— Барыңызге ырзаман,—деди де, Алакөз ойға шүмди: «Солардың әкелгенин қараўыллар алжастырып, неге ҳаялың келди, ҳаялыңның көп дүньясы ушын қутқарамыз, дести. Фазыл ақыл тапқыр еди, гәпимизди хан тыңламас деп қорқып, қараўылларды ҳаялымның аты менен сатып алған шығар. Шынында бәри де ҳәккедей сақ жигитлер ғой, набада қараўыллар айтып қойса, «тутылмайық», деп, ойлаған... Соған ылайық менде ғайбар, ақыллы ҳаял болса екен-аў...»

Таң алдында ат дүрсили пайда болып, олар албырақласып атларына жуўырысты, бирақ келгенлер Зарлықлар болып шықты. Күн шыға басқалар да жуп-жуптан келе баслады. Және үш күн өткен соң, енди бәршениң қыялы «олар сөзсиз тутылған» деген исенимге бериле баслағанда, тоғай жийегинде Михайлов пенен Генжемурат атларының басларын теңлеп киятырғаны көринди. Бәрше көзлер олардың тер басқан атларда отырысларынан қалай шаршағанлықларын аңғарса да, кейпи түсиўшилик сезбеди, керисинше үлкен үмит әкелатырғандай түйилди.

— Жигитлер, сизлерди көп тәшўишке салсақ керек,—деди Михайлов бирден, — Аннамуратлардан оралдық.

— Бәри аман қутылыппа?

— Қутылыпты. Үстиртке қарай қашыпты. Ал өзлериңиз түўелсиз бе?

— Түўел.

Қосқа қайта от жағылды, тез қазан асылды. Аш болғанлар дастурханға қол урып, ыссы суў менен нан жеп нәрленип, әдеўир дем алыспа болғанша Мухаммедкәрим шыдамады:

— Бектөре тутылып қалды.

— Не дейди?!... Не дейди?!

Жыллы қостың тутыўлары бирден жығылып, гүўлеген суўық самал қаплағандай кейип пайда болды да, бир неше демлик тынышлық ҳүким сүрди. Ошақтағы от мазлап, гөш толы қазанның үстинен майы сапырылып қайнап атырғанына қарамастан, қос ишши нағыз дозаққа айналған секилли, көзге илинбес от жалыны ҳәр-кимди ҳәр қыйлы дәрежеде қарпыды, ҳәр қайсысы өзинше күйди. Ел топырағын басқанына аяғы жер илмей, апаў-мынаў сөзге езиўи жыйылмай тасып отырған Теңел жас үлкенлердиң ойшыл жүзлерине қарап ишинен қорықты.

Барлық көз гә Михайловқа, гә Алакөзге жаўғанласты.

— Маңлайы қара Бектөрени қоспаў керек еди, — деди әллекким.

— Ол сум еди...

— Жоқ, сум емес, ақыллы еди, — деди үшинши биреў оны көп сөйлетпей.

— Ақыл менен сумның не айырмасы бар?

— Ақыл халық пайдасын ойлайды, сум өз пайдасын ойлайды.

— Онда арамызда сумлар көп екенғой.

Михайлов сөйлеўге нийетленди. Оның ақыллы кеңес айтатуғынына исенип қалған қыранлар жым-жыртланды.

— Ким атқа минсе, оның ат астына түсетуғын пайытлары да бар. Соған қайыл болып өз елиңиздиң аты менен қыран болғаныңыз күтә ағла ис. Сизлердиң Хийўа ханына қарсылығыңыз секилли, бизде де көп адамлар ақ патшаға қарсы талай-талай көтерилис қылған. Ҳәттеки, уллы патша Петр биринши заманында Кондратий Булавин деген дийхан патшаның наәдиллигине қарсы урыс баслап, қарақалпақлардан-әм жәрдем сораған.

Бәршеде әллеқандай мақтаныш сезими оянып, Михайловтың бир сөзин түсирмеў ушын ҳәмме аўзына суў толтырғандай болды да қалды.

Михайлов олардың не күткенин уғып Кондратий Булавин көтерилиси ҳаққында, оннан беррегиректеги Декабрьшилер көтерилиси ҳаққында айтып түсиндирген болды.

— Сиз, өзиңиз, патшаңызға қарсымысыз?—деди қыранлардан бири.

— Өзим орыс болғаным менен, барлық орысты мақтамайман. Патша сарайындағы төрелеримиз арасында жүдә жаманлары жоқ емес. Аз санлағы кишки халықларды менсинбей мурнын пәнкийтетуғынлар-әм бар. Сол ушын да сизиң бабаларыңыздың орыс патшалығына қосылыўын ийгет еткен арзыўлары усы ўақытқа шекем ҳеш асырылмай жүр. Мениңше, халықларда ҳеш айырма жоқ. Биреўи үлкенирек жулдыз, екиншиси киширек жулдыз, тамам! Ҳәр жулдыздың өзине ылайық жақтысы болады.

— Динимизше? — деди кейиниректен және бир даўыс.

Қыранлар оның кимлигин билиўге қызығып, артларына жалт қарасқан менен бул сораў бөлиспиниң көкейиндегиси еди, және Михайловтың аўзын бақты.

— Мениңше, ҳәр халықтың дини — ҳәр кимниң минген атына ҳәр қыйлы ер салынғандай бир гәп.

Ҳәмме жым-жыртланып, ким түсингени, кимниң иши гүдиклерге толы қалғаны, кимниң түсинбегенин жасырғысы келгени нәмәлим қалды. Бирақ, оған сүйиспеншилик сезимлери билинип турды.

— Қыранлар, — деди Ерназар Алакөз кескин ҳәрекетке келип. — Бул қәўипли жерде көп иркиле бермей Михайловқа ерсек қәйтеди? — Жигитлериниң биразында ҳайранлық көрип, ойын айқынластырды. — Өзериңиз бенен келисим бойынша Оренбург айналасында машқы қыламыз.

Отырғанлардың басым көпшилигиниң жүзиндеги абыржыўды сезип Зарлық бәршеге бир барлаў жасағысы келди.

— Бәлким, үйшен хабар алып келетуғынлар табылар.

— Жигитлер, бизиң орысларда «душпанның билмеўи тийис сырды достыңа да айтпа», деген ақыллы кеңес бар.

Алакөз зинданға дейинги үстемлик кейпине кирип, өткир ала көзлери менен ҳәммени бир шолып өтти де:

— Қыранлар! — деди аяздан қарлығыңқыраған даўысына пәт ендириңкиреп. — Ўәдени шаймаламаңлар! Усы басымызды бузбастан Михайловқа еремиз.

— Үйлеримиз қайда кеткенимизди билмей ҳаўлықпаўы ушын Теңел қалсын, — деди Мәдирейим.

— Жоқ,—деди Алакөз кескин. — Ҳешким қалмайды. Бәримиз бирден кетсек, шоғымыз бенен жоғалмайтуғынымызды аўыл-ел түсинеди. Турыңлар!

Ашық қарсылық болмай, ҳәмме далаға шығып атларын ертлеўге киристи.

Алакөз Генжемураттың басшылығында үш-төрт қыранға қостағы бар азық-аўқатты атларына бөктириўди ҳәм қостың аўзын бекитиўди тапсырып, бәршениң атланыўына буйрық берди.

Михайлов тез атланды да, қыранлардың жаўтаңлаған көзлеринен дәмедиўар кейиплерин аңлап, жолға түсти.

Үстилериндеги ийелериниң кейпин уққан секилли, атлар тар соқпаққа таласа алға умтылды.

Олар Арал теңизин айналып Қара тереңниң үстинен Бөрши таўына шығып кетиў ушын Қазақдәрьяның оң жағын жағалап аўылларға тақалыңқыраң өтиўи керек еди. Күн шыға, Қазақдәрьяға жақынлағанда, атлары болдырып, мамырлап киятырған Қарақум ийшан ҳәм Фазыл, Сайыпназар, Мамыт, Мәўлен, Шоңқыға дусласты.

Қарақум ийшан олардың бағытынан сезикленип, сөйлеспестен өтип кетежақлығын көз ушынан байқады да, алдын кеселеди:

— Ерназаржан, иркилиңлер! — Ол асығыс келип жолдың дәл ортасында атынан әсте түсти де, қыршылған нияздай ақ сәллели басын ийип қолын қаўсырды: — Аллаға мың қәтле шүкир, өзлериңиз алдымыздан шықтыңыз.

Алакөз оны қәдимгисинше жөгилик етип тур деген ой менен буйырды:

— Ийшан, жолды босатыңыз!

— Мен уллы ханның пәрманына бинаан сизлердиң алдыңызда бас ийип, ханның жаңа пәрманын жәрия қылмақшыман.

— Бәршени зинданға салыўға ма?

— Яқ, бәриңиз ҳамалдарсыз,— деди Фазыл барлық исти өзи шиткергендей мардыйып, — Ийшаным, буларға бас ийе бергенше базарлығыңызды бирден шығармайсыз ба?

— Ерназарды сизлер алып қашқан менен бизлер жыйнап апарған гөрежет ханды райдан қайтарды, — деди Сайыпназар.

Қарақум ийшан оларға «тынышланың» деген белги ушын қамшылы қолын артына сермеди де:

— Ерназаржан, бәрше қарақалпақ қыранлары, — деп көкиреги керди. — Уллы Хийўаның ханы сизлердиң өкпелегениңизди түсинип ашыўдан қайтыўыңызды өтинди. Көпшилигиңизге бийлик, әскер басылық, жүзбасылық ҳамал берип пәрман шығарды.

Қыранлар жаңалыққа ынтығып, зәңгиликлерин қысыңқырап-қысыңқырап алға жылысты

— Атма-ат айтыңыз, кимлерге? — деди шыдамсыз бир қыран.

Ийшан қойнынан сарғышлаў бир жапырақ қағаз шығарып, алдына жайды, бирақ оқымай ядтан айтты.

— Бий атағы берилгенлер: бессары Жәнибек, маңғыт Сейтназар, балғалы Артық, баймақлы Рахманберди, қытай Асан ҳәм Мәдирейим, қыпшақ Сырым, кенегес Ерназар, мүйтен Генжемурат, қостамғалы Арзы, қаңлы Әбди, қуйын Қәдирмухамед... қулласы бәриңиз десе болады, жүзбасы болғанлар ишинде Қутлымурат, Мухаммедкәрим ҳәм басқалар бар.

— Ҳа, Мәўлен, саған бийлик пе, я жүзбасылық па? — деди Мухаммедкәрим қуўанышлы кейипте.

Ол атын алға айдап, қыранлар топарына қосылды.

— Ой, айтарлығы жоқ. Заманымыз жүдә гөне, жаман. Егер сумлығымды пайдаланғанымда бар ғой, аты қарақалпақта бир өзим хан қасында отырар едим...

— Ҳамалды жуўырған алмайды, буйырған алады, Мәўлен саўы, — деп ықырытты Мәдирейим.

— Ҳә, сиңди...

Қыранлар арасында әлле қандай жанланыў, екилениў кейпин көрип, Алакөз, ийшанның қолындағы қағазын тартып алып, көз жүўыртты да, жыртып-жыртып самалға ушырды.

— Неге? — деди бала Ерназар. — Өтирик пе?

— Ханның мөри де бар, бирақ ханға ишиў — суўға сүйениў. Пәрман менен алдап Хийўаға алдырып, бәршеңи гелле қылмақшы.

Ийшанның аўзы кемсеңлеп, жылаўға сол қалды да, қойнынан қуран шығарып маңлайына басты.

— Егер уллы Хийўа ханы сизлерге зәрре қыянат қылса, мени қуран урсын.

— Ерназар! — деди Мамыт. — Сениң менен аргы атамыз, қанымыз бир, урыўласпыз, Өтирик сөйлесем мени-ом қуран урсын.

Фазылдың жүкә жүзиндеги ақықтай мурнының үсти тершип, Ерназарға жақынлады:

— Ақыл ийеси тек өзим деўге уялмайсаңба? Күйдирме ийшанды! Бул қарақалпақларға бахыт болып келген адам! Хан бизлер ағарған пулға қосымша усы кисиниң сөзине инанды. Гелле қылыў орнына абырайға ерискениңиз ушын қуўанбай, неге дастурханға сийесең!

— Фазыл, қызғаныңның мәнисине түсиниў турман. Хан ийшанды, сизлерди де алдаған болса ше? Жигитлер, жолдан қалмайық!

— Ерназар аға, сәл сабыр...—деди бала Ерназар. — Бәлким, ырас шығар.

Бәршенің көўлине ғул-ғула түсип, ар-сары шығып турыпты.

— Инанбасаңыз Хийўаға исенимли адам жиберип алыңлар,— деди ийшан.

— Мен барып қайтаман, — деди бала Ерназар. — Бирақ, Ерназар аға, мен келгенше бул бесеўин ҳеш жаққа жибермеңиз. Үйге қайрылып және бир атты жетегиме аламан. Егер бес күннен кешиксем, булардың бәрин гелле қылып, бет алған бағытыңызға кетеберіңлер!

— Дурыс, дурыс, — деди Мәдирейим. — Биз қай жол менен болса да өз уруўымызға, өз аўылымызға басшы болыўымыз керек еди, егер болған болсақ, бизге Хийўа жақсы!

Алакөздің ийни түсиңкиреди.

— Жүдә мақул! — деп жабырласты қыранлар.

— Не дейсең, Генжемурат?

— Маған сениң пикириң керек.

— Зарлық, сениң пикириң?

Михайлов не деп сөз қосарын билмей ҳайранлықта тур еди. Алакөз оған да үмидиўар көзлерин қаратты.

Екеўин көз астынан бақлап турған ийшан бирден жанланды:

— Ҳеш ойлайтуғыны жоқ. Усыннаң өтиригим шықса, мениң бетиме түкириўиңиз аз, аяғымнан торанғылға асыңлар. Бала Ерназар Хийўадан келгенше тамақ ишпей аяқ астыңызда жатаман.

Михайлов басын шайқады:

— Оне, ушыратыў.

— Бурын пүткил елде усыншама санда бийлик ҳамал болмаған гой, — деди Генжемурат.

— Ханның туўы бурын аз қолда болса, енди көп қолда болады, — деди Михайлов.

Ол қыймылдаған сайын жақтырмай, аўзынан шығатуғын сөзлерден қорқып турған ийшан қуры қалмады;

— Жуп қол жүп туў көтермейди, аммо, жуп қол биреўин услаўы шәрт.

Алакөз және Михайловқа қарады. Ол қыранлардың кейпи-керақтың көрип турғаны ушын мәжбүрлеўге тартынып ийнин қысты.

— Ерназар, қәне кеттик, — деди Алакөз.

Михайлов, Генжемурат, Зарлық және еки-үш атлыдан басқа ҳешким дәрпенбеди. Алакөз тоқтады.

— Мәйли, барып қайт, бирақ Генжемурат пенен бирге кетиңлер.

Бала Ерназар өзине исеним кемигенин түсипсе де, усынысқа қарсы шықпай, исти тезлетиў ушын шеткериледи.

Алакөз ийшанды жолдасларынан айырмай «Орыс дийўал»дағы қосқа алып қайтты.

...Бесиниш күни кеште бала Ерназар менен Генжемурат жетип келди:

— Бәри ырас!

Ийшанның жүзиндеги өзине исенимлилик, кеўилхошлық басқаларға толығы менен өтти. Алакөздиң жүрегине пышақ қадалғандай шып-шып терге түсти.

— Ерназар, бахытлы адамсаң! — деди Мәдирейим. — Изинде ердик, бәримиз бахытлы болдық. Енди әндамлы тарқасқан жөн.

— Мәдирейим дурыс айтты. Ерназар аға, — деди бала Ерназар. — «Аға бийди» баслап бийикликтиң жол-жобасын үйреттиниз, даналық үйреттиниз, «қарақалпақ қыранын» дүзип қыйынлыққа төзиўди, атқа миниўди үйреттиниз. Бизге орыс патшалығы да усыннан артық ҳамал бермес еди. Оның үстине Бектөре деген жетим жаманкени айтпайсызба, тутылса да бизлерди сатпапты.

— Қайда екен?

— Сөйлемегени ушын сыртқы дәрўазаға асыпты. Еле асыўлы тур.

Ерназар Алакөз жүдә аўыр гүрсинди, жер солқылдағандай болды.

Зарлықтың деми тығылып дирилдеңкиреп сөйледи.

— Бала гезимде «қаўын-қаўын» деген ойын болатуғын еди. Ҳәмме жарыспаққа топырақтан қаўын соғатуғын едидағы, оңлап соғалмаған биреў өзиникин бузып, «ойынды ким бузды, пәленше деген жин бузды» деўден ҳәмме соққанларын жарыспаққа бузатуғын еди...

— Зарлық, бул жерде жинли жоқ, — деди Мухаммедкәрим.

— Ерназар аға, енди елге, жигитлерге өкпелемейсиз, — деди бала Ерназар. — Бирлик, сыйласық деген усындай болады. Аманесен болеқаладан қутылдыңыз, енди балашағаңыздың алдына барып, аўылыңыздан хан салығын өндириўди тезлетиниз.

— Қолдың пеште де бас айыплы. Оңлы бас бола алмадым, — деди Алакөздиң гүрсиңкиреген ҳаўазы.

— Жигитлер, кеўлиңизге келсе де хаттың өтинишин айтайын, — деп ийшан жүрип кетиўге ыңғайласты. — Арақызда орыс сақлаўға хан наразылық билдиреди. — Ол жуўап күтпей-ақ алға жылысты. Ийшанның изин ала ҳәмме қозғалап тапты.

Қоста тек Михайлов, Алакөз, Генжемурат, Зарлық қалды. Алакөз ашық ашасынан көзлерин тиккенине Генжемураттың аппағы келди:

— Не ушын?

— Ҳеш, — деди Алакөз тоғайға сиңип баратырған ең соңғы атлының ашық ашасына. - Бир данадан биреў «қалай дана болдың?» деп сорағанда, «таўдай-таўдай қәтелерден соң дана болдым» деген екен. — Ол бирден Михайловқа бурылды. — Егер жол басласаң, бизлер-ақ еремиз.

Михайлов узақ ойланып отырып жүдә аўыр гүрсинди, басын шайқады.

— Әўелги топ бузылмай жүргенде қандай жақсы еди. Бул түсиниксиз дүньяда патшамыздың базы сиясаты да түсиниксиз. Ол елиниң арзы-аўҳалын айтыўға келген аз санлы адамларды қаш-

қыпылар деп түсимсиз ҳамалдарларының қабыл етпейтуғын ўақытлары да болады.

Зарлық бипротала тилден, қулақтан айрылған секилли, көзлери ошақтың суўық күлине қадалыўы менен қалды. Алакөз де сондай кейипке түсти. Генжемураттың жуқа еринлери қымылып, жолдасларының кейпин бақты.

Алакөз Михайловқа аянышлы, жалынышлы сораў нәзери менен бурылды:

— Бул неликтен?

— Жигитлеринди, халқынды бириктиретуғын бас мақсетиң түсиниксиз болғаны ушын саған исеним кем. Баслы күш исеним! Халық исенбесе, ҳештеңеге қол урмайды.

— Исеним, исеним!—деп сарсылды Алакөз.—Қудайдан басқа кимге исенеди бул журт?

— Табыў керек. Әўеле халықтың ханға, ийшанға исенимин кемейтиў керек. Орыс патшасы Иван Калита ҳаққында еситкенбисиз?

— Еситтик, — деди Алакөз.

— Ҳәзирше соның жолынан пайдаланыўыңызға туўра келер.

— Мейли, асықпайық. Бирақ бир өтинишимиз: изиңизге еки ақыллы бала ертсек, орыс билимин үйрениўине, еплеп оқыўына жәрдем етеалармысыз?

— Бул болады.

Далада атларға қараўыллап атырған Теңел менен Қәллибек ишке шақыртылды...

* * *

Дүньяда адамнан күшлирек ямаса әззирек, адамнан батырырақ ямаса қорқағырақ, адамнан ақыллырақ ямаса напәмирек, түсиниўи қыйын қоспалы, өзгермели қайсы мақлуқат бар? Не ҳаққында ойлап, не жөнинде қыял сүр, бәршесиниң баслаўшысы болып көз алдында адам турады. Сол ушын шығар, адам ылайдан жаратылған дейди, себеби ылайдан қай сүреде, қандай нәрсе соға беретуғыны есапқа алынып, сөйделинген болса таажип емес.

Ал, минези ме? Әне, ең қоспалысы, түсиниксизи усы!

Ерназар алакөз Михайловты, оған ерген Теңел менен Қәллибекти узатысып, қайтысын өз жолдасларының үйли-үйине тарқасыўына урықсат берип, тоғайдағы жалғыз қасқырдай бир өзи қайтып киятырғанда тап усы тақлетте ойлап, басқаларды түўе өзин-өзи түсинбей, гейпара демлеринде өзиниң адам ямаса әйтеўир мақлуқат екенин айыра алмай, мийи шыр-шыр. Гә, атынан түсип, өзин оннан артық санамай қатарласып пияда жүрди.

Не деген алданыў!

Адамларға не керек?

Өзине не керек?

Ендиги қыял: гә аяғынан жер бастырып, гә ерге мингизип киятырған шым-шытырық ойларын, иске аспаған әрманын, бар-

лық сәтсизликлерин анасына айтып жарылыў. Оннан соң тезирек өле қойыў. Сонда ғана мийин жеген бәрше машқаладан, басаяқсыз түсиниксиз ойлардан биротала қутылады.

— Ассаламу әлейкум, Ерназар аға.

Ол басының ишиндеги көп елестиң бири шығар деген ой менен үндемеди. Даўыс және қайталады. Ерназар иркилди.

— Кимсең?

— Мен Бердақпан, Ғарғабайдың баласыман.

— Сен Қарақум ийшанға қатнап оқып жүргениң жоқпеди?

— Жақында куўып жиберди.

— Неге?

— Шайырлығымды жақтырмады.

Ерназар оның ойнақшыған көзлеринде шаршағанлықтан көре көп наразылықтың изин аңламай, қабағын үйди.

— Сорлы жетимниң қалтасына теңге салсаң, түби тесик шығады екен-дә, иним. Әкең жарлы, елиң жарлы. Оңлырақ, диянатлырақ билим алып, әкеңе, елиңе пайда тийгизсең болмайма?

— Ерназар аға, шаршағансыз.

Жалғыз өзи тоғай аралап тәбияттың гөззаллығына мәс болып жүрген жас шайыр және тоғайға сиңип кетти.

Ерназар сол демде-ақ, ким менен ушырасқанын умытты.

«Орысы дийўал»ға және айналып келип, оның гедир-будыр ызғар дийўалын жабадай қоллары менен бир майдан сыйпалады, соңынан ашыў менен түкирип жиберип бир тепти де қайтып көргиси келмей ғырра изине айналды.

— Ҳа, Ерназар, барлық ашыўың сол дийўалдамеди?

Ол оннан таныс Гүлзийбаның даўысын еситсе де, көргиси келмей ақбоз аты менен қатарласып нияда кетеберди.

Гүлзийба атының түсин жетелеп, оған теңлести.

— Усылай ететуғыныңды билип, ашыў менен тоғайда қалып қоймасың деп келдим.

Алакөз адымларын пәсеңлетип, оны урып жибериў ушын қолын мушлап турды да, өзин басты.

— Неге урмадың?

— Ҳой, сен, не болсең өзиң?

— Адаммын, ҳайўанмын!

Гүлзийбаның сабырлылығы оған түйрелген пышақ болып, енди ғана бас көтерип,

Гүлзийба тойға баратырғандай болып киинген еди. Алакөз бир шекеленкирей қарап, жақтырмай мурнын жыйырды.

— Менде не жумысың бар?

— Сен шаршағансең. Аңаў қосқа жүр, дем ал.

— Онда ҳәзир адам жоқ.

— Билемен. Сол ушын келдим. Жүр.

Ерназардан ерк кетип ишке қайтты.

«Орыс дийўал» қасындағы қостың кийиз ғалыларын ҳәрким болсин өкетип, астына төселген сабан тозаңғытып шашылып жатыр еди. Гүлзийба оларды жөнлеп төсестириўге киристи. Алакөз

оның қолынан услап тартып жығыўға нийетленип еди, Гүлзийба қағып жиберди.

Ерназар тептиреклеп кетти.

— Ғарры байдың көп дуньясының пуўы көтерип етиң қышып келгениң жоқ па?

— Отыр!

Ерназар оның буйрығына еркзиз бағынып, босағаның алдында үнсиз ғана малдасын қурынды.

— Сени аўыл ағасы деп арзы айтыўға келдим.

— Сөйле.

— Қызбала басқа үйдиң шырасы дейди, мен болсам жанбадым.

Ерназар кек етип күлди.

— Қызбала! Енди кимге тиймекшисең? Мәдирейим алмады ма? Жийениң Мәўлен сарыға тий.

— Сен әбден шаршағансаң. Сабанның үстине шығып жат, мен аяқ-қолыңды қысайын.

— Маўыққан пышық!

— Делбе болайын деп турсаң, қәне, жат, — деп ол түргелип, қолынан сабанның үстине қарай тартып еди, гезегине ол қағып жиберди, Гүлзийба жығылса да, көзди ашып-жумғанша түргелип және асылды. Енди Ерназар оны урмай еңбеклеўи менен сабанның үстине шығып жатты да, жорта қурылдады.

— Жөгиленбе, мен сениң алдында барлық сыпаң өткенмен.

Ерназар үлкен көзлерин ашып, Гүлзийбаның қызғыш тартқан жүзине қадалды.

— Сен маған ҳәсиретке толы отлы көзлериңди қаратпа. Сеземен, сениң кеўлиңе жылан қорда салған.

— Шешин, мени де шешиндир, — деди Ерназар терис қарап жатып.

Гүлзийба ғарғып түргелди де, сыртқа кетти.

Ерназар асықпай, қәддин тиклеп, изинен шықты да, оның «Орысы дийўал»ға сүйенип жылап турғанын көрип, қасына келди де азмаз жибисти.

— Хийўаға барып зиндан қараўылына пул берген сен бе?

Гүлзийба үндемеди.

— Неге Ерназардың ҳаялыман дедиң?

Гүлзийба және үндемеди.

— Уялмадың ба?

Гүлзийба еле лал.

— Инимди босат десең де болмайтуғынба еди?

— Ерназар, пүткил елде сеннен күшли, сеннен ақыллы адам жоқ, бирақ...

— Сонда не?

— Туўысқан-туўған, қатар-қурбы ең жақсы күнинде, отаўдың сыртқы тутыўы ғана, ал сен мениң отаўымның, мен сениң отаўының шаңырағымыз. Қорықпа, үйиңе кирмеймен, мен өзимниң ышқы-муҳаббетимди отаўға теңгерип атырман.

— Ол баяғыда суў бойларында еди.

— Мен еле сол Гүлзийбаман.

Ерназар кекесине мыйық тартты:

— Ҳаяллар пышық тақаббил мақлуқ. Тамақ жесе көзин жумады да, тойғаннан кейин аяғы менен аўзын сыпырып, ҳешнәрсе көрмегендей маңқыйып отыра береди.

— Ерназар, күстаны қылсаңда өзиң бил, мен саған түсиниксиз қалмаў ушын сениң менен ашықтан-ашық сөйлесиўге келдим. Мен баяғы қызалақ Гүлзийба емеспен, оннан бери күн талай-талай шығып батты, Әмиўдәрья Аралға қанша-қанша қоқымлы суў апарып қуйды. — Ол бираз үнсиз турды да, даўам етти. — Баслаған жигитлериң айтқаныңа жүрмегени аўыл арасында дуў-дуў гәп. Аршыл едиң, сол ушын, жәрдемге келдим. Ең әўели сен мени түсинип ал. Соннан соң кеўлиңниң қандайлығын, басқалардың саған қандай исеним менен қарағанына ой жибересең.

Шаршаған Алакөз дийўалға арқасын тиреп, маңлайын қуяшламаға берип жүресине отырды:

— Сөйлейбер.

— ...Билесең, мен атқосшылар әўладыман. Бийлер мениң бабаларымды «халқым» деген. Анам байғус мениң нашарлығыма қарамай, елдиң атақлы кисисине хызмет етпўймди пәсиятлаған еди. Байғусты тыныш тыңласамда ишимнен қарсы едим, соң бәрин умыттым. Ержеткенсоң тәғдийир және есиме салып, бир гүрестe сениң жеңисиңниң гүўасы болып, ҳалымды билмей, тап усыған хызмет етейин деген едим, 'бара-бара сени тап мениқи болса екен деген қыял жүрегиме уялап, саған өзимди билдириўге тырыстым. Көп күнлерге шейин сениң аўлақта болатуғын гезлериңди аңлыдым. Ақыры жалғыз өзиң теңиз бойына шықтың. Мен изиңнен қалмай ерип, қамыс арасында жасырындым да муңлы қосық айттым, шыңғобыз шерттим. Ескермедиң. Ақыры шыдамай жортаға өзимди суўға аттым. Сонда суўға кетип баратырған бир жетимге сениң жаның ашып, изимнен суўға атылдың. Жетимниң көрмеген аўыр мийнети бола ма? Мен сондағыдай суўық суўға талай-талай сүңгип шыныққан едим. Сонда да сен жеткенше батып-шүмип, анық услағаныңнан қуўанып бийҳуш болдым. Сен мени жағаға шығарып суў көйлегимди шешкенде, денеме қарап отырып ышқы еттиң, аймаладың, аймаладың, изиңнен сүйдиң. Ҳәтте аш қасқырдай маған тасландың. Мен сонда балалық пенен сениң ҳәрекетлериңе қанша қуўанғанымма тил жеткере алмайман.—Оның даўысы кем-кем дирилдеп, сөнип баратырған отқа мегзеди. Ерназар жүдә берилип тыңлай баслады. Гүлзийба әстен сөйлей берди. — ...Соңынан сенде еркеклерге тән қызығыўшылықтан басқа ҳештеңе оянбады. Мен сорлы қоя алмадым. Ең болмаса қаранды, басқан излериңди көрип жүриў ушын аўылыма көшип келдим. Балалығыма қара, сонда ҳәр күни азанда турып Рабийбиниң өлгенин тилейтуғын едим. Мениң бахтыма, сен зинданға гирипдар болдың. Үкеме я өзиме өмир емес, сениң азат болыўыңды тиледим. Азат болып келдиң. Енди сениң менен ушырасыўға, сөйлесиўге таярландым.

Көкирегиме түйдеклеген ондийшелериме жүўап алыў ушын көпкөп сораўлар үстинде ойландым, соннан саған үш сораў берип-әм үлгердим. Бирақ, сол кеште суўатқа изимнен бардың да, және балалығымнан пайдаландың. Ой, айтпай-ақ қояйын, көзиме жас келеди. Сен мени түсинбей, усыннан қутылайын деген мақсет пенен, жүрегиме пышақ урып, Сержан байға тийиўиме келисип кеттиң. Әўелинде сен келисти дегени ушын қыймай ғарры байға тийсем бе деп ойладым. Ойыма жүрегим бағынбады. Сен болсаң және Хийўада едиң. Излеўге бел байладым. Сөйтип тәўекел деп байдың үлкен ҳаялына кеңестим. Ол меннен тезирек қутылыўды гөзлеп, есигиндеги дийханы Рузматты қасыма қосты. Ол сондай адамгершиликли, кисиге мийирман, уяты басым жақсы жигит еди. Маған хеш-теңе деген емес. Бирақ, оның өзин тутыў қәбийлетинен, оған байдың үлкен ҳаялы: «Гүлзийба сени сүйеди, сениң менен қашады» деп алдағанын түсинсем де, өзине ырасымды айтқым келмеди. Оған не ушын Хийўаға жол баслатқанымды ақлаў нийетинде «Ерназар ағадан урықсат алайық» дедим болғаны. Бийшара Рузмат сени сыртыңнан жүдә жақсы көреди екен, сөзиме инанып, саған жеткенше асықты. Хийўаға жақынлап бир түп гүжимниң астында дем алып отырғанда изимизден қуўғыншы Сержан бай менен Мәўлен сары жетти. Қорыққанымнан дәрриў Рузматқа тығылдым. Байдың жүреги суўырмекен деген пәм менен мен Рузматтың бетинен сүйдим, оған да мени сүй деп жалындым. Ол қушақлап баўырыма басты да «қорықпа, жаным, өзим өлмей сени хешкимге бермеймен» деди... Сол кәрада көп тартыс болды. Рузмат күш бермеди. Соннан олар бизлерди айдап бир жәлладқа көрсетти. Бай уялмай «мына хаялымды мынаў жаланаяқ алып қашты» деп айта баслап еди, Рузмат мениң басымды көкирегине басып турып: «кәраматлы хан адамы, жәрдем етиңиз, бизлер бири-биримизди мәңгиге сүйемиз, айырылмаймыз»... деди. Жәллад оның бир өзине инанбас деген ой менен «ағалар, бизлерди айырманыз», деп мен де жылап жалындым... Қалған жағы өзиңе мәлим. Бийшара жигит мен ушын өлип кетти. Мен бахты қара оның өлимине себепкер болдым да, тири қалдым. Бай үйине әкелгеннен кейин еркек болғысы келип, от үрлеўге, көп талапланды, бәри-бир алыстыра алмады. Сөйтип мени әллекимнен қызғанып, қоркытыў ушын күнде көз алдымда айбалта егейтуғын әдетти шығарды. Ҳәр сапары тула беденим жуўлайды, бирақ илажым не, сени келип қутқарар деген дәмем үзилмеди. Сөйтип жүргенде сен пайда болдың. Мениң ийнеўге сүйенип турғанымда, не деп кеткениң өзине мәлим. Саған ғәзеплендим де, сеннен өш алыў ушын саған болған ышқыма қылап қылғым келди. Сөйтип Рустемди айландырдым. Ол ҳеш-теңе түсинбес еди. Айтқанларыма инанып, бай Хийўаға кеткен ақшамында төсегиме кирипти. Оятпапты да. Байдың үйине келгели ондай қатты уйықлаған ақшамым болған емес еди, оянсам қасымда Рустем жатыр, ҳаўлығып бетине үнилсем, қып-қызыл қан. Басы мойнынан бөлинип атыр. Маған таныс айбалта қаны менен бас ушымда. Байдан келген бәле екенин, мени тири қал-

дырғанының мәниси, аўыл адамларының алдында гүнамды мойныма қойып жүдә аўыр азаплар менен туўрамлап өлтиреўақ болғанын түсиндим. Саған ашыў етип уўытын тапсам өле қояйын деп-әм жүретуғын едим. Жеме-жемеге келгенде, жан татлы екен. Оның үстине, масқарашылықта өлгим келмеди. Бойыма әлле қандай күш пайда болғанын хәм ондай ақыл басыма қайдан келгенин билмеймен, түргеле сала Рустемнің денесин төлеге сүйреп апарып, топыраққа араластырдым да, ылашықта жатырған ҳаял еситсин деген ой менен, қорыққан болып сыңсып жыладым. Ол даўыс берип еди «апа, қасыма келип жат, қорқып атырман» дедим. Ол бийшара инанып, уйқыдан манаўсырап келе сала менің көрсеткен жериме қулай кетти. Уйқысы пышықтың уйқысындай еди, басы дастыққа тийиўден пырр етти. Дастықтың астына қолайлап қойған балтаны алдым да, алқымына урдым. Қорқыңқырап урсам керек, бийшара екинши урғаннан соң ғана қыймылсыз қалды. Және өз-өзимнен ҳаплығып, онын да денесин жасырмақшы едим, адамлардың даўысын еситтим де, балтаны бай қалдырған орынға таслап, өли ҳаялдың қапталына кирдим де жаттым. Бай сизлер менен келгенде мен жорта уйықлаған болып аўыр едим...

Оңгимеге уйып қалған Ерназар тикленди.

— Дәл ертек.

— Хор кимге өз тәғдийри тил жетпес дәстан, өзгениң тәғдийри ертектей түйиледи.

— Бай алжасқанын билмеди ме?

— Бир жола төленги тазалап жүрип сезипти де ҳешкимге айталмай үстине қалыңырақ қылып топырақ салыпты. Бирақ, сонан ол ишқыслалық кеселине тап болды. Быжық болды. Сен Тешел менен айдалып кеткен күни ашыў менен келип оны да буўып өлтирдим.

Ерназардың сөзсиз пелер жөнипдеги ойлары бирден умытылып, қапталында отырған Гүлзийбаның тәғдиринен басқа нәрсеге жуўанкер еместей түйилип жазық маңлайы тершиди.

— Сизлерди Михайловлар зинданнан алып қашып, сарай астын-кестин болған күни Хийўада едим. Сықмар байдан қалған дүньяны сен үшин жумсаўға барып едим. Бийшара қараўыл сағаң ырысын айтыпты, сол ҳаял мен едим.

Гүлзийба оның еле даял болып отырғанына шыдамай, әстен жыллысып түргелди.

— Сен түсиниксиссең, Аллаҳ! Сен адамларды, халқыңды да түсинбейсең! Сен үшин пигартинай дарға асылған Бектөре халқының бири емес пе еди? Соларды ойламай тек өзиңди ойлайсаң. Мийримсиз!

Ол артына қарамай атының қасына барып ғарғып минди де, бодар кетти.

— Гүлзийба!...

Тоғай, теңиз «Гүлзийбаааа!» деп қосылып жаңғырды, бирақ Гүлзийба қайрылмады. Ерназар жылдам атына минди де, изинен қуўа жөнелди. Жүйрик ақбоз ат ҳә демей-ақ жетти.

— Гүлзийба...

Еки бетиниң алмасын көз жаслары жуўып баратырған Гүлзийба бурылып та қарамады.

Ерназар қанталласып барып оның атын жылаўлады.

— Кешир, Гүлзийба. Көкирегинде өзгеге айтатуғын арзы бар киси өзгелердиң арзысына дыққат салмас екен. Мен ел тағдири деп жүре берипмен.

— Мен ел бири емеспедим?

— Балаң кимнен?

Гүлзийба басын шайқады:

— Жүрегинде жыланы бар адамсаң!

— Аты ким?

— Журтқа көзаба ушын байдың атына уйқас Нуржан десем де, көкирегимдеги аты сағын уйқас Нурназар.

Ерназар оның атын изге бурып «Орыс дийўал» қасындағы қосқа қарай жетеледи.

— Ерназар, мен айтарымды айттым, бойым жеңилленди.

Ол Гүлзийбаның қызарған көзлерине бир қарап қойды да, үндемеди.

Еки ат қатарласып, өткен жылдың морт урықларын омыраўы менен жапырып, шабыраўыт жыңғылларды сықырлаған қар үстине қайырып, пышырлатып сындырып баратыр.

— Бахты ашылмаған адам басқаны бахытлы қылалмайды дейди, Ерназар. Мен бахты ашылмаған болсам да, сениң бахтың ушын барлық нәрсеге таярман. Енди сен сөйле.

— Мен ҳәзир сениң менен бахытлы сыяқлыман.

— Сен бәрҳә бахытлысаң. Қуда қәлесе, Тенел менен Қәллибек орыс елатынан сен әрман еткен билимлерди үйренип келсе, пүткил ел бахытлы болады.

Ерназар гүрсинди:

— Олар қашан келеди?!

— Еркеклер шыдамлылықты, күтиўди хаяллардан үйренсе қандай жақсы болар еди.

* *
*

...Азмаздан соң «Орыс дийўал» қасындағы қоста күшли Алакөздиң айрықша нәзиклик пенен жумсақ ғана емиреңгени еситилди:

— Гүлзийба, ҳаял қушағы усыншама ләззетли болатуғынын сезбес едим. Сен маған күш бердиң. Сеннен өтинишим ҳешқашан зейнимне тийме, анам алдында сертим бар еди, сол ушын ҳешкимге сездирме...

— Жалбарынба, әсиге кетсем бир қудай кеширгей, сен мениң ушын да, пүткил елиң ушын да жалғыз қудайсаң...

— Мен-ә?

— Тек сен! Бирақ қудайға сабырлылық жарасады.

Ерназар мыйық тартты.

— Кисиниң өмирге қәнәәт етип жасай бергиси келиўи ушын әлләмата көп нәрсениң кереги жоқ.

Ерназар усыннан соң, басқа бийлер қатарында атқа минип, хан салығын жыйнап, Хийўаға апарып қайтатуғын болды.

Сөйтсе де кеўилге бир сиңип қалған гүптикейдиң тез шығып кетиўи де аңсат емес. Хийўаға ҳәр барғанында енди қайтып бетлемеўге тәўбе етип, тезирек өлиўди ойлап турады да, Гүлзийбаға ушырасса, өмир қайтадан қызық көринеди...

ЕКИНШИ БӨЛИМ

I

Уллы Петр Бириншиниң дәўиринен баслап дүньяның барлық еллерине қатнас дәрўазасын ашыўға кирискен Россияның Орта Азия еллери арқалы Шығысқа ашылған бир дәрўазасы — Оренбургтың даңқы қарақалпақлар ушын «Орыс патшалығы» болып, «Хийўа ханлығы» деген түсиниктен әри күшли, әри айбатлы, бирақ еркинирек, бостанырақ еситилетуғын еди.

Қарақалпақ жериниң узын-шубай даланлықларына, қамыслы тоғайлықларына, қумлықларына, тақырлықларына көнлигип, өзлери жасаған жерден өзгеше жер болмайтуғынына кеўиллери қаўып жүретуғын еки қарақалпақ баласы Михайловқа ерип қазақ далалары арқалы өтип баратырғанда, жасында қәлиплескен түсиниклеринен артық нәрселерди көретуғынына онша исенбес еди. Биреўлери ылайдан, екиншилери тас гербиштен, үшиншилери ағаштан, ҳәтте тастан салынған еки-үш қабатлы бийик жайлардан ибарат Оренбург, оларды әдеўир жанландырды.

— Тырнағы, дийўалы мәңгиге төзбайтуғын қандай беккем жайлар, — деди Тенел.

— Дийўалы беккем жай тек мазар.

— Қәллибек,— деди Михайлов кеўилсизлеў ашыў менен. — Неге өйдейсең? Ертеңин ойлаған киси жайды мазарға теңгермейди.

Қәллибек өзине питкен минези бойынша бирден пәсине қайтып сыйқырлы күлди де қойды.

Көшелерди толтырып олай-булай жүрген атлы солдатларды көргенде олар бир-бирине бас ийзесип, көз қысысып, Михайловқа еситтирмей, «әне, жеңилмес көп күш!» дести.

Михайлов әскерий казармаға жақын салынған гербиш жайлардың биринде туратуғын еди. Бет-аўзының жыйрығы қалта-қалта болып кеткен бир кемпир оған гилт әкелип берди де, әлле нәрселерди айтып, тоңқылданып кетти. Еки бала және ымласып, бул кемпир оның анасы емеслигин сезди.

— Мен бул жесир графиньяның жайында киреўге тураман, — деди Михайлов. — Тар мийнезлеў, аш көз кемпир.

— Бизлерди жақтырмаса керек.

— Итибар бермеңлер.

Михайловтың бөлмесинде бир кәт пенен стол ҳәм үш гүрси туры еди, ол балаларды гүрсилерге қустай қонақлатып отырғызып,

кемпир берген гилт пенен қонсы бөлменің есигин ашып, бир майданнан кейин балаларды соған ертип апарды. Онда екі кәт төсеўли тур еди.

— Мине, сизлердің жатақ орынларыңыз, — деди Михайлов жүдә кеўилли. — Кемпирдің бул жайы кеңлеў, кирейшилер кетип қалыпты. Мен де сизлерге қосыламан.

Балалар бул жағдайларға онша түсинбесе де, кәтлерге салынған таза төсеклерге шығып қуўаныса-қуўаныса отырысты.

Михайлов өзиниң бөлмесинен қасық-табақлар әкелип, ортадағы столдың үстине қойды. Аўылдан алып шыққан қатты нанлар, қалталы сөклер шығарылды. Соның арасында Михайлов кемпирдің жайынан үлкен бир чайнекке шай демлеп әкелди.

Бөлменің еденине қағылған тахталардың арасы жарық-жарық болса да, балаларға күтә әжайып төсек янлы, екеўининде шаршағанлығы әллеқашан басылған секилли. Қаланы бастан ақырына аралаўға асығысып, шайларын ишип болғанша тақат етисе алмай, әйнектен сыртқа нәзер таслады. Әйнек алдында өскен сийрек агашлардың аржағынан биреўлер өтип турыпты, базда тым-тырыс болып ҳештеңе көринбей қалады да, аздан кейин және бир топ солдат киши әскер басысының әлленәрселерди бақырып айтқаны бойынша тең аяқ қосысып, дурс-дурс өтип кетеди.

Шайдан кейин олар Михайловтың кәтин көтерисип әкелиў ушын оның бөлмесине қайта кирди. Жайдың ишки дийўалы ҳәркыйлы нагыс пенен боялғанын енди абайлап, бир мүйештеги текшели сандықшада толып турған китапларды көрип, қасына дәпишин барып қалды, бирақ қол ура алмады.

Михайлов оларды не қызықтырып, неге кеўил аўдарғанын аңғарса да, ҳеш нәрсе сезбеген болып, оўсле кәтиниң үстиндеги төсегин апарып келди.

— Григорий аға, — деди Тоцел Михайловты аты менен атап.— Бизде, қағаз қудайдың бир неми, оған тек қудайдың сөзлери жазылады дейтуғын еди...

Михайлов олардың ортасына келип екеўиниң басынан екі қолы менен тең сыйпалады да, китаплардың биреўин алды.

Жаңағы гөплер қағазға ҳүрмет болдырыў ушын айтылған. Себеби қағаз соғыў сизиң жақта жүда қыйын. Ҳақыйқатында қағазға қудайдың аты ғана емес, қудайға қарсы сөзлер-ом жазылады.

Балалар аң-таң болса да ҳеш нәрсе деспей, Михайлов текшеден алып берген китапларды көтерисип жайға апарысты.

Барлық нәрсе-қараларын тасып, жайды сазлап болғаннан кейин Михайлов оларға қала ҳаққында, қалада жасайтуғын, келип кететуғын ҳәрқандай миллет адамлары ҳаққында бираз әңгиме қылып, келеси күни азан менен жумыс орнына барып келди де, балаларды ҳәзирше әскерий казарманың қурылысына жумысқа пайдаланыўға басшысы менен келисекенин айтты. Ертеңи жөнинде түсиниги кем балалар Михайлов не десе бәрине көнди.

Михайлов олар жөнінде барлық ғамхорлықтың жуўапкершилигин алып, қаладағы тийисли орынларға сөйлесип, қанша жалынса да, еки баланы әллеқайсы оқыўға киргизиўине мүмкиншилик таппады.

Сол ушын, оларды жумысқа ертип барып тийисли адамларына таныстырғаннан кейин қаланы пияда аралатып, жайына қайтып келди де, столдың үстине ақ қағаз жайып, екеўине еки қәлем услатты.

— Мине, инилерим, қыйланбасаңызлар сизлерге өзим саўат аштыраман, оқытаман.

— Яқшы, аға, — деди екеўи теңнен қуўанысып. Олар екеўи жергиликли мектеп басшыларының қабыл етиўден бас тартқанын билмеди. Михайлов айтпады.

Қәллибек китапларды услап турып сорады:

— Мынаў китапларды қашан оқый аламыз?

— Зейнициздеп ғәрезли, инилерим. Сизлер де, мен де ўазыйпалы жумысымызды питкерип келгеннен кейин оқыўды тынбай даўам етемиз.

— Қәне, орысша биринши ҳәрипти көрсет, аға, — деди Теңел қуўанышлы.

Михайлов оларды қолына үйилтип қойып, ақ қағазға бирнеше сызықлар сызды. Еки баланың бир-бирінен қалыспай Михайловқа усата ақ қағаз үстин шыжбайлағанын көрип кеўилли бас көтерди...

2.

Жыл артынан жыллар зымырайды...

Хийўаның ғарры ханынан соң өмири шыбынның өмири секилли болып изли-изинен еки хан өтти.

Талай мәўсим аўмасып, тәбият көп ирет ҳәрқыйлы түрге дөнди. Бәрибир халықтың күн кешириўи баяғысынша аўырманлықта қалып бара берди...

1853-жылдың бәҳәринде, ҳәр қыйлы қубылған аспан, тап Ерназардың Хийўадан шығыўын күтип тургандай, бирден тамшылады. Ол Хийўадан еки шақырымдай узақласқан гезде, тамшылар майда жаўынға айналып силпиледи. Аспан бетине қара шатыр тутылған яқлы айпаланың түнериўине қарағанда, жаўынның бүгин тынғандай түри жоқлығына көзи жетседе, Ерназар артындағы жақын қалаға қайтпады, жол бойларына мәканласқан шаңыраў-шаңыраў аўылларға да қайрылмады, елине қарай тасланған бир адымы ғәнийбет көринди.

Ҳәрсапарғысынша мийи гүў-гүў.

«...Баслы күш исеним! Орыс халқына бабаларымыз исенген, мен де исенемен, басқаларды қәйткенде исендиремен? Теңел менен Қәллибек қайтып келмей исендириў қыйын...»

Ол усы сапары Хийўаға муддетинен кешлеў келген еди. Өйткени хан Мерв түркменлерине қарсы урысқа таярлық ушын салықтың

муғдарын ҳәр түтин басына онтиллаға көбейтип бундай салықты төлеў қоластындағылардың басым көпшилиги ушын түўе базы орта шаңырақлар ушын да мүмкин емес еди. Сол ушын өз ўақтында өндире алмады, ҳәтте кешигип те өндире алмады, ақыры қолына илингенин алып келди. Оның ығбалына, өзлериниң басабас ғалмағалына өзлери мантырып атырған хан мәҳремлери Ерназарға, аз әкелгени ушын ескертиў қылмады. Ханның өзи болса әлле қашан Мерв түркменлерине шабыўылды баслап кетипти.

Салықты әри кешиктиргени, әри аз әкелгени ушын жазаны ханның өзи келген соң белгилейтуғын шығар, ҳәзирше ең ғәнийбети Хийўадан аман қайтыў. Ерназарды айрықша қуўантқан бир жағдай, Мерв түркменлерине шабыўыл ушын қосымша жыйналып атырған ләшкерге қосылыўға мирәт салыўды ҳәмме умытты. Егер өйтсе, хан сарайының буйрығын орынламаў қыйын, болмаса мойнына дар арқаны түседи. Алдынырақ жеткен бийлер әкелгенлерин ғәзийнеханаға тапсырыпты да, туўры шабыўылға баратырған хан ләшкерине ерипти. Сарайдағы баса-бас мантықпа ислер менен хан мәҳремлериниң мийи айналып атырғанына қуўанышлы Ерназар жаўынның соңына шелеклеп, үстиниң малпақ-салпақ болғанына қарамай Әмиўдәрьядан өткенше асықты.

Әмиўдәрьяның арқасына жаўын жаўмапты, ҳәтте аспанда қуяш жарқырайды. Арғы жағаға шығып артына бир нәзер таслады. Дәрьяның қубласы еле түнерип тур. «Бултың алалығы адамлардың бир-биреўге мүнәсибетиндей болар екен-дә».

Ол ойын жуўмақлап үлгермей-ақ, Хийўалы төрт атлы ҳәм Жәнибек бийдиң алдында бир арқанға гүйенленип, айдалып баратырған онлаған дийханды көрди. Бундай көринислерге көзи үйренген болыўына қарамастан Алакөз жүрегиниң үстин алақаны менен басып гүбирленди.

— Сорлы халқым-ай, халың нешик болып баратыр?

Оның даўысын еситпеседе, өзгерген түсинен жаманлық сезип Хийўалылардан бири сөйледи:

— Алакөз, нөкерликке кетпедиң бе? Шамасы ханымыздың жақсы көретуғынынан пайдаланып жүрсең-ә!

Ерназар оған итибар бермей, Жәнибек бийге жек көриў нәзерин салып еди, оның тек отырғаны болмаса, екі қолы артына қайрылып байлаўлы екен.

Фазыл бийге қосылып аўылдың бийы Жәнибектиң бүйтип қолы байланыў себеби, хан салығын ўақтында дүрислап өндире алмағанынан екенин түсинди де, аранлаўға пийстленип, қабағын үйе баслап еди.

— Ерназар, — деди Жәнибек. — Өзиңди тут, тәғдирге тән бериў керек.

— Бул жыйнағанларың Жангазы төреге берип жиберген, — деди Хийўалы салықшылардың бири.

Әмиўдәрьяның төмениндеги Қоңырат қаласының айналасын жайлаған қазақ урыўларының басшысы Жанғазы төре исмли бий Хийўа ханына қарсы көп хәрекетлери менен белгили еди. Өз

күшин арттырыў ҳәм атлыларына напақа табыў мақсетинде әззилеў қоңсы аўылларға да шабыўыл қылып турғаны еди. Ерназар оның Хийўа ханына қарсылығы бойынша биригиўди ойлап турса да, сарбазлар азығы ушын қоңсылас аўылларды талағанын жақтырмайтуғын еди.

— Күшли болсаңыз, мөминлерди айдағанша Жанғазы төреги тыймайсыз ба? — деди Алакөз.

— Оған сиз ҳәм мыналар соққы бериўи тийис, — деп салықшы алдыңғыларды нусқады. — Ақыры бәриңиз де Хийўа ханына дәрексиз.

Жәнибек Алакөздиң ғыжырданын қайнатып, ашыўланғанын билди де, тыпыршландырыўға талапланды.

— Ерназар, Теңел, Қәллибеклерден еле хабар жоқпа?

Ерназар үнсиз басын шайқады.

Хийўалылардың бири Жәнибекке алара қарап, үстине қамшысын көтерседе, оны урыўға баталмай, сыйпаланқырап атын бурды.

Байлаўлы дийханлардың бири мойнындағы арқанды қос қолдап услап, кеңирек нәпес алды да:

— Алакөз, — деди адымын сәл тосаңлатып. — Орыс патшалығынан қашан жәрдем әкелесең?

Хийўалылар дийханға емес, Ерназарға олыйысты. Ерназар сөйлемей еки көзин атының алдыңғы еки аяғының астына қадаў менен қалды.

Салықшылардан бири жүристи шаққанластырыў мақсетинде сөйлеген дийханға бир қамшы урып, дүрс-дүрс жүрип кетти.

Ерназардың басы қайтадан мең-зең болып, қас қарайғанда Фазыл бийдиң аўылының ортасынан тым-тырыс өтип баратырып, көшеде той кейпин байқады. Жаслар арман-берман жуўырысып, ҳәржерде қызлардың уўдыр-шуўдырлысы еситиледи.

Ол Хийўаға атланып баратырғанда, жайдақ бир атлы алдынан шығып, келеси жумада Фазыл бийдиң төртинши ҳаял алған тойы барлығын айтқан еди. «Бүгин жума екен-аў... Аўылына зобалаң турғызып, салықты ҳәммеден бурын апарғаны ушын хан өзи менен урысқа да әкетпей тойына урықсат берген-ә, нәлеттиң!» деп, қайрылажақ болып турды да, және жақтырмады, алға кетти. Арманырақ барып және ойланды; «Шақырылған тойдың үстинен өтип қайрылмаў бақыллық болар», Атының жүўенин тартты. Фазылдың үйине жақын ашықлықта лаўлаған отқа нәзер аўдарды. Айпаласында биреўлер арман-берман жүрипти, әллекимлер отты айлана отыр. Ортада бир бақсы, дүўтарын көкирегине қойып, ҳешкимге дыққат бермей, өз-өзинен қосық айтып турыпты. Ерназардың дизелери қалтырап кеткендей болды:

«Адамзат дегенниң өзи қандай түсиниксиз-ә? Биреўдиң қайғысы екиншиге қанпәтир. Қоңсы аўылының бийи менен бир топар жарлы дийханы Хийўаға айдалып баратыр, ал булар бийиниң төртиншн ҳаял алған тойында қуўанышлы мәзим қурыўда... Дүньяны суў алса үйрекке бир пул болғаны киби, бақсыларға да

тек той болса мәр, шағлап айта береди...» Ол усы ойы менен әстен-әстен қурға жақынлады. Әллеким таный сала жуўырып келип оның атын жылаўлады.

Ерназардың пайда болыўы бәршеге әллеқандай қозғалаң салып, оған бийлер топарынан ҳүрметли орынлардың бири көрсетилди. Ерназар жақын таныслары менен қол алысып, көпшиликтиң дыққатын бөлседе, бақсыға онша итибар бермей, алдына жайылған толы дастурханға қол узатып, жуқалаў бир пәтирди төрт бүклеп аўзына тықтыда гүйсеп отырып сөйленди.

— Бул дүнья бәрҳәма ийниңнен басып турған бир мүшкил екен. Жары өмириң кисиниң кеўлин бағыў менен өтеди.

Ол аўзында тағам барда сөйлемес еди, жанындағылардан бири таңланды:

— Шаршасаңыз керек, Ерназар-ә?

Ерназар қурды айланып жүрген бақсыға анықлап қарап, жас Бердақты таныды.

— Ҳооо!

Бердақ бөз көйлектиң сыртынан көгис шолақ бешпентин кийип, басына ақ шаршы тартыпты. Бәлент ҳаўазасы менен журтты жым-жырт қылып, гилең бийлердиң қарсы алдына тоқтады да, дуўтарын қол ушына созыңқырап, басын шайқап турып, пүткиллей таза нама шертип, ҳәммениң дыққатын өзине аўдарып алды да, жаңа қосық баслады.

Әәәәй, былтырғыдан быйыл жаман,
Қалай-қалай болды заман?
Ғәрип-ғәсер қалмай аман,
Он тилладан келди салық...

Бийлердиң көзлери аларысып, аспаны-зәмийиннен бир бәлемат туп-туўры төбелерине түсип киятырғандай қозғалыс таба баслады. Бердақ оннан сайын ҳаўазын күшейтип, дуўтарын бармағы менен тықылдатып турып, елде хан ҳәмелдарлары көбейгени халықтың тәғдирлерине мусаллат екенин айбынбай қосық қылыў менен, усы тойдың ҳүрметли орнын ийелеген базы байлардың, ахунлардың, моллалардың атын термелеп, оларға салық салынбағанын айтқан гезинде тамашагөйлер даўыс қосып шуў етти:

— Ҳаў, тилиңнен шайыр!

Шайыр басын шайқаған сайын қур шайқатылды, шайыр дуўтарын көкирегиниң алдына былғаңлатса, қур бас былғаңлатты Көпшиликтен руҳ алған шайыр алға және еки қәдем таслады да, усы тойдың ийесин тәрийплеўге өтип, бүгинги той биразлардың сел-сел көз жасының есабынан берилип атырғанын қосық қылғанда, тамашагөйлер және шуўлады.

— Мың жаса, шайыр!

Бир шетте бир топ тәрепдарларының алдында тик аяқтан турған той ийеси Фазыл бий қалтырап өзиниң тобына:

— Услап байланлар, гудибузарды! — деди де, олардың тосаң қыймылына шыдамай, жуўырып барып Бердақтың қолынан дуў-

тарын жулып алып, ортада лаўлаған отқа қарай зыңды. Тамашагөйлер өрре-өрре тикейип кетти. Фазыл бийдиң топарынан гилең жаслар ҳеш нәрсеге қарамай, Бердақты услап, қолын артына қайырды.

Қур бузылып, Бердақты ҳәм оны услағанларды қамашалады. Көзди ашып-жумғанша ғалаўытлар көбейип, ҳәр жерден екеўара былша-былш төбелес шықты.

Жағдай Ерназарды жайына қоймай түргелтти:

— Қәне, тоқтатыңлар!

Оның ашыўлы арысландай ири даўысы қулағына тийгенлер, неликтенде, турған-турған жеринде қатып, әллеқандай төрелик күтти, бирақ орта еле баса-бас. Ерназар олардың арасына кирип, күшли қоллары менен анаўсын бир, мынаўсын бир түйип, шайырды еле услап турғанларға айрықша айбат пенен ҳәмир етти.

— Босатыңлар!

Ерназар бул шайырды өз урыўласы болғаны ушын қорғап атыр деген пәм менен Фазыл оның ийек астына жуўырып-ақ келди:

— Ҳа, бир дәлдир қолдаўлының себебинен тойым бузыла ма? Босаттырмайман!

Аламанға Ерназардың шайырды қуўатлаўы мәдет болып, пәтленисип келиўи менен Фазылдың жигитлерин орап алды, төбелестиң қайтадан қызатуғын түри көринди.

Ерназар ашыў менен шайырды услап турғанларды жән-жаққа таратып түпип, оның билеклери байланған жиплерди кести.

— Қәне, шайыр, жаңағы қосығыңды қайтала.

Бердақ бир демге де егленбей, алақаны менен аўзын желпип айта баслады:

— «Әәә... Былтырғыдан быйыл жаман...»

Ол дуўтар менен қандай қылып ядтан айтқан болса, ҳәзир де тап сондай қылып қайталады да:

— Енди бағана айтып үлгермегенлеримди тыңлаңыз.

— Ерназар аға,—деп, Ерназар алакөздиң атын бас қылып қосып, барлық қарақалпақ бийлериниң Хийўа ханына жараныў ушын жарлы халыққа қай дәрежеде жаманлық ететуғыны жөнинде қосық тоқып айтты.

Аламан және шайырдың атын айтып шуўласып, оған узақ өмир тиледи. Шайырға ким наҳақ қол тийгизсе, оны жоқ қылатуғынын ескертип дох урған даўыслар да еситилди.

— Қәне, шайыр, жуўап бер, — деди Ерназар. — Мени неге қосығыңа қостың?

— Сиз-әм, бийсиз.

— Неге биринши?

— Мениң жаслықтағы бақлаўым бойынша, пүткил ел сизди халқының ығбалы ушын деп гүрескенде таў көтеретуғын, Хийўа ханына жаранаман деп ат айдағанда бир дана тарыны көтере алмайтуғын айбатлы, дана бий тымсалын көретуғын еди. Енди, мен ҳәм мынаў халайық, сизде, «басқаны өзине ийилдириў ушын, ийи-

лиў керек» деп жүрип биротала бой көтере алмаған бийдің тымсалын көремиз.

— Дурыс, дурыс,—дести есапсыз даўыс.

Ерназар ала көз қапталындағы бийлер топарына қарап, олардың жақтырыңқырамайтуғынын уқты да, шайырға және сораў берди.

— Жуўап бер, шайыр, елимиздиң бүгинги тәғдири қалай?

— Елимиз ашық теңизде самал қайда қуўса, солай ыққан бир сал дер едим, бәрше халыққа ыстанат болады, себеби айып халықта емес, басшыларда. Бирақ бүгинги халқымыздың тәғдири көп дийўалдың арасында қысылып өсип турған бир гүжимге мегзейди. Басшылары сол гүжимниң гә шақасына, гә тамырына балта урған жалланба отыншыға мегзейди.

— Рахмет, шайыр, мениң қол астымда еркинсең.

— Жоқ, мен наразыман, — деди Фазыл. — Мениң тойымды бузғаны ушын оны жазалайман, болмаса, қайтадан мени мақтап қосық шығарсын.

Адамлардың отқа түсирмей қақшып қалып әкелип берген дуўтарын қайта қолына алды да шайыр тикленди:

— Фазыл бий, наҳақлықты, ғәрремликти тилим кесилседе мақтамайман.

Оның бул сөзи Ерназарға жағынқырамады.

— Ҳәй, бала, шайырдың ел басқарыўшылар менен мүнәсибетинде жумсақ сөзлери де болыўы керек.

— Ерназар, — деп шағынды қапталындағы бир бий. — Бул шайырдың «салық» қосығын биринши айтыўы емес. Мениң пуҳараларым шайырдың қосығын көшеде бақырып айтып, бетимнен алып жүр, өйтип бизлерди жаманлағанша ханды жаманласында.

— Ерназар, егер бул шайыр тилин тыймаса, я хан салығын азайтпаса, пүтин ел бузылады, хан бәримизди гелле қылады, — деди және бир бий.

Ерназар Бердаққа дөҳ урды:

— Қәне, шайыр, бул бийлерге жуўабың бар ма?

— Түтинсиз от, отсыз түтин болмайды, — деди Бердақ. — Булар дурыс айтады.

— Халайық, орны-орныңызға отырыңлар! — деп даўыслады Ерназар. — Ҳәзир басқа сазенделер менен шайырларға нәўбет бериледи.

Халық гүў ете қалды.

— Бердақ ше?

— Ол соңынан айтады.

Халық Ерназардың жуўабына инанып, қайтадан орынларын ийеледи.

Ортаға бир жыраў шығып, терме баслады:

«Бир дегенде не жаман?
Билимсиз өскен қыз жаман.
Еки дегенде не жаман?
Елеўсиз келген жаў жаман.

Үш дегенде не жаман?
Үшкилсиз пишкен тон жаман.
Төрт дегенде не жаман?
Торелигин бузған бий жаман...»

Ерназар тамашагөйлердиң жым-жыртлығынан пайдаланып, ойға шүмгенде, жолда, Хийўаға айдалып барағырған өзиндей бий менен дийханлары көз алдына қайта келип, қапталына қолын тағанды да ҳешкимге елеспесиз орнынан түргелди.

Хийўадан ҳәр қайтысында ол биринши гезекте Гүлзийбаға келип, хан сарайында қанша сырыққанын айтып, сырласқаннан соң жаны жубаныш таўып, үйине кеўилли келетуғын еди. Бул сапары ол туўры Генжемуратикине бет алды. Ығбалына сол жерден Зарлық табылды. Дослар апақ-шапақ көристи.

— Жигитлер жүдә жақсы хабар, — деди Ерназар Генжемураттың келиншеги төсеген төсекке отырып үлгермей-ақ. — Енди қалай ис жүргизсекте, оған туў пайда болыпты, туў! — Жолдасларының аң-таңы шыққанын көрип бийлик шапанын керегеге илдире сала кеўлиндегисин биротала жайратты.

— Мен шайырларды аспаный қыялдың адамлары деп, түпсиз, қақпақсыз бир нәрседей көрер едим. Оның туў болатуғынын енди билдим. Оның шайырлығы ушын Қарақум ийшан қуўғанын еситип сөккенмен-әм. Енди кеширим сораўым керек болып қалды. Әттең, бийлик көкирек қарапайым, шайыр алдында бас ийдирмеди.

— Сен, Бердақ ҳаққында айтып атырсаңғой, — деди Генжемурат.

— Ҳа, оны қайдан билесең?

— Ол аш-арықтың сөйлер тили болғаны қашшан еди...

— Аш-арықтың тили бизиң туўымыз болыўы керек, — деди Ерназар.

— Ондай сазенде, ондай хош ҳаўаз ҳәр дәўирде биреў туўылады, — деди Зарлық. — Мен оның Қарақум ийшанға шығарған жасырын қосығын еситтим. Күтә баплаған. Бирақ, шайырлық түнги оттай жалт-жалт етип жанар екен, туў болыўға жаслық етпесе.

— Өзи емес, сөзи туў болады, — деди Генжемурат.

Ерназар жүдә кеўиллилик пенен жағасының сәдеплерин де жаздырып шай ишиўге киристи.

— Қәне жора, алыс-жуўықтан ахбарат берип отыр.

Генжемурат өзине тән әдети бойынша жуқа еринлеринен мыйық тартып, келиншегинен уялыңқырап, көз астынан оған бир қарап қойып мардыйды да, еки қолының бармақларын тислестирип көкирегин кернеңкиреди.

— Бизлер Зарлық екеўимиз бүгин Аралды жағалап жүрип бир кәрамат көрдик. Желқомсыз нәҳән кеме жылысып жүр. Айдап жүрген орыслардан сорасақ, пуўдың күши менен жүреди, аты «пароход» — дейди.

— Орыс илиминиң ҳәрқыйлы жаңалығына тек таңланыў менен өмиримиз өтип баратыр.

— Ерназар, — деди Зарлық оның түсиниксизлеў кейпин анық-

лаңқыраў нийетинде. — Соңғы жыллары жүдәма ийниң түсип кет-ти. Дуйым журт болып сениң бас көтериўиңди күтип жүрипсиз.

— Ханнан шийткиген бийлер көбейди, — деди Генжемурат. — Оларды жыйнап бир сөйлесип алған шеп болмас.

— Ҳақыйқаттан-әм солай, — деди Зарлық. — Бала Ерназар, Сайыпназар ҳәм басқаларды айтпай-ақ, бийлердиң ишиндеги ең мийримсизи Фазыл бийдиң бүгинги тойын берер алдында, хан мәҳ-ремлерине ыза менен сарсылғанын еситтим.

— Үйи жансын оның! — деди Ерназар. — Жыйнағанын ханға апара берип, жас қыз алыўға аз қалып баратырған соң жылай бе-реди.

— Енди бар ғой, — деди Генжемурат. — Табаны тайғақ бий-лерди таймастай етип шегелеў ушын аўыз еки емес, жазба ахид-нама дүзиў керек.

Ерназар бәрҳәма излеп, бирақ не екенин билмейтуғын нәрсе-син ҳәзир тапқандай қуўанып сала берди:

— Михайловтың кеңеси усылай еди. Сол ахиднама да ертең-гимизге исеним болыўы керек.

— Ахиднамаға ҳәр бий қолын салып, мөрин басса, айныған күни алдына ғана тутылса, — деди Зарлық шаққанласып.—Жүдә ағла болар еди. Қимде-ким айныса аямай жазалайтуғын сөзлер-әм жазылса.

— Хан менен Мерв урысына кеткен бийлер-әм келеберсин, бә-рин жыйнап бир мәсләҳәтлесип көриўимиз керек, — деди Ерназар.

— Мәсләҳәтке бизиң үй тайын, — деди Генжемурат.

— Усы сапары бала Ерназардикине жыйналайық, себеби ай-наласында басқа аўыллар жақын.

— Көп нәрсени көрип аўызымыз писип киятыр, — деди Зар-лық. — Енди қуры сөйлеспей, бир ахидпаманың сөзлерин жазып таярлап, тап соның айналасында гәп қылайық.

Ерназардың ала көзлери Зарлыққа күлимледи:

— Кеңесиң жүдә орынлы.

3.

Хан сарайы, сырттан қарағанда көзге қанша көркем ҳәм айбат-лы көрингени менен, ишиндеги бәрқулла бас аяқсыз былық. Шақалары қыйсық шөл торағғылы киби бир-бирине қарсы топарлар. Онда хызмет етиўшилердиң, сарай бүгин ертеңнен қалмай астан-гестен болатуғын шығар, деп қорқынышсыз өткерген күни болмайды. Өтирик-өсексиз, кисини сыртынан саймайтуғын, екиншини күстана қылып сөйлемейтуғын адам бул дүньяда жоқ секилли, ҳәрким қасындағысын аңлыў менен күнелтеди. Нәбада, илаҳий кемсөзлилер, кисиниң бахтына қарсы келмейтуғын ашық кеўиллилер са-райға жумысқа өтсе, бәршениң көзине шүйел болыўдан, жансыз ямаса душпан атаныўдан қорқып-ақ, қарама-қарсы топарлардың бирине қосылғанын, өзиниң өсекшилге қалай айналғанын билмей-ақ, гөне тораңғылға жанаса өскен түйесиндир болады да қалады.

Тораңғыл қалай қыйсайып, қалай қарата шақа шығарса, ол да солай таўланып солай шыйратылады. Өйтпеген, ағын суўға тасланған шөптей ыққа ықпаған хызметкер тез күнде сарай менен хошласады, егер ол басшыдағы малақайы менен тик аяғынан кетсе, бахытлы болып ғана қойғаны емес, бул дүньяға екинши мәртебе туўылғаны.

Соңнан келген ханның аты хан, сарайдың аты сарай, сирә бузыла қоймайды. Зулым хан тахттан түсти ямаса өлди деген хабардан соң, дуйым журт жақсысынан, әдилинен дәметип, жеңил нәпес алғанынан пайда жоқ, сарай сәл былығып, және шыйрақласады. Ягный тазадан тикленген хан салықлардың жаңа атларын таўып, ғәзийнени толтырады. Сөйтип халық тәғдири бурынғыдан аўырласыңқырайды да, сарай қәдимгисинше өтирик-өсеклерге, ғыйбатларға, жалаларға сүйенип, тип-тик тура береди, ханлық арбасы ески сүрдеў менен жылыса береди.

Ҳәзирги ханның бурынғыларынан өзге бир қәсийети ханлықтың пайдасына қандай жақсы ис исленсе, оны өз атына өткермей, солай қылыўды биринши кеңес еткенди шақырып, сарай қаймақларының арасында марапатлайды, базыларына сарпай-әм жабады. Сәтсизликлер ушын да солай, айыпкерди көпшиликтиң алдында дүррелетеди, жүдә ашыўланса дарғазап қылады. Сол ушын да ханның мәсләҳәтгөйлери, бурынғы әдетлерин таслап, шала ойларын ортаға салыўға жүрексинбейтуғын болды.

Сарай иси бираз раўаж таба баслады. Хан өз исине, әсиресе Хийўаға қарсы көтерилис шығарыўға ямаса орыс патшалығына өтип кетиў ушын таярланып атырған қарақалпақ қыранларын тарқатыўдың илажын ислеп тыныш таптырғанына әбден ыразы. Сарайдың ғәзийнеханасын толтыратуғынлар көбинесе солар. Салықлар өз ўақтында жыйналып келип турыпты. Ҳәтте, Ерназар Алакөзге шекем мүддетинде салығын жеткереди.

Хан Мерв түркменлерине шабыўылында бираз сәтсизликке ушырап келиўден, Қарақум ийшанды шақыртты. Ҳәрқашанғы әдетинше мәхремлерин жыйнады.

— Жүўенсиз қарақалпақларды тыншытыўға әдис таўып, базыларына ҳамал бериў менен бизиң пайдамызға жумсаўды кеңес еткен сиздей ақыл ийесине тағы бир ташаккур!

Ийшан әллеқашан-ақ, бул ханның минезин билип, өзин де соған бейимлеп үлгерген еди.

— Биз мөминди қойыңыз,—деп ол ханның мақтаўлары ушын өзин күтә нақолай жағдайда қалғандай көрсетип, қызарып, желпиўиштей қара сақалын қайта-қайта сыйпалады. —Кәраматлы, Хорезмниң қуяшы, атызда қаўын сарғайса, бағманнан бурын ийти сезеди. Биз ғәрип ҳәм уллы Хорезм бағының сондай бир ийтимиз-дә!

Мерв шабыўылындағы базы сәтсизликлер ушын көўли өшиңкиреп қайтқан ханның қәҳәрли жүзи сәл жадырады, жомоэтке қатнасыўшылардың бәри жеңил непес алды.

— Қарақум ийшан, наятий дилўар файласуфсыз,—деди хан.

—Сизди Хорезмниң арқа шегарасына жиберип бизден алдыңғылар ылжаспаған. Өзиңиз айтқандай, орыслардың атланысы сол жақтан басланады.

Ийшан ханға миннетдарлық пенен тикейди:

— Қәраматлы қуяшымыз, маған бас ўәзирдиң базы ҳәрекетлери унаңқырамайды.

Бас ўәзир қолындағы нанын ийт қақшып әкеткен баладай болды да, ускини қуйылып, бети талаққа айналды. Хан сөйлемей көзлерин қыпылықлатып, Қарақум ийшанның отырыўына ишарат етти, ҳәм дәлил талап қылды.

— Буның себеби ме?—Ийшан және бир түргелип отырды. —Орыс елшиси келгенде марҳум ханның мийин айналдырып, қалаға айрықша жағдай ендирди, бу адам. Орыс елшиси менен шәртнамаға мөр басты, бу адам.

— Марҳум ханның өзи имза шекти, мен мөр бастым, халос,— деди бас ўәзир шыдамай.—Орыс елшиси кеткеннен кейин, оның орнына қалдырған ўәкилин сизиң мәсләҳәтиңизге бинаон қуўдырдым.

— Ладанның жүреги тилинде, ақыллының тили жүрегинде болады,—деди Ийшан салмақ пенен,—қызбаңыз, бас ўәзир. Мен сизди дозаққа таслатыў нийетинен аўлақпан аммо, сол шәртнама Алакөз усағанларға көзгир береди. Ол тутылған гезде гелле қылалмадыңыз.

— Алакөзди тири қалдырыўды өзиңиз-әм сорағансыз,—деп бас ўәзир ийшанды урып жиберетуғындай кейипке кирди.

— Тил жолбарыс яңлы, беккем тутсаңыз, өзиңизди қорғайды, еркине жиберсеңиз өзиңизди талайды, бас ўәзир. Ҳәр гәпиме тойтарыс бермеңиз, мен ақты-ақ, қараны-қара демекшимен. Алакөзди тири қалдырыўды сорағаным ырас, оннан уллы Хорезм утпырмады. Пәм жиберсеңиз, Алакөз ҳәзир Хийўаның жолында ақтабан.

— Сол ушын да қарақалпақлар жөнинде ақыллы кеңеслер сизики екенин Уллы қуяшымызға бәрҳә өзим айтаман.

— Уллы қуяшымыз,—деп Ийшан ханға бет бурды.—Бирлиги жоқ ханлық ширик бөз яңлы ыдырайтуғынын сизден үйренгенбиз! Ҳәмир етиңиз, яки мен сөйлейин, яки бас ўәзириңиз сөйлесин.

— Сиз!

Хан оң жағында турған бир жолладыпа ым қақты. Жәллад бас ўәзирдиң қолынан жетелеп сыртқа әкетти.

— О—о—о! Уллы қуяшымыз, ең жаман апатшылық сарайдағы алаўызлық!—деп Ийшан даўысын дирилдетип сөйледи.—Буны душпанларыңыз сезбегей. Аммо, Сарайдағы алаўызлыққа бас себеп, ертеректе орыс патшалығы менен дүзилген шәртнама!

— Қоңсылас ханлықлар ҳәм патшалықлар менен ҳәмдамлықта жасаў, уллы Хорезмниң бахты ушын да жақсы емес пе?

Тыңлаўшы жәмәәт, ханның бул сораўы ийшанды тасқамал қылды деген қыял менен, оған апалақласып қарасын, албыраў түўе түси өзгермегенин көрип, ҳайранлықта жуўабын күтти.

— Уллы қуяшымыз,—деди ийшан сабыр-парасатын бузбай.— Сизиң нурлы ақылыңыз көраматлы Хорезм халқының ғамына қаратылғанына иймаңым кәмил. Аммо, сол шәртнама бойынша орыслар уллы елат көрининп қалды. Пүткил күн шығыста қуданың аспандағы қуяшынан кейинги қуяш сиз. Сизден тараған нур—ислам нуры, ол пүткил әлемге жетеди. Ушбу нур мусылман түрк султанының нурына қосылса, еле-әм жарқын болар еди, пүткил әлем ысынар еди. Билесиз, орыслар исламға қарсы. Ҳәзир әлемдеги ең күшли елат, илим-ҳикметтиң тилсимине ерискен елат — инглис елаты, түрк султанын қоллап-қуўатламақта. Күшсиздиң қолы күшлиге берилсе, әлем ийегимиз астында болады.

Хан ойға шүмди. Оның кейпин бағып отырғанлар тилден айрылғандай ләм-мийимсиз. Ханада шыбын қанатының епкини сезилерлик жым-жыртлық ҳүким сүрди.

Қарақум ийшан Хийўаға атланар алдында, жансыз суўпылары арқалы Ерназар алакөздиң және бир ис баслайжақ болып, бийлерди Бала Ерназардикине шақыртып атырғанын, Фазыл бийдиң тойында Бердақ шайыр өзин айқын көрсетип «Былтырғыдан бы-ғыл жаман...» деп қосық айтқанын еситкен еди ҳәм олар жөнинде ханға билдирип мәсләҳәтлеспекши еди. Сол еки жаңалықтың қайсысы әҳмийетлирек, әне соны билмей басы ғуў-ғуў болып отыр.

Ханның шақыртқандағы мақсети Мерв түркменлерин жеңиў ушын нелер кереклигин астыртын мәсләҳәтлеспекши еди, оның ҳозирги отырысынан гүманлы, не ойы барлығын билиў керек.

— Ийшаным, Сизди көраматлы деседи, биринши гезлескен адамын тап бурын көргендей, минез-қулқын, үй-ишин жақын-жуўығын биле береди деседи. Бундай пайғамберликке қалай жетистиниз?

Ийшанның иши ғым етип, «мениң сайыллықта ел аралаған сырларымды баяғы нәлетий Бектөреден басқа еки аяқлы бенде тилге алмас еди, ғарғыс урғыр бас ўәзир соннан еситкенлерин ханға жеткерип, бул жорта сорап турған болмасын», деген кейип пенен, ханның отқа тапланған баўырдай қызыл жүзине жалт бурылды ҳәм оның сумлықлы қыйық қара көзлери жорта күлимлемей турғанын көрип, жүрегин басты.

— Мени аса көтерип баҳалағаныңыз ушын миннетдарман, уллы қуяшымыз,—Ол ҳеш дәлил айтпасам инанбас депте ойлады.—Мен киси менен сөйлессем, тикке көзине қарайман. Соннан өтирик, я рас айтып турғанын билемен, халос.

— Бас ўәзирим қарақалпақта Мәўлен сары дегенге ҳамал керек деп жүрипти.

— Оған ҳамал бергеннен, беремен деп жумсаў көбирек пайдалы, уллы қуяшымыз. Айыпқа буйырмасаңыз, сизге бир мәсләҳәтим бар, уллы қуяшымыз. Мерв түркменлерине қарсы урысқа Ерназар алакөз барса, яқшы болар еди. Ол оғыры күшли өгиз, таяғы жетип турса алға баса береди.

Хан оны не ушын шақырғандағы мақсетине жуўап алғанына

ҳайран қалып, мыйығын тартып, көзлерин перделеди. Усыннан пайдаланып ийшан сөзин даўам етти.

— Мен түс көрдим, уллы қуяшымыз, сиз түрк султанына адам жиберип ҳәмдамласыңыз...

— Саяхатшылардың айтыўына қарағанда түрк султаны менен орыс патшасы арасында келиспеўшилик күшейген.

— Мусылман менен кәпирдиң бирикпеўи қуда буйрығы, уллы қуяшымыз. Түрк султанын қоллап-қуўатлаўшы уллы-уллы елатлар көп. Егер соларға қол созсаңыз, сиздей уллы ислам қуяшы пүткил Күншығысқа және күшлирек жақты берип, айналадағы ханлықлар тек сизиң нурыңызда жасайтуғынына ийманым кәмил.

Ханның, тула бедени балқып, бираз ойланып алыў ушын көзлерин перделей баслағаны сол, есик тарс етип ашылып, бас ўәзирди аржағынан биреў теўип жибергендей пәт пенен атылып босағадан өтти де дус төменине жер тиследи:

— Уллы ханым, және көтерилис! Қалалылар!

— Пал бар жерге ҳәрре үймелейди, уллы қуяшымыз,—деди ийшан асықпай.—Бунда да орыслардың тәсири болса тәәжип емес!

— Әй, ақылсыз ўәзирим, жаманлық әкелген ҳақыйқатлығың нан қуўаныш әкелген өтиригиң абзалырақ еди,—деди хан албырамастан ҳәм көзлери аларып лалы шыққан мәҳремлерине олыйды.—Өзимиздиң қалалардан-әм жаў болар ма?

Мәҳремлерге жан енип жабырласты:

— Әлбетте уллы қуяшымыз.

— Алды алынбаса, орыс тәсири күшейе береди. Баланы қундағында гүм қылыў керек, уллы қуяшымыз.

— Олай болса, бизиң менен бирге жүресиз,—деп қозғалды хан.

Олар атланып шыққанда ханның атлы лөшкери көтерилисшилерди Сарай алдында қамшылап қуўып жүр екен, ханды көрип лөшкер басылар ҳәўижленип, нөкерлердиң пайзадан пайдаланыўына ҳәмир етти. Бир заманда-ақ көтерилисшилердиң тобы бузылып, серпиле қашты.

Хан менен бирге бул көринисти бақлап турған Ийшан бираз бийпәрўа киси қусап, ханға да бурылмастан сөйледи.

— Уллы Хорезмниң нурлы қуяшы, қарацғы аспанда шағырайысқан жулдызлар қуяш шығыўдан гайып болғаны киби, ылғал майданында сиз пайда болдыңызда, өзлерин жулдыз санағанлар батты, айнала жақтылады. Уллы қуяшымыз, бир рәўият бар, ийт тез-тез дәрет жеп турмаса, көзи қапылармын. Ийтлердиң басшылары биротала нышқырт етилсин!

Еки көзи алдына қаратылған хан мыйық тартыўы менен алға жылысты.

— Буларды нышқырт қылып, қайтадан Мерв түркменлерин шабаман!

Хан алдына Бас әскербасы келди.

— Уллы ханым қалалыларды тыныштым, аммо, Әбдирахман исмли бир басшысы туттырмады.

— Қайда жоғалды?

— Гөне үргенишлилерге я қарақалпақларға қашқан болса керек.

— Жерге кирсе айдарынан, аспанға ұшса аяғынан тартып алдыма келтиресең!—Хан бас ўәзирине бурылды.—Мерв урысына атланысқа Алакөзди алдырарсыз! Өткен сапары салықты кем әкелгенин баҳелеп, шақыртасыз.—Хан шеп қапталындағы ийшанға бет бурды. —Сизиң мәсләҳәтиңизге биноан Түркия султанына елши жибериўди ойлап турыппан.

Ийшан атынан аўдарылып түсе сала, ханның қардай ақ атының алдыңғы еки аяғын қушақлап, әўеле зәңгисине маңлайын тийгизип, соңынан алтын мыйықлар менен жылтыраған геўишиниң ултанынан сүйди ҳәм мурнын пырқ-пурқ тартып жылады.

— Атланыңыз, сизиң наятий пәк нийетлилигиңизге исендим...

4

Гүздиң басында қонақ күтиў дым ғана қолайлы; биринши жағынан, барлық палыз егинлериниң, жемислердиң писикшилиги болса, екинши жағынан, қанша қонақ күтсеңде үй тарлық қылмайды, еле ҳәр ағаштың асты өз алдына үй. Ең баслысы, дастурхан жайғандай ҳал болсын, ҳал болыўы да мүмкин, пейил болсын, ашық кеўил болсын.

Бала Ерназар «аға бийге» қосылғанда қырқлаған жигитке бир хызмет еткенинен кейин, қайтып ондай дастурхан жаймаған еди. Ерназар алакөз бир көргенинде ескертип, үйине елдиң гилең басшы бийлери келетуғын болғаны ушын күтә жақсылап таярланады. Кең ҳаўызлы үйиниң айналасын қайтадан тазалатып, суў септирип, пайызлы саяманлардың бәрине қыйлы-қыйлы гилем, палас, кийиз, көрпешелерди төсестирип таслады. Атқосшысын Хийўаға жиберип ғоза, жүзимниң суўын алдырды. Оған да қәнәәт етпей, аўылының жас келиншеклерин жыйнатып, бес батпан геширди түйдирип суўын сықтырды.

Қонақлардың келиўине қарап екеў-ара бир қой сойыўды хызметкерлерине тапсырды да, олардың алды көриниўден далада турып барлығын өзи күтип алды. Ерназар алакөзге айрықша ҳүрмет көрсетип, ийнине асылдырып атынан түсирди.

Өткен сапары хан менен Мерв урысына қатнасқан бийлердиң де биразы келди.

Ҳәркимди ҳәрнәрсе қызықтырғанына қарамастан, өз-ара сәўбетлесиўлер күтә бийҳазар басланды. Мерв урысы жөнинде гәп болып, бир бий ханнан Алакөзди сорағанын айтты. Ол бул гәпти жуўапсыз қалдырғаны ушын әңгименің бағыты өзгерип, бийлер салық жыйнаўда жүдә қыйналып жүргенин таласа гәп қылысты.

Әллеким жас Бердақ шайырдың «Салық» деген қосығын көшедеги балалардан еситкенин айтып еди. Әңгиме өзиниң болажақ арнасына ап-аңсат түсти.

Ерназар алакөз ҳәр қашанғысынан аўырласып, жүдә кем сөй-

леп отыр еди. Гәптиң ирети келгенде иркилип қалмай, оңғылеге араласты.

— Қәдирданларым!—деди ол усы сөзге айрықша мәни бсрип. Алакөздиң аўзынан бундай жумсақ сөз онша шықпайтуғын еди, ҳәмме оған айрықша дыққат аўдарды.—Шайырларға итибар бермес екенбиз. Бердақ қосығында айтқанындай-ақ, заман жылдан жылға жаман болып баратыр. Өзи аз санлы елде алпыстан аслам бий бармыз, және қанша онлық, елиў басы, жүзбасы жүр Шынында, бәримиз халықтың мойнындамыз. Хан бирди айтса, халықтан еки-үш қылып өндиремиз.

— Әне, сол ушын да бизиң бала гезимизге қарағанда ҳәзир аш-арық пенен дийўана көбейди,—деди бийлерден бири.

— Атқа минерлер де, байлар да көбейди,—деди екинши бий.

— Елде аш пенен тоқтың жиги айрылып баратырғаны бир елди еки бөлиўдиң және бир түри,—деди Ерназар алакөз.—Кери-синше, бириктириўимиз тийис.

Ҳәммеден жас киши ҳәм мезбан бала Ерназар ирети келген жеринде де өзин тутып отыр еди, Алакөздиң гәпине сөз қоспай тура алмады.

— Ерназар аға, усылай бас қоссақ ғана ғаўқылдасып, ел сүйетуғын адамлармыз. Шешиўши бир илаж табалмаймыз, не мақсет пенен биригетуғынымызды, кимге қарсы жарақ көтеретуғынымызды билмеймиз, сирә.

— Ақылгөй көп, бирақ ақыл жоқ, ҳәсирет көп, бирақ неге ҳәсирет шегиўди ҳешким анық билмейди,—деди Рахманберди бий.

Алакөз қалтасынан бир буўын қамыстай шыйратылған қағаз шығарды.

— Қәдирданларым, биз Зарлық, Генжемурат үшеўимиз кеңесип, бир ахиднама жазып шықтық. Мақул десеңиз оқыйман.

Ҳәмме силтидей тынды.

— Елимизде алпыстан аслам бий бар, сол ушын «алпыс бийдиң ахиднамасы» деп ат қойдық.

— Оқыңыз,—деди көпшилик.

Ерназар алакөз алақшынға абыныққырап, қағазын оттың сағымына тутып даўысқа салып оқыды:

АЛПЫС БИЙДИҢ АҲИДНАМАСЫ

«Ҳәзир пүткил әлем шайпатылып, адамыйзат қозғалаң таўып турыпты. Еллер арасында, ханлар ҳәм патшалар арасында қарым-қатнастың жоллары шийеленисип, күшлилер әззилерди жеп, азды мүнжиўге өтти. Бундай аласапыран заманда қайсы елдиң бирлиги бәҳәргги музға айланса, бәрше ели қул болып, үстилерине ҳәсирет нөсери жаўады, инсан тәғдири қыл үстинде қалады. Биз, бәрше қарақалпақ бийлери, үстимизге дөнежақ мисиўбеттиң алдын алыў ушын мыналарға ахид етип, ушбу ахиднамаға қол басамыз, мөр саламыз.

Бизлер ушын ең баслы шәрт—бирлик.

«Бирлик»—«қарақалпақ ханлығы» деген сөз.—Қарақалпақ ханлығын дүземиз.

Қарақалпақ ханлығы, Хийўа ханынан өз алдына бөлиниў, өзи жасаған жердиң, суўдың ийеси өзи болады. Хан бәрше бийдиң мәсләҳәти менен қойылады. Хан ең әўеле Әмиўдәрьядан тиккелей саға алатуғын үлкен арнаның қазыўын баслатады.

Кимде ким елге, ханлыққа садық болса, оған кең жайлаў, ўақым жер, суў бериўди ханның басшылығында бийлердиң мәсләҳәти шешеди.

Жерсиз, суўсыз бир шаңарақ қалмаўы тийис.

Орыс патшалығының Хийўа ханына қойған талабына сәйкес қол астында қул, шөры сатыў, сатып алыўды қадаған етеди.

Пүткил қоңсы елатлар менен ағайин-туўысқанларша жасап, саўда-сатық қылады. Өз диниңе қылап қылмайды, басқа диндегилер менен-әм жаў болмайды.

Қарақалпақ ханлығы өтмиштеги ақыллы бабалардың, аты әпсана Маман бий ҳәм Айдос бий бабалардың өз халқының бахты ушын ойлаған ең жақсы нийетлериниң даўам еттириўшилери болады. Балаларын илим-ҳикметке үйретиў ушын мынаў орыстики, мынаў өзбектики я қазақтики, мынаў түрктики я инглистики, деп таңлап отырмай имканияты болған бәрше еллерден илим-ҳикметли адамларды шақыртады, ең ақыллы, интизамлы, зейинли балаларды басқа еллерге оқыўға жибереди. Ҳәрбир перзент атабабасы еккен нәлшеден жемис өндиретуғын болып тәрбияланады. Ҳәрбир бий, ҳәрбир басшы қоластындағы жас нәўшелердиң тәғдийирине жуўап береди. Хан буны ең баслы исим деп санайды.

Ханлықты сақлап туратуғын оның ләшкери болыўы тийис. Сол ушын ҳәрбир бий, ҳәрбир урыўбасы—өзин қарақалпақ ханының эскербасысыман деп, елдиң ҳәрбир жигити өзин қарақалпақ қыраны деп биледи. Елдеги ҳәрбир ат қырандики болып есапланады. Ылғал күни туўса, ҳәмме қол усласып жаўға қарсы саўашқа шығады. Егер күш азлық қылып, ел басына аўыр қәўип дөнсе, ата-бабаларымыздың жолы менен биринши жәрдемди орыс патшалығынан сораймыз. Алыстағы патшалықтан жәрдем келип үлгермейтуғыны мәлим болса, кимлерден жәрдем сораўды бийлердиң мәсләҳәти шешеди.

Қарақалпақ ханлығының ишки душпаны—урлықшылар деп саналсын. Жумыссызлар, парахорлар ҳәм өтирикшилер урлықшылар менен тең делинсин. Кисиден зат алған адам ийесине қайтып бергенше өз аты менен емес «қарыздар» деп аталсын.

Ханлықтың ишки ҳәм сыртқы душпанлары теңдей қараланып ҳешқандай аяныш болмасын.

Кимде ким ушбу ахиднаманы бузса, өзи өлимдар болып, малмүлки қарақалпақ ханлығының ғәзийнеханасына түсирилсин.

Аўмийин!

«Ахиднама» Қазақдәрья бойында Хиджри 1269 йылында, раджап айында питилди».

Сам-сазлықта биреў биреўге қарасты.

— Ерназар аға, жүдә тереңнен ойлапсыз,—деди мезбан самсазлықты биринши бузып.—Бул ханлық ертектеги ханлықларға усайды, егер иске асыра билсек, изимизге өз елимиз ғана срин қалмай, пүткил әлем бизден үлги алыўға келер еди. .

— Ҳешқашан өз аты менен ханлыққа бирикпеген халық—хан лық дүзип, сонысы менен бирге әлемге айғақ болса, оннан артық бахыт бар ма дүньяда?—деп Генжемурат, жуқа еринлерин бир сыйпалап қойып, айтқан пикирине кимниң қарсы шығатуғынын күтти.

— Ооо, паңқылдақ бийлер!—деп ақ шашлы, тандыр бас Жәнибек бий сәл кек етиў түрин көрсетип, мыйығын тартты.—Бизиң қарақалпақлар ушын тахт—жер, таж—аспан, оннан басқа ҳеште не болыўы мүмкин емес.

— Егер мүмкин болса ше?—деди жас бийлерден бири.

— Қуўанаман, ахиднамаға қол басып, мөр саламан, себеби урыўымыздағы ашлардан салық жыйнаўға аяп, Хийўада ҳәммеңизден көп ақыретленип жүрген мен. Хийўадан қутылсақ ҳәтте басымды садақа қылар едим,—деди Жәнибек бий.

— Менде бир қәўип бар,—деди гилең сүйекти айқастырып, буўын қойғандай арық Сырым бий. Оның пикири ғана емес, мынаў түри-түси, келбети менен қалай ел басқарып жүргени тап ҳәзир еслерине келгендей, ҳомме оған мыйық тарта қарасты. Арық бий көп көзлердиң атқылаўынан айбынбады.—Менің қәўпим,—деп даўам етти ол.—Ҳәр бий әскер басы депсиз, бул дурыс, ҳәрбир жигит қыран депсиз, бул да дурыс, ал ҳәрбир ат қырандики депсиз, оны буны иске асырыў қыйын.

— Қыйын емес,—деди Ерназар алакөз.—Ҳәр аўыл, ҳәр урыў бир бийдиң қоластвында. Сол аўылдағы бай да бийдиң қол астында....

— Зорлайсыз, мәжбүрлейсиз,—деди Зарлық.

— Зорласақ, мәжбүрлесек, теңлигимиз қәне?—деди Сырым бий.

Тән көпшилик бийлердиң кеўлинен шықса да, оған қосылыўға ҳеш қайсысы батына алмай, және биреўдиң сөйлеўин күтип ҳал сыпатты.

Бердақ йайыр қарақалпақ ханлығында бас шайыр болсын, деп қосылса қойтер екең?—деди Зарлық. Бул олардың Ерназар менен бурында да айтысқан пикири еди, көпшиликтен қуўатлаў сол шықпағаны ушын, мейли, ҳәзирше қоя турайық,—деди.

Басы толы қантың аўзына қонған шымшықтай ғана, домалақ семиз Қодирмухамед бий тамағын қырынып, өсик қасларын үйиңкирен ошаққа түкирипти де, ырсылдап орнынан сәл жылысты:

— Пәл-пәкизе елге аўырманлықтың не кереги бар? Бундай ханлық болыўы мүмкин емес. Себеби, ҳешким артық-аспай ат бермейди. Ақсаты, Хийўа ханына он еки үйден бир нөкер берип, он еки мүшемизди он еки жерден қысып, жүре бергенимиз абзал.

— Егер усы отырған бийлердиң көпшилиги қосылса, қосыласаң ба?

— Ойланып көремен.

— Ерназар аға,—деди бала Ерназар оларды еситпегенсип.— Мен бул ахиднамацызға баслап қол басаман, мөр саламан.

Бийлерде таңланыў, иштен гүрсиниўлер пайда болды.

— Сыя-саўыт!—деди Ерназар алакөз.

Сыя-саўыт, қағаз анаў-мынаў шаңарақтан табыла бермейтуғын еди. Үй ишинде бори саз екен. Ортаға астақта әкелдирип, оның үстине бир неше бет ақ қағаз бенен қамыс саплы еки қәлем қойдырды. Ерназар алакөз астахтаға еңкейип отырып, алды менен өзи қол басып мөрин салды да, бала Ерназарға усынды.

Ол үйдесип шаймаламады.

Онан соң Генжемурат бий қалтасынан мөрин шығарды. Тандырбас Жәнибек бий мөрин бүрмели қалтадан шығараман дегеншe көп ўақыт өтти. Оны бирден өжетленип қалмаспекен деп, иштен тынып отырғанлар бармағын сыяға малғанын көрип көзлери апалақлап, қоллары қалтырай баслады.

— Бир-еки күн ойланыўға пурсат жоқ па?—деди шымшық бас Қәдирмухаммед өзине нәўбет жеткенде.

— Аржағына өткер,—деди Ерназар алакөз ашыўлырақ.

Арық Сырым бий мөрин әлле қашан таярлап тили менен жалап отыр еди, ахиднаманы өзинде көп тутпай келеси бийге өткерди.

Есигиректеги жас бий аҳиднаманы қолына алды:

— Жас үлкенлер, бабаларымыздың ақылы жетпеген ис исленип атыр.

— Өйдеме, қәдирлим,—деди Ерназар алакөз.—Бизлердиң де келеси ўўладқа қалдыратуғын ислеримиз көп.

— Мәселен, аты әпсана Маман бий, Айдос баба нендей жақсы ис ислеп кетти? —деди көпшиликтен бөлингенине иши ашый баслаған шымшықбас Қәдирмухаммед.

— Өтмишти дурыс баҳалаў ушын сизге үлкенирек бас керек.

— Сатқын Айдос бабаның исин қалай даўам еттиремиз?—деп тоңқылдады есигиректен бир даўыс.

— Айдос бабаның еки баласын ел қорғаў ушын урысқа жиберийўиниң өзи де үлги,—деди Алакөз сәл қызыңқырап.

Қәдирмухаммед сөйлеместен ғорбаңлап, орнынан түргеле сала шығып кетти. Оның изинен бийлердиң ярымынан көбиси өкше көтерди. Оларға мирәт салған адам болмады.

Мамыт бий дүмпиў менен шығып кетип еди, неликтен де қайтып кирип ахиднаманы сорады. Қолына алып ояқ-буяғына үңилип көрип, қалтасынан мөрин алып басты да және үнсиз шығып кетти.

Ҳешким оған таңланбады, изинен гәп қылмады да.

— Бул ахиднамаға қол жыйнаў даўам етсиниў, лекин орыс патшалығына хабарлаўға адам кетсин,—деди қалған бийлерден бири.

— Мен бараман,—деди Зарлық шулғып.

— Мен де бараман,—деди Генжемурат.

— Қодирданларым,—деди Ерназар алакөз.—Бүгинги исимиз ҳәзирше сыр.

— Жаңағы кеткенлер?

— Бәршениң кеўлинде туўған елине деген муҳаббет ушқыны болады,—деди Алакөз.—Сонлықтан ҳешқайсысы ҳәзирше ҳештеңе дей алмас.

— Олардың көпшилиги қырман атыў ушын самал күтетуғынлар. Сол ушын ҳәзирше бәри де үндемей жүреди,—деди бала Ерназар.

— Ал енди бул ахиднамаға жаңа кеткенлерге де қол бастырып мөр салдырыў жағы қалай болады?

— Буны Ерназар ағаның мойнына жүклеймиз,—деди бала Ерназар.

— Ханымыз ким?—деди және шыдамсыз бий.

— Алпыс бий ахиднамаға түўел қол басып, мөр салып болғаннан кейин мәсләҳәтлесемиз.

— Онда ханның мәкан жайы қәйер болады?—деди және сол шыдамсыз бий.

— Ҳәзирше ҳәммемиздиң мәканымыз атымыздың ери болыўы тийис.

Бийлер Ерназар алакөздиң жуўабына қанаатланып, шыдамсыз бийди көз қараслары менен атқылады.

— Өлимнен басқа истиң ертеси жақсы,—деди Ерназар алакөз ҳәммениң дыққаты бир тәрепте турған гезде исти тезлетиў ушын.

— Енди, бәршемиз ақыл қосып орыс патшалығына хат жазыўды бислайық.

— Бислайық.

Ерназар алакөз тап ҳәзиргидей дым аңсат, тез биригиў болады деп ойламаған еди, қуўанғанынан исти тезлетип қағаз бенен сыя-саўыт турған астахтыны алдына тартыңқырады. Бийлер исенім менен моллам дөгереклести...

* *
*

Ең жақсы тилек,—өмириңниң қысы болмасын. Ең жаман тилек—өмириң мудамы қыс болып өтсин.

Табияттың қысы ҳеш тоң, қалыңырақ кийинесең, от жақсаң жылыйсаң. Қарақалпақ елиниң өмири мудамы қыс еди, ала аўызлықтың қысы еди.

Оне, сол қыс бүгин бир топар қарақалпақ бийлериниң ахиднамы астына қол басып, мөр салыўы менен, бир нәўийе босасқан мылыды. 1743-жылы аты онсына Маман бий Петербургқа апарған хаттан соң саррас бир жүз он жыл өткерип алса да, гүздиң жаңы жағымлы бир кешесинде, қарақалпақ бийлериниң бир топары Ерназар алакөздиң басшылығында қайтадан бас қосысып орыс патшалығынан жәрдем сорап түни менен хат жазды...

Көп кешикпей-ақ, сол хатты орыс патшасының Оренбургтағы вәкилханасына жеткериў ушын Зарлық пенен Генжемурат та жолға раўана болды.

Ақыбети қайырлы болсын, илайым!

Жаслар бир нәрсеге шын ықласы менен асылса, оның қолын жаздырғандай күш болмайды, жаслар бир нәрсени үйрениўге жан-тәни менен берилсе, үйренбейтуғын сыр қалмайды, егер гежирленсе, барын керисинше қылады, сол ушын, баслысы, жаслар жақсылықты мақсет етсин, соған жетиўге толығы менен ықласы берилсин.

Орыс тәлим-билимнен үйрениўди мақсет етип Оренбургқа келген еки жас азаннан кешке шейин тынбай жумыс ислеўлерине, шаршағанлықларына қарамастан алға қойған мақсетлеринен шегинбеди... Орыс тилинде еркин сөйлесетуғын болды. Генерал-губернатордың жайында таңның атыўынан күннің батыўына ислейтуғын Михайлов пенен кеште көрискенше асығып, ҳәриплерди үйренди, кем-кем жазатуғын, оқыйтуғын, ал Қәллибек ҳәтте Михайловтың өзиндей болмаған менен азлап сызатуғын, сүўрет салатуғын дәрежеге жетисти.

Михайлов балалардың ықласына, зейинлерине ырза. Жумыстан әбден шаршап, я басшыларынан кейиснама еситип, кейпи түсип келседе, балаларды көрсе бәрин умытады да, әжик-гүжик ислесиўди баслайды. Гейде ҳәрбир сабақты ежелеп таң атыратуғын пайытлары да болады.

Үшеўи арасында дослық-туўысқанлық артқаны соншелли, қандай қыйыншылыққа тап болса да, бирин-бири айыпламай, суўық суўға бет-қолларын жуўып жумысларына тарқасады.

Теңел менен Қәллибек соңғы гезлери қол ушы талапларға өтип, бардамлы байлар менен саўдагерлердің бир-бирин жасырып, гә ағаштан, гә гербиштен көркемлеп салатуғын жайларында ислейтуғын болды. Бул жағдай оларға ҳәмме жағынан қолайлы шықты. Себеби, Ерназар айтқандай, пуў менен жүретуғын арбаның сырын үйрениўге саҳрайы қарақалпақ балалары түўе анаўмынаў пәслеў шаңрақтан шыққан орыс балалары да жолатылмайтуғын еди. Буны Михайлов ескертпей-ақ, түсинип:

— Григорий аға, бизде «усталы ел дүзелер» деген даналық бар, уста болып қайтсақта үлкен ис,—деп тәғдирге қайылшылық билдирди. Бирақ ҳешқайсысы әллекимнен кейиснама еситпеўге тырысып, кимниң жайына жумысқа барсада, бар ықласларын салды, жырымсыз, тынымсыз ислейди.

Мынсан ғалма-ғаллы ўақыт зымырап өте берди...

Михайлов бир күни қос шәкиртине қуўанышлы хабар таўып келди:

— Генерал-губернатор ақыры келисти! Қарақалпақ елине жәрдемге үлкен бир отряд таярлаймыз, ҳәтте өзим баслап бараман деди. Маған шәкиртлериңе ықтият бол, бәлким әскербасыға дилмаш қылып әкетемиз, деди.

Балалардың ҳәрқайсысының етегине ай келип түскендей қуўанып үшеўи де уйықламай түни менен әңгимелесип, ҳәрқыйлы ойлар менен жатты. Азанда, уйқысызлықтан баслары мең-зең бол-

ғанына қарамастан, ҳәрқайсысы өз жумысына күндегисинен көўилли тарқасты.

Михайловтың таныслары, алыс-жуўықтан хабар айтысып отыратуғын дос-яранлары да көп еди. Базда солардың қыдырып келип, ҳәрқыйлы еллерден хабар айтыўлары, елеге шейин сүргинде жүрген Декабрьшилердиң тәғдийрлери ҳаққында пикир жүритиўлери еки қарақалпақ баласында ел тәғдийрин жақсылаўда не керек деген ойлар пайда етти, узын шубай қыялларға жетеледи.

— Григорий аға,—деди бир жола Тенел.—Сизге келип сөйлесетуғын, базда алыстан хат жазатуғын досларыңыздың хабарларының рәмәўизине қарағанда, уллы Россияның тәғдийрине тийисли көп жаңалықларды тап душпанларынан еситип айтатуғын сыяқлы.

—Дурыс сезгенсең,—деди Михайлов оған ырзалық пенен.—Ақыллылар душпанларының өтиригин-әм тыңлап жүреди. Мине, мәселен, мынаў хат Тобольск губерниясындағы декабрьши достымнан,—деп ол қалтасынан хат шығарып алдына жайды да оқыды: —Михайлов достым, океан жағаларында кит (жайын) аўлаўшы Америка корабльлеринде көп әскерий қурал-жарақ көрдим. Қәўипленемен...—Михайлов қалған жағын оқымай балаларға қарады.

Тенелдиң шырайы өзгеринкирең:

— Бунан урыс ийиси аңқымай ма?—деди.

— Солайырақ. Бул хатта америкалылардың инглис ҳәм французлар менен бир екенлиги айтылыпты.

— Патшаларға не жетиспейди екен?—деди Қәллибек.

— Дүньяға тойымлық болмаса керек, иним. Тарийхқа ой жибересең, патшалар, тек қол астының кеңейиўи ушын урыс қылады, кишкентирим хәлықларды, өзгелеў патшалықларды өзине бағындырыў қойыўды бәрҳама гөзлейди.

Григорий аға,—деди және Қәллибек.—Сизиң айтыўыңыз бойынша Декабрьшилер патшаға қарсы болып сүргин қылынған. Соған қарамастан базыларының сизге жазыўына қарағанда, орыс патшалығының дәўқы десе ҳәрбири жан бериўге таяр.

Патша басқа, патшалық басқа, иним,—деди Михайлов сораў ушын да, жуўабы ушын да қәпәтлениў сезими менен.—Декабрьшилер өне үлкен түсиниў ҳәрекет етеди. Себеби олар елин сүйеди. Өз елин сүйгенлер өзге елди де қорламайды. Егер патшалық декабрьшилер ойлағандай болса, мен сизлерди Петербургқа әлле қашан ертип өткен болар едим.

Усылайынша, олар ҳәрқыйлы халықлар, мәмлекетлер арасындағы қарым-қатнаслар жөнинде де көп сырласып, орыс патшалығының сыртқы сиясатын гейде унатып, гейде дым жақтырмай гәп қылысатуғын болды. Әңгимени әўеле Михайлов баслайды. Соңғы сөйлесиўде Михайлов генерал-губернатор қарақалпақларға жәрдем етиў ўәдесин шыптлағанын хабарлап болып, және пүткил орыс патшалығы жөниндеги жанашырарлық әңгимесин даўам қылды. Өүелинде ол Николай патшаның инглислер менен ҳамдамласыўға

умтылған сиясаты жөнинде гәп қылып, бул иси ушын мақтап еди, бирақ патшаның тийкарғы ийети еки мәмлекет арасындағы парахат қарым-қатнасты күшейтип, илим-билим алмасыў сиясаты емес, жақын шығыс еллери үстинен ҳүкимдарлық етиўге бирлесиў екен. Усынысын жақтырмады.

Және бирде, жумыстан күтә тәшўишли келип сарсылды:—Николай патша елдиң басына қатты аўырманлық салатуғын түри бар.—Еки шәкиртиниң көзлеринде де абыржыў ҳәм билиўге қумарлық көрип, әңгимесин даўамлады.—Билесизлерме, инилерим, Түркияда бизиң динимиздеги енапат елатлар бар еди, солардың бәри бизге, орыс патшалығына бағыныўы керек деп Николай патша қатаң талап пенен елши арқалы хат жиберипти.

— Себеби бар шығар?—деди Теңел.

— Себеби, сол Палестина деген елдеги «кәраматлы орынлар» ушын католиклер менен бизиң диндеги православныйлар арасында жәнжел көтерилген. Николай патша сол жәнжелден пайдаланып православныйларды өзине тартыўға нийетленген дә!

— Әстаўпыралла!—деп Қәллибек таңланып, үзилежақ гәпти жалғастырыўға асықты.—Соннан Николай патшаның хатына Түркия султаны жуўап қайтарыппа?

— Қайтама ол өшегисип, инглис ҳәм франция басшыларына өтиниш қылып, биригип, олардың теңиз эскадрасын шегарамыздағы Дарданель буғазына киргизипти, бул демек Қара теңизден берман өтеди деген сөз.

— Николай патшаның да билгени бар шығар, илаж қолланар.

— Ол Түркия султанына өшесип, оның тәсириндеги Молдавия ҳәм Балакия князликлерине орыс ләшкерлерине басып киргизип отыр.

— Өткен ретте, Тобольсктен келген хатта Америка корабльлериниң жасырын мақсетлери жөнинде—шамалаў айтқан едиңиз. Олар сол Дарденель буғазына теңиз эскадрасы киргизилиўи менен сабақлас емеспекен?

— Теңел, жүдә ҳайран қаларлық, ойланарлық пикир айттың,— деди Михайлов оған таңланып.—Шынында олар сабақлас болса итимал.

— Ал, енди Григорий аға, бизиң елге жолланатуғын отрядтың таярлығы қалай, қашан жүреди?

— Таярлық жақсы. Генерал-губернатордың айтыўына қарағанда, бул сырлы ис. Кететуғын күнде өзим айтаман, «шәкиртлериң де бийғам жүрмесин» деди.

— Түн жарпында уйқыдан оятып әкетседе тайынбыз,— деди Теңел.

— Григорий аға,—деди Қәллибек.—Усыннан Туркия султаны менен Николай патша урысса, қайсысының исин ҳақ дер едиңиз?

— Екеўинде де ҳақлық жоқ.

— Егер урыс болып қалса қайсы тәреп жеңер еди?—деди және Қәллибек.

— Әлбетте, биз орыслар, жеңемиз.—деди Михайлов оңлап-бастан.

Олардың сөйлегенин тыңлап турғандай әллеким асығыслық менен әйнекти тықылдатып урды ҳәм Михайловты сыртқа шақырды.

— Генерал-губернатордың шабарманының даўысы,—деди Михайлов бираз тәшўишли кийинип атырып.

— Яша, елге кетемиз,—деп алақайлады Қәллибек.

Михайлов сыртқа шығып, шақыртыўшы менен үнсиз кеткенинен түн ярымында, еле уйқысыз күтип отырған еки жигитке келип гүрсинди:

— Урыс!! Туркия менен урыс басланыпты!

Жайға ҳәсирет самалы кирип бирнеше демлик үнсизлик ҳүким сүрди.

Тан атпай пүткил Оренбург гүйзелиске түсип, көшелерде атлылар көбейди, әскерий казармадағы солдатлардың әскер басыларының буйрықлары астында урысқа атланып баратырғаны көринди.

Михайлов күтә үлкен сарсық менен сәл дүңкилеў маңлайының терин бир бармағы менен сыйырды:

— Инилерим, енди сизлер елиңизге қайтып, Ерназарға, усы мүсиўбет себепли жәрдем болмағанын айтыңлар.

— Ҳаў, Григорий аға,—деди Тенел әйнек алдынан өтип баратырған солдатлардан көз алмай.—Бул урыстан биз қашып кете алмаймыз!

— Ыраҳатында кетпеймиз,—деди Қәллибек тиришеленип.

— Биринширден, бизлердиң кетиўимиз өлимнен қорқыў, екиншиден, бизлер-әм үлкен урыс көриўимиз тийис.

— Билемен, тек гаррылар өлимнен қорқады, олар өмир жолының азайып қалғаны ушын қорқады.

— Өткен дәўирден қалып жүрген адам жоқлығын ойласа керек.

— Айтпақшы, Қәллибек,—деди Михайлов аўыр ойға шүмген қалдын бузбастан. Сен жүрген жолларыңды сызып қағазға түсириўди, яғный сүўрет салыўды үйренген едиң ғой, соңғы гезде көргенимди көрмеймен.

— Усы ўақытқа дейингимиң бәри мәни шығыстыў екен ғой, ага. Сәў-сәламат елге қуўысам, бәрин тазадан, Ерназар ағаға көрсетип беремен.

— Келгендеги жолларды яддан билесең бе?

— Билемен.

— Сонда да қайтысын барлық жолларыңды қағазға сызып, жазып кет.

— Григорий аға,—деди Тенел бирден ашыўлы.—Бизлер орыс патшалығының жаўыза қарсы урысқа үлес қоспай қайтпаймыз.

— Билесиз, бабаларымыз орыс жерин жаўдан қорғаў жолындағы өлим—бейиший деп есаплаған,—деди Кәллибек.

Михайлов түргелип, оларды еки қолтығына алып басларынан сыйпалады.

— Аз санлы халықтың балалары болғаныңыз ушын урыстан аўлақ болғаныңыз жақсы еди. Енди не болса да тилегиңизди үлкен әскербасымызға айтып көрейин.

Оның ўәдесинің ҳақыйқаттан иске асатуғынына исенимсизлиги, даўысынан сезилип турса да, еки жигит қайтып қыстамады.

Бул 1853-жылдың гүзи еди.

6

— Өз есигинен қулып айырмайтуғын киси, өзгелердің есиги ашық қалғанын тилейди, өзи сүрниккен киси басқалардың жығылғанын көргиси келеди.

Мәўлен сары өз үйинде узақ ойға шүмип отырып усылай гүбирленди де, буны биреўлерден еситти ме ямаса ҳәзир ғана ойлап тапты ма, есине келтире алмады, бирақ ети түршикти: «Құдай-әй, бундай гәпти мен жөнинде ҳешким айтпағай, ҳешкимнің есине түспегей».

Әллеким үйине келе сала, жағасынан услап «тап сен усы ойлағанындай адамсаң» дейтуғындай көринип, умбар-жумбар кийинди де, далаға шықты. Ат азанда илдирилген дорбаны түсире алмай басын алдыңғы еки аяғының арасына қысып бүлинип атыр екен. Есине иниси Рүстем түсти. «Ең болмаса, усы мүшкилиме жарайтуғын еди».

Дорбаны алып қораның қыспасына илдирди де, Гүлзийбаның үйине қарай жүрди. Ол елеге шекем баласын көп көзлерден қыпсалаңқырап, Ерназарға усаслығын билдирмеў ушын көз тийеди деген бәне менен бетине бәрҳәма ғожалақ күйе жағып қоятуғын еди.

Мәўлен сары жақынлаўдан қәдемин тосаңлатып, қәдимги үйреншикли әдетине салып тың-тыңлады. Иште Гүлзийбаның зарланғаны еситилди. «Эй, алла, бунша не жазығым бар еди, саған? Бийшара улым мине алтыға қарады, еле шын әкесин билмейди, өз қатарлары менен бала қусап ойнай алмайды, ойнатып жибериўге тили ашшылардың «ҳарамысаң» деўинен қорқаман. Эй,алла, ең болмаса, оның анасының кеўлине реҳим нурын қуй. Енди барғанымда ашшы сөз бенен түйреп қуўмасын... Ҳәркимге өз перзенти қәдирли. не қылсын бийшара, өрлеп баратырған улын мен бахты қараның бахытсыз қылыўынан қорқады. Сүйген адамымды бахытсыз қылыўға урынамаңба сирә. Атына дақ түспегей. Әзелден талайыма жазылғаны усы шығар, не болсам өзим бола берейин...»

Оның даўысы семиўден Мәўлен сары аяқларын дүрсилдетип жөтелип өзинен белги берип кирди.

Гүлзийба айнаға қарап шашларын тарап сөйленип отыр еди, басына жаўлығын бүркенди де, көзлерин жеңи менен сыпырып жиберип түргелди.

— Кел, жиен.

Мәўлен сары жән-жағына қаранып, сандықтың алдында уйық-лап атырған балаға нәзер таслады. Оның бети төрге қарап жат-қарылған екен, үңилип көриўге батына алмады. Гүлзийба сонан қәўипленип даладан отын әкелиўге де шықпай, дастурхан жайды да, гүзеден тас зеренге қатық қуйып алдына қойды. Мәўленди сулыў келиншектиң сусы басты ма, албырақлады:

— Аўыллас болып отырып-әм келе алмаймыз...

— Бул заманда адамлардың ғалма-ғалы, басынан асып кет-ти. Өйтпесең күнелтиў қыйын.

— Ырас, ғалма-ғалсыз бир дем жоқ. Адамлар-әм түлкиге ай-налып баратыр. Анаўсын түсинейин, мынаўсын билейин деп-ақ шаршайды киси. Қалай, дайымнан қалған жалғыз туяқ саў-сала-мат есип атыр ма?

— Қудаға шүкир.

— Қәне, бир бетин аш, дайымды көргендей болайын.

— Жаңа уйықлап еди.

Мәўлен сары тиришеленип басын шайқады:

— Әй, Гүлзийба. Ең болмаса, дайыңнан қалған жесирге ийе-лик ет деп қулақ қағыс қылсаң, сени өзим ғана алып, бүйтип жесирликте қор қылып қоймас едим-дә.

— Ҳаялдың ери болыўы шәрт, деп ойлайсызба?—деди Гүл-зийба ашыўланыңқырап.—Ҳаслан ондай емес! Барлық нәрсе ыш-қы-муҳаббетте. Ҳаял сүйген еркегиниң көлеңкесинен-әм, даўысы-нан-әм ләззет алады.

— Яқшы Гүлзийба, бәрин қояйық, айтшы, Рустем жөнинде не билесең?

— Жалғыз туўысқаның алты жылдан бери жаңа есиңе түс-кени ме?

Мәўлен жуўан таңлай тықылды.

— Рустем сол жылы-ақ өлтирилди. Ғарры дайың мени қыз-ғанып өлтирди.

Мәўлен бирден селк етип, жылаўға сәл қалды-да, биразға шекем ойлы тунжырады. Алдындағы зеренди кейин ысырды.

— Олай болса бир нәрсеге келисейик.

Гүлзийба оған сораў нәзери менен тигилди. Ҳәсиретли үлкен көзлерге Мәўленниң ұры көзлери төтепки бере алмай жерге қарады.

— Мен жаңа сыртта сениң аллаталаға налысыңды еситтим. Сен Рустемниң қалай өлгенин тисиңнен шығармасаң мен де ти-лимсе беккем боламан.

Далада ат туяғы дүрсилдеди. Ол арты қуўыс кисидей бирден түргелмей, күтти. Жүзбасы Муҳаммедкәрим екен. Аққубадан кел-ген, қобаға мурыплы, келбети гүл-гүл жанып, қыйықшалаў қара көзлери күлимлеп жүдә қуўанышлы сәлем берип кирди.

Гүлзийба ушып түргелип оның қолынан қамшысын, басынан дегелейин алып, керегениң басына илдирди де от жағыў ушын далаға отынға шықты.

Мәўлен, Мухаммедкәримнен Гүлзийбаның хызметин қызғанғанын билдирмеўге тырысып, астыңғы ернин тислеп бир көзин қысты:

— Шаққанласыўына қарағанда қатырған болсаң керек.

Сыртқы көринисп көрикли болған менен жеңил тәбиятлылаў Мухаммедкәрим шақалақлап күлди.

— Ырас-ә?—деди Мәўлен емиренип.—Тисимнен шығарсам ийт болайын.

— Сизге исенемен, бирақ бул күтә қатты қол ҳаял екен. Мәдирейим бий сөзин өткере алмай қойып кетти. Мениң биринши келисим.

— Ҳа, алдама. Маған неге сендей ҳүрмет көрсетпеди?

— Мениң менен сырлас емес тә.

Гүлзийба кирди.

Мухаммедкәрим кең көкирегин көтерип, тамағын қырынып алып мақтаныўға өтти.

— Мәўлен сары, сиз таўықтай көше тинтиў менен бәнт болып, елимизде нендей жақсылық жүзбергенин билмейсиз. Алакөз күтә жақсы ис баслады.

Мәўленнин аўзы ашылып қалғаны ушын Мухаммедкәрим ҳаўазын және де көтерди.

— Құдақәлесе Алакөз бенен тең әскер басы боламан.

— Неўе, өзи, неўе?—деди Мәўлен.

— Ҳәзирше Хийўаға сыр. Лекин, сизге, мынаў Гүлзийбаға айтыўға болады. «Алпыс бийдиң ахиднамасы» деген ахиднама жазылды. Алакөз «Ахиднаманың» изине бийлердин қолын бастырып, мөрин салдырып жүрипти,

— Бул жаңалығыңыз ҳаял хабары болмасын,—деди Гүлзийба.

— Биз ҳаялдың гәпин айтпаймыз,—деп өжетленди Мухаммедкәрим.—Оннан тысқары орыс патшалығына хат жазылып, оны Оренбургқа апарыў ушын Зарлық төре, Генжемурат кетти. Ырасында бул да сыр. Мине, мен бәрин билемен бе, жоқ па, қәне соны айтыңлар?

Гүлзийба ошаққа қуман қойып атырып қобаға мурнын жыйырды.

— Мақтаншақ көринесиз, жүзбасы.

Мәўлен Мухаммедкәримниң Гүлзийбадан бапланғанына ҳәз етип күлип оның ийнинен тартты.

— Түргел кетейик.

Ол уймаға батқандай зорға дәрпенди. Далаға шыққаннан соң Мәўлен үйине асықты, және басының иши гүўилдеди. «Әне, әне, Мәке!—деди өзин-өзи тыншытыўға тырысып.—Хийўа ушын ең жақсы жаңалық. Усыны жеткерсем, пүткил хан сарайы маған рахмет айтады. Ҳәй маңбас қарақалпақлар, Мәўленди қәдирлемей жүреберинлер, тап усы сапары Хийўадан «Мәўлен бий-Мәўлен бий» болып келмесем барғой...» үйине жетип қайда кететуғынын ҳаялына да ескертпестен, жолда жеў ушын дастурханнан жуп заңара алып қойынша тықты да, атланды. Аўылдан шыға бергенде

және ой келди: «Мақтаншақ жүз басы мени алдаған болмасын, сөзи-аўзы дыянатлырақ Сайыпназардан анығын шуқлаңқырап билейин».

Сайыпназардың қорасына байлаўлы Шоңқының атын таныды да, ишке кирмеди.

— Сайыпназар бий, хабарлас!

Сайыпназар сырттан шақырғанға шығып хабарласыўды ар көретуғын еди. Мәўлен сарының даўысын танып «Түйе қанша арық болса да, териси бир ешекке жүк. Бул нәлетийдиң қолынан ҳешнәрсе келмеген менен, Хийўаға жаманлай берсе бир зыянын тийгизер» деп, бийлик шапанын желбегей салып шықты. Бул шапанды ол айрықша жағдайларда, Хийўадан адамлар келгенде ғана, хан исине садықлығын еске салыў ушын кийетуғын еди.

— Ҳа, Мәўлен қәндекли, не гәп?

— «Алпыс бийдиң ахиднамасында»сен-әм қол басыпсаң ғой?

Алакөз еле оған қол бастырып мөр салдырыўға келип үлгермеген еди. Мәўлен сарының жаман нийетин сезип, бирден кеўлин қайтарғысы келди.

— Ҳә, нағыз ақ байталсаң дә!

Мәўлен сары ашыўға буўлығып, аўзына сөз келмей, бетиндеги тыртығы жыбырласып атынан қулай жазлады.

Сайыпназар ашыў менен қыялын тилине басқанына өкинип жуўасыды.

— Қәне, аттан түс, шай иш.

— Үйиңе ешек киргизген үйге кирмеймен.

Сайыпназар оны қораның тасасына апарып сыбырланды:

— Не айтпақшы едиң?

— «Алпыс бийдиң ахиднамасы» дүзилген. Зарлық, Генжемуратлар Оренбургқа кеткен. Орыс патшасына дә.

— Япырмай-ә?—деди Сайыпназар да жорта.

— Ерназар алакөздиң басы үлкен болған менен иши қуўыс, бирақ оның анасы яман, анасы...

— Япырмай-ә?

— Бала Ериазарды әўелги жыллары сен ертетуғын едиң. «Аға бийге» баслап келген сен едиң,—Мәўленниң үпик сары жүзиндеги тыртығы және жыбырласты,—Ғарғаны қанша сабасаңда ғаз болмас екендә.

— Шыранул қымбатлаған менен соқырға бирпул дейди, Мәўлен, мен олардан қорықпайман.

— Ылас жерге тас атсаң үстиңди ойранлайды. Үйиңдеги Шоңқыдан сақлан. Ол Алакөздиң жансызы. Абырайыңды төгеди.

— Билемен. Ерназар алакөз аты әпсана Маман бийге усап «Қарақалпақта барлық ҳаял туўыўы керек» деп ахиднама жазып, баршеге қол бастырады еле.

— Ҳа, солай...

Шоңқының есиктен шығып киятырған төбесин көрип Мәўлен атының жылаўын тартты.

— Жатар алдында қалай тургелетуғыныңды да ойла,—деп қалды Сайыпназар.

Мәўлен сары Сайыпназарға не ушын келгенине, оның менен сөйлесиктен не түсингенине пәми алыспай-ақ, соңғы гәпи ушын өз-өзинен мыйық тартып, гүбирленип, сөгинип киятыр. «Ўәй, қуяңқы-әй, жатар алдымда қалай туратуғынымды билмегенде усылай етип жүременбе, сени де қатырмасам болмас екен...»

Ол «аҳиднама»ға қол қойған биреўдиң өзи менен тиллеспей Хийўаға барса, неге шала табар әкелдиң деп, Бас ўәзир кейиў түўе, бос қайтаратуғынын билип, және бир бийди көргиси келди. «Мамыт бийге жолығыў керек пе? Жооқ, оның минези бултлы күндей, түсиниксиз... Бәрше адам түсиниксиз. Ҳа, Мәдирейим қолай. Минези де маған жақын...» Ол көп гидирмей Мәдирейимниң аўылына бурылды. Үлкен ғаўасаттың үстине келди. Шаңлақта көп адам төбелесип атыр. Араласпаға жүрексинбей, азғана еглеңди де, бул қурлым жақынлап қалғансоң, қорқақлығын билдирип изине бәсиўге намысланды. Абайласа, Мәдирейим бий аттан аўдарылып жатыр,—дөгерегине онлаған жигит қора болып анталасып, умтылысқан адамларды жибермей тур. Мәўлен алыстан сәлем берип, өзине дыққат аўдартты.

Қайсы урыў өзли-өзи алаўызлықта жасасада, өзге урыўдың билиўинен, олардың келешекте урыўды кемситетуғын өсек тарқатыўынан қорқатуғын еди. Тили ўадыўасыл Мәўлен сарыны танып, бәри бир адамдай болды да кетти, биреўлери алға өтип Мәдирейимди көтерип атына мингизди.

Мәдирейим, ҳеш нәрсе болмағандай, узын сары тислерин көрсете ыржыйтып, Мәўлен менен ат үстинен қол алысты ҳәм үйине мирәт қылды.

— Мәўлен, жаңа барлық ойқанды көрип қойдың, абырайымды сақлап қалағөр, жора,—деди ол үйине келгеннен кейин.—Азанда Алакөз келип, «алпыс бийдиң аҳиднамасы» деген бир бөлени алдыма жайып, «мөр сал, қол бас» деди. Мен көнбедим. Себеби, онда ҳәр бир жигит қыран, ҳәр бир ат қыранның аты деген сөзлер бар. Бармақ бассам, оны Хийўа ханы еситсе, халқымыз қәреп, Өзиң билесең, бизге бийликти берген Хийўа ханы. Алакөз мени зорлап қол бастырмақшы болып еди, көнбедим. Күш жумсаўға аўылдың жигитлеринен қорықса керек, илаж ете алмай «Узатып сал» деп еди, бармадым. Өзиң билесең, ол күшли өгиз. Былайырақ шығарып урыўы да мүмкин. Ақыры нан писпесин билип «жигитлериңе ойлас, мен қайтып киятырғанда бир жуўабы тайын болсын, әлбетте қол басасаң» деп кетти. Ол кеткен соң тәўекел деп халықты ойласыққа шақырдым да, аҳиднамасы менен қосып Алакөзди жаманладым. Маўбас халық, мениң өзлерин сүйетуғынымды, күни-түни олардың ғамын ойлайтуғынымды билмей, ғаўлап топылып, атымнан аўдарды. Еле ҳәм жақсы, арасында өз адамларым бар, болмаса, жанымды келиге қамайжақ. Сонда да жабырласып «Ерназар алакөзди жаманлама, оның иси дурыс, ол бәримиздиң мақтанышымыз, уллы Хорезмниң мақтанышы, «аҳид-

намаға» қол бас десе қол бас, бәримиз қыран боламыз...» десип атыр еди, сен келдиң.

— Әстаўпыралла,—деп Мәўлен сары үпилдирик сақалы бир нйегин сыйпалады, суўға батқан қой терисиндей жатық жүнли қара дегелейин алып басын қасыды.—Алакөз қайтып келсе, не қыласаң?

—Халықтың бундайлығын билгенимде «аҳиднамаға» қол қойып, орыс патшалығына хат әкеткенлердиң биреўи болатуғын едим.

Мәўлен сарының астынан жылан бас көтергендей ушып тургелди:

— Ҳәй, өзиң-әм нағыз қуянқысаң-дә!

Мәдирейим «ҳаў-ҳаў» деўи менен қала берди. Ол керегин еситкен соң иркиле бериўге басқа биреўлердиң шаққанлық етиўинен қорқып, тез атланды. Хийўаға бағдар алғанын сездирмеў мақсетинде аўылдан шыққанша арқаға қарай кетти де, тоғайлыққа киргеннен кейин қалың-қалың қамыслық пенен жыңғыллықтың арасынан атын аш қасқырдай желдирип, нағыз уры яңлы қублаға бурылды. Өзинен-өзи гүбирленип баратыр. «Ой, келте пом Мәдирейим-әй, шымшықтың мийи шелли мий жоқ сенде. Тап усы сапары бас ўәзир гәпимди ханға жеткерип, мени сизлерге Мәўлен аға дегизетуғын ҳамал әпермесе, Мәўлен атым қурысын, илайым қурысын, усыннан үстиңизден күлмесем, Мәўлен, бетиңе түпәй, деп алды менен өзиме-өзим түкиремен...»

Ол усы пәтинен қайтпай түнги салқын самал менен сатырлап түсип атырған тораңғыллардың жапырақларын, жыңғыллардың бүршиклерин атының аяғына жеништирип тынбай сегбир тартыў менен келеси күни түсте Хийўаның минаратын көрип жүрисин тосаңлатты. Енди атты пәтли айдан қалаға кириўге болмайды. Сарай хызметкерлериниң биреўи көрсе ямаса аўзынан шыққан биреў хан жасаўылларына аяқ басса, дадынды алла берсин, ең кеминде аттан айрылып қайтасаң...

Ол алдына көз таслап түри-түси таныс биреўдиң ешегин қыналап баратырғанын аңлап тисленди. «Сонша асығыс! Ким екенөў? Ким болса да нийети дүзиў адам емес». Көкирегин сумлық жайлап атына бир қамшы тартты да, ешеклиге жақынлады.

Шәрип молла! Асқабақтың гүлиндей сәллесин көзине түсирипти. Артқа қарайтуғын ықпалы жоқ.

«Бахытсызды түйе үстинен ийт қабады. Көрдиң бе, бул бәлеңиң де дус келиўин?»—деп жол таслап өткиси келди де, аңлап қалса жаман, деген ой менен тәўекел сорасыўға мейиллести.

— Эй, молла!

Молла бурылды да, ҳаўлыққанынан қашыўға ма, биржаққа тасаланыўға ма, ҳәрекет етти. Әп-әйдик кисиниң бала қылығын қылғаны Мәўленниң ишек силесин қатырды. Молла оның күлкисине мәни бермегенсип жөнине кеге бермекши еди. Мәўлен бадыбад салды.

— Ҳә, молламыз, тисиңиз аўырыў ма, я ишиңиз аўырыў ма? Хийўда ең жаманы ишиң аўырмағай. Тоқта, молла Хийўада биреў саған суўытып отыр ма? Билесизбе бир сапарында Айдос баба «өз елимизде бүркитпиз, Хийўаға келсек шымшықпыз» деген. Аўылымызда атақлы молла болсаң да, Хийўада бир тәләбә шелли жоқсаң.—Ол сөйлеп жүрип молланың алдын кеселеп тоқтатты. —Сиз молла адамсыз, шынын айтыңыз. Хийўаға не қуўып киятыр?

Елге Қарақум ийшан араласыўдан Шәрип молла биринширлер қатарында қол берип суўпы болып, урыўлар менен бийлер арасында қандай жаңалықлар бар, ким-ким менен дос ямаса душпан көзли екенин айтып туратуғын жасырын жансызына айналған еди. «Алпыс бийдиң «аҳиднамасы» жөнинде қулағы шалыўдан Қарақум ийшанға ойласпақшы еди, ол Хийўаға кетипти. Жаңалықты тез жеткериў ушын изинен киятырғаны еди.

Кеўли уры, гәўмис денели молла Мәўленниң сораўларына албырап, көзлериниң әлле-пәллеси шықты да қалша қарады.

— Мәдирейимди аўылы тутып сабағанын Хийўаға жеткермекшимисиз?

— Мәўлен, сен неге қайдағы жоқ гәпти таўып, өкпеме пышақ түйреп сөйлейсең? Базарға киятырман.

— Ешегиңизде жүк жоқ, я қалтаңызда пул көп пе? Шынынан келиң, аўылдан қашан шықтыңыз? Мәдирейим таяқ жеген соң шықсаң, бул қурлым жол асыўың қыйын. Ямаса ешегиңиздиң қанаты бар ма?

Шәрип молла мәңги жасаўрайтуғын көзлерин көк ешегиниң жатық жалынан алмай, тесиклери кең тәнки мурнын пырқ еттирип мыйық тартты.

— Егер билсең, Мәўлен, ешек аттан жақсы болады. Қыйналмайсаң заңғар жорта береди, ат оған шыдамайды.

— Адамлардың қандайы жақсы?

—Хеҳеҳеҳе, Мәўлен, өзиңнен артық дана бар ма? Адамлардың мениң ешегиме тақаббили жақсы.

«Буның нәзерде тутып турғаны мен емеспен бе?» деген қәўип пенен ойын писириңкиреп алыў ушын моллаға пәзне басты.

— Қатырдыңыз. Қара ешегиңниң қуйысқаны үзилип кетипти, қайтадан ертлеп минбесеңиз ҳалыңыз қыйын.

Молла ешегинен түсти.

«Айтқанымды қылып турған ғәрип молла менен сырласайын ба, жоқ па? Усыннан сырлассам, ойларымыз, киятырған мақсетлеримиз бир шығатуғыны тақыйық. Хийўа көп нәрсени қайдан биледи десем, барлық хабарды тасып жүрген усы екен. Буның менен бирге барсам, және маған абырай жоқ. Сум молла баслап келген болады. Өйтпегенде де, бир абырайды екиге бөлиў не деген ҳәсиретли» Ол усы ойға келди де, бирден қәҳәрленди:

— Қәне, молла, қуйысқанды тартып болсаң, тез ешекке мин, изге қайтасаң.

— Неге?

— Солай. Ел бирлигин бузыў сендей моллаға жараспайды.

Шәрип молла Мәўленди сирә бүйтеди деп ойламаған еди. Ҳайраны шықты. Оған қалтасынан бир нәрсе шығарып беріўге көзи қыймады. Тынламай кетиўге, ертең елге қайтыўы бар. Оған шекем Мәўлен ол ҳаққында жаман өсек таратып жиберсе, таажип емес, молланың абыройы пуш.

— Бир адамға жеткен еки адамға да болмай ма?

Мәўленниң әбден жығырданы қайнады: көрдиң бе жалғыз өзиме тийисли заттан пай алғысы келип турғанын. Бир затты жүзге бөлип, тоқсан тоғыз бөлегин берсең де, қалған бир бөлимнен пай сорайды, бул моллалар. Ой, бийқәсийет бийқәнәәт-әй...

Арттан шаңғыт. көринип екеўи де үнсиз, шаң астынан жолға сығаланды.

— Шоңқының аты емес пе?—деди Мәўлен.

— Көзим илмей тур,—деп молла гөне жоңқадай билеклери менен еки көзин алма-гезек сыпырып, жерден алтын тапқандай қуўанышлы хабарлады.—Аўа, сол, Мәўлен. Садаған кетейин, көзлериң илгир екен.

— Әне енди үшке бөлейик, оған да қәнәәт етпейсиз еле.

— Нени?

— Жым...

Ат тебиретип көкиреги йошып киятырған Шоңқы Мәўлен менен молланы көрип, атынан аўдарылып түсе жазлады.

— Ҳа, Шоңқы, жол болсын?

— Ҳа, Мәўлен, сенбисең ямаса биреўдиң кебимисең?—деп Шоңқы сораўына сораў менен жуўап қайтарды.

Оны көрнүўден айтар гәпин ҳәзирлеп турған Мәўлен қалыспады.

— Кемситпўўге қара. Биреўдиң кеби өзиңсең! Билесеңбе, биринши ақ байтал Сайыпназар, екинши ақ байтал сен, айтып бар. Жолыңды тосып турыппан. Ҳәзир қайт кейин, ел бирлигин бузба, заңғар.

Шоңқы бундай болады деп ойламаған еди, жуўап таппады.

Шоңқы бундай болады деп ойламаған еди, жуўап таппады.

— Үшеўимиз де қайтамыз,—деп Мәўлен жин көзленди. —Билесизбе, таўығыңды басқа жақтың ийти жеп кетседе өз ийтиң айыплы болады. Усыннан қайсыңыз изге қайтпасаңыз, соны ел бирлигин бузды деп жар саламан. Қәне, молла, алға түс.

— Атлы менен ешекли жолдас болалмайды, сизлер жүребериңлер.

— Алдайтуғын балаң енди туўылады,—деп Мәўлен ат үстинен еңкейип молланың қолынан ешегиниң жибин алды.—Шоңқы, ур ешекти.

Сайыпназардың тапсырмасы бойынша жаңалықларды Хийўаға жеткериўге шыққан. Шоңқы қайда баратырғанын еки аяқлыға туйдырмаў ушын, Мәўлен сарының жолы менен әўели арқадағы аўылларға бет алған болып, тоғайдың иши менен қайта Хийўаның жолына түскен еди.

Сонша еңбеги еш болып тур. Қасарысыўға, Мәўлен сарыдан жаслаў болған менен әлжуўаз, әри қорқақ. Сол ушын Мәўленниң буйырғын сөйлегенине көзлери аңалақлап, Шәрип молланың ешегиниң саўырысына қамшыны тартып жиберди. Сөйтип, үшеўи де бас ўәзирден алатуғын сарпайдың болшеклениўинен қорқып, тиртеклесиўи менен кейин қайтты...

Лўылға жеткенше желке тамырлары тартпай, бир-бирин алдап кетиўге дәлил таппай ҳәржерде бир турып тиресиў менен төрт күн жол жүриўге туўра келди, сонда да Хийўаға неге баратырғаны жөнинде сыр шертиспеди.

Лўылға бир мезгиллик жол қалғанда излеринен Қарақум ийшан жетти. Оны көриўден молланың езиўи жайылғаны болмаса жолдасларынан бөлине алмады. Қарақум ийшан оның көзлеринен айтажақ сырлары барлығын уқсада, қасындағы жолдасларының турақсызлығы есине түсип, молланы өзине жантастырмастан өтип кетип баратыр еди, бир алаңлықта әскерий машқы қылған атлыны тамаша қылып отырған ҳаялларды көрип гидирди:

— Анаў кимлер?

Ат үстинен еки жақлап қылыш сермеп, тикке шаншылған қадалардың мүлтигин түсирмей шаўып, жығып баратырған жас атлының шаққан ҳәрекетине үшеўи де, бет бурды.

— Ат ойнатып жүрген Алакөздиң үлкен улы Хожаназар,—деди Шәрип молла.—Қарап отырғанлардың ақ жаўлықлысы Алакөздиң анасы. Баласын ойнатыўға Алакөздиң қолы тиймесе, ақлығына барҳа өзи машқы қылдырады. Қасындағылар қызлары менен келини болса итимал.

— Келини келмейди,—деди Шоңқы шыдамай.

— Ҳо-ҳо-ҳо-ҳо! Бул бәдбақ келиниң-әм, кишкене ақлықларың-әм қыранлыққа үйретежақ па?—деп ийшан соларға қарай атын бурды.

Келини деп шамалағаны Гүлзийба еди. Ол жалғызлықта, бәршеден жасырын сыр менен жасай беріўге шыдамай, ана неде болса Нурназарымды көрсин, таныса бир нәрсе айтар, болмаса, балам жаслайынан атқа мингенлерди көрип батырлық үйренер, Ерназардың сүйгилигинен туўылған бала өз баласынан кем тәрбия алмаўы керек ғой, деген ой менен азанда улын машқыға апаратырған Қумар аналықтың алдынан шығып, «мени әкет ана» деп өтинген еди. Басынан жесирликтиң барлық қыйыншылығын өткерген ана аз егленип ойланды да, қарсылық қылмады...

— Бул жақта сен не қылып жүрсең?—деди Мәўлен Қумар аналық пенен қатара ийшанға қол қаўсырып турған Гүлзийбаны жақтырыңқырамай.—Ийшаным, мынаў жас келиншек баяғы марҳум Сержан байдың елтиси.

— Қолыңдағы баласы кимдики?—деди молла қуяңқыланып.

— Сержанбайдан қалған жалғыз тырнақ,—деди Мәўлен.

Шоңқы бирнәрсе дегиси келди де, бирден ерниң қымды.

Ийшан үнсиз келип Ананың алдында тоқтады.

— Торай пырқылдаўды анасынан үйренеди деген усы екен-да!

Қумар аналықтың сөйлеўге мейилленгенин көрип ийшан оны албыратыўға тырысты:

— Ҳаялға қазан-табақ, еркекке қылыш...

— Ийшанымыз, бәрше адамзаттың ақыр түби айналып минетуғын бир аты бар, ол табыт. Оннан қутылыў жоқ. Бул заманда бәршенің басына түсетуғын бир зәўлим бар, ол урыс. Оннан қутылыў ушын ең болмаса, қорғаныўды үйрениў керек.

Ийшан утылғанын сездиргиси келмеди.

— Алакөзди зинданнан азат етиўге ара түсерде бүркитти қутқарыўға келдим деп ойлағанман. Көрип турман, бүркиттің орнына шымшық ушып, пил орнына маймыллар тамашаға келипти.

— Ана кеўли мисли дәрья, ийшан, бирақ дәрья тилсиз болады деп ылас шөп-шар таслай бермеңиз, дәрья тасыса бәриңизди мантықтырады.

— Ақмақ қатынға сулыўсаң десең назын баслайды,—деди де ийшан атының саўрысына қамшы тийгизди. Жолдаслары еңкилдесип күлисиўи менен оған илесе ат айдады.

— Сыртың сарайға, ишиң таўықтың кетегине усайды, ийшан...

Қумар аналықтың соңғы сөзлерин Шәрип молла шалалаў еситип ийшанның қулағы да шалдымекен деген ой менен оған жарамсақланды.

—Ийшанымыз, сыйыр семирсе сүти молаяды, жылан семирсе зәҳәри молайды. Қумар әзелден жыландай ҳаял.

— Ҳеш гәп, ийтсиз аўыл болмайды.

Ийшанның парасатлылығына басқалар ишинен таңланған менен Шәрип молланың кеўли жубанып таппады:

— Бул ҳаял баласының данқына семиреди. Ҳайранман, Алакөзге ҳешким илаж ете алмайды.

Алдына назер таслап үнсиз ойлы киятырған ийшан, оған тек ғана мойын емес, ер үстинен барлық денесин бурды.

— Тышқанға пышық-ом арыслан, билесеңбе буны? Ой жибер, ким тышқан, ким пышық?

Шәрип молла кемпирлерге усап, кетик тисли аўызын басып шиқ шиқ күлди. Маўлеп сары қотеликлерин енди түсингендей, астыңғы ерин ата сақалы менен қосып тиследи. Ийшан қайтып сөйлемей, оўелгисинше, ойлы жүре берди. Мәўлеңниң иши дүбирлесип:

— Ийшаным,—деди оған сәл жақынланқырап.—Сизге жолдас болғаныма әбден бахытлыман. Көптен бери мен шеше алмаған бир түйин бар еди, айтсамбекен?

— Мәрҳәмат.

— Қарақалпақтан қайсы бийди ең ақыллы, ел сүйер деп есаплайсыз?

— Қызық жигитсең,—деп ийшан мыйығынан күлди.—Фазыл бий менен жақынлығың бар ма?

— Азмаз.

— Көбирек болғанда, әлбетте сорамас едиң.

—Ерназар алакөз ше?

— Ол ақылын писирмей жумсайды. Писпеген ақыл, бәҳәрдеги муз.

— Ийшанам, сиз шайырларға қалай қарайсыз?—деди Шоңқы Мәўленнен қалысқысы келмей.

— Исламды ким жырласа, сол шайыр. Неге сорадың?

— Қатынының қалың малына қаўын шопақ берген Ғарғабай деген уруўлас ағайинимиз бар еди, баласы Бердақ шайыр болыпты.

— Ол күтә деңгесер, ҳаўайы бала еди, мектептен қуўып жибергенмен. Ол енди не қылыпты?

— Салық деген қосық шығарыпты. Адамлар айтысып жүр,— деди молла шәпиклик етип.

Ийшан өз атына байланыслы жаман қосық шығыўынан қорқатуғын еди, басқаша болғаны ушын әҳмийети ҳәзирше тереңлеткиси келмеди, үндемеди. Және сораў бериўге енди ҳешқайсысы батынбады.

Үшеўи ийшанды аўыллардан өткенше узатып, үйли-үйине тарқасты .Мәўлен баяғы сапары Шоңқы менен бас ўәзирге жылым апарып бахытқа ерисемен дегенинде барлық әрманын пүш еткен Фазылды күтә жеккөретуғын еди. Ийшанның Фазылға баҳасы оған жақпай, Хийўаға бостан-босқа барып қайтқаны ишегине қоз салды. Ер үстинде буратылды, буратылды: «Ўаййй, жалғаншы дүнья! Неидей алдамшысаң? Өзим де ашшы тиллимен-дә! Бул заманда усы да керек. Мың шыбыннан бир ҳәрре абзал дейди журт.

Мен—ҳәрре бостан-босқа қайда бардым, қайдан келдим? Кимге сая салып, кимниң саясында жүрмен? Табанға тикен кирсе, ийне менен алынады, ал ийне тикен болып кирсе ше? Мен де бир ийне едим ғой. Бирлиги жоқ деп минлеймен бул елди, қәйткенде бирлик болады? Ким бирлик қылады? Егерде еки ғаргыс урғанды Хийўадан қайтарып, айдап келмегенимде не болар еди? Және бирлик бузылар еди... Өзим де нағыз, ғаргыс атқанман. Рустемге ас бермедим-ә, мен нәлетий»...

Оның желке тамырлары үсти-үстине шаншып шертилип гейде, көзлерине жас қуйылыўы менен үйине жетти де, атын байлаўға диңкеси жетпей, қораға айдап жибере сала, шыптаның үстине төселген кийизге сүре жығылды...

* *
*

Қарақум ийшанға еле жығырданы қайнап турған ана ер үстинен еңтерилип, бармақлары менен атының жалын тарап турған Хожаназарға, ҳәзирше ештеңе сездирмеўге тырысып, жүдә жумсақ нәзер таслады.

— Машқыны даўам қыл, балам. Енди анаў шоқ қамыс пенен дәрья аралығында арман шаўып баратырып, ерден үш секирип түсип, мин, берман киятырып та сөйт.

Хожаназар шаўып кетти.

Ана бүгинги сәтсиз жолығыўдың себепкери Гүлзийба деп ойлады ма, оған қатал нәзер менен тигилди. Гүлзийба Хожаназардың ат шабыўын бақлап, алдындағы баласының бетин анаға бурған еди. Ене балаға узақ тигилип басын шайқады да, зилли гүрсинди:

— Әй, бәдбақ, ҳаялды не ушын ақылсыз дейди? Бар ақылын қара басының сырын жасырыўға жумсағаны ушын сөйдейди. Дүньяда жек көретуғыным иши сырға толы ҳаял еди...

Гүлзийба оған қарсы сөз айтпастан зәңгилерин әстенирек тепсинип, атты арманырақ айдады...

7

Ҳәр қандай исти тезлеткен жақсы-ю, асығыслық жаман.

Гүлзийба, базы кешелерде, жесирлик қысқысына төтепки бере алмай әбден сырықса, еркин ышқы-муҳаббетти аңсаса, өзин-өзи усы гәп пенен алдарқатып, алдында жүдә жарқын келешек күтип турған сыяқланатуғын еди.

Гүз аяқланғалы жан түршигерлик суўық болмағада, Гүлзийба Қумар аналыққа улын көрсеткели көп тоңатуғын сыяқлы, өзипен-өзи уялып, қыпсырынады да жүреди. Ерназар ҳәр келгенинде сол өкпиниши айтпақшы болады да және үндемейди.

Таң алдында мамық қалың қар жаўып, сәскеге таман қуяш жарқырап ерий баслағанына қарамастан, басқалардан кешигип келип қоян қуўыўға баратырған Ерназар Гүлзийбаның есигиниң алдынан өтип баратырып атына «шуў!»—деп кетти. Бул оның Гүлзийбаға «Орысы дийўал» да ушырасайық дегеи белгиси.

Ол қуўанып, улын қоңсысына қалдырды да, «Орыс дийўалда», Ерназарды күн батқанша күтти, ол келмеди.

Қарацгылатып киятырып шўылдың қубласындағы жас қамыслыққа жақын жолдың түйилиспесинде, Ерназардың әлле кимге сөйлеген ири даўысы еситилди:

— ...Жүзсөйликтиң белгиси өзинен жоқарының аяқларына асылып, бармақларын сүйеди, өкшесин тислейди.

— Олай болса неге Хийўаға салық апарасыз? Хан хызметкериниң қолы қара болған менен хызмети ақ болыўы дәркар. Абайлаңыз, хан қәҳәри мисли теңиз толқыны, қәҳәрленсе, жалғыз өзинди емес, пүткил елиң ғарық болады. Және билип қой, Уллы хан маған «Алакөзге жеткерип барыңыз, ақылсызға келген бахыт тесик қап екенин есинде тутсын» деди. Мениң сизге ең соңғы дослық кеңесим, жуўас баспақ еки сыйырды емеди, сиз неге ҳәм елиңизди, ҳәм Хийўа ханың ембейсиз?

— Ийшан, гәптиң посгеллеси Мерв урысына бара алмайман.

— Мениң сонша ықласымды бир пул еттиңиз-ә. Мархум хан сизди зинданнан азат етпейжақ болғанда, бир айыпсызды зинданда тутқаннан он айыплыны азат қылған абзалырақ деп утқан едим. Бирақ зинданнан өзиң қаштың. Сонда да ханға гәпимди тыңлатып өзиңе ҳәм көп жолдасларыңа бийлик, жүзбасылық ҳамал-әм эперген едим.

— Егер сиз араласпағаныңызда буннан жақсырақ болатуғын еди.

— Гәпине қара. Мешит көрмегенге минара замаррық көринеди.

— Мен сонда сизден азатлық соранбаған едим.

— Елиң соранды. Есиңизде болсын, ким өзин жақсы көрсе оны ел жек көреди, сиз тек өзиңизди жақсы көресиз. Және есиңизде болсын, киси өз көлеңкесинен қашып қутыла алмайды.

Ийшанның атына шырп еттирип қамшы силтегени еситилди. Ерназар және биреў менен қалды. Ол әллеким менен сөз алысса, елдиң тәғдири ҳаққында ойлағанлары иске аспай сырықса, жабықса, қайдан болса да, түнниң қай ўақты болсада Гүлзийбаға келеди, сырнығады, сырласады.

Гүлзийба оны көп сарсаңлықта қойғысы келмей, оларға қапталласып жолды жағалап жүрди де, аўылға жақынлаған жерде Ерназардың жолдасынан айырылысқанын аңғарып, өзинен белги берди.

Шаршаған, кеўли қамыққан Ерназарға бирден күш кирип, қуўанышлы иркилди:

— Ҳо оо, Гүлзийбам, не деген ақыллысаң, албырасам бәрҳа бир жағымда барсаң.

— Ерназар, жаңа Қарақум ийшанның саған айтқанларын тыңлап турып, даўысын, ертерек жыллары аўылларды аралаған бир сайыл дийўананың даўысына мегзеттим.

Ерназар күлди:

— Адам биреўди жек көрсе, оның даўысын дийўана түўе ийтке де мегзетеди. Қәне, мениң алдыма өт, үйиңе шекем алдыма алып барайын.

— Нурназар еле жатпай атырған шығар, ертерек барып уйықлатайын, сен сәл кешигиңкире.

Ерназар ат үстинен оның мойнынан қушақлап, маңлайын жулдызларға тутып турып көзлеринен сүйип-сүйип жиберди.

Гүлзийба ушын қандай жағдайда да Ерназар менен бирге өткерген ярым кешелери, егер, байрам десе, теңи жоқ байрам, өмир десе, пүтин бир өмир болып көринетуғын еди, үйине келди де, азанда сойдырып жулып кеткен таўығын қуўырып, улына қанатларын жегизди де, тезирек уйықлатыўға тырысты.

Қасақана бала уйықламады.

Ол улын жаман көзлерден жасырып сақлағаны менен күтә тынымсыз, айналада не көрсе бәрин билиўге қызығатуғын бала болып өсти. Тили шыққалы жүдә биймаза. Көзи уйқыға кеткен

ше анасына тыным таптырмайды, ананы-мынаны сорай береди, сорай береди. Гүлзийба сирә жалықпас. Керисинше, ол умытқан нәреселерди-әм есине салып, әжик-гүжик сөйлеседи. Базы ақшамларда оның барлық сырныўларын умыттырып, жүдә кеўилли нәрселерди сорап, еркелеп жатады. Бүгин жатарда ол бирден әкеси қаяқталығын, кимлигин, қайда кеткенлигин сорап қалды. Гүлзийба бираз нақолай жағдайға түсседе албырамады.

— Әкең өлди, балам.

Анасын алжастырмақшы болған секилли бала керилип, есней, әкесиниң түри-түси қандайлығын сорады.

Гүлзийба улының қай ўақытта да әкеси жөнинде шынлықты билетуғынына исенеди, ҳәтте ол ержетип, өмирдиң барды-келдисине түсинетуғын болған гезде, сыр бүкпей, шынын айтыў өзиниң де тийкарғы мақсети. Соған дейин барлық нәрсени сыр тутыўы зәрүр, болмаса, жас нәреста тири әкени көрип, оннан бөлек жасағанының себебине жетик түсинбей, көкирегинде я анаға, я әкеге қарсы мәңгилик түйин қалыўы мүмкин, теңлеслери менен ойнағанда да қәўипли.

— Улым, сен нағыз ғана әкеңе усайсаң,—деп баласының сораўына көп гидирместен Ерназарды тәрипледи. —Әкең жүдә жүдә ақыллы еди, сен де ақыллы болып киятырсаң. Әкең кең жаўырынлы ҳәм күшли еди, сениң де жаўырының кеңейип өсип, күшли болажақсаң, оның көзлери үлкен ҳәм ала еди, узын муртлары бар еди, бир қарағанда айбатлы нәзеринде адам шыдап тура алмас еди, үлкейе келе, мурт шыққан соң, тап сенде сондай айбатлы боласаң.

— Муртлары дым-дым узынбеди?

Гүлзийба мурт орнына еки бармағын шыйырып қулағынан асырып көрсетти:

— Былайтип еки муртын еки қулағына илдирип қоятуғын еди.

Бала қуўанып кишкене бармақларын қарыслап, мурны менен қулағының арасын қайта-қайта өлшеди.

Төсегине кирип атырып, неликтенде, үлкен адамларға усап және сорады.

— Апа, сонда мениң әкем Хожекениң ағасына усайма?

— Хожекениң әкеси жас, сениң әкең ғаррылаў еди.

Ерназар ҳәр көргенинде Нурназар менен ойнап, басындағы топпысының ернегинен басып, көзине түсирип кететуғын еди. Бала соны және күседиме ямаса басқа нәрселер жөнинде сорайжақ болды ма, намәлим, лекин анасының сәл кескинирек жуўабынан кейин тып-тыныш жатты да, күни менен шаршаған жас денеси буйығып шийрин уйқыға кетти.

Тап усы демди аңлып турғандай, үйдиң шийи тырналды.

Қатты уйқыдағы нәреста анасының, көрпеден жыландай сыптырылып шығып, ергенекти сықырлатпай ашып, Ерназарды киргизип алғанын сезбей, марҳум әкесин түсинде көрип атыр еди.

...Әкеси дәл анасы төрийлегеннен айнымайды. Тек бир өзгешелиги — аппақ қуўға мегзес, кийимлери де, қулағына асылған мурты да, астына минген аты да аппақ. Ҳәтте, аппақ қанатлары бар. Ол «қәне, улым, сени аспанға алып ушайын» деди. Бала қуўанып, әкесиниң атына мингести де, бирден аспанға ушты. Аўыл адамлары, барлық жоралары таңланып, кими малақайын, кими орамалын, кими қуры қолын былғап, пәсте қала берди. Ол ердиң басына беккем асылып, басқа балалардың көз отларын алып күлип баратыр. Әкеси оның күлкисин және күшейткиси келгендей, бир бармағы менен бүйирінен қытықлайды. Ол шақалақ атып күлиўи менен оянды.

— Ана! — деди қуўанышын тез ортақласқысы келип. Анасы сес бермеди.

Тас төбеге көтерилген ай үйдиң шаңырағынан нур төгип тур еди. Бала, ешейинде, сергек анасының неге оянбағанына ҳайран болып басын көтерип еди, түсиниң даўамы сыяқлы ҳәдийсеге көзи түсти. Анасының қапталында түсиндеги әкесине усас муртлас биреў уйықлап жатыр. Екеўиде көрпени белбуўарлыққа шекем серпип таслапты. Жаңа ғана аппақ кийимде жүрген әкеси демниң арасында қалайынша аттан түсип, шешинип үлгерген? Мен уйқыдаман ба, я ояўманба? деген ой менен басын силкип-силкип серленкиреди. Анасының қасындағы әкеси емес, Хожекениң әкеси Ерназар алакөз. Оның оң қолы анасының мойнында дастық болып, анасының шеп қолы Алакөздиң көкирек жүнине батып жатыр...

Әкеси өлген гейпара балалардың аналары өзге ерге тийип, өгей әкеден азап шегип жылап жүргенлерин азлап билетуғын еди. Сол ушын өз анасын басқа аналардан әри ақыллы, әри меҳирли көретуғын еди. Базда өз теңлеслери менен шаңлақта ойнап, ертек айтысқанда, оның бас мақтанышы өгей әкели қылмаған анасы болатуғын еди. Мынаў көриниске тула беденн титиркенип, намәлим қызғаныш сезимлери оянды... Көрпесинен әстен түргелди де, ергенекке сүйеўли гөне балтаны алып, ойланып-әм турмастан күшиниң барынша керилип Ерназардың басына қойып салды.

Жаў қолына түсиўден жүрек шайды болған Алакөз қәпелимде жаў келип қалған екен деген ой менен, көрпени серпип жиберди де, қараңғыда, бас ушында отырған секилли биреўди уйқылы көзлери аңғармай, күшли қоллары менен төбесинен бир урды. Нәрестениң жылаўға да шамасы келмей, аўдарылып түсип, басы ергенектиң жақлаўына дүкти. Ергенек салтылдаўы менен қулады. Гүлзийба сескенип көз аштыда, Ерназардың ҳәрекетинен қәўипли бир ис болғанын түсинип, келген бәлеқададан жалғыз улын қорғаў нийетинде, жалма-жан оны үзледи, орынан таппай ашшы даўыс пенен шыңғырды.

— Ой, сорым, Нурназар жоқ ғой, жаў урлап кетипти.

Ерназар қатты силтеген мушының аўырғанынан биротала уйқысын ашқан еди, ергенектиң астында жатырған баланы

таныды да, ушып түргелип оны қолына көтерди, аўзына үпледи. Бала дыбыссыз, әлле қашшан-ақ жан тәслим етипти. Ҳаял Ерназардың қолындағы баланы көрип, өз баўырына алмақшы болып еди, жағдайға түсинип, «Ўай, сор маңлайым» деди де шөгип отырды. Ерназар асығыслық пенен кийинди ҳәм Гүлзийбаның қолынан баласын алып жатқара сала, оны да тез-тез кийиндирди. Гүлзийбаның деми тарайып, бар ҳуўшынан айрылса да, Ерназарды есиккё қарай ийтериўге зорға шамасы келди:

— Кет, Ерназар, биреў билип қояр, кет... Бийшара баланың деми түўесилген шығар, ямаса анаң ғарғаған шығар, кет. Мен бәдбақтың қарасы жуқпастан бурын кет, жаным ...кеееее... т... т...

Әллеқандай қорқыныш па ямаса өзин сақлаўдың күши ме, ессизлик пе ямаса аса ақылы зыятлық па, әйтеўир бир нәрсе Алакөзди ентелетип, тентиреклетип үйден шығарды.

Басындағы тыртығы үстине және балта тийип қанағанын енди сезди де, оны алақаны менен сыпыра сала үйине қарай жуўырды.

Еле шырт уйқыда жатырған Рабийбиниң көрпесин әсте көтерип, қалтырына әсте ғана кирип созылып жатты, бирақ, Гүлзийбаның өзин-өзи жулып, тоқпақтай қос бурымы жайылып жылап атырған даўысы қулағына тал-тал келип турды:

— Жалғызым... сүйенишим... көз қарашығым!.,

Адамның өмиринде неше түрли қуўанышлы, неше түрли қайғы ҳәсиретли пайытлар болып өтпейди. Ерназарға ең қуўанышлы кешелер Гүлзийба менен өткерген кешелер болатуғын еди. Бүгинги ҳәсирет бәрин жоққа шығарды. Зинданда азап шегип жатқан пайытлары бүгинги ҳәсирет пенен салыстырғанда, қустың бир ғана ирет қанат қағып кеткени шелли көринбей, жүреги ашыды, сызлады, еситпейин деп басын дастықтың астына тықты...

Сергек Қумар аналық аўыл шетинде жылап атырған Гүлзийбаның даўысын танып, түргеле сала келини Рабийбиге сырттан даўыслап ояттыда, бийшара жесирге не болды екен деп оны сол үйге ертип кетти.

Ерназар түргелип Гүлзийбаның үйине қайтып барғысы келди, бирақ жылап қалған жалғыз баслы анаға нендей дәлийл таўып жубатарын билмейди. Тула бойын мәңгилик ҳәсирет шынжыры қурсап, қулыпланып қалған секилли, қозғала алмайды, аяқлары да зил, Гүлзийбаны жылатып қалдырып, намәртлик етип қашқаны ушын намыс қысып бирден өле қалғысы келди. Түргелип керегеде илиўли қылышына қол созып алып, қынабынан суўырып, өз мойнына өзи салып жибериўге мейиллене бергени, есиктен сып етип анасы кирди ҳәм қолын тутып қылышын алды.

— Әй, ләдан! Ышқыға берилген пышық баласын өлтиреди. Бил енди, ғар еркектиң иши сырханаға айналыўы керек.

Ерназардың узын кирпиклери арасынан изли-изине жуп тамшы сытылып, бетининң алмасынан сызатланып, муртын жуўып,

аўзына қуйылды. Бул оның өмиринде екинши ирет көз жас көрсетиўи еди.

— Әй, жылайман! — деди ана қаталлығынан қайтпай. — Ғарлықтың түби қорлық деген, әне усы! Жақында ғана баланы көрип анығына көзим жеткен еди... Халықта я ериниң, я келиншегиниң көзине шөп салма деген гәп бар. Бул гәптиң пайда болыў мәниси бурынғы заманда, ерли-зайыптың қайсысы жуптысына қылап қылып ғарлық ислесе, көзи шөп пенен тесип ағызылады екен, егер ол екинши ирет тәкирарланса екинши саў көзи ағызылады екен. Ҳәзир саған сөйтсе болар еди, әттең сорлы анаң бир сапарға кеширеди, усыннан халық билсе ше? Сонша ат салған ахиднамаң пәтиўаға аса ма? Әй, ғар Алакөз, ошаққа көз тасла, не жатыр? Күл жатыр. Ол күл болмастан бурын лаўлаған от болған, адамға қызғын берген, енди шығарып тасланады. Сенше? Еле жанбай атырып күлге айналажақсаң. Кеўилиндеги әндийшелер, елим—халқым, деп сонша жыллар зинданда шыдаған мәртликлериң қайда? Сен деп изиңе ерген адамларға ким жуўап береди? Енди бәринен өзиңди өзиң өлтирип қутылғың келди ме қорқақ? Ой жуўырт; қасқыр торға түссе, қоянлар үстине секирип ойнайды, және пәмле. Айыў күшли, күшли болсада, пышықты жолбарыстың душпаны деп пәмлеп, оған бас ийермиш. Мә, енди қылышыңды усла!

Қумар аналық отаўдан шықты.

Ерназар қанша мықлы, ақыллы, парасатлы болмасын, анасының алдында ҳәмме жағынан өзин өззи тутады. Шығып кетиўден жүреги алғаў-далғаў қубылып, «Әй, сорлы басым, не қылып қойдым?» — деди де пардай шөгип басын еки алақанына қысты, астыңғы ерниң тислей-тислей ойға шүмди...

Әлленемирде Қумар аналық қайта кирди.

— Түргел, басыңның қанын жуў! Баланың денесин ақ шымылдыққа өзим жайластырдымда, қалай өлгенин түсиндим. Бийшара Гүлзийбаның иши лаўлаған от болып шашын жулсада баласының өлген себебин айтпай атыр. Жақсы адам ийтиниң иси ушын да қысынады. Ең болмаса, аўыл ағасы болып өли жайғастырыўға бар!

Ерназар керегеге асылып тикейди...

8.

Әллеқайдан қайтқан Шоңқы Қазақдәрьяның бойындағы жал қамыслықтың арасынан өтип баратырып жерде төселип атырған қамыс жапырақларын аяғы менен тинтип — отлаўға кирискен атын айдап кетиўге қыймай иркилди де, Мәўлен сарының бадабатынан қорқып Хийўаға кирген жерде кейин қайтқаның және еслеп, қос мушы менен өз маңлайына бир урды:

— Ооо, дәўлети қайтқан-аў, не қылып қойдың?

Мушына маңлайын тиреп сөйленди: «ендигиден былай оның менен жолдас болсам көзим шыққай, аяқларым ләң болғай, ти-

лим тутылғай... Жоқ, Шоңқы, ойлан... Ол әллеқашан Ерназар алакөзге барып, «мен пәлен қылдым, төлен қылдым, жәдигөй молла менен өсекшил Шоңқыны Хийўаға кирген жеринде кейип қуўып қайттым» деп, мақтанған-әм шығар. Нәлетийдиң өзин қаралаўым керек. Не менен? Ол заңғар кисиге қуйрық услатпайды-аў. Қәйеринен услайсаң, и ўлеген иси болмаса, я ҳамалы болмаса... Бас ўәзирге жылым апарғанын айтсамбекен? Оо, сорлы Шоңқы, — деп маңлайына және дүрс еттирди. — Жылымның бир жағын тутқан өзиң ғой, оны қалай дәлиллейсең?...

Тастөбесинде Мәўлен сары ғарқылдап күлгендей болып, Шоңқыиың шоршынғаны соншелли, аты бирден үркип жығылыўына сәл қалды. Қараса, ҳешким жоқ, қыйсық күйик торанғылда жалғыз ғарға ғақылдап отыр.

— Ой, нәлетий, Мәўлен сарыға усатып мени қорқытқанша, маған усатып Мәўлен сарыны қорқыт!

— Ҳа, Шоңқы, ким менен сөйлесип турсаң?

Шоңқы селк етип жалт бурылды. Қақ маңлай алдында жас шайыр Бердақ күлип тур.

— Әнебир нәлетий ғарға атымды үркитип жиберди, — деди Шоңқы мурнын жеңи менен сыпырып.

— Дайылы-жийенлер бир-бирине сөйтип дәлкек қылады-дә!

Ол Бердақ пенен жийи-жийи гезлессе де, бүйтип сөйлеспеген еди, гәпине онша түсинбеген түр көрсетти

— Қайдан киятырсаң, иним?

— «Бозатаў» бойынан, тойдан.

— Бүгин түнде Гүлзийбаның баласы өлип шықты.

— Не дедиң, не дедиң?

— Ақшам келген бир ойнасы урып өлтирсе керек, суўына енгенлер солай боляжасыпты.

— Жүдә рейимсиз адамсаң-дә.

Шоңқы атының сүйретип баратырған арқанын аяғы менен басып:

— Шынлықты айтқан-әм реҳимсизликпе, шайыр! — деди.

— Лўылда өли болса, урыдай қамыслықтың арасында не қылып жүрсең?

— Бердақ, дым қызықсаң. Өлген бала Сержан байдың атына өткен менен, кимниң баласы екенин ийт биле ме? Хийўаға алып қашқан Рузматтан ямаса үйине дайы-дайы деп емизикленип жүрген сарыдан ба.

— Қыйсық торанғылға қонған ғарға менен сырласқаныңша бар екен.

Бердақ өз жөнине кете берди.

Шоңқы атын услап минди де, қуўып жетти.

— Бердақ, неге ашыўланасаң? Усы аўылда бала өлмеген күн бар ма? Қайсысын азалап ушына шығамыз?

— Аза тут демеймен, адам баласы ҳаққында адам баласының гәпин айтыў керек-тә!

— Ерназар алакөз бенен Бердақ шайыр қолдаўлының еки қолы, еки аяғы, еки көзи болып шықты ғой, әбден.

— Сениң пеге мүтәжлигиң бар? Мине астында атың, мен болсам ешекте киятырман.

— Гәп онда емес.

— Ҳамал керек пе? Олай болса ханға бар.

— Сен пеге бармайсаң?

— Маған мине ҳамал!—деп Бердақ дуўтарын көрсетти.

Шоңқы мырс етип күлди.

— Бәри жыйналып бир қысым отын.

— Күлме, Шоңқы, дуўтар отын емес, бирақ атып жығады, қосып айтатуғын сөзлерим найза емес, бирақ түйреп өлтиреди.

Шоңқының көзлери қыпылықлап, ушы истей қоңқы мурнын қайта-қайта услай берди. Бул оның әбден албырағаны еди.

— Ҳамал керек болса ханға бармай-ақ аласаң.

Шоңқы уйқыдан оятылғандай жанланды.

— Қалайынша?

— Егер кеўлинде иске аспай жүрген әндийшелериң болса Ерназар ағаға бар. Ол бәршеге тең ахиднама дүзип, елдиң пүткил бийлерине мөр салдырып, қол бастырып жүрипти. Соған жәрдем ет. Мақсетлери иске асса, саған да бир ҳамал аўысар.

— Сонысы иске асатуғын нәрсе ме?

— Сен сыяқлылар бузбаса.

— Мен бузбайман. Бердақ, саған бир сораўым бар, айтшы. Мени өзиң билетуғынлар ишинде кимге мегзетесең?

Бердақ ешегиниң басын тартып, ат үстинде әўкийип отырған Шоңқыға мысқыллы нәзер таслады:

— Пилиги аз шыраға, шақасы жанып болған ағашқа мегзейсең.

Аўылға киргеннен кейин Бердақ Гүлзийбаның үйине қарай бурылды. Шоңқы туп-туўры Ерназардикине бет алды. Оны өз үйинен емес, Гүлзийбаның баласына келген пәтияшылар арасынан тапты. Ушырасыўдан-ақ уруўласы шайыр Бердақ пенен сөйлескенин мақтаныш етип, басында пайда болған ойларын ортақласпақшы еди, Ерназардың қәҳәрли келбетинен иши пысқыған от екенин уғып, ҳештеңе айталмады. Сол сезген оты неден пайда болғанын түсиниўге қанша талапланбасын, дийдине де жете алмады. Бирақ өзин күтә сабырлы, дыянатлы тутып, кешке шекем қайтқан Ерназарға күшиктей ерип қайтып, бир пайытында тилге келди:

— Өтинишим бар еди, аға.

Ерназарда сөйлесиў иштейи болмаса да, «қулағым сенде» дегендей жыллы нәзер таслады да, жөнине жүре берди.

— Өзиңиз билесиз, кимниң иси жаман болса, ол душпанына жәрдем бергени. Атқосшыңыз Теңел күтә ақыллы бала, ол Оренбургтен келгенше орнына таласыў нийетинен аўлақпан, бирақ маған исенип, анда-мунда қамшы қылып жумсап тур. Ерназар аға.

— Есиң енген сыяқлы.

— Мениң ҳешким менен ақыл жарыстырғым да келмейди, сгер биреўдиң ақылы артық шығып, меннен пайдаланса, аянбаў ийетиндемен. Бирлик — тап сонда.

— Мәўлен сары ақылым көп деп мақтанады.

— Оны сол ушын да ҳешким унатпайды, дос тутпайды.

Ерназар адымын тосаңлатып, Шоңқының ушы истей қоңқы мурнына, шуңиреклеў көзлерине тереңирек тигилип:

— Мейли, хабарласып тур, — деди.

— Мениң тап усы бүгинге шекемги алжасықларымды есиме салмайсыз ғой?

— Атың ендиги жағында сүринбесе бәс!

— Тапсырмаңыз бар ма?

— Уўытын тапсаң, Хийўадан хабар билип қайт.

— Әжеп.

9.

Қыс ҳәрқашанғысынан қатал суўық болса да, бәҳәр ерте белги берди. Арал теңизиниң жағаларында ҳаўа райы қылықлы келиншеклердиң минезине тақаббил бирде түнереди, бирде жадырайды, бирде нөсер жаўын тамшылайды, гей күнлери айнала тазарып, нәпес алыў кенейеди, гей күнлери Қарақум жақтан шаңғыт көтерилип көз аштырмайды.

Ҳәрқайсысы бир ханлықтың тутымын тутып, бир-биринен бийғәрез ҳүким сүриў ушын шашаў шашаў қонысласқан аўыллардың талтаң бийлери менен сөйлесиў, оларды бир нәрсеге көндириў, теңиз жағаларының қылықлы тәбияты яңлы. Базылары жадырап, Ерназар алакөз алдына жайған «аҳиднамаға» ап-аңсат қол басып, мөр салады, және бирлары қабағын қарса жаўып әбден қыйнайды.

«Алпыс бийдиң аҳиднамасына» бийлердиң қол басып мөр салыўын Ерназар тез арада питкериўге қыстанса да пайда болмады. Гүлзийбаның баласы менен байланыслы ҳәсирет ҳәрекетине уяңлық киргизип қоймады, иркти.

Оренбургқа кеткен Зарлық пенен Генжемураттың қайтып келиўи Ерназар алакөзди қуўандырмады. Алды қыс болғаны ушын, Қазақ далаларында бир қанша күнлик қар боранына тап келип, атлары майрылып, қайтып жол өндире алмапты. Сонда да изге қайтпай, бир шаруа қазақтың үйинде ҳаўа райының жақсыланыўын күтип жатып, пияда және жолға түсип Оренбургқа жақынлағанда Орыс патшалығының Сырдәрья линиясы бойынша әскер басшыларынан бири қазақ Илекей Султан Қасымовқа тап болып, оннан орыс патшалығы менен Туркия арасында урыс басланғанын еситипти.

Алакөздиң Илекей Султан ҳаққында бурын азлап еситкени бар еди, сол ушын ол жөнинде қазбарлап сорай бермеседе, оларға наразылығы жасырынбады.

— Илекей Султан бизлердиң Оренбургқа барыўымыздың ҳә-

вирше бийпайдалылығын ескертти, — деди Генжемурат. — Себеби биз бенен сөйлесиўиң басшылары да урысқа кетипти.

— Ең болмаса Михайловты, өзимиздиң еки баланы сорап табар едиңиз-дә? — деди кеўилсиз Алакөз.

— Илекей Султан оларды да жақсы биледи екен. Михайлов екеўин де өзи менен урысқа әкетипти,—деди Зарлық.

— Өзимиздиң жигитлердиң өтиниши бойынша әкетипти, — деп толықтырды Генжемурат.

Ерназар алакөздиң жүзинде бираз мақтаныш сезими көринип, урысқа кеткен жигитлерине ыразылық билдирди:

— Елимиздиң келешеги сол жетимлер екенине енди көзим жетти. Жүдә жақсы ислеген. Изимизге ергендей қыранларды баслап бизлер-әм орыслардың жаўына қарсы урысқа кетсек еди.

— Илекей Султан менен бул жөнинде де сөйлестик, — деди Зарлық енди өзин бираз еркин сезип. Генжемурат та жеңил непес алды. — Бирақ Илекей Султан бизиң өз елимиздеги исимизди мақуллады, «ара алыс, тәўекел қылманлар» деди. Оренбургта бизиң елге жәрдем ушын таярланған отрядтың урысқа кеткенин айтып, «олар жеңисли қайтады, оған дейин өз елиңизди таярлай беринлер», — деди.

Ерназар досларына исенседе, сүйениш ҳасасы түпсиз теңизге түсип кеткендей арсар болды.

— Қәйткен мененде самалымыз шебине есе берди.

— Гүрсиниўден пайда жоқ, достым, — деди Зарлық. — Билесең, жаўырынсыз қоллар ҳәрекетке келмейди. Ахиднамаға бийлердиң қол басыўын тезлетип, жаўырынды беккемлеў керек.

— Илекей Султанның нәсияты усылай,—деди Генжемурат.

Ерназар алакөз өзин басып қанша асықпасын, бийлер ҳәрқыйлы сылтаў менен, айрымлары «Алакөз киятыр» дегеннен үйинен қашып, истиң жуўмағын және созды, тап қарагүзге созылды.

Бүгин таңнан баслап аспан ашық болып, қуяштың жарқырап шығыўы оның кеўлинде де жақсылықларды молайтып, теңиз бойындағы аўылларға бет алып баратыр еди, дуўтарын мылтықтай етип ийнине асынған ешекли Бердақ қапталдан қосылды.

Ахиднамаға қол қойыў еле созыла бергенине кеўли бираз иренжип, ендиги қалған терис нийетли бийлерге қандай шара қолланыў жолын ойланып киятырған Ерназар бул ушырасыўға кеўилленди.

— Бердақ шайыр, қәне жуўап бер, ой жақсы ма, дөң жақсы ма, және бий жақсы ма, хан жақсы ма?

Бердақ енди ашылажақ ақ гүлдиң ғумшасындай аппақ тисларин жарқыратып, мыйығынан күлди де, ойланбастан, халық арасында кең таралған жыраў термелерин тәкирарлады:

«Отлақлы болса, ой жақсы,
Ҳаўалы болса, дөң жақсы,

— Енди сен сора.

— Тас таңламайтуғын қандай тәрезини билесиз, Ерназар аға?

— Қанша салсаңда, не салсаңда, тас таңламайтуғын тәрези адамның тили. Енди өзиңе сораў. — Адам бахтының гилти қайда болады деп ойлайсаң?

— Адам бахтының гилти тек ҳақыйқатлықта.

Бердақ Ерназардың иши писип киятырғанын түсинип қызығырақ бир әңгиме айтыўды ойлады.

— Ерназар аға, Сиз Фазыл бийдиң марҳум әкесиниң бир гәпин еситкенсизбе?

— Қандай?

— Бир тойда көкнарға тойып отырып, онлаған адамға «үйге келиң?» деп мирәт еткен екен. Олар ертеңине-ақ келипти. Баласы Фазыл, қонақларды көрип атлары ушын тазадан қазық қағып атыр екен, әкеси оған «ҳәй бала, қазық қақпа, қонақлар атларын мениң тилиме байласын» депти.

Ерназардың ири даўысы гүрсилдеп күлди де, кеўлин гүдикке толтырған ҳәсиретин естен шығарды.

— Фазыл ҳәзир әкесине усап киятыр, — деди Ерназар. — Яқшы оны қояйық, саған бир сораў: Ашылмас сандық болармыш, ол не?

Бердақ ойланып, жыраў-бақсыдан еситкен термелерин еследи, халықтың ҳәр қыйлы даналықларына қыял жуўыртты.

— Ашылмас сандық, — деди әлленемирде. — Адамның кеўли болса керек, Ерназар аға.

— Адам қандай жағдайда көп өкинеди?

— Ким өзгеге қанша жаманлық қылса, сонша өкинеди.

— Адамның кеўли қандай жағдайда қараңғы тартады?

— Ҳақыйқатлық жоқ жерде, Ерназар аға. Енди сизден сорайын. Ҳақыйқатлықтың-әм айтылмас гезлери бола ма?

Айдос бабаның өлими жөнинде ҳақыйқатлықты сорағанда оның атқосшысы Доспанның «Бул заманда айтылатуғын да, айтылмайтуғын да ҳақыйқатлық бар» дегенин еследи:

— Егер ҳақыйқатлық өтирикке усаса, айтпаған жөн, қәдирлим. Енди өзиңе сораў. Сен пендей затты, пендей исти әззи дейсең?

— Қайсы иске сумлық араласса, сол әззи болады, Ерназар аға. Айтпақшы, жақында «Бозатаў» аўылындағы тойда Әжинияз шайыр менен көрисип, азғана сөз таластырдық. Сонда қайсысымыз ҳақ екенимизди сизге ойласыў нийетим-әм бар еди.

— Қәне тыңлайын?

— Тил жөнинде тарыстық. Гәп пендей балалағанын аңғармай қалдым. Бир гезде Әжинияз аға: «Бердақ, — деди ҳәммеңиң дыққатын өзине аўдарып. — Сениң қосықларыңды еситип

жүриппен, сөзлериң онша сыңғырламайды, намаға келмейди. Тилди Наўайыдан, Физулыдан, Мақтымқулыдан үйрениў керек» — деди. Не деген менен, ол Хийўа медресесинде оқыған, сол ушын кеширим сорадым да, өз қосығынан биреўин айтыўды өтиндим. Ол барлық қосығын ядқа билер екен, қысса даўысына салдырып жиберди. Минекей, сиз-әм тыңлап көриңиз:

Әй әлифкум, ақ юзиңдур әйне әлем әнўары,
Бе белиң қыпша дилбар көзлериң шахла ўәлий...
Те тисиңдур дана-дана, ләблериңниң паллары,
Се сорып шийрин ләбиңнен, жанадурман, әйпери!...

— Әне, Ерназар аға, усылай әлифтен басланатуғын қосық Физулыда бары ырас. Бирақ, Әжинияз аға қосықларының ҳәр қатарында еки-үш сөзди қарақалпақша келтиргени болмаса, басқасын ким түсинеди? «Ақ юзиңдур әйне әлем әнўары...», «көзлериниң шахлы ўәлий...» деп жүрген ашықлар бар ма ҳәзир? Низамиде «Адам мисли шыра, өмириниң ақырына шекем басқалар ушын жанады» деген рәўият бар. Дурыс, шайыр да адам. Ол халқы ушын шыра болып жанып, халқының тәғдийрине маслап, түсиникли қосық жазыўы тийис емеспе?

Бердақтың пикирлери Ерназардың шайырлар тартысына араласпайжақ ойына тойтарыс берди.

— Әжинияздың мен бир ирет көрип, бираз қосығына ескертиў қылғанман.

— Мен жас кишилигим ушын ийбе тутыўым керек еди, бирақ өйте алмадым. Себеби ол маған «шайыр түсиниксизирек болған сайын халық жақсы көретуғынын билмесең керек» деди. Мениң ашыўым келип, «Хийўа медресесинде алған билимиңди халықтың үстинен қойма деп ескерттим». Ол және өз жолын дурыслап, «Тилди Наўайыдан, Физулыдан, Мақтумқулыдан үйрениў керек» деп өршелести. Мен оған, «Наўайыны, Физулыны, Мақтумқулыны үйрениў олардың тилин сәл бузыңқырап қабыл етиў-әм емес, өз тилимизге түсиниксиз сөзлер қосыў-әм емес. Қосықты қалай жазыўды, не ҳаққында жазыўды үйрениў тилдиң байлығын қалай пайдаланыўды үйрениў, ҳәр сөзге ўазыйпа жүклеўди үйрениў болса керек» дедим.

Олар әңгимеге қунығып, теңиз жағасындағы аўылға келип қалыпты. Балықшылар жағаға от жағып балық ислеп түсленип отыр екен. Бердақты танып, шадланыса балық жеўге шақырды.

— Барағой иним, — деп Ерназар атының жүўенин тартты да, оң жағындағы көп үйлерди, ылашықларды көзден өткерип бир заман турып, бир қараған көзге айғақ ақ үзикли отаўды шөкеледи. Бул усы урыўдың бийи Сайыпназардың отаўы еди. Ерназар оған үш рет келип кеткенинде де табылмаған еди, далада атын көрип үнсиз аттан түсе берди.

Мезбан Алакөздиң келисине онша ырза болмаса да, сырттан жүзин жылтыратып күтип алды.

Чайдан алдын Ерназар оған «алпыс бийдиң ахидпамасы»

жөнинде гәп қозғап еди. Ол тисиниң суўын сорыды, бурын ҳештене билмейтуғындай таңланып, тарлаў маңлайын жыйырып, дөңгелек көзлери түтеген сыяқланды:

— Елдиң ҳәр бир жигити қыран, елдеги ҳәр бир ат қырандыки?

Ерназар оны ҳәзир үгитлегеннен нан писпейтуғынына түсинип:

— Жақпай ма, — деди де, керегениң басынан қамшысын, қурашын алды. — Мени Артық бийдиң аўылына узатыс!

— Қонақтың өтинишин орынламаў, әлбетте бийәдеплик!

Қалың жыңғыллық пенен майда тораңғыллықтың арасынан жиптей созылып жатқан аяқ соқпақта киятырып, Ерназар зәңгисине аяқларын тиреп алдына ҳәм артына бир қарап алды да, Сайыпназарға қапталласып келип желкесине пәнже урды.

Бүркиттиң тырнағындай қатты бармақлар Сайыпназардың мойнын үзип жибериўге сәл-ақ қалып, жалынды:

— Гүнам не, Ерназар?

— Жаның барда айт, «ахиднама» унай ма?

— Унайды.

— Қол басасаң ба?

— Мойнымды үзип жибермесең басайын.

— Атыңның жылаўын маған бер, өзиң жерге түс.

Ол ерден әсте жылысып түсти.

Ерназар төбесине қамшы көтерди.

— Усы исиңди ҳешкимге тис жармайман деп әўеле үш ирет қайтала!

— Усы исиңди ҳешкимге тис жармайман... тис жармайман... тис жармайман!...

Ерназар қоржынын шешип ишинен сия-саўыт алып Сайыпназардың алдына «ахиднамаңы» жайды да, айтқанын ислетип, қоржынын қайта гүржиледи ҳәм жалғыз шаўып кетти.

Артық бий кем сөзлиден келген, отырыспаларда зорлардың тәрепин алып сөйлеўге әдетленген адам еди. Ерназар алакөз «алпыс бий ахиднамасы» туўралы гәп қозғағанда азғана ойланып алды да:

— Тәўекел шығар, — деп бармағын сыяға малды.

— «Тәўекелиң» не?

Артық қарсыласпады...

Ол усылайынша көп күн ел гезип, кимди қорқытып, кимди үгитлеп, кимди исендирип ең соңғы бийлерге де қол қойдырып шықты.

Жалғыз ғана Фазыл бий қалды. Ерназардың оны соңға қалдырыў себеби, ол ең табаллы өжет, өз ақылына беккем исенип алатуғын бийлерден. Ҳәммениң қол қойғанын көрсе ғана келисиўи мүмкин.

Ол Фазылдың аўылына бурылатуғын жерде күнниң қызарып батқанын тамашалап бираз турды...

Тап усы пайытта, Фазыл бий, өткен ақшам Қарақум ий-

шапды қондырып, аянбай иззет көрсетиў мақсетинде таңға уйықламай, азанда оның атын өзи жетелеп аўылының шетине шекем узатып келе сала, үлкен отаўына төсекти қалың салдырып жатқанынан түргелиўге еринип, еки ортаншы ҳаялына аяқларын қыстырып, киши ҳаялының сүйриктей сулыў бармақларын, өзиниң көптен бери пардозланбаған уйпа-жуйпа шеңгелдей сақаллы алқымына басып, еркеленип сөйленип жатыр еди.

—Қарақалпақ елине араласқалы өзлигинен ҳеш бир байдың, бийдиң, есигин ашпаған Қарақум ийшанның үйиме арнаўлы қутлы болсынға келиўи не деген бахыт! Бәри сен ушын! — Ол кишкене ҳаялының кийизге төселип атырған бурымларын қамтылап өз көкирегине таслады. — Ҳәй, сулыўлар, сизлердиң кеўилиңизге келмесин, ҳақыңызды жемеймен, — деп еки аяғын алма-гезек көтерип ҳаялының мойнына салды... — Сизлер, ҳаялларым, Хийўадағы хан сарайын көрмедиңизлер. Көрмегениңиз жақсы. Ханның өзи болғаннан хан исенген, бий болыўға ҳеш мәртебе тең келмейди. Айыбын болса тек хан ғарғайды, ал ханды болса ҳәр күни путкил халық ғарғайды. Маған тек сизлер татыў болсаңыз тамам, қараўымдағылар менен өзим тил табысаман... Бир қуўанышлысы, Қарақум ийшан бир уўытын таўып хан менен тиллесиўге, сөйтип үйиме қонақ қылып әкелиўге ўәде берип кетти. Оннан соң көриң пириңиз Фазылды. Жүдә-жүдә бахытлы ҳаяллар екепсиз, ата-аналарыңыз да, туўысқанларыңыз да аса бахытлы адамлар екен. Мен бәриңизди қандай жақсы көремен. Қәне айтыңлар, төркиплериңиздиң зейнине тийген ўақтым болдыма?

Ҳаяллар жуўап берип үлгермей-ақ, далада малқораны тазалап жүрген үлкен ҳаялына хабарласып атырған таныс даўысты еситип, Фазыл ериниңкиреп өңменин көтерди.

— Үшеўиңиз де жайлы-жайыңызға барып дем алыңлар, хызметти үлкен бәйбише етеди,—деп ол сыртқа ҳаўаз берди. — Ерназар, мен үйдемен, атыңды байлап киребер!

Ерназар онша бой бәнелемей, атынан түсип, жуўенди Фазылдың отын майдалап атырған хызметкерине усынып атыр еди, Фазылдың өзи шығып, биринши сәлем берди де, жуўенди өзи алып, атты өзи байлады. Күтилмеген жағдай Ерназарға әбден унап жибисти.

— Бизиң ығбалымызға орыс-түрк урысы басланғанын айтпайсаң ба, Фазыл. Елеберин тамам болатуғын түри жоқ қусайды, болмаса әллеқашан күшейер едик.

— Бәри бир орыслар жеңеди, Ерназар.

— Жеңбесе?

— Орысларсыз-әм күшимиз жеткиликли. Бирақ ҳәммеден соң маған келгениңе кеўлим иренжиңкирегендей, Ерназар.

— Не қылайын, Фазыл қайўақтада тайын деген шығарсаң. Қәне «Ахиднаманы» шығар, қол басып, мөр салмасам, ақшам тыныш уйықлай алмассаң.

Ошақта мазлаған бир дәсте қызыл жыңғылдың шаңарақка жақынлап қайтып турған сары жалынына Ерназардың бети қызарып:

— «Ағабийде» мен сени бийкарға қазы қылмағанман,—деди масайрап ҳәм асықпай қоржынынан сыя-саўыт пенен «ахидна-маны» шығарды.

Фазыл «ахидназаны» оттың жақтысына тутып, ояқ-буяғына үнилип көрди де, бирден жалынға таслап жиберди.

Оған исенип аңсыз отырған Ерназар шап берип услағанша болмады, лаўлаған жалын қағазды шаңырақка көтерип кетип, геўдиреген қап-қара күл қылып жерге түсирди.

Ерназар өзиниң не болғанын билмей мүшы менен Фазылдың маңлайына қойып салғаны, ол түби ширик геллектей ушып, басы керегеге сақ етип қулады, үйдиң от жаққышы қорыққанынан шыға қашты.

Фазыл сес шығармай еплеп ғана түргелип керегениң басына асыўлы мылтықты алайын деп атыр еди. Ерназар оны және урып жығып, биротала атып-әм таслаўға қолайласқанында, Фазылдың үлкен ҳаялы кирип қолын тутты:

— Сабырлылық сақла, Алакөз!

Ерназар жылдамлық пенен мылтығын ийнине асынып, есик бетте керегеге илдириўли арқанды алды да, Фазылдың аяқ-қолын шандып буўды ҳәм баладай қушақлап далаға алып шықты.

Шашларының арасынан қан тамшылап атырған Фазылдың бар күши тилине аўысты:

— Алакөз, мени ҳәзир таслап кетпесең, өкинесең.

Фазылдың басқа ҳаяллары, балалар жыйналып уў-шуў болысты. Ерназар ҳешқайсысына қулақ аспай, Фазылды бөктергисине кесе таслады да, ерге секирип минип, аш қасқырдай, түн қараңғысын қақ айырып, атының жүўенин қақты.

— Алакөз ладансаң! — деди Фазыл ыңқылдап киятырсада пикиринен қайтпай. — Мениң аяқ-қолымды байламастан бурын, өзиниң аяқ-қолың жөнинде ойлаўың керек еди.

Ерназар жөнекей Генжемураттың үйине қайрылып, өзин далаға шақырып, болған ҳәдийсени қысқаша сыбырлай сала:

— Себебин айтпай, барлық бийлерди «Орысы дийўалға» шақыр, — деди де кетти. Былайырақ шығып Фазылды жолда өлип қалар деген қәўип пенен аяқ-қолын босатып, қайтадан алдына өңгерди.

— Елин сүйген адамға өлим қәўипли емес, — деди Фазыл енди әдеўир-ақ өзине келип. — Сен арты ҳәм гүмилжи, ҳәм қараңғы ертеңди ойлайсаң. Халыққа бүгини керек. Мен бүгингиниң тәрепдарларыман.

Ерназар оның менен тиллеспей, ишқысталықта қойыўды мақсет еткен еди, шыдамады.

— Нағыз ел сүйер мәрт болсаң, айт, саған усылай етиўди ким тапсырды?

— Ўай ладан, менің ақылым өзіме жетеді. «Ага бийде» қа' вы сен емес едің ғой.

Ерназар қайтып сөйлемеди. Иши түтиккен Фазыл ләмлі көзлеринен от шатнатыўға урынып және гүбирленди:

— Мени емес өзиңди ая, Алакөз. Ертең ескертпедиң деме.

Ерназар үн қатпастан «Орыс дийўал» дың үстине Фазылды отырғызды да ҳәр шекесине жандыра-жандыра жуп шаппат урып түсирип, қанталындағы қалың шенгеллик арасында өскен жуўан қуў тораңғылға қосып байлап таслады...

10.

Үстинен ел кетсе, жер сәнин жоғалтады, жеринен айырылса ел сәнин жоғалтады.

Ерназар алакөздиң не ушын «Орыс дийўал» дағы тасланды қосқа шақыртып атырғаны бийлерге әндийшели жумбақ болып, оны шешиўге бәри асығысты.

Қосқа қайтадан сән кирди. Гүздиң суўығына шыдамлы майса ажырық, мисли жердиң өзинен тоқылған палас сыяқланып, келгенлер ушын төсек болды, еплилери, паңлары ат жабыўларын алып жайып, өз ҳәмдамлары менен бөлек-бөлек отырысты.

Дийдилегенлери жыйналғаннан кейин Ерназар Генжемуратқа дастурхан жайдырып, айтажағын баслады.

— Қәдирдан бийлер, бәриңиз де «Ахиднамаға» қол бастыңыз, мөр салдыңыз. Бәрше ис елден жырағырақта болсын, деп усы кәраға шақыртқаныма үзир. Енди хан сайлаўымыз керек!

Қими еркли, кими зорлық пенен «Ахиднамаға» мөр салып қол басқан бийлер сонша талаптың изи неге әкелгенине ҳайран қалысып, аўызлары аңырайды. Ҳәтте қыбырласпады.

Базы бас қоспаларда кимге қанша пайда-зыяны нәмәлим, бирақ шешилиўи қыйын түйинлер ортаға түскенде, тап ҳәзиргидей болатуғын едидағы, шалт минезли биреўдиң сөз табыўынан соң бәри тиришеленер еди. Бул сапары шалт минезли адам шығыў былай турсын, пүткил әлемде ҳәрекет тоқтап қалған тәризленди.

Ҳәрким өз жақынына көз қыйығын таслап «пәленше хан болсын» деп өзиниң аты айтылыўын шыдамсызлық пенен күтти.

Ерназар алакөз де үнсиз.

Кешигип келгенликтен атларының жүўенин ерлериниң басына қаңтара сала көпшиликке қосылған бийлер атларының пысқырысы, туяқлары менен жер қазып турғанына да дыққат аўдаратуғын емес.

Тас төбеден зуўылдасып, талай дизбек қуслар қублаға ушып өтти, сирә ҳешким серлемейди. Тоғай қуслары тынбай ҳәр муқамға дөндирип сайраўда, оған нәше ететуғынлардың қулағы питкен. Гүншилик. Бийлердиң ортасына жайылған дастурханға гүзги гүбелеклер тобы менен келип қонып, ара-

ларында гүйилдеп уша баслады, ҳешқайсысы қыбырламайды, бетлерине қонған сүйир шыбынларды да сезбейди, ҳөрким дизе бүккен орнында ағаш болып қатып қалған сыяқлы.

Қарақалпақ бийлериниң ҳешбир отырыспасы, жаслардың ең қатал тәртипли мейлиси «ағабий» көрмеген еди, бундай жымжыртлықты, әлле-қайсысының жүзинен я ойшылықты, я узақ сәббе қыялға берилгенликти аңғарыў қыйын. Бәршеси хошырей, бәршеси меҳирли, көз қарасларында дослық-ҳамдамлық. Бирақ ҳәрбиринде жалғыз ғана тилек:

«Ханлыққа мен қолайман!»

Ең болмаса өзине жүдә жақын биреўдиң де атын айтыўға тиллери гүрмелмеди. Ләммийимсизлик қанша көп созылған сайын, ҳәр бириниң ишине қызғаныш қозы түсип, лаўлап алысып, бет-әлпетлери өзгериўге қарады.

Ерназар алакөздиң үнсизлиги — бийлердиң ишки таласларын тамашалап, кейнинен күлиў емес. Халқының өзине мәлим беррегиректеги тарийхында биринши болажақ ханлыққа мүнәсип адамды усы бийлердиң арасынан табыўға нийетленип бәршесин қыял елегинен алма-гезек өткерип отыр.

«Асқар бий... Сайыпназар... Бала Ерназар... Генжемурат... Мамыт... Рахманберди... Артық... Ҳәрқайсысына ҳәр қыйлы кемшиликлер тән: бири қартайып мийи орталанған, екиншиси аўмақайлаў, үшиншиси ақыллы болғаны менен ойсыз, өжетлиги бар, төртиншиси омыраўлы, бирақ еле писиўи жетпеген ислерди «писти-писти» қылыўға асығады, бесиншиси тымырық, алтыншысы аңқаў, жетиншиси ерме... Ғарғыс урып көп уруўға бөлинген елде, булардың ҳешқайсысын хан көтериўге болмайды. Ҳәзирден-ақ ҳөрким өз көмешине күл тартып отырысларына қара. Хан ҳәммеге ортақ, бәршеге бир көз бенен қарайтуғын болыўы шәрт. Әлим қолайман, әттең, өзиңди айтыў қыйын, айтқан менен ертеңги күни бәршеге әдил көз бенен қарайтуғыныма да исендириўим қыйын. Енди ким бар?». Ол қарсы алдында отырғанлардан басқа көйерде атақлы, уруўына ҳәм басқаларға абыраўлы адам болса, бирим-бирим көз алдына келтирди... Ҳеш бири унатпады.

«Ҳаа, Бердақ қолайлы, — деди бир қыялы. — Шайыр. Бурынғы батпалардың көбиси шайыр болған... Жақ, оны булар унатпайды. Мениң уруўымнан болғаны ушын көпшилиги қарсы шығады... Тәҗел қандай болар еди? Шынжырма шынжыр киятырған атқосшының оўлады. Ол хан болса ҳәммениң кеўлин табады. Жарлы жетим хан болды деп пүткил халық қуўатлаўы мүмкин... әттең ҳәзир өзи болса еди. Сыртынан қуўатламайды».

Оның көзлери Зарлыққа түсти: Айтпақшы, усы Зарлық төре ше? Жүдә әндамлы. Көп ойлары мениң ойларыма сәйкес, гөлеримди изге теппес оқ қылады, керегинде лаўлаған от қылады... Ҳаўўў, неге Зарлық хан болады? Ол мендей ойлағаны ушын ба?... Жоқ, неге өйдеймен? Бәлким, Зарлық болыўы керек шығар. Егер адамлар оның миллетин ортаға салса ше? Әне,

бул жағы қыйын. Себеби, халықтың тәрдиринде туңғыш ирет қарақалпақ хапы басқа миллеттен болса, биригиўге нийети барлар-әм пыт-шыт болып кетпейме? — Ерназар басын қасып узақ-узақ ойланды. Жоооқ! — деп және еринлерин жыбырлатты. — Зарлыққа ҳешким қарсы шықпайды, ҳаслан қарсы шықпайды. Себеби оның ҳешбир қарақалпақ урыўына қатнасы жоқ, сол ушын бәршеге бир көз бенен қараўы мүмкин. Оған қосымша, бул отырғанлар билетуғын дәўирде халқымыз өз алдына халық болмаған, өзинен хан-әм болмаған. Бурыннан соңғы дәстүр бойынша хан — Шыңғыс әўлады-төре туқымы болыўы шәрт. Зарлық төре тухымы, усы жағын ескертсем, ҳешким дыррықшылық қылмайды»...

Ерназар усы ойына тоқтап әстен бас көтерди:

— Халқымыздың қаймақлары, қәдирданларым, мениң билиўимше ҳәзир бәршеңиз өтмишимизге, бүгингимизге, ертеңгимизге ой жуўыртып биринши ханымыз ким болыўы кереклиги жөнинде, ҳақыйқый ел сүйген ағла инсанлық, гөззал адамгершилик пенен жүдә ҳәм әжайып, әдил ханды әрман етип, тек атын табалмай отырсыз. Мен таптым.

Биразлардың қәўпи әллекимниң: «Ерназар алакөз хан болсын» деп салыўы еди. Енди оның өзи ханлыққа усына алмайтуғынына қуўаныштан мойынларынан аўыр жүкти серпип таслағандай болса да, усы отырғанлардан тек бир ғана адамның аты аталатуғынына әри қызғаныш, әри «мени айтармекен?» деген қам дәме менен бори Ерназар алакөздиң аўзын бақты.

Ол асықпай орнынан тикейди. Қолларын көксине қаўсырды:

— Мениңше, бирликли алпыс бий баслаған қарақалпақ елиниң уллы ханының исми шәрийпи Зарлық төре!

Сам-сазлық қайтадан басланды.

— Әп-әйдик адамлармыз, не ушын баланың ойынын қыламыз? — деди бир гезде бала Ерназардың үстиңги ерни турилиңкиреп.

— Ойын шаршатты, — деди Сайыпназар.

— Өзиңиз неге болмайсыз, — деди Мәдирейим.

Сөйлеў иштейи басқаларда да оянып, қозғалаң тийе баслаўдан Ерназар алакөз қайта шыйрақласты:

— Сабыр қылыңлар, ел ағалары. Ханлық маған да, сизлерге де миясар емес. Хан — хан тухымларынан аўысса, төрелерден қойылыў зәрүрлигин, сизлердей ойы жүйриклерге түсиндирип отырыў балалық болады.

Ҳәм сам-сазлық, ҳәм жым-жыртлық және ҳүким сүрди.

— Ақыллы ел ағалары, — деди Ерназар алакөз және муражат ҳаўазы менен. — Қараңлар, мен Зарлық төрени қарақалпақ елиниң уллы ханы деп, алдына бас ийемен. — Ол еки қолын көксине қойыўы менен барып малдас қурынып отырған Зарлықтың алдында оңжайдай ийилип, оның узын қара шекпенининң шалғайын маңлайына сүйкеп сүйди.

Ол кейин бәсиўден Генжемурат түргелип, Ерназар алакөз не қылса, соны тәкирарлады.

Арада үзилис болыўынан қорқып Ерназар алакөз тез ҳәрекетке көшти.

— Өтинемен, иним! — деди бала Ерназарға. Ол ерининкирсеп қозғалды ҳәм қайыл емеслик ҳәрекетлер менен Зарлық төренің алдына барып қайтты.

— Қәне, Мәдирейим, — деди және Ерназар алакөз. Мәдирейим аўырлаў қозғалған менен, Зарлық төренің алдына барғанда ҳақыйқат ийилди, қайтысын оны ермеклегендей тилин шығарып күлип қайтты.

Ерназар алакөз енди ҳешкимди парасатына қоймай, атын атап түргелте баслады.

— Қәне, Рахманберди бий...

— Қәне, Артық жора...

— Қәне, Мамыт...

Ҳәмменің соңынан қозғалған Сайыпназар түргелерде, кек етип мурнын жыйырғанын, ханға тәжим берип, қайта орнына отырғанда да өзгертпеди.

Кимниң ишинде қандай зәҳәрли жылан бүкленип жатса да, ҳәзирше Зарлық төрени хан деп үнсиз мойынлаўы Ерназар алакөздің кеўлин өсирип, ҳәрекетин және де шаққанлатыңқырады.

— Мақул ис иследиңиз, қәдирданлар, бабаларымыз шаңқан тухымның зүрәятин жыйнаўға енди нәўбет туўды.

Көрпе астына бастырыққандай демлери қысылып отырған бийлер ушын соңғы гәп артық көринди ме, бир топар аш адамға тек биреўи тоярлық тамақ көрсетилгендей, көзлери жаўтаңласып, оған анталасты.

— Елде қораз көп болып таңымыз бир ўақытта атнай жүр еди, — деди Генжемурат бийлердеги өзгеристи үғып. — Жүдә ғана ағла ис болды. Бабаларымыз бирликти еўлады барлығын қуўғынын жатқан жерінен бир-бир бас көтерисетуғын болды.

— Меҳ ҳе ҳе, — деп бала Ерназар мурнынан күлди. — Генжеке, ендиги жағында да бийлердің саны азаймайды.

— Сондағы сары шөптен мийўа түўе, оқлы шақа шықпайтуғынға уста қары көзлерге ийне шығар, — деди шымшық бас Қәдирмухаммед.

Хан алдында бийлердің еркинсип, бирин-бири қуўалап, бийпарық сөйлеўлери Алакөзге ұнамай дастурханнан бир шөрек алды:

— Мине, қәдирданларым, қарақалпақ елиниң уллы ханы Зарлық төренің ҳәмирлерине қарсы келсем, мени пан урсын, пан урсын! — Ол панды қос қоллап маңлайына басты.

— Пан менен ант етиў сол аўырлаў, — деди Мәдирейим.

— Айтпақшы, бир нәрсени умытыппан, — деп Алакөз қолындағы панды Зарлық төреге ұсынды. — Биз таза ханлықпыз, болкым, бөтен елатларда басқаша шығар, бирақ бизге әўеле

уллы ханымыз, сиз ант бериңиз. Мине, нанды усланыз. Сизге не деп ант етиўди үйретиўге әжизлик қыламыз.

Зарлық бир пенеске әм гидирмей нанды алды да:

— Туўысқанларым, ҳүрметли бийлер! — деп даўысын бәлент көтерди ҳәм ханлық салмақ тутып орнынан тикеймеди.— Еки киси сени жиплисең десе, инанда жата қал, еки киси сен ханымызсаң десе, орныңды билип ханлық қыл дейди, халық даналығы. Сизлер не десеңиз, мен инанаман. Қус ушса қанаты мәдет, қонса қуйрығы мәдет. Мени аспанға көтеретуғын да, жерге бийҳазар қондыратуғын да сизлер боласыз. Оның үстине, мен үлкен сынық ағаштың шақасы екенимди жасырмайман, сынық шақалығымды билдирмей — жерге шаншып тамыр урғызып шақалататуғын бағман да сизлер боласыз. Егер мен өз орнымда сизлерге, бәрше халыққа бийорын жаза қоллансам, кеңессиз пәрман берсем, халықтың атын дағлайтуғын бир ис қылсам, ығбалына иркиниш жасасам, мени нан урсын! Нан урсын! — Ол нанды маңлайына үш ирет тийгизип, шетинен бир тислемин аўзына салды да, дастурханға қайтып қойды.

Бирден жанға жағымлы самал ескендей, бийлер омыраўларын көтерип кеңирек нәпес алды.

Алакөз және түргелип ханға қол қаўсырды.

— Уллы ханымыз, басыңызға алтын жығалы таж кийдире алмағанымыз ушын әпиў етиңиз, лекин қарақалпақ ели Сизиң алтын басыңыздың полат қалқаны болады.

— Сизлердиң ҳүрметиңиз, мен ушын ҳәрқандай алтын таждан ағла, халқым, — деп хан салмақ пенен бас ийзеп миннетдарлық билдирди.

Ерназар алакөз нанды қайтадан қолына алып:

— Қарақалпақ елиниң уллы ханы Зарлық төрениң ҳәмирлерине қарсы келсем, мени нан урсын! — деди де, нанды бала Ерназарға өткерди.

Ол көп ойланбады.

— Қарақалпақ елиниң уллы ханы Зарлық төрениң ҳәмирлерине қарсы келсем, мени нан урсын!

— Айналайын Ерназар, енди Рахманбердиге бер. Қәне, Рахманберди?!

Ол албыраңқырап көзлерин перделеў менен артына шалқайыңқырады да, бала Ерназар менен Сайыпназарға нәзер таслады. Олардың орнына ашыўлы тигилип турған Ерназардың өткир ала көзлерине нәзери түсип, қорыққанынан алды менен нанның бир тислемин аўзына салды да:

— Қарақалпақ елиниң ханы Зарлық төрениң, — деп әўелгилердиң антын мүлтиксиз тәкирарлады.

— Қәне, Мамыт бий, нәўбет сизге!

Усылайынша бир шөрек және қолдан-қолға өтти...

Бийлер нан услаған гезде нанның ҳүрметинен бе, я антты

жутыўдың аўырлығын еслеп пе, сәл екиленгени сезилмесе, қарсылаў айтқаны болмады.

— Уллы ханымыз, — деп бала Ерназар қол қаўсырып орнынан түргелди. — Бизиң елимиз әри алаўыз, әри мөмин, әри ҳаўайы, өжет, әри жапакеш. Соннан келип бир күн дуз ишкен жерине қырық күн сәлем береди, кисиден ийнениң ушындай зийнет көрсе, оған өзин өмиринше миннетдар тутады. Сизге мәлел келмесе, биринши қәдемиңизди мынаў қаракөз пухараларыңызға баян қылсаңыз.

Зарлық төре ҳақыйқый тахт ийесине усап еки ийнине алмагезек бурылып қарап алды. Оң жағында Алакөз, шеп жағында бала Ерназар отыр еди. Бала Ерназардың ханға қойған талабы Алакөзге күтә унап, жас болса да өзине теңлес көрип алжаспағанына кеўли толды ҳәм ханның өзине қарағанының мәнисин түсинип, тикейе сала оған қол қаўсырып бас ийди:

— Уллы ханымыз, ахиднама жазарда «Ҳақыйқый перзент ата-бабасы еккен нәлшеден жемис өндиретуғын болып тәрбияланады», деген даналықты сиз айтқан едиңиз. Өзиңизге мәлим, бизиң ата-бабамыздың еккен нәлшеси уллы орыс елаты менен дослық-ҳәмдамлық дарағының шуллиги.

Мәдирейим бий гәп қосты:

— Мен есимди билгели мынадай дәстүр бар. Хийўада хан өзгерсе, «дәўир кимнин дәўири, пәленше ханның дәўири» деп дуйым журтқа жар салдырады. Бизлер-әм төрт тәрепке жарнашылар жиберип «Дәўир кимниң дәўири, Зарлық ханның дәўири...» деп жар салдырыўымыз керек емес пе?

Зарлық төре енди еки ийнине қарамады, ойланып та отырмады, сөйледи:

— Ҳүрметли бийлер, асыққан қыз байға жарымас, дейди халық даналығы. Дақ қуўған бар абырайынан айрылады, дейди, және де халық даналығы. Ҳәзирше қарақалпақ ханы жөнинде жар салдырыўдың кереги жоқ. Хан әўели өзин билдирсин, соннан кейин журттың өзи жар салады. Ал енди, мениң биринши қәдемим неден басланбақшы? «Алпыс бийдиң Ахиднамасында» «хан ең әўеле Әмиўдәрьядан тиккелей саға алатуғын үлкен арнаның қазыўын баслатады» делинген еди, әлбетте солай иследиўимиз. Лекин, өзлериңизге мәлим, бир қынға еки пышақ сыймайды. Хорезмге екиниши ханның сыйыўы да сол тақылеттеги гәп. Сол ушын, биринши нәўбетте, ахиднамаға мөр салып, қол басқан ҳәр бий бүгиннен баслап ўәдесин бәржай қылсын, яғный ҳәр бий өзиниң қол астындағы бәрше жигитин атқа миндирип, тап усықәраға әкелсин.

— Зарлық хан, хан сарайын қәйерге салыў нийетиңиз бар? — деди Сайыпназар.

— Ҳәзирше хан сарайы атларымыздың ери, — деди хан.

Бийлер иллә деп аўыз аша алмады.

— Уллы ханымыз, бир қасық қанымнан кешсеңиз, айтар гәпим бар, — деди Алакөз айрықша ҳәсиретли ҳаўаз бенен.—

«Алпыс бийдиң ахиднамасына» қол бастырып, мөр салдырыў ўазыйпасы маған жүкленген еди. Тапсырылған иске тола бәржай қылып, усы орынған қәдирданларға толығы менен мөр салдырдым, қол бастырдым. Дурыспа, халайық?

— Дурыс, — деди хәмме бир аўыздан.

— Әттең, бир лийкини бар. Хәммениң соңында Фазыл қалып еди. Оған келгенимде, жақсы қабыл етип, қол басаман деп алдап, «ахиднаманы» отқа таслады.

— Ахиднаманы отқа таслады?!

— Ахиднаманы отқа таслады?!

Ханға, бийлерге қосыла пүткил жанлы мақлуқат, тоғай, дәрья, алыстағы теңиз «Ахиднаманы отқа таслады?!» деп гүўлескендей болды.

— Өзи қайда? — деди Зарлық қәҳәрлениңкиреп.

— Әкелип анаўкәраға байлап қойыппан. — Алакөз түргелип Фазыл байланған шеңгелликке қарай жүрди. Хан, бийлер тобы менен оған ерди. Фазыл торағырылдың өзегине усап қыймылсыз, өлим ҳалына жақынлапты.

Тоғай ишинде жалғыз ат туяғының дүрсили еситилип, бийлерде әллеқандай ҳаўлығыспа сезилген сыяқланды. Аздан соң Фазылға жан ениңкиреп, аяқларын жерге тиреңкиреп бойын тикледи.

Шаўып келген атлы Мәўлен сары еди, оның бир жаңалық айтыўын күтип ҳәмме жалт бурылды. Пүткил қарақалпақ бийлериниң нәзери аўғанға Мәўлен қорқып, атынан түсти де, шеттеги бир бийге сыбырлап, ешейин өзи жүргенин, дурысырағы, бир сыйыры жоғалып, соны излеп шыққанын айтты. Оған ҳешким мәни бермей, Фазылға бурылды. Фазыл бийлер арасында өзиниң тәрепдарларын көрип, сыр алдырмаў ушын қәддин тикленкиреди ҳәм сойлақ сары тислерин көрсетип, мыржыйып күлген болды. Бул кейип бийлерде абыржыў пайда етти. Сайыпназар, қалай болмасын, оның көзине түспеў мақсетинде изге бәсип тасаланды.

— Қәне, Фазыл, — деди Зарлық ҳүким даўысы менен. — Айт ырасын, «алпыс бийдиң ахиднамасы» қайда?

— Сениң, онда не жумысың бар? — деди Фазыл артында күши барлығын уқтырыў ушын.

— Уллы қарақалпақ ханына «сен» деп сөйлеме! — деп жекиринди Алакөз.

Фазыл аяқларын жерге тиреңкиреп, арқасы менен торағырылды қасып, бойына күш топлап, тисин қайрады:

— Тфиў, сатқын Алакөз! Анаң сени сатқын Айдос пенен ойнас қылып туўған деген гәп бар еди, ыраслығына енди исендим. Әй бийлер, сизлер елдиң еркин мынаў биреўге бергениниз ырас па? Иним Ерназар кенегес, пүткил халқымыз сенде түўесилмес ақыл булағын көрер еди ғой?

— Айт ырасын, «алпыс бийдиң ахиднамасы» қайда? — деп бала Ерназар Зарлықтың сораўын қайталады.

— Отқа тасладым, — деп Фазыл езиўиндеги мысқыллы күлки изин жыйып қатал кейипке кирди. — Халықты алдаўдың ондай «ахиднама» зәрүр емес. Хорезмде тек бир хан болыўы шәрт. Аз санлы халқымызға пәл-пәл берип, апатқа апармаңлар!

Ҳәмменің изинде турған Мәўлен бул жерде не болғанына енди түсинип, алдындағы бийлерди екй қолы менен айырып, Фазылдың қасына барды да, көпшиликке бет бурды.

— Халайық, бул оғыры жаман адам! Баяғыда Ерназарды қутқарыў ушын пул жыйнап апарғанда, Бас ўәзирге «бул пулды халық жыйнап, Ерназар алакөзди өлтириўди соранды» деди.

Ҳәмме ләммийим.

Мамыт пенен Сайыпназар ҳеш көзге түспеў мақсетинде бойларын жасырыўға урынды.

— Нәлетий Мәўлен, — деди Фазыл тисленип. — Мен сениң боқтан топ қылатуғын қоңыз екенинди билетуғын едим, әттең, бундай әдет бәрше қарақалпақ бийлерине тән болғаны менен, сени айырып қарамағанман!

— Пүткил ел басшыларына жала жаппа! — деди Зарлық қәҳәрленип.

Мамыт Сайыпназардың жеңинен тартып әстен сыбырлады:

— Мәўленди қуўатлайық. Баяғыда Фазыл бизлерге ҳеште ескертпей қыра жазладығой.

— Үндеме! Фазылдың минези сондай, сени өзи жықсада, астыңа мамық төсеўди умытпайды.

— Мамыт, Сайыпназар, неге буғып қалдыңлар, сөйлеңлер!— деп бақырды Фазыл.

— Мәўлен дурыс айтты, — деп салды Мамыт.

Зарлық Сайыпназарды күтип турмай дөгерегиндегилерге айнала көз таслап, олардың жүзлеринен Фазыл жөнинде еки ойлылықты көрди де, жүзин түнертип сөйледи:

— Ҳүрметли бийлер, биринши ҳәмиримниң ҳәсиретли ҳәмир болатуғынына жүдә қыйналып турман. Бирақ илажым жоқ. Бизиң халқымыздың уллы мақсет пенен бир ханлыққа биригиўине, өз аты менен ханлық дүзиўине душпанлық еткен Фазыл бийге өлим жазасын буйыраман. Усы тораңғылдың анаў қыйсық шақасына асылсын. Ҳәмиримди еки Ерназар ҳәм Генжемурат бий боржай қылсын!

Ҳешким үндемеди.

Фазылдың өлим алдында, «Қасымға жеткер» деп тапсырмалар айтып сыр ашыўынан қорқып Сайыпназар адамлардың тасасы менен Ерназар алакөздиң артынан келип сыбырланды:

— Бул наймытты көп сөйлетпей гүм қылыў керек!

Алакөз бала Ерназарға қарап жүзинен мақуллаў белгисин сезип, ғурыжға минди.

— Хан ҳәмири — қуда ҳәмири! — Ол бара сала Фазылды тораңғылға қурсап байлаған арқанды шешип, бир ушын гүрмеклеп оның мойнына илдирди, екинши ушын Зарлық ийеги

менен пускаған мықлы шақаға асырып таслап, тартыўға келгенде, артындағы бийлерге қарады ҳәм олардың көпшилигинде қорқыныш белгилерин аңлады да, Фазылға бурылды:

— Айт, соңғы сөзиңди?

— Биринширден, мендей ел сүйер, халқының парахатшылығын, бахтын ойлаған инсанды өлим менен қорқытыў үйрекке суўды айтып қорқытыў менен бара-бар, Алакөз! Екиншиден, мениң мойныма арқан салмастан бурын өз мойныңды ойла, Алакөз! Бийлер, бул наәдилликке қарсы шығыңлар. Қарақалпақта бий өлими уллы Хийўа ханынан бийҳүжим болмайды. Дәлкек қылмай босатыңлар мени!

Бала Ерназар менен Генжемурат алға өтип, торанғылдың қыйсық шақасынан асырылып тасланған арқанның ушын тартты.

Фазыл бар күши менен мойнындағы арқанға қос қоллап асылып, сөгинди:

— Ақмақлар! Мен ушын Хийўа ханы бәршеңизди дарға шек-ше... ше...

Оның аяқлары жерден көтерилгенше өлимине исенбеўи менен даўысы семди.

Еки Ерназар менен Генжемурат Фазылды асқан арқанның екинши ушын торанғылдың түбине тарттырып байлады да, Зарлық ханның алдына барды.

— Ҳәмириниз бәржай, ханымыз!

Бийлердиң көзлери алақласып, торанғылда салбырап турған өлиге бетлей алмай, ханның ендиги ҳәмири не болатуғынын күтти.

— Уллы ханымыз, «алпыс бийдиң ахиднамасын» қайтадан жазыўымыз керек болармекен? — деди Алакөз.

Хан бираз ойланып, гүллән бийлерди бир қатара көз бенен шолыды да:

— Мен бул ҳүрметли бийлерге исенемен, — деди ҳақыйқый ханларға тән салдамлылық ҳәм бирден ғайбар түрге енди.— Туўысқанлар, ҳүрметли бийлер, және бир ҳәмириме қулақ салыңлар!

Бийлердиң биразларында еле қарақалпақ ханы пайда болғанына исеним толық қәлиплеспесе де, бири екиншисин бағып, үнсизлик пенен Зарлықтың аўзынан шығатуғын буйрыққа қулақ турди.

— Ҳүрметли бийлер, бәршеңизге мәлим, елде бәрше жигит қыран, елде бәрше ат қыранның аты деп ахиднамаға қол басқансыз, мөр салғансыз. Әне, усы сөзлерди үш мәртебе қайталаймыз.

Бийлердиң даўысы тең қосылмаған менен Ерназар алакөздиң ўадырланқыраған ири даўысына ерисе үш ирет гүңиренисти:

— Елде бәрше жигит қыран! Елде бәрше ат қыранның аты! Елде бәрше жигит қыран!!!...

— Ҳүрметли бийлер! — деп Зарлық хан және сөйледи,—

Өзлериңизге мәлим, Хийўа ханы өзиниң ғәзийнехапасын толтыратуғын мүләйим ҳәм жапакеш қарақалпақ халқынан анаңсат айрылып қалмайды. Сол ушын, бир ай мәўлет ишинде қол астыңыздағы бәрше жигитлерди атландырып, усыкәраға ертип келесиз. Бас әскер басымыз Ерназар алакөз, маған бас көнесгөй бала Ерназар, қалғанларыңыз алпыс бийдиң ахидпамасына муўапық өз уруўыңыздан, өз аўылыңыздан ертип шыққан қыранларыңызға әскер басысыз. Ханлыққа миясар басқа ҳамалларды соң бөлистиремиз.

— Елге сизди хан деп жәриялай берсек бола ма? — деди бир даўыс.

— Ҳәзирше шыдаңлар, — деди Зарлық.

— Неден қорқамыз?

— Ең әўеле елди тойдырыўдың жолын ислеп шығыўымыз керек.

Бул ҳәммеге мақул түскен сыяқлы.

— Қарақалпақ ханлығының басқа ханлықлардан айырыў белгиси бола ма? — деди және бир бий тынышлықты бузып.

— Әлбетте, — деп Алакөз жуўап берди. — Бул белги жонинде ханлық толық жәрияланған соң мәсләҳәтлесемиз, — деди де Алакөз дастурханға көз қыйығын таслап, өзиниң жудырығындай үлкен бир қызыл алманы қолына алды. — Уллы ханымыз, мынаў алмадай бир пүтин бирлигимиздиң белгиси ушын, буны алпыс бийдиң теппе-тең бөлип жеўине урықсат етесиз.

— Өзиңиз үлестириңиз.

Алакөз усталық пенен алманы майдалап алпысқа бөлип болғанша Зарлық тораңғылға асыўлы өли таманға қарап турып:

— Ҳүрметли алпыс бий, — деди даўысын көтериңкиреп.— Барлық қыран жәм болғанша оны түсирмеймиз, жерлемеймиз!...

— Дурыс, — деди бала Ерназар. — Душпанды жеңбестен әўел өзимизди өзимиз жеңиўимиз тийис.

Олар бир алманы бөлисип жеп, тарқасыўға қарағанда, тоғай ишинен шаўып киятырған жалғыз ат дүрсили еситилип, бәри және сескеннсе топланды. Ол Шоңқы еди.

Шоңқы булардыа көре сала алыстан даўыслады:

— Әлеўметлер, әлеўметлер, жаңалық, жаңалық. Хийўада хан өлипти! Мерв урысында өлипти. — Ол Ерназар алакөздиң алдына келип, қаратерге шомылған атынан ғарғып түсип, ҳалықлады. — Тапсырманыз бойынша Хийўаға барып қайттым, Ерназар аға... Хан... өлипти. Мерв урысында өлипти. Пүткил Хийўа гүйзелиске түсип атыр.

Хабар ҳәммени қуўантып, кеўиллендирди.

— Маған емес, елимиздиң биринши ханы Зарлық ханға бас ий! — деди Алакөз оған.

Шоңқы инанарын ямаса журт оның қорқақлығы үстинен күлки туўдырыў ушын жорта айтып атырғанын билмей, әўеле Зарлық төреге, соң бийлерге қарап-қарап алып:

— Ерназар аға, ойнамаса, — деди еркелеңкіреп. — Егер ахиднама бойынша хан тикленетуғын болса, бірінші ханымыз өзіңіз ғой!

— Әўеле бас ий, соң сөйлесемиз.

Шоңқы бийлердің кейпи бойынша бул жерде әллеқандай үлкен ис шешилгенин сезип турыпты, бирақ еле анығына көзи жетпейди.

Бир бий оның бүйиринен түртти.

— Анаған қара!

Шоңқы торанғылға асыўлы Фазылды кийиминен танып, жаны шығып кете жазлады да, ҳалы барынша жылдамлылық пенен Зарлық ханның алдына барып бас ийди.

— Ҳүкиметли алпыс бий,—деди Зарлық.—Егер Шоңқының хабары шын болса, таза хан биз бенен мәмлеге келиўдің бир жолын излеўи де мүмкин. Сол ушын жигитлериңиз жаў-жараққа қосып бел, балта алып шықсын. Әмиўдәрьядан саға алып, усы әтирапты суўландыратуғын арна қазыўды баслаймыз. Бул өмир арнасы болады.

— Жүдә ҳәм жақсы ой, — деди Алакөз қуўанышлы.—Таза арнаның еки бойынан бийлердің бағы-шарбағы ушын жер бөлистиремиз.

— Ҳәр бийдің қазыўға қосқан үлеси бойынша жер бөлинеди, — деди хан.

Бийлер қуўжыңласып сала берди.

* * *

Ашлық әке емес — кисиге қол жайдырады, ант ана емес— жазаласа жер тарттырады.

Елдің тойыныўы ушын арна қазып жер ашыў жөниндеги шақырыққа ма, ямаса алпыс бийдің ахиднамасының күши ме, бир айдың ишинде барлық қарақалпақ аўылларына қозғалаң тийип, өмир арнасын қазыўға қарсылықлар кемейди.

Зарлық басшылығында еки Ерназар қазылыўға тийисли арнаның сағасын қәйерден алыў кереклигин ойласып көп күн дәрья бойлап жүрип, Хожелиниң тусынан сәл өрлеўдеги Таслақтың тусынан саға салынып Көкис аўылының үстинен өткен, соңынан «Қызкеткен» атанған кишкене салманы кеңейтип қазып, аяғын Қазақ дәрьяға қуйдырыўға келисти. Бул аралықты бир жылда қазып жеткериў қыйын, егер қазылса, пүткил қарақалпақ аўылларын бириктириўши орайлық жулын тамыры болады. Сонлықтан, ҳәмме Зарлық ханның ел келешегине узақтан көз жибергенине қуўанысып, күнниң кем-кем аяз тартып, қыс толық кире баслағанына қарамастан, өз жигитлерин баслаған атлы бийлер, ўәделескен мәканға жыйыла баслады.

Хан оларды жүдә мүләйимлик пенен қабыл етип, ашылысып сөйлесип, асықпай ҳал сорасып, қайсысын қандай жумыстың түри күтип турғанын билиў ушын еки Ерназарға жиберди.

Еки Ерназар мисли аға үке туўысқан. Бириниң айтқанын екиншиси жөнлеў менен, топарласып келгенлерге келешектеги қоныс, ҳәм егислик мәканларын қәйерден қәлейтуғынын сорап, арна қазатуғынларға шек бөлистиреди.

Мисли бий тутымын тутып изине бес жигит ерткен Мәўлен сары пайда болып, көзлери мөлериңкиреп барып еки Ерназарға сәлем берип, әстен муңын айтты:

— Дүньяға шығып көз ашқалы биреўдиң қуўанышына екинши биреўдиң шын ықлас пенен қуўанғанын көрмеген едим, енди көрдим, енди исендим.

Урыўына жақсы егис жер ҳәм қазыўдың шегин белгилеўди соранып Мәдирейим бий келип тур еди, Алакөзге өтиниш қылды:

— Қушимиз азлаў еди, Мәўлен бизге қосылсын.

— Жоқ, Мәдирейим, еле көп терис аяқлар шығады. Соларды жазалаўшылар керек. Мәўлен, қазыўда бас дүрреширсең.

— Ерназар, сен не буйырсаң қуллық деймен,—деди Мәўлен қуўанышлы.

— Әўеле, өзимизди өзимиз қаттырақ тутпасақ, бирлик бола ма?

— Дурыс, Ерназар.

Тоғайды айырып бел орнына дуўтарын қушақлап киятырған Бердақ шайыр көрингенде Алакөз жүдә кеўилленди:

— Әне, халыққа йош, халыққа туў киятыр.

Бердақ селдирлеў ғана қара жипек муртларын сыйпалап қойып, ҳәммеге сәлем берди ҳәм еки Ерназардың алдына тоқтап, ел бирлиги ушын ҳәрқандай буйрықты орынлаўға таяр болып келгенин айтты, Алакөз оның жаўырынынан қақты:

— Айпалайын. Керек десең қосығыңа бағдар-әм берейик.

— Шайыр өз халқына не керегин өзи түсиниўи керек, аға,— деди Бердақ.

Қәпелимде, ҳешким күтпеген көринис жүз берип, ҳәмме бир жаққа бурылып, сыбыр-сыбыр бола қалды.

— Ўайй, ойй, бундай сулыў демеген едим ғой!

Қудай соншама-әм гөззал қылып жаратармаа?..

Бир атты минип, еки атты жетегине алып киятырған Гүлзийба ҳешкимнен тартынбай, туўры Алакөздиң алдына тоқтап, аппақ маржандай тислерин көрсетти де:

— Бийлер,—деди көкирегин көтерип. —Арамызда ҳаял пайда болды деп үрпеймеңлер! Бир қәтелигиңизди есиңизге салыўға келдим. Алпыс бийдиң аҳиднамасы бойынша елдеги ҳәр бир ат қырандики болыўы керек. Сонда неге меннен ҳешким ат сорамады? Ғарры байдың жесири жыламасын дединлерме? Алың мына атларды! Еркеги жоқ ҳаял еркек болып хызмет етиўи тийис, деп қазыў-әм қазыўға келдим. Егер оған ҳалым келмесе, қазыўшыларға тамақ писириўши болыўға келдим. Ылғал күн туўса, аттан жығылғаныңызды сүйеўге, кирлеген кийимиңизди жуўыўға келдим.

Өткир тилли, батыл жүрекли келиншекке бир нәрсе деўге дуўтарын қолтықлап келип турған Бердақ шайырдың да тили тығылды.

— Әй, ниярда шайыр,—деди Гүлзийба даўысына бурынғысынан да епкин ендирип. —Жақынла маған! Мынаў еки аттың ағласын таңлап мин!

— Берекет тап, Гүлзийба, — деди әлле ким.

Ерназар алакөз желкесин қасып ойланыўы менен Гүлзийбаға көз астынан сығаланып, оның гүл-гүл жанған ақ жүзи солый баслағанын сезди.

— Бийшара жесирдиң жалғыз баласы да өлип еди, соған ишқысталықта үйине сыймай келген шығар, — деди әстен ғана қасындағыларға. Бердақтың қосық қатарларын излеп, ерин-лерин жыбырлатып турғанын көрип жеделленди. — Шайыр, тартынба, жеңген әкелген аттың биреўин таңла.

Бердақ дуўтарын қолына алды да:

— «Рахмет, Гүлзийба! Ел абат болсын!

Барлық кеўиллерге жақсылық толсын...» деп Гүлзийба әкелген атлардың ақ туяқлы яўмытысын жылаўлады.

— Екинши ат хан ҳәмири менен беріледи, — деди Ерназар алакөз.

Аздан соң, ҳешким күтпеген Қоңырат қаласы тәрептен киятырған бир топ атлы көринди. Қарасып турғанлар шоршына гүбирлести:

— Жанғазы төре, Жанғазы төре!

Алакөз бенен Зарлықтың сескенбеўи бәринен парасат пайда етти.

Жанғазы төре қара торыдан келген, буўрыл сақаллы, сулыўшық, басына сарбаз соппасын кийген адам еди. Елиў қәдемдей аралықта атынан түсип, алға жүрис қылды.

Оның бул ҳәрекети ҳәммени таңландырды. Алакөз өз ханына бирнәрсе ымлады-да, атынан түсти ҳәм Жанғазы төрениң алдынан шықты.

Жанғазы төре қос қолын көксине қаўсырып, сөйленди:

— Уллы Баҳадыр Зарлық хан, аса ақыллы дана ўәзир Алакөз, қарақалпақлар да бизге, қазақларға, усап бирлиги аз, көп урыўлы ел еди. Урыўларды бириктиргениңизди еситип, қутлы болсынға киятырман. Енди күшейипсиз, сол күшиңизге мен де бир күш болып қосылыўға, дослық кеўилимди ашып киятырман.

Қутилмегенде жаманлықтың жақсылыққа дөниўи ҳәммени масайратты.

Зарлық ханның кейпин бағып турған бала Ерназар жигитлерине ымлап, қонақлардың атларын жылаўласып, байлаў ушын жетелеп әкетти. Зарлық пенен Алакөз қонақларды баслап, қосқа кирди.

— Бәрше жақсы ислериңиз қутлы болсын, — деди Жанғазы төре төсекке шығыўдан пәтия етип. — Бизлер бир гезде си-

зин аўылларыңызға да зәлел келтирген едик, енди кеширесиз деп ойлайман.

— Ийилген басты қылыш кеспейди, — деди Алакөз.

— Олай болса мени өз бириңиз деп есаплаңыз, уллы Баҳадыр Зарлық хан, ақыллы батыр ўәзир Ерназар алакөз.

— Ашылған көкиректи ашық көкирек пенен қабыл етемиз,— деди Зарлық. — Мине, биз, биринши исти Хийўа ханына ашық қарсылықтан емес, елдиң ғамы деп арна қазыўдан баслап атырмыз.

— Күтә жақсы еткенсиз, уллы баҳадыр хан, — деп Жанғазы төре үлкен көзлерин перделенкирең, соңпаслы басын сәл ийди. — Мениң жигитлерим сизге ҳәм белдар, ҳәм нөкер болыўға келди. Мениң және бир мәсләҳәтим бар еди, соны ортаға салсам айып көрермисиз?

— Кең кийим тозбас, мәсләҳәтли хан азбас дейди халық.

— Хорезм олаятында өзиңше ис баслаў, Хийўа ханының көзге көринбейтуғын қылышына мойын тутыў менен тең. Сол ушын бәрше истиң алдын алып, Орыс патшасының Сырдәрьяның төмени бойынша басшыларының бири Илекей султанға хат жазыў керек деп ойлайман.

— Жақсы мәсләҳәт жерде қалмайды, Жанғазы төре,— деди Зарлық.

— Уллы ханымыз дурыс айтты, — деди Алакөз.

— Олай болса мениң жигитлериме арнаның қазыўынан шек белгилеп бериңлер.

Олар далаға шықты.

Аўыллар тәрептен бийлериниң басшылығында киятырған және бир шоқ қыран — белдарлар көзге тасланды.

Және...

11.

Қарақалпақ бийлериниң көп ғаўқылдысына қулағы да, көзи де үйренген Ийшан олардың «орысы дийўал» қасында Фазылды торанғылға асып, Зарлық төрени хан сайланғанын еситкенде, көзлери уясынан шығып кете жазлады.

— Мүмкин емес!!!

Хабаршы суўпылары алдында патуўры өжетлигенинне қысынып және өзин басты:

— Ҳеш гәп, шыбынның палға муртын басқаны — өлгени!

Оның ҳәр иске ылайық теңеў табатуғынына үйренискен суўпылары жабырласты:

«Зарлық төре де шыбын».

«Ерназар алакөз де шыбын».

Ийшан ушын ең қәўиплиси Хорезмде еки ханлықтың пайда болыўы емес («Мейли мыңға бөлинсин»), қарақалпақлардың орыс патшалығына баспүкил өтип кететуғыны. Ондай жағдайда пүткил Хорезм орыслардики деген сөз. «Туркияға кеткен хан елшиси-әм келмей көзлерди сарғайтты-ә! Орыслар менен урыс

қаталласқаны ушын Султан қабыл ете алмай атырған шығар... Ҳәзирги жағдайда бизден, жәрдем күткенше, неге жәрдем етпейди деп мени ғуналаўы да тәәжип емес»... — деди өзинше ҳәм атасақалын тиследи.

Есиги алдында узақтан ҳалықлап шаўып келген аттың дем алысын еситип, және ҳаўлығып, өзине келип үлгермей шабарман отаўдың жез есигин көтере сала Хийўа ханы Мерв урысында қайтыс болғанын хабарлады. Ийшан апалақлап ханның өлимине емес, орыс патшалығына өтип кететуғын қарақалпақ ханлығы дүзилген ўақытта, оған қарсы ләшкер жиберетуғын ханның өлими сәйкес келгенине буўынына қурт түскендей, шалқасына қулады. Ол бул әтирапта пайда болғалы биринши мәртебе усындай кейипке түсиўи еди, суўпыларының зәрреси қалмай бетин желпип, үстине суўық суў бүркип тикейтти. Ийшан өзиниң жүдә нақолай жағдайда әззилик көрсеткенин және бүркеўге урынды:

— Садағаң кетейин хан, күтә ақыллы инсан еди.

Ол ханның өлимине қанша жан ашытқан түр көрсетпесин, намазына барғысы келмей, өзиниң кеселленип отырғанын айтып қалды. Себеби марҳумға қыйналыў таза болатуғын ханға унайтуғыны я унамайтуғыны оған биймәлим.

Кешке таман еки суўпысын еки Ерназардың аўылынан хабар алыўға бөлип жиберип, жалғызлықта қалып, қарақалпақ бийлериниң алаўызлық ошағына қәйткенде ақсат ғана май қуйылатуғынының ҳәр қыйлы жолларына қыял жуўыртып отыр еди, пүткиллей жабайыланып, бетаўзын, тасланды атызға шыққан шөнтей ғаўлап сақал басқан уры Қасым кирди. Ийшан басын көтерип сәл қызарған көзлерин алартты:

— Пәрлериң нағыз бүркиттиқи, аммо, ушыўың ғарғаны елеслетеди.

— Неге, ийшаным?

— Дүньяда сениң күнине жете алмағанлар неше мың. Сен болсаң бир кәрўан жолдың ийесисең, былайынша, бир жолдың лийкинин алған патшасаң. Не гүна қылсаң әфиў етиў, әўеле қуданың, қала берсе мениң қолымда. Аммо, Зарлық Генжемуратлардың аман-есен Оренбург сапарынан қайтыўы сени «патшалығыңнан» түўе, өмириңнен жуда қылайын деп тур.

— Мен орысларға қарсы пикирдеги қазақ бийлери менен жүргенде жүз берипти. Азберген бий, Есет Көтибар улы дегенлер орыс төрелерине қарсы исимизди күтә қоллап қуўатлайды, — деп ийшан түсинсин деген ой менен анықлаңқырады.— Кенесары хан тәрептарларынан. Ал енди, ең соңғы жаңалық, орыс патшалығы менен Түркия арасында урыс еле жүрип атыр.

— Орыс Михайлов ертип кеткен Теңел, Қәллибек жетимлерден хабар айт.

Қасымның ушы топыр мурының үсти терледи.

— Яқшы, қапаланба. Ғарға дүньяны төрт айланып ушсада ғарға. Қәне, не әкелдиң?

— Еки саўда кәрўанынан — бир қоржын алтын түсирдик!

— Дем ал!

— Айтпақшы, тоғайда бир отыншыны тутып, көзлерин байлап қойып, елде не жаңалық барын сорап едим, өңшең бийлер жыйналып Зарлық төрени хан көтергенбиш?

— Көп соқыр жыйналса арасынан бир қыйсықты хан деп есаплайды-дә!

Қасымның ийинлери селкилдеп үн шығармастан күлди.

— Кеткениң мақул болар, ийшаным.

— Қуда қәлесе, ендиги келисиңе шекем Зарлық, Алакөзлер бул дүньяда болмайды.

— Өзим-ақ бир ақшамда өлтирип кетсембекен?

— Олар еле өзлерин өзлери өлтиреди, сен тек өз «патшалығыңа» беккем бол!

— Көрискенше, хош!

Ийшан Қасым қалдырған қоржынның гүржисин шешип алтынды сыйпалап, бойын қустай жеңил сезинди.

Келеси күни еки сўўпысын күтип отырмастан Хийўаға жол алды.

Марҳум ханның ниниси тахтқа көтерилседе ишки алаўызлықтың оғыры күшейгенининң үстине келди. Бурынғы Бас ўәзир сырлас ийшанын көрип, шағынып қоя берди.

— Өзеги ашшы ағаштың-әм жемиси мазалы болар еди, таза ханымыздың ҳәм өзеги ашшы, ҳәм мийўеси жоқ.

— Ондай ағашты кесиў қыйын ба?

— Күшим жетпей атыр.

— Мени таныстыр.

Хан ийшанды бурыннан-әм жақсы билетуғын еди, ушырасыўдан-ақ, оның аз ҳәм саз сөйлеўи кереклигин ескертти. Бәрибир, ийшан көп күн ойланып, писирип келген пикирлеринен алжаспады.

— Қәдирли ханымыз, — деди ол таза ханды онша менсинбеген кейип пенен. — Өзиңизге мәлим, бир маңлайға еки көз жарасады, аммо олар мәңгиге бир-бирин көре алмай жасайды. Хорезмде пайда болған екинши хан жарасады деп ойлағаныңыз бенен сизди көре алмайды. Өзиңиз билесиз, ким кимди тойдырса, ол соның ийти, соны қорғайды. Қарақалпақ ханы елин тойдырыў ушын таза арна қазыўды баслады.

— Бәрин еситкенмен, қысқа айтыңыз.

— Өзиңизге мәлим, қусқа пәр аўырлық қылмайды. Сиз Хорезмниң сүймурық қусысыз, қарақалпақлар-әм пәриңиз, егер олар жулынып орыс патшасының қол астына өтсе, жуқарып ғана қоймайсыз. Әмиўдәрьяның арқасына ушып өте алмайсыз, бара-бара гүлшедей Хийўа қаласының-әм аспанына көтериле алмайсыз.

Тахтқа мингели сарайдың ишки алаўызлығынан мийи айланған хан тар маңлайын жыйырды.

— Жумбақсыз, жумбақсыз.

— Қәдирли ханымыз, қарақалпақ елинде жәрияланған өтирик ханлықты сапластырыңыз! — деди ийшан туўрылап.— Олар орыс патшалығына адам жиберип алды. Егер, Қырым урысы тамам болса, орыслар күшли ләшкерин берман — қарақалпақ жерине аўыстырады. Соннан соң сизди женшип Иран, Афган, Индостанға өтеди. Есиңизде тутыңыз, алды менен тек сизди гелле қылады. Еситкенсиз, орыслар Түркия менен урысып атыр, сиз болса түркий тилдеги елатсыз, сол ушын да сизди гелле қылады. Орыслар ислам динидегилер менен урысып атыр, сиз болса исламның күншығыстағы ең уллы ошағының ийесисиз әне, сол ушын да сизди гелле қылады. Сарайыңыз орнында тек гөне дийўал ҳәм күл қалады. Келеси әўлад тек сизди айыплап, гөриңизге мың-мың тас жаўдырарды.

— Ийшаным, бир быжықтан мың мешкей жақсырақ маған.

Қарақум ийшан секирип турып, түсимсиз ханды бәләәтлей жазлап зорға өзин тутты.

— Сиз күтә албырап турған пайытта Зарлық хан Алакөзди басқылап үстиңизге қыранларын айдамайды деп ойлайсыз ба? Еситтиңиз бе, ол Зарлық төрени хан көтериўден сизге садық Фазылбийди тораңғылға асты.

— Ийшан, билесиз бе,—деди хан. —Түйе сонша үлкен геўмис мақлуқ. Бирақ, оны тырнақтай адам минеди. Биз сарай ләшкерин сыртқа жибергенше, тәсил менен геўмис Алакөзди неге түйе қылмаймыз?

— Ол геўмис түйе емес, қақпанға түсип шыққан түлки. Енди жемтикке айналмайды.

— Мерв урысында ғәзийнехана орталанып, барлық аўырманлық мениң мойнума қалғанын билмейсиз.

Ийшан уры Қасым әкелген алтынды, айрықша зәрүрлик туўмаса, ҳешкимге көрсетпеў ушын, ҳәтте садық суўпыларынада билдирмей, көмип кеткен еди, күши әззилеп албырап турған ханға сол алтынды әкелип тапсырыўдан артық нәрсе болмас деген ой менен, алтыннан жәрдем ететуғынын айтты.

— Жумбақсыз, жумбақсыз.

— Енди гәп басқа.

Ийшан жеңил непес алды.

12

Патшаның мақсети менен халықтың алға қойған мақсети, мудамы от пенен суўдай болыўына қарамастан, урыстың оларды бир мақсетке бириктиретуғын пайытлары болады. Патшаға тахты қәдирли, халыққа туўылып өскен мәканы, ўатаны қәдирли. Әне, бул нәрселер орыс патшалығы менен халқын бириктирип, Түркияға тек Түркияға емес, бул урысқа таярлықлы Түркия—Англия—

Франция бирлеспесининң күшине қарсы саўаш ғажжа-ғаж жүргизилип атыр.

Урыс ҳәр тәреплеме ең жайып, Дунайдағы генерал Горчаковтың 84 мыңлық ләшкерине қарсы Түркияның Омар патша басшылығындағы 150 мыңлық ләшкери топылды.

Бул ўақытта дағыстанлы Шамиль басшылығындағы көтерилиске қарсы Кавказда қызғын саўаш бар еди. Түркияның Әбди патша басшылығындағы 100 мыңлық ләшкери Кавказға шабыўыл қылып, Акальциха ҳәм Александропольдағы аз санлы орыс ләшкерине ҳүжим қылды. Бул жерде орыс патшалығының ләшкери әззилик етип, Қырымнан 16 мың ләшкер теңиз арқалы Кавказға әкелинди. Усы ўақытта Закавказьеде армян—грузин ополчениеси дүзилип, олардың саны оң мыңға жеткен еди. Сөйтип Түркияның жүз мыңлық ләшкерине қарсы генерал Бебутовтың басшылығында саўаш қурылды.

Оренбургтан келген казак ләшкериниң бир бөлеги усы генерал Бебутовтың қоластында еди. Олар Башкадырларда жеринде, оннан соң Тифлиске басып кирмекши болған Түркия ләшкерине соққы бериўге қатнасты.

Орыс ләшкери барлық жерде үстем күшке ийе бола бермеди. Өйткени, орыс ләшкериниң биразы батыс шегарада бәнт еди—бул жақтан Австрия, Пруссия, Швецияның шабыўыл қылыў қәўпи ҳәркүни күтилип турды.

Солай болсада, орыс ләшкериниң барлық орынларда күтә бирлик пенен жүргизген урысы душпанға көп ғана сәтсизликлер әкелди. Вице адмирал Нахимовтың эскадрасы Түркияның Қара теңиз флотилиясын апатқа ушыратты. Бул жағдайлар Англия—Франция теңиз флотын урысқа араластырды. Душпанның күши молайды.

Күши ҳәр жаққа бөлинген орыс ләшкери албырақлай баслады. Закавказьедеги 120 мыңлық Түркия ләшкери сан жағынан үш есе кем орыс ләшкерине қарсы қатты ҳүжим баслады. Бул жағдай базы әскербасылар, солдатлар арасында алааўызлықлар туўдырыўына қарамастан, тийкарғы күш түрклерге қарсы қатаң саўаш жүргизди.

Михайлов Оренбург губернаторының жәрдеми менен жүз басылыққа ерисип, Теңел менен Қәллибекти өз қараўына, атқосшылыққа (деншик) алып шыққан еди. Михайловтың басшылығындағы солдатлардың душпанға қарсы мәртликлери еки қарақалпақ жиғитинде де рухландырыўшылық пайда етип, олар баздабазда тиккелей урысқа араласты...

Мине, ҳәзир Михайловтың жүз атлысы Закавказье таўларының бир қыснағында бекинис қурып, жаўды күтип жатыр.

Бул тар қыснаққа жаў жүрексине алмай турса керек, топылысты тоқтатқанына бир неше күн болды.

Жергиликли халықлардың ҳәм узақтағы кавказ халықларынан ерки менен келген халық ополчениесининң бир топары оларға келип қосылып, пурсаттан пайдаланып танысыўлар басланды.

Солдатлар тынығыўға жатқан гезде атларға қараўыллайтуғын Теңел менен Қәллибек алма-гезек солдатлар арасына барып өзара танысады. Соңғы күнлердиң тынышлығынан пайдаланып олар да бийигирекке көтерилип, төмендеги атлардан көз айырмай сөйлесип отырды.

— Теңел, мен бир қалмақ жигити менен танысып едим, оған «бизиң дәстанларда бас жаўымыз қалмақлар болып келеди, сизлердиң дәстанларыңда қалай?» десем «бизиң дәстанларымызда дүньяда қарақалпақ халқының бары-жоғы ҳаққында бир сөз табалмайсаң»—деди. Арым келеди, сонда бизлер не қылып жүрмиз?

— Халқының атын батырлары, даналары шығарады. Бул демек, бизде даналар, батырлар кем болғаны. Мени ҳайран қалдырғаны, Балкарлар менен Қарачайлар. Олар бизлер тақылетте сөйлейди, Санлары бизлерден-әм аз екен.

— Қалмақлар-әм бизлерден көп емес. Ал енди бир осетин жигити менен сөйлестим. Олар әўеле мусылман екен. Аты әпсана Маман бий Петербургқа барған жыллары олардың да елшилери Петербургқа жәрдем сорап барып, орыслардың динин-әм қабыл етип қайтыпты. Ҳәзир жары осетин христиан дининде.

— Бизиң Маман бий христиан динин қабыл етпегени ушын ақ патша бос ўәде берген екен-дә!

Төменде от жағылып, айналасына солдатлар, ополченциелилер жыйналып, кеўилли саз шертти. Шыдамай булар да пәске түсти. Бир неше күнлик тыныштықтан иши пискен жигитлер алма-гезек қосық айтып, ойын баслады. Соның арасында әскер басылардан (офицерлерден) бири жигитлерге қарап ҳәр халықтың ўәкили өз шеберлигин көрсетиўди өтинди. Бул ҳәммениң арқасын қоздырды. Аяқ ойынлары гезинде еки қарақалпақ тек тамашагөй болып, өзлерин сәл кейинирек алып тура бердидағы, қосық нәўбетин босқа жибермеди. Теңел кегирдегин шертти. Қәллибек қосық айтты, соңынан Қәллибек кегирдегин шертти, Теңел қосық айтты.

Қәллибектиң даўысында өмирге налыныў, Теңелдиң даўысында өмирден қәнәәт табыў излерин сезип, солдатлар оларға да көп қол шаппатлады.

Жаў базда кешке қарай, күтилмегенде шабыўыл қылатуғын еди. Күн бата ойын-заўық тоқтатылып ҳәмме орны-орнына тарқатылды.

Қәллибек пенен Теңел және атлардың басына барды. Олардың жарақлары да бар еди, екеўи де алдыларына гөзлеп жаўды күтти.

Михайлов солдатларға даўыслап, сақ болыўларын, уйықламай алға көз тигип жатыўларын ескертип, өзи бийик төбедеги орнына барды.

Нәзерин алға қаратып тым-тырыс отырған Теңелдиң ийни

үстинен алдына тигилип турған Қәллибек ана тилинде сыбырлады.

— Теңел, сен усы урыста не сездиң?

— Ўатан дегенде орыслардың жан аямас бирлигин сездим. Өзиң ше?

— Мен көп әдилсизликлерди сездим. Еситтиңбе, Қырымның көп жерин түрклер басып алыпты.

— Не демекшисең?

— Душпанның үстемлигине себеп, олардың мылтығы алыстан атылады, теңиз флоты да күшли. Бизлер болсақ аз санлы, әззи елдиң жигитлеримиз. Егер алысқа ататуғын мылтығымыз болғанда, анаў-мынаў көп санлы еллерге күш бермеймиз. Ерназар аға бизлерди Михайловқа ертип жибергенде, әне усыны нәзерде тутқаны мәлим. Есиңде ме, узатып киятырып «дүньядағы ең ағла илимнен үйренип келиңлер» деди. Мен енди күшли түрклерден үйрениў керек деген ойда отырман.

— Узаққа ататуғын мылтық, пуў менен жүретуғын кораблълер олардики емес, инглислер менен французлардики.

— Бәрибир, ҳәзир түрклерге хызмет етип атырған ғой.

— Урысып атырған елден қалай үйрениў мүмкин

— Мениң түрклер тәрепине өтким келип жүрипти.

— Есаўма болғаннан аманбысаң?

— Аңғарасаң ба, Теңел, бизлер ел айырып келип не билдик, не үйрендик?

— Михайловтың Ломоносов деген алым жөнинде айтқаны есиңдеме? Миййң болса сен-әм сондай бол. Мине, орыслардың урысыў әдисин көрип отырмыз. Аз күш пенен көп күшке қалай соққы берип атырғанын көриў, бизлерге әбден керекли әдис.

— Мен кетсем, сен жалғыз қалыўдан қорықпа, ең болмаса, биреўимиз тәўир илим үйренсек, халыққа сол пайда, халықтың даңқын сол шығарады.

— Сен душпан тәрепке кетсең «қарақалпақлар турақсыз, сатқын болады екен» деп даңқ шығарамыз.

— Аш ийт урлық етеди, Теңел. Сениң менен биз аш ийтлермиз, елимиз-әм аш.

— Ырас, ашпыз, жалаңаяқпыз. Бирақ, жалаңаяққа үйренген сорлыға етик кийгизсеңде жерге түскен изи жалаңаяқтики болып қалмаўы керек ғой. Аяғымызға етик кийе баслағанымызды умытпай, қәдирин билейик. Жат елде, ең болмаса, екеўимиз бирлик сақлайық, кетпе.

— Күшсиз, илимсиз бирлик болмайды. Мен сол бирликти болдырыў ушын, келешегимиз ушын кетемен. Гилтиң алтыннан болса барлық есик ашылады. Илим ҳақыйқат алтын гилт. Мен соны излеп кетемен.

— Ерназар аға қайтадан қыранларын жыйнай алса, изимизден келеди. Сен кетсең, ол Уллы патшаға жузиқара болады, сатқынлардың басшысы атанады. Есте тут, анық кетермен болсаң, изиңнен атаман.

— Өйтип ақмақ болма. Есиңде ме, елдеги Қарақум ийшанды түрк десетуғын еди. Ол пүткил елди, Хийўа ханын айтқанына турғызады. Сонда түрк илиминде бир кәрамат барлығы емеспе?

— Ойлан, Қәллибек. Қыйсық жолға түскен киси узақты көре алмайды, сениң көзлериң қамасып турыпты.

Қәллибек қайтып үндемеди.

Жаў таманнан түн ярымына шекем дыбыс шықпады. Таң алдында бәршени уйқы қысты. Теңел Қәллибектен гүманланып, белбеўин шешти де, оның билегин өз билегине қосып байлап жатты. Буннан пайда таппады, оның уйықлаўын күтип, өзи жорта пырылдап жатқан Қәллибек көзин ашты да, әстен ғана қалтасынан пышақ алып, қоллары байланған белбеўди кести ҳәм түргелип қапталындағы жайпаўытлаў жыраға түсип, буққы таслаў менен душпан таманға жуўырып кетти.

* *
*

Теңел, таң қулан ийек болып киятырғанда көзин ашып, нендей ўақыя жүзбергенин пәмлеп, өз маңлайына қос қоллап бир урды да, онысын ҳешкимге билдирмей, белбеўдиң билегинде қалған жарты гүрмегин шешип тастың астына жасырды.

Кийимлери түнги шық пенен малпақ-салпақ болған Михайлов өзиниң шаршағанына қарамай, жүзин азанғы қуяштай жадырата келип Теңелдиң қасына иркилди:

— Теңел, қуўанышлы хабар: Константин Петрович Кауфманды таўып жолығып, сизлер ҳаққында айтып кеттим. Урыс тоқтаса, сизлерге жәрдем етеди, бәлким, Петербургқа өзи баслап алып кетер.

— Кауфман деген ким?

— Үлкен әскербасылардан бири, походный штаб начальниги. Еситпеппедиң, Карс қаласын алыўдың шәртлери жөнинде инглис генералы Ульямс пенен сөйлесик жүргизген адам.

Теңел, ҳақыйқаттанда Карс қаласына байланыслы ўақыяларды еситкен еди: Карс қаласы үстинде түрклер жеңиске ерисип, соңынан орыс ләшкери бес ай қамал қылған соң бағынған қала. Оның әййемги тарийхы жөнинде де, яғный буннан 8—9 жүз жыл бурын Арменияның Карс ханлығының орайы болғаны туўралы да бир әпсана тарап, Карс қаласы ҳәммеге яд болып қалған еди, бирақ, бул жаңалық Теңелди қуўантпай, сазырайыўы менен отырды, буған Михайловтың ҳайраны шықты.

— Дениң саў ма? Қәллибек қайда?

— Қәллибек түрклер таманға кетти,—деди Теңел мурнының астынан.

Михайловтың жүзи бирден өртең шалғандай болып, қәҳәрли сөгинди:

— Антурған ийт! Билемен, ағаштың түби зақымланса, бәрше шақасына өтеди!

Теңелдиң тас төбесине жасыл түскендей, ҳуўыпсыэланыш өзин, я елин ақлайтуғын дәлил таппады.

Михайлов солдатларына бул жерден орын өзгертиўди буйырды.

Бул қозғалаң пайда бермеди. Жақын жерден ғана аңлып жатырған жаўдың көп ләшкери, олардың асығыс орын аўмастыражақ болып бой көтергенинен пайдаланып, қамашалаўға алды. Бир майданлық атыспадан кейин, Михайловқа оқ тийип, бир жырада аттан қулады. Басқалар бәсип, әўелги бекинисине қайта тығылды. Теңел жыламсыраўы менен Михайловтың басында отырып қалды...

13.

Келешек өмир, ырысқы-несийбе тап усы арнада екенине кеўли қапқан дийқанлар ҳеш қандай қыйыншылыққа мой берер емес, таңның атыўынан күнниң батыўына дейин тыным жоқ. Қыстың ең қатал суўығында, жер тоңлап қалғаны ушын аз ғана күн бәршеге урықсат берилди де, күн жадыраўдан қайтадан жыйналды. Бийлердиң де, байлардың да таза арна жөнинде жаман пикирлери жоқ.

Бәҳәр толық кирип күн ысыўға қарады, қазыў еле даўам етип атыр. Егис мапазы жақынлаған сайын басшылар күтә реҳимсиз болып баратыр.

Зарлық хан еки Ерназарды қапталына алып арнаны гә өрге, гә ыққа қарай бийпарасат, жағалағаны жағалаған.

Жанғазы төре көбинесе олардың қасында болатуғын еди, жақыннан бери сырқасланып, қостан онша шыға бермейтуғын болды.

Басшылардың тынымсыз аралаўы аўыр мийнеттен болдырып азған-тозған белдарларға ҳәм демеў, ҳәм күшмийтик. Биразлары оларда бүгинги қыйын мисиўбеттиң дөретиўшилерин көрсе, қалғанлары оларда әллеқандай жақсылық ийелерин көрип, жыллы көз-қараслары менен узатып салады.

Ыраш басларына қағылған қазықлардай ҳәр жерде зеңирейип, қол астындағы қазыўшыларға зобалаң салып турған бийлер, уруў басшылары Зарлық пенен еки Ерназарға жағынып па ямаса ескертпе ҳақыйқат берилгенликтен бе, аўызлары тынбай бақырғаны бақырған.

— Әй, қарабас, неге ярым бел атасаң?... Әй, жаланаш, белге сүйенбе!... Дәўлетбай, тез түргелмесең, торанғылға байлатаман...

Зарлық хан еки Ерназарды ертип күндегисинше ыраш басында жүр. Қара терге шомылып, бел теўип атырған дийханларға ырза. Тусларынан өтип баратырып марапатлайды.

— Ҳай, бәрекелла, азаматлар!

Мәдирейим менен қатар турған Мәўлен сарыға Зарлық бурылды:

— Кейиплер қалай?

— Жудэ жақсы, ханымыз,—деди Мәдирейим. —Менде белдарлар аз еди. Мәўленниң жақсы жәрдеми тийип атыр.

— Неше адым қазды?

— Ханымыз, билесиз, душшы етке ашшы қамшы тиймесе, аз қыбырлайды. Мәўлен адам урыўға шебер екен!

Хан, еки Ерназар шақалақласып күлисти. Мәўлен сары марапатланып, олардың алдын ораңқырап, келеси бийдиң шегине қарай баслады:

— Ҳәзир белдарлар шаршаған. Күнине ҳәр бийдиң қараўынан еки-үшеўин қамшылаўға туўра келеди, базда бийлердиң өзлерине ерк беремен.

Мурны ат басқан бақадай жалпайғанынан бет әлпети теп-тегис болып, жудэ әп-әший көринген пушық киси, басына жегде бүркенген ҳаялдың қолынан жетелеп, ыраштан көтерилди де, үшеўине қол қаўсырып сәлем берди.

— Ҳа, аманлық па?—деди Зарлық иркилип.

— Арзым бар,—деди пушық мурнын ғорқ еттирип бир тартып.—Мынаў ҳаялым еди. Орташадан төмен ҳалым бар, бирақ бул мени қәлемей жүр.

— Қашан алдың?

— Былтыр. Жетим еди, енди тойынды, көркейди.

— Қәне бетин аш!—деди Алакөз.

Ай жүзли, қобаға мурын, сәл жайық аўызлы демесең, бота-көзден келген, ҳәр кирпиги тебендей, қалың қаслы сулыў келиншек сәл мыйық тартып бас ийди.

— Сөйле, келиншек!—деди бала Ерназар.

— Айтар гәпим жоқ.

Зарлық оның ерине бир, өзине бир қарап, не қыларын билмей, еки Ерназарға алма-гезек бурылды.

— Ырас па?—деди Алакөз келиншекке жақынлап.

Жуўап орнына келиншектиң кирпиклери арасынан еки тамшы жас ағылып шықты.

— Меннен кеткиң келетуғынын мойынла!—деди ери оған дәпинип.

Келиншек мақуллаў белгисин көрсетип басын ийзеди.

Зарлық бала Ерназардың ийнине қол салып турып, келиншекти сәл шетке алып, шынын айтқызыўды ескертти. Бала Ерназар шаққанлық пенен келиншекти еринен айырып азмаз сөйлести де ханға жағдайды баянлады:

— Ырас, қәлемейди. Айтыўына қарағанда, ери мурнының пушықлығына қарамай өзин патас тутармыш. Тамақ үстинде көзим түссе қусқым келеди дейди.

— Мынандай мурынның алдында тамақ ишиў өзлеримизгеде аңсат емес, —деп Зарлық мыйық тартып, Алакөзге бурылды.— Қалай болса да шаңарақ бузылмаўының жолын табыўымыз керек.

— Жалғыз жол—ҳаялды ерине теңеў керек.

— Мәўлен!—деп шақырды Зарлық. Алысырақта ыраш басын-

да қалтасына қол суғып турған Мәўлен топырақты етиги менен сүргитип жуўырысы менен жетип келди. —Анаў келиншектиң мурнын ериниң мурнына теңгерип жибер.

— Ой, сондай сулыў келиншекти-ә!—деп Мәўленниң тулабедени жуўылдап, қоллары қалтыраса да, ханға қарсыласпады.

Зарлық еки Ерназарды ертип өрге қарай жүрип кетти.

Аздан кейин излеринен ентигип жеткен Мәўлен хан ҳәмирин бәржай қылғанын баянлады.

— Ериниң кейпи қалай болды?

— Күтә наразылық пенен тоңқылдап кетти,—деди Мәўлен.

Алакөздиң шырайы бирден қара түтинге дөнип, бир нәрсе деўге оқтала бергени, жүзлеген атлыны баслап жақынлап қалған Аннамурат пенен Әбдирахманды көрип гилт тоқтады.

Зарлық және өзиниң хан екенин умытып, ыраштан түсип олардың алдынан шықты, еки Ерназар дәрриў пәстеги қазыўшыларды бармақлары менен шақырып, қонақлардың атларын жылаўлатты.

Ерназар алакөздиң Әбдирахманды көрмегенине көп ўақыт болған еди, және Грушин есине түсти, бирақ гәплер ол ҳаққында болмады. Қонақлар Зарлықты хан болғаны менен қутлықлады, еки Ерназарға қутлы болсын айтты.

— Жәрдемге келдик, дослар!—деди Аннамурат ҳал сорасып болғаннан кейин.

— Ҳармаңлар!—деди Әбдирахман өзине тән әдети бойынша көзлери менен күлип. —Досларымыз уллы ис баслағанын еситип шыдамадық, бизиң жигитлерге де шек бөлип бересиз.

Олар менен бирим-бирим танысып үлгермей-ақ, арқадан отызлаған қазақ сарбазлары келип сәлемлести.

— Ерназар алакөз ким болады? — деди олардың үлкен тумақлы басшысы. —Мен Азберген бий боламан. Бизди сизге Илекей Султан жиберди, жәрдем еткели келдик.

Қостан жаңа шығып киятырған Жаңгазы төре бул ўақыяға әбден қуўанышлы масайрады.

— Мине, Алакөз, хатымыздың әўелги нәтийжеси.

Апақ-шапақ көрисип, танысыўдан соң, Алакөз қонақларды ҳәммеге көрсетиў мақсетинде ыраштың басына ертип шықты.

— Халайық,—деди, тазадан келген қазақ атлыларының бири, —Бизиң арамызда атақлы қазақ бийи Азберген бар. Соған сәлем беринлер.

Генжемурат бий ултанда өз жигитлери арасында бел теўип қазыў қазып тур еди, жаңалыққа қуўанып даўыслады:

— Ассаламу алейкум, Азберген бий, хош келипсиз!

Оның бул иси ханға, еки Ерназарға жүдә унады. Оның үстине Генжемуратлар өзлерине белгиленген шекти ҳәммеден бурын қазып болып, ең соңғы тараншарын берип атыр екен.

— Жигитлер,бизге оғыры көп жәрдем келди!—деди Алакөз шадлы.—Генжемурат, сениң жигитлериңниң үлгили исин пүткил қазыўшыларға данғара қыламыз!

Зарлық Алакөздиң шалтлық етип, ойласпай, халыққа тек өзи

жарынатуғын пикир айтқанып жақтырыңқырамай, сәл түнериңкиреп, оған жалт бурылса да, бузғандай дәлил таппады. Бала Ерназар бийпарўа кейип пенен ҳәрқайсысына алмагезек қарап, қонақлардың көзинше алаўызлық көрсетпей, биреўиниң сөйлеўин күтти.

Ерназар алакөз арна ултанындағы қумырсқадай аламанға көз жуўыртып, Мәўленге бир нәрсе дейжақ болды да, өзин иркти.

— Ханымыз, Генжемуратлардың даңқын басқаларға өнеге қылып көтериў жөнинде не дейсиз?

— Қәне, Генжемурат бийдиң өзи айтсын!

Ултанда маңлайының терин сыпырып турған Генжемурат бий мыйығынан күлип бақырды:

— Ханымыз, бизлердиң атымыздан, бәрше белдар ярым күн дем алсын!

— Мәйли, дем алсын!

— Ханымыз,—деди Алакөз. —Ҳәзир емес және бир шектен кейин, булардың ҳәм қәдирли досларымыздың ҳүрметине Бердақ шайыр бақсылық қылсын.

Зарлық сәл кеўилсизлеў түрде келисип, бас ийзеди.

Еки Ерназар келген жәрдемшилерди қазыўдың алдына баслап жетип тыңнан шек белгилеп берди. Генжемуратларға ҳәм басқа бийлердиң белдарлары ушын шек белгилеўди даўам етти.

Егисти жақынлатқан ҳәрбир күн оларды асықтырып, жумыс күннен-күнге қызғын пәт алды. Қазыўшыларға қаталлық, реҳимсизлик күшейген устине күшейди. Соңда да ханның ўәдеси далада қалмай, аспанда қуяш шыжғырған күнлердиң биринде, түсте, бәршеге ярым мезгиллик дем алыс жәрияланып арнаның өрине, ығына жаршылар жиберилди.

Қазыў басланғалы көп ўақтыхошлықлар артқа сүрилип, базы кешелерге ғана жаслар ушын кишигирим тамашалар өткерилетуғын еди. Бүгинги тамашаның түске белгилениўи ҳәммеде қуўаныш туўдырды, ең кербаз бийлер менен уруў баслықлары да көп күттирмей өз төсеклери менен келди. Ең шабанлар жетип орын басыўдан-ақ, Бердақ дуўтарын қолға алды. Ол тап усындай мерекени сағынып жүр екен, тас төбеде күн шыжғырыўына қарамастан тынымсыз йошты, кейпи ҳешқашанғысына сирә усамады. Әўелинде термелер, нәсият ҳикметлер айтып, қазыўшылар толық жыйналғанын билип, наманы бирден өзгерттиде, таза қосық баслады.

«Дизеңди аўыртып белиң сызлатып.
Жеген бир зағаран палдан жақсырақ...»

Қазыўшылар толық ырзалық пенен бас шайқасып, қуры ат минип жүретуғын бийлерине унамсыз кейипте қарасып, сылтидей тынды.

Бийлердиң қоршаўында отырған Зарлықтың бул қосыққа егитилгени соншелли, өзиниң салдамлы хан екенин умытып, ҳәр са-

пары, «Ҳа тилиңнен!» деп хошаметлеўге өтти. Аннамурат пенен Әбдирахманлар әўелги гезде тыныш еди, халық толқыны оларға да урып, шайырға қосыла бас ийсесиў менен ҳәр муқамға дөпгенин өзлери де сезбеди. Жанғазы төрелер тап өз бақсысындай көрип хошаметлеп отырды.

Бердақ қара терге түсип «Жақсырақ» қосығын тамамлаған гезде, Гүлзийба ортаға кирип барып, басындағы ақ жипек жаўлығын шайырдың белине буўды.

Ҳаялдың ортаға шыққан батыллығы емес, жаланбаслығы биразларды ҳайран етип, ҳәрким ҳәржерден жаман сөз айта баслап еди, жас үлкен дийқан орнынан ғарғып түргелип:

— Халайық! Гүлзийбаны күстаны қылмаңлар! Шайырдың бул қосығы ушын ҳәрқандай ҳүрмет аз. Әй, Гүлзийба!—деди оның изинен.—Берекет тап! Жигитке ҳаялдың өзи де белбеў, сөзи де белбеў, орамалы да белбеў!

Дийқанның өрескил ири даўысы Гүлзийбаны күстаны қылмақшы болған өлпең даўысларды жым-жырт қылды.

Бердақ йошып Гүлзийбаға арнап, оны қызларға теңгерип «Гүлзийба қыз гүл яңлыды...» деген нама айтты.

Усы ўақытта, Ерназардың улы Хожаназар басына төрткүллик шаршы тартып жүретуғын еди, шешти де апарып Гүлзийбаның басына жапты.

Шайырдың Гүлзийбаға шығарған қосығына елигип тыңлаған қазыўшылар Хожаназардың ҳәрекетине ҳештеңе демесе де, Ерназар алакөздиң иши гүманлы ғым етип, гә улына, гә Гүлзийбаға қарады, бирақ екеўиниң жүзинен де өзиниң кеўлиндегидей сезиклениў изин аңғармады.

— Паҳ,, Әжинияз шайыр-әм келгенде ме!—деп өкинди бир даўыс.

Оған жалт бурылған көзлер қубла таманнан қамыслықты айырып таба тутып жылысып киятырған жарақлы атлыларды көрип шуў ете қалды.

— Нөкерлер!!

— Жаў!!

Қазыўшылар орынларынан өрре-өрре турып кетти. Биразлар албырасып атларына жуўырды. Зарлық сасқалақлап Ерназар алакөзге асылды. Бала Ерназардың көзлери алақлап, өзин нық тутып, бийсәўбет атлылардан көзин алмай турған Ерназар алакөзге қатарласты. Әбдирахман Ерназар алакөзге жақын келип сыбырлады.

— Булар Хийўа ләшкери!

— Бийлер,—деди Алакөз жаў таманнан көз алмай.—Ылғал күни туўды. Биймезгил шақырған қораздың геллеси жулыныўы керек! Ең жақсы исимиз бузылмасын, ана-жеримизди енди жаў баспасын! Бөлинип-бөлинип жигитлериңиз бенен атланыңлар!

Алакөздиң ойласпай гейде өзимшиллик буйрық бериўлерин жақтырмайтуғын қәсийет пайда болып киятырған Зарлықтың иши

ғымласа да, тап усы демде оның буйрығына көниў керсклигин түсинип, ханлық ийек көтерди:

— Айт, Ерназар, досларымыздың жигитлери не қылсын?

Алакөз шәпик буйрыққа өтти:

— Аннамурат, сениң жигитлериңде жақсы ҳөнер бар ҳәм атлары жүйрик, оң қанатты алыңлар! Жаңғазы төре, сиз жигитлериңиз бенен Аннамуратларға қосылып ҳәрекет етесиз. Әбдирахман, сен Генжемуратлар менен қосыл, мениң балам Хожаназар да сизлер менен болады, жаўдың сырт жағына айналып, өтиўге илаж көресизлер. Азберген бийдиң сарбазлары биз бенен болады. Бала Ерназар, билесең, хан жоғалса—бас жоғалғаны, мәтқапыллықта, ханымызды урлап кетпесин! Бас ўазыйпаң—елиў жигит пенен хан шатырын қорғаў болсын!—шетиректе турған бийлерине қол шошайтты. —Мәдирейим, Артық, Рахманберди, Асан шеп қанатқа беккем болыңлар.

Қарсы даў айтылмады, қосымша тилек билдирилмеди. Демде ҳәр бий әскербасыға, ҳәр қазыўшы қыранға айналды. Өзбек, түркмен, қазақ жигитлери Ерназар алакөздиң буйрығын тәрк етпей орынларын ийеледи.

Ерназар алакөздиң алдына Мәўлен сары жуўырып келди;

— Мен Генжемуратларға қосылайын.

— Олар күтә қыйын иске баратыр.

— Қыйынлықтан қорыққан жигит жигит пе?

— Рахмет, Мәўлен, илайым сендей ел сүйерлер көп болғай!

— Ерназар,— деди Мәўлен сәл гидирип,—Сен неге меннен Фазыл жөнинде ҳеш нәрсе сорамайсаң?

— Керегн жоқ, Мәўлен, сениң ел сүйер аққөңил екениңе бурынғы исенемен!

Алакөз атына ғарғып минди де, шаўып баратырған улын бир бармағы менен қасына келтирди.

— Жигитим, сен Ерназар алакөздиң улысаң. Душпаннан қаймығыў—өлим. Ғапыллықта қолға түсип қалсаң, жан саўғалама. Қәне маңлайыңды тут, бир сүйейин... Енди бар балам, алдыңды алла ашсын!

Хожаназар атын ойнақлатып шабыўы менен Генжемурат бийдиң изинен жетти.

Әскербасының алдын Бердақ шайыр кеселеди:

— Ерназар аға, мен мылтық услап көрмегенмен.

— Сениң дуўтарың, қосығың мың мылтыққа барабар, иним. Қыранлардың алдына шық та «Халық ушын» ыңды айт.

Шайыр бас әскер басыны ирке бермей алға жөнелип, қыранларға араласты да, дуўтарын қолға алып қосығын жаңлатты:

-«...Жигит болсаң арыслардай туўылған,
Хызмет еткил удайына халық ушын...»

Алакөз алға баратырып, торы атының айылын қаттырақ тартып атырған Гүлзийбаға даўыслады.

— Не қылмақшысаң?

— Ҳаял қыран болалмай ма?

— Ха, ха, ха... «Қырқ қыздың» Гүлайымы болмақшымысың? Бол, бол!

Ири даўыслы Алакөздиң шақалақлап күлисин еситип пе, ямаса таба тутып үстилерине басып киятырған мыңлаған қазыўшы-қыранлар ҳаўлықтырды ма, жаў нөкерлери ҳәр жерден тақ-тақ мылтық атты да, бәдер кейинлерине қашты.

Өр көкирекли жас қыранлар оларды қууыўға мейилленип, атларына қамшы көтергени сол, Алакөз қыйқыўлады.

— Тоқтаңлар!

Алдыңғылар еситпей, еситкенлери атларының жүўенин тартып үлгермей-ақ, биразлары аттан қулады.

Ерназар алакөз енди шыдамай қапталындағы бийлерге, әскер басыларға даўысының барынша сүренледи.

— Жигитлер, гүў алға!

Ҳәмме гүў алға басты.

Мухаммедкәрим жүзбасы, Асан, Артық, Рахманберди бийлердиң өлимди ойламай жаў үстине қарай мисли қоянға умтылған қара қустай шабыўы, Алакөзге ойламаған жаңалық болды.

Бәршеге елеспесиз жүретуғын Бекжан жүзбасы алдында өлим барын писент етпей, қылышын оң қолында жалтылдатып көтерип алға қарай шапты. Жаўға ҳаўлығыспа тийди.

— Қәдирданларым!—деди Алакөз. —Бул барыстан сөзсиз жеңемиз!

Бекжан жүзбасының қыйқыўын еситип пе, хан нөкерлери гезелеринен апыр-топыр шығып бир-бирине қарамай кейнине қарай зып берди.

Жаўдың биринши тәсилинен сабақ алған қыранлар енди асықпады.

Оққа ушқанларды жыйнаўға адамлар қалдырып, қалғанлары жалпыламай алға басып бара берди.

Аттан қулағанлардың басын сүйеп жарасын таңып атырған Гүлзийбаны көргенлер, ҳәттеки, бурын оны жақтырмағанлары да, «ҳәй бәрекелла, Гүлзийба» десип өтти.

Жаў ләшкериниң туў сыртынан ҳүжим қылыўға кеткенлерден еки атлы биреўди айдап Алакөздиң алдынан шықты.

— Бенде, Ерназар аға,—деди бири қуўанышлы. — Генжемурат ағаның тәңҳә өзи тутып сизге жиберди.

— Генжемуратқа алғыс айтыңлар,—деди де, Алакөз оларды қайтарып, бенденң сораўға тутты:

— Кимсиз?

Бенде, күшиниң ыссылығына қарамастан, басына қундыз тыслы малақай кийген, үст кийимлери де ҳасыл, қойыў қаслы сулыўшық адам екен. Қызыл етигиниң басларына қарап турып, мурнын тартып жыламсырады.

— Бир-биреўге қорғасын оқ атып турған пайытта көз жас жәрдем етпейди, сөйле, кимсең? Мен Ерназар алакөз боламан!

Бенде сөйлеўге мейилленсе де, мойнын тиклей алмай аяқ ушына үңилиўи менен мыңғырледи:

— Жазаңыз қандай?

— Ханымыз изиректе киятыр, жазаны сол буйырады.

— Мени ханыңызға жибермей, жанымды сақлап қалсаңыз, сөйлеймен.

— Сөйле!

— Ханымыз өлтирилип, орнына тахтқа минген хан ең биринши нәўбетте, қарақалпақ ханлығын нышқырт етиўге буйрық берди. Сизиң геллеңизди еки мың тиллаға кести.

— Ҳа-а, ҳа, ҳа, мениң геллеме-ә? Хан Мерв урысында өлтирилген жоқ па?

— Оның иниси хан болып еди ғой, сарай иши аласапыранға толып жақында ол-әм өлтирилди.

Зарлықты хан көтерип, таза арна қазыўын баслағанда да, Хийўа неге тым-тырыс болғанына Ерназар енди түсинди.

— Неше жылдан бери нөкерсең?

— Мен Хийўаға жақын аўылдың бийи едим. Биринши ирет нөкер жарағын асынғаным.

— Егер саған мениң геллемди алыў имканияты туўса, қәйтер еди?

— Қызық сораў бересиз, Алакөз,—деп бенде басын жоқары көтерип, узын қара муртларын сыйпалап күлди.

— Шын кеўлиңди айтабер.

Бенде жағаларын дүзестирип оған тикленди.

— Шынын айтсам, геллеңизди найзаға илдирип, ханның еки мың тилласын гирданыма урар едим, ҳамал зәңгисиниң-әм ушқарырағына көтерилер едим.

Ол бенденің нурсызлаў көзлерине үнилиңкиреп қарады.

— Ҳақыйқатлықты айтқаның ушын азатсаң.

— Ханыңызға көрсетпейсиз бе?

— Ханға өзим жуўап беремен.

Алакөз еки жигитти иркип, бендени Әмиўдәрьядан тири өткерип қайтыўды тапсырды да, Бердаққа жетти.

— Бердақ, жуўап бер, қәдирлим, сениңше қандай қыран жақсы?

— Ақылсыз қыраннан ақыллы душпан жақсы, «өлемен» деген-нен «өлтиремен» деген қыран жақсы, Ерназар аға...

— Рахмет,—деди де Алакөз шаўып кетти. Ол қыранларының алдына өтип, хан ләшкерлериниң сүрдеўин көргеннен кейин де ҳәрекетти шаққанлатпай, бир жүристи даўам етип, Әмиўдәрьяға жеткеннен кейин өкинди. Хан ләшкери дәрьядан да түўел өтип үлгерипти.

Зарлық ханды қорғаўшы бала Ерназардың топары жетти. Алакөз ханға хийўалы бенде жөнинде есап берди. Зарлық жақтырыңқырамай басын шайқады.

— Неге?—деди бала Ерназар оның қандай кейипке өткенин билгиси келип.

Зарлық еки Ерназардың да шуңқыр ақыллылығын түсинетуғын еди, сол ушын жасырмағанды мақул көрди.

— Ханнан бийҳужим ис болмаўы керек, жигитлер.

— Жоқ, ханымыз!—деди Алакөз. —Ҳәзир урыс пайыты. Оскер басы хан пәрманын кутсе, ең әҳмийетли ўақтын уттырыўы мүмкин.

— Сен азат еткен бендени азат қылыўдың пәрманын мен бергенде, уттыратуғын ҳештеңе жоқ еди.

— Қарақалпақ қыранлары жаўыз емеслигин, мәртликти, ақыллы гәпти түсинетуғынын Хийўаға айтып барсын дедим.

Бала Ерназар ханға да, Алакөзге де ишинен наразы болды, бирақ сөз қоспай, ойлағанын ишинде қалдырды. Зарлықта өзимшиллик пайда болғанын Ерназар Алакөз ҳәзир аңғарды, бирақ, «басшылық, буйрық, бир аўыздан шықса бирлик болады деп, атырғаны ғой» деген ой менен онша мәни бермеди.

Зарлық олардың кеўиллеринде туйылған гүптикейди тез тарқатыўдың жолын изледи.

— Енди аржаққа өтиў жөни қалай болар екен?

— Әмиўдәрья төппелеме болып ағып турғанда жаў таманға өтиў ҳақыйқатында да қыйын.

— Илажын табамыз,—деп Алакөз аўзын жыйғанша болмады, Шоңқы шаўып келди. Оның түри-түсинен кутә жаманлық хабар әкиятырғаны мәлим болып турыпты. Сонда да Ерназар Алакөз пәрўайы-пәнсери кейип пенен оған тек сораў нәзерин таслады. Хан тезпейиллик етти:

— Сөйле!

Шоңқының даўысы қалтырап хабар айтты:

— Генжемурат бийлер қолға түсипти. Арасында Хожекеңниң барын айтпайсызба?

Ханның ускини қуйылды. Бала Ерназардың жүрегине де әлле қандай ғул-ғула түсти, сөйтсе де, баласы бенде болған әкениң ҳәзирги кейпи-кәрахтын үйрениўге қызығып, урлана қарады. Алакөздиң өткир көзлерине демде-ақ муң мөри басылған сыяқланды.

— Әбдирахман қайда?

Алакөз өзин қанша берик тутса да, жақынлап келип қалған Әбдирахманды аңғармаған еди, оның өзи ҳаўаз берди:

— Мен мындаман.

— Генжемуратлар бенде қылыпыпты.

— Еситтим. Оларды қутқарыўға мен төўекел етейин.

— Бахтың болсын.

Әбдирахман гидирместен жигитлери менен артына бурылып кетти.

Алакөз қыранларға буйрық берди.

— Ендиги ўазыйпа, түни менен дәрьядан өтип болыў! Ерназар, ханымызды қорғап Жанғазы төрелерге қосылып өррегиректен өтесиз. Биз Аннамуратлар менен Мәдирейим, Рахманбердилердиң жигитлерин баслап, усы көрадан, жаўдың өкпе тусынан өтемиз, қалғанлар ырырақтан өтеди. Таң намазына айтылған азан даўысын еситип жаў үстине топылыс баслағайлы!

Әмиўдәрьядан өтиў аңсат болмады. Қушли-қушли атлардың

қуйрығына онша жүзе алмайтуғынларды асылдырып, әззилеў атлар менен күшли жигитлер дараў-ара суўға түсирилди.

Басқалардың дәрьяға түўел түсип болғанын көрип, Алакөз енди ат айдаўға мейилленгени, артта киятырған жекке атлы— Гүлзийбаны көзи шалып гидирди.

— Және неге киятырсаң?

— Ҳа, сизлер ендиги жағында тойға баратырсыз ба?

— Онда атыңды өз байдалына жиберип, мениң атымның қуўрығына асылып өт.

— Өзиң ше?

— Жүземен.

— Мен де жүземен.

Ерназар Гүлзийбаны айтқанына көндириў ушын әри-бери зорлап еди, ол өжетленип шешине берди. Ерназар еки атты қосақлады да, бириниң қуйрығынан өзи тутып, екиншисиниң қуйрығын Гүлзийбаға да услатты.

Атлар жүзип баратыр. Өзинен қалыспай ийтмантыў менен киятырған мәрт келиншекке Ерназар ара-тура бир қарап, қатты ағыс ыққа ала баслағанын бәнелеп төсинен көтерип қояды.

Дәрьяның дәл ортасында күтә сайыз жер бар екен, Ерназар солкәрада атларды иркип, шаршаған Гүлзийбаны жүнли кең көкирегине басып қушақлап дем алдырды.

— Қандай мәрт нашарсаң, Гүлзийба.

— Мени тек суў бойында, я суў ишинде мақтаў пешең.

Ерназар уялғанынан мыйық тартып, оның суў сорғалаған майда бурымларын сыйпалап турып тас төбесинен сүйди.

— Қойшы, Ерназар,—деп Гүлзийба алға бой таслап қулаш жая жүзип кетти.

— Гүлзийба, мен сени ҳақыйқаттан да сүйемен,—деди Ерназар оның менен қапталласып.

— Ҳақыйқый ышқы-муҳаббет ҳақыйқый адамларда болады.

— Мен ҳақыйқый адам емеспен бе?

— Пайдасы жоқ. Мен бахты қара болып туўылғанман. Өзимдей ҳаялдың некесине қылап қылғаным ушын қудай мени жазалады.

Ерназар Гүлзийбаны ҳәлсиретип алмаў ушын қайтып сөйлемей, бир алақанын оның төсине қойып көтерип, қырынлай жүзди.

Жаға олардың ыңбалына жайпаўытлаў екен.

— Гүлзийба, шынымды айтсам, Хожекем биринши қуўанышым, сен екинши қуўанышым сыяқлы едиң. Ҳәзир сен биринши, Хожекем екинши сыяқлы. Сен Хожекени өз баландай көресең ғой-ә?

— Мен ҳәзир Хожекени жек көриўге қарадым, себеби ол жигит болды, анасы ушын маған барлық ўақытта душпанлық қылыўы мүмкин. Ҳәзир өзимди де жек көремен. Ҳаялы бар адамды сүйип, ышқының еки таманы барлығын сезип жүриппең, Ерназар. Бир таманы көз ашып жумғандай ўақтыхошлық, екинши таманы бас-аяқсыз қайғы-ҳәсирет.

— Аҳ, Гүлзийба!...

Гүлзийба үндемеди.

Хан ләшкери булардың тап түнде дәрьядан өтип келиўин есапқа алмаса керек, молласының таң намазына азаны еситилди.

Ерназар Алакөз тез-тез кийинип, дәрьядан өтиўде ҳәлсиреген-лер менен Гүлзийбаны қалдырды да, атлардың бәрин ойпаўытлаў жерге байлатып, хан ләшкериниң гезелерине қарай буққы таслаў менен жылыслаўға буйрық берди.

Бийғам хан ләшкери бирден басқы таўып, ким жарағына асыл-ды, ким дәрет алған қуманы менен қарсыласыўға шықты.

Күнниң шығыўы менен, еки жақ араласып, қушақласып айқа-сыў, найзаласыў, мушласыў басланды. Қимде қуман бар, кимде бел бар, кимде таяқ бар, бәри-бәри жарақка айналып, саўаш уллы сәскеге шекем созылды.

Қорқақ деп есаплағанлар да қорқыўды умытып, өзин қорғаў ушын-ақ батыр болып кетти.

Азберген бий, Жанғазы төрелер де бар ықласы менен душпан үстине дөнип, қылыш сермеп жүр.

Алакөз бир қапталдан дөңеске көтерилип, өз қыранларына байқас қылды, биразлары қасындағы жолдасының жығылғаны-н көрсе, оған жәрдем етемен деп еңкейген гезде, бир душпан нөкери-ниң найзасына илинип атыр. Биразлары көбирек артына қарай-ды. Әне, қара атлы Мухаммедкәрим жүзбасы. Ол ала атлының изинен қуўып жетип шанышты, сирә тоқтар емес, найзасын суўы-рып ала және биреўин қуўып кетти. Ханның көп нөкерлери орта-сында Мәдирейим менен Рахманберди айрықша батырлық пенен жаўға қарсы қылып силтеп, ҳәрқайсысы биреўин аттан қулатты, бирақ жаў ләшкери ортадан шығармай атыр. Ҳа, әне, тандырбас Жәнибек бий биреўди алдына өңгерип баратыр... Мәдирейим қор-шаўдан шықты. Рахманберди де қутылды... «Азаматлар, азамат-лар» дейди Алакөз қуўанып.

Ол бир гезде Мәдирейим менен Рахманбердиниң және жаў қоршаўына түскенин көрип, жеделлене өзин және ортаға урды. Урыс қайтадан қызды.

Ерназар алакөз жаўлар арасында Әбдирахманды, Моўленда көзи шалып солай шапты. Моўлен оған жеткермей жаў атлысы-нан биреўин қуўып жетип, еңсесинен шаншып аттан қулатты. Әбдирахман күтә шаққан еди, үш нөкерге жеңислик бермей, еки қоллап қылыш сермеп жүрипти. Ерназар оған жәрдемге барып, бир душпанды арқасынан қылыштлады. Қалғанлары тым-тырақай қашты.

— Генжемуратларды таптыңыз ба?—деди Алакөз маңлайының терин сыпырып.

— Таптық. Ийнин қылыш кесипти. Анаўкөраға жатқардық.

Ерназар өз улы жөнинде сорамады. Әбдирахман оны қапа қылмайын деди ме, үндемей бир қапталда қылышласып атырған-ларға қарай бурылып кетти.

Алакөз жағдайға түсиндиде, қолындағы қылышының сабын

қаттырақ қысып «ҳа, ҳа, алға! Қыранлар!» деп сүренлеп шапты.

Өрге кеткенлер де, ықтап өткенлер де келіп жетті. Қыранлардың жарағы кем болыўына қарамастан, саны жағынан көбейиўи Хийўа ләшкерин албыратты, үш жағынан қаўсырылып киятырған қыранларға төтепки бере алмай, түске таман әстен-әстен бәсиўге мәжбүр болды.

Бул жағдай Алакөзди шад етсе де, қашқын жаўдың изинен шулғығанларына иреў берди.

— Шегарадан бир адым өтпеңлер!

Өлим көрип қаны қайнап кеткенлер бирден шаўқымласты.

— «Майлы шеңгелге» еле көп жер бар!

— Ақырынлап барамыз, жигитлер,—деди Алакөз парасатлылық пенен ҳәм жақынлап қалған Мәдирейим таманға ийек көтерди. — Қалайсызлар?

— Жүдә жақсымыз. Қуда қәлесе, жеңемиз, Ерназар. Халқымыздың даңқын пүткил Хорезмге көтеремиз.

— Әй, өзиң-әм шаққансаң дә,—деди Мәўлен Мәдирейимниң шалт жуўап берип бас әскербасыға жағынғанын жақтырмай. — Халықтың даңқын көтеремиз, деўге қалай тилиң барады? Қамшының сабындай арық нөкердиң алдында зытқып жүргениң бағана емеспе?

— Мәке, өзиң дастықлы болдың ба?—деди бала Ерназар.

— Мени дастық алалмайды деп ойлайсыз ба? Мен өзиме дастық емес, төсеклик жаў қыйраттым.

— Көрдим, Мәўлен, нағыз ел сүйген азамат екенсең,—деди кеўилли Алакөз ҳәм журттан кейин де әлле нәрсеге күлип аўзын басып турған Шоңқыға даўыслады. —-Ҳа, уйқышы?

— Уйқышы емеспен, Ерназар аға.

Олар усылай турғанда атлы жаўдың бир бөлеги арттан келип қалды. Енди урыс бурынғыданда кескинлести.

Мәўленге бала Ерназардың соңғы сораўы унамаған еди.

— Бала Ерназар, берман! —деп даўыслап шаўып кетти. Бала Ерназар бирден қызып оның изинен ат айдады.

Енди хан Зарлық та қызып, қамшысын көтерип қыранларды аралап шапты:

— Бәрекеллә азаматлар! Елин сүйгенди әлем сүйеди!

Жаў атлылары бир майдан қарсыласқаннан кейин бирден күн шығысқа қарай серпиле қашты.

— Қыранлар, жәрдемге келген дослар, батыр әскер басшылар!—деп даўыслады Зарлық. —Жаў биротала қашты. Бәриңизге үш күн дем алыс!

— Уаҳ!—деди Алакөз. —Мынаўлар сумлық етип, әўелги қашқынлардың Хожелиге бекинисине мүмкиншилик туўдырды.

— Ҳеш гәп!—деди хан. —Қыранлар шаршады. Енди Хожелини қалай алыўдың жолын мәсләҳәтлесейик.

Әскер басыға хан ҳәмири надурыс түйилседе ашық айталмай,

бийлердиң тез жыйналыўына буйрық берилди. Тораңғыллық арасындағы бир қуўыслыққа ҳәмме жәм болды.

Бир түн уйқысыз ўарра-ўарралықта өткен ойласықтың нәтийжеси—ең ақыллы, тәжирийбели, исенимли әскер басылар менен қыранлар, қарапайым талапкер дийханлар түринде кийиндирилип жуп-жуптан дәрўазалардан қалаға киргизиледи. Сырттан топылыс басланғанша олар жаў бекинислерин билип, қала халқы менен тил бириктирип үлгериўи тийис.

Бул тәсил ҳәммеге унап, қалаға жиберилетуғынлар белгилене баслады.

Бир ийнин қылыш кескен Генжемурат бий сөзге араласпай бир шетте жатыр еди, Алакөз бир нәзер таслаўынан баласын сорағысы келгенин түсинип ол тикейди.

— Хожаназар күтә батыр бала екен, Ерназар, ҳештеңеден қорықпай, аты жүйрик биреўди қуўып кетип еди, жаў қоршаўда алып қалды.

— Тири ме?

— Қутқара алмадым, Әбдирахманлар жетпегенде бәримиз қоршаўда қалған екенбиз.

— Бизге қарсы турғанлар арасынан оны көре алмадым,—деди Әбдирахман.

— Онда жаўға қашып қосылған болмасын,—деди әллеким.

Ҳәмме бир түрли болды.

— Ол ондай бала емес,—деди хан.

— Қәне, оны умытайық,—деди Алакөз. —Хожелиге киретуғынларды ким баслап барады?

— Мен,—деди Бала Ерназар.

— Мен,—деди Әбдирахман.

— Мейли екеўиңиз баслайсыз,—деди Алакөз. —Бизлер келеси айсыз түнде шабыўыл қыламыз, соған таярланыңлар.

Олар усыған келисип, айсыз бир ақшамда қалаға топылыс қылды. Қыранлардың басы бузылмай қысып барған гезде, алдын ала ойланылған тәсиллер иске асты. Ишке киргизилген бала Ерназар менен Әбдирахман басшылығындағы қыранлар Хийўа ләшкерине қарсы «қала халқы» болып топылды.

Жаў және қаланы таслап қашты. Алакөздиң енди кеўли өсип, қашқан жаўды «майлы шеңгелге» шекем қуўып қайтыўды ең алғыр, күшли, шаққан қыранларынан бир топарына тапсырдыда, қарақалпақ жеринде урыс тамам болғаны жөнинде қалаға жар салдырды.

Қуўанышлы жаршылардың ҳәрқыйлы шаўқымы астында Алакөз тынбай арман-берман шаўып, қаладағы ең атақлы усталарды жыйнатып қаланың арқа шетиндеги бир алаңлыққа хан ушын ўақытша көк шатыр тиклетти, еки тәрепине шардәре қурдырды. Бәри тайын болған соң, усталарды Зарлық ханның алдына ертип әкелди.

— Уллы ханымыз, мынаў усталарға буйырыңыз, қандай тахтта отырыўды қәлейсиз?

— Қарақалпақ ханының тахты басқа ханлардың тахтына усамаўы тийис,—деди хан көп ойланып турмастан. —Егер тахт атерге усаса, күтә жақсы, бул биринширен, қарақалпақ ханы ғана емес, пүткил қарақалпақ халқы тынбаўы тийислигин аңлатса, екиншиден, ханның көзлерине ет өстирмейди, кешеги жылқыманнан хан тиклепгенин умыттырмайды.

Ханның кишипейиллиги көпшиликке унаса да, биреўлери, оның хан салтанатын аяққа басажақлығына, өшик кеўиллигине наразылық пенен мурынларын жыйырып өз-ара гүңкилдести.

Алакөз оларға қарамай усталарға хан ҳәмирин тезлик пенен бәржай қылыўды тапсырғыда, қаланың ҳәкимин излеп кетти. Онпан хан шатыры ҳәм шардәреси ушын бирнеше ғалы, гилем таўып бериўин өтиниўи тийис.

14

Бир параларға өз қайғысы өзине тийген оқ болып, кисиниң қайғысы суўға тасланған кесек яңлы көринбейди, және биреўлер өзгелердиң бахты тайыўынан бахыт излейди.

Усы ҳикметлер Хийўаның хан сарайындағы бәрҳама қайнаўытлаған өтирик-өсек-сыпсыңлардың сағасына айналғаны қашшан еди.

1827-жылы Айдос басшылығындағы қанлы көтерилистен соң, бас көтерместей ҳалға түскен қарақалпақлардың жаңа әўлады пайда болып, қайтадан бас көтергели Сарайда алаўызлық әбден күшейди. Буған баслы себеплердиң бири бир жылға жетпей еки хан аўмасқаны ғана емес, соңғы үшинши ханның да күтә ҳәзқумар болып шыққаны еди. Ол өзи шатнап турған хан ғәзийнесин қарабасының ҳәзлигине жумсаў менен, ханлықтың тәғдийри түўе, ҳәрқайсысы өзин «мен сарай сүтинимен»—деп сезинетуғын сарай хызметкерлериниң де тәғдийри менен қызықпады. Ҳәрким өзинше иследи, ҳәрким өзинше буйрық қылды. Нәтийжеде соңғы хан тахтта еки ай бегенлеспей-ақ, ханлықтың барлық «сүтинлери» толық шириўге қарап, ханлық шаңарағы ортаға қулап түсиўге аз қалды. Көп урысларда сыналған, атлы оқ-жарақлы ләшкерлердиң, тәжирийбесиз, оқ-жарағы кем көтерилисши қарақалпақлардан жеңилиўи де усыннан еди.

Қарақум ийшанды өзи жасаған қарақалпақ елиниң жаңа ҳәрекетлери, бирлиги, ертеңги тәғдийри емес, ҳәмме тәрепинен босасып ыдыраўға жақынлаған Хийўа ханлығының тәғдийри көбирек тынышсызландырып, Хийўаға және келди. Мақсети—қыйсайған «сүтин»лерди сүйеп, жығылыўға қарағанларын тикейтиў менен ханның жән-жағын қомлаўына, беккемлениўине жәрдем етиў еди. Онысынан пайда шықпаслығына көзи жетти, себеби өз басының ҳәзлиги менен бәнт хан оны қабыл етип, жағдайларды сөйлеснўге ўақыт аўыстырмады. Енди жалғыз жол бар, бул ахмақ ханды, тахттан аўдарыў керек. Қалайынша? Ким жүрексинеди? Буған да жол тапты: Бурынғы марҳум ханлардан бири Мухаммед Әминниң Сейдмухаммед атлы қатал минезли, бирақ көрикли, ақылы хан-

лыққа миясар улы ҳәзир отыз үш, отыз төрт жасқа келди. Әкеси өлгели хан тахтын қалай әрман етседе, жолын таппай жүрипти. Енди ол сол Сейдмухаммедке келип, ашықтан-ашық гәп баслады:

— Атам заманнан бери Хийўа ханлығының сақты сынбаған еди, ҳәзир қандай ҳалға түсип баратырғанын сезип жүрсеңиз керек.

Тәсилликке келгенде Сейдмухаммед те оннан қалыспайтуғын дәрежеде еди. Ийшанның көзлерине тесиле тигилип, оның шының айтып отырғанын сезди де, мыйығынан күлди:

— Сизиң нендей жәрдемиңиз бар?

— Жәрдем сол көтерилисшилердиң арасында да бар. Азберген бий еле Ерназар алакөздиң мақсетин күл талқан қылады.

— Қысқарақ.

— Хийўа ханлығын тиклеў ушын мен жанымды аямайман, себеби бул уллы исламның Күн Шығыстағы ең күшли туўысы. Мең ислам күшигимен.

— Олай болса, мениң тәрепдарларым бар, солар қалай ҳәрекет етиўине кеңес бериңиз.

Сейдмухаммедтиң тәрепдарлары Сарайдағы баслы хызметлерде ислейтуғынлардан еди, Ийшан оларға өзин көрсетиўге тырысып, еки күн ойланыўға мәўлет сорап еди, оның бахтына биринши күни-ақ Хийўа ләшкери Хожели үстинде қарақалпақлардың қысқысынан қашып келди. Буған қаҳәрленген ойсыз хан әскербасыларды туттырып шетинен жазалатыўды буйырды, бул ләшкер арасындағы алаўызлық отын жәнеде лаўлатып, сарайдың ишинде де, сыртында да берекет қашты. Қарақум ийшан асығыслық пенен Сейтмухаммедти таўып алды.

— Бир адамыңызға ҳәмир етпиңиз, ханды уйықлап атырған жеринде шалсын. Бүгиншең кешиктирмеңиз.

Қарақум ийшан жуўап күтпестен кетип қалды.

Ертеңине таң намазына айтылған азанға қабатласа, Хийўаның ийеси болып Мухаммед Әминниң улы Сейтмухаммед ханлық тахтына мингени дағазаланды.

Ҳәр келгенинде хан медресесинде қопатуғын Қарақум ийшан, соскеде, Сейтмухаммед ханның ҳақыйқат ис баслап, өзинең әскербасылар менен ханлыққа төңкёри күшли жас үлкенлерди сарайға шақыртып атырғанын есетти, өзи де солардың бири сыпатында мирәтнама алды.

15

Хийўада хан сарайы астан-кестең болып ҳәмме «сүтинлер» қорқынып пенен дем алып атырған күнлерде қарақалпақ елинде урыс тамам болғаны жөнинде қуўанышлы хабар тарап, Хожелидеги бәрше бийлер, әскер басылар Ерназар алакөздиң басшылығында Зарлық төреги арнаўлы түрде ханлық тахтына көтерип отырғызыў салтанатына жыйналып атыр еди.

Ерназар алакөз хан шатырын усы салтанатқа таярлап, қыранлар арасынан мийнетте шыныққан, қорғасыннан қуйылғандай тулғалары қайнап пискен екеўин шатырдың алдына бахташы қылып турғызып, биреўиниң қолына найза менен қылыш услатты, екиншисиниң қос алақанына аты әпсана Маман бий заманынан қалған қарақалпақ көтерип, үстине жуп шөрек қойдырды. Жыйналғанларды найза менен қылыш тутқан қыран емес, екиншиси ҳайран қалдырды, ҳәтте Зарлық хан да түсинбей, Алакөзге сораў-нәзерин таслады.

— Уллы ханымыз, қәдирдан бийлер, батыр әскербасылар,— деди Алакөз көпшиликке жүзин қаратып. —Бәрше ханлардың есигин найзалы қыранлар қорғайды, сол ушын мыналардың найза услағаны емес, гөне қара қалпақ үстине жуп шөрек қойып көтергени сизлерге жумбақ болып турса керек.

— Ҳәр қандай жумбақ шешиўди талап етеди,—деди Мухаммедкәрим.

— Уллы ханымыз, қәдирдан бийлер, батыр әскербасылар, «Орысы дийўалда» биринши хан белгилерде, арамызда биреў «қарақалпақ ханлығының басқа ханлықлардан айырыў белгиси бола ма?» деп сораған еди. Соннан бери ойланып тапқаным усы болды.

— Бул, демек, қарақалпақ ханлығының халқы сырттан келген мехманды нан менен кутип алып, дастурхан орнына бас кийимин алдына қояды, дегенди аңлатса керек.

— Дурыс түсиндиниз, уллы ханымыз,—деди Алакөз оған және бас ийип. — Егер сизге мақул болса, келешектеги қаламыздың төрт дәрўазасында да, әне усылайынша, бас кийимин мийнеткеш қос алақанына дастурхан қылып қойып, үстине нан салып көтерген қыран турса шеп болмас еди. Бәрше халықлар-әм өзинше миймандос, лекин, бизиң өзгешелигимиз усылай көриниўи тийис деп ойлайман. Ханның исин өз аўылында қайталаў қол астындағылар ушын да парыз, сол ушын қәдирдан бийлеримиз өз аўылларына кирер жолға, күнде биреўди тап усы тақлетте шығарып қойса, ағла ис болар еди.

— Ҳәр аўылда азаннан кешке тап усылай туратуғын жигит табыла ма?—деди бийлердиң бири.

— Аўылға келген қонақ тап усылайынша кутип алынсада жеткиликли.

— Уллы ханымыз, —деди Генжемурат шекпенин жарадар ийнине тартыңқырап.—Есиңизде ме, бизлер орыслардың ҳәр қаласын бир-биринен айырыў белгиси барлығы жөнинде еситкенимиз. Егер сиз елимиздиң қалендер дин ийеси. Қарақум ийшанға сөйлесип, адамның өзи болмағаны менен қолын қорғасыннан қуйыўға шараят таптырсаңыз жақсы болар еди. Сонда сол қорғасын қос алақанға қалпақ көтерип, үстине ҳәр күни жуп шөректи аўмастырып қойып турыўға болар еди.

— Қарақум ийшан бизге қолайлы шараят таба қоймас,—деди әллеким.

Ҳәмме сам-саз болып, гә бирине-бири, гә бәри ханға қарасты.

— Базы ханлықларда, патшалықларда бүркит ямаса басқа түрли айбатлы қуслар белги болады деп еситетуғын едик,—деди Мухаммедкәрим жүзбасы. —Бизлер елимиздиң мөминлигин билдириў ушын қырғаўылды неге белги етип алмаймыз?

— Мухаммедкәрим дурыс айтты,—деди Мамыт бий. —Анаў қара қалпақтың кереги жоқ, ол ҳәсирет белгиси, ал бизлер болсақ, қуўанысып атырмыз, оның үстине, қырғаўыл тек мөминлигимизди анлатып қоймайды, усыны сойып писирип мынаў нан менен жегиземіз дегенди де билдиреди.

Бийлер ҳәм әскербасыларға қосылып Мәўлен сары да келген еди, сөйлемеўге шыдамады:

— Олай болса анаў қыран қырғаўыл орнына қой услап турсын.

Жәмәәт дуў күлисти.

— Қойсаңа ондай дегишпени, —деп бақырды арттан биреў.

Хан бираз ойланып, Ерназар алакөзди қапталына тартып кең ийнине өзиниң кишкенелеў алақанын қойып, жыйналғанларға тиклеңди.

— Ел ағалары, бул жерде көп тартысатуғын ҳештеңе жоқ, аға Ерназар таңлаған бул белги жүдәма мақул. Абайлап тереңирек ойлансаңыз, мийнеткеш қос алақан, кисиниң ең қәдирли бас кийиминиң үстине жуп шөрек қойып, көтерип қонақ күтип турыпты. Қабыл етейик.

— Мақул,—дести даўыслар.

— Уллы ханымыз,—деди кеўли өскен Алакөз.—Қарақалпақ ханлығында ҳешбир бийге урыўының аты қосып айтылмайтуғын болсын. Келешекте ҳәр бий, сол аўылдың жас үлкенлериниң мәсләҳәти бойынша ханның нормаңы менен қойылсын.

Енди ҳәркимниң айтар гәп-пикири қалып, ҳешким анық пикир айтпады. Алакөз шаққанлық пенен алға өтип, бала Ерназар көтерип турған нәҳән гилемниң шетинен усласын, жерге жайысты да, екеўи теннен Зарлыққа қол қаўсырып келип, гилемге шығыўға ишарат билдирди. Зарлық бир демге гидирместен, омыраўын қайқайтыққыран, айрықша салтанат тутып гилемге отырды. Еки Ерназар гилемди Зарлық пенен көтериўге мейиллениң еди, жыйналғанлар жабыла гилемге қол созысып жаңа-тармақай көтеристи. Хан арнаўлы соғылған тахтына миндирилди. Бунан соң ҳешкимниң ескертиўисиз-ақ ханға нөўбетпе-нөўбет тәжим етиў басланды...

Алакөз енди асығыс түрде шеп жақтағы шәрдәреге көтерилип, даўысының барынша қыйқыў салды:

— Ҳа, а, а... жаңшылар, жаршылар!! Берман жақынлаңлар!.. Жаңшылар, жаң урып, дабыл қағыңлар! Уллы Хорезм олаятында жаңа ханлық—қарақалпақ ханлығы пайда болды...

Қатты-қатты жаң урыңлар, әлем еситсин: Хорезм олаятында биринши қарақалпақ ханлығы пайда болды. Жаршылар, ат қамшылап жар салыңлар, пүткил қарақалпақ жерин айналып былай

жар салыңлар, «Дәўир кимниң дәўири, Зарлық ханның дәўири..., дәўир кимниң дәўири, Зарлық ханның дәўири...»

Ҳәрбир қалалы менен ҳәр бир қыран түўе қубла-күнбатыстан ескен ыссы самал гүўлеп Ерназардың даўысын алыс-алысларға әкетти. Әллеқаяқлардан «Яша, қарақалпақ», «Яша Зарлық хан», «Яша Ерназар алакөз» деген даўыслар үзликсиз еситилип турды.

— Қәдирдан бийлер,—деди қуўанышлы Алакөз. — Ҳәрбириңиз аўылыңызға бир-бирден қыран атландырыңлар! Бул жаңалық тез арада бөршеге жеткерилсин. Аўылларға атланыўшылар, елге былай даўрық салыңлар. «Енди жерсиз, суўсыз, шаңырақ қалмайды, бөрше қулларға дарханлық бериледи, қарақалпақ ханлығы әлемге үлги ханлық болады, қой үстине торғай жумалайды...»

Бийлерин күтип турмай бирнеше қыран топтан бөлинип, жәнжаққа тарап шабысып кетти. Бәри де қуўанышлы жар салып баратыр.

— Дыққат, дыққат... Қарақалпақ ханлығы пайда болады... әлемге үлги... қой үстине торғай жумалаған ханлық пайда болады..

Ҳәзир жүз берип атырған барлық ислердиң нәтийжесине ырзалық пенен кеўли йошлы Ерназар алакөз жәрдемге келген бәрше мехманларды бөлек-бөлек шатырға отырғызып, оларға хызмет етиўши жигитлер белгиледи де, өз елиниң бийлерин баслап, қайтадан хан шатырының алдына өзи қойған қос қыранға ийбелик пенен жақынлап, ханның үстине кириў ушын, бийлер топланып келип турғанын уллы ханға хабар етиўин ескертти. Иште булардың ғаўырлысын еситип отырған Зарлық ханның өзи есикке келди.

— Кириңлер, әдиўли ел ағалары.

Бийлер, әскербасылар өзлериниң жасына, иретине қарап жайласқаннан кейин Алакөз қайтадан тикейип, Зарлыққа қол қаўсырды:

— Уллы ханымыз, мынаў қәдирдан бийлериңиз бенен батыр әскер басыларыңыз ендиги жағында сизиң не мәсләҳәтиңиз барлығын билиўге топланды.

Зарлық бул сапары ҳақыйқат ханларға тән салмақ пенен, асықпай өңменин көтерип, жыйналғанларды бирим-бирим көзден өткерди де, жүдә мүлайымлилик пенен үн қатты.

— Әдиўли ел ағалары, бундай бирликке жетиўде бәршеңиз де үлес қостыңызлар, сизлерге алла рахмети жаўсын, елимиз абадан болсын, аўмийин.

— Аўмийин!—дести ҳәмме.

— Әдиўли ел ағалары, мен сизлерге «Алпыс бийдиң ахидиамасын» бузбай ҳәрекет қылыўды мәсләҳәт етемен, болғаны. Жаңалықлар болса, өзлериңиз айтыңлар, мениң сөйлер тилим де, созар қолым да, сүйенер ҳасам да сизлерсиз.

Кеше ғана айтар сөзин табалмайды деп жүрген жылқыманның кем-кем ақылы, парасаты асып баратырғаны бәршени таңландыр-

рып, бир-бирине қарасты да, ҳешкимде сөйлеў батыллығы көрине қоймады. Тынышлық басланды.

— Аға Ерназар, Сиз сөйлеңиз,—деди хан тынышлықты созып отыра бермей.

— Қуллық, уллы ханымыз,—деп Алакөз ушып түргелди. — «Алпыс бийдиң ахиднамасында» аты әпсана Маман бийдиң ҳәм Айдос бабалардың өз халқының бахты ушын ойлаған ең жақсы нийетлерин даўам еттириўге ант етилген еди. Еситкенсиз, аты әпсана Мамапбий жаўгершиликтен азайып баратырған елин қалай көбейтердиң есабын таппай, елде бәрше ҳаял туўыўы зәрүрли ис деп буйрық берген. Уллы ханымыз, сиз сол буйрыққа сәл өзгерис киргизиў менен даўам еттирсеңиз, яғный елимизде отыз жастан асқан еркектиң, 20 жастан асқан нашардың шаңырақ болмай, бойдақ жүриўин қадаған ететуғын буйрық берсеңиз. Бул ушын, ҳәр бийге өз қол астындағы бойдақлардың еркегин, нашарын санап, олардың байлығына, бардамлылығына, жарлылығына қарап айырып, сулыўлықларын да дыққатта тутып, сизге айтып келиўи ушын тапсырма бериңиз.

— Әдиўли ел ағалары, сизлер не айтасыз?

Және сам-сазлық басланды.

— Уллы ханымыз, бәлким, әўелинде бул қыйын ис көринер,— деп Алакөз даўам етти. —Тек усы ис пенен, яғный бойдақларды шаңырақ қылыў менен шуғылланатуғын ақыллы, обал-сауапқа қарайтуғын бир ўәзир көрсетиңиз.

Бул жаңалықларды жақтырмай иши тығылып отырған бийлердиң бири шыдамады:

— Айдос бабаның пендей жақсы иси болған?

Айдос бабаның аты бираздарды жатқан төсегинен турғызып, ашыў оятатуғынына бурынған қанық Алакөз қызбастан, сораў берген бийдиң кимлигинеде дыққат аўдармастан, әўелгисинше ҳәр сөзин салмақлап, күтә жайпарахатлықта сөйледи.

— Уллы ханымыз, бәршеге мәлим, Айдос баба «Мириўбет күни» деген күн белгилемекши болған. Сол «Мириўбет күнин» қайта тиклеңиз. Сол күни ҳешбир бий атқа минбей, шияда аўылын аралап, кеселлерге, гаррыларға, майыпларға сәлемге кириўи кереклигин, жетим-жесирлердиң басларынан сыйпалаўы зәрүрлигине буйрық бериңиз. Және сол «Мириўбет күнинде» бәрше қарыздарлар қарызын төлеўи кереклигин, хан ғәзийнесине салық бериўшилер ҳешкимге айтқызбастан салығын бийине әкелип тапсырыўы кереклигин ескертиңиз.

Аң-таңы шыққан бийлер соң-соң қыймылдасып, унатқанлық түр көрсете баслады.

— Ҳәр айдың басы «Мириўбет күни» болып белгиленсе шеп емес,—деп қосты бала Ерназар.

Зарлық және бәршени нәзерден өткерди қозғалыққырады.

— Әдиўли ел ағалары, аға Ерназардың пикирлери дурыс көринеди.

— Сизге мақул түссе бизге де мақул. — деди көп даўыс.

Хан жыйналғанлардың теңнен гүўлеп жуўап бериўин күтип отырмады.

— Олай болса, елдеги барлық бойдақларды келистирип, шаңырақ қылып жибериў исин ақыллы, парасатлы бала Ерназарға тапсыраман.

— Қуллық,—деп бала Ерназар түргелип отырды.

— Егер бәршеге унаса, ҳәр айдың басы «Мириўбет күни» болсын. Ага Ерназар, бул жаңалықларды путкил қоластымызға жәриялаўға жаршы жибериңиз.

Алакөз хан ҳәмирин тәрк етпей шығып кетти.

— Уллы ханымыз,—деди бала Ерназар тикейип. —Елимизде, елимизден тыста оқыў ушын он-он бес жас арасындағы балаларды сыннан өткериў иси де кешиктирилмеўи керек.

— Мақул гән,—деди хан. —Лекин сынақты ҳәр бий өз аўылында өткерип, ең ағла балаларды бизге әкелсин, соннан кейин олардың тәғдийри жөнинде бәршеңиз бенен бас қосып мәсләҳәтлесемиз.

— Уллы ханымыз,—деди тили жоқтай үнсиз отырған Сайыпназар бий қыбырлап. —Халық «мириўбет күнине» үйренбеген. Сол ушын сол күнниң өтиўин қадағалаўшы ўәзир керек ханға.

— Әдиўли, ел ағалары—деди хан.—Оған арнаўлы ўәзир қоймай тәнҳә өзим қадағаласамда болады. Аўа, сол жақсы. Себеби бәрше елатта «Мириўбет күни» болып атырғанда мен тахтта отырмайман, ел аралайман, жетим-жесирлердиң басынан сыйпалаўға, елге көп хызмет көрсетип, қартайғанларға өзим арнаўлы сәлемге бараман.

— Уллы ханымыз,—деди Мухаммедкәрим. —Көпшилик халықтың базарлаўы ушын Хожели, Қоңырат узақлық қылады, енди хан қаласы қайерден болар екен?

— Ҳәзирше Шахаман ҳәм Шымбай үстин базар орынлары деп жар салдырамыз, ал қала орны, қандайда суў жолына жақын болғаны шеп емес. Хан сарайы болатуғын қаланы салыў, қазып атырған арнамызды аяғына жеткергеннен кейин қолға алынады.

— Еле шешилиўи тийис қанша-қанша гүмилжи ислер жатыр,— деди Мухаммедкәрим сарсылып.

— Ханымыздың әззилерге жәрдем ететуғын ғазнасында еле көк тийини жоқ,—деп хошлады екинши биреў.

Алакөз есиктен сөйлене кирди.

— Қәдирданлар, бостан-босқа ҳаўлықпаңлар! Ең қыйыны хан тиклеў еди, көрип отырсыз, тикледик. Хийўа ханының ләшкерин жеримизден қуўып шықтық. Хан ғәзийнесин толтырыў қыйынға түспейди, себеби көпшилигиңизде Хийўаға әкетиў ушын жыйнаўлы ғәрежет бар, соны әкелесиз.

Хан Ерназар Алакөздиң сырттан кире сала, урықсатсыз сөйлей баслағанына және наразы болсада, гәплериниң жуўмағына ырзалық пенен жүзи жадырай баслады.

— Хийўаға апаратуғын салықты бунда әкелсек, не утқанымыз?—деди, арттан әллеким.

— Қәдирдайлар,—деди Алакөз гидирмей. —Ең баслысы, атымызды уттық, яғный қарақалпақ деген сөзди уттық. Бул утысты бекkемлеў ушын бир ис қалып тур, уллы ханымыз.

— Айтыңыз,—деди хан.

— Уллы ханымыз, сизге ҳәм мынаў отырған бәрше ақыл ийелерине мәлим нәрсе, биз жаңа тикленген отаўмыз. Жаңа отаўға сын көзи менен қараўшылар көп болады. Сол ушын ҳәм «алпыс бийдиң ахиднамасы» бойынша орыс патшалығына, дөгерек-даштағы ханлықларға елшилер менен мақтубнамалар жоллап, әлемде жаңа бир ханлық—қарақалпақ ханлығы пайда болғанын хабарлайық, олардан, бизге дослық қолларын созыўын, халқымыздан көз-қулақ болып, қорғанлық қылыўларын соранайық.

— Бизге ең қәўипли ҳәм жақын жердеги жаў Хийўа ханлығы,— деди Бала Ерназар.

— Оғыры дурыс,—деди хан. —Сонлықтан биринши елши Хийўаға жиберилсин. Буған Бала Ерназар барып қайтсын. Оннан соңғы қәўип қосылас Бухара әмиринен келсе керек,—деп ол бийлерди бир қайтара көз бенен шолып, жүдә еркинликте отырған Сайыпназарға тоқтады. —Бухараға елшиликти Сайыпназар бий келистиреди.

— Уллы ханымыз,—деди Алакөз бирден тикейип.—Оғыры дурыслы адам таптыңыз. Бирақ оның қасына Генжемурат бий қосылсын.

— Генжемурат бий, сизди жолға жарамас деп ойлап едим, қалайсыз?

— Еплеп бараман, уллы ханымыз.

— Енди қазақ ханына елшиликти,—деп хан сәл ойланды.— Бизиң батыр әскер басыларымыздан Мухаммедкәрим жүзбасы келистиреди.

— Хан буйрығы—әке буйрығы. Бизиң арамыздан Мухаммедкәрим шелли хан буйрығын изге қай нас оқ қылатуғын адамды табыў қыйын,—деди Алакөз.

Мухаммедкәрим марапатланыңқырап түргелип отырды.

— Әдиўли ел ағалары,—деп хан мәсләҳәтин даўам етти. — Жапғазы төре Илеке султанды жақсы биледи. Мухаммедкәрим менен бирге кетсин. Ал, тиккелей орыс патшалығына барып қайтатуғын елшилерди ҳәмме мәсләҳәт менен шешейик. Себеби ара узақ, оған мықлы жигитлер керек. Бул сапары елшилер Оренбургтан қайтпай, аты өлсеңе Маман бий кирген уллы орыс патшасының сарайына кирип сөйлеседи, қарақалпақ ханы атынан сөйлеседи. Генжемурат бий бирлигине қолай еди, әттең жарадар.

Генжемурат тисленип, өкпеңшли бас шайқады.

Хан менен Ерназар алакөз бул ислердиң бәрин алдын ала келисип алған секилли бирин-бири толықтырып баратырғанына ҳайран қалып, бирақ хан айтса, қарсыласыўға үйренеспеген бийлер, барлық усынысларға, жаңалықларға қарсы келмей мақуллаў менен отырсада, биразларының жүзлеринен әлленәрселерге нара-

зылықты да аңғарыў қыйын емес еди. Оған ҳешким итибар қылмай, барлық исти алға бастырыў ғалма-ғалы менен бола берди.

Ерназар алакөздиң ойы орыс патшалығына жас ҳәм сөзге дилўар Бала Ерназарды бас қылып жибериў еди. Ханның усынысына өзгерис киргизе алмай, астындағы ернин тислеседе Хийўа ханының аса қәўипли екенлигин есапқа алды. Орыс патшалығына өзи-ақ кеткиси келди. Усы ойын ортаға салса ҳәммениң мақуллайтуғынына да исенеди. бирақ өзи кетсе, изде қалғанлардың ҳәзиргидей бирлик сақламайтуғына қәўипсинип отыр.

Бийлер менен әскер басылардың жыйынынан қалмай жүрген Мәўлен сары биразға созылған жым-жыртлықтан пайдаланды:

— Орыс-түркия урысынан қандай хабар бар?

— Орыслардың жеңетуғыны тақыйықғой, — деди Алакөз.

— Бул сапары уллы ханымыздың мөри басылған мактубнама барса, патша сөзсиз қол астына алып елшилеримизди жеткиликли күш пенен қайтарады.

— Уллы ханымыз, халайық!—деп Генжемурат ийнин услап және бас көтерди.—Мен кетер едим, әттең денсаўлығымның нашарлығы себепли мактубнаманы ўақтында жеткере алмай елди жолта қылыў қәўпинен қорқаман. Билесизлер, орыс патшалығы пүткил әлемге айғақ, ең күшли уллы патшалық. Сол уллы патшалықтың патшасына қарапайым елши жибергеннен гөре улли ханымыз Зарлық төрениң өзи кетип, жүзлесип, тиллесип қайтқаны жақсы болар еди.

Бәрше бийлер, әскер басылар Зарлыққа көз астыларынан қарасып, кең шатырда пүткиллей нақолай үнсизлик ҳүким сурди. Усыныс Ерназар Алакөзге де жақты. Гәп қосып мақуллайын десе, ойланып қалған ханның өзи-ақ көпшиликтиң дийдине түсинер деген ой менен үндемеди.

Зарлық басын бир төмен ийгенинен көп ўақытқа шекем көтере алмай, түрли-түрли қыялларға берилди, бәрибир көкиреги бир нәрсени сайрады да турды: «Тахты бир таслап кетсең, қайтып көтерилиў жоқ»...

— Әдиўли ел ағалары!—деп ол әлленемирде тилге келди.— Көп ойландым. Өтмишке ой жуўырттым. Ҳешбир ханның өзи елши болып жүргенин еслей алмадым. Қайсы елге ким елши болып барса, сол елши өз елиниң ханы болып сөйлей береди. Аты әпсана Маман бий хан болмасада, орыс патшалығына кеткенде, басшысыз қалған елди Абылхайыр хан шаптырған. Сол ушын елшиликке меннен басқалар барыўы тийис. «Алпыс бийдиң ахиднамасында» ханлықты қорғап сақлайтуғын күш оның ләшкери екени көрсетилген. Хийўа ханы ярым ханлығынан айрылып қарап жатпайтуғынын есапқа алып, Бас әскер басымыз аға Ерназарды да жибермеймиз.

Биразларға ханның пикири дурыс көринди. Алакөз де ужыбатлы дәлил таппады.

— Айтпақшы, Бердақ қайда?—деди хан.

— Дәрьядан өткенде аязлап қалыпты. Жарадарлар менен үйине қайтарылды.

—Шайырлар, бақсылар нәрәнжәм халық та!—деп күлди бирөў.

— Орыс патшасы қарақалпақшаға түсинермекен?—деди Мәдирейим.

— Уллы патшалықтың иси де уллы,—деди Генжемурат. —Дүньяның қайсы бурышынан елши келсе, соның тилинде дилмаш тутады деп еситкенмен.

— Олай болса, мен бараман,—деди Мәдирейим.

Азын-аўлақ сыпсың, әдеўир-ақ елеспели қозғалыс сезилди.

— Тилегиниз қабыл, Мәдирейимжан,—деди Зарлық көп ойланып отырмастан.

Алакөз Мәдирейимниң бетине тигилип қарап, шын ықласы менен тилек билдиргенин сезди де, ханды қуўатлап басын ийзеди.

Мәўлен сары ҳешкимге араласпаў нийетинде еди, өзиндей адамның дүньядағы ең уллы патшаға елши болыўға тилек билдиргенин, оны ханның ҳәм Алакөздиң мақуллағаны тула бедениме қытық болып тийип, өрре түргелди:

— Уллы Зарлық хан, аға Ерназар, маған да урықсат етиңлер. Мәдирейим менен бирге кетейин.

Зарлық Мәўленниң сарғыш тартқан арық жүзинде әллеқандай бийлик көрип, ұпатыў белгиси менен езиў тартты. Алакөз таңланып оған узақ тигилди. Мәўлен сары оның қайсы бир нәрсе деўинен қорқып алдын алды:

— Уллы әскер басы Ерназар, адамға жас минген сайын ақыл топлайды, адамға жас минген сайын, бул жақты дүньяның қәдирқымбатын түсинеди, адамға жас минген сайын өз елин көбирек қәдирлейтуғын болады. Буны Сиз меннен жақсы билесиз. Мен ели халқымның даңқы ушын жети ықлымды гезиўге таярман. Ўатаныма, халқыма қыянет—анама қыянет деп түсинемен.

Аўзына суў уртлағандай болып отырған бала Ерназардың Мәўлен сарыға реҳими келди.

— Мениңше, Мәкең ант берип атыр...

— Сениң өтирик сөйлеген гезиң болдыма?—деди Ерназар алакөз.

— Ара-арасында өтирик болмаса, ҳақыйқатлықтың баҳасы кемип кетеди деп ойлаған пайытларым бар.

Оның шынлықты мойынлаўы Алакөзге жақты:

— Бәрекелла! Кешеги урыста шынлап мәртлик көрсеткенин көзим менен көргенмен, өзи даналықтан қуралақан емес сыяқлы. Егер Оренбургта Тецел менен Қоллыбекти көрсеңиз Петербургқа бирге әкетесиз. Ең қурығанда дилмашыңыз болады.

— Оларды, әлбетте, әкетемиз.

Генжемурат бийдиң усынысынан кейин, басына таяқ тийген баспақтай, еле өзине келеалмай манаўсырасада, ўақтында сөйлеўге урынып, ҳәр жағдайға дөлил табыўға тырысып отырған Зарлық хан соңғылардың не дескенин аңғармай көпшиликке тикленип қараўы менен, әлленемирде өзин бийлеп, тилге келди.

— Әдиўли ел ағалары, ханлықтағы басқа ҳамаллар елшилеримиз қайтып келген соң бөлисиледи. Енди елшилер әкететуғын мақтубнамаларды жазыўға кирисейик.

— Жүдә мақул, уллы ханымыз,—деди Алакөз.

Соның арасында есиктеги қараўыл, сыртта Аннамурат келип турғанын хабарлады. Ең садық дослардан биринин мехмандарлыққа шыдамай келиўинин себеби бәршеге жумбақ болып есенкиреп қалды. Хан оны ишкерилетиўге урықсат етти.

Жүзинен ҳәмме нәрсеге ырзалығы көринип турған Аннамурат бийлерди айырып барып, тәнҳә Зарлық ханның алдында тоқтап, еки қолын көксине қаўсырды:

— Уллы қарақалпақ ханы, сизлерде ең жақсы нәрселер жүз бережақ, көп жақсылықлардың ийиси аңқып турыпты. Сол ушын Гөне-үргенч елатын Хийўа ханынан айырып, қарақалпақ ханлығына қосып алсаңыз, келешектеги ашшы-душшыны тең бөлисер едик, орыс патшалығына қосылыў жөниндеги бизиң-әм әрманымыз тез иске асар еди.

Ҳешким тәрепинен күтилмеген жаңалыққа ҳәмме аўзын ашып аңырайысты. Хан ҳеш албырақламастан, оған ырзалық кейип пенен мыйығынан күлимсиреп:

— Мақул, Аннамуратжан,—деди де Алакөзге бурылды.—Сиз барасыз.

— Досларға жәрдем ушын басымызды қурбанлыққа қойыўға тайынбыз, уллы ханымыз,—деп Алакөз және тикейип отырды.

— Олай болса бизге урықсат берсеңиз,—деди Аннамурат ханға қайтадан бас ийип. —Сизден күш барғанша мен өз урыўларымды таярлай турсам.

— Мақул, Аннамуратжан. Аға Ерназар, қара халық қылышнайза көрмесе анаў-мынаўға көне бермейди, сол ушын Аннамуратжанға елиў қыран қос. Егер Әбдирахманлар жәрдемге барса жақсы болар еди.

— Оның менен сөйлесигимиз бар,—деди Аннамурат,—Сиз урықсат етсеңиз бирге жүреди.

— Урықсат. Азберген бийлер қәйтер екен?

— Оларға сөйлесип көриўимиз керек,—деди Алакөз.

Хан исти көпке соза бермей, ҳәзирше Аннамуратлардың қайтыўына урықсат берип, Әбдирахманды шақыртып еди, ол Аннамураттың айтқанынан шықты.

Оларды атландырғаннан кейин Зарлық өз бийлерин қайта топлап, төрт тәрепке әкетилетуғын мақтубнамаларды жазыўға отырыўды жәриялаўға мейиллене бергени, шекпенин желбегей салып, асығыс киятырған Азберген бийди көрип тоқтады.

— Ҳа, ҳүрметли қонағым!

— Биз сизге наразымыз,—деди Азберген бий қызыў пәти менен.

Қарақалпақта қонақтың наразылық билдириўинен аўыр мусаллат бар ма! Ҳәмме аң-таң болысып бир-бирине қарасты.

— Бизиң наразылығымыз,—деди Азберген бий көпшиликти онша телезитпей. —Сиз ханлыққа ерисип болып орыс патшасына қосып алың деп хат жазажақ көринесиз?

— Ҳа, солай?—деди Зарлық. Басқалардың өткир көзлери Азбергенди атқыласып тур.

— Олай болса, биз кеттик,—деп изине ғырра айналып баратырып, тоңқылданды. —Ким орыс төрелерине дос болса, биз оған душпанбыз!

Бийлердиң биразында өкпелегенлерге тәўелле етиў кейпин көрип, Зарлық хан оң қолын көтерип, ҳаўаны бир кести:

— Азберген Илекей султаннан келмеген көринеди, ондай өтирикши дос керек емес! Кетсин! Қәне, әдиўли ел ағалары ишкерилениз!

Алакөзге Зарлықтың тужырымлы пикири ҳәрқашанғысынанда көбирек унап, бәршени баслап ханның изинен жүрди.

— Әдиўли ел ағалары,—деди Зарлық ишкерилегеннен кейин кутә әлпайымлықта.—Бизиң мақсетимизди мақулламағанлар бизге дос емес! Оларды умытыңлар! Ендиги гәп, ханлықлар арасында мактубнамалардан басқа да қарым-қатнас болыўы шәрт. Яғный алыс-берис болыўы, сарпай-марпай апарылыўы тийис. Бирақ, елшилеримиздиң жолғәрежети де жоқ.

Ханның даўысында өтиниш, ҳәтте жыламсыраў белгисин сезген бийлердиң көпшилигинде аяныш сезими оянғандай болды, және биреўлеринде бул оғада исенимсиз, қулаўға сәл қалып турған ярым дийўал шелли хан көринип, тислериниң суўын сорыды.

— Уллы ханымыз,—деди бала Ерназар.—Менде Хийўа ханы ушын жыйналған ғарежет бар еди, атлы жиберип алдырайын.

— Жүдә мақул.

Ерназар алакөз бийлерден онлағанының атын айтып иркип елшилерге мактубнама таяр етилгенше, аўылларынан пул жыйнап келиўлерин мәсләҳәт етти.

...Кеште, қалған бийлер менен эскер басылар хан шатырына қайтадан кирип, мактубнамалар жазыўға жаңа кирискенде әлленким жаңалық тапты.

— Хийўада және хан өзгерипти!

Қоңсы ханлықтан енди қәўип келмейтуғынына ма ямаса қарақалпақ ханлығының келешегине беккем исенишten бе, қағаз жайылып, сия-саўыт қойылған астақтаға ҳәмме кеўилли молламдөгереклести.

16.

Хийўада жаңа хан Сейтмухамед тахтқа отыра сала шақырған мәҳремлериниң ең баслы мәслоҳәти мынаў болды:

— Ҳәрқандай жас нәлшениң жерге тамыр урмасынан бурын шара қолланыў оңай. Қарақалпақ ханлығы әне сондай жас нәлше!

Қарақалпақ көтерилиспшилери жөнинде ханның өзи де усы пикирде еди, оларды толық мақуллады, бирақ жылдам туныщқырып

таслаўға асықпады. Өйткени, еле сарайда алаўызлық басылмай, ҳәрқыйлы өсеклер пахтаға тийген оттай лаўлап, күнде бир хызметкер өз жолдасын муқататуғын сөзлер таўып келип атырғанда, сарай ләшкерин жоқе урысқа айдаў өзи отырған тахттың астынан ор қазыў деген сөз. Сейтмухамед өзинен әўелги, өмири гүзги шыбынның өмиринде болып өткен, үш ханның қалай өлтирилгенин биледи, сол ушын ҳәзирше аяқларын сүйежазлап келгенлерге де исенўў қәўипли. Еле шыдаў керек, сынаў керек, тийкарғы ой, исеним әўеле өзинде қәлиплесиўи керек.

Усы мақсетте ол мәҳремлердиң өз-ара биригип кетпеўи ушын ҳешқайсысына ўақыт аўыстырмай, датханада күттирип қойып мәслоҳәтке шақырады, бирақ еле өз ойы писип жетиспегени ушын, кешқурынға таман тарқатады, жекке-жекке қайтарады, «көше жалатайлары қол көтерип жүрмесин» деген сылтаў менен, өзине садық пашшаплардан биреў-екеўин қосып-әм қайтарады.

Бул усыллар ханға бираз қәўипсизлик әкелди.

Оның әкесинен үйренген бир усылы бойынша—ханлықтың ҳақыйқат тәғдийрине тийисли, ең әҳмийетли түйинлерди шешиў ушын ойласықта мәҳремлер, кеңесгөйлери менен дара-дара ойласыўы, ҳәр исинде артық гүўа болдырмаўы, қайсы мәҳремге ис тапсыратуғын болса, тек соның өзинен басқаны шығарып жибериў керек. Сонда ҳәр бир мәҳрем «маған исенеди» деп ойлайды ҳәм өзин ханға жақын сезеди, соның менен бирге кими ханның надурыслықларын сезседе кисиге айтылмайды; хан менен екеўинен басқа адам болмағаны ушын тақырда буққан уры болыўдан қорқады. Оннан тысқары, ханға қол астындағылар да алаўызлық туўдырып бир-бирине исенимин болдырмаў—ханлықтың көп сыналған баслы тирепбердиси.

Сейтмуҳамед хан бул усыллардан жүдә усталық пенен пайдаланыўда.

Ол бүгин де мәҳремлердиң өз-ара сырласыўына ўақыт аўыстырмаў мақсетинде мәсләҳәтти әдеўир созып, оларды сөйлетип, өз ойларын писирип отыр еди, есик бағыўшылардан бири басын көрсетти:

— Уллы ханымыз, қарақалпақ ханынан елши келип тур.

Мәҳремлердиң астында жер ойылып, түпсиз тунғыйыққа түсип баратырғандай, көзлери апалақласты. Сейтмухамед хан таңқаларлық парасат пенен сорады:

— Қарақалпақ ханынан елши?

— Солай уллы ханымыз.

— Аты ким?

— Ерназар, уллы ханымыз.

— Улы еле тириме?!

Сабырлы ханның шоршынғанын абайлап, есик бағыўшы жуўабын қайта толықтырды.

— Тутқында еле жан бар, аммо, елши болып келген Алакөз емес, кенегес Ерназар, уллы ханымыз.

Демлери қысылып отырған мәҳремлердиң непеслери кеңейди

ҳәм ишки, ҳәм сыртқы кейпин ҳешкимге уқтырмаў ушын өзиң қатал тутатуғын хан бираз босасты.

Оның әкесинен үйренип қалған және бир усылы—датханаға ким арзы етип келседе, мейли ол Сарайдың ең баслы сүтиплеринен бири болсын, бәрибир, қабыл ететуғын бос ўақыты болыўына қарамастан сыртта күттириўи шәрт. Қанша көп күттирсе, соншша қәдири асады. Ең баслы ис арзагөй есиктен кирип киятырғанда, ой-қыялын уғыўға тырысыў, ең болмаса оған бирден тик қарап албыратыңқырап алыў керек. Және бир әдис: хан көпшилик пенен отырғанда ойға шүмгенин билдирмей, ҳәрбир сөзин терең ойланып айтқандай көрсетиўи тийис.

Жас хан әкесинен үйренген бул әдислерди де күнделикли исине, ҳәрекетине синдирип алған. Сол ушын мәҳремлерине ойлылығын сездирмей, әңгимелесиў қайерге келип қалған болса, сол кәрадан даўам етип, күндеги ўақтында оларға урықсат етти ҳәм күндегисинше узатты.

Есик бағыўшыны қайта шақырды.

— Келген қарақалпақтың не гәпи бар?

— Ол сизиң менен медреседе бирге оқығанын айтты, уллы ханымыз. Тахтқа шыққаныңызды еситип, төбеси көкке жеткенин айтты, уллы ханымыз.

— Мақсети?

— Қарақалпақлар Зарлық төре дегенди хан көтерипти. Соның жарлығы менен келипти. «Қыяметлик қонсысының сөзлерин айтпақшыман, Хорезмде еки хан егиз улдай болып жасасын демекшимен»,—дейди, уллы ханымыз.

— Қос пашшапқа тәртип бер, өз алдына қараңғы жайға салып қулыпласын, етин исирмей урсын. Кеште аўқатсыз қалдырып, ертеңги ҳалқастан кейин алдыма экелесиз.

Сейтмухаммед хан өзи менен оқыған бир де қарақалпақты еслей алмай, медиресеге жасаўыл жиберип, қарақалпақларды көбирек билетуғын бир молла арқалы өзиниң кимлер менен оқығанын билип алғаннан кейин ғана, келеси күни, белгиленген ўақтында елши Ерназарды алдына шақыртты.

Хан оның босағаға қәдем қойыўынан-ақ басынан аяғына дейин шолып қарап, бул ушырасыўға шад кейип көрсетип, тахтынан түсти де, алдына шықты.

— Ҳа, мен сени Ерназар Алакөз десем, өз елимиздиң Кенегес Ерназары екенсең ғой. Қай самал қуўған қанбақ болып жүрсең?

Ғала Ерназар түни менен қараңғы жайда шеккен азаплары жөнинде айтпақшы еди, ханның кишипейиллиги бәрин умыттырып, ишинен: «Алакөз Ерназар менен шатастырған екен-аў, Кенегес Ерназар болғаныма шүкир» деди.

— Бирге оқығанымызға қанша жыллар болды, жүдә өзгерипсең Кенегес. Жасыңда бундай бийпарық күшик емес едиң ғой?— Хан алақанын шаппатлап, есиктеп бас суққақ жасаўылға мурт қыймылдатты.

Екинши есиктен басқа биреў пайда болып, толы дәстурхан ме-

нен бир гәўмис шайник көк шай әкелип қойып, көзден ғайып болды.

— Жүз жүректиң айнасы, Ерназар Кенегес. Ишиңде не барын көрип турыппан. Жасырма, түриң ҳалқасланбағанға усаған. Не болды? Түпи менен жол жүрдиңбе? Алакөзди меҳирсиз, қатал деп еситтим ямаса қуўдыма?

Бала Ерназар хан датханасында биреўге тамақ қояды деп еситпеген еди, бул ғамқорлыққа ҳайран қалды: «Бәлким, елшилерге усылай ететуғын шығар»...

— Уллы Хийўаның ханы, мен өз ханымның атынан елшиликке келдим.

— Ҳеҳе е...— Ханның жөги күлкиси жайды басына көтерди. Ерназар да күлди. Хан кесесине шай қуйып уртлады да, жерге қойды. Баталмай отырған Ерназар да кесесине шай қуйып, дастурхандағы майлы пәтирге қол узатты. Оның ҳәрекетлеринен көз айырмай отырған хан әстен сөйледи.

— Ерназар Кенегес, биз сизлер менен бир атаның перзентиндей болып өскенбиз. Әмиўдәрья өссек омыртқамыз, жатсақ дастығымыз, емсек анамыз еди. Арамызға әлле қандай шайтан араласты. —Хан оның жайпарахат нан шайнаўына қарап кем-кем жек көриў сезимине берилседе, асықпады.—Тамағың қарар тапқан болса, сөйле.

Ерназар қойнына қол суғып, дуўадай үш бүкленген қағаз шығарып ханның алдына қойды.

— Уллы ханымыздан мактубнама.

Хан қағаздың бүклеўин жаздырып бир қатар көз жуўыртты да, туўрам-туўрам қылып жыртып, қолына қысып қоқыраплаўы менен тахтына минди.

— Есинде тут, Кенегес, мың түлки бир арысланға илаж ете алмайды.

Оның бетине шыққан қәҳәринен Ерназардың зәрреси ушсада, парасат сақлап, орнынан түргелди де алдына бас ийди.

— Уллы Хийўаның ханы, қуда буйрығыдур яки заман гәрдишидур, бәлки, бизиң халқымыздың көз жасы көрингендур, усылайынша қарақалпақ ханлығы пайда болды. Шәртлериңиз болса, айтыңыз, ханымыз Зарлық төреге жеткеремен. Нийетимиз, еки ортада тек жақсылық жүрсин!

— Ҳеҳеҳеҳе, «еки ортада жақсылық жүрсин». Бул сизлердиң қолыңыздан келмейди. Уўыздай уйыған елатты бузған сатқынларды тек гелле қылыў керек. Алды менен Алакөзди, кейининен сени... Сезесеңбе, сен елши емессең, көлеңкесең. Алакөздиң көлеңкесисең. Алакөз жоқ болса, саған қол көтериў дәркар емес, билесең, адам жығылса, көлеңкеси өз-өзинен сап болады.

Ерназар албырақлап мийи айналды, көзлери тынды.

— Уллы ханымыз, мен Алакөзге көлеңке емеспен, жас киши достыман.

— Дослық деген еки қыйлы заттың тигиси,—деди хан асықпай. —Жүйи табылса, аңсат сөтиледи. — Хан Ерназар Кенегестиң мийи аўылжып, жығылыўға сәл қалғанын абайлады. —Кенегес, ўақ тымды бөлип сөйлесип отырғаныма мурныңды пәнкийтпе. Бул ең ақырғы сөйлесигимиз болыў-болмаўы тек өзиңнен ғәрезли. Қарақалпақ ханлығы қуда буйрығы да емес, заман гәрдиши де емес, халықтың көз жасынан да емес, сатқын Алакөздиң ҳамалпаразлығы. Қарақалпақлар кең далада өскен жылқы,. Алакөз күш пенен қораға қамап отыр. Бүгин-ертең қораны бузып өзлери тарқасады. Қәне, қулыплы сандық бола бермей ашыл, болмаса ҳәзир сени дарға буйыраман.

Ерназар музлы суўға мантықтырып алынғандай қалшылдады.

— Биз ант еткенбиз, Уллы Хийўаның ханы.

— Бийлик ҳамал аларда биринши антты Хийўаға бергенсиз. Еслединбе?..—деп хан оған тесиле тигилди. —Сизлердиң қол салып, мөр басқан ахиднамаңыз өртелген. Ладан Кенегес, есиңде тут!—деди хан ҳәр сөзин нықлап.—Сени әўелги жайлаўыңа қайта түсириў ушын көп сөйлеўге мәжбүрмен. Ой жуўырт, ҳәзир қарақалпақ елиниң үстин түн қаплап турыпты. Түн мисли жүкли қатып, азанда не туўатуғыны нәмәлим. Бәлким, өлип шығар. Исенген Алакөзиңниң қылығын көз алдыңа келтир. Ол сатқын, қатыпурыш, даңқпараз, мақтаншақ. Сатқынлығы ушын бир дәлил—бизиң менен Әмиўдәрьяны ана қылып, тең емшек сорысып отырған егиздиң сынарын қазаққа сатып, Зарлық төрени хан көтерди, екинши дәлил—қазақтан хан қойғанын қәнәәт етпей елди арман—орыс патшасында сатажақ. Пәмиң алысса, ондай сатқынға елши болғаннан, маңбаслаў бир бийге ат бағар болып, елиңди бузбағаның абзал емеспе? Қарақалпақларда «қыйсық жолдан дүзиў жүре алмайсаң», деген нақыл бар. «Түсинсең ханлық жыланның изиндей бир жол».

— Олай болса...

— Тамағың бүлкилдемесин, заңғар. Хийўа ханның жолы мың жыллық сүрдеў, әңгиме қарақалпақ ханлығы ҳаққында екенин уқ. Қәне, оң жағыңа бурыл.

Хан айтқан тәрептеги есиктен, қолларындағы қанжарларын егеп турған, қан қызыл көйлекли еки жәллатты көрди де, Ерназардың арқасынан муздай тер шығып, ханға айлана бергени:

— Енди шеп жағыңа бурыл,—деди хан.

Бул жақтағы есикте, қолларына дар арқанының гүрмегин услап, мисли әжелдей қап-қара болып кийинген еки жәллат тур еди. Ерназардың арқасынан аққан муздай тер көйлегиниң иши менен жилигине шекем сорғалады.

— Қарақалпақларда, жигиттиң қатары бахытлы болмай, езиўинде күлки көрмейсең деген-әм рәўият бар. Сөйле!

Үстиндеги кийимине от берилип гә шөлистанға тасланғандай, гә суў бойына әкелингендей ҳалға түскен Ерназар көкирек толықсыўын басыңқыраўға урынып, тилге келди:

— Мен сиз бенен түйдей жаслығымды бурыннан билемен, бирақ сизди умытты деп едим.

Хан мырс етип күлип, және қәҳәрленди:

— Шын кеўлиңди айт!

— Егер, егер,—деп Ерназар тутлығыңқырап қалтырады.—Мийрим-шәпәәтиңиз түссе, берген атыңызды минип, усынған қамшыңызды тутарман, бәлким.

— Алдамайсаңғой-ә?

— Қазы өзине исендире алмағаны ушын гүўа шақырады, дейди халқымыз. Мен не қылайын?

— Ҳе, ҳе уттың, Кенегес. Мен пүткил қарақалпақ бийлериниң үстинен қарайтуғын аталық деген ҳамалға пәрман бермекши едим. Бәлким, биринши аталық сен боларсаң. Хош, ендиги буйрығыўшың, ғамхорың мениң Бас ўәзирим.

Ерназар терлеп-тепшип есиктен шығыўы мәттал, үш жасаўыл қоршап, сөйлеспестен бөлек бир жайға апарды.

Бул жерде ол, бир табақ гөшти алдына алып бир өзи жеп отырған Азберген бийди көрди. Ол буған мирәәт етиў орнына муртларын сыйпалады:

— Ерназар кенегес, көзлериңизге май питипти.

Ерназар оған «неге?» деместен, жутыныңқырап терис қарады.

— Орыс төрелери мусылман төрелеринен төмен,—деди Азберген еки қолына бир жиликти услап ғайзап отырып.—Алакөз бенен Зарлық бәршеңизди алдап жүрипти.

— Алдаў ушын олардың өзлери билиўи керек, бирақ ҳешқайсысы орыс патшалығын көрген жоқ.

— Ақмақлар қулаққа емес, көзге исениўи керек тә.

— Бабаларымыздың жолы...

— Бабалар арасында ақылсызлар аз болды дейсең бе?

Ерназар қайтып сөйлемеди. Азберген оған дыққатсыз қолындағы сүйегин ғайзады.

Песиннен соң Ерназар бас ўәзирге шақыртылды.

— Ерназар Кенегес, уллы ханымыздағы ең ағла қәсийет жаңа еки достан ески бир досты артық көреди. Сизлер көтерилип атырғанын еситкенде, уллы ханымыз медиреседе бирге оқыған жылларыңызды еслеп, «Ҳаў, Ерназар Кенегес қайда жүр екен?» дер еди. Байқасам, уллы ханымыз бенен минез-қулқыңызда усаслық бар екен, әўел бир қайнайсыз, соңынан суўыйсыз. Дүзиў басқан қәдемиңиз қутлы болсын. Енди маған нендей мәсләҳәт бересиз?

Ерназар Кенегестиң маңлайы тершиди, хан алдында қысылғанларын шығарыў ушын узақ созып непес алып немқурайдылаў тунжырады.

— Уллы хан барлық тапсырманы Сизден алыўды ескерткен еди.

— Сизге тапсырма биреў: Ерназар алакөзди гелле қыласыз!

Ерназар кенегес маңлайының терин сыпырды. Бас ўәзир жуўап күтпей оны ертип, шеңгел ҳәрем менен қоршалған бес танаптай бағдың ишиндеги жайға апарды. Айналасына қыябанлап егилген

ҳәрқыйлы жемис ағашлары көз қумартып турыпты. Дәлизге кирген бас ўәзир қатара қапылардың ҳәрқайсысын бир ашып көрсетти. Бәринде де мурынның қанындай қызыл ғалы—гилемлер төселген, аяқ баспаға уят.

— Бунда атқосшыңыз отырыпты,—деп Бас ўәзир үлкен ағаш есик алдында гидирди.

Ерназар атқосшысының қандай ҳалатқа түскенин көриўге қызықсынып, есикти ашып жибергени, көзлерине исенбей аң-таңы шықты. Төрде буның атқосшысы менен шай ишип Сайыпназар отырыпты.

— Ҳаў, сизбе?

Сайыпназар орнынан қозғалмай, қолындағы кесесин де жерге қоймай ыржыйып күлди.

— Неге таңландың? Орыс төрелеринен көп дәкки жеген Азбергән бийдиң орыслар жөниндеги гәпинен кейин ғул-ғулалы кеўиллер көбейди.

— Пай дәлийл болды-аў,—деди Ерназар кенегес мурнын жыйырып.

Бас ўәзир қапыны жапты:

— Таң алдында келди, дем алсын.

— Бир өзи ме?

— Генжемурат деген өжет жолдасы бар екен, соны байлап әкелди.

— Генжемураттың бир қолы майып еди.

— Бизге әҳмийети жоқ, зинданда қолы дүзеледи.

Ерназардың ҳайраны шығып, көзлери жер көрмей, аяқлары әйтеўир-ақ бир шөпке сүрнигип, келеси есиктиң тутқасынан услап қалды.

— Сиз де шаршағансыз,—деди Бас ўәзир оған жеркениш пенен,—Қолыңдағы тутқаны өзиңе тартсаңыз иши ҳаммам. Ҳәзир түсип алып, Сайыпназар отырған бөлмеге барыңыз. Өзиңизге арнаўлы жатақ жай бөлек болады.

Әмиўдиң ылайлы қумай суўы менен теңиздиң ашшы суўынан басқа ҳаммам көрмеген Ерназар кенегеске бул, айрықша ҳүрмет болып түйилип, барлық кир-қонынан ғана емес, биротала пөкленип шығатуғын сыяқлы еди, ойлағанындай өзгерис сезбей, терин де баспастан Сайыпназарды көргенше асықты. Сайыпназар менен атқосшысы ортасындағы үлкен тас табақта пуўы бурқыраған палаўды көрди де, аўзынан суўы шубырды.

— Бундай палаў аты қарақалпақта еле асылмайды,—деди Сайыпназар палаўға төселген қырғаўылдың гөшин майдалаўға кирисип.

Ерназар оған аларықыраң қарады да, палаўға иштейсиз қол узатты. Сайыпназар ҳеш нәрсе сезбегенсип, аўзына салған қырғаўыл етин шайнап отырып сөйленди:

— Ерназар, сениң менен биз ығбалы асып даўы гүжиген адамларымыз. Мине алдынала келиснеў-ақ бир табақ палаў үстинде табыстық.

— Генжемурат қайда?

— Мен сенің де усылай ететуғыныңды билдим. Ерназар. Себеби жас болсаңда өзиң минбейтуғын атты ертлемейтуғын ақылсаң. Жолда Генжемуратқа усыны айтсам инанбайды, «еки Ерназар-әм тең дей турақлы адамлар» дейди. Соннан соң оның менен көп сөйлесиўди тоқтаттым да, Түйемойынға жақынлаған жерде, қонақ үйимизде, уйықлап атырғанда қол-аяғын байладым. Жолда көп азап берди заңғар, сонда да еплеп Хийўаға әкелдим.

Ерназар кенегестиң кишкене көзлери сүзилип бас шайқады.

— Ерназар, өзиң ой жибер, бий болып урыўымызды умытсақ, оның үстине бийликти бурынғы бабалар жолы бойынша баламызға берип кете алмасақ... Қәне, жесе.

— Жей беринлер...

— Зарлықта не күш бар? Сениң менен биз тек күшлиге хызмет етиўимиз керек.

— Орыс патшасына, қазақ ханына кеткен елшилер не қылар екен?—деди аңқаў атқосшы.

Табақтың дәл ортасына жасыл түскендей, Ерназар кенегестиң көзлери шатнап, оны шайнап таслайжақ кейпине кирди. Оннан қорыққанынан атқосшының жүзинен қан қашып, жуўып сыққан бөздей болды. Сайыпназарға да аңсатқа түспей, аўзын толтырған палаўы зәҳәрге айналғандай, уртлары томпайыўы менен қалды. Усы ўақытта есик бирден ашылып, еки нөкер менен бир әскер басының кириўи оларды жаман жағдайдан қутқарды. Ерназар сонда да өзине келмей албырап, орнынан ушып түргелди.

— Ерназар кенегес,—деди әскарбасы отырмастан,—Мени танымасаңыз керек. Атым Махмуднияз. Келеси ақшам Хожелиге шабыўыл қылмақшымыз.

Ерназар оған не жуўап берерин билмей, аяқларының ушына қарап қалды.

— Ҳа, кенегес, бул не?

— Ап-аңсат бахытлы болыўды гөзлермединиз? Аңсат бахыт мурнынды аспанға көтертеди, зыянлы! Сол ушын еле аўырлықлар көресиз.

— Махмуднияз, отырыңлар,—деди Сайыпназар. —Бирге аўқатланайық.

Олар да тоқ емес екен, табақтағы бар палаўды таласа жести.

— Ҳүрметли әскербасы,—деди Ерназар аўқаттан соң қол жуўып атырған Махмудниязға жалыныш белгиси менен даўысы тырылыңқырап. —Бизиң елимиз жақтан нендей жаңалықлар бар?

— Сизиң елиңиз жоқ, Хийўа ханының қоласты бар, ендигиден былай солай сөйлеңиз. Аңламай қалыпсыз, айтайын, жаңа ғана Қарақум ийшанға жолықтым. Қасында Мухаммедкәрим деген әскербасы бар.

— Мухаммедкәрим!—деп таңланды Сайыпназар. —Жанғазы төре менен қазақ ханына елши болып кетип еди ғой?

Махмуднияз күлди:

— Сонда не болыпты?

— Мухаммедкәрим өжет еди?

— Қәйдем, әйтеўир Жанғазы төрени атыпты.

Сайыпназардың жүзинде қуўаныш изи ашық көринип турды:

— Жанғазы төре Хийўаға қарсы еди. Ҳәзир Мухаммедкәрим қайда?

— Исенбейсизбе?—деди Махмуднияздың түси суўыңқырап.— Ҳәзир ол Қарақум ийшан менен бирге Бас ўәзирге кетти.

Ерназарды және аўырманлық басып, аяқ асты ойылып баратырғандай көзлери тынып төсекке қарады.

— Айтыңыз, Ерназар кенегес, бизди Хожелиге баслап барыўға таярмысыз?

Ерназар үндемеди.

— Ҳәзирше Ерназарды қыйнамай турыңлар,—деди Сайыпназар.—Мен бараман. Пайдалысы мениң алдынырақ кеткеним жақсы болар. Өзиме дәрек урыўдың жигитлерин үгитлеймен.

— Алдамайсызба?

Сайыпназар Махмудниязды кек етиңкиреп күлди:

— Жассыз, әскербасы. Сиз мениң Бухараға елши болып бармай, жолдасымды өзим байлап, өз ерким менен Хийўаға келгенимди еситтиңиз бе? Мынаны сирә көрмегенсиз,—деп ақ бөз көйлегиниң қызыл жийекли дөңгелек жағасын кеңирек ашып, ийнин көрсетти. —Бул әпиўайы тыртықлар емес, Ерназар алакөздиң қамшысының излери. Умытпайман!

— Ерназар кенегес, сиз сөйлеңиз.

Ерназардың тили жулынғандай лал.

— Қарақум ийшанның, қазақ ханына кеткен елшиниз бенен келгенине еле исенбейсиз бе? Олар бүгин-ақ Гөне Ургенч көтерилисшилерин басыўға кетпекши. Бәлким, кеткенше жолығарсыз. Сайыпназар, сиз таярлана бериңиз.

— Азмаз мызғып алсам?

— Мызғыңыз.

— Сиз, Кенегес?

— Мен де дем алайын.

17

Адам өмиринде өмириниң бәрине жарп сондай бир күн болады, қуўаныштан таңға көз илиндирместен-ақ, ертеңине ол өзин ҳәрқашанғыданда қуўнақ ҳәм күшли сезип, барлық исин қәдимгисинше баслап кете береди.

Ерназар алакөз ушын да кешеги күн сондай күн болып, барлық тәреплерге жолланатуғын елшилердиң соңғыларын атландырып салғаннан кейин, ханнан урықсат сорап кетип, кешқурын Гүлзийбаны ертип қаланың сыртындағы тораңғыллы тоғай арасында уйқысыз таң атырды.

Азанда ол сәлемге киргенде жүзиниң ҳәрқашанғыданда жадырағанын сезип Зарлық хан кеўилли қол алысты.

— Аға Ерназар, мен сени танығалы бүгингидей тынығып дем алып келген азаныңды еслей алмайман.

Рахмет, меҳирли ханым! Кеўилиме әлем тазарган секилли, қуяш, бизиң халқымызға да, күлип қараған секилли, қуўанышта-маң!

— Гүлзийбаға екиншк неке қыйдыртайықпа?

— Жоқ, ҳүрметли ханым, анама үәдем бар. Гүлзийба менен ҳәзирги өмирим-әм наятый қызық, наятый гөззал маған!

— Сағынысып ушырасқан соң шығар?

— Гүлзийба мен ушын өз алдына бир өмир!

— Бизиң женисимизге оның тәсири күшли болды. Себеби, қыранлар арасында атлы ҳаял көрген жаў жүдә ҳаўлықса керек.

— Мүмкин.

— Гөне-Ургенчке кетиўди тезлеттиңбе?

— Ҳүрметли ханым, Гөне-Ургенчти жаўлап алғанымыз оларға дослық қол созыў ма ямаса...

— «Ямаса» ны қой, дослық қол созыў!

— Хийўадан бала Ерназар келгенше күтейик.

— Мейли, халқымыздың тарийхына ой жиберсем, аты әпсана Маман бий, Айдос бабалар халқы менен түсинисе алмаса керек-аў?

— Мениңше, халықты сүйиў менен халықты түсиниў еки қыйлы нәрсе қусайды.

— Биз сол еки қыйлы нәрсени бириктиремиз.

Ерназардың қойыў қара муртлары астындағы үлкен аўзы ашылып, ҳәрқайсысы бармақтың басындай ири аппақ тислери жалтырап үнсиз күлди.

Шатыр хызметкерлери бир дастурхан шөрек пенен еки чайник чай әкелип алдыларына қойды.

— Ағa Ерназар,—деди хан чайникти алдына тартып. —Еле шешиўге тийис көп ислер бар алдымызда. Уя салалмаған әтшөк болмай, биринши қарақалпақ ханлығы салдырған деп ат кеширтендей бир қаланың қурылысын баслаттырсақ, қәйтеди?

— Қайерди қолай деп ойлайсыз?

— Орыслардың «пароходын» көргели ең бас жол суў жолы екенине көзим жетти. Усы Хожели менен, мына жағымыздан Хийўа менен қарым-қатнас қылыўға қолайлырақ Нөкис аўылының усти қалай болар екен?

— Орыс алымы Грушинниң кенеси бойынша қаланың тырнағына Қаратаўдың қайрақ тасын пайдаланыў жақсы.

— Қаратаўдың тасын Нөкиске қалай тасыў мүмкин?

— Қаланы Қаратаўдың үстине салсан ше?

— Ооо, Ерназар,—деди Зарлықтың кишкене көзлери күлип,— Суў шығарыўды неге ойламадың?

— Егер орыс патшалығы қол астына өткерип алса, ескексиз, желқомсыз кеме жүргизген, өгизсиз, атсыз арба жүргизген илими менен бир есабын табыўға көмеклесер. Болмаса шығырлар қурармыз.

Зарлық басын төмен ийип ойланып отырып, Ерназардың пикирин унатпады ма, әңгимени пүткиллей басқа жаққа бурып:

— Ерназар-аў,—деди бираз сарсықлы ҳаўаз бенен. —Хожакеңнен хабар билиўди, Бала Ерназарға әдейи тапсырып едим, хан менен сөйлесип, бәлким алып қайтар деген дәмем бар.

Ҳәзирги жеңиске ерисиў жолында қанша-қанша қыранлар қурбан болды. Жаў қоршаўында тири кеткен улы бәрҳә кеўил төринде жатқанына қарамастан, оны еслей бериў сол қурбанлардың рухына ҳүрметсизлик болар деп тилге алмаўға тырысатуғын еди. Жүрегине пышақ қадалғандай, маңлайы тершип сала берди, жүзинен қан қашты. Зарлық енди ғана өзиниң надурыс ислегенин түсинип, әңгименің бағытын және басқа жаққа аўдарыўға имканият табалмай астыңғы ернин тиследи.

Ерназар жуўғарада өзине келмей, алғаў-далғаўланып қабағы жабылып отырғанында шарбаяланып бир ҳаял даўысы еситилди, шатырдың түриўли есигинен екеўи де сыртқа нәзер таслады.

Үсти-басы алба-далба ғарры, кемпир хан шатырын қорғаўшы қос қыранның бирине еки жақлап асылып, жулқылап атыр.

Алакөздиң шыдамы түўесилип далаға шықты.

— Жас үлкенлер, нендей арзыңыз бар?

— Бизге Ерназар алакөз, я Зарлық хан керек!—деди ғарры.

— Ерназар алакөз мен боламан.

— Илая сени жер жутқай!—деди кемпир.

Ғарры оның гөне бөз көйлегиниң ийнинен өзине тартып иркти де, Ерназардың маңлай алдына келип, аяқ ушына көтерилесала, қулағына сыбырлады.

— Арзым бар, балам, датханана апар.

Ерназар оларды шатырға ертип әкелди.

— Жәбиримиз оғыры аўыр,—деди ғарры сыбырланып.

— Баламыз, келиниимиз өлип, жалғыз ақлық қызымыз бенен қалған едик.

— Созбай тез айтсаңә!—деди кемпири.

— Сабыр, шабазым, сабыр,—деди ғарры асықпай. —Ақлық қызымыз быйыл он алтыға қарады. Бир жетим жийенимизди күш күйеў қылып бүгин-ертең үйге киргизейик деп отырсақ, сизиң еки қыраныңыз үйимизге басып кирди.

— Хан, жуўабыңыз?—деп Алакөз Зарлыққа бурылды.

Ерназардың есине бенделиктеги баласын салып надурыс ислегенине еле өкиниш пенен миййи меңзеңзең болып отырған ханға ҳәжәрли Ерназардың мүнәсийбети упамай бирден олыйды:

— Үш ағаштан дар тиклеўди буйыр ҳәм сол еки қыранды ҳәзир туттырып ас.

Алакөз басқа гәптиң басына бармай кемпир менен ғаррыны далаға ертип шығып, үйиниң қайерделигин сорап алдыда, дәрриў бес қыранды атландырды.

— Шырағым, көпке жорияламаңлар,—деп өтинди ғарры. —Күйеў баламыз еситетуғын болмасын.

Ерназар алакөз тезлик пенен дар ағашын тиклеткенше, бес қыран еки жигитти, қыраплық қара шекпенлериниң екинши жениң

суғындырыўға қаратпай, алдына салып айдап келди. Олар Бекжан жүзбасының қыранлары екен, қоллары байланып, өкшелерин ат туяғы жемирип киятырғанын ойлаў жоқ, ыссыдан ба, бетлери қызыл гүлдей жайнап күлисиўи менен Ерназар алакөзге сәлем берди, биреўи тез арзы айтты.

— Ерназар аға, мынаў бес қызғаншақ бизлерди ләззеттен айырып айдап киятыр.

— Қандай ләззет?

Әўелги сөйлеген қыран мойнын қыйсайтып, қуяшқа қарсы қарай алмай, бир көзин қысып турып, аўзын кемсеңлетип, еркелеп, аяғы менен жер сызып турып түсиндирди:

— Қандай ләззет дейсиз-аў, Ерназар аға? Еркекпиз, урыста жеңген еркеклерденбиз... Он алты жасар бир нәзелим таўып едик.

Ерназар дар ағашы таманға бурылып, салбырап турған гүрмекти ийеги менен нусқады.

— Әне, саған ләззет, илдир мойныңа!

Қос қыран бирден қәддилерин тиклеп, суғыўсыз жеңлерин дүзеп кийди:

— Неге? Ерназар аға? Сонша қыяметке шыдап урысамыз, және бир қыз ушын өзимизди өзимиз дарға асамыз?

Гүлзийба шатыр қасында еки ағашқа керилген узын жипке кир жайып атыр еди.

— Ерназар,—деди бираз қәҳәрлирек даўыс менен.—Босат жигитлерди!

— Қысқартсаңа!

— Айт, жеңге!—деди қыранлардың бири жыламсырап.

Гүлзийба асығып келип Ерназарды шетке тартып әкетиўге урынып еди, ол қулашын кере мушы менен қағып жиберди. Гүлзийба артына қарай тентиреклеп-тентиреклеп шатырға сүйенип қалды. Иштен Зарлық шықты.

— Ерназар, тоқтат!

— Ҳәр елде хан биреў болмақтың мәниси—буйрығы биреў болыўы керек!—деди Алакөз тисленип.

— Ҳәй, Ерназар, жеңген қыранлар азлап еркинсимесе жеңис қайдан болады? Босат!—деди Гүлзийба және алға умтылып.

Ерназар тыңламай, әўелги сөйлеген қыранның мойнына дар арқанын илдирип үлгерди:

— Ғәрип ҳаллардың қызларына зорлық еткенниң жазасы әне усы!

Зарлық изине бәсти.

Гүлзийба еки қолын көзлерине басыў менен Ерназардың аяқларының алдына жығылды.

— Қәтелестиң, Ерназар!...

Ерназар оған қарамады. Қыранларының арына шаўып алыстан шаўқым салып киятырған Бекжан жүзбасыны ҳан шатырын қорғаўшы қыранларға туттырды да, қапталынан өтип баратырған Әдил бийди иркип, Бекжанның гүнәсин түсиндирди ҳәм шешимин айтты.

— Әдилбий, Бекжан жүзбасыны жалаңашлап шыбынға талатаман, сен пешахана қурып қапталында уйықлайсаң.

— Мақул.

Дар жөниндеги хабар пахтаға тийген оттай, сол заматта-ақ пүткил қалаға жайылды...

Қарақалпақ қыранларынан жәбир көрген қалалы арзагөйлер кешке таман шатыр айналасына толып кетти.

* *
*

Усы күни қүптанда, адамлардың алды жатқан гезинде, қалаға мисли қарақулақ болып Сайыпназар кирди. Зарлық ҳәм Алакөздиң көп арзы тыңлаў менен машқуллығы оған оң түсип, шыбынға байлаўлы жалаңаш Бекжанды таўып алды да, қулағына сыбырланып, ханның, Ерназар алакөздиң қаяқталығын сорады. Бекжан еле ашыў үстинде еди.

— Екеўин де жер жутсын!—деди жекиринип.

Сайыпназардың көктен тилегени аяқ астынан табылып, жүдәпиңҳамылық пенен, Хийўаға елши Ерназар Кенегестиң өзгерисин, бүгин ақшам қалаға хан ләшкери басып киретуғынын жасырмай тез-тез баян етти.

— Қой бундай өсекти!—деп Бекжан шыбын шағып исинкирегән мойнын гүржийтти. —Бухарадан хабар айт!

Сайыпназар қойнынан нан шығарып маңлайына басты.

— Өтирик сөйлесем мине!

— Ант ше? Алпыс бий бөлип жеген алма ше?

— Ерназар Алакөз қорқытып ант еттирген жоқ па?

— Жоғал,нәлетий сатқын!—деди Бекжан қәҳәр менен.—Мени Алакөзге ашыўлансам да, елиме сатқынлық ете алмайман, ҳә Әдил бий!...

Сайыпназар оның соңғы сөзин дурыс айтқызбай, байлаўлылығынан пайдаланып, қойнынан ақ сүйек саплы қанжар шығарып сала, көкирегине урды. Бекжан қулады. Даўрық пенен Әдил бий оянды.

Сайыпназар оның үстине дәпинди де, қолларын услап, көз алдына қанжарын тутты;

— Сен не дейсең?

Ол усы ҳалында барлық жағдайды оған қысқа-қысқа айтып түсиндирип үлгерди.

Әдил бий Сайыпназарға асылып турып ойланды: «ҳәзир көп қыранлар Алакөзге қоҳорли... Зарлық пенен Алакөзден де бирлик қашқан сыяқлы. Бири буйырады, екиншиси бузады... Бундай оттан қашып қутылған..»

— Болсаң-ә!

Әдил бий төсегине жанбаслап, Хийўа ләшкериниң қай ўақлары келип жетиў итималы барлығын сорады.

— Түн ярымында.

— Онда өзиң айт, не қылайын?

— Есабын таўып Зарлық ханның шатырын өрте! Сонан соң Хийўа ханының бел баласына айналасаң.

— Япырмай-ә?

— Мен енди басқаларға кеттим...

* *
*

Зарлық пенен Ерназар жәбиркеш қалалыларды қуптанға шекем қабыл етип, айыплы қыранларды жазалаў үстинде, бири «жаман қылықлары ушын баласын жазалаўдан бурын өзин жазалаған әке, ақыллы әке»,—деп екиншиси, «Әке баланы тәрбияламағанда, оның басына өз мийин ыдыс пенен қуя алмайды ғой» деп тарысып, бир шешимге келисе алмай, жана татлы уйқыға кеткенинде, далада атлар киснесип, айнала ала-пасырлы бола қалды. Бирден шаўқым көтерилди.

— Жаў, жаў!... Жаў!

Алакөз шапшып түргелди. Хан атына қарай жуўырды.

Ҳәкисине кешқурын аспан бултласып, айнала тас түнеклескен еди. Алакөз асығып, албырақлап атын зорға минип «жаў, жаў» деп сүренлеген даўысы бойынша шаўып кетти.

Бир бәндиргиде қызғын саўаш жүрип атыр. Кимди ким урып атырғаны нәмәлим, урҳа-ур баса-бас, урҳа-ур, бас-бас... Алакөз жаў нөкерлерин серлеп, шетинен тийисип кетти.

Ол урысқа түссе күтә шаққанласып, жуўғарада қоллары талмас, борҳо қыйқыўлап қылышын оннан да сермейди, солдан да сермейди. Аты номентайлаў бир қыраннан ақыллырақ, мисли жылан жүрис қылып, жаў нөкерлериниң арасын қыйып өте береди. Соңлықтан да, ол араласқан жерде анаў-мынаў топар төтепки береалмай, кейин серпиледи. Ҳәзир де оның қыйқыў салған ири даўысы жаўға басқы таптырды.

— Ерназар аға ҳа, Ерназар аға!—деп ҳалықлаған бир қыран буўлығып сөйлей баслады...—Кеше... кеше... кеште Сайыпназарды көрип едим... Соның бәлеси ме деймен.

Қараңғыны айырып келип Шоңқы хабар айтты.

— Ерназар аға, Бекжанды пышақлап кетипти. Әдил бий жоқ.

— Ҳа!—Ол гилт тоқтады. Әлле қайдан адасып жүрген жаў нөкерлери қаймығып келип Алакөзди арт жағынан қылышлай жазлаған пайытта, Шоңқы шаққанлық етип, жаўдың қақ жаўырынына найза урып атынан қулатты.

Көзди ашып жумғанша айналаны және көп атлылар қоршап алды, булар Зарлық ханның басшылығындағы қыранлар еди, олардың қаплап киятырғанын көре сала жаў ләшкери дүсирлесиўи менен бәдәр қашты.

Алакөз ўақытты уттырмай, қыранларына «айдаацц!» деп атын қамшылап, қашқанлардың изинен шапты. Зарлық та солай ат қойды. Бирақ тасқараңғыда ҳешкимди көрмей ағып турған үлкен арнаға дус келди де, тоқтады. Ат үстинен еңкейип жағаны сығалады, излер байқалмайды...

— Ўай, өрт, өрт!,
—Ўай, өрт!

Ерназар хан шатырының жанып атырғанын абайлап, атын артқа бурды, қыранлары оның изинен топарласа шабысты.

Шатыр әллеқашан қулап, ғалылар, гилемлер еле пысқып жанып атырғанының үстине келди. Гүлзийба менен үш төрт қыран шатыр айналасында гүбелектей айналып, отқа суў қуйып жүрипти. Олар келе сала өзлерин отқа урды.

Қыян-кести баса-бас пенен таң атты. Жүз берген ўақыялар түсы ыяқлы. Айнала жым-жырт, ҳәр жерде өлилер, жәрдем сорап бақырысқан жарадарлар жатыр. Хан менен Алакөз жарадарларды жыйнап, өлилерди жерлеўге тәртип берди де, барлық әскербасы —бийлерди жыйнап түўелеп еди, биразы көринбеди. Қыранларда азайған. Артық пенен Шымшық бас кешигип, жаў нөкерлеринен жарадар болып қалған биреўди бенде қылып айдап әкелди. Бендени ортаға алып сөйлетип, Ерназар Қенегестиң өзгергенин еситкен Зарлықтың ийеги кемсеңледи.

— Аҳ, ҳарамы ийт!

— Сатқын!!

Оларға садық әскер басылар, қыранлар жабатуғын булттай түнерисип қыймылсыз буйрық күтип турыпты.

От өширемен деп бети-аўзы қарағожалақ күйе болған Алакөз ашыўын кимнен аларын билмей, кең танаўы ҳаррыйып:

— Әй, түсиниксиз дүнья! Түсиниксиз адамлар!—деди де гүрсиниў менен бирден бас көтерип жыйналғанларға көз алартты.— Әй, түсиниксизлер, енди бәриниз анаңыздың сүтин ортаға салып айтыңлар, арацызда сатқынлар қалды ма?

Ләм-мийим.

— Тартынбаңлар, ырасынан келиңлер!—деп Алакөз ғүжырланды. —Егер, ел намысы жақпаса, үйли-үйиңе тарқаңлар, тек ғана сатқынлық қылмаңлар! Билесиз бе, халқына сатқынлық— анаңа қол салыў менен барабар!

Ҳешким жуўап бермеди.

Ерназар шыдамай әскербасылар менен бийлердиң көзлерине бирим-бирим үңилип шықты, ҳешқайсысына «сен сатқынлық қыласаң!» деп қол шошайта алмаған менен, ишинен гүдик гүўдиратуғынларын байқаған сыяқланды.

— Ханымыз,—деди Зарлықтың алдына оралып келип.—Көкирегим бир жаманлық сезип турыпты. Сатқынлар Хийўа ләшкерин баслап Әмиўдәрьядан арқаға өтпи, елге жаманлық қылады.

— Дурыс,—деди де хан буйырды. —Қоне қалған-қутқанларды жыйнаңлар!

— Ҳүрметли ханымыз,—деди Алакөздиң ашыўы басылмай. —Аўылларға жоне жаршы жиберемиз. Кимде ким бизди қуўатласа, Қазақдәрья бойына тез көшсин. Жаў алмастай қорған сеңламыз!

— Шабың жаршылар!

Жаршылар асығыс тарағансоң, Алакөз сәл жуўасыған кейин көрсетсе де жүзинен зәҳәр шашып:

— Қәдирданларым,—деди дөгерегиндегилерге.—Ант бузған сатқын Ерназар Кенегести ким тутып әкеле алады?

Оның биреўди уруўы менен атаўы биринши еди, ашыў үстинде айтылғаны ушын ҳешким таңланбады, «мен бараман» деўши де табылмады.

— Қәдирданларым!—Алакөздиң даўысы әри тарғыл, әри ғәзепли. —Тек бахты қара адам ант бузады. Егер сол Кенегес усыннан алдыма келсе, өлтирмес едим, ҳәр күни бир мүшесин кесип аўзына салып, шайната берер едим. Аяқ қолынан журдай тулып қылып, пүткил ел келип түкиретуғын түкирик ханаға айналдырар едим. Бәршени сорлы қылып кеткенине қара нәлеттиң!—Ол Ерназар Кенегести тутып әкелетуғын жансызды көпшиликке жәрия қылмаў кереклигин бирден еслеп, ақылын жыйды.—Қапаланбаңлар! Бир қапы жабық болса, мың қапы ашық. Елде бир сатқын болса, мың ел сүйер бар, өзлериңиз барсыз. Ҳәзир Хийўа ханы алдастырып үстемлик алған менен, орыс патшасына, Қазақ ханына кеткен елшилеримиз бар, олар келгенше ханлыққа беккем болайық,—деди де қыранлардың кейпи көтерилгенин сезип, тез тарқатты.

Ол жекке қалыўдан Шоңқы алдына келди.

— Ерназар аға, Кенегести мен тутып келемен.

Оның әбжиллигин, мәртлигин упатса да Алакөз сын көзлери менен шүңирек қыйық көзлерине тигилди:

— Мақсетиң не?

— Айдос бабадай, Сиздей мәрт уллары бар қолдаўлының даңқы ушын бараман.

Ерназар мысқыл менен селк-селк күлседе, ишинен жақтырмай түнерди.

— Болмайды, Шоңқы. Тек қолдаўлы урыўы емес, пүткил ел уттырып турыпты.

— Ерназар аға, елге келген жаман ат та, жақсы ат та биреўдиң аты менен келеди ғой. Сол биреў әллеқайсы урыўдан болыўы шәрт ғой.

— Оҳо, мен сеннен бундай ақыл ҳәм мәртлик шығады деп ойламаппан!

Шоңқы айыплы кисидей үнсиз төмен қарады.

— Ким менен барасаң?

— Жансыз жекке жүргени мақул.

— Жаман нийетли адамның туяғынан зәҳәрли нәрсе болмайды, өз Ўатанына зәҳәр жайып кетпе.

— Адамды бузатуғын усындай исенбеўшилик ғой.

Алакөз оның түр-түсинен жаманлықтың нышанын сезбесе де, және писириңкиреди....

— Еки жүзли пышақтай кесетуғыныңа исенемен, бирақ мендей қолдаўлы болсаң, алдама!

Шоңқы Алакөзге таңланыў менен жалт бурылды,

— Қолдаўлы урыўы ушын өл десең өлиўге таярман аға.

Ерназар урыўлар жөниндеги тийкарғы жолынан тайыпғанына ийегин тислесе де, зәрүрлигинде усылайтиў-әм керек,—деп өзин жубатты.

— Бар, Шоңқы жолың болсын!

— Ханымыз, —деди Алакөз оны узатқаннан кейин Зарлық төреге келип—Шоңқыға исенгеним дурыс болды ма?

— Тутып келсе, мәр!

* *
*

Олар жарадарларды арбаларға тийетип, өзлери үндеместен барлық әскербасыларды, бийлерди, қыранларды баслап Әмиўдәрьяға келгенде излеринен шаңғыт көринди.

Ерназар Зарлықтың басқаларды баслап асықпай өтериўин ескертти де издеги қуўғыншыларды иркиў ушын жигирмалаған қыран менен қалды. Шаңғыт көтергенлер жаў емес, Әбдирахманлар болып шықты. Изинде өз жигитлеринен басқа қазақ сарбазлары ҳәм түркмен жигитлери бар. Бәриниң де шаршағаны көринип турыпты, Ерназар «Олар бизлердиң аўҳалымызды еситип жәрдемге асыққан екен» деген ой менен атын дәрьяға қарай бурды.

— Ерназар,—деди Әбдирахман қапталласып келип,—Бизлер де алдандық!

—Неден! Кимнен?!

— Гөне-Ургенчке көп молла ахунларды баслап Қарақум ийшан келди. Уруў басшыларын үгитлеп, Аннамуратты сөйлесикке шақырып әкетип еди, өлтирипти.

— Сизлер?!

— Урыс қылдық, пайда болмады. Жергиликли уруў басшылары Хийўадан келгенлерге инанып, алдымызға гилең бала-шағаларды шығарды. Қайттық.

— Түсинбедим...

— Мен де...

18.

Киши әскербасы Махмудниязды қыяллары мудамы аш адамның қыялларына усайтуғын еди. Таза ханның арнаўлы тапсырмасы менен Хожели шабыўылынан табыслы келгеннен кейин ойлары бирден-ақ тоқ адамлардың ойларына усап қалды.

Сарайдағылардың көпшилиги өз ханлығын дүзген қарақалпақларды жеңиўдиң қыйын болатуғынына исенишли пикир айтқанда, ол өзин бәлент тутып мақтанды:

— Урыста жеңиў ушын көп тәсил керек.

Оның душпанлары да сөзлеринен гиңәрат табалмай, қосыла мақтаўға мәжбүр болды. Соскеге таман оны ханның өзи қабыл етип:

— Ендиги ўазыйпаң Алакөзди гелле қылып, көтерилисши қарақалпақлардың отлы көзлерин орнына салыў,—деди ҳәм әстенирек сыбырлады.—Мениң бас әскер басым болыўыңа усы соңғы сынақ.

Хан дәргаҳыпаң кеўли ҳалласлап шыққан Махмудниязды есик алдында Бас ўәзир тутып алып, тикке ғәзийнеханаға ертип апарып, үш шапан алып берди:

— Мине, Махмуднияз, саған жәрдем еткен қарақалпақлардан қәлегенине өзиң жабасаң.

Ол өмиринше бундай ҳүрметке миясар болыў былай турсын, хан менен Бас ўәзирден басқаның ғәзийнеханадан зат алып кисилерге сыйлық бергенин көрмеген еди. Исениңкиремей шапанларды алса да:

— Бәлким, өзиңиз жабарсыз,—деди.

— Жоқ, өзиң Махмуднияз, өзиң,—деп Бас ўәзир оның жаўырынынан ийтермелеп, Ерназар кенегеслер ушын ажыратылған жайға бирге келди.

Тәрепдарлары менен мәсләҳәт қурып отырған Ерназар Кенегес есиктен көринген Бас ўәзирге, Махмудниязға ҳәрқандай иззетти аз көрисип, гә бүгилисти, гә қол қаўсырысты.

Махмуднияз шапанларды оң жайдай ийилген Ерназар Кенегестиң жаўырынына қойды.

— Сизге уллы ханымыздың, дана Бас ўәзиримиздиң сарпайы. Булардың қайсысына жабыў тәңҳә өз ықтыярыңызда.

Бас ўәзир Махмуднияздың тапқырлығына ырза болып, тек көзлери күлип тура берди. Ерназар Кенегес шапанларды алып, бир-бирине салыстырып, биреўин көбирек услап турды да, ашкөз көринбейин деди ме Сайыпназардың алдына таслады, екиншисин Әдил бийге берди, үшиншисин, «алып қой, керек болады» деп атқосшысына тапсырды. Сайыпназар менен Әдил шапанлар ушын Бас ўәзирге, әскер басыға қайта-қайта қол қаўсырды. Бас ўәзирге Ерназар Кенегестиң ҳәрекети де унады.

— Бир жаңалық,—деди ол муртынан күлип.—Гөне Ургенчли көтерилисшилер сап болып, басшысы Аннамурат өлтирилди.

— Қалайынша?—деди Әдил шыдамсызлық етип.

— Аздан кейин оны өлтирген мәрттиң өзи менен көрисесиз.

Бийлер ҳаўлығысып бир-бирине апалақласты. Тәрептарларының қорқынышлы ҳалын көрсетпеўге тырысып, Ерназар Кенегес ўәзирге қол қаўсырды:

— Генжемурат пенен дийдарластырасыз ба?

— Әлбетте.

Бийлер қуўжыңласып, Ерназар Кенегес пенен қатарласты.

Бас ўәзир оларды Генжемурат жатырған зинданға ертип апаратуғын адам жибериўге ўәде етти де, кетиўге ыңғайласып:

— Ендиги арзы-аўҳалыңызды Махмудниязға айтасыз, ол маған, мен ханға жеткеремен,—деди. —Уллы ханымызды қызықтыратуғын мынадай бир саўал бар. Айтыңлар шынын, сизлер не мақсет пенен бизге өттиңиз?

Сораў ҳәммеге қаратылған менен Бас ўәзирдиң нәзери Ерназар Кенегесте. Оның нәзери жолдасларында: «қайсысы алдын жуўап берер екен?»

— Елимиздиң ҳаўасы бузылды,—деди Сайыпназар.—Алакөз бузды. Төменде жатсақ астымызды суў алды, төбеде жатсақ самал шыдатпады. Сол ушын, мениң қара басым бурыннан үйреншикли Хийўа ханының қол астын күседим, себеби Хийўаның ҳаўасы тынық, самалы жағымлы.

— Ашлық айыўды ҳәм аздырады, ҳәм ойнатады,—деди Әдил ўақыт уттырмай.—Неден екенин билмедим, бирақ Алакөздиң қолында аш айыў болып қалыппан. Сөйтип, халқымыздың «суўға кетип өлсеңде, ақмақтың көпиринен өтпе» деген нақылын еслеп ойланыңқырасам, Алакөздиң «Зарлық хан» деп ат қойған көпирине тирелип турыппан. Ондай ақмақлық көпирден өтпейин деп бунда келдим.

— Мылтық болса ҳәмме ата береди, лекин тийгизиў бәршениң қолынан келмейди,—деп бәнт басты Ерназар Кенегес салмақлылық пенен. —Шуқыр ойласам, Зарлық қолына мылтық услаған менен тийгизе алмайтуғынлардан екен, сол ушын ҳақыйқат мерген Хийўа мени өзине тартты. Қысқасы Хорезмге еки ханлықтың кереги жоқ.

Бас ўәзир буларды баслап басқа бөлмеде дем алып атырған сатқын қыранлардың үстине кирип, бийлерге берген сораўын қайталады:

Хожелиге ақшамғы топылыстан албырақласып сатқын басшыларына ерген қыранлар батыллық етип сөйлей алмай ҳәрқайсысы өзиниң исенишли басшысына қарады.

— Жигитлер, бас ўәзир қыстаў, тез сөйлеңлер,—деди Ерназар Кенегес.

Сүлингир арық, жағы қылыштай бир жигит алға өтти.

— Уллы бас ўәзир, өтирик ҳәм жала менен бузылған үйди қудай-әм дүзете алмайды, халықты алдап, қорқытып тиклеген ханлы қудай-әм тутып туралмайды. Алакөз тиклеген Зарлық хан әне сондай, қудай-әм тутып туралмайтуғын хан екенин түсиндик. Сөйтип бунда қаштық.

— Атыңыз ким? —деди Махмуднияз.

— Рәсиўли.

— Ерназар кенегес, Рәсиўлиниң соңырақ маған әкелесең,—деди Махмуднияз.

Ерназар Кенегес атқосшысына ымлап жаңағы аўысық шапанды алдырды да, Рәсиўлиге жапты.

Жайдың мүйешинде, ҳәммеден тасарақ турған шымыры денели бир қыранға Бас ўәзирдиң өзи қозғаў салды:

— Ҳәй, пәкене, сен сөйле!

— Пышық жутқаннан арыслан-әм қорқады,—деди ол.

Оның еки ушлы жуўабына түсинбегенин мойынлаўға ҳешким тәўекел ете алмады, Бас ўәзир ойланып турмастан:

— Жигитлер, Алакөзди аңсат ғана бенде қылатуғын усыл ойлап табынлар,—деди де Махмудниязды ертип кетти.

Олар Пәкене қыранның бас ўәзирге қайтарған жуўабы бойынша «пышық жутқанның» ким екенин талқыға салыў менен, Бас ўәзирдиң тапсырмалары үстинде пикирлесип үлгермей-ақ, бири күйик таяқтай арық, екиншиси толы қаптай тылтыйған қара бет, еки пашпап келди-де, бәршеге бир нәзер салып, Пәкене қыранның қолынан услап шетке тартып әкетти. Буған ҳайранлықта қалғаплар алдында қылышлы, найзалы бир әскер басы, жерден көгергендей, пайда болды:

— Қәне, бенде Генжемурат пенен дийдарласыўды ким қәлейди?

Оны көриў иштейи ҳәммесинде пайда болды, бирақ Ерназар Кенегес Сайыпназарды, Әдилди, қыранлардан Рәсиўлини ғана айырып шықты.

— Бир шәрт бар, —деди Бас ўәзирден келген әскер басы оларды иркип.—Гүнәкар менен дийдарласып тиллескенде, уллы ханымыздың сөзин сөйлейсиз. Ким өйтпесе сол кәрада зинданда қалады.

Бәриниң де қоллары желкелерин қасыған менен тиллери еркине қоймады, шәртке келисти.

Генжемурат бий зиндан басында Ерназар Кенегести көргенде, ханымыз атынан мени азат етиўге келген екен, деп ойладыма, аўырыў сарғыш жүзине қан жуўырып, қарамықтай көзлери қыйықланып, жуқа ерининлери қәдимгисинше мүйешлене күлимлеп қояберди.

Алды менен Сайыпназар тилге кирди.

— Генжемурат, өзиң түсинесең, тиклеген ханымызды ай деп билген едик. Қуяш барда айға мүтәжлик туўмас екен.

Генжемурат жүзин бурды.

Ерназар Кенегес оны түсинбеди деп ойлады.

— Генжемурат бий, қуяш дегени уллы Хийўа ханы,—деди ол жүдә шаршаған ҳаўаз менен.—Сатқын Алакөздиң енди салатуғын сарайынан Хийўаның таяр атқанасы абзалырақ көринеди маған.

— Ҳа, бул не?—деп аўырыўы өзине өтиңкиреген Генжемурат көкирегин көтерди. —Есаўма болдыңлар ма?

— Жоқ,—деди Әдил. — Мениң пәмимше, еки хан еки қасқыр, еки жақлап таланбайық, Генжемурат.

— Шыныңыз ба?

— Өзи өтирик сөйлейтуғын адам ғана кисиниң сөзине исенбейди,—деди Рәсиўли.

Генжемурат оларды енди ғана уғып, бир тикленип еди, ҳешқайсысы жалынлаған ашыўлы көзлер алдында шыдай алмай жүзлерин жерге қаратты.

— Ерназар Кенегес,—деп Генжемурат оның атың ҳәм уруўын илажсыздан тилге басып, мурнын жыйырды.—Сен қарақалпақ ханының елиси едиң ғой?

— Генжемурат-аў,—деп Сайыпназар Ерназар Кенегестиң ары-

на шапты. — Адам еки нәрсе менен жасайды: биринши тамақ, екинши жақсы сөз. Буларды бизден ким аямаса, соның сөзин сөйлеўимиз керек ғой.—Ол шапанының жағасын тартып қуяшқа тутты.—Бундай мөрели шапанды аты қарақалпақ тоқып көрипе?

— Генжемурат, ашыўланбай тыңла,—деди Ерназар Кенегес ақырынлап сөйлеп.—Мен ойланып-ойланып, елди бурын жүрилмеген тың ҳәм тикенекли жаман жолға сүйрей баслағанымызды түсиндим.

— Ерназар Кенегес!—деп бөлди Генжемурат ашыўлы.—Ким пуш дәне ексе, пушайман жыйнайтуғынын неге умыттың?

— Пуш дәне егип, жүрген тек Алакөз,—деди Сайыпназар.

— Қыйсық отырсаңызда дүзиў сөйлеңлер!—деп жекиринди Генжемурат мурнын жыйырып.

Әдил өлимсиреп, жалынышлы түр менен:

— Жалғыз улың бар еди ғо Генжемурат,—деди.

— Перзентке сатқын әкениң тәрбиясынан ҳақыйқатлық ушын өлген әкениң руўхы артығырақ.

Ерназар Кенегестиң көзлерин тер басып, үстиңги үлкен ерининен әлленеткен лөм тамшылары менен Генжемуратқа айбат шексе де, даўысы мәжбүрий дирилдеди:

— Қараңғыда жанған кишкентай шыра қуяш болып көринеди ғой, Генжемурат. Алакөздиң Зарлық төрепи сондай шыра қылған алжасықларын неге есиме салып күйдиресең?

Генжемурат бийди ашыў қысып, Ерназар Кенегести урып жиберейин десе, аяқ-қолындағы шынжыр табжылтпай, бар күшин салып жекиринди:

— Арсыз сатқынлар! Бетлерицизге түкирер едим, түкиригимди шық тамшысындай көрип бир сынырын кетесиз. Сонда ҳәм тифиў, тифиў... тифиў, жүзи қаралар!

Генжемуратты бүйтеди деп ҳешқайсысы ойламаған еди, ҳайраны шықты. Әсиресе, Ерназар Кенегести намыс қысып, көзлерине топырақ шашылғандай, маңлайына қолын басып қалды.

— Буларға дийдарым түскеннен қараңғы зинданым артық,— деп Генжемурат изиндеги айдаўшысын шығанағы менен түртти.

— Таўық өлип баратырса да еки көзин дәреттен алмайды, деди Сайыпназар.—Генжемурат мисли таўық.

Оның теңеўлерин орынсыз көрдиме, Ерназар Кенегес сөйлемеди. Бул үнсизлик Сайыпназардың он еки мүшесине қадалған оқ болып, зорға ийек көтерип киятыр. Ерназар Кенегес және керине өзгерип, ханға бәримизди масқара қылама деген-әм қәўип жоқ емес.

— Ерназар, ойланба, ишим,—деди Сайыпназар шыдамай. — Адамның аўзы қаптың аўзы емес, байлапбайды. Зиндандағы адамның өзи не, сөзи не? Анаяққа қара, әне, сол ғаргамасын,—деп ол салтанатлы хан сарайы тамаша ийегин көтерди.

Жолдаслары Сайыпназардың ишкирин қуўатлап жабырласты:

— Аўа, аўа, Ерназар, сол кораматлы Сарай ғарғамасын!

— Гейде тастан беккеммен, гейде гүлден нәзикпен,—деди Ер-

назар Кенегес басын көтере алмай.—Генжемураттың сөзлери ямана батты.

— Әке ҳәмме нәрсеге шыдайды,—деди Сайыпназар.—Жас болсаңда, Алакөз жоқ жерде бәрше қарақалпаққа әкесең, Ерназар.

Кенегестиң қабағы ашылып уры көзлерин перделеўи менен оған бурылды:

— Сен маған дым қайырқом доссаң, сол ушын жақсы сөз айтасаң.

— Киши пейилсең, иним,—деди Сайыпназар уялған түр менен. —Оғыры кишипейилсең. Сол ушын сени дуйым журт жақсы көреди.

— Ҳа, солай, Ерназар иним,—деди қапталдан қатыншалаў даўыс.

Үшеўи де бирден ҳаўлығысыңқырап басылды. Ушырасқан адам, тек даўысларында айырма болмаса, тулғасы бойынша Ерназар Алакөзге дәл усас Мухамедкәрим жүзбасы еди.

— Муҳамедкәрим, сөйле,—деди кеўли өскен Сайыпназар шыдамсызланып.

...Мухамедкәримниң бабасы Әбдикәрим жунсақал быйыл бир жүз елли жасқа шамаласқанда алжып, бирден өзгерди.

Суўпы болыўды әрман етти. Қарақалпақ елиндеги ең жас үлкен, бирақ дүнья ғалма-ғалынан өзин аўлақ тутатуғын адамның бул ойы. Қарақум ийшанға жетти. Сөйтип, ол ғаррының шаўлығы Мухамедкәрим Алакөзге «қыран» болып Хийўа ханының ләшкерине қарсы урысып жүргенде, Әбдикәрим жунсақалдың үйине келип, оны түсинде көрген болды да, суўпылыққа қол бериўи тийислигин ескертти. Қарақум ийшанның түсине ениў ҳешкимниң басына келмейтуғын бахыттай түйилип, ғарры тез келисип, суўпы болды. Суўпылық ушын ийшан оннан ҳештеңе алмай, жас үлкенлигин сыйлап, қайтама шылт жаңа гилем жайнамаз берип кетти.

Мухамедкәрим Қарақалпақ ханының елшиси сыпатында қазақ ханына баратырғанын бабасына айтыў ушын Жанғазы төреден урықсат алып, қайырылғанда, бабасы қылқылдаған жас суўпы еди. Шаўлығының жаңалықларын тыңлап қуўанғанынан бир тыма жылады.

— Қудай мениң еки дүньямды да берипти, усы жасқа келгенде суўпы болғанымның кәраматынан сен олжақта елшиликке көтерилипсең. Елши де хан! Енди Қарақум ийшаннан пәтия алып кетегөр, шырағым, тыңламасаң баддуа боласаң, мени дозақый қыласаң.

Ғарры бабасының нәсиятына қайшы ис ислеп көрмеген Мухамедкәрим мойынтаўлық қылалмады.

Ийшан оларды көргенде, алдын ала қурған дузағының тутқырлығына қуўана езиў тартып:

— Қәдирли суўпым, кел,—деди алыстан.—Шаўлығымның сыртқы тулғасы Ерназар алакөзге тақаббыл, өзи де күшли деген еди, ырас екен. Аммо Алакөзге усамасын, ол сум.

Ғарры жалғыз шаўлығына кеңес сорап келгенин айтып, ийшанның аяғына жығылды.

Қарақум ийшан, алдында дүстөменине жатқан мәпилик ғаррының ақ жипектей өлпең шашлы басынан сыйпалап, күтә аяныш билдирди.

—Суўпыларым ишинде түўе путкил қарақалпақ елинде жас үлкен, суттей пәк нийетли, жүзинен бейиш нуры көринген адам едиң. Не қылсам екен?

Өмиринше «Жүнсақал» деген лақаптан басқа жақсы сөз еситпеген ғаррыға «жүзинен бейиш нуры көринген адам» деген сөз майдай жағып, шаўлығының қолынан тартты.

— Мухаммедкәримжан, уллы ийшанның шалғайын сүй.

Мухамедкәрим оның кеўлин қайырмай, ийшанның мелле шалғайына қол соза бергени:

— Мухаммедкәримжан, әўеле қолыңды жуў,—деди ийшан.

Әбдикәрим жүнсақал дәрриў шаўлығын түргелтип, далаға әкетип қолын жуўдырып келди.

— Ҳүрметли суўпым, күтә әжайып, өзиңе меҳрибан, нағыз мусылман шаўлығыңыз бар екен,—деди Ийшан сақка жүгинген ҳалынан өзгерместен.—Егер тәғдийрин маған исенсеңиз, сиздей жас үлкенге ҳүрмет ушын Уллы Хийўа ханына исенимли хызметкер қылар едим.

— Исенемен, уллы ийшаным.

— Мухамедкәримжан, өзиң недейсең?

Бабасының ҳәрекетлеринен мийи айналып отырған Мухамедкәрим не дерин билмеди.

— Кемсөзлик-әм ақыл, аммо, сөз жүректиң айнасы болады,—деди ийшан жүдә бийпарўалық пенен.—Еле шаўлығыңыздың жүрегин көреалмай отырман.

— Сөйле, сүйенишим!

— Халқымыз тарийхында биринши ирет өз аты менен хаплық дүзген еди, елши болдым. Енди айнысам, путкил халқыма сатқынлық емес пе?

— Мусылманды мусылманнан айырыўға талапланыўдың өзи сатқынлық ,—деди Ийшан. —Егер сең Бухара әмирине я Хийўа ханына елши болып барсаң, бир қуп. Сени алдаған. Сонша жастағы бабаңның суўпылығын күйдирмекши болған.

Ғарры суўпы және жыламсырап Мухамедкәримниң алдына жығылды:

— Мийнетимди күйдирме, шырағым!

— Онда жаңағы төреге айтып қайтайын,—деди Мухамедкәрим наразылық кейип пенен.

— Ол атылды,—деди Ийшан, Мухаммедкәримниң жүзи өртең шалғандай түнергенин көрип, ийшан оннан бетер қаталланды.— Дурысын айтайын, усыныған жаңағы төрени өзим аттым, демесең, Хийўа ханы сени де аттырады, бабаң дозақый болып өледи.

— Бул не деген жаўызлық...—деди Мухаммедкәримниң үлкен көзлери уясынан атыла жазлап.

— Олай болса еркиң өзиңде,—деди ийшан суўыққанлық пенен.

Ғарры суўпы шаўлығының шалғайына қос қоллап асылып, жаздырмай, ийшан не айтса, бәрине қайылшылық билдириўди өтинди. Мухаммедкәрим әри-бери ойланып, өзиниң дузаққа түсип қалғанын сезди де, келисим берди. Ийшан көп иркилмей оларды Хийўаға ертип әкетти, Мухаммедкәрим Бас ўәзирге жолықтырылды. Соңынан ийшан Гөне-Ургенчтеги көтерилисшилерге қәтере қылып қайтыўға тапсырма алып, ғарры суўпыны шаўлығы менен бирге әкетти. Аннамурат алдап қолға түсирилгеннен кейин оның геллесин алыўшылардың бири етип Мухаммедкәримди белгиледи.

...Мухаммедкәрим бул ис жөнинде мынаўлардың хабары бары жоғын билмей ар-сары шықты;

— Не сөйлеймен? Мен де өзлериңиздей Хийўаданман.

Ерназар кенегестиң бойы Мухаммедкәримге тең болған менен жиңишкелиги ушын оннан өзин узынлаў сезетуғын еди, қапталласып барып кең ийнине сүйриктей бармақларын қойды:

— Мен бурын өзимди өзим түсинбес едим, енди түсиндим. Сиз жас үлкен болғаныңыз ушын өзиңизди өзиңиз ертерек түсинипсиз. Яки көп жасаған бабаңыз түсиндирдиме? Деген менен басқаларға түсиниксиз қалыў кисиге бахыт болса керек.

— Иним Ерназар,—деди Мухаммедкәрим бираз сарсықлы аңылысып.—Бизлерден жассаң, лекин наятий ақыллысаң. Жалғыз өтинишим, қаракөзлерге бәрҳа түсиникли болағөр.

Ерназар кенегес мырс-мырс күлип, аўзын алақаны менен басты.

— Муҳаммедкәрим, Қарақум ийшан қайда?—деди Сайыпназар.

— Алакөздиң баласы менен тиллесиўге кетти.

— Бизлер де көрсек қәйтеди?—деди Расули.

— Көрсетпейди,—деди Муҳаммедкәрим. —Қарақум ийшан оны әкесине қарсы шығармақшы.

Ерназар кенегестиң билгени ишинде сақланып, үнсиз бираз жүргеннен кейин, Мухаммедкәримге және жақынлап әстен сорады.

— Хан қабыл еттиме?

— Сондай болды.

— Ең түйирли гәпин айт?

— Қарақалпақ ели ҳәзир тумаўлатқан адамдай болып турыпты, бурышлы тамақ берип тәўир қыламан деди. Сонысы маған түсиниксизлеў, сол ушын, қорқынышлырақ.

Ерназар кенегес ойлы пишинде қалды.

Жайға жақынлаған гезде алыстан келип қаңтарыўлы турған атты көрип, бир-бирине қарасты.

— Ҳоҳ! Шоққының аты!—деди Расули.

Муҳаммедкәримниң сыйыр көзлериндей үлкен көзлери шапырасып екн дизесинен дәрманы кетти:

— Алакөз тыңшылыққа жиберген болмасын.

Болжаў бәринде де қорқыныш туўдырып, жүреклери суўласа да Ерназар кенегес иркилмей келе берди.

Жайдың қуяшламасында күтип турған Шоңқы оларға шыбықтай ийилип сәлем берип еди, Ерназар Кенегес оған итибарсызлық пенен қарталынан өтип, жайдың сыртында жүрген қыраплардан екеўин шақырып, буйырды:

— Мынаған тоққыз тоққыздан дүрре урыңларда, түнде шыбынға байлаңлар!

Шоңқы сөйлемекши еди, ол тыңламастан жолдаслары менен ишке кирип кетти.

Ерназар Кенегес Сейтмухамед ханның өзине қолланған усылын Шоңқыға қолланып, оны ертеңине таң намазынан соң алдына шақыртты.

— Сөйле, Шоңқы!

Кешеги дүрреден, түни мененги шыбыннан бет-аўызы гүптей искен Шоңқы ишимде не жасырынып жатқанын адам бенде уқпас деп ойлайтуғын еди. Ерназар Кенегестиң түсинип қойғанына исенип бирден жылап жиберди.

— Көзимди киси ашқанша өзим ашайын деп ҳақыйқатлық излеп келсем, бул не?

— Ҳәр қандай паяпылдан өтиўдиң қыйыншылығы бар, Шоңқы.

Ерназар Кенегестиң жуўасығаны Шоңқыны дәмелендирип, ашылысты.

— Алакөз бәрше ағайинине бәҳәр емес, сонда да ол мени жансыз қылып жиберди.

Ерназар Кенегестиң жүзи жайнап салаберди:

— Базда жансызлар ырасын айтып-әм жансызлық қылады. Қалай исендиресең?

— Ортаға нан қой.

— Жооқ, — деди Ерназар Кенегестиң үстинги узын ерини жоқары түрилиңкиреп.—Сен ашсаң, бир тойып алғанша нан услайсаң. Маған ҳәм Хийўа ханына садықлығыңның белгиси ушын мә, табанымды сүй.

Шоңқының патлыйыңқыраған көзлери аларып, Ерназар Кенегестиң шуўаш ийиси аңқыған аяғына, қырлы узын мурнының сүйир ушы әўел тийип, шүртик ерини үлкен аўзын басып атырғанда Сайыпназар кирди. Кенегес албырап Шоңқыны қоңсы жайға отырыўға жиберди.

Сайыпназар, қараўындағы бир дийханы азанғы сәлемге келгенде қолы орнына аяғын созғаны ушын, Алакөзден азап еситип, дүрре жегенин еследи. Сонда сегиз дүррени ашытып урған усы Ерназар Кенегес еди. Мине бүгинлиги өзи оннан бетерирек қайталап отыр. «Ўаҳ-әй!,—деди ишинен,—жасымда қандай ақыллы, едим, бүгинлиги бәри бир пул, енди Ерназар Кенегес ақыллы. Сейтмухаммед ханның шарапатынан ақыллы ғой... «Ол усылай деседе, Ерназар кенегес жаман қыялымды сезип қалмасын деген қәўип пенен күлимсиреп зибан берди:

— Шоңқы жүдә иплас екен ғой.

— Ипласлық бәрше адамға тән қәсийет.

Ерназар кенегестиң жақтырмай қалғаны Сайыпназарға жүдә аўыр тийип, я сөйлемеди, я шығып кете алмады. Оның жағдайын түсинип Ерназар Кенегес жуўасыды.

— Бул заманда сасықты және сасытыў керек, тазаға азмаз ылас қосып турыў керек. Душпан сонда жеңиледи, адамлар сонда қәдирлейди.

Өзинен онбес жастай киши адамның нәсияты Сайыпназарға кутә үлкен даналық болып түйилип, ишинен сыбырланды: «Сасықты және сасытыў керек, тазаға азмаз ылас қосып турыў керек...»

— Енди Алакөздиң қоластына жансыз болып барасыз, — деди Ерназар Кенегес оған тикленип.

Аңсызда биреў көк желкесинен урып жибергендей Сайыпназар селк етти, бетлери жыбырласып, көзлерине тер қуйылды. Ийеги де кемсеңлеўге қарады.

— Ҳа, ҳа — ҳа — ҳа, Сайыпназар бий! Қандай қорқасаң-ә? Қорықпа! Билесең бе, ешек керек жерде пил пайдаға аспайды, — деп Ерназар Кенегес бирден күлкисин тыйды. — Сен бармайсаң. Шоңқының өзин жансыз қылып қайтараман. Көресең еле, Алакөздиң геллесин өз ағайнине алдыраман. Усталығыма уллы ханның өзи тәсийин етеди еле.

Шай менен нанға бети баўырсақтай қызарған Шоңқы қайтып киргизилди.

Ерназар Кенегес мисли булттан шыққан айдай жалтыраған түр менен оны төсекке отырғызды.

— Ерназар, — деди Шоңқының кеўли өсип. — Уллы Хийўа ханына, ең болмаса шикәрға я атланысқа шығып баратырған гезинде, дийдар несип етермекен?

Кеше таяқтан силикпеси шығып, жаңа ғана шуўашлы аяқты сүйип шыққан Шоңқының ҳештеңе көрмегенге усап сөйлесиўи Сайыпназарды ҳайран қалдырды.

— Ҳа бәле, — деди Ерназар Кенегес муртларын қыймылдатып. — Бурын ошақ басындағы қатын дәрежесинде ойлайтуғын едиң, енди қыялың бәлентлеп, Хийўа ханы дәрежесинде ойлаўды мақсет етипсеңдә!

Аш баланың нан көрип аўзынан силекейи аққанындай, Шоңқының үлкен аўзы кемсеңлеп еркеленди.

— Дәл таптыңыз.

Ерназар Кенегес олар менен гәпти көп созбай далаға шықты. Атқошшысы оның атын жалаңашлап арқа мойнын сыйпалап тур еди. Қасына барды:

— Шоңқыны маған жибер.

Шоңқы аш тазыға мегзеп, жүдә жуўас қәдемлер менен келип:

— Ҳа, мен ислейин... — деди де, Кенегестиң қолтығының ас-

тынан өтип, атының жалын сыйпалай баслады. Ерназар Кенегес жән-жағына қарап алып, жақын жерде киси қарасын көрмей, буйырыў пәти менен эстенирек сөйленди:

— Нәлетий Шоңқы, сени жүдә жақсы билемен. Ағайиншилсең. Жөгисең. Ўәдеңе инанды деп ойлама. Ескертиўсиз өлтирсем, мусылманшылық болмас, бүгин кеште жаның жәҳәннемге кетеди. Билип қой, сендей жансызды атыў, шабыў, дарға астырыў аз, тирилей жерге көмдиремен. Соған шекем Хийўада ырзаласатуғынларың болса ырзаласып үлгер. Зинданда Генжемурат мүйтен жатыр, оған барып ырзаласқанда, Алакөздиң жасырын тапсырмасын айтсаң да, урықсат беремен.

Шоңқы сөйлеўге сөз таппай аттың жалына бармақлары қатып қалған секилли лал болды.

— Айналаға сер сал. Буннан басқа үлкен шәҳәр көргенбисең? Пүткил қарақалпақ бала-шағасын сатса да, бинай өмиринде бундай қала сала алмайды. Маған орысият елинде түўе, пүткил әлемде усы Хийўадай қала бар десе, ертек. О дүньяда жаным рәҳәт тапсын десең, әлем киндиги Хийўа менен хошласып қал. Және ой жибер, неше мың там бар бир жерде Бизше? Ериншектиң атызға төккен төгининдей ҳәржерде отырмыз. Қуры жер ийелей бергенше, усындай қала салмаған ата-бабаға нәлет!

— Ой, Ерназар, ата-бабаға тил тийгизбе, арасында кәраматлылары да өткен шығар.

— Әне, әне, айтқанымнан шықтыңба? Сен кәраматлы деп сатқын Айдос бабанды айтпақшысаң. Бил, қолдаўлыдан бахыт тайды, енди қарақалпаққа аға Кенегес уруўы!

Машқыдан киятырған хан ләшкериниң думандай шаңғыты көзге шалынды.

— Анаў күшке қара, Шоңқы.

— Көрип турман. Мени өлтириўди қойдырсаң, орныма Алакөздиң геллесин келтирер едим.

Ерназар Кенегестиң кеўли қарар таўып, той тойлағандай болсада, қаталлығынан өзгермеди.

— Бас ўәзир менен мәсләҳәтлесемен!..

— Алакөздиң улы Хожаназардан хабар сорамадыңларма?

— Билип кел, деп жиберди ме? Айтып бар Алакөзге, улы әкесине қарсы урысқа шықса таңланбасын!

Шоңқының қоллары дирилдеп Ерназар Кенегестиң атының арқа мойнын сыйпай берди.

19

Уллы орыс патшасына жол алған еки елшиниң қыяллары әласпанда, жүдә кеўилли, алдындағы узақ мәнзиллери жақындай ҳәм дилўар, ҳәм бийғам еди. Аўыллардан алыслап Үстиртке жеткенде, неликтенде, бийжағдайлыққа түсип, бөриге қалдырған қозылардай дирилдесип жетимсиреди. Қәйткен менен де, изге қайтыў екеўиниң де ойында жоқ, алдыларында күтип турған жақсы-

лыққа тезирек жетиў ушын сөйлеспестен және ярым мезгиллик жол асты. Жан-жағы жазық дала, көз жетер елат түўе, аласар паналайтуғын шөплик те көринбейди. Анда-санда патырласып жапалақ ушады, гейде пада-пада кийиклер дүркиресиўи менен жолды кесеслеп өтип кетеди. Атлары бир орында тек қыбырлап турғандай жоллары жартыўлы өнбей баратыр.

Мәдирейимди ой басып, тосыннан я аласар, я жапалақ пырр етип ушсада селк етеди. Оның бул кейпине Мәўленниң күлкиси қыстап, изинен үнсиз мыржыйып киятыр.

Ат аяғы арасынан қус ушсада Мәдирейимниң селк етиў себеби, еки көзи алдында болған менен, еки қулағы, бар дыққаты артында. Хийўа ханның қуўғыншылары жақынлап қалғандай, көз алдына дар ағашы елеслеп кетеди. Усындай ой қалайша келди ҳәм қәйерде басына кирди, жуўап табалмай, қыялы әйўан-жәйўан. Умытайын дейди, хаслан умытылмайды, керисинше оннан сайын күшейеди. «Қол астында айыплы қозыдай болып атырған бир қәләта елатты орыс патшалығының қарамағына берип, аўзы пәнкийип қала беретуғын ақылсыз хан бар ма? Изимизден қуўғыншы жибереди, сөзсиз жибереди. Егер сол қуўғыншылар жетсе, биринши қылып мени дарға астырады, —деп гүман батпағына батып жүрегиниң тусындағы қалтада бүклеўли жатырған хаттың сыртынан сыйпалайды. —Тап усы хат мениң басыма жетеди! Мынаў Мәўлен сарының сымпыйып ериўине қара. Оның сәнүўинде күлки бар ма қалай? Хан мени дарға астырып атырғанда мени мысқыллап күледи-ом еле бул иймансыз. Алдын алыўым керек, хан дарға асса, тап усыны ассын, өзи елди бүлдирип-әм болды. Ал енди хатты оған қалай өткеремен? Нәлетий сум, алмас! Зорласам қәйтеди? Ҳәссений сабап алдырсамбекен?... Қула дүзде еки қарақалпақ урыссақ, бул наймыт күшлирек шығып, арашалар бенде табылмаса, оннан қорлығы жоқ. Алдарқатып, ыңсыз-жыңсыз ғана хатты алдырыўдың жолын ойланып көреўинши...» Ол өз ойына шүмип келе берди.

Мәўлен сары да өз ойларының дузағында Мәдирейим қаншелли ойға батса оны соншелли жек көрип, ишинен сөгинеди. «Бир қәлата елдиң атынан жазылған мактубнаманы өз қалтасына салып, үнсиз тымпыйыўын заңғардың. Молла жаңарсада, китабы баяғы гөне китап болғанындай, ел жаңарсада буники баяғы өз ғамы. Ақылы кимнен артық? Орыс патшасының сарайына жетсек, бул еле қудайын умытады. Аўа, бул сондай пәс сүйекли басының иши иплас ойлар менен сасып турған қуяңқы. Патша дәргаҳына өзи кирип, мени атқосшым деп сыртта ат услатып қалдырыўдан қайтпайды. Қудай билсин, еле бул пүткил қарақалпақ елинен жалғыз өзим елшимен деп патша менен табақлас-әм болар. Ой, жаманкениң қыялларына қара. Патша менен табақлас болады-ә. Ерназар алакөз мени «өзи даналықтан қуры алақан емес сыяқлы» деп бийкарға айтпады. Бул демек, хатқа түспеген сөз болса өз ўақтында таўып айтыўды маған исенгени. Сол ушын хат менде

болыўы керек. Менің адамгершилигимди Мәдирейим еле түсинбейди, аўа түсинбейди. Мактубнама менде болса, буны мен атқосшым деп далада ат бақтырып қалдырмай ман. Бирге алып киремен. Ҳәссений, буның пассық қыялын бетине басып-басып хатты алып, өзин атлар менен далада қалдырып уллы патшаның Сарайына бир өзим кирсембе екен?—Жоқ, Мәўлен саған киши ҳамал емес, пүткил ел тәғдийри тапсырылды. Енди өзиңди тут, күнлеме, урыспа. Бул мениреў далада екеўимизди арашалар жан жоқ...

— Мәўлен, — деди бир гезде Мәдирейим. Оның өзине тән аўзын толтырып, тамағын жоныққырап сөйлеў усылы бар. Онысын Мәўлен өмиринше жек көрип, сөйлесе мурнын жыйыратуғын еди. Тек екеўи болғанлықтан найлаж.

— Қулағым сенде.

— Өзиң билесең, бизлер киширек бир елаттан, дүньяға даңғара уллы патшалыққа елши болып баратырмыз. Еллестирмекәм, жаўластырмақ-әм елшиден. Пүткил қарақалпақлар елинде ең бахытлылар тек екеўмиз. Биринши қарақалпақ ханының шежиресинде, уллы орыс патшасының шежиресинде екеўимиздиң атымыз қалады. Келеси әўлад аты әпсана Маман бий менен атымызды қатар қояды. Бурында өткен Мәдирейим бий, Мәўлен сары деген дана бабаларымыз даналығы себепли биринши ханның уллы орыс патшасына жиберген биринши елшилери болыпты деп әпсана қылысады. Сен наятий бәле жигитсең. Сеннен сөз қутылмайды, аўа дилўарсаң. Шешенлигиң алдында бас ийемен.

Ол өз басының мәпине қаратылған бир исти басқаға орынлатыў ушын алды менен көпшикти үйетуғынын Мәўлен күтә жақсы билетуғын еди. Ешейиндеги шалт минезлигин жуўенлеп, әллеқандай шийе түйиниң шешимин күтти.

— Аўа, Мәўлен,—деп даўам етти Мәдирейим. — Сениң сөзге шешенлигиң алдында бас ийип мендеги мактубнаманы саған берсем, сен алып жүрсең деген шешимге келдим.

Мәўлен желкесин қасыды: «Япырмай-ә? Бул қәйтип маған бас ийетуғын болды? Жоқ-жоқ, бул бир сумлық ойлады. Мактубнаманы алып жүриўде ненде болса да бир бәле бар...»

— Ҳа, Мәдирейим бий,—деди әлленемирде жүдә бийтақатлық пенен. — Ол саған тапсырылған еди ғо, неге безбекшисең?

— Мәнисиң айттым ғой, сен шешен жигитсең...

— Мәдирейим, — деди Мәўлен сәл гийпели кейиппенен. — Өзин тик тутқан киси көлеңкесиниң қыйсықлығынан қорықпайды. Енди саған ырасымды айтайын. Усы ўақытқа шекем үйренген жаман қәсийетлерим қайта қозып, Мактубнаманың сенде болғанын қызғанып киятыр едим, қойдым. Сен изимизден хийўалы қуўғыншы жетип тутып алса, мактубнаманы басыма зыян деген ой менен маған бермекшисең. Солайғой-ә?

Мәдирейим мойынламаўға дәлил таппай, қыйық көзлери күлди:

— Ойлағаныңа жақын.

— Меніңше, екеуміз де жаңа адам болдық, Мәдирейім. Болмаса, бір-біріміздің қанша жаманлықтар қылар едік? Төрине ой жіберсек, бізің бір-біріміздің жаманлығымыз халыққа зиян.

— Оны қайдан білесең?

— Өзімді өзім сынға алып білдім. Мен Ерназар Алакөзге өкпелеп, оның ісіне кесент етіудің нендей жолларын іздемедім.

— Енді бахтыңа ырзамысаң?

— Пұткіл халық тәғдиріниң иесі болып баратырғаныма ырзамын.

— Мен де өзіңдей.

Олар усылайынша ашылысып, бүгінге шекемгі өмірлеріниң көлеңкелерін айтысып, егіз қозыдай шүйіркелескен сайын, арғы басы көз жеткісіз узын жол өнген үстіне өнді. Иіелеріниң пейіллері дүзелип өз-ара татыўласқанын сезгендей, тілсіз атлар да басларын теңлеп, я озбай, я шегінлемей кең жазық даланың танабын қуўырып, аяқларын келеплеп басып баратыр.

Арал теңізин биротала артта қалдырып, туўры арқаға бурылатуғын бәндиргіге жақынлағанда аспанда көшпели қара булт пайда болды да, бірден гүлдірмама гүлдірлеп шақмақ шақты. Күн батыс қубладан жылысып киятырған өткінші қара булттың жаўажақлығын сезіп, әри үстілерін ҳөллемей, әри атларына дем беріў ушын жолдан шетте, мисли қара шөгірмедей көрінген шөл тораңғылына қарай шабысып, астына кірді.

Аспан биротала астан-гестен болып, шатпақ-шатпақ сынып кеткен яқлы, шақылдасқан гүлдірмамадан кейін, шелектен қуйғандай селлеген жаўын тынып, тораңғыл өз гезегіне тамшылаўға қарағанда, олар атларына миніўге қолайласты.

— Ҳооо, атлылар! — деп салды Мәдирейім. Екеўі ҳаўлығысып, атларын тораңғылдың тасасына тартты. Атының аяқлары арасынан сығаланып турған Мәўлен сыбырланды.

— Нәлетийлер, алтаў. Алдыңғысын таныдым. Қасым. Баяғы бизің үйдегі «Аға бийде» қулағы кесилген уры есіңдеме? Дәл өзи. Қулағы жоқлығынан танып турыппан. Абайладыңба, бизлердің жолдағы изімізди серлеп берман бурылды. Не қыламыз?

— Атларымыз дем алды, қашсақ жеткермеймиз.

— Айда, онда.

Екеўі теңнен атларына ғарғып минип, туўры арқаға бет алды да, қамшыға зор берді. Оларға ең күшли ҳәм жүйрик атлар берилген еді, қамшыға шыдамай таў кийігиндей атлығып, қуўғыншылар «ҳа анда» дескенше араны ашып кетті.

Қуўғыншылардың екеўінде олардада жүйрик атлар бар екен, жолды жақсы билгенликтен төтелеп шаўып жақынласып қалды.

— Мәдирейім, — деді Мәўлен артынан көз алмай. — Төртеўи жүдә алыста қалды, иркилип мынаўлар менен алысайық.

— Еледе шаршасын.

Қуўғыншылар шебер жылқыманлардай, атларының мойынларына арқан байлап гүрмекли жағын қолларында шуўмақлап, сәл жақыныласа, таслайжақ болып киятыр.

Екеўи қуўғыншылардың не қылажақлығын бир-бирине ым менен көрсетип, қолларына пышақ алды. Араны жүдә жақынлатып келип, қуўғыншылардың бири Мәўленниң үстине арқан таслады. Усыны күтип жүдә сақ киятырған Мәўлен арқанды гүрмегенинен қақшып услады да, жибермей саўмалап, найза созым қалғанда, қолындағы шуўмақлы арқанның гүрмегин қайта ылақтырып, қуўғыншының басына аңсат кийдирди, қуўғыншы бундай болажақлығын ойламаса керек, мойынына түскен арқанға асыламан деп, найзасын түсирип алды. Қасым жолдасына жәрдем ушын қайрылды. Мәўлен арқанға беккем асылыўы менен атын бирден артқа бурып еди, қуўғыншы атының арқасына қулап түсти. Арқан Мәўленниң қолынан шығып кетип қуўғыншының аты ийесин сүйреўи менен жөнелди.

Олар екеўлеп Қасымды қоршаўға өтип еди, арттан шапқыласып киятырған атлылардың қарасы көринди.

Жолдасларына көзи түсиўден бойына күш енген Қасым мисли бүркит болып Мәўленге тасланды да, пышақлы қолын тутты. Мәўлен екинши қолы менен оның пышақлы қолына асылып, екеўи қушақласыўы менен аттан қулады.

— Мәдирейим,—деп бақырды Мәўлен.— Сен маған қарама, қаш! Издегилер қуўып жете алмайды, тек Қасымның атын қылышлап кет!

Мәдирейим изиндегилердиң жақынлап қалғанын көрди де, екиленип турмай:

— Мәўлен, мен кеттим, саған қуда яр болғай, мактубнаманы екеўимиздиң атымыздан тапсыраман,—деди де, Қасымның атын жетегине алып арқаға қарай зып берди.

Алқымын буўған уры Қасымның темирдей бармақларын зорға жаздырып, Мәўлен Мәдирейимниң изинен бақырды:

— Ырза боол. Саған орыс қудайы яр болғаайй..

20

Әмиўдәрьяның қуяр аяғының жазы жарқыраған қуяшлы күнлерге толы, сонған келген халықтың күн көриси мудамы алагеўгимликте. Биреўлердиң биреўге соқлығысыўы, өз-ара екпелесиўи, жәнжеллесиўи болмаған күнди еслеў қыйын.

Ерназар кенегестиң елиш аты менен сатқынлық етиўи ығбал отына суў қуйып, боршенің басына күтилмеген ғулғула салды: Қазақдәрья қорғанын паналаўға ел аласапыран көшип атыр.

,Ерназар Алакөз бенен Зарлық елге садық бийлерди, әскербасыларды жәмлеп, қорғанды тез питириў ушын тынбай ат шабыўда. Әбдирахман өз жигитлери менен түркмен, қазақ сарбазларына басшылық етип, күш-түши ис жүргизип атыр.

Журтшылық атлап-шап..

Шаңқай түсте түсленбей қурылысты аралап баратырған Ала-

көз әллекимниң «Шоңқы киятыр» деген даўысын еситип, жалт бурылды..

— Жасыл урсын ол нәлетти, — деп Шоңқы жыламсырады. — Алакөз бенен ағайинсең, жансызсаң, деп күн-түн аш қойып, бир жайға қаматып сабатты.

Шырайы, жолда шаршағанын аңлатқаны болмаса, онша ашлық көргенге мегземейтуғынына Алакөз мурнын жыйырды:

— Соннан соңғы жағы бар, — деди Шоңқы оның кек етиўине итибарсыз. — Оған сени жорта жаманладым. Инанды. Бизге хызмет ет деп қайтадан тойындырды.

— Тоқ етерп?

— Кенегести өлтире алмадым. Бәрҳә көп адамның ортасында жүреди. Ал, бас жаңалық—ендигиден соңғы дүйсенбиде үш мың нан аслам хан нөкери бизге қарай атланыс баслайды.

— Соны билдирип, қалай аман жиберди?

Шоңқы мыйығынан күлди:

— Ырасын айтсам урмассыз, аға. Маған Ерназар Кенегес бизиң жансызымыз бол деди. Әдебинде көнбейжақ едим, ойлансам надурыс. Айтпақшы, Мухаммедкәримди сол жақта көрдим.

— Үйи жансын, нәлеттиң. Өмиринше гөртышқан болып жасаған бабасы Жүнсақалдың өмирге араласып айнытқаны болса керек.

— Жүнсақалды өлтирип қайтаман.

Ерназар үндемей кетти де, Зарлыққа келип, Шоңқының хабары бойынша келеси дүйсенбиде болатуғын шабыўыл ҳаққында баян етти. Бундай болатуғынына бәриниң көзи жетип жүрседе, және аласапыран туўдырып Хийўаның жарақлы үш мың ләшкерин бул қорғанға келтирмеўге уйғарылды.

Солай етип, Қазақдәрья-қорғанының кемис-қутығын питеп халық пенен болыў ушын Зарлық хан менен жүзлеген қыран қалдырылдыда, Алакөз басқаларды баслап, былайрақтан топырақ қорған салыўға кетти.

Жаў келеди деп шамалаған жолдың бойынан белгиленген бул қорғанға «Қыр қала» деп ат берилди. Ҳәмме жумыла ис баслады. Еки жаққада шынлықты айтып өзине исендиргенине қуўанышлы Шоңқы әллеқайдан пәтли шаўып келип көпшиликке бақырды:

— Сатқын Муҳаммедкәримниң бабасы Жүнсақалды өлтирдим.

Оған дыққат болмады. Буннан соң ол солығын басып бир шетирекке үйилген топырақтың үстине шықты да, қумбыл болып ислеп атырғанларға қарап мыржыйып күлип, гүбирленди.

— Адамларға жақпайсаң, сирә... ҳақыйқатлыққа инанбайды-ә? Енди ҳақыйқатлыққа минемен. Адамлар бул дүньяда ҳақыйқатлық жоқ деп налынады. Надурыс. Кенегеске Алакөз мени жансыз қылып жибергенин айттым. Алакөзден Кенегестиң жансыз бол дегенин жасырмадым. Ҳақыйқатлықпа? Ҳақыйқатлық. Дүйсембиде Хийўадан үш мың ләшкер шығатуғыны да ҳақыйқатлық... Енди

қаяғы жеңсе, сол жақ меники болады. Бул ҳақыйқатлықты-әм ешкимнен жасырмайман.

Үлкен мыс дүң менен суў әкиятырған Гүлзийба Шоңқыны төмендеги кәндекте гидирди:

— Жигит, неге гүбирленип турсаң?

— Ҳа, солайма?—деп Шоңқы селк етти де өзин бийледи. — Қазақдәрья қорғанын паналаған халыққа зыян тийгизбеў ушын усы қорғанды баслаттырған Ерназар ағаның аспандай бийик ақылына таңланып турман. Бизде адамды еслеў, ҳүрметлеў жоқ. Болмаса усы қорғанға «Ерназардың қыр қаласы» деген ат қойылса қандай жақсы.

— Ҳәй, көп былшылдай бермесеш, — деди ыраш басында жүрип киятырған жүзбасылардан бири.

Шоңқы пәске түсип Гүлзийбаның арқасынан мыс дүнди алды да, шүмегин аўзына басып, өңешин қылқылдатыўы менен көп ўақыт турып суў ишти.

— Рахмет, гөззал!

Гүлзийба оған жүдә жек көриўшилик пенен бир бүйирледи де, дүцин арқалап және алға кетти ҳәм қәндектеги жигитлерди бир қайтара айланып суў берип, бийик ыраш басында алысқа нәзер таслап турған Ерназарға келди:

— Алакөз,—деди ол дөгеректегилердиң еситиўинен тартыныңқырап. — Хәкке минезли Шоңқыға аса исене бермегениң жақсырақ.

— Тезирек адамларға суў жеткер!

— Үрген ийттен қуйрығын былғаған ийт қәўиплирек.

— Қойсаңа, көп патыратты!

Оның ғыйбатты жақтырмайтуғынын билетуғын Гүлзийба қайтып үндеместен және дүнин арқалады...

Дүйсемби жақынлаған сайын «Қыр қала» қорғанында ис жүдә қызғын. Кеўилге муўапық бираз ислер еле питпей атырғанда, шыбынлы кешелердиң биринде, әйне қуптан пайытында, айналаны жаў ләшкери қаплады, үсти-үстине мылтықлар атылды.

Иште дүбелей турған секилли албырақласып, бас-аяқсыз арман-берман жуўырысыў, апыр-топыр басланды.

Еки жақ та бир-бириниң күшин анық билмегенликтен, аздан соң мылтық даўысы семип, түниң екинши ярымы тек аңлыспа менен тыныш өтти. Азанда да тосилли аңлысыў даўам етти.

Бундай жағдайдың қөўиплилиги бир тәреп шабыўылды күтекүте шаршап, жаңа дем алысқа жатқанда, екинши тәреп топылысқа өтеди.

Алакөз бир демге тыныбай қандек бойлап қыранларды аралап, сөйленип жүрипти:

— Қыранлар, дослар, бахытсызлықтан қорыққан бахытлы болалмайды, қорықпаңлар... сақ болыңлар! Киндик қанымыз тамған топырақты жаў басқыламасын.

Рахманберди менен қатар буққыда жатырған Шоңқы оның изинен мақтаныш пенен даўыслады.

— Ерназар аға, хабарыма қайыл болдыңызғой-ә?

Алакөз гилт тоқтап, ийнин үстинен гуманлы бурылды. Шоңқы тартынбай зоң мурнының ушын қысып турып жымыйды.

— Ҳаўлықпа, Ерназар аға, жеңемиз.

Алакөз еки қыранды жаў күшин барластырыўға жиберген еди, олардың ырашған асырылып түсип киятырғанын көзи шалды да, алдына шықты.

— Ерназар аға, — деп сыбырланды бири, — Жаў ләшкери еки бөлинди. Бир топары Кенегес пенен Сайыпназардың басшылығында Қазақдәрья қорғанына қарай бет алды.

Алакөз ойланыў ушын пурсат аўыспай, изине бурылып, өзине тигилип турған Шоңқының түкирейген кишкене көзлерин көрди де, көрсеткиш бармағы менен шақырды. Шоңқы үстиниң шаңын қақпастан жуўырып келди.

— Әбди бий,—деди Ерназар қасына қалдырмай ертип жүрген арық әскер басыға. — Шоңқыны, Рахманбердини ертте, артқы қорғанға шап. Зарлық ханға айт, сақ болсын, аўылдағы еркек тухымын жаўға қарсы қойсын.

— Яқшы,—деди де Шоңқы изине айналып даўысының барынша Рахманбердиниң атын айтып шақырды.

Ол қорғанның арқа дәрўазасынан шығыўдан қубла таманнан жаў ләшкери ҳүжимге өтти.

Демниң арасында тақ-тақ атыспа, шақ-шақ найзаласыў кескинлести. Оқтан ушқанларды, найза тийип я қылыш кесип қулағанларды жыйнаўға имканиятлар аўыспай еки жақтан да «ўай-ўай» ласқан «апа» «аға» ласқан даўыслар бирин-бири басып, жыңғыллықтың ҳәр түби сайын адам қулап атырғандай сезилди.

Әбдирахман баслаған топар жағдайдың анық аўырласқанын түсинип, ҳешкимнен айбынбастан алға басып жаў үстине кем-кем минип баратыр. Жаў оларға төтепки бере-алмай «алла-алла» ласып, буққыдағы орынларынан өрре-өрре түргелисип, изге қарай зытқып қашты. Қеўли өскен қыранлар олардың бир тасада буққы таслаўына саўа ўақыт қалдырмай, қуўып баратыр еди. Еле урысқа араласпай бас әскер басысын қоршап турған сайланды жаў атлылары бирден алға ат айдасып, саўаш қайта қызды, мисли көрилмеген дәрежеде кескинлесип, ат үстинен айқасыў, қылышласыў, найзаласыў, ҳәтте мушласыў, жулысыў басланды...

Гә Әбдирахманның, гә Ерназардың қыранларға руҳ берип бақырғанлары еситиледи. Әсиресе Әбдирахманда айрықша күш пайда болып, гә оңға, гә солға қылыш сермеп, жаў қулатқанына ҳәмме ыразы. Басқалар да оннан өрнек алып, бар күши менен алыспақта. Жаў және басқы табыўға қарағанда, оларға және бес жүзлеген пияда нөкер қосылды. Бул жаў атлыларында рух пайда етип, қайтадан ҳүжимге өтти. Қыранларының албырақласып қалмаўы ушын Ерназар, оларды аралап шаўып қыйқыў салады.

— Дослар, туўысқанлар, жаўдың ең соңғы күши келип қо-

сылды. Және бир күшли ҳүжим қылсаңыз, жаў нышқырт болады, қашады.

Ол шаўып баратырып Әбдирахманның төрт-бес атлы ортасында қалғанын көрди де, оны қутқарыўға асықты. Ерназар жақынласа, жаў атлылары қаймығып қаша баслайтуғын еди, бул сапары ондай болмай, қылышларын көтерип қарсы алдынан шықты. Қылышласпа, найзаласпа гезинде жылаңдай ийретилип шаўып, ийесиниң еки жақлап қылыш сермеўине мүмкиншилик туўдыратуғын ақ боз аты, және солайынша жаў атлылары арасынан ҳеш қандай туйдырмай өтти. Ерназардың еки жағында еки нөкер атынан аўдарылды. Әттең ол Әбдирахманды қутқарып үлгермеди. Оның аяқлары зәңгиде қалып, атының қапталында салбырап кетти. Ерназар әлленемирде изинен қуўып жетти, пайдасы болмады. Әбдирахман жан тәслим еткен еди. Оның денесин жаў арасында қалдырмай алдына өңгерип киятыр еди, әлле-қайдан барлық қыранлары үркип, өз-ара басқы таўып, дүркин-дүркин менен «қырқалаға» қайта шегинип кирди.

Жаў енди басып келиўге жүрексинбеди.

Күн батты.

Ерназар өңшең әскер басыларын жыйнап Әбдирахманды «Қыр қалаға» жерлегеннен кейин, өз тәрептарлары арасында албырақласыўдың еле басылмағанын сезди ме, түнименен изге бәсип, «Қазақдәрья» қорғанындағы Зарлықларға қосылыўға буйрық берди.

Буйрық албырақласыўды қайтадан күшейтип, және алаўызлық туўдырды. Биреўлери билгишсинип, «Қыр қаланы» таслап шегиниў толық жеңилис болатуғынын, бәршениң рухы түсетуғынын дәлилледи. Көп қыранларынан, садық досты Әбдирахман менен оның көп жолдасларынан айрылғанына иши жанып турған Ерназар алакөзге соңғы дәлиллер душпанлық көринип, айырымларын бөлип алып, тәңҳә өзи қамшыға тутты. Буның менен алаўызлық басылмай, қайтама, өз-ара баса-бас көтерилип, әскер басылардың көпшилиги иретке қарамай, «Қыр қаланы» тез таслап кетиўге асығып ат қамшыласты.

Тан атыўға мейиллеңгенде «Қыр қала» қорғаны толық босады.

Жаў лөшкери еле уйқыдама ямаса булардың сырын билип Қазақдәрья қорғанына ертелеў шабыстыма, ҳеш мылтық атылмай жым-жырт қалды.

Ортадағы төпарда азық-аўқат жүкленген атлылар менен киятырған Гүлзийба бирден атын қамшылап, артқа бурып, издеги Алакөзге қапталласты.

— Ел ағасы, жүрегим дүпилдеп күтә жаман нәрсе сезип тур.

— Қысқарақ. Неўе?

— Усы бағытыңнан қайтпай, өзиңе садық қыранларды ерте туп-туўры орыс патшалығына тарт. Жәрдем әкел, болмаса...

— Әй, ақылы қысқа. Алакөз елден кетсе басым босар еди, деп ойлайсаң ба? Кимди қәлесең тий, иркпеймен?

— Сезесеңбе, әскер басыларыңнан, қыранларыңнан бирлик қашып тур.

Ашыўлы Ерназар оның шын кеўилин айтып турғанына ой жибермей, үстине дөнип барып, қақ жаўырнына еки рет қамшы тартты.

Гүлзийба мойнын сыйпалап қорғаныў менен және жалбарынды:

— Тилимди ал, Алакөзим.

Ерназар оны тыңламай атын қуйынлатып шаўып алға кетип баратыр еди, күншығыс арқадан қол былғап киятырған жекке атлы дыққатын бөлип, атының жүўенин тартты.

Бул атлы оның арқа тәрептен жол қаратып қойған бир қыраны еди. Ол жақынлар-жақынламастан ҳаплығыўы менен сөйлесип, Бөрши таўының үстинен Бухараға қарай орыс саўдагерлери өтип баратырғанын хабарлады.

— Қырым урысы тамам болыппа, сорадың ба? — деди Ерназар.

— Болыпты.

— Кимлер жеңипти?

— Билмедим, — деди хабаршы.

Ерназар оған күйинип сөгинип, атын бас демей, көз демей қамшылаўы менен Бөрши таўына қарай, орыс саўдагерлериниң изинен кетти. Сол шабысы менен, таң алдында, оларға қонып жатырған жеринде жетип, тез-тез өзин таныстырды да, билмекши болып келген мақсетин айтты.

— Әлбетте, бизиң солдатлар жеңеди-дә! — деди орыс саўдагерлери мақтаныш пенен.

Хабар Ерназарды қуўантсада, жуўаптың гүмилжилиги онша қанаатландырмады. Анығырақ жуўап бериўди өтинип еди, саўдагер әўелгисинен артық жаңалық қосалмады.

Кейпи түсиңкиреп, қайтып «Қазақдәрья» қорғанына жақынлағанда, қәдимгисинше және Шоңқы алдын кеселеп, зарланды.

— Қурыдық, қурыдық!

Алакөз оның өңменине найзасын тиреп тоқтатты.

— Айтсаңа!

— Қурыдық, Ерназар аға, қурыдық! — Шоңқының маңлайын мыңсан қабат жыйрық қаплап, көзлери қыпылықлап, кирпиклери кеўип жылап турыпты:

— Ерназар аға, Зарлық хан бенде болды. Мухамедкәрим жүзбасы тутып әкетти.

Ерназардың көзлери уясынан атылып кете жазлады.

— Не дедиң?!!

— Тапсырманды Зарлық ханға дәл жеткердим. Ол шыдамай Әбдибийди ертип жаўға қарсы атланды. Соның арасынша әллеким «Ерназар алакөз қашты, басын қорғаў ушын туўры орысларға қашты!»—деди. Аң-таңым шығып ханға жақынлаған Мухамәдкәримди көрдим. Оған Әбди бийдиң көзи түсиўден, жанланып,

қапталындағы аңсыз Зарлық ханның көк желкесине найзасын бир урды-да, атынан қыйсайтты...

Алакөздиң дәл айдарлығына урған жасыл табанынан шық-қандай, тула бедени лаплап, дирилдеўи менен Шоңқының қалайынша олардан бөлинип қалғанын сорамастан:

— Қыранлар!—деп қылышын жоқары көтерип сүренледи.— Алға! Орыслар жеңипти! Енди жәрдем келеди!

Оған садық қалған әскер басылар, бийлер, қыранлар тобы оның изинен ерди.

«Қазақдәрья» қорғанына ҳәржақтан еки мыңлаған үй көшип келген еди. Жаў даўрығы бәршени тик аяққа миндирипти. Баўырынан жел өткен инсан қолына илингенин жарақ қылып, топ-топ болып қорғанды иштен айналып жүр.

Ерназар халықтың жаўға қарсы бундай ғәзеп пенен биригиўин көрмеген еди.

— Халайық, қәдирданларым! — деди ири даўысы гүңиренип.— Бәрекелла исиңизге, бәрекелла ғайратыңызға! Бахтымызды тайдырыўға келген жаўға қарсы жарақ көтериў — туўылған жер буйрығы, ата-бабалар руўхының буйрығы...!

Ол бир жерде турмай ат қамшылаўда. Қайымшыл ақ боз яўмыты, қәдимгисинше, гә атлылардың, гә пиядалардың арасынан жыландай пйретилип шаўып баратыр. Оның халыққа сүренлеген даўысы кем-кем пәт алыўда:

— Халайық, қәдирданларым! Жаўға қарсы турыңлар, урыңлар, өлтириңлер! Бул туўылған жер буйрығы, ата-бабалар руўхының буйрығы!...

Ҳәр шоқ шаўқымласып қалып атыр:

— Алакөз, бизлер сенликпиз!

— Киндик қан тамған жерди жаўға бастырмаймыз.

Жаў ләшкери думандай болып дөнип келседе, иштеги халықтың жалпыламай ғәзепленгенин түсинип ,бийорын ҳүжим қылыўға айбынды, бирақ қорғанды қамал қылып қоршады. Босатпады. Қамал келеси күниде босатылмады...

Еки күн, үш күн, төрт күн, бес күн... Он күн... он бес күн... Қамал босатылмады...

21

Бахты кери кеткенниң быламыққа тиси сынады, жылыныў ушын жаққан оты өзиниң үсти-басын өртейди, етегине қуўырмаш салсаң төгип алады...

Қарақалпақларға да тап усы жағдай жүз берди. Олар үмит артқан орыс патшалығы, үйретилген ләшкерлериниң, қурал жарағының, жыйынтықтағы азық-аўқатының, пул-ғәрежетиниң кемлиги ҳәм патша сарайындағы алаўызлық себепли, оған қосымша дийқанлардың наразылықларының күшейип, патшалықты қуўатламаўы себепли Қырым урысында көп утылысқа ушырасады. Нәтийжеде, Қаратеңизде әскерий флот сақламайтуғын Түркияға

Бессарабияның бир бөлегин беретуғын, Аланд атаўларында қорған салыўға ҳақысы болмайтуғын келисимге қол қойды. Молдавия, Валахия ҳәм Сербия үстинен уллы патшалықлардың (державалардың) ҳүкимдарлығын сақлаўға келисти.

Бул жағдайлар патша Сарайы сүтинлериниң ақылын ҳайран етти, мийлерин гүўлетти. Оның үстине Швеция, Пруссия, Австрия мәмлекетлериниң орыс патшалығына душпанлығы ҳәўиж алып, жаңа урыс жәриялаў қәўпи күн тәртибинен түспеди. Сол ушын да, патша сарайында бурынғы өтинишлерин қайта қозғаў түўе, жаңаларын ойлап көриўге имканият қалмады. Оннан тысқары, Кавказда Имам Шамиль басшылығында таў халықларының урысы еле даўам етип атыр.

Қарақалпақлардың арзы-аўҳалын патша сарайына жеткериўи тийис Оренбург губернаторының ғалма-ғалының басынан асыўының көп себеплериниң бири әне усылардан еди...

Я Кауфманға қайта ескертип ямаса Оренбург генерал-губернаторының қолайлы ўақтын таўып оған қозғаў салатуғын Михайлов болса, Закавказье таўларында соңғы оққа ушқан жеринен қайтып тикленбестен, жан тәслим етти. Қандай жағдайда да Михайловқа таныслығынан үмити зор Тенел оның басында отырып, қудайға қанша жалбарынғанынан пайда шығара алмай, оны жерлегеннен кейин, өз топарына қосылыў имканиятынанда айрылды. Михайловтың орнына болған жүз басы Тенелди бурынғы орнына қайтарып алыў былай турсын, керисинше, соңғы сәтсизликтиң тийкарын оннан көрип өлтирмекши еди, Тенелди жақсы билетуғынлар арага түсип, жанын сақлады. Ол ушы-қайырсыз таў арасында, жанадан жалғыз қалдырылды, атсыз азықсыз қалдырылды...

* *
*

Адам баласына питкен мәңгилик бир пеше—әрман еткен төбесине шықсада, қәнәәти ада болмас, оған және бийик төбе көринеди...

Қәллибек ушын да түрклер сондай «жәнә бир бийик төбе» сыяқланып, оған жетиў ушын ҳешқандай бийикке өрмелемей-ақ жыралардың арасы менен мисли аңқаў қасқыр болып келип еди, қойыў ақ муртлы, домбай қызыл жүзли, жайық аўыз ләшкер басы оның басынан аяғына бир шолыў жасады да, тас төбесине қылыш көтерип турған қара бет орақ мурын нөкерине бир шекеледи:

— Дағыстанлы ма? Шамильдиң муридлеринен бе?

Қәллибек оның сәл буралыңқыраған түркий тилине түсинип, өзи жуўап қайтарды:

— Мен қарақалпақпан.

Ләшкер басы ийнин қысты. Орақ мурын нөкер бир қолы менен

Қәллибектиң желкесинен түртип төбесиндеги қылышқа ымлап сорады.

— Мынаў не?

— Қылыш, — деди Қәллибек сабырлылық тутып.

Орақ мурын нөкер ләшкер басыға жымыйды, ләшкер басы Қәллибектиң тилине аўырлаў түсинседе, саразбандай зәҳәр шашып, оның ойнақшыған көзлерине тик қарады:

— Ырасыңан кел, орыслардың жансызымысаң? Болмаса, олардан не жақалық әкелдиң?

Қәллибек урыс жағдайының әўселесин жақсы билсе де, өз ерки менен келгени ушын, тилине түсинетуғын болғаны ушын, бундай сораўларға жуўап бериўди басына келтирмеген еди.

— Өзим келдим, — деди бираз қысылып. — Бәрше есиклерди ашқандай алтын гилт излеп келдим, яғный сизлерден ҳөнер, билим үйрениўге келдим.

Ләшкер басының қызыл жүзи талақтай дөнип, сурланып, қалың еринлерин жапқан ақ муртлары жыбырласып, кекесине мыйық тартты. Бирақ көзлеринде ғәзебет оты ушқынланып турды:

— Орыслар-әм сум, бизиңше тил үйретип, оларға биз еситпеген халықтың атын берип арамызға жибереди.

Қәллибекти ашыў бийлеп шыр-пыры шығып, өз халқы жөнинде, қысқаша түсиник бердиде, келгендеги мақсетин және қайталады.

Ләшкер басы оны бөлмей тыңласада, узын кирпиклер арасындағы ағы басым нурсызлаў көзлери, сарғайған қамыслық арасындағы еки бөлек шалшық суўдай, жылтырап:

— Сен сөйлес, — деди орақ мурынға.

Ләшкер басының минез-қулқына, ым-жымына қанық орақ мурын Қәллибектиң желкесине бүркиттей пәнже урып, арқасына тартып жиберди де, шалқасына жықты ҳәм көз алдына нәҳән етигиниң ылас-ылас табанын тутты:

— Шыныңды айт, орыслардың жансызыман-де!

— Жансыз емеспен!

Орақ мурын сол турысынан өзгермей ләшкер басшысына қарады, ол жүдә биймарўалық пенен ийнине шапанын желбегей салып, қасында жаңа пайда болған инглис кецесгөйи менен әлле қайда кетиўге таярланып атыр еди:

— Не қылсаң еркиңде!—деди.

Лийкин анық өзине тийгенине қуўанышлы Орақ мурын ғужырланып, табанын Қәллибектиң мурнына қаттырақ басты.

— Ақырғы ирет ескертемен, орыслардың жансызыман-де!

— Жансыз емеспен!

Орақ мурын аяғын жоқары қарай сүрип жиберди. Қәллибектиң қобаға мурны көзлерине шекем сүрилип, бет-аўзы алқарағаң болды да қалды. Ләшкер басының қапталында орақ мурынның аяқларынан көз алмай баратырған кецесгөй инглис гилт тоқтап;

— Әне, қызық саўда, — деди де изине жуўырып қайтып Қәл-

либектиң мурнынан тартып орнына қарай жылыстырып қойды. — Сизлер абайладыңызба, адамлар көбинесе мурны менен бир-бирининен айырылады. Мине, мынаў жигит енди пүткиллей басқаша жигит болды. — Ол Қәллибектиң мурнын және қозғаңқыраң, қалтасынан дәрили шийше шығарып, мурнының қапталларына тамызды. — Хеш таңланатуғыны жоқ, мәселен, мениң мурнымды саған, сениң мурнынды маған қондырса бизлер-әм өзгеремиз,— деп Орақ мурынның кең жаўырнына жиңишке қолын қойды. — Мырзам, енди сен буны өлтирмей, маған бер.

— Не қыласаң?

— Қайтарда жук көтергиш қыламан, ўассалам!

Орақ мурын еки қолының бас бармақларын көрсеткиш бармақларына сүйкестирип «пул төле» деген ишарат билдирди. Соның арасында ләшкербасының француз кеңесгөйи жер астынан шыққандай болып келип:

— Мине сизге пул,—деп Орақ мурынның еки қолына еки гүмис теңге услатты. Ол түрк тилин жақсы билетуғын еди, инглистиң түсинбейтуғынынан пайдаланып, — буған берме, — деди. —Егер берсең утыласаң. Сизлердиң тилиңизди билгени ушын елине барғаннан кейин буның мурнын және өзгертип, тап өзлериңизге жансыз қылып жибереди.

Инглис оның айтқанларына түсинбеседе шамалап, бети лалаптай қызарды да, қалтасынан еки алтын теңге шығарды:

— Мине, енди маған сатасаң!

Орақ мурын француздың қалтаға және қол суққанынан дәмеленип еле ойлы турыпты.

Мурнының ашып аўырыўы аздай, Орақ мурынның зилдей аяғы көкирегине қойылған Қәллибек, еки нйнинен зорға дем алып, тек ыңырсып, ҳалы қудай менен болып, шалқасына жатыр. Тас төбесинде баҳасы кесилип атырғанын билмейди. Көзлери ашылмайды, астыңғы еринлери тастай тислеўли...

22.

Күн көристиң аўырлығына көнип, жетиспеўшиликлерге төзимли болып кеткен қарақалпақ халқы еки байлығына қуўанатуғын еди: биринщиси кең жазық далалы жери, екиншиси, Әмиўдәрьяда бурқасынлаған ылайлы, душшы суўы. Олар «Қазақдәрья» қорғанына тығылғалы аспаны тайып, зинданға түскен секилли. Ең болмаса, оларды қуяш аямай, күннен күнге тас төбеге жағылған дозақ оты болып, мийлерди қайнатады. Қоралар, қара үйлерге тутылған ший, шырталар ашшы қуяшқа төтепки бермей, пышырлап қуўраўға қарады. Егер сум қыяллы биреў көздей ушқын тасласа тамам, пүткил қорған лап етип, қызыл жалын аспанға атажақ.

Қамал еле ашылмайды.

Адамлар маллар менен араласып, бирнеше демлик таза ҳаўаға таласып, көп атлар, маллар қуяшқа шыдамай, әри шөллеп, әри жейтуғын оты түўесилип, топ-тобы менен өлиўге қарады, сирә қамал ашылатуғын күн көринбейди.

Шыжғырған ыссыда таза ҳаўа жетиспей, таза суў жетиспей қорған ишинде ишбурыў кесели ен жайып, күнине бир-еки адам өлиўге қарады, сонда да қамал ашылмады.

Бул жағдай Ерназар алакөздиң жанын жейди, бирақ, илажсыз және азмаз шыдаса, жаў серпилип қашатуғындай, ямаса орыс патшалығына кеткен елшилери ақыллы Теңел менен Қәллибекке қосылып орыс ләшкериниң бир тобын баслап келип, қутқаратуғындай. Жақсылықтан үмитин үзбей гә атлы, гә пияда, мисли шығырға қосылған ат киби қорған ишин ғыр-гүбелек айналғаны айналған. Халықты рухландырыў мақсетинде қанша исенимли сөзлер таўып, оларды ертеңги жақсылыққа қалай исендирмесин ,адамлар бәринен жалықты, бәринен шаршады. Әскербасылардың көпшилиги ис таппай қуяшламада кийимлерин шешип бийт қарап отыратуғын әдетти шығарды.

Бара-бара Ерназардың руҳландырыўшы сөзлерине қулақлар үйренисип, ҳешким дәрпенбейтуғын болып қалды.

Усы кейпиятты түсингендей, қорғанның дәрья жағынан Бердақ шайыр келип, елге, адамларға арналған қосықлары, жаңа намалары менен халықта жаңаша руҳ пайда етти.

Қамал ашылмады.

Атлардың жеми, маллардың оты биротала түўесилип, үйлердиң шийлерин, аўырып жатқанлардың кийимлерин жалмап, тирини тири талаўға қарады.

Қамал ашылмады...

Шыдамы ада болған әскербасылар, бийлер ҳәр жерден Ерназарға доҳ урып, қорғанды ашыўды талап ете баслады. Ерназар оларды тыншытыўға қанша урынбасын, қамал ашылатуғын күн еле узақ сыяқлы. Кеселшилик көбейди, өли шығарыў жийилести. Сонда да қамал ашылмады. Жаў ләшкери ҳәркүни бир-еки мәртебе топылыс қылады-да кейин шегинеди. Шыдамы ада болған жаў бүгин-ертең шегинип қайтар деген дәме пайда болғанда дәрўазаның қараўыллары Ерназарға жуўырысып келип, сыртта еки атлы қара жалаў көтерип киятырғанын хабарлады. Ерназар алакөздиң шаршаған көзлери ойнақшып, тула беденине қалтыратпа тийгендей болды: «Бири Хожаназар болмағайдә».

Бахытсызлықтың ҳәсиретли жалаўын көтерип келген «келши»лерге барып тиллесиў былай турсын, ҳәтте көргиси келмей, қараўылларға еки мерген қосып, оларды турған жеринде атыўды буйырды. Сөйтти де қорған ишин аралап, үйренишикли даўрығын баслады:

— Қаналаслар, және азғана шыдаңлар, я жаў шегинеди, я орыс патшалығынан жәрдем келеди.

Ол қалайынша даўрық салып жүрсе де, еки қулағы дәрўазада таманда еди, бир рет мылтық атылғанын еситип, бирден жүреги суўлап, кеўлин ғам-ғум бийледи: «Хожаназарым атылды-ә?!»

Қараўыллардың бири және аналақлап жуўырып киятырғанын көрип қасына жақынлағанша аяқ басыўларын бақлады. Ҳақый-

қаттанда, Ерназардың жаны ашығандай адам жөнинде жаман хабар әкелеатырған сескилли.

— Ерназар ага, — деди мерген жақынлар-жақынлмастан. — Дәрўазаға келгенлер Мәўлен менен Мәдирейим екен. Биреўиниң атын атып едим, екиншисиниң де аты үркти, сөйтип екеўи де аттан қулады. Барып қарасақ екеўи де өли, әллеқашан өлген. Ерге илекер ғана байланыпты, болғаны.

Ерназарға бул хабар «Балақ Хожаназарды аттық» дегеннен мың есе артық еситилип қойған жоқ, тас төбесине жасыл түскендей, көзлериниң алды шатнап кетти, бирнеше демге мийи аўылжып, не болғанын билмеди.

Усы пайытта Сайыпназар қамалдың сыртын айналып даўысының барынша бақырып жүрди:

— Халайық, қамалды бузып шығыңлар! Ерназар алакөз бәриңизди қырады. Ҳәзир ол өз елшилери Мәўлен менен Мәдирейимди аттырды.

Еситкенлер ар-сар болып, дәрўазаға қарай жылысты. Ерназар алакөз әлленемирде өзине келип, халықта қандай кейип пайда болғанын сезди де, олардың алдына шықты:

— Халайық, сатқынларға инанбаңлар! Мәўлен менен Мәдирейимди өзлери өлтирип ерге байлап жиберипти!...

Олар қанша күйинип исендириўге тырыспасын, халықтың толқынын басыў қыйын болды. Нәйлажлықта өзине садық қыранларды баслап дәрўазаға келди.

— Қәдирданларым, енди өзимиз ашамыз, бирақ жаўға қол қаўсырмаймыз!

— Жаўға берилмеймиз! — деп шуўласты қыранлар.

Анталасқан Хийўа ханының әскербасысы Ерназар кенегес ҳәм Сайыпназар басшылығындағы өңшең қарақалпақларды алға шығарып қойған еди.

— Ерназар кенегес, Сайыпназар, мақсетимиз иске асты, енди басыңлар!—дегени сол, еки тәреп те ала умтылып, дәрўазаның алдында кескин саўаш басланды. Бул сапары, көтерилисши қарақалпақлар менен Хийўа ханының ләшкери емес, Ерназар алакөздиң өзи тийкарын дүзген «Қарақалпақ қыранларының» еки Ерназарға бөлинген еки топарының бир-бирине қарсы саўашы басланды.

Қамалда демигип қалған халық, араннан шығарылған пададай гүўлеп алға умтылсада, бассыз-аяқсыз кетти.

Гүлзийба атлы қыранлардың арасына кирип, жаў үстине топылысқа өтседе, бақҳаны бир адам, Шоңқы. Соңғы әңгимесин еситкели оған исенбейди. Шоңқы болса Алакөздиң көлеңкесиндей, изинен қалмай, Алакөз қайда ат айдаса, ол да солай ат айдайды. Ҳәрекетлери кем-кем гүман туўдырып, изинен жетти:

— Әй, Шоңқы, берман айда!

— Әй қатын, алдымды кеселеме!—деп ол және Алакөздиң изинен жалп-жалп шаўып кетти.

Бир гезде, күтилмегенде, еки Ерназар қарсыласты. Олардың

ушырасып қылышласыўы бәршениң қолын байлап, тек тамашагөйге айналды да қалды. Қарақалпақ елин екиге бөлген ел агалары халықтың тағдийрп ушын емес, ертеклердеги еки батырды көз алдыға елеслетиў ушын урысып атырғандай, гә қошқардай дүгиседи, гә қораздай жулысады, гә атларынан секирип түсип айқасажақ боладыдағы, қайсысы алды менен атына мингенин көз шалмай қалады, және бирин бири қуўып жөнеледи...

Урыстың тағдийрин тек сол екеўи шешетуғындай, басқалар тоқтап қалды.

Олардың атлары қушақласатуғындай, алдыңғы аяқларын көтерип және тислесиўде. Олар қылышларын шақ-шақ айқастырып бирин-бири жибериспей ғужырланып тур еди. Алакөз тисленип өкинишли гүбирленди:

— Әй, уятсыз сатқын кенегес, сени қыранлыққа үйретерде өзиме қарсы туратуғыныңды есапқа алмаппандэ!

Кенегес оның қылышына қарсы қылышын тиреп, маңлайынан тери тамшылап турсада, тисленип, күлки аралас сөйленди.

— Ақылсызлығыңа енди көзиң жетипти, Алакөз! Тасла қылышыңды! Есиңдеме, балаң Хожеке тутқында. Өз баласына меҳири түспеген адам өзгеге меҳирли болады дегенге халық инанбайтуғынын уқ. Аңсаты, жақсылық пенен маған бас ий. Хан алдында абрайлы болсам, сени және тири апқаламан. Түсин, Алакөз?

Ерназар алакөз қәҳәр менен қылышын тайдырып жиберип, енди тастөбесинен урыўға умтылғаны, Ерназар кенегес бирден изине қаймықты. Алакөз оны не ушын қашты деп қараса, артынан қылышын жоқары көтерип Гүлзийба жақынлаған екен.

Алакөз оған бир нәрсе деп үлгермей-ақ, Гүлзийба Кенегести қуўа жөнелди.

Кенегестиң аты асаў кийиктей атлығып, Гүлзийбаға жеткермей бәдер кетти. Изде бақлап турған Хийўа ләшкери истиң насырға шапқанын билип, мисли думан болып жалпыламай алға жылысты.

Жекке ҳаялды көрип қызыққан бир нөкер тобынан алға озып, ўаҳаҳалап, күлиўи менен Гүлзийбаны ат үстинен қушақлап апқашыўға нийетленди де, қол узатқаны сол, Гүлзийба, ашыў менен қайрыла берип, қылышын иске салды, жаў нөкериниң геллеси ийнине түсти.

Енди Гүлзийба өзиниң не ислеп қойғанына есап бермей, ғужырланып, қылышын және бир силтеп, геллени қағып алды да, қылышының ушына көтерип шабысы менен артына қайтты. Оның ҳәрекетине ырза Алакөз қыранлардың бори көрсин, ибрат алсын деген ой менен, даўысының барынша сүренледи:

— Бәрекелла, Гүлзийба! Бәрекелла!

Ол аўзын жыйғанша болмады, душпанлар топарынан төрт-бес атлы алға өтип, қатара оқ көширди. Зымырап киятырған Гүлзийба атынан аўдарылды.

Ерназар, басқа ҳештеңени көрмей, еслемей, оның үстине дөнип-ақ барды.

— Гүлзийбам!

Гүлзийба Ерназардың даўысын танып, көзлерин ашты:

— Сенбе, Алакөзим? Келши, өлер алдымда сени дуйым журтқа көрсетип бир қушақлайын. — Ол қанша қыймылдамақшы болса да, қушағы ашылмады. — Ўай, жаным кешир, кешир, қолларым өзиме бағынбайды...

Ерназар оны орнынан көтерип, үлбиреп исинкиреген қызыл еринлерин муртлары менен сыйпалады:

— Мени өзиң кешир, Гүлзийба, сени бахытлы қылалмадым.

— Жоқ, бахытлыман, сениң қолларыңда жатқаныма бахытлыман. Және бахытлы болсын десең мениң Тепелиме көз-қулақ бол, сени ҳешким тыңламай кетседе, жалғыз өзи-ақ айтқаныңды қылады... Ол сениң халқың, халқыңды сүйиў аз, жаным, халқыңды түсин.

— Қой, көп сөйлей берме, шаршап қаласаң, Гүлзийбам.

— Сен мени ең болмаса, о дүньялық жуптымсаң деп лебиз етши, жаным...

— Көзлериңди аш, жаным, сен мениң еки дүньялық жуптымсаң.

Гүлзийбаның отлы алакөзлеринде бахытлылық белгиси бир көринип, майы таўсылған шырадай кем-кем сөне баслады да, аздан кейин, булт астына кирген айдай, ақырынлап барып жумылды, тек қансыз еринлеринде әлленеге ырзалық мәңги қалды.

Пайттан пайдаланып жаў қатал ҳүжимге өтти.

Алакөздиң андыздай сарғайған жүзине көз жаслары сорғалаўы менен Гүлзийбаны бир дөңеслеў жерге әстен ғана жатқарды да, атланды.

Еки тәреп қайтадан араласты.

Көкмар таласындай бир-бирин жибериспей тартысқан, сүйрескен, айқаслар қызды... Ийеси қулап, ери баўырына түсип баратырған атлар да көбейди. Алакөздиң тәрепиндеги пиядалардың қуўнақлары бос атларға жуўырысып, тутып алып минип урысқа түсип атыр...

Урыста таярлығы, жарағы мол хан ләшкери кешке таман баспалатыўға қарады...

Енди қыранлар арасында басқы пайда болды. Базы урыўлардың әскер басы-бийлериниң урысты тоқтатыў мақсетинде атлыларына шақырық таслағаны еситилди...

Ерназар Алакөз, өзине садық есапланған еки әскер басының ақ жалаў көтерип, бир неше қыранлары менен Хийўа ләшкерине қосылыў ушын дәрўазадан шығып баратырғанын көзи шалып, атын солай бурды. Бирақ олар жеткермеди.

Иште арман-берман уйтқыған халықтың алдына Бердақтың:

— Халайық, көзсиз жасаў болса да, ўатансыз жасаў жоқ... — деп Хийўа ләшкерине бағынбаў кереклигин нәсиятлап атырғанын көрип, қуўана бақырды:

— Халқым, шайырды тыңлаңлар! Ол бәримиздиң тилимиз, бәримиздиң ойымыз!

Көпшиликтиң арасынан Қумар аналық даўыслады:

— Ерназаржан, неге даўысында муң бар? Хожеке бенде болғаны ыраспа?.., Сендей ел ағасына мынаў қаракөзлердиң бәри өз баласы!

Халық және пәтленип алға өрледи.

Дәрўазаға жақынлап қалған жаў ләшкери бир дизеге отыра қалып, белди, балтаны, жабаны ҳәтте бир жыңғылды қурал қылып киятырған халықты қатара оққа тутты. Дәрўаза алдында көп өлик қалдырып халық және кейин серпиле баслағаны, оққа ушқан ерлерин, әкелерин көрген ҳаяллар, балалар, алға қарай жуўырысып, бир заманда ала-сапыран басқы болды да қалды. Бул Алакөзди оғыры албыратты. Душпан оқларын таңламай алға жуўырысқан ҳаялларды, балаларды күш пенен кейин шегиндириў ушын қасындағы атлыларға тәртип берди. Керисинше, баса-бас бурынғыданда шийеленисти. Енди қарақалпақ қыранлары арасында ҳаўлығысыў, алаўызлық пайда болды. Ҳәрким өзинше ҳәрекетке көшти.

Ерназар алакөз атын барынша қамшылап және даўрық салды:

— Халқым... қыранлар! Албырамаңлар! Және бир күн шыдайық...

Оны еситер қулақлар питип қалған секилли. Еки жақ және арпалысып, кимди ким урып, кимди ким найзалап, қылышлап атырғаны биймәлим қалды. Топ-топ аламанлар үстинде алатаяқлар ойнап, малақайлар, қара ғарғадай, аспанға зыңғытылып, ҳешким түсинип болмайтуғын урыс-төбелес ҳәўижге минип кетти.

Қаяқтың женетуғынына еле көзи жетпей жүрген Шоңқы хийўалылардың баспалатажақлығын енди сезди. Тап усы демде Ерназар Алакөз Ерназар Кенегести және қуўып, найзалаўына сәл қалған еди. Соны көрди де, Алакөзди қуўа шеп қапталына шығып, шәпиклик пенен мылтығын атыўға қолайлап сүренледи:

— Ерназар аға, оң қапталыңнан сақлан!

Алакөз оның даўысын танып, оң жағына мойын бурғаны мәттәл, Шоңқы мылтығының тетигин басты. Ерназар Кенегестиң желкесинен тутыўға сәл қалып, қол соза алдына еңтерилип пәтли шаўып баратырған Алакөз ерден аўып қапталына гүрс етти...

Басына өлим қәўипи дөндирген Алакөздиң қалай аттан қулағанына ақылы уғрас келмей бир дөңесте лалы шығып қалған Кенегеске Шоңқы шаўып келди:

— Аттым, Ерназар, сен ушып аттым, өлип түсти!

Ерназар Кенегес қара дегелейин қолына ала-сала жәнжағына былғап даўысының барынша сүренледи:

— Жигитлер, адамлар! Алакөз оққа ушты, ушты!... Алакөз өлди!...

«Алакөз өлди!» — деген еки сөз уйтқыған даўыл болып бәрше қулақларда гүўледи де, ғаўырласқан баса-бас урыс бирден тынып, ҳәрким турған-турған жеринде ағаш болып қатты.

Демниң арасында еки жаршы пайда болып, қорғанды екижақтан айланып шаўып жар салды:

— Халайық, халайық, куда бийзар Алакөз өлди. Урыс тамам!...

Ар-сары шығып ҳоржерде топ-топ болып турған аламанның ортасында, әллеқайдан келген Қарақум ийшан пайда болды да, басындағы ақ сәллесин қолына көтерип, олай-булай гөлегейлеп сүренледи:

— Ҳалайық. Мусылманды мусылманға қарсы қойған Алакөз өлтирилди! Үйли-үйлериңизге тарқанлар!

Ол аламанға басқа нәрсе түсиндирмей көп атлыға ере Ерназар Алакөздиң үйине қарай ҳайт қойды. Бул ўақытта ханның ләшкер басысы бир топ нөкер менен әллеқашан келип Алакөздиң отаўына от бастырған еди. Отаўдың көптен бери күнге күйреген сүйеклери, ҳәтте үзиклер, қызыл-қара жалын болып, аспандағы қуяшқа жарыса, жерден шыққан қуяш киби, лаўлап жанып атыр. Алакөздиң Хожекеден киши үш улы қылыштан өткерилип, баслары денелеринен бөлинип, қанлы топырақка былғанып жатыр. Еки қызы менен Рабийби бир арқанға қосып гүўенленипти. Қызлар ҳуўышсыз, Рабийби кирпиклерин зорға қағып, өли балаларына бир қыялап қарап жатыр. Қумар аналық төңкериўли жатқан үлкен той қазанына бир жанбаслап, үнсиз ҳәсирет шегип отырыпты.

Буларды көрип, неликтенде Ерназар Кенегестиң жаны түршиккен секилленди, бирақ сөйлемеди. Сайыпназар оларға бетлей алмай, басын төмен ийди, Хийўаның ләшкер басысы екеўиниң де кейиплерин сезип, ашыўлы нәзери менен қылышын шошайтып, отаў орнындағы шоқ аралас күлди көрсетти:

— Ерназар Кенегес, Сайыпназар, сизлер ушын енди бир саўап ис қалды.

Екеўи өз нәўбетине жән-жағына қарасып, айналасына шоқланып үлгерген қарақалпақ бийлерине ым қағып, атларынан түсти. Басқалар да олардан қалыспады. Ким бел таўып, ыссы күлди алысқа атты, ким тазаланған отаў орнын бел менен қазыўға киристи.

Хийўа ханының Бас ләшкер басысы өзинен тете әскер басылардың бирине ым қақты. Ол бир демде-ақ барлық нөкерлерин отаў орнынан Қазақдәрьяға шейинги аралыққа сапқа дизди де, салма қазыўды буйырды. Қазыў нөкер басына ярым адымнан түскен жоқ, бир майданнан кейин таза салма бойлап аққан Қазақдәрьяның ылай суўы отаў орнын ғарқәллезий қылды.

Бул көринисти тамашалағанлардың бәршесин өзине қаратыў ушын Қарақум ийшан:

— Куда рәҳмети жаўған мусылманлар! — деди бәлент ҳаўаз бенен. — Сизлерге және бир жаңалық — Қырым урысында орыслар түрклерден жеңилди! Уллы Хийўа ханының бас ләшкер басысы, бес-алты нөкер жиберип Әмиўдәрья бойындағы «орыс дийўалды» жықтырыңыз. Қәпирлерден наму-нышан қалмасын!

Бас ләшкербасыға оның жаңалығы унаған менен, бәршениң алдында өзин ханның ләшкербасысынан билгир көрсетип кеңес бер-

гени жақпады. Сондада оған емес, өзиниң әскербасыларына кийлигип ҳәмир етти.

— Бенделерди қосақлап байлап айдаңлар!

Ол қапталындағы Ерназар Кенегеске сыбырлаңқырап бир нәрсе айтыў ушын бурыла бергени, Қумар аналықтың әжимленген жүзи бозарып, еле жығылмай, суўы тартыла баслаған қос ҳаўыздай көзлери аларып отырғанына ҳайран болып, тула бедени жуўлады. Жылдам атқосшысына ым қақты. Ол түсинип, Ерназардың қанға боялған геллесин ат дорбасынан шығарып, Ананың көзалдына тутты.

— Мине, исендиң бе?

Ананың қоллары қыймылдап тикейиўге мейилленип еди, қатты тартып шандылған арқан бойын тиклетпеди.

— Әскер басы, — деди Ана қарлыққан даўысы менен. — Қолымды шештир...

— Шеш, не қылар екен? — деди әскер басы.

Қолы босаған ана қалдаўрап тикейди:

— Әскер басы, билесең бе, Алакөздиң геллеси еле талай сынаққа түседи. Бул турысына апарсаң, усы гелле ушын сонша нөкеримди қырдың ба деп хан сениң басыңды алады. Сол ушын маған бере турыңлар.

Әскер басының аң-таңы шықты:

— Бер геллени.

Қумар аналық отаў орнын басқан суў бойына отырып, Ерназардың қанға боялған геллесин тазалап жуўып муртларын тап тирисиндегидей қулағынан асыра шыйратып-шыйратып, басындағы ақ жипек жаўлығын алып соған орап түйди де, әскер басыға қайтарды:

— Мә, алыңлар. Енди Ерназаржанның геллеси хан сынағынан мәрдана өтеди.

Ләшкер басы Анаға тиклене алмай, ат қосшысына ийек көтерди. Ол ананың қолынан геллени алып қоржынына салды.

— Айдаң бенделерди!...

Бас ләшкербасының буйрығы ҳәтте өз нөкерлерине онша кәр етпей, зорға-зорға қыймылдай баслады. Мамыт бий көпшиликти айырып алға өтип келип, ханның ләшкербасысына қол қаўсырды:

— Өтинемен, Алакөздиң жесирин маған қалдырыңыз...

Ләшкербасы үрпейип, көзлери уясынан шыға жазлады.

— Қәрўанның бир пары өлсе, кәрўанға пардың жаны емес, жүги уўайым, — деди көпшиликтен бир даўыс.

— Беринiз, уллы ләшкербасымыз, — деди Сайыпназар. — Булардың жасынан жасырын татыўлығы бар еди.

Ҳәмме жерге қарады.

Бул сөз Қумар аналықтың улын, ақлықларын көз алдында өлтиргенненде аўыр тийип, өзинде ҳешқашан болып көрмеген жек көриўшилик пенен Сайыпназарға гижинди.

— Арсыз ийт, абайла!

— Кемпир, ойланбай сөйлеў—гөзлемей атқан менен тең,—

деп Сайыпназар өзинен-өзи ғарқылдап күлиўи менен кейин бәсип, Ананың өткир көзлеринен тасаланды. Ана келини менен ақлық қызлары тамаңға айналып, Мамытқа үмидиўар көзлери телмирип, арық қоллары созылып турған келинин көрди де, аяқларында тура алмай, сынған қамыстай бүгилди...

Соның арасында маңлайынан моншақ-моншақ тер сорғалаған Бердақ шайыр әллеқайдан ентиге жуўырып келди:

— Халайық, Ерназар өлди деп жыламаңлар. Өмири бәҳәр болып қалды, бәҳәр еле талай гүллейди, Ерназар Алакөз ендиги әўладқа жол қалдырды, шайырларға ой қалдырды, тыңлаңлар:

«Әўели Айдос баба өлип,
Орнын тутты Ерназар бий.
Қарақалпаққа аға болып,
Ҳүким сүрди Ерназар бий —

Ләшкербасы бирден ғәзебетленди:

— Айдаң бенделерди! Шайырды қосып айдаңлар.

23

Биреўлерге нөсер жаўыннан кейинги қуяш жақтырақ, және биреўлерге өзиниң өлимінен соң ерискен мәртебеси салтанатлырақ.

Алакөз гелле қылынғалы қәдимий Хийўа аспанында қуяш жарқыраңқыраған сыяқлы еди. Бүгин түсликтен аўа бергенде, қуяш бир буўазақ булт астына кирседе, жеңис салтанатлы қуяш болып кеўиллерди жақтырып, жаңлар күшлирек қағылды, жәнжақты сырнай-гернайдың ўағыр-шағырлысы басты. Көшелер бойлап жаршылар жүр:

— Кәраматлы Хийўа халқы, тыңлаңлар! Бүгин уллы ханымыз айыпкер қарақалпақларды жазалайды, өзине садықларына салтанатлы сый береди...

Оренбург генерал-губернаторының атлыларына соққы бергели, Хийўада айрықша таңқаларлық тамаша болмағаны ушын ба, ямаса ханның жүзинде, бир ўақытта ғәзеп зулмети менен меҳир нуры қалай аўмасатуғынын билиўге қумарлықтан ба, ямаса өлим ҳәм салтанатты қатара көриўге қызығыўшылықтанба, көшелерди толтырған аламан бир тәрепке қарай ығылысты.

Өзине тәбия әскер басылар, мәҳремлер ҳәм бийлер менен үлкен бағдың ортасындағы шәрдәресинде бәзим қурған хан, пәстеги бөлек-бөлек сыпаларда отырған ҳәмрақларына бир нәзер таслап алды да, қарсы алдында турған жәллатларға ым қақты. Олар, жуўырысып ғалы паяндозларды тазалап сыпырып шықты.

Хан өзиниң кишипейиллигин көрсетиў ушын шәрдәресинен ғалы паяндозға түсип, ҳәр сыпаның тусында бир ирет бас ийзеп, бәршеге ырзалығын билдириў менен бағды айналып шықты да, ҳәрқыйлы ҳасыл төсеклер менен жабылған шәрдәресине қайта көтерилди:

— Халқым, жеңис және-және мүбәрек!

Теп-тең геллекленген теректей шоқ-шоқ болып, қол қаўсырып турған ақ сәллели, ақ қурашлы адамлар даўыл ийген қамыстай жапырылып бир аўыздан гүўледи...

— Аўмийин, аўмийин, аўмийин..

— Қәдимий әлемге машқур Хорезмниң даңқын жәнеде көкке көтергенлерге қуда узақ өмир берсин, ийман берсин! Мусылманға, қуўат берсин, аўмийин!

— Аўмийин, аўмийин, аўмийин!

Хан қол шаппатлады.

Бағ дәрўазасының босағасына қәдем қойыўға батына алмай, сыртқы дийўалды жағалаған тамашагөйлердиң сыйғанынша кириўине урықсат етилип, аўысқанлары дийўалдың аржағынан бақлаўшы болып қалды.

— Баслансын,—деди хан ҳәм бир өкшеден оң жағына айналды. Шәрдәреден пәстеги бийик сыпаларда отырғанлар оның бети аўған жаққа жүз бурып, адам асыўға тап-тайын дар ағашын, адам отырғызыўға қағылған темир зыйықты көрди.

— Бағда дар ағашы менен темир зыйық!...

Бәршениң төбесинен музлы суў қуйылғандай, денелери түршигип барып өзлерин бийледи.

Бағдың төрдеги жасырын есигинен көп жәллат көринип, бир топар бендени айдап әкелди де, дар ағашын айналдыра саққа жүгиндирип отырғызып шықты.

Олардың арасынан әлле-кимниң жылаған даўысы, оған қарсы жекириниўшилер еситилди:

— Сендей пәмәрт мың батырдың атын көмеди!

— Бүркитлердиң арасында кеткен қоян! Ур енсесине!

Бир муш дүрс еткендей болды, әлле ким ыңырсыды, болғаны, бенделер тым-тырыс қалды.

Хан енди сөйлемей, тек ийеги менен буйрық бериўге өтти.

Бир жәллат жүни алабажалақ ешекти жетелеп, екинши жәллат изинен таяқлаўы менен бағқа кирди. Ешекте, кийимлери аламажуўа, басында қара ғарғаның қанатынан ханлық жығасы бар биреў отыр. Оны ҳәмме масқарапаз шығар деген уғымда еди, әллеқайдан онлаған бала пайда болды да, масқарапазды кесеклей баслады.

Ханның сзиўинде күлки көрин, ҳәмрақлары теңпен мыйық тартты. Жәллатлар ешекти дар ағашына жақыплатып, балаларды қуўып жиберди де, ханға ешектиң артын, үстиндегиниң жүзин қаратты.

Хан шақалақлап күлди, ҳәмрақларының ўаҳаҳасы бағды жаңғыртты.

Ешекте отырғанның қан аралас күйеге былғанған түсинен кимлигин билиў түўе, өли-тирисин аңғарыў қыйын еди.

Хан жәллаттың бирине ымлады.

— Қәраматлы Хорезмниң уллы ханы, бәрше хан ҳәмрақ-

лары, — деди жәллат. — Бул маша ешекте отырған масқарапаз қарақалпақлардың мақтаншақ ханы Зарлық болады.

Тамашагөйлер гүрсиниген сыяқланды, дар астындағы бенделер бас көтермеди.

— Бул жалатай суўқуйды, — деп жәллат қолындағы таяғын Зарлыққа шошайтып, сөзин даўам етти. — Пикиринен қайтпай «Дүньядағы күшли патшалық орыс патшалығынан жәрдеми келеди дегени ушын», «қарақалпақ ханлығының пайда болыўы заман гәрдишинен, халықтың талабынан» дегени ушын тилин кестик.

Хан бир қолын көтериўи мәттал, жәллат Зарлықты ешектен аўдарды, екинши жәллат ешекти сабалап кетти, дәрўаза таманнан еки отжағар отын қушақлап жуўырып келип, дар ағаштың қанталына лаўлатып от жақты. Және еки жәллат Зарлықты шешиндирип, қуйрығын отқа таплады. Оған ҳешким бетлей алмай, муңайысып, төмен қарасты. Зарлықтың отқа шыжғырған денесинен май тамшылап, тек ыңырсыў менен жата берди...

Хан қара бултай түнерди, оның кейпи ҳәммеге аўысып, ўаҳаҳадан жаңғырған бағда ымырт жабылып, толайым журт тегис қырылып қалғандай тынышлық орнады.

Зарлық өлип үлгермей-ақ дәрўазадан және еки жәллат көринип, бети көпшиктей исик Хожаназарды сүйреп әкеле сала, дар қасына саққа жүгиндирди де, ақ сүйек саплы пышақ пенен ийегин көтерип, жүзин ханға қаратты.

— Әй, жас бала, — деди хан өзин қанша жуўас тутыўға талапласа да, ҳүкимге үйренген даўысы өзгермей. —Жәнжағыңа сер сал, өлим орнына әкелиндиң.

Хожаназар исик мойнын бурып еки жағына қарады. Дар ағашын, зыйықты, отқа тапланып өлип атырған Зарлықты көрди, бирақ үндемеди.

— Жаслығыңа меҳри түсип турыпты, бала. Әкең Ерназар Алакөз қудабийзар еди, оннан ўаз кештим десең, ўассалам, тири қаласаң.

Хожаназардың қайтаратуғын жуўабы хан тәрепдарларын ғана емес, аяқ-қоллары кисенли барлық бенделерди қызықтырып, оған мойынларын бурды.

Хожаназар тикейежақ еди, еки ийнинен басып турған жәллатлар табжылтпады.

— Мениң тәғдиримди сендей жаўыз ханға гирипдар қылған қудайдан ўаз кешсем де, әкем Ерназар Алакөзден ўаз кешпеймен. Лекин сендей наәдил, мийримсиз атадан перзентлери ўаз кешсе арзыйды.

Ханның бети қара түтинге айналып, шардәреден секирип түсип Хожаназарды өз қолы менен уражақ болды да, өзин тутты ҳәм бир ийек қақты.

Төрт жәллат Хожаназарды көтерип апарып дар ағашы қасындағы ушы истей темир зыйыққа отырғызды.

Хожаназардың маңлайы жыйырылып тисленгени болмаса, сөс шығармады.

Бәрше тамашагөй бул көриниске де қарай алмай, басларын төмен ийди.

Және еки жәллаттың ортасында, қамыстай жиңишкерип азған, аяқ қолы кисенли Генжемурат бий көринди. Жәллатларға сүйенип аяқларын зорға-зорға көтерип киятырсада, от басында сарғайып өлип атырған Зарлықты, зыйыққа отырғызылған Хожаназарды танып, басын жоқары көтерди де, айналадағы тамашагөйлерге қарап даўысының барынша сөйледи:

— Халайық, пүткил бир елатты аяққа басып, елшилерин қорлаған наәдил Хийўа ханына өлим деңлер! Орыс патшалығына кеткен елшилер мынаў зулым ханды жерге жексен ететуғын күш әкеледи. Күтиңлер!

Ханның кейпи-көрахтын бағып турған қос жәллат жылдам Генжемурат бийдиң аўзын басты да, басын дар арқанының гүрмегине тықты.

«Және бар ма?» дегендей хан еки қапталындағы бас әскер басы менен бас ўәзирине алма-гезек мойын бурды.

— Еле көп, — деп сыбырлады бас ўәзир.

Соның арасында және еки жәллат қолы кисенли Бердақты ханның алдына әкелип отырғызды.

— Шайыр, өлимиң алдында сөйле,—деди Бас ўәзир.

Азаплардан шаршаған шайыр мойығанлығын билдирмей, омыраўын көтерди:

— Жер басына күн туўса, суўы кетер тереңге, ер басына күн туўса, иси түсер тереңге. Ҳәзир жеримниң де, елимниң де басына аўыр күн туўды, буған илажын таппай турман.

«Үргин үрди, даўыл турды.
Қосымның қамысын турди.
Қырар болды дүйым журтты.
Бизиң елге жаз келерме?...»

Хан қәҳәрли маңлайының терин сыпырып, шайырға бир олыйды да, бас ўәзирине буйырды.

— Буның қандай жаз күсегенин ойлап таўып, маған баян етесиз. Бәлким, өзиң сөйлетерсиз, сол ушын шайырды бүгин емес, ертең жазалапатуғын айыпкерлерге қосыңлар! Енди зәрре гидирмей, кимлерге саўға-сыйлық берилетуғынын жәриялаң.

Бас ўәзир алға бир қәдем атлап, шәрдоренің ғырра шетине келди де, пәстеги дийўанбегиден шаңпаттай сарғыш қағаз алып, бүклеўин жаздыра сала көзине тутты.

— ...Әлемниң сақыйы, жомарт, Уллы Сейтмуҳаммед ханның қуяшлы меҳрине бинәан, қудайбийзар Алакөз баслаған көтерилисти бастырып, Хорезмниң даңқын көтерген, Хорезмде тынышлық орнатқан әскер басыларға, бийлерге ғәзийнеханадан бир мың тоғыз жүз жигирма еки тилла сый бөлинди. Соннан қарақалпақ Ерназар Кенегеске елиў тиллә, маңғыт Сайыпназар бийге елиў тилла, Муҳаммедкәрим жүзбасыға отыз тилла, қытай Әдил бий-

ге жигирма бес тилла, қолдаўлы Сержан бийге жигирма тилла, қаңлы Әбди бийге жигирма тилла бериледи. Қоңырат Оразбай, қазаяқлы Әлиймуҳаммед бий, қуйын Қәдир-Муҳаммед жүзбасы, бессары Жәнибек бий, маңғыт Сейтназар бийлердиң дара басына онбес тилладан, қолдаўлы Қутлымурат жүзбасы, теристамғалы Төреният бий, қостамғалы Арзы бий, Абдулла бий, баймақлы Раҳманберди бий, балғалы Артыи бий, қытай Асан бий, Расиўли жүзбасы, қыпшақ Сырым бий, Ережеп бий, кенегес Нуралы бий, қолдаўлы Махмуд молла, ашамайлы Шәрип молла, айтеке Ермуҳамед молла, қазаяқлы Есназар молла, маңғыт Уссенбай моллалардың ҳәр бирине он тилладан...»

— Тоқтат! — деди хан. — Ендигилерин ертең усы кәрада сәске пайытында, бүгингиден қалған қудабийзарларды жазалаўдан кейин оқып, өзиң таратасаң.

Ҳәзир ғана көз алдыларында болып өткен ҳәрқыйлы өлим жазасынан кейин ханның сыйлық пәрманында аты аталғанларға бир тилла мың тилла көринип, көкиреклерин кере еркин дем алып, өзлерин бийик мәртебели сезип турыпты. Жеңил минезлилери «Мени көрдиң бе» дегендей еки қапталына алма-гезек көз қыйығын таслап қояды.

Ерназар Кенегес пенен Сайыпназар сыпадан түсип барып, ханның шардәресине жабылған гилемге маңлайын тийгизди. Оларды көрип сыйлық пәрманында атлары аталғанлар да, аталмағанлар да қарап қала алмады, топ-тобы менен сыпаларынан түсип әўелгилердиң жолын тоқырарлады.

Бәршеге көз тигип, ҳәрбир әскер басының, бийдиң кейпи-кәрахтын бақлап, ишинен баҳалап турған хан бирден жанланды:

— Алакөздиң анасы қайда?

Қос жәллат жуўырысы менен барып байлаўлы жатқан бенделер арасынан Қумар Аналықты айырып алып, қолтығынан сүйеўи менен ханның қарсы алдына әкелди. Хан бул Ана туўралы көп еситип, оның мәртлигине, күшине ҳеш инанбас еди. Көзлерин киширейтип жүдә сығаланды ҳәм басқа ҳаяллардан өзгешелик көрмей, бас әскербасыға бир шекелеп сыбырлады:

— Улы, ақлықлары көз алдында өлтирилгенде көз жас көрсетпеген, хан сынайды деп, улы Алакөздиң геллесин жуўып берген усы әўмесер кемпирме? Ҳәзир оның көзлеринен жас емес, қан аққанын тамаша қыласыз.

Қумар аналық шардәреде не делингенин еситпей, пахтадай аппақ шашы самалға желбиреўи менен ханға қалша қарады:

— Маған не арзың бар еди, хан? Егер арзы айтажақ болсаң, қолтығындағы еки балдақ керек емес. Өзиң түс жерге!

Ханның өткир көзлери аларып, басын бир силкти. Қумар Аналықты еки жақлап сүйеген еки жәллат үстине тас дийўал қулап киятырғандай, еки жаққа айырыла қашты.

Бастан кешкен барлық ҳәсиретке қоса көп күннен бери нәр татпаған Ананың көзлери гиреўгеленип, дизелери дирилдеп турса да, өзин тутты ҳәм ханға қарай еки адым атты.

Әскер басылар, бийлер, жәллатлар, тамашаға келген қалалылар аң-таң. Шыбынның ушқаны билинерлик жым-жыртлық орнады.

— Ерназар Қенегес,—деди хан айрықша жедел менен.—Кел алдыма!

Ерназар Қенегес өзиниң отыз төрт-отыз бес жастағы жигитлигине қарамай, мийи орталанған алпыс-жетпис жасар ғарры моллаларға тән дәбелеклик пенен жуўырып келип, ханға үнсиз қол қаўсырды.

— Марҳум қудайбийзар Алакөздиң Анасына жуўап бер, анаў зыйықтағы үлкен ақлығынан басқа ақлықлары қайда?

— Ул ақлықлары көз алдында шалынды, Уллы ханымыз. Қыз ақлықлары ләшкер ғәрежетиң ушын сатылды, уллы ханымыз.

— Алакөздиң ҳаялы қайда?

— Мамыт бийге сыйлық етилди, Уллы ханымыз.

— Мамыт бий дегениң шақы мыстан десең сыйырды-әм ҳаялыққа алар екен дә,—деп хан дегишкен түр көрсетти. Ҳәмираҳлары дуў күлисти.

— Отаўы қайда?

— От берилди, Уллы ханымыз, орны қазылып суўға ғарқәллезий қылынды, Уллы ханымыз.

— Кемпир, буған не дейсиз?

— Иригән бас ширик тухым егеди, ақмақ ханымыз. Не ексеңиз, еле соның зүрәәтин жыйнайсыз, ақмақ ханымыз.

Ханның ийинлери дирилдеп, өз-өзинен жулқынғандай болды да, аспазлар таманға ийек көтерип, аш қасқырдай ашшы даўыслады:

— Ким бул ананы аш қалдырған?! Алтын табаққа салып тағам әкелиңлер, көз алдымда тойсын!

Ғайратлы, ғайбар Ананың алдында ханның ийи босасқанына ҳәмме жеңил нәпес алып, бир уҳҳледи, пүткил Хийўа теңселгендей болды.

Қуйынлы дүбелейге зорға төтепки берген шөл ағашындай қалтылдаған Ананың бир жумақ пахтадай шашы желкилдеп, бешпентиниң самал менен былғалақланған шалғайлары аяқларына ләрзем бермеўи ушын, қос қолы менен қаўсырынып, қәддин тик тутып турыпты.

— Кемпир, тағам келгенше бас душпанынды алдыңа келтиремен, жазасын өзиң буйыр!

Қос жәллат Шоңқының мойнына жип салып, қарғыланған ийттей жетелеп әкелип, Қумар Аналықтың алдында еңсесинен басып ғана отырғызды.

— Әне, кемпир, улың Алакөзди атқан усы!

— Сен бе?—деди ана Шоңқыға қаҳәрли дөнип.

— Жанымды қалдыр Қумар ана?

— Жанлы мақлуқ еди деп зәҳәрли жыланды өлтирмеў—басқаларға жаманлық әкелиў,—деп Қумар аналық бар күшин тилине, даўысына жыйып тисленди.—Қәне, сол зәҳәрли жылан сен-

дей болып алдыма келтирилсе. Әўеле тилин суўырып, соң басын женшер едим. Сендей ипласқа түкириў-әм көп, жоғал алдымнан!

— Усыннан-ақ күнде өлемен ғой, өлдим, өлдим Қумар ана!

— Мейли, күнде өл, өл!

— Кемпир естен айрылыпты,—деди хан.—Анаў ипластың гә өз елин, гә бизди көрген еки көзиниң бири ойылсын!

— Ўайий, ханымыз, Ўайий Ерназар Кенегес!—деди Шоңқы жерге үңилип, бармақтай шөп таўып алды да, бет алдына урып жиберди. Бир көзи ағып, бетин қып-қызыл қан жуўып кетти.

Ол хан ҳәмирин өзи орынлағысы келди ме, ямаса басқа биреў көзин ояман деп көбирек қыйнаўынан қорықты ма, ямаса ақмақлық етип ханға хызмет еткен көзин өзи ойғанын артық көрди ме, итибар берген де, аяған да киси болмады, еки жәллат оны ортадан сүйреп әкетти.

Семиз бир аспаз үсти ақ жаўлық пенен бастырыўлы алтын табақты қос қоллап әкелип, ханға үш мәртебе ийилди де, оның бир көз қысыўынан кейин, табақты Қумар Аналыққа тутып, еринлери менен үстиндеги ақ жаўлықты тартты.

Алтын табақтан тағам емес, муртлары шыйратылып Ерназар алакөздиң геллеси шықты.

Журт орны-орнында қаққан қазықтай сәррийди. Қумар аналықтың көзлери уясынан атылып кете жазлап, ҳуўыштан айрылып барып, зорға қәддин тикледи де, асықпай, жемелигине, шатыраш көйлегиниң өңирине тағылған гүмис хантеңгелерин жулып-жулып алды да, сыңғырлатып табаққа таслады ҳәм белиндеги көк мәдели белбеўин шешип геллени жапты.

— Перзентим сағаң бунан артық саўға әкеле алмадым, мынаў белбеўди белиңе буў, хан теңгелерин қалта пул қыл. Сөйтте Хийўа ханының киши ҳаяллары менен ойнас қылып жатабер...

Қумар аналық еки адым кейин шегинип, тентиреклеўи менен артындағы дар ағашына сүйенди.

Ханның көз алдында әпиўайы Ана емес, өткир қуяш турғандай, қайтып тиклесе алмай, қызара баслаған көзлерин қыпылықлатып, ғоддаслаўы менен ҳәмир етти:

— Тарқаңлар, той-тамаша тамам!!

Эпилогқа усас үшинши бөлим

I

Сәскеде-ақ қуяш шыжғырып, Хийўа қаласы дозаққа айналған гезде, кең жазықлықтан жанына ҳәзлик излеген яңлы бир жас пияда қаладан шықты. Шийразы қара шөгирмесиниң етегинен тамшылаған тер қыйықлаўдан келген қара көзлерине қуйылып, қуўырылған биядай реңиндеги жүзин жуўып баратыр. Қәҳәргө толы қабағы жабылып, аты шуўлы үлкен қалаға сыймай, жылап баратырғанға мегзейди. Жан сезими қандай тебиренисте болыўына қармастан еки көзи жолда, алдында.

Оның изин ала шыққан атлылардың биразы тусынан шаңғытып өтип баратырсада, бас көтермейди, әллеқайсылары бир нәрсе деседе жуўап бермейди. Орпақ топырақлы арба жолдың дәл ортасы ғана пайына тийгендей, жақынласқан ат дүрсили еситилседе, жол босатпады. Ара-тура шеп қолының бармақлары менен шеке сүйеги билинген сүмпеклеў жүзиниң терин сыпырып қояды. Ҳеш жерде тынбастан, «Майлы шеңгелден» өте бергенде, үш атлы суўпысы менен Хийўадан қайтқан Қарақум ийшан жетип, оның тусынан өтеберип таныды да, атының жүўенин тартты.

— Ҳаў, шайыр, сен бе?

Бердақ жиңишке мойнын бурып суўық сәлемлести.

— Қандай бахытлысаң!—деди ийшан бираз ҳүкимдарлық ҳаўаз бенен.

— Шайыр болғаным ушын , әлбетте бахытлыман,—деди Бердақ.

— Шайыр болыў онша бахытлы емес, себеби кисилерди саясаң. Бахытлысаң дегенимниң мәниси, Алакөз ҳәм оның тәрептарлары өлтирилип, ел бүлдиргилерден тазарғаны. Тазарған елдиң бүркит бийлери қоҳарлы ханға сөйлесип, сени тири алып қалды. Ҳәрқандай жақсылықты умытпаў жанға кифоя!

Бердақ еки бармағы менен шөгирмесин сәл көтерип, маңлайындағы шөгирме қысқан қызғыш сызықты сыйпалады.

Ийшан селк-селк күлди.

— Бас кийимниң қысқаны аспаның қысқаны, етигиң қысса жер қысқаны. Сонда да, шайырлық тилиң менен айт, қарақалпақ елиниң ендиги бийлери пағыз бүркитлер ғой?!

— Бурында бир дана киси шымшыққа, «түри-түсиң бүлбилге тақаббил, не ушын сайрамайсаң?» деп сорағанда, шымшық, «бүлбиллер даўысымды үйренип қойыўынан қорқаман»

деген екен. Мен сизде ҳәм бизиң бийлерде сол шымшықтың ҳақыйқатлығынан артық ҳештеңе көрмедим.

Ийшан атының саўрысына қамшы урып шайырды бурқылдаған шаң астына қалдырдыда, артына қарамастан кетти.

Бердақ асықпай, мезгилинде дус келген аўылда қонып түсленип, аўылына жетти де және бир ҳәсиретли ҳәдийсеге жолықты.

Аўыл орнында жоқ.

Қарақум ийшанның кеңеси ме, ямаса Хийўа ханының ҳәмирин зәҳәрге айландырып түйиншиклеп қайтқан сол «шымшық» бийлердиң өзлери билип ислегени ме, Әмиўдәрьяның Аралға қуйған бир саласы Қазақ дәрьяны, Ерназар гелле қылынған қорған үстине биротола жығыпты. Айнала көгалай көк теңизге айналып, аржағы Аралға ушласып, бетинде қалыққан адамлардың, ҳайўанлардың өликселерине таласқан шағалалар ушып жүрипти.

Шайыр тилин тислеп, аўыр гүрсинди.

Аҳ, түсимсиз сорлылар! Бәрибир халықтың еркин аяқ асты қылып, суўға мантықтыра алмассыз!

Халық буннан сон да талай-талай бас көтерип, ханға қарсы не деген саўашлар қурды. Бердақ шайыр оларға рух бериў ушын қанша-қанша отлы қосықлар дөретти, бирақ бәринде суў астынан бақырған кисиниң ҳаўазындай, тек гүбирлегени болмаса, түсиниксиз қалып бара бөрди.

... 1873-жыл кирди.

Ол, әўелги жыллардың ҳешқайсысына усамай, көп күн бурқасынлаған теңиздиң тымғанындай, тынышлықта басланды. Бәҳәр де солай болды. Жазда да айтарлықтай өзгерис жүз бермеп еди, елеспесиз, бирақ өмир ғалма-ғалына толы күнлердиң биринде, ел үстине жылысып киятырған узын-шубай таў секилли шоқ ләшкер көринди. Бул ләшкер ақыллы ата-бабалардың әсирлер бойы аңсап, көзлери сарғайып күткен—орыс ләшкери еди, ол Түркистан генерал-губернаторы Константин Петрович Қауфман басшылығында келди. Ҳәмме шуў етти:

— Яша, орыслар киятыр!

Халық қуўанып алдыларына дастурхан көтерип шықты.

Егинниң пискенин сезген жаў шымшықтай бийлердиң биразы. күтилмегенде үстилерине дөнип келген күш алдында албырақласып, халыққа қосылды. Биразлары орыс ләшкер басысына қол қаўсырып, бирге Хийўаға кетти. Олар енди орыс патшасының ләшкер басысы менен тил табысып, қысыўметтиң бурын көрилмеген түрин ойлап таба ма, ямаса орыс патшалығының ләшкери шыннанда жақсылық әкиятыр ма, болмаса, олар алдына шыққан бийлерге өзлеринше қылыш услатып, пухара халықтың еңсесине минип жасаўдың сумлықлы жаңа әдисин үйретип кетеме, ол жөнинде ҳешким бас қатырмады. Тек аспандағы қуяштай анық нәрсе: бул келген орыс ләшкери аз санлы қарақалпақ халқы ушын арқа сүйер уллы таў, ҳешқандай күш

жыға алмас қорған! Бийик таў! Қарақалпақ халқы енди усы таўдың панасында, мусаллатлы күшлерден қорлық көрмей, қоныстан қонысқа қуўдаланбай жасайды. Сонлықтан да, Жаңадәрьядан Әмиўдәрьяға шекемги қарақалпақ аўыллары үстинде аспанға атылған малақайлар, мисли бәҳәр қусларындай топ-төп болып уша берди, топ-топ уша берди...

Журтшылық және аты әпсана Маман бийди еследи, және Айдос баба ҳаққында да қарама-қарсы пикирлерин қайшыластырды, және Ерназар алакөз тилге алынды.

Теңел менен Қоллибектиң Орыс патшалығына кеткенинен дәмелене-дәмелене, ақыры үмитлери үзилип, «өлдиге» шығарып жүргенлер, енди жүз берген жаңалықларды сол екеўиниң атына байланыстырып гәп таратты. Биреўлери Хийўа тәрепке өтип кеткен орыс ләшкерлери арасында сол екеўин танып қалғанын айтып мақтанысты. Екиншилери оларға және қарсыласып, жигирмалаған жылдан бери аты-ҳаўазасы жоқ жигитлерди әлле қашан өлген, деген пикирлеринен қайтпады.

Жоқ, олар ҳаққында шынлық былай еди...

2.

... Теңел сол таў араларында қалдырылғанынан қалып кетти. Соннан, бул жақты дүньяда бир күн болса да жасаў, әллеқандай жақсылықтан үмитлениў нийети оны көп сандалтты. Өз елимди табыўым ушын әўеле Оренбургты табыўым керек деп, қуяшқа қарап бағытты белгиледи де, ушы-қыйырсыз таў жанбарыўларында гә арқаға, гә күн шығысқа қарай неше күнлер гезди, ҳаслан жолы өнбеди. Енди ғана ол орыс патшалығының қол астының шексиз кеңлигине көзи жетти. Буған бир жағынан, күтә күйинди. Адам жүрип жете алмайтуғын не деген шалғайлы елат! Екинши жағынан, ата-бабалар бул елатқа қосылыўды бийкар әрман етпегенине исенди. «Усыншама кеңлик те, шексиз күш те бар дә!»

Оның бир ойын екинши ойы қуўып, жанталасында қанша асығып қәдем тасласада, Кавказ таўларынан алыслай алмай, қақаман қысқа тап болды. Жанбасқа қапқан қарды неше күн омбалап, биротала ҳалдан айрылып жығылыўға келгенде, бир аўылға сүйретиле жетип, шеттеги бир жайдың әйнегин қақты.

Арық ғана жас келиншек есик ашты.

Теңел орыс тилинде кеўил алғысын билдиретуғын қанша сөз билсе бәрин айтып печьке абына жүресине отырды. Келиншек печьтиң қуўысында жатырған кемпирди шамаллап қалмасын дегендей, жән-жағын қымтастырып болып печьке асыўлы қазаннан кишкене ағаш табаққа сорпа қуйып, Теңелге усынды да, қасына еки бөлек нан қойды.

Нәр татпағалы неше күн болғанын умытқан Теңелге, сорпалы табақ емес, сан мың сырлы бул дүньяның алтын гилти инам етилгендей, жан-тәни менен бир қолы табақты тутып, екинши

қолын нанға басты да, ҳәзир ғапа биреў жулып әкететуғындай, ашкөзлик ҳәм асығыслықта жеди.

Шып-шып терге түсип, енди азғана мызғып алыўға келиншектен урықсат сорады. Ол үндемей, пештиң артына—есикке таман, айыў терисин төседи.

— Атың ким?—деди Теңел төсекке созылып атырып.—Бизде бир күп дүз ишкенге қырқ күн сәлем дейди. Сол ушын айып көрмеўинди өтинемең.

— Лукерья.

— Мың-мың рахмет, Лукерья.

Теңелдиң басы төсекке тийиўден сеспей қатып, азанда бир оянды. Қараса, Лукерья печьтиң қуўысында жатқан соқыр кемпирдиң басын сүйеп, өзи чай ишкизип отыр. Жай еле суўықлаў еди, жылдам далаға шығып отын майдалап әкелди де, печьке тықты.

Ҳалқастан кейин Теңел жолға раўана болмақшы еди. Лукерья оны аяп, ҳәзирги суўықта жол жүриўдиң қыйынлығын ескертти.

— Күн оғада суўық көринеди,—деп кемпир де тилге келди.

Теңел оларға есапсыз алғыс жаўдырып, дийўалға сүйеўли балтаны алды-да, сырттағы кишкене қора ишинде кешке декем ағаш айырды.

Кешки аўқат үстинде аз-азлап жөн-жосақ сорасты.

Қуўыста жатқан кемпир Лукерьяның қәйин енеси екен. Әбден қартайып, былтырдан бери көзден қалыпты.

Теңел ҳақыйқатлықты сәл бурыққыраң, өзин Оренбургтан келип урысқа қатнасқан солдат деп, бир аласапыран саўаштың қолдасларынан адасқан етип таныстырды.

— Мениң балам Терентий Терентьевичти көрмедиң бе, меҳман?—деди кемпир бирден жанланып.

— Көре алмадым, ана.

Кемпир дастығына басын таслап және үнсиз жатты.

Лукерья Теңелге әстен сыбырланып, Терентий Терентьевич бул кемпирдиң улы, ал өзи оның келиншеги екенлигин түсиндирип, ол Қырым ушын урыста Тифлистиң жанында түрклердиң оғынан қаза тапқаны ҳаққында хабар алғанын, оны бийшара анаға еситтирмей қойғанын айтты ҳәм гүрсинди.

— Биз, орыс ҳаяллары, жесир қалыўға үйренгенбиз.

Ол көп отырмай түргелип, печьте пақырлап атырған мыс дүмшени шығарып чай демледи. Чай үстинде кемпир және тилге келип, улы Терентий урыстан келгенше Теңелдиң үйде болып, қысқа отын таярлаўға жәрдем етиўин өтинди.

Қыс өткенше баспана таўып иркилиў нийети бар жигитке кемпирдиң өтиниши, оған қосымша, келининиң меҳирли жыллы жүзи унады.

Теңел кирип-шығып жүрип, бул үйдиң күн көрис жағдайын бақлады. Көрпе-төсеклери де қорениш; ҳәтте қыстан шыққандай азық-аўқаты да жоқ сыяқлы. Бир пайтында усы аўылда талапкер керек ететуғын бардамлы адамларының атларын сорап

алып, Лукерьяның балтасын ийнине салды да сол үйлерди излеўге кетти.

Ол жолыққан шеттеги бир үй ийеси Теңелдиң ығбалына, онша меҳирсиз ҳәм қатты қол адам болмай шықты. Теңелге кешке шекем отын майдалатып ислерин мақтады, ҳәм жақсылап тойдырып, Лукерьяның үйине апарып жағыўушын бир қолтық ағаш берди. Ертеңине де келиўин өтинди. Бул күни Лукерья ҳәм кемпири үшеўине кешке аўқат болғандай нан менен қайтарды. Теңел енди басқа жер излемеди. Үй ийеси барин оны унатып, кем-кем көбирек жумсайтуғын болды, тоғайға шана менен отынға да жиберип алды. Бир жақсы жери кеште оны қуры қол қайтармайды. Теңел оның не бергенине қайыл, не болсада қыпсалмай әкелип Лукерьяға тапсырады. Буған кемпир де ыразы.

Арадан көп өтпей үйде ҳәсиретли ўақыя жүз берди: Бийшара кемпир сол ҳалында ҳешкимге сездирмей кесел болып жатыр екен, қарлы боранлы күнлердиң биринде қазаланды. Теңел менен Лукерья оның улы-қызындай жыласып, ел дәстүрин қылып жерледи. Лукерья көп күнге шекем аза тутты. Теңел оның кеўлин бағып үйге үнсиз келип жатып, азанда үнсиз ғана кетеди.

Бәҳәр кирди. Теңел қайтарман болды. Бирақ Лукерья қыйналған түр көрсетти. Бул жағдай Теңелди және иркти.

Оны жолдан өзи қалдырғаны ушын ба, Лукерья бираз өзгерип, Теңелдиң жумысқа кетисинде де, келисинде де, тамағына, үсти-басына айрықша кеўил бөлип күтетуғын болды. Кем-кемнен олардың арасында бир-бирине жыллы сезим оянып, барин жумсаған жаққа екеўи бирге кететуғын әдетти шығарды.

Жаз кирди. Аўыл жасларының кеўилли ойын-заўығы басланды. Кеште—ойын заўықларға бирге қатнасып, түн ярымында қол усласып қайтатуғын дәрежеге жетисти... Кем-кем бети ашылып, бир-биринен жасырын сырларын ортаға салысып, тәғдийир қосыўға сертлести.

Теңел сол аўылда биротала қалып қойды.

Лукерья ҳәмледар болып көз жарды—олар ул көрди. Теңел Лукерьяға өзиниң ата-бабалары жөнинде айтып, аты әпсана Маман бий заманынан басланған Аманлық, Жақсылық, Доспан ҳәм Теңел деген атлардың мәнилерин орысшаға аўдарып түсиндирип, жаңа туўылған улына ат қойыў жөнинде мәсләҳәт сорады. Лукерья оның бул ырымына қарсы болмай, ат қойыўды оған тапсырды. Теңел бираз ойланып-ойланып Палўан деген атты таңлады ҳәм мәнисин Лукерьяға «Борец» деп түсиндирди.

— Маған да унайды,—деди Лукерья қуўанышлы.—Палўанымыз, илайым, адамлар бахыты ушын «Борец» болғай.

Еки жыл өтти. Лукерья және ҳәмледар болып қыз туўды. Оның атын қойыў Лукерьяның еркине берилип, ол Мария қойды.

— Қарақалпақша Мәрьям,—деп Теңел буған да қуўанды.

Олар енди өзлерин бул дүньядағы ең бахытлы адамлар санап, улы менен қызын жақсы тәрбиялаўдың, саў-саламат қылып өсириўдиң барлық жолларын қарастырып, тынбай жумыс ислейтуғын болды. Лукерья үйине ҳәркимниң кийимлерин әкелип жуўады. Теңел кимге отын шабысады, кимге жай сыбасады, кимге егин жыйнасады, қулласы тынбайды. Сәл саўасы болса екеўи де балаларын бөлисип арқалап, ойнатып жүргени. Орыс аўылында өскенликтен балалар ушын орыс тили жыр емес, ал әкесиниң тилин билгизиў Лукерьяға айрықша мааба көринип, ериниң тилин әўеле өзи үйрениўге кириети. Солай етип, орыс аўылындағы кишилеў бир жайға еки тил, еки әйнек киби жақты беріп, ерли-зайып балалары менен күтә татыўлықта, ҳәмдамлықта жасай берди.

Адам баласын тойындыратуғын да, қызығы түўесилмейтуғын да нәрсе жоқ. Жигит ушын дүньядағы тойымы жоқ ҳәм қызығы ада болмас нәрсе—туўылған ўатаны. Теңелдиң ара-тура ўатанын еслейтуғын базы сөзлерине ҳәм енди есейип киятырған ул-қызының басқа да аўыллар менен жаңа мәканлар көриў жөнинде пайда болған әрманлары қосылды.

— Теңел,—деди Лукерья бир күни.—Қус уясына, жигит ўатанына қайтыўы шәрт. Балаларымыз да сениң туўылған мәканыңды көргиси келеди.

Бул Теңелге қанат байлап ақыллы ҳаялын арқасына мингизип, улы менен қызын еки қолтығына қысып ушқысы келди.

Еле олардың көрпе-төсегин артқандай көлиги де жоқ еди, сол ушын және бираз ўақыт ислеп, жаллы бир ябы сатып алды ҳәм бәҳәрдиң қолайлы бир күнинде барын атқа артып, аўылы менен хошласты. Қарақалпақ елине шекемги неше мың шақырымлық жолда тынбай жүрис қылыў қыйын. Азық жетиспейди. Сол ушын бир қалаға иркилди. Теңел он бир жасар улы Палўан менен биреўге жай сыбаўшы болып кирди. Лукерья тоғыз жасар қызы менен оларға жәрдемши болды. Бир жылдан кейин және жолға түсти. Бир неше күнлер жол жүрип, және бир қалада тоқтаўға мәжбүр болды. Оннан және көшти...

Бул гезде орыс патшалығы Орта Азияға шығыўдың кишигирим дәрўазалары сыпатында хызмет етиўи ушын Арал теңизиниң шығыс жағаларына қорғаншалар салыўды қолға алып атыр еди. Олар ел шегарасына жеткен соң онша асықпай ҳәм көп жыл айра түскен елге молырақ ғәрежет пенен барыў ушын Арал бойындағы бир қорған қурылысында және ислеп қалды...

1873-жылы, Қарақалпақ жерине орыс әскери келип, ел толайым қуўанысып атырғанда, олар Арал бойындағы қурылыслардың биринде еди. Қарақалпақ елине орыслар жәрдемге келипти деген жақсылық хабар қулақларына шалыныўдан шыдап тура алмай, жаллы торы ябысына көмекши ешек сатып алды-да, және қос бузып, туўылған мәканына қарай жолға рәўана болды.

3.

Қарақалпақ елиниң орыс патшалығына қосылыў жолындағы әсирлик әрманлары иске асып, аўылларда аспанға телпек зынғытыспа болып атырған 1873-жылдың жазында, Қарақумның ортасында әри аштан, әри шөлден болдырып, өмир менен өлимниң ортасында жанталасына түсип, сарғышлаў жүзин кебиртеңниң жантағындай сақал басқан, азғын Қәллибек бир жолдасы менен жатыр еди. Көкиреклеринде тек шықпаған жаны болмаса, екеўи де кирпиклерин зорға-зорға қағып атыр. Айналасында өркеш-өркеш есе қумлардан, сийреклеў сексеўиллер менен жантақлардан басқа нәрсе жоқ. Тас төбеде қуяштың шыжғырыўы соншелли, ҳәтте жыланлар да кесирткелер де, гүм-гүмлер де тапқан саяларынан қозғалмайды. Ал булар сая излеўге де ҳәлсиз, бирипе-бири сөйлемей, сүйеги билинген арық қоллары менен өз қалталарын қайта-қайта сыйпалады. Ҳеш нәрсе илинбейди. Енди олар өлимнен басқа илаж қалмағанын сезгендей бир-бирине қол созысып, усласты.

Өмирден еледе гүдер үзиси келмей әллеким көриниўинен дәмеленди ме ямаса өлсек бийикте өлейик демекши болды ма, жолдасы өңменин сәл көтерип, мисли кесиртке болып бийик қумның басына қарай өрмелей баслады. Қәллибек те қалыспады.

Өлдим-азарда бир төбешикке шығып, теңнен ҳалдан кетти, сонда да айрылыспайық деген мәниде бир-бири менен беккем қол усласып, үнсиз ғана жатты.

Қәллибектиң жолдасының жасы алпысларда, ҳинд аспанының қуяшында күйреп өскен буйра шашы, сақалы әллеқашан ағарған, әжимленген гөне бетин шаң басқан Аман деген киси еди.

— Аман,—деди Қәллибек тарамыс-тарамыс бир алақанын ыссы қуяшқа қорған қылып жатып.—Жантақтың бүртиклеринен жесек қәйтеди?

— Шөллетеди, түнде жермиз.

Қәллибек тым-тырыс болып ишинен: «сонша өлимнен қутылдым, усы сапары неге өлер екенбиз...» деди де, узақ қыял сүрип, тап усы кәраға жеткенге шейин басынан өткен өмир жолын көз алдына келтирди...

... Буннан дөнтоғыз жылдай илгери, Қырым урысы пайытында Түркия ләшкерлериниң күшин артық көрип, жолдасы Теңелди тыңламай жаў ишине қашып өткен еңбеги еш болып, қайтама, жансыз деген жала жабылды. Таяқтан иси питип ҳалдан кетсе де, есин жоғалтпай бас ушында түрк әскербасысы басқа миллеттеги еки адам менен түркше сөйлесип, аяқ астында өлим ҳалында жатқан оның өмирин саўдаласқанын толық түсинбей, ҳеш қайсысына сөз қоса алмай, бул жаққа өтип алжасқаны ушын тилин тислеў менен жатты. Ол өзиниң түрк әскербасысы тәрепинен пуллы инглиске сатылғанын соң, Лондонға әкелингеннен кейин билди.

Неликтенде Лондонда оған бираз бостанлық берилип, бир-

неше күн қаланы аралап маўқын басқаннан кейин, бир түрк моллаға жолықтырылып, қуран ядлаўға бәнт етилди.

Араб тилиндеги узын-шубай сүрелерди ядлаў аңсат емес еди, бул оған күтә аўыр соқты, илаж қанша, бар интасын салды, саррас еки жыл оқытылды. Еплеп инглис тилинде де сөйлеў қәбийлетине еристи. Оны Түркиядан әкелген инглис бир күни алдына шақырып Лондон ҳаққында көз қарасын сорады.

Оған қаланың көркемлиги, бостанлықта бийпул моллалыққа оқытқаны да унаған еди, жүдә кеўиллилик пенен соны мойынлады.

— Азаматсаң!—деди инглис өз тилинде оның арқасынан қағып.—Биз пүткил Орта Азияны, соның ишинде сениң елиңди зулым—ҳәм кәпир орыслардың тәсиринен азат қылмақшымыз. Сол ушын сен ўатанына қәлендер молла болып қайтып, орысларға қарсы гәп таратасаң. Соның менен бирге, Инглислерге болған жақсы көзқарасыңды жасырыўдың кереги жоқ.

Тапсырма оған күтә нақолай еситилип, уллы мәмлекетлер арасында қарым-қатнаслар, дос еки аўылдың, дос еки үйдиң, ҳәтте дос еки адамның арасында алаўызлық туўылғаннан кейинги қарым-қатнасқа уқсап, бир-бирин кемситиў, муқатыў басланатуғынына биринши ирет ой жиберди. Есине Қарақум ийшан түсти: «оның ел арасында айтатуғын әңгимелериниң рәмәўзине қарағанда усындай тапсырма алғанларданбекен?...»

Қәллибектиң көбирек ойланып қалғаны инглиске унамады.

— Жақпай ма?

«Яқ» десе ҳәзир-ақ атып таслайтуғындай көринди.

— Яқшы,—деди бираз ойдан кейин.

Көп кешикпей ол жағаға әкелинип Парижге кетиўге таярланып атырған үлкен корабльге миндирилди.

Парижге жеткенше, жеткен соң да көп ойланып ақырында «ата-бабалардың рухына қарсы келип, орысларды жаманламаўым тийис»—деген жуўмаққа келди. «Елге барсам, сумлықлы, тәсилпаз инглислер мени сөйлетпей қоймас» деген ой менен елге қайтпағанды мақул таптыда, көп мың адамлы Парижда жасырынып қашып қалыў аңсат орын көринип, жолдаслары поездға билет алғанша, қаланы өзинше аралап көриўди сылтаў қылып кетти ҳәм бир шеттеги базардан гөне-көкси кийим сатып алып кийинип, өз кийимлерин және бир жаққа апарып өртеди. Бәрше көзлер оны излеўшиниң көзлери сыяқланып, қәўип-қәтерден аман болыў ушын қаланың көшелерин сыпырғышлардың бирине жәрдемшиликке өтти. Сонда да жаны төзбей, ийисшил ийттей инглислердиң биреўи билип қойыўынан қорқып, Парижден шығынып кетиўге бел байлады. Сөйтип ана жумыстан мына жумысқа өзгерип, бир күнлери теңиз жағасындағы Марсельге жетти. Бул жер оған бираз тынышырақ түйилип, жүкшилик жумысты таўып алды...

* *
*

«...Эх, ақылсыз басым,—деди Қәллибектиң гиреўгеленген көзлери қасындағы Ламанды оңша абайламай, жанталасында жатып,—Парижда-ақ поездан қалмай елиме қайтып келгенсоң, адамларды жыйнап, басымнан кешкен барлық ҳақыйқатлықты айтқанда, маған не бар? Бәри жағдайды түсинип, мени инглислерге өлтиртпес те еди... Елге жеткенсоң, ҳақыйқатлық пенен өлип кеткенде де не қылатуғын еди?..

Жооқ, жооқ, сондада жақсы болмас еди. Инглислерди орысларға жаманлаўшы қыйсаңкөт атанар едим Қашқаным жақсы болды. Адамлар арасына, аўыллар арасына, мәмлекетлер арасына от тасламай, усылайынша ҳақыйқатлық пенен пәк жан болып тыныш өлген-әм абзал. Әттең, қыйналмай өлсем еди. Елдиң төбеси көринейин деп турғанда өлгим де келмейди...

Ол өзиниң соңғы ойларынан қуўат алып, және көзлерин жумып қыялларға шумды...

* *
*

... Марсельде ол көп мандымады. Хожайыны оны корабльге жүкши ҳәм ескекши етип Жер Орта теңизи арқалы басқа қалаға, Алжирге, әкелип еди, қайтысын керек болмай, алжирли бир арабқа тапсырып кетти. Соңынан билсе, хожайыны оны алжирли арабқа сатқан екен. Енди жумысы аўырласты. Бул жерде оған унаған бир жемис—қурма болды. Қарақалпақ елинде қурманы ораза күнлери жеў саўап десип, бир қысымын табыў бахыт саналатуғын еди, ал жарлылар бир түйирин тапса бир ай сорыйтуғын еди. Қәллибектиң бахтына алжирли араб оған қурма ағашларына қарайтуғын, қурма теретуғын жумыслар тапсырды. Оразада биреўин таўып сорыў түўе, қолға услап көриў мүшкил адамға, қурмаға тойыў ҳешқандай қыйынлыққа түспеди. Сөйтседе, ели жөниндеги ойлар тыным бермес еди; Қалай болмасын елге қайтыўы керек, өзи менен қурманың тукымын әкетип, бул жерде үйрепгени бойынша егетуғын бағман болыўы тийис.

Ол өзиниң қайдан жүрип, қайдан турғанын әлле кимлерден сорап мазасын алмаўы ушын Лондонға келиўден-ақ, көп сөйлемейтуғын болған еди. Парижда қашып қалғалы не билгенин ишинде сақлап, тилсиз гүңге айналды. Солайынша, елге қайтыўдың жолларын ойлап, үндеместен, ҳәркимниң сөзлерине қулақ салып жүргенде ол және сатылды—хожайыны оны бәтбешер түсли еки жигитке ертти де жиберди. Жаңа хожайынларының тилин, миллетин айырып түсинбеседе, пендей жумбақ адамлар екенин билип алыўға қуштарланып, олардың базы бир ҳәрекетлеринен базы жағдайда иркип, әлле нәрселерди көрсетиўинен, сораўларынан, ол өзиниң тил билмеслиги менен ғана емес, барлық нәрсеге бийпарўашылығы ҳәм көп нәрсениң парқын айыра

алмаўы менен оларға қәдирли екенин уқты. Жаңа хожайынлары Жер Орта теңизи арқалы өткен инглис кораблълеринен ҳәр қыйлы қымбат затларды гә урлап, гә әлле кимлер арқалы алып, сататуғын гәззаплар еди. Түнге қараса тынбайды. Киширилеў бир қайыққа минип алып, Қәллибекке ескек естиреди де, теңиздиң ишкерирегине кетип, өтип баратырған саўда кораблълеринен зат алып қалады. Базы кораблълерден әлле кимлер буўат-буўат бир нәрселерди буларға таслайды ямаса биреўи корабльге билдирмей минип кетеди де, булар алысырақтан ере береди. Соннан көп жүрип, теңиз ортасында—толқында ойнақлаған әйтеўир-ақ тақтаның үстинде енапат жүк услап отырған жолдасын таўып мингизип, изге қайтады. Олардың қаладан шетте, күтә жаман шөпликлер менен бастырылған төлеси бар. Қайықты жағада қалдырып, туп-туўры соған келеди. Төле сырттан қараған көзге елеспесиз көрингени менен, ишки дийўалы тастан өрилген, қапылары беккем. Келиўден иштен қулп урып уйықлайды. Сәскеге таман түргелип, үнсиз аўқатланады да, Қәллибек жейтуғын нан, суў менен нәҳән бир табаққа толған қурманы қасына қойып, сыртынан қулып урып кетеди. Соннан олар гейде кеште, гейде үш-төрт күнде айналып келеди. Усылайынша Қәллибек ушын зиндандағы сыяқлы өмир еки жылдай даўам етти.

Бир жола хожайынлары аўыр жатарда албырақласыңқырап келди. Ҳәрқайсысының ийнинде әбден тозыўы жеткен ярым-ярымнан қап бар, маңлайлары тершиген. Көп отырмастан қазықларға илиўли жеңил-желпи кийимлерин жыйнастыра баслады. Сөйтип еки қаптағыны бир қапқа салып, Қәллибекке арқалатты да, ҳәрқашанғысынша жағаға қарай кетти. Қәллибек арқасындағы затлардың салмағынан бөлек-бөлек болып сыңғырлаўларынан ҳәрқыйлы ҳасыл таслар, алтын, маржанлар деп шамалады.

Олар қайыққа отырғаннан кейин Қәллибекке ескекти шылпылдатпай есиўди буйырды. Бурын бундай зат алып шықпас еди, ҳәм қайықты тикке ортаға қаратып айдататуғын еди, ҳәм аздан кейин теңиз ортасында кишкене от жылтылдайтуғын еди. Қәллибектиң күткен бағдарынан от көринбеди. Сонда да кетип баратыр. Оның шаршағаның билсе, биреўи ескекке отыратуғын әдети бар еди, бул сапары өйтпеди. Қәллибекти шаршаған үстине шаршатқысы келгендей, ескекти еле тез, жүдәма тез есиўине буйырады. Соған қарап Қәллибек олардың кимнен болса да сезикленип, әлле қайда қашып баратырғанын, бир жерде оны теңизге таслап кетиў нийетлери де жоқ емеслигин аңлатады. Теңизге ишкерилеп, жағада жанған шыралар да көринбей, әтирап көзге түртсе көргисиз болып қараңғыланған пайытта қараў ушын ба, ортада отырған биреўи тикейип еди, суў бетинде, оның қойынынан қанжар шығарғанын көйлеңкесинен абайлады. Қәллибек жылдамлық пенен өзин күтилмеген шайқасқа таярлады. Бунысын сездиргиси келмей, оң қолын шаршап

талғанға усатып, ескекти қәлеген пайытта суўырыўға қолайлап, шеп қолы менен есип бараберди.

Артта руль басқарып отырған екиншиси, енди ўақыт жетти деген пәм менен, жолдасы екеўиниң әўелден келискени бойынша «ҳа» дегени сол, ортадағы қанжарлысы Қәллибекке умтылды, Қәллибек, жалма-жан оң жақ ескегин қосқоллап көтерип, оны қағып жиберип, теңизге қулатты. Енди рульдегиси қәҳәрленип тикейди. Қәллибек қолындағы ескегин олай-булай серменип оның үстине өзи дөнип барды. Сөйтип жүргенде теңизге жығылған екиншиси қайта жүзип келип, кеменің азнасына асыла бергени, Қәллибек оның қолының үстине секирип минип қалды. Толқында қылпылдап турған қайық төңкерилип кетти.

Руль қолынан шыққан екиншиси шалқасына суўға гүмбир етти. Қәллибекке қолындағы ескеги таяныш болды ма, төңкерилген қайықтың үстине жығылды. Қайық аўдарылды, бирақ батпады. Әўелги жығылғаны қайықтан жылысып түскен аўыр затларды услайман деп арпалысып жүрип, солар менен батып кетсе керек, қайтып дыбысы шықпады, ал соңғысы суў үстинде еркин жүзип келип, Қәллибекке әлле нәрселерди айтып, қайыққа жармаса баслап еди. Қәллибек қолындағы ескек пенен оның шүй төбесине қойып салды. Ескек пашақ-пашақ болып жаңқаланып бөлинип кетти.

Қәллибек басына өлим қәўпин дөндирген душпанларынан қутылсада, еледе өлим қәўпинде қалды. Төңкерилген қайықты белгили бир тәрепке бурғандай қолында ҳийлеси жоқ, ал қайтадан дүзеўге, иши суўға толы қайық батып кетеди. Жан қорғаўында еки жолдасын суўға жырып, қайтып шықпастай қылғанына қуўансада, аздан кейин есин жыйып, ушы-қыйырсыз суў ортасында жападан жалғыз қалғаны ушын көзлерине жас қуйылды. Ең болмаса, биреўи тири қалмадымекен деген дәме менен инглисшелеп, французшалап, арапшалап шақырды.

Сес-семир жоқ. Кем-кем күшейип қутырынған толқын ойнақлатқан төңкериўли қайықты қушақлай асылыўы менен әлле-қаяқларға ырып баратыр, ырып баратыр. Аспанды булт басып жулдызлар бойынша бағытларды шамалаў мүмкиншилигинен де айрылды.

Таң атты. Көз жетерде я атаў, я жағыс көринбейди. Әўелги келген жағысының қай тәрепте екенин де умытты. Көзи илинсе, қайықтан жылысып кетиў қәўпи бар. Сол ушын уйықламайды. Оның үстине, әри аслық, әри шөл қыстады. Үш ирет күн шығып, батып, өмирден биротала гүдер үзип, енди ҳәлсизликтен теңизге жумалап түсиўге келгенде, жақыплап өтип баратырған үлкен саўда кораблин көрди де, бар күшик жумсап қәддин тиклеп қол былғады. Корабль қайрылып, адамлары оны көтерип алды.

Корабльдегилер Қәллибектиң сөйлемеўине қарамастан, меҳирлилик пенен азлап аўқатландырды, суў берди. Сәл диңкесине енген соң, биреў, оған корабльдиң ишин жуўыўды тапсырды. Бул жумыс оған бағышланған қосымша өмир болып түйилди

де, мүлтиксиз ислей берди. Қәллибек олардың сөйлесиклери бойынша басым көпшилиги инглислер екенин билди де, ҳәтте уйықлап отырып түсинде инглисше гүбирленип қоймаўға тырысты. Биринши жағынан, инглислердиң қолына қайта түсиўден қорықса, екиншиден, бул аўҳалға қалай түскени жөниндеги шынлықты айтқызбай қоймайтуғынын, сөйтип «сен адам өлтирген гәззапсаң» деп теңизге қайта таслап кетиўинен қорықты. Корабльде орыслар да барлығын байқап, соларға ерип шығыўды мақсет етип жүреберди.

Бул Александрияға баратырған саўда корабли еди, бир неше күннен кейин жағаға шықты. Ол ҳештеңеге қарамай, орыс адамларының қайда баратырғанын сыртынан бақлап еди, олар жағысқа шыға сала, бир топар араб байлары менен сөйлесип, әлле қаяқларға кетти. Ийттей ере бермеге тартынып қалып қойды. Оның ҳеш қайда кете алмай албырап турғанын абайлаған бир инглис қасына келип, өз тилинде, «сен кимсең, қаяқлысаң» деп сорады. Қәллибек түсинсе де түсинбегенсип, еки алақанын жайды ҳәм қолларын қыймылдатып аспаннан басқа панасы, жерден басқа тиреги жоқлығын аңлатты.

Инглис оны ым менен изине ертип әкетти де, бир жерде жыйналып отырған бир топар адамға қосты. Қәллибекте бир есабын таўып қашыў ойы бар еди, бирақ олардың өз-ара әңгимелеринен жер астынан байлық кәнин излеўши илимпазға тап болғанын, мынаў жыйналғанлар оның жалланба хызметкерлери екенин билип, ендиги жағында буны да көрейип деген ой менен қалды. Бирақ олар арасында да ҳеш қашан сөйлемей, гүң атын кешириўге бел байлады.

Таза жумыс оған, шыннан да, әри қызық, әри үйрениўи тийис болды. Далалықларда, қумлықларда, теңиз бойларында ҳәрқыйлы изертлеў жүргизилди. Бир кең далаңлықта жер астынан май (нефть) кәни табылғанына ҳайран қалып, «усындай кән бизден табылармекен?» деген ой менен, өзинше үйренип, сол кәнде төрт жылдан аслам ўақыт иследи. Бир жола нефть кәни үстинде әлле қандай даў көтерилип, ислеўшилердиң бәри қамаққа алынды. Оның гүнлиги пайда берип, бир ҳәптеге бармай-ақ қамақтан шығарылып, әллекимге тапсырылды. Соңғысы жер асты байлығын емес, ҳәр қыйлы өсимликлерди тексеретуғын илимпаз болып шықты. Ол Қәллибектиң арқасына енапат жүк арқалатып, және онлаған жолдасы менен дәрья арқалы айлап кемели жүзип, оның жағаларындағы ҳәр қыйлы өсимликлерди көрип тексериў менен, Шығыс Суданға келип тоқтады.

Нил дәрьясының бойларында қыздай сулыў ҳәрқыйлы өсимликлер өседи екен, Қәллибек сөйлемесе де, искерлиги ҳәм ҳәриске зейинлилиги менен илимпазға жақты. Сол себепли илимпаз оны шөплердиң ҳәрқыйлы түрлерин таўып әкелип беретуғын зейинли, илимге уқыбы бар хызметкер сыпатында пайдаланды, тексериўлерде қасында отырғызады. Бир жола олардың

әңгимесинен, усы әтирапта орыс изертлеўшилери де жүрипти деген хабар еситип, кеўли элле қандай әндийшелерге толды. Хожайынларына билдирмей ҳәрқыйлы өсимлик тухымларын, олардың сырын ашып көрсететуғын шүлликшелерди жасырып базы өсимликлерден тухым алып қалталарына, ишки кийимлериниң тигислери арасына пустырмалайтуғын әдет шығарды. Сөйтип бир күни ғужырланып сол орысларды излеў ушын тәўекелге қашты. Сум тәғдийир және оны қысқысына алып узын-шубай тоғай арасында адасты. Қайтып өз жолдасларын да табалмай және бас-аяқсыз тентенеликке түсти. Бийтаныс жерлердиң ойлы-бәлентин, тоғайының сырын биле алмай, я елат табалмай, тек ағаш мийўелерин напақа қылыў менен бираз жасады.

Бирақ ол тыным таппады. Қуяшты бақлап жүрип-жүрип шөлистанлықларды өтти. Ақыры ғайры елатларға гезлести. Сүрдеўлер менен барып дәрьяға тап болды да, шөлден қорқып қалғанлықтан енди дәрьяны өрге қарай жағалады. Көп қыйыншылықлардан соң мың ярымдай халқы бар бир қалаға келди. Бул Суэц қаласы еди. Қалада жасаў оған онша қыйынға соқпады. Себеби азып-тозып шаршасада, ден саў, ҳәр қашанда да жырымсыз мийнеткеш. Суэц дәрьясы жылдан-жылға сайызланып, қаладан қашып баратырғаны ушын халықтың әпшаны қуўырыла баслағанын көрди де, бир корабльге жасырынып минип басқа елатқа, шығысыраққа, кетиўге нийетленди. Сөйтип, бул әтирапқа келетуғын орысларды аңлыды. Базда ҳақыйқат орыс адамларына көзи түседи, оларға ерейин десе, бәри ғалма-ғаллы, ҳәр қайсысы өз ислери менен бәнт болып жүргени. Қыялында және ҳәрқыйлы жобалар сызып, көрген, өткен жолларын көз алдына келтиреди. Суэц дәрьясынан өткен саўда корабльлериндеги адамлардың әңгимелерине қулақ салып, енди орыс адамына гез келсе, тартынбастан хабарласыў нийетинде жүргенде, кешқурын жатақ жайына киятырып, жүзи ысық бир дәрўишке тап болды. Түри-түсинен Түркстанның қуяшы астында өскен адамба деген пәм менен, тәўекел қарақалпақшалап сәлем берди. Дәрўиш селк етип, таңланыў менен сәлемин қабыл етип, кимлигин сорады. Қәллибек қарақалпақлығын айтты да, қандай тәғдийир бул жаққа айдап әкелгени жөнинде тис жармады. Дәрўиш қуўанғанынан жылап жибере жазлап, өзиниң бухаралы бай екенин, төрт жыллықта Меккени зыяратлаўға шығып, Мәдинаға жақынлағанда таланғанын, әйтеўир бир қудирет пенен тек жаны саўға болып қалғанын айтты.

Ол дәрўишти өзиниң ийтханадай жатақханасына әкелип қурма менен шайға тойындырып, қайтып елге баратуғын жолды билетуғын-билмейтуғыны менен қызықсынды.

— Оннан не пайда?—деди ийини түскен дәрўиш.

— Елге жетип, өз топырағымыз буйырса ғой жақсы, лекин,

өз елинди Мекке тутып, жолында өлиў-әм бейиший ис деген рәўият бар.

Бухаралыға Қәллибектиң пикири унаса да, жолдың алыслығын, Меккеге көп ғәрежет пенен кетип, елине, аўылласларына дийўана болып барса, душпанларына күлки болатуғынын, сол ушын бул дүньяны тәрк етип, дәрўишлик жолына түскенин айтып сарсылды.

Қәллибек байларды, бардамлыларды ақыллы болғаны ушын бай ҳәм бардамлы деп ойлайтуғын еди. Байлықтан жарлылыққа түскен адамның дүньядан ўаз кешиў нийетин ҳәм туңилиўлерин, келешекке исенимди жоғалтыўларын көрип ҳайран қалып тәселле берди:

— Билиўимше, дәрўиш, елиңизде сонша душпанларыңыз бар. Олар сизиң суўға батқандай жоғалып кеткениңиз ушын-әм қуўанып, той берип атырған шығар. Адамның тирилиги де душпанына өлим, тири барсаңыз, душпаныңызды бәрқулла қалтыратып қоясыз-ғой.

— Япырмай-ә,—деди бухаралы өсик шашлы басын қытырқытыр қасып,—Елге Меккени көрдим деп алдап барсам-әм болар еди-аў.

— Ол жағы өзиңиздиң исиңиз.

Көп ойласықтан кейин екеўи тәўекел елге қайтыўға, бир адым да болса күншығысқа қарай жүрип өлгенине де қайыл болыўға келисти.

— Жол дым аўыр-аў!—деди бухаралы.—Шөлистанлық, тоғайлықлар, ушы-қыйырсыз далалықлар көп.

— Егер Индияға жетсек?

— Индияға бизиң елден саўдагерлер көп келеди.

— Олай болса, усы Суэц арқалы Индияға саўда кораблълери өтеди. Биреўине минемиз. Жыйған-тергенлериңнен аўысқандайы бар ма?

— Бул жақта дәрўиш көп болады екен.

Қәллибекке оның қыялы түсиникли болып, ертенине дәрўишлик липасын шештирип, жағысқа ертип апарып жүкшиликке өткерди. Екеўи аянбай және үш жыл ислегеннен кейин, Бомбейге баратуғын саўда кораблълериниң бирине, ҳәм пул төлеп, ҳәм Бомбейге дейин корабль ийесине исле десе булжытпай ислеўге келисим менен минди.

Бомбейге жеткен соң, қалған жағы да аңсат болмады. Енди екеўи де дәрўишлик ҳасаларын алып, дийўана болып жолға түсти.

Және талай далалықлар, тоғайлықлар үстинен өтип, гә ашлық ты, гә шөлди бастан кеширип, гейпара тоғайларда ағашлардың жемислерин ҳәм аўқат орнына жеп, ҳәм суў орнына ишип, көзи қызыққан гейпара жемислердиң тухымларынан мойнына асынған дорбаларына салып көп-көп жоллар асты.

Бир қалаға жақын аўылдың сыртындағы ҳәмме мусылман зияратлайтуғын әўлийешиликке жетип, зияратшылар әкелетуғын

садақалардан жеп бес алты күн күнелтип дем алыў ушын қайрылды. Бул жерде майыплар, соқырлар, есаўмалар, қартайған ғаррылар, кемпирлер көп екен. Олардың арасында урыберги болмаў ушын екеўи де жүдә жампаңласып ақсап, ҳәр қайсысы бир қолын лаң усатып барды.

Бир ҳәпте жатып дем алғаннан кейин бухаралы Қәллибектиң қулағына сыбырлап, тап усы қәбир ҳешқандай кәраматлы қәбир емеслигин, гүмбезинде алтын жасырылған орын бар деп шамалайтуғынын айтты. Қәллибек қуўанып кетти:

— Қалайынша?

— Мысырда базы байлар алтынларын белгили бир қәбирге жасырып, оған ҳеш гүман туўдырмаў ушын кәраматлы қәбир деп дағазалайдымыш.

— Онда көрейик. Ығбалымыз жүрип алтын тапсақ, елге қандай салтанат пенен барамыз.

Бул ой екеўин де қуўантып, жанлары тынышлық таппай, қәбирге келиўши зыяратшылардың изи үзилиўин күтти.

Қәбирге тек дүйшембиде ҳешким келмейтуғын еди. Сол күнди күтип, ымырт жабылғанда екеўи теңнен қәбирге келип бийик гүмбезин айналды. Бир адамның басы сыйғандай тесик таўып, ҳақыйқаттанда алтын барлығына исенисти.

Енди ким алды менен кирсе, сол мыйлығынан бататуғындай, бир-биринен жол қызғаныўға қарады.

— Алтын деген бөлисиўи қыйын зат,—деди бухаралы сыбырланып.—Сол ушын услаған услағандики болсын.

— Мәйли. Қәне қайсымыз биринши киремиз? Я шек салысайық па?

Бухаралы төмен еңкейип, жерден бир саңырыўыс майда тас алды:

— Айт, жуп па, тақ па? Тапсаң сен баслайсаң, таппасаң мен.

— Жуп.

Қәллибек оның тас жасырып қалыўына имканият бермей, билегин қатты қысып етегине салдырды. Таласа санасты.

Жуп шықты. Бухаралы ойланып турмай:

— Енди сен жасыр,—деди.

Қәллибек те жерден бир саңырыўыс майда тас алды.

— Жуп,—деди Бухаралы.

Және әўелгисинше билеклерин қысысып таласа санасты, және Қәллибек утты.

— Мейли, кир.

Қәллибек урман-пурман өзин тесикке урды, оның изин ала бухаралы да басып суғып киятыр еди, бирден «ўай»—деп қалды.

Қәбирди удайы бағатуғын шыйықшысы бар еди. Олар кирген пайыт шыйықшының қуптан оқыўға отырған пайыты еди, намазжайын жыйнап үлгериўден әлле қандай гүбирли еситип, жуўырып келе сала, қәбирге кирип баратырған бухаралының аяқларын көрип, тутып, күш пенен кейин тартып алды. Иште

қуў сүйеклерди қамтылай баслаған Қәллибектиң басына өлим қәўпи дөнип, тесиктен сығаланып еди, шыйықшы бухаралының әйле-пәйлесине қаратпай, еңсесинен түйип әкетип баратыр екен. Қәллибек алтын деген ой менен бир қамтым сүйекти қойнына тықтыда, қәбирден асыға шықты. Бирақ, ҳәзир дүсирлеп қашыўдың қәўипли екенин түсинип, былайырақтан бир ойық гөр таўып кирди де жатты. Соның арасында шыйықшының даўрығы менен көп адам пайда болып, кәраматлы гүмбезди қоршады. Түни менен, ертеңине күни менен олар кетпеди, бирақ ҳешким ишке кириўге батына алмады. Қәллибек енди ғана гүмбездиң шыннан да кәраматлы екенин түсинип, қойнындағы сүйеклерди жақтыға тутып, алтын емеслигин билип, сол кәраға таслады да, келеси түнде гөринен бас көтерип, бәршенин дыққаты кәраматлы гүмбезге қадалғанынан пайдаланып қашты.

Кәраматлы гүмбезден тутылмағаны ушын гүнакар болмайтуғынына көзи жетип, үш күнге дейин айналасындағы аўылда дийўанашылық қылып, жолдасын азат етилер деген дәме менен күтип еди. Керисинше, оның кәраматлы гүмбезге кириўге нийетленгени аздай, ишинде жолдасым қалды, дегени, оған инанған шыйықшы дәрет алып сол тесиктен тәўекел ишке киргенинде ҳешким табылмай, «шыйықшыларды алдағаны» қосылып, өтирикши деген сылтаў менен дарға асылғанын еситип, және өз жолына түсти.

Ол Ҳиндстан аўылларын аралап жүрип, әлле қандай Тәжи-Махал естелиги жөнинде еситип еди, талай-талай қалаларды, аўылларды, алтын гүмбезли көп жайларды, естеликлерди өз көзи менен көриўине қарамастан, енди Тәжи-Махалды көрмесе, елине ҳеш жаңалық айта алмайтуғындай сезилип, соны излеп кетти.

Тәжи-Махалдың мусылманлар таўап ететуғын гүмбезли әўлийешиликлерден өзгешелиги, оған дүньяның барлық мушынан мусылман да, ғайры диндегилер де келеди екен. Қәллибек көпшиликтиң ара-арасында түркстанлыларды да, қытайлыларды да, инглислерди де, орысларды да көрди. Ҳешқайсысы менен жолығыспады. Усынша көп ҳасыл тастың бир адамның ҳүрмети ушын қуйылғанына ҳайраны шығып, өз тилинде гүбирленди:

— Жалғыз өли ушын қанша тирилердиң маңлай тери, табан ети, мәрмәр болып қатып жатыр.

Ол әстен шегинип, әдеўир жерге барғанда, изинен қалмай, көлеңкесиндей ерип киятырған биреўди сезип, қуўрайдай жиң ишке мойнын бурды. Ағарған шашы буйра, қопа сақаллы, көзлерине мәңгилик ҳәсирет мөри басылған бир дийўананы көрип «мен де өзиндей дийўанаман, аўысық затым жоқ» деген ишарат билдирип, бос алақанын көрсетти.

— Сиз қарақалпақ емессиз бе?—деди ҳинд дийўанасы.

Қәллибекти ҳәм қуўаныш, ҳәм қорқыныш қурсаўға алып, албырақлады:

— Дүньяда ондай халық бар ма?

— Бар. Түркстанда. Бирақ мен көрген емеспен.

— Өзің кимсең?

— Атамның әкеме, әкемнің маған айтыўы бойынша қарақалпақпан. Анам ҳинд.

Қәллибек ҳайран қалып, оның менен қатарласып, мойнына асынған дорбашасынан жарты нан шығарып берди.

— Жоқ,—деп дийўана қарақалпақша айтса да, қалған жағында ҳиндше сөйледи.—Мен сеннен нан алыў ушын айтып атырғаным жоқ. Ҳақыйқатлық. Меңиң арғы атам Бөрибай деген киси орыс сәўдегерине дилмаш болып усы жаққа келип, жол урыларына таланады. Өзи Маман батыр деген ханының айтыўы менен орыс патшасынан илим-ҳикмет үйрениўге жиберилген адам екен. Тәғдир себеп болып, усы Ҳиндстанда қалып қойған. Қартайған гезинде бир жетим қызға үйленип, Маман атлы уллы болған. Маман мениң әкем. Ол шаққан бала болып, бардамлылаў ҳинд қызына үйленеди. Оннан мен туўылғанман, меннен соң және уллы болған. Мениң атым Аман, инимниң аты Саман еди. Әкем өз әкесинен үйренген қарақалпақша сөзлерди бизлерге үйрететуғын еди, иним бир аўыз үйренген жоқ, мен шалалаў үйрендим. Сол ушын сениң қарақалпақша гүбирлениўиңе түсиниң, қарақалпақпа деп шамаладым.

Аманның ақ муртлары астынан зорға көринген түриклеў қалың ерни кемсеңлеп, күнге күйреген, дүңкилеў жазық маңлайы астындағы үлкен қос жанарының нурсызлаў ағында ләм пайда болған секилленеди. Қәллибек оның шынын айтып турғанына исенсе де, неге жылайжақлығына түсинбеди, қытығына тийиңкирегенди мақул тапты да, ҳиндше сорады:

— Ата мәканға қайтыў ойыңызға кирмедиме?

— Мен жигирма жасқа толғанда әкем: «балам, қалай болмасын ата топырағымызды табайық» деди. Сөйтип жол ғәрежет топлаўдың әнжамын жедик. Олай-булай ел гезген дәрўишлерден, саўдагерлерден сорап, «Герат жүдә тоқ қала, өзи Ҳиндстан менен Афганстанның дәрўазасы, жери ҳасылдар, сол ушын күн көрис те, дүнья табыў да аңсат» деп еситип, Гератқа көштик. Бизиң бахтымызға Герат Персия мен Афганстанның, бөлисе алмай жүрген бир алмасы екен. Неде болса қайтып кетпедик. Инглислер келди. Олар қайтама бир алманы бөлисе алмай жүрген еки елдиң жәнжелине және май қуйып, урыс отын жүдәма лаўлатты. Әкемниң ондай ғалма-ғал менен иси болмай, тезирек дүньялы болыў мақсетинде бир инглис әскербасының жасырын тапсырмаларын орынлайтуғын жансыз хызметкерине айналды. Мен де әкеме жәрдемлесип жүрдим. Апам менен иним үйде қалатуғын еди. Бир күни кеште гезектеги тапсырмаларды питкерип Кашмирден келсем, үйде әкем, анам сойылып өлип атыр. Заргириян болып жыладым. Есимди жыйсам, инимнен дәрек жоқ. Бул инглислерден я жергиликли халықлардың қолы екенин ҳешкимнен сорап биле алмай, атажуртты түўе бул дүньяны тәрк

етким келди. Сөйтип ылағып кеттим. Қыялым инимди таўып алыў еди. Ҳәзир жасым алпысқа шамаласты, инимди еле излеймен, адамлар көп жыйналған жер болса араларында жүргендей, бирақ еле таппайман. Усы Тәжи-Махалға талай-талай келип кеттим. Ақыйры мине, саған жолығып, әкемнен үйренген менен умытылыўға қараған сөзлерди еситтим.

— Олай болса бирге кетемиз.

— Қайда?

— Мен елге қайтып баратырман.

Аман Қәллибекти жолаўшылардан бир шетирек шығарып, тақырға отырды да, мойнына асынған дорбашасынан бир қысым қурма шығарып берди:

— Әўеле тойып алайық.

Қәллибек оннан қарыздар болмай жартыдан-жартыдан еки бөлек нан, еки апельсин шығарды.

— Өзиң сөйле,—деди Аман қурма менен нанды қосып жеп отырып.

Қәллибектиң сарғыш жүзиниң гә қаны қашып, гә қан жуўырып:

— Саўатың бар ма?—деди.

— Әкем, «ата-бабаңның бастан өткенин дәстан қылып жазарсаң», деп ҳинд мектебине берип еди, азын-аўлақ оқыйман, жазаман.

— Олай болса, жүдә жақсы. Екеўмиз биргелесип халқымыз ушын көп нәрселер ислеймиз. Не ислесекте өз ўатанымызға барып ислеймиз.

— Ғаррылық етип шаршасам жолда таслап кетпейсең бе?

— Өзим өлмей, саған бәле жуқтырсам, атамның төли болмайын.

— Онда, иним, шалғайыңа асылғаным асылған.

Олар тойынып, қублаға қарай қол жайысып, туўылған ўатанға аман-есен жеткериўди қудайталадан қайта-қайта тилеп пәтия етисти де, Түркстанға апаратуғын, «жипек жол» деп аталған жолға түсти.

Соннан олар қол усласып, қанша-қанша қыйын узақ жолларды асты...

Қарақумның ортасына жеткенде жол азықлары түўе, елге барсақ егемиз деп алып шыққан ҳәр қыйлы тухымларын да жеп түўесип, әри аштан, әри шөлден, мынаў жатысы.

* *
*

Қәллибек үнсизликте усылардың бәрин көз алдына елестетип, неше ирет өлимге бетпе-бет келип, барлығына да тутпырмай кеткенин еслеп, елге араласыўға аз қалғанда қалайын-

ша өлип кететуғынына исенбей, көз астынан қапталындағы жолдасы Аманға нәзер таслады.

Аман ыссы қумға баўырын басып үнсиз жатсада, еки көзи алыс-алысларға телмирип атыр еди, бир гезде қуўанышлы түрде өңменин көтерип, сүйеги билинген арық саўсақларын күншығысқа шошайтты.

— Қыбырлайды...

Қәллибек оның қол ушы тәрепке узақ қарап, қуўаныш пенен жанбасына урды:

— Яша, атлылар!

Көринген атлылар кәрўан жолды жағалап жүрип, саўдагерлерди талайтуғын нағыз геллекесер жол урылары еди. Бул әтиятсызлықтың сырын билгенликтен қоржынларының бир жағына кепкен нан салса, екинши жағына суў толы мес салып жүреди. Мылтықлары менен басқа жарақлары ерлериниң басына илдирилген болады, қәўип туўса, қолларына алады. Олардың биреўи буларды көрди де, мылтығын алып, атыўға қолайлай сала даўыслады.

— Ҳәй, жанлар, төменге түсиңлер!

Қәллибек пенен Аман ҳеш тәне ойламай, гүманланбай қуўанышлы қол услаған ҳалында төмен қарай сыпқанады.

Олар менен бирге төбешиктен енапат қум ысырылды. Төмендегилер қумның астында қалмаў ушын арманырақ қашты. Аман менен Қәллибек жанбаўырға өскен үлкен сексеўилдиң ығына қарай аўнап, қумның көмиўинен аман қалды.

Саўылдаған қум тоқтаған гезде атлылар жақынлады.

— Өлилер,—деди бири.—Қара қумда сизлердей болып өлгенлердиң талайын көргенбиз. Шамасы суў, нан сорамақшысыз?

Нан ҳәм суў ҳаққында еситкенде еки мөминниң көзлеринде өмир ушқынлады. Олар истиң болажағын тезлетпегенине Қәллибек қәҳәрлене қарап, инглисше мылтықларын көрди де, инглислердиң бул жаққа қалай араласып қалғанына ҳайран қалғанын туйдырмай, үн қатты:

— Адамлар, жәрдем етиңлер.

— Бизлерде де нан-суў қәҳәт,—деди алдыңғы атлы. — Сол ушын биреўиңизге боларлық ғана нан, суў аўыстырамыз, оны да әдиллик ушын мынадай шәрт пенен беремиз. Анаў сексеўилге шейин жарысып жуўырысыңлар, қәлең жер баўырланлар. Ким сексеўилге биринши қол тийгизип, усы орныңызға озып келсе, сол суў ишеди, нан жейди.

Екеўи оның ийек нусқаған жағына телмиристи. Көз ушында таўдай түнерген сексеўил булдырады.

— Қорықпаңлар, сексеўилге дейин аралық қырық қәдемнен аспайды. Тезлетпесеңизлер кетип қаламыз.

Олардың ойланыўына, ойласыўына пурсат қалмады. Сәлгидириссе кетип қалыўы да даўсыз: бундай атлыларды ҳешқандай жақсы сөз ирке алмайды. Сол ушын екеўи асығыслық пенен өңменлерин көтерип еди, алға бир адым таслап, теңнен еңтериле

жығылды. Енди қумды баўырлап жылысып кетиўге мәжбүр болды. Атлылар олардың жолға таласа кесирткедей жылысыўларын тамаша қылып күлисип тур. Биреўи бақыра сөйледи.

— Ҳәй, тосаңламай тез жылысыңлар. Усыннан жеңгениңиз суў ишип, нан жеп, анаў бийик төбеге қайта шығып қараңлар. Күн шығыс арқада бир түп тораңғыл көринеди. Соның қапталында, көшпели қум басыңқыраған гөне сүрдеў жол бар, соған түсип үш күн жүрсеңиз елатқа жетесиз.

Қәллибекте күш сәл басымлаў еди, бармақлары менен қумды түреп Аманның алдына түсти. Аман оны көп оздырмаўға тырысып, аяқларына жармасты. Қәллибек оны теўип жибериўге аяды ма, үнсизлик пенен қумды пәнжелеп алға қарай тырмасып бақты.

Аман үндеместен оның аяқларынан азмаз дәрман алып жылыса берди.

Атлылардың, мисли еки шөл жыланның урысын заўық пенен тыңлаған киби, өзлеринше мырс-мырс күлискенлерин еситпей, Қәллибек бар күшин салып, мәрре сексеўилге қол тийгизип артына айлана бергени сол, изиндеги Аман сексеўилге жетпей-ақ, оннан бурын артына айланып алға өтиўине жол бермейди. Қәллибек өзса, суў, нанды тең бөлисежақ, ал Аман?... Қәўипленип аяқларын тутты. Ол услатпаў ушын аяқларын сәдделеп жиберип еди, Қәллибектиң көзлерине қум түсти. Бул оны әбден ызаландырсада, шыдады, сөйтип көзлерин сыпыраман дегенше Аман еки адымдай озып кетти. Енди Қәллибек барлық күшин жыйнап тикейип, пәт пенен оның алдына түсиў ушын алға бой таслап еди. Дәл Аманның үстине жығылды. Ҳәлсиз Аман оны көтере алмай, үстине таўдың тасы қулап түскен арық аттай аяқлары селтеңлеп, деми қысылып, еки ийиннен дем алып атыр. Қәллибек оның халын түсинип, үстинен жылысып түсейин десе, шамасы келмеди. Аўнап түсиўге шалқасына жығылыўдан қорқады. Шалқасына түссе, қайтып дүстөменине оңғарылыўы мүшкил, егер ашыўлы Аман көкирек аўзына минип қалса, пүткиллей тамам. Соңлықтан бираз ўақытқа шейин ийзеленип, зорға дегенде Аманның үстинен жылысып түсти де, талпына-талпына оны ийзелеп, қумға батырыңқыраған нан хабары болмай, жан таласында алға жылысты.

Барлық жағдайды бақлап, жарыс не менен тамам болғанын көрген атлылар сертин бузбай, алақандай еки шөрек пенен жудырықтай меске суў қуйып таслап кеткен еди. Қәллибек оған әлдим-азарда жетип, әўеле мести қос қоллап услап, бүрмели аўзына еринлерин басып, еки ирет қылқ-қылқ жутты да, қалғанын байлап, шөреклердиң биреўин тең бөлип жартысынан бир тиследи де артына қарады. Аман жигирма қәдемдей изде бағанағы орынан қозғалмай аўзы қумға басылып жатыр. Суў ишкеннен соң, диңкесине енген Қәллибек нанларын қойнына тыға сала местеги суўды жүдә абайлап, қос қоллап, услаўы менен, Аманның қасына келип, басын көтерип еди, оның аўзымурнынан, кирпиклериниң арасынан ысылдаған шеге төгилди. Қалай болма-

сын өзине келтирейин деп, аўзына суў тамызыў ушын мойнын буражақ еди, күши жетпеди, сиресип қалыпты. Жаңа ғана оның үстинен түсеалмай талпына-талпына оны ийзелеп, қумға батырыңқырап кеткенин енди ғана түсинип, «Аман аға, Аман аға», деди де, бирден өкирип жылады. Көзлеринен жас шықпайды, жылағанын еситетуғын бенде жоқ, сонда да жылады, көп нәрсени еслеп бетине алақанын жаўып жылады.

Солығын басып өзине келген соң, қойнынан жылысып қумға түскен бир ярым шөрегин, бир қапталында төгиле жазлап аўзы қыйсайып жатқан жудырықтай местеги суўын көрип әлле қандай жаўыз келе сала зорлық етип әкететуғындай, жыйнап, қойнына қайта жасырды. Аманның өне бойына астын қолы менен тырнап-тырнап шуқанақ қылып пәслеў түсирди де, үстине қум себелеп толық жасырды. Бир пайытында излеп келсем, умытпайын деген ой менен қапталындағы сексеўилдиң бүршикли шақасын сындырып, басына шанышты да, оның ҳаққына бир мәртебе дуўа оқып тикейди. Бағана атлылар силтеген тәрепке бет бурып, қалған жарты шөрегининң шетинен тислеп, бур уртлап суў жутып, еки көзи алдында болып баратыр еди, қум етегинде әлленәрселерге сүрнигип жыйылды. Қойнындағы шөреги түсип дөңгелеңип кетти, суўы төгилди. Ашыў менен аяқ астына қараса, сүрниккени, әллеқашан қуўрап қалған адам геллеси екен. Ғыжырданы қайнап, ашыў менен геллени қатты бир тепти. Қуў гелле сынбай, қайтама жаңғақлары табанына кирип қанатты. Ол маңлайын ашыўлы жыйырып шөккесине отырды.

4.

Халық теңиз киби, бир толқынласа, самал тынғансонда биразға дейин шайпатылысы басылмай, толқынлана береди. Орыс ләшкери келгели қуўанышлар басылмай, халық еле толқынланып, ҳәрқыйлы гәплер тарады.

— Орыс ләшкер басысы Хийўа дәрўазасына топ жарып ханды қорқытып, Әмиўдәрьяның арқасын орыс патшалығына қосып алыпты.

Дилўар шешеңи, «қарақалпақлардың, бурынғы ата-бабаларынан баслап орыс патшасына қосылыў әрманы бар еди, сол себептен олар бизге нан-дуз алып шықты» депти...

Орыслар жөнинде нендей жаңалық тараса, адамлар бәринде шынлық излери барлығына исенди.

Әмиўдәрьяның қубласына көшип кеткен қарақалпақлар енди арқасын күсеп, аўыллар арасында олай-булай көшип қоныўлар басланды.

Бул жағдайлар қарар көзге әдеттегише уйреншикли болып, бәршени таңландырыўдан қалған күнлерде, Қазақдәрьяны жағалай қонысласқан аўыллардан биринде, бир көш пайда болды. Көш ийеси, бир ат, бир ешекке жүк артып, изине ҳаялын, улын, қызын ерткен Теңел еди.

Орыс патшалығына қосылыўдың не жақсылық әкелетуғынына ақыл жуўыртып жеткере алмай жүргенлери, елге орыс ләшкери келгени ушын аспанға телпек атысып, соншама қуўаныўлардың ҳаслы мәнисине, Теңелди көрген соң ғана түсинискендей, әлле нәрселерге өкиниш пенен ерин тислести. Теңеллер кеткели өмир жолларына өзгерис киргизе алмай, жаслары қырықтан асса да, еле жетимликте, еле есикпе-есик, тиленип дийўана ҳалында жүрген жоралары, оның ҳаялы ҳәм ул-қызлары менен танысканнан кейин:

— Теңелди келе қылып усы ҳалатқа жеткерген мынаў орыс ҳаялы,—десип өз-ара қызғаныш пенен гүңкилдести.

Лукерья бийтаныслар алдында, қатар-қурбылары алдында қарақалпақ келиншеги өзин қалай тутып, қалай сөйлесиўди еринен сорап билген еди.

— Қурдаслар, елге ел қосылса, дәўлет деп келдик, бәршеңиз саў-саламатсызлар ма?—деди қарақалпақшалап.

Балалары да әкесиниң ески таныспарын жатсырамай, күтә ысықлық пенен нағыз бала кейпинде турыпты.

— Теңел-аў,—деп мақтанды оған гезлескенлерден бири.— Ырасын айтсам, сени биринши таныған мен. Балаң бойынша танидым. Дәл өзиң! Елден кеткенде тап усы балаңдай едиң. Сени де әжапаң онша жаман кийиндирмейтуғын еди.

Теңел ел шетине араласыўдан-ақ Ерназар алакөздиң тәрдийри не болғанын, әжапасы Гүлзийбаның урыста ерлерше найза тутып жаў қолынан қазаланғанын еситип қамсығып маўқы басылған еди. Сонлықтан олар жөнинде гәп қозғалмай, жүк түсириўге бейимлести.

Жыйналғанлар жәрдемлесип, кими қостың орнын қыршыды, кими жақын жерлерден ири жыңғыл шаўып, қамыс орып әкелди. Түстен кейин кишилеў бир қос тикленди.

Уйге керек жарақ өзлеринде бар еди. Лукерья ошақ соғып, от жағып қуман қойды, қазан асты. Соның арасында биреўи арықлаў қозы жетелеп әкелип сойды.

Жаңа қостың иши ўағыр-шағыр болды да қалды.

Орыс патшалығы туўралы анық ҳешкеңе билмейтуғынлар ушын жаңа қос түсиник орнына айналды. Теңел де, Лукерья да, балалары да ҳешкимди жатырқамай, келиўшилерге жырымсыз хызмет етеди. Олар азын-аўлақ пуллы, шыт-шыбырлы болып келген еди. Үш-төрт қой-ешки сатып алып, аўылдың падасына қосты. Лукерья қызы Мәрьям менен жаңа көрпе, көрпешелер қаплаўға кириспи. Теңел улы Палўан менен көл жийегинен қамыс орып, жыңғыл шаўып әкелип, орыс жайларының үлгисинде ешек арқа қылып қақыра соқты. Үстин бийдай сабан менен бастырды.

Теңел улы менен және көлге кетип, қамыс араларынан қызыл-кендир таўып, торқасын алып, ендигиден былай теңизден балық аўлап күнелтиў мақсетинде жылым тоқыў ушын ҳаялына, қызына, улына торқадан жип есиўди үйретти.

Мине, олар бүгин де үй-ишинен қақыраның қуяшламасына шығып, бирлик пенен жип есип отыр еди, қоңсы үйдиң есиги алдында өлеси арық, танаўы тартық мурны бетине әпәшийлик берип, сақал-мұрашы бийпарық өсип жабайыланған бир дийўана пайда болды. Бундай дийўаналар адамлар ушын онша жаңалық емес, сол ушын ҳешқайсысы бас көтермеди. Дийўана қоңсы үйдиң есиги алдында ҳасасына сүйенип турып ғәззел айтты:

«Әлеўметлер, бул дуньяның,
Алды қызық, арты бузық,
Мәни излер кишим бармуў?
Билгил, билме, кетпе қызып,
Сени излер кишиң бармуў?!...»

Теңелге дийўананың ҳәсиретли даўысы таныстай түйилип, әстен ғана көз астынан қарады.

Дийўана тоқтаған есиктен әдеттегише кишкене ақлығы ямаса келини емес, қолына балықтың шаппаттай қақпашын тутқан бүкир ғаррысы шықты.

— Әй, дәрўиш,—деди ғарры.—Сен көп ел, көп журт көргенсеңди, бәлким, көп кеселлердиң қалай емленгенин де ескиткенсеңди. Көп ўақыттан берли көзлерим ләкетленди, дизелерим сырқырайды. Қөрип турсаң, белим бүгилди, буларға қандай ем бар?

Дийўана оның қолынан қақпашты алып, шапанының астынан жартысы көринген қара бадди қабағына емес, ийнине таслаған гөне қоржынының бир басына салды да, сәл күле шырайланды:

—Ғарры, көзлериниң ләкетленгени, дизелериниң дәрман кеткени, белиниң бүгилгени ғаррылық кесели. Бул кеселден тек өлип қутыласаң.

Ғаррының табанына от басылғандай асығыс бүгеженлеп, қайтып есигин табалмай, «алжыған, ақмақ» деди де үйине сүңгип кирди.

Дийўана Теңелдикине қарай бурылды. Лукерья ҳеш бир дийўананы бос жибермейтуғын еди, улына әстен сыбырлап, ҳалқастан аўысқан жарты зағараны алып шығып бериўди ескертти.

Теңел қылығын ҳешкимге туйдырмай, бир көзин ескен жибинен, екинши көзин арық дийўанадан айырмай, оның ҳәрбир қыймылын бақлап отырыпты. Дийўананың бәдди қабағы жақын арада боялса керек, шапанының астары да қара жағал. Қабағы ҳақыйқый дәрўишлердиң қабағына емес, адамның қуўрап қалған бас сүйегине мегзейди, айырмасы шымқараға боялған.

Дийўана Палўанның усынған ярым зағарасына қолын қосып услап, бетине тигилди де, ар-сары шықты. Түри-түси тириликтен көре өлиге жақынласқан әп-әбейи дийўананың жас баланың қолын тутып турыўы ананы ҳаўлықтырды.

— Ҳәй, дәрўиш, босат баланың қолын!

Дийўана, селк етип, баланың қолын жиберсе де, жерден аяқларын көтериўи мүшкил болып, күтә қыйынлық пенен арман қарай кетти. Теңел шыдамай изинен даўыслады:

— Дәрүиш, иркилип шай-суў ишип кете ғой.

Бийшара дийўанаға басқа жерден бундай мирәт болыўы мүмкин... Сол ушын аяқларын және зорға көтерип, әстен ғана артына айналып келип, Теңелдиң қарсы алдында, ҳасасын ийегине тиреп турып, қарлығыңқыраған даўысы менен сыбырланды:

— Мен мынаў балаңызды биреўге шырамытаман.

— Кимге?

— Жаслығымда мениң Теңел деген жорам бар еди, дәл өзи!

— Сен Қәллибекписең?

Қәллибектиң ийегине сүйеген ҳасасы жығылып, қушағын жая Теңелге тасланды. Теңел ғарғып турып, оны қапсыра қушақлады.

Теңел Қәллибек жөнинде ҳаялына, балаларына талай мәртебе айтып берген еди, атын еситиўден, нендей жағдай жүз бергенин түсинисип, оларды қоршалап қалды.

Еки дос әлленемирде күтә шаршап айырылысты.

Лукерья ериниң қолтығынан сүйеп, Палўан менен Мәрьям Қәллибекти еки жақлап сүйеп ишке киргизди.

Ишкерилеген соңда екеўиниң маўқы басылмай, көзлеринен қуўаныш жасы сорғаласыўы менен езиўлери де жыйылмай, мырс-мырс күлисти.

Үйде нан түўесилген себепли, Лукерья қамыр ийлеп ашытыўға қойған еди. Ошақтың басын тез-тез сыпырып, дәстурхан жайды да, үстине бир табақ толы сөк қойып, улына:

— Тандырға от жақ,—деди ҳәм қамыр толы самарды көтерип, бирге зуўлаласыў ушын қызын ерте шықты.

Теңел сөйлесик арасында Қәллибектиң мойнына асынған бәдди қабағына анықланқырап қарап, адамның шым-қара көмирге боялған қуў геллеси екенине көзи жетти. Оннан бийхабар Қәллибек бәдди қабағын жасырмағанын енди еслеп, шапанының ишине тығыңқырады да биринши жағынан, қыпсаланғанына дыққат аўдартқысы келмей, екинши жағынан, ашлық қыстап тарамыс-тарамыс бармақлы қолын табаққа урып, саңырыўсын толтыра сөк алып, аўзына салды. Тислери кемис болғаны ушын тек жалмап-жалмап жутты.

— Сөк көрмегениме де жигирма жылдай болған шығар,— деп қойды ашлығын жасырғысы келгендей.

Теңел Қәллибектиң түри түсинен-ақ басына қандай зулметлер түскенин пәмлеп, оған орынсыз сораўлар менен ески жараларының аўзын тырнамаў мақсетинде еди. Орыс аўылларында, қалаларында болып, мәмлекетлер арасындағы қарым-қатнаслардың жөн-жосағы жөнинде еситкенлери бойынша, оны я түркия, я инглис жансызы болып келмедимекен деп қәўипсинди. Сөйтседе, сөк жей баслаған меҳманға бежирейип отыра бериў-әм айып. Сол ушын өзи-де табаққа қол урды, бирақ бармақларының арасына еки-үш сөк қысып аўзына салып, тислерин ғыртылдатты, еринлерин жорта шылпылдатты ҳәм әңгиме баслады.

— Япырмай, Қәллбек-әә, бул дүньяда тирилик жақсы екен, мине ушырастық.

— Бул дүньяда тирилик... өмир,—деп Қәллибек кеўилсизлеў кейип пенен аўзын және сөкке толтырды.—Меннен айырылысқаннан соңғы тиришилигиңнен есте қаларлық не айта аласаң?

— Сениңси қалған соң маған бәршениң исениси жоғалып, таўда жалғыз өзимди пайыў-пияда таслап кетти. Атпағанлары ушын шүкир-ә! Жан таласына түсип тамақ изледим. тамақ ушын ел изледим. Қысқасы жүрип-жүрип ҳәзирги күниме жеттим. Ал есте қаларлық ўақыя,—деп Теңел ойланып, желкесин қасып-қасып бирден жанланды.—Орыс қалаларында рабочий болып жүрип, мынадай гәп еситтим. Маркс исмли дананың айтыўы бойынша Европаны бир елес гезип жүргенбиш.

— Қызық, Европа түўе Африканы, Азияны гезген сол елес мен. Сол дана мениң гүң болып жүргенимди билип, бул бир елес екен деген шығар.

Теңел бул елестиң қандай елес екенин жетик түсиндире билмеген менен, оның әллеқандай жақсылық елес екенин аўылласларына ертек қылып айтып, ҳешкимге уғындыра алмай қойған еди. Қәллибекти де түсинбей қалды деген пәм менен мыйығынан мысқыллы мыйық тартты:

— Бәлким, солай шығар. Ал енди сениң есиңде қалған нендей жаңалық бар?

Қәллибек ойлы пишинде аўзындағысын жалмап жутты:

— Кисилер алдында көп сөйлей бериў-әм ақыллы көриниўдиң бир түри,—деп табақтан және бир қысым сөк алып аўзына салыўға таярланды.—Сол ушын басқалар ақыллы көринсин, мен ақ ақылсыз көринейин деп көп сөйлемеўге серт еткен едим. Саған жарылайын. Барлық жер өзимиздей. Бай—қәдимги бай, жарлы—қәдимги жарлы, дийўана—қәдимги дийўана, биреўдиң манлай тери—екиншиниң рәҳәти. Барлық жерде күшлилер менен әззилердиң урыс-жәнжели... Мен бурын бул жақты дүньяның барды-келдисин түсинип билген киси бахытлы киси деп ойлар едим. Бийкар екен. Қайтама, адам бул жақты дүньяда қанша көп гезип, уңғыл-шуңғылына қанша көп түсинсе, сонша бахытсыз. Пай, бала, сөк күтә мазалы екен!—деп қысымдағысын аўзына қуйып, және табаққа қол салды.

Ол уятты ашлыққа жендирип аўзы тынбай жалманып отырғаны ушын Теңелде аяныш сезими оянса да, оның биймиллет тойыныўы ушын я шығып кетердиң, я үнсиз бежирейип отырыўдың есабын таппады.

— Қәллибек, есиңде ме, бизлер елден шығып кетпестен бурынғы бийлер қандай еди?

— Шамамша, еле өзгерген жоқ. Бийлердиң ислерине, өзлерине ой жибересем, ақыллы бола тура ақмақ, ақмақ бола тура ақыллы екен деймен.

— Дым түсиниксиз.

— Бул дүньяның өзи түсиниксиз, Теңел.

— Жаңа ғана дүньяны аралап уңқыл-шуңқылын түсингенимди айтып едиң ғой?

— Мен бул жақты дүньяның түсиниксизлигине түсингенимди айттым.

— Еллер гезип тил үйрендиң бе, сирә?

— Азлап орысша, азлап инглисше, азлап французша, азлап арапша, азлап ҳиндше билемен. Жеме-жемеге келгенде ҳештеңе билмеймен десем-әм болады.

— Илим-ҳикмет ше?

— Көп нәрсе көрдим. Теңизлерде, жер үстинде пуўдың, оттың күши менен жүретуғын корабльлер, от арбалар көрдим. Миндим. Қалай ислеп турғанларын да серлеп, ядлаўға да тырыстым. Жер астынан ҳәрқыйлы байлық өнген кәнлерде де иследим, биразында үйрениў ушын иследим. Бизде жоқ талай жемис ағашларын көрдим, қалай өсетуғынына да сер салдым. Бирақ, бәрин жөнекей көрдим, тебилген топтай аяқтан аяққа өтип жүрип көрдим, самал қуўған қаңбақ болып көрдим.

— Қәне, соларды жазып қалдырсаң, Қәллибек.

— Не қыларды билмеймен. Көп көрип, көп билгеннен, басаяқсыз қыяллардан басым бүгин-ертең жарылажақ секилли.

— Сол ушын қосымша гелле алып жүр екенсең дә.

Өмири туўып бүгингидей азада төсекте отырып, еркинше сөк жеп көрмеген Қәллибектиң жүзи талақтай дөнип, төмен қарады да, төсекке түскен сөклерди асықпай терип аўзына салды. Жалманып жутып, табақтан және бир қысым сөк алды да:

— Абайлаған екенсең ғой,—деди.

— Абайламастай ис еместә.

— Сен буған қарап мени зулым болып кетти деп ойлама. Қарақум ишинде бул геллеге сүрнигип жығылдым. Соған ашыўым келди. Ашыўланбай не қыласаң, аяқларды дүзиў бассаң тирилер шалғаны аздай, ҳалдан кетип тентиреклеп киятырсам, усы қуў гелле де аяғымды шалып жықты. Шөлде бар суўымнан айырды. Табанымды қанатып, жара қылды. Соған шыдамай ашыў менен алдым. Бул гелле, бәлким, аты әпсана Маман бийди, ямаса Айдос бабаны, болмаса Ерназар алакөзди гелле қылған кисиниң геллеси шығар. Я сениң, я мениң әкемниң геллеси болса да таажип емес. Бәлким, Шыңғыс ханның ямаса мен усаған бир дийўананың геллеси шығар. Кимдики екени маған әҳмийетли емес. Билесең, басшыларымыз бизлердиң ғамымызды ойлайды деп түсинетуғын едик. Бәри бийкар. Ҳәрбир тири гелле өзи ушын ислейди. Сонша ел гезип, өзгелер ушын, соның ишинде мен ушын ислеген бирәм гелле көрмедим. Пүткил елатлар, мәмлекетлер исенетуғын ханлар, патшалар халықты басқа мәмлекетке қарсы урысқа айдағанда, туўылған ўатанды қорғаў ушын деп жар салса да, ҳақыйқатында өз геллесин қорғаўды мақсет ететуғынына исендим. Сол ушын, ең болмаса, бир адамның қуў геллесиниң тәнҳа өзиме хызмет еткенин көрип жүриў ушын жортаға алдым. Алжаспаспан. Бул енди мени дуйым журтқа нағыз дәрўиш

етип көрсетип жүрипти. Ашық қоллы сақыйлар тийин-сийин берсе, жорта бупың көз орнынан таслап, сыңғырлысына да ҳәз етемен. Бул исимди тәнҳә өзим билип, еки аяқлы бендеге көрсетпеўге тырысар едим. Көрдиңбе, ақыры айналып, бул қуў гелле қарап қалмай, мени сендей достыма да шерменде етти. Буған не дерсең?

— Сен өз геллеңди өзгелер ушын неше ирет ислеттиң?

— Бул жақты дүньядан мен өзимди бөлип түсинбедим.

Тецел оны тежестире бермей ойланып отырып, қонаққа чай демлемегени енди есине түсип, қуманды толтырып пешке тықты.

Қәллибек бийпарўалық пенен аўзына және сөк толтырып, қәдимгисинше шайнамай жалмап-жалмап жутты:

— Ерназар алакөзден әўлад қалдымекен?

—Үш айлық бир улы нәҳән бир қазанның астына жасырып қалдырылған екен. Ҳәзир он жети жасар жигит.

— Ким менен турады?

— Қумар аналық еле тири.

Қәллибек үндемей және бир қысым сөк алыўға таярланып:

— Сағап және бир сораў, Аты әпсана Маман бийди, Айдос бабаны, Ерназар алакөзди ҳәзир сен қалай түсинип жүрипсең?

— Мениң түсинигимше, олардың басы халқы ушын да, өзлери ушын да ислеген. Орыс патшалығының қол астына өткени ушын пүткил халықтың бүгинги қуўанышына ой жуўыртсам, аты әпсана Маман бий халқының жүзине айна тутқан екен-дә. Айдос баба, халықтың көп посып, апатқа ушыраўы сол айна себепли деп түсинип, оның бетине алақанын басыпты. Бизлерге заманлас болған Ерназар алакөз жөнинде ойларым еле гүңгирт.

— Мениңше, Ерназар алакөз өзине өзи душпанлық етти.

— Өйдеме, Адамның өз заманласларына кескин баҳа бериўи қыйын, еле ойланыў керек. Ал енди сен жаңа бир гәпиңде, басқа елатлар-әм өзимиздей екенин айттың. Сениңше, әззилер күшейсе, адамлар теңликке ерисеме ямаса күшлилер әззилесе, адамлар теңликке ерисе ме?

— Қудайдың ҳәзир адамларға бөлип қойғанынан артық-аспай нәрсеси жоқ, биреўинен алып екиншисине береди.

— Бул гәпиңде жан бар. Бирақ мынаў жүрисице қарағанда, я ол жақлық, я бул жақлық еместей көринесең.

—Ырас, мен я ол жақлы, я бул жақлы болғанды қойдым. Биреўге дос та, душпан да болмай, бул дүньяға тек тамашагөй болып қаламан. Билесең, ҳештеңеге бас аўыртпаған Әбдикәрим жүнсақал узақ жасады. Мен еле сизлер ҳаққында келеси әўладқа гүрриң беремен.

Дастурханды толтыра ыссы зағара көтерип Лукерья да кирип, орталарына қойды. Қәллибек сөйлеп отырып бир табақ сөкти түўескенин абайламапты, сонда да тоймаған секилли еди. Пуўы бурқыраған ыссы зағара көзлериниң отын алып, томпақ биреўине қол узатты.

— Пах, тисиме қолай екен.

— Уялма жей бер,—деди Лукерья.

Қәллибек тартынбай ыссы зағараны үплеп-үплеп жей баслады.

Теңел оның кеўил сандығы қабат-қабат әндийшелерге толып кеткенин уқсада, әңгимелесиўди соңырақ даўам етиў мақсетинде тикейди:

— Лукерья, қуман қайнады, чайды өзиң демлерсең.

Ол қазан-табақ беттен үлкен қазан пышақты алды да, улын ертип шығып кетти.

Бағанадан бери жеген сөги ҳәзирше ҳештеңе қылмаса да, бир зағара Қәллибектиң ғобыздай тартылып қалған қарнына сыймай шөллетип, Лукерьяның оттан қуман шығарып чай демлеўине қаратпады.

— Қурдас, мен суўық суўға үйренген едим, әўеле бир шәңгил суў ишейин.

Лукерья оның тилегине қарсыласпай, шәңгил қабаққа суў толтырып берди. Қәллибек шәңгилди басына көтерип, қылқ-қылқ бәрин ишти де, маңлайын шып-шып тер басып, териси жайылып сала берди.

— Аҳ, садаған кетейин Әмиўдәрьяның суўы-ә! Айтпақшы, кимлер менен қарым-қатнас қылып отырсыз?

— Ҳәмме менен десек болады. Балаларымыздың көбирек қатнас қылатуғыны Бердақ шайыр дегенниң балалары. Оның Ҳүрлиман деген хош ҳаўаз қызы бар екен, бизиң Мәрьям соның менен қурдас болып алды.

— Жүдә жақсы!—деседе Қәллибектиң ишинде қызғаныш пайда болып гүрсинди.—Мен гезенде еле...

— Ҳеш қысынба, қурдас, мине чай,—деп Лукерья алдына шайнек қойды.—Жалғыз қалдым демей отыра тур, жораң саған арнап қой сойып атыр, тазаласып, қазанға салып келейин.

— Жоқ, жоқ,—деп Қәллибек еки қолын көтериўи менен тентиреклей түргелди.—Маған қой соймаңлар! Мең тойдым!

— Асықпа, қурдас. Еле алдымызда кеш бар, ертең бар. Дем ал, жатып уйықла.

— Жоқ, жоқ, бундай ҳүрмет маған дәркар емес, мениң атыма ҳешқашан қой сойылмаған!—Ол шыдамай мойнына асынған қуў геллени көрсетпеў ушын қолтығының асты менен көйлегиниң ишине ийтериңкирең, шапанының астына тықты да, Лукерьядан бурын қораға келди.—Теңел, тоқта! Әп-әнедей тири жанды мен ушын сойма, тиримде түўе, мен өлсем де қара асыма ҳештеңе сойылмайтуғынына исенгенмен. Өйтпе, жора!

Теңел қойды әллеқашан сойып болып, терисин сыйырып атыр еди.

— Жоғында ҳештеңе қылалмадық, жора,—деди басын көтермей.—Барында бир-биримизди өзлеримиз ҳүрметлемесек, ким ҳүрметлейди?

— Бәрибир, керек емес! Сизлерге мениң соятуғын қойым түўе, чай бергендей де үйим жоқ.

— Бизиң үй сениң де үйиң, жора.

Қәллибек оның қасынан кетпей, қойды мүшеге айырып пуштарлап болғанша турды. Теңел бар гөшти қазанға салыўды баласы менен қызына тапсырып, Қәллибекти ишке алып кирди.

Лукерья әллеқашан ишкерилеп, төсекти жаңалап, үстине ол жанбаслағандай еки ақ көпшик таслап, ошақтың басын минтаздай сыпырып, қайтадан еки чайнек чай демлеп қойған еди.

Теңел бир чайнекти Қәллибекке усынып, екиншисин өзи ишиўге киристи.

— Аҳ, жора-жора!—деди Қәллибек. Оның даўысы әри муңлы, әри ҳәсиретли еситилди де, маңлайы жыйырылып, әлленәрсеге қәҳәрленген сыяқланып өкинишли гүбирленди:

— Сонша журтты изине ерткен Ерназар алакөз не болды?

Жақында Бердақ шайырдың мәсләҳәти менен «батырдың өзи де қорған, қәбири де қорған»—десип, денеси қалған орынға белги салдық. Ҳәзир ҳәмме зыяратлайды.

Қәллибек Теңелди еситпей кос қолы менен ишин басты да, қапталындағы көпшикке шекесин қойды. Теңел оған не болғанын түсинбей, ҳайранлықта қарап, оны исип баратырғандай сезди. Маңлайы жыйырылып жатып, Қәллибек әстен ыңырсыды:

— Ўай, ўай, ишим, ишим!!

Үй ийелери ҳаўлығысып биреўи аяқ ушына, екиншиси бас ушына шықты. Қәллибек кем-кемнен бүгилип, деми жетпей қысылып, қос қолын қарнынан алмайды. Теңел оны өтлеў тутты деген қәўип пенен қарнынан қолларын алдырып, дүс төменине жатқара сала, арқа мойнын уўқалаўға киристи. Қәллибек буған шыдамай, Теңелге жалбарынып, шалқасына аўдарылып жатты. Еки қолы қарнында, аяқларын баўырына тартып ,кирпидей думаланды. Тили гүрмелиўге келсе, суў сорайды. Лукерья албырақлап, биресе шәңгил қабақ пенен суўық суў, биресе қуманнан шабырыстырып жыллы суў таярлап аўзына тутады. Ол суў қуйылған ыдысқа жан-тәни менен асылып қылқ-қылқ ишип қояды. Соннан соң бирнеше демге жаны парасат табады да, және әўелгисин қайта баслайды.

Теңел оның қобыздай тартылған карнын сыйпалап отырып, кем-кем қампайып исип баратырғанын байқады да ,енди суў бериўди тоқтатты. Буның пайдасы тиймей, иши ашығандай, олардың көз алдында қампайып баратыр. Теңел албырағаны нан, қоңсы ғаррыны шақырып келиўге Лукерьяны жумсады.

Лукерья албырақлап, көйлегиниң етегине оралып жығыла жазлап кетти де, қоңсы ғаррының ҳәйле-пәйлесине қаратпай қолынан жетелеп келди.

Бүгеңлеп босағадан атлаған ғарры, геўишлерин шешип атырып, маңлайына алақанын тутып биўайтапқа үңилди:

— Ҳаў, бул бағана маған ем айтқан дәрўиш ғой! Иши соншама исипти-ә? Сөк жеппеди? Изинен суўық суў ишиппеди?

— Аўа, солай еди, ата,—деди Лукерья.

Ғаррыны енди бийпарўалық пейил бийлеп, бийтаптың қапталына отырып, исик қарнынан сыйпалады:

— Ҳеш қандай ем жоқ. Сөк елеберин бөртип-бөртип, қарнын қақ айырады. Соннан соң ийманын берсин.

Теңелдиң өткир көзлери ғаррыны жеп, қақ маңлайына үлкен мушы менен салып жибериўине сәл-ақ қалды.

Қәллибек оларды еситпей, ыңырсып, суўдан ҳәзир шығарылған балықтай гә басын көтерип урады, гә аяқларын сәдделейди. Аздан кейин ат туяғы астында қалған кесирткедей созылып сулқ болды. Соған қарамастан, қарны дөңгелекленип шәмпийип исип баратыр. Әлленемирде және басын шайқады, көзлерин перделеп ашыўға талапланса да, қасында отырғанлардың ҳеш қайсысын көрмейди, танымайды. Бир нәрселерди айтқысы келгендей, қансыз еринлери жыбырласты. Теңел оған қулағын тутып, ҳештеңе еситпеди. Азырақтан кейин исик қарын пәсейип сес бергендей болды, бирақ сырттан ҳештеңе көринбеди.

— Тамам. Ишки көк ет жыртылды,—деди де, ғарры еринлерин шәпик қыбырлатып, қәстениң ийманын үйире баслады. Қәллибекке лық-лық тийип, қайта-қайта ийек қақты.

— Бийшара ҳештеңе айта алмай, бәршемиз бенен ырзаласып атыр,—деп жыламсырады Теңел.—Ырза бол Қәллибек!

Қәллибек оны еситкен секилли, сол тым-тырыс ҳалында, жиңишке таяқтай қолларын, аяқларын әстең созды да, сап болды.

— Қыйналманлар, бундай дәрўишке бир тойып өлиў-әм бахыт,—деди ғарры.

Қәллибекти тап усы ғарры келип өлтиргендей, Теңел жаман көзи менен бурылып еди, ол асығыс тикейе сала бүгежеңлеп еситен геўишлерин кийинип шықты да, аздан кейин бес-алты қоңсысын ертип әкелди.

Усылайынша бийшара Қәллибектиң өзи жеўи ушын арнаўлы сойылған қойдың гөши қара асына айналып, тирилерге несийбетти. Оның самал қуўған қаңбақ болып, көп-көп елатларды гезип көргенлери, билгенлери, арзыў-әрманлары өзи менен бирге, түстен кейин аўылға жақын қум етегиндеги әўлийешиликке көмилди...

Өлген дәрўиштиң Қәллибек екенин билген ески жоралары тек аяғаны болмаса, бундай өлимге таңланыспады. Ерназар алакөз «ҳалқым» деп санаған Теңелдиң үйин қәдимгисинше мәслә-ҳәт үйи қылып, келиўлерин де тоқтатпады...

Келгенлер орыс елатлары жөнинде сорап, билип, тойынар емес...

МАЗМУНЫ

Бахытсызлар. (Екинши китап) 3
Түсиниксизлер (Үшинши китап)
Биринши бөлим 331
Екинши бөлим 331
Эпилогқа усас үшинши бәлим 526
675